Мэщбэшlэ Исхьакъ

Тхылъ пшlыкlух хъурэ зэхэугъоегъэ тхыгъэхэр

# МЭЩБЭШIЭ Исхъакъ

ТХЫЛЪ ПШIЫКIУХ ХЪУРЭ

ЗЭХЭУГЪОЕГЪЭ ТХЫГЪЭХЭР

Мыекъуапэ
Адыгэ Республикэм
итхылъ тедзапI
2015

# МЭЩБЭШIЭ Исхъакъ

ТХЫЛЪ ПШIЫКIУХ ХЪУРЭ

ЗЭХЭУГЪОЕГЪЭ ТХЫГЪЭХЭР

ЯПШIЫКIУТIОНЭРЭ ТХЫЛЪ

Мыекъуапэ
Адыгэ Республикэм
итхылъ тедзапI
2015

УДК 821.352.3-31
ББК 84 (2=602.2) 6-44
М 53

**Машбаш И. Ш.**
М 53 Собрание сочинений в шестнадцати томах. Том двенадцатый. Хан-Гирей. Исторический роман.– Майкоп: Адыг. респ. кн. изд-во, 2015.– 808 с.– Адыг.

Адыгэ, Къэбэртэе-Бэлъкъар, Къэрэщэе-Щэрджэс республикэхэм ятхэкӀо гъэшӀуагъэу, СССР-м, Урысыем, Адыгэ Республикэм я Къэралыгъо премиехэм, дунаим щыпсэурэ адыгэ пстэуми ялитературнэ премие ялауреатэу МэщбэшӀэ Исхьакъ иусэхэр, поэмэхэр, романхэр, публицистикэр зэхэугъоягъэхэу зыдэт тхылъ пшӀыкӀух.

ISBN 978-5-7608-0732-8
ISBN 978-5-7608-0811-0

© Адыгэ Республикэм итхылъ тедзапӀ, 2015

# ХЪАН-ДЖЭРЫЙ

Тарихъ роман

## АПЭРЭШЪХЬ

### I

1818-рэ илъэс.

Гъэмаф, пчыхьэ хэкIотагъ.

ХьакIэхэр Пшызэ иджабгъу нэпкъ зытехьажьыгъэхэри яунэмэ зарыгупсэфэжьыгъэхэри бэшIагъэ. Гупсэфыгъо зимыIэр Мыхьамэт-Джэрый – унэ джэхэшъогур рекIукIы, гупшысэ зэпеохэр зэутэкIых, зэхэтакъох, зэпэуцужьых. Урысыем къырахыгъэ тхылъыпIэр зэ мэзахэм хэушIуцIыхьэ, зэ къыхэщы. БлэкIы хъумэ, фыреплъэкIы – къегъэфабэ, къегъэучъыIы. ГукIэ зэупчIыжьы: тиадыгэмэ мыщ къыкIырэр къагурыIона шъуIо? Сыгугъэрэп. Пыи къысфэхъущтыри нахьыб…

СултIан Мыхьамэт-Джэрые джэхэшъогум щидзырэ лъэбэкъумэ афэдэу ынэгу бэ щызэблэкIырэр, къыгъэшIэгъэ илъэс тIокIищым, гушIуагъуи тхьамыкIагъуи зэхэтэу, гукъэкIыжьэу иIэр макIэп. Урыс инэралэу Бибиковыр заокIэ Анапэ къызекIум, тырку пытапIэр фэмыштэу ащ идзэ хэтыгъэ ятэу Аслъан-Джэрые зэрэIукIодэгъагъэр, ежь Мыхьамэт-Джэрыерэ зыныбжь имыкъугъэ ышнахыкIэ Къэплъан-Джэрыерэ урысые пачъыхьадзэм хигъахьэ шIоигъоу фэхыгъэм къышIыжьыгъэгъэ осыетыр Гудович инэралым ыпашъхьэ зэрэщагъэцэкIэгъагъэр джыдэдэм игупшысэмэ апшъэжь. Ащ ыужи зэшитIумэ бэ апэкIэкIыгъэр: урысмэ аготхэу Пшызэ иджабгъу нэпкъ, Екатеринодар пытапIи пэмычыжьэу, Васюринскэм дэжь, щыпсэугъэх. Бжъэдыгъухэр Урысыем зеуцуалIэхэм, Мыхьамэт-Джэрыерэ Къэплъан-Джэрыерэ ядыгэгу зыкъаригъэIэти, мыдырэ сэмэгу псыхъо нэпкъым къытырищэжьыгъэх, Лъэустэнхьаблэ чылэр яхэпIэ-тIысыпIэ хъугъэ. ЯзекIуакIэ ушъхьагъу къыфагъотмэ заухыижьзэ, яурыс гоуцуакIи зыщамыгъэ-

гъупшэу, агукIи, ягупшысэкIи фэхьазырхэу, адыгэ щыIэкIэ бырсырым зыхагъэткIухьан алъэкIыгъ.

Хьаулыеу, Мыхьамэт-Джэрые ыIуагъ, тэ, адыгэхэм, бзыу шъхьафитым зетэгъапшэ. Дунаир къэучъыIымэ, нэмыкI хэгъэгу фабэ быбыжьэу, гъэтхэ тыгъэм къыдэсыжьрэ бзыур арэп зызэдгъэпшэн фаер. Нэбгъо шIыгъэрэ хэгъэгу хэхыгъэрэ зимыIэр тэркIэ щысэтехыпIэп! Е-о-ой, адыгэ бетэмалых, тхьапшрэ нэтыхъоепщ Зэнэ Сэфэрбый ар къышъуиIуагъ, сэри ащкIэ сышъууджэгъугъ!.. А шъуздаплъэрэр хыкIыб хымэ чыжь, шъутеунэхъощт. Гъунэгъур гъончэдж, угуIэмэ, кьотэгъу къыпфэхъущт, сыд пае плъэгъурэм ушъхьапырыплъын, зыщыщ умышIэрэ хэгъэгум уплъэн. Сыушъэфрэп, Урысыеми тыщыгъуазэп, Тыркуеми хэшIыкI фытиIэп. Ау ислъам диным титымэ, нэмыкI дин ит пстэури мыцIыфэу, псэ хэмылъэу, лыузынчъэу ара? Тигупшысэ адыгэ нэпцитIум дэкъузагъэу тпэ етыупсылIэжьзэ, шъхьарытIупщэу дгъаплъэрэп. Тыхэукъо тэ, адыгэхэр, тыхэукъо. Шъуинэплъэгъу гъощагъэ щызэблэурэ тыркухэр — Къырым хэгъэгужъэу зэгорэм тилIакъо къыздикIыгъагъэмкIэ угупшысэн хъумэ — шъощ нахьи абзэкIи яшэнкIи нахь спэблагъэх. Ау шъо тэ шъусхьыжьын, сятэжъхэри, сянэжъхэри, сяти, сятэшыпхъури, сэри ахэмэ сахэтыжьэу, шъоры тыкъэзылъфыгъэр. Тиадыгэ зэхэтыкIэ нахь дэгъу щымыIэу, загъори нэгъой лъэпкъых къытэшъоIоми, сидунай къэсэхы, сишъэожъыехэр джа адыгэ намысым рысэпIух, рысэлэжьых. Гъогупэ хьылъэр нэпкъ лъэгитIум зячъалIэкIэ, хэкIыпIэм улъыхъоу, нахь къыппэблагъэм, IэрыфэгъукъыпфэхъущтымунаIэ теодзэ, зеодзы. Тэ, адыгэхэм, непэ нэпкъитIу занд къытпэуцугъэр. ТIумкIи ягухэлъ тэркIэ зэфэдэ — яIашэ узэндыгъэ, ямамыр псалъи шъабэ, яорэди зы — егъашIэм зэпыйрэ хэгъэгуитIумэ тызэпакъудыи. ЛIэныгъэ нэпкъым утетмэ, тадырабгъуа хэпхыщтыр? ПIэ пщэймэ, апэ къыбнэсэу укъызэтезгъэнэжьрэм — уричIыфэгъущтми уридзэогъущтми! — зебдзыщт. СигупшысакIи сизекIуакIи къысфэшъудэрэп шъхьакIэ, тэ, адыгэхэмкIэ, хэкIыпIэ закъоу сшIэрэр джары... Мо тхылъыпIэм къысфикIыгъэ къэбарым сыбзэ къыригъэтIупщыгъ къызшIошъумыгъэшI, ащ нахь кIуачIэ зыхэлъ мылъкуи — шъори шъумышIэу щытэп! — Тыркуем къысфищэигъагъ, къыIысхыгъэп нахь...

— Мыдэ сэIо,— игупшысэ зэпеомэ къыкIагъэщтагъ пIонэу Мыхьамэт-Джэрые джэхэшъогум къыщызэтеуцуагъ,— шъыдэу мы унэр мэзахэ, остыгъэр хэзыгъэнэн исыжьба!

Пщы макъэм къымыщагъэми, пчъэмкIэ лъэмакъэ къэIугъ, унэIутыр къэджагъ:

— Зиусхьан, уятэшыпхъу гощэшхом сыкъигъэкIуагъ, садэжь къерэхь еIо.

Пщы щагур зэпичи ятэшыпхъур зэрыс унэ лъэгуцэм зытехьэм, Пшызэ иджабгъу нэпкъ тес Екатеринодар пытапIэм иостыгъэ нэгъыфхэр Мыхьамэт-Джэрые инэплъэгъу къыпэшIофагъэх, ахэр имыщыпэлъэгъугъэхэми, а лъэныкъом, Матвеев къэзэкъ атаманым дэжь зэрэкъокIын фаер джыри ыгу къэкIыжьыгъ, ау нахьыпэ шапсыгъэмэ ахэхьэгъагъэмэ дэгъугъэ, шъэожъыем икъэбар кIэупчIэн, зэригъэшIэн. Хъан-Джэрые шъэожъыем ыгу ымыгъэбырсырэу ХъорэлIыкъо Хьамырзэ аталыкъым (Мэрчан чылэм зэрэщыщым пае Хьамырзэ МэрчанкIэ цIыфхэр еджэх), гъунэгъу чылэм дэс Абатэ Бэслъыные ихьакIэщ арми хъущт, шапсыгъэ хасэ горэми нахьышIужь, IукIагъэмэ, иаужрэ мэфэ гумэкIхэр шъхьащыунхэу мэгугъэ.

Джыри зэ Мыхьамэт-Джэрые ыгу къыпиIонтIыкIыгъ, лъэгуцэ кIэсэныр ригъэубытэу къызэтыригъэуцуагъ, къызэплъэкIыгъ, мэзэгъо щагу зэгъокIыр нэмыз-Iумызэу къызэпиплъыхьагъ, Лъэустэнхьаблэ зэрэмыцIыфынчъэр къыушыхьатэу азэнэджэ мэкъэ псыгъор чылэм къышъхьащытэджагъ, хьэ хьакъу зытIущмэ зыкъапхъуати, псынкIэу амакъэ зыIуатхъыжьыгъ.

— КъакIо, Мыхьамэт-Джэрый, къакIо,— Къэнтат гощэшхом адыгагъэмрэ паIо зыщыгъым фызэрахьэрэ шъхьэкIэфагъэмрэ къаIэтэу къыпэгъокIыгъ, ытамэ Iэ къыщефэ,— хьэкIэ фэIо-фашIэмэ уапылъызэ, непэрэзымафэм тызэтеплъагъэп.

— Олахьэ арым, Къэнтат, джыри зэ, шъыдигъуи зэрэуихабзэу, сапэ уишъыгъ. Шъыд уикъэбар? Матвей къэзэкъ атаманым къысфигъэкIогъэ хьакIэмэ уагъэгупсэфыгъэпщтын?

— Е-о-ой... Хэтрэ хьакIи хъяр къыдакIо аIо шъхьамджэ, непэрэ хьакIэмэ къэбарышIу къытфахьыгъэми, къэпшIагъ, сыгуджэ сытынчыгъэп... Къытфахьыгъэ къэбарэр зэмышIу бгъуитIуджэ зэхэлъы, Мыхьамэт-Джэрый,— Къэнтатэ

шъабэу, ыпашъхьэ исым зэрэшъхьасырэр къыхэщэу, хэщэтыкӀыгъ, псынкӀэуи къыпидзэжьыгъ: – Ары, узэгупшысэн закӀ, етӀани, шъыдэу тшӀын. Алахьэм къытитыгъэ дунэе хьафым тытет, зым фэзэжъу, зым фэбыхъу, шӀури, ери щызэголъ. Унэм икӀырэм къыгъэзэжьмэ огушӀо, къэгужъуагъэм шъхьэм къыфихьэрэр макӀэп. ЩыӀэнигъэр тфэзэжъуми, тфэхъуаоми, нэфылъэ къызэрэтфихьырэмджи тэгушӀо. Упсаоу, уузынчъэу уиджэхэшъогу укъытетэджэжьыным, джыри зэ къыпфыкъокӀыгъэ тыгъэм уӀуплъэжьыным нахь тхъагъо шъыд щыӀэн! Пшызэ кӀыб унэӀу гъэзагъэми, нахьыкӀ, ар зыщымыгъэгъупш, уиадыгагъи, уибыслъымэныгъи, нэмыкӀмэ удахьыхэу, дэдзых умышӀы.

– Ащ фэдэ джэнджэш угу къимыгъахь, тятэшыпхъу кӀас,– а гупшысэ зэфэмышӀухэр ежь Мыхьамэт-Джэрые ишъхьаузыгъэми, гукӀодыгъо щыӀэп къыригъэкӀэу ымакъэ зыкъыригъэпхъотагъ,– дунаер тиадыгэ гъогупэ щызэжъуми, нахьышӀум тегупшысэн, типсыикӀыпӀэ тылъыхъун.

– Адэ ары, Мыхьамэт-Джэрый, адэ ары, нахьыкӀ… ШӀум ухигъэукъотэп. Ау шӀумрэ емрэ зэрэзэголъэри зыщымыгъэгъупш.

Мыхьамэт-Джэрые зэхихыгъэ гущыӀэмэ жъыгъом езыублэгъугъэ пкъыр къагъэсакъыгъ, ау псынкӀэу зыкъиишӀэжьи, ятэшыпхъум нэшӀукӀэ фычӀэплъыгъ. Мы тхьамыкӀэр, гукӀэ ыӀуагъ, къыфаӀорэп шъхьамджэ, сятэ къыдалъфыгъ, зы унэгъокӀоцӀ тыкъикӀыгъ, тэ сихьыжьын, илъэс пчъагъэ хъугъэшъ сиӀофмэ агъэгумэкӀы… Адэ сэри тэ усхьыжьын, мэзищ нахь мыхъугъэу унагъо узихьагъэр уилӀ укӀыгъэ ионэш къыпфихьыжьыгъ. Бын гъотыгъо узфимыфэгъэ лӀакъом сыдэущтэу шъхьэзэкъо ныбжьыкӀэу уахэсыныя, уятэ иунэжъ къэбгъэзэжьыгъэу укъыскӀэрыс, усят, усян, усшыпхъу, усиакъылэгъу, тиджэныкъо машӀо уриухъумакӀу. СигушӀуагъуи, сигумэкӀи есхьылӀэнэу хэт мы дунаим ощ нэмыкӀ щысиӀ?

– КъэсӀуагъэмэ зи къяпӀолӀэжьыгъэп, Мыхьамэт-Джэрый,– джау сыдми, Ӏофы зыримыгъэшӀы фэдэу, гущыӀэ дырекӀокӀэу Къэнтатэ къыӀуагъ, къеупчӀыгъ: – угу яӀугъэба?

– Сыгу зэмыӀун тятэшыпхъум къыӀуагъэу къэсшӀэжьрэп,– шъорышӀыгъэ хэмылъэу Мыхьамэт-Джэрые къыӀуагъ, инэгушӀо шъаби иӀуплъэ къыхэщыгъ.



– Ара? – Нэгу бгъузэ дахэр ымыгъэсысэу Къэнтатэ ыӀупшӀакӀэмэ щхыпсыр арычъагъ, джыри зэ ынэмэ фэбэпс мэкъэнчъэу къакӀэтэкъужьыгъ, зэхихыгъэр зэригъэшӀагъорэр иупчӀакӀи къыхэщыгъ, сэмэркъэу шъабэкӀэ, гум къыфихьагъэм ышъхьэ къыримыхэу, къыгурыӀонэу къыухыжьыгъ: – Тхьэ къысати, симэхагъи, сипытагъи, хымэмэ къысфалъэгъут делагъэми сшынахьыкӀэ ыгу зэреӀурэм… Адэ тыдэ мыгъом сыпхыжьын, сиделагъи, сиӀушыгъи зыер сэрэу, илъэс пчъагъэм укъысэзэщыжьыгъэу, уапашъхьэ сис…– ОшӀэ-дэмышӀэу Къэнтатэ къыщиутагъ, пкъы хэкӀотэгъэ псыгъор зыфызрэ къэтэбэ шӀуцӀэ кӀаком исэмэгу джыбэ къырипхъотыгъэ дэнэ платыку къолэн цӀыкӀумкӀэ ынэмэ акӀэбэнэжьыгъ,– лӀы закъоу згъотыгъэм гу щысымыфэу, сызхэхьэгъэ лӀакъом яӀэшӀугъи сыкӀэмыхьэу, шъхьэзэкъо мыгъоу сыкъялыжьыгъ…

– А тятэшыпхъу, а Къэнтат,– Мыхьамэт къызщылъэти, ятэшыпхъум етӀысылӀагъ, зэриубытылӀагъ,– шъыд къыохъулӀагъэр? Шъыд уигукъау?..

Къэнтатэ игъын ошӀэ-дэмышӀэу къызэрэщиутэгъагъэм фэдэу щигъэтыжьыгъ, игумэхагъэ тӀэкӀу рыукӀытэжьэу, ау ипытагъэ къыхэщэу, къыӀуагъ:

– Къысфэгъэгъу, Мыхьамэт-Джэрый, уапашъхьэ симэхагъэ къызэрисхьагъэр пфэшъуашэп… Адэ гушӀуагъом гукъаор къыздехьы языгъэӀуагъэр джары… Гум илъэр сфэӀэжагъэп…

– КъызгурэӀо, Къэнтат, къызгурэӀо… Сэ силажьи ащ хэлъ. Тыркуем илъэӀу спшъэ ислъхьэгъагъэмэ нахьышӀугъэмэ сшӀэрэп…

– Адэ шъыд зыфэмышӀагъэр?.. ЗиӀоф къытхэмылъмэ япӀуагъэм урыкӀэгъожьа?

– Хьау, сырыкӀэгъожьырэп. Узимые тыркумэ ямыер аӀыохкӀэ, шъыд къикӀын! Пшызэ Ӏушъо пэщэнигъэр сызыщыщ адыгэмэ къыщысапэсыгъагъэмэ, Ӏоф шъхьафыгъ. Ау ащ нахь адыгэ упчӀэ хьылъи къыпэтэджытыгъ – тэдырэ лъэныкъу, бгъуитӀумэ язэу, зыдэдгъэзэтэр? Ащ иджэуап сэ бэшӀагъэ къызызгурыӀуагъэр, бгъуитӀори амалынчъэ. Джа упчӀэ амалынчъэми адыгэгор щэу зэтыриутыгъ – нахьыбэмэ егъашӀэм ямыӀэгъэ хэгъэгу зэхащэнэр яморад, адырэ лъэныкъуитӀумэ ашъхьэпхэтыкухэр зэфэгъэзагъэхэу янэплъэгъу зэфэшъхьафы – зыр Тыркуемджэ маплъэ, адырэмэ, сэщ фэдэмэ, Урысыер ягугъапӀ.

Къэтэбэ пшъэпIэ Iэтыгъэр нахь хэплъэгъукIэу Къэнтатэ шъхьэр къыIэтыгъ:

– Джы сигумэкI укъекIотылIагъ, Мыхьамэт-Джэрый. Сшынахьыжъ тхьамыкIэр, Аслъан-Джэрые, сыгу къэогъэкIыжьы, зызфигъэзэжьыгъэ Алахьэ пашъхьэм шIу щешI. Зэрэхъурэмджэ, Урысые гъогумджэ уицыхьэ зытелъыжь, непэ къыбдэхъугъэми урыраз.

– СшIэрэ пстэуми сарыраз, сыни кIэпхагъэп, лъахъи стелъэп сIомэ, усэгъапцIэ. Къызгурэlо, гъогу хэхыгъэп сызтехьагъэр, ау ащ нахь хэкIыпIэ адыгэмэ зэрямыIэм сыщыгъуаз...– Мыхьамэт-Джэрые нахь нэплъэгъу шъабэкIэ ятэшыпхъум Iуплъагъ, IугушIуагъ.

– Сыкъэдаlо, Мыхьамэт-Джэрый, сыкъэдаlо.

– Сыщыгъуаз сIомэ, къэIогъащэ хъунджи мэхъу,– зэхихыгъэ мэкъэ гъушъэм Мыхьамэт зыкъыригъэшIэжьэу зэпыупIэ гупшысэ фыригъэшIыгъэми, теубытэгъэ гущыIэкIэ къыухыжьыгъ,– ау сыгу къысеlо.

– Уигъогу зэрэхьылъэтэр къызэрэбгурыIорэр сигуапэ, нахьыкI. Арэу оIомэ,– ынэгу лыпцэмэ ащыщ мысысэу джы нэс щысыгъэ Къэнтатэ ыIупшIакIэмэ тхьагъэпцIышъо щхэпс макIэр арычъагъ,– Пшызэ теудзэгъэгъэ пхъэмбгъу зэхэIулIэ къуашъор псым зэрихьыгъэм ишъыпкъапIэ сшIоуушъэфыгъагъэу къысщэхъу, джы сыщыгъэгъуаз.

– Къысфэгъэгъу,– Мыхьамэт-Джэрые ышъхьэ риуфэхыгъ,– шъхьэгугъу ухэсыдзэнэу сыфэягъэп, сиджэгъогъумэ яIэшIагъ.

– Мыбжьыхьэ тимэл хъущэ зылIыгъэхэр?

– Ари джэгъогъумэ къапкъырыкIыгъ.

– Джэгъогъуха? Пыйха?

– Зыдэзгъэзэгъэ лъэныкъор зымыдэрэ пыих.

– Ыджар джэуап тэрэз, Мыхьамэт-Джэрый. Уятэ фамыгъэгъугъэр, Пшызэ иджабгъу нэпкъ къэтыбгыни, сэмэгу нэпкъым тыкъекIужьыгъэми, ори къыпфагъэгъурэп. Шъыд тIуагъэджи тшIагъэджи, шIушIагъэджэ адыгэмэ ахахьэрэп. ЗыпэблагъэмэIэбжым афашIы, зыпэчыжьэмэ янэплъэгъу кIэхъопсых... Ащ уасэ фэошIымэ, нахьыкI, къыбгурэIомэ сигуапэ.

– Адэ сыгу илъэр зэкIэ оутхындзыпэри, Къэнтат...– Исэмэркъэуи, игыий зэголъэу Мыхьамэт-Джэрые щхыгъэ.

– Узытехьэгъэ гъогур, нахьыкI, сэрджэ зэгъокIэп.– Мы IофымкIэ агу зэрэзэфырахыгъэр игуапэу, нахь мэкъэ шъабэкIэ Къэнтатэ къэупчIагъ: – Шъыдыгъу, Мыхьамэт-Джэрый, урыс пэчъахьым иунашъо орджэ къызыдэкIыгъэр?

– БэкIае шIагъэ.

Заулэрэ Къэнтатэ щысыгъэу, игущыIэ гыер къебэкIыгъ:

– Къыпфамыхьыжьэу бэ тырагъэшIагъ.

– Санкт-Петербург,– Мыхьамэт-Джэрые иурысыбзэ гущыIэ нахь теIункIагъ,– мыдэ щыта, чыжьэ. Апэ тхылъыпIэхэр Кавказым иIэшъхьэтетэу Тифлис дэсым дэжь ахьы, етIанэ Ставрополь иехэри Екатеринодар иехэри мы лъэныкъомджэ къахьыжьых,– зэпыугъо тIэкIукIэ къыпигъэхъожьыгъ: – шъыпкъэр пIотмэ, сэри ащ, шапсыгъэмэ яIуагъэу, сыдэхъыжъэрэп, ежьхэри дэзгъэгузажъохэрэп.

– Адэ тэ зэрэтIоу хэгъэгу Iофхэр IэшIэххэпщтын,– Къэнтати зызэрагъэукIыхьэрэ къэрал Iофыгъомэ къахэгущыIэ, аужырэ гущыIэхэр, зэхимыхыгъэ пIонэу, зышъхьаретIупщых.

– Ары, Къэнтат, хэгъэгу Iофхэр IэшIэххэп. Тэ къытэлъытыгъэмэ Урысыер хэгъэгушку, цIыфыби ис, лъэпкъ зэфэшъхьафыби щэпсэу.

– Тыркуер?

– Тыркуери хэгъэгу цIыкIоп.

– Арэу къычIэкIын,– Къэнтат гощэшхор зыгъэгумэкIырэ упчIэм ежь-ежьырэу джэуап ретыжьы,– Урысыемрэ Тыркуемрэ зыфызэзэо зэпытырэр...

– Ащ изакъоп, зэтырахын, зэфамыгъэкIотэн азыфагу дэлъышъ ары... Шъыд Урысыем уезаоджэ, французмэ, Наполеон, атекIуагъэм зыуи укъыщыхъунэп!..– ЕтIанэ Мыхьамэт-Джэрые игущыIэмэ джыри зэпыугъо тIэкIу атырегъашIэшъ, тэджыжьын ушъхьагъу лъымыхъуми, ятэшыпхъу гъэшIуагъэ шъхьасэу къэупчIэ: – СигумэкI мыухыжьмэ, Къэнтат, уязгъэзэщыгъэджэ сенэгуе?

– Хьау, уигумэкIи уигушIуагъуи сэрджэ зы сIуагъэба. Адэ, нахьыкI, мыщ фэдизэу тызэрыгущэIэгъэ тхылъыпIэр тэ щыI, сэбгъэлъэгъугъэпи?

– Модэ унэм илъ, къыпфэсхьын,– Мыхьамэт-Джэрые игулъымытэ зыдишIэжьэу къызщылъэтыгъ.

– Бащэ! – Къэнтат гощэшхом къыпиупкIыгъ.– Джыри мафэ щыI. Алахь зизакъом тыкъызэхишIыкIытмэ, шъыд пае тыкъызэхимышIыкIын, УрысыемджэунэIу бгъэзагъэмэ, ядин уихьэрэп, джаур ухъурэп шъыдэп, уитхылъыпIи сытеIэбэн, сыпфехъохъун. Ау а къэбарыр ежь-ежьырэу

адыгэмэ анэмысэу, зыми емыIу, урымыгущаI, уипыймэ япчъагъэ къызэрэхигъэхъотэри зыщымыгъэгъупш... Ащ къизгъэкIырэп гъэбылъыгъэджэ зытебгъэлъынэри...

– Ежьхэми гузэжъогъу Iофэп ар, пфэлъэкIыфэ адыгэмэ афэпсэу, адэлажь, къытфегъэшIух аIо.

– Джыри тIэкIурэ тхылъыпIэр щагъэлъы хъутгъагъэба... Ар къалэм джы къызнэсыгъэджэ, адыгэхэмджэ шъэфыжьынэп... Адэ ары,– Къэнтатэ хьылъэу хэщэтыкIыгъ,– къытэдэIугъэп нахь уятэ, сшынахьыжъ тхьамыкIэми ар езгъэшIэтгъагъэп... КъытэдэIугъэп!..– Къэнтат гуащэм мэкъэ ефэхыгъэкIэ къыIуи, ынэ гъукIагъэмэ акIэлъэкIыхьажьэу заулэрэ зыщэс нэуж, къыпигъэхъожьыгъ: – Тырку пчыпэм сшынахьыжъ гущэ зэрэпыкIодэтэр Алахьэм ынатIэ къырилъхьэгъагъэщтын... Шъуятэ осыетджэ къышъуфыщимынэгъагъэемэ, мы шъушIагъэр сэри шъозгъэшIэтгъагъэп... Адэ ары, нахьыкI, кIо, нынэ, нэфлъэшIу тыкъекI, нысэри непэрэзымафэм илъфыгъэмэ къарыкIотым, ныба, агъэгумэкIыщтын, моу садэжь икIыжьыгъэ къодыеу, Iэжэгъу сфэмыгъотыжьэу, къыплъызгъакIохи, укъязгъэщагъ... Я си Алахь, уигукIэгъу тшъхьащымых, унэшIу къытщыгъаф, къытэхъулIэрэм уишIэ хэмылъэпщтын, адыгэхэми, урысхэми агу шъабэ къытфэшI, тямыгъэуджэгъу...

## II

СултIан Мыхьамэт-Джэрые иурыс Iоф зынэсрэм хэуIэу, зэхэзыхрэм хэпыджэу адыгэ шъолъырым джыри нахь къыщыхэпIыикIэу регъажьэ. Гъэтхэ мэфэ блэкIыгъэмэ, хагъахъори нахьыбэу, хагъэкIри нахь макIэу, къэбар IорIотэжьыбэ Мыхьамэт-Джэрые къеолIэжьыгъ. Узгъэщхыни, узхэгубжыхьани, узхэгупшысыхьани, къимыдзэни ахэмэ ахэмытыгъэу арэп, ау зэхэзыхрэм пэпчъ Iофы зыримыгъэшIыщтыгъэми, загъорэ ащыщхэр къыжэхэтэджэжьхэу, урыс нэпкъа адыгэ нэпкъа ымыIоу, гъэмэфапэр Пшызэ Iушъо къыIухьагъ.

Пчэдыжьыпэ шъабэм, Абэтэ Бэслъыные зызэрэIуигъэкIэщтыр иушъхьагъоу, ренэу зыфэзэщыщтыгъэ Хъан-Джэрые шъэожъыем дэжь Шапсыгъэ, Абын лъэныкъомкIэ, Шъэое фэкъолIыр исэмэгубгъоу, Мыхьамэт-Джэрые шэсыгъэ.



ГъэтхакIэм къыпызыгъэ дунаир дахэ, джырэкIэ тыгъэ фабэр кIочIэгъу зыфэмыхъурэ шхъонтIэгъакIэм – уцхэр, чъыг тхьапэхэр, лэжьыгъэ хьасэхэр, мэкъупIэхэр, пкIыжьын зимыгухэлъ огури дыхэтыжьэу – нэр пIэпахы, гупсэр къыпхалъхьэ. ШыуитIумэ ясэмэгубгъукIэ мычыжьэ-мыблагъэу шъэбэрыкIо Псэкъупсэ зыкIоцIырычъэрэ Гъогъэ мэзышхор къокIыпIэ лъэныкъом пэIулъэшъуагъ, яджабгъукIэ къанэрэ мэз пырыпыцур, зиIэтмэ зигъэлъэпэпцIыйзэ, Тыгъургъой мэзым хэхьажьышъ, Пшызэ сэмэгу Iушъом зыIуеубгъожьы. Адырэ джабгъу нэпкъым, Козэт чылапшъэм пэчIынатIэу Екатеринодар къэзэкъ къэлэ пытапIэр къамылышъхьэ унэ фыжь кIэижьыгъэ-кIэмыижьыгъэ зэщымыщхэмкIэ, гъозэрыплъэ лъэгэпIэ пчъагъэхэри шъхьарытыжьхэу, къытеплъыкIышъ, адыгэ бырсыр зэдемыгъаштэм ежь зэрэшIоигъоу къыхэплъэ.

Шыумэ янэплъэгъу къыридзэгъэ къушъхьэ зэбгъутхэу хы ШIуцIэ лъэныкъомкIэ къэлъагъохэрэр зыми ыгъэгумэкIхэрэп,– зандэх, шыгуфых, пщэф кошэ фэмыф зырызхэр ашъхьэщычъыягъэх.

– Шъэуай, адэ зи къапIорэпи? – ЗифэкъолI чIыпIэ зыдэзышIэжьрэ лIы ищыгъэ пытэ зэхэлъэу илъэс щэкI горэ зыныбжьым, ионэгу исыкIэ ыгу рихьэу, Мыхьамэт-Джэрые еупчIыгъ.

– Шъыд къэсIон, зиусхьан,– жэкIэ-пэкIэ мыкIыр шIуцIэ дахэр зынапэ къекIурэ Шъэуае къыIуи, зэпыугъо макIэкIэ игуапэу къыпигъэхъожьыгъ,– дунаер дахэ.

– Тэмэм, Шъэуай, тэмэм. Ыджар дэдэр сэри сыгу хэлъ. Модэ плъэлъ, мо къушъхьэ шыгуфхэр зэрэгупсэфхэр... Шъоф шхъонтIэ зэикIхэр, мэз зэщымыщхэр... Ошъогори, ащ итыгъэ фаби...

– Муары Гъогъуапшъэджэ,– Шъэуайй къыдырегъаштэ,– чэчэнэе лъэныкъом тыгъэхьажъор щэджэгу.

– Ары, Очэпщыий Аскъэлайй, ахэмэ апшъэ абдзэхэ къушъхьэхэми, мы тыздежьэгъэ шапсыгъэ лъэныкъоми, мэхъош-кIэмгуехэри дыхэтыжьхэу, адыгэ дунаер ащыдах, ащырэхьат, ащ фэдэу адыгэгор щытыгъэемэ...– Зыщышэсыгъэ дунай шъабэм емыпэсыгъэу Мыхьамэт-Джэрые хьылъэу хэщэтыкIыгъ, къыпигъэхъожьыгъ: – Е-о-ой, ар тэ къипхын, адыгэгор гу пшIыкIутIуджэ зэтеIукIы.

– Ахэмэ язэкъуагъэмэ...– Шъэуае ыгу илъым ышъхьэ къырихыгъэп.

– Хэт ябгъэгъусэрэр? – ТӀэкӀу тыригъашӀи, Мыхьамэт-Джэрые къэупчӀагъ.

– Пшызэ джабгъу нэпкъым тет урыс пытапӀэм адыгэгор ыгъэрэхьатрэп. Адыгэмэ мыхъунэу къахэхъуахьырэр зэкӀэ а лъэныкъом къэкӀы.

– А пытапӀэр Урысыем къызытыремышӀахьым, а мыхъуныр адыгэмэ ахэлъыгъэба? – Мыхьамэт-Джэрые щхыпцӀыгъэ, зэупчӀыгъэм емыжэжьэу джэуап къытыжьыгъ: – Адыгэ зэмызэгъыныгъэр непэп къызежьагъэр. Арэу оӀомэ, Тыркуем ипытапӀэу адыгэчӀым къырядгъэгъэуцогъэ Анапэри зыщымыгъэгъупш, ари лэжьэнчъэп...

– Зэрэхъурэмджэ, зиусхьан, мэшӀуитӀумэ азыфагу тыдэт, тӀуми тыкъасты.

– КъызэрэбгурыӀорэмджэ, ары зэрэхъурэр.

– О ащджэ, зиусхьан, шъыд уиеплъыкӀ?

Сенэгуе, сиурыс Ӏофмэ мыщ хэшӀыкӀ афыримыӀэкӀэ, Мыхьамэт-Джэрые ыӀуагъ. Загъорэ ныӀэп Екатеринодар къэзэкъмэ сазэрэхахьэрэр, ежьхэри садэжь къызэрэкӀохэрэр. Ар сыушъэфрэп, сыушъэфыгъэкӀи шъэфы хъунэп. Узэгъунэгъоу, тыплъэмэ типаӀохэр зэрэлъэгъухэу, тыджэмэ тызэхахэу, тиорэд мэкъамэхэр зэлъыӀэсхэу, зы псыхъо тызэдыхэшхыкӀэу сыдэущтэу тызэхэмыхьан. Сэ сизакъоп, Ӏоф зэфэшъхьафкӀэ ахэмэ адыгэ Ӏаджи ахэхьэ, бэдзэрхэри, хъожьыпӀэ щагухэри якӀуапӀэх. ӀэбжьІм зэфашӀэу зэфычӀэплъыхэми, федэ хэхыпӀэм бгъуитӀури зэрещалӀэ, гушъэбагъэ къахелъхьэ, щэӀагъэ къахегъафэ. Зыфаехэ ӀофымкӀэ гъотыгъо зифэхэрэм, хэти ежь къызэрэщыхъоу, идини ичӀыгуи тенэгуикӀэу акӀыб зэфагъэзэжьы, язэмышӀуныгъэ къэмапшъэм регъатхъох. Пшызэ джабгъукӀэ къапэтӀысыгъэмэ язакъоп, хы ШӀуцӀэм къызэпырысыкӀырэ тыркухэми джа дэдэр адыгэмэ яфыщытыкӀ. Ар адыгэхэмкӀэ непэ къежъэгъэ шэнэп, Къырым хъаныр зэгорэм къашъхьащыты зэхъуми, ащ ыпэкӀэ авархэр къазытеохэми, Батый идзэ мацӀэ къазытебанэми, джары адыгэ лъэпкъыр ичӀыгукӀэ зэрэщытыгъэр. Тятэжъмэ къызэраӀотэжьытыгъэмкӀэ, джа фыщытыкӀэ дэдэр ары тэри зэгорэм такъызыхахьэм къытфыряӀагъэр. Ащыщ ухъужьыгъэу зыолъытэкӀи, ежьмэ уалъытэщтэп. ХэхэсыцӀэр уитамыгъэу, агу къызыщыпфэмышӀум къыпфадзэу уигъашӀэ адэпхьыщт. Шъэое фэкъолӀри непэп зысшӀэрэр, ащ ишӀэжьи ахэмэ ауж къинэрэп, урысхэми, тыркухэми Ӏапэ афешӀы. ЗыкӀуачӀэрэ зиадыгэ



лӀыгъэрэ щыгугъыжьрэ Шъэуае, сэ къызэрэсшӀомышӀэу, зышъхьэ къыримыхыпэрэ игупшысэ шъэфхэр чыжьэх, зыщымыгъозэ упчӀэмэ яджэуапхэм алъэхъу. Мы аужырэ тикъэзэкъ зэлъыкӀуакӀэ къыкӀэмыупчӀэми, сэркӀэ гуцэфэнчъэу сыгугъэрэп. Ау ифэкъолӀ чӀыпӀэ зэритым елъытыгъэу, къэупчӀэшъурэп. Аферым, ари лӀыгъэ нахь, мэхагъэп. ПшӀэ пшӀоигъом жашъор егбгъэхъокӀэу удэмыгузажъу, ари зыщыпшӀэщт чӀыпӀэ уифэн зэраӀорэр шъыпкъэ.

– Ащ еплъыкӀэ фысимыӀэу арэп, Шъэуай,– Мыхьамэт-Джэрые игупшысэмэ къахэужьыгъ,– къыоcӀон. Адыгэхэр непэ мэшӀуитӀу зэфагум зэрэдэтхэр тэмэм. Ау джы мэшӀуитӀумэ язэу тара къэзыстырэр? Ыджар Ӏоф шъхьаф. МашӀор шӀуджи еджи зэхэлъы. Джэныкъо машӀорэ лыгъэ машӀорэ зэтекӀы. Зым укъегъэфабэ, адырэм утырегъэстыкӀы. ТызэрыгущыӀэрэ мэшӀуитӀор адыгэхэмджэ джэныкъо машӀуа? Арэу зыхъун ылъэкӀытэр бгъуитӀумэ гухэлъэу палъхьагъэр ары. Зы машӀор, акъылэгъу зэфэбгъотэу зыбгъэкӀуасэджэ, адырэ машӀом еппэсын къэбгъотыт. Хэт апэ узпэгъочъытэр? Сэрмэ...

Мэз пырыпыцум къыхэкӀыгъэ шыуищмэ Мыхьамэт-Джэрые игущыӀэ къырагъэухыгъэп. Шъэуае зипхъуати, шыумэ апэуцугъ.

– ФэкъолӀыр! – ШыуитӀумэ азыфагу дэт жэкӀэ-пакӀэр къэджагъ.– Тазфагу икӀот!

– Шъуигухэлъ сыщымыгъуазэу зы лъэбэкъу сыдзынэп! – Шъэуае икъэмапшъэ ыӀэ тырилъхьагъ.

– УлӀмэ, нэгъой-джаур нэгу, уифэкъолӀ къогъу къыкъокӀ! – РаӀуагъэм пымылъэу къэджэгъагъэм къыдзыгъ.

– Зиадыгагъэрэ зилӀыгъэрэ зышкыжьрэмэ сащыщэп сэ! – Мыхьамэт-Джэрые шым елъэдэкъауи, ифэкъолӀ ыбгъукӀэ гоуцуагъ.– СыкъэдаӀо.

– Адыгэр зыуцӀэпӀырэ нэгъой хэхэсыр, сыд пае уиурыс тэмэтелъ птемылъ? Матвей къэзэкъ атаманым къыпфидэнэп!

– Ара шъузгъэгумэкӀрэр?

– Алахьым ащ нахь гумэкӀыгъо адыгэхэм къытферэмыхь,– жэкӀэ-пэкӀэ шӀуцӀэр щхыгъэ,– непэкӀэ ары тигумэкӀыр.

– СышъуӀукӀэнэу сшӀагъэемэ, къызтеслъхьани, Матвей къэзэкъ атаманри згъэрэзэни. Зэрэхъурэмджэ, емыкӀу къэсхьыгъ.

– Уидыс гущыIэ къытпкъырыхьаным ычIыпIэкIэ къыотэIо: уиурыс тэмэтелъ къызэрэтеплъхьэу птэмэпкъитIу етыупкIэхыт. ХъорэлIыкъо Мэрчан ебгъэпIурэ пкъо щыри утеплъэжьынэп!..

КIэкIэу агъази, мыгузажъохэу шыуищыр къызхэкIыгъэ мэз пырыпыцум хэхьажьыгъ.

Зи къямыхъулIагъэ фэдэу заулэрэ шыуитIур кIуагъэу, Мыхьамэт-Джэрый къэупчIагъ:

– Хэт щыщых сэIо а джэголъищыр?

– Олахьэ, зиусхьан, сымышIэх,– Шъэуайй игупшысэ бырсырмэ къахэужьыгъ.– Хэт щыщхэми шIу зыгу имылъ шыух... Языр, джабгъумджэ щытыгъэ нахьыкIэр, ынапэджэ синэIуасэ фэд, зыщыслъэгъугъэр мыры сIонэу къэсшIэжьырэп.

– Ахэмэ, хэти щэрэщых, адыгагъи цIыфыгъи ахэлъыжьэп,– Мыхьамэт-Джэрые игуплъыгъэ зэтыриIажэу гъумтIымыгъэ, етIанэ теубытэгъэ-фэгъэпытэ хэлъэу, къыIуагъ: – Егупшыс, Шъэуай, Iиман зимыIэмэ языр зыщыплъэгъугъэр къэшIэжь. Ахэмэ непэ афэбгъэгъурэр неущ къыуагъэгоожьыт... Тащыщынэджэ арэп, ау етIани, Алахьэр сакъ, узфэсакъыжьмэ нахьышIу...

Шъэое фэкъолIым раIорэр зэхихрэп, зэгупшысэрэр нэмыкI.

СызэренэгуерэмкIэ, Шъэуае гукIэ ыIуагъ, Мыхьамэт-Джэрые иурыс шъэфхэр непэ нахь къэтIэсхъагъэкIэ сэгугъэ. Жьыбгъэ зыдэщымыIэм къурэ щысысрэп зыфаIорэр шъыпкъэ, къыфадзыгъэ тэмэтелъхэр уашъоми къефэхыгъэхэпщтын... Пшызэ рагъэхьыгъэ пхъэмбгъу зэхэIулIэ къуашъор?.. Мэлхэр?.. Джы ежь ыпсэкIэ, ишъэожъые Хъан-ДжэрыекIэ къагъэщынэ... Адэ урыс тэмэтелъыр, ятэ зыхэтыгъэмэ къахэкIыжьыгъ тIозэ, Мыхьамэт-Джэрые къызтырарigъэлъхьэгъэна? Ар шъыпкъэмэ, сыдэущтэу адыгэмэ анэ тыкIэплъэжьыщт? Джырэ фэдэ охътэ къиным зыпхъожьыным къикIрэр сыд?!

– Шъэуай, къысфадзыгъэ тэмэтелъымджэ укъэупчIэрэпи, адэ,– Мыхьамэт-Джэрые иошIэ-дэмышIэ макъэ Шъэуае игупшысэхэр зэпигъэугъэх.

– УиIоф зыхэмылъ зепфэнэр емыкIу, зиусхьан,– Шъэуае ымакъэ ишIомыигъоныгъэ къышIухэщыгъ, игумэкI шым зэхишIэу шхоIум кIырыугъ.

– Зэрэхъурэмджэ,– Мыхьамэт-Джэрыий гу зылъитагъэм гуцафэ римыгъэшIэу щхыпцIыгъэ,– зиусхьаным иIоф ифэкъолI шIоIофэп.

– Ар сIорэп, зиусхьан. Ухэмэ Iаджи аIот...

– АIорэр шъыпкъэмэ,– фэкъолIым игущыIэ Мыхьамэт-Джэрые къыригъэухыгъэп,– о ащ шъыд епIолIэт?

– Шъыпкъэнэп, зиусхьан.

– Шъыпкъэмэ?

– Зиусхьан, чIыпIэ къин сиодзэ...

– СшIэнэу сыфай! – Мыхьамэт-Джэрые ымакъэ фэIэжагъэп.

– Ащыгъум непэ титIо къытфадзыгъэр тфэшъуашэба, зиусхьан? – Шъэуае ымакъэ къышIуефэхыгъ.

– Ащ о шъыд укъызэрэхахьэрэр?

– Сизиусхьан темыфапхъэр сэри стемыфапхъэу сэлъытэ.

– Тхьэуегъэпсэу, Шъэуай.

– Ау, зиусхьан, къытфадзыгъэр шъыпкъэмэ, шъыд пае пшIосыушъэфын, сыгу къеот.

– Ары Iолъ... Тырку пашэм ыдэжь сызырегъэблагъэм, спшъэ къырилъхьанэу зыфэягъэм сезэгъыгъагъэемэ?..

– Арэу пшIэгъагъэемэ, зиусхьан,– Шъэуае ымакъэ фимытыжьэу зыкъышIуипхъотагъ, етIанэ укIытэжьыгъэу рифыхыжьыгъ,– олахьэ сымышIэ... ЕмыкIу къысфэмышI, сыкъыбгоуцотгъагъэп.

– Адэ шъыд шъуигухэлъэр, модджи мыдджи тыщымыщэу! – Мыхьамэт-Джэрые ыгу илъыр къышIудзэоягъ.

Шъэое фэкъолIым тIэкIу тыригъашIи, Iэжэгъэ-шъэбагъэр къыхэщэу, теубытагъэ хэлъэу къыIуагъ:

– Зихэгъэгу мэшIо бгъуитIумэ ащызыухъумэн зигухэлъ адыгэмэ сащыщ, зиусхьан.

– Ары Iолъ...– Джыри Мыхьамэт-Джэрые ымакъэ къеохыгъэ дэгушъоу къыIуагъ, ау псынкIэу фэкъолIым дыригъэштагъ: – Адэ тихэгъэгу къэтымыухъумэу, тыдыгэба! – ЕтIанэ зэпыугъо тIэкIу фишIи, игухэлъ хэхыгъэ зэрэтемыкIрэр ежьыри зыфиушыхьатыжьэу, мыдырэми риIокIэу къыпигъэхъожьыгъ.– Икъэухъумэкlэтым тегупшысэшъ ары...

Адыгэ шы Iэлым тытесэу тихэгъэгунчъэ шъолъыр къызэпэтэчъыхьажьы тIозэ, Мыхьамэт-Джэрые игупшысэхэр джыри къыжэхэтэкъожьыгъэх, тэ укъикIи, лажь,

зэраІоу, нибжьи тызэмыжэгъэ Іоф тыхэфагъ. Бжъэдыгъу, абдзах, шапсыгъ, кІэмгуй, къэбэртай, Бэслъыный, адэмый, хьатикъуай, мэхъош, еджэркъуай, ахэри хэсэгъэкІыжьышъ, тэ, бжъэдыгъухэр, тІо зызэтетыутыжьыгъэу, чэчэнай, хъымыщый тІомэ, тызэфычІэплъэу, анахь лІэкъо Іушыр тэзэрымыгъашІэу, тызэкІэнэкІэжьэу тидунай къэтэхьы. Ащ фэд абдзахэхэри, шапсыгъэхэри. ЛІэкъо зэмызэгъыныгъэ-зэпэуцужьым къэбэртаехэри Бэслъыныехэри зэтыречых. Ахэмэ язакъоп, къытхэс абадзэхэми, нэгъойхэми, адыгэмэ афэдэу, апэрэр язэрэмыгъашІэу, тэри тырящыкІэгъэ-тырямыщыкІагъэу, езэрэмыгъэхьых. Ухэгъэгунчъэ зыхъукІэ, ащ фэди фэмыди, егъашІэм уегупшысагъэкІи, шъхьэм къимыхьан Іаджи адыгэ шъхьафит щыІакІэм къыхэтэджыкІыщт.

ПаІо зыщыгъ пэпчъ, ахэмэ шъхьатехъо зытехъуагъэхэри къагоуцожьмэ, апэрэ чІыпІэр зидэогъухэр хэт, ащыгъум, пэщэгъу зыфэхъущтхэр?! ТхьамыкІагъоба чІыпІэ дахэ, чІыпІэ гъэбэжъум щыпсэурэ адыгэмэ ацІэкІэ хэгъэгу хэхыгъэ шъхьаф уимыІэныр… Ащ нахьи нахь тхьамыкІэгъожь егъашІэм зэпыйрэ Урысые, Тыркуе хэгъэгуитІумэ узэтрахыныр, адыгэ зэпэкъудый къаигъагъэм уекІодылІэныр… КъызгурэІо, Шъэуай, къызгурэІо, фэкъолІ, уиадыгагъи, уилІыгъи зыфэпщэи пшІоигъор… Тэри тыадыгэнчъэп, тылІыгъэнчъэп, а зы намысым тятэжъмэ тыфапІугъ, тыфалэжьыгъ, тэри тисабыйхэр адыгэчІым фэшІушІэнхэу, фэкъабылынхэу тэгъасэх. Ау пфэмыукІочІыщтым утелъадэ зэрэмыхъущтыр тинахьыжъмэ къызэрэдгурагъэІуагъэри зыщыдгъэгъупшэрэп, къызщекІущтым елъытыгъэу тэгъэфедэ. Нахьыжъмэ къытфыщанэгъэ шъхьафит щыІакІэм фэІэкІыбыр сэра? Ар непэ чІыпІэ къин зыщифэгъэ лъэхъан скІыб фэзгъэзагъэп, зыпсэ фэзыгъэтІылъыщтмэ сащымыщэу зыми гуцафэ езгъэшІы пакІошъ, сшъхьэ джэнджэш гъощагъи къизгъэхьагъэп. Къытпэуцугъэ бгъуитІумэ яз, къыосІокІыгъэ урысыбгъум сыгобгъэуцощтэп шъхьакІэ, ащ нахь хэкІыпІэ-гъэзапІэ тэркІэ зэрэщымыІэм, тырку пашэм дэжь сыкъызекІыжь уж, джа уимыгопэ лъэныкъомкІэ зысигъэгъэзагъ. БгъуитІуми адыгэхэмкІэ ягухэлъ зыми, уимылъэпкъэгъу чыжьэ ынэгу нахьи уимылъэпкъэгъу благъэ ынэгу нахь зэхэугуфыкІыгъошІу. Ау тІуми яз уимыджэгъогъоу хэгъэгу шъхьафкІэ уадэпсэуныр зэкІэми анахьышІу. Е-о-ой, адыг, адыгэ мыгъу, ащ фэдэ чІыпІэп непэ тызэрытыр… Сэ сигухэлъи Іоф зэшІохыгъахэу сэлъытэмэ, сыхэукъо, ау сызфэкъабылыр адыгэхэмкІэ къыддэхъумэ, къотэгъу къытфэхъущт урысмэ ящынагъо тыркубгъумкІэ ттетыщт, хым къызэпырысыкІхэу къытхахьэхэ пакІошъ, яІуи къытхалъхьащтэп. Сятэ тхьамыкІэм ыІо зэпытыщтыгъэр шъыпкъэ, блэкІыгъэ лІэшІэгъу мычыжьэм ыкІэ нэс Тыркуем ынаІэ Къырым хъаным къытыригъэтыщтыгъэ, иІуи ишІи къыхилъхьэщтыгъэ, ау, сыдэу зишІми, фэІыгъыгъэп. Урысыем ІэкІихыгъ, зыхигъэхьагъ. Къырым хъаныр зытехьэгъэгъэ гъогум тытехьэ хъущтэп, ащ ихэукъоныгъэ гъуазэ тфэхъоу зэшІу мамыр тазфагу дэмылъыщтмэ, лъэпкъэгъу зэмызэгъыр зиуз адыгэхэр хэгъэгуитІумэ яунэхъулІэщт, тынэ къаплъэу ар ядгъашІэмэ, тауж къикІыщтмэ къытфадэнэп…

Мыхьамэт-Джэрые ардэдэм ошъогу бгъэшхъуитІумэ язэу зытэмитІу гогъэплІагъэр ыпашъхьэ къыщеохи, лъэбжъэ чанхэр зыхэгъэнэгъэ цыгъор зыІыгъэу зызыІэтыжьыгъэм шъхьэр къыригъэпхъотагъ.

– Ар шъыд шъыу!..– Шъэуайй ыгъэшІэгъуагъ.– Тапашъхьэ къыщеохыгъ, къытшІолІыкІыгъэп!

– Ыджары бгъашхъор бгъэджэ мао языгъэІуагъэр,– Мыхьамэт-Джэрые къыІогъэ къодыеу адырэ бгъэшхъо лъагэми зыкъыридзыхыгъ, гъогунэпцэ сапэр ыгъэутысэу зипхъотэжьыгъ.

– Ари Іахьынчъэ хъугъэп,– джы нахь гупсэфэу гъуй лъэныкъомкІэ быбыжьрэм кІэлъыплъэзэ, Шъэуае къыІуагъ, етІанэ мэкъэ ІэтыгъэкІэ къыпигъэхъожьыгъ: – Ошъогу лъэгапІэр зихьэрзапІэм уцым хэс цыгъо цІыкІор зэрилъэгъурэр!

– Тыркуе пашэри благъэп,– апэ шъхьэм къыфечъэгъэ гурышэр бгъашхъомэ яуакІэ ригъапшэу, адыгэхэр зыпэІут хэгъэгуитІумэ афигъадэу, Мыхьамэт-Джэрые къыІуагъ,– Истамбул зэрэдэсэу тыкъелъэгъу нахь.

– Урысые пэчъахьэри нахь чыжь,– Шъэое фэкъолІым зэригъэжагъэп.– Бытырбыф зэрэдэсэу зыкъыттырещае.

ФэкъолІхэр бащэрэ гъогу зыдытемыщэх, цІыфмэ ахэмыщэх, уишъыпкъапІэ ямыгъашІ тятэшыпхъум зыкІиІорэм джы сеуалІэкІэ сенэгуе, Мыхьамэт-Джэрые гукІэ ыІуагъ. Ау Шъэое фэкъолІымкІэ ащ гуцафэ егъэшІыгъуай. ГущыІэрые делэрэ дымыІу зэхэушъэфагъэрэ уигъусэн нахьи уигъогупэ лъэой къезыдзын къыпкІыгъуныр зымы-

уасэ щыӀэп. Арэу къычӀэкӀын гъогу сытехьэ къэсми, мы фэкъолӀым сэри сынаӀэ зыкӀытесыдзэрэр. Тятэшыпхъур бзылъфыгъэ Ӏуш, ау етӀани... Зэхэоха, зиусхьан, Шъэое фэкъолӀым ыӀорэр, ежь-ежьырэу Мыхьамэт-Джэрые гукӀэ зэджэжьы, «урыс пэчъахьэр Бытырбыф зэрэдэсэу зыкъыттырещае...» А зыфапӀорэми шъыпкъэ хэлъ. Илъэс пчъагъэ хъугъэшъ Суворов инэрал нэкӀу джашъом изэман къыублагъэу, урысыдзэр Пшызэ нэпкъ джабгъумкӀэ къытпэӀулъ. Адыгэхэр арымырэу, Тыркуем пэӀулъэу аӀо. Ау адыгэхэмкӀэ Тыркуе чыжьэр къызэрэхахьэрэр сшӀэрэп нахь... Емынэр зыдэхьан тырку пытэпӀэ Анапэр армэ, адыгэмэ ячӀыгу шъуимыхьэри, яшъуӀуи, зы мэфэ закъокӀэ шъуфызэхакъутэщт... Тыркуер шъуиушъхьагъоу ячӀыгу шъузэренэцӀырэр къыжъудашӀэшъ, шъушӀэщтымкӀэ адыгэмэ яцыхьэ къышъутелъэп... Ау Матвеев атаманыр, сыд фэдиз раӀуалӀэми, Ӏушэу мэпсэу – адыгэ хъырцыжъ куп чэщтеомэ ауж икъэзэкъхэр Пшызэ сэмэгу къызэпырыгъэкӀхэрэп, цӀыф лъэпкъитӀумэ азыфагу зэфэмышӀу зэобанэ къыдигъэтаджэрэп, мысэм нахьи хыер нахь зэтыреӀажэ. Тхьэегъэпсэу урыс пачъыхьэм илӀыкӀо де-Скаси, ащ зэрихьэрэ Ӏофыгъомэ адыгэхэмрэ къэзэкъхэмрэ азфагу мамыр дегъэлъы...

Шъэое фэкъолӀри гупшысэнчъэп. Илъэс щэкӀым уикӀыгъэу, унэгъо шӀынри непэ-неущэу къыппыщылъ зыхъукӀэ, бэ шъхьэм къиихьащтыр. Ау арэп Шъэуае непэкӀэ зыгъэгумэкӀрэр – ежьыри зыдимышӀэжьэу, ащкӀи зыфэгубжыжьэу, адыгэ Ӏофыр Мыхьамэт-Джэрые зиусхьаным къызыздырищэкӀырэ илъэситӀум игупшысэмэ къашӀутекӀоу ригъэжьагъ. Цыхьэ къысфэпшӀ-къысфэмышӀышъоу укъыздэгущыӀэ, сыоушэты шъхьакӀэ, зиусхьан, джа узыгъэгумэкӀырэ дэдэм сэри сегъэгумэкӀы. Къысфэбдзыгъэ пачъыхьитӀуми, джа бгъэшхъо Ӏэлмэ афэдэу, ахэсшӀыкӀырэ щымыӀэми, тэркӀэ зэрэмызафэхэр къызгурэӀо. Ара бгъашхъомкӀэ къызгурыбгъаӀо пшӀоигъуагъэр? Къыттебанэрэм пэпчъ тыцыгъо амалынчъэу зедгъахьыщтмэ, цӀыфыцӀэр тиӀэу сыд тидунэе тетыкӀ? Хэгъэгу хэхыгъэ тимыӀэмэ, тыхэбзэнчъа? Ащыгъум тиадыгацӀэ дунаим щыхьаулыягъэба... Непэ зигугъу тшӀырэ хэгъэгуитӀумэ апэ хэгъэгу зимыӀэ тиадыгэ шъхьафитыгъэ къэсэштэ... О урыс тэмэтелъым икъэбар къызфяогъэдзы, укъыкӀэупчӀэрэп оӀошъ, укъысэгыи. Сэ сыогуцафэкӀэ, сыд къыосӀон, еплъыкӀэу фысиӀэр пшӀосыушъэфыгъэп. ДжыркӀэ къысфэнэжьыгъэ закъор джа шыумэ къыпфадзыгъэм елъытыгъэщт. СищыпэзэхэхыкӀэ умыгугъ, непэп, тӀэкӀу шӀагъэ ащ адыгэхэр зырыгущыӀэхэрэр. Шыуищмэ афэдэу къыппэуцухэу къыуамыӀоми, уиурыс Ӏоф шъэфмэ ахэр ащымыгъуазэхэу арэп. Тыркуе пашъхьэм лӀыгъэу, адыгагъэу щызепхьагъэмкӀэ тыпфэраз, загъорэ къышъуфадзыщтыгъэ шъуинэгъоигъэ тщыгъупшэжьыгъ тӀозэ, уишъэф зекӀуакӀэ шъыпкъэу къычӀэкӀмэ, адыгэмэ, сэщ нахь къэмынэжьыгъэми, дунаим утырагъэтыжьынэп. Ау зыуж уихьагъэр адыгэхэмкӀэ шӀу хъумэ? Аущтэу хъумэ, къысфэгъэгъу, сигущыӀэ зэкӀэсэхьажьы... Ащ фэдэ насып тэ тыдэ къитхын, а зигугъу тшӀыхэрэр джа бгъашхъомэ анахьышӀухэп.

– Онэгум уичъыяхьыгъэмэ сшӀэрэп? – Мэкъэ ӀэтыгъэкӀэ зиусхьаныр фэкъолӀым есэмэркъэугъ.

– Ар сихабзэп, зиусхьан.

– Адэ шъыдэу зыуудэгугъап?

– Моу гупшысэ горэ къыстеогъагъ.

– Ара?.. Узэгупшысэн закӀ дунаер... Шыуищмэ къысфадзыгъэри гупшысэ псау екъу,– Мыхьамэт-Джэрые къыӀуи, псынкӀэу къеупчӀыгъ: – Ори ар гупшысэ пфикъугъэу къычӀэкӀын, ы?

– Олахьэ, зиусхьан, узыгъэгумэкӀрэм къытедгъэзэжьыджэ, мышъыпкъэмэ, шъыпкъэ тфэмыӀошъун... КӀо, пшӀэрэба, шы лъэбжъэ макъэмрэ онэгу шъхьэгъэсысымрэ узягупсэфылӀэджэ, гупшысэр къыптебанэ...

– Ары Ӏолъ...– ИгумышӀуныгъэ къыхимыгъэщы шӀоигъо зыхъукӀэ къыжэдэкӀрэ гущыӀэр Мыхьамэт-Джэрые къыӀуагъ, ау къапэгъокӀыгъэ шыумэ зэщафыгъэ зиусхьаным ымакъэ къышӀудэоягъ: – Сэрэу къычӀэкӀын уигупшысэмэ афэмыухрэр?

– О шъыдджэ, зиусхьан, ащ укъыхэхьан? – Шъэуае къыфадзыгъэр зыфихьын ымышӀэу ыгъэшӀэгъуагъ.

– Шъыд пае сыкъыхэмыхьан!..– Сыадыга сэ?.. Сынэгъой!..

– Зиусхьан! – Шъэое фэкъолӀым Мыхьамэт-Джэрые фэгъэхьыгъэ «нэгъой» гущыӀэр игупшысэмэ къазэрэхэфагъэм рыкӀэгъожьэу, къыфадзыгъэми риушъхьакӀужьэу шыр къызэтыригъэуцуагъ.– Шъыд емыкӀу, зиусхьан, пшъхьэ къибгъэхьагъэр, сигонахь къэохьы, уакӀыб къэбгъазэу Пшызэ джабгъу къэзэкъмэ уагоуцуагъэми, джа-

урджэ сыоджэн нахь, зигугъу къысфэпшIыгъэ цIэр къыосIонэп.

– Ары Iолъ...– Мыхьамэт-Джэрые джыри къымыIон ылъэкIыгъэп.

– Ары, зиусхьан, ары, непэ къытэхъулIагъэр сшIэрэп...

– НекIо, Шъэуай, некIо, зыгорэ зэхэпхыгъэ пае умакъэ къеохэу... Сыосэмэркъэугъ... Угу къысфилъ шъыпкъэр зэзгъашIэ сшIоигъоти, къысфэгъэгъу, анахь гущыIэ дысэу скъолъыр къыпфэсыдзыгъ. НекIо, тишмэ жьы акIэтэгъэгъэу,– зиусхьаныр шым елъэдэкъэуагъ,– хъырцыжъмэ къытпалъхьагъэри зыпытэгъэдз.

Шъэое фэкъолIыр къызэтеуцогъагъ шъхьакIэ, къамыушъхьакIугъахэ фэдэу, шхомлэкIэ тIупщыгъэкIэ зиусхьаным ыуж илъэдэжьыгъ.

## III

ШыуитIур шапсыгъэ тхышъхьэм зытехьэхэм, Абын псыхъо нэпкъ мылъагэм пэIудзыгъэ Мэрчан чылэри, ащ уц къэшхъо зэикIыкIэ пэIулъэшъогъэ шъофри, мэл Iэхъогъу зэбгырытэкъугъэри, шэхъогъу зэубытылIагъэри, псыхъо нэпкъым Iут къамылышъхьэ унэ фыжь хэIэтыкIыгъэри, чэу къуапэм пэчIынатIэу джэгурэ шъэожъые купри къэлъэгъуагъэх.

Мыхьамэт-Джэрые ишыпэ зыдигъэзэщт лъэныкъом егупшысэзэ заулэрэ кIуагъэу, гъогу зэхэкIыпIэм къыщыуцугъ, инэплъэгъу чылэ гъунэм тыримыхэу къэупчIагъ:

– Шъыд тшIэт, Шъэуай? Мэрчан чылэм тыдэхьата, тырекIокIыта?

– КъызэрэпIу, зиусхьан,– джыдэдэм Мыхьамэт-Джэрые зыгъэгумэкIрэр къыгурыIуагъэу Шъэуае къыIуагъ, зэпыугъо тIэкIукIэ, гупшысэгъу ригъафэу, къыпигъэхъожьыгъ: – Абатэ Бэслъыный дэжьмэ тыздакIорэр, Мэрчанэ тыдэкIмэ, Абын гъогур тэрджи, тишыхэмджи нахь псынкIэ-благъэ къытфэхъут. ТырекIокIми, шы илъыгъо зытIу паеджэ тишылъабжъи пиутынэп. Мэрчан аталыкъым тызэребгъукIуагъэр зэхихыжьмэ, ыгу къытэбгъэн, Хъан-Джэрые зиусхьанми игонахь къэтхьын. Мо кIэнашIэ шъэожъыемэ ар ахэтджэ сенэгуе.

– Шъыпкъэр пIотмэ,– ежь ышъхьэ фихьыныр Мыхьамэт-Джэрые къыфемыгъэкIоу, иш тырилъхьэу къыIуагъ,– ыджа шъэожъые битэмалэр ары сиши зэтезыIэжагъэр... Хъорэ-лIыкъо Мэрчанэ зы лIэу Шапсыгъэ ис. НекIо, аталыкъым дэжь тыдэгъахь. Бащэрэ тыкъызэрэлъыкIорэм пае шъэожъыем уфэзэщы, утенэгуикIы къытиIонэп, къыддигъэхьащхынхэп.

– ХъорэлIыкъо Мэрчан ыцIэ къызыраIоджэ, зиусхьан, ори ар умышIэу щытэп, хьакIэщым исхэр къызэлъэтэджых, лIы Iуш, зилIыгъэ зышкыжьрэ цIыфэп.

– КъапIорэм щэч хэлъэп,– Мыхьамэт-Джэрые фэкъолIым дырегъаштэми, ыгу ихъыкIрэр фэшъхьаф. Тхышъхьэ гъогу егъэзыхыгъэм хэкIоты къэсми, шъэожъые кIэнашIэмэ амакъэ нахь къылъэIэсы, хъан цIыкIур ахэтба шъуIуа, ащ ымакъэба ар еIо, гумэкIыгъор къызхэтэджэгъэ Iэпкъ-лъэпкъыр шым зэхишIэу кIэкIорыкIы, етIанэ игупшысэ Iэшlу бырсырхэр Iэжэгъунчъэ къышIохъух.– Ащыгъум, Шъэуай, къегъэжьэгъахэшъ, мы шъэожъыемджэ сыгу илъы дэдэр къыосIон. Шъэо нахьыжъыми, ауж рэ нахьыкIэ цIыкIухэми ялъытыгъэмэ, уилъфыгъэмэ зэхэдз афэпшIыныр емыкIу, ауми, Хъан-Джэрые зэрэгупкIэ цIыкIур армэ сшIэрэп, нахь сыпэблагъ, сыушъэфрэп, сыфэзэщы, сытенэгуикIы, сыкъымыгъэпцIэтымэ, лIы хъунэу сыщэгугъы. Сымыгъуащэмэ, мо шъхьэ псыгъо цIыкIур арба?

– Тэмэм, зиусхьан,– кIэнашIэмэ нахь апэблагъэ зэхъум, шъэожъыемэ ахилъэгъуагъэм зэрэщыгушIукIрэр Шъэуайй ымакъэ къыхэщыгъ,– кIэн блэри шIохэлъагъ, нэмыкI блэри зыдиIыгъ.

– Олахьэ арым,– Мыхьамэт-Джэрые иш къызэтыригъэуцуагъ,– шIуамыхыхьыжьытмэ, а купэр къашIуихыгъэджэ енэгуягъо. Удэ, удэ къуашкIэр кIэнмэ зэратыригъэпсахьырэ шыкIэр!.. ЗемыгъэукIахь, битэмал, пIэ бгъэпшъыжьынышъ, ублэут.

Къохьэпlэ чапэм зезгъэзыхыжьыгъэ тыгъэм инэбзый шъабэхэр зытеджэгукIыгъэ къошкIэ цIашъутэу Хъан-Джэрые ыдзыгъэм таумрэ елымрэкIэ ритэкъухьэхэу кIэнхэр зэшъхьэщиутыгъэх, ищэрыуагъэ зыгъэшIагъощтыгъэ шъэожъыемэ апымылъэу къыхьыгъэ кIэнхэр зышъхьэщипхъотыгъэ паIом ритэкъуагъэх.

– Аферэм, Хъан-Джэрый,– шъэожъыем ищэрыуагъэрэ икIэн угъоикIэрэ Шъэуае ащытхъугъ.

– НекIо, шъаор дгъэбэлэрэгъынэп, тэ тыриушъхьагъоу кIэнхэр къызшIуихыгъэмэ къахэчъыжьмэ къыфадэнэп,–

ишъэожъые фэмыплъэкІэу, ау гукІэ зиІажэу Мыхьамэт-Джэрые иш ригъэжьэжьыгъ,– аущтэу зекІоми, тыкъыушъхьакІун.

Шыуитlур зыдэщыlэ гъогумкlэ Хъан-Джэрые ышъхьэ къыпхъотагъ, кlэныр зэрыз паlор ыбгъэ кlэубытагъэу, Шъэое фэкъолlри ынэ къыпэlумыхьажьэу, ятэ къыпэгъочъыгъ.

– Зэ, битэмал, сыплъэгъужьыгъакla, хьэйнапэ сымышl,– Мыхьамэт-Джэрые етхъохэу ыкъо цlыкlу ишыплlэ дигъэтlысхьэ шlоигъуагъэми, къызхигъэщыгъэп,– модэ уисэлам Шъэуае пэгъох, улlыба, уипаlуи зыщылъэжь.

Хъан-Джэрые чы псыгъо ищыгъэ фэдэу шыуитlу пашъхьэм зыщычlисагъ, кlэнхэр псынкlэу игъончэдж джыбэмэ аригъэкlуи, мыгузажъоу упкlэ паlор шъхьэм зырепэсыжьым, сэламыр нэбгыритlумэ афэгъэхьыгъэми, ынэlу Шъэуае дэжькlэ нахь гъэзагъэу къыlуагъ:

– Фэсапщи, тхьаматэх! Шъыд шъуикъэбар, Шъэуай? ШъукъызхэкІыгъэхэр псаухэба, узынчъэхэба?

– Тхьауегъэпсэу, Хъан-Джэрый,– Шъэуайй, ыпашъхьэ итыр зэрэсабыир зыщигъэгъупшэу, зэрэпщыхэкlыр фыхигъэщэу, джэуап ытыжьыгъ.– ТыкъызхэкІыгъэхэр псаух, узынчъэх, зиусхьан. Султlан лlакъом сэлам къыуахыжьы, уипкъэгъу-лэгъуми уащыгъупшэрэп.

Хэтрэ сабыий, орэпщыхэкl, орэфэкъолlхэкl фаеми, сабыеу къэнэ. Хъан-Джэрые ипкъэгъу-лэгъумэ ягугъу зызэхехым, ынэгу гушlопсыр къыхэщыгъ, зэригуапэр ригъэашlэу ятэ фыреплъэкlыгъ, акlэупчlэ шlоигъуагъ шъхьакlэ, зигъэлlэу, нахь пэблагъэмэ аблэмыlэбыкlышъоу, ау яни, ышнахьыкlи зыщигъэгъупшэу, ятэшыпхъур апэ ригъэшъыгъ.

– Опсэужь, сикlал! – Мыхьамэт-Джэрые зэхихыгъэм ыгъэгушlуагъ, зыфэlэжагъэп, етlанэ шъхьэихыгъащэкlэ игъусэ пашъхьэ «сикlал» зэрэщиlуагъэр къыгъэтэрэзыжьэу, къыпигъэхъожьыгъ: – Тхьэуегъэпсэу, зиусхьан, уизэхэшlыкl зыкъеlэты. Нэнэжъ Къэнтати псау, зы сыхьатджи ущыгъупшэрэп, уяни, пшынахьыкlэхэ Сахьид-Джэрыий, Адыл-Джэрыий ары. Модэ, зиусхьан, укъызхэлъэтыгъэ кlэнашlэмэ ахэхьажь, адэджэгу, зышlуямыгъахь. Тэ Мэрчан дэжь тыщепсыхыт.



– Нэгъоир, сыд узпэтыр! – Кlэнашlэмэ къахэджыкlыгъэ шъэожъые такъырым шыумэ ашъхьэ къаригъэпхъотагъ.– Уикlэн къытегъэтlысхь.

– Al-анасын, ащ сенэгуягъ сэ!..– Мыхьамэт-Джэрые къызlуипхъотыгъ.– Шъыдыцl ар къызэрэоджагъэр!

– Хэт ишъхьэубат сэlo ар! – Шъэое фэкъолlми зэхихыгъэр ыдагъэп, лъэкъо джабгъур лъэрыгъым къырипхъотыгъ.– Сэ ащ ытхьакlумакlэ пыстхъыт!

– Быяу, Шъэуай! Шъэожъыем зыпэтшlынэп.

– Армэ, Пэшъукъ, узхэхьагъэр, кlэн ешlакlэ озгъэлъэгъун,– Хъан-Джэрые кlэкlэу шъэожъыемэ адэжькlэ зигъэзагъ, лъэбэкъу зытlущ ыкlугъэу мыгузажъоу зыкъызэригъэзэкlыгъ: – А цlэм зешъумыгъэгъап, зэхэшъухыгъэба, сэри ащ «Пэшъукъ» сызэреджэрэр, зы кlэн къыlэкlэсымыгъанэу къышlосхьынышъ, сыкъэкlожьыт сэ.

Узщыщмэ узхамыlоу, зыщыщ умышlэжьрэмэ ацlэ lаекlэ къыпфадзыныр емыкlу. Мыхьамэт-Джэрые ыгу къыпиlонтlыкlыгъ. Мыхэмэ «тинэгъоигъэ» зэгорэм ащыгъупшэжьыщтба сэlo! Шlу афатшlэми, дэй афатшlэми хъурэп, зыми къыубытхэрэп. Тыхъан лъэпкъмэ, сыд тилажь, Къырым хъаныбзым тлъэпкъ нэпч рифыгъэти, шъхьэегъэзыпlэкlэ зыкъышъуфэдгъэзагъ, адыгэ бгъагъэм тычlэфагъ, ищыгъу-пlасти къытlуфагъ, зы «нэгъоигъи», тлъэкъуацlэ фэшъхьаф къытхэнэжьыгъэп. Султlан лъэкъуацlэр тиlэ пае тыадыгэба? Ар зэблэтхъугъэкlи шъугу итхыгъэкlи, хэхэсыцlэр адыгэмэ агу итхын тлъэкlынэп. «Пэшъукъкlэ» Хъан-Джэрые зэджэгъэ шъэожъыеми, модэ, Чэтыкъо мэз пырыпыцум къытфыхэкlыгъэгъэ шыухэми, зыгу къытфэмышlу нэмыкlхэми ар ажэ дэлъ. Сыд мохэмэ угу ябгъэкlэ... Ау етlани хэхэсыцlэ «нэгъой» къысфадзын нахьи «Пэшъукъ», «Лъэбыц» Алахьэм къысярэгъаlу...

– Адэ джары, Шъэуай, зэхэпхыгъа? – Заулэрэ кlуагъэхэу Мыхьамэт-Джэрые къэупчlагъ.– Бжъэдыгъу изакъоп, а цlэр Шапсыгъи къыщытаlo. О шъэожъыем ытхьакlумэ гоптхъынэу уежьэ... Шъыд къикlын?.. Нахьыжъмэ аlорэр нахьыкlэмэ агу раубытэ... Адэ, узымылъэгъутым шlу зебгъэлъэгъун плъэкlытэп.

– Шъэожъые мыгъасэ горэм ыжэ къыдэзыгъэм фэшlджэ, зиусхьан, зымыухыжь,– Мыхьамэт-Джэрые игукъао шъхьарихы шlоигъоу Шъэуае къыlуагъ,– Лъэустэнхьэблэ хъаныкъохэр зыми адыгэхэп ыlон ылъэкlынэп.

– Ащджэ джэнджэш сыгу къизгъахьэрэп, Шъэуай. Сэ сфэшІэшъутэр зэкІэ сяни, сянэжъи, ахэмэ къалъфыгъэхэри къызхэкІыгъэ адыгэ лъэпкъым фэсшІэт. Ау а цІэр сиджагъо, хэти щэрэщ, къысфэзыдзырэм фэзгъэгъутэп... Ярэби, шъаом къызэреджэхэрэ цІэм Мэрчан аталыкъэр щыгъуаза?

– Шъэожъые Іофмэ шъыдджэ Мэрчанэ ахэхьан, зиусхьан?

– Шъыд пай, ипІур къэзыушъхьакІурэм, тэ тизакъоп, ежьыри къеушъхьакІу!

– Ари ары, ау етІани...

– Зэ, Шъэуай, быяу,– чылэ гъунэ чэу пакІэм зыкъокІхэм, Мыхьамэт-Джэрые къыІуагъ,– Мэрчан аталыкъэр арба у къакІорэр...

Гъэмэфэ пчыхьэ шъаб нахь мышІэми, ХъорэлІыкъо Хьамырзэ-Мэрчан аталыкъым тыгъужъышъо джэдыгу пырэцэ кІакор ыплІэІу иубгъуагъ, упкІэ пэІо шІуцІэ Іэтыгъэр шъхьарыс, джэдыгу чІэгъым щызэпырыдзыгъэ бэщым ыІитІу ателъ, джабгъу лъэныкъом икІыхьэкІэ, жэпкъ чІэгъым чІэхьажьэу тещэгъэ тыркъор чыжьэкІэ олъэгъу, лъэкъошхуитІумэ апылъ цокъэзэкІадэмэ къашъхьащыщырэ цылъэпэд фыжьмэ гъончэдж лъэпэбыхъухэр адэупкІагъэх, джыри ткІун зимыгухэлъ Іэпкъ-лъэпкъ илъэс тІокІищым хэкІыгъэм зыгот чэу Іэтыгъэр цІыкІу къыпщегъэхъу.

Шы лъэмакъэмэ ХъорэлІыкъо Мэрчанэ ышъхьэшхо мыгузажъоу, къехьылъэкІба уигъаІоу, къырагъэІэтыгъ, тхым щызэпырыдзыгъэ бэщыри къытыримыхэу къэуцугъ, нэплъэгъу жъэжъэ хьылъэм гушІопсыр къыхэщэу, къыфепсыхрэ шыумэ яджагъ:

– О-уиу, мы слъэгъухэрэр! – Иинагъэ къэзымыушыхьатырэ мэкъэ ихыгъэ дэгукІэ хьакІэмэ ариІуагъ: – ПкІыхькІи сшІошъ хъунэп. Шъукъеблагъ, Мыхьамэт-Джэрый, шъукъеблагъ.

Бэщ кІэко гъумыр джэдыгу чІэгъым Мэрчан къызчІехыжьым, тхы уфэгъагъэм зырищыжьи, джыри шапсыгъэ лІыжъым щиз хэхъуагъэ фэдэу Шъэуае къышІошІыгъ – Іэхъомбэ гъум кІыхьэхэм, Іэ джэдитІумэ пкъы пытэ зэхэгуагъэр нахь къагъэиныгъ. Шапсыгъэмэ анахьыбэр яинагъэкІэ гурыт лъэпэко закІэу, сыдэущтэу мы зыр къахэкІынэу хъугъа ыІуи, шы ІупІэхэр зыІыгъэу ауж ит Шъэуае ыгъэшІэгъуагъ, сэмэгубгъур зыІыгъ зиусхьан мыцІыкІуми ригъапшэзэ, джыри зэ тэмэ хъурэе зандэмэ ямыплъыжьын ылъэкІыгъэп.

Къэлапчъэм нэмысхэзэ, щагум къыдэкІыгъэ лІышхом Мэрчан еджагъ:

– КІалэ, хьакІэмэ сэлам къях, типІур ятэ тихьакІэ. Модэ, сэри ащ сылъыкІощтыгъ, шъаор, пшынахьыкІэ, кІэнашІэмэ ахэт, къэщэжь. Ахэмэ шъукъябгъукІуагъ, Хъан-Джэрые кІэнымкІэ ерыш, къышъомыгуцэфагъэу къычІэкІын,– хьакІэхэр унэм рищэхэзэ, Мэрчанэ къыІуагъ.

– Ари, Мэрчан, тфэІонэп,– хэти фэшъошэ чІыпІэм елъытыгъэу зэтІыс уж, зэхихыгъэм иджэуап Мыхьамэт-Джэрые къыритыжьыгъ,– тыкъышІэжьыгъ, сэлами къытпигъохыгъ.

– Ары, ары...– Мэрчан игуапэу щхыпцІыгъэ.– ЗегъэлІы, къыжъудечъэжьэжьыныр къыригъэкІугъэп.

– Олахьэ ар дэдэри хэтымылъэгъуагъ,– Мыхьамэт-Джэрые ыкъо пае зэхихыгъэр шІоІэшІуми, къызхимыгъэщэу Шъэуае фыреплъэкІыгъ, псынкІэуи къыпигъэхъожьыгъ,– а тызхэплъэгъэ кІэнашІэр, Мэрчан, ышъхьэ фитыжьджэ сыгугъэрэп.

Мэрчан ынэгу плІэмые шъуамбгъо къызэпызычъыхьэрэ щхыпсыр хэплъагъозэ къыІуагъ:

– Ышъхьэ фырагъэтына чылэ кІэлэхэумэ якІэн къашІуихьэу! СызэренэгуерэмкІэ, къытебгъэфагъ, къатІупщыгъэп, джары сэри а лъэныкъом сызыщэщтыгъэр... Зэгорэм, бэйтэмал, кІэн куп ягъэхь, угъэрэхьатын зысІокІэ, къысфидэрэп. Аферэм, сипІур сыфэраз: псэрыу, шытхыбл, есыкІэ Іаз.

– Ы-ы, зэхэсхырэр хьалэмэт! – Мыхьамэт-Джэрые къыхэкуукІыгъ.– Пшызэ ылъапэ нигъэсы пакІошъ, инэпкъ сфытехьэтыгъэп.

– Абыныпс нахь шІоІэшІущтын, зэпырэсыкІышъ, къызэпырэсыкІыжьы.

– Хъан-Джэрые цІыкІуба джыри, Мэрчан? – Ты гумэкІылэр зэнэгуещтыгъэр къышІагъэу, ащ ычІыпІэкІэ Шъэуае къэгузэжъуагъ.

– Узэнэгуерэр сыд, Шъэуай, илъэсипшІ уныбжьыныр мыдэ щыІа! Сэ ащ сызелэгъум, Абын мыжъуакІэу хэлъыр зыфэдизыр сшІэщтыгъ. Зы нэпкъым зыщычІэзгъаоти, сыздэхъугъэр амышІэу адырэ нэпкъым сыкъыщычІэсыкІыжьыщтыгъ. Усабыйзэ узфагъасэрэр ары узфэІэпэІэсэ-

щтыр. СипIур непэ сабыигъор зыщибгынэщт ныбжьым ит. Непэ хэсымылъхьэрэр неущ хэфэжьыщтэп. Ау хъумэ,– Мэрчанэ ынэкIушъхьэ тыркъо къытепIыикIэу щхыгъэ,– Хъан-Джэрые фэмыукIочIын ыпшъэ ислъхьэу къызщышъумыгъэхъу.

– Олахьэ ар тыгу къэмыкIыгъ, Мэрчан,– гум илъымрэ Iупэм телъымрэ зэфэмыдэу Мыхьамэт-Джэрые къыIуагъ, етIанэ, тыба, ыпашъхьэ ыкъо къызэрэщыщытхъухэрэр игуапэми, хигъэкIокIэжьы шIоигъоу, къыпигъэхъожьыгъ,– сигуапэ Хъан-Джэрые кIэлэхъу чанэу къызэрэтэджырэр, ау дэгъончъэпщтын, Мэрчан?

– Дагъо зыхэмылъ цIыф къэхъурэп, дунаим ехыжьырэп, Мыхьамэт-Джэрый. Тищи, зигугъу тшIырэ пIурыри, тиунагъо исхэри къыддыхэтыжьэу тыдэгъончъэп. Дагъор бэкIэ зэтефыгъэ. УIащэу, улъащэу, унащэу Тхьэм укъигъэхъугъэмэ, ар зы. Ащ фэдэу заом укъыщыхьугъэмэ, ар фэшъхьаф. Чъыгым укъефэхи е шым уидзи сэкъат уехъулIагъэмэ, ар нэмыкI. Ахэмэ уяпщагъэкIи, Iэ ащыпфагъэкIи, уяшIушIагъэкIи япшIэн щыIэп. «Тхьэм къыуишIэн, цIыфмэ къыуахъонын» зэраIори шъыпкъэ. Сыда чыжьэу узфэкIожьыщтыр, мары шъори шъуинэрылъэгъу, Бзыикъо заом къыщыстыращэгъэ тыркъом «нэгуекIэ» къысигъэджагъэх. Зигугъу къэсшIыгъэмэ дэгъо нафэкIэ уяджэми хъущт. Джа цIыф дэдэхэми нэмыкI псаухэми мынафэу, ау ахэбгъэзыжьын плъэкIынэу, дэгъо зэфэшъхьаф ахэлъ – къаигъагъэр, шъугъоныр, кIэнэкIэныр, пцIыусыныр, тыгъоныр, лакъырдыр. Джа къэспчъыгъэмэ ащыщ кIэн ешIэн ерышыгъэр Хъан-Джэрый хэлъ. Ар дагъокIи, дэгъукIи сипIур фэплъэгъун плъэкIыщт.

– Шъыдрэ егъэлыегъащэри дэи,– ыкъо ихьакъэу зигугъу къашIыгъэм, Мыхьамэт-Джэрые тенэгуикIыгъ, аталыкъым фыхигъэщыгъэр ежь зэриIожьырэм фэдэу гъумтIымыгъэ, сыдигъуи зызпэIуидзырэ кэртэшIэ зырызхэр ынэгу къыкIэуцуагъэх.

– Олахьэ шъыпкъэм,– зиусхьаным дыригъаштэу Шъэуаий къэгумэкIыгъ.

– А шъушъхьэ къихьагъэр ишъудз! – Мэрчанэ джабгъу Iэгушъошхомкlэ жьым хэуагъ.– Арэу шъуегупшысэн Iоу сшIагъэмэ...– Къыригъэжьэгъэ гущыIэр зэпиути, зэрэкIэгъожьыгъэр агуригъаIоу зэпыугъо тIэкIум ыуж мэкъэ ихыгъэкIэ къыIуагъ: – Хъан-Джэрые кIэн зыдешIэрэ пэпчъ



ыгу хигъэкIрэп, къашIуихьыгъэр ятIонэрэ мафэм аретыжьы, гузэбгъагъэ азфагу къыдигъэтаджэрэп.

Сыд ащыгъум, Мыхьамэт-Джэрые гукIэ ыIуагъ, «нэгъойкIэ» шъэожъыем къызфеджэхэрэр... Зэгорэм тэри тысабыигъ, тязаоуи, къытэзаохэуи, кIэн тшIуахьэуи, къашIотхьэуи къыхэкIыгъ, ау а цIэмкIэ къытэджагъэхэп, джы зэхэсхыгъэм гужъ хэлъэп сIон слъэкIыщтэп. «Нэгъой» шъхьэкIохьыцIэр къыфэзыдзыгъэм ежь зэреджэрэ «Пэшъукъыр» тэ къытиIуагъ нахь, зэкIэми зэхаригъэхэу а цIэ IаемкIэ еджэжьыгъэп.

ПIурым ишэнышIуагъэ къыфимыIотыкIэу щыгъуазэми, анахь цIэ дыджымкIэ къызэреджэхэрэм аталыкъым хэшIыкI фыриIагъэп.

– Зэлъ!..– Мэрчанэ гушIопсыр къечъэу пкъышхор пхъэнтIэкIум щиузэндыгъ.– Дунаир фэмыхъужьэу Хъан-Джэрые къэкIожьы! Зэхэшъоха кIэн блэр макъэхэр? Неущ джэгуакIо къылъыкIощт кIэлэхъумэ аригъэлъэгъуни афигощыжьынэу лъэгуцэ блинкIэм пелъэх.

– Адэ сабыигъом нахь дахэ шъыд щыIэн,– Шъэуае къыIуагъ.

– Зэо-бэнэнчъэу, гъаблэ щымыIэмэ ары сабыигъор зыдэхэтэри зымэфэтэри,– фэкъолIым игупшысэ шъхьаихыгъэ дырыгъаштэу Мыхьамэт-Джэрые лъыгъэкIотагъ, джы нэс зыгъэгумэкIэу къыфэмыIошъуущтыгъэми, тIэсхъэпIэ-пыдзапIэ ригъэгъотыгъ,– ау къытэхъулIэтэр мыры сIонэу сшIэрэп, адыгэ шъолъырым мамыр илъэп, Бзыикъо заом тыкъыкIэзыжьыгъ тIозэ, тызэмыжэгъэ хэгъэгуитIумэ азыфагу джыри тыдэфэжьыгъ.

– А Iофыр джыркIэ огугъа, Мыхьамэт-Джэрый, къызежьагъэр? – ХьорэлIыкъо Мэрчанэ ыгу къэкIыжьыгъэ, ынэгу къыкIэуцожьыгъэ хъугъэ-шIэгъэ хьылъэмэ хагъэщэтыкIыгъ.– Бзыикъо заом ижъобгыпIэ урыс пачъыхьэ Катаринэм къытфигъэкIогъэгъэ,– бжъэдыгъупщмэ ялъэIукIэ ыIо шIоигъуагъ шъхьакIэ, ихьакIэмэ яхьатыркIэ къыригъэкIугъэп,– Ермолаем итопитIу къызщежьагъэр, ащ къэзэкъ шыуишъи кIыгъужьыгъ.

– Урыс инэралхэу Бибиковымрэ Гудовичрэ ядзэхэр, тиадыгэчI зэпыратхъуи, Анапэ заоджэ зэрекIугъагъэхэр? – Зигъусэ зиусхьаным ятэ а дзэм зэрэхэтыгъэр, ащ ыуж ежьырырэ ышнахьыкIэрэ ахэмэ зэрагохьэгъагъэхэр фимы-

дзэу гуригъаlо шlоигъуагъ шъхьакlэ, Шъэуае зэрэмыгугъагъэу lофыр хъугъэ.

– Блэкlыгъэм урыгущэlэжьджэ шъыд ишlуагъ,– Мыхьамэт-Джэрые къыхихыгъ, ау къызхигъэщыгъэп,– непэрэджэ зыдэдгъэзэтэр къэшlэгъуай.

– Сыд пае зыдэбгъэзэщтыр умышlэу шъхьаунаzэ зебгъэхъулlэн,– Мэрчанэ иджэуап кlэкlы,– шъори, къэошlэжьмэ, зэ тыркумэ шъукlыб афэжъугъази, урыс лъэныкъомкlэ зыжъугъэзэгъагъ, шъуиадыгэгу шъуакъыхищыжьыгъ нахь. Ащ бгъэшlэгъон хэлъэп. Шъуятэ Аслъан-Джэрые ихэукъоныгъэ осыет зэрэфэжъугъэцэкlагъэри къызэрэжъугъэзэжьыгъэри хьэрамэп. Сэрмэ бгъуитlуми зяcтыщтэп. Сичlыгу сылэжьыщт, сыщыпlощт, ищыкlагъэ хъумэ, къэсыухъумэщт! Сыд о пlорэ, Шъэуай?

– Сэри ары, Мэрчан.

– Ащыгъум титlо тызэтафэ. Мыхьамэт-Джэрые тэ тихьыжьын, дгокlынэп.

Хьакlэщым дис нэбгыритlумэ яадыгэ гупшысэ-гумэкl Мыхьамэт-Джэрые ахэгущыlэ шlоигъуагъ, ау къыригъэжьэгъэ гущыlэр пчъэ макъэм зэпыригъэгъэугъ, сыхьат горэкlэ ылъэгъугъэгъэ шъэожъыер ары lоу умышlэжьынэу, тыжьын къэмэ мыиныр зыпылъ тыжьын бгырыпхыр цыяшхъом телъэу, пэlо хьаплъри щазымэ пlуакlэхэри ащ декlужьхэу, Хъан-Джэрые унэм къихьагъ, сэлам къыхыгъ:

– Шъуипчыхьэ шlу охъуапщи, нахьыжъхэр! – Сэлам ужым, ятэ емыкlуалlэу, аталыкъыр зыдэщыс пхъэнтlэкlу сэмэгубгъумкlэ рекlокlи, lэ едзыхыгъэ, пкъы ихыгъэкlэ гоуцуагъ.

Мэкъэнчъэ нэплъэгъукlэ шъэожъыем щэгушlукlых аlозэ, унэм из хъугъэ самбырыр Мэрчанэ къыукъуагъ:

– Уигущыlэ пlэпахыгъ, Мыхьамэт-Джэрый, зыгорэ къапlо пшlоигъуагъ,– пlурыр зэрэготыр игуапэу Мэрчанэ къыlуагъ.

– Къасlотыгъэр гъэнэфагъэ, Мэрчан,– сыд митlумэ шъэожъыем ыпашъхьэ ущядэожькlэ къикlыщтыр, сэркlи, мощкlи хъущтыр хъугъахэ ыlуи, къыухыжьыгъ,– хэти ежь зэрэфэлъэкlэу иакъылджи, илlыгъэджи, игурышэджи ичlыгу къызэриухъумэтэр къыжъудэсэштэ.

– Акъылым, лlыгъэм, нафэм, гурышэм сыд къибгъэкlырэр, Мыхьамэт-Джэрый? – Цыхьэмышlыгъэ хэмылъэу, ау гущыlэм ыгу зыкlемыlугъэр ымышlэу Мэрчанэ къэупчlагъ.

– Ащ къызгъэкlрэр, Мэрчан,– къыlо шlоигъом ышъхьэ къыримыхыпэми, зиусхьаныр къызэкlэкlуагъэп,– гум уемыупчlыжьэу нэр плъэтэп.

– Ар гущыlэ шъыпкъ, гущыlэ тэфабгъу, тхьамэтэ маф. Сыд аlорэр «нэр мыплъэмэ, гур плъэрэп».

– Тат, тэрэзэп!

– Сыд мытэрэзыр?

– «Гур мыплъэу нэр плъэрэп» аlо.

– Аферэм, сикlал, хьакlэмэ апашъхьэ сыкъыщыдэпщыжьыгъ.

Адырэ унэ лъэныкъомкlэ, lанэр къызэрагъэхьазырырэр къырыпшlэу, хьакъу-шыкъу макъэхэр къиlукlыгъэх. Мэрчани къыгот пlурым ыкlыб теlагъ:

– Кlо, сикlал, тхьауегъэпсэу, уиадыгагъэ пщыгъупшагъэп, уятэ дэжь, мыхъуми, уилlымэ кlэон, ы-ы, Мыхьамэт-Джэрый! – Ыгу къыдеlэу Мэрчанэ щхыгъэ, лlыпкъым имытми, лlы шэныр пкъым зэрэхэлъын фаер зыщызымыгъэгъупшэу ятэ дэжькlэ кlорэ пlурым щыгушхукlэу аталыкъыр кlэлъыплъагъ, Шъэое фэкъолlым фыреплъэкlыгъ.

Гъэмэфэ чэщ гопэгъу кlаком, зэзакъо зэрэхэпэзэгъагъэм фэшъхьаф, Мыхьамэт-Джэрые чъыяпэ къеклугъэп. Тыгъуасэ ылъэгъугъэмрэ зэхихыгъэмрэ узхэгупшысыхьан закl. Нитlур упlыцlагъэу гум зиплъыхьэу пlэм сыхэлъынэп ыlуи, нэфшъэгъо кlэтаджэу унэм икlыгъ, щагу кlым-сымыр зэпичи, чэу нэзыр диlыгъэу чылэ гъунэм lухьагъ. Псыхъо чъэ макъэр къыздиlукlырэ лъэныкъом ыгъази, зыплъыхьагъу имыфэу, нэпкъ мылъагэм техьагъ. Псыхъо мышъомбгъо-мыбгъузэу фэмыф-фэмыфэу нэпкъитlумэ адэсыкlрэм зытеплъэм, нычэпэрэчэщым щымыгъупшэгъэ Хъан-Джэрые ыгу къэкlыгъ: ушъэожъыеу мыщ сыдэущтэу уисыкlыщта, уфырикъуща, тегузэжъухьагъ.

Нэпкъым Мыхьамэт-Джэрые ехи, псы lэгушъо зэ, тlо ынэгу кlикlагъ. Етlанэ псы гъунэм рекlокlызэ, мыжъо хэлътыкlыгъэ гупсэфыпlэ горэ къызегъотым, тlысыгъэ. Адырэ нэпкъым пэlулъэшъогъэ гъэмэфэ мэзым ичъыг тхьэпэ зэщымыщмэ ахаплъэми, ынэ зи къыпэlумыхьэу, шъхьэм илъыр нэмыкl.

Абын псыхъо ичъэ макъэ фэшъхьаф зыхэмыIукIыщтыгъэ дунаим мэкъэ шъэф горэ къыщеджагъэ фэдэу Мыхьамэт-Джэрые зэплъэкIыгъ, бэмышIэу ежь зытетыгъэ нэпкъым Хъан-Джэрые тырилъэгъуагъ, гу бырсырыгъэр къызхимыгъэщэу риIуагъ:

– Ора, Хъан-Джэрый? Шъыд нэпкъым узфытетэр, моу къакIо,– шъаор къызкIэрэхьэм, фыкIэхъопсми, Iофы зыримыгъэшIэу къыухыжьыгъ,– жьышIоу укъэтэджы, сикIал.

– Жьэу тэджырэм шыкIэ фалъфы, орба, тат, зыIорэр?

Мыхьамэт-Джэрые ыгу къэушъэбыгъ, фэбэпсыр ыIэпкъ-лъэпкъмэ ахиз хъугъэ.

– Сэры. Тхьэуегъэпсэу зэрэпщымыгъупшагъэмджэ,– ау джы игумэкI къышIухэщэу еупчIыгъ: – Уизакъуа?

– Сизакъу. Уятэ псыIушъомджэ кIуагъэ, умыгъэзэщ ыIуи, Мэрчан аталыкъым сыкъыплъыригъэжьагъ.

– Армэ хъун, дунаер Iае, хъырцыжъэр бэ, тэ зыгу къытфэмышIури макIэп...– Ежь Мыхьамэт-Джэрые зэриIожьзэ, шъэожъыем гуригъэIуагъ.

– Зымэфэрэ хъырцыжъхэр армэ зыфапIорэр,– Хъан-Джэрые къызIуипхъотыгъ,– умыгумэкI, Мэрчанэ кIочIэшху, афырикъут, купэгъор къыпхъуати, къэлапчъэм Iуифыгъэх.

– Ы-ы! – Мыхьамэт-Джэрые зэхихыгъэм къызщиIэтыкIыгъ.– Шъыд яморад, шъыд къыраIуагъ?

– Зэхэсхыгъэр къэсэIожьджэ сыбзэгухьэп,– Хъан-Джэрые лIы гущыIакIэ зыригъэшIэу ятэ зэригъэжагъэп,– ари къыосIон. Урысмэ агохьэгъэ къумалым ыкъо огъэпIуры Мэрчанэ къыраIуагъэти, афидагъэп.– ЕтIанэ шъэожъыер нэмыз-Iумызэу ятэ Iуплъи, псынкIэу еупчIыгъ: – Хъырцыжъмэ къытаIолIагъэр шъыпкъа, тат?

– Аталыкъым къыфадзыгъэр ежь ышIошъ мыхъугъэу, сикIал, шъыдэущтэу шъыпкъэн! Зыгу къытфэмышIумэ Iаджи аIот, ахэр пшъхьэ имыубытэх...

Зэрэхъурэмкъэ, Мыхьамэт-Джэрые ыIуагъ, тишъэф къэтэгъэгъунэ тIозэ, цIыфмэ ажэ тыдэфагъ, тишъыпкъапIэ зышIи зымышIи тауж къыригъэхьагъ. Урысмэ мамыр цIыфкIэ алъытэрэ бжъэдыгъумэ сащыщэу сихэгъуашъхьэ къыщыспэуцугъэгъэ шыумэ сягупшысэмэ згъэшIагъозэ, джы зэхэсхыгъэр нахь гъэшIэгъоныжь. Ар шъэожъыеми къынэсыгъах. Сыд шъуIуа а къэбарыр Мэрчанэ зыкIысшIуи-ушъэфырэр? Ахэмэ е къапыкIмэ, сэ сизакъоп, ежьыри Iоф хэфэщт. ПкIуачIэ ущыгугъыжькIэ, шIу зыгу имылъым ишашитыгъэ уфырикъущтэп. Шъэожъыем инасып къэсэу-хъумэ сIозэ, лые къырахмэ, сыунэхъун. КъызгурыIорэп Мэрчан аталыкъым изекIуакIэ. Игъо ифагъэп сIонти, ащ фэдэр ащыгъупшэрэп. КIо сшIэрэп, дгъэзэжьмэ, игугъу къытфишIынкIи къэнэнэп. КъыфэмыIошъумэ, сэ ышъхьэ фисхын, тэ тшъхьэ къэтымыухъумэжьмэ, джы зэрэхъу-рэмкIэ, тыкъэзыухъумэнэу щыIэр макIэ.

– А сикIал, мы псым шъыдэу уисыкIышъура? – Шъэожъыер зэрэщыгъупшагъэр мэкъэ шъэф горэм къыфидзыгъ пIонэу Мыхьамэт-Джэрые игупшысэмэ къахэужьыгъ, зэрэшъхьэщыгупшысыкIыгъэр рыхигъэкIокIэжъэу тегу-щыIыкIыгъ: – Адэ шъыдэу тшIын, тызщыщ адыгэхэмджэ тызхамыIо пэIошху. НекIо, сикIал, бысымэр къытажэ, ятэрэ ыкъорэ псыныджым зыдагъэнэгъоджагъ ядгъэIонэп, нэмазшIыгъори блэдгъэкIынэп.

Унэм къызагъэзэжьым, Мыхьамэт-Джэрые зыгъэ-гумэкIырэр арымырэу зэнэгуещтыгъэр сэмэркъэукIэ Мэрчанэ къыфидзыгъ:

– Олахьэ Мыхьамэт-Джэрый, къэт тэжъугъэIуагъэм, ы-ы, Хъан-Джэрый, ятэрэ ыкъорэ шъузызэрэгъотыжьым гум тыкъишъунэжьыгъ тIуи, тыжъугъэхъыжьагъ.

– Ащ фэдэ тшъхьэ къихьагъэп, Мэрчан, тыгу имылъи къэмыгъэкI,– щхыщтыгъэми, сэмэркъэум нахьи гыер нахь къыхэщэу Мыхьымэт-Джэрые джэуап къытыжьыгъ,– аталыкъым сыкъыплъыригъэжьагъ шъаом ыIуагъэти сигуапэ хъугъэ.

– Тэмэм, Мыхьамэт-Джэрый, тэмэм! СишIэ хэмылъэу Хъан-Джэрые лъэбэкъу ыдзырэп.

– Адэ ары, дунаер Iае, щынагъо, цахьышIэгъоп,– Мыхьамэт-Джэрые зыгъэгумэкIыщтыгъэ шыухэмкIэ къе-гъэжьапIэ къыIэкIэхьагъэу къыщыхъугъ шъхьакIэ, шIоигъом ыцыпэ къыфыхэгъэпсыгъэп.

– Дунаир дэхэ закIэмэ,– хьакIэм ыгу илъым гуцафэ фишIыгъ пIонэу Мэрчанэ шъхьащыкIыгъ,– ошъуапщи, шыблэ гъуагъуи, жьыбгъи хэмытмэ зэщыгъонба, Мыхьамэт-Джэрый? Мыдэ амдэз тэжъугъаштэ, нэмаз шIыгъор къэ-сыгъ.

Нэмаз зашIми, пчэдыжьышхэ Iанэм зыпэсхэми, гъогу зытехьажьыщтхэми а зы гумэкIыр Мыхьамэт-Джэрые ыгу

илъыгъ къэIо-Iотэжькlэ нэбгырит1умэ азыфагу шъаор дищэнэу фэягъэпти, зэрэзекlорэр къехьылъэкlэу, непэкlэ зиlэжагъ.

Хьакlэмэ аlапэ ыубытыжьи зегъэшэсыжьхэм, зыкlыфэмыразэм ышхъхьэ къыримыхэу Хъорэлlыкъо Мэрчанэ гъумтlымыгъэ:

– Мы шъуззфэкlорэ Абатэ шъхьащытхъужьым сшlэрэп кlэрышъухыщтыр...– Етlанэ ыгу жьы зыдегъэкlым, лlы щытыкlэкlэ ипlур Хъан-Джэрыий къыготэу, арилуагъ: – Шъуишылъабжъи орэпытэ, шъуионэгуи орэшъабэ, шъугъогумаф.

## IV

– Мэрчан аталыкъэр шlурышlуджэ ыlуагъэм пфытекlытэп, пфызэкlэкlотэп,– чылэм дэкlхи тхышъхьэм зытехьэхэм, Мыхьамэт-Джэрые къыlуагъ.

Гущыlэ лъапсэр къыубытыгъэми, Шъэуае къэупчlагъ:

– Шъыд зигугъу пшlырэр, зиусхьан?

– Шэрэлlыкъо Мэрчанэрэ Абэтэ Бэслъыныерэ азыфагу къыдэхьэгъэ зэмышlуныгъэм сегъапэ. Джырэ дунай узэпыин нахьи узэшlумэ нахьышlу.

– Ары шъхьамджэ, зиусхьан, Абэтэ Бэслъыные Хъорэлlыкъо Мэрчанэ нахьи нахьыкlэба?

– Нахьыкl, илъэс тlокlи, мынахьыбэмэ, азыфагу дэлъ.

– Нахьыжъым ыпашъхьэ нахьыкlэм щиlорэмджэ зыфэсакъыжьын фаеба?

– Ащ укlэупчlэжьа, ар адыгэ хабз, адыгэ шэн.

– Ары сэри Мэрчанэ зыкlыдезгъэштагъэр.

– Сылl, лlыгъэ схэлъ зыlорэ пстэури аумыса?

– Адыгэмэ пащэ афэхъунэу лlыгъэрэ lушыгъэрэ зыхэлъэу адыгэ шъолъырым хэт исэр ыlоу тыркуе пэчъахьэр къызыупчlэджэ, сэщ нэмыкl бгъотынэп епlонэр емыкlу.

– Ар дэдэр lогъуае хъун, Шъэуай...

Хъорэлlыкъо Мэрчанэрэ Абэтэ Бэслъыныерэ тыркуе пачъыхьэм ыпашъхьэ къыщяхъулlагъэм Мыхьамэт-Джэрые щымыгъуазэу арыгъэп. Ау lом lо пэхъожьы зэраlорэр шъыпкъэшъ, ащ хэмылъ гори зэрэхагъэхъожьырэм егуцафэзэ, Мыхьамэт-Джэрые щхыпцlыгъэ. Хъорэлlыкъо Мэрчанэ зы лlэу Шапсыгъэ исмэ ащыщ, аущтэу щымытыгъэмэ, шъаор зыкlэрысчэу езгъэпlуныеп, ыlуагъ. Ау Абэтэ



Бэслъыные нахьыкlэми, ишэнкlи, илlыгъэкlи, иlушыгъэкlи адыгэ шъолъырым щызэлъашlэ, тэрэзэу узекlуагъэп пlоу lапэ фэпшlкlэ зыгорэм ыкlыб пфыдэуцощтэп, зыщымыгугъыжьыщтыгъэмэ, зыфагъэмысэри ыlощтыгъэп. Пыим ыпашъхьэ илlыгъэрэ иlушыгъэрэ шъхьэих фэзышlыгъэ цlыфым утегущыlэ хъунэп. А зыр, ыгу къысерэмыгъабгъ, сиаталыкъ еспэсырэп. Сенэгуе агъэлъырэмрэ зыгъэлъырэмрэ анэхэр, нахь пытэр язэрэмыгъашlэу, зэlуфагъэхэкlэ. Нахьыжъыр нахьыкlэм ежэжьзэ, зыщымыгугъыгъэу зэхихыгъэм ыгу зэремыlугъэри lофым къыхэхьэгъэна?

– Адэ зи къэпlожьрэпи, Шъэуай?

– Шъыд къэсlон, къэбарэр тыухыгъэджэ сыгугъагъ.

– Мэрчанджэ зыбгъэзагъэджэ къэбарэр ухыгъэ хъуна, сыкъебгъэуцолlагъэп, сшlошъ бгъэхъугъэп. Нэмыкl лъэбгъу къысэдз.

– Олахьэ сымышlэрэ, зиусхьан... Зэхэпхыгъэба Мэрчанэ шъхьащытхъужьджэ Бэслъыныем зэреджагъэр?..

– Зэрэгъумтlымыгъэр зэхэсхыгъэ. Ицахь зытелъыжьыгъэмэ, нахь лъэшыlоу къыlони...

– Къыпщыукlытагъэщтын, зиусхьан. Пщы шъаор епlуба, елэжьба, Абатэмрэ орырэ шъуазыфагу дэлъ ныбджэгъуныгъэми щыгъуазэба... Ау псым шъукъызэтым, Мэрчанэ ыгу Бэслъыныемджэ тlупщыгъагъэ.

– Зэрэхъурэмджэ,– Мыхьамэт-Джэрые щхыпцlыгъэ,– зышъхьэ щымыlэм ищынд хьэмэ ашкы... Ащыгъум, зышъхьэ щымыlэ Абэтэ Бэслъыные ыбгъу сэ сэубыты.

– Джы зэрэхъурэмджэ, зиусхьан,– Шъэуае зыхэфэгъэ lофым ошlэ-дэмышlэу хэкlыпlэ зэрэхигъотагъэм щыгушlукlыгъ,– тицаци мылыцlэу тили жъагъэу, тlури язэфагъэ къыкъотэгъэнэжьы.

– Ар сфэшlэнэп, Шъэуай.

– Шъыд пай, зиусхьан?

– Мысагъэми зэфагъэ хэлъ, зэфагъэми мысагъэм щикlухьэрэп.

Сыдэу мы лlитlумэ язэмышlуныгъэ, Шъэуае фэкъолlым фэщыlагъэп, lофы зыригъэшlыра! Адыгэмэ пащэ къафашlынэу Тыркуем зэращэгъагъэр гухэлъ къыфызиlагъэмэ къаlотэфэ ежь цlыф ригъэшlагъэп. Шъыпкъэр пlопэн хъумэ, сыд пае имыхьакъ цыфым теплъхьан, къыпфагъэшъошагъэр къытэппэсыгъэп аlоу зы адыги егыигъэп. Зэхэзыхыгъэхэр щхыгъэх, зэхэзмыхыгъэмэ мэкъэнчъэ зэрэхъугъэ-

хэр агу къеуагъэп. Ежь «нэгъой» къытаIо еIошъ, зыхэсмэ ыгу ябгъэ. Къэзэкъ кIопIэ шъыпкъэ зимышIыгъагъэмэ, мы сIохэрэр сымыIонысгъэхэкIи мэхъу. Тызагъэгубжыкlэ, тыжэ къыдащы нахь, мыхэр тэ тхьыжьыных, тэщ нахьи нахь адыгэ хъужьыгъэхэу къытхэсых. Джы ыгу къытфызэlyихыжьыгъ тlозэ, джыри Пшызэ джабгъу ынэly игъэзагъ. Джа дэдэр, къегъэжьэпlэ-ухыжьыпlэ имыlэу, ныпчэдыжь Мэрчани къысфидзыгъ. Гъогум къыщытпэуцугъэгъэ шыумэ сэ ягугъу сымышIэу ежь къекIугъэгъэ шыумэ якъэбар къысфиIотагъ. Шыухэр Iофхэп, «къытэпыйрэм ынэIу фэзыгъэзэжьырэм зэрэсипIурыщтыр сшIэрэп нахь» къызэрэпигъэхъожьыгъэр ары нахь. Ятэрэ икъорэ щагум къыдэмыхьажьыгъагъэхэмэ, нэмыкI шъэф гори къысиIон ихьисапыгъ. Чэтыкъо дэжь къыщытпэуцугъэгъэ шыумэ ашъхьэ сэ къисхыгъагъэп шъхьакIэ, ежь Мэрчанэ къекIугъагъэмкIэ мыр сыда къэбарынчъэ зыкIишIыгъэр? Агу зэфэшIуба? Угу зэфэмышIоу уазыфагу шIу дэлъыщта? ЗыгорэкIэ мы Iофым Абэтэ Бэслъыный къыхахьа? ХьэкIакIо ащ тыфакIо зэрэтIуагъэри къыхихыгъ, игопагъэп.

– Шъэуай, пшъхьэ зэ къэIэт, зыгорэм уегъэгумэкIы.

– Ихьау, зиусхьан, ар озыгъаIорэр сшIэрэп.

– Тыгъосэрэ мафэм щыублагъэу къасIорэмэ уашъхьарэгупшысыкIы.

– Мысагъэмрэ зэфагъэмрэ, зиусхьан, зэрэзэсщэлIэтым сегупшысэ,– Шъэуае джэуап къытыжьи, «шъыд сэIо мыщ зыкъызыкIыспигъапкIэрэр» ыIуагъ,– зебгъэчъэхыIомэ, а зыфапIорэми лъапсэ иI. УзэрекIуалIэрэм елъытыгъэу уасэ фэпшIын плъэкIыщт. Тыркуем зыгъэ узырагъэблагъэм, зиусхьан, сыIуш, лIыгъэ схэлъ, сэщ нахьылI адыгэ шъолъырым исэп о япIуагъэп.

– Сэ тырку лъэпакомэ ясIуагъэр о шъы фэпшIэн, Шъэуай.

– Ар умыIо, зиусхьан. Узыгъэмысагъи узыгъэхыягъи адыгэмэ ахэт.

– Шышъхьэр блэбгъэкIэу шыкIэм укIэлъытхъожьджэ шъыд ишIуагъ,– Мыхьамэт-Джэрые къыIуи, гыекIэ къыухыжьыгъ: – шъыд ащыгъум зиIоф къытхэмылъ тыркумэ къысапэсыгъэр адыгэмэ къазыкIыпкъырымыкIыгъэр?

– Адыгэмэ апкъ къикIыгъэмэ, зиусхьан, укъезэгъытгъагъа?

– Ащ иджэуап IэшIэхыгъэп.

– Шъыд пай, зиусхьан?

– Ар адыгэмэ зыздагъэзэтым, Тыркуера Урысыера, елъытыгъ.

– Зы лъэныкъоджи зытымыгъазэмэ хъутба?

– Шъыд зыкIэмыхъутэр, ухэгъэгу шъхьафмэ?

– Тыхэгъэгу шъхьафэпышъ, къытэкIурэм пэпчъ тшъхьэ фэтыуфэт, ара?

– Ар дэдэм тынэмысэу, тыкъызкъонэтым икъогъу зыкъодгъэзэгъэт.

– Зышъхьэ къызфэмыухъумэжьын лIыгъэнчъэ цIыф, зиусхьан, ар зышIэн зылъэкIытэр. Зэрэадыгэ шъолъырэу пштэмэ, къыбдезымыгъэштэныбэ къикIыт,– шъуятэжъ ышъхьэ Къырым къырихи, адыгэмэ къазэрэрихьылIэгъагъэм фэдэмэ узэрэгупшысэрэр, ухэукъо, джырэкIэ жэм шъхьэихыгъэу къыримыгъэхьыгъэр гукIэ Шъэое фэкъолIым къыIуагъ, нахь упчIэ дыджыкIэ къыухыжьыгъ: – Шъыд тыхэгъэгунчъэу джы нэс тызыфыщысыгъэр?

– Ыджар зэрэадыгэ шъолъырэу къытфэгъахьыгъ, шъыд пае тыщысыгъ, Шъэуай?

– Угу къысэмыбгъэтмэ, зиусхьан, сэ къызэрэсщыхъоу джэуап къестын.

– Адыгэхэмджэ тызэрэхъутым тырэгущаIэджэ, шъыд пае сыгу къыобгъэн,– сыд мыщ сыгу зэмыIунэу ышIэрэр гукIэ ыIозэ, Мыхьамэт-Джэрые щхыгъэ,– кIэрахъомджэ укъэмыори, угу илъэр къаIо.

– УгущэIэты пае,– Шъэое фэкъолIри, зиусхьаным зызэришIыгъэу, гум щышIэрэмрэ IупшIэм телъымрэ зэфэмыдэу, щхыпцIыгъэ,– гын щымыIэм кIэрэхъуащэ бгъэсты хъуна! Ау етIани сигущыIэ зэкIэсхьажьынэп, тыщыжъугъэсыгъэти, тыщысыгъ.

– Зэхэсхрэр хьалэмэт,– Мыхьамэт-Джэрые шыр къызэтыригъэуцуагъ, елъэдэкъауи ригъэжьэжьыгъ,– тэра джы жъугъэмысэрэр!

– Шъоры, зиусхьан. Пщыхэр, оркъхэр, лIэкъолъэшхэр – пащэджэ тапэ къиуцуагъэхэр.

– Мыдэ мыщ ыIорэр! – Мыхьамэт-Джэрые зыфэмыщыIэу ымакъэ зыкъышIуипхъотагъ.

– Тыгу зэмыбгъэнэу Iуагъэ зэдытиIэба, зиусхьан?

– ЗэдытиI, зэдытиI. Сымакъэ къыхихыгъэ пае укъысэгуцафэу! СыкъэдаIо, къебгъэжьагъэр лъэпсэнчъэпщтын,

къэухыжь. Зы шъхьэ нахьи шъхьитIу зэраIоу, тизэпео шIуагъэ горэ къыхэкIынджи мэхъу.

– ШIуагъэми сшIэрэп, ау, зиусхьан, сэ озгъэшIэжьынэу арэп, тапэ шъукъызиуцуагъэджэ, дунэе гъогум тызытетыджэ, икъунба шъхьэзакъоу адыгэм къызэрихьыгъэр. Шъыд пай хэгъэгу шъхьафджэ шъуемыгупшысагъ, тэри тыкъыфэшъумыIэтыгъ? Шъорба мылъку кIэугъуаер, гъэсагъэр, фэкъолIмэ ашъхьащытэр? Шъыд пщымэ, оркъымэ адыгэ хэгъэгу зэрящыкIагъэр? Анахь пщы цIыкIумрэ пщы инымрэ, анахь пщы баимрэ пщы тхьамыкIэмрэ язэрэмыгъашIэу пщы пэпчъ, ябайкол оркъхэр къяшIэкIыжьыгъэхэу ячылэ-хэгъэгумэ адэсых. Лъэпкъ-лъэпкъэу, лIэкъо-лIакъоу, хьэблэ-хьаблэу тызэтеутыгъэу тызэрэшкыжьышъ, ар къытэзылъэгъулIэрэм ытэмэ чIэгъ тычIимыгъэуцо мыхъунэу ыцэ къытфелъы. Шъыд къытфыряхьисапыми, тфэшъуаш. Ыджары Тыркуеми Урысыеми ашъхьэ къызыкIытфаIэтыгъэр. Ау тызэхэзымышIыкIэу, хэт щэрэщ, къытпэуцурэм IэшIу едгъэшкынэп.

Сишы козын зытхъурэм ишхоIу ыжэ къыдэсхи, зышIозгъэшIыжьыгъэкIэ сенэгуе, зиусхьаным джы нахь къыхихыгъ. Гъончэджыпхъэкlэ тIопсэ бэдзэрым къыщысщэфыгъэгъэ шъэожъыеу СултIанмэ ящагу къыдэтэджагъэр арба мы сисэмэгубгъукIэ къызготыр! Iордэгъэзэ-Iорышlэу ткIэзыгъэр къэзыугъоижьэу тыгъуасэ тиIагъэр арба мыр? СедэIушъ, шъхьафит гупшысэр къебэкIы, шъхьэм илъыр къыфемыхьакIэу зэшIуетхьалыкIы, тхьэшъуегъэпсэу къытиIоным ычIыпIэкIэ, тегъэмысэ. ЗэрэхъурэмкIэ, ыгу тытефэрэп. Къызытхэхьэгъэ мафэм щегъэжьагъэу дахэ етымыIуагъэмэ, ышъхьашъо Iэ щытымыфагъэмэ, тишъэожъыемэ адэтымыпIугъэмэ, ыгу хэдгъэкIыгъэу, мызэфагъэ дызетхьагъэу къэсшIэжьырэп. Мыхъун горэ губжыгъэ плъыр-стырыгъэкIэ Шъэуае епIоIIагъэкIи епшIылIагъэкIи тятэшыпхъум къыпфидэщтыгъа! Ыкъом фэдэу епщэмэ-къепщэжьызэ, джы къызнэсыгъэм бынынчъэ тхьамыкIэр тенэгуикIы, зэрэфэкъолIхэкIыр, зэрэджэхэшъогутет-унэIутыр щыгъупшэжьыгъэу, «а сикIал», «а сыпсэм фэд» ыIозэ, сэ сыемэ зэряджэрэм фэдэу еджэ, хьафыбгэри диIыгъыжьэу, ефапэ. Аталыкъым зэрэримыгъэпIугъэ закъор ары фимышIагъэу къэнэжьыгъэр. Тинасып мыхэр тятэшыпхъум зэрэзэхимыхырэр, ыбзэ ыубы-



тыныгъи, зэкIокIыныгъи... Тыгъужъ щырыр сыд фэдизэу бгъэшхагъэми, бгъэсагъэми, зыщыщмэ амэ къыкIао...

– КъызэрэпIорэмджэ, Шъэое фэкъолIэр,– Мыхьамэт-Джэрые игупшысэмэ, шIушIэ зэхэмышIыкIри къыхэхьажьэу, къызэщафыгъэми, зыфэсакъыжьзэ, къыIуагъ,– пщы-оркъхэр огъэмысэх. Тэри, СултIанхэри, ахэмэ апэ тиогъэшъы, зи къытэбгъэлырэп...

– Сэ, Мыхьамэт-Джэрый, мы къызэрэсфэудзыгъэм фэдэу, зиусхьан, пщы-оркъмэ, лIэкъолъэшмэ лъэкъоцIэ хэхыгъэджэ сатегущыIэрэп. Къатенэрэр бэ сэIо.

– ФэкъолIхэр? Ахэмэ къатенэрэр хэт иIахь?

– Лэжьэнчъэ цIыф дунаем тетэп, зиусхьан. Ау а укъызкIэупчIагъэмэ атефэрэр шъхьафитынчъагъэм, шъыд къызкIысэбгъэIуапэрэр, зиусхьан, екIодылIэ.

– Зэрэхъурэмджэ, Шъэое фэкъолIым ишъхьафитныгъэ СултIанмэ, пщыхэкIхэшъ, якIодылIэ.

– ФэкъолI шъхьафитынчъэмэ сэри сащыщ, зиусхьан.

– Шъэое фэкъолIэр! – Шым шъхьэр къыригъэпхъуатэу Мыхьамэт-Джэрые къызбгырыуггъ.– СIонэп сIуагъэ шъхьамджэ, тыгъуасэ нэс шъыдыхь къыоцэкъагъэр?!

– Ыджа зитэмэтелъ къыпфэзыхьыгъэ къэзэкъмэ яхь, зиусхьан! – ШхомлакIэ къудыигъэкIэ шым жэдауи зыкъыдыригъэдзыезэ, зиусхьаным ымакъэ нахь мыцIыкIоу, Шъэуаий джэуап къытыжьыгъ.

– Ащыгъум тиунэ илъ шъэфыри къыддэошIэба? – ФэкъолIым егыйми ецIацIэми умышIынэу Мыхьамэт-Джэрые ылэпкъ-лъэпкъхэр къэушъэбыгъэхэми, джэгъогъу пашъхьэм зифэкIэ зэрэхъу хабзэу, псынкIэу зыкъишIэжьыгъ.– Ащ фэдэгуджэ шъыд пае гъогу укъыздытехьагъ?!

– НекIо пIуагъэти, сыкъыбдэшэсыгъ.

– Уишъэф бзэгу къыздепхьакIэу усищыкIагъэп! – Мыхьамэт-Джэрые лъэхъу цIыкIукIэ ыпэ ригъэхъугъ.

– Узэрэфай, зиусхьан! – Шъэуаий тIэкIу щытыгъэу ишыпэ кIэкIэу къыригъэгъэзагъ.– Армырми орырэ сэрырэ мыр тиаужырэ шэсыгъэуагъ...

Мыхьамэт-Джэрые лъэбэкъуишъи ычъыгъэгъэнэп, гъогу къэгъэзэгъум шыуитIу къызыкъолъэтым. Ардэдэм Абэтэ зэшитIур – Бэслъыныерэ Убыхрэ – ышIэжьыгъэх.

– Фэсапщи зэраIорэм уфэдэп, Мыхьамэт-Джэрый,– Абэтэ Бэслъыные игые ыпэ ит,– зигугъу тигъалIэу зышъхьэ

тымылъэгъурэр, Хъорэлlыкъо Мэрчанэ ичэу нэз тыримыгъэкlокlми, нэ закъокlэ ихьакlэ тышlутеплъэн тlуи, сшынахыыкlэрэ сэрырэ тыкъыпфэшэсыгъ. Уизакъомэ сшlэрэп. Хэт сэlо мо зиш пхэкl къытфэзыгъэзагъэу lукlыжьрэр? Сшlэ-сымышlэми, ар Хъорэлlыкъо Мэрчан! Мыгъокlэ тырку пачъыхьэм тызэдырыгъэблагъи, сlуагъэми сымыlуагъэми хигъахъуи, сэ сыгу ебгъэным ыпэкlэ, Шапсыгъэ имызакъоу, адыгэ шъолъырым мыхъункlэ къыщыстыригъэгущыlагъэх. Модэ еплъ, мощ зызэрэшlошlыжьрэр, къызэрэзэмыплъэкlрэр!

– Ухэукъо, Бэслъыный,– Мыхьамэт-Джэрые шыум лъымыплъэу къыlуагъ.

– Мыхъун есlуалlэу ара? – Абэтэ Бэслъыные ынэ шхъонтlэ чанхэмкlэ къэупчlагъ.

– Зигугъу пшlырэ шыор Шъэое фэкъолlэр ары.

– Сыд иморадэу ыкlыб къыпфигъэзагъ?

– Адыгэ lофыгъо горэмджэ тызэщыхъушъутагъ.

– Модэ, Убых, къегъэгъаз а лlы пшъэго кlэкlым!

– Бащэ, Бэслъыный.

– Гъусэм гъусэр, зиусхьан, гум ринэрэп,– нэгу бгъузэ одым екlурэ жэкlэ-пэкlэ сырыф мыкlырмэ ыlупшlэ шэплъ къахэщэу, пэтхыщэ одри адекlоу Абэтэ Бэслъыные гущыlэм фэшъыпкъэу къыlуагъ, нахь мэкъэ пытэкlэ къыухыжьыгъ,– шыухэр зыщышэсыгъэм къеолlэжьхэшъ, зэбгырэкlыжьых. Хэт ыпкъ къикlыгъэми, зиусхьан, шъуитlо шъутэрэзэп. Хъорэлlыкъо Мэрчанэрэ сэрырэ къытэхъулlагъэри адыгэ хабзэм къыубытырэп. Хэти зэрэшlоигъоу зекlомэ, сыд нахьыкlэмэ ялъэгъупхъэщт?

Шы лъэмакъэхэр аужкlэ къызыщэlухэм, зылъагъэчъагъэм, сыд имысагъэми изэфагъэми, шъхьэкlафэ зэрэфишlрэр къыхигъэщэу, Абэтэ Бэслъыные иш къыригъэгъэзагъ, нахьыжъыгъэ бгъур зыlыгъ Мыхьамэт-Джэрые зыдэкlорэ лъэныкъомкlэ ишыпэ зэтырилэжагъ.

– Уимафэ шlу охъуапщи, Бэслъыный,– зи къемыхъулlэгъахэ фэдэу Шъэуае сэлам къыхыгъ.

– Тхьэм шlу уелъэгъу, Шъэуай,– Абэтэ Бэслъыныий lофым щымыгъозахэ къыщигъэхъоу сэлам ыхыжьыгъ, хьакlэмэ ариlо шlоигъуагъэр ышнахьыкlэкlэ агуригъэlуагъ: – модэ, Убых, уиныбджэгъурэ орырэ тапэ шъуишъ, хьакlэщым тынэсмэ, мыхэмэ къяхъулlагъэр зэхэфыпlэ



тфэхъун.– Шыуитlур апэкlэ тlэкlу зыlокlотым, Бэслъыные къымыlон ылъэкlыгъэп: – Мыхэр джыри кlалэх, ашъхьэ къихьагъэу амышlэн къэнэнэп... Ар сэlо шъхьакlэ, Хъорэлlыкъо Мэрчанэ сэщ нахьи нахьыжъ, адыгэ хы Шlуцlэ нэпкъым тыкъызытехьажьым, одкlи мыдкlи щымыщэу, ушъхьащытхъужь, усшlэрэп, укъэсшlэжьрэп ыlуи, гум сыкъыринагъ... Зыгу къысфэшlумэ ашъхьэ раригъэуфэхыгъ, къысфэмышlухэр къыздигъэхьащхыгъэх.

– Мы зигугъу пшlырэр, Бэслъыный, цlыфмэ ащыгъупшэжьыгъэджэ сенэгуе.

– Ихьау, Мыхьамэт-Джэрый, ихьау. Цlыфмэ орэд дыдж пфаусынри шъхьащытхъужь къыуаlоныри зэфэдэ, ащкlэ укъысэмыушъый.

– Ари ары, ау етlани...– Мыхьамэт-Джэрые къыlуи, щигъэтыжьыгъ, тlэкlу тыригъашlи, гъогум къыщяхъулlагъэмкlэ кlэгупшысыхьажь ышlыгъ, ежь зыфаер къыригъэкlоу, сыд пае мыхэмэ ажэ зыдэдгъэфэн, къыухыжьыгъ: – цlыфмэ, Бэслъыный, зыгорэ ямыгъэlон плъэкlытэп, Мэрчанэ ыlуагъэмджи ышlагъэмджи мысэ, ау укъызэхэзымышlыкlыгъэм зэрэфэбгъэгъурэр сигуапэ, лlыгъэу пфэсэлъэгъу. Тэ титlуи, фэкъолlымрэ сэрырэ, гъогум къыщытэхъулlагъэр, пlопэн хъумэ, зыуи арэп. Адыгэгур джы шъыд зымыгъапэрэр?! О уиlуагъэу, хьакlэщым тынэсмэ, ари зэхэтфын. Сэ непэ адыгэхэмджэ сшlэрэ закъор – тызэмыбэнмэ, тызэмышъугъумэ нахьышlу, ыджар къыдгурымыlомэ, текlодылlэт.

Хьакlэщым Мыхьамэт-Джэрыерэ Шъэуаерэ язакъоу къызенэхэм, зиусхьаныр фэкъолlым еlушъэшъагъ:

– Тэмэтелъмэ ягугъу къэмышl.

Шъэое фэкъолlым риlуагъэр хэхьагъэми хэмыхьагъэми умышlэнэу, зызэхиушъэфагъэу щысызэ, Абэтэ Бэслъыные унэм къихьажьыгъ...

## V

Дунэе шъаб, пчэдыжьыпэ тынч.

Гъунэгъу акэцэ чъыг лъагэмэ къакъосыкlрэ тыгъэм иплъырыгъо къэлэпчъэlу уц къашхъом, ащ щыхъупэшыпэрэ тхьачэт щырмэ, гъэмэфэ чэщым урамым щытегупсэфэгъэ сэпэ ежьашъом, чэу нэз пшэсэн куашэмэ джыри

зэхэшӀэгъу зыщырамыгъэжьэгъэ, жьы чъыӀэтэгъэ пӀуакӀэр улэугъо зыщимыфэгъэ уахът.

Къэлэпчъэжъыемрэ къэлэпчъэшхомрэ зыхэт чэу фыгъэ пытэм кӀэрыт тетӀысхьэпӀэ кӀыхьэм Хъорэлӏыкъо Мэрчанэ тес, пчэгъуищыр зэлъызыубытырэ тхы шъуамбгъор нэдэплъыпӀэ зимыӀэ чы зэтедзагъэмэ ягъэкӀыгъ, тыдэ кӀоми къыздырихьакӀырэ кӀыбрыдзэ бэщ гъум кӀакори кӀэрыт. Ӏэ джэдитӀур куашъомэ ателъэу, нэпӀэ Ӏужъухэр зэтедзагъэу щыс Мэрчанэ, пчэдыжьыпэ шъабэм ыгъэбэлэрэгъыгъэу къыпщэхъуми, зыщыщ дунаим зэрэхэмызыгъэр, ащ сыдигъуи ыныбжь хэкӀотагъэ емылъытыгъэу, зэрэщыхьазырыр исакъыкӀэ къыуегъашӀэ.

Къэзгъэшӏагъэри, слъэгъугъэри макӀэп, Мэрчанэ ынапӀэ къызэтыримыхэу гукӀэ ыӀозэ, хьылъэу хэгурымыкӀыгъ. Силэгъумэ анахьыбэр, адыгэ шъхьафитым фыщыӀагъэр, сэшхоогъумэ, пцэшӀуащэмэ, уӀэгъэжъмэ згуахыгъэх, зигъо кӀэмыхьэгъэ нахьыкӀабэми анэ згъэплӀэжьыгъэ. Сшынахьыжъи бэшӀагъэу пчыпэ зэхаом рикӀыгъ, сшынахьыкӀи джы къызнэсыгъэм, щыӀэжьа щымыӀэжьа, урыс гъэрым къызэрэт. Бзыикъо заом ыуж адыгэ шъолъырым мамыр иуцонэу тыгугъагъ шъхьакӀэ, тиӀофхэмкӀэ зэхэфыгъо тимыфэзэ, урыс-тырку зэпеом ыгузэгу джыри тыдэфэжьыгъ. Илъэс къэси адыгэ лъэпкъ зэтеутыгъэм изэхэкӀот нахь къыхэӀэ. Адыгэ купэгъур зэпакъудыи, нахыбэмрэ нахь лъэшымрэ, нахь Ӏушымрэ язэрэгъашӀэрэп. Ар имыкъоу хымэ хэгъэгуитӀумкӀэ зыгухэр гощыгъэхэри къытхэтых, зыдзэзыгъэзэщт лъэныкъор зымышӀэхэри макӀэп, ау тинасыпкӀэ лъэпкъым инахьыбэ фэкъолӀхэр ячӀыгу, яхэгъэгу фэшъыпкъэх. Абэтэ Бэслъыные сыгу Тыркуем щебгъэгъагъ шъхьакӀэ, лӀыгъэ къызхигъафи, яшъоу бзэгу зыдыригъэхьыхыгъэп, къыздыригъэштагъ, адыгэ шъхьафитыр, тыфит-тыфимытми, тэ тпкъы къикӀыкӀэ ядгъэлъэхъагъэп. Хэт щыщха тыркухэр ашӀоигъор къытхалъхьанэу! Икъунба Къырым хъан хэгъэгу щымыӀэжьымкӀэ къызэрэтшъхьащытыгъэхэр. Ари шъэбэрыкӀо-шъэф къырекӀокӀыкӀэ яӀо къытхалъхьэщтыгъэ нахь, шъхьаихыгъэу къытхэхьанхэкӀэ ракущтыгъэп. Зызакъу ныӀэп ахэмэ ӀэубытыпӀэкӀэ къытпаӀэтырэр — мыгъокӀэ нэтыхъоепщ Занэм арищэгъэгъэ чӀыгу такъырэу Анэпэ пытапӀэр зытырашӀахьыгъэр ары. Тыркумэ афэдэу урысхэми яӀоф къытхэлъэп. Гъэшӏэгъона Урысые пачъыхьэу Иуан шъузкӀэ Темыркъо пщым ыпхъу ратыгъагъэмэ, сыд тэ ащ тызэрэхахьэрэр, лӀэкъуитӀур зэблагъэ хъугъэмэ, яхъяр алъэгъу, зэрэрэгъэлъапӀэх, ау ядзэ адыгэчӀым къытфыращэнымкӀэ, зыпчыхьэ Мыхьамэт-Джэрые къызэриӀуагъэу, ари ушъхьагъу щхэны хъун. Зишъао спӀурэ Мыхьамэт-Джэрые адыгэхэр, тыркухэр, урысхэр еӀо нахь, ежь иӀоф зытет шъыпкъэм ышъхьэ къырихыгъэп, пшысэжъ тфэхъужьыгъэ къэбармэ джыри зэ тахигъэдэӀожьи, Абатэр сэщ нахьи нахь гупшысэгъу дэгъу къыфэхъун шӀошӀэу, игъогу техьажьыгъ... Сэ мыдыкӀэ къумалым ишъао олэжьы аӀошъ, шыбгъэкӀэ къыспэуцух. Сыд ар, шъэожъыем ыгу ыгъэбырсырэу, тазфагу дэлъ хабзэри ыукъоу, модкӀи мыдкӀи щымыщэу садэжь къызфэчъэгъагъэр? Ӏор-Ӏотэжькӏэ къызнэсыгъэ къэбарри Шъэое фэкъолӀым ыгу къеуапэу зышъхьэ къысфырихыгъэ шъэфри зэолӀэжьырэр зы. Мыхьамэт-Джэрые джыри зэ УрысыемкӀэ зигъэзэжьыгъэмэ, сшӀэрэп ащыгъум... Гухэлъынчъэу ар гъогу къытехьагъэп, ау ишъэф ышъхьэ сапашъхьэ къыщырихышъугъэп, сызэрэхэплъагъэмкӀэ, ащ фэдэ чӀыпӀэ ифэнэу фэягъэп. ЗыгорэкӀэ Шъэое фэкъолӀыр иӀофмэ хащэ афимышӀы шӀоигъуагъэмэ шӀэ? Ары шъхьакӀэ непэрэзымафэм уиджэхэшъогу тетым, зыӀурэ зытхьакӀумэрэ къыпхэлъ фэкъолӀым сыдэущтэу уишъэф шӀоуушъэфын? ЕтӀани къыбдашӀэрэ шъэфыр пшъхьэкӀэ шъэфы хъужьынэп. Ярэби, зымафэ тикъэлапчъэ къыӀутэджэгъагъэм икъэбар Хъан-Джэрые ятэ риӀогъэна шъуӀо? РиӀуагъэми риӀуагъ, ащ шъэф хэлъыжьэп. Зыгорэ къызыщысиӀон чӀыпӀэ имыфэу зиусхьан шэсыжьыгъэкӀэ сенэгуе. Ау зэраӀоу Ӏофыр къычӀэкӀмэ, Мыхьамэт-Джэрыерэ сэрырэ тиӀорэ тишӀэрэ зэхэлъыжьынэп! Гурэ псэрэкӀэ пыщагъэ сызфэхъугъэ шъэожъыер?!

Къэлэпчъэжъые Ӏух макъэу къэӀугъэм нахьи гупшысэ джэмакъэм Мэрчанэ нахь зыкъыригъэшӀэжьыгъ, чэум егъэкъугъэгъэ тхыми зыкъыригъэузэнкӀыгъ. Ныбжьым емылъытыгъэу, къыӀорэ пшӀошъ ыгъэхъоу Хъан-Джэрые ӀупкӀэу сэлам къыхыгъ:

— Уипчэдыжь шӀу охъуапщи, Мэрчан.

— ШӀоу щыӀэр къыохъулӀ, сикӀал, къеблагъ,— Мэрчани ижъыгъэ емылъытыгъэу къыӀухьагъэм, сэлам къэзыхыгъэм шъхьэкӀафэ зэрэфишӀрэр къыхигъэщэу тетӀысхьапӀэм зыкъытыриӀэтыкӀы фэдэ зишӀи иджабгъукӀэ тӀэкӀу лъыкӀо-

тагъ,– къэтIыс, сисэмэгубгъукIэ ары. Ыхьы, джы тэрэзэу узекIуагъ. Сиджабгъукlэ ущысмэ, укъэзылъэгъурэр къыпкIэнэкIэн, къэмыхъу рапшIэзэ нахьыжъыгъэ чlыпlэр ашIуиубытыгъ къыуаIон, сэри сагъэмысэн.

– Ар сэшIэ,– Хъан-Джэрые мыгузажъоу Мэрчанэ исэмэгубгъукIэ тIысызэ, къыIуагъ,– уязгъэгъэмысэнэп.

– Хэт ащ гу лъыуигъэтагъ? – ШIушIэр ежь зыфелъэгъужьми, Мэрчанэ пIурым емыупчIын ылъэкIыгъэп.

– Оры, Мэрчан,– тIэкIу тешIагъэу къыпигъэхъожьыгъ: – адыгэ пшысэхэми ащызэхэсхыгъ.

– Ари оIомэ, ащыгъум джэуап къетыжь: мыщ дэжь нэбгырищ щыс хъумэ, сыд ячIыпIэщт?

– Мыщ дэжь нэбгырищ щысми, шыуищ хъухэми ячIыпIэтэр,– зэреупчIыгъэр зэригуапэр къыхэщэу Хъан-Джэрые къызIуипхъотыгъ,– анахьыжъэр азыфагу, ащ къыкIэлъыкIорэр сэмэгубгъут, нахьыкIэр яжьабгъут.

– Ы-ы? Аферым, сыбгъэрэзагъ. Сыд анахьыкIэр зыкIэжьабгъуштыр?

– АнахьыкIэр зыкIэжьабгъори? – Къытыщт джэуапыр ымышIэми, зэрегупшысэрэр къыхэщэу зыригъэукIыхьэзэ, къэупчIэжьыгъ, етIанэ ынэ шIуцIэ цIыкIухэр чэрэгъоу, къехъулIэри тIэкIу зэримыпэсыжьэу, Хъан-Джэрые къыпиупкIыгъ: – Сыкъэуубытыгъ, Мэрчан. СшIэрэп.

– Адэ адыгэ шэн-хэбзэ зэхэтыкIэр,– укъэсыубытыгъ адэ къыригъэкIэу Мэрчанэ щхыпцIыгъэ,– кIэн теутыкIэкъэхьыкI пшIошIа?

– КIэнешIэными хабзэ хэлъ, Мэрчан.

– Хэмылъэу сIорэп сэ. ГущыIитIу-щы къыбжэдэкIми, язэкIэлъыкIуакIэ хабзэ хэлъ, арымырмэ къапIорэр агурыIощтэп. Ау непэкIэ тэри зэгорэм къэтэрэхь, укъэсыубытыгъ, Хъан-Джэрый.

– СшIэрэп къыосIуагъи, Мэрчан,– къехъулIагъэр ыгу къызэреорэр шъэожъыем ымакъэ къыхэщыгъ.

– КъедэIу, угу иубыт ащыгъум. Адыгэмэ егъашIэм яжърэ якIэрэ агъашIо, уасэрэ шъхьэкIафэрэ афашIы. ГущыIэм пае, шыуищ уарихьылIэмэ, адыгэ шэн-хабзэм зэрэщыгъэнэфагъэу янахьыжъ-нахьыкIэ зэготыкIэкIэ къэошIэ.

– АнахьыкIэр нэбгырищым яджабгъу щыт, Мэрчан. Пщыгъупшэжьыгъа тызэрыгущыIэрэр?



– Сщыгъупшэжьыгъэп: умыхъыжъ. ЕтIани адыгэмэ зы шэн дэгъу ахэлъ, нахьыжъыр гущыIэ хъумэ, нахьыкIэм зэпигъэурэп.

– Къысфэгъэгъу, Мэрчан,– Хъан-Джэрые зэрэмысэр къыригъэлъагъоу, ышъхьэ бгъузэ цIыкIу лIыжъым ытэмэпкъ феIэсэкIыгъ.

– Ари угу иубыт. Хьынэп-хьылъэп, щыIэныгъэм ишIуагъэ къыщыокIыщт... АнахьыкIэр нэбгырищмэ яджабгъукIэ щытэу агокIыжьмэ е аIофытэмэ, къэнэрэ нэбгыритIумэ янахьыжъыгъэрэ янахьыкIагъэрэ аукъорэп. Мы шэн-хэбзэ шыкIэм имэхьанэ къыбгурыфагъа, сикIал?

– Къызгурыфагъ, ау нахьыжъым къыкIэлъыкIорэр зыгорэджэ агокIыжьмэ?

– Ащи шIыкIэ иI,– аталыкъым зэхихыгъэр игуап,– нахьыжъым ыпэ къэмычъыхьэу, ыужкIэ укъырекIокIышъ, исэмэгубгъу укъыгоуцо.

– Мы зигугъу пшIырэ шэн-хабзэмэ афэдэ нэмыкI цIыф лъэпкъхэми ахэлъа, Мэрчан?

Зэмыжэгъэ ошIэ-дэмышIэ упчIэу зэхихыгъэр Мэрчанэ ымыгъэшIэгъон ылъэкIыгъэп. Шъхьэ онтэгъу иныр сэмэгубгъумкIэ мыгузажъоу дыригъэзэкIи, нэгу шъуашIокIэ лIыжъыр шъэожъыем Iуплъагъ, риIуагъ:

– Адэ, сикIал, хэтрэ цIыф лъэпкъи ежь ишэн гъэнэфагъэ дунаим щыхехы, ищыIакIэ хелъхьэ, щегъэпытэ. УкъызкIэупчIэгъэ нахьыжъ-нахьыкIэ шэн-хэбзэ гъэшIуагъэр нэмыкI цIыф лъэпкъхэми ахэлъэу къычIэкIын, ау, мыры сIонэу, зыхэлъыр сшIэрэп. Тэ тхэмылъ шэн-хэбзэ дэгъуи, нэмыкIхэм ахэлъынкIи мэхъу, дунаим утетмэ, ущэпIомэ, ущэлажьэмэ, дэгъуи дэий къыпхэхьащт. Дэгъур къызхэбгъанэмэ, дэир зыхэбдзыжьзэ упсэумэ нахьышIу. Джары тятэмэ, тятэжъмэ тэри тызэрапIугъэр, шъори ащ шъурытпIужьынэу къызыкIытхалъхьагъэр. «ЦIыфмэ шIу афэзышIэрэр агъашIо» тинахьыжъмэ аIуагъ. Зэхэпхыгъа?

– «ШIу зыгу имылъым шIу къыдэхъурэп» Къэнтэтэ нэнэжъым ыIоу Iаджри зэхэсхыгъэ,– къызэреупчIыгъэм иджэуап римытыжьэу, ежь ыгу къэкIыжьыгъэр Хъан-Джэрые къыIуагъ.

– Ари гущыIэжъ дэгъу, сигуапэ угу зэриуубытагъэр.

– Ащ нэмыкI гущыIэжъ Iаджи нэнэжъым ешIэ,– мэкъэ гушIо чанкIэ Хъан-Джэрые къызIуипхъотыгъ.

– Сыд фэд етIани зэхэпхыгъэр?

– Бзэджэ гъасэм мысэ уехъулIэ.

– Ы-ы, аферым, мыщ адыгэ гущыIэжъхэу ышIэхэрэр!

– Джыри къэсIона?

– Сегъэдэlу ошIэмэ.

– Зыпэ мышIум ыужи шIу щыIэп.

– Ащи, къыбгурыIомэ, шыIэныгъэ лъэпсэфо хэлъ.

– Шъыд къызкIыбгурымыIотэр, шIу пшIэмэ, шIу уIукIэжьыт.

– Тэмэм, сикIал, тэмэм! – Аталыкъым игушIо фырикъужьырэп.– Адыгэ гущыIэжъым адыгэ гущыIэжъ щэрыокIэ тэбгъэфагъ. Адэ сикIал, мыщ фэдэ гущыIэжъым къикIрэм имэхьанэ къыпфэубытына: Iофышlу зафэрэ гъогу лъэпэ занкIэрэ уафытемыкI.

– Ащ укIэупчIэжьа, Мэрчан? – Илъэс пшыкIутlу зэрикъыбжьыр пщигъэгъупшэу Хъан-Джэрые къэупчIи, къыраIуагъэр фызэкIахьэжьыным тенэгуикIэу къыпигъэхъожьыгъ: – КъапIо пшIоигъуагъэр шъхьэих къэпшIыгъах. Ари Шъэуае ыIоу Iаджри зэхэсхыгъэ.

– Ы-ы, Шъэое фэкъолIыр адыгэ гущыIэжъхэмкIэ Iаза? – Мы сипIур шъэожъыер сыд цIыф сэIо ыIозэ, джау сыдми, гупшысэгъу зыригъафэу, къеупчIыгъ, ыгъэшIагъоу къыухыжьыгъ: – Олахьэ сымышIагъэ.

– Ащ ышIэрэ пшысэмэ япчъагъэ къэсэмыгъаIу! – Хъан-Джэрые ышъхьэ бгъузэ цIыкIу къыпхъотагъ, ынэ шIуцIэхэр мэшIотэп стыритIоу къыилыдыкIыгъэх.

– Шъэое фэкъолIыр ащ фэдэу пшысэкIэ Iазэмэ, бэйтэмал, зыпчыхьэ тедэIуныгъи,– Мэрчанэ джы ишъыпкъэми, имышъыпкъэми умышIэнэу къыIуагъ.

– Сэри чъыем сырикIыфэджэ сежэгъагъ ащ,– джы Хъан-Джэрые игущыIэмэ игые къатекIуагъ,– «тыркухэр, урысхэр, адыгэхэр» шъуIозэ, къежъугъэIуагъэп...

Мы шъэожъыер илъэсищым хэхьагъэшъ зыспIурэр, Мэрчанэ ыIуагъ, тыгъуасэ дэсшIагъэм нахьи нахь гъэшIэгъонэу непэ сапашъхьэ къетаджэ. Ныбжь макIэм емылъытыгъэу непэрэзымафэм гущыIэгъу пшыгъэкIи, зы лIы Iуш удыщысыгъэ фэдэу, уезэщырэп. Мыщ пэсымышIын лIы Iэджи чэмы, чэты, мэлы, шкIэ аIоу, адыгэ гущыIэжъ пакIошъ, зы Iушыгъэ горэ къапкъырымыкIэу, тичылэ дэс. Шъэожъыем къытфидзыгъэ «тырку-адыгэ-урыс» Iофхэр мэстапэм паIуми амышIэу, къарыкIрэми щымыгъуазэхэу нэбгырэ пчъагъэ къэспчъын слъэкIыщт. Бгъэуцугъэхэки, бгъэшэсыгъэхэкIи, бгъэтIысыгъэхэкIи мыр къызкIэупчIэрэ нахьыжъ-нахьыкIэ чIыпIэм хэшIыкI фызимыIэр макIэп. Мы шъэожъыер къэхъумэ, Алахьэм къегъэхъу, «инэгъоигъэ» фадзы шъхьакIэ, лIы шъыпкъэ хэкIыщт. Ар Мыхьамэт-Джэрый къыгурымыIуагъэу щытэпщтын, арэу къычIэкIын зыфытенэгуикIырэр. Ара шъуIуа урысыбгъум джыри зызфидзыжьыгъэр? Тыркухэри гъэсэныгъэнчъэхэп, ащкIэ зигъэзагъэп нахь... Сыда шъуIуа Къырым хъаныр къэзыбгынэгъэгъэ янахьыжъ щегъэжьагъэу мыхэр зыкIэурыс нэгухэр? «Мыхэр» сэIо шъхьакIэ, мы шъэожъые Iуш цIыкIур, адыгэгу зиIэр сыдэущтэу ахэмэ ахэслъытэн! Сэщ нахь къэмынэжьыгъэми, сикIал, уиадыгэгу озгъэгъэпытэн. НепэкIэ огугъа адыгэхэр дунаим зэрэтетыщтхэр, ощ фэдэхэр, нэмыкIхэр тищыкIэгъэщтых. Зямыгъэгъап а къыпфадзырэ хэхэсыцIэ мыщыумэ, ащ фэдэмэ тэри тыкъялыжьыгъ, къыттырагъэнагъэри джы къызнэсыгъэм къыздетэхьакIы...

– Ары Iолъ...– ХъорэлIыкъо Мэрчанэ зыхэсыхьэгъэ псы кууIэм къычIэужьыгъ, шъэожъыем Iугушlуагъ, изакъоу игупшысэмэ къакIэрынэжьы шIоигъоу ушъхьагъу лъыхъукIэ еупчIыгъ: – УипчэдыжьышхэблэогъэкIымэ сшIэрэп, Хъан-Джэрый?

– Мэрчан! – Зэхихыгъэр егъэшIагъо.– Орырэ сэрырэ пчэдыжьышкэ зэдэтшIыгъи!..

– Ара?.. Олахьэ сыкъэуубытыгъэм...– ЕтIани зышъхьащигъэкIы шъоигъоу еупчIыгъ: – Медрысэ кIогъур къэсыгъэба?

– Непэ теджэрэп.

– Сыд пае шъуемыджэрэ?

– Непэ зэрэбэрчэшко мафэри пщыгъупшэжьыгъа? – Хъан-Джэрые ыгу къыдеIэу джы щхыгъэ.

– Ар сыд шъыу, непэ зи къысэбгъэлыгъэп! УичIыфэ къыстебгъэфагъ, Хъан-Джэрый.

– Ара? – Зыфаер шъэожъыем зэхихыгъэу, аталыкъ лIыжъым ыпашъхьэ къиуцуагъ.– Ащыгъум сикIэншIэгъу Пэшъукъ икуп къафэмышIагъэм иджэуап къетыжь, теплъын къапшIэмэ, ау егупшыс.

– Ащыгъум, укъысэбэнрэм фэдэу, сапашъхьэ уимыт. Къызготlысхьажьи, хъыжъагъи зегъэукlыхьи къыхэмыхьэу тегупшысэт.

Хъан-Джэрые лlыжъым зыгуигъэплlэжьыгъ, тхьагъэпцlэу lуплъыхьэзэ къыlуагъ:

– Тыгъужъэр, мэкъор, мэлэр яягъэ зэмыкlэу шъыдэу псым иудзытха?

Шъхьэр хэгъэнагъэу егупшысэрэм фэдэу, гущыlэхэр зэпищмэ заригъэукlыхьэзэ, Мэрчанэ упчlэр къыкlиlотыкlыжьыгъ, уишъэф иlэшlугъи пlэкlэзгъэуlэенэп, гукlэ ыlуагъ.

– Моущтэу пшlыми хъурэп, мырэу къэпшlыжьми екlолlакlэ ебгъотылlэрэп. Сыд амал яl мыхэмэ? Олахьэ сымышlэрэ... Сшъхьэ зэпемыгъэкlы пшlоигъомэ, Хъан-Джэрый, хэкlыпlэр къэlуат.

– Зыкъэота, Мэрчан?

– lо хэмылъэу зыкъэсэты.

– Зыуи арэпи къэмышlагъэр! – Хъан-Джэрые игушlуагъо фэмыlэжэжьми, къызщылъэтырэп, шъхьэ цlыкlур гъэкlыгъэу Мэрчанэ lуплъыхьэзэ, къыфеlуатэ: – Апэ шъынэр псыхъом ипхынышъ, бгъэтlысыт. Етlанэ мэкъор ипхынышъ, шъынэр къыздипщыжьыт. Укъыздэкlожьыгъэ нэпкъым шъынэр къытеунэнышъ, мэкъор зыдэщыlэм тыгъужъэр иохы. Етlанэ тыгъужъым мэкъу ышкына, шъынэм укъылъекlыжьышъ, псыхъом иохыжьы. Джары, Мэрчан, егупшыс къызкlыосlуагъэр, зыуи арэп къэмышlагъэр.

– Адэ сыдэу тшlын,– Мэрчанэ шъэожъыем дыригъаштэу мэщхы,– пшlэрэм уриlаз джары язгъэlуагъэр. Хьылъэп оlо шъхьакlэ, пшъхьэ зэпызыкlын lоф къысэпхьылlэгъагъэр. Хэт сэlо ар озгъэшlагъэр, Шъэуаеу къычlэкlын?

– Ихьау, ари Къэнтат нэнэжъэр ары.

– Арэу уlушмэ, Хъан-Джэрый, сэри сыкъыоупчlын.

– Ихьау, Мэрчан, узафэп,– шъэожъыер къэгузэжъуагъ,– къэзымышlагъэм къешlэфэ гущаlэ ратырэп.

– Ыджыри укъэупчlэн уихьисапа?

– Ары, къедэlу. Зэлl-зэшъуzхэмрэ зэшыпхъуитlумрэ язырызэу хэт хьалыжъуищэр афигощын?

– Ащ иджэуапи нэнэжъа къыпфэзlотагъэр?

– Ар Пэшъукъдыхэм къакlэрысхыгъ.

– Пэшъукъ нэмыlэмэ къыпфэзыlотагъэр, ащ зи езгъэlонэп.

– Мэрчан, умыхъыжъ, егупшыс.

– Хьалыжъу заlокlэ,– Мэрчанэ мэщхы,– Пэшъукъ фэдэу сегупшысэжьрэп, джэуап къесэтышъ, хьалыжъори къэсэхьы. Къедэlу сиджэуап: зэлl-зэшъуzхэр, зэкlэрыпчынха, нэбгыритlу мэхъух. Шъузым ышыпхъу ахэтмэ, япчъагъэ щы. Хьалыжъори щы мэхъушъ, язырыз.

– Къэпшlагъ, Мэрчан, къэпшlагъ! Джы чэзыор оуий, къыдэпхыгъ.

– Икъунба, джы тызэдэщэпlаст, тызэпэгъужьыгъ.

– Джыри зэзакъу, Мэрчан.

– Пшlосхьымэ?

– Арэуи хъумэ, мыщ ыужджэ тlо тызэдешlэжьынышъ, зыхьырэм иеу тыухыжьын.

– Ащ фэдэу упхъашэмэ, къедэlу: зы лlыжъ горэм къуитlу иlагъ, шlу ылъэгъущтыгъэх, агу хигъэкlыщтыгъэп. Лlэн зэхъум, тlуми осыет къафишlыжьыгъ: симылъку шъуфэзгощырэп, шъори жъугощынэуи сыфаеп. Ау шъузэхэкlынэу зишъухъухьэрэм, шъуишхэр къызэдэжъугъачъэхэри, зиш ауж къинэрэм мылъкур ий. Зэшитlумэ ятэ зэлlэм, иосыет агъэцэкlэжьынэу ыуж ихьагъэх. Чылэ гъунэм lохьэхэшъ шыхэр къызэдагъэчъэнхэу аублэ, ау егъэжьэгъу имыфэхэзэ, тlуми шхомлакlэр къакъудыишъ, яшхэр зэтыраlажэх – тlумэ язи апэ ишъынэу фаеп. Арэущтэу зэшитlумэ бэрэ ашlыгъ. Мафэ горэм шыу блэкl горэм лlитlумэ ашlэрэр ылъэгъугъ, ар зытырашlыхьэрэмкlэ къяупчlыгъ, джэуап зыратыжьым, гущыlитlу зэшмэ къариlуи, игъогу техьажьыгъ. Ащ нэужым зэшитlумэ яшхэр къызэдагъэчъагъэх, зиш ыуж къинагъэм мылъкур ие хъугъэ. Сыда, сикlал, а шыум зэшитlумэ къариlуагъэр? Нэмыкlыкlэ къэпlонэу хъумэ, зэшитlумэ язэу хэт иша мылъкур къыдэзыхыгъэр?

Хъан-Джэрые ынэхэр къилыдыкlыгъэх, шъхьэ бгъузэ цlыкlоу чэу натlэм егъэкъугъагъэр къыкlэрипхъотыгъ, рихьылlэжьыгъ, джэуапым зэрэфыримыкъущтыр тlэкlу шlэ къэсми къыхаlэщтыгъэми, игупшысэ лъыхъо щигъэтыщтыгъэп. Аталыкъым къыритыгъэ упчlэмэ язи шъхьэм имыкlэу гукlэ къыкlеlотыкlыжьы, ежь иупчlэхэри къыдегъэтэджых, ау амал афэхъурэп, джэуапынчъ.

– Сыд, Хъан-Джэрый? Псым икlыпlэ фэбгъотырэп, ара?

– Зэ, Мэрчан, зэ. Шъыд ащ къариlуагъэр? – Хъан-Джэрые ышъхьэ кlэпlэстхъэжьы, гум къитэджэрэ упчlэр джы мэкъэ тlупщыгъэкlэ къеlо.– Нахьыкlэр кlалэ, мылъкур ерэшт арилогъэна? Нахьыжъыми шъхьэкlафэ фашlы...

– Нахьыжъ-нахьыкlэр lофым къыхахьэрэп,– пlурым игупшысэмэ Мэрчанэ ахэгущыlэ,– гъогу пхэндж зытыремыгъащ. Къэсlуагъ, гу лъыптагъэмэ, осыет къэзышlыжьыгъэмкlэ къуитlури зэфэдэ.

– Зэ, Мэрчан, зэ...– Хъан-Джэрые иджэуапынчъэ еуцуалlэрэп.

– Яшмэ ячъэрыгъа lофэр зэлъытыгъэр?

– Укъекlуалlэ, джыри нахь егупшыс.

– Сегупшысэ, ау хэкlыпlэ къэзгъотырэп,– Хъан-Джэрые хьылъэу жьы къыщи, зэрэамалынчъэр шъхьакlо щыхъоу тхыкlэ чэум зыкlэридзэжьыгъ, къыхэгубжыкlыгъ: – осыет къэзышlыжьыгъэ лlыжъэр lушэп!

– Сыда дунаим ехыжьыгъэ лlыжъым угу зыкlебгъэрэр?

– Адэ шъыда мылъкор зэфэдэу ыкъуитlу къазыкlыфимыгощыгъэр? – Къызэрэупчlэрэм нахьи гыер нахь къебэкlэу Хъан-Джэрые къыlуагъ, кlэгъумыгъухьажьыгъ: – Ахэмэ язакъоп, тэри, о уиlуагъэу, тшъхьэ зэпетэгъэкlы.

– Ыджары ащ щытэгъэух сэ зыкlэсlогъагъэр. Шыу lушым мыры зэшитlумэ къариlуагъэр: шъуишхэр зэблэшъухъухэзэ, къызэдэжъугъачъэх.

– Ахэмэ ариlуагъэр! – Гущыlэ лъапсэр Хъан-Джэрые къыубытыгъэу къыхэкуукlыгъ.– Арэу узекlомэ, зэфагъэ, зиш хъыбыери къэлъэгъот. Укъыстекlуагъ, Мэрчан. Сэщ нахьи кlэнитlуджэ унахьыбэу дэпхыгъ.

– Сыптекlуагъ, ау lушыгъэ горэ ори ащ хэпхыгъэщтын.

– Хэсхыгъ, сыгуи исыубытагъ,– раlокlыгъэр псынкlэу мэкъэ lэтыгъэкlэ Хъан-Джэрые къыушыхьатыжьыгъ, етlанэ шъэожъые шlыкlэ дэдэкlэ къэлъэlуагъ: – джыри зэ, Мэрчан, щэрыо гупшысэ тызэдегъэшlэжь, зэзакъу ныlэп. Пхьымэ, укъыстекlогъап. Сэ схьымэ, зэфэдэ тэхъужьы.

Мы слъэгъурэм ушlокlыщтэп, гукlэ щхыпцlызэ Мэрчанэ ыlуагъ. Ерышыгъэ зэрэпхэлъыр, Хъан-Джэрый, дэгъу, сигуапэ. Ащ лlыгъэрэ lушыгъэрэ голъыжьмэ, дунаим



ущыпкъыещт. Пкъые пстэуми яlоф къызэримыкlрэми тыщыгъуаз, тшъхьэкlэ lаджыри тырихьылlагъ, ау lордэгъэзэ-шъэбэ-тlэтlэим уфагъэдэн нахьи, сыдрэ къин плъэгъущтми, ар апэ къэпштэн. Уизэфагъэ къыпкlэтэу, lуагъэрэ шlагъэрэ зишlэ цlыф къыуаlоу дунаим утетынир зымыуасэ щыlэп.

– Ыджы къызгурэlо, Хъан-Джэрый, уикlэн ешlэкlэкъэхьыкlэ зыфэдэр,– егыйми, щэтхъуми умышlэнэу Мэрчанэ къыlуагъ,– укъэлъэlомэ, джыри зэ щэрыо гупшысэ тызэпихьажьын. Хьисапым урыlаза?

– Кlэн лъытакlэджэ сыцаку сlон слъэкlытэп,– Хъан-Джэрые къызlуипхъоти, шъхьэщытхъужьыгъэм рыукlытэжьэу нэмыкl макъэкlэ зыкъигъэтэрэзыжьыгъ,– ау къапlорэм елъытыгъэт сиджэуапытэр.

– Къедэlу ащыгъум. Пчъагъэу зыцlэ къеслощт пэпчъ угу иубыт, утемыгупшысыкl. Мыlэрысэ чъыг горэм шыуипшl кlэрыхьагъ: апэрэ шыум зы мыlэрысэ къыпичыгъ, ятlонэрэм – тlу, ящэнэрэм – щы, яплlэнэрэм – плlы, ятфэнэрэм – тфы, яхэнэрэм – хы, яблэнэрэм – блы, яенэрэм – и, ябгъонэрэм – бгъу, япшlэнэрэм – пшlы къыпачыгъ. Сыд, сикlал, упчlэр къыосымытызэ узфэгушlорэр?

– Тхьапша шыуипшlмэ чъыгым къыпачыгъэ мыlэрысэр пlотышъ ары! – Хъан-Джэрые зыфэlэжэжьыгъэп.

– Тэ щыпшlэра? – Мэрчанэ ыгъэшlэгъуагъ.

– Ар бэшlагъэ сэ нэнэжъ зысигъэшlэгъагъэр, хьисапэр умышlэу мылъку угъоикlэ пшlэтэп еlо.

– Тэрэзэу къыуеlо. Къет ащыгъум упчlэм джэуап.

– Зэкlэмджи мыlэрысэ шъэныкъорэ тфырэ къыпачыгъэр!

– Аферэм, ухэпчъэкъуагъэп, къытэбгъэфагъ.

– Ау, нэнэжъ иlуагъэу, зы мыlэрысэ закъуи тlуагъэфагъэп нахь,– зэгорэм зэхихыгъэгъэ сэмэркъэумкlэ Хъан-Джэрые къыухыжьыгъ, тlури, агу къадеlэу, зэрэгъэщхыгъэх.

Аталыкъымрэ пlурымрэ агу зэфэфабэу, ясэмэркъэуи ящэрыо гупшыси зэхэблагъэу зэдыщысхэми, хьырцыжъ шыухэу ыджэ къыlухьэгъагъэхэри ихьакlэмэ гъогум къащыпэгъокlыгъагъэхэри Мэрчанэ щыгъупшэхэрэп. Мыхьамэт-Джэрые иурыс тэмэтелъхэр етlанэ ахэмэ апшъэ зыхъужькlэ, игупшысэ шъэф зэпеохэр бгъэгум дэзэгъэжьхэрэп, ятэ изекlуакlэ ыпlурэ шъэожъые нэутхэм

римыпэсэу, къыпэтэджрэ щыӀэкӀэ зэхэмыфыгъэм зэрэхэзэгъэщтыр ымышӀэу ыгу фэгъу.

Зыдэдгъэзэщтыр, тызэутэкӀыщтыр зэхэфыгъуаеу дунаим тытет, Мэрчанэ ыӀуагъ. Бзыикъо заом илъэхъан тиӀашэ зыфэтӀэтыгъагъэри нэфагъэ – лӀэкъолъэш пщы-оркъмэ язекӀокӀэ-гъэпсыкӀ. Ари тпэкӀэкӀыгъэми, тыркъоу тыгумэ къатенагъ. Ем уӀумыкӀэу шӀур пшӀэщтэп зэраӀорэр шъыпкъэ. Ащ нахьи нахь шъыпкъэжь гъогунэпцэ сапэм мэкъу щеохэрэп, ер зэогъэ чъыгым пкӀашъэ къыпыкӀэжьрэп язгъэӀуагъэр. Сыдэу хьалэмэтэу тызэхэлъ адыгэхэм! ТимыӀоф зетфэу, тиӀоф нэмыкӀмэ зэрафэу, нэбгырищ тызэхахьэмэ, тызэщытхъужьэу, нэбгыритӀу тыкъызэкӀэрынэжьмэ тящэнагъэр тыубыжьэу тэпсэу. Арэу къычӀэкӀын тызыкӀыхэгъэгунчъэри, тызкӀэпачъыхьэнчъэри, хьэблэ-хьаблэу, лӀэкъо-лӀакъоу, лъэпкъ зэдемыгъаштэу тызыфызэхэтри, хымэ хэгъэгухэми тызыкӀызэтырахри... Зыгъэ Абэтэ Бэслъыныерэ сэрырэ тырку султӀаным ыдэжь тызырегъэблагъэм къызэрэтпэгъокӀыгъагъэм изакъоми, къытэхъулӀэрэр узхэгупшысыхьан закӀ. Урысыер, бжъэдыгъумэ афэдэу зыжъугъэмамырэу, шъуичӀыгу къишъумыгъахь, шъупэуцужь, шъуфэмыушъэб, зешъумыгъэгъэдел ыӀозэ, къытэубзагъ, сыдкӀэ шъо псэбэб шъукъытфэхъущт зетэӀом, тыкъыхэмыщэу ӀашэкӀэ, гупшысэкӀэ тыжъудэӀэпыӀэщт ыӀуагъ, Ӏушъэбэ шъоу бзэгукӀэ къытэӀушъэшъагъ. ЗэкӀэми анахь хьалэмэтыжьыр зиӀоф къытхэмылъыр, сышъумыӀуат, сыкъыхэшъумыгъэщ зыӀорэр тэ къытфишӀыщт адыгэ пачъыхьэм тфылъэхъу, ащ фэдэ хъун зылъэкӀыщтымкӀэ къытэупчӀы, сэщ нахь лӀыӀо адыгэ шъолъырым ибгъотэнэп АбатэмирегъаӀо, сэри ар шъхьащытхъужьыгъэкӀэ синыбджэгъу нахьыкӀэ фысегъэлъэгъу, тазфагу тырку пачъыхьэр къыдэтэгъэлъадэшъ, тэ титӀо пыи тызэфэхъу... КӀо, сыплъырыгъащэми, губжыр зыпкъ къикӀыгъэр сэрми, синахьыжьба? Сыд пае есӀуагъэри фэзгъэӀугъэри илъэс тешӀэжьыгъэу сфимыгъэгъужьра? Джары тэ, адыгэхэм, къытэхъулӀэрэр, езэрымыгъэхьым тыхэт, тапэ ишъыщтым лъэбгъу етэдзы, тӀэкӀэкӀыгъэр тфэлъэгъурэп, тшӀолъащ, тшӀонащ, тшӀоӀащ, сэ къысэлъытыгъэмэ, мо зыкӀаӀэхи агъэшэсыгъэр хэт, акъыл бгъуз, тхьамыкӀ, икӀагъ тэӀошъ, ыкӀыб тыщэӀушъашъэ, зыщебэджыщт мафэм «ох» тӀощтышъ, тешэ.



– Мэрчан,– Хъан-Джэрые къэджагъ,– тхышъхьэмджэ плъэ.

– Сэлъэгъу. Сыд, сикӀал, шыумэ укъагъэщтагъа?

– Шъыд пай? Бгым къехых.

– Ары сэри сӀорэр,– гугъуемылӀы фэдэу Мэрчанэ къыӀуагъ, ау къыпигъэхъожьыгъэ гущыӀэмэ игумэкӀ къахэщыгъ.– Уятэ зиусхьан Мыхьамэт-Джэрыемрэ Шъэое фэкъолӀымрэ сӀонти, шыуищ мэхъух. ЕтӀани ахэмэ къагъэзэжьын морад яӀагъэп.

– Мыхьамэт-Джэрые зиусхьанэр ахэтэп,– ятэ ыцӀэ къызэрэриӀорэр зэригуапэр ымакъэ къырыпшӀэу Хъан-Джэрые къыӀуагъ, къыушыхьатыжьыгъ: – ипцӀэгъоплъи ежьыри ахэслъагъорэп.

– Ара? – ГушхуагъэкӀэ ятэ ыцӀэ къызэрэриӀуагъэмкӀэ шъэожъыер ымыгъэукӀытэжьы шӀоигъоу, зэхихыгъэр шӀогъэшӀэгъонэу аталыкъыр къэупчӀэжь фэдэ зишӀи, къыгъэшъыпкъэжьыгъ.– Тэмэм, сэщ нахьи о унэхэр нахь чаных, дэгъоу гу лъыптагъ. Хэт шъуӀуа ахэр?

– ШыуитӀумэ агузэгу дэтэр – Абэтэ Бэслъыный.

– Ащ фэдэ хъун ылъэкӀыщтэп, Хъан-Джэрый! – Мэрчанэ теубытэгъэ пытэкӀэ къыӀуагъэми, зэхихыгъэр зэригуапэр игыие ушъхьагъу къыӀотагъ.– Абэтэ Бэслъыные тичэу цэпкъ къырекӀокӀы пакӀошъ, тичылэ ылъапэ къыздимыдзагъэр илъэсым къехъужьыгъ, тегъэхьарамы. А зыцӀэ къепӀуагъэр арымэ, сикӀал, тэ тикъэлапчъэ блэкӀэу ар зыӀухьащтыр... Икъунба, бэйтэмал, кӀыбфэгъазэ лӀитӀум зэрэзэфытиӀагъэр...

## VI

Гъэмэфэ плъырым ыгъэбэлэрэгъыгъэгъэ пщы щагу игъэкӀотыгъэр тыгъэ егъэзыхыгъомэ адэжь ылъэ къытеуцожьэу регъажьэ. Ащ изыкъэшӀэжьын джыри сыхьатыкъо горэ иӀэжьми, сыдигъуи зэришӀ хабзэу ар Къэнтат гуащэм къеукъо. Джэхэшъо чъыӀэтагъэм тедзэгъэ пӀуаблэм телъ Къэнтатэ пӀалъэ фэхъугъэ уахътэм блэмыкӀэу ынапӀэ къыщызэтырехы. Заулэрэ жьыф пӀокӀэ псынкӀэмкӀэ жьы зыфеожьышъ, жьы чъыӀэтагъэр ынэгу зыригъачъэкӀэ, дыси, дауи зыхэмылъ гущыӀэкӀэ джэхэшъогутет пшъашъэм унэм фычӀэджыкӀы:

– А Сисур, шъхьаныгъупчъэещалӀэр къыӀух, тыгъэпс тӀэкӀуи къытӀугъаф.

ШъхьаныгъупчъэещалӀэр Сисурэ къызыӀуихыкӀэ, гъоплъэ къумгъан-лэджэн зэпэшӀэтыжьхэр къыфычӀехьэх. Зэлъэгъэ закъуи зимыӀэ нэгу къопцӀэ од пытэр псым зыригъэучъыӀэтагъэкӀэ, сыдигъуи джа къызэреупчӀы хабзэмкӀэ къеупчӀы:

– Пщы щагор мамырба, Сисур?

– Мамыр, рэхьат,– фэсакъыпэзэ, шъхьац пӀуакӀэр фезыжьыхырэ пшъэшъэ Ӏэпс-лъэпсым джэуап къетыжьы.

– Чылэр, дунаер?

– Чылэри мамыр, дунаери шъабэ.

– Шъыд пӀуагъэми, Сисур, тхьэм ишыкурджэ Ӏо. Ащ ишӀушӀэ зыщымыгъэгъупш.

– Ары, тхьэм ишыкурджэ, чылэри мамыр, дунаери шъабэ,– Сисурэ къыӀогъагъэр къыкӀеӀотыкӀыжьы.

– Адэ ары, Сисур, тэ Тхьэм тыриӀумэт, тэрджэ ащ ишӀушӀэ ины, шӀу зыгу илъым шӀу къыпыщылъ языгъэӀуагъэри джа Алахьэшкор ары. Джы сшъхьац блэгъэ макӀи сшъхьэпхэтыку къеутӀэрэхъэкӀыжьи амдэз сштэни, зынэшӀу къытщыфэн Алахьэшком ыпашъхьэ сиуцон, сыфэшӀушӀэн. Тхьэуегъэпсэу, Сисур, пӀэ къысэкӀу, сыпфэраз. МэкъумэщышӀэ унагъо укъихъуахьыгъэми пшӀэнэп, уӀушъаб, ушӀыкӀашӀу, уӀэпкӀэ-лъапкӀ, тхьэетагъ зыпашъхьэ уихьатым, унагъо зыфэпшӀэтми.

– Тхьауегъэпсэу, гощэнан, сыкъызэрэзэхэпшӀыкӀырэмджэ,– пкъы ищыгъэ псыгъуабзэкӀэ зезыуфэхи къумгъан-лэджэныр Ӏузыхыжьырэ Сисурэ ынэгушъхьэ къэушэплъыгъ,– къыстемыфэрэ гущаӀэмэ сагъэукӀытэ.

– УзэрэукӀытэрэр сигуапэ, ау къыптемыфэри къыуасӀорэп, Сисур,– джэхэшъогутет пшъашъэр унапчъэм зэрэдэкӀыгъэм лъыпытэу Къэнтатэ ыгу къызэхахьэу кӀэлъиӀуагъ,– шъао горэ сиӀагъэмэ, сынасыпынчъэшъ сиӀэп, пщы-оркъмэ къысаӀотым сыпымылъэу къыплъызгъэӀэбэни... Ау, къысэдэӀутми къысэмыдэӀутми, Шъэуае о бблэзгъэӀэбыкӀынэп, зыгорэджэ ар сфимышӀэмэ, ыджа мафэм щегъэжьагъэу сшӀэрэп, къэсшӀэжьрэп.

Сисурэ унэ лъэгуцэ хэӀэтыкӀыгъэм къызтехьэм, ыӀуагъэр къыгъэшъыпкъэжьэу пщы щагу хъоо-пщаур мамырыгъ. АдыкӀэ, хатэмкӀэ дзыгъэ къакъыр кӀыхьэ урам пэӀутымкӀэ фэкъолӀ зыщыплӀ щэӀэо-лъао: зыр куплӀэ Ӏэтыгъэм кӀэрыс, адырэр шъхьащыт, нэмыкӀым мэкъу хьандзом ылъапсэ реугъоилӀэ. Къакъыр къопэ чыжьэм пэӀут кӀыщымкӀэ отэ тео макъэ къеӀукӀы, пхъэшӀомыкӀ Ӏугъор плъэгъуумылъэгъоу шъхьэрэкӀошъыкӀы. Пщы унэм пэӀухыгъэ фэкъолӀ шъхьэзэкъо гъолъыжьыпӀэм къыщежьэрэ натрыф хьасэм шхъонтӀэрымэр тырехы, ечэндыпэ жьы шъэбэ макӀэм атхьапэхэр зэлъегъэсысых. Чылэр мамырми, гъунэгъу хьэблэ лъэныкъомкӀи къушъхьэмкӀэ ӀукӀотыгъэ чылапшъэмкӀи шъэожъые зэрэгъэджэгу макъэхэм зыкъыщаӀэты. Чэм Ӏэхъогъумэ якъэкӀожьыгъо кӀэхъопсрэ шкӀэмэ ябыу зэпэджэжь зырызхэри зэхэохы. Шъэф-нафэкӀэ дунаим щызэхэт къушъхьэхэри шыгуф-нэгуф мэкъэнчъэхэу хы ШӀуцӀэ лъэныкъомкӀэ къыщэлъагъох, пщэф гъощэгъэ нэгъыфхэри зезгъэзыхыгъэ тыгъэм иягъэ рамыгъэкӀэу ошъогум итых.

Пкъэумэ арыщыгъэ гъучӀымэ адэчъэегъэ сэнэшъхьэ къутамэхэу пчъэӀупэр зэлъызыӀыгъмэ тыгъэпсыр хьалъэгухьалъэгоу къахэщы, чэу кӀыбым къыкӀэрыт тетӀысхьапӀэми ар жьауӀыгъыпӀэу шъхьэщэхьэ.

Джыри зэ Сисурэ иӀофшӀагъэ игуапэу къыплъыхьажьыгъ: сэнэшъхьэ Ӏэтыгъэ чӀэгъыр къэбзэ-лъабз, чъыӀэтагъэр къызтекӀырэ пчъэӀупэр къумгъаныпс хъырахъишъэкӀэ гъэкӀэрэкӀагъэ. Мэзэ зытӀукӀэ ӀэшӀупсыр къызэрыхъощт сэнэшъхьэ Ӏэрам къежьэгъакӀэхэр джырэкӀэ къутэмэ псыгъомэ къяхьылъэкӀырэп. Ахэмэ ягъо къэхъоу къызыхьылъэхэрэм, Шъэуае кӀишӀэщтых, ыгъэпытэщтых, Сисурэ ыгукӀэ ыӀуагъ. Сыд шъуӀуа Шъэуаедыхэм якъэбар? Мыхьамэт-Джэрые зиусхьаным фэмыразэу, ыгу филъыр фырихынэу ыӀозэ, гъогу дытехьагъ. ИшъыпкъапӀэ узщымыгъозэ къэбарым утегущыӀэмэ, гухэкӀ-гузабгъэ хэпхыщт, къыпфэдэгъу зиусхьаныр пшӀокӀодын есӀуагъ, къысэдэӀущтмэ сшӀэрэп нахь. Пшъхьэ ифедэ хэмылъэу щымыӀэжь адыгагъэм зебгъэгъэлӀэжьэу, нэмыкӀмэ афэмышӀагъэр о зэбгъэфэнэу узежьэкӀэ, емыкӀу нэмыкӀ хэпхынэп. Зиусхьанмэ яфедэ зыхэмылъ лъэбэкъу адзырэп. Дэеу, зэфэнчъэу, тхьагъэпцӀыгъэкӀэ тызиӀофышӀэхэр къыддэзекӀохэкӀэ арэп мы сӀохэрэр сыгу къизгъахьэхэрэр. СицыкӀугъом щегъэжьагъэу, ощ фэдэу, сэри яджэхэшъогу сытетышъ, нибжьи сыгу хагъэкӀыгъэу, къыстемыфэрэ мыӀуапхъэ къысаӀуагъэу къэсшӀэжьрэп. Орышъы, укъилъ-

фыгъэм фэдэу, узимылъэгъурэм къыпфэзэщэу Къэнтат гуащэр къыпшъхьащыт. Мары шъуздэкӀыгъэр мэфищ нахь мыхъугъэми, хэгъуашъхьэм шъуимыкӀызэ, уигугъу ышыныр къыбдиублагъ, ышнахьыжъ икъо нахьи о нахьышӀу уилъэгъоу загъорэ къысщэхъу...

– Шъыд, Сисур, пшӀагъэм ущэгушӀукӀыжьы, ара? – ЫкӀыбкӀэ къыкъокӀыгъэ Бычэ гуащэр, Хъан-Джэрые янэ, инэгушӀуагъэ гур къыгъэчэфэу, къеупчӀыгъ, гум имылъ Ӏупэтелъэтэу къыщытхъугъ.– Къумгъаныпсэр хъырахъишъэ дахэджэ чӀыгум ебгъэштагъ. Гощэшком узфигъэсэгъэ хэдыкӀыным узэрэфэӀазэр къэбгъэшъыпкъэжьыгъ.

– О уишӀушӀагъи ащ хэлъ,– зэхихыгъэр зэригуапэр ынэгу къэушэплъыгъэмэ къаушыхьатэу, ежь къыфишӀагъэри зэрэмыпкӀэнчъэр къыхигъэщэу Сисурэ джэуап къытыжьыгъ.

– Шъыд сэ ащ сыкъызэрэхахьэрэр, Сисур? Сэ унагъо сыкъызехьэм, Хъан-Джэрые джы зэрыт ныбжьым, сымыгъуащэмэ, нахьыбэгъэнэп, пшъэшъэжъые такъырэу, хэдыкӀыным уфэӀазэу тиджэхэшъогу узытеслъэгъогъагъэр.

– Угъоцагъэп, Быч,– шъэожъыем ыцӀэ зызэхехым, хэдыкӀын гугъури щыгъупшэжьыгъэу Сисурэ къыӀуагъ,– Хъан-Джэрые нахьи илъэс пшӀыкӀутӀуджэ сынахьыжъ сэ. Зэ зиусхьаным къыгъэзэжьыгъэмэ, ти Хъан дышъэ цӀыкӀу икъэбар тыщигъэгъозэтгъагъэ, бэмышӀэми тадэжь къызащэгъагъэр, тыфэзэщыгъ...

– Е-о-ой, шъэожъыемэ яӀэшӀугъэ тымышӀэу химэ цӀыфмэ ятэгъэпӀу. Адэ Хъани, Сахьиди зыщыпӀурхэм дунаер ячыжьагъ,– ным ыгу дэхъыкӀрэр ыжэ къыдэлъэтыгъ.

– СшӀэрэп аталыкъым адыгэмэ къырагъэкӀрэр! – Сисури къыӀуагъ.

– Гощэшком зэхебгъэхыкъон,– Бычэ псынкӀэу зэплъэкӀыгъ,– къыпфидэтэп.– ЕтӀанэ гум дэлъыр зэкӀэ къыдыригъэтэкъоу къеӀушъэшъагъ.– Гощэшкор ары мыхъугъэмэ, Мыхьамэт-Джэрые бэшӀагъэ Хъан цӀыкӀор къызищэжьытгъагъэр. Илъэси къытфэгъэтыжьын Ӏоу сшӀэрэп...– Бычэ унапчъэмкӀэ плъагъэ: – Модэ, Сисур, къэлэпчъэжъые тетӀысхьапӀэм сапэр телъэкӀыкӀ, гощэшкор унэм къикӀы шӀоигъу, тыгъэри ащ фэдэу гоожьэп.

Тыжьын хъырахъишъэкӀэ пкӀэгъэ бэщ дахэр ыӀыгъэу, джэхэшъогум нигъэс-нимыгъэсышъоу, Къэнтат гощэшхор унэм къикӀи, лъэгуцым къытехьагъ, пкъы зандэм фэсакъыпэу, мыгузажъоу нысэм дэжь къызӀохьэм, еупчӀыгъ:

– ТетӀысхьапӀэр сфалъэкӀыгъа, нысэ?

– Ары, гощэшку. Тыгъэри шъабэ, гоожьэп.

– Пчыхьэшъхьэпэ шӀагъом зыхэзгъэнынэп сӀуи, сэри унэм сыкъикӀыгъ. Модэ, Сисур, сижьыф къолэн къысфахь, къысщыгъупшагъ, огу зыхэлъыр ары. ГъукӀэм итеуи щежъугъэгъэт, икъун непэрэзымафэм Ӏоф зэришӀагъэр, пчыхьэшъхьэпэ хъарзынэм тиудэгут. Ох-ох, пчыхьэпэ шӀагъу. Мафэрэ шъхьаныгъупчъэ зэтегъэпытахьыгъэмджэ унэм зитэшӀахьыжьышъ, жьы пси къытӀумыхьэу зитэгъэлӀахьыжьы. Жьыфыр къэозгъахьыгъ шъхьамджэ, Сисур, пчыхьэпэ жьы макӀэм нахь тхъагъо шъыд щыӀэн! Пшызэ ичъыӀэгъакӀэ етӀысэхыжьрэ тыгъэм инэбзыймэ атекӀо. Укъысшъхьащымытэу ори къэтӀыс, Сисур, зыкъыздэгъатхъ. НыбжьыкӀэгъум щыптхъырэр ары егъэшӀэрэ куцӀы пфэхъутыр. Шъыд сэ джы зысэхъатхъэджэ ишӀогъэжьыр? Сятэрэ сянэрэ сеӀэфэджэ сытхъагъ. Мыхьамэт-Джэрые зиусхьан гуӀэлэжь тхьамыкӀэм селӀылӀэу сӀорэп, сижъышъхьэ сегупсэфылӀагъ, шъхьэгъусэу ыгъотыжьыгъэ Бычи сыфэраз, Алахь зизакъом насыпышӀо зэдешӀых, азыфагу къыдэхъогъэ къо цӀыкӀуищри къегъэхъух, лӀы ешӀых, лӀэкъо бэгъуагъэ егъэхъух. Сызхэмызагъэтгъэр, Ӏорэ шӀэрэ зыдэсымыгъотыгъэр Къырым-Джэрые кӀэлэхъу нахьыжъым янэу илъэс заулэ нахь къытхэмысыгъэр ары. Джы къызнэсыгъэми тегъэмысэ. Шъыд тӀуагъэми, тшӀагъэми, нэ-псэ зыфэтшӀыгъэми, Къырым-Джэрые тхищыжьын ылъэкӀыгъ, гъэ къэси икъытхахьэ зэпигъэузэ, шъэохъур ткӀэригъэкӀотыныр фызэшӀокӀыгъ.

Къэнтат гощэшхом сыдэу непэ имыхэбзахэу ыбзэ къытӀэтагъа, Сисурэ ыӀуагъ. Бычэ елъытыгъэмэ, а зигугъу къышӀыгъэ бзылъфыгъэр, ыцӀэ къесӀонэуи сыфаеп, ежь ышъхьэ нэмыкӀ ымылъытэу, уасэ фимышӀэу бзылъфыгъэ пэгагъ, ебгагъ. СэркӀи, фэкъолӀхэмкӀи, хэткӀи гукӀэгъунчъагъ, бзэджагъэ, тэры пакӀошъ, лӀыри къызэрэримыдзэщтыгъэр ишъорышӀыгъэ къыхэпӀыикӀыщтыгъэ. Гъунджэм кӀэрыс зэпытэу, ынапцэхэр кӀичхэмэ ыупэпцӀыхьэхэу, сӀэ ышъхьац хысимыгъэхэу, сигъаблэмэ сигъэтӀэтэжьэу мэфэ псаур ыгъакӀощтыгъэ. ЕтӀани кӀыб Ӏотыным, тэрэзэу укъытеӀагъэп, бгъэузыгъэ ыӀозэ, сыригъэгъалӀэщтыгъэ, тхьапшрэ ащ пае стхыцӀашъо риутыгъ, къысэпӀэскӀугъ. Ау зыфыри-

мыкъущтыгъэр Къэнтат гощэнанэр ары, сыдэу зишIыгъэкIи жьы къыригъащэщтыгъэп, мылъку хъущэ аIихыгъ нахь мышIэми, зыми къымыгъэуцоу ытыщ аригъэщэжьыгъ. Ащ пае мы ныор сыд ицIыф гъэпсыкIэми, раригъэщыжьыгъэм нахь бзылъфыгъэ бзаджэп, шIу сэлъэгъу, къыстефэуи къыстемыфэуи зыфэныкъор зэкIэ фэсэшIэ.

– Шъыд, Сисур, къэсIуатэрэр уиджагъуа, зи къапIорэпи? – ИгукъэкIыжьмэ зидэкIогъу хъугъэ пшъашъэр шIукIи, екIи къазэрэхэмыгущыIэрэр шIогъэшIэгъонэу, зыфихьыни ымышIэу Къэнтатэ къэупчIагъ.– Ори упшъэшъэжъые цIыкIоу уIэкIафи, IэшIу уигъэшкыгъэп ащ.– ШIуагъэу зыфилъэгъужьрэм етIанэ ыгъэнэгушIоу къыухыжьыгъ: – Шъуинасыпти зэкIэми къотэгъоу шъусиIагъ. Нысэ бзаджэр гощэ гъэудж языгъэIуагъэр шъыд? Нысэ мыхъутэр жэнтIачъэ мэхъу, машIо мыхъутэр ышъхьэ щэлыды. Тинасыпти, а мыгъэсэ шъхьэзандэр зышъхьащыдгъэужьыгъ, лIакъор, фэкъолIхэри зэрахэтыжьэу, зэунэхъулIэн, лIы гъончэджрэ лIы паIорэ зэппэсын бзылъфыгъи ар! Алахьэм Къырым-Джэрые игонахь къысемыгъахь, зэрифэшъуашэу янэ тытегущыIэми, а насыпынчъэр тэ тхьыжьын, тлъы хэлъ, титеплъэ щикIуахьыгъэп, тлъэкъуацIэрэ титамыгъэрэ ехьы.

– Шъыд пае къапIорэр сиджэгъон, гощэнан. Къыхэзгъэхъон Iаджи сэшIэ, ау сисабыигъо къин сэзгъэлъэгъугъэр сыгу къэзгъэкIыжьынэу сыфаепышъ ары, къысфэгъэгъу.

– Ары гущ, къызгурэIо, сипшъашъ.

Илъэсибл-илъэсий горэ зыныбжьын шъэожьые псынкIэ цIыкIур чышым тесэу щагум къыдэлъэтыгъ. БзылъфыгъитIум къапымылъэу Iэгушъор натIэм Iуилъхьи, къохьажьрэ тыгъэм къыгъэушэплъырэ къушъхьэ шыгу зэбгъурытхэмкIэ плъагъэ, чышым елъэдэкъауи, зыкъыдырыгъэдзыезэ, кIиIагъ.

– Модэ мощ зызэришIрэр,– Къэнтатэ ыIуагъ, кIэлъыджагъ: – эй, Адыл-Джэрый, тэ уечъэжьагъ?

– Нэнэжъ укъыскIэлъымыдж, зекIо сежьагъ сэ!

– Уздежьагъэр къысаIу. Уятэ зыдежьэтым сыщимыгъэгъуазэу шэсырэп.

– Пшызэ сызэпырысыкIыт, къэзэкъмэ сахэхьат.

– Ори а лъэныкъом оплъа, кIэлэхъу бетэмал,– джы сэмэркъэунчъэу Къэнтатэ къыIуагъ,– къэгъаз джыдэдэм! Мыдэ, IэшIу горэ къыостыт сэ.

ТхылъыпIэ дахэм кIоцIылъ Iэшlур зыратым, шъэожъыер щагум дэлъэдэжьыгъ.

– Мыри аталыкъ горэм егъэпIугъэн фае,– тIэкIу тешIагъэу Къэнтатэ къыIуагъ,– армырмэ шъхьарытIупщ мыгъасэ тIэкIэхъуахьыт.

– Хъан-Джэрый, Сахьид-Джэрыий тафэлIэжьыгъэу аталыкъмэ апIу,– Сисурэ зыгъэгумэкIрэр къымыIон ылъэкIыгъэп,– Адыл-Джэрыий пIурым зеттырэм... СшIэрэп ащыгъум...

– Шъыд, Сисур, ори къысэдыргъхэрэмэ уагота? Бычи, Мыхьамэт-Джэрыий, фэкъолIхэри шъузыфаер сэшIэ сэ. ШъуешIушIэнэу, шъуедэхэшIэнэу, шъугу жьы дэжъугъэкIынэу шъуфаемэ, тучанмэ нысхъапэ ащащэшъ, къэшъущэф е шъор-шъорэу шъуды. ПаIо зыщыгъ шъэожъыий, шъхьатехъо зытехъогъэ пшъэшъэжъыий, пщы-оркъмэ ясабыйхэр ары зыфасIорэр, ежь-ежьырэу шкэнрэ ышъхьэ ыIыгъыжьынрэ зыщилъэкIытым, ны-ты IэшIу бзэгум акIэрычыгъэу адыгэ шэн пытэджэ, фэгъэкIотэ-къыфэгъэкIотэжь щымыIэу, аталыкъ унагъомэ апIумэ, цIыф шъыпкъэ хъутых. КIэлэхъухэмджэ ащ Iо хэлъыжьэп. Сэ къысэдэIунхэу сшIагъэехэмэ, сашъхьамысэу пшъэшъэжъыехэри язгъэпIутыгъэх. Ары шъхьае джырэ ныхэр, тыхэр апхъухэмджэ махэх. Тэ ыджары адыгэ шэн-хабзэм тызэрэфагъэсагъэр, тыкъэзылъфыгъэхэр къытшъхьащымытыгъэ пае зыми тихьыгъэп, тишкыгъэп.

– Ары шъхьаджэ, нымрэ тымрэ сабыир кIэрыпчымэ...

– Зи къяхъулIэтэп,– Къэнтат гощэшхом Сисурэ къызэпиутыгъ,– чэм лъакъо шкIэ ыукIырэп зэраIоу, нахьышIухэ уалъэгъут. Адыл-Джэрые тыIубзэбзыхьэзэ, тIорэр хэмыхьажьэу дгъэсэхъуджагъэ, сеплъытыгъ шъхьэпэежъ цIыкIум аталыкъ пашъхьэм зызэрэщишIытыгъэм.

– Аталыкъыр рагъэпIурэ сабыим фэнэхэена?

– ПIурыр мыдаIомэ, бзаджэмэ шъыд пае фэмынэхэен? Ышъхьашъуи риутын, ыпхэкIи кIиутын. Ащ зи фэIуагъэп. Сиаталыкъыгъэ Щамсэт тхьамыкIэри, Алахьэм шIу щешI зыдигъэзэжьыгъэм, ныо шIэгъуагъ, игукIэгъуи, ипхъэшагъи, изэфагъи зэголъыгъэ, сихэдыкIын сыфэмысакъэу дышъэ Iуданэр IонтIэ-щантIэу тхыпхъэм тесщэ хъумэ, сIэмэ мызэу-мытIоу къяоу, сшъхьи къетIыргоу къыхэкIыгъ. Ащ пае, мары сызэрэплъэгъу, Iащи шъхьащи сыхъугъэп.

– Ары шъхьае ныIэмрэ хымаIэмрэ зэфэдэп,– Сисури уцурэп.

– Ары гущ, къызгурэIо, Сисур, къызгурэIо къапIо пшIоигъор. Упшъэшъэжъыезэ, нысэ бзаджэм пкIэхихыгъэр щыгъупшэжьыгъуай... Ары гущ, шъэожъыемэ уатенэгуикIы, о угу ахэмэ афэмыгъумэ, хэт фэгъун, пшы цIыкIухэу тиджэхэшъогу къыбдытетэджагъэх. А узэнэгуерэм, сипшъашъ, Iофыр нэсынэп, сикIэлэхъумэ къамылэжьыгъэу Iапэджэ анэсыгъэхэу сэрэшIи, зыми фэсыдэнэп, ащджэ уицахь къыстегъэлъ. Зыгу шIу къытфимылъ дгъэаталыкърэп тэ... А Сисур, къысфэгъэгъу, уянэрэ уятэрэ къэошIэжьха?

– Шъощ нэмыкI нырэ тырэ сиIагъэу къэсшIэжьрэп,– Сисурэ ышъо къызэокIэу хэщэтыкIыгъ.

– Ары гущ, уянэрэ уятэрэ тэ къыщыпшIэжьын... Ахэр Пшызэ зыхафэхэм усабый быдзэшъуагъ. КъызэраIотэжьыгъэмджэ, къуашъор къызэушъорэкIым уянэ къошъо ушъорэкIыгъэм укъытыридзэгъагъэу ары... Ыджащ щегъэжьагъэу укъытхэс, сипшъашъ. Уятэрэ уянэрэ чыжьэу укъырахытыгъэджэ сенэгуе, ацIи, ялIакъуи, о пцIи тымышIэу дунаим ехыжьыгъэх. Тиунэ укъызырахьэм, шъуиIахьылмэ ащыщ горэ къыкъокIынба тIозэ, бэрэ тапэплъагъ шъхьаджэ, ащ фэдэ зэмыхъум, Сисурэджэ тыоджагъ. Утипшъашъ ыджи, утипIур ыджи, арэу хъунэу Тхьэм ыухыгъагъэу къычIэкIын.

– Тхьэшъуегъэпсэу, Тхьэр разэ къышъуфэхъу, къысфэшъушIагъэр нибжьи сщыгъупшэнэп...– Сисурэ ыгу къызэхахьи, ынэмэ акIэбэнэжьыгъ.

– А Сисур, а сипшъашъ, умыгъ, ар къысэкIутэп сэ... Адэ шъыдэу пшын, оуитIур оуищ ыIозэ, цIыф цIыкIур, орэбай, орэтхьамыкI, дунаим тет. Ыджары тяти тяни аIотыгъэр. ШIукIи екIи гукъэкIыжь зимыIэ цIыфыр дунаим тетыгъэджэ ерэмылъыт. Шъыд икъиныгъэми, игушIуагъоми, игукъэкIыжь ыбгъэ дерэмыгъэшъухь, зыфиIотэн ымыгъотмэ, шъхьантэм кIэрэрэтIысхьэри рерэIуат... Модэ, Сисур, плъэ, Мыхьамэт-Джэрыедхэр арба мо къэкIожьыхэрэр? КIо, нысэм макъэ егъэIу. Гъогум къытекIыжьыгъэхэм ялэджэныпси, яIани къяжъугъэгъэхьазыр. ШIэхэу къагъэзэжьыгъ, нычхьапи, неущи сяжагъэп.



Къэнтат гощэшхор тэджи, пкъы зэндэ одыр ымыгъэсысэу лъэбэкъу зытIущкIэ шыумэ апэгъокIыгъ, тыжьын бэщ дахэу ыпэкIэ ригъэуцуагъэм ыIитIу телъэу мыблэгъэ дэдэу ыпашъхьэ къыщепсыхыгъэмэ ариIуагъ:

– Фэсыжьапщи, Мыхьамэт-Джэрый. Шъукъеблэгъэжь. Шъыд Шапсыгъэ щыкъэбар? – Джэуапым пымылъэу, ежь зыгъэгумэкIырэмкIэ, ятэ ыкъокIэ укIытапIэ римыгъафэ шIоигъоу Шъэуае еупчIыгъ: – Хъан-Джэрые къэшъулъэгъугъэба, Шъэуай?

– Къэтымылъэгъу мэхъуа, къэтлъэгъугъ, дгъэгушIуагъэ, ежьыри тигъэгушIуагъ, къыпкIэупчIагъ, исэлами къыпфытигъахьыжьыгъ, пщы щагумджи къызыкIэмыупчIагъэ къыгъэнагъэп.

– Адэ ары, къыскIэупчIэн. Ипсауныгъэджэ шъыдэу щыт, одэп ныIа?

– Ащ фэдэ Iоф щыIэп,– Мыхьамэт-Джэрые пшъыгъэ нэгукIэ щхыпцIыгъэ, ащ нахьрэ гумэкI тимыIагъот гукIи ыIуагъ.

## VII

Пщы унагъомкIэ джыри жьыгъэ нахь мышIэми, Мыхьамэт-Джэрые ымакъэ Къэнтат гощэшхор унэм рищыгъ. ГумэкIыгъо мэкъагъэп, ау етIани аужрэ илъэс зытIум щыIэныгъэм къыхилъхьэгъэ сакъыныгъэм, хэт ышIэрэ тхьамыкIагъор къызщыкъоущт лъэныкъор, ар римыгъэшIэн ылъэкIыгъэп.

Унэ лъэгуцэ кIыхьэм Къэнтат гощэшхор къызытехьэм, къэлэпчъэжьыем пэмычыжьэ шышIоIум Iут онэш закъоу Мыхьамэт-Джэрыерэ Шъэуаерэ зыкIэрытыр ылъэгъугъ. Лъэрыгъым зылъэпэ сэмэгу изыгъэуцогъэ пщым лъыджэныр къыримыгъэкIоу тыжьын бэщыр, сыдигъуи зэришI хабзэу, ыпэкIэ ригъэуцуи, ыIэ одитIу телъэу лъыплъагъ, паIо зыщыгъэитIумэ яз гу къылъатэнба, яжагъ. Ау Мыхьамэт-Джэрые имышэн шъхьэзэкъо шэсыр зыфихьын ымышIэу, Шъэуае ионэш зыфиплъыхьагъ – шышIоIуми фэкъолIышхэр зыщаIыгъ къакъырми аIуилъэгъуагъэп.

Сисурэ закъу къэлапчъэм Iухъухьэрэр зылъэгъоу, зи къызхэзымыгъэщэу, адырэ щагу къуапэмкIэ гыкIыгъэхэр кIэпсэжъыем пызылъэщтыгъэр.

Мыхьамэт-Джэрые онэгум зегупсафэм, къыIуагъ:

– Моу чIыпIэ горэм сынэсыт, бэрэ сыкъэтытэп.

Къэнтатэ къэгумэкIыгъ, хэпскэуIукIыгъ.

– Ора, Къэнтат? – Мыхьамэт-Джэрые къепсыхын гухэлъэу шыр къызэтыригъэуцуагъ.– Олахьэ унэм укъикIыгъ Iоу сымышIагъэ.

– Бащэ, Мыхьамэт-Джэрый. Уздежьагъэм кIо, къэмыгъэзэжь.

– Шъыдэу ущыт, Къэнтат? Нычэпэ угумэкIыгъэджэ енэгуягъо.

– Ар дэдэр сфэIонэп. Умакъэ зэхэсхыгъэти, унэм сыкъикIыгъ,– зэпыугъо тыримыгъашIэу гые шъэбэ кIэкIыкIэ къыухыжьыгъ: – угъусэнчъэу узфэшэсыгъэм нахь сегъэгумэкIы.

– Чыжьэп. Тыгъургъой сыблэкIытэп. Онэш дэгъу горэ щащэ аIуагъэшъ, зыIэкIэзгъэкIы сшIоигъоп,– зыдежьагъэм ишъыпкъапIэ фэкъолIми, ятэшыпхъуми ышъхьэ афырихыгъэп, ушъхьагъукIэ псынкIэу къыухыжьыгъ: – шэри тезгъэкIуахьын, шъхьэзэкъо гупшысэджэ сиIоф гори зэхэсфын.

Мыхьамэт-Джэрые урам къэгъэзэгъум зыкъуахьэм, лъэгуцэ ехыпIэмкIэ Къэнтатэ къежьагъ, Шъэуайй псынкIэу гощэнанэм IэпыIэгъу фэхъунэу пэгъокIыгъ. Лъэоянэ шъомбгъо пашъхьэм Къэнтат гощэшхор къыщызэтеуцуагъ, дысыгъэ хэмылъэу, шъэбагъэр къебэкIэу къыIуагъ:

– Бащэ, Шъэуай, бащэ, сымыгъэгузажъу. СкIуачIэджэ, тхьэм Iомэ, джыри сызщэгугъыжьы. Е-е, Шъэуай, Iоф мышIэгъэ Iаджи сэ джыри къыспыщылъ. Мыхьамэт-Джэрые игъогупэ, ыуж ситми, сыдытеты сшIоигъу, ишъэожъыемэ ащыщ горэм ихъяр сыхэплъэжьмэ сигопэт, плIыри армэ нахьышIужь. Ори, Шъэуай, тэрджэ ухымэп, утикIал, тигушIуагъуи, тинэшхъэигъуи къыддэбгощызэ, лIы укъытхэхъуахьыгъ. Уинасып къэкIогъуи, къызгурэIо, блэкIы. О макъэ къызэрэбгъэIу, тэ тыхьазыр. Модэ, нэфмышъэу къэлапчъэм дэжь тыIутIысхьанэп, унэм пхъэнтIэкIуитIу къырягъэхи, жьым тIэкIу тыхэсын. А Сисур, зэхэоха, пхъэнтIэкIуитIу унэм къытфих.

Сисурэ пхъэнтIэкIуитIур унэм къызырехым, Къэнтат гощэшхом Шъэуае фидзыгъ:

– Шъыд узфыщытэр, пшъэшъэжъыем ихьылъэ къыIых.– ПхъэнтIэкIухэр къызIахыгъэ Сисурэу пкъы псыгъор Iузыхыжьрэм Къэнтат гощэшхор кIэлъыджагъ: – А сипшъашъ, цы шъхьэтехъошхор къысфахьи, слъэгуанджэмэ къатехъу, бэлахьэ зытемыфэнмэ гъэмафи, кIымафи чъыIэшхор ахэлъ. Адэ жъы хъурэр хыныгъоми чъыIэ малIэ языгъэIуагъэр шъыд? – Къэнтат гощэшхор къэупчIи, хэщэтыкIыгъ, ежь зыфихьыжьыгъ.– Сэ сфэдэ горэу къычIэкIын. Къэмыlу, Шъэуай, къэмыIу, сыгу къыдэпщае пшIоигъу шъхьаджэ, зыми емыупчIыжьырэ жъыгъом, шъыдэу пшIын, уеуцолIэт. Жъырэ къэпыжъ машIорэ зэфэдэ. Зэхэпхыгъа ащ фэдэ гущыIэжъ?

– Зэхэсхыгъэ. Ау жъы зимыIэм кIэ иIэп.

– Жъым ыкIапэ кIэм ынап къапIо пшIоигъощтын, Шъэуай?

– Нахьыжъ намыс, нахьыкIэ насып гущыIэжъри ащ къыбгъодэкIыгъэщтын.

– Ухэукъорэп. Тхьэ сэIо сыгу жьы дэбгъэкIыгъэджэ, Шъэуай. Хъан цIыкIури сигуапэу сыгу къэбгъэкIыжьыгъ. Я си Алахь, а цIыкIум гущыIэжъхэр, IурыIупчъэхэр, къоджэхь-къоджэшкыхэр зэрикIасэхэр. Илъэсищым итыгъ сIохэрэр къыкIиIотыкIыжьхэу зырегъажьэм. Ярэби, Мэрчан аталыкъым селъэIугъагъ, ар щигъэгъупшэрэпщтын… Арэу хъумэ, сыгу къеот. УкъызхэкIыгъэ лъэпкъым ыбзэ, ищэрыуабзэ, игупшысэ, игухэлъышIуи, игумэкIи лъапсэ пфэмыхъумэ, уидунай гъозэгъуае пфэхъут. ПIурыпIэм щыIэ шъэожъыехэмджэ джащ сегъэгумэкIы. Хъан-Джэрый нэмыIэмэ, ыджар имэхэпIэт.

– Мэрчан аталыкъым уицахь тегъэлъ, Къэнтат,– Шъэуае гукIэ щхыпцIызэ къыIуагъ,– ори ущыгъуаз, ащ иящэнэрэ гущыIэ пэпчъы адыгэ гущыIэжъджэ еухыжьы. Ар гумэкIыгъоп, ащ нахь гумэкIыгъо Алахьэм къытферэмыхь,– ошIэ-дэмышIэкIэ азыфагу къыдэтэджэгъэ гущыIэм кIэух къыфишIыжьзэ, ежь гукIэ зэриIожьыгъ, зэрэхъурэмкIэ, хъырцыжъ шыумэ мыщ хэшIыкI афыриIэп, Мыхьамэт-Джэрые ыушъэфыгъ.

– Шъыд, Шъэуай, ар озгъэIорэр, гумэкIыгъо къытфэзыхьын щыIа? – Къэнтатэ итыжьын бэщышъхьэ ыIэ одитIу къатыримыхэу пкъыр ыузэндыгъ, нэплъэгъу сакъыр къыфидзыгъ.

– Дунаир хъырцыжъ кIуапI къизгъэкIыгъ нахь, гумэкIыгъо щыIэу арэп,– зыгъэгумэкIырэ Iофыр хъырцыжъхэмкIэ къыхигъэпси, зытет шъыпкъэм ышъхьэ Шъэуай къырихыгъэп.

– Армэ хъун. Зи сшӀомыушъэф, Шъэуай. Дунай хьылъ, дунай зэхэмыф тызтетэр. Зыдэбгъэзэтэр, узэутэкӀытэр, къыпфэнэгушӀотэр пшӀэтыгъэемэ…

Сэ сишъэф нафэ, шъэф зиӀэр шъоры, Шъэуае гукӀэ ыӀуагъ. «Мыхьамэт-Джэрые игъогу, ыуж ситми, сыдытеты сшӀоигъу», зыфэпӀуагъэр сыд гъогуа? Шапсыгъэ тыкӀозэ, хъырцыжъмэ тазыӀоупӀэ уж, Мыхьамэт-Джэрые къысфыхигъэпсыгъагъэр армэ, тигъогупэхэр бэшӀагъэ зызэблэкӀыгъэхэр. Ау тэ титӀо зэфэтыдзыгъэр, Мыхьамэт-Джэрые зиусхьаным къызкӀыуимыӀуагъэр сшӀэрэп, зэфэмыгъэкӀотэ гупшысэкӀэ шъхьадж къыкъонэжьыгъ. Ори ауштэу оӀомэ, сэ сӀорэмрэ шъо шъуӀорэмрэ, гухэкӀ нахь мышӀэми, зэтекӀ къодыеп, зэпыщыт шъыпкъэх. Уигунахь къэсэхьмэ, къысфэгъэгъу. Шыу шъхьэзэкъо шэсыныр гъэрекӀо щегъэжьагъэу зиусхьаным ищыпашӀэп, ар зыдежьагъэм ущымыгъуазэпщтын, хэмышӀыкӀэу къызщыогъэхъуми, уегуцафэ. Зиджэхэшъогу сытетмэ, зиӀанэ сыпэсымэ, зибгъагъэ сычӀэсмэ, зишӀу къысшъхьащытмэ мыхъун ясӀолӀэныр къыстефэрэп, ау адыгэ шъхьафитым, хэгъэгу къэухъумэным Ӏофыр зыфэкӀожькӀэ, гукӀэ, псэкӀэ анахь къыспэблагъэми, емыкӀу сферэмылъэгъу, сызэблэн дунаим тетэп. Икъунба Пшызэ псырыкӀ къэзэкъмэ шъуззэряунэхъулӀагъэр, шъуятэжъ Аслъан-Джэрыий якӀодылӀагъ, ащ иосыеткӀэ джыри шъузекӀощтмэ, шъутеунэхъожьынкӀэ енэгуягъо. Лъэпкъым хэкӀырэр зыми кӀэсэн фэхъурэп зыфаӀорэр шъыпкъэ.

Лъэ шъэбэ нэгу укӀытэкӀэ унэ натӀэм дэжь щысмэ Сисурэ къакӀэрыхьагъ, къыӀуагъ:

– Уипчэдыжьышкэ хьазыр, гощэнан.

– Ара, сипшъашъ? – Къэнтатэ нэшӀукӀэ Сисурэ Ӏуплъи, тхьагъэпцӀыгъэ тӀэкӀуи кӀэлъэу, Шъэуае фыреплъэкӀыгъ, зыгурэ зыпсэрэ зэфэшӀу ныбжьыкӀитӀур ымыгъэукӀытэжьыным пае ежь шӀоигъор псынкӀэу къыӀуагъ: – А Сисур, пчэдыжь шӀагъом сыщыгупсэфыгъэшъы, сыхэмыщэу, сикъалмыкъ щай моу къысфахь.

Адыл-Джэрые ымакъэ хатэмкӀэ, фэкъолӀ унэхэр зыдэщыӀэ лъэныкъомкӀэ, къыщыӀугъ. Чышым тесэу, хьажъуищыр ныбэшъуцӀыкӀу гори ыуж итэу, унэ къогъум къыкъочъи, пчъэӀупэм къыӀулъэдагъ. «Шым» жэдаӀи, зыкъыдыригъэдзыеу къызэтыригъэуцуагъ. Сабый лъэкъо дэдзыягъэм, хьажъу цӀыкӀур ыгъащтэу кӀигъэпцӀэукӀыгъ.



– Ар шъыд шъыу! Шым урихьыжьагъа? – Къэнтатэ шъэожъыем есэмэркъэугъ.

– Адэ, нан! Плъэгъурэба, шы емылычи мыр! – Адыл-Джэрые «шым» джыри зыкъыдыригъэдзыягъ, ардэдэм шыхьати къыгъотыгъ.– Арба, Шъэуай, о шымэ нахь ахэошӀыкӀы.

– Арэу уицахь къыстелъмэ, сыкъеуцуалӀэ,– Шъэуае шхыпцӀыгъэ,– шым ужэдэӀэгъащэджэ енэгуягъо… Шым икъэуцун апэ шхомлакӀэмджэ зэхырагъашӀэ.

– Ары шъхьаджэ, Шъэуай, унэ къогъум сыкъыкъолъэтыгъи сэ, мыщ дэжь шъущыс Ӏоу сшӀагъэп.

– Тэрэз, пшӀагъэп. Ау шым утесы хъумэ, уапэджи плъэ, уабгъуи зыщымыгъэгъупш, уишхомлакӀи гъэӀорышӀэ.

– Ары шъхьаджэ, Шъэуай…

– Адыл! – Шъэожъыем къыригъэжьагъэр Къэнтатэ къыригъэухыгъэп.– ШъхьакӀом сесты, сшъхьэ зыдэсхьыжьытэр сшӀэрэп.

– Шъы, нэнэжъ, угу хагъэкӀыгъа? – Чышым тесми, лӀыгъэр къебэкӀэу къэупчӀагъ.

– Адэ, тэ нахьыжъитӀум пчэдыжь сэлам къытэпхыгъэп. Пшынахьыжъ Хъан-Джэрыягъэмэ, ар ышӀэныеп,– ар ори уихэбзагъэп, зыкӀыпщыгъупшагъэр сшӀэрэп нахь.

– Шъуипчэдыжь шӀу охъуапщи! – Гые гущыӀэм ежэщтыгъэ пӀонэу Адыл-Джэрые къызӀуипхъотыгъ.

– Аферым, сикӀал, Алахьэм шӀоу щыӀэр къыуегъэхъулӀ, ыджар сэлам хыкӀэ хъун.

Къэнтатэ ыӀэмэ псы апигъэчъынэу къумгъан-лэджэныр, ӀэплъэкӀыр Сисурэ апэ къыхьыгъ, ащ ыуж Ӏанэр къыкӀэлъыкӀуагъ.

– О уишкэгъуи, Шъэуай, къэсыгъэу къычӀэкӀын, блэмыгъэкӀ,– ыӀэмэ псы апигъэчъыным ыпэкӀэ Къэнтатэ къыӀуагъ.

– Шыхэр псашъо Пшызэ пфытхэба, Шъэуай? – Адыл-Джэрый фэкъолӀым кӀэлъыджагъ.

– Тыгъэр къэмыплъызэ сфытых.

– Сыздащ.

– Дэгъоу ушкэмэ, уилъэӀу къэблэжьын.

– Сисур, сӀэмэ псы тӀэкӀу къатекӀ,– Адыл-Джэрые къыраӀуагъэр игуапэу лӀы фэдэу иджэнэ Ӏэгъуапэ дещае.

– Зыгорэм Ӏапэ фэмышӀэу, ор-орэу узфэшӀушӀэжьмэ хъутба? – Зэхихыгъэм рыразэу, икъэӀуакӀэ шӀоӀэтыгъащэу,

тӀэкӀуи рэукӀытэжьба уигъаӀоу, Къэнтат гощэшхор шъэожъыем еупчӀы.

– Нэнэжъ, упщы кӀал зыӀорэр хэта?

– Ащ фэди сӀуагъэу зыдэсэшӀэжьы,– Къэнтат, зэхэоха мыщ ыӀорэр къыригъэкӀэу, Сисурэ ӀугушӀуагъ.

Хэшъэе джэмышх куур Ӏэ джабгъумкӀэ ыӀыгъэу, щэлэмэ гъэжъэгъакӀэр Ӏэ сэмэгумкӀэ диӀыгъэу, шъхьэр къымыӀэтэу Адыл-Джэрые шхагъэ, «шыкур алхьам дурилахькӀэ» иджэмышхи къамлыбжъэм къыригъэнэжьыгъ. Шъэожъыем игупшысэ шы псы егъэшъон Ӏофмэ адэжькӀэ щыӀагъэми, нахьыжъыр ошхэфэ Ӏанэм къыпэтэджыкӀыгъэп.

– Джы сыпфэраз, дэгъоу ушхагъ,– Къэнтатэ щхыпцӀыгъэ, шъэожъыем ӀугушӀуагъ,– ау устӀупщы пшӀоигъомэ зы къысфэпшӀэт.

– Шъыд?

– Зымафэ тфызэмыгъэшӀэгъэ ӀурыӀупчъэм зэ къыфэтэгъэгъэзэжь.

– Нэнэжъ, «пэнэ мыгъо, пэнэ папцӀэр» армэ, къысфэӀотэп,– Адыл цӀыкӀум къыпиупкӀыгъ, ау псынкӀэу ушъхьагъукӀэ къыухыжьыгъ,– ӀурыӀупчъэхэр, хырыхыхьэхэр зикӀасэр Хъан-Джэрый. Модэ зыгорэм яжъугъэщагъэшъы, сэ ӀурыӀупчъэхэр къэсэшъогъаӀох.

– Е-о-ой, Хъан-Джэрые джы тэ къисхыжьын, шапсыгъэ щапӀу, сыфэлӀэжьыгъ,– пкъы зандэр ымыгъэсысэу, ащ декӀурэ нэгу одри ымыгъэхъыеу, ыпашъхьэ ис шъэожъыеу зэӀудымыдыщтыгъэри щыгъупшэжьыгъэу чыжьэрыплъэкӀэ Къэнтат гощэшхор хэщэтыкӀыгъ, нэпсыр къызэчъэгъэ нэкумэ ӀэплъэкӀыжьыемкӀэ акӀэлъэкӀыхьагъ.

Адыл цӀыкӀуми ыгу къызэхэхьагъ, къэтэджи, нэнэжъым ӀаплӀ рищэкӀыгъ:

– Уфаемэ, нэнэжъ, пкӀэгъуалэм фэгъэхьыгъэ ӀурыӀупчъэр къыпфэсӀон.

– ӀурыӀупчъэхэр уимыкӀасэхэу пӀуагъэба, сикӀал? – Къэнтатэ зэхихыгъэм къыгъэгушӀуагъ.

– СикӀасэп, ау къэсӀот.– Къыхидзагъ: – ПкӀэгъолэшъо кошъо шхъуантӀэм дарие шхъуантӀэр ишыпшъэпс.

– Тхьэр къысати, аферэм! Апэрэу зэхэсэхы. Хэт уигъэшӀагъ, сикӀал?

– Хъан-Джэрый! – Адыл игуапэу къызӀуипхъотыгъ.– Тадэжь къызащэм, сигъэшӀагъэ.



– Ары, ары,– ныоми къыдырегъаштэ,– Хъан-Джэрые ӀурыӀупчъ-къоджэхь-къоджэшкыхэмджэ бзаджэ. Мы къысфэпӀуагъэр Мэрчан аталыкъым иӀурыӀупчъэмэ ащыщджэ сенэгуе. Дышъэ уанэ зыгъэчъыри гурхъум тет кӀэлэхъум еупчӀыжьы зыфаӀорэр шъыпкъэ. Адэ ыджары, сикӀал, тызэдыргъ-тыкъызэдыргъыжьызэ, сэ сымышӀэтгъэ ӀурыӀупчъэ гори непэ сэбгъэшӀагъэ, сыпфэраз.

– Ащыгъум, нэнэжъ, Шъэуае псым сыдакӀо хъута?

– КӀо. Ау псы нэпкъым благъэу уӀумыхь, зыбгъэпкӀынри пшъхьэ къимыгъахь!..

Къэнтат гощэшхор щагум къыдэнагъ. Ныо нэпӀэ къэп къефэхыгъэр загъорэ хъублаблэу, тыжьын бэщыр зикӀэгъэкъон Ӏэгушъо од зэтелъитӀури чъэкӀыгъэ, зыкӀэдэӀукӀыщтыгъэ шы лъэмакъэхэри Пшызэ лъэныкъомкӀэ ӀукӀотыгъэх. Тыгъэри пчэдыжьыпэм шъхьащыкӀзэ пщы щагу игъэкӀотыгъэм шъхьарыубгъогъэ сэнэшъхьэ тхьапэмэ чӀыпӀэ-чӀыпӀэкӀэ къахэплъэу регъажьэ.

Лъэустэнхьабли мэкъэ зэфэшъхьафкӀэ дунаим хэтаджэ – чылапшъэмкӀэ щэмэдж уӀу макъэмрэ шъэожъые зэрэгъэджэгу макъэмрэ къеӀукӀы, ахэмэ чылэгу хьэ хьакъу мэкъэ зытӀумэ задапхъуатэ. ЧылакӀэмкӀэ бзылъфыгъэ цӀэцӀэ макъэ горэм зыкъыщиӀэти, уцужьыгъэ. Пщынэ «цӀыргъ-щыргъ» макъэр ары а лъэныкъом щымыпшъыжьрэр. ШкӀэ гуӀэлэ макъамэми тӀэкӀу тешӀэ къэси псыӀушъо лъэныкъомкӀэ зыкъыщепхъуатэ, ащ нэмыкӀ гори яхьэблэ кӀахэкӀэ щыпэджэжьы. Зиатэкъагъи зыщызымыгъэгъупшэхэрэр макӀэп – зэтемыфэ-зэтефэхэу маӀох.

Пшызэ джабгъу нэпкъым щыпсэурэ къэзэкъхэми амэкъэ зэтеӀукӀхэр, ээхэмыугуфыкӀыгъэ дэдэхэми, псырыкӀым загъорэ къырелъэсыкӀых – орэдымрэ шхончонымрэ ээрэерышхэр, тхьаумэфэ шыгъачъэхэр ащ къазыхэхьажьыкӀэ, зэрэ Лъэустэнхьабл пӀоми хъунэу псыӀушъо сэмэгум зыӀуатакъо. Ӏэбжым зэрэзэфашӀыри макӀэп, якъэмэ-сэшхо зэфэгъэсыси нахьыбэжь. Шхонч зэпеори, ящэхэр зэлъымыӀэсхэми, нэпкъитӀумэ азыфагу загъорэ къыдэтаджэ. Ащ фэдэ мыхъо-мышӀагъэхэр нахьыкӀэмэ азыфагу къыздахьэкӀэ, бгъуитӀумкӀэ янахьыжъмэ зэпэӀуащыжьых. Нахьыжъмэ ягумышӀуныгъэ зэфамыгъэлъагъоу арэп, ау

ныбжьым иӏэжагъэ, фай-фэмыеми плъырыгъэм тырагъакӏо.

Къэнтат гощэшхом игупшысэхэр зэпео-зэхапкӏэхэми, непэ дунаир дахэ, мамыр. Мыхьамэт-Джэрые гъунэгъу чылэм зэрэшэсыгъэмрэ шъэожъыитӏур аталыкъмэ зэрапӏурэмрэ анэмыкӏ гумэкӏыгъо джырэкӏэ иӏэп. Къырым-Джэрые нахьыжъыри, ыл фэмыузэу арэп, ау ежь-ежьырэу ышъхьэ ыӏыгъыжьынэу, уаси зыфишӏыжьынэу лӏыпкъ иуцуагъ, урысыдзэ лъэныкъомкӏэ маплъэ.

Хэт урысхэмкӏэ тызыушхъухьагъэр, си Алахь, тилӏакъокӏэ нэрыгъ-гугъапӏэ тфэхъугъэх, Къэнтат гощэшхом ыӏуагъ. Тинахьыжъыми а лъэныкъомкӏэ загъэзагъ, тицӏыкӏухэми япкӏыхьэлъэгу. Тыхэукъуагъэмэ, къытфэгъэгъу. Аущтэу хъунэу уухыгъахэмэ, пӏорэм тыблэкӏынэп, унэшӏу къытщыф, унаӏэ ттемых. Ау зыкуцӏ тыхъужьыгъэ адыгэмэ тахэмыгъэз, егъэзыгъэ щымыӏэмэ, тащыщ горэ, шъэожъыиплӏым яз къахэгъан. Адыгэгу шъыпкъэ зиӏэу къэхъурэр Хъан-Джэрые шъэожъыер арышъ, иадыгагъэ фыщыгъаӏ, цӏыфым ынатӏэ илъыщтыр орышъ зиӏэшӏэгъэщтыр, сыд фэуухэсыгъэми, ебгъашӏэрэм фыкӏэмыгъэгъожь. Мыхьамэт-Джэрые ышӏагъэм сыришыхьат, фэгуитӏу. Ежьыри ӏоф хэт, сэри сеухы. Адыгэмэ афэшӏушӏэ ыӏозэ, ишӏушӏэ мыгъуагъэ фэхъункӏэ сэщынэ...

Урамымкӏэ шы лъэмакъэхэр къыщыӏугъэх. Шъэуае ишыплӏэ дэсыгъэ Адыл цӏыкӏури къэлапчъэм дэжь къыщепкӏэхыжьи, щагум къыдэлъэдэжьыгъ.

– Сыд гъэшӏэгъонэу къэплъэгъугъ, Адыл?

– Къэзэкъ шыухэр слъэгъугъэх, Ӏэбжьым афэсшӏыгъ!

– Шъыд пае, синынэ гущ, ахэмэ уанэсыгъ?

– Ащыгъум, нан, Ӏэбжьым къытфарэмышӏ!

– Ахэмэ яӏэбжьым о шъыдкӏэ къыонэсра?

– Тыкъарэмыгъэщын! Шъэуаий Ӏэбжьым афишӏыжьыгъ.

– Запэшъушӏыжьын фэягъэп.

– Къытэрэмышъуех ащыгъум!

– Къышъошъуягъэха?

– Адэ!

– «Делэм уӏукӏэмэ, уипаӏо ети блэкӏ» аӏо.

– Естынэп!

– Арэу уерышмэ, сикӏал, уикъаигъагъэ уекӏодылӏэн.

– Секӏодылӏэнэп, сылъэш сэ!



– Ары, сикӏал, ары, улӏэхъупхъ,– Къэнтатэ къыӏуагъэр хигъэкӏокӏэжьыгъ, зэпыугъо фишӏи, къеупчӏыгъ: – адэ, сикӏал, зымафэ «Пшызэ сызэпырысыкӏыт, къэзэкъмэ сахэхьат» пӏогъагъэба?

– Сӏожьытэп! – Адыл хэгубжьыкӏыгъ, етӏанэ ичыш лъыхъоу ригъэжьагъ.– Тэ щыӏ сэӏо сионэш? Хъан-Джэрые дэжь Шапсыгъэ сыкӏон фае сэ!

Паӏо зыщыгъ пстэури сыдэу зэфэдэха, зы шапхъэ тырашӏыкӏыгъэха Къэнтатэ ыӏуи, чышым зезыдзыгъэм кӏэлъыплъагъ, фыкӏэщхыпцӏыкӏыным ычӏыпӏэкӏэ нэшхъэигъэ гумэкӏыр ынэгу къытекӏуагъ. Гупшысэ благъэхэри, чыжьэхэри зэпэчъэ-зэтечъхэу ыпашъхьэ къыригъэтэджэжьыгъэх. Ахэмэ зэкӏэ султӏан лӏакъом непэкӏэ ипкъэу Мыхьамэт-Джэрые акӏыӏужьыгъ.

Щэджэгъоужми, ечэндыми, пчыхьэшъхьапэми Мыхьамэт-Джэрые къэлъэгъуагъэп. Унэми, щагуми, къэлэпчъэжъые тетӏысхьапӏэми чӏыпӏэ щызымыгъотыжьыщтыгъэр Къэнтат гощэшхор арыгъэми, къызхимыгъэщэу, ыӏони, ышӏэни ыгъотэу тыгъэкъохьагъу нэс къыхьыгъ. Тыгъэ плъыжьышхор къохьэпӏэ чапэм лъхъэнчабзэу зэрекӏотэхыжьыщтыгъэр арыщтын Къэнтат игумэкӏ нахь къэзгъэбырсырыгъэр, зыфэмыщыӏэжьэу щагум дэкӏыгъ, мытӏысэу, къэлэпчъэжъыем лъэбэкъу зытӏукӏэ пэчӏынатӏэу тыжьын бэщыр ыпэ ригъэуцуи, зэндэрыкъэу уцугъэ, бэрэ щытыгъэп. Урам къэгъэзэгъум Мыхьамэт-Джэрые къыкъокӏыжьыгъ. Шыу шъхьэзакъу, лъырыгъэжьэгъэ Шъэуаий игъусэп. Щэфакӏо зыфэкӏогъэ шыри ионэш гошӏагъэп. Шыур къэлапчъэм къыӏохьажьыфэ Къэнтатэ зигъэсысыгъэп, инэплъэгъу мышӏуи тырихыгъэп.

Ятэшыпхъум ищытыкӏэ-плъакӏэ Мыхьамэт-Джэрые къагъэгузэжъуагъ:

– Тызэрэмышӏэ ошӏэ-дэмышӏэджэ,– къыпэгъочъыгъэ фэкъолӏым зиусхьаныр къызэпсыхыжьыгъэ шыр зыӏуещыжьым Мыхьамэт-Джэрые зиухыижьзэ къыӏуагъ,– непэ ӏоф ухэсыдзагъ, Къэнтат, къысфэгъэгъу.

– Сиэакъоп, зэрэунагъо ӏоф тыхэтыгъ,– кӏэкӏэу Къэнтат гощэшхом ыгъази, ӏукӏыжьыгъ, ыуж итым къыпымылъэу иунэ ихьажьыгъ.

Мыхьамэт-Джэрые псынкІэу гъогу сапэр зыпигъэтэкъуи, зитхьакІи, Къэнтатэ дэжь ихьагъ.

Пчъаблэм ышнахьыжъ ыкъо зэрэдилъагъоу, зи къемыхьулІэгъахэ фэдэу, паІо зыщыгъым Къэнтатэ пхъэнтІэкІум зыфытыриІэтыкІызэ, къыІуагъ:

– КъакІо, Мыхьамэт-Джэрый, моу сапашъхьэ къитІысхь.– ЕтІанэ нахь мэкъэ гъушъэкІэ фигъэпытагъ: – Джынэкъэуж уизакъоу гъогу утезгъэхьатэп!

– СшІагъэр тэрэзэп, тятэшыпхъушху, къысфэгъэгъу,– Мыхьамэт-Джэрые сыдигъуи къэзыщэфыжьрэ Іэзэгъу гущыІэмкІэ зыгу кІэжъукІыжьын езыгъэжьэгъэ бзылъфыгъэ гъэшІуагъэм ыпашъхьэ зыщиумысыжьыгъ, ипшъыгъэ нэгуи гушІопс шъэбэ макІэкІэ къызэлъынэфыгъ,– сыфэягъэп, ау сэ зэрэсымыІоу хъугъэ, шъузгъэпцІагъ.

– Ар уихэбзагъэп,– Къэнтат гощэшхом зэхихыгъэр шІогъэшІэгъонэу нэгу бгъузэ одыр джыри нахь лъагэу диІэтэягъ, къыраІощтым, дэгъуми дэими, фэхьазырэу нэплъэгъур фидзыгъ, етІанэ псынкІэу еупчІыгъ: – гумэкІыгъо щыІа? СыкъэдаІо, Мыхьамэт-Джэрый.

– Тхьэм ишыкурджэ зэкІэри мамыр фэд...– Мыхьамэт-Джэрые иджэуап къымыухыпэу зэпыупІэ фишІи, шъхьэзэкъо шэсыр зыфишІагъэр къыушыхьатыжьыгъ.– Матвей атаманым дэжь сыкІуагъэти, сикъэбар Шъэуаий, хэти щызгъэгъуазэ сшІоигъуагъэп.

Къэнтатэ джыри шъхьэр къыпхъотагъ, къыпиупкІыгъ:

– А «хэти» зыфапІорэмэ сэри сащыща?

– Хьау, тятэшыпхъушху, о ахэмэ шъыдым уахихьан! Шъэуаий, нэмыкІ фэкъолІхэри, Пшызэ джабгъу нэпкъымджэ мыплъэшъухэрэр ары зигугъу сшІыхэрэр.

– Шъэуаий ар еолъэгъулІа?

– Хэт ышІэра сэІошъы ары...– Мыхьамэт-Джэрые ифэкъолІкІэ мы аужрэ мазэхэм ыгу филъыр ятэшыпхъум риІо пакІошъ, фыхигъэпсыныр къыригъэкІугъэп.– Уишъэф зыгорэм къыбдишІэн нахьи, къыпкъонэжьымэ нахьышІу.

– Ар шъыпкъэ. Ау Шъэуае ахэмэ ахэозгъэлъытэ сшІоигъоп,– Къэнтат гощэшхор хэщэтыкІыгъ,– цахьынчъэ уашІынри, нэмыплъ къыуахынри тхьамыкІагъу. Шъэуае, пщы щагумкІэ къытэшІэкІыгъэ фэкъолІмэ арэу тяплъмэ, адырэ къытфычІэплъырэ купмэ шъыд ятІотэр? Пый уимыІэмэ нахьышІу, ау ащ фэдэ дунаеп тызтетэр... Адэ шъыдэу



пшІын, дэгъоу пшІагъэ псырыкІ къэзэкъмэ уизакъоу уазэрэхэхьагъэр. Ау джынэкъэуж пшІэтэр сшІомыушъэф. Уятэ тхьамыкІэм сыришыпхъу нахьыкІагъэми, ышІэтым сыщимыгъэгъуазэу къыхэкІытыгъэп. Урысыдзэмджэ зигъэзэн зэхъум, сэры, сызэрэфэмыер ышІэщтыгъэми, апэ дэдэ упчІэжьэгъу ышІыгъагъэр. Е-о-ой, сшынахьыжъ тхьамыкІэджэ ари дунай блэкІыгъ. Къырым нэгъой пачъыхьэм нэпч тырифыгъэу, тыркумэ гужъ къыддаІыгъэу, адыгэмэ тызхамылъытэ пэІошхоу тятэжъмэ къахьыгъ. Тыдрэ лъэныкъу, Мыхьамэт-Джэрый, уятэжъ зыздигъэзэтыгъэр? – Къэнтат гощэшхом зэримызакъор зыдимышІэжьэу, игупшысэмэ захигъэчъыхьагъэу шъхьэр егъэсысы: – Адэ шъыд гущэр тиамал, дунай хьылъ, дунай мыгъу тызтетэр. Мырэу, тэІошъы, тызэхашІэрэп, морэу тэІошъы, тыкъызэхашІыкІырэп... Ары, Мыхьамэт-Джэрый, ары... Шъыд етІанэ къэзэкъмэ къыуаІуагъэр?

– Зи япІолІэнэп, нэгушІоджэ къыспэгъокІыгъэх. Мэфэ реным яІанэ зэІухыгъагъ, сэщ нахьрэ Іоф яІагъэп.

– Ар хьэкІэ пэгъокІ хабзэ ныІэп,– Къэнтат гощэшхом зиусхьаным игущыІэ къызэпиутыгъ, нахь мэкъэ гъушъэ пытэкІэ къеупчІыгъ: – уазыфыхэхьагъэр, къыуаІуагъэр шъыд?

– Узгохьагъэмэ зэгорэм уахэхьан фаеба, Къэнтат?

– Уфэхьазырмэ, игъу, Мыхьамэт-Джэрый.

– ЗэкІакІо зыдэщымыІэм щызэплъэкІыжьхэрэп орба зыІорэр, тятэшыпхъушху?

– Ар гуджэ уикъабылмэ, сигуапэ.

– Адыгэ лІыгъэм ылъапсэхэр укъогъошІухэп.

– Тхьауегъэпсэу, нахьыкІ.

– Адырэ къысаІуагъэмджэ укъызкІэупчІагъэми ущызгъэгъозэн. Бжыхьэпэ мазэм шІомыкІэу, шапсыгъэ-абдзэхэ лъэныкъомджэ хъугъэ-шІагъэхэр къыщытэджытхэшъы, уидзэ къулыкъушІапІэ къекІужь, утищыкІагъ къысаІуагъ. ЕтІани адыгэ куп чэщтеохэри къэзэкъмэ адэрэп, къыташІэрэр тэри ятшІэжьыт аІо. Ар Матвей атаманым къэзэкъмэ аригъашІэрэпышъ, шъэфджи нафэджи зэпэуцужьых. Ащджэ Ермолов дзэпщымджэ зызгъазэхэри макІэп. Матвей къэзэкъ пащэм изекІуакІэ Ермолов дзэпщым ыгу зэремыІурэр къыфыригъэхьрэ унашъомэ къахэщы...

Къэнтат гощэшхом ыІэ одитІу зытелъ тыжьын бэщ пакІэр къэсысыгъ, тхы бгъузэр нахь къэуфагъэ фэдэу

хъугъэ. Гутео макъэр нахь зэхишIэщтыгъэми, къызхимыгъэщэу иупчIэ псынкIэхэр шъхьэм щычэрэгъугъэх. Ау ахэмэ апшъэжь хъугъэ-шIагъэр сыд ыIоу къэупчIэрэп. Ежь джэуапынчъэми, зэхихыгъэмкIэ зэрэамалынчъэр ынэ зэжъушъо сакъымэ къачIигъэщырэп, зэсэжьыгъэ къэбарым фэдэу зеIажэ, зыгъэгумэкIырэр гупшысэ чыжьэкIэ къырегъажьэ:

– Адэ шъыдэу пшIына, Мыхьамэт-Джэрый, узием уфэIорышIэ язгъэIуагъэр шъыд? Ыджы нэс узэрэщагъэсыгъэри сшIогъэшIэгъон. Неп, неущ амыIоу бжыхьэ пIалъэу къыпфагъэуцугъэр, яцIыфыгъэ щыщми, зыфэсхьын сшIэрэп, урящыкIагъэпщтын... А Пшызэ зэпырыкIыкIэми,– Къэнтатэ къыпигъэхъожьыгъ,– сэри сыгу еIурэп. Зэгорэм тызэунэхъулIэжьытмэ ари ащыщ...

Ар сфэIонэп, Мыхьамэт-Джэрый гукIэ ыIуагъ. Шапсыгъэ тызэкIом къыщыслъэгъугъэхэм къазэрэкIэупчIагъэхэ шIыкIэр къыпфэсIотэгъагъэмэ, угу джыри нахь къэбырсырыныгъи, тятэшыпхъушху. ГъэшIэгъоныр сызщыгъуази, сызщымыгъуази къыкIэупчIагъэх. ЗэрэхъурэмкIэ, яцIыфхэр адыгэмэ ахэтых. Армырмэ тэ щашIэра хъырцыжъхэр Хъан-Джэрые къызэрекIугъагъэхэр? Арэп згъэшIагъорэр, гъогум къыщытпэгъокIыгъэгъэ шыумэ якъэбар хэт къалэм нэзгъэсыгъэр? Шъэуаерэ сэрырэ нэмыкI цIыф ышIэрэп. ЗыгорэкIэ Шъэуае ыIотэгъэна? РымыгущыIэнэу фэзгъэпытэгъагъ. ПсырыкI къэзэкъхэмкIэ Шъэуае ыгу мышIуми, цыхьэ зыфэпшIын, ишъэф зыIыгъышъун цIыф. Ау етIани сшIэрэп ышIэщтыр...

– СырящыкIагъэп сфэIонэп, Къэнтат,– Мыхьамэт-Джэрые зыкъиушIэжьыгъ,– ау адыгэмэ ячэщтеохэр къэзэкъхэмджэ амыгъэуцумэ, тиIоф мамырджэ ухыгъэнэу къысщыхъурэп. Непэ сызхэхьэгъагъэмэ цахьышIэгъу дэдэ самышIми, Пшызэ зэпырыкIыр яушъхьагъоу талъэныкъоджэ зызэрауIэшрэм шъэф хэлъэп.

– Цахьы къыпфамышIэу шъыдэу хъумэ уахэтыт ащыгъум? Шъыд пае узгуащагъ?

– Тятэ ихьатырщтын... Цахьы къысфашIыфэ сахэтын, къысфамышIы хъумэ, сиIоф шъхьафы.

– Адыгэхэр?

– Къэзгъэзэжьрэр Тхьэм ештэжьы аIоба?

– АIо. Ау ар адыгэхэмджэ шIэгъуае хъун,– Къэнтат гощэшхом къыпиупкIыгъ, псынкIэуи къыпидзэжьыгъ: – мы



къэпIуагъэхэр сыгу рихьрэп. Зыгорэ къысшIоошъэфджэ сенэгуе...

– Ащ фэдашъо къыстеоштэмэ...

– Сыкъызэпымыут, Мыхьамэт-Джэрый,– Къэнтат гощэшхом тхы уфэгъашъор ыузэндыжьэу мэкъэ гъэчъыгъэкIэ къыIуагъ: – Шапсыгъэ укъызикIыжьыгъэ мафэм щыублагъэу зыгорэ сшIоошъэфы. Шъэуаий ары.

– Шъыд Шъэуае? – Мыхьамэт-Джэрые къэгузэжъуагъ.– Мыхъун еIуа? Зэфэнчъэу мэзекIуа?

– Арэу щытыгъэемэ...

– Адэ шъыд? Зыгорэджэ шэсэгъу непэ зэрэсымышIыгъэр армэ шIэ?

– ПкIэ ишIэгъэ зэпытына Шъэуае...– Гъусэгъу зэримышIыгъэмкIэ зэрэдыригъаштэрэр Къэнтатэ къыушыхьати, псынкIэу кIилъэшъужьыгъ: – кIо, сшIэрэп, Шапсыгъэ шъукъызекIыжь уж тIуми сыгу шъоIурэп.

– Шъэуае зыгъэгумэкIын Iаджи къыпыщылъ,– икъэмыщакIэ нахь фэгъэхьыгъэу, ау ышъхьэ къыримыхыпэу Мыхьамэт-Джэрые къыIуагъ,– ащ шъыдыджэ Шапсыгъэ кIогъур къыхэхьан... Ау Шапсыгъэ мыхъун горэ къыщилъэгъугъэу къыуиIуагъэмэ, сшIомыушъэф.

– А сшIэ гущэрэп, Мыхьамэт-Джэрый, шъуазыфагу сыкъыдэхьанэу сыфаеп...

## VIII

Гъэмэфэ мэзитIур фэбэ мыухыжькIэ, мафэм нахьи чэщыр нахь гопэгъужьэу, текIыгъ. Бжыхьапэм езыублэгъугъэ уахътэм ипчэдыжьыпэ-пчыхьэшъхьапэхэр джы нахь чъыIэтэгъэ гужьыдэгъэкIыхэу къыхэкIых. Унэ пчъэIупэмрэ тетIысхьапIэм дэжьрэ псынэпс чъыIэ атеутхагъэ хъумэ, гупсэфыпIэх.

Дунаир дахэ, гуIэтыпI. СултIан хапIэри, адырэ гъунэгъумэ афэдэу, тынч. ЛъэустэнхьаблэзэрэмызэгъокIыр ищыIэнygъэ мэкъэ зэфэшъхьафмэ къаушыхьаты: сыдж теом зыщеIэты, атэкъэ макъэхэми защышIошIыжьы, шы Iэл гори чылапшъэмкIэ щыхэщыщыкIы, зымакъэ икIыгъэ хьэжъ гори псыIушъомкIэ щэбанэ, шъэожъые гори, гур ыгъэузэу, тэмашъхьэм щэгъогы.

– А Сисур,– Къэнтат гощэшхор унэм чӀэджыкӀы,– тхьэр осэгъэлъэӀу, псапэ хъун, мо шъэожъыем Ӏэшӏу-Ӏушӏу горэ ӀэкӀалъхь, ымакъэ зэхэсхын слъэкӀырэп, зэӀугъан.

«ТхьамыкӀэр кӀэлаб, Ӏэгу нэкӀ пэкӀэ дашъу» язгъэӀуагъэр тигъунэгъу фэкъолӀым фэдэ горэу къычӀэкӀын, Къэнтатэ ыӀуагъ. ТӀэкӀу тыригъашӀи, «тхьамыкӀэр сыдигъокӀи сабыйкӀэ ерыш» гущыӀэжъри пигъэхъожьыгъ. Ярэби, сыд шъуӀуа тишъэожъыемэ якъэбар? Хэт къысиӀон, сыщигъэгъозэн? Хъан-Джэрыий, Сахьид-Джэрыий ашъхьэ аӀыгъыжьынэу, зыфэшӀушӀэжьынэу чӀыпӀэ итхэми, цӀыф хымэмэ ятэгъэпӀух. АталыкъыгъэмкӀэ Сисурэрэ сэрырэ тызэдыргъы, зафэр тэзэрэгъашӀэрэп, ау ащ ыӀорэми шъыпкъэ хэлъ. Уизэкъоным нахь тхьамыкӀагъо сыд щыӀ! ЕтӀани узщымыщ унагъом уисыныр псынкӀагъоп. Бынынчъэ шъхьэзакъоу сызхэхьагъэмэ сакъызыханэм, ащ иӀэшӀугъэ зыфэдэр къызгурыӀуагъ. Ау, сыдэу пшӀын, тхьэм къыптырилъхьагъэр пщэчыщт. Зэ, Сисур, зэ, сипшъашъ, умыгузажъу, къыппыщылъым ори ублэкӀынэп, шъхьатехъо зытехъуагъэу ар зыпэкӀэмыкӀыгъэр мэкӀэ дэд. Ащ ыуж къикӀыщтыр – дэгъуа, дэя? – Джары зэкӀэми анахь Ӏофыр. Тхьэ етагъ о зынатӀэ ухъущтым, зиунагъо дагъо изымыгъэлъыын бзылъфыгъэу сыоплъы. Тишъэожъыехэр зэдгъэпӀурэ аталыкъ шъузхэр ощ фэдагъэхэмэ, нибжьи сшъхьэ гумэкӀ къизгъэхьаныеп. ШъэожъыитӀури сыл щыщхэми, Хъан-Джэрые сыгу зыкӀыфэгъурэр сшӀэрэп. Хъан-Джэрые зыдэщыӀэ Шапсыгъэ зэрэтпэчыжьэр армэ шӀэ? Сахьид-Джэрые зыщядгъэпӀурэр нахь тпэблэгъэ бжъэдыгъу чылэмэ гъэшӀэгъона, зыхэсыр унэгъо хымэба?! КӀо, сшӀэгущэрэп, тӀуми сыл афэузми, апэ Хъан-Джэрые сыгу къэсымыгъэкӀын сфэлъэкӀырэп... ЕтӀани ащ лъызгъэплъэгъэгъэ Мыхьамэт-Джэрыерэ Шъэуаерэ зызэрэзэфашӀырэм сыгу еӀурэп – азыфагу хьамплъыжь дэчъыгъэ фэдэу къагъэзэжъыгъ. Шъэуай нэмыӀэмэ, зыкъысщедзые. Семыджэу, къясымыгъащэу сихьанэ-гъунэ къихьэрэп. Сисурэ сызеупчӀыкӀэ, мэщхыпцӀышъ, тегущыӀыкӀы.

– А нысэ, а Быч,– дысыгъэ хэмылъэу Къэнтат гощэшхор маджэ,– адэ шъыдэу мы унэр зэгъокӀы, тыдэ шъухъугъа сэӀо непэрэзымафэм?

Адыл-Джэрые унэм къилъэдагъ:

– Укъэджагъа, нэнэжъ?



– Сыкъэджагъ, сикӀал,– Къэнтатэ игуапэу джэуап къытыжьыгъ, сыдэу гъэмэфэ мэзитӀум мыщ зыричыгъ ыӀозэ, игушӀубзыугъэ плъакӀэ Хъан-Джэрые фигъадэу, иупчӀакӀэ Сахьид-Джэрые ригъапшэу джыри шъэожъыер нэшӀукӀэ къызэпиплъыхьагъ, анахь иным зэрэдэгущыӀэщтым фэдэу риӀуагъ,– уян сызфэягъэр, ау орми хъут. Моу джэхэшъотетмэ яӀори, псы чъыӀэ къысфягъахь.

– Ар зышӀэтыр сэрмэ хъутба, нэнэжъ?

– Шъыд зыкӀэмыхъутыр! Орми нахьышӀужь, нахь сшӀоӀэшӀун.

Адыл-Джэрые къыгъэсыгъэ псы Ӏэгубжъэм Къэнтатэ ешъуи, тхьэ елъэӀугъ:

– Тхьэуегъэпсэу, сикӀал, сыбгъэтхъагъ. ЛӀы ухъоу, псым фэдэу уагъашӀоу Алахьым къысегъэлъэгъужь. Джы уянэ садэжь къэгъакӀу,– къакӀо, нысэ, къакӀо,– Къэнтат гощэшхом игушӀо ардэдэм унэм къихьэгъэ нысэм пигъохыгъэми, игые ыпэ ит: – непэрэзымафэм шъуащыщ къэлъэгъуагъэп, синасыпти, Адыл цӀыкӀур сиӀагъ, ары сыкъызфэнэжьыгъэр. Фабэм шъуигъэулэугъэу унэ чъыӀэтагъэм зишъушӀахьыжьыгъэщтын.

– Хьау, гощэшху,– нысэм фидзыгъэр къызхигъэщыгъэп,– Хъан-Джэрые цыякӀэ фэсэды.

– Ара? Армэ хъун. Шъыд, нысэ, Тхьэм Ӏомэ, непэджэ къэбар?

– Чылэр мамыр, рэхьат, гуащэ.

– Ари дэгъу, ау чылэр сэ сизэхэфынэп,– бэмышӀэу шъэбагъэу ынапи, ымакъи ахэлъыгъэм чъыӀагъэр къышӀутекӀоу Къэнтатэ къыӀуагъ,– унэгъо кӀоцӀыр ары сыкъызкӀэупчӀэрэр. Ыджа шъузэрэзгъасэу унагъор ары апэ шъунаӀэ зытетын фаер. Уиунагъо рэхьатмэ, мамырмэ, чылэри, хэгъуашъхьэри, нахь благъи, нахь чыжьи орджэ мамырыт. Шъуз пый нахьи чылэ пый зыкӀаӀуагъэр шъыдэу пшӀошыра? Хьау, Алахьым ерэмыд, ушъуз дэй ащ къизгъэкӀырэп, ау шъузышӀур ары унагъом итынчыгъэ къызщежьэрэр. Ыджа гущыӀэжъыр, тянэ шъуз дэигъэджэ арэп, зыдэкӀожьыгъэм джэнэт щегъот, Ӏаджри тятэ ыӀоу зэхэсхытыгъ. Шъыд, нысэ, пӀэкӀор натӀэм узыфыщтыр, къэтӀыс.

Гощэшхом ыпашъхьэ адыгэ хабзэмкӀэ зэрэщымытӀысыщтыр къиригъэкӀэу Бычэ щхыпс мэкӀэ шъабэ ыӀупэ къечъагъ, ау зи къыӀожьыгъэп.

– Адэ ары,– Къэнтат гощэшхом ежь зэриIожьэу игущыIэ къыпидзэжьыгъ,– сыпфэраз, нысэ, ыджары тэри, тлъэкIапIэ пытэмэ зэрегъашIэ пIонэу, адыгэ хабзэм тызэрипIугъэр. Сапашъхьэ щыпшIэрэр ори уинысэмэ, пкъомэ къащэу Алахьым янасып уегъэлъэгъу, уапашъхьэ къыщашIэжьыт. Адэ ары... Тэ щыI, нысэ, Мыхьамэт-Джэрые?

– Коцыпкъыр къэсплъыхьат ыIуи, пчэдыжь сипчъэ кIыб къыдэджыкIыгъагъ.

– Изакъуа?

– Шъэуае игъус.

– Ащи сыфэраз, сIорэм блэкIырэп. Дунай Iаем, уихьаблэ утемыкIми, уизакъоу ушэсы хъутэп. ЦIыф бзаджэм уиджэнакIэ питхъыт. А нысэ, шъхьэнтэжъыер моу сакIыб къыдалъхьэлъ, бэлахьы зытемыфэн тхы мыгъор мэдыи. ГъэрекIо ащ фэдагъэп, мыгъ сызигъэгумэкIыпэрэр. Тхьауегъэпсэу, пIэ къысэкIугъ, ыджы нахь сыгупсэфыт. А нысэ, зыгорэджэ сыоупчIыт, мы аужрэ мэзэ зытIум Шъэуае щымыщ горэ, гуцафэ зыфэпшIын хэплъэгъуагъа?

– Икъэщэгъу блэкIы умыIотмэ,– Бычэ псынкIэу къыIуагъ,– нэмыкI хэслъагъорэп.

– Ара? – Къэнтатэ зэхихыгъэр шIогъэшIэгъонми, къызхимыгъэщэу ежь зыфаемкIэ къеупчIыжьыгъ,– Шапсыгъэ къызекIыжьхэ ужа хьауми ыпэджа ар зеплъэгъулIагъэр?

– Ар къэсIонэу сшIэрэп. Шъэуае изакъоп, Сисури ащджэ сегуцафэ.

– Ы-ы, нысэ! – Джы шъорышIыгъэ хэмылъэу гощэшхор къыхэкуукIыгъ, ыIэ одхэр зытепшъыхьэгъэ тыжьын бэщыр зэригъэтIылъэкIызэ, къэупчIагъ: – Ащыгъум ягонахь къэтэхьыба? Зибэ щышIагъэм имакIи щышIэжьын, губгъо Iофхэр зэкIатфэхэу бжыхьэм тытехьэмэ, Тхьэм Iомэ, яхъяр тыхэплъэн. Ар тэIо шъхьаджэ, нысэ, Шъэуае инэшхъэигъэ сыгу еIурэп... Шапсыгъэ уж ар зеслъэгъулIэрэр... Мыхьамэт-Джэрые зи къыкIэкIэIукIэу зэхэпхыгъэба?

– ПшынахьыкIэ, гощэшху,– Бычэ илI ыцIэ, адыгэ хабзэпти, къыриIуагъэп,– ори ошIэ, ащ фэдэхэр къыуиIотэп. ЗыгъэгумэкIырэ закъоу дасшIэрэр, ари сшIуеушъэфы, урысыдзэм зэрэхэхьагъэр ары.

– Къэгъэзэжь зимыIэм, нысэ, тырэгущаIэджэ пкIэ иIэп,– Къэнтатэ къыпиупкIыгъ, ау ежь зыгъэгумэкIыри дыхэтыжьэу къымыIон ылъэкIыгъэп,– Мыхьамэт-Джэрые зезыдзэрэр сэшIэ сэ. Тэры, исабыйщтын. Алахьым ти Гривен чылэжъ тыкъыримыгъэкIыжьыгъагъот. Шъыд Лъэустэнхьаблэ тыкъэзыщэжьыгъэр? Чыжьэджэ къытэутыгъэ адыгамэр ары. Ары шъхьаджэ, ыджа адыгамэр джы мэ зэфэшъхьафджэ зэтекIы. А-ей, шъыдэу тичылэжъ тыщытхъэжьытыгъ. Адыгэмэ тапэчыжьэу адыгагъэм тыкIэнэцIэу къэтхьытыгъэми, тиадыгагъэ щытщымыгъупшэу тыщыпсэутыгъ. Шъуадыга шъуурыса зыми къытиIуагъэп, нэмыплъ къытихыгъэп. Тятэ зытырилъхьэгъэгъэ урыс тэмэтелъыр дышъэм е данэм хэшIыкIыгъэми цIыф ыгъапэтыгъэп. Джы тыадыгэп, тынэгъоеп, тыурысэп. ТшIагъэр къытфагъэгъурэп, тшIэтым тыфырагъэтырэп...

Унэ лъэгуцэмкIэ Адыл-Джэрые ымакъэ къэIугъ, мыгузажъоу, шыукъамыщ уплIэнкIагъэри ыIэмычIэу, унэм къихьагъ, янэ дэжькIэ нахь гъэзагъэу къыIуагъ:

– Шъыд сэIо Шъэуае икъэтыкIэр?

– Шъыд, сикIал,– Къэнтат нанэр шъэожъыем IугушIуагъ,– уфэзэщыгъа?

– Шыхэр псы емыгъашъох, щэджагъо мэхъу пэт.

– Ары гущ, сэри ахэмэ якъэтыкIэ сегъапэ.

– Уегъапэмэ, ыджары, нэнэжъ!.. Сыиныгъэмэ, Хъан-Джэрые сыфэдизыгъэмэ, шыхэр псашъо сфытыгъэх.

– Ары гущ, Хъан-Джэрый угу къэкIыгъ, сикIал... Сахьид-Джэрыий зыщымыгъэгъупш, ари уянэ къылъфыгъ, пшынахьыжъ. ПкIэрытчыгъэхэу уафэтэгъэлIэжьы.

– Ахэмэ анахьыжъи сиI сэ,– Адыл-Джэрые къызIуипхъотыгъ.

– Ы-ы! – Зэхихыгъэр зыфихьын ымышIэу нысэм дэжькIэ плъэзэ, Къэнтат гощэшхом ымакъэ зыкъыIэтыгъ, псынкIэуи шъэожъыем ыпашъхьэ зыкъыщишIэжьыгъ: – Адэ ары, уиI. Къырым-Джэрые къытхэмысыжьми, шъуанахьыжъ, лIакъом щыщ. Къошыр зыщыбэм бэныр щыбыхъу язгъэIуагъэр? Сигуапэ пшыхэр зэрэпщымыгъупшэхэрэр...– ЗэIахьылыгъэм гугъэткIу ехъулIэгъэгъэ Къэнтатэ шъэожъыер зыгъэгумэкIыщтыгъэр джыры ныIэп ыгу къызыкIыжьыгъэр, къехъулIагъэр рыхигъэкIокIэжьэу цIацIэ фэдэ зишIыгъ: – А синынэ гущ, шыхэр псашъо пщэнхэу, ощ нэмыкI паIо зыщыгъ щагум дэтыжьба?!

– Шъыд пае дэмыт, нэнэжъ,– Адыл-Джэрые ащ къежэщтыгъэ пIонэу къыIуагъ,– онэш зэблэхъуиплIым Шъэуае цахьы афишIырэп нахь...

– Уятэ удэшэсмэ, адырэ онэшитIури Iэдэжьджэ къыздырещэкIа?

– Нэнэжъ, пIорэ шъыд! Шъэуае зышэсджэ, Къаймэт фэкъолIым онэшхэр къыфегъанэх.

– Шъыд ащыгъум Къаймэт фэкъолIыр зыфыщысыр? – Къэнтат нанэм шъэожъыем ыгу ыщэфыгъ: – Шыхэр псашъо зыкIимыщэхэрэр?

– Къаймэт фэкъолIыр, нэнэжъ, щыгъущэ кIуагъи.

– Ары, тыгъуасэ дгъэкIуагъэ,– къыдырегъаштэ, етIанэ ыгъэшIагъоу къеупчIы: – ащи ущыгъуаза?

– Адэ нэнэжъ, пщы щагум дэкIрэр сымышIэу унагъом сыщыщба?

– Ох гущ, сикIал, аферым, сыогъатхъэ. Ыджары уилIакъуи, уимылъкуи, уибылыми къызэрэбгъэгъунэн фаер! Зэ, шылъэмакъэ къэIу. Мыхьамэт-Джэрыедхэм къагъэзэжьыгъэджэ сенэгуе.

– Шъэуаедхэр армэ, нэнэжъ,– Адыл-Джэрые унэм илъэтыжьзэ, къызэджэкIы,– онэшхэр псашъо тщэтых.

– Модэ еплъ шъхьэпэежъ цIыкIум зызэришIрэр! – ЦIэцIэным нахьи фыриIэ шIулъэгъур къытекIоу, Къэнтатэ шъэожъыем кIэлъиIуагъ, игые шъаби гущыIэжъкIэ къыухыжьыгъ: – «Сабыим уIущхыпцIэмэ, пцэ къуае делъагъо» ыджары язгъэIуагъэр. Тэгъашlo тIозэ, шъхьэпае тIэкIэхъуахьыгъ. Ащ ищыкIагъэр сэ сэшIэ, ХьорэлIыкъо Мэрчанэ фэдэ аталыкъ пытэжъ гор,– Къэнтатэ ардэдэм Хьан-Джэрые ыгу къыпылъэдагъ, хэщэтыкIыгъ нахь, игугъу къышIыгъэп. Мыхьамэт-Джэрые илъэмакъэ лъэгуцымкIэ къызщэIум, гощэшхом ыпашъхьэ лIым щылъэхахьэрэпти, Бычэ псынкIэу адырэ унэм чIэхьажьыгъ.

Унэм къихьагъэр Мыхьамэт-Джэрый ары Iоу умышIэжьынэу, лIыгъэм зыригъахьэу ятэшыпхъум къыIогушIоми, гукъао горэ къызэрехъулIагъэр ынэгу къыкIэщы.

– Шъыд, Мыхьамэт-Джэрый, тхьэ къысауи, къыохъулIагъэр? – Къэнтатэ къыкIэщтагъ,– зыгорэм емыкIу къыуихыгъа?

– Олахьэ сымышIэрэ ар къызэрэосIотэр…

– Тэ щыI Шъэуае?

– Шъэое фэкъолIымрэ сэрырэ тиIоф зэхэлъыжьэп,– Мыхьамэт-Джэрые къэхъугъэ щыIэп къыригъэкIэу щхыпцIышъо фэдэу зишIыгъ шъхьакIэ, ыгу къызэрэдемыIэрэр къыхэщыгъ.

– Шъыд къышъохъулIагъ, синынэгущ!

– «Пырамыбжь мэшъхьалъэ, шъхьадж илъэпкъ еожьы» зыфаIорэр тазыфагу къыдэхъуахыгъ. Щхэны джи, гъэны джи ащ фэдэ уифэкъолI къыуишIэжьыныр… «Урысыгу хъугъэмрэ адыгэгумрэ зэгурыIотэп» ыIуи, шъофым сыкъырини, хэхьажьыгъ.

– Ащ сенэгуягъ сэ!..– Къэнтатэ хэщэтыкIыгъ.– Ау Шъэуае ар нибжьи еспэсыныеп…

– Непэджэ огугъа, тятэшыпхъу, ащ фэдэгу къызысфыриIэр?

– Шъыдигъу узегуцэфагъэр? – КъыраIорэр ышIошъ мыхъоу Къэнтатэ къэупчIагъ.

– Идао ышъхьэ шапсыгъэ гъогум къыщысфырихыгъагъ.

– Джы нэс ар шъыд пае къысэмыIуагъ? – Къэнтатэ ынэхэр джы къилыдыкIыгъэх.– ИIо къытхилъхьанэу шъыд ащ фэмыгъотырэр?

– Хэт мощ пылъыр…– Къырымыдзашъоу зишIыгъэми, Мыхьамэт-Джэрые игукъао фэмыIажэу хэхьапщыкIыгъ,– мощ фэдиз дахэ зэтIуагъэм тыкъызэхишIыкIыжьыгъэп. Ыджащ фэдэщтын хьэ мыгъасэрэ цIыф мыгъасэрэ зэфэдэ язгъэIуагъэр.

Нэпс къечъагъэхэр Къэнтатэ IэплъэкIжъыемкIэ кIилъэкIыкIыгъэх.

Мыхьамэт-Джэрые ылъэгъугъэр фэщыIагъэп:

– Уизынэпсыцэ, тятэшыпхъушху, фэшъуашэпи а джырмыкъым!

Къэнтат гощэшхом пкъы зандэр ымыгъэсысэу заулэрэ щысыгъ, етIанэ шъхьэр дигъэсысэу, къыIуагъ:

– Е-о-ой, Мыхьамэт-Джэрый, нахьыкI, Шъэуай закъоджэ огугъа сэ згъаерэр, сшъхьи дэсэгъэежьы. Ар къызэрэтэхъулIэтым, Шъэуае нибжьи сшъхьэ къихьэгъахэп, бэшIагъэ сызенэгуетыгъэр… Гривен тыдэсы зэхъум, тятэ иурыс гохьакIэ зыгъэшIэгъогъагъэр мэкIагъэ, рыгущыIэхи, ащыгъупшэжьыгъагъ. Ыджы о пшIэрэр къыпфадэрэп, уятэжъи къыппаIэтыжьыгъэу плъэгъун. Адэ шъыдэу пшын, уятэжъ изэманрэ тэ тизэманрэ зэтекIы… Шъэуаеджэ хьэм сишкыгъ, хымэ ныбэ къикIыгъэми, ебэ, псэкIоды, дгъэнэтIупцIэнэп сIуи, уишыплIэ дэсэу тIопсэ бэдзэрым къызиохым щегъэжьагъэу спсэ Iуслъхьагъ, арэу къытфычIэкIыжьын Iоу сшIагъэп…– Къэнтатэ ШъэуаекIэ къыIуагъэр псынкIэу

зэблихъужьыгъ: – А Мыхьамэт-Джэрый, а нахьыкI, чэм лъакъо шкIэ ыукIырэп зэраIоу, Шъэуае угу емыгъабгъ, ари адыгэ шъхьафитым къырифэкIырэмэ ащыщ, тэ кIон, иплъыр-стырыгъэ кIэжъукIыжьыгъэу пчыхьэ нэс къыгъэзэжьынджи къэнэнэп.

– Зы лъэбэкъу пщы щагум къыдидзэнэп!

– А Мыхьамэт-Джэрый, а нахьыкI...

– Ащ къысиIуагъэр, Къэнтат!..

– Шъыд къыуиIуагъэр?

– «Уиурыс тэмэтелъ къызтепIыикIрэ тэмитIур есыупкIэхыт» къысиIуагъ.

– Тхьэ къысауи! – Къэнтат гощэшхор къыхэкуукIыгъ.– УкIакIор ащыгъум скуашъо щыспIугъэба!..

## IX

Нэбгырищ нахь – Мыхьамэт-Джэрый, Къэнтат, Быч – зыщымыгъозэ шъэф сакъым пщы щагур хэтызэ, гъэмафэр икIи, бжыхьэр къихьагъ. Ау а охътэ гумэкI блэкIыгъэри хъаныкъо унагъомкIэ хъугъэ-шIэгъэнчъагъэп: Мыхьамэт-Джэрые урысыдзэм итэмэтелъ зыщытырилъхьащт мазэм исабыитIу, Хъан-Джэрыерэ Сахьид-Джэрыерэ, яаталыкъхэмкIэ гузэгъабгъэ азыфагу къыдэмыхьэу, пэшIорыгъэшъыкIэ зэриубытылIэжьынхэ ылъэкIыгъ. Ар езгъэшIэн нэрмылъэгъу щынагъор, анахь къыпэблагъэми ышъхьэ фыримыхэу, зишъэфыгъэр Мыхьамэт-Джэрые закъор арыгъэми, зэрэгъэуIушыжьыгъэх пIонэу, шъэожъыехэр пщы щагум димыугъоежьхэу Къэнтат гощэнэшхор гупсэфыгъэп. ЗытещыныхьэщтыгъэркIэ ежьыркIэ шъэфыгъэ, ау гум илъыр фэкъолIхэм къагурэIоми, къызхамыгъэщэу шъэожъыемэ яхьанэ-гъунэ итыщтыгъэх. Хэт ышIэра, джы цыхьэ зыфэпшIыжьыщтыри пшIэрэп ыIоти, ятэ икIэрэхъо ушъагъэ, Iабэмэ къызэриштэнэу, итэхътэ кIыб дигъэлъыщтыгъэ, къэмэ зэдэлъри хьазырыгъ.

Бжыхьэпэ мэфэ гумэкI блэкIыгъэхэм ялъытыгъэмэ, непэ Къэнтатэ гукIэ рэхьат. Ау дунай гумэкIыгъом щыщэу ежь зезыдзэрэр нэбгыритIу – Мыхьамэт-Джэрыерэ Шъэое фэкъолIымрэ. Шъэожъыехэр, ежь иIуагъэу, ибгъэгъэ чIэгъ чIиугъоежьхи, гупсэфыжьыгъэ... Зэушъыижьы нахь, зэриIо дэдэуи иIоф щытэп. Пщы щагур зыфызэгъокIым уигъапэу, къэлэпчъэ макъэм пшъхьэ уигъэпхъуатэу, ошIэ-дэмышIэ бырсырэу хьаблэм къытетаджэрэм кIэрахъом, къамэм улъигъэIабэу сыдэущтэу угупсэфын? ЕтIани ахэмэ джа паIо зыщыгъ нэбгыритIур апшъэжь. Сисурэ иIоф ахэмэ къазыхэхьажькIэ, уфаеми щыс, уфаеми тэджы, шъхьэгугъум шъхьэгугъу къыхэхъожьы.

Шъыпкъэр пIощтмэ, Къэнтат гощэшхор зэрэмыгугъагъэу Мыхьамэт-Джэрые иIоф къычIэкIыгъ. А зым урыгущыIэ зэпытмэ, жэуз уехъулIэщт зэраIоу, иурыс тэмэтелъхэр зыгъэшIэгъуагъи зымыгъэшIэгъуагъи щыI. Мазэм къехъугъэшъ, къулыкъушIэкIэ мафэ къэс Екатеринодар макIо, къэкIожьы. Тхьэмафэм чэщитIу, чэщищ щырихэуи мэхъу. Итэмэтелъ телъэу, зытемылъыри нахьыбэу къыхэкIы. Сыд пае ахэмкIэ «бжъэдыгъу мамырхэм» – джары къэзэкъхэр къызэряджэхэрэр – анэ укIэIэбэн, имыщыкIагъэу агу джыри бгъэбырсырыжьын, ежьхэми мышIугъэ къызфахьыжьын?..

Джары ежь Къэнтат гощэшхомкIэ Мыхьамэт-Джэрые иIоф къызэрэшIошIырэр, ащ нэмыкI гупшысэ гори къышIухэмыхьэу щытэпщтын, ау ышнахьыжъ ыкъо иIоф зытет шъыпкъэр хъырцыжъмэ гъогум къыщыфадзыгъагъэр ежь зиусхьанымрэ Шъэое фэкъолIымрэ нэмыкI, Мэрчан аталыкъыгъэр тIэкIу къегуцафэщтыгъ умыIощтмэ, цIыф ышIэщтыгъэп. Къэнтат гощэшхом инасып ащкIэ цыхьэшIэгъу зэрамышIыгъагъэр...

Ау етIани, адыгэ унэм щызэрэгъэгупсэфыгъэ шъэожъыехэмкIэ зыгу щыIэ Къэнтатэ ыIуагъ, урысмэ тазэрэгохьагъэр тшIэзэ, адыгэ лъэныкъом къэдгъэзэжьын фэягъэп, Пшызэ иджабгъу нэпкъ тытесыгъот... Сэ силажъи хэлъ ащ! Адыгэмэ тахэзыгъ, тахьыщт, ташхыщт сIозэ, лIакъор згъэпсэугъэп. Мыхьамэт-Джэрые тхьамыкIэр армэ, быяу, умыгузажъу сIомэ сеушъыизэ, урыс пачъыхьэм къыфыдигъэкIыгъэгъэ унашъор илъэс зытIум щызгъэгъупшэгъагъ. Сыд адыгэ лъэныкъом къэдгъэзэжьыгъэкIэ, гухахъоу щытлъэгъугъэр? Тимэлхэр щалIых, тихьэсэ шIагъэхэр щагъэсты, лъэмыджым сырыгущыIэжьрэп. Ахэмэ ягугъу сымышIыжьми, сыгурэ спсэрэ зыIуслъхьэгъэ Шъэуае къызэрэтфычIэкIыжьыгъэр? Ар сэIо шъхьакIэ, сэ къызэрэсщыхъоу Iофыр щымытмэ? Мыхьамэт-Джэрыий ыныбжь емылъытыгъэу плъыр-стыр, зыфэщыIагъэп. Пщыба, нахьыжьба, нахьыкIэм къыфидзыгъэм зыдыригъэхьыхыгъ. Урысыгумрэ адыгэгумрэ зэригъэпшэным,

дунаим къыщыхъурэмэ ахэгущыIэным, иIоф ахилъхьаным Шъэуае иакъыл нэсыгъа? Сицыхьэ зытелъыгъэ фэкъолI закъор тхэзыгъ. Тыда джы ар зыдыхэтыр? Хэт ибгъагъ, хэт иджэныкъу чIыпIэ фэхъугъэр? Адыгэ хъырцыжъмэ Пшызэ адекIыми сшIэрэп, ар хъухэнэп!.. МэзитIум уиплъырыгъэ пкIэмыжъукIыжьыныр, узщапIугъэ щагур IэшIугъэ горэкIэ угу къэмыкIыжьыныр, ахэр зэкIэ хэсэгъэкIышъ, кIо, тэ тыIофэп, Сисурэ гущэу мафи чэщи зыгу къигъыкIырэмрэ зыкъэмышIэжьыныр зыфэсхьын сшIэрэп... Пщы щагум плъапэ къыдыуимыгъэдзэнэу Мыхьамэт-Джэрые зэриIорэр угу емыгъэкIу, къыфэIошъурэп нахь, кIэгъожьыгъэкIэ сенэгуе, чэм лъакъо шкIэ ыукIрэп, сэщ нахь къэмынэжьыгъэми, тикъэлапчъэ оркIэ зэфэшIыгъэщтэп. А тэмэпкъ еупкIэхынэу зыфэпIуагъэр Мыхьамэт-ДжэрыекIэ пфэшIэшъунэп, умышIахэ гущэу ужэ къыдэлъэтыгъэнкIи мэхъу... Ау пIорэр зыдэпшIэжьэу пыигум ар къыбгъодэкIыгъэмэ, къыпфэсыдэнэп, сидэхэ Iуагъэ хъаулые пфэхъун!

Адырэ къыпыт унэм шъэожъыемэ язэрэгъэбырсыр макъэ зыкъыщиIэтыгъ.

– А Сисур,– Къэнтатэ джагъэ,– тэ ущыIа? Шъыд унэм зырашIахьыжьыгъэу шъэожъыехэр зыфисхэр! Къаймэт регъэщых.

Адыл-Джэрые ынэхэр къыIэпыкIхэу, Сисурэ ычIыпIэкIэ, унэм къилъэдагъ:

– Укъэджагъа, нэнэжъ?

– Сыкъэджагъ унэм сишъоудэгуахьышъ!

– Сэрэп ар! – Адыл-Джэрые, ихыягъэ ыпэ итэу, къызIуепхъоты.

– Хэт адэ бгъэмысэрэр?

– Хъан-Джэрые ыIорэр ошIа, нэнэжъ?

– Сыщыбгъэгъуазэмэ, сшIэн.

– Сынахьыжъ, шъукъысэдэIу еIо.

– Хъан-Джэрые арэу еIомэ, аферым, мыхъун хэслъагъорэп.

– Ары шъхьаджэ, зымыгъэсысэу пшысэм къедэIу еIо.

– Пшысэ къышъуфеIуата?

– Адэ... IурыIупчъэхэри къытегъаIо... Къоджэхь-къоджэшкыр къызысымышIэджэ, сынатIэ, нэтIэкъау еIошъы, щэунае къео...

– Сахьид-Джэрые шъыдэу зишIра? – Къэнтатэ щхын фаII, зеIажэ.



– Сахьид-Джэрыешъы, ащи сынахьыжъ еIо, зыкъыстырегъэпщахьы...–Адьл-Джэрые ышъхьэ риуфэхи, IэбжымкIэ ынэмэ акIэIотыхьэмэ Iупчъапчъэзэ, къэгъынэгъагъ.– Оры, нэнэжъ... Шъы ахэр къызфэпщэжьыгъэхэр?.. Одырэр къахь, мыдырэр хьыжь, сыкъырафэкIы...

– А-енасын, сяцIэцIэт сэ ахэмэ!.. Мо къакIо, сикIал, пчъаблэм угомыт,– Къэнтатэ шъэожъыер зызэреубытылIэм, игъын нахь мэкъэхъукIэ къыхидзэжьыгъ.– Ары гущ, пшынахьыжъитIу угу хагъэкIыгъ. ЗэIун, сикIал, умыгъ. Уимэхагъэ ямыгъэлъэгъу, ыджыри нахь зыкъыптырагъэпщыхьат. Унэпсхэри моу кIэсэгъэлъэкIыкIых. Ыхьы, джы нахь лIышъо къыптеуагъ. Хэти щэрэщ, укъаушъхьакIугъэмэ, къызхэмыгъэщ, укъауIэгъапэу пшIэми, чIыпIэ къин уифагъэми, унэпс зыщыухъум, лIыгъэ къызхэгъаф, сикIал. Ма мы IэшIу-IушIур, ащ щыщ Хъан-Джэрый Сахьид-Джэрый аIузгъэфэнэп. Тэ щыIэха сэIо ахэр? А Хъан-Джэрый, а Сахьид-Джэрый!

Адыл-Джэрые щыгъ джэнэ къолэнымрэ гъончэдж пхэлъэ быхъумрэ афэдэ къабзэ ащыгъэу, шъо бгырыпх бгъузэкIэ абг зэпыпхыкIыгъэу, а зы хъэдэным хэшIыкIыгъэ цокъэ пIуакIэхэр алъакъомэ апылъэу, упкIэ пэIо хъурэе зэкIухэри ашъхьарысэу, Хъан-Джэрыерэ Сахьид-Джэрыерэ унэм къихьагъэх. Къызэплъ-зэплъыжьхи, нэнэжъым кIэрыгъэпкIэгъэ Адыл-Джэрыеу тхылъыпIэ къолэн цIыкIумэ акIоцIылъ IэшIу-IушIур зыIэбжыб чIизым пымылъхэу дырекIокIхи, янахьыжъыгъэр зыдашIэжьэу, тэхътэ лъахъчэм тетIысхьагъэх.

– Адыл-Джэрые ыгу къышъуабгъэ,– тIумэ язи ыцIэкIэ емыджэу, сэмэркъэу тхьагъэпцIыгъэ тIэкIуи ынэмэ къакIэщэу Къэнтат нанэм къыIуагъ.

– Имысагъэ зыдимышIэжьырэмэ, ыгу къытэрэбгъ,– джау сыдми, Iофы зыримыгъэшIы фэдэу Хъан-Джэрые къыIуагъ.

– Шъыда, шъыда!..– Янэжъ къогушхукIэу, Адыл-Джэрые къызщылъэтыгъ.

– Быяу, Адыл. Тхьэ къысауи шъыдэу утэмэкъ кIэкIа?

– Шъы, нэнэжъ, плъэгъурэба Хъан-Джэрые ыIорэр?

– Хъан-Джэрые мыхъун къыIуагъэу зэхэсхыгъэгоп.

– Зэхэпхыгъэба, нэнэжъ, сегъэмысэ.

– Ар зэхэсхыгъэ, ау узэригъэмысэрэр сшIэмэ сшIоигъу.

– Къерэlу ешlэмэ...– Адыл-Джэрые гъумтlымзэ, ышъхьэ риуфэхыгъ.

– Нахьыжъым упэгущыlэжьыныр къекlуа, нан? – Хъан-Джэрые шъхьэ псыгъо пэгэ lэтыгъэкlэ къэупчlагъ.

– Ар Адыл-Джэрые къерэlу. Къекlуа, сикlал?

– Хьау,– натlэкlэ джэхашъом еплъыхэу, ерагъэу Адыл-Джэрые къыжэдэкlыгъ.

– Нахьыжъым ишlоигъоныгъэ умышlэныр? – Хъан-Джэрые дыригъаштэу Сахьид-Джэрые къэупчlагъ.

– Шlоигъоныгъэр, сикlал, зэфэшъхьафыбэу зэхэлъы,– зэхихыгъэр Къэнтатэ блитlупщыгъэп,– ар бгъэцэкlэнэу узежьэджэ, узгъэунэни узгъэунэхъуни къыпфыхэкlыт. Тара ащыщэу?

Сахьид-Джэрые къыlощтыр ымышlэу къызэшlонагъ.

– Ы-ы! Къыбгурыlуагъа ыджы! – Игухьа-гужъ гушlо Адыл-Джэрые къызщигъэлъэтыгъ.

– Зэ, укъэмыхъыжъ, Адыл-Джэрый,– Хъан-Джэрые мыгузажъоу, шапсыгъэ гущыlэ «мыхъыжъэри» къыхигъафэу, зыкъигъэмэкъэхъугъ,– армэ узхэхьагъэр, къаигъ, уимысагъэ къэозгъэлъэгъужьын. Шъыд псы lэгубжъэ къахь къызыуаlом, къыкlэмыхьыгъэр?

– Ар lоф шъхьаф,– Къэнтат нанэм игущыlэ зэрзэкlихьажьрэр гуригъаlоу, къыгос шъэожъыем фыреплъэкlыгъ, еlэсэкlыгъ: – ащ фэдэ пшlагъэмэ, сикlал, джынэкъэуж умышlэжьы.

– Ары шъхьаджэ, нэнэжъ, псы lэгубжъэ пае цlыфым ешъхьэшъуаоха? – Адыл-Джэрые ушъхьагъу къыгъотыгъ.– Сахьид-Джэрые lэшхожъ, гъучlым фэд...

– Нахьыжъыр къызэрэпщыгугърэм лакъырдыгъэ епшlылlэмэ, къыошъхьэшъоон ылъэкlыт, адыгагъэм ари къеубыты, сикlал. Зэкlэми анахьыышlур адыгэгъэ шэнмэ ащымыкlуахьымэ ары. Ащ фэдэ ори, пшынахьыжъхэми шъуазыфагу къыдэмыхьажьынэу, хэти инахьыкlагъэрэ инахьыжъыгъэрэ зыдишlэжьэу, зым lэкlэзыгъэр адырэм къыштэжьзэ, шъуззэдэпсэунэу сышъущэгугъы. Шъуlэ зэкlэмыдзагъэмэ, дунай хьылъэу тызтетыр къин къышъуфэхъут. Зэшитlур къэмэ бгъутlуц аlо. Шъо тхьэм ишыкурджэ, зэшиплl шъохъу, шъукъэхъумэ, шъуяти жъышъхьэ мафэ къышъохъулlэн, Алахь зизакъом ынэшlуджэ Султlан лlакъори бэгъон, адыгэ лъэпкъым хэхъон. Сэр гущи, хэт ышlэра къыспыщылъыри, сылlэмэ, сибэн бытхъу жъугъэхъун. Шъуашъхьагъ джыри тlэкlурэ ситэу шъуинасып Алахьэм къысегъэлъэгъужь. Шъыд ащ нахь тхъагъо мы адыгэ дунай бырсырым сэ къыщыслъэгъужьын!..– Къэнтат гощэшхом ошlэ-дэмышlэу ыгу къызэхахьи, ымакъэ къышlуефэхыгъ, сабыймэ апашъхьэ къыщехъулlэрэр шlоемыкlоу, пкъы зандэм псынкlэу зыкъыригъэшlэжьэу шъхьэр диlэтэежьыгъ, ыпашъхьэ ис шъэуитlумэ аlугушlуагъ, гущыlэр зэкlэ зыпкъ къикlыгъэ къыгос цlыкlум ышъхьашъо lэ щифагъ, ариlуагъ: – Кlо, нынэ, сэ шъукъыскlэрысджэ пкlэ иlэп, бжыхьэ мэфэ шlагъом зыхэшъумыгъэн, жьым шъухахь, шъуджэгу. Хьаблэм чыжьэу шъутемыкl. Къаймэти, нэмыкlми аlорэм шъуедэlу. Мыдэ, Хъан-Джэрый, Сахьид-Джэрый, зэ шъукъэуцу, шъуятэ мы lэшlу-lушlу тlэкlоу къалэм къысфырихыгъэм шъори шъухэсынынэп.

Пчъаблэм дэжь Адыл-Джэрые зыщыритlагъ, нэплъэгъу тхьагъэпцlыкlэ Къэнтат нанэм еплъыгъ, ышнахьыжъмэ зэрятэрэр зэригуапэр ымэкъэ чан къыхэщми, егыигъ:

– Ахэмэ, нэнэжъ, lэшlу-lушlум щыщ аlумыгъэфэнэу пlогъагъэба?

– Адэ, сикlал, мыхэмэ ясымытмэ, о къыосымытымэ, шъыдэу хъумэ мыр сцагэ дэхьан, шъуихьалэл. Къызхэкlыгъэри зыхэхьажьытэри шъуятэ идышъэ коныжъ. Алахьым шъуизымафэ мэфишъэ шъуфешl.

Шъэожъыехэр унэм икlхи, изакъоу къызенэжьым, джы нэс зыфэзэщыгъэ тыжьын бэщ гужьыдэгъэкlыр Къэнтатэ къыштагъ. Гупшысэр къытекlо хъумэ, зэришl хабзэу, бэщ пэкlэ хъураем ыlэ одитlу тырилъхьи, иплъызыгъэ мыухыжь диублагъ.

Жъыгъо мытхъагъор, къыгъэшlэгъэ илъэсмэ щахэгупшысыхьажьынэу, къогъупэ тынчыпlэ горэм ренэу фэерыш. Щыlэныгъэм езэщыгъэу, зылъэ пытэ тет нахьыкlэмэ хъопсэгъо-шъугъугъэкlэ защидзыеу, цlэцlэлэгъумтlымыгъэр къебэкlэу арэп. Хэтырэ цlыфкlи жъыгъор зэфэдэми, икъехьакlыкlэ бэкlэ зэтекlы. Ащ шъхьэзэкъоныгъэр къызыхэхьажьырэм, гур мэкlодышъ, зыми уримыщыкlэгъэжь фэдэу укъэнэ.

Къэнтат гощэшхор жъы узхэмрэ шъхьэзэкъо зэщыгъомрэ аухы озгъэlон чlыпlэ непэкlэ итэп. Илъэс тlокlиплlым хэхьагъ пlокlэ, зыми ышlошъ хъунэп – джыри зыкъэзыуфэн зимыгухэлъ тхы бгъузэмрэ тэмэ хъураехэмрэ яlэпс-

лъэпсыгъэ, тахътэм тесми, джэхэшъогум тетми, зэдештэ. Ынэхэм гур зыгъэцIыкIун гъукIэгъэ-пкIыжьыгъэрэ нэшхъэй гъощагъэрэ акIэплъагъорэп. Пщы щагу хъоо-пщаур зылъэ тезгъэтырэ гощэшхом, сыд ыныбжьми, шъхьэзэкъонгъэ гукIодыгъор бгъу пстэумкIи епхьылIагъэми, кIэрызэгъэнэп – ышнахьыжъ ыкъо зиусхьаныр армэ, Iордэгъазэу къышъхьащыт, инысэшъ, шэнышIу, Iушъаб, пхъорэлъф цIыкIуищыри нэнэжъ гъатхъэу къетэкъокIыгъ.

Бжыхьэ тыгъэ фабэм зыхэзгъэнынэп ыIуи, Къэнтатэ унэм къикIыгъ шъхьакIэ, нэмыкI ушъхьагъу заули ащ къыхэхьагъ: шъэожъыехэр инэплъэгъу кIэмыт зэпытхэми, язэрыгъэджэгу макъэ зэхихэу унэ лъэгуцым тесмэ, нахь гупсэфыщт, джы къызнэсыгъэм зихэхьажьыкIэ емызэгъырэ Шъэуае ищагу дэтыкIэщтыгъэр Сисурэ кIэ ыгу къыгъэкIыжьэу, гущыIэгъу пшъэшъэжъыер ымышIыщтми, хэт ышIэра, ыпсэ зыпэблагъэмкIэ щымыщ горэ къыхафэми къыхэмыфэми зэригъашIэу, иIофшIэкIэ-IэбакIэ загъорэ фычIэплъэу щысын; зэкIэми апшъэжь Мыхьамэт-Джэрые икъэкIожьыгъошъ, къэзэкъ ухъумэкIуитIумэ иунэ къагъэсыжьми, шыу шъхьэзакъоу пщы щагум къыдигъэхьажьынэп, нэшIо-гушIокIэ пэгъокIын.

Тыжьын бэщышъхьэ хъураем Iэ одитIур телъэу унэ лъэгуцым тесыныр е пчъэIупэм Iусыныр Къэнтат гощэшхом пчэдыжьыпэ-пчыхьэшъхьапэм икIэсагъэми, «сыда мыщ ынэ къыттедыкъагъэу, тшIэрэр зэригъашIэу, ыуплъэкIоу зыфыщысыр» зыIорэ Iаджи пщы щагум дэтыгъ. Ахэмэ язэкъуагъэп, Бычэ гуащэми Сисурэ джэхэшъотетми аIу зэфагъазэу ащкIэ зэдэмыгущыIэгъагъэхэми, Къэнтатэ ищысыкIэ мыухыжь агу еIущтыгъэп. Жъыгъо шъхьэзэкъонгъэм къыздихьырэмэ, сыдэу пшIын, ари ащыщ. Ау ащ фэдэ Къэнтатэ еIолIэгъуаеми, зэрыфэгъэ чIыпIэм, сыд фэбгъэшъошагъэми, хэзагъэ. Ащ пае зистыжьрэп, зишхыжьрэп. НыбжьыкIэгъур насыпынчъагъэми, ижъышъхьэ мафэ щэгушIукIы, пщы унагъом зэрипкъэум, адэ ащ зыгори къыхэмыхьан ылъэкIыщтэп, щегъаIэ, шIур ипкIыхьэлъэгоу, мышIур амал зэрэфэхъоу IуигъэзыкIзэ, мэпсэу.

Къэнтат гощэшхом ищысыкIэкIэ ар непэ епIолIэн плъэкIыщтэп. ГъэрекIо, ащ ыпэрэм елъытыгъэмэ, мыгъэрэ илъэсым пыкIыгъэ уахътэхэр, бжыхьэ гумэкIри зэрахэтыжьэу, КъэнтаткIэ псынкIэгъуагъэхэп. Адыгэ Iоф зэхэмыфыгъэми, адыгэ бжъэдыгъу унэгъо мин пчъагъэмэ афэдэу, яжь яунагъуи зэрадзэ. Бжъэдыгъумэ язэкъуагъэмэ Iофыгъа, шапсыгъэхэри, абдзахэхэри, убыххэри, кIэмгуехэри, мэхъошхэри, Бэслъыныехэри зым ыIорэр зым риутыжьэу, хэсэ мыухыжьмэ ахэтых. Щыным ыкIыIу корэшъу зэраIоу, СултIанмэ яунэгъо Iоф, Мыхьамэт-Джэрые иурыс лъэбэкъу, зыщыпсэурэ чылэм нэмыкIэу, гъунэгъу чылэхэми, нахь пэIудзыгъэхэми, зэрэадыгэ шъолъыр пIоми хъунэу, бэмэ анэ кIаоу къахэпIыикIы. А пстэури имыкъоу, Къэнтатэ ыIуагъ, тиунэгъо мамыр щыIакIэ зэщигъакъоу, тызиджагъор къытщигъэгушIукIэу, тызикIасэм ышъхьэ рыригъэуфэхэу Шъэуае хьалэ-балыкъ къытхигъэтэджагъ. Бырсыр къызпимыгъэкIыгъэми, изекIуакIэ цIыфмэ зэхахыгъэба, ажэ тыдигъэфагъэба. А кIэлэ мыгъу, тызгъапэрэмэ ори уакъыхэмыхьажьы хъущтыгъэба! Ар умышIэнкIэ сшIагъэмэ, зыпэ къэсымыштэн щыIагъэп!.. Мыхьамэт-Джэрыерэ орырэ зэтешъухыгъэр адыгэ шъхьэфит Iоф шъхьакIэ, сыдэущтэу ащ сэ сыкъыхахьэра? Е-о-ой, Шъэуай, сыпщыгугъызэ сижъышъхьэм дунэе Iаем къыщысэпшIэжьыгъэр! Аущтэу оIомэ, уиягъэ къытэмыгъэкIри, узфаер Iо, узфаер шIэ, ау мэстэпэ цIыкIукIэ тыл гъэузри, сэщ нахь къэмынэжьыгъэми, мы дунаим утезгъэтынэп! Уигухьэ-гужъ къыттепкъутэнэу, синынэ гущ, сыд отшIагъэр?! КъызгурыIорэп мыщ фэдизэу укъытфэзгъэблыгъэр… Чыр зэгозэу удэмыфагъэмэ узщыхэтми цIыф щыгъуазэп. КIо, сшIэрэп Сисурэ ымышIэмэ. Ари пшъэшъэжъые зэкIоцIылъышъ, Шъэуае иIофмэ зыгорэ ахешIыкIми, шIурышIукIэ къыуиIощтэп. Сэ къысщэукIытэмэ сIуи, нысэри нэмыкIхэри кIэкIэзгъэупчIыхьагъэх – зи химышIыкIэу къариIуагъ. Сыдэу сшIын, тхьэм къыстырилъхьагъ, джыри зэ сшъхьэкIэ сеупчIын.

– А Сисур,– щыбжьый плъыжь блэрхэр коным кIэрытэу тыгъэ напэм щызэпырызгъазэрэ пшъашъэм Къэнтатэ еджагъ,– пхъэнтIэкIужъыер къысфахь, слъакъохэр пшъыгъэх. Ох-ох, сыгу жьы дэбгъэхьагъ. Моу саплIэIуи зыгорэ къидз, бэрэ сыщысмэ, ари мэдыи. Адэ жъыгъор шIугъэмэ, жъыгъо аIонгъа… А Сисур, зэ моу къэуцу, урагъэзэщыгъэми, сыкъыоупчIыт. Шъэуае тхьамыкIэм сегъапэ, зыгорэ хэошIыкIмэ, сшIомыушъэф, умыукIытэу къысаIу. Ыпсэ пытэу дунаим тетыхэмэ, ащ орырэ сэрырэ гум тыкъызэрэримынэтым сицахьы телъ.

– Ыджа зымафэ игугъу къызэрэпфэсшIыгъагъэу,– укIытапэзэ, Сисурэ къыIуагъ,– Абдзахэ зэрэщалъэгъугъэм фэшъхьаф зи хэсшIыкIырэп.

– Ары гущ, нынэ, ары гущ, Сисур,– гукIэгъур нахьыбэу Къэнтат гощэшхор хэщэтыкIыгъ.– КIо, нынэ, уиIофмэ ауж ихьажь. Ау зыгорэджэ къыпфыкъокIмэ, мэкъэнчъэ сымышI.

Сисурэ кIэлъаIуагъэм ынэкIушъхьэ къыгъэушэплъыгъ. Шъэуае ышъхьэ зэрэщигъэзыягъэм о уиIофи хэмылъэу щытэп ыIозэ, щыбжьый блэрмэ Сисурэ якIужьыгъ. ИгукIаемэ джыри гукIае къатехъоу Iэбагъэ, щыбжьыишъхьэ пэпцIэ стыр ябгэмэ къастыгъ пIонэу нэпсыци Iэпызыгъ, ау, пшъэшъэгу мэхагъэм зыдыримыгъэхьыхэу, псынкIэуи зызэтыриIэжэжьыгъ.

ЕгъашIэм бжъэдыгъумэ къяцэлэшхэрэ абдзэхэ стырыжъмэ, Къэнтат гощэшхом кIэгубжыхьажь ышIыгъ, сыда Шъэуае ахэзыхьагъэр! Сенэгуе а лъэныкъом щыщыгъэкIэ. Адэ шапсыгъэмэ, убыхмэ, кIэмгуемэ адэжькIэ зигъэзагъэпи... Ышъхьэ Iуихыжьыпэ шIоигъуагъэмэ, нахь чыжьаIоу, Бэслъыныемэ е къэбэртаемэ адэжькIэ IукIынигъи. Плъэгъурэба ащ зыздигъэзагъэр, къытэбэнрэмэ янабгъо зыридзагъ. Джа жэкIэ-пэкIэ нэ къилыдыкIхэр ары тэри, модырэ урысыбгъури щызымыгъаIэхэрэр. Къушъхьэм къычIэлъэтхэшъ, къытхэлъадэх. КIо, тэ тыадыгэшъ, къытэтыгъуагъэхэми, къытэзэуагъэхэми, зыгорэм тыкъеубыты, зыгорэм тышIолIыкIы, тыкъызэкъонэжьы. Пшызэ джабгъу уикIэу чэщтео зэпшIылIэрэмэ ар къыпфадэна? Iэшэ ихыгъэм Iашэр ипэгъохыжьэу зэо-банэр азыфагу къыдэтаджэ. Ар яушъхьагъоу къэзэкъхэми ядзэ тичIыгу къыряжъугъэщэщт... Сыадыгэгу пIозэ, Шъэуай, хъырцыжъ купмэ уахафэмэ, уахэунэхъон. Аущтэу мыхъузэ, талъэныкъокIэ зыкъэбгъэзэжьмэ, нахьышIу... Сыд сэIо жэмыIанигъэм къыхьыгъэ Iэе закъор сыгу зыфизгъэлъырэр ыIуи, Къэнтат гощэшхор, къызэкIащтэу, зыфэгубжыжьыгъ.

Зы гумэкIыр зыщегъэгъупшэ ыIозэ, нэмыкI гумэкIыр тыгъэ тIысыжьыгъом пчыхьэшъхьапэм Къэнтат гощэшхом къыфихьыгъ – пщы щагум дэтмэ адэгущыIэмэ, шъэожъыемэ ядэхашIэзэ, Мыхьамэт-Джэрые икъэкIожьыгъо уахътэ зэрэблэкIыгъэм зыкъыригъэшIэжьыгъ.



– Адэ зи къапIорэпи, Хъан-Джэрый? – Шапсыгъэ къушъхьэ чыжьэм къокIошъэжьырэ тыгъэ плъыжьыбзэм еплъырэ шъаом Къэнтат еупчIыгъ.

– Зэ, нан, тыгъэм тегъэплъ! – Адыл цIыкIур Хъан-Джэрые ыкуашъо тесэу къыхэкуукIы.

– Тыгъэм уеплъына, бетэмал, уятэ икъэкIожьыгъо блэкIыгъэу,– Къэнтатэ, тыжьын бэщыр зыкIигъаIэзэ, къызщытэджыкIыгъ,– бжыхьэ мафэр шъыд, чэт лъэкъо псынкI, мэзахэ къэхъут. Моу зэ къэIаби, Сахьид-Джэрый, лъэгуцэм сегъэх. Мыщ фэдэ уахътэм шъуятэ къэкIожьыгъэу, шкэгъахэу, зитIэкIахьыжьыгъэу унэм исыгъ. А Къаймэт, тэ ущыIа ори сэIо!

Унэ лъэгуцым ехыгъо имыфэу шылъэмакъэу къэIугъэм Къэнтатэ къызэтыригъэуцуагъ, урамыбгъум пэIулъэшъогъэ къакъыр кIыхьэ къогъум Мыхьамэт-Джэрые шыу шъхьэзакъоу къыкъокIыгъ.

Шъэожъыищыр ятэ пэгъочъыгъ.

Ятэшыпхъум ыпашъхьэ къыпэгъочъыгъэ шъэожъыемэ ядэхэшIэныр Мыхьамэт-Джэрые къыримыгъэкIоу ариIуагъ:

– Модэ онэшым ифэIо-фашIэхэр Къаймэт фэкъолIым дашъушIэх.

Джы Къэнтат гощэшхор зыгъэгумэкIырэ упчIэри нэмыкI:

– А Мыхьамэт-Джэрый, уизакъуа? Тэ щыI уиухъумэкIо къэзэкъ шыуитIур?

– Икъунба, Къэнтат, зязгъащэмэ зыкъязгъэщэжьызэ зэрэзгъэулэугъэхэр,– Мыхьамэт-Джэрые имысагъэ зыдешIэжьми, ушъхьагъукIэ зиухыижьэу ятэшыпхъум IогушIо,– тыкъэзылъэгъухэрэми анэ къыкIао, къыддэхьащхыхэри макIэп. Пшызэ зыкъыIуязгъэщэжьи, стIупщыжьыгъэх.

– Анэ укIао, къыбдэхьащхых зыфапIорэм шъыдджэ упылъ. Зыгу къытфэшIум нахьи къытфэмышIур нахьыб, Алахьыр сакъ, зыфэсакъыжь.

– Зыгу къытфэмышIухэми укъэрабгъэу зябгъэлъэгъу хъутэп, тятэшыпхъушху,– лIыгъэм зэрэщимыкIухьагъэр ригъэшIэнэу, инэгушIуагъэ ар къыушыхьатыжьэу Мыхьамэт-Джэрые къыIуагъэми, зэхихрэр фэшъхьаф.

– Ушкахэмэ, садэжь къакIо, Мыхьамэт-Джэрый, нэмыкIхэми тарыгущыIэн.

– А Къэнтат, а тятэшыпхъуушху,– заулэрэ Мыхьамэт-Джэрые щысыгъэу джэуап къытыжьыгъ,– сыадыгэба адыгэхэр зыфэдэхэр сымышlэу, гумэкlыгъуи, щынагъуи щыlэп, ащджэ уицыхьэ къыстегъэлъ, зыгъэрэхьат. Шъэуае зыгорэ ыlуагъ пае сшъхьэ сыблыгучlэ чlэслъхьажьына! Ащ иджыркъыгъэ ощ нэмыкl есlуагъэп, езгъэшlэнэуи сыфаеп.

– Ащджэ, Мыхьамэт-Джэрый, уицахь къыстегъэлъ, Шъэое фэкъолlым ыlуагъэр Алахь зизакъор тящэу, орырэ сэрырэ нэмыкl, ежь ымыlотагъэмэ цlыф ышlэрэп.

– Мы мэзэ зытlущым ащ фэдэ къэбар къызнэсыжьыгъэп,– иурысыбгъу хэхыгъапэ зымыдэрэ зыщыщ ымышlэрэ цlыфмэ мызэу-мытlоу къыфаlопщыгъэ къэбар мышlухэри Мыхьамэт-Джэрые ятэшыпхъум шlуиушъэфыгъ.

– А Мыхьамэт-Джэрый, мощ фэдизыр къэбгъэшlагъэу шъыдэу, тхьэ къысаогущи, джыри угулъытэнчъ,– Къэнтатэ зэхихыгъэр ыгъэшlэгъуагъ,– хэт къыпкlэрыуцоу дэй къыуиlон! Ау къэзэкъ шыухэр къыбгошlагъэхэу чылэм щямыгъэлъэгъу пшlоигъомэ, ыджа зэрэпlуагъэу, адырэ Пшызэбгъу къыlунэх, ау мыдырабгъуджэ Къаймэт фэкъолlымдхэри къыппэрэгъокlых, ахэмэ, лlыгъэнчъэхэп, ящынагъуи къыптетын.

– Ахэми уицахь ателъа, тятэшыпхъуушху? – Мыхьамэт-Джэрые Шъэое фэкъолlыр ыгу къэкlыжьэу щхыпцlыгъэ.

– А сшlэгущэрэп...– Къехьылъэкlэу Къэнтатэ хэщэтыкlыгъ.– Цахьмышlыр шъыпкъэнчъ зэраlоу, шъыдэу хъумэ, цахь тымышlэу тыпсэун.

– Олахьэ ари шъыпкъэм.

– Адэ ары. Алахьыр сакъ, зыфэсакъыжь, Мыхьамэт-Джэрый,– зыгъэгумэкlырэр джыри Къэнтатэ къымыlон ылъэкlыгъэп, тlэкlу тыригъашlи, къыпидзэжьыгъ: – сэ ыджыри зыгорэ къыуасlомэ сшlоигъу. Ари сакъыныгъэм, цахьшlыным щыщ. Урысмэ агохьагъ, джаурыгу хъугъэ къызэрямыгъаlоу, пчэдыжьыпэми, пчыхьэшъхьапэми, узщифэрэм мэщытым кlо, нэмазышl фэкъолlмэ ахахь, ягопэт, ядин адэпlыгъмэ делэхэп, урысыгу узэрэмыхъугъэр къагурыlот. Муары азэнаджэри шъукъакlу, Тхьэм ыпашъхьэ шъуихь еlошъы, къаджэ.

– Олахьэ, Къэнтат, гурэ псэрэ зэрэшlэ зыфапlорэр шъыпкъэм,– Мыхьамэт-Джэрые ыжэкlэ-пэкlэ тхъоплъышъомэ къахэгушlукlыгъ,– ыджа дэдэр сэри сигухэлъыгъэм. Сахэхьан, сахэтын, сыгу илъри ясlон, агу къысфилъри зэзгъэшlэн.

– Ары, Мыхьамэт-Джэрый, ары,– Къэнтатэ игушlо ымэкъэ чан къыхэщыгъ,– тэ урысмэ тагохьагъэджэ, джыра, уятэ итырку пэуцужь изэман, тызщыщ адыгэхэр тыбгынагъэха, гум къитынагъэха! Мары тахэс, тадапlо, тадэлажьэ, тадэгумэкlы, ячlыфэ ттелъ зыми къытиlонэп.

– Адэ зыгорэм зыгорэ емыгъэlон плъэкlынэп...– Мыхьамэт-Джэрые ятэшыпхъум игущыlэ пыупкlыгъэхэр къыгъэушъэбыжьхэу нэдэплъыпlэ горэ арегъэгъоты.

## X

Блэкlыгъэ мэфэ шъабэмэ ялъытыгъэмэ, непэ гуlэтынчъэ отlэ-псытl. Къегъолъэхыгъэ уашъор гъынэ-гъыпс, къыригъэчъэбзэхэу ыгу жьы дигъэкlырэп. Гугъуемылl ощхыпс шхъонтlэ фэмыфкlэ пчэдыжь щегъэжьагъэу зэlушъэшъэрэ дунаим зынэмысрэ къымыгъанэу, щэджэгъуапэмэ адэжь зыригъэутlыlугъ. Ащ изакъоп, фэбэпlэ тахътэм тес Къэнтат гощэшхори ащ хэныгъэп – шъхьаныгъупчъэ апчым иощхыпс къегъых гукlэ зэхешlэ. Инасыпти, изэщыгъуи игумэкl мыухыжьи тезыгъэун хэдыкlын къызфигъотыжьыгъ.

Зымафэ Сисурэ фидыгъэ джанэм ыlэгъопэ бэлагъэ дышъэ lуданэкlэ хэзыдыкlырэ Къэнтат гощэшхом имэстэ хэхыкlэ Бычэ егъэшlагъо. Нэгъунджэ кlэлъэп, псынкlэу мэlабэ, мэстапэр, lуданэр шэкlым теджэгукlы – тхыпхъэм псэ къыпегъакlэ. Бычи тхыпхъэ хэдыкlынымкlэ lазэ, ау имэстэ хэун гощэшхом ыуж къенэ, тыжьын хьакlустэл пакоми lапэр къефызы.

– А нысэ, шъыд сэlо тезыфыжьагъэр? – Ыпашъхьэ исым ижъэжъэ lэбакlэ гу лъитагъ пlонэу Къэнтатэ хэдыкlыныр щегъэты.– Сисурэ идэкlогъу екlа? – Ипсэлъыхъо Шъэуае тэ щыхэт къыпигъэхъожьыныр ыгу къыпылъэдэгъагъ шъхьакlэ, нысэм ыпашъхьэ къыригъэкlугъэп.

– А сшlэ гущэрэп, гощэшху. Зэгорэм зидэкlогъу къэмысын щыlэпщтын. Сисурэ типшъашъэм фэд, шlыкlашlу, дэхэсурэт, Алахьэм нысыпышlо ешl, шъыдджэ сыфэулэугъэми, сигуапэ,– гощэшхом ыпашъхьэ бащэ къыщысэlомэ сшlэрэп, яджэхэшъотет пшъашъэм щытхъуныр Бычэ

щигъэтыжьзэ, нэмыкI гущыIэ техьагъ,– уихэдыкI IэбакIэ сызIэпищагъэу тIэкIу сыгузэжъуагъэджэ сенэгуе. Зэ еплъи.

– Сэри а пшъэшъэжъыем фэсымышIэн щыIэп, нысэ,– Къэнтати къыдырегъаштэ,– шIуджэ зиIэтыгъэу, шIуджэ типчъэшъхьаIу елъэбэкъуагъэу Алахьэм къысегъэлъэгъужь, ау зыфыщысы гущэр сшIэрэп нахь... Адэ ары... Ары, нысэ, уихэдыкI дэхэ дэд, зы къонщагъи хэслъагъорэп, пIэ екIугъ,– етIанэ ошIэ-дэмышIэу хэхьапщыкIыгъ: – Шъыдэу непэ, тхьэм симыукIи, мэфэ гопэгъу, мы ощх цIынэми зэ щигъэтыжьытыба!

– Ошъо онтэгъур къыохьылъэкIыщтын, гощэшху. Угъолъмэ нахьышIуба, гощэшху?

– Ихьау. Моу сакIыб шъхьантэр къыдалъхь, IэплъэкIышхори слъэгуанджэмэ къяхъух. А нысэ, Мыхьамэт-Джэрые неущмыкIа икъэкIожьыгъор?

– ЧэщитIу тешIэ къэс ящэнэрэ пчыхьэм къэкIожьы,– Бычэ къэгузэжъуагъ: – шъыд, гощэшху?

– Ихьау, нысэ. Зимыхэбзэгъэ бырсыр горэ сыгу къызфитэджагъэр сшIэрэп. Псы тIэкIу сегъашъуи, скIэжъукIыжьыт. Ох-ох, гущ, тхьэуегъэпсэу, псыри Iэзэгъу.– Къэнтатэ псы зешъо уж тIэкIурэ щысыгъэу къэупчIагъ: – А нысэ, шъэожъыехэр тэ щыIэха, амакъэ зэхэсхырэп.

– Хъан-Джэрые иунэ ис, тхылъмэ ахаплъэтыгъ. НахьыкIитIур Къаймэт фэкъолIым гъучIыр Хьадж-Къэсэй зэригъажъэрэр шъозгъэлъэгъут ыIуи, кIыщым ыщагъэх.

– КIыщыр ящыпэлъэгъуа?! Унэм исынхэп аIуи, ушъхьагъу къагъотыгъ. Ощх къещхми, тыгъэ къепсми, къыткIэрызэгъэтхэп. А Хъан-Джэрый, а нынэ, уизакъоу уимыс, моу къакIо.

Лъэпэлъэгэ бгы псыгъоу, мыбжыхьэ нахь зыричыгъэба уигъаIоу, Хъан-Джэрые пчъаблэм къыдэкIыгъ, нэнэжъри къеджагъ:

– А Хъан, а сикIал, моу пIэ сынатIэ къытелъхьи, сигумэкI хэгъэжъукI. Мыщ ыIэмэ, нысэ, яшъэбагъэ уегъэгупсэфы, уиузи пхащы, тхьэуегъэпсэу, сикIал, Iэзэгъу укъысфэхьугъ, сыгу бгъэпсэфыгъэ. Шъыд тхылъ, нынэ, узхаплъэтыгъэр?

– Зымафэ тятэ къалэм къысфырихыгъэ тхылъыр ары.

– Уеджэшъуа, къыбгурэIуа, сикIал?

– Урысыбзэр ошIэмэ, шъы, нан, ащ къыбгурымыIонэу хэлъыр.



– Ары, сикIал. УицIыкIугъом Гривен щыуагъэшIэгъэгъэ урысыбзэр зыщыбгъэгъупшагъэп. Адыгабзэр, сикIал, адыгабзэр?

– Шъыд адыгабзэр, нан? Адыгабзэри сэшIэба.

– ОшIэ къодыер арэп, уреджэнэу, урытхэнэу ары, сикIал.

– Ащ фэдэ тхылъ щыIагъэмэ, сыреджэни, сырытхэни.

– Е-о-ой, ащ фэдэ насып адыгэмэ тэ къырахыт... Апэрэ пщыр, апэрэ фэкъолIыр язэрэгъашIэрэпышъ, хэт шъугохьагъ, хэт шъуипыщэгъу аIошъ, зэо-банэм хэзэрэгъэкIхэрэп. Едж, сикIал, зыгъас, шIэныгъэ зэбгъэгъотымэ, уиадыгэ лъэпкъ, зэ мыхэмэ зыкъашIэжьынба, узыщыфэшIушIэн мафэ зэгорэм къыщыпфыхэкIынджи къэнэнэп. Я си Алахь, амин зыщыпIотым тефэу жэ мафэ сырегъэгугъэщыIыкI, зыфаер зэкIэ мы шъэожъыем къыдэгъэхъу. А нысэ, ори тхьэ елъэIу.

– Алахьэм жэ мафэ урегъэгущэIыкI, гощэнэшху,– Бычэ тхьэ зелъэIум, ыкъо шъхьэ псыгъо цIыкIу нэ фэбэ шъэф IэшIукIэ IугушIуи, къыIуагъ: – СыуимыщыкIэгъэтмэ, гощэшху, сэ унэгъо Iофмэ ауж сихьан.

– КIо, нысэ, кIо. Пщы щагур адэ зэгъокI дэдэ пшIына. Тэ, Хъан-Джэрыерэ сэрырэ, тызэрэгъэзэщытэп. Адырэ лъэкъо кIахьитIури къысфэгъэкIожь, пшысэ горэ къафэсIотэн, къоджэхь-къоджэшк тешIэн. КъаIо, Хъан-Джэрый, пшысэджэ уIазэмэ.

– О апэ къегъажь, нан, етIанэ сэры,– Хъан-Джэрые игуапэу ипхъэнтIэкIу зытыригъэгупсэфагъ.

– Сэрми хъун. КъедэIу ащыгъум сянэжъ къысфиIотэгъэгъэ къэбар горэм.

– Къэбара, пшыса?

– Къэбар пIоми хъут, мыкIэкуащэмэ, пшысэ пIоми, ухэукъотэп. Шъыдджэ уеджагъэми, гупшысэ хэлъмэ ары.

– Гупшысэ зыхэмылъыр пшысэ-къэбар зэхэпцагъ Мэрчан аталыкъым ыIотыгъ.

– Тэмэм, сикIал, ары ыджи зэрэщытыр. КупкI зэрымылъ пстэури кIэ нэшъу шъыд язгъэIуагъэр? КъедэIу, федэ хэпхынджи мэхъу. ХьэкIэ-къуакIэмэ я Аслъаныпщ зэгорэм сымаджэ хъугъэ. ХьэкIэ-къуакIэхэр зэкIэ, яини яцIыкIуи, сымэджаплъэ Аслъаным фэкIуагъ, яшъыпкъагъ, кIэупчIагъэх. Ау ахэмэ Баджэр ахэфагъэп. Ащ Iофышхо иIагъ: ичIыфэ чэтмэ къаIихыжьытыгъ. Мафэ горэм Аслъаным

дэжь Тыгъужъыр кlуагъэ: «Зиусхьан, хьэкlэ-къокlэ пстэуми шlу уалъэгъу, лъытэныгъэшхуи къыпфыряl, узэрэсымаджэри агу хэкlы, ау зыгорэм ушlоlофэп, зыпарэджи къыплъыкlуагъэп, ары пакlошъы, къыпкlэупчlагъэп». «Хэт ар?» – Аслъаныр къеупчlыгъ. «Баджэр ары»,– Тыгъужъым ыlуагъ. «Ащ ифэшъуашэ сэ езгъэгъотын!» – Аслъаныр губжыгъэ. Тыгъужъымрэ Аслъанымрэ аlуагъэр Чlыкъом зэхихыгъэти, Баджэм риlотэжьыгъ. Арыти, Баджэр пщы сымаджэм дэжь кlуагъэ. «Шъыда сэщ нахь lофэу о уиlэр? Шъыд пае джы нэс садэжь сымэджаплъэ укъэмыкlуагъ?» – Аслъаныр Баджэм къыфилъыгъ...

Хъан-Джэрые къыфаlуатэрэр зэрэшlогъэшlэгъоныр инэгушlогъэ сакъэ ышъхьэ псыгъо lэтыгъэрэкlэ къэошlэ. Къэбарым щыщ шъыпкъэ хъугъэ, зигъэсысрэп, лыягъэу жьы къыщэнкlэ мэщынэ. Къэнтат нэнэжъми ар инэрылъэгъушъ, ымыгъэжьэу, гущыlэ пэпчъ lэшlугъэ горэ кlилъхьэу, lупкlэу, загъорэ зэпыугъо тlэкlу фишlызэ, къеlуатэ.

Я си Алахь, мы шъэожъыер къэгъэхъу, лlы гъэхъу, насыпышlо шlы, Къэнтатэ тхьэ елъэlугъ. Сыдэу ищысыкlи, икъэдэlуакlи, иплъакlи, инэгушlуакlи сагъатхъэра! Тятэ тхьамыкlэр сымыlощтмэ, хэт мыр зэхьщырыр? Ары, иlуплъи итеплъи ятэжъ агъэгъуащэрэп. Тянэ щыщ гори хэлъ, ынатlэмэ, ищхыкlэмэ сшlэрэп. Ыпкъ lыгъыкlэкlэ, ышъхьэ lэтыгъэкlэ сэри къыскlэрэплъыщтын, сызщигъэгъупшэрэп. Ян? Адэ ащ щыщ гори, къылъфыгъэба, хэлъ. Ау зэрэщытэу, машалахь, ятэкlэ кlуагъэ...

«О типщышху, о зиусхьан,– Баджэм Аслъаныпщым риlуагъ,– Къэнтатэ игупшысэмэ къахэужьы, къыlуатэщтыгъэм къыпедзэжьы,– о усшlомыlофмэ, сэ хэта сшlоlофытэр? О уиlофба сэ джы нэс уадэжь сыкъэкlон сэзымыгъэлъэкlыгъэр. Адырэ къэкlогъэ пстэумэ афэдэу сэри сыкъэкlони, сыкъыпкlэупчlэ фэдэу зысшlыни... Ау уиlэзэгъу сылъыхъумэ нахьышlу сlуи, lазэхэм заlузгъэкlагъ». «Къэбгъотыгъа lэзэгъу?» – Аслъаныр къеупчlыгъ. «Къэзгъотыгъ,– Баджэм ыlуагъ,– Тыгъужъым ылъэкъо кlэн пшкымэ ухъужьыт». Аслъаным псынкlэу унашъо ышlи, Тыгъужъым ылъэкъо кlэн хахыгъ. Ар хьэкlэ-къуакlэмэ япщ рагъэшкыгъ. Лъэкъуищджэ Тыгъужъыр ежьэжьыгъэу Баджэм ыпэ зыкъыригъэфагъ, ыгъэшlагъо фэдэу еупчlыгъ: «Шъы къыпщышlыгъэр, Тыгъужъ?»



– Шъы, Хъан-Джэрый,– Къэнтат нанэр къэупчlагъ,– къэбар-пшысэм ылъапсэ къэуубытыгъэмэ, Тыгъужъым Баджэм къыриlожьыгъэн?

– Тыгъужъым ибзэгухьагъэ зыдешlэжьмэ,– упчlэм ежэщтыгъ пlонэу Хъан-Джэрые джэуап къытыжьыгъ,– зиумысыжьын.

– Тыгъужъ бзэгухьэм ар фэшlэшъуна, сикlал?

– Шъы ышlэн, машэ зытlырэр машэм ефэжьы.

– Шъыдэу къэбар лъапсэр,– Къэнтат нанэр къыхэгушlукlыгъ,– псынкlэу къэуубытыгъ! Адэ ыджары е пшlэу, шlу ущымыгугъ язгъэlуагъэр.– Етlанэ тlэкlу тешlагъэу къыlуупчlыхьажьыгъ: – А сикlал, мы къэбарыр пшlэтыгъа?

– Хьау, нан,– Хъан-Джэрые тхьагъэпцlыгъэ нэгукlэ Къэнтат нанэм lугушlуагъ,– ау мыщ ехьыщыр къэбар Мэрчанэ къысфиlотэгъагъ. Ар хьэкlэ-къуакlэп зыфэгъэхьыгъагъэр.

– Ары lошъ...– Щыпэ къэlуатэ шъэожъыем зэрэфэмыхъугъэм Къэнтатэ ымакъэ къыригъэфэхыгъ, ау къеупчlыгъ: – Шъы адэ зыфэгъэхьыгъагъэр?

– Шъэогъуитlу якъэбар. Уфаемэ, къыпфэсlотэн.

– Шъыд сызкlыфэмыетыр, сикlал. Акъыл хэлъмэ, lушыгъэ къыхэкlытмэ, бо сигуапэу сыкъедэlун.

Сахьид-Джэрыерэ Адыл-Джэрыерэ дунаир къапыхъыкlэу унэм къилъэдагъэх.

– Зэ, зэ, шъыд къышъохъулlагъ! – Къэнтатэ шъэожъыемэ ариlуагъ.– Шъубыяу, шъукъэтlыс, Хъан-Джэрые къэбар горэ къытфиlотэт.

– Нэнэжъ,– Адыл-Джэрые къыраlуагъэр имыгуапэу Хъан-Джэрые фычlэплъыгъ,– къещхыжьырэп!

– Ара? Зэ зэпыугъэмэ ары. Моу, шъукъэтlыс, Хъан-Джэрые къытфиlотэтым тежъугъэдэlу.

– Нэнэжъ, – Адыл цlыкlур уцурэп,– кlыщым тыщыlагъ тэ!

– Дэгъу шъущыlагъэмэ.

– Гъучlыр зэрагъажъэрэр, къамэр зэрагъэчъырэр къыщытлъэгъугъ.

– Дэгъу сlуагъэ. Хъан-Джэрые къытфиlотэтым зэ тежъугъэдэlу.

– Гъучlыр бгъэплъымэ, нэнэжъ, плъыжьыбзэ зэрэхъурэр!

– Орба быяу зэраlуагъэр! – Ышнахьыжъ исэмэгубгъукlэ тlысыгъэ Сахьид-Джэрые зыфэмыщыlэу, нахьыкlэм къыфэгубжыгъ.

– Шъы джы, Сахьид-Джэрый, шъы джы!..– Пчэдыжь щегъэжьагъэу кlэщыгъошхо зыдырилэгъэ нахьыжъым егый фэдэзэ, кlэкlэу къыпиупкlыгъ: – Армэ узыхэхьагъэр, сэри синэнэжъ сыготlысхьан. Арба, нэнэжъ?

– Адэ ары, сикlал. Анахьыкlэр анахь кlас, сэ о укъызгомысытмэ хэт къызгосынэу сиlэр.

– Къыжъугурыlуагъа джы! – Адыл ышнахьыжъмэ затырегъэпщыхьэ.

– Быяу, сикlал,– Къэнтатэ шъэожъыер зэреубытылlэ, ышъхьэ lэ щефэ,– зымыгъэшlыкlай. Ыджа гъучlыжъ къамэмэ анахьи Хьан-Джэрые къыlотыр, сыщымыгъуазэмэ, апэ къэсэштэ. Къэмэ-чатэр шъыд илlэужыгъу? Псэхэх, хьадэгъу къэкlуапl. lашэр шэнычъ, чъыезэ, къызбгырэу. Жабзэр бзэрабз, мыулъыижьынэу зэхэлъы. Къегъажь, Хьан-Джэрый. Сэри, пшынахьыкlэхэми къытфэlуат.

– Гущыlэм икlахь нахьи, дарием икlэкl! – Адыл цlыкlум игухьа-гужъ ащкlэ ышнахьыжъ тыригъэпщахэу къызlуипхъотыгъ, имысагъи зыдишlэжьэу янэжъ ыкъогъу зыкъуидзэжьыгъ.

– Зэхэпхыгъэба, нэнэжь, мощ нахь мыхъурэм къысфидзыгъэр! – Хьан-Джэрые къыхихыгъ.– Армэ узхэхьагъэр, жэмыlан, къэсlотэнэп.

– Зэхэоха, нэнэжъ, Хьан къысиlорэр? Жэмыlаныджэ къысаджэ, Сахьиди къыдырегъаштэ,– Адыл-Джэрые гъынагъэу, ынэмэ акlэlотыхьажьы фэдэ зишlыгъ, гъумтlымыгъэ: – анахьыкlэр анахь кlас о етlани оlо, нэнэжъ...

– Сэlо адэ усикlасэшъ. Зэlун, сикlал. Ащ фэдэ цlэджэ пшынахьыжъхэр къыоджэжьытыхэп,– Къэнтат гощэшхом ымакъэ джы нахь пытэ хъугъэ,– зэхэсхыми, афэсыдэнэп. Тэ тилlакъоджэ, нынэ, шъугу ишъуубыт, тятэ-тянэмэ къытфаусыгъэ цlэмджэ тызэджэжьы нахь, цlэ гъэшlуабзэджи цlэ лыеджи тызэджэжьрэп, шъори ар шъумышlэ,– «нэгъой» хэхэсыцlэр загъорэ зыгу къытфэмышlумэ къытфамыдзыщтыгъэмэ, Къэнтат гощэшхом гукlэ ыlуагъ.

– Армэ, нэнэжъ, сэ Адыл-Джэрые,– ыцlэ нахь къыкlигъэтхъызэ, сэмэркъэу тlэкlуи хэлъэу Сахьид-Джэрые къыlуагъ,– есшlэтыр сэшlэ.



– Тхьэ къысауи, шъушынахьыкlэ цlыкlу шъыд фыуихьисап? – Къэнтатэ гумэкl фэдэу зишlыгъ, къыгосри нахь зэриубытылlагъ.

– Пчъаблэм гозгъэуцонышъ, lурыlупчъитф къезгъэlот.

– Ара? – Зэхихыгъэм Къэнтат нанэр шъабэу къегъэупчlэ,– армэ сыкъезэгъы.

– Хьау, нэнэжъ, lурыlупчъэжъымэ сыбзэгу зэпязгъэкlын нахьи, зи сымыlоу сыкъыпкlэрысмэ нахьышlу.

– Ар lоф шъхьаф, сикlал,– къыпэчlынэтlэ шъаомэ тхьагъэпцlыгъашъокlэ, lогъу-шlэгъу къэшъумышl къыригъэкlэу, Къэнтатэ яплъыгъ,– лlы гущыlэ къэптыгъ. Зэхэпхыгъа, Хьан-Джэрый? Укlэмыгъожьыгъэмэ къытфэlуат.

– Шъыд пае сыкlэгъожьын,– Хьан-Джэрые тхы бгъузэр нахь ыузэнди, зи къэмыхъугъахэ фэдэу, къыригъэжьагъ: – Пэчъахь горэм зэшъэогъуитlу горэ иблэгъагъ. Зы шъэогъум адырэ шъэогъур пэчъахьэм къыкlэричыни, ежь изакъоу кlэрытынэу рихъухьагъ. Мафэ горэм, пэчъахьым дэжь зыщыкlотхэм, хьилагъэ зыгу къихьэгъэ шъэогъум бжьыныфыбэ, щытхъу-къыщытхъужьзэ адырэ шъэогъум ригъэшкыгъ. Бжьыныфыр зэрагъэшкыгъэм пэчъахьыр къызеджэм, бжьыныфымэр lуигъэонджэ шlоемыкlоу, зыкъыlуищэикlмэ ынэгу ригъэзэкlызэ, пэчъахьым дэгущыlагъ. Пэчъахьым ар ыгъэшlэгъуагъ, аущтэу зыфишlагъэмджэ адырэ шъэогъум еупчlыгъ. «А сишъэогъум типачъыхь ыжэ мэ lае къыдехы, укlэрытын плъэкlырэп» еlо. «Ара а хьэм къылъфыгъэм къыздэгущыlэ зэхъум зызыкlыlуигъэзыкlытыгъэр?» Пэчъахьыр губжыгъэ. Аубыгъэр пэчъахьым къаригъэщагъ, тхылъыпlэ зэтегъэпкlагъэ горэ рити, ядэжь ыlофытагъ. Тхылъыпlэр зыхьырэм мыдырэ шъэогъур ыпэ къифагъ. «Тэ укlора?» «Пэчъахьым ядэжь тхылъ горэ сегъэхьы». «Уфаемэ, а тхылъыпlэр сэри къыбдэсхьын, пэчъахьым ибайкол нахьыжъ шэнычъэжъышъ, зыкъызэрэпфишlытэр къэшlэгъуае, сэ синэlуасэшъ, сlашъхьэджэ пфестын». «Некlо, пlашъхьэджэ ет, сэрджэ тlури зы, зыфэтхьырэм lэкlахьэмэ ары.» Пэчъахьым ибайкол нахьыжъ ыпашъхьэ зыкъыщызгъэлъагъо шlоигъуагъэм тхылъыпlэр ритыгъ. Тхылъыпlэр къызэтырихи зеджэм, «мы тхылъыпlэр къышъозытыгъэр ащ лъыпытэу шъуукlы» къикlыгъ. Арыти, пэчъахьым иlо байколмэ агъэцэкlэнба, тхылъыпlэр къызlэкlэкlыгъэм ышъхьэ пагъэлъэтыгъ.

– Ащ къехъулlагъэр! – Сахьид-Джэрые къыlуагъ.

– Къехъулӏагъа, ежь зэришӏэжьыгъа? – Хъан-Джэрые къэмыупчӏэн ылъэкӏыгъэп.

– Ыджары шӏу зыгу имылъым шӏу къыдэхъурэп язгъэӏуагъэр, арба, нан? – Сахьид-Джэрые зигугъу къышӏырэм щымыгъозэ дэдэми, упчӏэкӏэ джэуап къетыжьы, къыздеогъашта ыӏорэм фэдэу къеупчӏыгъэм Ӏоплъыхьэ.

– Укъекӏолӏагъ, Сахьид-Джэрый, укъекӏолӏагъ,– Къэнтат нанэми нэшӏукӏэ шъаом джэуап ритыжьыгъ, къэбарыр къэзӏотагъэми фыреплъэкӏыгъ: – Хъан-Джэрые къыриӏолӏэтэр сшӏэрэп нахь.

– Шъы къесӏолӏэн,– Хъан-Джэрые къэбарыр къызеӏуатэм, нахь Ӏушы хъугъэ пӏонэу, тӏэкӏуи зышӏошӏыжьэу щхыпцӏыгъэ,– Мэрчанэ зэриӏоу, сэ сиӏон сӏуагъэ, шъо шъуишӏэн ыджы шъушӏэ.

– Машэ зытӏырэр машэм ефэжьы язгъэӏуагъэр ыджащ фэдэ гор. Гупшысэ зыхэлъ къэбар дэгъу, сэ узэзгъэдэӏугъэм мынахь дэй къытфэпӏотагъ. Алахьэм Мэрчанэ аталыкъыр, сыфэраз, жъышъхьэ мафэ ешӏ. Адэ, сикӏал, о зи къапӏорэпи,– зызыутӏыӏугъэу къыкӏэрыс Адыл цӏыкӏур Къэнтатэ ыгу къэкӏыжьыгъ,– бзэгухьэм къыщышӏыгъэм уигъэщтагъа?

Адыл-Джэрые къэгъыгъ.

– Шъыд, сикӏал, къыохъулӏагъэр? – Къэнтати шъэожъыитӏури къыкӏэщтагъэх.

– Сыбзэгухьэп сэ, нэнэжъ!..

– А сикӏал, а нынэ, ар о шъыджэ къыбнэсыра?! Орэп ар зыфэгъэхьыгъэр, о джыри укъэхъу пэт, угупцӏан, ухьарамыгъэнчъ. Мыдэ, Сахьид-Джэрый, къоджэхь-къоджэшк тежъугъашӏ. Хэт апэ къыхэзыдзэтыр?

– Сэры! – Зи къемыхъулӏэгъахэ фэдэу Адыл-Джэрые къызщылъэтыгъ.– Къашъуш1э: къау-къау лъэрычъ, чылэр къэзычъахь, къэзышӏэрэм къоджитф естыт.

Къоджэхь-къоджэшхым хэтхэр Бычэ зэпигъэугъэх:

– Щэджэгъуашкэр блэкӏы, гощэшху.

– Щэджагъо хъугъа? – Къэнтатэ шъхьаныгъупчъэмкӏэ зигъэзагъ, къыкӏидзыжьыгъэ бжыхьэ тыгъэри унэм къеплъыхьэ.– А нысэ, Ӏэнэшхор къысфягъэшӏ, шъэожъыехэри зыдэзгъэшкэтых, дунаир гопэгъугъэми, непэ сигопэгъу шъэожъыемэ стырагъэугъ, сагъэтхъэжьыгъ.

– Пшкырэр пцагэ дагъэхьанэп, гощэшху.

– Ихьау, нахь Ӏэшӏухэ къысщыхъут.



Хьаблэр зэтыричэу пщы щагумкӏэ Сисурэ икуо-кӏый макъэ къыщыӏугъ.

– Тхьэ къысауи, шъыд къэхъугъэр?! – Къэнтат гощэшхор кӏочӏэ щынагъо горэм къызщиӏэтыкӏыгъ, цӏыкӏуи, ини унэм къизэрэтэкъугъ, фэкъолӏхэри къызэлъычъагъэх.

Мыхьамэт-Джэрые ионэш пэбзджын пшъыгъэкӏэ кӏэщыщыкӏэу къэлапчъэм кӏэрыт, зиусхьан укӏыгъэр бгъэкӏэ онэгум едзэкӏыгъ…

## ЯТӀОНЭРЭШЪХЬ

### I

Мэфиблыр цӏыфымкӏэ, дунаим къыхилъхьэгъэ кӏуачӏэмкӏэ бгъэпсэущтымэ, зыуи арэп,– сыхьатибл пакӏошъ, такъикъибли хъурэп. Етӏани ар игъонэмысэу дунаим хэзыгъэмэ, иӏахьыл-благъэхэмкӏэ, ныбджэгъу-шъэогъухэмкӏэ гукъэо мыухыжь. Зышӏэщтыгъэхэмкӏэ, ишӏугъи имышӏугъи, ащ фыряӏэгъэ фыщытыкӏэм елъытыгъэмэ, гукъэкӏыжь зэфэшъхьаф, къэбар зэтеӏукӏ.

Сыдэу пшӏын, джары дунаир зэрэзэхэлъыр: е мафэ е чэщы, е огъу е ощхы, е тыгъэпс нэф е хьое гуих. Щыӏэныгъэри джащ фэд – гушӏогъо-гукъау, нэшхъэй-зыкъэшӏэжь. Хэти ынэтӏэгу итхагъэр къехъулӏэфэ дунаим къыщырехьакӏы – шым тесри къефэхы, лъэсри мэшэсы, зимыӏэтышъуми, гукӏэ чӏылъэм щыбыбри макӏэп, хьилагъэкӏэ, къулайкӏэ щытхъэри бэ, кӏочӏэрыпсэукӏэ, пкӏэнтӏэ нэгукӏэ щыпыхьэри нахьыб.

Хьадэдэх мафэм, зэрэ Бжъэдыгъу пӏоми хъунэу, тхьаусхэкӏо кӏоныр зытефэрэр зэкӏэ, орэхъулъфыгъ, орэбзылъфыгъ, тхьамыкӏэгъошхо зиӏэ Султӏанмэ адэжь къэогъагъ. Нахь чыжьи – Абдзахэ, Шапсыгъэ, Нэтыхъуае, Кӏэмгуе, Бэслъыные, Пшызэ псырыкӏ къэзэкъ купи къикӏыгъагъэх. Султӏанмэ якъин адэзыӏэтырэ цӏыфыбэмэ ашъхьэ рауфэхэу, епэгъогъохыхэ фэдэ зашӏэу къэбарыхьэ-плъакӏохэри, ары пакӏошъ, укӏыгъэм зыгу фэмышӏугъэхэри ахэтыгъэх, укӏэкӏо купмэ ащыщ горэми пчэгур щиӏыгъыгъ…

Хьэдагъэри, хъярыри бэкlэ зэтекlхэми, къэбарыпlэ-зэтеlукlыпlэкlэ анахь гомыlури, гушlуагъори, пцыри, шъыпкъэри къащежьэхэу зэфэдэх. Хьэдагъэм зыл узырэ lахьыл-благъэхэр, шъэогъу-ныбджэгъухэр щэгъых, щэшъыгъох. Нэшхъэим къыщэгъэ тхьаусхакlомэ сыдэу пшlын, ари щыlэныгъ, нэгушlуагъэр щызэтыраlажэ, ошlэ-дэмышlэ щхы макъэр къызlулъэтыгъэм къызэкlэщтэжьыгъэу зыlуеушъэфэжьы. Тхьамыкlагъом, цlыфыгъэм, гукlэгъум, шlугъэм анахь цlыф гугъуемылlми, жъалымыми джыри зэ макъэ къафешъы, хэти зыхегъэплъэжьы, регъэгупшысэ, азыфагу шъэбагъэ къыделъхьэ, нэмыкlынэкlэ зэlуегъаплъэх. Хьэдагъэм елъытыгъэмэ, хъярым пщынэ щеох, щэчэфых, орэд къыщаlо, къыщэшъох, щэпсэлъыхъох. Хъохъубжъэр заlэтыкlэ, псаур гъэрет пытэкlэ щыlэнэу, насыпыр къебэкlэу, хъярым щымыкlэу, илъэсыбэ ылъэ тетэу къыгъэшlэнэу, щымыlэжьмэ апсэ джэнэт чlыпlэ хъунхэу, иlахьылхэр насыпышlо-бэгъашlэкlэ дыщыlэнхэу фехъохъух.

Лъэустэнхьаблэмэ янепэрэ щыгъынlухыжьи адыгэ дунаим щызэблэкlыгъэ хьэдагъэхэми щыгъынlухыжьхэми атекlрэп. Тыгъуасэ щегъэжьагъэу ныпчэдыжь пыдзэжьыгъэу щыгъынlухыжьым ифэlо-фашlэхэр пщы щагу игъэкlотыгъэм щызэрахьэх, былымхэр зэlахы, сэдэкъэ lахьыр аухьазыры, унэгъошъхьэрыкlэу, чыжьи благъи, къыщырахьакlы, хъулъфыгъэ нахьыжъхэр зыщагъэшхэщт lанэхэр унэм рахьэх, нахьыкlэмэ яехэр щагум щызэпагъэуцох, бзылъфыгъэ lанэхэри гъомылэр зиlэшlагъэхэм зыщагъэгъупшэрэп.

Ефэндыр зипэщэ къурlанэджэ лlыжъ купри, анахьыкlэхэр ашъхьащытхэу, пчъэlупэ сэнэшъхьэ lэтыгъэ чlэгъым щызэхэс – мэкъэ мыlэтыгъэ зэкlукlэ дунаим ехыжьыгъэ Султlан Мыхьамэт-Джэрые ясин феджэх. Унэ лъэгуц кlыхьэу зыкъуапэ къурlанэджэ лlыжъмэ адэжькlэ гъэзагъэм пэмыблэгъэ-пэмычыжьэу ежь фэдэ пщы гощэшхуитlу, анибжьыкlэ нахьыкlаlохэу, къызэгъэтlысэкlыгъэ Къэнтат гощэшхор шъыгъо щыгъын шlуцlэкlэ фэпагъэу щыс. Сыдигъуи зэришэнэу, тыжьын бэщ пэкlэ хьураим ыlэ одитlу телъ, пкъы псыгъор ищыгъ, тхьамыкlагъор къызэхъулlэгъэ лlакъом иныо гъэшlуагъэ щэlагъэр иосэфэшlэу шъхьэтехъо шlуцlэр къызэкlурэ шъхьэ псыгъо пагэр ыlыгъ, къурlанаджэмэ яясын гукlэ къадеlо, мэдаlо. Къэнтат гощэшхом ишlоигъоныгъэ горэ къызэриlоу фэзгъэцэкlэщт Сисури мычыжьэу щыт, Къаймэт фэкъолlри хьазырыпсэу илэгъумэ ахэт.

Унэ лъэгуц къуапэм дэжь, Къэнтат нэнэжъым пэмычыжьэхэу, Мыхьамэт-Джэрые къыкlэныгъэ пщы шъаохэр – Хъан-Джэрый, Сахьид-Джэрый, Адыл-Джэрый,– аныбжь елъытыгъэу щызэготых, тымкlэ анахьыжъ Къырым-Джэрые иилъэс тlокl зыдешlэжьми, тхьамыкlэшъоибашъо теоу апэlудзыгъэ-изакъоу щыт.

Къэнтат гощэнанэр Сисурэ фыреплъэкlыгъ.

– А Сисур,– шъхьэр ынэlу къыlузыщэегъэ джэхэшъотет пшъашъэм еlушъэшъагъ,– модэ Къырым-Джэрые ышнахьыкlэмэ апшъэджэ агуигъэуцонэу Къаймэт фэкъолlым сфеlу.

Къаймэт зэlушъэшъэгъэ Къырым-Джэрые инэплъэгъу Къэнтатэ къыубытыгъ, пщы нахьыкlэмэ апшъэкlэ къэуцу къыригъэкlэу еплъыгъ, ышlэрэр зэрэшlомыигъо дэдэр къыхэщэу адырэри къылъыкlотагъ.

А си Алахь, Къэнтатэ ыгучlэ къыритхъэу ыlуагъ, сыдэу мы пщы шъаом тщыщ горэ къыхэмыфагъ, игучъыlагъэкlэ янэ ылъэныкъокlэ зигъэзагъ. Сыд мыгъор тилажь, уянэ ипэгагъ укъытхэзымыгъэзэгъагъэр. Лlакъор lокlэ зэтырич зэхъум, хэт ар къыпфидэн, тэри фэтыдагъэп. Сыд пае уянэ мэхъэджэжъ ишъхьэкlо мышх пае сэри, пшынахьыкlэхэри, зэрэлlакъоуи тыбгъэмысэра? Илъэс пчъагъэ хъугъэшъ тызтеууджэгъорэ уянэ псау, ишlугъу, пхъужъ ягъэщэным фэд, уятэ тхьамыкl игъонэмысэу дунаир зыбгынэжьыгъэр, ащ ихьатыр нэмыlэми непэкlэ зэ зыкъытфэуф...

Къэнтатэ игупшысэ хьылъэмэ ыгу къафызи, ащ Къырым-Джэрые зызэришlи мыдырэ тхьамыкlагъори къыхэхъожьыгъэу, ынэпсыцэ джабгъунэм къыlэпызыгъ, адырэ лъэныкъоми фэlэжагъэп. Къыгос пщы гуащэмэ яз ар зелъэгъум, ынэмэ акlэlэбэжьыгъэти, Къэнтат гощэшхом ыдагъэп:

– Быяу, Кулсым, щыгъынlухыжь мафэм гъыхэрэп!..

Хъулъфыгъэмэ анахьыбэмэ ашъхьэ къэлэпчъэшхо lухыгъэмкlэ запхъуатэм, къурlанэджэ лlыжъмэ яжъобгыпlагъ. Урам чэу цэпкъым тет къакъырым ыкlыбкlэ къэзэкъ шыухэр къыкъокlыгъ. Апэрэ шыуитlумэ азыфагу Табанец подполковникыр дэт. Хьэдэгъэтlылъ мафэм Матвеев къэзэкъ атаманым къыгъэкlогъэгъэ тхьаусхэкlо лlыкlомэ ар

япэщагъэти, пщы щагум дэтмэ псынкlэу ашlэжьыгъ. Джабгъумкlэ къыгот Перекрестов капитанри ары. Сэмэгубгъур зыlыгъ поручикми, дзыо зэпедзэкl дзыо зырыз зишыплlэ дэлъ адырэ къэзэкъ шыуищыми хэшlыкl афырялагъэп.

Къэзэкъ хьаклэхэр къэлапчъэм къызlохьэхэми, щагум къыздащэхэми, дзыуищмэ арылъ lэшlу-lушlухэр къыздахьэхэми, къурlанаджэмэ яясин еджэн нахь мэкъэ лъэшкlэ зэдырагъаштэу хъугъэ умыlощтмэ, зэпыгъэу ялагъэп.

Екатеринодар къэзэкъхэр афэтlысыгъэхэп, замыушъхьафэу, хъулъфыгъэ куп зэхэтмэ ахэуцуагъэх. Гущыlэгъу джыри зэфимыфэгъэ цlыф зэмылъэпкъэгъухэр, тхьамыкlагъор гушъэбагъэкlэ зэдагощэу зэплъыгъэх, къызэплъыжьыгъэх. Адыгэ лъэныкъомкlэ, агу илъ-имылъми, къаlугушlуагъэр багъэ, зышъхьэ lузгъэзыкlыгъэхэри езыуфэхыгъэхэри мэкlагъэп. Адыкlэ щыт фэкъолlмэ ащыщ гори гъумтlымыгъэ.

– Шъыд мыхэр зыуж итхэр?.. Кlуапlэ тыкъашlыгъап...

Абэтэ Бэслъыные зыкlыб къэзгъэзэжьыгъэ Бамбэт дэжькlэ плъагъэ. Адыгабзэкlэ къаlуагъэм къикlрэр зымышlэрэмэ афыхегъэкlокlэжьы пlонэу Бэслъыныер къэзэкъмэ къякlуалlи, Табанец пхъэнтlэкlур ригъэлъэгъузэ, урысыбзэкlэ риlуагъ:

– Шъукъэтlыс, тыщыткlэ шlуагъэ иlэп,– lугушlуагъ, етlанэ пигъэхъожьыгъ: – шъо, къэзэкъмэ зэрэшъуlоу, ущытыным шъыпкъэ хэлъэп.

– Ари тэрэз,– Табанец жэкlэ-пэкlэ тхъоплъ зэхаклэр тlэкlу къыхэгушlукlыгъ, игъусэ забытитlуми тlысынэу арилуагъ. Заулэрэ щысыгъэу, ыгу къызэреорэр къырыпшlэу, ышъхьэ ыгъэсысыгъ: – Мыхьамэт-Джэрые пщыр цlыф дэгъугъ, зэраукlыгъэр тыгу къео, тикъэзэкъ атаман пащэу Григорий Кондратьевич Матвеевыр ары нэмыlэмэ старшинам къехъулlагъэр зыфихьын ышlэрэп... А мафэм Мыхьамэт-Джэрые атаманым дэжь щыlагъ, сэри сыригъусагъ. Щэджагъо мыхъупэу къэзэкъ гъозэрыплъэ чlыпlэ зытlущ псы нэпкъымкlэ къызэдэтплъыхьи тызэбгъодэкlыжьыгъагъ.

– Джа мэфэ дэдэр ары,– Абэтэ Бэслъыные къеушыхьаты,– къызэраlорэмкlэ, щэджагъо хъугъагъэ, Мыхьамэт-Джэрые укlыгъэу иш къызихьыжьыгъэр.

– Игъусэгъэ къэзэкъ ухъумэкlуитlумэ къызэраlожьыгъэмкlэ,– Табанец подполковникыр нэмыз-lумызэу Абатэм къыуплъагъ,– джа уахътэр ары Мыхьамэт-Джэрые Пшызэ къызикlыжьыгъэр. Мэфэщэджэгъуагъ, щынагъуи щыlагъэп, къехъулlагъэр сшlэрэп нахь.

– Къехъулlагъэр нафэба,– фэкъолlмэ ащыщ горэм адыгабзэкlэ къыlуагъ,– ихьадэ шым къыхьыжьыгъ. Игъусэгъэ шъуикъэзэкъмэ уицахь атебгъэлъ хъунэу пшlошlа?..

– Сыд мо къонакъыр зэрымыразэр? – lофы зыримагъэшlы фэдэу Табанец къэупчlагъ, къыпигъэхъожьыгъ: – Тхьамыкlагъомкlэ зыгорэм гуцафэ фешlа?

– Хьау,– къэзэкъ хьаклэм адыгабзэкlэ къыфадзыгъэр ыушъэфэу ежь шlоигъор Абэтэ Бэслъыные къыlуагъ,– Мыхьамэт-Джэрые къехъулlэгъэ тхьамыкlагъор Бамбэт фэкъолlым ыгу къео, хэт гуцафэ фишlын...

– Абэтэ тэлмащым фэдэ сищыкlагъэп сэ! – Зэхихыгъэр Бамбэт ымыдэу джы урысыбзэкlэ къызlуипхъотыгъ, етlанэ нахь мэкъэ шъабэкlэ къыlуагъ: – Укъэупчlагъэшъ, хьаклэ, адыгабзэкlэ къэсыдзыгъэм ишъыпкъапlэ ущызгъэгъозэн. А къэзэкъ ухъумэкlуитlоу зыфэпlуагъэмэ уицахь ателъа?

– Ахэмэ сицыхьэ ателъ, ау ар озгъаlорэр сшlэрэп.

– Ари пшlосыушъэфынэп. Пшызэ иджабгъу нэпкъ икlыхьагъэкlэ шъукъытпэlугъолъхьагъэу, тышъулъэгъу мыхъоу шъуlулъ.

– Бамбэт! – Губж хэмылъэу мэкъэ лъэшкlэ мычыжьэу щыт Тыгъужъкъо Къызбэч къыlуагъ, къыухыжьыгъ: – Гъунэгъу къытфэхъугъэ къэзэкъхэмрэ тэрырэ тазфагу къыдэхьэгъэ зэмышlуныгъэр зыщызэхафырэ чlыпlэп мыр.

– Къысфэжъугъэгъу, нахьыжъхэр, ори ары, хьаклэ,– Бамбэт зыкъиушlэжьыгъ,– сыгу илъыр къэсымыlон слъэкlыгъэп.

Ошlэ-дэмышlэу гущыlэ зэпеор, къызэрежьагъэм фэдэу, зэпыужьыгъ. Къурlанаджэми яясин еджэни ыкlэ фэкlуагъэти, къекlолlагъэмэ аlэ, къэзэкъ хьаклэмэ анэмыкlмэ, дыухьэ къэхьыным къаригъэlэтыгъ, заулэ тешlагъэу нэгушъо lэрыгъачъэкlэ аухыжьыгъ.

Къурlанаджэ анахьыжъмэ ахамыгъэтlысхьэхэу, Абэтэ Бэслъыные, Тыгъужъкъо Къызбэч, нэмыкl фэкъолl зытlу зигъусэ къэзэкъ хьаклэхэр агъэшхэнхэу унэ шъхьаф рагъэх.

– Зэрэхъурэмджэ, Бамбэт, тэ тиlанэ нахь гупсэф,– Къаймэт фэкъолlым къыlуагъ,– Тыгъужъкъо Къызбэч къызыуаджэм, хьаклэмэ адэжьджэ зыбгъэзагъэп.

– Олахьэ, Къызбэч, тхьаматэр къысэлъэІунэу къыстемыфэщтыгъ сэ, хьакІэхэри, хэти щэрэщ, Іофы зырагъэшІэу къытхэхьагъэх, симыпыих. Ау етІани Абатэм фэдэу зыгу къытфэмышІумэ зы Іанэ садыпэсыныр къезгъэкІурэп. Мы зищыгъын Іутхыжьырэм яхьщырэу зы дзэ садыхэтыныр, Алахьэу зыфэкІожьыгъэм къыфидэщтмэ, шІу ешІ, къасштэрэп.

– Адэ Тыгъужъкъо Къызбэч шъыдэу хъут? – ФэкъолІ горэм къыдзыгъ.

– Сыд Тыгъужъкъо Къызбэч? – ТхьагъэпцІышъокІэ Бамбэт щхыпцІыгъэ.– Сэ сыздэщыІагъэм бэшІагъэ Къызбэч къызикІыжьыгъэр, сэщ фэд пшІошІа, илІыгъэрэ иадыгагъэрэ зэпещэчы. Къэзэкъмэ Іанэм адыпэтІысхьагъэджэ, ащ ыгу шъабэ ахэмкІэ хъущтэп. Джа Іанэм зэрэпэсэу некІо Іори, джыдэдэми Пшызэ къыбдызэпырысыкІыт.

– Хъугъэ,– ІэнапшъэмкІэ щыс фэкъолІ нахьыжъым ыдагъэп,– ар шъуІомэ, чэщтео яшъушылІэзэ, къэзэкъхэр Пшызэ къытфижъугъэкІытых. Мыдэ, Мыхьамэт-Джэрые тхьамыкІэм фашІыгъэ Іанэм ыпашъхьэ амин щытэжъугъаІу, гонахь иІэмэ къыфигъэгъунэу, джэнэт къыритынэу тхьэ тыфежъугъэлъэІу,– дыуахь къызехь уж, къыухыжьыгъ,– шъухаІ гъомылэм, Іанэм тет пэпчъ шъухаІ, шъумышкэкІыгъэу, гонахь, шъумытэджыжь.

Ефэндым щыгъынІухыжь кІэух гущыІэр къызешІыжьым, цІыфхэр зэбгырыкІыжьыхэу рагъэжьагъ. Нахь чыжьэ къикІыгъэмэ ащыщхэри гъогу техьажьыгъэх. Іахьыл-благъэхэр, ныбджэгъухэр, нэмыкІхэр джыри пщы щагум къыдэнагъэх.

– Къаймэт, мы шъуикъэзэкъ хьакІэмэ,– Бамбэт ащ нахьрэ зыфэщыІэжьыгъэп,– сыд яморад, кІожьын гухэлъ яІэба?

– КъэкІо-кІожь зимыІэжьытыр Мыхьамэт-Джэрый нахь,– Къаймэт упчІэм иджэуап ригъэжагъэп,– мохэр шъыд, къэкІуагъэхэмэ, кІожьыных. Плъэгъурэба, Къэнтатэ дэжь щызэхэсых. ХъорэлІыкъо Мэрчани къеджагъэх.

– Адэ арба сэри сІорэр, ХъорэлІыкъор СултІанмэ яаталыкъыгъ шъхьакІэ, шъыд мы Іофым, Абэтэ Бэслъыные игугъу сшІыжьрэп, ащ ыпэ зэкІэми ахэлъугъ, Тыгъужъкъо Къызбэч зэрахэтыр? Шапсыгъэ гъогу чэщ тытыригъэхъухьащт. Абын хьакІэщ горэми фэкъолІ куп къыщытэжэщт тэ... Тыкъеджэжьын тІонти, тимыадыгагъэ СултІанмэ япхъу гощэшхо ыдэнэп. Тыгъужъкъо Къызбэчмэ, шъхьакІо етхыгъэу къытфилъэгъун...

– Ащ фэдиз хэшІыкІ адыгагъэм фыуиІэмэ,– игъусэ шапсыгъэ фэкъолІым къыриІуагъ,– сыд узфэхъыжъэрэр, тежэн. Зыхэсмэ ящыкІагъэщтын.

– КІо, джары, Къаймэт, зысІокІэ къысфабдэрэп шъхьакІэ, Агоир сыжэ дэс, ылъэкІмэ, сыкъигъэгущыІэтэп... Тежэн адэ, Пщымаф. Куп зезыщэрэр куп ыуас язгъэІуагъэр сыд, Тыгъужъкъо Къызбэч темыжэмэ, хэт тызэжэнэу адыгэ шъолъырым лІэу ис!

Унэ лъэгуцым щашІыгъэ Іанэм лагъэхэр тезыхыжьрэ Сисурэ ыбг ищыгъэ псыгъо Бамбэт зелъэгъум, етІанэ нэгу къопцІэ кІыфыр къызегъазэм, зэрэхъури ымышІэу ыгу къызэхэтэкъуагъ, егъашІэм иягъэм фэдэу, ІукІыжьрэ пшъэшъэ ягъэщэн гохьыр зыгорэм тырихэу къыщыхъугъ. Бгъэгум зыкъызыщызышІэжьыгъэ гум икъытео гумэкІ макъэ нахь зэхихэу ригъэжьагъ. Іофы зыримыгъэшІэу, щытхэми зэхаримыгъэхэу Къаймэт еупчІыгъ:

– Хэт щыщ мо пхэкІ хъурэе шъхьац кІыхьэр?

Сисурэ раІолІагъэр Къаймэт фэкъолІым ыгу римыхьэу шъхьэр дыригъэзэкІыгъ, зыгорэ къеджагъэ къызщигъэхъоу къэлапчъэмкІэ плъагъэ, ау Бамбэт шІокІыгъэп:

– КъыуасІорэр зэхэпхырэба, Къаймэт?

– Шъыд къысапІорэр?

– Мо Іанэр Іузыхыжьрэ гугъатхъэр хэт?

– Шъыд епшІэт?

– СшІэтыр сымышІэу сыкъэупчІа?

– Икъунба, бетэмал, зэ быяужь!

– Ашъыу, джау сыкъэупчІагъ, сыфитба?

– Шъыд пай узкІыфимытыр...– Къаймэт щхыпцІыгъэ,– ау... Зэ моу къакІуи, Бамбэт. Мы укъызкІэупчІагъэр тиджэхэшъотет пшъэшъэжъый.

– Шъуиджэхэшъотетмэ дэгъу,– Бамбэт ыцэ зэпахъэхэр къыІупсыгъэх,– сэркІэ нахьышІужь... Іуи, шІи къыпыкІынэп...

– Пшъхьэ делагъэ къимыгъахь, уиІэр зыфигъэкъу!

– КъурІаным шъузиплІ еІо.

– Адыгэмэ ахэмылъ хабзэр къахэмыхь!

– Быслъымэн динри адыгэмэ яеп, къахэхьагъ нахь.

– Бамбэт, имыщыкIагъэ умыIо, сэри сэмыгъаIо.
– Ашъыу, гухэлъ фыуиIэмэ гъэшIэгъона, гухэлъ закIэба дунаир…
– Бамбэт фэкъолIыр,– Къаймэт цэлышъхьэ зэрэгъэшхыкIэ зиIажэу къыIуагъ,– а пшъэшъэжъыер сшыпхъум фэдэу сэлъытэ. ЕтIани умышIэмэ зэгъашIэ, Шъэуаерэ Сисурэрэ Iэужджэ зэтагъэх. Ащ Iапэджэ нэси, дунаим утезгъэтынэп!
– Олахьэ мы дунаир гъэшIэгъонэу зэхэлъым,– шъхьэм къыфечъэгъэ лъэпсэнчъэм зэкIэхьажь фимышIэу, зэдаорэм ыгу зэрэхэуIэрэр игуапэу, джау сыдми щхыпцIызэ, Бамбэт къыIуагъ,– Шъэое фэкъолIым СултIанмэ япщкIэ къаришIэтыр къаришIи, хэхьажьыгъэшъ, джы япхъу фагъашIо…
– ПIорэ шъыд!..– Къаймэт зэхихыгъэм къыкIигъэщтагъ.
– Ары, уашъом укъефэхыгъэу зыкъысфэмышI…
Къаймэт джыри зыгорэ къыIо шIоигъуагъ, ау унэ лъэгуцым къытехьэгъэ къэзэкъ хьакIэмэ щагъэгъупшагъ. Бамбэти ошIэ-дэмышIэ гухьа-гужъыкIэ ыгу жьы зэрэдигъэкIыгъэр игуапэу Къаймэт фыреплъэкIмэ IущхыпцIэзэ, зыхащыгъэгъэ фэкъолIмэ ахэхьажьыгъ. Тыгъужъкъо Къызбэч пэгъокIи, егыигъ:
– Зэ зыкъэшъуIэтыжьыгъэмэ ары…
Къызбэч зэхихыгъэр имыгуапэу, къегыигъэм фыреплъэкIыгъ. Ащ къикIрэр къыгурыIоу Бамбэти, ежь нэмыкI зэхимыхэу, зиумысыжьыгъ.– Типыйхэр тэгъэшIуащэмэ сшIэрэпышъ ары…
Къэзэкъхэр зышэсыжьыгъэхэм сыхьатныкъо фэдиз тешIагъэу Къэнтат гощэшхор джыри, адырэ гъэкIотэжьыгъохэр зэришыгъэм фэдэу, унэ лъэгуцым къытехьагъ, тыжьын бэщыр ыпэ ригъэуцуи, ыIэ одитIукIэ зытыригъакIэзэ, щагум къыдэнэжьыгъэ хъулъфыгъэмэ ахэплъагъ, ариIуагъ:
– Тикъин, титхьамыкIагъо къызэрэддэшъуущэчыгъэмджэ, тигукъао ихьылъэ къызэрэддэшъуIэтыгъэмджэ, псынкIэ къызэрэтфэшъушIыгъэмджэ СултIан лIакъом ыцIэджэ, сэ сцIэджэ зэкIэми тхьэшъуегъэпсэу, тхьэр разэ къышъуфэхъу шъосэIо, тшъхьащышъухыгъэ къиныр Алахьэм шIуджэ шъуфытегъэшIэжь, гъогу техьажьын зиморадым гъогумаф етэIо.
IэпэубытыжьымыычIыпIэкIэ шъхьэщэ мэкIэ гъашIо къафэзышIыжьыщтыгъэ фэкъолIитIум яз унэ лъэгуц хэIэтыкIыгъэм тет гощэшхор къеджагъ:



– А Бамбэт, емыкIу къысфэмышI, лъэIу къыпфысиI. Зыгорэджэ Шъэуае уIукIэмэ, къыгъэзэжьынэу сфеIу.
– ЕсIон згъотмэ… Ау ар тыдэ къипхыжьын джы?..
Бамбэт къыIогъэ гущыIэмэ Къэнтат гощэшхом ыгу зэрэрахыгъэм Iэ одитIур зытегъэкIэгъэ бэщышъхьэ сысыкIэмкIэ щытмэ гу лъатагъ, ау псынкIэу зыкъуишIэжьи, мэкъэ ефэхыгъэкIэ къыIуагъ:
– Ары Iолъ… Ар псаугъэмэ, ситхьамыкIагъо къысфихьыжьыни,– етIанэ зиухыижьэу къыпигъэхъожьыгъ: – кIо, зыгорэджэ, хэт ышIэра, уIукIэмэ сэIошъ ары.
– АщкIэ уицыхьэ къыстэгъэлъ, шъхьэкIафэ зыфэсшIырэ гощэшху. Къымыгъэзэжьынэу сшIэмэ, сишыплIэ дэлъэу къыпфэсхьыжьын!
– Ихьау, ихьау, икъун зы тхьамыкIагъор, ащ шъухэмыхь…

Тыгъужъкъо Къызбэч зипэщэ шыумэ зи зэрамыIоу Лъэустэнхьаблэ къыдэкIыжьыгъэх, чылэ хэгъуашъхьэри къызэранэкIыгъ. Чэтыкъо гъогу зэхэкIыпIэм нэмысхэу, Шапсыгъэ кIожьынхэм ычIыпIэкIэ гъуй пырыпыцу къамыл зэхэтымкIэ яшыпэмэ кIэкIэу арагъэгъэзагъ.
Бжыхьэ гъушъэм икъамыл гъугъэ тхьапэхэр жьы макIэм зэрегъэтхьаусхылIэх. Къамыл зэндэ бгъуитIумэ захэзыушъэфэгъэ ку гъогум тет шымэ алъабжъэмэ загъорэ темэн бзыумэ зарагъэпхъуатэ, якъэбар зыми рамыIуатэ ашIоигъу пIонэу, бэрэ мыбыбхэу, зырадзыхыжьы. Бзыуми, хьантIаркъоми, блэми, нэмыкI псэушъхьэми умышIэнэу мэкъэ ишъугъэ псыгъо гумэкIыр темэн гузэгумкIэ къыщэIу, нахьи нахь мэкъэ зэпытхьалыкIыгъэкIэ нэмыкI гори къыпэджэжьы. Шыухэр нахь кIуатэхэ къэси, псы шъугъэмрэ уц бгъотагъэмрэ амэ жьым къехьылъэкIы, сэепс пшIапшIэкIэ темэнри хэIоржъорыхьэ. Ау арэп Бамбэт зэгупшысэрэр: Тыгъужъкъо Къызбэч идымыIукI, ионэш тесыкI. Зыгорэ къерэIу, зерэмыушъэф!..
– Сыд етIанэ, Бамбэт,– игъусэ зыфэгумэкIрэр къышIагъ пIонэу Къызбэч ошIэ-дэмышIэу къызэджэкIыгъ,– уанэм узфихъублэблыхьэрэр? Бжыдзэ кIуапIэ тэмэным ухэхъухьагъа?
– Ихьау, Къызбэч. Ащ фэдэ Iоф щыIэп,– Бамбэт къыгот Агой Пщымафэ фыреплъэкIыгъ.

– Сыд адэ?
– Зэ укъэгущыӀэжьыгъэмэ сэӀошъы ары.
– Ара? Ащ уегъапэмэ, сэри сыкъыоупчӀы сшӀоигъу. Сыдэу Шъэуаекӏэ непэ СултӀан гощэшхом гущыӀэрые уехъулӀэгъагъ? Зыгорэкӏэ Шъэуае икъэбар ущыгъуаза?
– Ихьау. Мы гъэмафэ Абдзахэ зэрэщыслъэгъугъагъ.
– Адэ сыд ныо тхьамыкӀэр зыкӀэбгъэтхьауерэр?
– КӀо, джаущтэу... Хэт ышӀэра Шъэуае къехъулӀагъэри къехъулӀэнэу къэтри...
– Умышӏэрэм утэмыгущыӏ.
– Ары, тэмэм, ау сымыӀон слъэкӀыгъэп.
Агой Пщымафэ зэпыугъом тыригъафи, къыӀуагъ:
– БлэкӀыгъэ мазэм Лэбапэ икӀыгъэгъэ абдзэхэ шыуишъэмэ Шъэуае ахэтыгъэу аӀо. КъыгъэзэжьыгъэкӀэ сыгугъэрэп.
– Хэт зыӀуагъэр? – Къызбэч иш къызэтыригъэуцуагъ.
– Зымафэ ХъорэлӀыкъо Мэрчанэ ихьакӀэщ щызэхэсхыгъ.
– Сыд адэ ар икъанмэ зыкӀаримыӀуагъэр?! – Бамбэт къызӀуипхъотыгъ, етӀанэ ежь-ежьырэу зэгъумтӀымыжьыгъ: къэбар гомыӀур зэраримыӀощтым пае сэ сегъэӀорыжъоры... Сфэшъуаш!
– Олахьэ мыхъугъэ кӀэлэ шӀагъом къехъулӀагъэр...– Тыгъужъкъо Къызбэч шыуитӀумэ апэ иуцожьыгъ, заулэрэ кӀуагъэу къызэджэкӀыгъ: – Шъэуае икъэмыгъэзэжьыкӀэ сыд къэбар пылъ?
– Сыд къэбар пылъын...– ЗэупчӀыгъэм ычӀыпӀэкӀэ Бамбэт къыӀуагъ.– Адырэ адыгэлӀмэ къяхъулӀагъэр ащи къехъулӀагъэщтын... Ыпэу типыйхэм афэгъэзагъэу фэхыгъэмэ, зыдигъэзэжьыгъэм Алахьэм шӀу щешӀ.
– КъызэраӀуагъэмкӀэ, къэзэкъмэ аӀэкӀэфагъэу ары.
– Ар хъухэщтэп! – Бамбэт къэгузэжъуагъ, ардэдэм Сисури ынэгу къыкӀэуцуагъ.– Къэзэкъмэ якъощ сыдэсын нахьи, лӀэнygъэр, пцэшӀуащэр апэу къэсэштэ.
– О зэрэпӀоу зэкӀэри дунаим щыхъущтыгъэмэ...– Къызбэч къыӀуи, иш нахь хигъэкӀуакӀыгъ, ыуж итхэми дырагъэштагъ.
Заулэрэ кӀуагъэхэу, Бамбэт фэщыӀагъэп:
– Къызбэч, мы тыздапщэрэм цӀэ иӀэба?
– ГумэкӀыгъо щыӀэп, укъэмыщт.
– Ар къысалъэгъулӀэмэ, сыщэрэмыӀэжь.



– ДжыркӀэ ащ фэдэ отлъэгъулӀагъэп, Бамбэт,– Тыгъужъкъо Къызбэч мэкъэхъу ӀужъукӀэ щхыгъэ, етӀанэ игухэлъ ышъхьэ къырихыгъ: – Ашъыу, къэзэкъ гъозэрыплъэмэ ятӀэсхъапӀэ тыуплъэкӀузэ, Пшызэ Ӏушъо тырекӀокӀыни, Шапсыгъэ тихьажьын симорад.
– Адэ аущтэу Ӏоба, Къызбэч. БэшӀагъэ мы лъэныкъоми тызщымыӀагъэр. Муары къэзэкъмэ яплъапӀэхэри джабгъу нэпкъым къытепӀыикӀых, къызэрэушӀункӀэу яостыгъэхэри тхышъхьэм къытецӀыукӀыщтых... Арэп, Къызбэч, тхьаузи, мышъэфмэ, а къэзэкъ цӀэплъым сыд къежъугъэӀуагъэр?
– Шъэф зэшӀоушъэф зэдызиӀэхэр зэдэшэсхэрэп, Бамбэт. Ар тятэжъмэ къадежьэгъэ Ӏофышъ, къыосӀон. Пщы щагум тыдэт зэхъум, тӀуагъэр зэхэпхыгъэ, Ӏанэм тызпагъэтӀысхьэми, тхьэ телъэӀугъ, тышхагъ, псыӀэшӀу тешъуагъ, тызэшхэм, тхьэ телъэӀуи тыкъэтэджыжьыгъ.
– Къэзэкъхэр?
– Ахэри, джаур тэӀо шъхьакӀэ, цӀыфых, ядин агъэлъапӀэ, къащ къахьыгъ, шхагъэх.
– Ы-ы!.. Сыд, Къызбэч пӀорэр!..– Бамбэт ынэ джыри къышӀуикӀотэу шым жэдаӀи, къыгъэуцугъ.–Алахь зизакъоу зэкӀэри зэлъэӀоу зыми емылъэӀужьрэм ыпашъхьэ, къышъуфигъэгъунэп, гунахь къыщышъухыгъ... Хьарам!.. Хьарам!..
– Сыд пае гонахь къэтхьын. Титхьэ ыпашъхьэ тэ тишӀэни щытшӀагъ, ежь яем ыпашъхьэ ежьми щашӀэщтри щашӀагъ. Ащ зи хэлъэп. Угу шӀу илъмэ, тхьэм къабыл пфишӀыщт.
– Ари ары, ау етӀани... Къащ къэзыхьрэм дэшхэгъуай...
– Мыдэ мыщ ыӀорэр! – Къызбэч мэкъэхъу ӀужъукӀэ джыри щхыгъэ.– Сыдэущтэу ащыгъум къэзэкъмэ къяпхъожьырэ щыгъури шъоущыгъури пшхышъура? ЯшэкӀ хэшыкӀыгъэ щыгъынри зыщыбгъэгъышъура?
– Ащыгъум къэзэкъхэр плъэгъу зыкӀэмыхъурэр къысаӀу, Къызбэч.
– Дин зэфэшъхьаф зэрэтӀыгъэым тэолъхьэмэ, Бамбэт, ухэукъо. Тыркухэмрэ тэрырэ зы дин зэдэтэхьми, тичӀыгу къидгъахьэхэрэп. Къэзэкъ Ӏофым дин Ӏоф къыхэмыхьэу сӀорэп. Ау тичӀыгу, тишъхьафитыныгъэ ттэзыхын зигухэлъым, хэти щэрэщ, фэсыдэщтэп. КъэошӀэжьа Бзыикъо заом илъэхъан урыс пачъыхьэ Екатеринэм къыгъэкӀогъэгъэ къэзэкъ шыухэмрэ топыхэмрэ къыташӀэгъагъэр? Джащ къыщыублагъ ахэр тичӀыгу къызенэцӀхэрэр... Джы тыкъадзыхьэгъап.

– Тэрэз, Къызбэч, тэрэз. АщкӀэ мыхъун пӀорэп, къыбдетэгъаштэ. Ау быслъымэн Ӏэнэ пашъхьэм къэзэкъмэ къащ къызэрэщяжъугъахыгъэм сыхэтэп... Шъуигонахь шӀагъэ къышъуфигъэгъунэу Алахьэм шъуелъэӀу, сэри сышъуфелъэӀун. Ори, Агоир,– фиусыгъэгъэ Ныбаджэкӏэ еджэн ихьисапыгъ шъхьакӀэ, зиӀэжагъ,– зыщымыгъэгъупш. Олахьэ хьалэмэтым хъурэр... Адэ, Къызбэч, СултӀанмэ ягощэнанэ ыдэжь шъузфаригъэщэгъагъэм игугъу къэпшӀыгъэпи?

– Ари сыушъэфынэп. Ау шъуиуанэмэ зарыжъугъэпытахь.

– Алахьэм тырихьакӀ, ари сыд джы?! – Агоир къыкӀэщтагъ.

– СултӀан Мыхьамэт-Джэрые Матвей атаманым фитхыгъэгъэ осыет лъэӀум къыфеджэжьыгъэх.

– Сыд ыӀорэр?! – Бамбэт щхыпцӀыгъэ.– Олахьэ мы СултӀан пщы купхэр гъэшӀэгъонэу мэпсэухэм!

– Зыгорэ къысэхъулӀэмэ, сыщымыӀэжь хъумэ, сисабыйхэр урысыдзэм сфыхашъущэх ыӀуи, Ермолов инэралым елъэӀугъ.

– Истофирлахь, зэхэсхырэр хьалэмэт! – Пщымафэ къыхэкуукӀыгъ.

– Ащ зи бгъэшӀэгъон хэлъэп, Агоир,– Бамбэт мыгузажъоу, осыетыр ышӀэщтыгъэ фэдэу къыӀуагъ,– пырамыбжь мэшъхьалъэ, шъхьадж илъэпкъ еожьы. ЗэрэхъурэмкӀэ, а нэгъой къумалыр зэраукӀыщтым тэщынахыщтыгъ... Джары, Къызбэч, сыд фэдизэу тыгъужъыр бгъэшхагъэми, мэзым екӀужьы зыкӀаӀорэр... Сыд адэ СултӀан ныо мэхъаджэм къэзэкъ лӀыкӀомэ ариӀуагъэр?

– Ормэ сыд япӀон? Тхьэшъуегъэпсэу, тэгупшысэн, тызэхэгущыӀэжьын ариӀуагъ.

– Сэрмэ,– Бамбэт ынэ чъыӀэхэр къыдыкъыкӀыгъэх,– къыосӀон. КъэзэкъмэӀэбжым гъэлъэгъоныр якӀасэшъ, сэри ар дэдэр сӀитӀукӀэ язгъэлъэгъущтыгъэ!.. Ары Ӏолъ... ЗыфаукӀыщтыр раӀо пэтзэ, мощ къыугупшысыгъэр!..– ЕтӀанэ зымэфэрэ мэз Ӏапчъэр ынэгу къыкӀэтэджэжьзэ, нахь мэкъэ шъэфкӀэ Бамбэт гъумтӀымыгъэ: – Дэгъу, арэу шъуигухэлъ шъукӀагъэхьащтмэ...

## II

Екатеринодар къэзэкъ пытапӀэр Пшызэ нэпкъ зытырашӀыхьагъэр илъэс тӀокӀырэ тфырэм къехъугъ. ЛӀэшӀэгъу плӀанэм къыкъоцӀ – Чепигэ Захар, Котляревскэ Тимофей, Бурсак Федор къащегъэжьагъэу непэрэ Матвеев Григорий щыкӀэкӀыжьэу – адыгэмэ къапагъэуцугъэ гъозэрыплъэ пытапӀэм зэхъокӀыныгъабэ фэхъугъ. Зэгорэм Чепигэ изэман, ары пакӀошъ Бурсак иапэрэ атаманыгъо илъэсхэм ялъытыгъэмэ, урыс пачъыхьэм ыцӀэ зыфаусыгъэ Екатеринодар плъэгъугъэкӀи пшӀэжьыщтэп: темэнылъэ чӀым Ӏугъоищ онджэкъ псыгъо кӀыхьэхэмкӀэ къышъхьащыщыгъэ чӀыунэмэ ачӀыпӀэ орзэшъхьэ-къамылышъхьэ чъиф е сэман унэ Ӏэтыгъэхэр щыолъэгъух. Ахэр хэтэ хъоо-пщаухэмкӀэ, пхъэшъхьэ-мышъхьэ чъыг зэхэтхэмкӀэ зэпэӀудзыгъэх, былым хъупӀэ, чэт шыпэпӀэ уц къашхъохэмкӀэ зэкӀэрыдзыгъэх. ПытэпӀэ гузэгум пхъэ зэхэӀулӀэкӀэ щагъэуцугъэ чылысыр тыдэкӀи къыщэлъагъо. Ащ ыбгъуиплӀыкӀэ дзэ ӀофшӀэпӀэ унэхэр къыкӀэрытых, ахэмэ акӀыбкӀэ урам игъэкӀотыгъэхэмкӀэ апэӀудзыгъэ къэзэкъ унагъохэр къегъэтӀысэкӀыгъэх. ТаманькӀи, СтавропольскӀи, ДонкӀи, адыгэ лъэныкъомкӀи гъэзэгъэ пытэпӀэ къэшӀыхьагъэмэ якъэлапчъэхэр зандэх, пытэх, шъуамбгъох – тыдырэ лъэныкъокӀэ укъикӀыгъэми, къэзэкъ къэрэгъулэмэ уамыуплъэкӀоу лъэбэкъу дыуагъэдзэщтэп. Пшызэ нэпкъ лъагэмкӀэ, адыгэ лъэныкъомкӀэ, уекӀу къэсми къэзэкъ ухъумэкӀо шыу купмэ, лъэсмэ нахь уаӀокӀэ, нэбгырэ тфырытф-пшӀырыпшӀхэу зэкӀыгъух, гумэкӀыгъокӀэ зэджэжьхэмэ зэлъыӀэсынхэу зэдэплъырых. Пхъэ зэхэӀулӀэгъэ лъэгапӀэмэ чэщи, мафи къэзэкъхэр атетых, топгъэо нэбгырэ заулэхэри алъапсэх.

Къэзэкъ гъозэрыплъэмэ Пшызэ джабгъу нэпкъ закъоп къагъэгъунэрэр. Екатеринодар пытапӀэм икъокӀыпӀэ-къыблэкӀэ речъэкӀырэ Къэрасыу псыхъожъыери яплъапӀ, ащ ыпшъэ-икӀахэкӀэ пэӀулъэшъогъэ чъыгэе мэзри янэплъэгъунчъэп. ЕтӀэ лъэмыдж закъоу шъхьащытми топ узэндыгъэкӀэ пэӀусых. Пашкэ куреным ублэкӀэу Лэбапэ унэсми, ащ ыпшъэкӀэ, Прочноокоп нахь чыжьэжьэуи Ставрополь нэсыжьэуи джащ фэд. Пшызэ джабгъу нэпкъыр дэпӀыгъэу Екатеринодар икӀахэкӀэ уикӀэу Тамань унэсыфэкӀи къэзэкъ гъозэрыплъхэмкӀэ уезэщыщтэп. Къэзэкъ пэӀо шыгу плъыжьымрэ нэкӀэпэ тӀыргъомрэ тыди щыхъой, украинабзэри жьым хиз.

Пшызэ зыми иягъэ римыгъэкӀ шӀоигъу пӀонэу зиӀонтӀэщантӀэзэ цӀыф зэмылъэпкъэгъуитӀумэ азыфагу дэчъы. Хэт шъущыщ, сыд шъуидин, щьуигупшыс, шъуигухэлъ, сыдыбз

шъуӀулъыр ыӀоу яупчӀырэп, ашъхьагъ ит тыгъэм ихьалэлыгъэ фэдэу ари псы гъуаткӀокӀэ ящыӀэныгъэ ешӀушӀэ. А зы ощхыр ашъхьащэщхэ, зы жьыбгъэр афыкӀэпщы, а зы шыблэр ашъхьэщэгъуагъо, зы ошъогур зэдыряй. Яныса-щэхэмкӀэ, яхьэдагъэхэмкӀэ, яорэдхэмкӀэ зэтекӀхэми, ячэфыгъэкӀэ, янэшхъэигъэкӀэ зэхьщырых.

Непэ Матвеев атаманыр сыхьатныкъокӀэ нахьыжьэу ӀофшӀапӀэм къэкӀуагъ. Илъэситф хъугъэшъ зыкъэзэкъ пащэр, ащ фэдэкӀэ зекӀуагъэу цӀыф къышӀэжьрэп. Ежьыри ар шӀогъэшӀэгъонэу тыжьын сыхьатыр ибгъэджыбэ къырихи, мыгузажъоу зэтыригъэпкӀыгъ. Бжыхьэ пчэдыжь уахътэр блым такъикъ заулэкӀэ пыкӀыгъагъ.

Джыдэд ныӀэп унэм сыкъикӀэу зысихэбзагъэр, Матвеевыр ежь-ежьырэу зэгьижьыгъ. Сыд фэдиз афэпшӀагъэми, ппсэ аӀуплъхьагъэми, къэзэкъхэр гъэрэзэгъуаех. Федор Яковлевич Бурсак атаманыр ара ахэмэ афэмышӀушӀагъэр!.. Шым тесыфэ, ылъэ тетыфэ орэд фаӀуагъ, щытхъугъэх. Жъыгъор къытекӀуи онтэгъу къызэхъум, джа зытх фэзыуфэщтыгъэ дэдэхэм «зэ танэӀу уикӀыжьыгъэмэ ары» лъаӀожьыгъ. Федор Яковлевичым ычӀыпӀэ сыхадзын зэхъум, зыкъызэрэсфашӀыгъагъэр сынэгу кӀэт. Сэри къэзэкъ пэщэныгъэм сыфэе дэдагъэп, ау пцӀэ къызыраӀокӀэ, «хьау» Ӏогъуай, къысфагъэшъошагъэм сезэгъыгъ... Къысфэмыягъэхэр щыӀагъэхэми, сшӀагъэмкӀэ сыкӀэгъожьрэп. ТызпэӀулъ адыгэ лъэныкъоми сизипэщэ къэзэкъхэми мыхъун къахэзгъэтэджагъэп. Ахэр зэтемыохэу, зэхэмыбанэхэу, зэфэмышӀу бырсыр горэ азыфагу къыдэмыхьэу сӀорэп. Адыгэ тыгъокӀо куп Пшызэ къызэпырыкӀмэ, сэркӀэ ар къежьагъэп, Суворов генерал-аншефым илъэхъан зыщыублагъэр, тапэуцужьы, яфэшъуашэ ятэгъэгъоты. Ау адыгэмэ запэтшӀэу ячӀыгу тихьэрэп, арэу тэри тадэзекӀожьын фае зыӀохэрэми, ары пакӀошъ, зыӀэмычӀэ тыралъхьэгъэ Ермоловми, сыпэмыуцужь дэдэми, Дон къысфыращыгъэ Власов къэзэкъ генералыри къыситӀупщыгъапэми, ащкӀэ дезгъаштэрэп. «ШъуичӀыгу къихьэрэм, къышъутеорэм ичӀыгу шъуихьажь, шъутеожь» еӀошъ, гущыӀэкӀи, тхыгъэкӀи къысфарегъэӀопщы. Ащ къыгурымыӀорэр зы: ежь зыдэщыӀэ чэчэн лъэныкъом адыгэ шъолъырыр зэрэфэмыдэр ары. Шъыпкъэ, адыгэмэ ащыщ хъункӀакӀохэри згъэхыехэрэп, ахэри нэӀуагъэх, къытэсагъэх... Санкт-Петербург къытфикӀыгъэ де-Скаси лӀы Ӏуш, лӀы заф, ыӀорэми ышӀэрэми ахэудзын ахэлъэп: «Ӏэшэ зэдэӀэтыгъэм шӀу къыхьыщтэп, цӀыф зэмылъэпкъэгъуитӀумэ азыфагу щэн-щафэ дэлъмэ зэхищэщтых, зэригъэблэгъэщтых, зэригъэшӀущтых».

Матвеев атаманыр ыныбжькӀэ лӀы хэкӀотэгъэ мыин пытэ зэхэлъ. ЖэкӀэ-пэкӀэ фыжь мыкӀыр, шъхьэ хъурай, пшъэгъум. Ӏэ кӀэкуитӀур пкъы ушъагъэм декӀурэп. Къэзэкъ пэӀо шыгу плъыжь Ӏэтыгъэмрэ щазымэ лъэдэкъэ лъагэмрэ джэхашъом къытыраӀэтыкӀы. Исэшхо чӀыгум нэмысми, икъэмапэ лъэгуанджэм темыхьэми, зэрэлӀы гъэтӀылъыгъэр иджэхэшъо тетыкӀэ къеушыхьаты. Загъорэ шъхьаныгъупчъэмэ зырызэу якӀуалӀэ, акӀэрэты. Зэгупшысэрэ Ӏофыгъом хэкӀыпӀэ фимыгъот зыхъукӀэ, мыгузажъоу къыӀокӀыжьышъ, шъэбэрыкӀокӀэ джэхашъом техьажьы. Игупшысэхэр ӀофшӀэпӀэ унэм екӀых, Пашковскэ, Васюринскэ куренхэм аблэкӀы, Лэбапэ шъхьащэкӀышъ, Прочноокоп къызэринэкӀзэ, Ставрополь нэсы, ащи дэмызагъэу, чэчэн гъогумкӀэ техьэшъ, Къэбэртае зэринэкӀзэ, хы ШӀуцӀэ къэзэкъыдзэр гъэрекӀо зыӀэмычӀэ ралъхьэгъэ Ермолов генералэу хэушъхьафыкӀыгъэ Кавказыдзэм ипащэм дэжь къыщэуцух. Ащ ыпашъхьэ игупшысэхэр щыфэмыӀажэхэ зыхъукӀэ, Тамань лъэныкъом, адыгэ сэмэгубгъур диӀыгъэу, гукӀэ зыкъедзыжьы. Ау мы лъэныкъоми гупсэфыгъо щигъотырэп, урыс Ӏофымрэ адыгэ Ӏофымрэ исыдрэ гупшыси къахэтэджыкӀы. ГумэкӀыгъор къызщежьэрэр адыгэ лъэныкъор арми, шӀоӀофыжьэп, щызымыгъэӀэжьыхэрэр Ермолов генералыр ары.

Илъэс нахь мыхъугъэми Ермоловым тызфагъэзагъэр, Матвеевым гукӀэ ыӀуагъ, охътэ кӀэкӀым къыкӀоцӀ игъэкӀотыгъэу адыгэмэ тазэрэпэуцужьыщт шӀыкӀэхэр зэрыт тхыгъэ пчъагъэхэр къытфигъэхьыгъэх, «зышъуушъэфыгъэу шъуцщыс, къышъутеорэ адыгэ хъункӀэкӀо купмэ шъуилӀыгъэ яжъугъэлъэгъурэп, ячылагъомэ шъуякӀурэп, яфэшъуашэ яжъугъэгъотырэп» еӀошъ, къыттепхъэшыхьэ. Тикъэзэкъыдзэ ыуплъэкӀунэу къызытфэкӀоми, тилажьи тимылажьи къытимыӀолӀагъэ щыӀэп, адыгэ гъэрищи ыпашъхьэ щытигъэукӀыгъ, ежь исэшхуи зэрэмыцакор япӀӀанэрэмкӀэ къытигъэлъэгъугъ. Адыгэхэр Пшызэ къызэпырыкӀхэмэ, тэри джа дэдэр ятшӀэжьыщт ыӀозэ, чэщищэ афэплъырыгъ, ау тинасыпти бгъуитӀури тынчыгъэ. Ари имыкъоу Екатеринодар пытапӀэр шӀотӀэсхъапӀэу, Медведовскэ куреным ымыхьыжьы мыхъунэу уцугъэ. Тикъэзэкъ нахьыжъхэри,

ахэмэ къакӀэлъыкӀохэри, нахьыкӀэхэри делэхэп – сыдэу зишӀыгъэми пачъыхьэм фэтхагъэми фадэрэп. Сэщ нахь къэмынэжьыгъэми, къэзэкъ къутыр пэпчъ къызэлъысӀэтын, а зыр фэсшӀэнэп. Джа урыс-адыгэ зэмышӀуныгъэкӀэ тызфигъэблырэ Ӏофми тхьамыкӀагъо нэмыкӀ къытфихьыщтэп. Гъунэгъумэ ячэтхэр зэхэлъадэхэ, ябылымхэр зэхахьэхэ пае, яшъэожъыехэр загъорэ зэжэхэбанэхэ пае зэпыижьхэрэп. Тэ типачъыхьэ иунашъокӀэ тэпсэу – тиурыс чӀыгу гъунапкъэ тыриухъумакӀу. Адыгэхэмрэ тэрырэ тазыфагу зао дэлъыгъэмэ, ащ еплъыкӀэу фытиӀэщтыгъэр, Ӏо хэлъыжьэп, нэмыкӀ.

Щагумкӏэ, адыгэ шъолъырымкӀэ гъэзэгъэ шъхьаныгъупчъэм Григорий Кондратьевичыр Ӏууцуагъ. Бжыхьэ пчэдыжь тыгъэр ошъопщэ нэгъыф-шӀуцӀашъомэ къакъоплъы, акъохьажьы. Тыгъэм игъэпсыкӀэ елъытыгъэу дунаир мэпсэу – зэ къызэлъэнэфы, зэ къэушхъонтӀы. Бжыхьэм къыкӀэлъыкӀощт кӀымафэр джыри мазэ фэдизкӀэ чыжьэми, чъыгмэ янахьыбэмэ заутыныжьыгъ, къытпыщылъ чъыӀэм тыфэхьазыр аӀорэм фэдэу, тӀэкӀуи укӀыташъохэу къутэмэ пцӀанэхэмкӀэ жьым хэтых. ПкӀэшъэ итэкъухьанымкӀэ мыхьалэл чъыг гори гъунэгъу хатэм, къамылышъхьэ бгъэгъэ Ӏэтыгъэ пчъэӀупэм дэжь, къыщэлъагъо. НэмыкӀ гори укӀытэнчъэ-пцӀэнабзэу пэчӀынатӀ. Хэтэ хъоо-пщаури ащ дэт унэри, пхъэшъхьэ-мышъхьэ чъыгхэри зие Табанец подполковникыр атаманым ыгу къэкӀыгъ.

ГъэшӀэгъоны, атаманым ыӀуагъ, Табанецым зыкъызэригъэгужъорэр. СицӀэджэгъу Григорий Кондратьевичым ар ихэбзагъэп. ЗыфэсӀогъэ пӀалъэм зы сыхьаткӀэ къыпэшӀуекӀоу ишэныгъ, непэ къехъулӀагъэр сшӀэрэп. Къамыгъэзэжьыгъэмэ шӀэ? Ащ фэдэ хъун ылъэкӀыщтэп! Адыгэхэр тишӀухэп тэӀокӀэ, сыд пае ямыхьакъ атетлъхьан, егъашӀэм ямыхэбзагъэр тилӀыкӀомэ къапагъохынэп. Апэра тазэрэхахьэри къызэрэтхахьэхэри? Тхьэмафэ хъугъэ ныӀэп Табанецыр зипэщэ лӀыкӀохэр Мыхьамэт-Джэрые ихьэдагъэ зыщыӀагъэхэр. ЗэрэдгъэкӀогъагъэхэм фэдэу, къыщалъэгъугъэр ашӀогъэшӀэгъонэу, къагъэзэжьыгъагъ. Тыгъуаси мыхъун къяхъулӀагъэпщтын. Мы сигумэкӀи сэ сиягъэ хэлъ. «ЩыгъынӀухыжьым шъукъызэрекӀыжьэу, сыд фэдэ уахъти орэхъу, тэ сыщыӀэми сыкъэжъугъот, Ӏофым сыщыжъугъэгъуаз» ясӀуагъэп. Згъэулэунхэп сӀуи, сашъхьасыгъ, сихьалэлыгъэ имыщыкӀэгъэ гумэкӀ къысфихьыжьыгъ. Джа



хьалэлыныгъэр ары симышӀу къэзэкъ ӀэнэтӀэ фалӀэмэ гугъуемылӀыгъэкӀэ къысфалъэгъурэр, адыгэмэ сакъыхэкӀыгъ пӀонэу затесӀэтыкӀыщэу, онэгу зысшӀынкӀэ сыщынэу, сылӀыжь хьакъ-сакъэу сагъэлъагъо. ХъункӀэкӀо-зепхъокӀэ Пшызэ къызэпырыкӀыгъэ адыгэ макӀа сисэшхо, сикъамэ, сипцэшӀуащэ Ӏуихыгъэр! КъэрэбгъагъэкӀэ сикӀэлэгъуи сижъышъхьи къязгъэушъхьакӀугъэп. Ау хы ШӀуцӀэ къэзэкъ дзэ псаур, ащ яунагъохэр пӀэ къызыралъхьэкӀэ, узэгупшысэныбэ уапэкӀэ къыщэтэджы, Ӏашэр зыщепхьыжьэщтми, лъэбэкъу зыщыбдзыщтми урегъэгупшысэ. Акъылым сыкъеубыты нахь, онэгу зысымышӀышъуным сынэсыгъэп... Сикъэзэкъ пащэмэ ащыщэу Ермоловым, Алексей Петровичым, зыкъуиубытэгъэ Власов закъор ары сиӀо зыхэмыхьэу ахэтыр. Ермоловымрэ Власовымрэ адыгэхэмкӀэ зы ныбэкӀоцӀ къимыкӀыгъэхэу пшӀэнэп. Зыны къылъфыгъэхэми ягупшысэ зэтекӀы, митӀур ары зыгу зэтемыӀукӀырэр!.. Зэ укъэхъыягъэмэ ары, Табанец подполковникыр къелъэкӀонзэ унэ натӀэм къыкъокӀыгъэу зелъэгъум, атаманым ыгукӀэ ыӀуагъ. Ежь атаманри псынкӀэу шъхьаныгъупчъэм къыӀукӀи, гузэжъогъукӀэ чъыгаем хэшӀыкӀыгъэ пхъэнтӀэкӀушхом тетӀысхьажьыгъ, ицыебгъэ чыӀу тӀэтӀагъэр ыгъэупкӀэпкӀэжьыгъ, ипаӀо нахь зыщигъэпытыхьагъ, тхылъыпӀэ тхыгъэ заулэ, Ермоловым иер акӀыӀу ышӀи, ыпашъхьэ рилъхьагъ, зыпэ пыгъушъыкӀыгъэ къэлэмри атырилъхьажьыгъ. Ыпашъхьэ ит одыджыным ыгу тырigъэпщахэу теуагъ, къычӀищэгъэ есаулым риӀуагъ:

– Табанец подполковникыр садэжь къэкӀонэу щытышъ, къысэрэж. Сэ мы тхылъыпӀэ тхыгъэм иджэуап елбэтэу есымытыжьы хъущтэп,– атаманым тхылъыпӀэр ыпашъхьэ ригъэкӀотыгъ, унэм икӀыжьрэм кӀэлъиӀожьыгъ: – де Скаси къыӀухьэмэ, занкӀэу садэжь къычӀэгъахь.

Есаулыр унэм зэрикӀыжьыгъэм лъыпытэу атаманыр мэкъэнчъэкӀэ жэкӀэ-пэкӀэ мыкӀырмэ ахэщхыкӀыгъ. СипчъэӀупэ тӀэкӀурэ Ӏорэс, къысэрэж, гукӀэ ыӀуагъ. Икъун хэтыкӀи зэрэӀуубгъукӀыгъагъэр, шӀу пшӀэ зэпытмэ къыогоожьы зыфаӀори шъыпкъэ. Табанецым къыфаӀорэп шъхьакӀэ, Власов генералым дэжькӀэ ыгу гъэзагъэ. Ӏизын ети, а зыдэзгъэкӀогъэ адыгэ чылэр, зыми емыплъэу, тырigъэстыкӀын. Тикъэзэкъыдзэ гъусэ къыфэхъугъэ старшинам итхьамыкӀагъо хэзгъэтыгъэ пэтзэ, гушъэбагъэкӀэ къыгъэзэжьыгъэп. Къылъэгъугъэр, ынэ къыпэӀухьагъэр шӀоӀэягъ. Ащ фэдэ гукӀэ дунаим утеты хъущтэп.

Адыгэхэри шIухэп, де-Скасирэ сэрырэ, ахэр къызтетымыгъэоным пае, сыд афэтымышIагъ! Нахь тызэшIун, зэгъунэгъугъэ мамыр псэукIэр тазфагу дэлъын тIуи, Пшызэ сэмэгубгъум пэгъунэгъухэу ячылэхэр къэдгъэтIысыгъэх, щэн-щэфэ щагухэр талъэныкъокIэ къафызэIутхыгъэх. АфэтшIэгъэ шIум къымыубытхэу хъунклэкIо тхьапш гъэрекIуи гъэрекIопагъи къутырмэ къатеуагъэхэр, цIыфхэри аукIыгъэх, гъэрхэри зыдащагъэх, былымышъхьэ шъэ пчъагъэхэри Пшызэ зэпырафыгъ. Мы илъэсым икIымафи, игъатхи зыщэ-зыплIэ чIыпIэ зэфэшъхьафхэм къыщыттеуагъэх. Власовым ыIорэми шъыпкъэ хэлъ, тэ ятшIэжьрэм нахьи ежьмэ къытахрэ тхьамыкIагъор нахьыб. Апэрэ Александрэ пачъыхьэми ащ илIыкIо де-Скаси сыд къышъуашIагъэми шъуапэуцужь, шъуяу нахь, ячIыгу шъуимыхь, дунай хэгъэгумэ, Тыркуер, Инджылызыр апэ зэритхэу, бырсыр къытяшъумыгъэшIылI аIо. ГъэшIэгъоныр, Тыркуем иIоф адыгэ шъолъырым зэримылъыр ашIэрэп ахэмэ. Адыгэмэ яхъункIэкIо зекIуакIэ фэгъэхьыгъэу Анапэ тырку пытапIэм дэс пашэм тызегъим, къытхыжьыгъагъэр щхэны: «Адыгэхэр хъункIакIох, къызышъутеохэкIэ къэшъуубытыхи, апшъэ мыжъо пышъушIи, Пшызэ ежъугъэтхьалэх, шъори зэрэшъуфэлъэкIэу шъуичIыгу гъунапкъэ къэшъуухъум». Адыгэмэ Тыркуер къызэрэрамыдзэрэр, яIофи къазэрэхэмылъыр ащ къегъэлъагъо, тэ Анэпэ пашэм Iоф дытиI тэIошъ, зытэгъэпцIэжьы. Аущтэу щытми, амал зэриIэу, тичIыгу гъунапкъэ къэдгъэгъунэщт, Пшызэ адырабгъуи, сыд тиIоф илъ, тызэпырыкIынэп. Типачъыхьэ унашъо къытфишIымэ, зэрэкъэзэкъыдзэу зыфэтIэтын, ау сыд фэдэу Ермоловым зыкъысфишIыгъэкIи, икъаигъагъэкIэ сызекIонэп... Де-Скаси, аIу-амыIоми, шъыпкъагъэ зимыIэ адыгэмэ афишIыгъэ гушъэбагъэмкIэ тIэкIу зэрэушъыижь, ары нахь къытэпыихэрэмэ хэгъэгу пашъхьэм емыкIу къыщытагъэхьыщт... Сэ Потемкин дзэпащэм сыфэшъыпкъагъ, Очакови, Измаили, Березани зыштагъэхэм сащыщыгъ, Головатэм сырыгъусэу Персиеми сыщызэуагъ, Бурсаки сыготыгъ, Поливадэр зэфэхым, лъэсыдзэм сырипащэу Дунай псыхъо шъолъырым сыIутыгъ. Рушкэрэ Журжейрэ адэжь Георгиевскэ къащри къыщысхыгъ, Наполеон пэшIуекIогъэ заом къыщысхыгъэ тынхэу Владимирырэ Аннэрэ сиIэхэу подполковникэу сыкъыхэкIыжьыгъ. Сэра лIыгъэрэ шъыпкъагъэрэ зезымыхьагъэр?!



Ау зао зыдэщымыIэм, хэти ыгу къысерэмыгъабгъ, сыщылIыхъужъын слъэкIыщтэп...

Атаманыр имыхабзэу, гузэжъогъукIэ къэтэджыгъ, пкъы ушъагъэр пытэ-пытэу тхьэ сурэтым рихьылIи, щэ зэлъыпытэу шъхьащэ фишIызэ, къащ къыхьыгъ, гунахьышIагъэ зэрихьагъэмэ, мыхъун ышIагъэмэ, къыфигъэгъунэу елъэIугъ. Ыгу жьы зэрэдигъэкIыгъэр, Тхьэм ыпашъхьэ зэритыгъэр арыщтын, разэу итIысыпIэ екIолIэжьыгъ. Уахътэм зыригъэукIыхьэу тIэкIурэ зыщэс уж, одыджын-цырицаум IэдэкъэIужъу пщэрымкIэ теуагъ, пкъы гъум кIакомкIэ гупсэфэу пхъэнтIэкIу бармэкъым зыригъэкIыгъ, сыхьатым еплъыгъ.

Трофименко есаулэу унэм къихьагъэм фидзыгъ:

– КъычIэрэхь садэжь Табанец подполковникыр. Хэт етIани къысажэрэр?

– Васюринскэ куреным къэзэкъищ къыпфикIыгъ, атаман.

– Сыд зыфаехэр? Хэтмэ ащыщых?

– Зыфаехэм ышъхьэ къырахырэп, атаманым тыIукIэмэ етIощт аIо. Зыр Качура, адырэр Паденко, ящэнэрэр Ткаченко.

– ЗылъэкъуацIэ къепIуагъэхэр синэIуасэх, зилIыгъэ фэшъыпкъэ къэзэкъых. Амал иIэу ахэр зыми ипчъэIупэ пфыIутыщтхэп. ГумэкIыгъо горэм къыгъэшэсыгъэхэщтын. Табанецым ахэри къыдычIэрэхьэх.

Къэзэкъхэр къызэлъагъохэм, Матвеевыр апэгъокIыгъ, Табанецым блэкIи, ыуж ит къэзэкъ къызэрыкIомэ ацIэ къыриIомэ шIуфэс арихызэ, аIапэ ыубытыгъ, етIанэ чэзыур жэкIэ-пэкIэ тхъоплъ лIы Iэпкъ-лъэпкъышхо подполковникым нэсыгъ. Пчъэ ихьагъумкIэ щыт пхъэнтIэкIумэ атетIысхьанхэу фежьагъэ къэзэкъхэм атаманым афидагъэп:

– Къэзэкъхэр, ар шъумышIэ. ШъукъыздэкIуагъэр шъуиунэ, шъукъызфэкIуагъэр шъуиатаман. МыкIэ мо, сицIэджэгъу Григорий Кондратьевичыр зыдэтIысыгъэмкIэ, пхъэнтIэкIумэ затежъугъэгупсаф.

Еплъ атаман тхьагъэпцIыжъым къэзэкъмэ зызэрафишIырэр, Табанецым ыIуагъ. Ахэмэ агу ощэфы, зяогъаштэ пIозэ, адыгэмэ тызэряогъапхъо, типыймэ афэгъэхьыгъэу къыуатIорэм щыщ къыпхахьэрэп. Де-Скаси пачъыхьэм илIыкIу пIомэ ыIорэр фэбгъэцакIэзэ, ыкъогъу укъыкъоплъы. Модэ фэе-фэмыяшъоу тикъэзэкъыдзэ хэтыгъэ адыгэпщ горэ аукIыгъэшъ, Iофышхо пшIыгъэ, зэхэтлIыханхэм

ычIыпIэкIэ тIогъогогъо зыгу къытфэмышIумэ тахэбгъэхьагъ, нэшхъэй шъхьащэ афэтэбгъэшIыгъ. СултIан старшинар зыгорэм гъогум тыриукIыхьагъэмэ гъэшIэгъона, ащ нахь лIы дэиха тэ мафэ къэс тхэкIодыкIхэрэр!.. Сшынахьыжъи, сятэшнахьыкIи, нэмыкI къэзэкъ шъэ пчъагъэхэми алъ тшIэжьыгъэп. Тихъулъфыгъэ, бзылъфыгъэ гъэр тхьапш Пшызэ кIыб адыгэмэ щаIыгъыр!.. Ахэмэ алъ пшIэжьыным ычIыпIэкIэ, мыхэмэ «шъукъыздэкIуагъэр шъуиунэ, шъукъызфэкIуагъэр шъуиатаман, шъукъычIахь, шъукъэтIыс» шъорышIыгъэ гущэфкIэ яоIо. Сэ мыхэмэ ачIыпIэ ситыгъэмэ, бэшIагъэ мы унэм узычIэсыдзыщтыгъэр. Къэзэкъ къызэрыкIохэми, нахь лъэрыхьхэми, къэзэкъыдзэм ипащэхэми зыфаер ябгъэшIэу, ашъхьэ Iоф зэрябгъэафэу, мылъкукIэ зябгъэгъэбаеу ебгъэсагъэхэшъ, типачъыхьэ къытфишIыгъэ чIыгу гъунэпкъэ къэухъумэныр Iэпэдэлэл ашIыгъап. Джары адыгэхэри зыгъэутэшъуагъэхэр. Джары Ермоловыми Власовыми амыдэрэр. Ахэмэ язакъоп, тэри ары!..

– Сыд шъуалъэныкъо, Васюринскэ куреным, щыкъэбар? – Атаманыр къэзэкъмэ яупчIыгъ.– Шъуихэтэ-чIыгу лэжьыгъэхэр Iушъухыжьыгъэхэба? Сыд фэдиз пуд пчъагъ коцым, зэнтхъым, семчыкым къарышъухыгъэр?

– Тикоци, тизэнтхъи, тисемчыки къатыгъэм уезэгъыщт,– къыIуагъ Качурэ къэзэкъым, ау къыIо шIоигъор атаманым къыригъэухыгъэп:

– Картофри мыгъэ бэгъуагъэ аIуагъ.

– Картофри, семчыкри, коцри, зэнтхъыри, типхъэшъхьэ-мышъхьэ чъыгхэри мыгъэ къытэшIушIагъэх,– Паденко къэзэкъым Качурэм ычIыпIэ джэуап къытыжьыгъ,– ау щыIэкIэ-псэукIэ тиIэжьэп.

– Сыда шъуzгъэгумэкIырэр? – КъыраIощтым егуцафэзэ, атаманыр къэупчIагъ.

– Адыгэхэр къытэсэгъапэх, тыщагъэIэжьрэп.

– Сыда адыгэмэ къышъуашIэрэр? – Зэхихыгъэр зэримыгуапэр атаманым ымакъэ къышIухэщэу джыри упчIэкIэ зыригъэукIыхьагъ.

КъыраIорэм фаеп, Табанецми къызхимыгъэщэу Iугушlукlыгъ, къешъуIу, шъумыушъэфы, нахьыби кьешъуIу, шъукъыжэхагъ. ЗигъэшIожьэу, зышIоlыжъ дахэу щыс нахь, шъо шъуигукIае ыгъэгумэкIрэп. КъешъуIу, джа дэдэр тэри етэIо, тыкъыридзэрэп, шъужъалымыщ ыIомэ, типачъыхьэ исакъыныгъэ Iэубытыпlэ къытфишIызэ, къытэгыижьы.



Сыд сэIо мыхэмэ афэмыгъотырэр, Матвеев атаманыр гукIэ къызэгоутыгъ. Ялэжьыгъэ бэгъуагъэ, ябылымышъхьэ пчъагъэ афэлъытэжьрэп, япхъэшъхьэ-мышъхьэ чъыгхэри хьалэлэу къятагъэх... Адыгэхэр къышъосэгъапэхэмэ, шъуичIыгу гъунапкъэ чэщи мафи къэшъуухъум, шъумыбэлэрэгъ, шъуигъозэрыплъапIэхэр чIэшъудзыхэу шъуишъузмэ чэщрэ шъуагомыгъолъхьажь, псэлъыхъуакIуи шъухэмыхьажь. Мыр шъуитхьаусыхэу сшIагъэмэ, Табанецым ыпашъхьэ къыщышъозгъэIоныеп. Армырми мыхэмэ «къысаIолIэщтри къысашIэщтри ашIэрэп – аIапэ ращэкIын горэ ягъэгъоти, тхъэжьыщтых. Ау сыд къысаIолIагъэми, къыстефэрэр сэгъэцакIэ, сипачъыхьэ сыфэшъыпкъ.

Матвеев атаманыр тегупшысыкIыгъэ фэдэу къыщыхъуи, Паденкэ къэзэкъым игущыIэ зэпигъэугъ.

– СыкъэдаIо, сыкъэдаIо,– атаманым зыкъиштIэжьыгъ, ыгу илъмэ ямылъытыгъэу адырегъаштэ,– шъуигукIае къызгурэIо, сегупшысэ, хэкIыпIэмэ салъэхъу. Къэзэкъ къулыкъур къызщыланлэрэ чIыпIэр адыгэмэ ятIэсхъапI. Ащ фэдэр Тыгъужъкъо Къызбэч фэдэ хъункIакIомэ къыпфагъэгъущтэп. Шъыпкъэба, Григорий Кондратьевич?

Табанецым шъхьэгъэсыскIэ атаманым къыдыригъэштагъ нахь, зи къыIуагъэп.

– КъэкIорэ тхьэмафэм шъуадэжь, Васюринскэм, тыкъэкIощт,– ащ нахьрэ адыгэ Iофмэ зарымыгъэукIыхьэ шIоигъоу, атаманым къыIуагъ,– армырми ар сшIэн сигухэлъыгъ. Сагъэразэрэп шъуалъэныкъо къикIрэ къэбармэ. Прокудин майорми, Наливайкэ есаулми, нэмыкI къэзэкъхэми яIофшIакIэ сыгу еIурэп. ТыуплъэкIущтых, зэхэтфыщтых. Курень зэхэхьагъуи тшIыщт.

– Тхьэуегъэпсэу, Григорий Кондратьевич, тыбгъэрэзагъ,– Качурэ къэзэкъым зэпыугъо зэригъотэу атаманым риIуагъ,– ау тхьаусыхэ Iофэп тыкъызфэкIуагъэр, тикъэзэкъ пащэхэми тагъэразэ...

– Адэ сыд, шъуипащэмэ шъуагъэразэмэ,– шъхьэ хъурэе онтэгъур Матвеевым къымыIэтэу щхыпцIыгъэ,– тадэжь шъукъызфэшэсыгъэр?

– Лъэlу къыпфытиI, атаман.

– СыкъэдаIо. Адыгэ Iофым тыхэмыхьэзэ, сыд пай ар ыпэ ишъумыгъэшъыгъ?

– Адыгэмэ ари япхыгъ, Григорий Кондратьевич,– зыжэ пхыгъэ пIонэу къэдаIощтыгъэ Ткаченкэр джы къахэгущыIагъ.

– МэзитӀум къехъугъэу, Григорий Кондратьевич,– Качурэ къэзэкъым игущыӀэ къыпидзэжьыгъ,– адыгэ гъэр тӀыгъ. Мы сигъунэгъу Паденко Савелий Петровичым ишъао адыгэмэ Пшызэ зэпыращыгъ. УишӀуагъэ къытэбгъэкӀыщтмэ, тигъэркӀэ гъунэгъу шъаор къэтхъожьыщтыгъэ.

– Уишъао зыдащагъэм ущыгъуаза? – Табанец подполковникыр Паденкэм гукӀэгъунэкӀэ еплъызэ еупчӀыгъ, фэсакъыми, гуплъырыгъэр къышӀухэщэу атаманым риӀуагъ: – Джары, Григорий Кондратьевич, адыгэмэ къыташӀэрэр...

– Тэ тызэрэфаеу дунаир щытыгъэмэ...– Матвеев атаманым подполковникыр зэреӀэсэкӀыгъэр къыгурыӀуагъэми, къэзэкъмэ апашъхьэ къыщиӀогъэ гущыӀэхэр ыгу зэрэримыхьыгъэхэр ынэ шхъонтӀэ пшъыгъэмэ къаӀотагъ, гъумтӀымыгъэ: – Ишъао зыдащагъэр ышӀэщтыгъэмэ, тэ тыхамыгъахьэу ежьмэ къащэфыжьыщтыгъэ.

– Абдзахи, Бжъэдыгъуи щакӀэдгъэупчӀагъэх...– Паденкэр мэкъэ щытхъагъэкӀэ къэгузэжъуагъ, Ӏэхъомбэ стхъагъэмкӀэ ынэмэ акӀэбэнэжьыгъ,– чӀыр зэгози дэфагъ... Згъотыжьынэу сшӀагъэмэ, сиӀэ тӀэкӀур ястыщтыгъэ.

– Яптын адэ! – Качурэ къэзэкъым ынэ къарэхэр жэкӀэпэкӀэ шӀуцӀэмэ къахэлыдыкӀыгъэх.

– Пкъо ыцӀэ, ыныбжь къаӀо,– Матвеевым къэлэмыр къыштагъ.

– Пантелей! – Ащ ежэщтыгъэ пӀонэу Ткаченкэ лӀыжъым къызӀуипхъотыгъ.

– Пантелей Савельевич шъаом ыцӀэр, Григорий Кондратьевич, илъэс пшӀыкӀуй хъугъэ къодый... Икъэхъугъу, сишъэожъые закъо...– Паденкэм зыфэмыщыӀэу джыри къыщиутагъ.

– Щыгъэт, Савелий Петрович,– гукӀэгъу мэкъэ шъабэкӀэ атаманыр къэзэкъым еушъыигъ,– уигукӀае къыдгурэӀо, зэхэтэшӀэ, сабый зимыӀэ, зыл мыузын къытхэсэп. Непэ Кубань кӀыб щытиӀэ адыгэ нэӀуасэмэ макъэ ядгъэӀун, дгъэлъыхъоных, тыдэ щыӀэми, пкъо къэдгъотыжьын. АщкӀэ шъуиецыхьэ къыттежъугъэлъ, шъуузхэхьажьыщт къэзэкъхэми ар сфяшъуӀожь.

Васюринскэ къэзэкъуищыр атаманым иунэ зекӀыжьхэм, Табанецым къыӀуагъ:

– Джы нэс Паденкэм макъэ къызэрэрамыгъэӀугъэр адыгэмэ яхабзэп.



– Фэзыгъэхэпщтын,– джау сыдми, игупшысэмэ зэрахэтэу, атаманым къыӀуагъ.

– Охътабэ тырагъэшӀагъ. Ахэмэ ящэнэрэ мафэр япӀалъ.

– Сыд адыгэ хъункӀакӀомэ япӀалъэми ямыпӀалъэми,– Матвеевым ыпашъхьэ илъ тхылъыпӀэхэр ӀуигъэзыкӀыгъэх,– Паденкэ Савелий Петровичым игукӀае пчэгум къитынэ хъущтэп, къэзэкъмэ къагурыӀощтэп.

– Джар гущыӀэ псау, Григорий Кондратьевич,– зэхихрэр игуапэу Табанецым атаманым дыригъэштагъ.

– Ащыгъум ори ыуж ихь, сэ ястыгъэ гущыӀэри згъэшъыпкъэжьын, де-Скаси адыгэхэр иблагъэхэшъ, къыхэзгъэлэжьын.– Адэ джары дунаим тетыгъошӀоп тятэжъмэ зыкӀаӀощтыгъэр... Сыд етӀанэ шъуздэщыӀагъэм щыкъэбар?

– Сыд щыкъэбарын хьэдагъэм, Григорий Кондратьевич, басурманхэр КъурӀан еджэхи, шхэхи, Ӏэ дэгъэчъэягъэкӀэ ятхьэ елъэӀужьхи, зэхэкӀыжьыгъэх... Сыд афэтшӀагъэми тафэнэшхъэигъэми, тафэшӀушӀагъэми, талъэгъу хъурэп... КъытӀощхыпцӀэхэми, нэжъкӀэ къытфычӀэплъых.

– Пшызэ къызэпырыкӀырэмэ ащыщхэм укъашӀэжьыгъэу къычӀэкӀын,– Матвеевыр щхыпцӀыгъэ, етӀанэ ышъхьэ онтэгъу къыӀэти, къеупчӀыгъ: – зыгорэм шъукъиушъхьакӀугъэмэ шӀэ?

– Хьау, Григорий Кондратьевич, адыгэмэ хьакӀэр агъэлъапӀэ. А хабзэр тэри къыддызэрахьагъ. Ау етӀани талъэгъу хъурэп!..

– Ар Ӏоф шъхьаф,– зэпыугъо тӀэкӀу фишӀи, атаманым къыӀуагъ, етӀанэ ежь зэриӀожьэу, игущыӀэгъу зэхыригъэхэу къыпигъэхъожьыгъ: – тэ тазэрэфыщытэу ежьхэри къытфыщытыжьых.

– Ары шъхьакӀэ, Григорий Кондратьевич, тэрэп Пшызэ зэпырыкӀхэрэр, ежьхэр ары.

– Котляревскэ, Бурсак атаманмэ язэман угу къэгъэкӀыжь. Тэра Пшызэ зэпырымыкӀыщтыгъэр? Тэра, о апэ узэритэу, адыгэмэ афэшъэбагъэр? Адэ джары... ЯтымышӀагъэ къыташӀэжьрэп. Ау ар Ӏоф шъхьаф. Сыд етӀанэ СултӀан Мыхьамэт-Джэрые къэзэкъ старшинам иосыеткӀэ ятэшыпхъум къышъуиӀуагъэр?

– Тхьэшъуегъэпсэу къытиӀуагъ. «Мыхьамэт-Джэрые Ермоловым къыфигъэнэгъэ тхыгъэ-осыетым тегупшысэн,

тызэхэгущыIэжьын, зигъо тлъэгъурэ гъогум тытехьан» къытиIуагъ. Ау тизакъоу тыкъызээкIэрэнэм, ежь иеплъыкIэ шъхьаф къыпфихьыни, Григорий Кондратьевич, уадэжь къэкIонэу ыIуагъэшъ, къыосэIожьы...

Iэпэ хъурэе пакохэмкIэ ыпашъхьэ илъ тхылъыпIэмэ Матвеевыр атеджэгухьэу заулэрэ щысыгъ. Игупшысэ псынкIэмэ дунаим ехыжьыгъэ СултIан Мыхьамэт-Джэрые старшинари, Васюринскэ зыгъэзэжьыгъэ къэзэкъищри, къызхэзымыгъэщэу къепыйрэ Власов генералри, Паденкэм ишъаоу Пшызэ зэпыращыгъэри, иадыгэ гъэри зэтелъэдэзэтечъхэкIэ ащызэблэкIыгъэх. ЕтIанэ къыухыжьыгъ:

– КъызэрэпIорэмкIэ, хьакIэ тиIэщт. Дэгъу, тедэIун, зыфэе шъыпкъэр къедгъэIон. Ау илъэпкъэгъумэ ашIомылIыкIэу тадэжь къэкIонэу зэриIорэр сшIогъэшIэгъон... ЗэрэхъурэмкIэ, сыд фэдэу зыкъытфашIыми зафэтшIыжьми, тызэфыщэкIэ...

## III

ЯтIонэрэ мафэм Матвеев атаманым Елизаветинскэ къыфырагъэчъыгъэ шыум къэбар гомыIу къыфихьыгъ:

– Адыгэ хъункIакIохэр, атаман, нычэпэ Елизаветинскэм къытеуагъэх!

– УкIыгъэ, уIагъэ щыIа? – Атаманыр шэсызэ, къызэджэкIыгъ.

– НэбгыритIу укIыгъэ, нэбгырищ къауIагъ,– ыуж илъэдэгъэ лIыкIоми иджэуап кIэкIы.

– Гъозэрыплъэ къэзэкъхэр тэ щыIагъэх?

– Апэрэ гъозэрыплъэ лъэгапIэм тетыгъэх къаукIыгъэхэри къауIагъэхэри. Зы къэзэкъи агъотыжьрэп. Пшызэ зэпыращыгъ зыIохэри щыIэх.

ГузэжъогъукIэ шыу зытIущмэ зызапхъуатэрэм, ауж къэзэкъхэр илъадэхэу хэбзагъэти, етIани хы ШIуцIэ къэзэкъыдзэм ипащэ ащ фэдэ IофкIэ зышэсыгъэкIэ, Екатеринодар пытапIэм шылъэбжъэ макъэу нэфшъагъом дихырэм, одыджын мэкъэгъэIоу шъхьащытэджагъэм бэмэ онэгу зарихъэшIыгъ.

Матвеев атаманыр къызызэплъэкIым, шыуишъэ фэдиз ыуж рилъэгъуагъ, нэмыкIхэри урам зэфэшъхьафхэмкIэ къахэлъадэщтыгъэх. ОшIэ-дэмышIэ гумэкIыгъом къызэлъиIэтыгъэ шыумэ яелбэтыгъэ атаманым игопагъэми, иш къызэтыригъэуцуи, закъыфигъэзагъ, гузэгъабгъэ къызхэмыкIыщт гые Iасэк1э къариIуагъ:

– Къэзэкъхэр, тхьашъуегъэпсэу шъуиелбэт шэсыкIэкIэ. Ау тхьамыкIэгъо ужым мыщ фэдиз купкIэ течъалIэмэ, ар къызэхъулIагъэмэ лIыгъэкIэ къытфалъэгъунэп. ТипытапIи, хэт ышIэра къэхъущтыр, тIэсхъапIэ тэшъумыгъэшI. Къэзэкъ шыуипшI къызхэжъугъэкIи, адырэхэр ячIыпIэ ерэкIужь. Елизаветинскэм къыдэхъухьэгъэ тхьамыкIагъомкIэ мэкъэнчъэ шъутшIынэп. ТалъэныкъокIэ мысэмэ ПшъэдэкIыжь ядгъэхьын, укIыгъэми уIагъэми атефэрэр афэтшIэн.

– Хэта мысагъэр зыфэплъэгъурэр, атаман? – Забруйнэ къэзэкъ лIыжъыр шыумэ къахэджыкIыгъ, къамыщыпэр жьым хигъэсысыхьэмэ псырыкI лъэныкъомкIэ ыгъэлъагъозэ, нахь мэкъэ лъэшкIэ къэупчIагъ: – Тэра, къэзэкъхэр ара, хьауми адыгэ хъункIакIохэр ара бгъэмысэрэр?!

Къэзэкъ атаманыр зэрэмыгугъагъэу Iофыр къычIэкIыгъ. Шъхьэихыгъэ гущыIэ къыIуагъ, ау къызхигъэщыгъэп. Мыри, ыIуагъ, сызымылъэгъурэмэ ащыщ, Табанецым гот, Власовым ицIыф, ренэу къыспэгущыIэжьы. ЦIыфыр зыфэдэр итеплъэкIэ къэошIэ. Хьагъу-шъугъум ышхыгъ, ыгъэгъугъ. Сыд фэпшIагъэкIи тхьауегъэпсэу къыуиIощтэп. Непи, адырэ мафэхэм афэдэу, къэзэкъмэ апашъхьэ Iогъу-шIэгъу зыщезгъэшIынэп. Сэ укъыспэуцужьын пIозэ, къиуцукI къыпфэхъунхэри зэгорэм къыпфыкъокIыных.

– Трофим Кудинович,– дысыгъэ хэмылъэу атаманым къыIуагъ,– тэ зыми тытеорэп, тичIыгу гъунапкъэ къэтэухъумэ, типачъыхьэ тпшъэ къырилъхьагъэр тэгъэцакIэ. Пшызэ шъузэпырыкI ыIомэ, тэра зэпырымыкIыщтыр! – Урыс пачъыхьэм игугъу Матвеевым къызырегъэжьэм, къыхэкуукIыщтыгъэ къэзэкъ заулэмэ заушъэфыжьыгъ, ежь ыгуи нахь Iэсагъэ, къыIорэми нахь теубытагъэ къыхилъхьагъ, ыпшъэ гъуми, ышъхьэ онтэгъуи, ытэмэ хъураеми заригъэIэтыгъ, ымакъи ыгъэлъэшыгъ.– Арышъ, тэ пачъыхьэм тырицIыф, ащ ицIыфыгъэ тызкъуеубытэ, мышIапхъэ тигъашIэрэп. Мыщ ыпэкIэ, къэзэкъхэр, къышъосIуагъ, джыри къышъосэIо: типачъыхьэ, Апэрэ Александрэм, иунашъо зымыгъэцакIэрэм, хэти щэрэщ, сэр шъыпкъэми къысфэшъумыд, фэсыдэщтэп. Хыери, мысэри сымышIэу арэп, спшъэ къыралъхьагъэм, куокIо купэу

тиIэмэ анахьи нахь чыжьаIоу сегъаплъэ. Сэра, шъуиатаман къэзэкъ паща, зыл мыузырэр?! Арышъ, сыкъызэхэшъушIыкI, сыгу шъукъыхэмыуI...– Матвеевым Iэплъэ-кIыжъые фыжьыр къышти, ынэмэ акIэбэнэжьы фэдэ зишIыгъ, къыухыжьыгъ: – Джа зэрэсIуагъэу, къэзэкъ нэбгырипшI горэмкIэ сауж шъукъуихь, адырэхэм жъугъэзэжь. О, Трофим Кудинович, Елизаветинскэм къыздакIу, Власов генералыри Табанец подполковникри а лъэныкъом щыIэхэшъ, къыщыхъугъэм тыщызэдегупшысэн.

Забруйнэ есаулыр зыдыращэжьагъэми, итэмэтелъ къогушхукIэу къэзэкъ атаманым гоуцуагъэп. Ежь зыхэфэгъэ шыуипшIымэ анахь лъэрыхьыгъэми, закъыхигъэщыщтыгъэп. ТхьагъэпцIыгъэ гущыIэу атаманым къыдишIыгъэр къыгурыIоу, ежь шIоигъо горэ пигъохыжьыщтыгъэми, зигугъу къыфашIыгъэ пачъыхьэм ихьатыркIэ зиушъэфыгъэу игупшысэхэр зэхэо-зэдэо шъэфыгъэх.

Тэ къызэрэтшIошI дэдэу, ыIуагъ Забруйнэ есаулым, тиатаман щытэп. Симахъулъэ Табанецри хэукъо. Власов генералми зетэгъэгъэделэ. Сыд фэдэу тыдэзекIуагъэми, имызэфэ чIыпIэ итыубытагъэми, псым ианахь куупIэ хэдгъэзыхьагъэми, пцэжъыем фэдэу тIэкIэкIыжьы. КъыIорэм шъыпкъэ хэмылъэу щытэп. Мары, джыдэдэми къэзэкъ купыр ыгъэдэIон ылъэкIыгъ, сэри нэмыкIынэкIэ къысигъэплъыгъэх. Сыд мыхъунэу сIуагъэр? Пшызэ къызэпырыкIырэ адыгэ куп пэпчъ теубзэщта? КъыташIэрэр, тэри тызэпырыкIынышъ, ятшIэжьыщт зытIокIэ, плъэгъурэба ыIорэр, пачъыхьэр иIэубытыпI. АщкIэ, зи сIорэп, шъыпкъагъэ зэрехьэ, тэ дблэIэбыкIэу адыгэмэ афегъэкIуатэ сIон слъэкIынэп, ау етIани унэшъо закIэкIэ тищыIэныгъэ зэхэлъэп, тызфэмыий къыхэфэ, тшIомыигъуи тегъашIэ. Михаил Григорьевич Власовым адыгэмэ ячIыгу ихьагъэу зэгорэм зыдягъэшIэжьыгъэн фае зыфиIорэри тэрэз. Бурсак атаманым изэман шапсыгъэ-нэтыхъое чылэ заулэ зытетэгъэстыкIым,– былымышъхьэ пчъагъэу, унэгъо мылъкоу Пшызэ къызэпырытщыгъагъэр,– къыкIэлъыкIогъэ илъэсхэм тырэхьатыжьыгъагъ. Зы тыгъокIо куп горэ къыттеожьыгъэп сIорэп, ау мы илъэс зытIум псэукIэ зэрэтимыIэжьым фэдагъэп... ЕшъуIоба, шъуегыйба пачъыхьэм, ари цIыфы, къыгурыIон, тызэхишIыкIын. Тимылъэпкъэгъу де-Скаси ыIорэмкIэ тыпсэун тлъэкIыщтэп. Тинасыпмэ, зымафэ Алексей Петрович Ермоловым зэриIуагъэу, пачъыхьэм фэтхэн, тикъэзэкъ гукIаехэр фиIотэных. Арымырмэ бусурманмэ тяIэсэкIы тIозэ, тяунэхъулIэщт...

Къэзэкъ шыухэр Пшызэ нэпкъ готхэу заулэрэ чъагъэхэу, Елизаветинскэр чыжьэкIэ къызщылъэгъощтым атаманыр къызэджэкIыгъ:

– Забруйнэ есаулыр, сыд сабгъукIэ укъызкIэмыуцурэр? Угу къысабгъа, Трофим Кудинович?

– Сыд пае сыгу обгъэн,– шым елъэдэкъауи атаманым исэмэгубгъукIэ зыголъадэм, Забруйнэм зышIомыдэеу къыIуагъ,– узфымитым сыфит пIогъагъэмэ, сыгу къыобгъэни. КъызэрэпIуагъэмкIэ, ары зэрэщытри, лажьэ уиIэп.

– Ар къызэрэбгурыIорэр дэгъу, сигуапэ, есаул. Ау мы тыздакIорэм, тхьамыкIагъо къызэхэъулIагъэмэ сызэрагъэмысэщтым щэч хэлъэп. Къэзэкъхэр къэзэкъыых ягъэзэIуагъэр яшъхьафит щыIакI, ягупшысакI, ягущыIакI. О къысфэбдзыгъэ дэдэри, зэхэпхын, мыщи къыщысфадзыщт.– Ахэр атаманым къеIофэ къыготым фыреплъэкIыгъэп, етIанэ шъхьэшхо онтэгъур фыригъэзэкIи, IущхыпцIагъ, къыпигъэхъожьыгъ: – Къэзэкъхэр аущтэу щымытхэмэ, къэзэкъхэп ныIа?..

– Ари шъыпкъэ,– Забруйнэм зэхихыгъэр зэригуапэр ымакъэ къыхэщыгъ, къыушыхьатыжьыгъ: – Аущтэу тыщымытыгъэмэ, Запорож тыкъикIыни, мыщ нэс тыкъэкIоныгъа!..

– Шъхьафитыныгъэм тыкъырифэкIызэ,– сэмэркъэуми шъыпкъэми умышIэнэу Матвеевым къыIуагъ,– шъхьафитныгъэр егъашIэм зишылъэбжъэ адыгэ къаигъэмэ таIуупIагъэкIэ сенэгуе.

– Ащи шъыпкъэ хэлъ.

– Адыгэхэмрэ къэзэкъхэмрэ ащкIэ тызэфэдэу къысщэхъушъ ары сэзгъаIорэр.

– Мыбусурманыгъэхэмэ,– Забруйнэр гъумтIымыгъэ,– нахь тызэкIуныгъэкIи мэхъу.

Къэзэкъ шыухэр пырэжъыелъэ Iошъхьэ къэгъэзэгъум зыкъолъэтхэм, гъогу закъоу Елизаветинскэм дахьэрэмкIэ дэлъэдагъэх. Къамылышъхьэ-орзэшъхьэ унэ зыщыплI зэранэкIи, цIыфхэр зыIуиз гъозэрыплъэ лъэгапIэм екIугъэх.

Шыу-цIыф зэхэтмэ Матвеев атаманым Власов генералымрэ Табанец подполковникымрэ ахилъэгъуагъ. Хьэдэ зэголъитIур къызэраплъыхьэрэмкIэ, бэшIагъэп ахэри

къызысыгъэхэр. Зышъхьэ шӏопхыкӏыгъэ уӏэгъищым язырэм нычэпэ къэзэкъмэ къяхъулӏагъэр къеӏуатэ. Цӏыфхэр зэлъыӏукӏотхи, атаманым гъогу ратыгъ. Укӏыгъэмэ акӏэрыс, ашъхьащыт бзылъфыгъэхэми япащэ залъэгъум, ягъынпчъэн нахь рагъэхъугъ. Власовымрэ Табанецымрэ шъхьэщэ мэкъэнчъэ шӏуфэс къырахызэ, Матвеевым ыӏапэ къаубытыгъ.

– Сыд етӏанэ, къэзэкъ, нычэпэ къышъохъулӏагъэр? – Матвеев атаманыр, хэфагъэр ымакъэ къебэкӏэу, зышъхьэ пыпхыкӏыгъэ лӏым еупчӏыгъ, ау псынкӏэу, мысагъэри зыдишӏэжьэу, еӏэсэкӏыжьыгъ: – Къэӏуат, къэӏуат къышъохъулӏагъэр... Уиуӏагъэ къыохыылъэкӏа?

– Хьау, ащ фэдэ уӏэгъэшхо стелъэп, тӏэкӏу рицытхъагъ ныӏэп.

– Адэ пшъхьэ тепхагъэр сыдэу ӏужъу? – Зэхихыгъэр зэримыгуапэр Власовым ымакъэ къыхэщыгъ, Табанецыми фыреплъэкӏыгъ.

– Мыра? Мыр шъузым, си Марусэ лӏыгъэкӏэ къысшӏутырипхагъ,– гу къызӏэпишӏыхьажьыгъэу зэплъэкӏи, хъэдэныр зышъхьэщилъэшъужьзэ, шъузым егыигъ: – Къыосӏуагъи, Маруська, къыздэмыгъэхьащхых.

– Хэт лӏыгъэ зиӏэу, Грицко, мыщ къыбдэхьащхынэу ахэтыр? – Бзылъфыгъэ гъугъэ пӏокӏэ цӏыкӏур зыхэтмэ къахэджыкӏыгъ.

– Цыц, Марус! – Зышъхьабгъу лъы тӏэкӏу тегъухьэгъэ Грицко лӏы плӏэмыешхом ыдагъэп.– Хы Шӏуцӏэ къэзэкъыдзэ атаманым ыпашъхьэ ащ фэдэ щаӏорэп, синыбджэгъу фэхыгъэми шъуашӏолӏыкӏ...– Грицко ыпашъхьэ илъ укӏыгъэмэ затеплъэм, ымакъэ къыщитхъагъ, ау псынкӏэу зыкъишӏэжьи, зыкъигъэтэрэзыжьыгъ.– Сыд къыосӏон, Григорий Кондратьевич, олъэгъу, нычэпэ, чэщныкъомэ адэжь, тхьамыкӏагъо къытэхъулӏагъ, адыгэхэр къытэкӏугъагъэх...

– Нэбгырэ тхьапш хъущтыгъэх? – Табанецым зыфэщыӏагъэп.

– Хэт ар зылъытагъэр... Нэбгырэ тӏокӏ фэдизыгъ...

– Шъоры? – Табанецыр джыри уцурэп.

– Тэ нэбгырих тыхъущтыгъ.

– Адырэ нэбгыриплӏыр тэ щыӏагъ? – Джыри Табанецыр къэупчӏэ.



– Ахэр тхьэмэфэ псаум яунэмэ арыхьажьыгъагъэхэпти, гъолъыжьакӏо ттӏупщыжьыгъагъэх,– Грицко тхьэм къызэригъэхъугъэу ӏофым изытет къыӏуагъ.

Табанец подполковникым иупчӏэ зэпымыухэр ыгу зэремыӏурэр Матвеев атаманым инэплъэгъукӏэ ригъэшӏагъэти, щигъэтыжьыгъ. Ардэдэм хьадэщэжь кухэри къыӏухьагъэх. Цӏыфхэри къызэлъыкӏотагъэх, бырсыр макӏи къащышъхьэтэджагъ.

Хьадэщэжь кухэм ауж ӏахьыл-благъэхэр ихьагъэх. Къызэхэнэгъэ купыр бзылъфыгъэхэмкӏи нахь макӏэ хъугъэ. Куахъохэр атамэу, сэшхо къихыгъэхэр зыӏэдакъэхэу къэчъэгъагъэхэ къэзэкъ лӏыжъ заули гъумтӏымымэ, адыгэмэ яцӏацӏэмэ, атаман пащэри шъэфкӏи, нафэкӏи дырагъэхьызэ, ӏукӏыжьыгъэх. Псырыкӏым щыпсэурэ адыгэмэ ӏэутӏэ афэзышӏыщтыгъэ ныо купри, шъэожъыехэр ягъусэхэу, ахэмэ ауж ихьажьыгъэх. Ныо лъэпэлъэгэ нэхае горэ зэ къызэплъэкӏыгъ, тӏо къызэплъэкӏыгъ, етӏанэ къызэтеуцуи, къыдзыгъ:

– Джары, атаман, Григорий Кондратьевич, уигугъуемылӏыныгъэ къэзэкъмэ къафихьрэр!.. Зэгорэм басурманмэ зягъэшӏэжьба, ощынэмэ, мо силӏыжъ лъащэу зылъакъо адыгэмэ къызэпаутыгъэм сыригъусэу сыкъыбдэшэсын!

Хэлъэщыкӏызэ ӏукӏыжьрэ лӏыжъыр тыгъужъ плъакӏэкӏэ къэзэкъ пащэмэ къяплъыжьыгъ нахь, иныо зи риӏуагъэп.

Тыкъакӏо зэхъум, къыосӏогъагъэба сызфимытым сызэрэрагъэмысэщтыр къыригъэкӏэу Матвеев атаманыр Забруйнэ есаулым фыреплъэкӏыгъ. Шъори, къышъуфэӏошъурэп нахь, ар шъугу илъ ыӏоу Табанецми ӏуплъагъ. Власов генералри зыщигъэгъупшагъэп. Зышъхьэ къэзымыухъумэжьышъугъэ къэзэкъ гъозэрыплъэмэ ащыщ Грицко ыгу ебгъэу нэмыплъ шъэф рихыгъ, тхьэмэфэ псаум тиунагъо тихьажьыгъэп, тишъузмэ таголъыжьыгъэп шъуӏомэ, шъуешъомэ, орэд къашъуӏозэ, зыкъэжъугъэгъунэжьыным ычӏыпӏэкӏэ мыхъунэу щыӏэр къытэшъогъэхъулӏэ, ажэ къыдахьэрэр укӏытэнчъэ къэзэкъ ныомэ къытяшъогъаӏо, лӏыжъхэр къытэшъогъэхъоных. Къэзэкъмэ аӏу-амыӏоми, адыгэмэ язекӏуакӏэ хъущтэп. Мыхэмэ Бурсак атаманым тыригъусэу ячылэмэ тызэрякӏущтыгъэр, зэрэтедгъэстыкӏыщтыгъэхэр джы къызнэсыгъэм ащыгъупшэрэп! Ем е къехьыжьы зыфаӏорэр шъыпкъэ. Мо Андрющенкэ

лІыжъ лъащэм имэхъэджагъэ къыфихьыгъэ никъо-тыкъор телъхьапІэ иныо зыгорэм фешІыжьы. Пщыгъупшэжъыгъа, шъхьэзэндэ жэмыІан, цуитІурэ шитІурэкІэ уилІыжъ, ышнахьыкІэ укІыгъи зэригъусэу, адыгэмэ къызэрятхъожьыгъагъэр?.. Власовым сытегущыІэрэп, мыр Дон къытфыращыгъ, бэшІагъэп къызытхэхьагъэр, тэри, адыгэхэри тэрэзэу тишІэрэп, сызэрэхэплъагъэмкІэ, тишІэнэуи фаеп. Ау зыфэІэджабгъум фэІэсэмэгу сфэІонэп, адыг, тырку, нэгъой иІэп, гъэзаори, лъымэ кІэгъаори, умыгъэшхэжь. Еплъ ащ зи къымыІоу зызэрэзэкІоцІигъэнагъэм, ищазымэ шъхьаІу къамыщкІэ еожьы нахь, ыгушхьэ зэрэшх къызжэдитІупщырэп... Власовыр Дон къытфикІыгъ шъхьакІэ, оры, о сыд, Табанец, нахьыкІ-нахьыжъ умыІоу щытхэр къэмыгъэгущыІэжьхэу угу къызфижъэжъыкІрэр? Сэщ нахьи ул нахь узэу Власов генералым ыпашъхьэ зыкъыщыбгъэлъагъо пшІоигъуа? Хьауми сиатаманыгъэ укъыкІэнэцІа? Аужрэр армэ, сэркІэ ар мыІэшІуми, сэщ нахь къэмынэжьыгъэми, ащ утезгъэплъэнэп! Гужъ зиІэр, лъышІэжьым зынэ къытырихъорэр атаман ІэнатІэ пакІошъ, гъозэрыплъэмэ пащэ афэпшІы хъущтэп.

– Атаман, Григорий Кондратьевич,– къэзэкъхэр зэлъыІукІыжьхэзэ пІуакІэ къызэрэхъурэм, изакъоу дзэпащэмэ апашъхьэ къызэринэрэм щыщтыхьэу Грицко къыІуагъ,– сыуимыщыкІагъэмэ, сшъхьэ къэуназэ, сытІупщыжь, Маруськи къысэжэ...

– Грицко, а сыпс, а сикІас,– Марусэ къэгузэжъуагъ, лІым къыкІэрылъади, ыблыпкъ кІэуцуагъ,– пшъхьэ унэзэн адэ, ууІагъи о!.. Моу уиуІагъэ, хьаулыеу къытепхыжьыгъ, пытэу сэгъэпхы.

– Маруся, щыгъэт! ЦІыфхэр къытэплъых...– Грицко шъуз псыгъо цІыкІум зыкъыІэкІехы, ин-инэу ыдэжь къыІокІоты.

– Ары, ары, Грицко,– ыгу жьы зыдегъэкІ уж, джы нахь гушъабэкІэ Матвеев атаманым къыІуагъ,– пшъхьэ уназэмэ, унэм укІожьын... ТхьашъуегъэпсэУ, лІыгъэ зешъухьагъэ, гъозэрыплъэ лъэгапІэм хъункІакІохэр блэжъугъэкІыгъэхэп, чылэм дэжъугъэхьагъэхэп. Сыд ылъэкъуацІ пІуагъэ Пшызэ зэпыращыгъэ къэзэкъым?

– Бурунчук Андрей, атаман,– Грицко къэгушІуагъ,– Семен къэзэкъым ыкъу. Адыгэхэр къызыттеощтмэ адэжь ар мо мыжъом дэжь щыплъырыщтыгъ. Икуо макъэ зызэхэтэх уж, тэзэофэкІи адыгэмэ псыкІэим зыздатэкъожьми тытеплъэжьыгъэп.

– Унэгъончъа, Іахьыл иІэба? – Атаманым зэхихыгъэр ыгъэшІагъоу къэупчІагъ.– Сыдэу Бурунчук къэзэкъмэ ащыщ къэмылъэгъуагъ?

Власов генералми, Табанец подполковникми, Забруйнэ есаулми, нэмыкІ къэзэкъхэми джы нэс агу къэмыкІыгъэ упчІэм зыкъаригъэшІэжьыгъ. ТхьамыкІагъо къызэхъулІагъэр зэращыгъупшагъэр ашІоемыкІоу щытмэ анахьыбэмэ заплъыхьагъ.

– Шъулъымыхъу ащ,– кохъокІыр ыжэпкъ кІэгъэкъуагъэу щыт къэзэкъ лІыжъ цІыкІум къыІуагъ,– адыгэ лъэныкъом щыІэп ар... Шъузым иджэнэ чІэгъ шъущылъыхъу!

– Ар сыдэущтэу къыдгурыІощт, къэзэкъ? – Власов генералым ымакъэ зыкъышІуипхъотагъ.

– Узэрэфаеу, генерал, къызгурыгъаІу. Къэрабгъэм рапэсрэр фэшъуаш, бзэгу къышъуфэсхьыкІэ арэп. Сэ сызщыгъуазэр къышъосІуагъ,– куахъор ытэмэ бгъузэ ригъэкІужьи, мыгузажъоу ІукІыжьызэ, къызэтеуцожьыгъ, къяпхъэшэкІыгъ: – Зэо утыгум къэзэкъыр къизынэрэр къэзэкъыжьэп!

– Бурунчук къэзэкъымкІэ зэхэшъухыгъэр шъыпкъэмэ, мышъыпкъэн ылъэкІыщтэп! – КІэгубжыкІыжьзэ Матвеев атаманыр Власовым фыреплъэкІи, Табанецым фигъэпытагъ: – Джыдэдэм зэрэ Елизаветинскэ ылъэгъоу жъугъэтІысы! Дзэ судым иІоф ежъугъаІу. Джыдэд, зы сыхьати тешъумыгъашІ!

Табанец подполковникымрэ Забруйнэ есаулымрэ зипэщэ шыуитфыр зыІолъэтым, Матвеев атаманыр зыдэщыт лъэныкъомкІэ Власов генералыр къэкІотагъ, пэІо пырацэм чІэпыхьэгъэ шъхьэ упсыгъэм ІэплъэкІжъые фыжьыбзэкІэ телъэкІыхьагъ, етІанэ мыгузажъоу зышъхьэщилъэжьыгъэр зегъэтэрэзыжьым, гугъуемылІ фэдэу, джау сыдми къыІуагъ:

– Джары, Григорий Кондратьевич, къытэхъулІэрэр... Къэзэкъхэм, аІу-амыІоми, псэукІэ яІэжьэп, тэ тІэ едзыхыгъэу тыщыс.

Власовым къыІуагъэр мэкъэ ІэтыгъэкІэ къымыдзыгъэми, МатвеевымкІэ щыпэзэхэхыгъэп. Атаманым къытыраубыти къыраІуагъэр тхьакІумэ блэтІупщ ышІыгъэми, гукІэ мыгъумытІымын ылъэкІыгъэп: мыр къысфэбдзыщтыти

ара джы нэс ужэ псы дэгъэхъуагъэ пIонэу къэзэкъ губжыгъэмэ къысаIощтым упаплъэу узфыщытыгъэр? Хы ШIуцIэ къэзэкъыдзэ атаманыгъэ Пшъэдэкlыжьыр сэхьыфэ, узфаер озгъэшIэнэп, укъысщымыгугъ.

– Къэзэкъ-адыгэ Iофыр, Михаил Григорьевич,– джау сыдми къызэрэраIокIыгъэ шIыкIэм фэмыдэу, атаман мэкъэ лъэшкIэ, щытмэ зэхаригъэхэу, джэуап ытыжьыгъ,– зыщызэхафырэ чIыпIа мы тыздэщытыр! Садэжь, хы ШIуцIэ къэзэкъыдзэм иатаман дэжь укъакIомэ,– зэрэкъэзэкъ атаманыр фыкIигъэтхъыгъ,– хэти иПшъэдэкIыжь зыфэдэр нахь щызэхэтфын... Модэ, фэхыгъэмэ, уIагъэмэ яфэIофашIэ афашъушI, шъуиIофмэ ауж шъуихьажь! Мыщ фэдэхэр къытэмыхъулIэжьынхэу шъупшъэ къыралъхьагъэр жъугъэцакIэ... Мыдэ, тэ щыI сионэш?

Мы слъэгъурэм зызэришIырэмкIэ, шэсыжьрэ къэзэкъ атаманым еплъызэ, Власов генералыр гукIэ щхыпцIыгъэ, Алексей Петрович Ермоловым иунашъо джыри къыIэкIэхьагъэп...

IофшIапIэм къызекIужьым, адыгэ уIэшыгъэ лIитIур зыкIэрыт файтоныр Матвеев атаманым зыфихьын ышIагъэп. Апымылъ фэдэу зишIыгъэми, янэплъэгъухэр зызэнэсхэм, щыми шъхьэгъэсыс макIэ зэрамыхын алъэкIыгъэп. Ухъумэкlо къэзэкъиищыр атаманым икъэгъэгъунэн пылъыгъэх: къэзэкъитIур адыгитIумэ апэуцуи, адырэ къэзэкъыр ыпэ итэу атаманыр IофшIапIэм чIащагъ, мыдырэхэри, зи мыхъугъахэм фэдэу, ауж ихьажьыгъэх.

– Сыдэущтэу мыхэмэ загъэпсыра сэIо? – Хьадж-Къэсэй къыIуагъ.

– Плъэгъурэба,– Къаймэт джэуап къытыжьыгъ,– Матвей атаманыр къаухъумэ.

– Олахьэ гъэшIэгъоным,– Хьадж-Къэсэй щхыпцIыгъэ,– типщ байколми мыщ фэдэу загъэпсырэп. Мыхьамэт-Джэрые тхьамыкIэм нахь лъэрыхьа мы тыкъыздэкIуагъэр?

– Ащ нахьрэ хэшыкI фыуимыIэу непа, Хьадж-Къэсэй, дунаим укъызтехъуагъэр? ПIорэр сшIэрэп!.. Мылъэрыхьыгъэмэ, тигощэшхо мыщ нэс къэкIотгъагъа?!

– Олахьэ ари шъыпкъэм... Зэрэхъурэмджэ, Къаймэт, мы зигугъу ашIэу зышъхьэ тымылъэгъутыгъэр къэзэкъ гъончэдж быхъумэ япэчъахь.



– Ар дэдэуи щытэп, ау япащ.

IофшIапIэм зэрэчIахьэу, ипчъэ дэжь щыс бзылъфыгъэу илъэс пчъагъэм, Гривенскэ ыуж, ымылъэгъугъэр Матвеев атаманым ышIэжьыгъ, шъыгъо щыгъынкIэ зэрэфэпагъэм инэгушIуагъэ ыIажэу, IитIу щэигъэкIэ пэгъокIыгъ.

– Канитат Асхад-Гиреевна, ора?..

– Сэры, Григорий Кондратьевич, сыкъэпшIэжьыгъэмэ, сэры,– урысыбзэ къабзэкIэ къыIозэ, Къэнтат гощэшхор пхъэнтIэкIум къытетэджыкIынэу фежьагъэти, атаманым ыдагъэп:

– Щыс, щыс, Канитат Асхад-Гиреевна,– къымыгъэтэ джэу исэмэгубгъукIэ готIысхьагъ, адырабгъукIэ къыгос шъэожъые шъхьэ псыгъо такъырым еплъыгъ.– Хэт мы пщы шъаор?

– Мы пщы шъаор, Григорий Кондратьевич, Хъан-Джэрый. Мыхьамэт-Джэрые тхьамыкIэр къызкIэлъэIужьыгъэ къуиплIымэ яз. Мы къэзэкъ пащэм,– Къэнтат гощэшхом адыгабзэкIэ къыIуагъ,– уятэ къулыкъу дишIагъ, шъхьакIэфэ сэлам пэгъох, сикIал.– Янэжъ урысыбзэкIэ зэрэгущыIэрэм нахь мыдэеу, къызщытэджыкIи, къыраIуагъэр IупкIэу Хъан-Джэрые ыгъэцэкIагъ.

– Шъори, тэри Мыхьамэт-Джэрые дзэ старшинамкIэ хъун къытэхъулIагъэп, Канитат Асхад-Гиреевна. ШъухэкIодыкIыгъэр аужыпкъэ шъуфэрэхъу, Мыхьамэт-Джэрые къыкIэныгъэ сабыймэ уадэтхъэжьынэу сыпфэлъаIо.

– Тхьэуегъэпсэу, Григорий Кондратьевич. Садэмытхъэми, алъэ тезгъэуцохэмэ сезэгъы.

– Талъэныкъокlэ, УрысыемкIэ зыкъагъазэмэ, тадэIэпыIэн, ятэ, ятэжъ яхьатыркIэ къыттефэрэр афэтшIэн. Джар дэдэри Алексей Петрович Ермоловми иджэуап.

– Тэри джа Iофыр ары уадэжь тыкъэзыщагъэр. Мы пщы шъаом Екатеринодар сыщежъугъадж еIо.

– Ащ фэдэ гухэлъ иIэмэ, дзэ гимназием щедгъэджэн. Сыд мыщ тызфыщысыр? НекIо, садэжь шъукъычIахь.

Хъан-Джэрые Екатеринодар ищегъэджэн Iоф тегущыIэгъахэхэу, рахъухьэгъахэу, зынэмысыгъэхэмэ ащыщ горэ ыгу къэкIыжьэу, ар игупшысэмэ зэрахэзыгъэр шIоемыкIоу Матвеев атаманыр къэгузэжъуагъ, Хъан-Джэрые фыреплъэкIыгъ, Къэнтат гощэшхом джэуапынчъэ нэплъэгъукIэ Iуплъагъ:

– Анахь Iофыгъо къиныр тщыгъупшагъ, Канитат Асхад-Гиреевна.

– Сыд фэд? – Къэнтатэ зэхихыгъэр ыгъэшIэгъуагъ.– КIымафэр къин тфэхъун пIуагъэшъ, а лъэхъаным фэтэр тыубытыщт, сэри синэплъэгъу тесымыхэу мы цIыкIум, Алахьэм ыIомэ, сыкIыгъущт. ЕгъэджапкIэр армэ, ар къызхэкIын мылъку Мыхьамэт-Джэрые тхьамыкIэм къытфыщинагъ.

– Джа «Алахьэм ыIомэ» зыфэпIогъэ тхьэ Iофыр ары тызтемыгущыIагъэр. Тидзэ гимназие урыс диныр ары щахьырэр...

– Урыс диныр пIуи? – Къэнтатэ къыкIэщтагъэми, къызхигъэщыгъэп, ежь зэриIожьрэм фэдэу, гузэгъабгъи хэмылъэу зыпашъхьэ исым гуригъэIуагъ: – Ар тэ къытэкIущтэп... Сыд тIони тибыслъымэн дин зэблэтхъун, Григорий Кондратьевич? Ащ фэдэ хьарам IофкIэ шъэожъыем игунахь сыхэхьанэп, джыри мыр кIалэ, къэхъу пэт.

– Ари тэрэз,– чIыпIэ къинэу зэрыфагъэхэм Матвеевыр хэгупшысыхьэзэ, къыIуагъ,– о пфэмышIэщтыр нэмыкIым ебгъэшIэныр емыкIу, хьарам. Ар тэ тидини шъо шъуидини къытфадэнэп.

– Ар зышIэрэм шIокъабылэу, ыгукIи, ыпсэкIи ыштэмэ ары зымыхьарамыщтыр,– Къэнтатэ атаманым дыригъаштэщтыгъэми, ишъэожъыекIэ ар пыупкIыгъэхагъ, ежь и тхьэ ыгу илъэу, мыхъунэу ыIорэр къыфигъэгъунэу елъэIузэ, къыухыжьыгъ,– ау хэти ышIошъ хъугъэ диныр ылэжьэу щэрэI.

– ЦIыф зэмылъэпкъэгъухэм ядинхэр зэпэмыуцужьыщтыгъэхэмэ дэгъугъэ...– Атаманыр зыгъэгумэкIыщтыгъэ адыгэ-къэзэкъ Iофыгъомэ ежь иеплъыкIэ къарифылIагъ, тэрэзба сIорэр къыригъэкIэу Хъан-Джэрыий IугушIуагъ.

– Зы дин закъокIэ дунаир псэущтыгъэмэ, цIыф щыIакIэр гъэшIэгъоныныгъэп, Григорий Кондратьевич.

Мыщ игупшысэ зынэсырэр, атаманым зэхихыгъэр ыгъэшIэгъуагъ. Адэ ары, уашъори шхъонтIэ зэпытмэ зэщыгъо, шъоф зэикIми нэр егъэпшъы, пшэхъолъэ гъунэнчъэми гур егъэкIоды... Адыгэ IэлкIэ мыхэмэ тяджэ шъхьакIэ, ежь ялъэпкъ гупшысэ дунаим къахилъхьагъэу, тэ къызэрэтшIомышIэу мэпсэух. «Шъухэгъэгунчъ, шъупачъыхьанчъ» ятэIоми, а зы джэмакъэм, къыздиIукIырэр зэхашIэу, къызэлъеIэтых. Жьыбгъэм фэдэу, бзыум фэдэу шъушъхьафит яIуи, къэмэ-сэшхо-кIэрахъор агогъэлъи, щэгын ягъэгъоти, шым тегъэсхи мылIэжьынхэу, дунай хьафыр яджэнэтэу къащыхъущт. Ахэмэ мы бзылъфыгъэри ахэкIыжьына, «хэти ежь идин ерэлэжь» еIо. ДинымкIэ игупшысэ нэмыкIми, пщы шъаор тадэжь къыщагъ. Ау зэмыжагъэхэ Iоф шIонагъэхэми, ягухэлъ аIэкIэтыутынэп. Адыгэ шъэожъые закъор тигимназие чIэлъ тхьэ Iофым емыджэкIэ зыми ыгу къытэбгъэнэп.

– Ядин ычIыпIэ,– адыгабзэкIэ Хъан-Джэрые нэнэжъым еIушъэшъагъ,– урысыбзэр нахь щызэзгъашIэмэ хъутба?

– Сыд пщы шъаор зыгъэгумэкIырэр? – Атаманыр джыри нэшIукIэ шъэо псыгъо нэ чаным IугушIуагъ.

– Мыщ къыIуагъэми, Григорий Кондратьевич, шъыпкъэ хэлъ. Урыс диным ычIыпIэкIэ урысыбзэр гимназием нахь щызэзгъашIэмэ хъущтба, еIо.

– Тыбзэ, урысыбзэр пшIоIофмэ, зэбгъэшIэщтмэ, сыд зыкIэмыхъущтыр! – Къапэтэджыгъэгъэ Iофым ошIэ-дэмышIэу кIэух зэрэфигъотыгъэр игуапэу Матвеевым шъхьэ онтэгъур къыпхъотагъ.– Арэу укъытфаемэ, пэрыохъу тыпфэхъунэп, уидини узщыщхэри пщыдгъэгъупшэнэп.

– Тхьэуегъэпсэу, Григорий Кондратьевич, тыкъызэхэпшIыкIыгъ. Сэри, Алахьэм ыIомэ, сэпсауфэ, шъуадэжькIэ зыкъэзгъазэрэ пщы шъаом сынаIэ тезгъэтын, джа зыфэпIорэ тидини тызщыщ лъэпкъыри щызгъэгъупшэнэп. ТыкъызфэкIогъэ лъэIумкIэ тыбгъэрэзагъ, джыри зэ тхьауегъэпсэу. Ащ нахьыбэрэ уиуахътэ пшIодгъэкIодынэп, неущ щегъэжьагъэу еджакIо Екатеринодар тыкъакIозэ тшIын, тиIоф зэрэхъурэм тетэу, тыгу къызэриIоу тыпсэун,– Къэнтатэ иаужырэ гущыIэмэ «Алахьэм ыIомэ» джыри къахигъафэ шIоигъуагъ, ау имыдинэгъу пашъхьэм бащэрэ ащ игугъу щишIыныр къыригъэкIугъэп.

– Сэри зы Iофыгъо горэм сегъэгумэкIы, Канитат Асхад-Гиреевна,– яздэгущыIэн зыщаухыщтым Матвеевым къыIуагъ,– уишIуагъэ къытэбгъэкIыщтмэ...– КъыпфэсшIагъэм илъэIу пэгъокI къыригъэкIэу, ныкъокъаIокIэ къыухыжьыгъ.

Къэзэкъмэ зэрящыкIэгъэщтыр ымышIэу, шIогъэшIэгъонэуи, игуапэуи Къэнтат гощэшхом къыIуагъ, ошIэ-дэмышIэу сакъыныгъэм ынэгу зыкъызэрэкIидзагъэр ышъо

къыхэщыгъэми, зыпашъхьэ ис атаманыр римыгъэгуцэфэнэу нэгушIо нэплъэгъур къызтыригъэкIуагъ:

– СыкъэдаIо, Григорий Кондратьевич. ЗэшIокI сиIэу шъукъысщэгугъмэ, зи къызтезгъэнэнэп.

– Тхьэуегъэпсэу, Канитат Асхад-Гиреевна, тыкъыпщэгугъы,– Матвеевым ымакъэ нахь теубытагъэ хэлъыгъэми, зимыухыижьын ылъэкIыгъэп,– тызгъэгумэкIырэр хъулъфыгъэ Iоф, угу къытэмыгъабгъ, къыпщыукIытэных, уихьатыр къыубытыных, сэIошъ ары. Васюринскэ куреным щыщ къэзэкъ Паденкэм ыкъо, къызараIуагъэмкIэ, мы пщы шъэожъыем нахьи илъэситф горэмкIэ нахьыжъын, сыд илъэс пшIыкIуир щэкIэп, тIокIитIоп зэраIоу, шъуалъэныкъокIэ,– джы нахь зыкъигъэтэрэзыжьыгъ,– адыгэ лъэныкъом ахьыгъ. Паденкэмэ язакъоп, зэрэ Васюринскэ къэзэкъ куренэу егъэгумэкIы, бырсыр хэтых. Тыгъуасэ лIыкIуищи садэжь щыIагъ. ЗыгорэкIэ, Канитат Асхад-Гиреевна, къэзэкъ шъаом икъегъэгъэзэжьынкIэ уишIуагъэ къытэбгъэкIыгъэмэ...

– Пшызэ къэзэкъи къызэпырахы, адыги зэпыращы, Григорий Кондратьевич,– Къэнтат гощэшхом ыгу илъыр къыIуагъ: – Ащ фэдэ зэфыщытыкIэ тазфагу дэмылъыгъэмэ нахьышIугъ. Мыхьамэт-Джэрые тхьамыкIэри ащ ыгъэгумэкIыщтыгъ, сэ сыгуи ыдэнэп, адыгэмэ янахьыбэмэ ар зэрямыгуапэми сыщыгъуаз. КъежьапIэ зиIэм ухыжьыпIэ иIэн фаеба? Ау ар зифедэр мыры сIонэу сшъхьэ къыхьрэп. Мыхьамэт-Джэрые пщым загъорэ зэриIощтыгъэу, сегуцафэ, ау узэгуцафэрэ пстэури къэшъыпкъэжьырэп... Ори угу къысэмыгъабгъ, Григорий Кондратьевич,– псынкIэу Къэнтатэ зыкъеушIэжьы,– сиIоф зыхэмылъмэ сыд пае сахэхьан, хэти ибзылъфыгъапIэ исыныр къытефэ, ау къегъэжьагъэ хъугъэти, тызгъэгумэкIрэм сыкъыхэмыгущыIэн слъэкIыгъэп. Укъысщэгугъмэ, гугъэрэм гугъапIэ ипэгъокI аIошъ, къэзэкъ шъаор зыхьыгъэр, зыдахьыгъэр ошIэмэ, ар зышIагъэм цIыфыгъэ горэ хэлъыжьмэ, сихьатыр къылъэгъун, уилъэIуи пфэзгъэцэкIэн.

– Зыхьыгъэр, зыдахьыгъэр тшIэщтыгъэмэ, Канитат Асхад-Гиреевна, тигумэкI Iоф нахь IэшIэх хъуныгъи. Ау тиIоф къэзгъэпсынкIэни щыI. Къэзэкъ лIыкIомэ къызэраIуагъэмкIэ, Паденко Савелий Петрович иунагъо адыгэ гъэр щаIыгъ, ишъаокIэ, сыд фэдиз мылъку тырилъхьэми, ахъожьын алъэкIыщт.



– Хэт щыщ шъуIуа aIыгъыр? – Зигугъу къашIыгъэ гъэрым зыкIигъэгумэкIрэр ежь нэмыкI ымышIэнэу Къэнтатэ къэупчIагъ.

– Къэзэкъ шъаор зыхьыгъэм игъусагъ. Зэрэадыгэр ары нахь, ыцIи, ылъэкъуацIи, къыздикIыгъэ лъэныкъори къариIорэп.

– Ащыгъум, Григорий Кондратьевич, гумэкIыгъо щыIэп. Адыгэмэ гъусэр гум ранэу яхабзэпышъ, бэ шIэн, макIэ шIэн игъусагъэр къыкъокIыжьыщт. ШIукIа, екIа? Джар сшIэрэп.

– А зигугъу пшIырэр, Канитат Асхад-Гиреевна, къыкъокIыжьынкIэ сыгугъэрэп.

Хъан-Джэрые ышъхьэ псыгъо цIыкIу къызэрипхъотагъэм фэдэу Къэнтат гощэшхом зэхихыгъэм къыгъэупчIагъ:

– Сыд ар озгъаIорэр, Григорий Кондратьевич?

– ЦIыфыгъэ зыхэмылъ гъусэшъ ары. Игъусэ уIагъэ укIыфаокIэ къыхэпыджэжьи, къэзэкъ шъаор ишыплIэ дэлъэу Iучъыжьыгъагъ.

– Сыд ащыгъум жъалымагъэ къыдызезыхьагъэм ыцIэ къызкIыримыIорэр?

– СышъутIупщыжьри, жъалымагъэ къыздезыхьагъэм къысишIагъэр есэжъугъэшIэжь, шъуикъэзэкъ шъауи шъозгъэгъотыжьыщт еIо, ау цыхьэ фашIырэп.

– Хэт щыщми, а лIым шъыпкъагъэ хэлъ,– зэпыугъо тIэкIукIэ Къэнтат гощэшхом къыIуагъ.– КъызкIэлъэIурэр фашIэмэ, иIуагъэ ыгъэцэкIэжьыщт, сицыхьэ телъ. Ау уилъэIу мыбзылъфыгъэ Iофми, Григорий Кондратьевич, пфэзгъэцэкIэн, ныбджэгъумкIи, къэзэкъ шъаомкIи жъалымагъэ зезыхьагъэм сыкIэупчIэн, къызэрэзгъотэу макъэ къыозгъэIун, ащ фэдэм сыд рашIэми ифэшъуаш.

Нэнэжъым игущыIэмэ Хъан-Джэрые ышъхьэ цIыкIу джыри къырагъэпхъотагъ, ау зи къыIуагъэп. Ащ фэдэ шъхьэ пхъотакIэм пщы шъаом къыригъэкIрэр ымышIэми, Матвееыми гу лъитагъ. Къэнтат гощэшхори ащ гуцэфэнчъэ фэхъугъэп...

Файтоныр Пшызэ къызэпырадзыжьи псыхъо ныбэм къыздэкIыжьым, джы нэс зи къэзымыIощтыгъэ Хъан-Джэрые шъхьэгугъу фэхъугъэ гумэкIыгъомкIэ нэнэжъым еупчIыгъ:

– Хэта, нан, къэзэкъмэ аӏыгъ адыгэлӏыр?

– А сшӏэгущщэрэп, Хъан-Джэрый. Ыджа узхэдэӏуагъэр ары сэри зэхэсхыгъэр... Хэт щыщми, тхьэ зэуагъэ гор... Шъыд, сикӏал, укъызфыкӏэупчӏэрэр? Ул фэуза?

– Ары, нан,– Хъан-Джэрые къызӏуипхъотыгъ, тӏэкӏу тешӏагъэу пигъэхъожьыгъ: – Умышъхьафитыныр дэгъоп...

– Ары, сикӏал, ары,– етӏанэ кӏэгупшысыхьажькӏэ еупчӏыжьыгъ: – Адыгэ закъор ара? Къэзэкъ шъаом угу фэгъурэба?

– Тӏуми сыгу афэгъу, нан... Ау етӏани...

– Шъыда, сикӏал? – Къэнтатэ къызэкӏэщтагъ.– Зыгорэм гуцафэ фэошӏа?

– Хьау, нан. Ау... Шъэуаеми сшӏэрэп сэӏошъы ары,– фэсакъыпэзэ къыухыжьыгъ.

Къэнтат гощэшхор хэгурымыкӏыгъ, бгагъэ.

– Уятэджэ, цӏыфмэ зэраӏоу, Шъэуаемэ тызгъэунэхъугъэр, Алахь зизакъом къызхэмыкӏыжьын джыхьнэм машӏо хедз... Ыцӏэ зэхэсэмыгъэх, сигонахь къэпхьын, сикӏал...– Заулэрэ файтонышхор чъагъэу зигупшысэхэр зэбэнрэ Къэнтатэ шъэожъыер ыгу къэкӏыжьи, ыӏуагъэмэ къыкӏагъэщтэжьыгъ: – Зишъыпкъапӏэ сымышӏэрэм сырэгущыӏэми сшӏэрэп, Хъан-Джэрый, Алахьэм къысфидэнэп... Адэ зи къапӏорэпи, сикӏал? Сыгу рихьытми римыхьытми упымылъ, угу илъ шъыпкъэр къысаӏу. О зыр ары паӏо зыщыгъэу, Хъан-Джэрый, упчӏэжьэгъу сызфэхъунэу сэ непэджэ къысфэнэжьыгъэр... Угу умыгъэкӏоды, сикӏал, Алахьэм ыӏомэ, гукӏодыгъо щыӏэп. Зыгорэм уегъэгумэкӏы, Хъан-Джэрый, угу илъыр сшӏомыушъэф, сикӏал. Къэзэкъ дзэ гимназием узэрэщеджэтыр армэ шӏэ узгъапэрэр?

– Хьау, нан.

– Адэ шъыд, сикӏал?

Нэнэжъым иушъый гущыӏэмэ Хъан-Джэрые ыбгъэ зыкъырагъэтӏэтагъ:

– Григорий Кондратьевичым къэзэкъ шъаомкӏэ илъэӏу фэбгъэцэкӏэта?

– Спшъэ ифэмэ, ӏо хэлъэп, ащджэ уицахь къыстегъэлъ. Шъыда, Хъан-Джэрый, укъызкӏысэупчӏырэр?

– Хэти ибзылъфыгъапӏэ исмэ нахьышӏу пӏуагъэшъы ары, нан...

– Ары, сӏуагъэ. Ау тхьамыкӏагъом бзылъфыгъэ-хъулъфыгъэ ӏоф иӏэп.– Тӏэкӏу тешӏагъэу къыпигъэхъожьыгъ: – Зипаӏо къонцӏэу зыщыгъ тихъулъфыгъэ купмэ аӏотэр сшӏэрэп нахь... Ори, уикъэупчӏакӏэджэ, ащ уегъэгумэкӏэу къычӏэкӏын, сикӏал...

Ащкӏэ Хъан-Джэрые ыгу илъыр умышӏэнэу, зи къыриӏолӏэжьыгъэп. Файтоныр пщы къэлапчъэм дэжь къыщыуцугъэти, джыри зэ шъэожъыем ӏуупчӏыхьажьыныр Къэнтат гощэшхом къыригъэкӏугъэп.

## IV

– А нысэ, а Быч, шъыдэу ори мы унэм зиуудэгухьагъа?! – Пчыхьэ хэкӏотагъэ горэм, ыгу пэ хъумэ зэришӏ хабзэу, Къэнтат гощэшхор унэм чӏэджыкӏыгъ.– Сисурэ псэлъыхъохэр къыфыкъокӏыгъэ пае зэрэпщы унагъоу зытыушъэфыжьыта, синынэгущ! Нахьыкӏэхэр гъолъыжьыгъэх шъхьаджэ, шъыд пае Хъан-Джэрые гъолъыжьакӏо садэжь къэмыкӏожьыра? Неущ гимназием еджакӏо зэрэкӏотыр щыгъупшэжьыгъа?

– Неущ еджэхэрэпи, гощэшху,– Бычэ гукӏэ щхыпцӏыгъэми, къызхигъэщыгъэп.– Неущ тхьаумафи.

– Ара сэӏо,– ыгу нахь кӏэжъукӏыжьэу Къэнтатэ къыӏуагъ,– сщыгъупшэжьыгъ... Мыкӏотми, шъыд зэрифэрэр,– ымакъэ кӏигъэлъэшыкӏыгъ,– иунэ къэрэкӏожьри, зерэгъэгупсэфыжь, сэршъы, сизакъу. Шъыд узфэщхыпцӏырэр, нысэ?

– Хъан-Джэрые, гощэшху, ӏоф хэфагъ.

– Шъыд ӏоф, синынэ гущ?!

– Сисурэ тхьамыкӏэм икъэрэгъул.

– Ащ сенэгуягъ сэ... Дэгъужъыр къехъулӏагъ... Ары гущ, Сисурэ къызкӏэритӏупщрэпщтын... Хэт къылъихьагъэхэр? Титхьамыкӏагъо мэфэ лые горэ тырагъашӏэ хъутыгъэба а пэкӏэ нэгумэ? Ежьхэм къагурымыӏомэ, Сисурэ ариӏомэ хъутба?

– Ариӏуагъ, гощэшху. Тыщысынэу тыкъэкӏуагъ нахь, нэмыкӏ гухэлъ тиӏэп къыраӏожьыгъ.

– Ӏиман зимыӏэ хъулъфыгъэ лъэпкъых, ахэри!..– Губжыгъэми-мыгубжыгъэми умышӏэнэу Къэнтатэ къыхэкуукӏыгъ, етӏанэ нахь къешъэбэкӏэз, къеупчӏыгъ: – Ар о хэт къыонэзгъэсыгъэр?

– Адыл-Джэрые ахэлъэдэгъагъэти, зэхихыгъэ.

– Ары ӏошъ. Къаймэт фэкъолӏыр тэ щыӏ?

– Ари алъихьагъ.

– Армэ хъун. Хэт пIуагъэ, нысэ, а щысакIо къытфэкIуагъэхэр?

– Шапсыгъэ Бамбэт, ащ пэIошхо горэ игъус.

– Шъыд, синынэгущ, Шапсыгъэ Бамбэт зыфэмыуцужьрэр? Икъунба зэрэпсэлъыхъуагъэр, къызэрищагъэр? Пшъэшъэ тхьапш ащ ыпэкIэ Iужъумэ агъэунэхъугъэр!.. Ери шIури тидунай хьаф щызэголъ, хэти ежь зэрэфаеу щегъэIорышIэ. Ары Iошъ, нысэ... Сисурэ тхьамыкIэм дэжь ахэр щысакIо къэкIуагъэхэми, сэры Шапсыгъэ Бамбэт зищыкIэгъапэр, моу Iофыгъо горэмджэ сыдэмыгущаIэ хъутэп. Джэхэшъотетмэ ащыщ горэ Iофыти, икъун зэрэщысыгъэхэр, Хъан-Джэрые гъэр цIыкIури шъхьафит хъужьын, Сисури ипсапэ къэтхьын, модырэ унэм къысфычIэхьанэу сфырягъаIу.

Сыда джы ыгу къэкIыгъэр, Бычэ ыIуагъ. Мыхьамэт-Джэрые икIодыкIэ армэ, ащ тырымыгущыIэнэу, тызишIуи тызиджагъуи ажэ бащэрэ зыдэтымыгъэлъынэу тIуагъэба... Ар къытэзышIагъэр, хэти щэрэщ, типый. ТитхьамыкIагъо тэ нибжьи тщыгъупшэнэп, ау къыкIэныгъэ тисабыймэ, тынаIэ атетымыхмэ, тафэсакъмэ нахьышIу... О Хъан-Джэрые ощэшъы, къэзэкъмэ яоты, гъэшIэгъона шъэожъыем седжэт еIомэ, ахэмэ адэжь щемыджэ пае, Iушымэ, иIушыгъэ хэкIынэп, муары лIы мыдэй Iаджи, апшъэ сыд иплъхьагъэми зэрахьэнэу, адыгэ шъолъырым щэпсэу, урысыбзи тыркубзи зымышIэрэр нахьыб, икъунба сишъэожьые нахьыжъ зыхэптIупщхьагъэмэ тызэряунэхъулIагъэр. Ар имыкъоу къэзэкъмэ адэжь фэтэр щыфэуубытынышъ, ори удыдэIыстэжьынэу зыогъэхьазыры. Мыщ къыугупшысыгъэр: зэ гупсэфыжьба, тэри рэхьатэу тыгъэпсэу...

– А нысэ, зыгорэ къысапIо пшIоигъуа?

– Хьау, гощэшху,– Бычэ укIытэжьэу къыкIэлъэтагъ.

– А нысэ, моу зэ къэтIыс. ГущыIэ заулэ къыуасIо сшIоигъу.

– Хьау, гощэшху, уапашъхьэ сыщытIысына!

– Сэ къэтIыс зысIоджэ, нысэ, къэтIыс, унэмэ сакъыкIаплъэмэ, угу рихьри римыхьри акIэслъэгъонэу, сапашъхьэ къитIысхь. Ы-ы-хьы, сыбгъэрэзагъ. Жъы хъурэр тхыдэбаIо, емыдэIухэмэ зегъэгусэ къысэмыIу. Цур жъы хъумэ, шкIэмэ ахатIупщхьажьы зыкIаIуагъэри сымышIэу арэп, нысэ.



– Жъым ыкIапэ кIэм ынап, гощэшху.

– Тхьэуегъэпсэу, нысэ. Ащ фэдэ зэфыщытыкIэ зэдытимыIагъэмэ, орырэ сэрырэ унэм тызэдисышъуныеп. Ау тазыфагу дэтыгъэ Мыхьамэт-Джэрые тхьамыкIэми тыкъимыубытыгъэр сфэIонэп. Къамыщ тхьапэми жьы еубыты зэраIоу, ащ ижьауи къыттетыгъ. Джы нысэшIурэ ныошIурэ къызщылъэгъощт чIыпIэ титIо тызэдифагъ. БэлагъыкIыр тIупщыгъуай, ау шъхьэтехъо зытехъогъитIумэ а зы бэлагъыкIыр зэдаIыгъыни алъэкIытэп. ПаIо зыщыгъ тазыфагу зыдэмытыжьым бэлагъыкIыр зэрэфэмытIупщытыр, гузэбгъагъэ хэмылъэу, къыбгурызгъаIомэ сшIоигъу.

– А гощэшху, къысфэгъэгъу, узэпысэуты, зыгорэджэ угу къысабгъа? – Бычэ нэмыз-Iумызэу гощэшхом Iуплъагъ.

– Алахьэм ерэмыд, сэри пфэсыдэнэп ащ фэдэ къыбдасшIэмэ. Унэр зыкIабгъэрэр губгъэныр илъынэу арышъ, зэмышIуныгъэ горэ тазфагу къыдахьэмэ, ары пакIошъ, зэфычIэплъ закъуи ошIэ-дэмышIэджэ къытхафэмэ, унэм итхы хъутэп. Тиджэхэшъотетмэ язакъоп, ыджа уныбэкIоцI къикIыгъэ дэдэхэми гуцафэ ядгъэшIы хъутэп. ТхьамыкIагъом унагъор зэтыречы зыщаIогъэ чIыпIэ тэри тифагъэшъ, Алахьэр сакъ, тызфэсакъыжьмэ, тиджэгъогъумэ анэ иткIын, тызикIасэхэр нэшIуджэ къызэдгъэплъыных. Ары, нысэ, ары, Тхьэр сишыхьат, сыгу къыуабгъэрэп. Ау Хъан-Джэрые еджакIо зэрястыгъэр угу емыIу фэдэу, уигонахь сыхэхьанэу сыфаеп, къысщэхъу.

– Сыгу илъ тIэкIур къэпшIагъ, гощэшху. Ау ащ тыфитэп...

– Шъыд тызфимытыр? – Къэнтатэ нэ чъыIэкIэ нысэм еплъыгъ, еупчIыжьыгъ: – Хъан-Джэрые къэзэкъмэ зэрястыгъэр ара?

– Хьау, гощэшху,– Бычэ къэгузэжъуагъ,– арэп сэ ащ къизгъэкIыгъэр... Типщышхо ыкъо къышIыжьыгъэ осыетыр ары.

– Ара? Армэ хъун,– Къэнтатэ ыгу кIэжъукIыжьэу къыIуагъ, заулэрэ щысыгъэу, ежь зыфигъэпытэжьэу къыпигъэхъожьыгъ: – Мыхьамэт-Джэрые тхьамыкIэр псаугъэмэ, сэщ нахь къэмынагъэми, ар езгъэшIэни... Ары Iошъ, нысэ... Ау пшIошъ гъэхъу, нысэ, бэ шIэн, макIэ шIэн, непи, неущи сIорэп, урысмэ тызщызыIэкIалъхьажьыщт зэман адыгэхэмджэ къытэкIут. Арэу зыхъутым тэ тапэгъокIмэ нахьышIуба? Е-е-о-ой, нысэ, нысэ, ыджары тэ

адыгэ цӀыкӀур тызэрэщытри... Тятэ тхьамыкӀэм зэриӀотыгъэу, Мыхьамэт-Джэрыий бэрэ къыкӀиӀотыкӀыжьытыгъ, дунаир зэрэпсаоу тыбгъэ дизэу, тышъхьафит лъэхъагъэу тэпсэу... Узхэгупшысахьын закӀ тиадыгэ дунай. Адэ ары, нысэ, непэ нахьи неущ нахь мэфэ дэгъу къэхъут ыӀозэ, цӀыфыр гугъэм щегъаӀэ, тэри тызэрэхъоу тыпсэут, тисабыйхэри тпӀутых. Тиурыс гъогу е зэпытына, нахьышӀу къытпыщылъынджи пшӀэнэп. Алахьэм Хъан-Джэрыий адырэ цӀыкӀухэри лӀы хъугъэхэу, насыпышӀохэу къытегъэлъэгъужьых. Сэ сшӀэгущэрэп, ау о ар къэплъэгъужьын. Мыдэ, нысэ, а зыфэсӀогъитӀур унэм къысфычӀягъащэх.

Къэнтат изакъоу унэм къызенэм, жъы пстэуми зэряхабзэу, гупшысэ мыухыжьмэ зыкъыжэхатэкъуагъ. Нысэм ыпашъхьэ ыгу жьы зэрэщыдигъэкӀыгъэм ишӀуагъи къэкӀуагъэп. Къаригъэщэнхэу зыфиӀуагъэхэм зэрадэгущыӀэщтми къыубытэу инепэрэ-инеущрэ гупшысэхэр шӀузэхэлъэдэжьыгъэх. Зым телъадэ, адырэм течъыжьы. Ау игупшысэ зэпеохэр зэкӀужьхэрэр зы: иурыс гъогу, Хъан-Джэрые иӀоф, ипщ щагу зэзэгъыныгъ, ячэу цэпкъ шъхьапырыплъэу нахь чыжьаӀоу плъэмэ, адыгэ-къэзэкъ зэхау...

А сшӀэгущэрэп, Къэнтат ыӀуагъ, нахьышӀум тыпаплъэ шъхьакӀэ, неущ къытэхъулӀэщтыри тшӀэрэп. Хъан-Джэрые шъэожъые Ӏуш шъхьакӀэ, адырэ къыкӀэлъыкӀоритӀур? Зыкъытщызыдзыерэ Къырым-Джэрые нахьыжъыр? НахьыкӀитӀур цӀынэзэ, чыр зэрауфэу сӀонтӀэн. Ахэри делэхэп, сӀорэр ахахьэ. Тхьаегъэпсэу нысэри, сӀорэм блэкӀырэп, имыгопэ дэдэми, къызхигъэщрэп. Зыми къымыубытыхэрэр Къырым-Джэрые янэ нэшӀошӀыжъ, нэепсыежъ, кӀалэм ятэ къыкӀэныгъэ мылъкур къыздарэгощ еӀошъ, шъхьэ пэпцӀэ укӀытэнчъэм къэбар къысфарегъэхьы. Сыдэущтэу сыбдэгощэщт, нэпэнчъ? Икъунба зыдэплъэшъугъэ купыр? Къырым-Джэрый пӀозэ, СултӀан лӀакъор ипшхыкӀыгъ. Мыхъу зыщыхъужьрэм чэм лъакъо шкӀэ ыукӀырэп, Къырым-Джэрые тлъы хэлъба, къытхэнэжьын, о ащ зыкъызэрэпыпшӀэрэр ары сшӀощхэныр. Зэ тауж икӀыжьри, сабыищ тилӀакъо къыхэзыхьэгъэ нысэр гъэгупсэфы!.. Бычэ къэбарым хэшӀыкӀ фыриӀэп, ау ошӀэ-дэмышӀэкӀэ къыӀуамыдзэзэ, фэгъэхьазырыгъэмэ нахьышӀу. Хъан-Джэрые лӀы мэхъу пэт, ари щэрэгъуаз. ПэӀо закъом пэӀуищыр дэзгъэгощэнышъ, мылъкунчъэхэу къэзгъэнэщтых, ара? Зы мэлышъхьи, зы ку щэрыхъи, зы чӀыгу зали, зы чъыги утезгъэплъэнэп!..

Унэ лъэгуцымкӀэ къыщыӀугъэ лъэмакъэмэ Къэнтатэ игупшысэ зэпагъэугъ. Хъулъфыгъэхэр къыгот унэм зэрэщыгупсэфыщтхэр ышӀэ пэтми, гукӀэ адэкӀотагъ. ПхъэнтӀэкӀу тӀыркъ-щыркъыр къемыӀужьыфэкӀэ яжагъ, къаригъэщагъэхэр къызэрежэхэрэр игуапэу, шӀодаушэу джыри заулэрэ щысыжьыгъ, етӀанэ ыгу щиз хэхъуагъэу, мыгузажъоу къэтэджыгъ. Тыжьын бэщыр джэхашъом нигъэс-нимыгъэсышъоу хъулъфыгъэхэр зэрыс унапчъэм Ӏухьагъ, бэщыпэмкӀэ зытӀо-зыщэ пчъэшъхьаӀум зетӀыргу уж ихьагъ.

Къэнтат гощэшхор пчъаблэм зэрэдалъагъоу хъулъфыгъиищыри къыфэтэджыгъ.

– ШъутӀыс, шъутӀыс,– бэщыпэмкӀэ зыдэтӀысыжьыщтхэр аригъэлъэгъузэ, Къэнтатэ хъулъфыгъэмэ аблэкӀи, жантӀэм дэт тахътэм тетӀысхьагъ, пщы ныом ичӀыпӀэ зыригъэгупсэфэфэ мыдырэхэри тӀысыгъэхэп, Къаймэт фэкъолӀым Къэнтат гощэшхом ыпашъхьэ Ӏоф зэрэщырымыӀэжьыр къыригъэкӀэу унэм икӀыжьынэу ежьагъэти, фидагъэп: – Тэ уежьагъ, Къаймэт? КъэтӀыс, шъэф тиӀэп.

– Сыщытми хъун,– Къаймэт пчъаблэм дэжь къыщыуцугъ.

– Мы лӀитӀумэ апашъхьэ сыкъыщымыушъхьакӀу, Къаймэт, пчъаблэм къыгокӀ, къэтӀыс, укъызэрэтщыщри хьакӀэмэ ягъашӀ. Шъыд етӀанэ, Бамбэт, шъуалъэныкъоджэ, Шапсыгъэ щыкъэбар?

– Сыд щыкъэбарын, Къэнтат,– зышӀомыдзэеу, ау иадыгагъи чӀимынэу Бамбэт къыӀуагъ,– шапсыгъэхэри бжъэдыгъухэри зэфэдэх, яцӀыкӀуи яини езэрэмыгъэхьым тыхэт, зипаӀо нахь лъагэм тешъугъу.

– Ары Ӏошъ,– Къэнтатэ тӀэкӀу тыригъашӀи, щхыпцӀызэ, къыпигъэхъожьыгъ: – Адэ шапсыгъэхэри бжъэдыгъухэри зэфэдэных, тыадыгэхэба! Ари тызэунэхъулӀэрэмэ ащыщ.

– Къытэбгъэфагъ, Къэнтат,– Бамбэт ыбзэ нахь зыкъыригъэтӀупщыгъ, сыд джы мы ныо удыжъым къытфырихьисапыр, Сисурэ ыпашъхьэ тыгу пэш охъуфэ тыригъэсыгъэп, гукӀэ ыӀуагъ,– ыджар дэдэм сэри сеухы. СипкъэгъулэгъумэясэӀо, нахьыкӀэмэ афэсэдзы, нахъыжъмэ ясэӀокӀы, ау зыми сыкъызэхихрэп. Абдзахэхэр армэ, япӀокӀрэр хэгъэкӀи, уясэмэркъэугъэкӀи, къэгубжыщтых нахь, къагурыӀощтэп! Тинасыпти, къэзэкъхэр къытпэӀугъолъхьагъэх, ахэр гужьы-

дэгъэкIыпIэу тимыIагъэмэ, тызэхэлъэдэжьынхи, тэр-тэрэу тызэрэукIыжьыщтыгъэ.

– Ары Iошъ,– джыри Къэнтат гощэшхом къыIуагъ, сыдэу ба мыщ къыжэдэкIырэр, нахь лIыIу сшIошIыщтыгъ, къызхимыгъэщэу шъхьэр дыригъэзэкIи, адырэ лIым еупчIыгъ: – Оры, хьакIэ, о хэтмэ уащыщ, шъыд пцIэр?

– Сэри шапсыгъэ сыкъекIы, Нашъхьэ чылагъом, Тыгъужъыкъо Къызбэч зыдэсым сыщыщ, тилIакъокIэ АгойкIэ къытаджэх. Зы лIэу Шапсыгъэ ис Къызбэч, тичэу цэпкъхэр зэхахьэхэу, сыригъунэгъу.

– Зэ, Ныбадж, мы Тыгъужъыкъо Къызбэч ыуж икIри, пцIэ Къэнтатэ еIу.

– Алахь-Алахь, адыгэ цIэ шъыпкъэ уиI,– Къэнтат гощэшхор щхыпцIызэ, зэупчIыгъэм нэшIукIэ фыреплъэкIыгъ.

– Адыгэ цIэ шъыпкъэ узэупчIыгъэм иIэмэ тэ щыпшIагъа, Къэнтат? – Бамбэт зэхихыгъэр шIогъэшIэгъонэу ыцэ къэбыкIэхэр къыIуигъэпсыгъэх.

– Уигъусэ ыцIэ къепIогъахэшъ укъыкIэупчIэжьа? – Къэнтатэ упчIэм упчIэ пигъэхъожьыгъ.

– Ара сэIо? – Бамбэт джыри ыцэ ин гъожьышэхэр къыIуигъэпсыгъэх, хэкIыжьыпIи къыгъотыгъ: – Олахьэ арым. Адэ уишъэогъу бгъашIомэ, ыцIи къепIон...– Сыд сэIо тызфэбгъэIорыжъорырэр, Бамбэт гукIэ къыхэгубжыкIыгъ, ащ нахьышIугъ шъуипщы шъхьэ псыгъо цIыкIу къэзэкъ пытапIэм дебгъэшIыхьэрэр, къэзэкъхэр къызэрэшъубзэихьэрэр къытфэпIотагъэмэ. А шъхьэпаем бамыкIым фэдэу Сисурэ зыхигъани тфыкIэрыкIыгъэп, унэм тфикIыгъэп. Мы Къаймэт нэкIутIэшхори тыжэ къыдэплъыхьэмэ щхыпцIэу къыткIэрысыгъ. Сыда ащ фэдизэу яджэхэшъотет бзылъфыгъэм зыкIытенэгуикIхэрэр? Шъэуае рагъажэшъ ара? Ащыгъум бэрэ шъуежэн! КъызгурэIо джы мыщ тыкъызфаригъэщагъэр... Армэ шъузхэхьагъэр, сэшIэ сэ къышъосшIэщтыр!.. Ау щытми, мы пIоблэ гъэчэрэгъугъэу тапашъхьэ исым тыкъаригъэщагъ, ыгу къытфилъ шъыпкъэмкIэ сеупчIын, къытиIорэм елъытыгъэу джэуапи естыжьын.– ЕтIани, Ныбаджэ ыцIэр адыгэцIэ шъыпкъ оIо, ежь шIоIай, шIопхъэтэпэмыхь.

– Ихьау, Бамбэт, ухэукъо, сцIэ шъыпкъэр нэмыкI.

– Ы-ы? Зэхэсхырэр хьалэмэт! Сыд пцIэр адэ, Ныбадж?

– КъыосIон, сянэрэ сятэрэ ПщымафэкIэ къысэджагъэх. Ау сипщымэфагъэ ары нэмыIэмэ...– ежь-ежьырэу шIощхэныжьэу щхыпцIыгъэ.– СицIыкIугъом Ныбаджэу сыкъэтэджыгъэти, шъэожъыемэ «Ныбаджэ» къыстырагъэнагъ. Хэт джы цIэм пылъыжьыр, сыд фэди орэхъу, къызэрэоджагъэм пшъхьэ къыуигъэIэтмэ ары.

– Олахьэ, Ныбадж, тызызэрэшIэрэм щегъэжьагъэу ащ нахь гущыIэ тэфэрабгъо къэмыIуагъ. Ашъыу, сэри «КъэзэкъкIэ» къысаджэх...– даушыгъэр къебэкIэу Бамбэт къыIуагъ, етIанэ зыгъэгумэкIырэм ышъхьэ къырихыгъ: – Къэнтат, тцIэхэр зэбгъэшIэнэу арэпщтын уадэжь тыкъызфябгъэщагъэр? УзыгъэгумэкIырэ щыIэмэ, къытаIу, тпшъэ зэрифэнэу тыппэгъокIыжьын. Ы-ы, Ныбадж, сыд пIорэ о? Къысфэгъэгъу, сшIагъэп, непэ щыублагъэу пцIэ шъыпкъэкIэ сыкъыоджэщт.

– Тэрэз, Бамбэт,– Къэнтат гощэшхом цIэ зэхэфынымкIэ иIоф къыгъэпсынкIэу дыригъэштагъ.– ЛIакъом къыхэкIыгъэ цIэр зэблэмыхъумэ нахьышIу. Пщымафэри адыгэ цIэ шъыпкъ, цIэ дах, цIэ гъэбэжъу, Iум ифэрэп, жэм дафэрэп. Ау Пщымафэ ыцIэ зэрэзэблахъугъэм лъапсэ зэриIэм фэдэу ори «Къэзэкъджэ» къыоджагъэхэшъ, силъэIу о пцIэ нахь пэблэгъэт.

– ТыкъэдаIо, Къэнтат,– къызэрелъэIурэр зэригуапэр Бамбэт ымакъэ къыхэжъыукIыгъ.

– Васюринскэ щыщ шъао горэ Пшызэ къызэпырахыгъэу аIуагъэшъ,– Къэнтатэ римылъэшъухьэу, ыпашъхьэ исыр къызэреупчIыгъэ шIыкIэ дэдэмкIэ ежь зыгъэгумэкIрэми ышъхьэ фырихыгъ,– зыфащагъэм, къехъулIагъэм, илъэс пшIыкIуй нахь ыныбжьэп, джыри ныбжьыкIэба, сегъэгумэкIы.

– Къэнтат, угупцIан, угумах нахь, зигугъу пшIырэм уфэгумэкIы хъуна, къэзэкъ ныбжьыкIэхэр, бгъэлэжьэщтхэр, кIэпшIэщтхэр, осэшхо къызлъатыщтхэр ары нахь тэ тызашэрэр, къэтхьырэр, цэ зыIумытыжь лIыжъмэ сыд ятэбгъэшIэщтыр...– Зэхихыгъэм Бамбэт къыкIигъэщтагъэми, къызхимыгъэщэу, мыр зынэсыгъэр, нибжьи бгъотынэп, сигъусагъэр ары нэмыIэмэ, икъупшъхьэ-лъашъхьэ утеплъэжьынэп, гукIэ хигъэкуукIми, нахь Iоф зыригъэшIэу къеупчIыгъ: – КIалэм ыцIэрэ ылъэкъуацIэрэ ошIа, Къэнтат?

– СымышIэ мэхъуа! – Къэнтат ишъэф ышъхьэ къырихыгъэп.– Васюринскэм дэжь тыщыпсэу зэхъум, нэIуасэ къытфэхъугъэгъэ Паденкэ къэзэкъым ишъау, Пантелей

ыцӀ, адыгэ гущыӀэ заули едгъэшӀагъэу шъэожъыешӀу цӀыкӀугъ…

– Паденк пӀуагъа? Пантелей, ара ыцӀэр?

– Ары, Бамбэт, зыгорэджэ зэхэшъухыгъэмэ, игугъу ашӀэу шъурихьылӀэмэ, мэкъэнчъэ сышъумышӀ. Ыджары силъэӀур. ЗыӀыгъыр шъыд мылъку къыкӀэлъэӀугъэми, зыфаер ятэ-янэмэ пагъохынэу аӀо, сэри садэӀэпэӀэт…

– Пантелей ыцӀэр…– Бамбэт щымыгъуазэ фэдэу зишӀымэ, ышъхьэ кӀэпӀэстхъыхьажьызэ, джыри зэ шъаом ыцӀэ къыриӀожьыгъ, етӀанэ игъусэ зыфигъази, еупчӀыгъ: – Зэхэпхыгъа, Пщымаф, ащ фэдэ къэзэкъыцӀэ?

– Олахьэ апэрэу зэхэсэхым,– Агой Пщымафи зытет шъыпкъэр къыӀуагъ, пцӀы къыусыгъэп.

– Пыу алаурсын, шъуинэӀосэ къэзэкъ унагъом игъуаджэ къехъулӀагъэм! ТхьэуегъэпсэуКъэнтат, узгъэгумэкӀырэм тызэрэщыбгъэгъозагъэмкӀэ. Къэзэкъ тэӀо шъхьакӀэ, бгъэшӀэгъон хэлъэп, ахэри тэщ фэдэ цӀыфых. А къэзэкъ шъаор, Къэнтат, псаоу дунаим тетыжьмэ, чӀы гъуанэм рагъэтӀысхьагъэми, зиемэ къафэдгъотыжьын, джаур нахь мышӀэми, Алахь зизакъоу цӀыфыбэр зэлъэӀоу зыми емылъэӀужьрэм ыпашъхьэ тэри тыщыпсэпэнчъэнэп…– ГъэшӀэгъоны Шъэуае къызэрэкӀэмыупчӀэрэр, Бамбэт гукӀэ щхыпцӀыгъэ. НэшӀукӀэ теплъыгъэкӀи, тыӀугушӀуагъэкӀи, тегыигъэкӀи Сисурэ ар щыдгъэгъупшэн тлъэкӀырэп, ежь ыпӀугъэм, иджэхэшъогу тетыгъэм пымылъыжьэу кӀэлэжъ горэм иӀоф зэрефэ, шӀэхышӀоу ори къумал гъогум утыращагъ, ау сэщ нахь къэмынэжьыгъэми, а шъхьэ псыгъожъ цӀыкӀоу къэзэкъмэ ахэпщагъэри, ори а гъогум ӀэшӀу тешъозгъэлъэгъонэп…

## V

Къакъыр зэтешӀыхьагъэм Шъэуае илъ, игупшысэхэр мэзахэм нахь шӀункӀых. Къэзэкъым къыуӀэгъэ лъакъомрэ Бамбэт икъамэ къызхисэгъэ блэбгъумрэ агъэгумэкӀыжьрэп.

КӀышъом тыркъо къытенэми, уӀагъэр мэкӀыжьы, шъхьакӀом иуӀагъэ егъэшӀэрэ мыкӀыжь. Шъэуае ишъхьафит тезыхыгъэ гъучӀ пшъэхъумрэ Бамбэт имыцӀыфыгъэрэ зыухырэр. УпчӀэм ыуж упчӀэ, джэуапым адырэ джэуапыр реутыжьы. Мысэ-хые гупшысэ зэхэкӀухьажьыгъэмэ шъхьэр нэкӀы зяхъулӀэкӀэ, гужьыдэгъэкӀ ушъхьагъукӀэ хэгурымыкӀы.



Ау дунаим иошӀэ-дэмышӀэ макъэ горэ къылъыӀэсэу, игупшысэ хьылъэ зыӀэкӀиутырэм, игъучӀ лъахъэ тезыжьыгъэ фэдэу мэгушӀо.

Тыгъоспчыхьэ, тыгъоснахьыпэ пчыхьэ, ащ ыпэкӀи, блэкӀыгъэ мазэм ипчыхьэмэ афэдэу, Пшызэ нэпкъ лъэныкъомкӀэ къэзэкъ орэдым зыкъыщиӀэтыгъ. НэмыкӀ купи чылапшъэмкӀэ къыщыхадзагъ. Хъулъфыгъэ ешъогъитӀу гори чыишъхьэ мэкъэ итхъыкӀэ ахэмэ къапэджэжьыгъ.

Мы къэзэкъхэм, Шъэуай гукӀэ ыӀуагъ, тэ къызэрэтшӀомышӀэу ядунай гъэшӀэгъоны, яшъэфи янафи шъхьарытӀупщэу зэголъы. Шырэ орэдырэ, Ӏашэри телъыжьэу, аркъ тӀэкӀу игъусэжьэу аӀудзэри, умыгъэшхэжьых. ӀофынчЪэ-дэлъынчъэх сӀорэп, мапӀох, мэлажьэх, яхэгъэгу ухъумэ Ӏофи фэшъыпкъэх. Бамбэт фэдэ цӀыфыгъэнчъэмэ ялъытыгъэмэ, гукӀэгъунчъэхэп. СиуӀагъэ охъужьыфэ, янэмыплъ фэшъхьаф, гущыӀэ Ӏае зэхэсхыгъэп. Тыгъо-хъункӀэ зэтшӀылӀагъэхэр, зишъао зышӀуахьыгъэхэр – сыгу ябгъэрэп, къысэхъулӀагъэри сфэшъуаш, емынэм сызэрифэщтыгъэп! – СыдынэкӀэ къыоплъыных!.. Ау блэкӀыгъэ тхьамафэм Паденкэ къэзэкъ нэхэежъым къехъулӀагъэр сшӀэрэп, дунаим сытыригъэтыжьырэп – нэкӀэ сызэрилӀырэр сшӀоӀофыжьэп, къысэдысы, къысэтӀыргу, къамыщкӀи къызжэхао. Ар имыкъоу, къэзэкъ ешъогъэ плъакӀохэр къысфещэх, къыздегъэхьащхых, къысегъэужъунтхых, гъурбым рагъэпшыхьажьыгъэ хьэм пчэгъупэкӀэ зэрепыджхэу, сэшхопэ дыскӀэ сипчъэ гъуанэ къысфыдэпыджыкӀых. ЗэкӀэри арэп, зыл къысфэузи гугъу къысфемылӀи ахэт, ау етӀани…

КъакъырыпчъэмкӀэ къэӀугъэ макъэм Шъэуае игупшысэ зэпигъэугъ, джацы уахътэм ыдэжь къыӀухьэ зихабзэр урысыбзэкӀэ къеджагъ:

– Уиса, адыгэ шъхьэпцӀэжъ?

– Сис, сис…– Шъэуае адыгабзэкӀэ къакъырым иджыкӀи, етӀанэ мэкъэ шъэфкӀэ, игумышӀугъи тырикъутэу, Паденкэ къэзэкъым фыпигъохыжьыгъ,– къолышкыжъ…

– «Сис», «сис»…– Адыгабзэ гущыӀитӀоу зэсагъэмкӀэ игъэр зыпишӀыжьызэ, ПаденкэригъумтӀымыгъэ, ӀукӀыжьызэ, къыфызэплъэкӀыжьыгъ.– Джыри зэ къыосэӀо, ухэхьажьын гухэлъ пшъхьэ къимыгъахь.

Шъэуае къыфадзыгъэм пымылъэу ӀукӀодыкӀыжьрэ лъэмэкъэ шъхьафитым кӀэхъопсызэ, шъхьэр кӀэгъэзыкӀыгъэу, тхьакӀумэ чанмэ къамыубытыжьыфэ, дэӀуагъэ.

Лъэмэкъэ шъхьафит Iэшlур къылъымыIэсыжьы зэхъум, нахь зэхихын шIошIи, къызэшIотIысхьагъ, ау ари, ащ ыпэкIэ къылъыIэсыщтыгъэ орэдри, хъулъфыгъэ ешъогъэ мэкъэ-хъуитIури чылэм, дунаим текIодыкIыжьыгъэхэу ышъхьэкIуцI уцуагъэ «ижъужъужъу» макъэ нэмыкI зэхихыжьыщтыгъэп. Ащи фэдэгоу, нэ упIыцIэгъэ гугъуемылIыр къышIутекIоу заулэрэ щысыгъ.

Зыдэсшlэжьыщтыгъэп нахь, Шъэуае хьылъэу хэщэ-тыкIыгъ, сыдэу сынасыпышIуагъ! МэзитIум ехъугъэшъ, слъэмакъи сишылъабжъи зэгорэм чIым теукIыщтыгъэми сшIэжьрэп. Сыд шъуIуа Бжъэдыгъу щыкъэбарыр? Джырэ фэдэм Лъэустэнхьаблэ, тищагу, зэгъокIы хъоу хабзэ. Сисури шъэбэрыкIо мэкъэнчъэкIэ Къэнтат гощэшхом игъо-лъыжьын фэIо-фашIэхэр зэрехьэхэу къычIэкIын. Хъан-Джэрыий, Сахьид-Джэрыий, Адыл-Джэрыий гъолъыжьы-гъэхэщтын, игъом ахэр япIэмэ ямыкIужьхэмэ, Къэнтат нэнэжъым ыдэщтэп. ЕтIанэ Сисурэ адыкIэ щагум дэдзэгъэ унэ цIыкIум, пщэрыхьэкIо бзылъфыгъитIумэ апэчIынатIэм, зыришIыхьажьынышъ, бэрэ иостыгъэ ыгъэблэщтэп, жьыр-тэджышъ, гъолъыжьыщт. КъысэхъулIагъэр хэт Сисурэ ригъэшIэн? А зыр ары къысфэгумэкIынэу СултIан щагум къыдэсынагъэр... Къаймэт, Хьадж-Къэсэй фэкъолIхэр? Ахэр цIыф дэйхэп, ау сэщ фэдэу делэхэп, Мыхьамэт-Джэры-ерэ Къэнтатэрэ аIорэм блэкIыщтхэп. Сэ сыщызымыгъэIэрэ адыгэ-къэзэкъ Iофым ахэри ымыгъэгумэкIыхэу арэп, ар тыжэ дэмыкIэу чэщ мычъые тхьапш дгъэкIуагъэр... Сигухьэ-гужъ сызигъэрмэ атескъутэным ычIыпIэкIэ Мыхьамэт-ДжэрыекIэ сыгу жьы дэзгъэкIи, укIакIо къысфэхъущт Бамбэтыжъыр уцогъу сшIыгъэ, сэр-сэрэу мы гъучI пшъэхъури зытеслъхьажьыгъ. Пшызэ кIыб сиIоф щыIагъэп, Бамбэт иакъылкIэ сыпсэугъ, зезгъэгъэделагъ. Хэт джы Сисурэ нэмыкIэу къысфэгумэкIынэу дунаим щысиIэр? Ар сэIо шъхьакIэ, сшыпхъоп, сянэп зэраIоу, Сисурэ сыда сэ къызэрэсфыщытыр? Гуфэбэныгъэ тазфагу дэлъышъ ара? Уишъуз пэтзэ ерагъ, унагъо зыдэмышIагъэм, бын зыфэмыгъотыгъэм сыдкIэ ыгу укъэкIыжьын, апэ къыIугушIорэм IугушIожьмэ, Iофыр ухыгъэ... ЗэкIэми, Къэнтатэ фэдэу, лIымкIэ шъыпкъэныгъэ ахэлъ пшIошIа? Ащи итхьамыкIагъо къызехъулIэ уж, пщыхэкI горэ ыгу еIунэу къыфыкъокIыгъагъэмэ зэрэзекIощтыгъэр хэт



ышIэра?.. Бзылъфыгъэмэ уицыхьэ атебгъэлъы хъущтэп, хъулъфыгъэхэри ары. Эй, Шъэуай, Шъэое фэкъолIыр, ежь-ежьырэу зыкъешIэжьышъ, зыфэгубжьыжьы, зыми цыхьэ фэмышIыжьэу хэт ихь къыоцэкъагъэр?! Непэ чIыпIэ къин уифагъэкIэ уигумышIуныгъэ зыгорэм тебгъэкIэныр, ащкIэ зыуухыжьыныр емыкIу, Алахьэм къыпфидэнэп, уиджэгъогъухэри къыбдэхьащхыных, шIошъхъуныгъэ зимыIэжьыр гугъэнчъэшъ, дунаим тетыжьэу умылъытэ.

Паденкэмэ ягъунэгъу Качурэмэ яхьэ хьакъу макъэ, зигъэрмэ яери апэ зэритэу, нэмыкIмэ заригъэпхъотагъ, чылапшъэмкIи чылакIэмкIи къыпэджэжьыгъэх. Шхонч омэкъэ зытIуи къылъыIэсыгъ, шылъэбжъэ макъэхэри зэхихыгъэ фэдэу Шъэуае къыщыхъугъ.

ЗыгорэкIэ адыгэ куп къэзэкъмэ къатеогъэн шъуIуа, гугъэ шъхьафит благъэу къышIошIырэм Шъэуае ышъхьэ къыригъэпхъотагъ, ау а гупшысэ Iэшlур унэм къикIыгъэ Качурэ къэзэкъым ихьэ текууакIэ IэкIигъэзыжьыгъ:

– Сыд, Борзой, чылэр къэпIэтэу уихьакъукIэр, щыгъэт!

Унэм къикIыгъэ Паденкэри къэджагъ:

– Ора ар, Иван Хведорович?

– Сэры, Савелий Петрович. Хьэхэр зэрэгъэпцIэжьы-гъэх.

– Хьэхэр Iофэп, адыгэхэр къыттемыуагъэмэ.

– Ащ фэдэ щыIэп, чылэр рэхьат,– къакъыр натIэм Качурэр къырекIокIыгъ, етIанэ кIэгупшысыхьажькIэ къеу-пчIыгъ: – Сыда, уигъэр пшIуахьыжьынкIэ утенэгуикIа?

– Сигъэр Iофэп, нэмыкI рамыгъэгъусэмэ...

– ТихьитIу теIэфэ, тэ тыщэIэфэ, сигъунэгъу, ащ фэдэ пшъхьэ къимыгъахь, Пантелей изакъоу псыIушъом шыхэр щимыгъэхъущтыгъэмэ, басурманмэ тхьамыкIагъор къы-ташIэн алъэкIыщтыгъэп. Муары, язи къэтыубытыгъ.

– Къэтыубытыгъ игъусэ укIыфаоу къеожьыгъэти,– Паденкэр хьылъэу хэхьапщыкIыгъ,– моу тутын тегъашъу.

Тутыныр зэгъунэгъуитIумэ зэIахи, апэрэ къудыигъом ыуж, Качурэм иупчIэ джэуап къыритыжьыгъ:

– Тищэба ылъакъо тефагъэр?

– Ары, тикъэзэкъыщ.

– Сыд ащыгъум, гъунэгъу, уигъэр икъэубытын адыгэмэ шIушIэкIэ закIыфэплъэгъурэр?

– Игъусэ къемыожьыгъагъэмэ, Пшызэ зэпырысыкІыжьын ылъэкІыщтыгъэ, ежьыри джары ыІорэр, къырашІэгъэ шъхьакІом есты.

– Сыд ащыгъум, Савелий Петрович, къеожьыгъэм ыцІэ къызкІыримыІорэр?

– Ежь ыцІэкІи тегъапцІэкІэ сенэгуе.

– Ащ фэдэ хъун ылъэкІыщтэп, Ибрахьим еІоба ыцІэр?

– Ибрахьим еІо, ау ыцІэ шъыпкъэр ыушъэфэу къысщэхъу.

– Мы адыгэхэри!.. Ахэмэ зызэкІоцІаушъафэкІэ, шъыпкъи пцІи ябгъотылІэжьыщтэп! Тэ щыІ ар? Эй, басурман хъункІакІу,– къакъырыпчъэ егъэтыгъэм Качурэр ІэбжымкІэ тео,– сыд зи къыкІэмыІорэр, уишхъухьэшІагъэ укъыкІигъэщтэжьыгъа! Еплъылъ ащ, ипшъэхъу лъэхъу макъэ зэхэсэхы, зи къызэримыІорэр!.. Эй, адыгэ шъхьэпцІан, орба сызаджэрэр!.. Еплъ дэгу-псыгу зызэришІыгъэр! Савелий, тхьэм ыцІэкІэ сыолъэІу, моу къакъырыпчъэр къысфыІухи, сыхэгъау!

– Ыуж икІ, Иван Хведорович, укъызэхихыщтэп.

– Сыда?

– Джырэ фэдэм нэмаз ешІышъ ары.

– Гъэшіэгъона нэмаз ешІымэ, ытхьакІумэхэр иежьхэба? Орба заджэхэрэр, басурман, сыд зызыфэуудэгугъэр! – Губжыгъэм хэтэу Качурэ къэзэкъым тутыныр зыжэдидзи, Іэбжым теоным лъакъори ригъэгъусэжьыгъ.

– Иван Хведорович, бащэ, быяу. Тхьэм елъэІурэм, хэти щэрэщ, игонахь ухэмыхь, ижъалымагъэ егъэгъэушъэб,– щэІагъэ зыхэлъ макъэкІэ Паденкэр гъунэгъум еджагъ.

– Савелий, ора ар? – Зэхихыгъэр Качурэ Иван ыгъэшІэгъуагъ, тепхъэшыкІыгъ: – Пантелей зыхьыгъэ тыгъокІохъункІакІомэ ащыщба мы узтешъэбыкІрэр?

– Ащыщ, Иван Хведорович, ащыщ…– Паденкэ къэзэкъым ымакъэ къыщытхъагъ.– СытешъэбыкІы пакІошъ, сытеплъэнэуи сыфаеп!.. Ау сишъао ищыІэныгъэ мыщ епхыгъ… ЕтІани тыцІыфба, тычиристанба… Тимытхьэми зыпашъхьэ итыр, нэмаз зышІырэр тымыгъэохъумэ нахьышІу. Жъалымагъэ тыгу къитэмыгъэгъахь, Тхьэми ар къытфидэнэп.



– А зыфапІорэми, Петрович, шъыпкъэ хэлъ,– Качурэ Иван къакъырыпчъэм къыкІэрыкІыжьзэ, ыгу имылъми, къыІуагъ. ЕтІанэ ежь нэмыкІ зэхимыхэу гъумтІымыгъэ: «джы къызгурэІо мы тидин ипыим узкІытенэгуикІрэр, къэплъфыгъэм уимыгъэшІэн щыІэп зыфаІори оркІэ къежьагъэп, сыдэу пшІын… Ау сипшъэшъэжъые Анфискэ ар къехъулІэгъагъэмэ, сыкъызэрэнэжьыщтыгъэр сшІэрэп!» – НекІо, тэри, тыгъолъыжьыным ыпэкІэ, дыуахьышІукІэ Тхьэм ыпашъхьэ тигъахьи, мэфэ гупсэфкІэ тыкъигъэтэджыжьынэу тегъэлъэІу. Тинахьыжъмэ, «пчыхьэм нахьи пчэдыжьыр нахь Іуш» аІуагъ, нэфлъэшІу шъукъекІ, Савелий Петрович.

– Шъори ары, Иван Хведорович,– Паденкэм риІожьи, гъэрымкІэ азыфагу лые къызэримыхъухьагъэр игуапэу, унэм ихьажьыгъ.

Гупшысэ шъхьаф зыдиІыгъэу Качурэ къэзэкъри чэу цэпкъ рекІокІыкІэ ищагу дэхьажьыгъ, къакъыр кІыбым зыщебгъукІощтым къыщыпэгъочъыгъэ хьэшхом ышъхьашъо Іэ щифэзэ, еупчІыгъ:

– Сыд, Борзой, тыбгъапцІи, зыбгъэрэхьатыжьыгъ ара? Ухьакъуми, упцІэуми, уджэгуми, шъыпкъэныгъэ зыхэгъэлъ. Арымырмэ зыми ицыхьэ къыптелъыжьыщтэп. Жьы къемыпщэу чъыг тхьапэ сысрэп, армэу шІыкІэкІэ ухьакъугъэпщтын,– Качурэм тутыныр ыщыхьагъ, машІо кІигъэнагъ, тутын Іугъор бгъэм диз охъуфэ ыкъудыий, къызжэдитІупщыгъ, гъунэгъу Паденкэм, ащ игъэри акІэнакІэу ыгу жьы дигъэкІыгъ: – Нэмаз рагъэшІы… Инэмаз къытеплъэшъуни уукІыным ычІыпІэкІэ ешІушІэх, «бащэ, быяу, игунахь ухэмыхь» къысаІо. МахъулъэкІэ тызщыгугъыщтыгъэ пкъо закъо адыгэ гъэрым щыпыхьэу, Качурэ Иван гукІэ къызбгырыугъ, сыд гунахьа узэрэгущыІэрэр, Петрович! О шІой хэкІыр огъашхэ, иуІагъэ огъэхъужьы, уеІэсэкІы, модыкІэ ти Пантелей, ти Пантюхэ тхьамыкІэ адыгэмэ аІыгъэми пшІэрэп! Адыгэмэ уялъэІукІэ, уяубзэкІэ, къикІын щыІэп. Сэра ахэр зымышІэхэрэр?.. Тятэжъ заІэкІафэм, къащытщэфыжьыфэ къинэу рагъэлъэгъугъэр зэрэ Качурэ лІакъоу егъашІэм тфикъущт. Ащ къытфиІотэжьыщтыгъэм елъытыгъэмэ, мыр Савелий ыІэгу исэу къырехьакІы, инэмаз умыукъо еІо!.. Гъэрыр къакъырым имысыжьми сшІэрэп! Ипшъэхъу макъэ зэхэсхыгъэ сІуагъэ шъхьакІэ, къысщы-

хъугъэмэ шlэ? Хьэхэри Iофынчъэ-дэлъынчъэу хьакъухэрэп, шхончыю зэпэджэжьыхэри ары...

Качурэ къэзэкъыр къакъыр натlэм, зымафэ Анфискэ зэрыплъыхьэщтыгъэ гъуанэу ыгъэпытэжьыгъагъэм екlо-шъылlагъ, дэlуагъэ. Макъэ гори къимыlукlыхэ зэхъум, «хэхьажьыгъэми сшlэрэп» ыlуагъ, «скъо къысфищэжьынэу сэрэшlи, зы сыхьат закъуи тесымыгъашlэу стlупщыжьыщт» Паденкэм зэриlогъагъэр ыгу къэкlыжьыгъ. Укъимыгъэп-цlэнэу ошlэмэ, ащ фэдэуи удэзекlон, ау мыхэмэ уащыгу-гъынри огъум ощх къещхынри тlури зы.

– Уиса, адыгэ шъхьапцlэжъ? – Паденкэр игъэр зэреджэрэ шlыкlэу Качурэ къэзэкъри джагъэ, ихьи хьакъу-зэ, къакъыр натlэм зыриусэигъэти, фэгубжыгъ: – Iукlот, Борзой, сыгъэдаlу. Уиса сlуагъэ, адыгэ шъхьапцlэжъ?

– Симысэу тэ сыбгъэкlот, къолышкыжъ! – Шъэуае гъумтlымыгъэ.– Шъыд бырсыр нычэпэ къысэпшlылlагъэр...

– Ис ошlа...– Качурэр, гушlощтми цlэцlэщтми ымышlэу, щхыпцlыгъэ, къакъырым исым пымылъыжьэу, унэм ихьажьзэ, къызэриlокlыгъ: – Утемыплъэхъукl, Борзой, а джэгуалъэм!

Унапчъэр къызырагулlыжьым, къэзэкъ щагури, хьа-блэри, lэгъо-благъори Шъэуаекlэ гупсэфыжьыгъэх. Ыlшlошъ мыхъоу къакъыр мэзахэм щыхэдэlукlыгъ. Бгъэгъэ зэте-гъэпытыхьагъэм зэрисзэ, ежь къызэрэщыхъоу, бжыхьэ чэщыр зэхишlэу регъажьэ – нэ упlыцlагъэмэ амылъэгъурэр гукlэ къеубыты.

Непэ, щэджэгъоужмэ адэжь, Шъэуае ыlуагъ, пщэхэр ошъогум къыщызэрэугъоищтыгъэхэми, хьэмэ яхьакъу-кlэкlэ, къэзэкъ лlитlумэ ящагу дэтыкlэкlэ бжыхьэ ощх къахьыгъэкlэ сыгугъэрэп. Ащ фэдэ гуцафи ситыркъомэ тыгъуаси, тыгъоснахьыпи, непи зэхысагъэшlагъэп. Блэкlы-гъэ гъэмафэм иаужрэ мазэ иощх тыуджэгъугъагъэр, мэзэныкъом къыттебыбэмэ-ттебыбыкlыжьзэ, зэпыу иlа-гъэп. Гъэмэфэ ощхыр Iофа, бжыхьэ мэфэ цlынэхэр ары нахь. Ахэми кlымэфэ чъыlэр къакlэлъыкlощт. Сэ сыд ощхырэ ос чъыlэрэ нэмыкlэу къысфахьыщтыр? Паденкэ-хэри нэмыкl къэзэкъхэри дгъэунэхъугъэ шъаом фэгумэкlых, лъэхъух, лъатыщт уасэри хьазыр... Сэры, сэ хэт къысфэ-гумэкlынэу, осапкlэ къысфитынэу дунаим щысиl? Шапсы-гъэ Бамбэт ары къысэхъулlагъэм щыгъуазэу дунаим тетыр. Сыд ащ ущыгугъыкlэ, къэрарынчъэм нибжьи шъыпкъэ



ебгъотылlэжьынэп. Сшlагъэмкlэ сышыхьатынчъ, «сыкъэ-зышlэн щыlэп» ыlоу, къэрарынчъэр хьакъу-жъокъоу хэтыщт. Паденкэ шъаоми сцlэ ышlэрэп, «сызэраукlыгъэри» ылъэгъугъэп, къысэхъулlагъэми щыгъуазэп. Сцlэ ымышlэми, «сызэраукlыгъэр» ылъэгъугъагъэмэ, бэ шlэн макlэ шlэн, сикъэбар ыlуатэщтыгъ... Ярэби, а шъаор Бамбэт псыхэ-дзэжъым lэкlэрэмыкlуади, нэмыкl сыфаеп. Джаурыпсэр бгъэгъумэ джэнэтым укlощт Бамбэт нэипсэижъым еlоми, хьау, хьау, ар ышlэнэп!.. Зыкlэхъопсырэ джэнэтым нахьи шъэожъыем кlихыщт мылъкум нахь къыубытыщт. Я си Алахь, а шъэожъыем игунахь къэзыхьыгъэмэ сэри сащыщ, къысфэгъэгъу. Зыгорэкlэ мыпсаужьмэ, ичиристан джэнэт ягъэщэжь. Псаумэ, унэшlу щыгъаф, мыхэр мыбыслъы-мэнхэми, ежь ашlошъ хъурэ Тхьэ яlэу уидунай тетых, гукlэгъунчъэхэп, яшъао ягъэгъотыжь. Ащкlэ быслъымэнмэ ягунахъ къэсхьымэ, уидунай хьаф сытебгъэтыфэ сыпфэп-щынэн.

Шъэуае ыгу къыпиlонтlыкlыгъ, узыр зыхэчъыжьым, нахь псынкlэу къытеоу ригъэжьагъ, жьыщэнри къехьы-лъэкlэу ынатlэ пкlэнтlэ чъыlэр къытырикlагъ. Шъхьэр уназэ зыхъукlэ зэришl хабзэу, ынэхэр упlыцlагъэхэу къакъыр дэпкъым кlыбкlэ зыригъэкlыгъ, шъхьэпхэтыку чъыlэри чыиф ятlэм ригъэгупсэфылlагъ. Лъакъомэ ателъ гъучl пшъэхъур чlыгум телэлагъэу джы нахь къепсынкlэкlыми, гукlэ щыгъупшэрэп. Кlэзэзрэ лъэкlапlэхэм пшъэхъунэхэр агъэсысых, къапыlукlырэ жъгъыу мэкъэ дэгур къакъыр мэзахэм хэшъхъэшъхъыкlы. lэгушъуитlур лъэгуанджэмэ затырилъхьэкlэ, гум темыфэрэ пшъэхъу макъэр зэпэу. Зэушъыижьмэ зэгыижьзэ сыхьатныкъо горэм зыщыскlэ ыlэпкъ-лъэпкъымэ зыкъашlэжьы, lэкlэзыгъэгъэ гупшысэри тlэкlу-тlэкlузэ къечъэжьы.

Ощх къемыщхмэ, пщэкlэ уашъор мыупlыцlагъэмэ, ыlуагъ Шъэуае, огум жъуагъор изыщтын. Гъэмэфэ жъуа-гъохэмрэ бжыхьэ жъуагъохэмрэ зэрагъэхьрэ щымыlэми, яфэбэгъэ-чъыlагъэкlэ зэтекlых. Ахэр къызэтэкъокlыгъэ мазэри ары. Мазэм из хъункlэ къэнэжьыгъэ щыlэкlэ сыгу-гъэрэп. Мэфэ зытфых горэ щэкlэжьыщтын. Фэхъун ыгъо-тэу хъураибзэ-нэгушlуабзэ зыхъукlэ, итыжьыныпс чlым тырикlутэзэ, зиуныкъужьэу регъажьэ. Джацы уж уахътэм ебгъапшэмэ, ар джыдэдэм сикъакъырышъхьэ къышъхьа-щыуцуагъэкlэ сенэгуе. Тlэкlу тешlэмэ, къохьапlэмкlэ,

Бжъэдыгъу лъэныкъомкIэ ригъэзыхынышъ, Лъэустэнхьаблэ шъхьащыхьащт, сищагугъэми дэплъэщт, инэфыпс шъабэкIэ шъхьаныгъупчъэмэ арыпсэщт, Сисури Iугушlощт, Хъан-Джэрыий, Сахьид-Джэрыий, Адыл-Джэрыий ячъые IэшIумэ атещхыкIыщт. Къэнтат нэнэжъым Iупсэщт, Мыхьамэт-Джэрые икъэптанэу пхъэнтIэкIу бармэкъым пылъагъэм икъэзэкъ дышъэ тэмэтелъмэ атежъыукIыщт... Сыдэу сыкъаигъ, сыдэу сыжэмыIан, сиIоф зыхэмылъым сибэлагъ хэсIоу, сыд пае Мыхьамэт-Джэрые икъэзэкъ IофхэмкIэ Iогъу-шIэгъу сшIыгъагъэ, емыIуапхъи есIуагъ!.. Хэт ащкIэ къэзгъэгъунэщтыгъэр? Бамбэт фэдэ адыгэхэр ара?.. Хэт джы гъунэ къыслъызыфыжьынэу сиIэр? СултIан лIакъом агу зыфыхэзгъэкIыгъэ адыгэхэр ара? Яж ахэмэ агу укъэкIыжьыфэ, гъунэ къыплъафыфэ!.. Зэ, зэ, сыд сэIо сшъхьэ къизгъахьэхэрэр, Бамбэтрэ сэрырэ зетфэгъэ Iофыр сыд адыгэ шъхьафит Iофмэ зэряпхыгъэр? Мыхьамэт-Джэрые ышIэрэмкIэ адыгэмэ сафэшIушIэ, яшъхьафит икъэухъумэн сыпылъ еIо. Сэры? Сэ сизэхэмышIыкI гуплъыгъэ сиадыгэ шъхьафит сщигъэгъупши, мыщ сыкъищагъ, хэти изекIокIэ-гъэпсыкIэ епэсыгъэу сыщалъэхъагъ. Сэ етIани Паденкэ къэзэкъым есшIагъэр зыдэсымышIэжьэу сыгу ебгъэ, Качурэ къэзэкъми нэмыплъ есэхы. Матвеев атаманми сыгу фэплъы, Мыхьамэт-Джэрыий ахэмэ адэсэгъэкIожьы, «сищагугъэр» сIозэ сэнацIэ. Хэта, Бамбэта, сиукIакIуа зишъэф къэзгъэгъунэрэр? СышъутIупщыжьмэ, шъуишъао шъозгъэгъотыжьыщт сэIо нахь, зыхьыгъэм, ер къызэрыкIыгъэ Бамбэтыжъым ыцIэ ясIорэп. Мыхьамэт-Джэрые сыпэгущыIэжьыгъэкIэ, къысшIошIырэр фэсыдзыгъэкIэ сыд есшIагъ! — Сызэрифэкъолlыгъэр мыхэмэ афыхэсэрэгъэпс закъори екъу... Сагъашхэ, спсэ схагъэты сэIокIэ, мырэущтэу сызэкIоцIыпхагъэу, къакъыр гъуанэм къысфыдэплъырэ Анфискэ нахь тхъагъо симыIэу, ари скIэрафыжь зэпытэу, къэзэкъ къакъырым сисына!.. Спсэ къеIэн фэягъэм сэри ынэ сеIэжьын, Бамбэт ытхыцIэ сишъхьафит лъэмыджэу Пшызэ сырикIыжьыни, талъэныкъокIэ згъэзэжьын. Къэзгъэзэжьрэр Тхьэм ештэжьы аIошъ, сызщыщмэ саштэжьмэ, сахэхьажьын!.. СIощтыри, сызтегущыIэщтыри, зэзгъэфэщтыри джы нахь сшIэн, нахь гупсагъи зыхэзгъэлъын...

Гупшысэ зэпео хьылъэмэ агъэпшъыгъэу, зыдэщыс чIыпIэм Шъэуае щыхэчъыягъ. БлэкIыгъэ чэщхэм афэдэу зы пкIыхьи ылъэгъугъэп, зы гумэкIыгъуи къыгъэущыгъэп, ау пчъэ гъуанэм къыдэпсыгъэ тыгъэнэбзыир ынашъэ къызыкIахьэм, къэлъэтагъ, инэфшъэгъо нэмаз зэрэблигъэкIыгъэми гу лъитагъ. Лъэхъу телъми щыгъупшэжьыгъэу псынкIэу къэтэджи, амдэз ыштагъ, къэптаныр инэмазлыкъэу Тхьэм ыпашъхьэ иуцуагъ, нэмаз едзыгъуищыр зеухым, лъэгуанджэкIэ зэрэщысэу, Iэ щэигъэри ынэгу кIэтэу адыгабзэкIэ лъаIоу ригъэжьагъ: «Я си Алахь, цIыфыбэр зэлъэIоу зыми емылъэIужьрэр оры, сыолъэIу гонахьшIагъэу къыздапшIэрэр къысфэбгъэгъунэу, мыхъун сIуагъэмэ, сшIагъэмэ, орышъ фитыр, стехыжь, уиIорэ уишIэрэ садэмыхэу, укъысэджэжьэу уадэжь сыпщэжьыфэ, сыпфэшIушIэн. КъысэхъулIагъэм уишIэ хэмылъэпщтын, сыгу къыздеIэу мы лъэныкъом сыкъэкIогъагъ, ау укъызэрэздэзекIуагъэр сизекIуакIэ елъытыгъэу къычIэкIын е нэмыкIынкIи мэхъу, хэшIыкI зыфысимыIэм сытеуцорэп, чIыпIэ къинэу сызэрыбгъэуцуагъэм зыкъысигъэшIэжьыгъэшъ, къысфэгъэгъу, унэшIу къысщыфи, сыкъызхэпхыгъэ быслъымэнмэ сахэщэжь. СилъэIу къысфапшIэмэ, егъэшIэрэ чIыфэу стелъын, ау сыгу къитэджэгъэ жьалымагъэр сэрэп, орэп зилажьэр, БамбэткIэ къыспэмыубыт. Зэз зыбзэгу телъми Iэшlу зымышIэжьрэми сыфэдэп, мы зымкIэ пэрыохъу укъысфэмыхъу. УмышIэ пIуагъэкIи, сыушъэфрэп, къысфэгъэгъу, сыкъиубытыщтэп».

Тхьэлъэlур Шъэуае ыухи къэтэджыжьыгъэ къодыеу, Качурэ къэзэкъмэ ящагу дэхьэрэ къакъыр нэтIэ гъуанэм къиплъыхьэрэ пшъэшъэ нэ шхъуантIэм IугушIуагъ, иадыгэбзэ-урысыбзэ зэхэпхъагъэкIэ риIуагъ:

— Ора, Анфиска?

— Сэры, Ибрахьим. Хьалыгъу къыпфэсхьыгъ,— хьалыгъу бзыгъэшхом лы такъыр телъэу Анфискэ гъуанэм къыдигъэщыгъ,— ма, сIых.

— Уятэ къыпфидэнэп, пшъэшъэжъый,— къыфащэигъэр къыIихэ, Шъэуае ыIуагъ.

— Сяти, сяни исхэп, тхьаумэфэ бэдзэрым кIуагъэх.

— Ара, Анфиска? Джы сыгу бгъэрэхьатыгъэ.

— Паденкэхэри бэдзэрым щыIэх.

— ЗэрэхъурэмкIэ, тизакъоу тыкъагъэнагъ.

— Хьау, Васеки ары.

— Тэ щыI адэ ар?

— Муары, пчъэIушъхьэм тет, къыпщэщынэ.

– Оры, о укъысщыщынэрэба, пшъэшъэжъый?

– Сэри?..– Анфисэ ынэхэр, зэрэщымытыгъэхэу, шъэбэгъэ-фэбагъэм зэлъакIухэу къэупчIагъ, етIанэ укIытэ шъабэр ымакъэ къыхэщэу, къыпигъэхъожьыгъ.– Сэ... Сыгу къыогъу...

– Тхьауегъэпсэу... ГукIэгъу зэрэпхэлъыр бэшIагъэ зысшIагъэр, пшъэшъэжъый.

– Сыпшъэшъэжъыеп сэ! – Анфискэ фыкIагъэтхъыщтыгъэ «пшъэшъэжъыер» ыгу емыIоу ынэ шъэбэ шхъуантIэхэр къакъыр гъуанэм Iуипхъотыжьыгъэх.

Шъэуае къехъулIагъэм гурыIогъу фимыфэзэ, джа нэ шхъонтIэ дахэхэр джыри гъуанэм къыIухьажьыгъэх, зыщишIэрэ мэзитIум къыкIоцI нибжьи зэмыжэгъэ гущыIэр Шъэуае къылъыIэсыгъ:

– Сызэрэодым уемыплъ, Ибрахьим, илъэс пшIыкIухым сихьагъ сэ... ПшIошъ мыхъумэ, къакъыр гъуанэм сыIукIотынышъ, къысэплъ...– Нэ шхъонтIэ лэб дахэхэр Iузыхыжьыгъэ Анфисэ къэджагъ: – Адэ сыда укъызкIэмыплъэрэр, мары сэ...

Анфисэ илъэIу къикIырэр къыгурыIоу, ау зыфихьыщтыр ымышIэу, Шъэуае заулэрэ щытыгъ, етIанэ хъулъфыгъагъэр къытекIоу къакъыр гъуанэм Iуищагъ.

Апэ лъэдэкъэ инкIаехэр зыкIэт цокъэ шIуцIэ папцIэмэ арыт лъэкъуитIур, кIэпхын кIапэр къызтехьэрэ лъэгонджэ хъураехэр, ко пытэхэр Шъэуае ынэмэ къапэшIофагъ, ащ нахь лъэгаIор ымылъэгъужь зэхъум, чыиф гъуанэр зэIифынэу ыIэмэ зафэмыукIочIым, еджагъ:

– Джыри нахь IукIот. Джыри... Джыри... Джыри... Икъущт! Джы дэгъоу усэлъэгъу.

Щэлъэ мыин горэ ыIыгъэу Ткаченкэ гъунэгъу къэзэкъыр къакъыр натIэм къызкъокIым, Анфисэ зызэришIырэр зыфихьын ымышIэу къызэтеуцуагъ, щагур къызэпиплъыхьагъ, еупчIыгъ:

– Хэта уздэгущыIэрэр, Анфиска?.. Сыдэу гъэшIэгъонэуи уфэпагъа?

– Васек пIыраго сыдешIэ, Сидор Кузьмич,– Анфискэ зэрэхэкIыжьыщтыр псынкIэу къыугупшысыгъ,– къысфедзы, фэсэдзыжьы.

– Ара? ПшынахьыкIэ цIыкIу унаIэ зэрэтетыр, зэрэбгъэджэгурэр дэгъу,– Ткаченкэ къэзэкъыр Паденкэмэ якъэлапчъэ Iухьагъ, зыгорэ щыгъупшэжьыгъэ фэдэу, нахьыбэмкIэ ежь зэриIожьэу къэупчIагъ.– Ибрахьимэ пчэдыжь нэс шхагъэп, бырсырыгъэба?..– ГъумтIымызэ дэхьагъ: – Гъаблэм ригъэгъэлIэным ычIыпIэкIэ, тыдэсыщтэп, сфэгъашх еIошъ, Савелий къысэлъэIу... Адыгэхэр бгъэшхэнхэ нахьи уукIынхэ, тебгъэстыкIынхэ нахь атефэ, хьэкIэ-къуакIэх ахэр!..

## VI

– А Хъан-Джэрый, а сикIал, къэтэдж, нынэ,– аужрэ мафэхэм кIалэр изакъоу зэрылъ унапчъэм Къэнтат нанэр Iут,– еджэпIэ кIогъур къэсы, зыптхьакIыни ушкэни фаеба?

– Къыихь, нан,– Хъан-Джэрые мэкъэ чанкIэ унэм къычIэджыкIы,– сэ бэшIагъэ сыкъызытэджыжьыгъэр,– янэжъ зэрилъэгъугъэм лъыпытэу пхъэнтIэкIум къытелъэтышъ, къыпэгъочъы, шэны зэрэфэхъугъэу, IаплI къырещэкIы.

– Шъыдигъуа укъызытэджыжьыгъэр, сикIал? Шъыдэуи зэхэсымыхыгъа? – Тхылъ зэгохыгъэм Къэнтатэ еплъы.– Шъыда мыр? Тыгъоспчыхьэ уфэзагъэпщтын, уеджэтыгъэу къычIэкIын.

Хъан-Джэрые шъхьэ псыгъор къыIэти, нэ шъабэхэмкIэ янэжъ къыIуплъагъ, Къэнтатэ зыгъэрэхьатын джэуап къыритыжьыгъ:

– Сыкъэпшlагъэп нахь, уикъэмытэджыкIэ сигъапэти, къысфэгъэгъу, уипчъи сыкъыдэплъыгъагъ.

– Ара, сикIал? Ары гущ, нычэпэ пкIыхьэпIэ Iаемэ сагъэчъыягъэпти, сыхэчъыежьыгъагъэу къычIэкIын. Адэ мы дунэе хьафыр тэ зэрэтIоу щытыгъэмэ...– Къэнтатэ хьылъэу шъэожъыем ыпашъхьэ зэрэщыхэщэтыкIыгъэмкIэ кIэгъожьэу, нэмыкI горэ къыIо шIоигъуагъ шъхьакIэ, Хъан-Джэрые гу лъыти, зэпигъэугъ:

– Сидесэхэри, нан, тыгъоспчыхьэ зэзгъэшIагъэх. Мы тхылъыр зытхыгъэр оша? – Хъан-Джэрые ынэхэр къилыдыкIыгъэх: – Россинский Кирилл Васильевич. Мыщ итыр дэгъоу зэбгъашIэмэ, нан, урысыбзэмджэ ишIуагъэ къэкIощт, узэрэтхэтымджи, узэреджэтымджи ухигъэукъотэп. Тыгъуасэ къеджэнымджэ «дэгъу дэдэ» зысфегъэуцум, зэкIэми зэхахэу къысщытхъуи, мы тхылъыр Кирилл Васильевичым къыситыгъ. Мыщ итхэр зэрэгъэшIэгъонхэр, нан! Урысыбзэмрэ латынымрэ тезгъэджэрэ

толмачев Василий Емельяновичри къыщэтхъу ащ. Мыщ ыцІэр, нан,– урысыбзэкІэ тхылъым тетхагъэм къеджэ: – К. В. Россинский. «Краткие правила российского правописания»,– тхьагъэпцІыгъашъокІэ къеупчІыжьы: – Къыбгурыlуагъа, нан?

– Урысыбзэкlэ къэпlуагъэм къиклырэр къызгурыlуагъ,– джа тхьагъэпцІыгъэ шІыкІэмкІэ Къэнтат нанэми джэуап ытыжьыгъ,– Алахьэм ишыкурджэ адыгэ къэзэкъ чыл сыкъыздэхъуахьыгъэр. Ау итыр lупкlэу о зэбгъашІэу къысфэпlотэжьмэ, нахь хэшlыкl фысиlэн.

– Кирилл Васильевичым итхылъ итыр зэзгъашlэмэ, нан,– Хъан-Джэрые къызlуипхъотыгъ,– охътэ бащэ тетымыгъэкlодэным пае, къызыщыпфэсlотэтыр ошlа? Екатеринодар гъогур ары.

– Ары, сикlал, ары,– Къэнтатэ зэхихыгъэр шlогъэшlэгъон, игуап.– Тифайтон щэрэхъхэр Екатеринодар очъэфэкlэ, ар дэгъоу къэуугупшысыгъ, уидесэхэри къысфэпlотэжьыных, зы шъхьэ нахьи шъхьитlу зэраlоу, уикlэлэегъаджэ ыпашъхьэ нахь псынкlэ къыщыпфэхъун...

Джыри зэрэжьыр унэм къызекlыр ары Къэнтат къызгурыlуагъэр. Къэлэпчъэшхом дэжь щыт файтоныр нэфшъэгъо пщэгъо нэгъыфым ерагъэу къыхэщы, ащ кlэшlэгъэ шитlумэ япырхъы макъи къэlу. Къаймэтрэ Хьадж-Къэсэйрэ куплlэмкlэ щытых, Бычи, Сисури унэ лъэгуцым къытеплъых. Хъан-Джэрые тхылъыр зыдиз пхъонтэшхор ыкlыб илъышъ, ышъхьэ псыгъо цlыкlу къыкъощырэп. Ащ хэти, игукlэгъу къызэрихьэу, ыл фэузы.

Къэнтат нанэри, Бычэ ныри, Сисури, Къаймэти, Хьадж-Къэсэий, файтонышми анэсыжьэу, зыфэгумэкlхэрэ Хъан-Джэрые идунай, зыхэхьэгъэ пчэдыжь цlынэми къыдечъэкlрэ цlыфхэми ямылъытыгъэу, нэмыкl шъыпкъ. «Жьэу къэтэджы, ичъые икъурэп, тэрэзэу шхэрэп, мэфэреным еджапlэм къэты, мэпшъы» Хъан-Джэрые пае аlо шъхьакlэ, зыфаlорэм яз унэ лъэгуцым къечъэхырэ пщы шъаом хэплъагъорэп,– зыдэкlорэ гимназием зэрэфэкlэщыгъор икlокlэ-шlыкlэ къыхэщы.

– Умыгузажъу, сикlал, умыгузажъу,– шъэожъыем Къэнтат нанэр тегуlыкlы,– джыри жьы, игъо тифэт. А Къаймэт, а Хьадж-Къэсэй, lышъух, ыкlыб ишъух шъаом тхылъ пхъонтэшхор. Шъыдэуи хьылъэ, синынэгущ, а пкlыб илъыр, быты уехъулlэн...

– Къыосlуагъи, нан, тхылъыр къызэрэсэмыхьылъэкlрэр! – Зызгъэлlырэ Хъан-Джэрые къыпэгъокlыгъэ фэкъолlхэм тхылъ пхъуантэр ыкlыб раригъэхыгъэп.

– Ят, сикlал, ят, Хъан-Джэрый,– Къэнтат нанэри уцурэп,– ощым зеlэтыфэ пхъэм зегъэпсэфы зэраlоу, файтоным унэсыфэджэ зыбгъэпсэфын.

Нэнэжъым къыlорэмэ Хъан-Джэрые апымылъэу къыпэгъокlыгъэ фэкъолlитlумэ ябгъукlошъ, файтон дэкlояпlэм зынэскlэ къэуцу, тlэкlу lукlотызэ, шъхьэкlэфэ гулъытэкlэ реlо:

– Итlысхь, нан.

– Я си Алахь, мы шъаом ежь ылорэр ары нахь, о пlорэр къыригъэкlытэп,– гые фэдэу зешlыми, зэхихыгъэр Къэнтат гощэшхом игуапэу мыгузэжъо-гъэшlогъэ зыфэсакъыжькlэ файтоным етlысхьэ.

Къаймэтрэ нэмыкl фэкъолl шыурэ кlэкlэу зыуж ит файтон шъабэр Пшызэ зэпырыкlыгъом lолъэдэфэ зи къэзымыlощтыгъэ Къэнтат нанэм, фэсакъыпэзэ, Хъан-Джэрые риlуагъ:

– Нан, непэ угу шlоп.

– Ы-ы? – Къэнтатэ игупшысэхэр ардэдэм lэпызыгъэх, шъэожъыем игулъытэ ыгъэшlагъоу lуплъагъ.– Шъыда ар озгъаlорэр, Хъан-Джэрый?

– Зыгори къаплорэп, оплъызышъ ары.

– Ара, сикlал?..– Къэнтатэ игупшысэ къыхэужьэу Хъан-Джэрые дэжькlэ фыреплъэкlызэ, lугушlуагъ.– Ащ фэди загъорэ къысфыхэкlы, Тхьэм ишыкурджэ гукlодыгъо щылэп. Адэ жьы узыхъуджэ къыппыщылъым нахь уегупшысэ. Сэ сыlофа, шъоры, сикlал, шъоры сишъхьагугъур... Моу шъулъакъо шъутезгъэуцогъагъэмэ, Алахьэм сынатlэ къырилъхьагъэр шъыд ихьылъэми сщэчын.

Псыхъо зэпырыкlыпlэм адыгэ шыуиплlырэ пхъэ зэрылъ куитlурэ адырабгъу нэпкъ изыдзыщтхэ пхъэмбгъу зэхэlулlагъэу къафакlорэм ежэщтыгъэх.

– Гъогумафэ шъуежьапщи, Къэнтат,– шапсыгъэ Бамбэт шыумэ къахэкlи, файтоным къеклоlагъ, ишъхьэкlэфэныгъэ пщы ныом фыкlигъэтхъэу, бзылъфыгъэм ыпашъхьэ щепсыхыгъ, шыкуаоми ариlуагъ: – Моу шъуlукlоти,– «пщы

файтоныр» ымыӀоу,– бзылъфыгъэр зэрысыр шъуапэ ижъугъэшъ.

– Бащэ, Бамбэт,– Къэнтат гощэшхом сэлам зехыжь уж, къыпаригъэгъохынэу зыфежьэгъэ шъхьэкӀафэр Бамбэт фидагъэп,– хьылъэзещэ кухэр умыгъэгумэкӀых. Щыгъу хъожь макӀохэщтын...

– Олахьэ ахэмэ яморад сымышӀэ, Къэнтат, сшӀэрэ закъор уамыгъэплъэжьэу уапэ къызэриуцуагъэхэр ары. Тэ уасэ къыпфэтымышӀэу хэт уасэ къытфишӀыжьын. Адыгагъэр зытӀэкӀэзыкӀэ зэкӀэми пшъэхэунэ зырызэу тызэхэзыщт. Тижъмэ къытфыщанэгъэ хабзэм тызэхещэ, тызэрещхы. Ар мо къыбгос пщы шъаом фэтымыӀуатэмэ, тисабыймэ ятымыгъашӀэмэ, тыкӀодыпэн. Шъыпкъэба, Къэнтат? Ы-ы, Хъан-Джэрый?

Сыд сэӀо мыр гъэсэпэтхыдэ къызыкӀытфеджэрэр, Къэнтат гощэшхом гукӀэ ыӀуагъ, ау къызхигъэщыгъэп. УпчӀэр джэуапынчъэу къыгъэнагъэп:

– Адыгэ хабзэм, шъыпкъэ, бэ къыубытырэр. Ар зыпшъэ ифи имыфи къытхэт. Шъыдэу пшын, тэ тызэрэфаеу щыӀакӀэм щыхъутыгъэемэ...

– Ары шъхьаджэ, нан, кухэр тапэ къыӀухьагъэх! – Хъан-Джэрые къэгузэжъуагъ, ымэкъэ Ӏэтыгъащи рыукӀытэжьыгъ.

– Ары, сикӀал, мыхъун къэпӀуагъэп. Апэ къэхъугъэр нахьыжъ, къыкӀэлъыкӀорэр нахьыкӀ. ЩыӀэныгъэм укъыхэпӀыикӀы зыхъуджэ, уздиштэтэп.

– Ари тэмэм, Къэнтат, тэфэрабгъоу къэоӀо, пщы шъаори дахэу опӀу, игулъыти иныы, сыфэраз. Мыхьамэт-Джэрые тхьамыкӀэри цӀыф Ӏушыгъ, ащ къызэрэхэкӀыгъэр ыгъэгъуащэрэп, ау хэти ежь зэрыт чӀыпӀэр зыдишӀэжьмэ нахьышӀу, зы пщэу Бжъэдыгъу исмэ уащыщ, убзылъфыгъэба, ебзымэ къызпыурэмэ,– аужрэ гущыӀэхэр нахь мэкъэ шъэфкӀэ къыӀуагъ,– ягулъытэ мыинми, шъхьэкӀафэ къыпфязгъэшӀы сшӀоигъуагъ.

– Тхьауегъэпсэу, Бамбэт. КъысфапшӀэ пшӀоигъуагъэр сэрджэ екъу. Ау «ебзымэ апэу» зыфэпӀуагъэмэ афыуиӀэ еплъыкӀэр мыщ щызэхэтэмыгъэф. Сэ джыдэдэм сызгъэгумэкӀрэр нэмыкӀ, Бамбэт. Зыпчыхьэрэ силъэӀу пщыгъупшэжьыгъэджэ сенэгуе.

– Ихьау, Къэнтат, ащ фэдэ нэкӀэ укъысэмыплъ. ЗиӀорэ зишӀэрэ зэтэмыфэжьырэмэ Шапсыгъэ Бамбэт афэдэп.



Мы мэфэ заулэм ащ нахьрэ Ӏоф сиӀагъэп, сыздынэмысыгъэ адыгэ шъолъырым чӀыпӀэ къуизгъэнагъэп. АдыгэчӀыр зэгози Пантелей къэзэкъ шъаор дэмыфагъэмэ сшӀэрэп, сызэупчӀыгъэмэ хэшыкӀ фыряӀэп. Къэзэкъмэ, пшӀэрэба ахэр зыфэдэхэр, Ӏаджи аӀо, ежьхэр зэрэукӀыжьхи, адыгэмэ ямылажьэ къатыралъхьэгъэнкӀи мэхъу.

– Ащ фэдэ хъун ылъэкӀытэп, Бамбэт.

– Сыда?

– Пантелей къэзыхьыгъэм игъусагъэр Васюринскэм щаӀыгъ.

– Ы-ы? – Бамбэт зэхихыгъэр къэмапэкӀэ къыхэдысагъэми, гыекӀэ хигъэкӀокӀэжьыгъ.– Сыд ар джы нэс къызкӀысэмыӀуагъэр, тиӀоф нахь кӀэкӀ къэпшӀыныгъи...– Зылъакъо уӀэгъэ Шъэуае псыхъо нэпкъым къызэрепшылӀэжьыщтыгъэр, укӀ фаокӀэ ыпашъхьэ илъ гъусэм ыблэбгъу зэреожьыгъагъэр Бамбэт ынэгу къыкӀэуцожьыгъ, ишхъухьэшӀагъэ зыгори химышӀыкӀы фэдэу, къэупчӀагъ: – Хэт шъуӀуа къэзэкъмэ аӀыгъыр?.. ЫцӀэ ошӀа, Къэнтат?

– ЫцӀэ тшӀэтыгъэмэ...– Зэрэщымыгъуазэр ыгу къеоу Къэнтатэ къыӀуагъ.

ЗэрэхъурэмкӀэ, гукӀэ Бамбэт ыӀуагъ, къэзэкъмэ къауӀэгъэгъэ Шъэое бзэджэрылъфым псибл Ӏулъ, джары гукӀэгъуми гугъум ухедзэ язгъаӀорэр, сызеом, ыпсэ сфыӀухыгъэп, джы кӀэсшӀыкӀыжьын фае хъугъэ. Армэ къызэзгъэшӀэн...

Пхъэмбгъу зэхэӀулӀэгъэ плӀэмыешхор нэпкъым къесылӀэ зэхъум, щытхэр зэлъыхьыягъэхэти, ылъэгъурэр игуапэу ариӀуагъ:

– Гъогумафэ шъуежьапщи!

– Шъыд узыфыщытыр, некӀо,– файтон ужым ит Къаймэт Бамбэт фидзыгъ.

– ШъукӀу, шъукӀу,– Бамбэт ыгушъхьэ зэрэшхэу гъумтӀымыгъэ,– тэ шъощ тыфэдэу къэзэкъ благъэ тиӀэп...

Пщы файтоныр нэпкъым техьэфэ, Пашкэ гъогур акӀуфэ, чъыгэе мэзыр къэлъэгъофэ, зэримышэнэу зыгори къэзымыӀоу щысыгъэ Хъан-Джэрые Къэнтат нанэр фыреплъэкӀыгъ, игупшысэ зыфихьыщтыр ымышӀэми, щхыпцӀыгъэ, еупчӀыгъэп. Ежь къытеогъэ гупшысэхэми зэлъаӀыгъэу файтон шъабэр заулэрэ чъагъэу, къыгос шъэожъыер джыри зэ ыгу къэкӀыжьыгъ, ау гукӀэгъу шъхьасыр къытекӀоу джыри ыгъэгумэкӀыгъэп.

Къэмыхъу рапшIээ, мы шъэожъыери, Къэнтатэ ыIуагъ, едж, умыджэгу, едж, умыбзадж, едж, умышъхьах тIозэ, Iоф хэтыдзагъ. Бычи Сисури аIу-амыIоми, ным иIэшIугъэрэ унагъом ифэбагъэрэ акIэрычыгъэу къетэгъахы. Сэри, зыщищыкIагъи зыщимыщыкIагъи, сабыймэ сатеубгъо-гъащэу, мыр шъуитIысыкI, мыр шъуитэджыкI, мыр Iушыгъ, мыр делагъ, мыр адыгагъ, мыр нэпэнчъагъ сIозэ, агу зэпыскIэу зязгъэуджэгъумэ? Сыда мыр джы зэгупшысэрэр? Гупшысэ, сикIал, гупшысэ. Зэщымыщ зэпыгъащ, зэфэмыдэ зэдегъэкIу! Тэри егъашIэм джары тызхэтыр. Тшъхьац фыжьы ешIми, тимышIэ бгъэшIэгъон хегъахъо, нахь Iэхъу-лъэхъоу тегъаплъэ... Ары, сикIал, ары, уятэ ищагу ущыз-гъэджэгуным, уиныбджэгъумэ уахэзгъэтыным ычIыпIэкIэ къэзэкъ шъэожъыемэ уахэсыдзагъ. Ара шъуIуа узэ-гупшысэрэр, хьауми нэмыкIа? Ар сэIо шъхьакIэ, ахэмэ афэмыкIэщыгъуагъэмэ, медрысэр къыхихыни, мыщ еджакIо къэкIоныеп... Сыд шъуIуа сыхьатым къыкIоцI Хъан-Джэрые шъхьэгугъу щыхъугъэр? ЗыгорэкIэ Бам-бэтмэ? Мыхъун зэтIуагъэп, шъхьэкIафэ къытфишIыгъ, тэри фэтшIыжьыгъ, тызгъэгумэкIрэмэ татегущыIагъ... Шыумэ ятэ тхьамыкIэр ыгу къагъэкIыжьыгъэмэ шIэ? Е-о-ой, сикIал, паIо зыщыгъ закъоу къытшъхьащытыгъэр джы тэ къит-хыжьын, ар уишъхьагугъумэ, гугъум уихьэу уигъашIэм къэпхьын.

– А сикIал, а Хъан-Джэрый,– Къэнтат нанэр игумэкIмэ къагъэгузэжъуагъ,– сызэхэоха?

– Шъыд, нан? – Хъан-Джэрые лIы фэдэу, мыгузажъоу, игупшысэмэ къахэужьыгъ.

– ТиIуагъэ непэ дгъэшъыпкъэжьырэп.

– Сидесэхэр армэ, къыпфэсIотэжьын. Ау сызэгупшысэ-тыгъэр ошIа, нан?

– СшIэ сшIоигъу,– теубытагъэ хэлъэу Къэнтат нанэм къыIуагъ.

– Зэхэпхыгъа, Къаймэт некIо зеIом, Бамбэт къы-риIожьыгъэр?

– Шъыд къыриIожьыгъэр? КъыушъхьакIугъа?

– Ар хэти къызэрэгурыIу, нан. «Шъощ тыфэдэу къэ-зэкъ благъэ тиIэп» къыриIожьыгъ.

– Ара, сикIал, узэгупшысэтыгъэр?

– Шапсыгъэ Бамбэт, нан, цIыф дэгъоп,– зыфеупчIыгъэ дэдэр арымырми, зыгъэгумэкIыщтыгъэм иджэуап Хъан-Джэрые къытыжьыгъ, псынкIэуи къыпигъэхъожьыгъ:– Зыпчыхьэ Сисурэ дэжь зесми, непи игущыIакIэ сыгу еIугъэп, ащ фэдэмэ «ыбзэгу IэшIущэ» Мэрчан аталыкъым ареIо. ЕтIани мыщ ымакъэджэ, къэошIэжьа къыосIогъагъэр, Мэрчанэ дэжь гъэщынакIо къэкIогъагъэмэ ахэтыгъэу къысщэхъу...

– А сикIал, а Хъан-Джэрый,– Къэнтатэ къыкIэщтагъ,– а сыпсэм фэд, ухэукъомэ шIэ? ЦIыфым имыхьакъ телъ-хьэгъошIу...

– Къысщэхъу сIуагъэ нахь...

– Ары, ары, Хъан-Джэрый, къыпщэхъу...– Къэнтатэ гуIэ макъэкIэ пщы шъаом дырегъаштэ, етIанэ нахь гущыIэ шъабэкIэ хегъэкIокIэжьы.– Шъыдджэ Iогъу-шIэгъу ащ тыкъиишIын тэ... Гуцафэ фэпшIыгъэми, узщымыгъуазэр пшъхьэ имыгъэлъ... А Хъан-Джэрый, еджэгъу ужым орырэ сэрырэ тшIэтыр ошIа, Матвеев къэзэкъ атаманым, Григо-рий Кондратьевичым тфаригъэубытыгъэ фэтэрым, дэгъу аIуагъ, гимназием пэчыжьэп, теплъыт. Тыгу еIумэ, сикIал, оры, сэры, Сисур, Къаймэт, Хьадж-Къэсэй, пщэрыхьакIори аIоу, файтонри тигъусэжьэу, къэкIорэ тхьэмафэм Екате-ринодар тыкъэкIожьыт.

– Къэппчъыгъэ купыр, нан,– лIыжъ шIыкIэу тIэкIу зыхэ-гупшысэ уж Хъан-Джэрые къыIуагъ,– баIо хъунба, къытэхьылъэкIынба, тызхэсыт къэзэкъмэ шъыд аIон?

– Мылъкур армэ зыфапIорэр, укъэмыщын. ЕгъашIэм тфикъун мылъку тятэжъмэ къытфыщанагъ. Уятэ тхьамы-кIэм къыткIимыугъоягъэмэ, ритэкъуахьыгъэп. Ори ащ Iофы зебгъэшIэу, уиакъыл къызэрихьэу узеригъэгумэкIы-рэр сигуапэ. Ар зы. ЯтIонэрэмджэ, Урысыем ипэчъахь иунашъоджэ, къэзэкъмэ тахэсытми нахь чыжьаIо, Санкт-Пе-тербург нэс тыкIотми, тыфит. Ар угу иубыт, ащджэ уифит-ныгъэ зыми къемыгъэушъхьакIу. Ящэнэрэмджэ хъулъ-фыгъэ ухъумакIуи тищыкIагъ, щынагъо щыIэп, ау къыбгу-рыIо сшIоигъу...– Зыгъапэщтыгъэр зэкIэ Къэнтатэ къы-мыIуагъэми, ыгу жьы дигъэкIыгъ, зытещыныхьэрэр джыри нахь шъабэу къыкIиIотыкIыжьыгъ: – Щынагъо щыIэп, сикIал, ау къыбгурызгъаIо сшIоигъу...

– УмыгумэкI, нан, къызгурыIуагъ.– ЛIы гущыIэ къэ-зышIыгъэ Хъан-Джэрые тIэкIу щысыгъэу, сабый кIэгупшы-

сыхьажьыкӀэ къэупчӀагъ: – Ары шъхьаджэ, нан, чылэр, сян, сшынахьыкӀэхэр, адыгэхэр?.. Егъашӏэм мыщ тыдэсыта?

– А сшӏэгущщэрэп, Хъан-Джэрый...– Къэнтатэ зэмыжэгъэ упчӀэмэ къыкӀагъэщтагъ, ау зыкъиушӀэжьыгъ: – Шъыд пай? Уигъэмэфэ, бжыхьэ, кӀымэфэ, гъэтхэ гъэпсэфыгъо мафэхэм чылэм дгъэзэжьзэ тшӀын...

Бамбэт нибжьи зэмынэгуещтыгъэ къэбар гомыӀоу къылъыӀэсыгъэм хэкӀыпӀэ-кӀэухэу фишӀыщтым егупшысэзэ, ушъхьагъу къыгъоти, зигъусэгъэ шыумэ къахэкӀыжьыгъ. ЫӀужкӀэ къыщыӀугъэ шылъэмакъэм зэригъэплъэкӀыгъ, къылъежьэгъэ Агой Пщымафэ риӀуагъ:

– Непэ орырэ сэрырэ тызэдэхъущтэп, Ныбадж.

– Мы цӀэмкӀэ укъысэмыджэнэу тӀуагъэба, Бамбэт?

– Олахьэ тӀуагъэм, ау къыдэлъэтыгъ.

– Непэ уигъэпсыкӀэ сыгу еӀурэп.

– Сэ сыгу зэмыӀурэ пэпчъ сӀотэнэу хъумэ...

– Сыд сэӀо, къыохъулӀагъэр? СултӀанмэ яныо укъиушхъухьагъа?

– УмышӀэрэм урымыгущыӀ.

– Сызыщымыгъуазэмэ, Бамбэт, шъыпкъэ, сатегущыӀэрэп, ау къыослъэгъулӀэрэм сегъапэ. Зыгорэ сшӀоошъэфы.

– Хъугъэ, Агоир!..– Бамбэт иш зырыригъэтӀагъ, етӀанэ губжыгъэм хэтэу жэдаӀи, зыдыригъэдзыягъ.– Сауж икӀ!..

– Шапсыгъэр, сӀонэп сӀуагъэ шъхьакӀэ,– Агой Пщымафэ къызэтечыгъ,– уитэмэкъ кӀэкӀыгъэ зэ щыгъэтыжь! ЦӀыфыгъэ къыбдызесхьэу сыкъыплъежьагъэмэ, згокӀ пӀомэ, сызыгопфынэу, къытлъыплъэхэрэр къыздэбгъэхьащхэу, сынэнау цӀыкӀу пшӀошӀа!.. Мо Тыгъургъой гъогу зэхэкӀым тынэсмэ, хэт ишыпи зыдигъэзэщтым фит.

Бамбэт къыфэгубжыгъэ шыум шӀукӀи, екӀи зыгори римыӀожьэу иш ыгъэлъэхъугъ. Пщымафи зыкъыщыригъэнагъэп. Заулэрэ чъагъэхэу мэзгъунэ гъогу зэхэкӀыгъом дэжь зынэсхэм, Бамбэт къыӀуагъ: – Угу къысэмыгъабгъ, Пщымаф, чӀыпэ горэм сынэмысы хъущтэп. ТӀэкӀу шӀэмэ, оркӀэ шъэф сиӀэп, къэбарым ущызгъэгъозэжьын.

– Адэ аущтэу Ӏоба, бэйтэмал...– Пщымафи ыгу кӀэжъукӀыжьэу Бамбэт кӀэлъиӀожьыгъ, етӀанэ зишытх мэзым хэкӀодэжьрэм кӀэлъыгъумтӀымыгъ: – Узфэдэ цӀыфыр сымышӀэу къызшӀомыгъэшӀ... Гугъу горэм узэрефэ.

Зикорэшъу къизгъэкӀыжьыным щыщынэрэ цӀыфмэ Шапсыгъэ Бамбэт зэращыщыр ишы тесыкӀэкӀэ къэошӀэми, шъхьэгугъу гумэкӀ зэрэхэфагъэр, шъхьэзэкъо егъэзыпӀэ чӀыпӀэ зэрэлъыхъурэр, Агой Пщымафэ «гугъу горэм узэрефэ» зэрэкӀэлъиӀуагъэу, инепэрэ зекӀуакӀи, игущыӀакӀи, игъэпсыкӀи къыхэщы. Ытэмэпкъмэ, ышъхьэ, ынэпашъо къяорэ чъыг къутамэхэр зэхишӀэрэп, нахь чыжьэ зэрэӀукӀыщтым, къызщамылъэгъущт чӀыпӀэ зерекӀущтым дэгуӀэшъ, ыхьрэм игукъэо-гумэкӀ дырегъаштэ пӀонэу, пшъэр кӀищэикӀмэ шъхьэр ыуфэзэ, тыгъокӀогукӀэ иши хэкӀукӀы.

Нибжьи сызэмыгуцэфэщтыр къысэхъулӀагъ, Бамбэт ыӀуагъ. Мы илъэснықъом ШъэуаекӀэ хэукъоныгъитӀу сшыгъэ. Мыхьамэт-Джэрые къумалым фысиӀэгъэ гухэлъым щызгъэгъозэн фэягъэп. КъызкӀызгъэгъуни, егъашӀэм ымыушъэфы мыхъунэу ыӀашъхьэ лъы закӀэ сшын сӀогъагъэ шъхьакӀэ, сшӀагъэр ымылъэгъугъэми, сишъэф къыхэдаӀуи, «ищагу сыщапӀугъ, ищыгъу-пӀастэ сщыгъупшагъэп, ятэшыпхъури сянэм фэд» ыӀуи, ушъхьагъуишъэкӀэ сӀэкӀэкӀын ылъэкӀыгъ... Ау пщымрэ ежьырырэ пыи зэрэзэфэхъугъэхэр цӀыфмэ къахэнагъ... Пщы укӀэкӀуацӀэр телъэу дунаир езгъэбгынэнэу сыфэягъ, ау къыздэхъугъэп!.. Зэ, Бамбэт, зэ, ащ фэдизэу зымыухыжь, уилъэрыгъыпси зэпычыгъэп, уишылъабжъи пыутыгъэп, уищэрыуагъи кӀосагъэп. Сэра Васюринскэ къэзэкъмэ адэжь нэмысышъущтыр? Паденкэмэ аӀыгъ гъэрыр Шъэуаемэ, ащ ыпсэ зэогъукӀэ щыӀуезгъэхыжьын. Бгъэгум щигъашӀощтыгъэ Сисурэ пшъэшъэжъыцӀэр дунаим щезгъэхьынэп, ары пакӀошъ, непэ файтоным ислъэгъогъитӀури, «сянэм фэд, сшынахьыкӀэм фэд» зыфиӀохэри кӀэлъызгъэкӀожьыных...

Бамбэт ипаӀо чъыг къутамэм зышъхьащеутым, зыкъишӀэжьыгъ, зыригъэлэлэхи, къэмапэкӀэ къыштэжьыгъ. ШъэуаекӀэ фэмыгъэхъугъэ къэмапэм гужъ фыриӀэм фэдэу еплъи, къэмалъэм ридзэжьыгъ.

Зэ, зэ, Шъэуаемэ зыфаӀорэр, Бамбэт заулэрэ кӀуагъэу гукӀэ хэкуукӀыгъ, сыда ИбрахьимэкӀэ ар зыкӀызэджэжьыгъэр!.. Мы Ӏофым сымышӀэ горэ хэхъухьэ. Паденкэ ПантелейкӀэ хэукъохэрэп, ащ ыцӀи, ылъэкъуацӀи сыщыгъуаз, сэры къэзыхьыгъэр, мы сызэрыс онэ шъабэмкӀэ ятӀонэрэ

мафэм сэры зыхъожьыгъэр... Я Пантелей афэсхьыжьынышъ, «ИбрахьимэкIэ» ясхъожьынэу ежь Паденкэхэри Васюринскэ къэзэкъхэри къысэжэх, мыдырэ ныо гъугъэжъми, паIо щыгъыным ычIыпIэкIэ шъхьатехъо зытехъуагъэм, иIоф зыхэмылъмэ ибэлагъэ ахесэ, къыпфэсымышIэн щыIэп еIошъ, лIыкIо-лъыхъокIэ адыгэ шъолъырым сыритIупщхьанэу къэлъаIо... Шъулъыхъу, шъулъыхъу, хъурэм теплъын... Ибрахьим зыIорэм зыгорэ игухэлъ... Ащ ишъыпкъапIэ зэзгъэшIэным ычIыпIэкIэ сыд шъхьэчъэпсачъа непэ сызхэхьагъэр?! – Бамбэт иш жэдаIи, кIэкIэу къыригъэгъэзагъ.

## VII

Нычэпэ Паденкэмэ адэжь къыдэхъухьэгъэ ошIэ-дэмышIэ хъугъэ-шIагъэм нэмыкI щэджэгъопэ хъугъэ-шIагъи Васюринскэ куреным къыщыхъугъ. Апэрэр, Качурэ къэзэкъым ихьэ Борзой ихьатыркIэ Паденкэмэ ядыгэ гъэр псаоу къэнагъ. Ащ икъэбар чылэм хэхьагъу имыфэгъагъэми, IорIуатэкIэ гъунэгъу хьаблэм хэлъыгъ, нэмыкIми яIущтыгъ. Ари, ащ нэмыкI Iофыгъохэри къызщытэджыщт ятIонэрэ хъугъэ-шIагъэм, Матвеев атаманыр Екатеринодар къызэрикIыгъэм пае, Васюринскэ курень къэзэкъхэр къырищэлIагъэх.

Чылэ гъунэм, Пшызэ лъэныкъом нахь пэблагъэу, былым гъэхъупIэм дэжь, цIыфрэ онэшрэ Iуиз. Зырыз-тIурытIоу, куп-купэу чылэм къыдэкIри макIэп. Бзылъфыгъэхэр, цIыкIуми инми, хъулъфыгъэмэ анахь макIэп. Ахэмэ амакъэ тыдэкIи къиIукIэу къыпщэхъу. Хъулъфыгъэмэ япаIохэр шIуцIэх, фыжьых, ашыгухэр плъыжьых, ягъончэджыбгъу дадзэхэм якусэ плъыжьхэри япэIо шыгумэ адештэ. Якъэмалъэхэми, ясэшхуалъэхэми, якIэрэхъолъэ къумпIырхэми, ябгырыпхыхэми ателъ тыжьынхэм зигъо икIотыжьрэ бжыхьэм итыгъэпсхэр мыфэбэ-мычъыIэу атежъыукIых. Онэш зэмышъогъухэми ашъохэр зэпэцIыух, асэкухэмкIэ, акIэхэмкIэ, яшъхьэ IэтыкIэкIэ, атхы ищыгъэхэмкIэ зэтекIых. ЗэрэшIэжьхэми-зэрэмышIэжьхэми, акIуачIэрэ ячъэрыгъэрэ зыдашIэжьэу, кIэщыщыкIых. Бжыхьэ шъоф пкIыжьыгъэр бзылъфыгъэ шъхьатехъо кьолэн зэщымыщмэ, джэнэ зэфэшъхьафмэ пщагъэгъупшэ. Ныомэ, пшъэшъэ зищэгъумэ, къежьэгъакIэмэ анахьи бзылъфыгъэ гурытыр



нахьыб. Зызфэмыхьыжьрэ пщэрмэ анахьи пкъы псыгъо зэкIур къябэкIы. Хъулъфыгъи, бзылъфыгъи яIакъокIэ, язэнэIосакIэкIэ, язэблэгъагъэкIэ зэхэпхъагъэх.

Матвеев атаманри, ащ игодзэ Власоври, урыс пачъыхьэм илIыкIо де-Скаси, Табанец подполковникри, Васюринскэ куреным иатаманэу Качурэ къэзэкъри, ащ иIэпыIэгъу Ткаченкэри, зыныбжьыкIэ ахэмэ анахьыжъ къэзэкъ гъэшIогъэ зыщыплIи ягъусэу, куп шъхьафитэу зэхэтых.

– Къэзэкъ утыгур къызэIух, Иван Хведорович,– къэзэрэугъоигъэхэм амакъэ нахь рэхьатыгъэ фэдэу къызщэхъум, Матвеев атаманым Качурэ риIуагъ.

– Ары, ары, къэзэкъ утыгур къызэIухыгъэн фае,– атаманыр къызэрэфырепльэкIыгъэм пымылъэу, къырымыдзэ фэдэу ежь Власовым иIуи къахилъхьагъ, къыухыжьыгъ: – Сыд пае уахътэр хьаулыеу дгъэкIон, тэ джыри Iофыбэ къытпыщылъ, къызэIух, атаман.

Ежь Iизын гущыIэмэ къакIэлъиIожьыгъэ гущыIэ купмэ Матвеевым гуцэфэ лые зэрэрагъэшIыгъэр де-Скаси дэжькIэ зэрэплъагъэм, гум къыфихьагъэр пачъыхьэм илIыкIо нэплъэгъукIэ зэрэфиIотагъэм къаушыхьатыгъ. ЗидэбжъыкIу шIуцIэ тIыргъо кIырхэр зыжэпкъ еолIэжьрэ де-Скаси зэхихыгъэмрэ ылъэгъугъэмрэ япэгъокIэу, шэны фэхъугъэ шхъонтIашъор зытырилъашъоу гукIэ щхыпцIызэ, зи къызхигъэщыгъэп.

– Тэрэз, Михаил Григорьевич, тэ, къэзэкъхэм мыщ тыщызэхэтыкIэ, адыгэхэр рэхьатыщтэп,– Табанец подполковникым къыIогъэ гущыIэмэ шъхьэр де-Скаси къырагъэпхъотагъ,– тызэпырыкIынышъ кIуапIэ тыкъамышIыжьынэу татеон фае!

– Григорий Кондратьевич, ищыкIагъэп ар...– Матвеев атаманым ыдагъэп, етIанэ нахь пытагъэ хэлъэу еIушъэшъагъ,– сыд пае зыгу плъыгъэ къэзэкъхэр бгъэIэлхэра?

Матвеев атаманым ымыдагъэм нахьи, Табанецым къыIуагъэр пэблагъэхэми, пэчыжьэхэми нахь зэхахыгъ, бырсыр макъэкIэ къадзырэ гущыIэхэмкIэ къыдырагъэштагъ. Ау Качурэ атаманым ыIэ Iэтыгъэ къэзэкъхэр ыгъэрэхьатыгъэх.

– Курень утыгур къызэIух, Хведорович, къызэIух,– къэзэкъ лIыжъ гъэшIуагъэмэ ащыщ горэм къыIуагъ,– адыгэ

Iофыр апэ имыгъэшъ, бжыхьэ Iофмэ татегъэгущыI. Уауж гущыIэ къысэт.

Качурэ курень пчэгум къызехьэм, щытхэр быяугъэх, къариIуагъ:

– Васюринскэ къэзэкъ куреныр, Тхьэм ынэшIукIэ, ишIэ хэлъэу къызэIусэхы. Черномор къэзэкъыдзэм иатаманэу Григорий Кондратьевич Матвеевыр непэ тихьакIэ. Ащ тыгу къыддеIэу тишъхьэкIэфэ шIуфэс етэжъугъэх. Любо, къэзэкъхэр!

– Любо! – Зэдаштэ-зэдамыштэу къэзэкъмэ къызадаIуагъ, бзылъфыгъэ мэкъэ псыгъо зырызхэри чIыпIэ зэфэшъхьафмэ къащыхэIукIыгъ, шъэожъыехэми пшъэшъэжъые зэе-тIуаехэми ятэ-янэмэ ауж зыкъырагъэнагъэп.

– Непэ къэзэкъ пчэгум тыкъызыфызэрэугъоигъэр IофыгъуитIу,– Качурэ игущыIэ къыпидзэжьыгъ.– Апэрэр тибжыхьэ Iофыгъохэр, ятIонэрэр тикъэзэкъ-адыгэ зэфыщытыкIэхэр ары. Апэрэ бжыхьэ Iофыгъохэмкlэ къасIо сшIоигъор...

– Зэ, Хведорович, зэ,– къэзэкъ лIыжъ горэм бэщыпэр зышъхьэщигъэсысыхьэзэ, зыхэтмэ къахэкIыгъ,– тапашъхьэ къипхьэрэ Iофыгъомэ упчIэ афысиI!

Къэзэкъ лIыжъым еплъыкIэ-фыщытыкIэу фыряIэм елъытыгъэу щытмэ ащыщхэр зэрэгъэщхыщтыгъэх, къецIацIэри, сэмэркъэу къыдэзышIхэри мэкIагъэп, зибэщыпэ зыгъэсысыщтыгъэ лIыжъыр, зышIомыдэеу, Черномор къэзэкъыдзэ атаманым, пачъыхьэм илIыкIо, къэзэкъ генералым, нэмыкI къэзэкъмэ, Васюринскэм дэсхэми, мафэ къэси ынэгу кIэтхэм зызэраригъэлъэгъущтыр шIодаушэу, Матвеев атаманым ыпэшъхьэ дэдэ, бгъукIи тIэкIу фыщытэу къыихьагъ, мыгузэжъуахэу ибэщ пакIэ ыжэпкъ кIигъэуцуагъ.

– СыкъэдаIо, Бардадымыч, сыкъэдаIо,– зыкъыригъэшIэжьы шIоигъоу Качурэ курень атаманыр лIыжъым къеджагъ.

– УкъысэдэIун адэ Iизын къысэптыгъэмэ,– джы къыримыдзашъоу, бгъукIэ зыфигъэзэжьэу Качурэм фидзыжьыгъ,– мары, ощ нахь лIыIохэри, Григорий Кондратьевич Черномор къэзэкъыдзэ атаманри апэ зэритыжьэу, къысэдэIух сэ. Сэрба, Шугайло Никихфор Бардадымычба, Тимохфей Котляревскэ Черномор дзэ къэзэкъ атаманым, Бурсак Хведор Яковлевич Черномор къэзэкъ атаманым дэзэуагъэр! Сэрымырмэ, мы Никихфор Бардадымычмэ, хэта тырку лъэпэбыхъумэ Анапэ дэжь щязэуагъэр, пчыпэ зао щауIагъэр!

– Бардадымыч! – Анахь къэзэкъ кIэлаIомэ ащыщ горэ къекуо.– Тыда, убгъэгуа, ппхэкIа тырку пчыпэр къызхаIугъэр?!

– Цыц, укIытэнчъ! – Шугайло Никифор псынкIэу зыкъызэрегъэзэкIышъ, дысы гущыIэр къыздиIукIыгъэмкIэ бэщыпэр егъэсысы.– Заор, уихэгъэгу пыим къызщыуухъумэрэ чIыпIэр, кIэнэкIалъэп. Сыушъэфырэп, тикъэзэкъ пчыпэ тилIыгъэ Iаджри рытыушэтыгъ, пый пчыпэми Iаджри тыкъырифыжьагъ. СиуIагъэхэр плъэгъу пшIоигъомэ, курень хьамамэм неущ къыздакIу. Сыбгъэгуи, скIыби, спхэкIи плъэгъун, стелъ уIагъэмэ къысфэбдзыгъэр джынэкъэуж къыуагъэIожьынэп!..

– Никихфор Бардадымыч,– Качурэ атаманым джы ыгу нахь шъабэ хъоу къыIуагъ,– упчIэ къысфыуиIагъ, сыкъэдаIо.

– СиIагъ...– ГущыIэ дысыр къызфадзыгъэгъэ Шугайло ыгу жьы дигъэкIыгъэу, игукъэкIыжьмэ къауIэжьыгъэу къэзэкъ пчэгу мэкъэнчъэм тIэкIурэ ити, къыухыжьыгъ: – СиIагъ, ау джы сиIэжьэп...– Пчэгум икIыжьзэ цIыфмэ захэхьажьым, зыкъызэригъэзэкIи, зыгъэгумэкIырэр къариIуагъ: – Нахьыжъ-нахьыкI шъхьэкIэфэнығъэм, хэти ихэгъэгу пашъхьэ щишIагъэм ифэшъуашэу, непэ мыщ тыщытегущыIагъэмэ дэигъэп.

– Тэрэз, Бардадымыч, тэрэз,– зыхэхьажьыгъэ къэзэкъхэми, нэмыкI чIыпIэ щытхэми къыдырагъэштагъ: – Никихфор шъыпкъэ къеIо, тэ уасэ зыфэтымышIыжьмэ, зыми уасэ къытфишIыщтэп,– нэмыкI лъэныкъомкIи къыщыхэкуукIыгъэх.

Зыуи арэп Iофыр къызэрэзэIэбгъэхьан плъэкIыщтыр, Власов генералым гукIэ ыIуагъ, Шугайло лIыжъым, сыгу къигущыIыкIынэу дэгъоу къыригъэжьэгъагъ. Бжыхьэ IофхэмкIэ къядэон ихьисапыгъ. Бжыхьэ Iофэп тэ мыщ тыкъызыфащагъэр, адыгэмэ тикъэзэкъхэм къарашIылIэрэ мыхъо-мышIагъэмэ афэгъэхьыгъ. Бжыхьэ Iофхэмрэ къэблэгъэрэ кIымафэмрэ къатегущыIэрэ Качурэ ар игухэлъыгъэп. Матвеев бэджэ тхьагъэпцIыжьым идырещэкI Iушъэшъэ шъэф, сшIэ-сымышIэми, къыхьыгъэр къыфэухырэп. Хэти ихатэ зэриукъэбзырэр-зэримыукъэбзырэр, ичIыгу ыжъуагъа-ымыжъуагъа, бжыхьасэм ыуж ихьащт-

мэ-имыхьащтмэ, гъэстыныпхъэ ыухьазырыгъэмэ-ымыухьазырыгъэмэ тэ тиӀоф ахэлъэп... Зэхэоха джы зыуж ихьагъэр? Аркъ гъэжъоным егъапэ. Аркъ амыгъажъоу, емышъохэу къэзэкъхэр пфыщыӀэщтха? СшӀогъэшӀэгъон Васюринскэ къэзэкъмэ яшъырытыгъэ, къызэрэжэдэмыохэрэр?.. Урам гъэкъэбзэным нэсыгъ джы. Урам етӀэпсымэ къохэр зэрахэлъхэри ыдэрэп, шъуищагу ӀыгъыпӀэмэ адэжъугъэт, шъуихэтэ чэухэри къэшъушӀыхьэх, шъуипчъэӀупэхэри жъугъэкъабзэх еӀо.

— Сыдэу бэ сэӀо мыщ къыжэдэкӀрэр...— Власовыр Табанецым еӀушъэшъагъ.

— Илъэс псаум амышӀагъэр къэзэкъмэ аригъэшӀэжьын имурад,— Табанецми риӀожьыгъ.

Васюринскэ къэзэкъмэ ямышэныгъэу, Власов генералыр джыри гукӀэ мэцӀацӀэ, сыдэу шэнышӀо ехъулӀагъэх мыщ! ЗэрэхъурэмкӀэ, ариӀорэр зэкӀэ ядагъу... Ащыгъум, мы курень атаман гущыӀэрыер япащэу ефыжьагъэкӀэ тадэжь къэчъэгъагъэх, къэзэкъмэ къаӀофытэгъагъэу аӀогъагъ. КъэзгъэкӀуагъэхэми къэкӀуагъэхэми ятхьамыкӀэгъо Ӏоф шӀэхэу ащыгъупшэжьыгъ. ЛӀыгъэ къызхигъафэу, къэзэкъмэ ащыщ горэ къызэрэжэдэмыӀэрэр!.. Тэ щыӀа адыгэмэ тхьамыкӀагъо къызэрахыгъэ Паденкэ къэзэкъри? Ишъао гум ринэжьыгъа? Муары, зиушъэфыгъэу щыт... Модэ еплъэлъ зэ, де-Скаси дунаир фикъужьрэп. Адыгэмэ ягугъу ӀаекӀэ къэмышӀ закъори, узыфаем тегущыӀ, къедэӀущт. Шугайло лӀыжъым дэгъоу къыригъэжьэгъагъ сӀуагъэ шъхьакӀэ, мышъомыл гущыӀэхэр, модыкӀи-мыдыкӀи щымыщэу, къырилъэшъуажьи, къэзэкъмэ къаӀощтыр къаригъэӀуагъэп. Нахьыжъ-нахьыкӀэм зыригъэгъэпэн нахьи, иунэ исыгъэмэ нахьышӀугъ.

Качурэ курень атаманым ыуж къэзэкъыщ къэгущыӀагъ. Апэрэм къыӀуагъэр къыкӀамыӀотыкӀыжьыгъэмэ, кӀэ къыхагъэхъуагъэп. Ау къэгущыӀагъэ пэпчъ, Ӏэдэб къызхагъафэу, щытхэр едэӀугъэх. Матвеевыр апэрэ ӀофыгъомкӀэ къэмыгущыӀагъэми хъущтыгъэ, ау зэкӀэ черномор къэзэкъмэ уряпащэу, Екатеринодар укъикӀыгъэу, къыгот Власовым егуау нэмыӀэми, иӀо ахимылъхьаныр къыригъэкӀугъэп. Бжыхьэ-кӀымэфэ Ӏофыгъомэ, къэзэкъ щыӀэкӀэ-зэхэтыкӀэм къатегущыӀэ ыӀозэ, дзэ Ӏофыгъом, адыгэ-къэзэкъ зэфыщытыкӀэм хэхьагъ.

— Сигуапэ,— гущыӀэ пэублэ заулэмэ ауж Григорий Кондратьевичым ыӀуагъ,— Васюринскэ куреным шъырытыгъэ-щэӀагъэ къызэрэзыхагъафэрэр. Тэ мы куреным икъэзэкъмэ тицыхьэ ренэу ателъыгъ, джыри ателъыщт. ЛӀэшӀэгъу плӀанэм къехъугъэшъ мы лъэныкъом урысые пачъыхьэм тыкъызигъэкӀуагъэр, къытфигъэуцугъэ пшъэрылъыр щытхъу хэлъэу тэгъэцакӀэ. Къэзэкъыдзэм ухэтыныр, уихэгъэгу гъунапкъэ къэбгъэгъунэныр, уибын-унагъуи, уихэтэ-губгъо Ӏофхэри дэпӀыгъыжьынхэр ӀэшӀэхэп. ЕтӀани узпэӀулъ гъунэгъумэ уамыгъэгупсэфы хъумэ, зэкӀэми анахь къиныжь. Шъыпкъэ, сыушъэфырэп,— Матвеевыр Власовымрэ Табанецымрэ зыдэщыт лъэныкъомкӀэ ремыплъэкӀын ылъэкӀыгъэп,— адыгэмэ тагъэгупсэфырэп, Пшызэ къызэпырэкӀых, чэщтео къыташӀылӀэ, тибылымхэр рафых, тицӀыфхэр ращых...

— Тэри ӀашэкӀэ, лӀыгъэкӀэ тыцакоп,— къэзэкъмэ ащыщ горэ къыхэкууӀкыгъ,— бгъэкӀэ тышъумыӀыгъ, адыгэмэ къыташӀэрэр ячӀыгу щятэжъугъэшӀэжь!

— Ары, ары, къапӀорэм, къэзэкъ, шъыпкъэ хэмылъэу щытэп,— къыфадзыгъэм губжыгъэ пимыгъодзыжьэу Матвеевым игущыӀэ педзэжьы,— ащ фэдэхэр къызыщытфыхэкӀырэр макӀэп. Мары, Паденкэ Савелий Петровичым итхьамыкӀагъо шъори тэри тыщыгъуаз. Ишъао иӀоф зетэфэ, псаоу дунаим тетыхэмэ, сыд уасэ къыпагъэуцугъэми къыфэтщэжьыщт.

— Пантелей тхьамыкӀэр мыпсаужьмэ?!

Ащ нэмыкӀ къэзэкъ гори къыпэджэжьыгъ:

— Иадыгэ гъэр зэхэтыупкӀэтэщт!..

— ЛъышӀэжьым тынэшъумыгъэс,— Матвеев атаманым ымакъэ зы гумэкӀыгъо къыхэмыщэу джэуап къытыжьыгъ,— тэ, къэзэкъмэ, егъашӀэм лӀышӀэжь тхэлъыгъэп. Пыир тэркӀэ пыи, гъунэгъур — гъунэгъу. Тикъэзэкъ щыӀакӀэ джы нэс ымыштагъэр гужъкӀэ тштэмэ, тинахьыжъ щымыӀэжьхэми ягунахь къэтхьын, тинепэрэ нахьыжъ гъэшӀогъэ Ӏушхэми ар къытфадэнэп. Ащыгъум, ар тибыракъ чӀэгъ чӀэтыубытэмэ, зэпыщыт лъэныкъуитӀуми тызэрэукӀыжьыпэн. Ау тэри адыгэхэми цӀыф дэй, тыгъокӀо-хъункӀакӀо тхэмытэу сӀорэп. ЦӀыф дэй нахь, лъэпкъ дэй щыӀэп! Ар зытщыгъупшэкӀэ, дэир хьазыр, ащ пащэ зыкъытфишӀыщт. Мыр сэрэп, Черномор къэзэкъыдзэ атаман Матвеевыр арэп къэзыугупшысыгъэр, типачъыхьэ лъапӀэу Тхьэм пащэ къытфишӀыгъэм иӀизын дгъэцакӀэрэр. Джа Ӏизыныр ыгъэцэкӀэнэу де-Скаси талъэныкъо Ӏофы зыригъэшӀэу къыгъэкӀуагъ.

Де-Скаси иIофшIагъэхэр зымыдэхэри къытхэт, ау сыдэущтэу пачъыхьэм иIо ублэкIын, ащ иIофшIакIи тинэрылъэгъу. Хъожь щагухэр тичIыпIэ зэфэшъхьафмэ къащызэIуихыгъэх. Узэпыин нахьи, щэн-щэф IофкIэ узэхахьэмэ нахьышIу. Тэ, къэзэкъмэ, тищыкIагъэхэр адыгэ лъэныкъом къекIых, адыгэмэ ящыкIагъэхэр талъэныкъуи щыIэх. Ащ нэмыкIэу, адыгэ-къэзэкъ унэгъо къонакъыгъэмэ яIоф зэрефэ. Ащ фэдэмэ тазфагу мамыр къыдалъхьэ, нахь тызэхащэ, тызэхащыжьы, гъунэгъу зэфыщытыкIэ дэгъумэ тарагъэгупшысэ. Зао нахьи, пчыпэ зэхэпыджэ-зэрэлI нахьи, тазфагу зэгурыIо дэлъмэ нахьышIу, щэIагъэрэ Iушыгъэрэ къызхэжъугъэфэнэу си Черномор къэзэкъыдзэ атаманыгъэ ыцIэкIэ сышъоджэ. Джар къышъосIонэу, сышъоушъыинэу, шъуигушъэбагъэрэ шъуипытагъэрэ джыри зэ шъуахэзгъэгупшысыхьажьынэу ары, къэзэкъ утыгу, шъуадэжь сыкъызфэшэсыгъэр. О уищэIагъи, уицIыфыгъи, уизэхэшIыкIи, Савелий Петрович, непэрэ лыгъэ дзынымкIэ мэхьанэ иI, зыфэсакъыжь, къыоIуушъашъэрэм пэпчъ ытамэ пшъхьэ темылъхь. Мы къэзэкъ пчэгум ыпашъхьэ пкъо къэдгъотыжьынкIэ, адыгэмэ гъэрым укI зэрэтырамышIыхьэрэм сыщыгъуаз, гущыIэ къыосэты.

Матвеев атаманыр къэгущыIэфэ къыIорэм щыщ Власов генералым пкъырымыхьэу, гур къыфижъэжъыкIэу щытыгъ. Мыщ ыуж укъэгущыIэжькIэ шIуагъэ иIэжьэп, къэзэрэугъоигъэр зэкIэ адыгэхэмкIи нэмыкI IофхэмкIи ыгъэдэIуагъэх, атхьакIумэхэр ыкудагъэх ыIозэ, Власовыр мыгузажъоу, зышIомыдэеу, шыукъамыщ уплIэкIагъэр ыIэмычIэу пчэгум къиуцуи, къыIуагъ:

— Сэ бэ къэсIощтэп, Григорий Кондратьевичым ыуж сыкъэмыгущыIагъэми хъущтыгъэ. Къэзэкъ атаманым къыIуагъэмэ шъыпкъабэ ахэлъ, ау зызакъокIэ дезгъаштэрэпышъ, тинахьыжъ ыгу къысерэмыгъабгъ. Тэ, Черномор къэзэкъхэмкIэ, типачъыхьэ къытфигъэуцугъэ пшъэрылъыр тэгъэцакIэ, Ставрополь, Прочноокоп, Усть-Лаба, Васюринск, Екатеринодар, Тамань щыкIэкIыжьэу верст мин фэдиз хъурэ урысые гъунапкъэр къэтэухъумэ. АщкIэ тикъэзэкъхэр псэемыблэжьых. Ау, къысфэгъэгъу, Григорий Кондратьевич, тикъэзэкъ мамырмэ джа узэIэсэкIырэ адыгэмэ къарашIэрэр сшIошъхьакIу. Чэщ къытэкIурэп хъунIэкIо купхэр къыттемыохэу. КъытэкIущтха-къыттебэнэщтха тэIошъ, тапэIус. Де-Скаси зиусхьаныр къызфагъэкIуагъэмкIэ Iофынчъэп сIорэп, ащи тефэрэ горэ ешIэ. Ау адыгэхэмкIэ тиIоф зытет шъыпкъэм типачъыхьэ тэрэзэу щимыгъэгъуазэу къысщэхъу. Къышъуаорэм шъуемыIожь, шъупсэ къеIэрэм ыпсэ шъуемыIэжь типачъыхьэ ыIуагъэп, нибжьи ыIощтэп. Икъун тIэ зэтелъэу тызэрэщысыгъэр, Бурсак атаманым илъэхъан шъугу къэжъугъэкIыжь, къэзэкъхэр! КъытфызэпырыкIырэ хъункIэкIо купхэр Пшызэ зэпырифыжьмэ ячылэмэ адигъэзыхьажьмэ, тыригъэстыкIхэмэ, талъэныкъокIэ къэплъэнхэкIэ щынэхэу ыгъэбыяугъагъэх. Арынчъэу тагъэпсэущтэп ахэмэ!.. Сыгу илъыр, сызгъэгумэкIырэр, шъхьэихыгъэу къэсIуагъэмэ, курень утыгум емыкIу къысферэмышI...— ЫIэ джабгъу ыбгъэ сэмэгу телъэу Власов генералым шъхьэщэ макIэ къышIи, зэкIэкIожьыгъ.

Адыгэ IофымкIэ Власоври Табанецри зэрэгугъагъэхэу курень пчэгум къычIэкIыгъэп. Къэзэкъ генералым ыуж нэбгырэ заули къэгущыIагъ. Iофым щыщэу зыр ары Власовым къыдезгъэштагъэр. ХьакIэм ыгу зэрэхимыгъэкIыщтым ари пылъыгъ нахь, генералыр зыгъэгумэкIыщтыгъэ адыгэ Iофым гущыIэ хадзэкIэ тегущыIыкIыгъ. Адырэмэ якъэгущыIакIэ, зэрэгъэуIушыжьыгъэх пIонэу, Матвеев атаманым игущыIэ тегъэпсыкIыгъагъ. Паденкэм ихьылъэ зэрэфагъэпсынкIэщтым, ыгу зэрагъэушъэбыщтым, ыкъо зэрэпсаумкIэ ишIошъхъуныгъэ зэрэIэкIамыгъэзыщтым хэти пылъыгъ. Матвеев атаманым шъыпкъагъэ зэрэхэлъыри, ыIорэмкIэ теубытагъэ зэриIэри къыхагъэфагъ. Де-Скаси ылъэкъуацIэ нахьыбэм къафэмыIошъущтыгъэми, ащ ыцIи къырамыIон алъэкIыгъэп.

Джыри Матвеев тхьагъэпцIыжъыр къыстекIуагъ, Власовым ыIуагъ. Зэ Ермоловым, Алексей Петровичым, зыфиIогъэ тхылъыр мыщ истол къуапэ теслъэгъогъагъэмэ, нэмыкI сыфэягъэп. ЕтIанэ фэшъхьаф гущыIэ зэфэтшIыщтыгъэ... Сыгу емыIурэр, адырэ мафэхэм афэдэу, джыри къызхэзгъэщынэп, ушъхьагъу горэ къэгъотыгъэу тызэбгъодэкIыжьыгъэмэ дэгъугъэ, яIани сыдыпэтIысхьанэуи сыфаеп. Аркъ жъогъэ тIэкIу горэ къызытIуфэкIэ, гум илъыр бзэгум къыIотэщт. Ежь ыпэ, сыныбжькIи ситэмэтелъкIи сынахьыкI, секIолIэн, къыIорэм, зызэришIырэм сеплъын.

— Къэзэкъ пчэгур мамырэу кIуагъэ, Григорий Кондратьевич,— атаманым риIуагъ.

– Къэзэкъмэ хьалбалыкъ ахэлъ зыIорэмэ,– Матвеев атаманыр нэгу хъурэе шъуашIокIэ шъабэу IущхыпцыкIыгъ,– сырягъусэп, Михаил Григорьевич…– ЕтIанэ тхьагъэпцIышъо-сэмэркъэушъокIэ псынкIэу къыухыжьыгъ: – Ау ар о пшъхьэ фэмыхьыжь. Табанецым фэдэмэ ателъхь. Сыд етIанэ непэкIэ шъуигухэлъ?

– О къызэрэпIу, Григорий Кондратьевич,– Власовым зэригъэжагъэп,– тыкъызэдэкIуагъ, тызэдэкIожьын. Ау, тыптIупщыжьмэ, къэзэкъ гъозэрыплъэхэр Пшызэ Iушъо щытыуплъэкIухэзэ, Екатеринодар текIужьын. КъызэрэпIу, Григорий Кондратьевич.

– Къэзэкъ Iофыр зэкIэми апшъ, Михайло Григорьевич,– зэритIупщыжьыщтыр ежьмэ апкъ къызэрикIрэр Матвеевым игопагъ,– гъозэрыплъэмэ якъэбар неущ сащыжъугъэгъозэн. Тэри Васюринскэм бэрэ тыдэтыжьыщтэп, моу чIыпIэ горэм тыкъокIынышъ, гъогу тытехьажьыщт,– Паденкэм игъэр зызэрэIуигъэкIэщтым шъхьащыгущыIыкIыгъ, сэмэркъэукIи тырицIэлэжьыгъ: – Мы тызихьакIэмэ къеблагъ яIэнба? Нэфшъагъом Екатеринодар тыкъызэрэдэкIыгъ, шъори шъунэкIэу гъогу шъутырагъэхьажьынэпщтын, сыд пIорэ, Иван Хведорович?

– Тхьашъуегъэпсэу,– Власов генералыр къэгузэжъуагъ,– тэ зекIо гъогумэ тясэжьыгъ, гъозэрыплъэ чIыпIэ горэм щэджэгъуашхэ щытшIын…

Матвеевымрэ де-Скасирэ язакъоу къызызэкIэрэнэжьхэм, атаманым къыIуагъ:

– Щэджэгъуашхэ тышъущэным ыпэкIэ адыгэ гъэрыр зэзгъэлъэгъу сшIоигъу.

– Ар чыжьэп, Григорий Кондратьевич,– Качурэм джэуап къытыжьыгъ,– щэджэгъуашхэр тэзгъэшIыщт Савелий Петровичым ищагу щаIыгъ.

– Ара? Ащ тиIоф нахь псынкIэ къышIыгъ,– Матвеев атаманым, шэсызэ, къыIуагъ: – Къэзэкъ бащэ, тиухъумакIохэри ары, тауж къиихьанэу ищыкIагъэп.

Къэзэкъ шыухэр Паденкэмэ адэжь зыщепсыхыщтым Анфисэ къапэгъочъыгъ:

– Атаман, сыолъэIу, Ибрахьимэ цIыф дэгъу…

– Анфиска, цыц,– ятэ Качурэм фидагъэп,– сыд къыохъулIагъэр, IукI!.. Мыр, Григорий Кондратьевич, сэ сипшъэшъэжъый, адыгэ гъэрым есагъ, емыкIу фэмышI, ыгу фэузы…

– Сыд пае, Иван Хведорович, пшъэшъэжъыем емыкIу фэсшIын, гукIэгъу хэлъ. Тхьэуегъэпсэу, Анфиса, насыпышIо охъу. КъызгурыIуагъ къысапIо пшIоигъуагъэр…– Паденкэр къакъырыпчъэм ечъэлIагъэу IункIыбзэ къэбыр Iуихэу зелъэгъум, игъэр къызэрэфырищыщтым гу лъитагъэти, еджагъ: – Савелий Петрович, мыщ дэжьэп, унэм къишъущ, цIыфыгъэ етэжъугъэх.

Бэрэ памыгъэлъэу пчъэIушъхьэмкIэ къыщыIугъэ пшъэхъу макъэр зызэхехым, гъэрыр къызэращэрэр Матвеевым къыгурыIуагъ, лъахъэр зэрэтырамыхыгъэр ыгу къызэреорэр нэкIэ де-Скаси ригъэшIагъ.

Зэгорэм зэрэпытагъэр итеплъэкIэ къырыпшIэу, лIы жэкIэ-пэкIэ шъхьац зэхэкIыхьэгъэ мыцIыкIу-мылъагэр пчъаблэм къыдащыгъ, нэ шIуцIэ чанкIэ ыпашъхьэ рилъэгъуагъэхэр къызэпиплъыхьагъэх, къыпыщылъым щымыгъозагъэми, ыгу рэхьатыжьэу ригъэжьагъ.

– ПхъэнтIэкIу къыфэшъухь,– Матвеевым къыIуагъ, пхъэнтIэкIу пакIэм тетIысхьагъэм етIанэ еупчIыгъ: – Сыд пцIэр?

– Ибрахьим.

– ПлъэкъуацIэр?

– Бэрэкъэт,– ари джыдэдэ Шъэуае къыугупшысыгъ.

– Хэтмэ уащыщ, убжъэдыгъуа, ушапсыгъа, унэтыхъуая?

– Сыабдзах,– нахь чыжьаIоу Пшызэ Iушъо IукIыгъ.

Ащ фэдэ лIакъо адыгэмэ зэряIэр зэришIэрэр къыригъэкIэу, дыригъаштэу де-Скаси шъхьэр ыгъэсысыгъ.

– Хэта уигъусагъэр? Паденкэм яшъао зыхьыгъэр? УзыукIын зихьисапыгъэр? – ПсынкIэу, жьыщэгъу римыгъафэу Матвеев атаманыр къэупчIагъ.

– Нычэпэ къысэкIугъагъэр ары,– Шъэуае ынэхэр къилыдыкIыгъэх, сиукIыжьын игухэлъыгъ… Шапсыгъэ Бамбэт!..

– Паденкэ Пантелей псауна?

– Псау.

– Тэ щыпшIэра?

– Адыгэмэ гъэрыр аукIырэп.

– Ащ тыщыгъуаз,– Матвеев къэзэкъыдзэ атаманым непэ курень утыгум къыщиIуагъэр къызэриушыхьатыгъэр

игопагъ, етӀанэ мыщ фэдизэу къызфиухьэщтыгъэмкӀэ шъхьэихыгъэу еупчӀыгъ: – Паденкэ къэзэкъмэ цыхьэ къыпфашӀэу уатӀупщыжьымэ, яшъао къафэбгъотыжьына?

– СӀэшъхьитӀукӀэ къафэсхьыжьын! – Шъэуае игукъэкӀыжь хьылъэмэ хагъэгурымыкӀыгъ, ышӀэщтыри ыушъэфыгъэп: – СызыукӀын зихьисапыгъэри дунаим тезгъэтынэп!

– Мы лӀым сицыхьэ телъ,– заулэрэ щысыгъэу Григорий Кондратьевичым къыӀуагъ,– шъутӀупщыжь, Пантелей къышъуфищэжьыщт...

Пчыхьэпэзэхэогъумэ адэжь, хьакӀэхэр гъогу зытехьажьыгъэхэм ыуж, Паденкэмрэ Качурэрэ Шъэуае къакъырым къыращыгъ, гъучӀ пшъэхъур ылъакъо тырахи, раӀуагъ:

– НекӀо, псым уитщыжьыщт.

Лъахъэр зытырахыжьыгъэ лъэкъо дыигъэмэ ицыхьэ атемылъэу Шъэуае пчъаблэр ӀитӀукӀэ ыубытыгъ, къяплъыгъ.

– Шъхьафит усэшӀыжьы,– Паденкэ Савелий къыриӀуагъ, къеушъыигъ,– лъэбэкъу заулэкӀэ плъакъомэ зыкъашӀэжьыщт.

– НекӀо, Ибрахьим, некӀо,– Качурэ Ивани къыреӀо, тырегъэгушӀухьэ,– къуашъори псыхъом къыщыожэ.

Шъэуае джы зэрэшъхьафитыр къыгурыӀоу лъэбэкъу ыдзыгъ, ылъакъохэри къедэӀугъэх. Къэлапчъэм зыдэкӀым, къызэтеуцуагъ, къялъэӀугъ:

– Анфисэ къысфашъущ.

– Сыда Анфискэ зэрэуищыкӀагъэр? – Зэхихыгъэр зыфихьыщтыр ымышӀэу Качурэ къэзэкъыр къэупчӀагъ.

– Сэлам есымыхыжьмэ, сэри, шъори ыгу къытэбгъэщт... А зыр къысфэшъушӀэжь.

– Зэхэсхырэр гъэшӀэгъоны...– Иван Федоровичыр гъумтӀымыгъэ, зыхэфэгъэ Ӏофыр къыгурымыӀоу, Паденкэ Савелий фыреплъэкӀыгъ, къыхэгубжыкӀыгъ: – ПчъэӀушъхьэм къытезгъэкӀыщтэп!

– Сезэгъы...

– Анфиска! – Иван Федоровичыр унэмкӀэ джагъэ.– КъикӀ унэм!

Зэреджэщтхэм ежэщтыгъэ пӀонэу, Анфискэ унэм къилъэтыгъ, яти пшъэшъэжьыем фигъэпытагъ.



– ПчъэӀушъхьэм укъемых! – ЕтӀанэ Шъэуае риӀуагъ: – Ехыжь джы уисэлам...

– Анфиска! – Шъэуае джагъэ.– ХъяркӀэ, тхьауегъэпсэу... СэкӀожьы сэ... СатӀупщыжьыгъ...

– Ибрахьим!..– Анфискэ къыхэкуукӀи, пчъэӀушъхьэм къечъэхыгъ, ятэ риутыщтым фэдэу блэчъи, Шъэуае зыжэхидзагъ.

Пшъэшъэжъые къежьэгъакӀэм икӀэзэзыкӀэ Шъэуае зызэхешӀэм, зыкӀэрищэикӀыгъ. Ардэдэм Качурэ Ивани ыпхъу текууагъ:

– Анфиска! Нэпэнчъ! Унэм джыдэдэм ихьажь!..

Пшызэ къуашъокӀэ зэпыращыжьи Шъэуае затӀупщыжьым, Качурэ къэзэкъым кӀэлъиӀожьыгъ:

– Адыгэр, сызэхэоха? Джынэкъэуж плъапэ мы псым къибдзыгъэу сэмыгъэлъэгъужь!..

Паденкэ гъунэгъум зэхихыгъэм шъхьэр къыригъэпхъотагъ, шъхьэихыгъэ джэуап дыс фидзыжьынкӀэ зэришӀыщтыри ымышӀэу гукӀэ хигъэкуукӀыгъ: ащыгъум ти Пантелей хэт къытфищэжьыщт!..

## VIII

Чэщым Паденкэм икъакъыр зэтешӀыхьагъэ Бамбэт укӀакӀо кӀуагъэу Борзой къызызэхецунтхъэм, сыгу-сыбгъэ ыӀозэ Пшызэ къызэпырыкӀыжьи, шыр зыхипхэгъэ чӀыпӀэр ерагъэу къыгъотыжьыгъагъ.

Хьэм къызэхишхыхьэгъэ пхэкӀым Ӏэзэгъу фэхъущт уцым Бамбэт бэрэ лъыхъугъэп, ау игъэхъужьын тхьэмафэ псаурэ пылъыгъ. Инасыпти, адыгэ онэ шъхьантэр шъэбагъэ – пхэкӀ кӀэлъэныкъо ӀэтыгъэкӀэ ШапсыгъэкӀэ зимыгъэзэжьэу, ПшызапшъэкӀэ дэкӀуаезэ, Хьатикъуае зынэсым, зипчыхьэшъхьэпэ онджэкъ Ӏугъо къырихрэ унагъом ихьакӀэщыпчъэ Ӏухьагъ. Чэщ гупсэф зыщырехым, «тхьэшъуегъэпсэушхокӀэ» шэсыжьи, АдэмыекӀэ зигъэзагъ. Мэфэ-чэщ уахътэр ащи зыщегъакӀом, Пщыкъуйхьаблэ блэкӀотырэ мэзымкӀэ Бжъэдыгъу ихьажьыгъ, исэмэгукӀэ плъэмэ, чыжьэкӀэ шапсыгъэ къушъхьэхэр къэлъагъох, иджабгъукӀэ – шы илъыгъо зыщыплӀыкӀэ унэсынэу Васюринскэ къэзэкъ чылэри Пшызэ нэпкъ лъагэм къытещы.

Васюринскэ лъэныкъомкӀэ Бамбэт плъагъэ, ыгуи къыпиӀонтӀыкӀыгъ, чэщтео зэришӀылӀэгъэгъэ Шъэуае ыгу фэгъукӀэ арэп, къехъулӀагъэр шӀошъхьэкӀуагъ.

Хьэм бырсыр къысимышӀылӀэгъагъэмэ, гукӀэ зэушъыижьыгъ, зэдысыжьыгъ, къакъырышъхьэ уарзэр пхырысты-хъунти, сихьащтыгъэ... Джы сикъамэ, нахьыпэрэм фэмыдэу, ытыкъын рызгъэчъэщтыгъэ!.. А-янасын, сыдэу а хьэр бзаджэу къычӀэкӀи!.. Лы такъырэу фэсыдзыгъэр зыӀуигъэфагъэп, къэмэ къипхъотыгъо сыримыгъафэу зыкъысидзыгъ... А хьэм джы есшӀэщтыр сэшӀэ, чэщ горэм Ӏуезгъэхынышъ, къыкӀэлъыкӀорэ теогъум Ӏусхыщтыр Шъэуае ыпсэщт... Армырмэ, гъусэм есшӀагъэр адыгэмэ къысфадэщтэп...

Шапсыгъэ Бамбэт джыри зы зыфэягъэр, унэр нэкӀми, нэсыжьэу, ипӀэ екӀужьыгъэмэ, гупсэфыпӀэ-гупшысапӀэ ифэгъагъэмэ, зыпэ къымыштэн щыӀагъэп. Ары шъхьакӀэ, бжыхьэ пчэдыжьыпэр дунаим щыдах, щыошӀу, щытыгъэпс, ежь изакъу. Ибгъагъэ чӀэфэжьмэ, укъэкӀожьыгъа къезыӀон, къыӀугушӀон иӀэп. Шъузищэу иӀагъэмэ, сабый зырыз акӀэсэу ашъхьэ Ӏуахыжьыгъ. Аужрэ шъузыр, Нэтыхъуае щыщыр, илъэсрэ ныкъорэ нахь зымыныбжь шъэожъые зыкӀэсыр, джыри лъэрымыхь.

Алахьэм ешӀ, Бамбэт щхыпцӀыгъэ, ащи зыгорэ къысфихьыгъэн фае. Хэт шъуӀо, шъэожъыя, пшъэшъэжъыя? Хэтми, ушъхьаса, дунаим терэт, мыхъуми, адыгэхэр джыри зы шъхьэкӀэ ыгъэбэгъоных, къэзэкъмэ зы нэбгырэкӀэ анахьыбэ тыхъун!.. Сыд а шъхьэ папцӀэм фэмыгъотыщтыгъэр, сиунэ зыфимысыгъэр? Гъомылэ щызгъэкӀагъа, зыщилъэн есымыгъэгъотыгъа, силӀыгъэ пӀэм щызэхимышӀагъа?.. Бзылъфыгъэ лъэпкъыр, тэ къытфэмыдэу, гъэшӀэгъонэу зэхэлъы. Зэпкъырыпхэу зэхэплъхьажьыгъэкӀи, къыбгурыӀощтэп. Хъулъфыгъэ шъыпкъэмэ тэрэзэу аӀо: бзылъфыгъэм ынэ къэбгъаплъэ хъущтэп. УаӀугушӀомэ, пшъхьэ къытетӀысхьэх. Лlым ыпашъхьэ укӀытэ щашӀырэп, щынэ зыфаӀорэр анэ къыкӀэщрэп. Плъэгъурэба икӀыжьыным ыпэкӀэ ужэ мэ Ӏае къыдзэу къысиӀуагъ... Сабый къазыфэхъукӀэ зашӀэжьырэп, ятӀонэрэр, ящэнэрэ зытыралъфыхьажьыкӀэ, яджэнакӀэ икӀыхьагъэм фэдиз яделагъэ мэхъу. Къысфыригъэпшыщтыгъэ ныбэр къызфисымыгъэугъэр сшӀэрэп зызыгъэбылъи зышъхьэ Ӏузыхыжьыгъагъэм!.. Олахьэ, сыд сӀоми, шъхьэзэкъо псэуныр мыдэим!



Узщыфаем укъэтэджы, узщыфаем огъолъыжьы, чъыепырхъэ уеомэ, зи къыотӀыргурэп, уфаемэ, зызэпырэогъазэ, уфаемэ, зыкъызэогъэзэкӀы, уиӀэр ошхы, уимыӀэр къэогъоты... Муары, мо бзыури изакъоу мэпсэу. Зыфэныкъо щыкӀэщтыгъэмэ, орэд къыӀощтыгъа! Ащ сыфэд сэри, сыфаемэ – сэшъэсы, сыфаемэ – сепсыхы, сыфаемэ – сэщхы, сыфаемэ – сэгъы. Тхьэм къытитыгъэ дунаир тхъагъо! Тыгъэр къыщепсы, мазэр щэнэфы, ощхыр къыщещхы, жьыбгъэр щыкӀэпщы, уци къыщэкӀы, оси къыщесы, сыд пӀорэ о, сишыгъо цӀыкӀу, оры сызэупчӀырэр, Лъэкъоф?..

Ку гъогум кӀэкӀэу егъазэшъ, мэзым хэлъадэ, илъыгъо имыкъукӀэ гъэхъунэр къэлъагъо. Щэджэгъопэ нэмазыр къэмыблагъэщтыгъэмэ, Бамбэт гъэхъунэм щемыпсыхыныекӀи мэхъу. Шапсыгъэ, нэтыхъое мэзхэми мы бжъэдыгъу гъэхъунэ дахэм фэдэхэри яхъоих. Абдзэхэ къушъхьэ-мэзхэри нахь дэхэжьых. Ау мы дунай хьафыр къыозытыгъэ Тхьэм ыпашъхьэ уиуцоу щэджэгъо нэмаз пшӀымэ, зэкӀэми анахь дурыс.

Чъыгэежъ лъапсэм дэжь речъэкӀырэ псынэкӀэчъыр Бамбэт зелъэгъум, Сисурэ къумгъаныпсыр къыфихьыгъ пӀонэу, ынэгу кӀэмыкӀэу амдэз ыштагъ, ыӀэнтэгъупэхэр жьым хэтэу ыӀитӀурэ ылъакъорэ ыгъэгъушъыфэкӀэ егупшысагъ. Тхьэм ыпашъхьэ иуцоным ыпэкӀэ, къэптан-нэмазлыкъыр ежь ыпашъхьэ риубгъозэ, зэриӀожьыгъ: ащ ытх псыгъорэ ыбгъэ хъурай пытитӀурэ скӀышъо пцӀанэ зэ нахь нэмыӀэми ескъузылӀэгъагъэмэ, мы бжыхьэ дахэм ыпэ къэсштэни...

Апэрэ нэмаз едзыгъор зыщиухыщтым Бамбэт шылъэмакъэхэр къеӀугъэ фэдэу къыщыхъугъ, ау Тхьэм ыпашъхьэ итым зэпигъэун фитэпти, ар ышӀагъэп. Дыухьэр къыпчъымэ, зиуфэмэ лъэгуанджэкӀэ тӀысызэ шъхьащэ ышӀыщтыгъэми, ыкӀыбкӀэ шыуитӀу къызэрэӀухьагъэм Бамбэт гу лъитагъ. Хэт щыцхэми, быслъымэнхэмэ, нэмазым тесыр аукӀы хабзэпти, ыкӀыб щыхъурэм пымылъэу кӀэдэӀукӀызэ, ятӀонэрэ, ящэнэрэ нэмаз едзыгъори ыухыгъ, къэтэджыжьыгъ, язырэр къышӀэжьыгъ:

– Пщымаф, ора сэӀо?

– Олахьэ сэрым, Бамбэт, ухэукъуагъэп,– зыцӀэ къыраӀуагъэми джэуап къытыжьыгъ, къыпигъэхъожьыгъ: – Мэзэ псаум зытэбгъэгъотырэп, тэ ущыхэт?

– Сышъуищыкlэгъагъэмэ, сыкъэжъугъотыни… Сыдкlэ сышъуиджэуап?

– Къаштэ гушlуапкlэ.

– Сыд пай? Къаlо.

– Гушlуапкlэ къэштах.

– Олахьэ хьалэмэтым мыщ ыlорэр…– Бамбэт щхыпцlыгъэ, етlанэ гъумтlымыгъэ: – Сэ гушlуапкlэ зыфэстын гушlуагъо силэу зыдэсшlэжьрэп!..

– Уиl, бэйтэмал!.. Шъао къыпфэхъугъ!

– Ы-ы! Армырми шъэуищ сиl! – Джы нахь зыкъогушхукlыжьэу Бамбэт къыlуагъ.

– Яплlэнэрэ шъаор ящэнэрэ шъузым къыпфихьыгъ.

Зэхэоха мыщ къысфидзырэр, Бамбэт гукlэ ыlуагъ. Тхьэм къыуишlэн, цlыфмэ къыуахъонын. Мыхъун зыхъукlэ шъузищэп, утефэфэ яплlэнэрэ, ятфэнэрэ, япшlэнэрэ шъузым щыкlэкlыжьэу къэпщэщт. Тхьэм къыптырилъхьэрэр пщэчыщт. Джы нэс Сисурэ иlоф сымышlэу сызыфыщысыгъэр сшlэрэп. Яплlэнэрэ шъаор къызэрэсфэхъугъэр, ари Алахьэм къегъэхъу, унэрыхьэ-унэрыкlэу Шапсыгъэ къикlынышъ, Бжъэдыгъу къихьащт, зэкlэми зэхахыщт, сызымышlэщтыгъэми саригъэшlэщт. Сыд есlуагъэми, сыд фэсшlагъэми, ар Сисурэ гурызгъэlошъунэп, къытезгъэнагъэу, lэуж зэттыгъэу сэшlэми, зиутlэрэбгъужьын, Султlанмэ яныожъ гъугъи ибэщ къысфигъэсысын, пщы щагур къыспигъэуцун… Гушlуапкlэ нахьи гугъэузыпкl, хъушъэным ихьагъэу лlагъэ къысэпlуагъэмэ нахьышlугъ… Мы Ныбэджэжъым къыготыри бзакуа сэlо, ыжэ псы дагъэхъуагъэм фэд, сыкъызэпеплъыхьапэ. Гуцафэ горэ къызэрэсфишlырэ щыlэмэ шlэ?

– Арэп, нахьыкl, пцlэр сыд? – Бамбэт къэбарым зэрэтегущыlыкlын ушъхьагъу къыгъотыгъэу еупчlы, зыригъэукlыхьэу къыпегъэхъожьы: – Апэрэу усэлъэгъукlэ енэгуягъо, хэтмэ уащыщ?

– Сэ «Адыгэкlэ», тхьамэтэ маф,– къыlуагъ шъэо лъэпэлъэгэ псыгъом,– сызэджэжьы, сицlыкlугъом «Псэзакl» ыlоти, сянэ къысаджэщтыгъэ, ау тичылэ Бурсак къэзэкъыжъым тыригъэстыкlи, ибэ хъураеу сыкъызэнэм, сшъхьэ къызщысlэтыгъэм щегъэжьагъэу джа къыосlогъэ цlэмкlэ сызэджэжьы, адыгэмэ ямызакъоу къэзэкъхэри къызэсэгъаджэх. Лlакъокlэ Тазэмэ сащыщ, ау сыабдзах, сышапсыгъ, сыбжъэдыгъу, сыкlэмгуй пlоми хъущт.



– Убэслъыныенэу, укъэбэртаинэу уфаеба? – Лакъырдыгъэ хэлъми умышlэнэу щхыпцlызэ, Бамбэт зыцlэ къогушхукlырэ кlэлакlэм еупчlыгъ.

– Ар о къызэрэпlу, тхьамэтэ маф,– зытетым Тэзэ Адыгэ текlыгъэп.– Сыкъэбэртай, сыбэслъыный пlоми, сымэхъош пlоми сезэгъы. Сы Адыг сэ, нэмыкlыцlэкlэ укъысэмыдж, сигопэщтэп! – къыпиупкlыгъ.

– Уикъэгущыlакlэкlэ,– Бамбэт джыри щхыпцlыгъэ,– упхъаш о…

– Нахьыжъ, къысфэгъэгъу, ау сыкъэоушъхьакlу,– Адыгэ къыхихыгъ,– уигущыlэ зэкlэхьажь.

– Зэкlэсымыхьажьмэ?

– Нахьыжъ, джыри сыкъэоушъхьакlу!

– Ашъыу, укъимыжъукl, нахьыкl,– нахь гушъэбагъэкlэ джы Бамбэт къыlуагъ,– усыушэтын сlуагъэ нахь, усыушъхьакlун lоф сиlагъэп.

– Ар lоф шъхьаф, нахьыжъ. Ори сиплъырыгъэ къысфэгъэгъу.

– Модэ амдэз шъуштэ,– нэмыкl гущыlэ техьэмэ шlоигъоу, къыlуагъэри быслъымэн хъулъфыгъитlумэ аригъашlэ шlоигъоу Бамбэти зыкъызэблехъу,– щэджэгъо нэмазыр блэшъумыгъэкl.

Агой Пщымафэ раlуагъэм фэхьазырэу псынэкlэчъымкlэ ежьагъ, зызымыгъэхъыягъэу щыт Тазэ Адыги къыфызэплъэкlыгъэп. Шапсыгъэ Бамбэт нахь гуфэбагъэ хэлъэу къэупчlагъ:

– Сыд, сшынахьыкl, узфыщытыр? Уахътэр блэкlы.

– Сэ нэмаз зышlырэмэ, нахьыжъ, сащыщэп.

– Ы-ы? Зэхэсхыгъэр сыд?! Убыслъымэныба, уадыгэба?

– Сыадыг, нахьыжъ. Ау къэсlуагъэм бгъэшlэгъон хэлъэп. Тыркумэ ябыслъымэныгъи къэзэкъмэ ячиристаныгъи сыфаеп.

– Тхьэ уимыlэу, шlошъхъуныгъэ уимыlэу сыд дунаим уитетыкlэщт?

– Ащ фэдашъокlэ укъысэмыплъ, нахьыжъ. Сэ Тхьэ симыlэу щытэп.

Мы сызэрихьылlагъэр сыд ыlуи, Бамбэт гукlэ ыгъэшlэгъуагъ. Къэмыхъу рапшlэу игущыlакlэ укъызэпеупкlы, зэо утыгум зифэкlэ ыгъэхъэщтыр сшlэрэп нахь. Лlыгъэшlапlэ уифагъа сlоу сеупчlынти, мыlуапхъэ горэ къыжэдэкlмэ, сыкъиушъхьакlун, фэсыдэнэп. Ныбжьыкlашъо тесэштэ

шъхьакIэ, сятэжъ ымышIэн ешIэ, итеплъэкIэ илъэсипшI горэкIэ сэщ нахьыкIэн. Сэ зысымылъэгъугъэ мэзэ закъом Агоим мыр тэ къырихыгъа? Джары зыбгъэнэгъуаджэу ухэхьажьмэ къыохъулIэщтыр. Сэ Шъэуай, Сисур, СултIанмэ яныо Къэнтат гъугъэжъыр, ащ къэзэкъмэ аригъэпIурэ Хъан-Джэрые шъхьэ псыгъожь цIыкIур сэIошъ, мыкIэ сыхэт, дунаим щыхъурэмэ, синыбджэгъумэ, сишъэогъумэ къяхъулIэрэмэ сащыгъуазэп.

– Олахьэ, сшынахьыкI, сымышIэ,– Бамбэт игупшысэмэ къахэужьыгъ, къегыигъ,– быслъымэныгъэ угу имылъэу узэрэадыгэщтыр... Хэт уи Тхьэр ащыгъум?

– Тыгъэри си Тхь, уашъори си Тхь, ТхьачIэгъ мэзым хэт тхьалъэIупIэ чъыгеешхори си Тхь, адыгэ чIыгури зэрэпсаоу си Тхь.

– Ащыгъум, бэйтэмал, ушапсыгъэба! – Зэхихыгъэр Бамбэт игуапэу къыхэкуукIыгъ, кIэкIэу къыпигъэхъожьыгъ: – Ушапсыгъэ шъыпкъ о!

– СышапсыгъэнкIи мэхъу,– гугъуемылIэу Тазэм къыIуагъ,– ау тапэкIэ къыосIуагъэм сытекIырэп,– сы Адыг!

– Олахьэ, сшынахьыкI, къэпIуагъэр шъыпкъэ закIэм,– Бамбэт нэмаз зышIырэ Пщымафэ ыкIыб иплъагъ, зыдэгугъщыIэрэм гуцафэ ригъэшIэу IущхыпцIыкIыгъ,– сэри сышапсыгъэ шъыпкъ, слъэкъуацIи къеушыхьаты, ау быслъымэн Алахьыфом зеттыгъэми, титыгъэ Тхьэфи тиошъо Тхьэфи зыщызгъэгъупшэрэп, мы дунаим къысфашIэрэ шIагъо щымыIэми, ахърэт дунаир сигугъапIэ. Ащ пае, джа гугъапIэм пае джаурхэр, ахэмэ шъхьэгъэщ афэзышIырэ адыгэ кIодыгъэхэр есэгъэтэкъохых. АщкIэ орырэ сэрырэ тызэфэдэкIэ сенэгуе, сшынахьыкI. ТызэгурыIомэ, джаурмэ апсэ Iутхызэ, джэнэтыпчъэр зыфыIуадгъэхыщт.

– Орырэ сэрырэ, нахьыжъ, къысфэгъэгъу,– фэсакъыпэу, ау къыIорэм ицыхьэ телъэу, джэуап къытыжьыгъ,– а зыфапIорэмкIэ тызэгурыIонкIэ сыгугъэрэп.

– Сыд ар озгъаIорэр, нахьыкI?

– О быслъымэн диным игъэзэуат укъегущыIыкIы, гунахь зымышIагъэм игунахь къэмыхь сэ си Тхьафомэ къысаIо... О гунахь зышIагъи зымышIагъи, орэджаур къодыери, зэкIэри уизэфэд. Ар тянэ тхьамыкIэми ыдэщтыгъэп, сэ сыгуи ыштэрэп.



«Хьалэмэт зэхэсхырэр...– Ежь Бамбэт зэриIожьыгъ, ащи щыфэухыгъэп: – Шъыпкъэ хэмылъэуи сIорэп, ау етIани...»

Агой Пщымафэ нэмазлыкъым къытекIыжьи, рэзэгъэ нэгукIэ къыIухьажьыгъ. Тазэм лIыжъ IокIэ шъыпкъэкIэ къыIуагъ:

– Бамбэт нахьыжъымрэ орырэ, Пщымаф, шъузэрэгъотыжьыгъэкIэ сенэгуе. Непэ гъогогъу тызщызэфэхъугъэ сыхьатрэ нычъорэм уилъэой гъогу сигъэрэзагъ, сызщымыгъозэ Iэджми гу алъысэбгъэтагъ, тхьэуегъэпсэу. Шъузэпэш, нахьыжъыхэ, сэ джы сышэсыжьын.

– Олахьэ сымышIэ, Адыг, Бамбэтрэ сэрырэ тызэрэгъотыжьыгъэми, непэ ошIэ-дэмышIэкIэ тызэрэзэIукIагъэу, мы синыбджэгъужъыми мыщ сыщыIукIагъ. Уежьэжьынэу оIомэ, гъогумаф. Дунаир Iае, плъырыгъэ къызхэмыгъаф. Мэзым, шъофым, чъыг къогъум зыкъозгъэбылъыхьэрэ цIыфыр ары зэкIэми анахь щынагъор. Мыдэ зэ, Адыг, шыхьат укъысфэхъугъэшъ, Шапсыгъэ Бамбэт игушIуапкIэ уапашъхьэ къыщысерэт. Къаштэ, Бамбэт, гушIуапкIэр. Ушъхьагъу дэгъу къэбгъотыгъэу усIэкIэкIыжьын уихьисапыгъ.

– Ашъыу, Пщымаф, тэ, лIыжъышхом, хьэйнапэ тымышI... КъыпфэсщэнгушIуапкIи симыIэу сIорэп, къэмэ закъор, бгырыпх закъор, пэIо закъор, сищазымитIу къыосымытыщтмэ... къэзэкъ горэм ыпсэ Iусыутмэ, къыпысхырэ щыIэмэ къыостын, уичIыфэ къызтэзгъэнэнэп. Зэ моу Пшызэ адырабгъу тикIыгъагъэмэ...

– Шъо шъуитIо чIыфэ зэрэзытешъумыгъэлъыщтым сыщыгъуаз,– зэшъэогъумэ язэфэдз-къызэфэдзыжь Тазэм ыгу емыIу зэхъум, къыIуагъ: – ХъяркIэ, нахьыжъхэр.– КъызэплъэкIыжьыгъ.– Джыдэдэм, Пщымаф, уигушIуапкIэ Бамбэт къыIыхыжь.

– Ар хьэрамыжъым ебгъэшIэфэ бэрэ уежэн,– Пщымафэ щхыпцIыгъэ, ау къыIощтыр тырахыжьыщт пIонэу, къэгузэжъуагъ: – УиIуагъэ зыщыбгъэшъыпкъэжьыщт чIыпIэр, улIмэ, Шапсыгъэр, къэблагъэ.

– Тыд, сыдигъу? – Бамбэт къызIуипхъотыгъ.

– Умыхъыжъ, джыри уахътэ щыI,– дзэр аугъои ныIэп.

– Хэт типэщэщтыр?

– Щырыхъукъо Тыгъужъ.

– Ар дзэпащэ хъун! БаIо тэхъуа?

– Мызгъэгум тымэкIэщтэп, нэбгырэ минитIу фэдиз тыхъущт aIуагъ. Шапсыгъэхэри, нэтыхъуаехэри, жанэхэри тызэхэтыщтых.

Бамбэт итыгъужъынэхэр къилыдыкIыгъэх, кIосэжьыгъэх, джыри нахь стырыбзэу, Агой Пщымафэ къызэхастыхьэу, къызэкIэблэжьыгъэх. Щыгъупшэжьыгъо зыфимыфэщтыгъэ шъхьакIоу Васюринскэм къыщехъулIэгъагъэм джыри нахь емыкIукIэ зыкъыжэхидзэжьыгъ. А гупшысэр шъхьащыкIыгъо имыфэзэ, пкъы ищыгъэ псыгъо дахэкIэ Сисури ынэгу къыкIэуцуагъ, къыздизыгъэхэри ымышIэу Къаймэти, Хьадж-Къэсэий пшъашъэм ыкIыб къыдэуцукIыгъэх, ыIэ одитIу бэщышъхьэм телъэу Къэнтати ащ къыхэхьажьыгъ. А пстэур къызэпичъыхьэзэ, агокIыжьыгъэ шыоу гъогу къэгъэзэгъум къохьажьрэм Бамбэт кIэлъымыплъэн ылъэкIыгъэп. Сыд ащ къытиIуагъэр, щхыпцIыгъэ, щэ цIынэр джыри къызIучъырэм лIышхуитIум тыкъигъэсэжьи, ткIэрыкIыжьыгъ. Ари адыгашъхьэ зышIот псэушъхьэу къэтэджрэмэ ащыщкIэ сенэгуе. Ежь зыгъапэрэр шIогохьэу, тэ тызгъапэрэр шIомыщыоу хэт ишъхьаубат ар? Хэта, Алахьэм семыукIи, ащ сыгу къыгъэкIыжьрэр? Псибл зыпыт Шъэоежъыр армэ сшIэрэп... Ары! Олахьэ арым, игущыIакIи, игупшысакIи, ищхыкIи, зы ны къылъфыгъэ фэдэх. Мощ фэдэр уапашъхьэ къыщыбгъэгущыIэ хъуна, ышъхьашъо исыутын фэягъ!..

– Шапсыгъэр! Бамбэт, орба сызаджэрэр,– Агой Пщымафэ иныбджэгъу игупшысэхэр къызэпиутыгъэх,– зэ дунаим къытэхьажь, сыд къыохъулIагъэр? О слъэгъурэм зыгорэм уегъэгумэкIы.

– Олахьэ къытэбгъэфагъэм, Агоир,– Бамбэт щхыпцIыгъэ, къезыфэкIыщтыгъэ гумэкIмэ ашъхьэ къыримыхэу, абгъодэкIыжьыгъэ шыумкIэ хэкIыжьыгъ,– сегъапэ, шъыпкъэр пIощтмэ, мо шыу пэщыныцIэм зыкъызэрэтфишIыгъэм. Тэ къыщыбгъотыгъ сэIо ар?

– Аущтэу озгъаIорэр сшIэрэп нахь, мыхъун хэслъэгъуагъэп, Бамбэт. Непэрэ шъаомэ ягупшысэ тэ тигупшысэмэ къатэмыфэнкIи мэхъу. Ау ари адыгэ IофмэагъэгумэкIы. Къэбыгын ышхэу ибгъагъэ чIэсын нахьи, игупшыси игъэпсыкIи къэсэштэ. Ащ фэдэхэр нахьыбэу тиIэ хъумэ, лIыгъэрэ щэIагъэрэ къызхагъафэмэ, адыгэ чIыгур алъэгу нахь чIэгупсэфэщт.

– Олахьэ, Агоир, сыоплъышъ, уцIыф хьалэмэтым!



– СыплъэгъужьыгъакIа?

– Мазэрэ тызэтэплъагъэпти, СултIан Мыхьамэт-Джэрые иукIэкIо Шъэуае къызэбгъэгъотыжьи, укIыгъугъэмэ сшIэрэп, уигупшысэхэр зэблэхъугъэх...

– Бамбэт, зымафи къыосIогъагъ, джыри къыосэIо,– Пщымафэ гугъуемылI фэдэу джэуап къытыжьыгъэми, игумэкI зыхиушъэфэн ылъэкIыгъэп,– сэ адыгэ IофымкIэ сигупшысэхэр а зы чIыпIэм зэритых, сыушъэфырэп, СултIанмэ яныо Къэнтатэ къызэрэтэлъэIугъагъэу, Шъэуае сылъыхъугъ, згъотыгъэп, къэзэкъ шъаоми сыкIэупчIагъ, икъэбар цIыф ышIэрэп, ау Шъэуае игунахь къэохькIэ сенэгуе... Iофым ишъыпкъапIэ ущымыгъуазэмэ, цIыфым имыхьакъ тэмылъхьэмэ нахьышIу.

– О-о-уй, Агоир,– Бамбэт зытегущыIэрэм ыгу фежъэжьыкIми, игуапэу къыхэкуукIыгъ,– джары сэ уцIыф хьалэмэт сэзгъаIорэр! Сыдэущтэу Шъэуае игунахь къэсхьын, ЛъэустэнхьэблэмэзIапчъэм ипщ къумал зэрэщиукIыгъагъэр ежьыр шъыпкъэм къысфиIотэжьыгъагъэу, зэрэ Бжъэдыгъоу ащ рэгущыIэри, Абдзахи, Шапсыгъи, КIэмгуий а къэбарыр арылъ, Бэслъыныий нэсыгъэнкIи къэнэнэп... Ашъыу, Шъэуаий ар ыушъэфыщтыгъэп, зыкIызэхэмыхыгъэр сшIэрэп нахь...

– СултIан Мыхьамэт-Джэрые укIакIо горэм зэрекIодылIагъэм сыщыгъуаз. Ау Шъэуаекlэ къэпIуагъэр апэрэу зэхэсэхы.

– Сыдэущтэу, бэйтэмал, апэрэу зэхэохы? – Бамбэт раIуагъэр къыригъэкIугъэп, ау шIэхэу зыкъигъэтэрэзыжьыгъ: – КъыбгурыIуагъэп нахь, мыбжыхьапэ къыосIокIыгъагъи...

– Ар Iоф шъхьаф, Бамбэт,– къэбар шъхьэихыгъэр зэримыгуапэр къыхэщэу, ау джы нахь шъабэу Пщымафэ къыIуагъ, къыухыжьыгъ: – КъысэпIуагъэмрэ къысэпIокIыгъэмрэ зэфэдэп.

– Адэ джы мы Iофым,– Бамбэт плъырыгъэр къышIутекIуагъ,– сэра гъэпцIакIо хэхъухьэрэр?! Зэхэмыхыгъэми, зэхэпхыгъэп, къыбгурымыIуагъэми, къыбгурыIуагъэп!.. Ежь Шъэое шъыпкъэм къысиIуагъэр сишъэогъу Агой Пщымафэ есэIожькIэ сыбзэгухьа, сыпцIыуса? Ащыгъум, сикъошыжъ, сыдэущтэу цыхьэ зэфэтымышIыжьэу мы дунаим тытетыщта? ТыдэкIэ тыкIоми, тыплъэми, нэпэн-

чъагъэм, цыхьэмышIыным, гугъэнчъэм тэлъэпао, уасэ зэфэтшIыжьрэп, тыкъэзэрэухъумэжьрэп, зым ыIорэр адырэм реутыжьы...

– Ашъыу, Бамбэт, мыщ фэдизэу зымыухыжь. КъэпIуагъэр сшIошъ зыкIэмыхъурэр Шъэуае ар зышIэн цIыфэпышъ ары... Оры пакIошъы, ежь къысиIуагъэкIи сшIошъ хъуныеп.

– Адэ, бэйтэмал, СултIаныпщыр Шъэуае ымыукIыгъэмэ, сэ сыукIыгъа? КъыуаIошъ, пшIошъ хъурэп, цыхьэ къыпфашIышъ, зэхэпшIыкIырэп... Ащыгъум СултIанмэ яныо еупчIи, Шъэуае зыфыхэхьажьыгъэр къыуиIон... Шъэуае ышIагъэмкIэ згъэмысэу къызшIобгъэшIыкъон, Агоир. Зы лIэу фэкъолIмэ ар къытхэкIыгъ, аферым, къумалым тэфэрэр, ифэшъуашэр ригъэгъотыгъ. НекIо, Къэнтат гощэшхом тэупчIын, Сисурэ цIыкIури къызэдгъэлъэгъун, ыгу дгъэIэсэн.

– Олахьэ, Шапсыгъэр, сишылъабжъэ дышъэ нал къыкIэплъхьагъэкIи СултIанмэ якъэлапчъэ сыIумыхьан.

– Сыд къыохъулIагъ, бэйтэмал, яхьэ къыоцэкъагъа?

– Пшызэ къызэпыращыжьи, губжыгъаеу зифайтон псыныбэм къыдэлъэтыжьыгъэ Къэнтатэ непэ озгъэлъэгъугъагъот!..

– Сыд къэзэкъ бадз къецэкъагъэр?

– О слъэгъурэм тикъэзэкъ гъунэгъумэ къахэхъухьагъэм хэшIыкI фыуиIэп.

– Сыд къахэхъухьагъ? – Бамбэт ынэхэр къицIыукIыгъэх.

– Къэзэкъ атаманыгъор къыфагъани, Черномор дзэ пэщэ IэнатIэр Матвеевым Iахыгъ.

– Ы-ы? ПIорэр хьалэмэты... Хэт дзэ пэщагъор ратыгъ?

– Джа пшIэрэ Власов къэзэкъ пшъагом ыIэмычIэ ралъхьагъ.

– Мыдэ, мыдэ, къэзэкъхэм ашIагъэр.

– Къэзэкъхэр арэп, Ермолов дзэпщым ыпкъ къикIыгъ аIуагъ.

– Ем уIумыкIэу шIур пшIэщтэп зыфаIуагъэм адыгэхэр еутэкIынхэкIэ енэгуягъо, Пщымаф. Бурсакыжъым изэман, зэрэхъурэмкIэ, зыкъытфегъэзэжьы...

– Адэ сыдэу пшIэра о Щырыхъукъо Тыгъужъ дзэр зыфиугъоирэр!.. Елизавет лъэныкъомкIэ къэзэкъыдзэр Пшызэ къызэпырищыгъэу адыгэ псыIушъо мэзыр икIыхьэкIэ IуаупкIы, типсыикIыпIэхэр ауджэшъух, тишъэфхэр нэфапIэ ашIых.

– О-о-уи-й, сэ Пантелей къэзэкъым сылъэхъу сIозэ мыхэмэ къыташIэрэр! Олахьэ сэщ нахь къэмынагъэми, Агоир, ар мыхъун!.. НекIо, сыд тызфыщытыр, тэгъэгъэзэжь чылэм, Щырыхъукъо Тыгъужъ тыгогъэуцу!..

## IX

Шапсыгъэ-нэтыхъое хасэм ижъобгыпI.

Абын чылэ гъунэр цIыфкIэ, онэшкIэ зэлъыбгъагъэ. Лъэсми, шыуми ушъхьагъу зэфэшъхьафкIэ IукIыжьрэр макIэп. Шапсыгъэ Бамбэтрэ Агой Пщымафэрэ фэдэу гужъуагъэу къекIуалIэхэри нахьыбэжь. Цlыф IужъукIэ къэухъурэигъэ хэсэ утыгум къыщыгущыIэрэм ымакъэ, лъыкIуатэхэ къэсми, нахь къалъэIэсы. Ау ащ къыщаIорэм нахьи чылэм зыгъэзэжьрэ лъэсмэ, шыумэ Бамбэт нахь агъапэ, фэмыщыIэу апэ къифэгъэ шыуитIумэ яупчIы:

– Сыд шъузфэхъыжьэрэр, нахьыжъхэр, хасэм къыщаIорэм шъугу еIурэба?

– Ащ фэдашъо, сшынахьыкI, сыд пай къыттэплъэра? – Мэлышъо пэIо пырэцэ шIуцIэ зыщыгъ лIы кIэко зэхэгуагъэм раIуагъэр ыгу рихьыгъэпти, иш къымыгъэуцоу нахь гущыIэ лакъырди къызэриIокIыгъ: – Арэу улIымэ, некIо, тауж къихь, тыздакIорэм къакIо.

– Хэт сэIо мы зычыишъхьэ шъхьамысыжьрэр! – Бамбэт шым жэдаIи, къыригъэгъэзагъ.

Агой Пщымафэ ишхомлакIэ къыубытыгъ:

– Быяу, Бамбэт! Уащымыхь!

– Сыд пае лакъырд сыкъишIыгъ?

– Нахьыжъмэ узэрапэгъокIыгъэу къыппэгъокIыжьыгъэх.

– Яшы пхэкIхэр, ашъхьэпхэтыкухэр хасэм фэгъэзагъэхэу IокIыжьых,– шыуитIум алъежьэн гухэль Бамбэт имыIагъэми, шъэогъум ыпашъхьэ зыщегъэлIы, ишхомлакIэ амыIыгъыгъэмэ, акIэхьанти, апэ зыщыритIэныгъэу зегъэпсы.– Адыгэ дунаим къэзэкъмэ машIо къыкIадзагъ, мэсты, ежьхэр гугъуемылIых, хъуна ар!

– Хъугъэ, Бамбэт, ахэмэ яIоф тизэхэфынэп, чылэр къытэплъы...

– Ари тэмэмым...– ушъхьагъу дэгъукӏэ Бамбэти илӏыгъэ кӏилъэшъужьыгъ.

Бамбэтрэ Пщымафэрэ хэсэ шыумэ акӏыб дэуцуагъэх.

Хъорэлӏыкъо Мэрчанэ ин-инэу хэсэ утыгум къыщэгущыӏэ. Гузажъорэп, зыритэкъухьэрэп, къыӏорэм лые хэмылъэу къедэӏурэмэ алъегъэӏэсы. Апашъхьэ итым лъытэнығъэ-шъхьэкӏафэ зэрэфишӏырэр хасэм иӏэдэбыныгъэ къеушыхьаты – къыхэкуукӏыхэрэп, кӏэрахъокӏэ дэуаехэрэп, якъамэхэр къырапхъотырэп, зэдэмыштэ-къаигъэ зэфэхъу къахэкӏырэп. Бамбэт зэхихрэм зызшӏобгъэнэн хэмылъми, ежь гукӏэ зэриӏоу, адыгэ дунаир зыщыстырэ мафэм, къэзэкъхэр Пшызэ къызэпырыкӏыгъэхэу псыӏушъо мэзыр зыщыӏуаупкӏырэ уахътэм хасэм игупсэфыкӏэ зыфихьын ышӏэрэп. Къыпэгъунэгъумэ анэгу кӏэплъэ, зеплъыхьэ, къыдезгъэштэн инэплъэгъу къыпэшӏуафэрэп, нэтыхъое хасэр зыугъоигъэ Щырыхъукъо Тыгъужъ рэхьат, ащ къыгот Абэтэ Бэслъыный нэмыӏэмэ, къэзэрэугъоигъэмэ иӏоф ахэмылъых пӏонэу, гугъуемылӏ. Ахэмэ яджабгъукӏэ, ясэмэгукӏэ щытхэри ащ фэдэх. Сыд сэӏо мыхэмэ къяхъулӏагъэр, хьэдагъэм щыӏэха хьауми ялӏыгъэшӏапӏэ къызщаушыхьатыщт хасэм хэлажьэха? Хэта хэсэ лӏышъхьэ купмэ ахэсымылъагъорэр?..

– Арэп, Агоир, Тыгъужъыкъо Къызбэч слъэгъурэп, сыда хасэм зыкӏыщымыӏэр? – Бамбэт шъхьэр къепхъуатэшъ, Пщымафэ еупчӏы.

– Тхьамэтэфор уӏэгъэфо телъэу унэм илъ,– зэупчӏыгъэм ычӏыпӏэкӏэ къыгот шыу горэм джэуап къытыжьыгъ.

– Адэ ар сыдэу къысэмыӏуагъ, Агоир, пшӏэщтыгъэба? – Бамбэт ныбджэгъум егыигъ.

– Сшӏэщтыгъ, сымышӏэу мэхъуа, икӏапщи мызэу-мытӏоу сыхэтыгъ,– Пщымафи иджэуап кӏэкӏы,– Къызбэч тхьамэтэфом укъыкӏэупчӏагъэпти, къыосӏуагъэп.

– Сыдым фэсшӏэн Къызбэч тхьамэтэфом къехъулӏагъэр, олахьэ игъуаджэм непэ къызэрэтхэмытыр... Тэ къыщауӏагъ?

– Къэзэкъмэ ямэз тэупкӏ афидагъэпти,– Пщымафэ къыӏуагъ.

– Ори урягъусагъа? – Зэхихыгъэ пэтзэ, римыпэсы фэдэу Бамбэт къеупчӏыжьыгъ.

– Сырягъусагъ адэ! – Пщымафи зышӏомыдэеу джэуап къытыжьыгъ, нахь мэкъэ хэӏэтыкӏыгъэкӏэ къыухыжьыгъ: – Къызбэч тхьамэтэфом къеогъэ къэзэкъ джадэми ыпсэ фыӏусхыжьыгъ!

– О-о-уи-й, сызыдэмысыгъэ закъом сызхэныгъэр!..

– Зэ шъубыяу,– апэ ит шыум зыкъызэригъэзэкӏи, къариӏуагъ,– тхьамэтэфом тэжъугъэдэӏу.

«Къэзэкъмэ аголъэдагъэмэ япщы шъао зыпӏугъэр ара тызэбгъэдэӏущтыр» къегыигъэм Бамбэт зыпигъэпкӏэжьы шӏоигъуагъ шъхьакӏэ, зиӏэжагъ. Сыд мо пэӏо хъокӏыгъэм седыргъыжьыкӏэ кӏэрысхыщтыр, ыӏуагъ. Хасэр къэзгъаплъэу упчӏэ зэстыщтыр а къэгущыӏэрэр ары. Къысишӏагъи щыӏэп, ау къумалым иаталыкъ сыгу тезгъэпщэхэщт. Зэхэоха етӏани ащ къэзэкъмэ къариӏуалӏэрэр!.. Къаӏо, къаӏо, дэуакӏо уадэжь къыпфэкӏогъэгъэ сишъэогъуитӏоу ыужым къэзэкъ сэшхо чӏэгъмэ ачӏэкӏодагъэхэр, купэгъукӏэ уикъэлапчъэ къызэрэӏупфыгъагъэхэр къыпфэзгъэгъущтэп. Ахэр ушъыекӏуагъэх нахь, узэрапхъон яхьисапыгъэп. Джы Султӏан къумалымэ афэпшӏэщтыр афэпшӏэгъахэшъ, тапашъхьэ укъиуцуагъэу къэзэкъхэр къытфэоубых.

– ...Джыри зэ, хасэ, къыкӏэсэӏотыкӏыжьы,– Хъорэлӏыкъо Мэрчанэ игущыӏэ къеухми, зэрэкӏищыгъэм фэдэу гузажъорэп, къыӏорэм лые хэлъэп,– Пшызэ псырыкӏ къэзэкъмэ къыташӏэрэр емыкӏу, хэбзэнчъэ, Бурсак изэман зыкъызэрэтфашӏыщтыгъэр къырагъэжьэжьыгъ. Пшызэ къызэпырыкӏыгъэх, типсыӏушъо мэз ӏуаупкӏы. Власов инэралым зыкъытфегъэхьазыры. Зыч-зыпчэгъоу къэзэкъмэ тызапэмыгъокӏыкӏэ, къыттэгушхощтых. Шапсыгъэ дзэ зэхэщэным Тыгъужъкъо Къызбэчи Щырыхъукъо Тыгъужъи дэрэмышъхьахых. Сэри – сыкъызыхъугъэри зы мафэ, сызылӏэжьыщтыри зы мафэ! – Ныбжь хэкӏотагъэм шъуемыплъэу цыхьэ къысфэшъошӏмэ, къамыщ тхьапэми жьы еубыты аӏо, сыкъыжъугоуцо. Ори ары, Бэслъыный, адыгэ ӏофкӏэ зыгъэ тызэтэхъушъутыгъагъэми, хэсэ пашъхьэм къыпфэсэгъэгъу, улӏыгъэнчъэп, къакӏори моу къызгоуцу. Джары сигущыӏэ, лъытэнығъэ зыфысиӏэ шапсыгъэ-нэтыхъое-жанэхэр, шъузэпэшых.

– Зэ, зэ, зимафэ мэфишъэ хъун, тхьамэтэ маф,– утыгум икӏыжьрэ Мэрчанэ Бамбэт еджагъ, ыпэ итхэми ариӏуагъ,– моу шъуӏукӏоти, шыухэр, Мэрчан тхьамэтэфом зы упчӏэ есэжъугъэт. Сыкъыоупчӏы хъущта, тхьамэтэфо?

– Сыкъэдаӏо, сыд пае мыхъущт,– Хъорэлӏыкъо Мэрчанэ къызэрэлъыджагъэр зэримыгуапэр къызхимыгъэщэу

зыдынэсыгъэ чIыпIэм къыщызэтеуцуи, джэуап къытыжьыгъ: – Ора сэIо, Бамбэт?

– Сэры, зимафэ мэфишъэ хъун нахьыжъ, къысфэгъэгъу,– хасэм зэхыригъэхэу ыцIэрэ ылъэкъуацIэрэ кIэгъэтхъыгъэ мэкъэ пытэкIэ къыриIуагъ.– Шапсыгъэ Бамбэт ары. Къэзэкъмэ апае къэпIуагъэхэр гущыIэ шъыпкъэх, сыкъыбгоуцо, уапэкIи мы хэсэ утыгум къыщыгущыIагъэхэми мыхъун къаIуагъэп, адесэгъаштэ, къэгущыIэнхэу къэтхэми сигупшысэ пэшIорыгъэшъэу ясэты, етIани мыщ къесIолIэжьыщтыр...

– УпчIэр,– фэкъолIмэ ащыщ горэ ыцIэ къыримыIоу Бамбэт къекууагъ,– Мэрчан тхьамэтэфор къыожэ! Шым епсых, угомыс!

– Ары, ары, тхьамэтэфо, къысфэгъэгъу,– Бамбэт фадзыгъэ адыгэгъэ-шъхьэкIэфагъэм уанэм зыкъырырегъэдзышъ, шхоIур еубыты,– мы упчIэр къыосымытын слъэкIыщтэп, нэузырэу зытэслъхьажьыгъэшъ, сыолъэIу, стэхыжь... СултIан къумалмэ яшъэо Хъан-Джэрые узэриаталыкъыгъэмкIэ укIэгъожьрэба?

Хасэр къэзэрэгъэбырсырыгъ. Шъубыяу къыригъэкIэу Щырыхъукъо Тыгъужъи ыIэ къыIэтыгъ.

– Мыхъун къэпIуагъэп, Бамбэт, зымыухыжь,– Мэрчанэ щхыпцIыгъэ, етIанэ телъэшъуагъэ хэмылъэу джэуап къытыжьыгъ: – ЛъэустэнхьаблэСултIан адыгэмэ нэгъойкIэ яджэхэри къытхэтых, ау ар зыIорэмэ адэзгъаштэрэп, ахэмэ янэгъоигъи янэгъоилъи, алъэкъуацIэ фэшъхьаф, къыхэнэжьыгъэп. Ар зы. ЯтIонэрэмкIэ, СултIанмэ янахьыжъ щегъэжьагъэу Мыхьамэт-Джэрые щыкIэкIыжьэу агу УрысыемкIэ зэрэгъэзэгъагъэр къызэрамыIощтыгъэр ары нахь, хэтыкIи шъэфыгъэп. Мыхьамэт-Джэрые мы Iофым зэрэфэгуитIугъэми тыщымыгъуазэу щытыгъэп. Ежьыри ышIагъэм тэкIодэжьыгъ. Ащ икIодыкIэ лъапсэ фэхъугъэри къэзэкъ Iоф закъокIэ сыгугъэрэп. КъэшъошIэжьмэ, тыркуе пашэм фимышIагъэр къыхэхьажьыгъэкIэ енэгуягъо. Ау сэ шъукъысэупчIымэ, СултIан Мыхьамэт-Джэрые Тыркуем зыкъызэрэримыгъэгъэпцIагъэр лIыгъэкIэ фэслъэгъугъ, адыгэгу иIэу къэзэкъмэ адэжь зигъэзэгъагъ, джа адыгэгури иIэу дунаим ехыжьыгъ, зыдигъэзэжьыгъэм Алахьэм шIу щешI, ащ иахърэт Iоф тэ тизэхэфынэп. ЯщэнэрэмкIэ, джа пстэуми сазэрэщыгъуазэр ашIэзэ, цIыфы сышIошIэу Мыхьамэт-Джэрые ишъэожъые аталыкъ сыфэхъунэу къысищэлIагъэти, гуапэ сщыхъоу Iысхыгъ, зиемэ ащэжьыфэ



спсэ Iуслъхьагъ, спIугъэ, сылэжьыгъэ. Къэзэкъ пытапIэм щеджэ ыIоу ыгу хэзыгъэкIырэм, жъалымыгъэ зыгу къыфихьэрэм, хэт щыщми, о апэ узэритэу, Бамбэт, фэсыдэщтэп. Адырэ упчIэ шъыпкъэмкIэ къыосIощтыр кIэкIы. КъэзгъэшIагъэм сызфыкIэгъожьын Iоф зесхьагъэп, сфэлъэкIыщтмэ, ори ар озгъэшIэтэп, Бамбэт. Джар къызгурыгъаIу.

– КъызгурыIуагъ, Мэрчан, къызгурыIуагъ,– Бамбэт джэуап рырамыгъэтыжьын къышIошIэу къэгузэжъуагъ,– абрагъу мыжъофо, нахьыжъ, скIыб иудзыжьыгъ, тхьэуегъэпсэу.

– Ау тынэ къеIэрэм ыпсэ темыIэжьыныр къэсIуагъэмэ къарыкIырэп, хасэ,– Мэрчанэ къыIуи, Бамбэт игущыIэмэ апымылъэу ичIыпIэ уцужьыгъэ.

Щырыхъукъо Тыгъужъ джыри Мэрчанэ ыуж нэбгырэ заулэ къыгъэгущыIагъ. Шапсыгъэхэри, нэтыхъуаехэри, жанэхэри, лъэпкъыбэ лъэпкъ макIэм емылъытыгъэу, гущыIэ аритыгъ. Шапсыгъэ Бамбэт фэдэхэу, тIо-щэ хэсэ утыгум къиуцо зышIоигъуагъэхэм афидагъэп. А зыр къыкIаIотыкIыжьы зэхъум, Щырыхъукъо Тыгъужъ хасэм щаIуагъэр зэкIэ гущыIэ зэфэхьысыжьыкIэ, ХъорэлIыкъо Мэрчанэ икIэух псалъэ щысэкIэ къыгъэлъагъозэ, къыухыжьыгъ.

– Шъыпкъэ, Мэрчанэ зэриIуагъэу, щэч хэлъэп, тынэ къеIэрэм ыпсэ тэIэжьыщт. Шапсыгъэ хэсашъхьэм иIорэ ишIэрэ хэмылъэу куп-куп жъгъэйкIэ къэзэкъмэ шъуямыкIу. ТиIорэ тишIэрэ зымэ, зи къызтэдгъэкIощтэп. Мардж тIомэ, шъукъэшэсынэу шъуиIаши шъуионэши ренэу орэхьазыр. Джащ тинепэрэ хасэ щытэухы, чыжьэу къикIыгъи ,благъэу къикIыгъи шъузэпэшых, гъогумаф, сыхьатмаф шъотэIо.

Хасэр заухым, хэти игъогу техьажьыгъ. Мэрчанэ чылэм щыщхэм янахьыбэр адыгэ еблагъэм хэтыгъэх. КъушъхьэчIэс чыжьэмэ ялIыкIохэр, пчыхьэпэ гъогу тебгъэхьажьынха, нэбгырэ зырыз-тIурытIухэу бысымымэ зэбгыращыгъэх, нэмыкI чылэ благъэхэм ащагъэхэри макIэп.

Бамбэти чыжьэу къикIыгъэмэ ащыщ горэ ригъэблагъэ шIоигъуагъ шъхьакIэ, бзылъфыгъэ зэрымысым сыдэущтэу хьакIэ ипщэщт, ышъхьэ риуфэхи, Агой Пщымафэ дэгущыIэ ыIозэ, IукIыжьыгъ. Икъэлэпчъэ гъэпытагъэ зынэсхэм, Бамбэт къыIуагъ:

– Шъорышlыгъэ хэмылъэу, Агоир, тиунэ исри-имысри ошlэ, нычэпэ тадэжь ущыlэни, неущ уи Нэшъхьэ гъогу утэхьажьын, Абэтэ зэшитlумэ яшыкlэ упышlагъ пlонэу ауж уимыхьажьми хъун.

– Тхьауегъэун, Бамбэт, моу тхышъхьэм сытэхьэмэ тичылэ слъэгъоу, нычхьапэ ащ тыхэхьанэп. Угу къысэмыгъабгъ, шъхьатэхъо зытэхъуагъэ горэ къытпэгъокlэу къеблагъ къысиlогъагъэмэ, сышlолlыкlынытъэкlи мэхъу. Некlо тадэжь, сыд унэ зэтэгъэпытыхьагъэ чъыlэм ипшlыхьащтыр? Бысымгуащэм стырыгъакlэ горэ зыlутигъэлъхьан. Сэ тадэжь укъыздэкlон сшlошlи, сызхэтыгъэмэ хьакlэ къахэсщыгъэп. Некlо, некlо, сыд ипшlыхьащт, утэплъагъэмэ хъугъэ.

– Тхьэуегъэпсэу, синыбджэгъужъ. Сэри уилъэlу пфэзгъэцэкlэнэп, уибысымгощэ Цэцэ бэрчэтыми сисэлам сфехыжь, ищыгъу-пlасти сlуфагъ, сигъэтхъагъ. Сибгъэгъэжъ бэдзэ закъо нахь имысми, сикъэлапчъэ сыблэкlышъунэп. Укъемыпсыхыщтмэ, гъогумаф ащыгъум. Нэфлъэшlу тыкъикlымэ, сымэджаплъэ Тыгъужъкъо Къызбэч дэжь сыкъыкъокlыщт.

Хъопсанэкlэ зыкlэлъыплъэщтыгъэ шыум Бамбэт лъыджагъ:

– Пщымаф, зэ моу къэуцу,– иш зэрэтесэу ынэхэр къилыдыкlхэу пэгъокlыгъ,– тхьагъэпцlышъо гуапэкlэ еlушъэшагъ: – Агоир, ори зи къэпlуагъэп, Хъорэлlыкъо Мэрчанэ хэсэ пашъхьэм сыщытэкlуагъэба?

– Ащкlэ, Бамбэт,– Пщымафэ зэхихыгъэм ыгу зэремыlугъэр ышъо къыхэщыгъ,– олахьэ къыосlон сымышlэ... Нычэпэ тэгупшысэн, неущ тытэгущыlэн...

– Егупшыс фаеми, сэ сишlэн сшlэгъахэ!..– Бамбэт щхызэ, ишыпэ къыригъэгъэзэжьыгъ, етlанэ зиш хэзыгъэгубжыкlи lулъэтыжьыгъэм кlэлъиlожьыгъ: – Джары, ситхьамыкlэжъ, узэщысфыгъ шъхьакlэ, зидагъо зыдэзымышlэжьрэмэ зызэрябгъэшlэжьын фаер!..– Етlанэ шым рилуагъ: – Некlо, Лъэкъоф, о закъор ары мы дунаим сызэхэзышlыкlэу щысиlэр... Сэ сымышхэми хъун, о мэкъу lэшlу дэгъукlэ нычэпэ узгъэшlощт...

Шым ифэlо-фашlэхэр, зэригъэгугъагъэу, Бамбэт апэ зэригъэкlуагъэ. Шым ыпшъэ заулэрэ lэ щифи, къакъырым къычlэкlыжьыгъ. Щагум заулэрэ зыщигъэчэрэгъуи, унэм ихьажьи шlомыигъо дэдагъэми, тэ кlон, пчыхьэшъхьапэм зыкъызэхимышlыхьапэзэ, остыгъэр хэзгъэнэн ыlуи, унэм ихьажьыгъ. Пхъэ пlэкlор зэтелъэу шъхьэнтэ закъор зыкlыlу тесым ичъыlагъэ зэригъашlэрэм фэдэу теlаби, блэкlыгъ. Хьакурыгъачъэр lуихи, мэшlо шlыным пыхьагъ. Шъхьэзэкъорыпсэум есэгъэ lэпэ псынкlэмэ пхъэ гъугъэр хьакум рагъэкlугъ, мэшlо зэкlэблэ макъэри унэм къиlукlыгъ, тlэкlу шlагъэу фэбамэри иуцоу ригъэжьагъ.

Щаипсыр къэжъофэ ежэу Бамбэт щысыгъэп. Дэгъэ остыгъэ нэшъур хигъэнагъ, lэпэпс макlэ зытыриутхэгъэ джэхашъор сапэм зыкъыщырымыгъэlэтэу къыпхъэнкlыгъ. lанэр, пхъэнтlэкlу зытlущыр ылъэкlыхьагъ. Шъхьаныгъупчъашъхьэмэ ателъэкlыхьанэу зырегъажьэм, бжыхьэм иапэрэ бэдзэ лlагъэхэр ынэ къыпэшlофагъэх, щхыпцlызэ, джары сэ зы бэдзэ закъо нахь имысми, сиунэ сихьажьыщт сlозэ, сыкъышъулъычъэжьыгъ, шъо пынджыр чъыlэм псэхалlэ шъуишlыгъ. Адэ джары дунай хьафыр зэрэщытыр. Зыр малlэ, адырэр къэхъу. Зыпсэ lуахыгъэм, Султlан Мыхьамэт-Джэрые фэдэу, къэгъэзэжь иlэп, Шъэуае фэдэу афэмыукlыгъэр, къэзэкъ хьажъыр икъэрэгъулэми, дунаим жьы къыщещэ... Е-е, Шапсыгъэ Бамбэт, Бамбэт, зыогъэлlы шъхьакlэ, унасыпынчъ... Агой Ныбаджэ нахь мыхъурэм фэди ухъурэп. Ибгъэгъэжъ ихьажьмэ, ишъуз «укъэкlожьыгъа, Пщымаф», ыlозэ къыпэгъокlы, зэтырахызэ, исабыищи къыпэгъочъы. Аужырэ шъэожъыер къысфэзыхьыгъэм къезгъэгъэзэжьыгъэми хъущтыгъэ, удэмыпсэунэуи щытэп. Зэ, зэ, Шапсыгъэр, Сисурэ иlэшlугъэ теплъыхэмэ, шъуз дэгъу ар зэрэхъущтым сицыхьэ телъ, ау хэт ышlэрэ, бзылъфыгъэ лъэпкъмэ укъызэрагъэпцlэщтыр зыуи арэп, къыпlущхыпцlэхэмэ къыпlугушlохэзэ узlэкlалъхьэ, етlанэ пшъэ къыдэтlысхьажьых. Зыгорэкlэ сэ зэрэсlоу Сисурэ мыхъумэ...

Пхъэ пытэ машlом унэр къыгъэфэбагъ, къалмыкъщайри хьазыр къэхъугъ. Бамбэт lэшlэхкlэ зэрыхэкlыжь хэбзэ къое гъугъэри онджэкъым къырихыгъ, хьакушъхьэм щыкlэшlэгъэ lалъмэкъыжъыеми хьалыгъу бзыгъэ гъэгъугъэхэр къырихыгъэх. Къуаери хьалыгъури щаим ригъэгъэушъэбымэ гупшысэр къышlуебэкlызэ, мыгузажъоу шхагъэ. Джацыр къызэсым, амдэз ышти, пчэнышъо нэмазлыкъкlэ Тхьэм ыпашъхьэ иуцуагъ. Зэгъолъыжьми, мэфэреным пшъыгъагъэми, чъыяпэ къекlущтыгъэп.

Адэ шъхьэзэкъо мыгъоу дунаим утет зыхъукӀэ, Бамбэт ыӀуагъ, къыпкӀэӀэн уимыӀэу унасыпынчъэщт. Дунаир хьафми, гур къыдэзгъэчъын чэфыгъо горэ тебгъуатэ пшӀоигъощт. ЦӀыфмэ апашъхьэ сыщэсэмэркъэу, зыщысэгъэлӀы, зыщысэгъэӀэпкӀэ-лъапкӀэ шъхьакӀэ, унэм къызызгъэзэжьрэм, сызӀуплъэрэ пстэури, хьаку мэшӀошӀыгъэм нахь тхъагъо симыӀэу сэпсэу. ЕтӀани сэ зыгорэм седыргъы, сыкӀэнакӀэ, сепӀэскӀу… Сыд пае чылэмэ ялыягъэу ХъорэлӀыкъо Мэрчанэ лӀы шӀагъом ыгу хэзгъэкӀыгъ, сыд иаталыкъыгъи зэрэсищыкӀэгъагъэр? СултӀанхэми къэзэкъхэми сыд зызкӀязгъэгъапэрэр?.. Хьау, хьау, Шапсыгъэр, ащ фэдэ гупшысэхэр пшъхьэ къимыгъахьэх, о джаурмэ апашъхьэ укъызыщытхыокӀэ, адырэмэ сыдэу зашӀыщт, быслъымэн жъугъэр хэт къыкъонэщт? Ары шъхьакӀэ, сэ зэкӀэми запэӀусыубгъон, зэкӀэри къэсыухъумэн слъэкӀына!.. Сэри фэбагъэ горэ, шъэбагъэ горэ, мыхъу зыщыхъужьырэм, сыгъучӀэп, сыкъызкъонэжьын къотэгъу гори сищыкӀагъ. Зэ, зэ, Шапсыгъэр, цыхагъэ къызхэмыгъаф, Алахь гукӀэгъушӀэр орба зикъотэгъур! – Бамбэт зэушъыижьмэ, зэгыижьмэ, зыфэгубжыжьызэ хэчъыягъ…

Бамбэтрэ Пщымафэрэ, тыгъуасэ зэрэзэзэгъыгъэхэу, Нашъхьэ щызэӀукӀэхи, щайшъогъу ужмэ адэжь сымэджаплъэ Тыгъужъыкъо Къызбэч фихьагъэх.

Къызбэч зэрыс унэр зэгъокӀы. Пчъаблэм лӀитӀур зыделъагъом, Къызбэч тэхътэ мылъагэм къытетэджыкӀыгъ. Бамбэти ылъэгъурэр ыгъэшӀэгъуагъ:

– О шӀуфежьэжь, титхьамэтэ маф, зимафэ мэфишъэ хъун, сэ пӀэм ухэлъ сшӀошӀыгъи адэ! Олахьэ зэрэ Шапсыгъэ хэгъэгоу игъуаджэ къытэхъулӀагъэм, къэзэкъмэ емыкӀу къытахэу ащ фэдэ мэхъуа,– Бамбэт игукъао гъунэ имыӀэу Къызбэч иджабгъу тэмэпкъ псау фэсакъзэ Ӏэ щефэ, зеухыжьы, фагъэлъэгъогъэ пхъэнтӀэкӀум дэжь зыщыретӀэжьышъ, кӀэгубжыкӀыжьы: – Сэщ нахь паӀо зыщыгъ адыгэмэ къахэмынэжьыгъэми, къэзэкъмэ къыташӀагъэр афэзгъэгъунэп!

– Аущтэу укъэнэныр Алахьыфом ерэмыд, Бамбэт,– пэтхыщэ фэкӀыхьашъомрэ ӀупшӀэ мыпӀокӀэ-мыӀужъумрэ жэкӀэ-пэкӀэ тхъуагъэмэ къахэщэу Къызбэч щхыпцӀызэ, ихьакӀэ къыреӀожьы,– шъутӀыс, шъущымыт. Сыгъунэгъу пӀоу, Агоир, пчъэшъхьаӀумкӀэ умытӀыс, моу мыкӀэ къылъыкӀуат.



– Олахьэ игъуаджэм къэзэкъмэ къыташӀагъэр,– Къызбэч гъунэгъум зэрэфэгумэкӀырэм пымылъэу, къызэрэхагъэщри имыгуапэу Бамбэт джыри уцурэп, зыфаер къеӀо: – ЕмыкӀу къытахыгъ… КӀо, сэ сыуигъусагъэп шъхьакӀэ, Къызбэч, укъэзыухъумэн горэ уакӀыб дэтыгъэба? Хэти ежь ышъхь джары язгъэӀуагъэр…

– Сэ къысэмыкӀущтыр ары, Бамбэт, джы къапӀорэр,– Тыгъужъыкъо Къызбэч ышъо къызэокӀыгъ, ау зэримыгуапэр ымакъэ къыхимыгъэщын ылъэкӀыгъ,– укъаухъумэщтмэ, бэйтэмал, сыд пае ушэсын, уипыймэ яӀаши бгъэхьаулыен. Ау зэо утыгум ущызэдэӀэпыӀэжьыныр армэ узтэгущыӀэрэр, ар Ӏоф шъхьаф. АщкӀэ Пщымафэ сыфэраз,– нэшӀукӀэ зигугъу къышӀырэм феплъэкӀыгъ,– сакӀыбкӀэ къэуагъэр онэгум риутэхыгъ, ишыплӀэкӀэ зэуапӀэми сыкъыӀуихыжьыгъ.

– Адэ укъыӀуихыжьын,– Бамбэт къыхэкуукӀы,– ощ фэдэ цӀыф, ощ фэдэ дзэпэщэфо къэзэкъыгум къырана! – КъыӀуагъэр джы шӀомыӀофыжьэу къышӀуӀэпыкӀыгъэ макъэм тӀэкӀуи рыукӀытэжьыгъэу зыкъиухыижьыгъ.– Ашъыу, тимыӀофмэ тапылъзэ, абдзэхэ къушъхьэмэ чъыӀэ къащысхэхьагъ…– ЩыситӀум яз къеупчӀын гухэлъ ямыӀагъэми, гущыӀапэр къахидзагъ: – Зыуж ситыгъэми укъытэгущыӀэнэу былымэп. Ори, Къызбэч, ащ икъэбар, Пантелей ары шъыу, зэхэпхыгъэнкӀи мэхъу, уигъунэгъу синыбджэгъужъ Агоим къыуимыӀуагъэмэ…

– Тэмэм, зигугъу къэпшӀырэ Пантелей шъаор армэ, икъэбар зэхэсхыгъэ. Пщымафи сэри тигъэгумэкӀыгъ, тыкӀэупчӀагъ, джыри тыкӀэупчӀэ сисымэджаплъэхэми ясэӀо, ау игъогупэ тытэхьагъэгоп.

Бамбэт ышъо къыпычъыгъ, ау зыкъишӀэжьыгъ:

– СултӀанмэ яныо илъэӀу ори, тхьамэтэфо, къыплъигъэӀэсыгъа?.. Еплъ ащ ышӀэрэр!.. ЗэрэхъурэмкӀэ, Агоир, тэ тизакъоп, зэмылъэӀурэ къыгъанэрэп…

– Ихьау! – Къызбэч щхыпцӀи, игущыӀэгъу къызэпиутыгъ, етӀанэ нахь мэкъэ гъэтӀылъыгъэкӀэ риӀуагъ: – Мыхьамэт-Джэрые зытэгъэтӀылъым ыуж, Къэнтатэ сытэплъагъэп. Ау ащ зи хэлъэп, Бамбэт. ЯнэӀосэ къэзэкъ шъаом Ӏофы зыригъэшӀыгъэу зэрэлъыхъурэр сигуапэ. КъысэмылъэӀугъэ пэтызэ, сиуӀагъэ унэм сыримыубытэгъагъэмэ, сэри сылъыхъуни. Моу слъакъо лъэрыгъым изгъэуцон зыслъэкӀырэм, ари фэсшӀэн.

– Ы-ы!..– Бамбэт ишъорышIыгъэ гумэкI нахьи ежь зыдиIыгъ шъэфым нахь къыкIигъащтэу къызIуипхъотыгъ, ушъхьагъуи къыгъотыгъ: – Къэзэкъмэ мощ фэдэ уIэгъэфо къыптыращагъэу, ар пфэшIэшъуна, Къызбэч?! Олахьэ сымышIэ... Аущтэу оIомэ, тхьамэтэфо,– нэмыкI пэкIэ лъэныкъокIэ, гые тIэкIуи хэлъэу игущыIэ къызэпыригъэзагъ,– тэри тыгукIэгъунчъэп. Тэрышъы, Агоимрэ сэрырэ апэрэ лъэIур СултIанмэ яныо къызэрихьылIагъэр, тигуапэу тыкъыбгоуцон, ы-ы, Пщымаф?

– Къызбэч тхьамэтэфом иIо сиIо,– ишъхьэкIэфагъэ шапсыгъэ пащэм рыфыхигъэщзэ, пхъэнтIэкIум Пщымафэ тIэкIу зыкъытыриIэтыкIы фэдэу къеупчIыгъэм дыригъэштагъ.

– Тхьэшъуегъэпсэу,– Къызбэчи джэуп къытыжьыгъ.

– Арэп сэ непэ сызгъэгумэкIырэр,– щытхъу фаIокIэ ежь зыкъызэрэхигъэщыщтым нахь Iоф Бамбэт иIэп,– тыдэ щыIэми а къэзэкъ шъхьэпаер, утигъусэщтмэ, сыд едгъэIон, къэдгъотын. Ау хэсэ-зэIукIэм узэрэхэмытыгъэри, Власовым икъэзэкъмэ тазытэорэм, Щырыхъукъор къызэрэбгомытыщтыр сыгу къео. ТыкъэцыхэкIэ арэп, ихьау, ар тшъхьэ къидгъэхьахэрэп, укъытхэтыгъэмэ, лъэшэу тигопэщтыгъэ. Ау, тхьамэтэфо, сэщ нахь къэмынэжьыгъэми, плъы зэрэсшIэжьыщтымкIэ уицыхьэ къыстэгъэлъ. Сисэфо къэзэкъ-джаурмэ ашъхьэ шIуимыгъэлъэтыщтымэ, къэуIуIэжь ышIэщтэп.

– Ар пIоу, Бамбэт, къэзэкъхэри цакохэп, лIыгъэнчъэхэп, плъырыгъащэ къызхэмыгъаф. Зэо утыгум плъырыгъэмрэ лIыгъэмрэ щызэпэчыжьэх...– къесэмэркъэуми шъыпкъэ къыреIоми умышIэнэу, Къызбэч къеушъыигъ.– Мыдэ, Шапсыгъэр, сыкъыоупчIын сэIошъ, сщыогъэгъупшэжьы,– Къызбэч игые-ушъый къыхимыгъэщыпэу, ау бащэ Бамбэт къызэриIорэр гуригъэIонэу риIуагъ,– мы мэзэ зытIущым Шъэуае сытэплъэжьрэп, игугъуи зэхэсхырэп, тэ щыIа а лIы шIагъор?

Бамбэт пкъыкIэ къэцыхагъ, ау зиIэжагъ, щхыпцIыгъэ:

– Тэри, тхьамэтэфо, Шъэуае тыфэлIэжьыгъ...– «Сыд джы ащ узфынэсыгъэр», Бамбэт гукIэ гъумыгъугъэ, къэщтэуIугъ, ау ежь зыфаер ариIокIыныр ащ пае къыгъэнагъэп.– СултIанмэ япщ заукI уж, хэщэгъагъэкIэ енэгуягъо, Къэнтат гощэшхори ащ егуцэфэжь къодыерэп... Абдзахэ зыщигъэпшкIужьыгъ аIуагъ. Бжъэдыгъухэри шапсыгъэхэри бэйтэмалым щыгъупшэжьыгъэх...– Тыгъуасэ Шъэуае пае къыIогъагъэм джы нахь зэрэтекIырэр зыдишIэжьэу, ишъыпкъапIэ дэдэ ущызгъэгъозагъэпышъ, къысфэгъэгъу къыригъэкIэу Бамбэт Пщымафэ фыреплъэкIыгъ, нэмыкI мэкъэ теубытагъэкIи къыухыжьыгъ: – ЛIыгъэ горэ хэлъыжьыхэмэ, абдзахэмэ афэсIопщыгъ, къэзэкъ тэом къытхэхьанкIэ сэгугъэ...

## X

Шапсыгъэ шыу минитIурэ шъитфырэ фэдиз, бжъэдыгъу мамырмэ ячIыгу имыхьэхэу, мэз Iэпчъэ чIэкIыкIэ, адыгэ къумалхэр зыIэтыгъо рамыгъэфагъэхэ къащыхъоу, пчыхьэм ехъулIэхэу, Екатеринодар кIахэкIэ, Петровскэ къутырмэ якIугъэх.

Бжыхьэ пчыхьэм темэн пщагъом шышъхьэр умылъэгъужьэу зыкъызэхиутIэрэхъагъ. Пшызэ зыхэзытэкъощт шыухэр джыркIэ лъэсых – шыхэм апэбгыхэр пхыгъэх, Щырыхъукъо Тыгъужь къытыщт макъэм зэкIэ ежэх. Загъорэ псым къыхэурэ пцэжъыемэ анэмыкI Iэгъо-благъом макъэ къыщыIурэп. Адыгэ нэпкъыри къэзэкъ нэпкъыри гумэкIыгъо шъэфым зэлъиIыгъ.

Пшызэ зэпырыкIыхэ хъумэ, шыухэр зэрэмыгъэохъунхэу зэтеутыгъэхэу чIыпIэ-чIыпIэхэу щытых – хэти пэщэ ушъхьафыгъи годзэ гъэнэфагъи иI.

Щырыхъукъо Тыгъужь дзэпащэр зыпэ итыщт шыумэ Агой Пщымафэ ахэт шIоигъуагъ шъхьакIэ, загощы зэхъум, Шапсыгъэ Бамбэт къеIушъашъи, «апэрэр сыдигъуи мэшIуапэм пахьэу хабзэшъ, умыхъыжъ» къыриIуи, япшIыкIубгъонэрэ шыуишъэмэ, ахэуцуагъ.

ЧыжьэкIэ, мэз гупчэмкIэ тыгъурыгъу гуих-псэих макъэр зытIо-зыщэ къыщыгъи, Iуитхъыжьыгъ, псэ зыхэт гори къыпэджэжьыгъэп. ТIэкIу шIэ къэси уашъор къегъолъэхы, шIуцIашъо хъурэ пщагъом шыхэри, цIыфхэри къыхэщыжьрэп.

– Сыд сэIо тызажэрэр? – Бамбэт зыфэмыщыIэжьэу Пщымафэ зыфещэишъ, ытхьакIумэ еIушъашъэ.

– Игъо къэсыгъэпщтын...– ныбджэгъум ишыкIэкIэ Пщымафи джэуап къетыжьы.

– Пшызэ тызыхахьэкIэ, зымыгъэшъужь, лъэгуанджэкIэ онэгум уисэу шым зырегъэх.

– Апэрэу къыпшIошIа, Бамбэт, Пшызэ тызэрикIрэр…
– Олахьэ арым, ау етIани…
Ардэдэм апэкIэ псыхэхьэ макъэхэр къыщыIугъэх, ежьхэми запхъотагъ. Сыд фэдэу шыумэ заушъэфыщтыгъэми, шымэ япырхъ макъэ пIэжэн плъэкIынэу щытыгъэп. Адыгадзэм зэщиутыгъэ псыдзэ макъэр къэзэкъ нэпкъ лъагэм дэлъэтэягъ, шхончэо зырызхэм зыкъаригъэпхъотагъ, ахэмэ нахьыби къапэджэжьэу регъажьэ, лъэгапIэмэ ащыплъырырэ къэзэкъхэр, адыгэ щынагъо зэрэщыIэр къыраушыхьатэу, топгъаокIэ зэджэжьых…
Джа уахътэм, сыхьатыр бгъум ыныкъомэ адэжь, адыгэхэр Пшызэ зыщызэпырыкIыгъэ чIыпIэм шы илъыгъо зытIукIэ пэчыжьэ яплIэнэрэ Петровскэ къэзэкъ плъырыпIэм Власов генералыр уплъэкIун IофкIэ щыIэу къычIэкIыгъ.
Адыгэ шыумэ апэ къифэрэ пстэури Iурагъэхзэ, Петровскэ къутырмэ алъэныкъо загъэзагъ.
– ПсынкIэ,– Власов генералым Журавль старшинам риIуагъ, уикъэзэкъхэр зыдещажьэхи, адыгэмэ ауж ихь, шъуяу. Адыгэмэ апэкIи абгъукIи Табанецым икъэзэкъхэр къапэуцущтых. ТIэкIу зытешIэрэм, шъукъэщтагъ ашIожъугъэшIи, къыкIэшъуIэжь, тэ мыдыкIэ такъыпэтIысыщт.
Журавль старшинам фагъэуцугъэ пшъэрылъыр ыгъэцэкIагъ. Шы илъыгъо зытфы-зыхкIэ адыгэмэ акIахьэхи, акIыбкIэ шхонч зао арашIылIагъ. Славянскэ уцупIэм топищ ягъусэу къэзэкъхэр къизыщыгъэ Залесскэ есаулыри, Табанецым иемэ аготэу, адыгэмэ апэкIэ къиуцуагъ, къахэуагъ. Ахэмэ къадырагъаштэу шъофым итэкъогъэ къэзэкъ плъырыпIэмэ ямашIо, чэщ шIункIыр къызэлъагъэнэфэу, къызэлъыкIагъэнагъ, ятоп-шхонч омакъэхэми, яшы лъэбжъэ зэпэджэжьхэми, цIыф зэрэгъэкуохэми зыкъыщапхъотагъ. Бгъу пстэури мэшIо пчыпэ зэхау, шыбгъэ зэутэкI, щэ шъуй макъ…
– Сыд джыхьнэм машIу тызхэфагъэр! – Щырыхъукъо Тыгъужъ ыкIыбкIэ гукIодыгъо макъэ щызэхихыгъ.
– Щыгъэт, Iиман зимыI! – фэгубжыжьыгъ.– УлIба «аI» пIожьэу, яу джаурмэ, ашъхьэ шIогъэлъэт!
Сыд фэдэу дзэпащэмэ зашIыгъэми, къажэхэкIотэрэ машIомрэ къатырапхъэнкIэрэ пцэшIуащэмрэ адыгэ шыухэр къагъэщтагъэх, зэкъэчъыхьагъу имыкъукIэ, апэ зыгу къэкIыгъэри умышIэнэу, къагъэзэжьыгъ.



Джары Власов генералри зыфэягъэр. НэмыкI къэзэкъ чIыпIэмэ къарычъыгъэ топ зыыгъ шыухэмрэ лъэсыхэмрэ нахь гуих-псэихэу къапэуцугъэх. Топыщэхэмрэ пцэшIуащэхэмрэ зэхаукIыхьэрэ адыгэ шыумэ ясэмэгубгъукIэ агъэзагъ, бжыхьэ чэщ шIункIым Къылыщтыку темэн зэхэшъухьагъэм, къэзгъэзэжьхэрэр ауж кIэ къикIрэмэ раутыжьхэзэ, хитэкъуагъэх. Шыхэр, цIыфхэр темэным зыхелъашьох, зэрэгъэкуох. Темэн пшIапшIэм къыхэпшыжьрэмэ къэзэкъ сэшхор, къамэр атыракъутэ, мэзахэм щалъэгъущамылъэгъуми, зыпсэ кIэбэныжьрэ цIыфмэ шхончаохэр ашъхьащытых, ящэмэ ашъхьасхэрэп, хъыерэмэ агу атырагъэпщахэ, аIапэ къафэзыщэйрэмэ шхонч лъэбкIэ яох. ЕтIэпсым къыхэпшыжьрэмэ сэшхоогъукIэ ашъхьэ шIуагъэлъэты, лъапэкIэ темэным хадзэжьы…
Шыхэр мэщыщых, цIыфхэр мэкуох, зэлъэтхъох, зыр зым ышъхьэ тепшыхьэ. Бжыхьэ чэщым зыкъызэкIих къэсми, темэн заом итхьамыкIагъо къэнафэ.
ЛIы цIыкIу ушъэгъэ пытэу Власов инэралыр къэзэкъмэ апэ ит, сэшхор ихыгъэу темэн гъунэр къыречъыхьакIы, зышъэ икIыгъэ къэзэкъхэр кIодыпIэм ифэгъэ адыгэ IэпыIэгъунчъэхэм атырегъэгушIухьэх:
– Шъуяу, къэзэкъхэр! ШъуукIых, темэным ежъугъэтхьалэх басурманхэр!
Щырыхъукъо Тыгъужъ иш бгъэкIэ зыригъэдзымэ зэхэфэжьызэ, сэшхори зэриIыгъэу, темэным къыхэпшыжьы, ишыкIэ зыкъыпызышIэгъэ лIышхом къыгъакIорэп. Къэзэкъмэ ар алъэгъугъэшъ, ясэшхо къипхъотыгъэхэр фагъэлъагъо, кIэнакIэх, дэхьащхых, екуох.
– КъакIо, къакIо, зэ темэн гъунэм къынэс, адыгэ шъхьэпцIэнэжъ!..
– Модэ, кIэзыIэжьыгъэ шыур шъумыгъакIо!..
Затхъохэмэ-къызэтхъожьхэзэ саем чIезэрэгъэлъэшъорэ адыгэмэ сыд пае пкIэнчъэу щэр атебгъэкIодэжьын аIомэ адэхьащхыхэу нэмыкI къэзэкъхэри темэн гъунэм Iутых.
Темэным чIилъэшъорэ шым ыкIыIу лъэгонджэмышъхьэкIэ тесыр онэгум къетэджыкIышъ, ыIэхэр дэгъэчъэягъэхэу, псы шъугъэм къыщыхъурэм пымылъыжьэу, маджэ:
– Алахьу акбар! Алахьу акбар!..
– Мо нэмазышIыр къешъуутэх! – Залесскэ есаулым къэзэкъ горэм ишхонч къыIэкIетхъы.

– Ищыкlагъэп, есаул,– Табанец полковникым ыдэрэп,– тlэкlу шlэмэ, ыжэ саем ыкудэщт. Модэ мо къыхэпшырэ шыум шъуфэсакъ.

– Ар зыми кlощтэп, Григорий Кондратьевич,– Залесскэм къырелlожьы, ынэгу къыкlэуцуагъэм къыхегъэкуукlы: – Модэ еплъ мохэр яхьэдэгъу зэрэпэгъокlыхэрэм!..

Сэнджалэ зэшитlум ятэ азыфагу дэтэу мэкъэнчъэ lэ зэрэlыгъэкlэ саем зычlырагъахьэ. Къипшlэпшlыкlырэ сэепсыр ажэпкъ къызыблэкlырэм, аужрэ гущыlэр ятэ ыкъомэ арелlожьы:

– Шъугу къысэшъумыгъабгъ, сикlалэхэр... Цыхагъи пый пашъхьэм къызыщыхэшъумыгъаф...

– Сыд мохэмэ, басурманмэ, ялlыгъэ теплъэу тызфыщытыр, къамылым машlо кlэтэжъугъадзи, хэтэжъугъэгъэстыхьэх! – ащыщ горэм къыlуагъ.

Щырыхъукъо Тыгъужъ иш ыкlэ пышlэгъэ лlым Агой Пщымафэ фэгубжыгъ:

– Тхьамэтэфом ишыкlэ тlупщ, тэмэным хэгъэкl!

Хьадэгъум зынэ лъы къытыригъэлъэдэгъэ лlышхом епlорэр зэхихыжьынэу щытыгъэп. Щырыхъукъо Тыгъужъ иш джыри зепхъуатэ – чlыпlэ икlырэп, бгъэкlэ зэхэфэжьы. Темэныбгъум lут къэзэкъмэ lэ къыфашlы, къыкlэнакlэх.

– Армэ, Алахьэм къысфегъэгъу, узгъэохъури джаур! – Щырыхъукъо Тыгъужъ сэшхоогъукlэ ишыкlэ пышlагъэм ышъхьэ шlуегъэлъэтышъ, нахь шъхьафит зешlы, ар зылъэгъугъэ къэзэкъхэри зэтырегъакъэх.

Власов генералым Щырыхъукъо дзэпащэр къешlэжьы:

– Щырыхъукъо Тыгъужъ ар!.. Псаоу къысlэкlэжъугъахь!

– А зыр пфэшlэнэп, Власэжъыр! – Тыгъужъ игухьагужъ ежьыри, иши, къыгот Агой Пщымафи кlочlакlэ къахилъхьэу адыгабзэкlэ къызбгырыугъ.– Некlо, Агоир, Алахьэм ыlорэр хъун, мо къэзэкъмэ lэ пцlанэкlэ таубытынэу яхьисапышъ, шыбгъэкlэ, сэфокlэ тягъау!

Щырыхъукъо Тыгъужърэ Агой Пщымафэрэ ошlэ-дэмышlэ илъыгъокlэ темэным зыкъыхадзыгъ. Ащ фэдэ хъуным емыжэгъэ къэзэкъмэ ахэлъэтхи, Пшызэ лъэныкъокlэ задзыгъ. Къэзэкъ шыухэр алъежьагъэх, акlэлъыуагъэх. Тыгъужъ къызызэплъэкlым, ежьмэ анэмыкlэу адыгэ шыу гори ауж итыгъ, ащ къыкlэхьэ-къыкlэмыхьашъохэу къэзэкъ шыухэри къалъычъэщтыгъэх.



Щырыхъукъо Тыгъужъ къызэкуокlыгъ:

– Уиджабгъукlэ гъазэ, Агоир, сэ нэпкъым себгъучъэщт, къэзэкъхэр зэбгырытымыщмэ, къыткlэхьащтых!

Агой Пщымафэ иджабгъукlэ кlэбгъулъыгъ, джа дэдэри ыуж ит шыуми ышlагъ, нэпкъ мылъагэм епкlэхыхи, псым хэпкlагъэх. Нэпкъым зыщизытlэгъэ къэзэкъ шыу зыщыплlыр адыгэ шыумэ алъыощтыгъэх шъхьакlэ, адырэ нэпкъым ядзэ пащэ зыдэчъэрэ лъэныкъор янэплъэгъу гумэкlэу техьажьыгъэх.

Щырыхъукъо Тыгъужъ итхьагъэпцlыгъэ, ежь зэрэгугъагъэу, къыдэхъугъ. Къэзэкъ шыу нахьыбэу Залесскэ есаулымрэ Журавль старшинамрэ зипащэхэр зылъищэхэзэ заулэрэ чъагъэу, нахь нэпкъ тешъом зынэсым, кlэкlэу ыгъази, Пшызэ хэпкlагъ, шыlупlэм гошlагъэу адыгэ нэпкъым есылlэжьыгъ. Адыгэчlым ылъапэ къызэрэтыридзэжьэу, къэзэкъмэ апымылъыжьэу, Къылыщтыку темэн шъугъэмкlэ плъагъэ, къамыл мэшlошхори ащ хэстыхьэрэ адыгэхэри ынэгу къыкlэуцуагъэх, зыфэамалынчъэ тхьамыкlагъом ыгу къыпиlонтlыкlыгъ.

Мэз чlэгъ зэрэхъоу, Щырыхъукъо Тыгъужъ ищыгъынмэ псыр къазэрэпыжъожъурэм, зэрэшъхьапцlэм гу лъитагъэми, игъусэгъитlур къызэригъотыжьыщтым еусэу чъыг къогъу зишlи, дэlуагъэ. Нэфшъэгъо мэзым изэгъокl загъорэ бжыхьэ къолэбзыу зырызмэ къаукъо нахь, ежь зыкlэхъопсырэ цlыфымэ гори хэурэп. Сигъусагъэ горэхэр згъотыжьыгъэмэ дэгъугъэ, ыlуагъ. Ардэдэми, ыгу илъыр къашlагъ пlонэу мэзыгум къыщыджагъэм ыцlэ къырыlуагъ, Агой Пщымафэ ымакъи ышlэжьыгъ, зыпэгъокlыгъэм еупчlыгъ:

– Уауж итыгъэр тэ щыl, Агоир? Псауба?

– Псау, Тыгъужъ, псау. Кlэлэ чанэуи къычlэкlыгъ, машlо къешlы.

– Хэтмэ ащыщ?

– Олахьэ сымышlэ, нэlуасэ тызэфэхъугъэп.

– Машlо пlуи?.. Мы дунай цlынэм тыдэ машlо къырихыщт?

– Сэри ар сlогъагъэ,– Пщымафэ ынэгу пшъыгъэ щхыпэ тlэкlу къечъагъ,– ау ипэlо шыгу иlэбжьи къырихыгъэ штаукlитlумэ зэогъукlэ бзыуцыф шъагъэм машlо хыригъэдзагъэу уиджэмакъэ сыкъыкlэрищыгъ.

– Олахьэ машlо тищыкlэгъагъэм, ау!..– Тыгъужъ зыгъэгумэкlырэм ышъхьэ къырихыгъэп, заулэрэ кlуагъэхэу къыlуагъ: – Мыщ фэдэ тхьамыкlагъо къытэхъулlэн lоу нибжьи сымышlагъэ… Къэзэкъмэ зи къытагъэлыгъэп… Алахьэм фэхыгъэмэ, тэмэным хэкlодагъэмэ ягунахь къысфегъэгъу… Чэщтэом бэрэ зыфэдгъэхьазырыгъ, ау къумалхэр къытпэшlуекlуагъэхэкlэ сенэгуе… Тыгъужъыкъо Къызбэч тхьамэтэфор типэщагъэмэ, ар къытэмыхъулlэныекlи мэхъу… Сыдынэкlэ цlыфмэ апашъхьэ сихьажьыщт, фэхыгъэмэ ясабыймэ, янэмэ, яшъузмэ саlуплъэжьыщт? Сипаlо къызщысынагъэм сшъхьи къыщысынэн фэягъэ!..

– Зымыухыжь, тхьамэтэфо, тэ тизакъоп тхьамыкlэгъофор къызэхъулlагъэр… Сыдэу тшlын, тынасыпынчъ… Умакlэ зыхъукlэ, утхьамыкl, тэ зэкlэри къытэнэцlы, ташхы… Етlанэ, о уизакъопи шапсыгъэ-натыхъое-жанэ дзэм пащэу иlагъэр? Лъэпкъ пэпчъы пэщэ заулэ, ауж итхэми апэ зашlыжьэу, иlагъ.

– Ары шъхьакlэ къыбгурыlорэба, Пщымаф, дзэ пэщэгъур зэрэпсаоу сэри зыпшъэ илъыгъэр…

– Къызгурэlо, нахьыжъ, къызгурэlо, тхьамэтэфо… Ау Пшъэдэкlыжьыр уизакъоп, зэкlэми зэдэтэхы… Бжыхьэ чэщ шlункlым о къызэрэпшlошlэу, тэмэным ащ фэдиз хэмыкlодэгъэнкlи мэхъуба… Мары, тэри тыкъыхэкlыжьыгъ, нэмыкl шыухэри, лъэсхэри хэкlыжьхэу слъэгъугъэ…

Тыгъужъ исэмэгубгъукlэ къыгот шыу ушъыякlом къыlорэр ышъхьэ имыхьажьэу, зэкlэри зэфэзыхьысыжьырэ иадыгэ шъхьэкlо гукъао джыри зэ хьылъэу хигъэщэтыкlыгъ, ежь фэшъхьаф къэмынэжьыгъэ пlонэу зэгыижьыгъ:

– Щырыхъукъор, зи хъун къыохъулlагъэп, улlыгъэнчъэу, уакъылынчъэу укъычlэкlыгъ… Ппсэ къызыолыжьым, бэйтэмал, уипаlуи къыолыжьын фэягъэ… Сыдэущтэу ушъхьапцlэу чылэм удэхьажьыщт, шъузым ыпашъхьэ уихьажьыщт?!

Агой Пщымафэ ошlэ-дэмышlэу шым зырыригъэтlагъ, зэрэщыгъупшэжьыгъэр шlоемыкlоу къыхэкуукlыгъ:

– Тхьамэтэфо, къэзэкъмэ непэ дейлэ сашlыгъэмэ сшlэрэп, къысфэгъэгъу, уипаlо мары, сионэкъуапэ пылъ!..

– Ы-ы! – Щырыхъукъо Тыгъужъи иш зырыригъэтlи, къыдигъэпкlэягъ.



– Е зиунагъо бэгъон, зимафэ мэфишъэ хъун Пщымаф, уянэ лlэу укъилъфыгъ, сшъхьэ къэпщэфыжьыгъи! Тхьэуегъэпсэу, сшынахьыкl!..

Щырыхъукъо Тыгъужъ зэу адыгэ тхьамыкlагъор щыгъупшагъэу ипаlо ыбгъэ сэмэгурэ ынэкlушъорэ анигъэси, зэрэцlынэу зыщилъэжьыгъ, нэшlукlэ къыфэзыхьыжьыгъэм къыфыреплъэкlыгъ. Дэжъые чъыг куашэмэ захэкlхэм, мэшlуамэр шыуитlумэ къакlэуагъ, ыгъэгушlуагъэх. Гъончэдж чlэгъычlэлъ пlонэкlэу машlом зезгъэурэ кlалэм нахьыжъхэр зелъэгъум, гузэжъо-гумэкlыкlэ чъыгэе къогъум зыкъуидзагъ.

– Ар умышlэ, сикlал,– Щырыхъукъо дзэпщым къыlуагъ,– тинахьыжъыгъэ адыгагъэ къызэрепхырэмкlэ тхьэуегъэпсэу, цlыф укъыхэкlыгъ. Ау джы непэ тызэрыфэгъэ чlыпlэм тищи зэфэдэ тишlыгъ. А пщыгъри, чlэгъчlэлъ нахь мышlэми, гъончэдж, сикlал, къыкъокl, уилlыгъэ нэгу зэ сыкlэгъаплъ, тызхэфэгъэгъэ джэхьнэмым зыкъыхэпхыжьын пшъэ ифагъ, афэрым.

– Ащ фэдэ гущыlэшlухэр, нахьыжъ, къыстэфэрэп сэ…– илъэс пшlыкlубл-пшlыкlуй зыфэбгъэшъошэн кlэлэ ищыгъэ пэшхор укlытэзэ, чъыгэе къогъум къыкъокlыгъ, иджанэ игъончэдж чlэгъычlэлъ пэlуихъуагъ.– Шы чан сыгости, сыпсынкlэти къэзэкъхэр шъо къышъупылъ аlозэ, тэмэным сыкъыхихыжьыгъ, шъуауж сыкъихьагъ… Къэзэкъ шыухэр зэбгырышъущыгъэти, тхьэуегъэпсэу, нахьыжъ, сыкъялыжьыгъ.

– Шыу зэбгырыщмэ ахэошlыкlа? – Пщымафэ зэхихыгъэр шъаом римыпэсэу еупчlыгъ.

– Шыу зэбгырыщмэ ахэсымышlыкlыщтыгъэмэ, нахьыжъ, титхьамэтэфо къэзэкъ шыухэр зызылъещэхэм, уауж сыкъилъэдэщтыгъа!..– Кlэгупшысысихьажь псынкlэкlэ игъончэджи иджани зыщилъэжьыгъ.

– Мы къэпlуатэрэмэ, сикlал, хэт гу алъыуигъэтагъ? – щыгъын цlынэхэр зэрэщыгъэхэу машlом зезгъэущтыгъэ Тыгъужъ еупчlыгъ.

– Зимафэ мэфишъэ хъун Хъорэлlыкъо Мэрчан ары.

– Аущтэу оlомэ дэгъу, сикlал. Тхьэуегъэпсэу, сыгу къыдэощае. Джы узщыщыр тэгъашlэ.

– Хъорэлlыкъо Мэрчан ичылэ Мэрчанэ сыщыщ. Сцlэр Къэгъэзэжь. Чылэм къызэрэщысаджэхэрэр, шъушlосыушъэфынэп, Пэшъукъ. Къыстэзгъэнагъэри Хъан-Джэрый

зыцӀэ СултӀанмэ япщы шъаоу Екатеринодар къэзэкъ пытапӀэм щырагъаджэрэр ары. Зэ моу зэопӀэ утыгуми гъогупэ зэхэкӀми зэгорэм сыщыӀугъакӀ, ипэшъукъыгъи икъумалыгъи зыдезгъэшӀэжьэу, Шъэое фэкъолӀыр ятэ зэрэдэзекӀуагъэм фэдэу, сэри ащ ыпэтх зэпысыутыщт!

Щырыхъукъо Тыгъужърэ Агой Пщымафэрэ шъэо къежьэгъакӀэм иаужрэ гущыӀэ гукъаомэ зэфычӀагъэплъыгъэх. Ау Пщымафэ зыгъапэрэмкӀэ емыупчӀын ылъэкӀыгъэп:

– ЗыгорэкӀэ Шапсыгъэ Бамбэт ошӀа?

– СымышӀэу! – раӀуагъэр шӀогъэшӀэгъонэу Пэшъукъ къызӀуипхъотыгъ.– Тыгъоспчыхьэ Пшызэ къыддисыкӀыгъэмэ ахэтыгъи ар. Къызготэуи ынаӀэ къыстэтэуи къэзэкъ нэпкъыми къыздыдэчъэегъагъ, къэзэкъ уцупӀэм текӀу зэхъум, сшӀокӀодыжьыгъ. Ари лӀы пхъаш, шы дэгъуи госыгъ.

– Джа лъэхъаным, тызэрэшӀэщтыгъэп нахь, сэри сышъуигъусагъ, тызэшӀомыкӀодыным пае тызэджэжьыщтыгъэ.

– Ора, нахьыжъ, «Бамбэт» зыӀо зыпытыщтыгъэр?

– Олахьэ сэрым, къытэбгъэфагъ… Ярэби, псауа шъуӀуа а тхьамыкӀэжъыр?

– АщкӀэ, нахьыжъ, узгъэпцӀэнэп, къыосӀон сшӀэрэп…

ЛӀыхэр зыфэгумэкӀыщтыгъэхэ Бамбэт ищыгъынмэ темэн етӀэпси, гын гъозыми къакӀэмыуагъэу, гъушъэбзэ-къабзэу, зигъусагъэмэ къызагъэзэжьыкӀэ, тэри тызэуагъ, лъыри дгъэчъагъэ, сэшхо чӀэгъми тыкъычӀэкӀыжьыгъ ыӀозэ ахэхьажьынэу, Къылыщтыку адыгэмэ къыщяхъулӀагъэм щымыгъуазэу, мэзым икуупӀэ хэсыгъ. Сыд силажьэр, тыгъоспчыхьэ Бамбэт ышӀагъэм гукӀэ зыригъатхъэу, лы гъэгъугъэ чъыӀэр мэшӀуашъхьэм щигъэфабэзэ, щхыпцӀыгъэ, нэбгыритӀоп, нэбгырэ тӀокӀэп, мощ фэдиз мацӀэу зишылъэбжъэ макъэ зэхэзымыхыжьрэмэ сахэмыты мыхъунэу… Адыгэ цӀыкӀур егъашӀэм лыгъэм еукӀышъ, къэрэбгъагъэкӀэ къызытезгъэгущыӀэнэп сӀуи, садежьэгъагъ… Алахьым ешӀ а сызхэфэгъэгъэ мацӀэм цӀыфми шыми къэзэкъ шъофым къыринэщт купыр… Агой Пщымафи ипэӀожъ шъхьащыушъуашъоу исабый бынмэ ахэзымыгъэсыри, ишъузыжъ джадэ икӀэпхын къогъу къозымыгъэсыри сшӀэрэп. Ащ илажьэкӀэ, тхьэ нахь сымышӀэу,



нэмазым сыкъытырищи, мы бырсырым сыхидзагъ… А лӀы къэбзэжъым Тыгъужъыкъо Къызбэч ыпсэ къэзэкъ сэшхом къыщиухъумагъэба, уӀагъэуи шыплӀэкӀэ къыхьыжьыгъ. Эй, силӀыхъужъ, ащыгъум тыгъоспчыхьэ Пшызэ тызэпырыкӀыным ыпэкӀэ, кӀэзэзэу къызготыгъ. Мощ фэдэ къэрабгъэхэм урягъусэу чэщтео укӀо хъуна!.. ЛӀымэ, Щырыхъукъо Тыгъужъышъ ипащэр, къерэгъэгъун. Ары, ащ фэдэ лӀыгъэ ыпшъэ ифэн – гъэгущыӀэ, гъашхэ, ишъузыжъ кӀэрыгъэс. Тэ щыӀ джы ар? Петровскэ къутырым даукӀыхьагъэу къо цуем хэлъынкӀи пшӀэнэп. ЦӀыфым ежь зэримышӀэжьырэр къехъулӀэрэпышъ, сыдкӀэ ащи зезгъэгъапэра? Шъэуае икъэбар зэридзэрэмэ Агоири ащыщыгъ, джы ахэмэ япчъагъэ зы нэбгырэкӀэ нахь макӀэ хъун…

Бамбэт мыгузажъоу, лы гъэгъугъэ улэбыжьыгъэм ифэбэгъэ-Ӏэшӏугъэ зэхишӀэу, игупшысэхэри ежь зэрэшӀоигъоу зэхифхэу, пчэдыжьышхэ ышӀыгъ. Псы гъэжъогъэ стырыри, бжыхьэ пчэдыжьыпэ чъыӀэр зыхыригъэфэу, тыришъухьажьыгъ, тӀэкӀурэ машӀом зыригъэоу щысыгъэу, мэзым изегъокӀрэ Пшызэ Ӏушъо игупсэфрэ ящынэгъо шъэф къышъхьащыуагъ, зыгори ынэ къыпэӀумыхьажьэу, дэӀуашэзэ къызщытэджыкӀыгъ. Жьы къымыщэу, шъхьэр унэзэфэ, дэӀуагъэ. Гуцафэ горэ езыгъэшӀын зэхихыгъэп. ЕтӀанэ, Пшызэ Ӏушъо чыжьэкӀэ, Къылыщтыку темэн кӀэимкӀэ макъэхэр къыщыӀухэ фэдэу къыщыхъугъ, шӀу зэрэщымыӀэм егуцэфагъ.

– НекӀо, Лъэкъоф, псыӀушъомкӀэ тыкъэгъаплъ,– Бамбэт шым риӀуагъ,– тхьамыкӀагъо къытэхъулӀагъэкӀэ енэгуягъо!.. Джары сэ сӀорэр, делэу къысэрэмыплъых сэзгъаӀорэр!..

Пшызэ Ӏушъо Бамбэт екӀу къэсми, адыгэ-къэзэкъ зэпэджэжь макъэхэр, шхонч омакъэхэр зэхехых. Къенэпэшъоорэ чъыг къутамэмэ ыли амыгъэузыжьэу шыр хигъэчъыкӀзэ, адыгэ-къэзэкъ купитӀур зыщызэпэӀут чӀыпӀэм пэчыжьэкӀаеу, ау зэфадзырэр къылъыӀэсэу Бамбэт псы Ӏушъом Ӏулъэдагъ. Онэгум зыкъыридзи, шым ыбгъэрэ ылъакъорэ атеуӀи, чӀым зырыригъэдзыхыгъ, ежь пцел зэхэкӀыхьагъэмэ ахэтэу мэдаӀо.

– Къэзэкъхэр! – адыгэ нэпкъым урысыбзэкӀэ теӀукӀы.– Къылыщ темэныр къышъуфэдгъэгъущтэп!

– Темэн шъугъэрэ пцэшӀуащэрэ шъудырыщтмэ, джыри шъукъызэпырыкӀ,– адырэ нэпкъыми къытеджыкӀыжьых.

«Хэт щыщых ахэр!» – зыӀэхэр пхыгъэхэу къэзэкъмэ афырэ адыгэ нэбгырэ тӀокӀ фэдизыр Бамбэт зелъэгъум, гукӀэ хэкуукӀыгъ.

– Тыкъэшъошӏэжьмэ, тызэрэпсаур тибынмэ тфяшъуӏожь! Тэры, нэмыкӀ нэбгырэ заул тэмэным хагъэзыхьэгъэ адыгадзэм къахэкӀыжьыгъэр!..– Ардэдэм лӀы мэкъэшхо горэ гъэрмэ къахэджыкӀыгъ, къэзэкъ шхонч лъэб огъури ыпшъэ дэфагъ.

Адыгэ гуӀэ макъэхэр мыдырэ нэпкъым теджыкӀыжьыгъэх:

– Шъукъэтэшӏэжьы, Ахьмэд!..

– Зыжъугъэпыт, Исмахьил!..

– Къэзэкъмэ шъуакъыӀытхыжьыщт, Щахьбан!..

ЫӀэ зэрэпхыгъэу, лӀы кӀэко цыкӀу горэ гъэрмэ къахэлъэтыгъ:

– Къэзэкъ гъэрым сыщыӀэн нахьи псым серэтхьал!

Лъэбэкъу дзыгъо заулэ нахь имыфагъэу, къыкӀэлъежьэгъэ шыум сэшхоогъукӀэ хигъэфагъ. Ащ нэмыкӀ лӀы Ӏэм-лъэм горэми къылъычъэхэзэ, нэпкъым къепкӀэхыгъ, псым къычӀэужьыгъэп. Къэзэкъхэми сэшхо ихыгъэ-шхонч къэщагъэхэмкӀэ адыгэхэр къаухъурэигъэх.

Ащ нахьрэ Пшызэ Ӏушъо зэрэӀумытыжьышъущтыр, тыгъоспчыхьэ зыхэтыгъэ адыгадзэм къехъулӀагъэр Бамбэт къыгурыӀуагъэу, псаоу къызэрэнагъэм кӀэгушӀущтмэ, зигъусагъэмэ анахьыбэр темэным зэрэхэкӀодагъэр ыгъэещтмэ ымышӀэу, шым зыкъыридзи, Пшызэ Ӏушъо къыӀулъэтыжьыгъ.

ЧӀыпӀэ къин зифэкӀэ зэкӀужьырэ тӀысыпӀэм Бамбэт зынэсым, чӀы тӀыгъэм чӀэмыхьэу, чъыгэе пхъэтэкъэжъ джашъом зэрэтетӀысхьэу ыгу Ӏэсэжь фэдэу хъугъэ, ау Пшызэ нэпкъ тырилъэгъуагъэхэр ынэгу къызкӀэуцожьхэм, ышъхьэ етхъожьэу къызщылъэтыгъ. Лъэкъофым ечъалӀи, ныбэпхыр фигъэлэнлагъ, етӀанэ шэсыжьын гухэлъкӀэ ыгъэпытэжьыгъ. Нэ чан-нэшхъэйкӀэ къеплъырэ шым ышъхьэ, ыпшъэ Ӏэ щифагъ, еупчӀыгъ:

– Сыд тшӀэщтыр, Лъэкъоф? ЗысэгъэтхьагъэпцӀы сӀозэ, сэр-сэрэу Ӏоф зыхэсыдзэжьыгъ...– Бамбэт ытэмэ ефэхыгъэхэр ошӀэ-дэмышӀэу къыдзоежьыгъэх.– «Ары шъхьакӀэ, аущтэу тыгъоспчыхьэ сымызекӀуагъэмэ, Къылыщтыку тэмэны шъугъэм ори сэри хьадэу джы тыхэлъыщтыгъэ! ГушӀо, ситхьамыкӀэжъ, тызэрэпсаумкӀэ!.. Сыдигъуа уи Бамбэт хэкӀыжьыпӀэ зимыӀагъэр? Ащ фэдэ Ӏэджми тыкъялыжьыгъ»,– ӀалъмэкъыӀм къыринэгъэ зэнтхъ тӀэкӀури Бамбэт шым ритыжьыгъ,– «апэм машӀом тешӀушӀэн. Тэмэным щызэуагъэмэ тахэмытыгъэу тызылъэгъурэми къашӀорэмышӀ. МашӀор къызэзгъэчэпыфэкӀэ, зыгъатхъ о, ситхьамыкӀэжъ. Мо темэныр олъэгъуа? Ащ сыхэпхьанышъ, зытӀо-зыщэ сыкъыщепхьакӀыщт, сыкъыхэпхыжьыщт. ЕтӀанэ зыдгъэгъушъын, ащ нэмыкӀи теусэн... Упсаоу укъызынагъэкӀэ, темэным узимытхьэлагъэкӀэ, а тӀэкӀу-шъокӀури пщэчын...»

МашӀор зызэкӀегъэнэ уж Бамбэт ыӀэгушъо кӀэужъунтхи, зэлъэегъукӀэ онэгу зишӀыгъ, сэшхо къипхъотыгъэр ыгъэдыдызэ, темэным хэлъэдагъ, шым шъхьамысэу, бгъэкӀэ зыщыригъэдзэу заулэрэ къыщырифэкӀыгъ. Темэн етӀэпсыр къапытӀэтӀэу тӀури къыхэкӀыжьыгъ, ар имыкъоу, бгырыпх пхыпӀэм нэс чӀигъабзэу, ежь Бамбэт изакъоу темэным хэхьажьыгъ, зыхилъашъо хъуи, сыгу-сыбгъэ ыӀозэ, ерагъэу къыхэпшыжьыгъ.

– Джы сшӀэщтыр ошӀа, Лъэкъоф?..– Бамбэт мэшӀо пашъхьэм зызщегъэпсэфым, шым риӀуагъ: «ар зысымышӀэкӀэ, сылӀэп... ЛӀыгъи схэлъэп... Хэти цыхьэ къысферэмышӀыжь... СшӀэщтым укъеплъыныр ищыкӀагъэп. Уфаеми, къеплъ, о узэрэбзэмыӀум фэдэу адырэ сиджэгъогъу купри бзэмыӀугъот... Моу ско сэмэгу лъэныкъо, шӀой хэмыхьаным пае, тӀэкӀу сытелъэкӀыхьан... Лъы бащэ къимычъынэу скопкъ пыспхыкӀын... УӀагъэр зэрыспхыжьыщтыр? – Бамбэт джанэр зыщиути, джэнэ чӀэгъычӀэлъыр зэгуитхъыгъ. Джэнэ кӀыӀутелъыр зыщилъэжьи, бгырыпхымкӀэ сэмэгу копкъыр пипхыкӀыгъ, зэдысыжьыгъ: – Ары, моу мыщ дэжьыр, мы лыпцэр ары!..»

Бамбэт илыуз куо макъэ мэзыр зэтыричи, зыкъызэрипхъотагъэм фэдэу ошъо чӀэгъым, кондэ цунэмэ, темэнылъэ чӀыпӀэмэ захиушъэфэжьыгъ. Пхъэтэкъэжъым зызыредзыхым, лъыр къызэрычъырэ кошъо уӀагъэр ыӀыгъэу заулэрэ чӀым зыщигъэчэрэгъугъ, етӀанэ лъэкъо джабгъумкӀэ пкӀэзэ, къыричъыхьакӀыгъ, чъыгым кӀыбыкӀэ зыригъэкӀи, цӀацӀэмэ хъуанэзэ, уӀагъэр ыпхыгъ, уӀэгъэшхо зэрэзытыримыщэжьыгъэм гу къызыӀэпыригъэшӀыхьажьыгъ. НапӀэхэр едзыхыгъэу, ыӀупшӀакӀэ ӀуишхыкӀыжьэу Бамбэт лъыр уцуфэ чъыг лъапсэм исыгъ. Ащ ыужи пхыгъакӀэр зэригъэушӀоищтым пае етӀэ цӀынэр тырилъхьэмэ

тырихыжьызэ, щэджэгъо тыгъэр чъыг шъхьапэмэ къашъхьэщэуцофэ щысыжьыгъ. ЕтIанэ пкIэзэ ионэш зекIуалIэм, зэрэхэукъуагъэр къыгурыIуагъ: аI-анасын, сызэрэшэсыжьыщт лъэрыгъ лъакъом сеIэн фэягъэп… Алахь зизакъом ащ нахьрэ къин къысферэмыхь, ащи хэкIыпIэ имыIэу щытэп. НекIо, Лъэкъоф, ситхьамыкIэжъ, пхъэтэкъэжъым къекIуалI…»

Пшызэ Iушъо екIурэ гъогур зэрэзэгъокIыр Бамбэт шIогъэшIэгъон, тэ хъугъэха къэзэкъмэ къялыжьыгъэ адыгэхэу пчэдыжь мыщ хэтыгъэхэр? Сэщ фэдэ гъощагъэ гори къакIэкIэзыгъэнба? Къэуцугъ, дэIуагъэ, мэзыр зэгъокIы, джагъэ:

– Эй, шапсыгъэхэр, сызэхэшъоха, тэ шъущыIа?

– Хэт сэIо мэзым куо-хьау хэзышIыхьагъэр?! – яши ежьхэри темэн мэIу зэхэхъухьажьыгъэхэу ыкIыбкIэ зэкIэкIэситIу мэзым къыхэкIыгъ.

– Шъора, Бэчмыз!.. Гъэзалый!..– Лъэкъо уIагъэр лъэрыгъым имылъэу, егъэлъагъо пIонэу, Бамбэт апэгъокIыгъ.

– Тэры, Бамбэт, тэры, Алахьэм шIукIэ тызэфехьыжь!.. Оры, о сыдэу ухъура?

– Сэри сызэрэшъулъэгъу, скъошыжъ тхьамыкIэх, Къылыщтыку тэмэным[1], е-о-ой, джэхьнэм чIыпIагъ ар… Сыкъелыжьыгъ…

[1] Я XIX-рэ лIэшIэгъум иятIокIэнэрэ илъэсхэм шапсыгъэмэ я Къылыщтыку темэн хэкIуадэ анахь тхьамыкIэгъошхоу къяхъулIагъэмэ ащыщ. Ар 1821-рэ илъэсым, октябрэм и 2-м ибжыхьэ чэщ зыхъугъэр. «Матвеев атаманым илъэхъан Черномориер» зыфиIорэм ар мырэущтэу къыщетхы: «Адыгэмэ ятхьамыкIагъо нэфшъэгъо пчэдыжьым къыушъхьафыгъ: Къылыщтыку темэн шъугъэм шапсыгъэ шъэ пчъагъэр хэIэкIагъэу хэлъ. Зыпсэ зытырэ цIыфхэмрэ шыхэмрэкIэ темэныр мэушъуашъо, къепIонкIыкIы. ЕтIэпсым чIихьэрэмэ яхьэдэгъу щэIурэ якуо макъэрэ тыдэкIи щызэхэохы… Джа тхьамыкIэгъо мафэм Къылыщтыку темэным пыибэ хэкIодагъ, ежь шапсыгъэмэ къызэраIорэмкIэ, нэбгырэ 1200-м къехъоу ары. Ащ нэмыкI адыгабэмэ Петровскэ къутырхэм яхьадэгъу щагъотыгъ, ядзэпэщэ 20-ми ядэжь агъэзэжьыгъэп. А чэщ закъом исыхьат зыщыплIым къэзэкъмэ шапсыгъэ быракъи 2, зы дзэпщ, дзэлI 42-рэ гъэры ашIыгъ, шы дэгъу 516-рэ нэмыкI Iэшэ зэтегъэпсыхьагъабэрэ къаIэкIэхьагъ. Ащ къыкIэлъыкIогъэ мафэхэми, мазэхэми адыгэ сэшхохэр, къамэхэр, шхончхэр, ашъоджанэхэр, уанэхэр темэным къыхах зэпытыщтыгъэх.

Власов генералым итекIоныгъэ осэшхо фишIызэ, Кавказым и Апшъэрэ штаб иIэшъхьэтет мырэущэу Ермоловым фетхы: «…Власов генералым апэрэ уасэ зиIэ Аннэ иорден къыфэжъугъэшъошэнэу сышъолъэIу. Ащ нэмыкI орден пчъагъэхэри иIэх. Ящэнэрэ уасэ зиIэ Георгий



## ЯЩЭНЭРЭШЪХЬ

## I

Къылыщтыку тхьамыкIагъор адыгэ шъолъырым бзыу шIуцIэу шъхьащыбыбагъ.

Шъэуае Абдзахэ щыIэу Тэзэ Адыгэ ихьакIэщ къэбарыр къызыщеIум, гур къыпиIонтIыкIыгъэми, къэзэкъ шъаор джы тэ къисхыжьын ыIуи, апэ Пантелей ыгу къэкIыгъ, етIанэ ар зыпкъ къикIыгъэ Бамбэти ынэгу къыкIэуцуагъ. Ари а чэщым темэным хэкIодагъэмэ, силъышIэжькIи, сызфэлъыхъорэмкIи, гущыIэу стыгъэмкIи сыхьаулыягъ, сиегъэшIэрэ чIыф.

Шъэуае ынэтIэбгъу лъы стырыр къеуагъ, Iэпкъ-лъэпкъыр къызэкIигъэплъагъ, къызщиIэтыкIыгъ, блэбгъу тыркъори къыхэузыкIыгъ, чэщ мэзахэм къыукIынэу Бамбэт къызэрэфэкIогъагъэр, гъунэгъумэ яхьэ къызэригъэнэжьыгъэр джыри ыгу къэкIыжьыгъ, Анфиси ынэгу къыкIэуцуагъ.

Бысым ныбжьыкIэм ыпашъхьэ плъырыгъэ къызэрэщыхэфагъэр Шъэуае тутын хэгъэнэнкIэ хигъэкIокIэжьы шIоигъоу джэныкъо машIом дэтIысхьагъ, пхъэцIэкIэ ныкъостыр къыпихыгъ. ТутыныбжъэрхигъэнагъэузытIо-зыщэ ыкъудыигъагъэми, пхъэцIакIэр ыIыгъэу, еплъымэ шъхьэр ыгъэсысэу заулэрэ щысыгъ, етIанэ ыгу жьыдэкIыгъо физгъэфэгъэ пхъэцIакIэр ичIыпIэ ригъэкIужьыгъ, машIо тхъуабзэри нахь зэкIэблагъ.

– Шъэуай, тихьакIэ,– Тэзэ Адыгэ къыIуагъ,– къысфэгъэгъу, нахьыжъ, уигупшысэ зэпысэгъэу, ау ныпчэдыжь тихэгъуашъхьэ нэIуасэ тызщызэфэхъугъэм щыублагъэу зыгорэм уегъэгумэкIы, хьылъэ къыпфэхъу. КъызгурэIо, КъылыщтыкукIэ адыгэмэ къытэхъулIагъэр тхьамыкIэгъошху, ащ сыд фэдизрэ тытегущыIагъэкIи псынкIэ тфэхъунэп. Ау ащ фэшъхьафи къыохьылъэкIы.

иордени къыфагъэшъошагъ. Сэ джы сыкъызкIэлъэIурэ орденыр сызфэлъаIорэм фэшъошэ шъыпкъ. СилъэIу тхыгъэ къызщысыухыщтым, Черномор къэзэкъыдзэр Тамань зыщитIысыкIыгъэм щегъэжьагъэу мыщ фэдэ текIоныгъэ джы нэс адыгэмэ атыришIыхьагъэп…»

Урысые пачъыхьэу Апэрэ Александрэ Аннэ иорден лъапIэ блэIэбыкIи, ятIонэрэ уасэ зиIэ Владимир иорден Власовым къыритыгъ…»

– Олахьэ, сшынахьыкI,– Шъэуае ынэгу упсыгъэкIэ од ерагъэу щхыпцIышъор рычъагъ,– тидунай гумэкIыгъо закIэджэ зэхэлъым… Ащ гушIуагъуи гужьыдэгъэкIыгъуи къыхэмыхьэу сIорэп, ау жъалымагъэр нахьыбэрэ къыщытекIо…– игъомылэ сапашъхьэми, нэIуасэ тызызэфэхъугъэм сыхьат заулэ нахь темышIагъэу сикъэбар дэдэ езгъэшIэнэп ыIуагъ, псынкIэуи нэмыкI гущыIэ техьагъ: – Пхъэм, машIом, чIыгум, псым бэрэ сягупшысэ. Тыгъэри, уашъори, жьыри, жьыбгъэри, мафэм икъэкIуакIи, чэщым икIожьыкIи ары. ЦIыфым ихьалэлыгъуи, ижъалымагъуи, ишъэфи, инафи ахэмэ ялъытыгъэджэ сенэгуе.

– Адэ ары, Шъэуай,– ихьакIэрэ ежьырырэ гукIэ зэрэзэпэблагъэхэр игуапэу Адыгэ къызIуипхъотыгъ,– тэри а дунаим тыщыщ. ТыщэгушIо, тыщэнэшхъэи, тыщызэрэукIы… Тэ, адыгэмэ, тизакъокIэ сыгугъэрэп, Шъэуай. Тыркухэри урысхэри ары. Къэзэкъхэми къытхэс нэгъойхэми зэмышIуныгъэр ахэлъ. Ащ къикIрэп цIыфитIу, цIыф лъэпкъитIу зэпэуцунир, зэрэукIынир.

– Ы-ы, ори арэу оIуа, Адыг?

– СэIо, Шъэуай.

– Ащыгъум а гупшысэмджэ орырэ сэрырэ тызэтефэ,– Шъэуае ынэгу шъуагъо джы чэфыр нахь къыхэпсыгъ,– цIыфитIу яшIошI зэтефэныр, а зы Iофыгъом ыгъэгумэкIыныр бгъэшIэгъонэу щытэп. Ар щыIакIэм хэмылъыгъэмэ, зым ыIорэр адырэм риутыжьэу, агухэр зэщыкIытыгъэх. МашIом пэслъхьажьыгъэ пхъэм ар хэлъэп. Джары сызэгупшысэтыгъэр. Зыл агъэузыгъэ чъыгым ихьалэлыгъэ згъэшIагъотыгъ. Мары, стызэ, тыкъегъэфабэ, тутыныбжъэ хытегъэгъанэ, тегъэпщэрахьы.

– Ары шъхьакIэ, хьакIэ, къысфэгъэгъу, а зигугъу пшIырэ пхъэр арба лыгъэр къызыпыкIырэр?

– МашIор бэмэ къапэкIы…– ежь нахь зэриIожьы фэдэу Шъэуае къыIуагъ, хэщэтыкIыгъ, зэпыугъо тIэкIу фэхъугъэу нахь теубытагъэкIэ къыпидзэжьыгъ: – МашIор пхъэми, уарзэми, мэкъуми, ары пакIошъы, цIыфми къыпэкIы. Ар зыгъэфедэрэм, зыщагъэфедэрэм елъытыгъ. Сэшхо зэпэIудзэми машIо къыдехы… КъылыщкIэй тхьамыкIагъори ащ къыпыкIыгъ…

Зэрыт илъэс тIокIым емылъытыгъэу, илъэсыбэ къэзгъэшIэгъэ лIы пытэ гъэтIылъыгъ пIонэу, Тэзэ Адыгэ къыIуагъ:

– КъылыщкIэй тхьамыкIагъо бгъуитIумкIи адезгъаштэрэп. Пшызэ зэпырыкIыгъэ адыгэхэр нахь сэгъэмысэх. Къэзэкъхэри нэIуагъэх… Сэрыгъэмэ, Пшызэ имамыр псы гъуаткIо бгъуитIуми зэфэдэу аIузгъэфэщтыгъэ, нэпкъитIумкIи Iэбжым щызэфязгъэшIыщтыгъэп.

– Уяти, уяни, пшынахьыжъи Бурсак атаманым икъэзэкъмэ зэраукIыгъэхэр шIэхышIоу пщыгъупшэжьыгъ, Адыг? – ежь Шъэуае ар ыгу имылъ дэдагъэми, бысым ныбжьыкIэм къыриIолIэщтыр шIогъэшIэгъонэу, ащкIэ джыри зэ ыуплъэкIоу, жъалым шъыпкъагъэр зыхэлъ упчIэр фидзыгъ.

– Сятэрэ сшынахьыжърэ якIодыкIи, тянэшыпхъумрэ сэрырэ тизакъоу тыкъызэрэнагъэри сщыгъупшэжьыгъэп, нахьыжъ…– Адыгэ ымакъэ къышIуефэхыгъ, ау псынкIэу зыкъиушIэжьыгъ: – Адыгэхэм апае, ащ фэдэ тхьамыкIагъохэр къытэмыхъулIэжьынхэм пае, ари нэмыкIхэри зыщызгъэгъупшэжьы сшIоигъу.

– Ары шъхьаджэ,– Шъэуай уцурэп,– джыри къяхъулIагъ…

– Ащ сегуцэфагъэти, слъэкI къэзгъэнагъэп, нэбгырэ заулэми заIузгъэкIэгъагъ, сыкъызэхашIыкIыгъэп нахь…

– Хэт узIукIагъэр?

– Щырыхъукъо Тыгъужъ апэ зэритэу олахьэ саукIагъэм…

– Шъыд адэ Щырыхъукъо Тыгъужъ къыуиIуагъэр?

– Сыд къысиIон…– къыришIагъэр шIошъхьэкIуагъэми, адыгэгъэ нахьыкIэгъэ-нахьыжъыгъэм къыубытэу щхыпцIыгъэ.– Зи къысигъэлыгъэп, стхыцIэ шыукъамыщкIэ къырыкIуагъ!..

– Ар хъунэп шъыу!.. Тыд ар къызщыуишIагъэр, ыдэжь уIухьэгъагъа?

– Икъэлапчъэ сыIухьагъэу, мо тхьамэтэшхор аущтэу къыздэзекIона?! Нашъэрэ Джэнчпсынэрэ азфагу, джа тхышъхьэ ехыгъом дэжь, шыуитIу игъусэу сыщыIукIэгъагъ. Абдзэхэ къэбармэ къакIэупчIи, адыгэ-къэзэкъ Iофмэ танэсыгъ (о пцIи къыриIогъагъ ащ, ау игугъу къэсшынэп), къэзэкъ IофхэмкIэ сишIошI зесэIом, къысэдэIу-къысэдэIуи, «ащ фэдэ джынэкъэуж къэпIуагъэу зэхэсэмыгъэхыжь» ыIуи къызжэхауи, зи къэмыхъугъахэ пIонэу игъогу техьажьыгъагъ… Тыгъужъ сыгу ебгъэрэп,– ыгу къыдеIэу мэщхы, етIанэ псынкIэу ышъо къызэокIышъ, ышхьэ ыгъэсысзэ къыпегъэхъожьы,– есIуагъэм щыщ зэрэпкъырымыхьагъэр сшIошъхьакIу… Еплъ джы къехъулIагъэм, темэн шъугъэм шапсыгъэ миныр ригъэтхьэлагъ… СыдынэкIэ цIыфмэ

яплъыжьыщт, сыдэущтэу дунаим тетыжьыщт ар?.. О етlани, Шъэуай, цlыфитlу яlорэ яшlэрэ зэтефэн фае olo...

– Шlум фэгъэхьыгъэмэ, ар сэlo,– хьарамыгъэ хэмылъэу Шъэуае къыфадзыгъэм иджэуап ригъэжагъэп,– жъалымагъэмджи джа дэдэр сэlo. Узфэхьыер, угу зыфэшlур, нэмыкlмэ къыбдырамыгъэштагъэ пае, пlуагъэджи пшlагъэджи укlэмыгъожь, сшынахьыкl. Ыджары, пхъэм фэдэу, цlыфми машlo къыпэкlы зыкlэсlуагъэр сэ... Цlыфым игукlэгъуи ижъалымагъи зэголъы.

– Ары, ары, Шъэуай, псым фэд – уешъо, уетхьалэ.

– Тэмэм, Адыг, тэмэм.

– Джа зыфэпlогъэ чlыгури ары, Шъэуай,– зэрэнэпэшlo-зэрэнэпэ дахэм нахь гохь къышlэу, Тэзэ Адыгэ ынэгу гушlопс шъабэм зыкъыщипхъотагъ,– тигъомылэ къыхэкlы, тыщэуджы, лыгъэр щытэгъэсты, тыщычlалъхьажьы...– къыригъэжьагъэр къырамыгъэlон къышlошlэу джыри нахь къэгузэжъуагъ: – Тыгъэми тыкъесты, ау дунаир щегъаlэ. Шыблэми, лые къытехми, ощх къытфехьы. Чэщми шlуагъэ хэлъ, тыгъокlo пlалъэр сшъхьэ къизгъэхьахэрэп, Шъэуай,– Тазэм ипшъэшъэ lупшlэкlэ шэплъышъохэр, ыпэкlэ-жэкlэ къежьэгъакlэмэ анэсыжьэу, мэщхых, ынэ фабэхэр къегушlукlых,– дунаир мэфэ зэкlагъэмэ, тытепшъыхьажьыныгъи!..

– Тэмэм, Адыг, тэмэм,– джыри Шъэуае бысымым дырегъаштэ,– жъалымагъэми гукlэгъуми, сигуапэ, хэшlыкl афыуиl,– кlэлэ делэп мыр, игулъытэ къэзгъэущыгъэр сшlэрэп нахь, Шъэуае ыгукlэ ылуагъ.

Сидунэееплъыкlэ ащ фэдэу уегъэразэмэ, Адыгэ гукlэ щхыпцlыгъэ, сыда Султlанмэ жъалымагъэ зыкlяпхыгъэр, япщ зыкlэуукlыгъэр? Гъэшlэгъона къэзэкъмэ агохьагъэмэ? Ащ изакъуа адыгэ шъолъырымкlэ ахэмэ агоуцуагъэр? Нафэм нахьи шъэфыр нахьыб. Тэ тичыли, Къайхьаблэ, ащ фэдэхэри дэсых. Ау темыубытэу сыдэущтэу утыгъуакlу епlон? Зыбгъэ теожьхэрэр ары апэ узыщэщтхэр. Мыхьамэт-Джэрые зэрэдэзекlуагъэр бэмэ лlыгъэкlэ фалъэгъушъ, сэри фыхэсэрэгъэпса? Къэзэкъмэ агоуцорэ пэпчъ аущтэу удэзекlощтмэ, хьакlэ, сшlэрэп ащыгъум Пшызэ кlыб щырагъэджэрэ Хъан-Джэрые фыуихьисапыщтыр... Кlo, хъун, нычхьапэ зи есlонэп, джыри мафэ щыl. Тянэшыпхъуми мэlэшlухэр къегъэух. Тхьамыкlэм паlo зыщыгъ горэ сихьакlэщ къысфихьэмэ игуап. Гъунэгъу Умари зыкъыз-



фигъэгужъорэр сшlэрэп, гъусэ горэ къызфишlыгъагъэмэ дэгъугъэ, сэркlи хьакlэмкlи шъошагъэ. Пчыхьэпэзэхэогъу нылэп, былым фэlo-фашlэхэр аух къодый, джыри уахътэ щыl. Сэсиемэ, хьакlэм ихьатыркlэ, садэпсынкlагъ. Былым шъхьищым, хьакlэм ионэш ахэтыжьмэ, былым шъхьиплlым яфэlo-фашlэмэ сыд ебгъэlон, чэт-тхьачэт-мэлмэ тянэшыпхъур апыгъэнагъ. Улlба, паlo пщыгъба ылони, ахэмэ уахигъэхьащтэп.

– Шъыд фэдэу адыгэхэр огъэмысэхэми, Адыг, къэзэкъмэ жъалымагъэ къадызэрэхьагъ... Темэным хэбгъэзыхьагъэмэ нэпкъым утетэу уяззожьыныр, къыхэкlыжьрэм сэшхор тепщэежьыныр емыкlу,– шъхьэм имыкlырэ къэбар гухэкlым джыри Шъэуае къытырегъэзэжьы.

– Ары шъхьакlэ, Шъэуай, гущыlэжъым сыд ыlорэр? «Унэ къеlэрэм ыпсэ еlэжь». Джа гущыlэжъыр къэзэкъыбгъум гоуцуагъэшъ ары, нахьыжъ, сэри а лъэныкъом нахь сызкlыдихьыхыгъэр. Адыг, къэзэкъ, нэгъой сиlэп сэ... Апэ lашэр къизыхрэм сыгомытынэу ары. Ащ нэмыкlи къыосlон, нахьыжъ. Адыгэ лъэпкъ зэтеутыми сыгу еlурэп. Ар тlомэ, лъэпкъ пэпчъ зыдгъэнэгъуаджэзэ, адыгэ хэгъэгур зэтетэуты, хэти икъогъупэ зыкъуишlыхьажьыгъэу инабгъо ис. Чэткъуртэм ибын щынагъо къызэрэхъоу, тэмэ чlэгъым чlеубытэ, чlэмызагъэрэр бгъэм ехьы... Тфэшъошэ дэд шапсыгъэхэмкlэ къэзэкъмэ къыташlагъэр!.. Сыфаеп мыхъун сlонэу, ау lофым изытетыр – сишъыпкъапl.

Мы кlэлэ бетэмалыр тэ къикlыгъ сэlo, Шъэуае гукlэ ылуагъ. Адыгэ шъолъырым сызынэмысыгъэ чlыпlэ имылэжьми, мыщ фэдэ гупшысэм ыгъэгумэкlырэ цlыф, зы нэбгыр-нэбгыритlу гор умыlощтмэ, джы нэс сыlукlагъэп. Ахэри щыlэныгъэм жэкlэф хэхъукlыгъэхэу лlыжъ lушыгъэх. Мыр ахэмэ ялъытыгъэмэ, сабый дэд, игулъытэ къэзгъэущыгъэр мыры сlонэу сшlэрэп. Дунаим, тыадыг аlоу, цlыф гъощэгъабэ тет, сэ къысэхьулlагъэхэмкlи ахэмэ сапэчыжьэп, ау мыр... Мы сибысымыр, къэмыхъу рапшlэзэ, цlыф гъэшlэгъонэу къежьагъэкlэ сенэгуе. Е-е, сшынахьыкl, сшынахьыкl, кlыр имыкlызэ, гъэтхэмэ чыжьэм удэтlэмынэу, зыогъэделэжьмэ шlэ?..

Шъэуае ыгу къыпыузыкlыгъ, зыгъэгумэкlыри ыпашъхьэ исым шlуиушъэфыгъэп:

– Адыгэхэр зыщыунэхъурэ зэманым ар пlоу, сшынахьыкl, зыми зэхемыгъэх. Хыехэми, мысэхэми ар

къыпфадэнэп, дунаир плъыр-стыр, уауж къихьаных, адыгэ шъолъырым урагъэсыжьынэп.

– Ахэми сягупшысагъ сэ. Ау шъыпкъагъэр, зэфагъэр сэркIэ зэкIэми апшъ!

– КъызэрэпIорэмджэ,– Шъэуае ыIупшIэ мыIужъу-мыпIуакIэмэ джыри гушIопсыр къячъагъ,– шъыпкъэр пкъэу, пцIыр цIэнлъагъо.

– Ары, нахьыжъ, ары! Шъыпкъэр ипкIыгъ пIоми, къыпшIоуцужьы, пцIыр бгъэуцугъэ пIоми, уапашъхьэ къефэжьы. Мы гущыIэмэ сыщагъаIэ, кIуачIэ къысаты, нэмыкIынэкIэ адыгэ дунаим сыхагъаплъэ.

– СшIошъ мэхъу, сшынахьыкI. Ащджи къыбдесэгъаштэ, шъыпкъэр фышхъо, пцIыр шхъухьэ.

– Ары шъхьакIэ, Шъэуай, тянэшыпхъу лъфыгъэнчъэшъузэбэ тхьамыкIэм ар гурызгъэIон слъэкIырэп, ащ секIодылIэн шIошIэу къыстещыныхьэ. Арызы, мы тызэрыгущыIэрэр, сыолъэIу, ыпашъхьэ къыщемыгъажь, сэщ нахь гушIуагъо мы дунаим щызимыIэм хьа ыгу хэдгъэкIын.

– Ари шъыпкъэ. Ащджэ уицахь къыстегъэлъ.

– Тхьауегъэпсэу, Шъэуай,– Адыгэ къыIуи, зэпыугъо макIэкIэ игущыIэ къыпидзэжьыгъ: – Адырэ сицIыф зэхэмыдз пае «адыгэ шъолъырым урагъэсыжьынэп» зыфэпIуагъэм къикIыри къызгурэIо. Ау...

ХьакIэщ лъэгуцымкIэ къыщыIугъэ лъэмакъэм Тазэм къыригъэжьагъэр щыригъэгъэтыжьыгъ. ХьакIэм гъунэгъумэ ащыщ горэ къызэрэлъихьэрэр игуапэу пчъэмкIэ плъагъэ.

– Шъуипчыхьэ шIу охъуапщи,– пчъаблэм къыдэкIыгъэ лIышхоу илъэс шъэныкъо горэ зыныбжьыр къызэтеуцуи, мэкъэхъу IужъукIэ къыIуагъ, ащи исэлам щиухыгъэп,– фэсапши, хьакIэ, о фэсапщи, зигугъу зэхэтхэу зышъхьэ тымылъэгъурэ Шъэуай. Сигъунэгъу Адыгэ урихьакIэу зэхэсхыгъэти, узэзгъэлъэгъуфэ сшIуабэ дашIэу сыкъихьагъ. Сэ сцIэр Умар, Бэджэкъомэ сащыщ.

– Къеблагъ, Умар, къеблагъ,– Адыги гъунэгъум нэгушIоу пэгъокIыгъ,– лъэшэу сигуапэ сихьакIэ укъызэрэлъихьагъэр. Моу жантIэм дэтIысхь.

– Хьа, гъунэгъур, сыхэбгъэукъорэ? – фагъэшъошагъэр Умарэ ыдагъэп.– Сэлъэгъу уихьакIэ нахьи сызэрэнахьыжъыр, ау хьакIэм ыныбжь емылъытыгъэу нахьыжъыгъэр фагъэшъуашэу хабзэмэ, ар тэркIэ укъуагъэ орэмыхъу. ТIысыжь, Шъэуай, тIысыжь. Олахьэ сигуапэм укъызэрэтхэхьагъэр. Сы етIанэ Бжъэдыгъу хэгъэгум щыкъэбар? Шъуигъунэгъу къэзэкъмэ шъуяуцолIэгъапэкIэ сенэгуе, Шъэуай? Хьа зыкъяжъугъэгъэщтагъ пэIо шыгуплъмэ?

– Олахьэ, Умар, а къызэрэпIорэ дэдэуи бжъэдыгъу Iофыр щымыт,– Шъэуае ичIыпIэ зетIысхьажьым къызэреупчIыгъэм иджэуап шIомыигъоу ритыжьыгъ, сэ къысэхъулIагъэми мыхэр щыгъуазэхэп, гукIэ ыIуагъ,– узэгъунэгъумэ, угу зэфэмышIу шIагъоми, узэзэгъыныр укъызкIэупчIагъэмэ къырагъэкIэу къычIэкIын... Сэ, шъыпкъэр пIотIмэ, Умар, шIукIае шIагъэ бжъэдыгъу лъэныкъом сызщымыIагъэр...

– Ащи тыщыгъуаз, Шъэуай. СултIан Мыхьамэт-Джэрые къумалым икъэзэкъ тэмэтелъхэр хьадрыхэ зэрэзыдебгъэхьыжьыгъэхэри тэшIэ, аферым, фэшъуашэр ебгъэгъотыгъ!

– Ы-ы! Шъыд пIорэ, Умар!..– Шъэуае зэхихыгъэм ышъо къыгъэчъэкIэу къыхигъэкуукIыгъ: – Шъыд хьадрыха зигугъу пшIырэр?!

– Олахьэ, Шъэуай, мы уикууакIэ къызгурымыIу,– Умарэ ынэпцэ шIуцIэ Iужъухэр дищэягъ, Адыгэ дэжькIи джа мэкъэнчъэ упчIэмкIэ плъагъэ,– мыхъун къэсIуагъа, уимыхьакъ къыптеслъхьагъа?

– Мыхьамэт-Джэрые зиусхьаныр щыIэжьба?

– Олахьэ, Шъэуай, щымыIэжь...– джэуапынчъэ нэплъэгъукIэ ыпашъхьэ иситIур къызэпиплъыхьагъ, нэмыкI макъэкIэ зыкъигъэтэрэзыжьэу бысымым риIуагъ: – Мы Iофым зыгорэ хэхъухьэ, Адыг... Къысфэгъэгъу, Шъэуай, уимыхьакъ къыптесэлъхьэмэ... Зэхэсхыгъэр къэсIожьыгъ. Аущтэу щытмэ, емыкIу, ау уигъусэгъэ дэдэм къыIотэжьэу зэхэсхыгъэ...

– Шъыдигъу ар зыхъугъэр?

– ТIэкIу шIагъэ...– Умарэ къыIуи, хэхьапщыкIыгъэми хэщэтыкIыгъэми умышIэнэу къыхэгубжыкIыгъ: – Олахьэ ащыгъум Шапсыгъэ Бамбэт тигъэпцIагъэм!..

– КъэсэбгъэIогъагъэп нахь, Умар,– джы Адыгэ игые къытекIуагъ,– аущтэу Iофыр зэрэщымытым сенэгуещтыгъ сэ.

– Олахьэ емыкIум цIыфым имыхьакъ теплъхьаныр...– Умарэ ымакъэ къэушъэбыгъ, ау Мыхьамэт-Джэрые икIодыкIэ уасэ къыфимышIыжьын ылъэкIыгъэп: – Адэ джары мыуцурэр къиуцукI IокIэ язгъаIорэр, къумалыр хэти ерэукI фаеми, икъумалыгъэ екIодылIэжьыгъ!..

– Мыхьамэт-Джэрые зыдигъэзэжыгъэм Алахьэм шIу щешI, ащ фэдэ сфеIолIэнэп, Умар… Сэщ нахь дэгъоу ар зышIэрэ адыгэ шъолъырым исыгъэпщтын… Ежь ыгу къызэрэриIоу зекIорэм ащ фэдэ цIэджэ седжэшъунэп. Шъыдэу пшIын, гум иджэмакъэ фэшъыпкъагъэми, къыдагъэхъугъэп нахь, Мыхьамэт-Джэрые Урысыемджэ, къэзэкъмэ адэжьджэ, шъхьэихыгъэу зигъэзэгъагъ. Тырку лъэныкъомджэ зызгъэзэгъэ адыгэхэр къытхэтхэба? Къытхэтых! БгъуитIури, Урысыери, Тыркуери, зымыштэхэри щыIэхэба? ЩыIэх! Мары, Тэзэ Адыги ар ыушъэфрэп, ахэмэ ащыщ.

– Шъыпкъэ, Шъэуай, шъыпкъэ, сащыщ,– Адыги къыдырегъаштэ.

– Арышъы, Умар, къумалыгъэм къикIырэр бэ… Шъыпкъэр пIотмэ мафэрэ, куп зэхахьэхэм, якъамэхэр къэзэкъмэ къащыфрапхъотэу, чэщырэ абасэджэ бзэгу тафэзыхьыжьырэ къумалхэр чылэ пэпчъ дэсых. Шъэф къадызимыIэгъэ Мыхьамэт-Джэрые мыдыджэ аукIы!..

– Зэ, зэ, Шъэуай, зэхэсхырэр джы сы!..– Умарэ ымакъэ зыкъышIуипхъотагъ.– Орыба Мыхьамэт-Джэрые икъэзэкъ Iоф апэ фэзымыдагъэр?

– Сэры.

– Орыба, Шъэуай, уикъэзэкъ тэмэтелъхэр есыупкIэхыщтых зыIуагъэр?

– Сэры. Ау Мыхьамэт-Джэрые зиусхьаным сIапэ тесщэягъэп, къысэкIодылIагъэп!

– Ар сшIошъ мэхъу, Шъэуай. Ау къэзэкъхэмкIэ угу зэблэхъугъэ зэрэхъурэр сшIогъэшIэгъон…– етIанэ, зыфэгъэхьыгъэ дэдэри умышIэнэу, къыпигъэхъожьыгъ: – Тэбанэ, тэзао тIозэ, тэ, адыгэхэм, тыгъэшIэгъоным…

– Ар дэдэуи Iофыр щытэп, Умар…– ежьырми адыгэхэр арми зыфэгъэхьыгъэр къыбгурымыIонэу, Шъэуае хэплъызыкIыгъ, исабыигъо къыздэтэджэгъэ СултIан пщы щагури ынэгу къыкIэтэджагъ. Къэнтати, Бычи, Сисури, Къаймэти, Хьадж-Къэсэий, зятэ зимыIэжь сабыйхэри, Хъан-Джэрые апэ зэритэу, игупшысэ хьылъэмэ ащызэблэчъыгъэх. Ипщырэ ежьыррэ зыщызэфэгубжыгъэгъэ аужырэ гъэмэфэ мазэри, укIыпIэм зефэм зэримыгъусагъэри, ихьэдагъэ зэрэхэмытыгъэри, ылъ зэримышIэжьыгъэри, укIэкIуацIэр къызэрэтыралъхьагъэри, къэзэкъ лъэныкъом къыщехъулIагъэхэри къегоожьхэу ыгу къызэхэхьагъ, зищыIэзэ, къэтэджыгъ.– Зэ моу унэм сикIыт…



ТIэкIурэ щысыгъэхэу, Умарэ къыIуагъ:

– ХьакIэм ыгу хэзгъэкIыгъэкIэ сенэгуе… Зэ лъикIэлъ, Iялэ.

Унэ лъэгуцэм Адыгэ зехым, щагумрэ хатэмрэ зэпызыутырэ чэум бгъэкIэ Шъэуае тегъэкIагъ, мэкъэ мытIупщыгъэ-тхы къэлъэтакIэмкIэ зэрэгъырэм гу лъитагъ. Заулэрэ щытыгъэу, пскэуIу макъэкIэ кIэрыхьагъ, ежьыри бгъэкIэ чэум зытыригъэкIагъ. Тэмэпкъмэ джыри заулэрэ зызапхъуатэ уж, Шъэуае чэум зыкъытыриIэтыкIыгъ, ынэмэ акIэлъэкIыхьажьи, къыIуагъ:

– Къысфэгъэгъу, сшынахьыкI. ОшIэ-дэмышIэ къэбарыр къысэгоуагъ. НекIо, нахьыжъри къызэдгъэжэнэп.

Чэщреным Шъэуае чъыяпэ къекIугъэп. Нэф къэшъыфэ джэхэшъогум тетыгъ, шъхьаныгъупчъэм Iутыгъ. Онэгум зыридзэни игъогу техьажьынэу зытIо-зыщэ ыгу къыпылъэдагъ, ау бысымым сэлам римыхыжьэу ежьэжьыныр къыригъэкIугъэп. Тыгъоспчыхьэ, ежь ышъхьэ Iоф хэгъэкIи, адыгэ шъолъырым илъ къэбарэу зынэмысыгъэхэ къагъэнагъэп. ГушIуагъом нахьи гукъаор нахьыбагъ. Сыд фэдэ къэбар къежьагъэми, шапсыгъэмэ я Къылыщтыку тхьамыкIагъо еолIэжьыщтыгъэ, хэо-хапкIэкIэ къежьэхэти, Шъэуае игупшысэ онтэгъухэр ахэмэ акIыIу хъужьыщтыгъэх.

ЗэрэхъурэмкIэ, Шъэуае ыгу джыри къыхэузыкIыгъ, Мыхьамэт-Джэрые икIодыкIэ къыстыралъхьагъ… Ар зыпкъ къикIыгъэри цIыфмэ ахэзытIупщхьагъэри шъэфыжьэп – Бамбэт! Сыд ащкIэ къысишIэ шIоигъуагъэр? Гъэмафэм ыкIэмэ адэжь ары, Умарэ къызэриIуагъэмкIэ, Мыхьамэт-Джэрые укIакIом зекIодылIагъэр. Мэзищым къехъу тешIагъ. Зэ, зэ, джа уахътэмэ адэжьба Бамбэтырэ сэрырэ тызызэIукIэгъагъэр, чэщтео Васюринскэм зыщетшIылIэгъагъэр? Джы къызгурэIо укI фао къызкIысэогъагъэр, чэщ тегъази къызыкIысфишIыжьыгъагъэр. Е-о-ой, Къэнтат, Къэнтат, сыдэущтэу уижъышъхьэм а тхьамыкIагъом укъелыжьыгъ… Сыкъыбготыгъэмэ, ублыпкъ сыкIэтыгъэмэ, псынкIэ къыпфэсшIыни… Сыд а тхьамыкIэм икъин дэсымыщэчэу зыгорэм ихьакIэщ сызыфисыр!… Сисури макIэп кIэхэкIрэр…

Пчъэ макъэ къэIугъ.

– Уипчэдыжь шIу, Шъэуай,– Адыгэ Iанэр унэм къырихьагъ,– нычэпэ кIасэу тыгъолъыжьыгъ, угупсэфыгъэпщтын?

– Ори пчэдыжьышIу утехь, сшынахьыкI. Зэзакъуи сыкъэхъыягъэп, сыгупсэфыгъ,– чъыяпэ къызэмыкIугъэ Шъэуае игумэкI бысымым ыпашъхьэ къыщырихыгъэп, сыдкIэ ищыкIагъ, сишъэфмэ зэращысимыгъэгъозагъэхэри дэгъоу сшIагъэ,– джы емыкIу къысфэмышIытмэ, сшынахьыкI, пчэдыжьышкэ ужым сигъогу сытехьажьын.

– Ащ фэдэ гухэлъ уимыIэу, Шъэуай, тыгъуасэ сыпхэплъэгъагъ… Тыгъоспчыхьэ къэбар гомыIоу къыплъыдгъэIэсыгъэм уегъэшэсыжькIэ сенэгуе, нахьыжъ… Ащыгъум Умарэ иупчIэу тыгъоспчыхьэ узтегущыIыкIыгъагъэм иджэуап сшIэмэ сшIоигъу. СултIанхэмкIэ къыосIощтыри ащ елъытыгъэщт. Бжъэдыгъу къихъухьэгъэ тхьамыкIагъор о хьа къыплъымыIэсыгъ!

– КъыосIон,– ащ ежэщтыгъэ пIонэу Шъэуае бысым ныбжьыкIэм Iуплъагъ,– Мыхьамэт-Джэрые тхьамыкIэмрэ сэрырэ тызызэIупхъо уж, мэхъошмэ, Бэслъыныемэ сахэхьэгъагъ, етIанэ къэнэжьыгъэр чыжьэжьыгъэпти, Къэбэртае синыбджэгъу горэм дэжь сыкIогъагъ.

– Адэ, а заулэр къызэлъыпкIухьагъэу, Шъэуай, БжъэдыгъукъихъухьагъэрсыдымуигъэшIэныя!.. Ау СултIанмэ уафэтхьаусхэщтмэ, къыосIон: ятхьамыкIагъо къыптыралъхьагъ, Iофыр зэхэмыфэу, шыу куп къыплъагъэхъоу аIуагъэзы, япчъэIупэ уIумыхь, лые къыуахын.

– Тхьэуегъэпсэу, ащи сегупшысагъ.

– ГъусэкIэ сыпштэмэ, сыкъыбдэшэсын. Ау СултIанмэ сагоуцоныр, лъэныкъогъазэ зысшIыныр ащ къизгъэкIрэп.

– Шъыд пай, Адыг, гъусэджэ узэсымыпэсын! Ыджа укъызэрэсфэгумэкIэу сиIофхэр СултIанхэмджэ зэхэсфынхэшъы, япчъэIупэ сызыIухьатым макъэ къыозгъэIун.

– Ари лIыгъэ, Шъэуай,– ицыхьэ зытелъыжьэу Адыгэ къыIуагъ,– сэ сыдигъуи сыхьазыр.

– Уигъунэгъу Умарэ лIы шIагъу,– Шъэуае шэсыжьзэ къыIуагъ,– нахь баIорэ тызэрэкIэрымысыгъэр сыгу къео, сэлам сфехыжь.

– О алейкум сэлам, бо пфесхыжьын,– тыгъоспчыхьэ къэзэкъ зэнэкъокъоу Шъэуаерэ Умарэрэ азыфагу къыдэхьэгъагъэр Адыгэ ыгу къэкIыжьэу щхыпцIыгъэ.– Умарэ зэриIо дэдэу къэзэкъмэ афыщытэп, афыщытыни ылъэкIыщтэп.

– Сэри арэу къысщэхъу,– Шъэуаий къыдырыгъэштагъ нахь, аущтэу къэзэкъмэ зыкIафыщымытыщтымкIэ къэупчIэжьыгъэп.



# II

Бамбэт темэным хэмыкIодагъэу зызэхехым, ежь ышъхьэкIэ псаоу къыхэкIыжьыгъэ фэдэу, Шъэуаий гушIуагъэ, Пантелей къыгъотыжьыгъэу къыщыхъугъ, ау укIакIом ыуж ыфыным ыпэ Агой Пщымафэ зыIуигъэкIэнэу рихъухьагъ. Къэзэкъ шъаор зыемэ зарищэлIэжьыкIэ, Бамбэт ыуж нахь гупсэфэу ыфыщт.

Абдзэхэ къушъхьэмэ Шъэуае къахэкIыжьи, Псыфабэ исэмэгоу сыхьат зытIущэ къэкIуагъэу, чыжьэкIэ Пшызэ нэпкъ лъагэм Екатеринодар зытырелъагъом, ыгу ошIэ-дэмышIэу къэбырсырыгъ. Къэзэкъ пытапIэр къежьапIэ фэхъугъэми, ащ пэмычыжьэу сэмэгу нэпкъым кIэлъырыс Лъэустэнхьабл ары игумэкI зыдэбыбагъэр. Гурышэ плъэгъукIэ урам бгъузэмэ ателъэдагъ, чэу къопэ къэгъазэкIэ СултIан хьаблэм екIугъ, пщы щагур къызэпиплъыхьагъ, унэ лъэгуц кIыхьэм техьагъ. Къэнтатэ иунэ шъхьаныгъупчъищи аблэлъэти, адыкIэ Сисурэ зэрыс бгъагъэри ынэгу къыкIэуцуагъ, пхъэ къутэгъэ IаплIыр унэм изыхьэрэ бзылъфыгъэ пкъы псыгъори псынкIэу инэплъэгъу хэкIыгъ, гур пиIонтIыкIызэ, Хьадж-Къэсэй икIыщ пчъэIупи Iухьагъ. Къаймэти чIилъэгъуагъ, Сахьид-Джэрыий, Адыл-Джэрыий, Бычи амакъэ зэхихыгъэ фэдэу къыщыхъугъ. Къэнтатэрэ Хьан-Джэрыерэ ынэмэ къапэIумыхьагъэхэр…

Шъэуае шыр къызэтырыгъэуцуагъ. Бжыхьэ шъофыр гъожьышэ-гъонлэгъашъоу нэкIы. Мэз гъуй-пырэжъыялъэм Шъэуае нэмыкI хэтэп.

Ошъогум ипхъэгъэ пщэ пытхъэфэ чъыIэмэ тыгъэр къангъэбылъ адешIэзэ, щэджэгъуанэм изыгъэу ечэнд уахътэм фечъэхы. Жьыбгъэ шхъонтIэ макIэр чъыIэ-чъыIэу къызилъыкIэ пырэжъыялъэмэ ашъхьащэлъэтышъ, чъыг лъэкурэ шъхьапэмэ ашъхьащэщхыкIы. Удпэнэ гъугъэ плъыжьышэхэр зэреутэкIых. Ос благъэ зэрэщыIэр зинэшэнэ къуалэхэми чIым зыхаубгъо, заушъэфы.

Нэ закъу нэмыIэми Сисурэ къызыдэсынэгъэ щагум сыдэмыплъэу сыблэкIынэп ыIуи Шъэуае иш джабгъу лъэныкъомкIэ ригъэгъэзагъ. Къэнтатэ тхьамыкIэр?.. Хьан-Джэрый, адырэ ышнахьыкIэ цIыкIухэу Сахьид-Джэрыерэ Адыл-Джэрыерэ? Тыгъуасэ фэдэу кIалэхэр къызыхъугъэхэр къэсэшIэжьы. Ахэмэ язакъоп, апэрэ шъузым Мыхьамэт-Джэрые къыфилъфыгъэ Къырым-Джэрыий ары… КIыр къэблагъэ. Хэт джы сэнашъхьэхэр зыупкIыхьажьыщтхэр?..

ЧIым езыгъэкIужьытхэр?.. Къаймэти, Хьадж-Къэсэий, нэмыкI щагу фэкъолIми ар ашIэн алъэкIыщт. Ау сэнэшъхьэ къутамэхэр сабыймэ афэдэх, аIэ якIунэп.

Гупшысэ зэпеомэ ахэчъы шIоигъоу Шъэуае иш зыщэ-зыплIэ ригъэлъыгъ, ау зыдежьэгъэ лъэныкъом зэрэфэгуитIум къызэтыригъэуцощтыгъ. СыкъызэхашIыкIынба Къэнтатэдыхэм? Икъэзэкъ Iофыкlэ тызэрэзэIупхъогъэгъэ закъор ары нахь, Мыхьамэт-Джэрые тхьамыкIэмкIэ сыхый. АщыкIэ Алахь зизакъом нэмыкI мы дунаим шыхьат щысиIэп. Сыд пае а мафэми ащ ыпэкIи Мыхьамэт-ДжэрыекIэ плъырыгъэ къызхэзгъэфагъ, симыIофмэ сахэхьагъ?! Адыгэ-къэзэкъ Iоф зэхэмыфыгъэмэ зыдязгъэхьыхи, зызгъэделэжьыгъ. Тазэр кIэлакI нахь мышIэми, адыгэхэр ТыркуемкIи УрысыемкIи зэримыкъудыирэр тэрэзкIэ сенэгуе. Сэри ары сигухэлъыгъэр, джары мыIуапхъэ Мыхьамэт-Джэрые есэзгъэIогъагъэри. ЦIыфым гукIэ ыштэу, къабыл ышIымэ, къысэхъулIагъэмэ сяутэкIыфэ ар сшIагъэп, упэшIуекIонри игухэлъ къыдэмыгъэхъунри гунахь, Мыхьамэт-Джэрые игухэлъ шъхьаихыгъэ джаущтэу пэуцужьхи, рашIагъэр джы сэ къыстыралъхьажьыгъ... Хэт етIани ар къыстезылъхьагъэр?

Шъэуае къырахыгъэ емыкIум джыри ыгу къыгъэбырсырыжьыгъ, шым зыригъэпхъотагъ. Гъуим хэлъэти темэн къамылыбгъур диIыгъэу заулэрэ чъагъэ. ЧыжьэкIэ КIэтыку мэзыр къызэлъагъом, Лъэустэнхьэблэ хэгъуашъхьэр зэрэмычыжьэжьым къызэтыригъэуцуагъ, заулэрэ хэлъэхъукIыгъэу, тхышъхьэ мылъагэм зытехьэм, мэзыбгъу сэмэгум Iутэкъогъэ чылэм гур къыгъэлъэпэрэпагъ.

Модэ мо зэнтхъыпкъ цыпэм дэжь щыт чъыг чIэгъыр ары, Шъэуае ыIуагъ, Мыхьамэт-Джэрые ыгу зыщыхэзгъэкIыгъагъэр... СыдкIэ сищыкIэгъагъ, сэ ащ икъэзэкъ тэмэтелъхэр Iогъу-шIэгъу сымышIы мыхъунэу. МэзиплI Iэпэ-цыпэ тешIагъ. А уахътэм къыкIоцI, пыщэгъу сызфэхъугъэгъэ Бамбэтыжъыр сишыхьатэу, цIыф тэрэз игъашIэ къыщемыхъулIэщтыр къысэхъулIагъ, къэзэкъмэ саIэкIэфагъ, яцIыфыгъи ямыцIыфыгъи зэхэсшIагъ... Арэп, сыда «ямыцIыфыгъ» сэзгъаIорэр?.. ХъункIакIо сазэрэфэкIогъагъэр ара? Паденкэмэ яшъао зэрахьыгъэр ара?! Ахэмэ ачIыпIэ ситыгъэмэ ясшIэщтыгъэм фэдэ къысашIагъэп, лъэхъу стелъыгъэмэ, къакъырым сисыгъэмэ гъэшIэгъона, сагъэшхагъ, сагъэлIагъэп. Тишъао къытфэгъотыжь аIуи, цыхьэ къысфашIэу сыкъатIупщыжьыгъ. Анфисэ пшъэшъэ цIыкIум изакъоми, гукIэ тымыштэрэ къэзэкъхэр цIыф гъэшIэгъоных. Тиадыгэ шъуашэ зэраштагъэм паепщтын ахэмэ яунэгъо шэн зырызхэмрэ тэ тиунэгъо зэхэтыкIэхэмрэ зыкIызэтехьэхэрэр, янахьыжъ-нахьыкIэ лъытэныгъэкIи захьщыр хьазырых. КъысэшъухыгъэцIыфыгъэмкIэ тхьэшъуегъэпсэу, сишъхьафитыныгъэ езгъапшэу шъуи Пантелей къышъуфэзгъотыжьын, ащи сэри шъхьакIо къытэзыхыгъэм ифэшъуашэ, моу Къэнтатыдыхэм адэжь сыздэхьэ уж, езгъэгъотын. Сыдэхьэпэщта адэ? ЛъышIэжьым уимыгъэшIэн щыIэп, нэмыплъ къысахэу сыкъаушъхьакIумэ?.. Симыхьакъ къыстеплъхьэкIэ, къыстезэгъэнэп! Къэнтатэ сыкъызэхимышIыкIмэ, дунаим сыкъызэхэзышIыкIын тетынэпщтын... Сисур? А тхьамыкIэр сигугъапIэ, тэ сихьыжьын... Сшъхьэ пIыеу зафэзгъэзэжьын нахьи гъусэ горэм зыIуезгъэщэжьыгъэмэ нахьышIугъэмэ сшIэрэп. Тэзэ Адыги сыкъыбдэшэсын къысиIогъагъ, ау ащ нахь лIыку горэ, Агой Пщымафэ фэдэ сигъусагъэмэ нахьышIугъ... Ар джы тэ къисхыжьын! Къэнтатэ дэжь сыдахьэ е непэкIэ сыдэхьагорэп. Бамбэтрэ Пантелейрэ яIоф сыухымэ, гукIэ нахь сыгупсэфыгъэу афэзгъэзэжьын. Ахэмэ яIоф зесфэфэкIэ кIэсаIо сыхъунба? Хьау, хъущтыр орэхъу, джыдэд!

Заулэрэ кIуагъэу, унэгъо мэл заулэмэ лIыжъ горэ апэтэу зелъэгъум, ушъхьагъу гъотэу Шъэуае гушIуагъэ, гъогум дэхи, онэгу епсыхыкIэ сэлам рихыгъ:

– Уимафэ шIу, нахьыжъ!

– Тхьэуегъэпсэу, Шъэуай, къэт ябгъэIуагъ, къеблэгъэжь.

– СыошIа, нахьыжъ?

– Хэт джы Шъэуае зымышIэу Бжъэдыгъу исыжьыр? – Мэлэхъо лIыжъыр щхыпцIыгъэ.– Зыр къыпщэтхъу, зым уеубы, зэр тхьэ пфелъэIу, адырэр къыобгы.

– КъызгурыIуагъ, нахьыжъ, къызгурыIуагъ,– къыраIуагъэр имыгуапэми, Шъэуае къызхигъэщыгъэп, еупчIыгъ: – О хэтымэ уащыщ, нахьыжъ? УкъэсшIэжьрэп.

– Сэ Лъэустэнхьаблэ сыщыщэп, сытыгъургъой, ЛэупакIэмэ сащыщ, сцIэр Бэрэкъэт.

– Олахьэ адыгэ цIэ шIагъо уиIэм, нахьыжъ!

– Укъехъуапса, хьауми къысэппэсырэба?

– Сыкъехъуапсэ, ау, сыгу къыпфихьагъэр сыушъэфынэп, уижъышъхьэ мэлэхъо ӏэнатӏэджэ къыоспэсырэп. Ощ нахь ныбжьыкӏаӏо горэ агъэмэлэхъонэу Лэупакӏэмэ къахэкӏыгъэба?

Бэрэкъэт ыгу къыдеӏэу зэщхы уж, джэуап къытыжьыгъ:

– Лэупакӏэмэ къафэудзыгъэм, сикӏал, Къэзэнэкъо Джэбэгъ сыгу къыгъэкӏыжьыгъ. Зэхэпхыгъа а лӏы ӏушым игугъу ашӏэу?

– Джэбэгъ игугъу зэхэсымыхы хъуна, Бэрэкъэт.

– Къедэӏу ащыгъум. Ау къыосэӏо: сэ Джэбэгъы уезгъапшэрэп, ори шыуитӏум язым уфэзгъадэрэп. Шыуитӏу горэ Къэзэнэкъо Джэбэгъ ялъэгъунэу, акъыл кӏэрахынэу чыжьэу къыфикӏыгъагъэх. Джэбэгъ иунэ къагъоти зыкӏэупчӏэхэм, къараӏуагъ: «шъузым игъусэу бжьын егъэтӏысхьэшъ, хатэм хэс». «Олахьэ шъузым бжьын дэзыгъэтӏысхьэу хатэм хэсым акъыл кӏэрысхын сӏоу зыӏусымыгъэкӏэн» ыӏуи, зы шыур ӏукӏыжьыгъ. «Мощ фэдиз къэскӏугъэу шъыдэу щытми зэсымыгъэлъэгъоу олахьэ сымыкӏожьын» ыӏуи, адырэ шыур еблэгъагъ. «Хьакӏэ уиӏ, Джэбэгъ» зыраӏом, хатэм къыхэкӏыжьи, хьакӏэщым кӏуагъэ. Тӏэкӏурэ щысыгъэхэу, гущыӏагъэхэу Джэбэгъ къэупчӏагъ: «шыуитӏу шъухъущтыгъэба, хьакӏэ, тэ щыӏ уигъусагъэр?» Игъусэгъэ шыум зэригъэзэжьыгъэр бысымым шӏуиушъэфыгъэп. «Адэ, пстэуми чэзыу яӏ. Сэри сисабыигъом чышым сытесэу синыбджэгъу цӏыкӏумэ сахэтыгъ. Нахь ин сызэхъум, шым сытесэу силэгъумэ ашӏэрэр адэсшӏагъ: пхъэӏэшэкӏыр сӏыгъэу сыжъуагъ, гъупчъэр сӏэдакъэу сыхыгъ, щэмэджыр сӏыгъэу мэкъу сеуагъ! Жъы сызэхъум, слъэкӏыжьрэр арышъ, шъузым бжьын дэсэшӏэ. Ӏоф цӏыкӏу щыӏэп, лӏы цӏыкӏу мыхъумэ»,– ыӏуагъ Джэбэгъ.

– Цӏыф ӏушыр шъыд фэдэрэ чӏыпӏи щыгъуащэрэп, Бэрэкъэт,– хьарамыгъэ хэмылъэу Шъэуае ыӏуагъэмкӏэ зэрэкӏэгъожьыгъэр ымакъэ къыхэщыгъ.– Олахьэ шъыпкъэм, Ӏоф цӏыкӏу щыӏэп, лӏы цӏыкӏу мыхъумэ… Угу хэзгъэкӏы сшӏоигъуагъэп, нахьыжъ, къысфэгъэгъу. «Гупшыси псалъэ, зыплъахьи тӏыс» зыфаӏорэр шъыпкъэ. Сыгу шӏу пфилъ сӏозэ, а гущыӏэжъыр сфэгъэцэкӏагъэп.

– Ихьау, Шъэуай. Шӏу угу къызэрэсфилъыр узгъэгумэкӏырэ мэлэхъо ӏэнатӏэм къыхэмыщыгъэу арэп. Сигуапэ укъызэрэсфэсакъыгъэр, гукӏэгъу къызэрэсфэпшыгъэр. Непэрэзымафэм уизакъоу шъофым уиты зыхъуджэ, угущыӏэн фаети, сшӏокӏэщыгъоу, къэпӏуагъэм елъытыгъэу а къэбарыри сыгу къэзгъэкӏыжьыгъ. Ау сэлам къызэрэсэпхыт закъор арэпщтын уигъогу укъызфыдэхыгъэр, о слъэгъурэм зыгорэм уегъэгумэкӏы. Сызэрэпшъхьапэн щыӏэмэ, къаӏо, джэуап сыпфэхъун.

– Ащ фэдэ гори ӏофым къыхэхьагъэп сӏомэ, усэгъапцӏэ. Ау сигуапэуи гъогум сыкъыдэхыгъ, сэлами осхыгъэ «Ӏоф цӏыкӏу-лӏы цӏыкӏумджэ» акъыл пкӏэрысхыгъ. Лъэустэнхьаблэ ущыщмэ, Султӏан Къэнтатдыхэм якъэбарджэ сыкъыоупчӏын сихьисапыгъ.

– Ара? Лъэустэнхьаблэ сыщымыщми, Султӏанэхэмджэ сыкъэбарынчъэп. Къэзэкъыгу зиӏэгъэ Мыхьамэт-Джэрыеджэ сыпфэраз, лӏыгъэ зепхьагъэ, ау къяхъулӏагъэм къымыубытыхэу джыри къэзэкъ псырыкӏымджэ маплъэх, акӏыб къызэрэтфэгъэзагъ. Блэкӏыгъэ мазэм шапсыгъэмэ къяхъулӏагъэр ягуапэу сахаплъэ.

– Зыгорэм итхьамыкӏагъо, уипый шъыпкъэми, ущыгушӏукӏыныр емыкӏу,– мэлэхъо лӏыжъым игуапэу къыбгъодэкӏыгъэ гущыӏэмэ Шъэуае ыгу къыпаӏонтӏыкӏэу джэуап ытыжьыгъ.

– Емыкӏуми хьарамыми джары Ӏофыр зэрэхъурэр, Хъан-Джэрый зыфаӏоу яшъао шъхьэпапцӏэ гори мо къэзэкъ пытапӏэм щырагъаджэ. А укъызкӏэупчӏэгъэ ныори а пытапӏэм, сымыгъуащэмэ, дэтӏысхьагъэу дэсджэ сенэгуе… Шъыд япшӏэт сэӏо ахэмэ, Шъэуай! Модэ уилӏыгъэ узэнды, уисэшхо гъэчаны, уиадыгэгу гъэпытэ! Султӏанхэр зихэщэ къэзэкъхэу къытпэӏуӏыстагъэмэ тыщагъэӏэтэп…

Мэлэхъо лӏыжъыр, аущтэу къыздэгущыӏэнэу сшӏагъэмэ, заулэрэ кӏуагъэу Шъэуае ыӏуагъ, Ӏофы зезгъэшӏэу сыфыдэхыныеп. Адэ джары, нэбгырэ пэпчъ еплъыкӏэ шъхьаф иӏ, хэти ежь ишӏошӏыкӏэ дунаир егъэушӏоркъы… Зым къэзэкъ, адырэм тырку, нэмыкӏмэ тхьамыкӏ, фэшъхьафмэ бай аӏо. Ащыщэу узэдэӏутэри зызэбгъэзылӏэтэри къэшӏэгъуай. Къашъхьащыщрэм ипаӏо шъхьэщауты, къахэмыщрэр зыщыщмэ ахэкӏуакӏэ, цӏи шъхьи имыӏэу пӏэстэ ныбэкӏэ дунаим ехыжьы. Лэупэкӏэ мэлэхъо лӏыжъри ахэмэ ащыщ, сэри ахэмэ сахэкӏыжьыгъэпщтын, сикъонцэ ӏахь дунаим щысэлъэшъу.

Шъэуае Лъэустэнхьаблэ зэрэдахьэу цӏыфхэр къызэреплъыхэри къызэрэкӏэлъыплъэхэри къыгурыӏуагъ, урамым

сэлам къыщезыхыхэри, зыкIыб къыфэзгъазэхэри ахэтыгъэх. СултIанмэ япчъэIупэ зыIухьэрэм къызэрэпэгъокIыщт шIыкIэм ыгъапэхэри щыIагъэх. Сыд мыщ икъэгъэзэжьыкI зыIохэри мэкIагъэп.

Шъэуае ыгу къитIыгурыгукIэу шым епсыхыгъ.

Къэлапчъэр зэрэIуихыгъэм лъыпытэу Iахьылыр адыгэмэ зэрагъаерэм фэдэу мэкъэ тIупщыгъэкIэ, щагур зэлъигъаджэу Шъэуае игъын къыхидзагъ. Лъэбэкъу заулэ ыдзи, лъэгуцым темыхьэу, кIэсэным IитIур рищэкIыгъэу, натIэр ефызылIагъэу мапчъэ: «е си Мыхьамэт-Джэрые тхьамыкI, тыдэ укъисхыжьын, сабый быныр ебэу къыщыуагъани...»

Унэм апэ къилъэтыгъэр Адыл-Джэрый, ащ ыуж – Сахьид-Джэрый, етIанэ Хъан-Джэрый. Ахэмэ акIыбкIэ Сисурэ ыIитIу ыIупшIэ Iуубытагъэу щызэтекъагъ. Къаймэти Хьадж-Къэсэий зэуж итхэу пщы щагумкIэ къелъэкIоных. Щагум дэдзэгъэ пщэрыхьэпIэ унэм изы шъхьаныгъупчъэ пщэрыхьэкIо бзылъфыгъэр къиплъи, шIу зэрэщымыIэщтыр къыгурыIуагъэу шъхьаныгъупчъэ пэIухъор къыридзыхыжьыгъ. Урамым зэпырыдзыгъэ гъунэгъухэри, аIощтыри ашIэщтыри амышIэу, къэзэрэгъаплъэх.

Къэнтат гощэшхор унэпчъэ блыпкъым къыдэхьагъ, ыпашъхьэ итмэ къариIуагъ:

– Зэ моу шъуIукIот!.. Хэт сэIо куо-хьаушхо пщы щагум дэзышIыхьагъэр!..

– Шъэуае мэгъы, нан! – Адыл-Джэрые къызIуипхъотыгъ.

– Имэхъэджагъэ зыдешIэжьышъ мэгъы! СанэIу икI, мэхъэджэжъ!

Сисурэ ыIэгушъуитIумэ къачIэкуукIи, унэм илъэдэжьыгъ.

ГущыIэ зэфэнчъэу лъэгуцым къыфырадзыгъэм ыIыгъ кIэсэныр кIиутыгъ пIонэу Шъэуае зыкъыригъэшIэжьыгъ, нэгу нэпсыр къыригъэIэтыгъ, къыIуагъ:

– Сигонахь къэохыы, Къэнтат.

– Мы сабыймэ ягонахь о къызыпхьыгъэр бэшIагъэ. Тэ ущыIагъ джы нэс?

– Симыхьакъ къыстыралъхьэ, нан...– Шъэуае ымакъэ къыщиутагъ.

– Сыуинанэп, сыуи Къэнтатэп, ащ фэдэ цIэджэ укъысэмыдж!



– Нан, ащ фэдэ умыIо...– Хъан-Джэрые зыфэщыIагъэп, Шъэуае зыдэщыт лъэныкъомкIэ ежьагъэти, Къэнтат гощэшхор лъыджагъ:

– Хъан-Джэрый, къэгъаз!

Шъэуае джыри нахь шъабэу къыIуагъ:

– Шъыд къысэпIуагъэми, Къэнтат, сыгу къыуабгъэрэп,– къэлапчъэм зынэсым, зыкъызэригъэзэкIыгъ: – А укъысэмыдж зыфэпIорэ цIэмджи сыкъыомыджэн слъэкIытэп... Ау джы нэс сыздэщыIагъэм сыкъэзгъэтыгъэри симыхьакъ къыстезылъхьагъэри сэ уапашъхьэ къисщэн!

Шъэуае ошэсыжьыфэ, Къэнтат гощэшхор унэ лъэгуцым текIыгъэп. Шъхьэр ыгъэсысэу тIэкIурэ щытыгъэу шъэожъыемэ ариIуагъ:

– Унэм шъукъихьажь! – Хьэятэм гъогу къыщезытырэ нысэм, ыгу жьы дигъэкIэу, егыигъ: – А нысэ, а Быч, мощ фэдизыр тищагу къыздэхъуахьым, угу узыгъэба, тэ ущыIагъ?..

– Сыкъэплъэгъугъэп нахь, гощэшху, уакIыб сыдэтыгъ...

– Шъыд бэлахь, шъыд тхьамыкIагъу, нысэ, тызхэфагъэр... Зэхэпхыгъэба къэлапчъэм дэжь Шъэуае къыщиIожьыгъэр?..

– Зэхэсхыгъэ, гощэшху.

– Мы Iофым зыгорэ хэхъуахьджэ сенэгуе...

– А сшIэ гущэрэп, гощэшху, сшIэ гущэрэп...

Къэнтатэ иунэ зехьажьым, Сисурэ нэмыкIрэ, Бычи ишъэожъыехэри лъыхьагъэх.

Хъан-Джэрыерэ Сахьид-Джэрыерэ, зэряхабзэу, тэхътэшхом пэчIынэтIэ пхъэнтIэкIумэ атетIысхьагъэх. Зэмыжэгъэ хъугъэ-шIагъэм джыри къымытIупщыжьыгъэ Адыл-Джэрые зэрэцIыкIум нахь цIыкIу ехъулIэжьыгъэу, о зыр ары сиухъумэкIо-гугъапIэр итеплъэу, янэжъ зыгуигъэпкIэжьыгъ. Бычэ гощэшхом ыпашъхьэ щымытIысэу, хьакум кIэрыт.

Нэплъызыгъэ гумэкIыр Къэнтатэ къыукъуагъ:

– Шъыд бэлахь, нысэ, тызхэфагъэр... МыIуапхъэ сIуагъэмэ, къысфэгъэгъу, си Алахь...– Къэнтатэ ымакъэ къыщытхъагъ, ау псынкIэу зыкъышIэжьи, джау сыдми къыIуагъ: – А нысэ, къэтIыс... Сыгу IэшIу-IэшIоу непэ пытапIэм сыкъыдэкIыжьыгъагъ... Гъэпсэфыгъо мэфэ закъоу къыфыхэфагъэм ятэ ихэпIэжъ Хъан-Джэрые

зыщезгъэгъэпсэфын, ышы цIыкIумэ ащызгъэгушIукIын сигухэлъыгъ... Адэ о зэрэпIоу дунаир щытыгъэмэ... А нысэ, Шъэуае къыIуагъэр шъыпкъэмэ?..

Ным ычIыпIэкIэ Хъан-Джэрые къыIуагъ:

– Нан, Шъэуае уигъэпцIэтэп...

– Ы-ы, Хъан-Джэрый! – Къэнтатэ зэхихыгъэм шъхьэр къыригъэпхъотагъ.

– Ары, нан,– нахь теубытэгъэ макъэкIэ Хъан-Джэрые къыушыхьатыжьыгъ.

– Армэ,– Къэнтатэ ымакъэ джы ехъырэхъышэ хэмылъэу къэупчIэ,– джы нэс тэ щыIагъ?

– Узщымыгъуазэм, Хъан-Джэрый, шыхьатэу утемыуцу,– гощэшхом ылъэныкъо диIыгъ фэдэми ыкъо еIэсэкIмэ, еушъыйзэ, Бычэ къэгузэжъуагъ,– гукIэгъу пстэури шъыпкъэджэ умыштэ.

– Ары, нысэ, ары,– мыIуапхъэ горэ Хъан-Джэрые къыримыгъаIо шIоигъоу тегуIыкIызэ, Къэнтати къыдырыгъэштагъ: – ушыхьат нэпцIынри упцIыусынри зы.

– Ары шъхьаджэ, нан,– Адыл-Джэрые зыгъапэщтыгъэр къызIуипхъотыгъ,– Шъэуае гъыгъи!..

– Гъыгъэ, нынэ, гъыгъэ...– Къэнтати шъэожъыем еIэсэкIыгъ, етIанэ нэпс нэгукIэ Шъэуае ыпашъхьэ къиуцожьыгъэу, нахьи нахь шъабэ кIэхъукIызэ, къыпидзэжьыгъ: – Арба тIотыри тэзымыгъашIэрэр. Шъэуае ицIыкIугъом щегъэжьагъэу нэпсыкIэ хьалэлыгъэп... Ау зы пцIым шъыпкъэишъэ егъэулъыи зыфаIуагъэри шъыпкъэ... Адэ, Сахьид-Джэрый, о зи къапIорэпи, нынэ?

– Сэра?..– Зэмыжэгъэ упчIэм Сахьид-Джэрые къыкIигъэщтагъ.

– Оры, нынэ. УзэупчIын щымыIэмэ, уипаIо гъэтIыси еупчIыжь аIо, ори паIо пщыгъ, сыкъыоупчIы.

– Сэ шъыд?.. Хъан-Джэрые иIо сэри сиIо.

– А сшIэгущэрэп, сшIэгущэрэп...– Къэнтатэ, нахь еуцуалIэ пIонэу, ышъхьэ ыгъэсысыгъ.

– Сэры, нан, сэры? – Агощырэ горэм ханырэм фэдэу Адыл-Джэрые янэжъ ыIэ етхъуагъ, ыгъэсысыгъ.

– Щыгъэт, Адыл-Джэрый,– ным ыдагъэп,– умышIыкIай.

– О шъыд, сикIал? – Къэнтатэ шIукIэ Бычэ фыреплъэкIи, шъэожъыем еупчIыгъ, ышъхьашъо Iэ щифагъ.– Ори мыхъун къэпIуагъэп, Адыл-Джэрый.– Зэпыугъо ымышIэу, зыфидзхэри нафэу, зэгыижьыгъ.– Сэ зыр ары цахьымышIылэу къышъухэнэжьыгъэр... Теплъын хъурэм... А нысэ, тэ щыI сэIо Сисурэ? А тхьамыкIэ цIыкIури Iоф хэфагъ...

– Къыпфязгъэщэна, гощэшху?

– Бащэ... Шъхьаихыгъэ дэдэджэ азыфагу тыдэхьанэп. Шъыд есIон? Неущи мафэ щыI... Адэ джары,– Къэнтатэ джыри хьылъэу хэщэтыкIыгъ,– зэр лъэсы, зэр шыу язгъэIуагъэр. Ахэмэ янасып къыгъэзэжьыгъэджэ сенэгуе, нысэ... Шъоры, Мыхьамэт-Джэрые тхьамыкIэмрэ орырэ, зинасып къэзымыгъэзэжьыхэтэр...

Бычэ нысэри сабыйхэри шъхьащыкIыжьхи Къэнтатэ изакъоу унэм къызенэжьым, сыхьат зытIум зэбэныгъэ нэпсхэр фэIэжьыгъэхэп. НэIэплъэкIыр нэпскIэ ошъуфэ мэкъэнчъэу зызегъэгъыкIым Къэнтатэ ыгу жьы дэкIыгъ шIошIыгъ шъхьакIэ, къызэкIэрыожьыгъэ гупшысэмэ зыкъыжэхатэкъожьыгъ. Шъэуае игъыкIэрэ кIэсэным икIэрытыкIэрэ ынэгу кIэмыкIрэр. РиIуагъэмрэ къыриIожьыгъэмрэ плъырыгъэр щигъэзыеу захэгупшысыхьажьрэм, гур къыпэузыкIы, зы упчIэм адырэр къыпэтэджы.

Шъэуае пчъэ зэхъум, шъыд ыIощтыгъэр, Къэнтатэ ыгу джыри къыпиIонтIыкIыгъ. «Е, си Мыхьамэт-Джэрые тхьамыкI, тэдэ мыгъом укъисхыжьын, сабый бынир ибэу къыщыуагъани... Зэгорэм сыжэ къыдэлъэтыгъагъэм пае уиукIакIо симыхьакъ къыстырелъхьи... КъысэхъулIагъэм ущыгъозагъэмэ, оры ыIапэ къысфэзыщэинэу мы дунаим щысиIагъэр...» Зэ, зэ, сыда Шъэуае къехъулIагъэу ыгъаещтыгъэр?.. Мыхьамэт-Джэрые Шъэуаекiэ джыри псаугъэ... АрынкIи мэхъуба джы нэс къызыкIытфыкъомыкIыщтыгъэр? Сэ икъэбар зэсымыгъашIэу ар пэсэубыты... ТхьамыкIагъом уимыгъэшIэн щыIэп, зыгорэм сыкъимыубытыжьэу сэ, ныожъышхом, делэ сыхъужьыгъагъа, семыупчIэу, зэхэшIыкI гори фысимыIэжьэу къыздэтэджэгъэ щагум сисабый цIыкIумэ апашъхьэ дэсфыгъ... Армырмэ, хэт ащыгъум Мыхьамэт-Джэрые тхьамыкIэм укIакIо фэхъугъэр?! Я си Алахь, аущтэу Iофыр щытмэ, мощ фэдизэу зыгу къигъыкIыгъэ Шъэое тхьамыкIэм ихьатыр нэмыIэми, мэхъэджагъэ къытфызезыхьагъэм, хэт щэрэщ, сынитIу ярэз, ыцIэ тэгъашIэ. Тэ тизакъоп, СултIан лIакъохэмкIэ зыгу къытфэшIуи къытфэмышIуи, ягъашI, Мыхьамэт-Джэрые игукъэбзагъэ зыфэдагъэр оры, уауж сэры зышIэщтыгъэр. Джэгъогъу имыIагъэу сIорэп, ау пый хэхыгъэ зэримыIагъэм сыщыгъуаз. Зыгорэджэ къэзэкъмэ

адэжь зызэригъэзэгъагъэр армэ, ащ ыгу къитэджэгъагъэм уишІэ хэмылъэу щытыгъэпщтын...

Къэнтатэ ыІитІоу бэщышъхьэм телъыр ошІэ-дэмышІэу къэкІэзэзыгъ, гопэ плъыр-стырэу къечъагъэм ынатІэ пкІэнтІэ чъыІэ къытырыригъэкІагъ. Шъхьэр къэунэзагъэми, бгъэр къыхэузыкІыгъэми, щэІагъэ къызхигъэфагъ, зигъэсысыгъэп.

ЩагумкІэ куо макъэ къэІугъ:

– Нан, Сахьид-Джэрые къысао!

– НахьыкІэ цІыкІум ыгу хэмыгъэкІба, сикІал,– Къэнтатэ шъхьаныгъупчъэм иджыкІыгъ.

– Ащыгъум чъыг къутамэр перэмыкІыкІ,– Сахьид-Джэрый зиухыижьэу къыдзыжьыгъ.

– Шъууцу сІуагъэба. Нанэ ыгу щышІэрэр шъулъэгъурэба? – Хьан-Джэрыий ышнахьыкІэмэ къягыигъ.

«А сикІалэ Іуш цІыкІу, о зыр ары сэ сызщыгугъынэу къысфэнэжьыгъэр»,– ыІозэ, Къэнтатэ шъхьаныгъупчъэм къыІукІыжьыгъ, нэплъэгъу гумэкІыкІэ унэр зэпиплъыхьи, гупсэфыгъо къезымытыщтыгъэ Шъэуай игупшысэ фигъэзэжьыгъ. ЗыгорэкІэ ышъхьэ фимытыгъэмэ? Хьау, хьау, хэта мор зищыкІагъэр, пщэп, оркъэп, мылъкоп зэраІоу? Зэсэгъэ щыІакІэр ымыгъотыжь зэхъум, тэри тыгу ежъуухыжьыгъэмэ ыІуи, тхьамыкІэр зэусэщтым гъунэ иІэп, тыгу зэригъэгъуни, тихьалыгъу ышхэу, ыгукІэ къытатІэу къытхэхьажьы шІоигъуагъэмэ шІэ? Ары нахь, мощ фэдиз уахътэм тыдэ щыІагъэми, зыдэщыІэм чІыгу щыпабзыгъагъа? ТитхьамыкІагъо зэхэзымыхыгъэ, цІыкІуи, ини, адыгэ шъолъырым къинэжьыгъэп... Зэгу, зэгу, Мыхьамэт-Джэрые фэгъэхьыгъэу сыда ащ къыІуагъэр? Ары, «къысэхъулІагъэм ущыгъозагъэмэ, оры ыІапэ къысфэзыщэинэу сиІагъэр» ыІуагъ. Е-е, ныо дел, кІэлэ тхьамыкІэм къыІо шІоигъуагъэр къебгъэІуагъэп... КІо, хъугъэ, зызэзгъэухыжьри хэта? Тыгу телъ уІагъэр джыри къеетэжьыгъ. Ащи зыгорэ хэмылъэу щытэпщтын. Тхьэр зафэ, хыери, мысэри къызэхифын, Шъэуае ихьакъми, имыхьакъыми къэнэфэн.

### III

ШъхьэкІо-гукъаом зэридзэу, игукІэгъу-зэфагъэ рагъэмысэжьыгъэу Шъэуае пщы къэлапчъэм зыІолъэтыжьым, бжыхьэ тыгъэ уцуагъэр ошъочэпэ чІыпцІашъом къокІодэжьын ригъэжьэгъагъ.

Онэгум исми, унэхэри, къыкІэлъыплъэрэ цІыфхэри Шъэуае зэхишІэжьыщтыгъэп. Сыхьатныкъом къыкІоцІ хымэ-джэгъогъу къыфэхъугъэ чылэу джы нишъэкІэ къызыщыкІэлъыплъэхэрэм, исабыигъо-кІэлэгъу цІыф фэдэу зыщигъэкІуагъэм, иапэрэ шІулъэгъу къыздинэрэм ышъхьэ дихыжьэу, зыщамылъэгъун къогъупэ горэм къолъэдэжьыгъэмэ, нэмыкІ фэежьыгъэп. Тыгъургъой мэз Іэпчъэ Іупэм шым ичъэ щигъэкІагъ, пкІантІэр къыпыз зэхъур ары ныІэп Шъэуае дунаим зэрэтетыжьри джэуапынчъэ шъхьакІом зызэрэригъахьри къызишІэжьыгъэр. Шы щтэгъэ кІэзэзыр нэ Іуш хыекІэ къызыІоплъэм, ижъалымыгъэ зыдишІэжьыгъ, тІэкІуи укІытэжьыгъэу ыгу къэушъэбыгъ, Іэгушъо плъыр шъабэкІэ къысфэгъэгъу риІозэ, заулэрэ ыпшъэ Іэ щифагъ, етІанэ ІитІумкІэ ысэку зыхигъани, ынатІэ ригъэкІыгъ, нэ упІыцІэгъэ мэкъэнчъэкІэ, гур Іэсэжьыфэ кІэрыти, риІуагъ:

– Адэ джары... НекІо, ори зыбгъэпсэфын, сэри псы тІэкІу сынэгу кІэскІэн.

Шъэуае мэз Іапчъэм бэрэ щылъыхъуагъэп. Къамылылъэ темэным пэчІынэтІэ чъыгэешхо шІуцІашъоу зипкІэшъэ гъуаплъэхэр бжыхьэ кІасэм ыутыныгъэм, шыр ыуж итэу, екІолІагъ, псынэкІэчъыр тыжьыныпс щхы макъэкІэ къыІугушІуагъ. Апэ шым уанэр тырихыгъ, пахъэр зелъэгъум, цыер тыриубгъуагъ. ЕтІанэ псынэкІэчъым лъэгонджэмышъхьэкІэ кІэрытІысхьагъ, псынэр зыІажэщтыгъэ чъыг къутамэу пкІэшъэ тхьапэхэр зэзыугъоилІэхэрэр къыхихыгъ.

Шъэуае псы чъыІэ тІэкІу ынэгу кІикІагъ, ІэгушъуитІу ешъуагъ, тыжьын мэкъэ жъыукІэ зыратэкъухьэзэ ІусыкІырэ ормэ акІэлъыплъагъ, хэщэтыкІыгъ.

«Орырэ сэрырэ тызэфэд, сыдэу угуІал,– ыІуагъ Шъэуае. Уигъогупэ мыжъомэ уялъэпао, псыхьэлъашъомэ узэтыраІажэ, ппэ къыпагоми, уагъэохъуми, уишІушІэ къыщыкІэрэп, уичъэ зэпыурэп. КъыпІуплъэрэм пэпчъ дунаим узэрытетыр еогъашІэ. ШІуагъэ къэмыхьмэ, уиягъэ зыми ебгъэкІырэп. Сэры? СицІыкІугъом щыублагъэу зишІуагъэ къысэзгъэкІыгъэмэ джы сиягъэ язгъэкІыжьыгъэу мэхъу. Мыхьамэт-Джэрые зэкІодылІагъэр сэрэу аІо. Урамым тыратІупщхьэгъэ, хьакІэщмэ аратІупщхьэгъэ къэбарыр Къэнтатэ ышІошъ хъугъэ... Къаймэти, Хьадж-Къэсэий

къысэплъхэу чэу лъапсэм кӏэрытыгъэх... Сисур? А закъор аркӏэ сэгугъэ къысфэшъыпкъагъэр... Хъан-Джэрый?.. Къэнтатэ егыигъагъ, садэжькӏэ къежьэгъагъ, къагъэкӏуагъэп нахь...»

Псынэкӏэчъым зыхикъудыягъэу хэшъукӏырэ шым ымакъэ Шъэуае игупшысэхэр зэпигъэугъ, джыри псы тӏэкӏу зыӏуикӏэжьи, къэтэджыжьыгъ, зэрепсыхыгъагъэм фэдэу псынкӏэу шэсыжьыгъэ. Лъэхъу цӏыкӏум хэтэу мэз ӏапчъэм зычӏэлъэтым, игупшысэмэ зыкъыжэхатэкъожьыгъ.

Хъан-Джэрые хэпшӏыкӏэу, Шъэуае гукӏэ ыӏуагъ, мы илъэсым зызэрэричыгъэр! Итеплъи, икъэплъакӏи, игущыӏакӏи ар къаушыхьатыгъ. Сыкъызэхишӏыкӏыгъа хьауми ыгу къысэгъугъа?.. Ары, симыхьакъ къыстыралъхьэмэ Хъан-Джэрые тэ щишӏэна!.. Ау етӏани сыӏукӏагъэмэ дэгъугъэ, сыкъызэхишӏыкӏын, сихыягъэ гурыӏон фэдэу къысщэхъу. Мыхьамэт-Джэрые къехъулӏагъэмкӏэ сэри сыхые дэдэп. Сыбзэгу къыпыкӏыгъэ гущыӏэ мыщыур ипыймэ ӏэубытыпӏэ язгъэшӏыгъ... Ежь Мыхьамэт-Джэрыий, Алахьэм зыдигъэзэжьыгъэм шӏу щешӏ, игухэлъхэр сшӏуимыушъэфэу, сипӏугъэба, силэжьыгъэба, сыщигъэгъозагъэмэ, яшъыпкъапӏэ сшӏошъ ыгъэхъугъагъэмэ, къэзэкъ ӏофхэмкӏэ нахь зысӏэжэныекӏи мэхъу. Сыушъэфырэп, мэзищ гъэрым илъэс щэкӏым къызгурымыӏогъэ ӏаджми сарагъэгупшысагъ, ау ащ къикӏырэп а лъэныкъомкӏэ сыгупэ згъэзэгъапэу... Сэ сшӏэрэ закъор — узэмыпыймэ, узэпыщымытмэ, узэфычӏэмыплъмэ нахьышӏу, сыд фэдиз тӏуагъэми, а зы псыхъом инэпкъитӏумэ тыряцӏыф. Ипсы гъуаткӏо къытӏуигъафэ хъумэ, тыщигъаӏэ хъумэ, ары пакӏошъ, титхьалэ хъущт, хэт шъущыщ, сыд шъуигухэлъ, сыдрэ диным шъуит къытиӏорэп. Арышъ, зэз дыджыр зыбзэгу тетэджагъэм ӏэшӏу щымыӏэжьэу къызэрэщыхъурэм фэдэу Мыхьамэт-Джэрыекӏэ тызызэӏопхъо мафэхэм къысэхъулӏэгъагъ, ер зэогъэ чъыгым пкӏашъэ къызэрэпымыкӏэжьрэр сщыгъупшэжьыгъэу гъогунэпцэ сапэм мэкъу сыщеуагъэу хъугъэ... Ары, ары, дунай зэхэблагъэм тыщызэпыджыжьэу тытет. Паденкэ шъаом иӏоф зэрэзэхэсфэу, охътэ лые тесымыгъашӏэу, къэзэкъ пытапӏэмкӏэ сыкъокӏын, Къэнтатэ къысимыгъэӏуагъэр Хъан-Джэрые фисӏотыкӏын... Мыхьамэт-Джэрые зэкӏодылӏагъэр апашъхьэ исымыщэу сыуцунэп!..

Тхышъхьэ ехыгъом Шъэуае иш ытхьакӏумэхэр мэзахэм къыхипхъотыгъэх. Гъогу къэгъэзэгъум шъхьархъонхэр ашъхьарыхъуагъэу шыуитӏу къыкъокӏыгъ. Шъэуае ошӏэ-дэмышӏагъэм фэхьазырти, гъогу аритзэ, ариӏуагъ:

– Гъогумафэ шъуежьапщи.

– О уигъогупи мафэ пфэрэхъу,— сэмэгубгъукӏэ щытым джэуап къытыжьыгъ, етӏанэ шым ыпхэкӏы рыригъэдзэкӏи, ныбжьыкӏэ мэкъэ чанкӏэ къыдзыгъ: – Хэт ишыу шъхьэзакъу сэӏо чэщныкъом къэзыкӏуахьырэр?!

– Ыуж икӏ, ӏогъу-шӏэгъу умышӏы,— иджабгъукӏэ щытым шыр къызэтыримыгъэуцоу къыӏуагъ.

– Чэщныкъо шыумэ гъогум нэӏуасэ зыщызэфамышӏэу тижъмэ аӏо,— Шъэуае къызэригъэкӏоу джэуап ытыжьыгъ.

– Ар пӏоу пцӏэ утещынахьыжъмэ, сэ сцӏэ пшӏосыушъэфынэп. Сэ Мэрчанэ чылэм сыщыщ. Зэхэпхыгъэмэ, сцӏэр Къэгъэзэжь!

– Ы-ы? – Шъэуае ыгъэшӏэгъуагъ.— Олахьэ пцӏэ зэхэсхыгъэм...

– Некӏо, сӏуагъэ,— къэмыуцугъэ шыум джыри ыдагъэп, джэуап къэзытыжьыгъэм ымакъи щыгъуазэ фэдэу къыщыхъугъ,— зыщыщ умышӏэрэ шыум чэщныкъом зышӏомыгъан...

– Гъэшӏэгъона чэщныкъомэ?..— гъусэм фидзыжьыгъ.— Чэщныкъор лӏыгъэ ушэтыпӏ...— нахь мэкъэ тегъэпщыхьэкӏэ зыпыпкӏэгъэ шыум фидзыжьыгъ: – Зэхэпхыгъэмэ джары!.. О сыд пшъхьэ къызкӏимыхрэр?

– Хъорэлӏыкъо Мэрчанэ ихьанэ-гъунэ урегъахьэмэ,— Шъэуае зиӏажэщтыгъэми зыкъыщызыхъощтыгъэ Пэшъукъ фимыдзыжьын ылъэкӏыгъэп,— сисэлам сфехыжь...

– Мэрчанэ ихьанэ-гъунэ сыримыгъэхьанэу... Сыкъэоушъхьакӏу... Ау тинахьыжъ ихьатыркӏэ ари пфэзгъэгъун... Хэт ыцӏэкӏэ уисэлам есхыжьыщт?

– Шъэуай ӏори, къыгурыӏот.

Ятӏонэрэ шыум гуцафэ зыфишӏыгъэ макъэм ыцӏэ зызэхехым, шым жэдэӏагъ, тыгъокӏо шыкӏэу иш ыпэкӏэ ыгъэлъэхъугъ.

Заулэрэ Шъэуае гъогу тетыгъэу, зыгъапэщтыгъэм джыри емыгупшысэн ылъэкӏыгъэп. Пэшъукъ игъусэгъэ шыум сыд пае зигъэнэгъоджагъ? Къытпылъ-къытпымылъышъозэ, сцӏэ зызэхехым, пхъэтэпэмыхь сишӏэу ӏукӏыжьыгъ. Сцӏэ щыгъуазэп сӏонти, Мыхьамэт-Джэрые къехъулӏагъэмкӏэ, зэрэадыгэ шъолъырэу сыщызэлъашӏагъэу аӏо... Зыгорэкӏэ сцӏэ къыкӏигъэщтагъэмэ шӏэ?.. Шапсы-

гъэ Бамбэтынэуи?.. Ар сыдым Пэшъукъ гъусэ фишIын!.. ПшIэхэнэп, тыгъужъыр тыгъужъщыр гъэсэнкIэ ерыш...

Нэфшъагъом къызэкIичын ригъэжьэгъагъ чыжьэкIэ тхышъхьэ чэпэ ретэкъокIэу Агой Пщымафэ ичылэ Нашъхьэ къызэлъагъом. Нэфмышъэу дэхьанэп, унагъор ыгъэгумэкIынэп ыIуи, шыр ыуж итэу сыхьат фэдизэ кIуагъэ, етIанэ ыIупIэ ыыгъэу лъэс гъогу эандэм рищэхыгъ, мэз пIокIэ хьазырыр зыдэубгъогъэ кIэим дэкIызэ, хьылъэ дэди къыщымыхъоу адырэ тхышъхьэм дэкIоежьыгъ. Нашъхьи чэпэ ечъэхкIэ щайшъогъу уахътэм къыщылъэгъуагъ.

Чылэм зыщыдэхьащтым, хъурышъо пэIо хъокIыгъэ лъахъчэр зыщыгъ лIыкур зэрыс шызэкъокум Шъэуае IукIагъ, пхэкI телэтыкIыкIэ сэлам къыхызэ къыIуагъ:

– Пчэдыжь хьакIэр щэтэшх аIо, къеблагъ, хьакIэ, къеблагъ.

– Тхьауегъэун, нахьыжъ,– къэуцугъэ шызэкъокум исым Шъэуаий исэлам пигъохыжьызэ, еупчIыгъ: – Шъыд шъуикъэбар, укъыздэкIырэ чылэр мамырба?

– Е-о-ой, хьакIэ, мамыр джы тыдэ къипхыжьын!.. КъылыщкIэй щыхэкIодагъэмэ яхьэдэгъэ пшIыкIуз чылэм щаухыгъ тIозэ, зиуIагъэ къэзыхьыжьыгъэ тхьамыкIэ гори тыгъуасэ дгъэтIылъыгъэ. Янэ ишъэо закъу. УмыкIу раIозэ, чылэр зыдакIорэм сымыкIомэ, лIыгъэнчъэкIэ къысфалъэгъунба ыIозэ, ашIокIуагъ бэйтэмалыр. Яни шъузаб, зэрэпсэущтри сшIэрэп, дунаим изакъоу къытенагъ. Джы къэзэкъхэр къытэкIунхэшъ, тызэрапхъон къэбарыр чылэм дэлъ. Ар згъэшIагъорэп, хьакIэ. УзэкIурэр, бэ шIэн, макIэ шIэн, къыокIужьыщт. Адэ джары хъурэр... Дэйлэм уIукIэмэ, икъэбар къыпфеIуатэ язгъэIуагъэр сэщ фэдэ гор...

– Мыхъун зэхэсхыгъэп, нахьыжъ. Гъогумаф уздежьагъэм.

– Тхьауегъэпсэу, ау сэ олахьэ чыжьэу семыжьагъ. Тиунэ ис бэйтэмалым етIэгъо тIэкIу къысIэкIэгъахь, хьакур укъэягъэ ыIуи сырифыжьагъэшъ, мо етIэгъо нэпкъым сэкIо. Ащ пае къэзгъэнэнэп, къеблагъ, къэзгъэзэжьын.

– Тхьауегъэун, ар озгъэшIэнэп, нахьыжъ. Алахьэм шIукIэ тыкъыпхегъахь. Сэри лъэгъун горэм Нашъхьэ сыкъыдищагъ.

– Тыгъужъыкъо Къызбэч уай-уаир арыщтын уилъэгъуныр?

– Олахьэ, нахьыжъ, Къызбэчи силъэгъуным, Агой Пщымафи сыIукIэ сшIоигъу.

– Агой Пщымафи лIы дэеп, игугъу шIукIэ ашIы. Ау къызэрэсIощтыри сшIэрэп, Джэнчпсынэ щыщэу, Бамбэт аIоу зы лIы джашъо горэм пыщэгъу фэхъугъэшъ, къысишIагъи щыIэп, ары пакIошъ, гущыIэгъуи сыфэхъугъэп, къэбар Iае пылъышъ, а бэйтэмалым еспэсырэп. УзыIукIэрэм, ори ар Агоим фыхэбгъэпсыгъэмэ дэгъугъэ.

Бамбэт ыцIэ къызыраIом, Шъэуае ышъо къыхихыгъ, ерагъэу зиIажэзэ, зигугъу къашIыгъэм щымыгъуаз пIонэу джэуап пигъохыжьыгъ:

– А зыцIэ къепIуагъэр арэу цIыф дэймэ, уилъэIу пфэзгъэцэкIэн, нахьыжъ. Ащ фэдэ пыщэгъухэр сэри сикIасэхэп...

Агоймэ яшышIоIу дэжь щепсыхырэ шыур апэ шъхьаныгъупчъэмкIэ зынэ къыпэшIофагъэр Пщымаф. ЗыкIыб къэгъэзэгъэ шыур тыгъуасэ ихьэкIэгъэ шыуитIумэ язэу къыщыхъугъ, Бамбэт ыIонти, ащ ыплIэIу бгъузэмэ афэдэп, игъусэгъэ Къэгъэзэжь шъаор ары ыIонти, сыдым итIур зэфигъэдэн, ылъэгъурэ тэмэпкъ пытэм изыкIэлъэныкъуи хъунэп. Ау джы Пщымафэ зэгуцэфагъэм зыкъыригъэпхъотагъ, унэ лъэгуцым къызытелъадэм, ылъэгъугъэм хигъэкъуукIыгъ:

– Шъэуай!... Е-е, зиунагъо бэгъон, ора сэIо, ситхьамыкIэжъ!.. Адэ сэ Бамбэт къысиIуагъэр...

– СэшIэ, Пщымаф, сэшIэ...

ЛIитIумэ гушIо нэплъэгъукIэ зызэжэхадзагъ, Пщымафэ къыIуагъ:

– Нибжьи сыптэплъэжьын Iоу сшIагъэп, Шъэуай...

– Ащ фэдэ чIыпIи сифэгъагъ...

– Къэзэкъмэ уихьадэ къаIэкIихыжьи, ыIэшъхьитIукIэ уигъэтIылъыжьыгъэу ары Бамбэт къысиIуагъэр... Уикъашъхьэ дыуахь къыщытхыгъ, нэмаз щытшIыгъ...

– Ащыгъум,– Шъэуае щхыгъэ,– бэрэ сыщыIэнэу къычIэкIын.

– О-уи-уиу, хъурэр хьалэмэты!.. НекIо унэм, сыд мыщ тызфыщытыр! – Шъэуае ыблыпкъ ыIыгъэу, зыгорэм тырихыжьыщт пIонэу, унэм рищагъ.

Шъэуае етIысэхызэ, джыри щхыгъэ:

– Бамбэтрэ сэрырэ язэу хэт джы, Пщымаф, шъыпкъэ зыIорэр?

– Ащ укIэупчIэжьа, Шъэуай?
– Къедэlу, ащыгъум, къысэхъулIагъэм...
Къэбарыр Шъэуае къызеухым, ихьакIэ ыгу щышIагъэр ежь илажьэ фэдэу, шъхьэр еуфэхыгъэу Пщымафэ тIэкIурэ зыщэс уж, къыIуагъ:
– Е-е, Шъэуай, ситхьамыкIэжъ, сыд бэлахьа узыхэтыгъэр!..– хьылъэу хэхьапщыкIи, къыпигъэхъожьыгъ: – Джы къызгурыIуагъ, сэшIэ Мыхьамэт-Джэрые зыукIыгъэри уимыхьакъ къыптезылъхьагъэри. Тыгъоспчыхьэ нэс, игъусэгъэ пэщыныцIэм тыриудэгухьэу, ар тихьакIэщ исыгъ. АI-анасын, сыдэу джы нэс Бамбэт имэхъэджагъэ гуцафэ фэсымышIыгъ!..– Пщымафэ ынэхэр гукъаом къыгъэутхъоплъыгъэх.– УишъхьакIо сишъхьакIо, Шъэуай, сиIашэ уиIашэ, уилъышIэжьи силъышIэжь. Джыдэд пIоми сыхьазыр!
Шъэуае джэуапынчъэу заулэрэ щысыгъ, етIанэ къыIуагъ:
– Бамбэт нахь Iоф къыспыщылъ, Пщымаф. Къэзэкъ шъаор къэсымыгъотыжьы хъутэп, гущаIэ стыгъэ.
– Олахьэ, Шъэуай, а зигугъу пшIырэ къэзэкъ шъаом тэри тылъыхъугъэм...
– Ы-ы!.. Хэт илъэIуджэ?
– Къэнтат гощэшхом илъэIукIэ Бамбэтрэ сэрырэ тылъыхъугъ... Ау джы къызгурыIуагъ Бжъэдыгъуи Шапсыгъи зыфитымыгъотагъэр...
– Зэрэхъурэмджэ,– Шъэуае щхыпцIыгъэ,– тыгъужъыр шъуимэлэхъуагъ?.. Къэзэкъ шъаом иIоф шъыдэу хъумэ Къэнтатэ ышIагъ?
– Матвей къэзэкъ атаманыр къелъэIугъэу ары...
Шъэуае хэщэтыкIыгъ:
– Сэры гум ранэжьыгъагъэр...
– Ощ пае Къэнтатэ зыгорэ ышIэщтыгъэмэ, цIыфым имыхьакъ тетлъхьанэп, къытиIони...
– Ари шъыпкъэ. Ау сэ силажьи ащ хэлъ.
– Сыдэущтэу?
– Паденкэ къэзэкъмэ сыкъатIупщыжьыфэ сызщыщыр язгъэшIагъэп.
– Олахьэ хъун умышIагъэ, Шъэуай. Гум уизымынэн цIыфэу Къэнтатэ сыхэплъэгъагъ.



– СцIэ зэрэсыушъэфыгъэр синасып, Мыхьамэт-Джэрые сызэриукIакIом сыщыгъозагъэп, сыкъиухъумагъэджэ сэгугъэ,– Шъэуае ышIагъэм ежь-ежьырэу кIэгушIужьыгъ.
– Ари тэмэм!..– Пщымафэ къыIуагъ, етIанэ зыгорэ ыгу къызэрэкIыжьыгъэр къырыпшIэу, къэупчIагъ: – Мыдэ, Шъэуай, Абдзахэкlэ, Тубэ лъэныкъом, ущыIагъа?
– Пантелеймэ зыфапIорэр, Абдзахэ сыщылъыхъуагъ, ау Тубэ чыжьэм сынэсыгъэгоп. Шъыда?
– Тубэ чылэм ыцIэ Бамбэт сэмэркъэукIэ къыриIоу, ащ тымыкIощтмэ сшIэрэп ыIоу зэхэсхыгъагъэшъ ары... Бамбэт чIэ иIэп, имэхъэджагъэ зынэмысын щыIэп.
– Ащ фэдэ гуцафэ пшъхьэ къихьагъэмэ...– Шъэуае къэгумэкIыгъ, тхьагъэпцIыгъэр къыдызезыхьэрэр ибысым пIонэу ынэмэ акIэплъагъ, етIанэ хьакIэщым имысыжь фэдэу заулэрэ егупшысагъэу къэгузэжъуагъ: – Арэу оIомэ, Пщымаф, ос къемысызэ, Тубэ тынэмысы хъутэп, гъусэ укъысфэхъугъэмэ...
– Ащ укъыкIэлъэIужьын ищыкIагъэп, Шъэуай. Непэ, уишырэ орырэ тIэкIу зыжъугъэпсэфмэ, нэфшъэгъо кIэтаджэу гъогу тытэхьан.

## IV

Ишыу гъусэ чэщ мэзахэм къызэрэхинэрэм Бамбэт пылъыжьэп – нахь чыжьэу зызэрэIуихыщт гупшысэм нэмыкI шъхьэм къыубытыжьрэп. Шъэуае къэзэкъмэ къаIэкIэкIыжьыгъэмэ, къатIупщыжьыгъэмэ ышIэрэпышъ, ишъхьагугъу.
Сыкъишlэжьыгъэп, Бамбэт ыкIыбкIэ щыхъурэр зэхишIэу гукIэ ыIуагъ. Гуцафэ къысфишIыгъагъэмэ, щэч хэлъэп, сауж къиилъэдэщтыгъэ. Мэзырэ чэщрэ уишъэф щымыIуат зыфаIорэр шъыпкъэ. Сымакъэ тIэкIу зэрэзэблэсхъугъэр дэгъоу сшIагъэ. СыщэщынэкIэ арэп... Ау етIани мэзыкъо уIагъэм зыщыбдзыемэ нахьышIу. Чъыг къогъу горэм укъотэу, къызкъоукIыгъэри ымышIэу, ытх зэпыуутыныр ащ фэдэм фэшъуаш. Мафэ щымыIэжь пIонэу сыд ар чэщныкъом зезыфэрэр. Сэры нахь, хэтына!.. Симылажьэ, сэ зэсымышIэжьыгъэ къысэхъулIагъэп. Джы дунаим сызэрэтыримыгъэтыжьыщтым уемыхъырэхъышэжь. Ау тэри пэкIэ псы тешъорэп...

Сэмэгубгъумкӏэ къыголъэдэжьыгъэ Пэшъукъ къеупчӏыгъ:

– Шъэуае ыцӏэ къызыреӏом, сыдэу укъэмыуцугъ, шъузэныбджэгъу, шъуузэщыхъушъутагъа?

Бамбэт джэуап къытыжьыгъэп.

Заулэрэ чъагъэхэу джыри Пэшъукъ къэупчӏагъ:

– Зыгорэкӏэ Шъэуае угу хигъэкӏыгъэмэ шӏэ?

Нэбгыритӏумэ азыфагу шылъэмакъэ нэмыкӏ къыдэӏукӏрэп.

Сыд сэӏо мыщ зыкӏызызэкӏоцӏигъэнагъэр, Пэшъукъ ыӏуагъ. Мы мэфищым ащ нахьрэ гугъу иӏагъэп. Азыфагу зыгорэ къыдэхъухьагъэкӏэ енэгуягъо. Шъэуае икъэбар къызежьэкӏэ, щытхъузэ, къызэриубыри макӏэп. Султӏан Мыхьамэт-Джэрые къумалымкӏэ лӏыгъэ зэрихьи, ышъхьэ хихьажьыгъ еӏо. Ащ пае тыгъуасэ Агой Пщымафэ ихьакӏэщ къыщеушъыигъ. Сыда шъуӏуа Бамбэт аущтэу Шъэуаекӏэ зыкӏыщытыр? Ар джыдэди тигъогупэ къыщиушыхьатыжьыгъ. Зыгорэкӏэ цыхьэ къысфимышӏмэ шӏэ? Сышӏокӏалэмэ, ежьыр ары нахь къыслъыкӏуагъэр, къэшэс зыӏуагъэр, сэ селъэӏугъэп. Шэсэгъу сыздэбгъэхъугъэмэ, нахьыжъ-нахьыкӏэр зышхыжьырэмэ сащыщэп, паӏо сщыгъ, ӏашэ зголъ, цӏыфы фэдэу къысфыщыт. Хьау пӏомэ, тиӏоф кӏэкӏы, сыкъызэрэбдежьагъэу сыббгъодэкӏыжьын. Ау сиупчӏэ джэуап къемытэу сыпшӏомыкӏын.

– Олахьэ, нахьыжъ, уикъэмыгущыӏакӏэ зыфэсхьын сымышӏэ...

Джыри Бамбэт мэкъэнчъэ, ичъэ хегъахъо. Пэшъукъи иш етӏупщы, игъусэ зыкъыщыригъанэрэп.

Мэз пакӏэм зыкъолъэтхэм, шъхьэихыгъэу еупчӏыгъ:

– Бамбэт, угу хэзгъэкӏыгъа?

Джэуап дыс зэхихыжьыгъ:

– Кӏалэ, зэ ужэ зэтэлъхь!

Пэшъукъ шым жэдаӏи, къызэтыригъэуцозэ, лъыджагъ:

– Нахьыжъ, пӏуагъэр къыптэфэрэп, зэкӏэхьажь!

Бамбэти пхэкӏыр рыригъэдзэкӏэу шыр къызэтыригъэуцуагъ:

– Сэра мыхъун къыозыӏуагъэр!.. Орба чэщныкъо шыум бырсыр езышӏылӏагъэр?!

– Ара угу емыӏугъэр, нахьыжъ?

– Джынэкъэуж узщымыгъозэ шыум чэщым зышӏомыгъан!..



– Олахьэ ари тэмэмым, нахьыжъ,– Пэшъукъ ыӏорэр нахь зыдишӏэжьэу, итхьагъэпцӏыгъи зыхиухъумэжьэу кӏилъэшъужьыгъ: – Мэзахэм ошӏэ-дэмышӏэу къыхэлъэтыгъэ шыур сыгу тэфагъэпти ары... Ежь изакъу, тэ тынэбгыритӏу...

– Зы шыум шыуишъэр зэбгырищэуи къыхэкӏы, аущтэу къэпшӏэщтэп ар...– Бамбэти ымэкъэ кӏэлъыкӏыгъэ къэушъэбыгъ.– Зыщыщ умышӏэрэм сэлам ехи, блэкӏ. Некӏо, сэ сиӏон сӏуагъэ, о уишӏэн джы пшӏэн...

– Олахьэ ари тэмэмым, Бамбэт,– лӏыжъ хэкӏотагъэ пӏонэу джыри Пэшъукъ къыкӏиӏотыжьыгъ, зи къямыхъулӏагъэ фэдэу ыуж ихьажьи, ичӏыпӏэкӏэ зыгоуцожьым, пигъэхъожьыгъ: – Етӏани, Бамбэт, тызэрэмышӏэу Шъэуайй тызӏуупӏэгъагъэр!.. Укъызфэмыуцугъэр сшӏогъэшӏэгъоныгъ...

– Ащ иджэуап нахь сигуапэу къыостыжьын, Къэгъэзэжь,– Бамбэт зэрэщхыпцӏыгъэр ымакъэ къыхэщыгъ, пшӏошъ ыгъэхъунэу къыӏуагъ.– Султӏан Мыхьамэт-Джэрые къумалым фэшъуашэ езгъэгъотыгъэм ышъхьэ зэрэӏуихыжьыгъагъэр къэрэбгъагъэкӏэ фэслъэгъугъэшъ, сянэ къылъфыгъэуи щэрэт, сэлам есхы пакӏошъ, сыдэгущыӏэнэуи сыфэягъэп. Адыгэ шъолъырыр илӏыгъэ тэгущыӏэ, ежь ыпсэ шъхьэчъэ-псачъэкӏэ гъуим хехьажьы.

– Сигъунэгъу Хъорэлӏыкъо Мэрчанэ зэриӏоу, паӏо зыщыгъ пстэури лӏэп. А тхьамыкӏэм Хъан-Джэрые шъхьэпаем фишӏагъэри, фиулэугъэри, тыригъэкӏодагъэри хьаулые хъугъэ, зытырахыжьыгъэ мафэм щыублагъэу тырагъэплъэжьыгъэп. А-енасын, а шъхьэпаем зэ нэмыӏэми сытэплъэгъагъэмэ, зэзакъо ышъхьашъо исыутыжьыгъагъэмэ, нэмыкӏ сыфэягъэп... Ащ сэ кӏэнэу сшӏуихыгъэм ибагъэр!.. Ыхьырэ кӏэнхэр, сэщ нэмыкӏрэ, ятӏонэрэ мафэм зышӏуихыгъэмэ аритыжьыщтыгъэ. Сэры шӏощхэныгъэр, шӏоджэголъагъэр... Джы къэзэкъ пытапӏэм лӏы къабзэр щеджэ!.. Къылыщкӏэй къыщыташӏагъэм щыгъуазэба ар?

– Щыгъуаз.

– Адэ сыд ыӏорэр?

– Узыӏукӏэрэм еупчӏ.

– Сыдэущтэу а мыгъо нэгум сыӏукӏэщт?

– Уфаемэ, чӏыпӏищэ Хъан-Джэрые уащыӏукӏэн плъэкӏыщт. Зыщеджэрэ къэзэкъ пытапӏэр, Пшызэ зэпырыкӏыпӏэр, лъэустэнхьэблэ пщы щагур.

– Къэзэкъ пытапІэмкІэ узгъэгугъэрэп,– заулэрэ кІуагъэхэу Пэшъукъ ыІуагъ,– ащ сыдэхьашъунэп, ау укъыскІыгъуштмэ, ащи ескун.

– Сыд пае сыпкІыгъун,– Бамбэт щхыпцІыгъэ, ыгукІэ ыІуагъ: сэ сыригъусэщт нахь, ежьырэп сигъусэщтыр.– Оры Хъан-Джэрые ышъхьашъо изыутынэу зыІуагъэр.

– СІогъэ къодыеп! – Пэшъукъ къызбгырыугъ.– Шъэуае зэришІыгъэу, къумалыр ятэ кІэлъызгъэкІожьыщт. ПсыІушъори, япщы щагуи тІэсхъапІэ. Ары шъхьакІэ, а шъхьэпаемрэ янэжърэ пытапІэм дэтІысхьажьыгъэх аІуагъэба?

Пэшъукъ къэмыхъу рапшІэзэ, Бамбэт ыгъэшІэгъуагъ, мы къэбархэр тэ щишІэхэра? Іогъу-шІэгъу сызэрэфэхъугъэмкІэ джэнджэш сыгу къихьагъ шъхьакІэ, мы слъэгъурэр уипый горэм пэІубдзэнкІэ фэдэ щыІэп. Къаигъэ пстэури шъхьэкІоштапхэх, Іэхъомбэшхор ягъэлъэгъу закъуи, узфаер къыпфашІэщт. Тегъэгушхуи, къэзэкъ пытапІэм екІущт. Сыда шъуІо мыри СултІанмэ зыфябэнырэр? ИкІэнхэр Хъан-Джэрые зэрэшІуихьыщтыгъэ закъор арэпщтын. Иадыгэгу ащ фэдизэу къытпыщыт къэзэкъхэмкІэ зыкъиІэтыгъэнэуи? Зэхэпхырэба ыІорэр, типыйхэмкІэ сыдигъуи сыхьазыр еІо.

– Зэ, Къэгъэзэжь, зэ,– Бамбэт игупшысэмэ къахэужьыгъ,– ар зыпшІэщт мафэри къэсыщт, умыхъыжъ. Къэзэкъ пытапІэм укъызкІэупчІагъэхэр зэрэщыпсэухэрэр шъыпкъэ – унэ щаубытыгъэу дэсых. Ау мазэм заулэрэ, шэмбэт-тхьаумафэхэм щэджэгъоуж факІохэу, чылэм къэкІожьых.

– Ара? Ар Іоф шъхьаф!.. Ау мыемыкІумэ, зыгорэкІэ сыкъыоупчІыщт.

– Ар укъызкІэупчІэрэмрэ уикъэупчІакІэрэ ялъытыгъэщт, Къэгъэзэжь,– цыхьи, джэнджэши зыхэлъ макъэкІэ, щхыпцІри кІэлъыжьэу къеупчІыгъэр Бамбэт зэригъэжагъэп, псынкІэуи, укІэмыгъожь ыІорэм фэдэу, тыригъэгушІухьагъ: – КъаІо, сыкъэдаІо.

– СултІан нэгъоймэ, Бамбэт, угу зыкІябгъэрэр, плъэгъухэ зыкІэмыхъурэр сшІэмэ сшІоигъу.

Бамбэт зэхихыгъэр ыгъэшІэгъуагъ. Сэри ащкІэ сыоупчІын сихьисапыгъ, сапэ укъишъыгъ. УиупчІэ тхьагъэпцІыгъэ хэлъми-хэмылъми сишъэф къыосІонэп. Ощ фэди ощ нахь лІыІохэри къыкІэупчІагъэх ащ, ау зыми ышъхьэ зыфисымыхыгъэкІэ, оры нэмыІэмэ, сыдкІэ уищыкІэгъэн... ПшІэ пшІоигъомэ, узэрэфаеу ари къыпщызгъэхъун...



– Шъыпкъэм уфаемэ, сшынахьыкІ, къыбгурыфэнэу къэсэІо, СултІанмэ сикІэни ахьыгъэп, ячІыфи стэлъэп. Зэрэнэгъой лъэпкъхэр армэ, тичІыгу имысыгъэхэмэ, адыгэлъ ахэмыткІогъагъэмэ, ащи сшъхьэ езгъэгъэузыщтыгъэп. Дунаим цІыф лъэпкъ Іэджи тэт, зыщыщхэри тымышІэу, тамыгъэапэу, тамыгъалІэу, къытэмынэцІхэу... Ау СултІанхэр къиныгъокІэ къызытхафэхэм, тишІуагъэ ядгъэкІыгъэба? Тищыгъу-пІасти, тичІыгуи, типсы Іуби адэдгощыгъэба? Тиадыгэпхъухэр, шъутилъэпкъэгъоп тІоу, апэтыубытыгъэха?

– Тызыдин лъэпкъэгъухэба, Бамбэт? – КъикІрэр ышІэымышІэ фэдэу, джау сыдми тхьагъэпцІыгъашъокІэ Пэшъукъ къэупчІагъ.

– Тызэдинэгъумэ гъэшІэгъона?! – Жэм къышІудэтэкъущтыгъэ гупшысэмэ ошІэ-дэмышІэу Бамбэт къыхагъэкъуукІыгъ.– Тыркухэри тидинэгъух... Ау а лъэпэбыхъужъхэр сихьанэ-гъунэ къизгъахьэхэрэп нахь. Зы дин къыддиты пэпчъ тичІыгу адэдгощынэу ара?.. Адэ, плъэгъурэба джа ори узгъапэрэ СултІанмэ къыташІагъэр?! КъытІущхыпцІэхэзэ, зядгъэгъэделагъ, ашъхьэпхэтыку къытагъэлъэгъужьыгъ...

– Къэзэкъ диным ихьагъэхэу оІошъы ара? – Пэшъукъ зыгъапэщтыгъэм къыкІэупчІагъ.

– ЯІанэ бгъэкІэ тэгъолъхьагъэхэмэ, гукІэ амыштэнэу пшІошІа?

– СшІэрэп ныІа мохэмэ ашІэщтыр...

– УмышІэмэ къыосэІо! – Бамбэт ымэкъэ дыс зыкъышІуипхъотагъ, етІанэ иошІэ-дэмышІэ гупшысэхэр ежьыр шъыпкъэм шІогъэшІогъоныжьыгъэх. Сыд шъэфа, ыІуагъ, мыщ есымыІонэу сыгу къихьэгъагъэр? СултІан Мыхьамэт-Джэрые ыпсэ зэрэхэсыутыгъэр ара? Ащ игугъу сымышІыжьми, къэзыушыхьатыщтым сауж кІэкІэу зэрефэ... Ау Шъэуае ышъхьэпхэтыку зэримылъэгъужьырэм фэдэу теплъэгъу къысимыхзэ, дунай нэфым есфыхыжьынкІэ усэгъэгугъэ. УкІэкІуацІэр птелъын нахьи, узылъэгъурэм зыпщимыдзыеу узэрэхьакъынчъэр цІыфмэ ашІошъ бгъэхъоу дунаим утетмэ нахьышІу. Сэ ыпкІэ хэлъми-хэмылъми, цІыфыбэмэ сыряукІэкІуагъ, сыгу жьы дэзгъэкІ пэпчъ сІотэщтмэ, сэркІи хэткІи гъэшІэгъоныжьынэп... УкІэкІуацІэр зытелъэу дунаир зэзгъэбгынэжьыщт Шъэуае пае Анапэ дэс Хьасан- пашэу сикъотэгъури мы Іофым хязгъэлъэшъу-

хьанэп… Ари икъунэу, сишъузыгъэмэ сшІуашхыгъэмрэ сшІуахьыгъэмрэ афикъужьэу, къысэтагъ… Джы къытенагъэр къыситыжьмэ, Сисурэрэ сэрырэ дгъэшІэжьыщт тІэкІум тфикъущт. Ау апэ Шъэуае иІоф сымышІэ хъущтэп!.. ЕтІанэ Сисурэ цІыкІур згъотыгъэмэ, бэнэн къыхэмыхьэу, къезэгъыгъагъэмэ, сэри сыцІыф, икъунба нэбгъуджыкІэ къызэрэсфычІэплъыхэрэр, сытыгъужъ зэпытына, зэкІэ зыпызгъэтэкъужьынти, къыздэхъугъэм сыкІэгушІоу, синасып сыщыгушІукІэу сытІысыжьыщтыгъэ… Сыд сикъэзэкъ, ситырку… Ныбэм из згъотэу, унэгъо цІыкІоу сшІэщтыр, сэрэмыгъэнэтІупцІэри ары, унэм сихьажьмэ, къыспэгъочъын горэ, сыкъикІмэ, къыскІэлъычъэн горэ паІуи щэрэгъ, шъхьатехъо терэхъуагъ фаеми, къысферэхьыжьри, егъашІэм сымытыгъокІо-укІакІоу, сынасыпышІоу дунаими сытетыгъэу зыслъытэжьыныгъи.

– Бамбэт, нахьыжъ,– гущыІэдысыр къыфэзыдзыгъэгъэ гъусэм ыгу кІэжъукІыжьыгъэщтын ыІоу фэсакъзэ, Пэшъукъ макъэ къышъыгъ,– адэ зи къэпІожьрэпи?

– Ошъочапэр къэушъэбы, зыкъызэкІихын игухэлъ,– зигупшысэмэ къахэужьыгъэ Бамбэт ушъхьагъу дэгъукІэ ошъогум иплъыхьагъ.

– Чэщыр джыри зэрэмэзах.

– Арэу къыпщэхъумэ, къокІыпІэ чапэмкІэ зэплъэкІи, къохьэпІэ чапэм еплъыжь.

– Олахьэ арым. КъокІыпІэр нэгъыфышъу, къохьапІэм щымэзах.

– Ащ гу зэрэлъыптагъэр дэгъу, ау утхьагъэпцІ о.

– Сыда, Бамбэт?..

– Адэ сэ бэйтэмалыр СултІанхэмкІэ сыбгъэІорыжъори, о уишІошІ тэбгъэдэІужьыгъэп.

– Ара зыфапІорэр?

– Ухэукъуагъэп,– ежь-ежьырэу Бамбэт щхыжьи, къыпигъэхъожьыгъ,– СултІанмэ угу закІыфэмышІур кІэн закъор арэпщтын сІуагъэ.

– КІэныр сыд, Бамбэт,– Пэшъукъ зигъэлІэу къыІуагъ,– непэ пшІуахьымэ, неущ къашІопхьыжьыщт. ЦІыфыгъэнчъэр ары, Мэрчанэ зэриІоу, къэгъэзэжь зимыІахэр… Сэ сыд? ЦІыфмэ адамышІэрэр сэри СултІанмэ адасшІэрэп. СултІан къумалыхэр арэп, нахьыжъ, сэ сызгъапэрэр…

– Нахь гопэгъу ошІэмэ къаІо,– джау сыдми, зэхихыгъэр къыридзэ-къыримыдзашъоу, Бамбэт къыІуагъ.



– Къэзэкъмэ якъумали адыгэ чылэ горэм дэс аІуагъ…

– Узщымыгъуазэм утэмыгущыІ,– Бамбэт лъэдакъэкІэ шыбгъум едыси, кІигъэпкІыгъ.

– Сыд пае сымышІэрэ? – ШъхьэкІо макъэкІэ Пэшъукъ шыум лъыджагъ, голъэдэжьыгъ.

– КъаІуагъ-Іожьыгъэхэр, кІалэ, сикІасэхэп.

– КъэІо-Іожьыр сэри сиджагъо,– Пэшъукъ къыфадзыгъэм къыхыригъэхыгъ, ау зиІажэу пидзэжьыгъ: – Уфаемэ, зыщыщри ыцІи къесІон. Сагъэпцlагъэмэ, сэри узгъэпцІэжьын.

Бамбэт джыри шым зырыригъэтІагъ, къыІуагъ:

– УагъэпцІагъэмэ, сыгу къыобгъэщтэп, сэри зыозгъэгъэпцІэн.

– Чылэр Абын, зыцІэ къыраІорэр Абатэ…

– Хэт тІумэ язэу, Бэслъыныя, Убыха?! – Бамбэт нэфылъ къежьэгъакІэм къыхэкуукІыгъ.

– Ахэрэп.

– Адэ хэт?

– Янахьыжъ… Ят ары…

– Нэмыр Къымчэрый?! – Бамбэт зэхихыгъэр ышІошъ мыхъоу, мэкъэ дэгушъокІэ къэупчІагъ.

Шапсыгъэ тхышъхьэм, Абын хэгъуашъхьэм дэжь, мэфитІо къырищэкІыгъэ Пэшъукъ мамыркІэ зэрэбгъодэкІыжьыгъэр, игупшысэ зэфэмышІухэм изакъоу къазэрэхэнэжьыгъэр Бамбэт игопагъ.

КъокІыпІэ ошъочапэр къэзгъэушэплъырэ тыгъэр зелъэгъум, Бамбэт гумэкІыгъо шъабэм хэфагъэми, шым зыкъыридзыхэу, быслъымэн диныр къахэхьаным ыпэкІэ ятэжъмэ зэрашІыщтыгъэм фэдэу, тхьэ елъэІугъэп. Къэуцуи, тыгъэм тІэкІурэ еплъыгъ. ЗыщыгушІукІырэм гур къызкІыпиІонтІыкІырэр ымышІэу, джыри ащ тизымафэ къытфехьы ыІуагъ. Сыд фэдэщта непэ сигъогу? ШІукІэ сытещи, шІукІэ сыкъытещыжь, Алахьэм ычІыпІэкІэ тыгъэм елъэІугъ, етІанэ мэхъаши, зыкъигъэтэрэзыжьыгъ: мо тыгъэшхори орышъ зиІэмырыр, си Алахь, унэшІу къысщыф, сигъогуи сищыІэныгъи псынкІэ къысфэшІ, зыгу шІу къысфимылъ пстэуми сащыухъум, сауж къитэджэгъэ Шъэуаий синасып тегъакІу…

Бамбэт сакъзэ, зэресагъэу, гъогум текIи, гъуим хэхьагъ, къамылъэгъоу, ежь хэгъуашъхьэр зэпиплъыхьэу дэжъыелъэ кошэ къогъум къоуцуагъ.

Хэт ышIэра, о пшъхьэ нэмыкI зыми цыхьэ фэпшIы хъущтэп ыIуагъ. Пэшъукъ згъэнахьыкIэу, уасэ фэсшIэу, къыфязгъэшIэу къесщэкIыгъ, ахэсщагъ, къахэсщыжьыгъ нахь мышIэми, сэ гугъэпIэ-телъхьапIэ горэ фысиI сэIокIэ, мощ ыгу къысфихьащтыр, шIомыигъо дэдэу зыбгъодэзгъэкIыжьыгъэшъ, къыслъыплъэнкIи мэхъу... Сигъусэфэ шIукIи, екIи зынэмысыгъэ адыги, къэзэкъи, тыркуи, нэгъоий къыгъэнагъэп. Чэщныкъо шыури... А-енасын, а шыур Шъэуаеу сшIэгъагъэмэ, зышIомыгъан Пэшъукъ есIощтыгъэп, язэрэукI сыхэлъэдэнти, шыхьатынчъэу тIуми апсэ Iусхыщтыгъэ... Джы шышъхьэр блэзгъэкIыгъэу шыкIэм сыкIэлъэтхъожьы... Гуцафэ зыфэсшIын Iэгъо-благъом ислъагъорэп, хьаулыеу Пэшъукъ игунахьи къэсэхьы. Ау пшIэщтэп ащ ыгу къихьащтыр, Нэмырмэ анэсыгъэр сэри къызнэмысынэу ошIа? Аущтэу орэхъуи, ышъхьэ пызгъэлъэтын, ежь-ежьырэу зыкъызгозыдзагъэр сэр-сэрэу зыгосфыжьынэп. Хьасан-пашэм дэжь, Анапэ, зэрэзыдэсымыщэрэр армэ, сэщ нэмыкI ар зыми иIофэп...

Анапэ хьанэ-гъунэ Бамбэт зехьэм, адыгэ шыу тIурытIу-щырыщхэр тырку пытапIэм екIурэ гъогумэ атырилъэгъуагъ. Сыд сэIо мыхэр зезыфэхэрэр ыIозэ, защиухьэщтыгъэми, дэхыпIэ зыщимыIэ тхышъхьэ гъогу закъом шыу куп щаIукIагъ, шыуитIуи ышIэжьыгъ: ХъорэлIыкъо Мэрчанэрэ Абэтэ Бэслъыныерэ.

– Уизэкъо-шъхьэзакъоу тэ уежьагъа, Шапсыгъ? – Бэслъыный къэупчIагъ.

– ГумэкIыгъом шъхьэзэкъуагъэ уегъэшIэжьа, Бэслъыный,– купыр гъогу къытезыщэгъэ Iофым егуцафэу Бамбэт къыIуагъ, тыригъэфагъ,– джа шъуздэщыIэгъэ Хьасан-пашэм дэжь сэри гыякIо сэкIо.

– Сыд епIощт, кIалэ? – Зинахьыжъыгъэ чIыпIэ ит Мэрчанэ хъыжъагъэ зыхэмылъ мэкъэ IужъукIэ къэупчIагъ, ежь-ежьырэуи джэуап къытыжьыгъ: – Зи кIэрыпхынэп.

– Олахьэ, сымышIэрэ ащыгъум, зимафэ мэфишъэ хъун тхьамэтэфо, шъо гущыIэ зыкIэрышъумыгъотагъэм сэ есIощтыри... А зигугъу тшIырэм уегыин нахьи, Iэбжым фэпшIыныр нахь тэфэ. Къэзэкъмэ КъылыщкIэй къыщыташIэгъэ тхьамыкIагъэомкIэ тыкъызэхимышIыкIмэ, сшIэрэп ащыгъум зыдэдгъэзэщтыр...

– СIонэп сIуагъэ шъхьакIэ, Бэслъыный,– ХъорэлIыкъо Мэрчанэ мэкъэ IэтыгъэкIэ къыхэгубжыкIыгъ,– хэта Хьасан-пашэр тэркIэ, адыгэхэмкIэ?! Ар зилIыкIо Тыркури ары! Зыкъэтыухъумэжьышъурэп, къыткъоуцу тэIошъ, зыщыщ тымышIэрэ хыкIыб лIыкIом теубзэ.

– Шъыпкъэ, Мэрчан,– гъусэ шыухэми янахьыжъ дырагъэштагъ.

– КъэошIэжьа, Бэслъыный,– зэпыугъо мыбащэкIэ Мэрчанэ игущыIэ къыухыжьыгъ,– адыгэ зэфэсым Тыркум тызеIофытэм, ипачъыхьэ къытиIогъэ дэдэр илIыкIуи мыщ непэ къыщыкIиIотыкIыжьыгъ. Сыдигъу Тыркум тызыкIогъагъэр? Илъэс заулэ хъугъэ. Урысыер къызхэшъумыгъахь, къэзэкъмэ шъуязау, тэ тыжъудэIэпыIэщт джы къызнэсыгъэм къытаIо, хэгъэгуфом тыпаIуадзэ... Къэнэжьыгъэ закъор урыс пачъыхьэм илIыкIо де-Скасышъ, титхьаусыхэ ащ етымыхьылIэщтмэ...

– Ар мыхъуми, Мэрчан,– Бэслъыныий джыри нахьыжъым дыригъэштагъ,– къэзэкъхэмрэ адыгэхэмрэ, тызэригъэшIу шIоигъоу тазфагу дэт, гъомылэ-щыгъын хъожьыпIэхэр къытфызэIуехых...

– А зигугъу тшIыри шIукIэ огугъа, Бэслъыный... Зи федэ тхэзымыхын къытфакIорэп...

– Аущтэу шъоIомэ, нахьыжъ,– Бамбэт шъхьэгугъу хъугъэу къыIуагъ,– сышъуштэщтмэ, гъогогъу сышъуфэхъун. ШъуиIо сиIо.

– Узэрэфай, Шапсыгъэр,– Мэрчанэ къыIуи, ыпэкIэ чIэгъ чIэгъумтIымыкIыгъ,– ощ фэдэ Iэджи гъогогъу къытфэхъугъ, тиадыгэ IофкIэ яшIуагъэ къытэкIыгъэп нахь...

– Арэу оIомэ, тхьамэтэфо,– къыфадзыгъэм гуебгъэ химыхыгъэ фэдэу Бамбэти ушъхьагъу дэгъу къыгъотыгъ,– сэ синэгыягъи Хьасан-пашэм ыпашъхьэ фисхьан, адыгэ гукъаом, шъо шъуизакъоп, сызэригъапэрэр сэри гурызгъэIон, ипчъэ тэорэ адыгэр нахьыбэ зэрэхъурэм ежьыри зыкъыригъэшIэжьын, ыджа зэрэпIуагъэу, япачъыхьи къэбарыр фаригъэхьыжьын. Гъогумаф, тхьамэтэфо.

Щэджэгъоужым щыублагъэу пчыхьэшъхьапэм щыкIэкIыжьэу Хьасан-пашэм икъэлэпчъэ егъэтыгъэ Iутыгъэ

адыгэ шыумэ Бамбэти ащыщыгъ. Къэлэпчъэ лъагэм теуагъэхэми, зыгъэсысыгъэхэми, Іузыкlынэу пылъыгъэхэми ауж зыкъыригъэнагъэп. АІорэр адиІуагъ, ашІэрэр адишІагъ. Ау мэзахэ къызэрэхъоу зыдэулэугъэмэ захигъэкІодыкІыжьыгъ. Тырку пытапІэм имыжъо чэу зандэ къырикІухьакІи, хыІушъо лъэныкъомкІэ гъэзэгъэ дэхьапІэм екІугъ, ишъэф тео шым зэрэтесэу зыдэкІыщт пчъэ бгъузэр къыІуаригъэхыгъ. Сыдигъуи къызэрэпэгъокІхэ хабзэу, шыІупІэ Іыгъэкlэ рагъэпсыхыгъ, мэзахэм зыхэзыушъэфэгъэ бгъэгъэ зыщыплlымэ аблащи, шэф остыгъэхэр зыщыблэрэ унэм ращагъ. ЫпэкІи, ыужкІи итыгъэ аскэр уІэшыгъитІур унэм икІодыкІыжьи, изакъоу къинагъ.

Бамбэт унэр ищыпэлъэгъоп. ГъэрекІуи зэп-тІоп зэрисыгъэр. Мыгъэ мыр ятІо. Мыхьамэт-Джэрые зеукІ мафэм мыры къыздэкІогъагъэр. Хьасан-пашэм иІоф зыхэлъыгъэ къэбарыр зэрэфиІопщыщт закъорэп къэзыщэгъагъэр. Дышъэ сомищым щыщэу сомитІоу къэнэжьыгъэр ары. Ау къэбарым ишъыпкъапІэ джыри къылъыІэсыгъагъэпти, хэт ышІэра адыгэ пцІыусмэ узэрагъэделэщтыр, загъорэ шІуцІэр фыжьы пшІуагъэшІы ыІуи, сомитІум щыщэу сомэныкъокІэ нахь къетэгъагъэп. Джы Бамбэт идышъэ сомэрэ ныкъорэ къыратыжьынэу ежэ.

ЧІыфэ закъомкІи сышІокІыщтэп, цыкІу зэрыхъухьэрэ унэ хъоо-пщаушхор къызэпиплъыхьэзэ, Бамбэт ыІуагъ, улэупкІэ къытырерэлъхь, тІо сыкъылъигъэкІуагъ. Цыхьэнчъэ шъхьакІо къызэрэсихыгъэми, ежь зыщыщ тырку гъэпцІакІомэ сафэдэп, къыдерэплъыжь. Непэ икъэлапчъэ тызэрэІуигъэтыгъэм изакъоми, дышъэ сомэ псау ыуас! Ау ар къыфэсІэтынэп, уделэти уІутыгъ къысиІон. Сызщыщмэ закъыхэсымыгъэщмэ сэркІэ зэрэнахьышІур тырку лъэпаком лъэшэу къыридзэн... Ау арырэ сэрырэ нэрымылъэгъоу тызэпхыгъ... Бысымым зыкъегъэгужъо... Адэ джары зэрэхъурэр, къыпфаер къыпфачъэ, узыфаем узэрегъажэ. Дышъэ сомэрэ ныкъори тыжьыгъошІопщтын... Хьасан-пашэм иджыбэ къыреха мыр!..

Пчъэ макъэ къэІугъэу Бамбэт къыщыхъугъ, ау зажэрэр къэлъэгъуагъэп. Унэми, щагуми ащырэхьат. Шэф остыгъэмэ яжъыжъыжъ макъэ загъорэ кІым-сымыр къеукъо. Сыхьатышхоу дэпкъым кІэрытым ыбзэгу хъурай уцу иІэп.

Сыда мы илъэсым сызыщымыгъуазэу мы унэм итыр, Бамбэт ыІуагъ, сыхьатри, пхъэнтІэкІухэри, лъэпкъ лъэпсэ тахътэри, шэф остыгъэхэр зэрыт дышъэпс егъэшъогъэ джэрз ээхэтхэри, зынэтІэбгъу хъырахъишъэкІэ гъэпкІэгъэ КъурІан гъэтІылъыпІэхэри, укъызэрымыщын пхъэнтІэкІу куушхуитІури шъхьаныгъупчъэм пэмычыжьэхэу щытыгъэх. ІашэкІэ гъэпкІэгъэ дэпкъ алырэгъур ары зэблахъугъэр. ЯинагъэкІэ зэфэдизы, адырэм нахь нэгъыфыбэ хэлъыгъ, мыщ шэплъ-дышъашъор къебэкІы. Сымыгъуащэмэ, къэмэ, кІэрэхъо, сэшхо зэфэшъхьафмэ джыри зы сэшхо къахэхъуагъ... Алахьэм ешІ ари зиягъэр... СултІан Мыхьамэт-Джэрые къыгосхыгъэгъэ къамэмрэ сэшхомрэ ачІэгъ. Сыгузажъуи, кІэрэхъо гохыгъо симыфэу шым Іуезгъэхыжьыгъагъ... Ащи дышъэ сомэныкъо горэ кІэсхыщтыгъэ...

Сарыкъ фыжь лъагэм нахь зезгъэІэтырэ лІы цІыкІу пытэ пшъагоу илъэс шъэныкъо горэ зыныбжьын Хьасан-пашэр унэм къихьагъ, Бамбэти идышъэ сомэмэ къаІэтыгъ пІонэу, ичІыфэ зытелъым фэтэджыгъ. Іэпэубытым хэмыхьэхэу шъхьэгъэсыс сэлам зэрахыгъэ. Хьасан-пашэр итэхътэ тІысыпІэ тесэу Іэ сэмэгур къызеІэтым, къылъихьэгъагъэхэ иухъумэкІо аскэритІумэ унэр абгынагъ.

– Къеблагъ, уикъакІо бэ тебгъэшІагъ,– Хьасан-пашэм иадыгэбзэ зэшІоІугъэ ыгу ичъыІагъэ къыхэщэу къыІуагъ, ынэхэми, ыІупшІэхэми зэхамышІэу щхыпцІыгъэ.

– Бэрэ узажэрэр нахь кІас.– Сыд сэІо мы лъэпакор ичІыфэ стелъ пІонэу, зэрымыразэр, зыфаер фэсшІэгъахэшъ, чыжьэкІэ къыспэтІысыгъ, Бамбэти ыІуагъ.

– Бэрэ узэжагъэм ІэшІу кІэлъыжьэп,– Хьасан-пашэм къыпигъодзыжьыгъ.

– Хьасан-пашэм ыгу къысабгъэмэ сшІэрэп?..

– КъысэІугъэ къэбарым цыхьэ къыпфысигъэшІыжьрэп.

– КъызгурыІорэп, ышъхьэ къысфих.

– Къамылэжьыгъэ дышъэм кІэлъыкІожьхэрэп.

– Сэра дышъэ сомищ къэзымылэжьыгъэр?

– Орэп.

– Хэт адэ?

– Шъэуай!..– ЕтІанэ нахь мэкъэ шъабэкІэ Хьасан-пашэм къыпигъэхъожьыгъ: – Пштэгъэ дышъэмрэ ащ фэдизэу садэжь къэнагъэмрэ Шъэуай зытефэрэр. Аущтэу тызекІомэ, нахь зэфэщт.

Бамбэт ыгу къыдеІэу щхы зэхъум, зыфихьыщтыр ымышІэу Хьасан-пашэр къэупчІагъ:

– Сыд узфэщхырэр?

– Олахьэ, Хьасан-пашэ,– Бамбэт ищхын щимыгъэтыжьыпэу ыlуагъ,– тхьабыл цlынэкlэ спшъэ укъыдэуагъэм!.. Сэры а къэбарыр Шъэуае фэзыгъэlугъэр. Ощ нэмыкl цlыф есlуагъэп, тыкъызэкъонэжьынэу сыпщэгугъы.

– Сшlэрэп ныlа сшlошъ зэрэхъущтыри…

– Сыда зыкlэмышlэрэр!..– Бамбэт зищыlэщтыгъэми, ымакъэ зыкъышlуипхъотагъ, нахь риутэхыжьыгъ: – Муары, Султlан Мыхьамэт-Джэрые икъами, исэфуи уиалырэгъу хэшlагъ, ыцlи атэтхагъ.

– Сэшlэ, Бамбэт, зыгъэрэхьат… Алахьэу лъапlэу лъагэм джаур хъугъэм игунахьшlагъэ фигъэгъунэп!

– Арэу къычlэкlын…– Хьасан-пашэм къыlуагъэр Бамбэти къыушыхьатыжьыгъ, етlанэ изэфагъэ джы зыдишlэжьэу къэтэджыжьыгъ, нахь мэкъэ пытэкlи къыlуагъ: – Сыуимыщыкlэгъэжьмэ, сичlыфэ къысэтыжьи, сигъогу сытэхьажьын. Сэ джыри шыу куп уимыжъо чэу кlыб къыщысажэ…

– Сыд пае усимыщыкlэгъэн, Бамбэт,– Хьасан-пашэм зыкъызэблихъугъ,– уичlыфи зытезгъэлъынэп, къэзылэжьыгъэм ерэгъотыжь. Къэтlыс, орырэ сэрырэ тиlоф ащ щытыухырэп… Типачъыхьэшхо ишlоигъоныгъэ зэзымыпэсыжьыгъэгъэ Султlан Мыхьамэт-Джэрые дунаир едгъэбгынагъэми, къыкlэныгъэхэр псаух… Иджыхьнэм машlо зэрэхэсызэ, ахэр зэрэтымыгъэпсэущтхэри ерэшl!.. Къуища, къуиплlа къыкlэныгъэр?

Бамбэт ынэхэр къилыдыкlыгъэх:

– Апэрэ шъузымкlэ – зы, ятlонэрэмкlэ – щы.

– Хэта ахэмэ ащыщэу къэзэкъ пытапlэм щырагъаджэрэр?

– Хъан-Джэрый, щымэ анахьыжъыр ары…

## V

– Талъэныкъо нахьи Абдзахэ нахь щычъыlэмэ сшlэрэп,– Агой Пщымафэ къыlуагъ, шхомлакlэр онэкъуапэм шlуидзи, кlом дыхэтэу ыlапэмэ япщэжьыгъ, ытхьакlумакlэхэри ыlотыгъэх,– къещхырэп, къесырэп, зынэсрэр пелыгъукlы.

– Абдзэхэ пхъэцмэ якъушъхьэ тыдэкlуаешъ,– Шъэуае щхыпцlыгъэ, ыпи ыlотыгъ,– тилlыгъэ зыфэдэр зэрагъэшlэн, тэри зэхытагъэшlэн яхьисапыджэ сенэгуе. Тубэ тынэсыфэ, Пщымаф, дунаим джыри зыщэ-зыплlэ, ежь абдзахэмэ афэдэу, зыкъызэблихъунджэ усэгъэгугъэ, абдзэхэ къижъукlмэ ахэкlыжьэу дунаири тэ кlожьын.

– Мы зиошъофо, Шъэуай, ащ нахь тэфэрабгъоу къэмыlожьын! – Пщымафи игуапэу къыдыригъэштагъ, тхьагъэпцlыгъэ нэгукlэ къыфыреплъэкlи, къыпигъэхъожьыгъ: – Ау абдзэхэ пхъэцмэ къяпlолlагъэр угу имылъкlэ сэгугъэ.

– Шъыд пай?

– Абдзахэм абдзахэ ыубыжьрэп.

– Сэра абдзахэр?..– Зэхихыгъэр зэригуапэр Шъэуае ышъо къыхэщыгъ, етlанэ псынкlэу къыlуагъ: – Шъыд аlорэр, укъэзылъфыгъэр арэп, узыпlугъэр ары. Абдзахэмэ сыкъалъфыгъэмэ, илъэсихым ситэу тыгъугъэджэ хыlушъом сызахьым, сиабдзэхагъэ ащ щысыухи, тхьэегъэпсэу Мыхьамэт-Джэрые тхьамыкlэр, бжъэдыгъумэ сапlугъ, салэжьыгъ…– хьылъэу хэщэтыкlыгъ.– Бжъэдыгъу къыщысэхъулlэжьыгъэми ущыгъуаз… Къыстемыгущэlагъи адыгэ шъолъырым къикlыгъэпщтын…

– Олахьэ ари, Шъэуай, тэмэмым. Сэри, уиlоф ылъапсэ сэшlэфэкlэ ахэмэ сащыщыгъ. Мы зыуж тихьэгъэ къэзэкъ шъаор къэдгъотыжьэу, уимыхьакъ къыптезылъхьагъэм уинасып текlожьыгъэмэ, нэмыкl сыфаеп. Ау ащкlэ Мыхьамэт-Джэрые згъэхыеу, Бамбэт згъэмысэу арэп.

– Сэ Мыхьамэт-Джэрые,– Шъэуае джыри хэщэтыкlыгъ,– сызэрипlугъэр арэп. Сшъхьэ къэсlэти, сигупшысэхэр сэр-сэрэу зэхэсфыжьэу зесэгъажьэм, нэмыкl еплъыкlэ фэсшlыгъагъ… Тэ адыгэмэ къытхэщырэр къетыутэхыныр шэн дэеу тхэлъ. Мыхьамэт-Джэрыеджи ар къэдгъэлъэгъуагъ, ибын-унагъуи ибэу къэдгъэнагъ, тызымышlэрэмэ ажи жъалымагъэджэ зыдэдгъэфагъ…

– Зэ, зэ, Шъэуай, умыхъыжъ!..– Пщымафэ къэгузэжъуагъ.– Пlорэм тэгъэгупшыс. Мыхьамэт-Джэрые зыгоуцогъэгъэ къэзэкъмэ Къылыщ тэмэным къыщыташlагъэр жъалымыгъэба? Сынитlу шъыпкъэкlэ слъэгъугъэ, сыпсаоу сакъызэрэхэкlыжьыгъэри, хьэлэмэт.

– Жъалымагъ, ащ укlэупчlэжьынэу щытэп! – Шъэуае къыlуи, щхыпцl чъыlэр ынэгу рычъагъ.– Сэ Васюринскэм къыщысэхъулlагъэр шъо Къылыщ темэным нахь жъалымагъэджэ къыщышъохъулlэжьыгъ. Къэзэкъмэ яшъухылlэгъэ жъалымагъэр къышъупагъохыжьыгъ. Ащ бгъэшlэгъон

хэлъэп, Пщымаф. Ежьхэр къытэкӀугъагъэхэмэ, ыджар дэдэр ятшӀэтыгъ.

– Бурсакъыжъым изэман къытэкӀущтыгъэхэба?! – Агой Пщымафэ ымакъэ зыкъыышӀуипхъотагъ.

– КъытэкӀутыгъэх, тызэрапхъотыгъ, ежьхэри зетпхъожьытыгъэх.

– Адэ сыд ащыгъум, Шъэуай?

– Шъыдына,– Шъэуае ыӀощтымкӀэ джы нахь зыфэсакъыжьыгъ.– Тызэпэмыуцужьмэ, тисабыйхэр, тиунагъохэр, тинэжъ-Ӏужъхэр мамыр зэдэпсэукӀэджэ бгъуитӀумджи къызэдэтыухъумэжьмэ нахьышӀу сэӀошъ ары.

– Ар Ӏоф шъхьаф, ау къэзэкъхэр чӀыгукӀэ къытэрэмынэцӀых… Тэ тыкӀоу зыми иунэ пчъэӀупэ тыӀугъолъхьагъэп.

– Ащи шъыпкъэ хэлъ. Ау етӀани…

– Джы нэс, Шъэуай, сыкъыоупчӀыгъэп,– Пщымафэ игъусэ къыригъэжьагъэр къыригъэухыгъэп,– Пшызэ тызекӀ чэщым ори укъыддикӀыщтыгъа?

– Арэу зыкӀапӀорэр сшӀэрэп, Пщымаф…– Агоим цыхьэ къысфимышӀкӀэ сэгугъэ, ыгу къыӀэпызэу, икъэзэкъ гупшысэхэри шӀузэбгырычъхэу Шъэуае ыӀуагъ, шӀэхэуи игущыӀэ пидзэжьыгъ.– Адыгэмэ мардж зыщаӀогъэ мафэм тэ сыкӀожьыни… А лъэхъаным сызэрыфэгъэгъэ чӀыпӀэм нахьи, Къылыщ темэныр нахьышӀугъ, мыхъуми къяхъулӀагъэр адэзгощыныгъи… ЛӀэныгъэр лӀэныгъэ шъхьаеджэ, гъэрыпӀэм нахь насыпынчъагъэрэ лӀыгъэнчъагъэрэ щыӀэпщтын…

– Ар оӀоми, Шъэуай, къэзэкъмэ укъатӀупщыжьыгъэба?! – Аужрэ гущыӀэмэ нахь атеӀункӀэу, къыфедзми-къыфемыдзми умышӀэнэу, Пщымафэ къыӀуагъ, къыгъэтэрэзыжьыгъ: – Зы шӀушӀэ Ӏоф гори зеофэба?.. А зыфапӀорэр армэ, къэдгъотыжьын, къэзэкъыми афэпщэжьын… Къэгъэзэжь зимыӀэжьхэр Къылыщ тэмэн хэкӀодэгъэ адыгэ шъэ пчъагъэхэр ары нахь…

Зэхэпхырэба Агоим тӀэкӀу шӀэ къэси къысиӀокӀхэрэр, ежь-ежьырэу Шъэуае зэриӀожьыгъ. «УиӀашэ сиӀашэ, уигукъао сигукъао» гущыӀэкӀэ къыздэшэсыгъэми, зыгъапэрэр ыушъэфын ылъэкӀырэп. Къысфидзырэр кӀелъэшъужьы, кӀилъэшъужьрэр къысфедзыжьы… ГъэрыпӀэм симыфэзэ джа укъызэрэсэупчӀыгъагъэм иджэуапэу сыжъудэшэсыныгъэкӀэ щэч хэлъыгъэп… Непагъэмэ, неущыгъэмэ, ар сфэмышӀэныгъэкӀи мэхъу. Ау къэзэкъ шъаор згъотыжьыгъэмэ, зые Паденкэмэ зэрафэсщэжьыщтыгъэм щэч хэлъэп. Зыми, уишӀуми уипыйми, ичӀыфэ зытебгъэлъы хъущтэп. Пщымафэ сицыхьэ темылъэу, ицыхьэ къыстемылъэу щытэп. ЕтӀани къэзэкъ цыхьэмышӀныгъэм тезгъэгупшысыкӀын слъэкӀырэп… Ашъыу, ахэри сянэ къыздилъфыгъэхэп, сщэчын фаешъ, сэщэчых!.. ЗыгорэкӀэ, къысшӀолӀыкӀэу къыздежьагъэмэ, ар езгъэшӀэнэу сыфаеп. СерэупчӀа? Сыд пае, ишӀошӀ къыӀокӀэ, зыкӀезгъэзыщтыр. Хэти икъыиуцукӀ ӀумыкӀэу зыфэдэр гурыӀощтэп. Сэри зэгорэм ащ сыфэдагъ, сызтекӀодагъэри синэрылъэгъу. СызфаемкӀи сызфэмыемкӀи зыкъыхэзгъэщынэп.

– Олахьэ, Пщымаф,– Шъэуае игупшысэмэ къахэужьыгъ,– адыгэмэ ашӀагъэр сшӀомытэрэзми, Къылыщ темэным къыщяхъулӀагъэр сшӀогухэкӀым… ЗичӀыгу тит абдзахэми ар адагъэп, Бэслъыныехэри, мэхъошхэри, къэбэртаехэри ары.

– ТилъэпкъэгъухэмкӀэ гъэшӀэгъонэп, урыс-къэзэкъхэми зымыдагъэ къахэкӀыгъ.

– Хэт ахэмэ ащ фэдэу ахэтыр?

– Урысые пачъыхьэм илӀыкӀоу къэзэкъмэ къафигъэкӀогъэ де-Скаси ары. Власовымрэ Ермоловымрэ адыгэмэ къарашӀагъэр шӀомытэрэзэу ыӀэшъхьитӀукӀэ пачъыхьэм фэтхагъэу къэбар щыӀ. КӀо, хъурэм тэплъын, ащ фэдэ гори, джа зэрэпӀогъагъэу, тазфагу къыдахьэми дэгъу.

– Олахьэ арым,– де-Скаси зэрихьэрэ Ӏофыр ищыпэзэхэхэу Шъэуае къызщигъэхъугъ,– ащ фэдэ цӀыфхэр тазфагу къыдахьэхэмэ, яшӀуагъэ нахь, яягъэ къытэкӀытэп. Анапэ дэс пашэр ары шӀуджи еджи тфэмыгъэсысырэр.

– Ащ игугъу къэмышӀ!.. Арэп, Шъэуай, а пхъэтэкъэжъым зыгорэкӀэ ущэгугъа?

– Нибжьи сыщыгугъыгъэп! – Шъэуае иджэуап кӀэкӀы.– Сыщыгугъынэу Алахьэм ерэмышӀ!

– Арымэ хъун… Ащ щыгугъхэри сэшӀэ…

– Хэт, мышъэфмэ?

– ОркӀэ шъэф сиӀэп: Бамбэт ары.

– ПӀорэр гъэшӀэгъоны!.. ИтӀур шъыдым зэфихьыгъ?

– Шапсыгъэ Бамбэт ыпэ зыхэмыӀугъэ щыӀа!

– Ари джэуапджэ сэштэ,– Шъэуае къыӀуи, игупшысэ АнапэкӀэ зипхъотэнэу зыщежьэщтым, Агой Пщымафэ ыгу къыдеӀэу щхыгъэ:

– Мыдэ, Шъэуай, уикъэ тыкъэсы пэт, тыблэмыгъэкӀ.

– Тэ щыӀ?

– Мо чъыгэешхом пэмычыжьэу щылъ.

Шъэуае зэращэлӀэгъэ къэм ежь чӀэмылъэу зыдешӀэжьыми, хэти щэрэщ, цӀыф горэм фатӀыгъэба, чӀалъхьагъэба... Къэ зэкъо гъощагъэхэр ищыпэлъэгъухэп. Ахэр адыгэ шъолъырым икъопэ зэфэшъхьафмэ акъолъых, зэгорэм цӀэ яӀагъэми, дунаим шъэфкӀэ зэрэтетыгъэхэм фэдэу джыри цӀэнчъэх, лӀэкъончъэх, лъэпкъынчъэх. Мыхьамэт-Джэрые зышъхьащэхъушъут уж, Шъэуаий джары, Бамбэт пыщэгъу фэхъуфэкӀэ дунаим зэрэтетыгъэр. Къушъхьэ мэзыр иунагъ, ишхэпӀагъ, ишъхьэегъэзыпӀагъ... Пшызэ Ӏушъо, хэти ыпкъ къерэкӀ, ӀуаукӀыхьэгъагъэмэ мыр ичӀыпӀэныгъэкӀи е хьакӀэ-къуакӀэмэ зэрапхъожьыныгъэкӀи мэхъу...

Уцыжъхэр зытегъухьэгъэ къэу къэнэтӀэхэсхэр зимыӀэм Шъэуае кӀэрытӀысхьи, адырабгъукӀэ Пщымафэ къыдэӀэпыӀэзэ, аукъэбзыгъ. Къызэтэджыжьым, къыӀуагъ:

– Тытеджэн, Пщымаф.

– Тызытэджэщтыр тимыдинэгъумэ?

– Ащ фэдэ тыгу къитэмыгъэгъахь. Хэт щыщми, мыщ чӀэлъыр цӀыфыгъ. Мы чӀыпӀэ гъощагъэр гупсэфыпӀэ зыфэхъужьыгъэр зыфэдагъэм тыщыгъуазэп, ау къыттефэрэр зыфэтымышӀэджэ, Алахьэри къытфэрэзэнэп, тыгуи зэгъэнэп. Бисмилахьи рахьмани рахьым...

Къыблэ лъэныкъомкӀэ зынэӀу гъэзагъэу, зыӀэ дэгъэчъэегъэ нэбгыритӀумэ ядыухьэ заухым, Шъэуае къэупчӀагъ:

– Мыр сэщ нэмыкӀмэ шӀэ?

– Хэта ощ нэмыкӀыщтыр? – Пщымафэ къыгурыӀуагъэп.

– Бамбэтрэ сэрырэ тызтеогъагъэр, шыр псашъо къэзыщэгъэгъэ къэзэкъ шъаор... Пантелей ары!.. Сэ укӀ фао къысауи, къэзэкъ шъаор къыхьыгъ... КъыбгурыӀуагъа джы?..

– Ашъыу ар хъунэп!..– Пщымафэ гущыӀэ лъапсэр къыубытыгъэу къыхэкуукӀыгъ.– Сыд пшъхьэ къихьагъэр... Ащ фэдэ ышӀэна Шапсыгъэм? Жъалымыгъэба...– тӀэкӀу тешӀагъэу етӀани къыпиӀухьажьыгъ: – Хэт ышӀэра ащ ышъхьэ къихьащтыр, зэблэн щыӀэп...

– Ары гум къимыхьатыр къизгъахьэрэр...– Шъэуай къыӀуагъ.– Къэзэкъ шъаор мыщ чӀэлъмэ, сшӀэрэп ащыгъум... НекӀо, тыздежьагъэм тыкӀон. Тхьэм къыттырилъхьагъэр тихьылъэ.

Шыуитӏумэ а зы гупшысэр агу илъыгъэми, ягупшысакӀэ зэмыкӀуалӀэу къызэрэхэкӀыщтыгъэр макӀэп. Ар ыпэкӀэ ягущыӀэ-гупшысэ зэпеохэм къащылъэгъуагъ. Къэ пашъхьэм зетхэми, дыухь къахьы зэхъуми, зэшэсыжьхэми якъэзэкъ-адыгэ Ӏоф зэмышӀухэм цыхьэмышӀ джэнджэш азыфагу къыдилъхьэу, зэголъадэщтыгъэх, зэгочъыжьыщтыгъэх. ЦӀыф зэхэдз зимыӀэ, псыӀубэшӀукӀэ гуащэрэ Пшызэ зыхэчъыщтыгъэ адыгэ-къэзэкъ дунаири мы шыуитӀумэ агу зэпео фэд. Зы уашъуи зы тыгъи ашъхьащыт, зы жыыкӀи зэдыщыӀэх. Ау зэфычӀэмыплъынхэ, цыхьэ зэфамышӀын, зэмызэонхэ алъэкӀырэп. Де-Скаси къызэӀуихыгъэ хъожьыпӀэ чӀыпӀэхэм зыщызэфэзхэкӀэ, ямыӀэр зэрагъотылӀэжьы хъумэ зэӀощхыпцӀэх, зэдаох, зэзэгъых, аӀэгушъо зэрагъэутэкӀы, акӀыб зызэфагъэзэжьыкӀэ, зэфэгъумтӀымых, бгъуитӀури, тӀэсхъэпӀэ-мэхапӀэ загъотырэм, лъыкъэ-псыкъэ изэрэгъафэ.

Зыгъэ сшӀэщтыгъэ Шъэуаеп непэ сыздэшэсыгъэр, исэмэгубгъукӀэ фыреплъэкӀызэ, Пщымафэ ыӀуагъ. Мыгъатхи, блэкӀыгъэ гъэмафэми уицыхьэ зытелъын цӀыфыгъ мыр. Бэрэ къытхэмыфэщтыгъэми, тӀоремкӀэ къытхэзагъэщтыгъэ, ыӀореми дедгъаштэщтыгъэ. СултӀан Мыхьамэт-Джэрыерэ ежьырырэ адыгэ-къэзэкъ ӀофхэмкӀэ зэпэуцужьыгъэх заӀоми, пщыри екӀодылӀагъэу къэбар къызытэӀуми, лӀыгъэнапэкӀэ фэтлъэгъугъ нахь, дгъэшӀэгъуагъэп. Джы къехъулӀэрэр гъэшӀэгъоны. Уимыхьакъ къыптыралъхьаныр, екӀэ цӀыфмэ ажэ удэфэныр зэрэмышӀур къызгурэӀо. Ау пыим гоуцуагъэм ифэшъуашэ ыгъотыгъэмэ, хэти щэрэщ, ар езыгъэгъотыгъэм лӀыгъэнчъэкӀэ фэслъэгъурэп. Джы ыгу илъыр къымыӀоми, ипщыгъэр ыгъаезэ, къэзэкъ шъаом тылъегъэхъу. Къылыщ темэным къыщытэхъулӀагъэмкӀэ сызеупчӀым, джэуап тэрэз кӀэрысымыхыгъэу къысщыхъугъ. Къэзэкъыгур иадыгэгу текӀогъэна?.. А къэм тызлъигъэхъурэ къэзэкъ шъаор чӀэлъынкӀи къэнэнэп, тышъхьащигъэуцуи, дыухь къыщытигъэхыгъ. СшӀэрэп, сшӀэрэп... ШӀэ пӀуагъэти, Шъэуай, сшӀагъэ. Гунахьыр сштэрэп...

– Къэм ишъэфа узгъэгумэкӀырэр? – Шъэуаий игумэкӀ-гупшысэмэ къахэужьэу, нахьыжъыбгъум щыт гъусэм игумышӀуныгъи зэхишӀэу къэупчӀагъ.

– Гупшысэ закӀэба тидунай,– Пщымафи, ащ ежэщтыгъэ пӀонэу, джэуап къытыжьыгъ,– адыгэхэми, къэзэкъхэми,

тыркухэми, Бамбэти, Къылыщ темэным икъэбар къахэхьажъыгъэшъ, шъхьэгугъуе сашІыгъ... Зыуж титри, джы зэрэхъурэмкІэ, къэшІэгъуае, зэхэфыгъуае хъункІэ сенэгуе.

– Угу джэнджэш къимыгъахь, Пщымаф.

– Къисымыгъахьэ мэхъуа, къэмкІэ Бамбэт зы къысеІо, зы сегъашІэ... Джы о пшъхьэ къихьагъэр нэмыкІ... Сыд пае ащыгъум Тубэ нэс тыкІон?

– А къэм къэзэкъ шъаор чІэлъэу пшІошІышъ ара?

– Сэрэп, оры джэнджэш сыгу къизгъэхьагъэр.

– Хэт ышІэра сІуагъэ нахь...– Шъэуае къыІуи, зэпигъэужьыгъ, етІанэ псынкІэу къэупчІагъ: – Арэп, Пщымаф, шъыд пае Бамбэт къыхьыгъэ гъэрыр федэнчъэу мэзым хиукІахьын?

– Ари тэмэм...– фэешъо-фэмыяшъоу Пщымафэ къыІуи, нахь гуцафэ озгъэшІын гущыІэхэмкІэ къыухыжьыгъ: – Сэ Шапсыгъэ Бамбэт зэрэсшІэу зышІэ дунаим цІыф тэтэп... Ащ ыгу къыпылъэдагъэр икъэмапэ пыІугъ...

– Ау Бамбэт къэмапэджэ мылъкур зэрэІуимыгъэзыкІытым сицыхьэ телъ...

Уахътэр щэджагъом екІущтыгъэ, мэз кІыбым тыгъэр къыкъоплъыгъ.

– Шъыд, нахьыжъ, пІорэр пчэдыжьышхэ тшІынымджэ? – Агой Пщымафэ инахьыжъыгъэ фыхигъэщэу Шъэуае къэупчІагъ.

– Арэу оІомэ, тишмэ зэнтхъ тІэкІуи яттын, зядгъэгъэпсэфын. Тиунэ исым тиІалъмэкъ къытфырилъхьэгъэ гъогу гъомылэмкІи тызэгугъужьын. Мы тыздэкІорэ Тубэ непи тынэсынэп, чэщ гъогури къушъхьэм щыкІугъуай, ау зыхъурэм, пчыхьэ ехъулІэу хьакІэщ горэми тыщепсыхыгъэмэ дэгъугъэ. КъызэрэпІу, Шъэуай.

– Ащыгъум пчэдыжьышкэм ыуж тихьажьынэп. Мо тхышъхьэм техмэ, Къайхьаблэ тыдэхьат. Ащ Тазэмэ ащыщэу, ежь Адыг зэриІожьэу, синэІосэ кІалэ горэ дэсышъ, лъэшэу игопэт, ихьакІэщ тыщепсыхын. Бэджэкъо Умар аІоу гъунэгъу лІы шІагъо гори иІ, зыгорэджэ зыцІэ къесІуагъэмэ ягугъу ашІэу зэхэпхыгъэна? – гъусэр нахь тыригъэгушІухьанэу аужырэ гущыІэхэмкІэ Шъэуае къыухыжьыгъ: – Сыдэмыхьэмэ, ащыскІуахьыгъ къашІошІэу, агу къеонба?

– ЗыцІэ къепІогъэ нэбгыритІумэ язи синэІуасэп. Ау Бэджэкъо Умар игугъу шІукІае Абдзахэ щашІэу зэхэсхыгъэ. Зыщызэхэсхыгъэри тыздэкІорэ Тубэ къогъоу, ежь абдзахэхэр зэрэзэкІэнэкІэжьхэу, Тхьэм ыбгынэжьыгъэ чІылъэ къуапэр ары. НекІо, арэу оІомэ, Къайхьабли тыдэхьан, уинэІуасэхэми тисэлам ятхын.

Мэз Іапчъэм шыуитІур чІэкІи, Къужъыпс нэпкъым готхэу заулэрэ кІуагъэх. ЕтІанэ псыхъо цІыкІум ищэнджыпІэкІэ зэпырыкІхи тхышъхьэ мэзым зыщыхэхьащтхэм, Пщымафэ къыІуагъ:

– Къэзэкъмэ абдзахэхэр джыри агъэгумэкІыкІэ сыгугъэрэп.

– Шъыд ар озгъаІорэр?

– ГъэрекІо сыкъызэкІоми, джыри, бжъэдыгъу-шапсыгъэ лъэныкъом елъытыгъэмэ, абдзэхэ чІыгур нахь рэхьат. Къэзэкъхэр дунаим тэтхэми мы лъэныкъом щызэхапшІэрэп. Якъушъхьэхэри, ямэзхэри, ягъэхъунэхэри гупсэфых.

– Абдзахэмэ Пшызэ нэпкъ джабгъур апэчыжь,– Шъэуае къызхимыгъэщэу гукІэ щхыпцІыгъэ, къыраІолІэщтым ежэуи къыпигъэчэрэзэжьыгъ: – ау ащ пае нэмысынхэ, зэпырымыкІынхэ къагъанэрэп.

– Ар Іоф шъхьаф!..– Пщымафэ игуапэу къыпиупкІыгъ, гъумтІымыгъэ.– Тэры, шапсыгъэхэр, бжъэдыгъухэр ары Іоф хэтхэр... Пшызэ тызэпырыплъымэ, япэІо шыгу плъыжьмэ анэкІапэхэр къачІэщхэу, апэкІэжъ псыхьэбэщхэр хъублаблэхэу джабгъу нэпкъым тэтэлъагъох, ягъозэрыплъэ лъэгапІэхэри къытхаплъэх, ятопыжъмэ аІухэри къытфэгъэзагъэх. Абдзахэмэ ахэр алъэгъурэп, мэтхъэжьых... А слъэгъухэрэр мыщи къицІэлъэнхэкІи енэгуягъо...

– Ащ сенэгуежьрэп сэ,– Шъэуаий къыІуагъ.

– Ы-ы, Шъэуай...– Пщымафэ нэмыз-Іумызэу Шъэуае Іуплъагъ, еупчІыгъ: – ТымышІэрэ къэбар горэм ущыгъуазэмэ шІэ? КъаІо, тшІомыушъэф.

– Шъо шъумышІэрэ сэ шъыдым сигъэшІэн, Пщымаф. Ау, укъэупчІагъэшъ, сенэгуерэп сэзгъэІуагъэми ышъхьэ къыпфисхын. Узтеорэ пэпчъ къыпфигъэгъутэп, къыпфэсакъыт, уауж къыфыт, епшІагъэр къыуишІэжьыт.

– Ара зыфапІорэр?

– Ащ нэмыкІ енэгуягъо сэ зыдэсшІэжьрэп.

– Армэ зыфапІорэр, ар тищыпэзэхэхэп, тищыпэлъэгъоп.

Тхышъхьэ гъэхъунэ хъоо-пщаушхоу тыгъэр зышъхьащынэфыкІрэм зехьэхэм, цуиплІыр зыкІэшІэгъэ пхъэІашэмрэ жъонэкІуитІурэ ралъэгъуагъ – нахьыжъым пхъэІэшэкІыр

ыlыгъ, нахьыкlэр цупэзещэ. Тхышъхьэ нэтlэ егъэзыхыгъэм кlэрытэкъогъэ Къайхьаблэ иунэхэри къэлъагъох. Адыкlэ кlэим пэlулъэшъогъэ тхышъхьэ натlэм былым lэхъогъур щетэкъокlыгъ.

Шъэуае шым зырыригъэтlагъ, къыlуагъ:

– Мо пхъэlэшакlэр зыlыгъэр Бэджэкъо Умарба сэlо!..– пэгъочъыгъ.– Гъэбэжъу огъотапщи, Умар!

– Тхьэуегъэпсэу, ори къыздэогъот,– Умарэ сэлам къыхыжьыгъ.– Шъукъеблагъ, шъухьакl шъо... Е зиунагъо бэгъон, Шъэуая сэlо сымышlэжьыгъэр!.. Шъукъеблагъ, Шъэуай, шъукъеблагъ!..– гушlуафэм хэтэу иадыгэбзэ-урысыбзэкlэ цуаом еджагъ: – Усе, Панталай, канчай пахай-жъохай, хьакlэ тиl...

Шъэуае ынатlэ пкlэнтlэ чъыlэр къытырикlэзэ, шъэо сырыфым дэжькlэ плъагъэ. Цые тlурысэмрэ пэlо хъокlыгъэмрэ зыщыгъыр джы зэрэ Пантелеим щэч хэлъыжьыгъэп.

– Цухэр, Панталай, а сиlял, еу, дамой фыжьых, тэри тыкъэкlожьыщт,– хьакlэхэр зэрэтиlэхэри уянэ еlу.– Умарэ ионэш ныбэпх ыгъэпытэзэ къыlуагъ, цухэр чылэм езыфыжьэжьыгъэ шъаоми кlэлъиlожьыгъ: – Адэ ары, си Алахь, къэзэкъ умыlощтмэ, кlэлэ шlагъу, тегъэразэ... Тысабыинчъэзы, ныомрэ сэрырэ тыгу жьы дегъэкlы...

Шъэуае ищыlэныгъэрэ ичlыфэрэ зэпхыгъэ къэзэкъ шъаор къыгъотыжьыгъэ пэтзэ, зи къызхигъэщыгъэп. Ар Пщымафэ шlогъэшlэгъоныгъ. Сыд уищытыкlэр ыlоу Шъэуае фыреплъэкlыгъэти, тызылъыхьурэр ары къыригъэкlэу шъхьэр къыфигъэсысыгъ, шэсыжьхэ зэхъум, къеlушъэшъагъ:

– Умыхъыжъ... Зэхэпхыгъэба Умарэ ыlуагъэр, тытебэнэнэп...

Бысым афэхъугъэ Бэджэкъо Умарэ ищагу зыдахьэхэм, джыри Пщымафэ зыгъэгумэкlыщтыгъэмкlэ Шъэуае еlушъэшъагъ:

– Къэзэкъ шъаор къытамытыжьын пшlошlышъ ара?..

Шъэуае нэшlукlэ Пщымафэ еплъыгъ нахь, джэуап ритыжьыгъэп.

Ардэдэм унэ кlыхьэм пэlулъэшъогъэ лъэгуцым къехыщтыгъэ бзылъфыгъэ лъэгэ lэм-лъэмым ымэкъэ шъабэ зэхахыгъэ:

– Фэсапщых, хьакlэх, шъукъеблагъ, шъукъеблагъ,– бзылъфыгъэм ишlуфэс хьалэл ыуж къыкlэлъыкlогъэ



гущыlэмэ Шъэуае къыкlагъэщтагъ: – А Панталай, а сиlял, гъогум къытекlыгъэ хьакlэмэ, муары къумгъан-лэджэныр, зягъэтхьакl, унэ-хатэм ищэх.

Шымэ яфэlо-фашlэ зышlэщтыгъэ Умарэ ахэмэ къахэхъожьыгъ:

– А сиlял, уянэ къызфыолъэlугъэр зыпшlэкlэ, моу зы мэл-бэрашкэ пщэр горэ давай къэтэгъэубыт.

Шъэуаерэ Пщымафэрэ хьакlэщым ращэхи язакъоу къызэнэхэм, джы нэс зызыlажэщтыгъэ Шъэуае къыlуагъ:

– Олъэгъуа, Пщымаф, къытэхъулlэрэр... Нибжьи сызэмынэгуягъэм теолlагъ. Сшlэрэп мыхэмэ тызэрагурыlотэр...

– Олахьэ сэри сымышlэ...– Пщымафэ пчъэмкlэ плъагъэ, ымакъи нахь риушъэфэхыгъ: – Сшlэрэп къесlолlэщтыр... Къэзэкъыр, бэйтэмал, якlалэкlэ алъытэ...– Агой Пщымафэ lоу умышlэжьынэу ынэхэр къилыдыкlыгъэх, къэупчlагъ: – О сыдэущтэу пщыгъупшэжьыгъа къэзэкъхэр къызэрэбдэзекlуагъэхэр?!

– Пантелейрэ сэрырэ тызэмыгъапш... Сэ чэщтеоджэ къэзэкъмэ сафэкlогъагъ... Мыщ шъыд илажь, къахьыгъ...

Пщымафэ ынэхэр къэушъэбыгъэхэми, къэзэкъхэмкlэ Шъэуае фишlыщтыгъэ цыхьэмышlым хахъощтыгъэ нахь, хэкlыщтыгъэп. Къумал еплъыкlэ фыриlэу арэп, къэзэкъ гъэрыпlэм щыlагъэба, къеlушъэшъэгъэнхэба, тэркlэ мыхъун горэ къыlуадзэгъэнба зыфэпlощт джэнджэшхэр ышъхьэ къышlуечъэщтыгъэх, ау къэзэкъ шъаом икъаlыхыжьыкlэ хъущтыми ымыгъапэу щытыгъэп.

– Угу щышlэрэр, Шъэуай, къызгурэlо, земыгъэухыжь,– ушъый шъабэкlэ Пщымафэ къыригъэжьи, зэпыугъо ужым мэкъэ плъыр lэтыгъэкlэ къыухыжьыгъ: – Сlонэп сlуагъэшъ, къэзэкъ кlалэр аныбэкlоцl къикlыгъа?.. Къытамытыжьмэ, къазэрэфахьыгъэм фэдэу тэри тхьыжьыщт!..

– Ы-ы!..– зэхихыгъэр зэримыгуапэр Шъэуае ымакъэ къыхэщыгъ.

– Ашъыу, зыгорэджэ тагурымыlомэ сэlошъ ары...– Пщымафэ псынкlэу кlилъэшъужьыгъэми, гъумтlымыгъэ: – Уимыем уеубзэкlэ ыбзэгу lэшlу тэбгъотэщтэп...

Шъэуае къыlо шlоигъуагъэр пчъэ макъэм зэпигъэугъ. Тэзэ Адыгэ зыгорэ ыгу зэрэримыхьырэр ышъо къыхэщэу, хигъэкlуакlи шlоигъоу пчъаблэм къыдэкlыгъ, инахьыкlагъэ

емылъытыгъэу къыфэтэджыгъэ нахьыжъитIумэ сэлам къарихыгъ:

– Фэсапщи, хьакIэх,– инэIосэ Шъэуае апэ кIэрымыхьэу жэнтIапшъэр зыIыгъ Агой Пщымафэ ыIапэ ыубытыгъ, етIанэ Iэжагъэ хэлъэу Шъэуае IаплI рищэкIыгъ, риIуагъ: – Олахьэ сигуапэм, Шъэуай, джыри шIукIэ дунэе бырсырым тызэрэщызэрэлъэгъурэр... Ау, нахьыжъ,– Пщымафэ зыфигъази, ыгу илъыр къымыIон ылъэкIыгъэп,– Шъэуае сыгу ебгъэ...

Агой Пщымафэ гущыIэ лъапсэр къыубытыгъэу, ишъэогъу къоуцуагъ:

– Ар озгъаIорэр сшIэрэп нахь, сшынахьыкI, Абдзэхэ хэгъэгу тыкъызэрехьэу, зэкIэми апэ Шъэуае пцIэ къыриIуагъ.

– КъыриIуагъэми, нахьыжъ, бысым хъожьым хэхьагъ... Ау сигъунэгъу Умарэ ихьакIэ сэри сихьакIэзы, Шъэуае ышIагъэри о уигъэшIагъэри фэсэгъэгъу. Джыри фэсапщи шъосэIо. Сыдэу шъущыт? ШъукъызхэкIыгъэхэр псэухэба, мамырхэба?

– ТыкъызхэкIыгъэхэри, Тхьэм ишыкуркIэ, псаух,– джэуапыр Пщымафэ къытыжьыгъ,– мамыр пIощтмэ талъэныкъокIи щымамыр, ау тигъунэгъу къэзэкъмэ зи къытагъэлырэп. ЗэхэшъухыгъэщтынкIыныщкIэй къыщыташIагъэр?

– Зэхэтымыхы мэхъуа! – Тазэм иджэуап къыгъэпсынкIагъ.– Ащ нахьрэ Iоф Абдзахэ илъыжьэп. Ау сэ сиакъыл кIэкIыкIэ упсэунэу хъумэ, бгъуитIумкIи тэрэзэу тыпсэурэп, Iэжэгъэ-щэIагъэ зэдытиIэп, къызэрэхъу имэщэу тызэдыщыI,– адыгэ тхьагъэпцIышъо нэплъэгъукIэ Шъэуае фыреплъэкIыгъ, къызэхэзымыхырэм фыпигъэхъожьыгъ: – Мы къасIохэрэр ШъэуаекIэ щыпэзэхэхэп.

Шъэуае хьакIэщым исыгъэми, къыфыреплъэкIыгъэхэми, ыцIэ къыраIуагъэми зэхишIэщтыгъэп, ылъэгъущтыгъэп. Бзылъфыгъэ Iэм-лъэм бэрэчэтэу унэ лъэгуцым къехыщтыгъэр «а сиIял» ыIозэ Пантелей зэреджэщтыгъэр, къылъфыгъапэм фэдэу зэрэIугушIощтыгъэр ынэгу кIэт, Умари Пантелей зэреIэсэкIрэр ащ къызыхэхьажьыкIэ, игупшысэ нахь хьылъэ къашIы. Сыдэу сшIын, Тхьэм къыстырилъхьагъэр сихьылъэ, мы IофымкIэ тызэмышIу хъущтэп еIо. Сыдэущтэу мыхэмэ Пантелей ахэзэгъэнэу хъугъа? Ятэ-янэ зэриIэр, къэзэкъ лIакъо къызэрэхэкIыгъэр, къэзэкъ чылэ зэрэщыщыр щыгъупшэжьыгъа? Бзэ шъхьаф, адыгэ



гущыIэ зырызхэр хэпхъагъэу, зэрэIулъыр ары умыIощтмэ, унагъом къихъухьагъэм фэдэу ахэт. Ар итеплъэ-Iуплъ шъхьакIэ, ыгу илъыр, щышIэрэр? Ар зэдгъэшIэным пае изакъоу удэгущыIэн фае. Зы мафэп, мэфитIоп – ащ уахътэ ыхьыщт. Тэ нычхьапэрэ неущрэ нэмыкI уахътэ тиIэп, тымышIагъэм Бамбэт тыкIигъэхьажьыщтэп. Джыри чэщ тапэ илъзэ, сыд фэдиз ихьылъагъэми, тыкъызфэкIуагъэм ышъхьэ Умарэ фисхын, укъызэхэзышIыкIын цIыфэу сыхаплъэ.

Джацы нэмаз шIыгъом гъунэгъу лIитIоу хьакIэмэ къалъихьэгъагъэхэр зекIыжьхэм, Iанэхэри Пантелей зырехыжьым, Шъэуае къыIуагъ:

– Умар, къысфэгъэгъу, ау тэри тызэмыжагъэу ори гуцафэ зыфэмышIын Iофэу Пщымафэрэ сэрырэ зыуж титым ышъхьэ къыпфитхыт. Ори пшIотыушъэфынэп, Адыг, къыхэдаIу. Сэрджи, орджи мы Iофыр хьылъэ, Умар, тызылъыхьурэр къыодгъотылIагъ...

Умарэ ышъо къэчъэкIыгъ, ау зиIажэзэ къыIуагъ:

– Е-о-ой, сихьакIэмэ сащэгушIукIы сIозэ, счэ къыкIаутыгъ...– псынкIэуи къыпигъэхъожьыгъ: – Сенэгуягъ аущтэу зэрэхъущтым... Уимыер уеп къысэшъуIуагъэкIэ, сыгу къеонэп, ау етIани уныбэ къимыкIырэр уилъфыгъэп, уилъэой къемылъэрэр уичэтэп зэраIуагъэри шъыпкъэ. Къэзэкъ шъэо цIыкIур къытэзыхьылIэгъэ шыум ибэ ыIуагъэти, тпIун, длэжьын, унагъо едгъэшIэн, тижъышъхьэ тиIыгъыжьын тIуи къыIытхыгъ.

– Къышъуитыгъа, къышъуищагъа? – Умарэ ихьылъэ шъхьащихын шIошIэу, ежь зыгъапэрэми джэуап хигъотэнкIэ гугъэу, Пщымафэ къэупчIагъ.

– Олахьэ а укъызкIэупчIэрэм, хьакIэ, хьалэлыгъи цIыфыгъи хэсымылъэгъуагъ сэ... Уишыонэзэтелъ къысэт, уитыжьын къами къыгуалъхь ыIуагъэти, пэсыубытыгъэп.

– ЫцIэ, зыщыщыр къыуиIуагъэба?

– Олахьэ ыцIэкIи, зыщыщымкIи семыупчIыгъ, шыми къысфемыпсыхыгъ. Сымыгъуащэмэ, икъэгущыIакIэкIэ шапсыгъэкIэ сенэгуе.

– Бамбэт! Шапсыгъэ Бамбэт! – Пщымафэ къызIуипхъотыгъ.

Шъэуае зи къыIуагъэп.

Умарэ къэгузэжъуагъ:

– Шъо хьа шъэожъыем шъузыфылъыхъурэр? Сы фышъуихьисапыр? – етIанэ нахь зыкъиушIэжьыгъ: – ЕмыкIу къысфэшъумышI, сыкъэдаIо.

Бэджэкъо унагъом щаIыгъ Пантелей пылъ къэбарыр, ежьыри, Бамбэти хэгъэщэжьыгъэу, зыримыгъэукIыхьэу Шъэуае къыIуати, къыухыжьыгъ:

– Зысыухыижьырэп, Умар… Тыкъызэхэпшыыкыытмэ, Пантелейрэ сэрырэ джары тикъэбар…

ГумэкI кIым-сымыр унэм из хъугъэ. Нэбгырищри джэуапым ежэ. Умарэ къыIуагъ:

– Сэ сыкъызэхэзышIыкIыщтыр ары нахь, хьа шъузэхэсымышIыкIын?..– зэпыугъо макIэкIэ игукIае къезгъэхьылъэкIри къыушыхьатыжьыгъ: – Сэ зыгорэу сыхъун, сыхъугъахэкIи шъулъытэ, ныор ары нахь Iофыр… Сы тхьамыкIагъу къытэхъулIагъэр… Ау етIани зятэ-зянэ зиIэм, лIакъор зыгъэгумэкIырэм, щылэр къызыпаплъэрэм хьа игунахь тыхэхьан… Ныом тыгурыIомэ, сы а тхьамыкIэми ышIэн, шъаор зыемэ ядгъэгъотыжьын, сэри сыкъыбдэкIон.

– Тхьэуегъэпсэу, Умар, гугъу сихьытыгъэми, ащ нэмыкI гущыIэ пкIэрысхынэу сыкъыоплъытыгъэп,– Шъэуае гушIом зэлъиштэу къыIуагъ.

– Ары, Умар, тхьэуегъэпсэу,– Пщымафи къыдырыгъэштагъ,– Шъэуае ишъхьакIуи зэхэпшIыкIыгъэ, тэри тыкъэбгъэукIытэжьыгъэп.

– Хьа Къайхьаблэ зы лIэу дэсым шъукъызэхимышIыкIын! – джы нэс зи къэзымыIощтыгъэ Адыги къыIуагъ.– КъэошIэжьмэ, нахьыжъ, арэу къэзэкъ IялэмкIэ зэрэхъущтыр къыосIогъагъ. Уимыер Тхьэм пIихыжьыщт. Ау, шъыпкъэр пIощтмэ, Шъэуай, уикъэбар къэпIуатэ зэхъум, бэрэ узгъэмысагъ, джыри усэгъэмысэ, нахьыжъ. Къысфэгъэгъу, ау а уитхьамыкIагъуи, зигугъу тшIырэ Пантелей итхьамыкIагъуи, Умарырэ Бабунэрэ ятхьамыкIагъуи зыпкъ къикIыгъэр Шапсыгъэ Бамбэт изакъоп, ори ары. УкIакIо пфэхъужьынэу ежьэгъэгъэ Бамбэт демыгъаштэщтыгъэмэ, къэзэкъ псырыкIмэ адэжь хъункIакIо удежьэщтыгъэп. Ар зы. ЯтIонэрэмкIэ, къысфэгъэгъу, Умар, бащэ къызэрэсIорэмкIэ. Джары сэ сиIоф зыдэщымыIэм сыкIощтэп, шъори шъумыкIу зыкIасIорэр. Къэзэкъхэри, тыркухэри сипыйхэп, сишIухэп. ТызэтIыргухэ къэсми, гумышIугъэр тазфагу къыдэтаджэ, тегъэушхъонтIы, цыхьэмышIын къытхелъхьэ. ЩэрэIэх ахэри, нэмыкIхэри. Уашъор ины, лъагэ, тыгъэр нэфы, фабэ. ТычIэфэн, тфикъун зэкIэми…

Умар къыхэпскэуIукIыгъэти, Адыгэ къэлъэIуагъ:

– СигущыIэ къэсэухы, нахьыжъ. Джыри зызакъо къысэгъэIожь. Ар ори Шъэуайи шъуфэгъэхьыгъ. Шъэуае къэзэкъ псырыкIым зэрикIыгъагъэмкIэ зэрэмысэр зыдешIэжьызы, ежь къэзэкъмэ къыдызэрахьэгъэ гукIэгъур къыздырихьакIызэ, Пантелей иIоф зэрефэзы, мыхъунэу ышIагъэр фэсэгъэгъу. Джы уишIушIагъэ уимылъкуи дэрэмыкIод, Умар. Шыонэзэтелъ ухьазырыгъахэ зыми уищагу къыдищагъэп, тыжьын къами уиунэ къыпфырихьагъэп…

– Сигъунэгъу, а сшынахьыкI…

– Ары, ары, Умар. ЦIыфыгъэкIэ, лIыгъэкIэ убайми, мылъку игъэкIотыгъэ зэрэуимыIэр тихьакIэмэ агурызгъаIо сшIоигъуагъ.

– А сигъунэгъу,– Умар щхыпцIымэ Шъэуаерэ Пщымафэрэ аIуплъэзэ, зэпырагъэугъэгъэ гущыIэмэ къапидзэжьыгъ,– къэпIуагъэмэ гупшысэ ахэмылъэу арэп, ау симылъкукIэ къыбдезгъаштэрэп. Мощ фэдизыр къызэхъулIэгъэ шъэожъыем ыл амыгъэузынэу сшIагъэмэ, сищагу дэт былым тIэкIури, сионэши, сикъами пакIозы, ситыжьын бгырыпхи телъыжьэу ястын… Сы узэрыгущыIэрэр? Шыонэзэтелъыр армэ, сишыбзищ яз зы илъэскIэ къылъфыжьыщт. Къамэр оIомэ, ащ нахьышIуи зэзгъэгъотыжьын… Сэ нибжьи сищагу къыдэмыхьажьыщтыр,– Умар ымакъэ къыщытхъагъ,– Пантэлэй фэдэ шъэожъый…– хьакIэщ лъэгуцымкIэ лъэмакъэ къызщэIум, Умарэ ышъхьэшхо къыпхъотагъ: – Пантэлэй шъаор арызы ар зикIуакIэр, Алахьым ихьатыркIэ сышъолъэIу, гуцафэ ешъумыгъэшI… Нычэпэризэ рэхьатэу ичэщчъые сиунэ щырежъугъэхыжь… Неущ пчэдыжь нэс амал зэриIэкIэ ныом зэхезгъэшIыкIын, тызэгурымыIомэ, сыамалынчъэзы, шъуищэ шъуфэсэгъазэ… Ари мыхъумэ, шъузгъэсэжьынэп, шыплIэкIэ къытфахьыгъэр шыплIэкIэ шъухьыжьын…

– Ащ тыхэхьанэп, Умар…– Шъэуае ыдагъэп.

– СшIэрэп ащыгъум,– хьылъэу Умарэ хэщэтыкIыгъ,– къызэрэхъоу неущ тыпсэун…

Джыри жьыгъэми, Шъэуаерэ Пщымафэрэ къэтэджыжьыгъэхэу, бысымым къызэриIоу псэунхэу щысыгъэх. Щагур, хьакIэщым къыпыщыт унэ кIыхьэр, урамыр ядэIуапI, ау шIукIи, екIи гуцафэ зыфэпшын макъэ тыдэкIи

къиlукlырэп. Унэ лъэгуцымкlэ къыщцылугъэ лъэмакъэм тlуми шъхьэр аригъэпхъотагъ, Умарэ ыплlэlушхо къыкъомыщэу Пантелей lанэр унэм къырихьагъ. Тыгъуасэ елъытыгъэмэ, джа щыгъын дэдэхэр арми щыгъыгъэхэр, Пантелей непэ нахь щыгъын къабзэкlэ фэпагъэу Шъэуаедхэм къащыхъугъ. Цыябгъэм къыдэщырэ джэнэ фыжь зэтегъэупкlэкlыхьэгъэ закъор ары хьакlэхэр зэрэхэукъуагъэхэр. Гуфаплъэу уеплъымэ, lэпэпсыкlэ цыем зэрэтелъэкlыхьагъэхэр къэошlэ. Пэlо шыгу хъурайми шэкl плъыжьыр идэжьыгъ. Гъончэджыбгъумэ атедэгъэ шэкl кусэ плъыжьыр хьакlитlумэ залъэгъум, яlоф къызэрикlыгъэр къагурыlоу зэфычlэплъыгъэх. Пантелей пчэдыжь сэламкlэ lанэр къызчlехьэ уж унэм икlыжьыгъагъэми, ищыlэныгъэ гумэкl горэ къызэрэхэхьагъэр иlэбэкlэ-гъэпсыкlэмэ къахэщыгъ.

Укlэмыупчlэжьынэу къэбарыр нэфагъэми, Шъэуаедхэр гугъэ нэгукlэ бысымым lуплъагъэх.

– Сэ сфэукlочlыщтыри сфэмыукlочlыщтыри сшlагъэ…– Умар къарилуагъ.– Ныо тхьамыкlэри пlэм хэгъолъхьагъ…

– Ар дэи… Игъуадж…– Пщымафэ къыlуагъ, имысагъэ зыдишlэжьэу, ышъхьэ риуфэхыгъ.

– Ащ хэпшlыхьан щыlэп,– Умари гугъэнчъэу къыlуагъ,– нымэ ар ямэхагъ… Ау lялэр къышъуфырищынэу ылуагъ…

Бэджэкъомэ ящагу онэшипll хьазырхэр дэт, ахэмэ хъулъфыгъиш – Умар, Шъэуай, Пщымаф – акlэрыт. Яплlэнэрэ онэшыр Пантелеишъ зыер, унэм къыращынэу ежэх.

– Тэзэ Адыгэ пчэдыжь нэс къызэрэмылъэгъуагъэр? – Гумэкl шъэфым зэлъиlыгъ Пщымафэ къэупчlагъ.

– Ишыонэзэтелъ сыкъыжъудигъэшэсынэу къысфищи, ядэжь чъэжьыгъэ, муары къэкlожьы,– Умарэ джэуап къытыжьыгъ.

Мы чlыпlэм Шъэуае имытынэу ышlагъэмэ, зыпэ къымыштэн щыlагъэп. Шъхьэгугъу хидзэгъэ бзылъфыгъэмрэ Пантелейрэ къызэрыкlыщт унапчъэмрэ ежьхэр зыдэщыт чlыпlэмрэ азыфагу илъ лъэбэкъу заулэр ымылъэгъужьэу, нэпкъ зандэу зылуагъэзыхьагъэм радзыхын фэдэу къыщэхъу, кlэгъожьыгъэхэмэ, тызфэмые мышlапхъэр тагъэшlэн зыфэпlощт джэнджэшыр шъхьэм къышlуехьэ, Адыгэ исэлами зэхихрэп, иlэпэубыти зэхишlэрэп.

Унапчъэр къызэlукlи, Бабунэ иджабгъукlэ Пантелей зыдиlыгъэу, лъэгуцэм къытехьагъэх… Умарэрэ Адыгэрэ шымэ къакlэрынэхи, Шъэуаерэ Пщымафэрэ бзылъфыгъэм пэгъокlыгъэх.

– Кlо, сиlял,– Бабунэ ыlупшlакlэхэр хъублаблэмэ, ымэкъэ кlэзэзи ылажэзэ, къыlуагъ,– Алахьым шlукlэ узщыщмэ уахехьажь… Сабыим иlэшlугъэ зыфэдэр сэбгъэшlагъэ. Тызщымыгъэгъупш. Сэпсэуфэ Тхьэ сыпфелъэlун…– хъулъфыгъэмэ апашъхьэ ынэпс щызэтыриlажэзэ ыгъази, унэм ихьажьыгъ.

## VI

Чэщныкъо гъогум Шъэуае ымакъэ зыщызэхихыгъагъэм щыублагъэу Бамбэт шъхьэгугъум зэрифэу Шапсыгъэ къыричъыхьакlыгъ. Шъэуаекlэ шэхъугъэмэ ылозэ, фэсакъыпэу икъэбар кlэупчlэ къэсми, бгъэгум lэшlу-lэшlоу зыфыдилъхьажьыгъэгъэ гугъэм пэткlукlы. Агой Пщымафэ икъэлапчъэ Цацэ къыщыриlожьыгъэр ары зи къезымыгъэлыгъэр, иаужрэ гугъэ тlэкlу къыпыткlужьыгъэр пкlэнтlэпс чъыlэу ынатlэ къытырикlэжьыгъ.

Къысэхъулlагъэр гъэшlэгъоны, гу чъыlэкlэ Бамбэт щхыпцlыгъэ. Ащ нахь хьалэмэти сапэкlэ къэт. Непа, неуща, неущмыкlа сигъогупэ Шъэуае къызытеуцощтыр? Ащи зыгорэ етпэсын. Сшъхьэ фэсшlэжьыгъэм, дэгъуми дэйми, сырыкlэгъожьырэп. Мы дунай lаем узэрэтетышъу, узэрэщыпсэушъу. Зыр щэщхы, адырэр щэпыхьэ. Цlыфым хихрэр, хигъуатэрэр инасып. Мыжъор зыдзырэр елъэпэожьы аlоми, тынэ къаплъэу зыдгъэлъэпэонэп. Дэим къыдечъэкl, дэгъум гугъэкlэ пэгъочъ!..

Бамбэт ежь-ежьырэу зэушъыижьзэ зигъэпытэщтыгъэми, игукlэ хьылъэхэр зышъхьарихы шlоигъоу, кlо шъэбэ гупсэфым хэт шым елъэдэкъауи кlыригъэlагъ, ынэгуи ытхьакlумакlэхэри жьы чъыlэм пилыбжьыкlэу, Джэнчпсынэ хэгъуашъхьэ къызэринэкlыгъ. Мэз шlуцlэ пцlанэу чыжьэкlэ къэлъагъорэм нэсыщтыгъ шъхьакlэ, дунаим ныбджэгъу закъоу щыриlэ шыгъом ыгу егъуи, къызэтыригъэуцуагъ, зыригъэгъэпсэфынэу онэгуми зыридзыгъ, ныбэпхыри ыгъэлэнлагъ, шхоlури жэдихыгъ, ыпшъэ пкlэнтlагъэ lэ щифэмэ, нэ къэргъо гумэкlым кlаплъэзэ еушъыигъ:

– Гу плъыгъэр нэмыкlым тыракъутэ зэраlоу, къысфэгъэгъу, къыбгурэlомэ, джары къысэхъулlагъэр… Шlу зыфэсэшlэжьы сlозэ, сэр-сэрэу лые зэсхыжьыгъэкlэ енэ-

гуягъо. Ары, ары, сыкъызэхэошIыкIы, ащ фэдэ Iэджми тыкъялыжьыгъ тэ! Тхьэм ишIэ хэмылъэу тызекIорэп. Ащ къытфиухэсыгъэр, чIыпIэ къиныбэми такъыхищыжьыгъ.... Къылыщтыку тэмэным тыкъелыжьыгъэмэ, Шъэуае иIофи сыд едгъэIон...

Шым ытхьакIумэхэр ыгъэцэцагъэх, пэбзджын-жэшъо кIэзэзкIэ кIэщыщыкIыгъ. Бамбэт псынкIэу шыр зыдэплъагъэмкIэ зызэригъэзэкIыгъ, пырэжъыялъэм къыхэкIыгъэ тыгъужъ пшъэго шхъонтIэшхор мычыжьэу ылъэгъугъ.

Уанэм гошIэгъэ кIэрахъор Бамбэт къыгуихи, мыгузажъоу, шхоIур шым жэдилъхьажьыгъ, ныбэпхыри кIикъузэжьи, онэгу зишIыжьыгъ. Тыгъужъыр къызэтеуцуагъ, мытхъытхъэу зыкъызэригъэзэкIыгъ. Зи ымылъэгъоу, ежь нэмыкI гъуим хэмыт фэдэу пэ псыгъомкIэ зытIо-зыщэ жьым хэпами, ылъэгъугъэ шыри шIопхъэтэпэмыхь пIонэу, гугъуемылI хэушъыкIыкIэ пырэжъыялъэм зыхидзэжьыгъ.

Гъуй гъэхъунэ бгъузэр зэпечыфэ Бамбэт ыгу щышIэрэр ежьыри къыгурымыIожьэу тыгъужьым кIэлъыплъагъ. Тыгъужъ пхэкIыр куандэм хэкIодэжьи, гъуим изакъоу къызхэнэжьым, ыгурэ ышъхьэрэ зыфызэбгъэжьрэм гуцафэ фишIэу, ар шъхьэм къыригъэхьанэу фэмыеу щхыпцIыгъэ. Тыгъужъыр зыхэхьажьыгъэ лъэныкъомкIэ мыкIоу ишыпэ джабгъу гъогубгъумкIэ диIонтIэхыгъ. ЗытIо-зыщи хьэкIэкъуакIэм фызэплъэкIыжьыгъ. Ыуж къихьанкIэ щыщынэкIэ арэп. Ащ фэдэ Iаджи кIэ пытэуи паIо щыгъэуи къыпэкIэфагъ, ау джы нэс зыми иш къыригъэпсыхыгъэп. Хьилагъи, къулайи адимыIыгъыгъэу, ымыгъэпцIагъэхэкIэ, ымыгъэдэIуагъэхэкIэ арэп – анахь чIыпIэ зэжъу ифагъэми, ышъхьэ къахихыжьын, фэмышъошэ щытхъуи, ежь закъом зыдишIэжьэу, зыфаригъэIон ылъэкIыгъ.

Джыры? Тыгъужъыр ынэгу кIэмыкIэу гукIэ зэупчIыжьызэ Бамбэт щхыпцIыгъэ. Модэ ихьадэгъу лъыхъурэ Шъэуае горэм сауж къефы сIокIэ, сынапIэ згъэплIэжьэу, сIэ есыдзыхыжьынэп. Джа тыгъужъ пшъэго шхъонтIэшхори макIэрэ къырафэкIыгъэкIэ огугъа? Ащ ежь щыщ шъыпкъэхэри сэ сщыщхэри жэхэбэнагъэхэу, лъыуагъэхэу къычIэкIын, зи афемышIагъэу, амыгъэщтагъэу дунаим тет нахь! Тыгъужъым фэдэу, пырэжъыялъэм укъыхэкIмэ ухэхьажьэу, уфаемэ тIэсхъапIэмэ уякIоу, пшIэщтымкIэ пшъхьэ уфитэу, зыми уемыпхыгъэу дунаим утетыныр дэгъу... Сыд ащыгъум гуапэр дэзгъэкIы сшIоигъоу загъорэ



шым сызфыдэгущыIэрэр?.. Муары, къуалэ пэтхэзэ, ахэри тIурытIоу зэкIыгъух, къурэхэри, гъужьыгъэх нахь мышIэми, тIурытIоу зэготых. Тыгъужъ шъхьэзакъу зыфэсIуагъэми, гуадзэ горэ иIэщтын... Ныбэ закъор арэпщтын, щыр гъэшхэнщтын къезыфэкIырэр... Сэ сыд зыуж ситыр, хэт сыкъезыфэкIырэр? Мызэу-мытIоу унагъо сшIагъэ, сабыйхэри сиIэх, сахэзэгъагъэп нахь... Джы СултIанмэ яджэхэшъотет Сисурэ сэрэгъоти, сибгъэгъэ нэкI сизэгъэнэу къысщэхъу... Къысщыхъу къодыерэп, сыгу къысеIо, зыдэсэшIэжьы! Хэта а къопцIэ нэгуф цIыкIум СултIанмэ къалъфыгъэ щырхэр ымыпIумэ, яныожъ ымыгъашIомэ мыхъунэу бэлахь тезгъэфагъэр?

Шылъэмакъэ къеIугъэ фэдэу Бамбэт къыщыхъугъ шъхьакIэ, гуцафэ зыфишIын горэ ыпэкIи, ыужкIи ылъэгъугъэп. Зытехьэгъэ тхышъхьэм, ошъогум щыхьэрзэрэ бгъэжъым нэмыкIрэ, щызэгъокIыгъ. Ащи, мыжъом фэдэу, ошъогум зыкъыридзыхынэу регъажьэшъ, чIыгум къынэсы хъумэ, зепхъотэжьы, ихьарзэ педзэжьы. Муары, джыри джа дэдэр ышIагъ.

Сыд сэIо мы джэгуалъэм имурадыр, бгъэжъым ыгу фэплъэу Бамбэт ыIуагъ, зегъасэ сIонти, иинагъэкIэ щыр Iоф иIэп, изытамэ сIэ лъэныкъо фэмыдизмэ, нахь цIыкIоп. ЗыгорэкIэ сэ зыкъыстырегъэпсыхьэмэ шIэ? Ар уигухэлъмэ, зэогъукIэ укъесыутэхын! Муары, муары, зегъэхьазыры, моу нахь къысшъхьэщыхь, къысшъхьэщыкIуат...– Бамбэт шхончыр ыIыгъэу онэгум зыридзыгъ.

ЗытэмитIу гогъэплIагъэу къехырэ бгъэжъым Бамбэт тыригъэпсыхьи еуагъ, цы зэIытыгъэ жьы хэутысэкIэ бгъэжъ укIыгъэр лъэбэкъу заулэкIэ ыпашъхьэ къифагъ. Мыгузажъоу екIуалIи, щазымапэкIэ зышъхьэ шIолэлырэ бзыушхор зызэпырегъазэм, ылъэгъугъэр ыгъэшIэгъуагъ: зигъукIыжьыгъэхэр бэшIагъэу бгъэжъыр нитIу нэшъугъ.

Игъуаджэ сшIагъэ, Бамбэт ыгу къыпыузыкIыгъ. Бгъэжъ хьафизэ тхьамыкIэр чIыгум къеохы хъумэ, зыкIэщынэщтыгъэр джы къызгурыIуагъ. Ныбэ нэкIым ошъогум къырифыхыщтыгъэ, псэм иIэшIугъэ зыригъэпхъотэжьыщтыгъ. СишIуагъэ езгъэкIыным ычIыпIэкIэ игунахь къэсхьыгъ. Сыд гущэкIэ сишIуагъэ озгъэкIыныя, бгъэжъ мыгъу, уихьафизэ щыIакIэ сыгу ыгъэузыгъэти, къыосIуагъ... Уибгъэшхъо уакIэ пщымыгъупшагъэу, уихьафизагъэ чIыгум зэхимышIэщтыгъэми, уиIусылэ ущыгугъэу ошъогум уитыгъ, сит-

хьамыкIэжъ... Адэ джары, хэт ышIэра тэ къытэхъулIэщтыри...

Уц гъугъэ IапIэ бгъэжъым тырилъхьи, иаужрэ гупсэф ригъэгъотыгъ, бгъэжъ хьафизэ укIыгъэм фызэплъэкIыжьзэ, Бамбэт ыIуагъ: дунаир хьафэп зыIорэмэ етIани сэри сащыщ...

Бгы мылъэгэ тIуакIэм дэчъырэ Абын псыхъо нэпкъым готэу кIозэ, Бамбэт джыри Сисурэ ыгу къыпылъэдэжьыгъ. Ащ ыпкъ, ынитIу, ынапц, ышъхьац фэмыплъэкIызэ, ихъулъфыгъэгу къэзгъэфабэрэ пшъэшъэ гохьым ыкIыбкIэ ошIэ-дэмышIэу къыдэкIыгъэ Шъэуае къыIущхэшъо-къыIумыщхашъоу ынэгу къыкIэтаджэ. Ар къыримыдзэ фэдэу шъхьапырэплъы шъхьакIэ, зэмыжэщтыгъэ Iофэу къыпэуцугъэмэ амыгъэпэн ылъэкIырэп.

СызэренэгуерэмкIэ, Бамбэт ыIуагъ, Агоир згокIыгъ. Цацэ къызэриIуагъэу, Шъэуае дэшэсыгъэмэ, сикъэбар фиIотагъ, тыгъужъым ышхыгъи, ымышхыгъи зэрэтыралъхьэу, симыхьакъи, сихьакъи къыстыралъхьагъ, зи къысамыгъэлэу сагъэунэшкIугъ. ШъэуаекIэ симысагъэ зыдэсэшIэжьы. Арэу псэ пытэ иI Iоу хэта зышIагъэр... ЕтIани пщымэ шъхьэщэ-тхыщэ афэхъугъэм Сисурэ фэдэ пшъашъэр сыдэущтэу еппэсыщт? Сыд пIони, унэ къаплъэу, зы шъхьантэ ашъхьэхэр зэдытебгъэлъыщт!.. Зэгу, зэгу, хэта а нэбгыритIур зыуж итыр? Сэра? Сэрмэ, сыд гуцафэ зыкIэсымышIырэр?.. Тадэжь зысэгъэзэжьми, Джэнчпсынэ сызэкIоми, джы сызтет гъогуми сауж зыгорэм къыфэу седжэнджэшыгъэп. Сыд ащыгъум гур зыкIэмызагъэрэр?

ЩтэуIыгъэ горэ Бамбэт къызышъхьэрыорэм, сыдигъуи шэны зэрэфэхъугъэу, сакъыныр иухъумакIошъ дунаир нишъэмэ, сэ сынитIу ыIозэ, анахь чIыпIэ шъэфыпIэмэ защегъэнэгъуаджэ. Иш елъэдэкъауи, нэпкъ Iучъыкlэ ку гъогум техьагъ, тхьакIумэ чанхэр кIэгъэзыкIыгъэу, зэкIэ пкъынэлынэмкIэ дэIуагъэ, онэгум зыридзи, шыIупIэр ыIыгъэу, мэз пырыпыцум хэхьагъ. ШхомлакIэр шы Iупэм рищэкIи, IитIукIэ диIыгъэу джыри дэIуагъэ. Зэгуцэфэн гори Iэгъо-благъом рилъэгъуагъэп, щымыщ макъи зэхихыгъэп.

Мэкъэ зэтетэкъукIыкIэ Абынэ псыхъо инэпкъмэ адэчъы. Мэрчан чылэри чыжьэкIэ тхышъхьэ бжъапэм къеплъыхы.

Пэшъукъ жэмыIаныр, Бамбэт чылэмкIэ плъагъэ, згъотын шъуIуа? Чылэм дэмысэу тэ кIона. ПшIэхэнэп, лъэрыгъыр IэкIэзгъэуIэшIуагъэшъ, адыгэ дунаир хьакIэщ зэIухыгъ, зигъэлIэу зыдэшэсыщтыр. Зымафэ Хьасан-пашэм дэжь къысшIокIонэу къыздежьи, ерагъэу зыпысфыжьыгъ. Шъэожъыем сауж къезгъэфын нахьи, ежь ишы лъэб ситмэ нахьышIу. Чылэм сыдахьэмэ, сызышIи, сызымышIи хьакIэщым къыщызэхэлъэдэнышъ, дунаир зэрагъафэу, яфэмыфыгъэ зыдамышIэжьэу сшъхьэ сагъэуджэгъужьэу нычэпэ сыщагъэсыщт. Хэщ-ощышхо сымышIэу зипчъэIупэ тыIуогъэгъэ ХъорэлIыкъо Мэрчаныжъри къызэсымыгъашхъоу, зыгорэм къыдезгъэщыгъагъэмэ дэгъугъэ... Пэшъукъ нахь мыхъурэм ущыгугъэу укъэнэжьынри тхьамыкIагъу, ау ащ джы хэпшIыхьан щыIэжьэп, сиуахътэ сыфитыжьэп, ар зыIэмычIэ илъыр Шъэуай.

– Сыд, сишыгъу, пшIошъ хъурэба? – Бамбэти шъхьэм къыфечъагъэр шIогъэшIэгъонэу иш ынэмэ акIэплъагъ, иупчIэ ежь игупшысэ зэпеомэ къахэмытэджыкIыгъ пIонэу кIэгубжыхьажьыгъ: – Ащ фэдэ хъун ылъэкIыщтэп! Ар Шапсыгъэ Бамбэт тэфэрэп! Ары, ары, сишыгъу, сыкъызэхэошIыкIы, орырэ сэрырэ тызэгъусэфэ, гукIодыгъо щыIэп.

ЛIыжъ пытэ-пкъышхо шыу горэ цуитIу ыпэ итэу, пхъэIашэри ишыплIэ дэлъэу, шхончыпэри ыкIыбыкIэ къыдэпIыикIэу псыхъо кIэим къыдэхьагъ.

Бамбэт псыхъом зэпрыджыкIыгъ:

– Чылэм окIожьа, нахьыжъ?

– Сишыпэ чылэмкIэ гъэзагъэмэ, сэкIожьы,– къыпымылъ шIагъоу лIыжъым къыриIожьыгъ, ицIыфыгъэ зэрэщымыгъупшэжьыгъэри шъхьэпэягъэкIэ къеджагъэм зэхыригъэшIыкIыгъ: – Сэлам хыныр уиджагъоми, «къеблагъ» осэIо.

ЛIыжъ къаигъэ горэн фае, Бамбэт гукIэ щхыпцIыгъэ. ИцуитIу аныбэ игъожьэу, ежьыри ин-инэу, мыр зыгорэм щыслъэгъугъэ фэд, шы шIагъо тес, осэ дэгъу кIэпхын плъэкIыщт, сыкъишIэрэп, сшIэрэп, къебдзыхыни, лъэслъэбыIоу цухэр ебгъэфыжьынхэкIэ дэгъу.

ЖъонэкIо лIыжъым иджэуап зэреупчIыгъэхэм ипэгъокIэу лакъырдыгъэ тIэкIу хэлъыгъэми, жъыгъэм ыпашъхьэ Бамбэт зэрэщымызафэм зыкъыригъэшIэжьэу, цIыфыгъэ къезыхыгъэм пигъохыжьыгъ:

– Тхьэуегъэпсэу,– сыдкIэ усищыкIагъ цуе мэIу ухъужьэу ыIуагъ, ау шъхьэм къыфихьагъэм кIигъэгъожьыгъ,–

Алахьэм шIукIэ тыкъырегъэблагъ, моу, шъуичылэ шыу горэм сыпаплъэ, икъэмыкIо сегъэгужъо.

– Хэтмэ ащыщ?

– Къэгъэзэжь ары шъыу.

– Къэгъэзэжь пIуи?..– пыщэгъу дэгъу уиI, зэфэмыдэ зэдашъорэп, зэмышъогъу зэшъэогъоп, мы шыур тэ щыслъэгъугъагъа сэIо, ымакъи синэIуас, жъонэкIо лIыжъми ыIуи, гукIэ гъумтIымыгъэ.– Ащ фэдэ цIэ иIэу тичылэ лIы дэсэу сшIэрэп. «Пэшъукъ» раIомэ, ежь «КъэгъэзэжькIэ» зэджэжьэу шъхьэпае горэ тичылэ къыдэтэджагъ. Армэ шIэ?

– Олахьэ тэфэрабгъоу къэпIуагъэм, нахьыжъ!.. Ыджа Пэшъукъ дэдэр ары...– ушъхьагъуи шIэхэу къыгъотыгъ: – Ашъыу, сикIакIо сIихыгъагъэшъ, къезгъэштэжьын слъэкIырэп. КIалэр Iофти кIэлъыкIожь зыфаIорэм фэдэ сыхъугъ.

– Шъхьаубатэр уипыщэгъумэ, ащ нахь игъуаджи къыохъулIэн...– Пэшъукъ пае нахь шъхьэихыгъэу, ежьыри тIэкIу къыдыригъэубытэу лIыжъым къыухыжьыгъ: – НекIо, къеблагъ чылэм, нычэпи ущысын, уикIакIуи бгъотыжьын.

– Шыу куп модыкIэ къыщысэмыжэщтыгъэмэ, сыкъеблэгъэныгъи... Адыгэ хьакIэщым узифэкIэ, пшIэрэба, нахьыжъ, мэфищ хьэкIэ пIалъэм пшъхьэ уфырыгъэтыжьыщтэп.

– Ари тэмэм,– лIыжъым къыдырыгъэштагъ,– хьакIэр къызщыкIощтым фит, зыщыкIожьыщтыр бысымым иIоф. Шыу куп къыуажэу ари озгъэшIэнэп, ау Пэшъукъ къыуишIагъэмкIэ кIэгъожьыгъэу, ащ нахьрэ Мэрчанэ чылэм ынапэ тыримыхыжьынэу джыдэдэм къыпфыдэзгъэчъын,– ошIэ-дэмышIэу гущыIэгъу къыфэхъугъэм ыцIэ зэригъэшIэным пымылъэу, тIэкIуи егуцафэу, жъонэкIо лIыжъыр адырэ псыхъо нэпкъым IукIыжьыгъ.

Шъуишъхьэпае сызыфаер къысферэшIи, шъхьэкIэ орэуцу, пэкIэ псы ерэшъу еблэми, сыдкIэ сигъэпэн! Ятэрэ янэрэ амылэжьыгъэр, шъуичылэ ымыгъэсагъэр сэ сигъэсэнэп. СултIанхэмкIэ, ШъэуаекIэ, къэзэкъхэмкIэ згъэфедэмэ, гъусэ хъущтми-мыхъущтми теплъын... Пыщэгъу сшIыщт-сымышIыщтым земыгъэух, чIыгур пфэлэжьмэ, лэжьы, хьэйуан цуямэр къыокIумэ, епэм, тэри дунаим тыщыIахьынчъэп, сиадыгагъэ сыкъиубытыгъ нахь, ощ фэдэхэр къыздэзгъэгущыIэхэ пакIошъ, ажэ къызэтырязгъэхырэп!.. Шъуичылэ щыщ ХъорэлIыкъо Мэрчан-Хьамырзэжъыр ары сичIыфэ зытелъыр!.. СултIанмэ зэряаталыкъым пае, Хъан-Джэрые зэрипIурым пае гыекIо-дэуакIо тызфакIом, купэгъур къыпхъуати, япчъэIупэ тыкъызэрэIуифыгъагъэр фэзгъэгъункIэ орэмыгугъэ, джыри сщыгъупшэжьыгъэп.

Чылэм къыдэчъыгъэ шыур Бамбэт зелъэгъум, лIыжъым сигъэпцIагъэп ыIуагъ.

Псыхъо нэпкъым къытелъэдагъэу Пэшъукъ къыхэкуукIыгъ:

– Ора, Бамбэт?!

– Куо-хьау умышIэу псым къызэпырыкI.

Пэшъукъ псым ищэнджыпIэкIэ зэпырылъэти, игые ыпэ итэу адырэ нэпкъым зытыридзагъ:

– Сыд кIэкIо хьафа, Бамбэт, ХъорэлIыкъо Мэрчанэ къызфысэбгъэцIэцIагъэр?

– Ы-ы!..– Бамбэт зыцIэ зэхихыгъэм къыхигъэкуукIыгъ, етIанэ къехъулIагъэр шIощхэнэу къеупчIыгъ: – ХъорэлIыкъо Хьамырза ар? Олахьэ ары Iоу сымышIагъэ къэсIофытагъэр... ХъорэлIыкъом ащыгъум насып джанэ щыгъэу къэхъугъэкIэ зерэлъытэжь!..

– Тинахьыжъхэр пшъхьэ къибгъэхьагъэр емыкIу!

– Сыдэу шIэхэу укъэщтагъа?

– Сыкъэщтагъэп, зытэтыр къыосэIо.

– Хъан-Джэрыекiэ тинахьыжъмэ къядэIугъагъэп.

– Ар сэри фэзгъэгъурэп, ау...

– Дэгъоу ошIэ, джырэ дунай цыхьэшIэгъоп... Ау къыосIощтыр ары, Къэгъэзэжь. Тыгъужъыр зыщыпсэурэм щышакIорэп аIоу зэхэпхыгъа?

– Зэхэсхыгъэ.

– Ащыгъум зыгъэрэхьат. О ухэмыхьэу ар зышIэн гори къыкъокIын.

– Ары шъхьакIэ, Мэрчанэ зы лIэу Шапсыгъэ исмэ...

– Ар Iофэп, некIо,– Бамбэт Пэшъукъ игущыIэ къыригъэухыгъэп.

– Тыд тыздэкIощтыр?

– НекIо аIомэ, бэйтэмал, тыд аIоу кIэупчIэжьха? Уадыгэба, улIба? – Бамбэт иш бжъэпэ мэзымкIэ кIыригъэугъ.

– Сыздепщэжьагъэм сытэкIодэщтми, ащ фэдашъо къызтэозгъэштэнэп, нахьыжъ! – Пэшъукъ къыфадзыгъэр зэримыпэсыжьэу Бамбэт ыуж илъэдагъ.

Къызэплъэкlыжь гухэлъ зимыlэ тыгъэ пшъыгъэр ошъочапэм къокlосэжьыщтыгъэ, Бжъэдыгъу чlы гъунапкъэм дэжь Бамбэт ишыгъо зызыщырыреГъатlэм.

– Сыд, нахьыжъ, щтэуlугъо горэм уинэплъэгъу зыкъыкlидзагъа? – Пэшъукъи шыр къызэтыригъэуцуагъ.

– Сыкъыоупчlыжьын сэlо. Абдзахэ чыжьэба?

– Чыжьэкlай.

– Ащыгъум нычхьапэ Бжъэдыгъу тикlынэп, Султlан унагъоми тыблэкlынэп,– Бамбэт къыlуагъ.– Сыд пlорэ о? – Сисурэ цlыкlум нахь тlэсхъапlэ сыд щыlэн!..– Бамбэт кlэкlэу шым къыригъэгъэзагъ, ежьыри зэриlожьыгъ, игъуси зэхыригъэхыгъ: – Сауж ит Шъэуае изэз ащкlэ фыкlэсыутын...

Абдзахэ нэс сычъэу зы къэзэкъ пэщыныцlэ горэм иlоф зесфэн нахьи, Бамбэт ишылъэхъу ушъ хэтэу ыlуагъ, сэ сшъхьэ иlоф зесфэжьмэ нахьышlу. Къайхьаблэмэ ясщэгъэ къэзэкъри симыlофэу арэп, ау Сисурэ иlоф сlомэ, Шъэуае сауж зэрит къэбарым шlулъэгъу къэбар къыхэхьанышъ, цlыфмэ зэфэшъхьафэу зэтыраlуакlыщт. Сыда, чъыг шъхьапэ сыкъизыгъа, къыскъоуцощтхэри мэкlэщтэп. Олахьэ шъхьэтехъо зытехъуагъэ пае паlо зыщыгъ ыгу хэсымыгъэкlын... Тятэмэ тянэхэр къызахьым, зыгорэм еупчlыжьыгъэха? Алахьэм къытфыригъэхыгъэ Къурlаными шъузиплl тиlэнэу къеlо. Тэ къэтхьы пакlошъ, lапэ зыфэтшlырэ пэпчъ тауж къилъэдэныр атефэ. Шъузиплl уиlэнэу Къурlаным къызиlокlэ, Сисурэ джэнэт бзыужъыер яплlэнэрэ шъузыщтышъ, джащ сикъэщэн lофхэри щызгъэуцужьын. Шъэуаий ар зызэхихыкlэ, шъхьэчъэ-псачъэу къежьэнышъ, ихьадэгъу нахь lэрыфэгъу сфэхъун... Сыд пае игунахь сыхэхьан, моу lоф тlэкlу дасшlэу зызгъасэрэм, ар зэзгъэшlэщтыри хьазырыпсэу сигъусэ.

Бамбэт игупшысэмэ къахэужьыгъ.

– Къэгъэзэжь, нахьыкl,– Бамбэт щхыпцlыгъэ,– сэфор къызипхырэм, уемыгупшысэжь. Ар зыкlасlорэр Къылыщтыку тэмэным къэзэкъмэ тызхагъэзыхьэм, гупшысэгъу тиlэжьыгъэпышъ ары. Ащ сизакъоу къэзэкъ пэlо плъыжьипшl горэм, мынахьыбэмэ, хэта ар зилъытэн зигугъужьыгъэр, хэсыукlыхьэгъэн... Арэп, Къэгъэзэжь,– псынкlэу Бамбэт зыкъызэблихъугъ,– угу къемыгъаоу, сыгу еlурэп, хэта пцlэ къыпфэзыусыгъэр?



– Сыд пае емыlурэ? – Къэгъэзэжь къыхихэу шым жэдаlи, къызэтыригъэуцуагъ.– Бо цlэ дэгъу!

– Дэгъуна, бэйтэмал. Пэшъукъым елъытыгъэмэ, а къыптэзгъэнэгъэ Хъан-Джэрые шъхьэ псыгъожъ цlыкlури хьэхэкlба, Къэгъэзэжьри цlэ дэепщтын... Ау «Къэгъэзэжь» къыуаlон нахьи, уапэ егъэхъу къыуаlомэ нахьышlунба?

Къэгъэзэжь щхызэ шыр ригъэжьэжьыгъ:

– Ащыгъум, нахьыжъ, тятэ тхьамыкlэу Бурсакыжъым икъэзэкъмэ аlэкlэкlодагъэм къысфаригъэусыгъэгъэ цlэм къикlырэр пшlэрэп. Уиунэ уикlмэ, зекlо укlомэ, узхэкlыгъэмэ упсаоу уакъыхэхьажьыныр ары къикlырэр.

– Ара? – Бамбэт зэхихыгъэр ыгъэшlагъо фэдэу ышlыгъ, сигъусэ уфэсакъын фае нахь, гъэпцlэгъошlущтэп ыlуагъ, игуапэу пигъэхъожьыгъ: – Олахьэ, Къэгъэзэжь, пцlэ къепlолlагъэмкlэ зи къысэмыгъэлыгъ... Ащ сиакъыл зэрэтэмыфагъэр... А цlэ шlагъор Пэшъукъкlэ пфызэблэзыхьугъэм фэбгъэгъу хъунэп!

– Зэгу, зэгу, а мыгъоми непэ, нычхьапэ фэдэу тынэсыщт, егъашlэм зэхимыхыжьынэу хьадырыхэ зыдезгъэхыжьыщт!

– Къэгъэзэжь! – Джы сэмэркъэу хэмылъэу Бамбэт къэгузэжъуагъ.– Зыгорэкlэ унэм къэкlожьыгъэу а шъхьэ псыгъом тытэфэмэ, имыщыкlэгъэ хьалэ-балыкъ тыхэбдзэкъон...

– Ар о къызэрэплlу.

– Непэ гъэпщынэжь lофэп зэтфэщтыр.

– Ар о къызэрэплlу сlуагъэ, нахьыжъ.

– Сэ Сисурэ къызесхыжьэкlэ, о тауж къихьэрэм упэуцужьыщт.

– Ащ утэгущыlэжьынэу щытэп, Бамбэт. Уицыхьэ къыстэгъэлъ.

Остыгъэ хэгъэнэжьыгъо ужым, унэгъо тынчыжьыгъом, шыуитlур Лъэустэнхьаблэ дэхьагъ. Зыlукlэгъэ шlагъуи щымыlэу яшыхэр шышlоlум рапхыхи, пщы щагумкlэ мыкlохэу, фэкъолl дэхьэпlэ къэлапчъэмкlэ дэкlхи, Сисурэ иунэ зэрэмэзахэр зыфахьын амышlэу ихьагъэх.

– Цlыф исыжьба сэlо мыщ? – Къэгъэзэжь зэрыфэгъэ унэм ыгу еlугъэп.– Чъыlэ, мэзахэ.

– Мэзахэр lофэп,– Бамбэти къыlуагъ,– зыгорэкlэ Шъэуае сауж ит сlозэ, Сисурэ зыкlэкlезгъэщыгъэмэ шlэ,– ошlэ-дэмышlэ гумэкlыр ыпкъынэ-лынэмэ къахэлъэдагъ.–

Непэп, тӀэкӀу шӀагъэ мы унэр замыгъэплъыгъэр… Зи умыӀогу. Муары остыгъэр къахьы.

– Остыгъэр пщы унэм къырахыгъэп,– Пэшъукъ къыӀуагъ,– къытамыпэсымэ сшӀэрэп.

– Тыди къырарэх, тыкъызфэкӀуагъэр тадэжь къырарэгъахьи… Джа къызэрэосӀуагъэу, мыхэмэ хьэ епхыгъэм нахьи нахь цэкъалэхэу фэкъолӀитӀу ашъхьащытышъ, зыр – Къаймэт, адырэр – Хьадж-Къэсэй, унаӀэ атэгъэт, афэсакъ… Джахэр, узфаер япэс, сфэӀажэхэри, Сисурэ тэзгъэплъэжьытщхэп.

Гъуанэ зиӀэ апч зэтеуӀубагъэ дэгъэ остыгъэм фэсакъэу Хьадж-Къэсэй унэм къихьагъ, сэлам къыхыгъ, ащ ыуж зиухыижьыгъ:

– Мэзахэм шъухэдгъэсыгъ… Шъыд Шапсыгъэ щыкъэбар?

Сыдэу лӀы джэдэжъ мыр, ыпашъхьэ къитӀысхьэгъэ Хьадж-Къэсэй къызэпиплъыхьэзэ, Пэшъукъ гукӀэ къыӀуагъ. Талъэныкъо къэбарым зебгъэгъэпэн нахьи, шъо шъуикъэбар тыщыбгъэгъозагъэмэ нахьышӀугъ. Бамбэти гукӀэ игъусэ зыкъыщыригъэнагъэп, ау джэуап къэтыгъо Хьадж-Къэсэй ригъэфагъэп, къеупчӀыгъ:

– Уигъусэ хэтмэ ащыщ, Бамбэт?

– Сигъусэ озгъэшӀэн, Хьадж-Къэсэй. СултӀанмэ яаталыкъ ХъорэлӀыкъо Мэрчанэ ичылэ щыщ, щыщ къодыеп, игъунэгъу шъыпкъ…

– Мыр Пэшъукъ арэу къычӀэкӀын,– Хьадж-Къэсэий къыӀуагъ,– Хъан-Джэрые игугъу ешӀы зэпыт.

– Сэ сцӀэр Пэшъукъэп, нахьыжъ!..– Къэгъэзэжь зыфэщыӀагъэп.

– Мыщ ыцӀэр,– Бамбэт гукӀэ щхыпцӀэу, зыфаери къыдэхъоу къыӀуагъ,– Къэгъэзэжь.

– Олахьэ сымышӀагъэ.

Бамбэти къэбар къыӀотэнэу фэягъэп:

– ТыкъызфэкӀогъэ Сисурэ икъычӀэмыхьакӀэ зыфэсхьын сшӀэрэп.

– Сисури, Къэнтат гощэшхори,– Хьадж-Къэсэй къызхимыгъэщэу гукӀэ щхыпцӀыгъэ,– Екатеринодар къэзэкъ пытапӀэм, Хъан-Джэрые зиусхьаным дэжь, щыӀэх.

– Фэтэр щаӀыгъэуи?

– Щэпсэух.

– КъэкӀожьхэрэба?

– Загъори къэкӀожьыхэшъ, тагъэгушӀо.

– Олахьэ хьалэмэтым къытэпӀуагъэр…– Бамбэтырэ Пэшъукъырэ, тигухэлъ къыддэхъугъэп къырагъэкӀэу, нэмыз-Ӏумызэу зэӀуплъагъэх.

– Ащ фэшъхьаф гори къышъоcӀон,– Хьадж-Къэсэй ыпашъхьэ ис псэлъыхъомэ ариӀуагъ,– оры, Бамбэт, ар зыфэгъэхьыгъэр. Мыщ Пэшъукъ, ары шъыу, Къэгъэзэжь, къызэрэхахьэрэ щыӀэп. Сэмэркъэуджэ унэгу жьы кӀэогъэумэ сӀуи, джы нэс сыоушъыигъэп, сыогыигъэп, игъуаджэ сшӀагъэуи зыфэсэлъэгъужьы. Сисурэ тшыпхъу цӀыкӀуджэ джай къыблэмыщэу зыпӀэжэгъагъэмэ нахьышӀугъ, пшъэшъэжъыем инасып хэхыгъэ упэмыуцу. О къэплъэгъутэр къэплъэгъугъахэу опсэу шъхьаджэ, Сисурэ гузэфэ-нэзафэджэ дунаим хэплъэн ригъэжьэгъэ къодый, уипкъэгъулэгъоп, уиягъэ емыгъэкӀ, къыпфэзымыдэтхэри къыкъокӀытых.

– Бащэ къэоӀо! – Бамбэт къэтэджыжьыгъ.

– Олахьэ арым,– Пэшъукъи къыдыригъэштагъ.

– Сэ сиӀон къэсэӀо, ащ шъукъыблэкӀмэ, сшӀэтэри тапэджэ къэт.

## VII

Васюринскэ куреным пэчӀынэтӀэ Пшызэ икӀыпӀэм Шъэуаедхэр къэсынхэкӀэ джыри охътэ шӀукӀае иӀэу, абдзэхэбжъэдыгъу чӀыгу гъунапкъэм дэжь, Агой Пщымафэ тыгъуасэ нэс зыгъэгумэкӀыщтыгъэр къыӀуагъ:

– ЕмыкӀу къысфэшъумышӀ, Къылыщ тэмэным къэзэкъмэ къыщыташӀагъэр джыри сынэгу зэрэкӀэт, сыкъыжъудэкӀон слъэкӀыщтэп. Мы шъаом сыд илажь, игушӀуагъо дэсымыгощынэу арэп, уичӀыпӀэ къини, уичӀыпӀэ зафи, Шъэуай, сыкъыбгомытынэу къизгъэкӀырэп, ори ары, Умар, непэ сыкъызэхэшъушӀыкӀ.

– Олахьэ, Пщымаф, игъуаджэм,– гуебгъэ хэмылъэу, аущтэу зэрэхъущтым щыгъозагъ пӀонэу, Бэджэкъо Умарэ къыӀуагъ,– нэбгырищ тыхъущтыгъэмэ, нахь шъуашэ тиӀэныгъэи… Шъэуай зэреплъыщтыр сшӀэрэп, ау сэ къыбдесэгъаштэ, дунаир дэхэ закӀэп, зым ихьадагъ, адырэм иныса щ…

Зышъо чъэкӀи къечъэжьыгъэ Шъэуае къыӀуагъ:

– Шъыд тызфитыр, Умар, ыджары тидунай зэрэщытыр... Пщымафэджэ узаф. Къызгурэlо, Пщымаф, угу хьарамыгъэ зэримылъыр. Умар тимыгъусагъэмэ, сизакъоу гум сыкъызэримынэтыгъэм сырыгущэlэжьрэп.

– Тэмэм, Шъэуай, тэмэм. Уизакъоу гум укъисынэныгъэп, ау сыд пае сыушъэфын, къэзэкъмэ къыташlэгъэ тхьамыкlагъор сыбгъэгучlэ зэрэчlэлъэу, Тхьэм къыстырилъхьагъэр сихьылъэ сlозэ, сыкъыбдакlощтыгъэ.

– Тхьэуегъэпсэу. Пантелейджи укъыздэлъыхъуагъ, Умари тыкъызэхишlыкlыгъ,– ошlэ-дэмышlэкlэ къэтэджыгъэ lофым Шъэуае кlэух къыфишlыжьыгъ, етlанэ Умарэ ыпашъхьэ бзылъфыгъэ гугъу щимышlы шlоигъоу, сэлам къязыхыжьыгъэ Пщымафэ лъыджэжьыгъ: – Хьадж-Къэсэйми, Къаймэтми сикъэбар агурыбгъэlуагъэмэ дэгъугъэ, Бамбэти фэсакъ...

Шыуищыр заулэрэ кlуагъэхэу, Умари зыгъэгумэкlыщтыгъэр къыlуагъ:

– А Панталай, а силял, ни обижай Пщымаф дамой къызэрэмыкlуагъэмкlэ. Причинэ илэп ни думай, ори зэхэпхыгъэ, иl. Он Пщымаф, добрэ чиловик, силял.

– Къызгурэlо, я понимаю его,– Пантелей Умарэ lугушlуагъ,– он добрый человек.

Умарэрэ Пантелейрэ ядыгэбзэ-урысыбзэ зэхэпхъагъэкlэ зэраlорэр Шъэуае зэхихыщтыгъэ шъхьакlэ, ежь къехьылъэкlыщтыгъэр нэмыкl. Ари игъусэ шыуитlум ядыгэбзэ-урысыбзэ зэхэпхъагъэ фэд. Зы лъэныкъомкlэ, къэзэкъ шъаор зыфащэжьырэмэ ягушlуагъу, адырэ лъэныкъомкlэ, Бамбэт, Къэнтат, Сисур... Ахэми, ыгъэпэымыгъапэу, Анфисэ пшъэшъэжъыери къахэхьажьы...

Апэрэр lоф хьылъ, Бэджэкъо Умарэрэ Бабунэрэ акlэхэкlыгъэм изакъоми, къэзылъфыгъэмэ ягушlогъощтыр мыухыжь. Паденкэ лlакъори нэмыкlхэри къызэхэлъэдэнхэшъ, гушlощтых, lэбжым къытэзгъэлъэгъущтхэри къахэкlынхэкlи мэхъу, яшъао къахэнэжьыщт, сэ силоф ары, къежьапlэ фэсшlыгъэми, ухыпlэ зимылэр. Васюринскэм сикlэу Екатеринодар сыкlон слъэкlыгъэмэ, дэгъугъэ... Хъан-Джэрые джыри ныбжьыкl нахь мышlэми, ащ зыlусымыгъакlэу Къэнтатэ сыгурылон слъэкlыщтэп. Сисурэрэ сэрырэ тилофи ащ елъытыгъэщт, Бамбэти lэшlу езгъэхьынэп.

Шъэуае игупшысэмэ къахэужьи, Пантелей дэжькlэ реплъэкlыгъ, Алахьэм ешl мы шъаом непэ ыбгъэ дэхъыкlрэр, гухэкl-гукъэо lаджи ащ щызэтехъуагъэщтын, ау етlани янэрэ ятэрэ адэжь мэкlожьба! Сыдэущтэу ягъунэгъу пшъэшъэжьые Анфискэ сэри, мыщи зыкъытфишlын шъуlуа?.. Е-е, сигупцlэнэ щтэпхэ цlыкlу, ори о!.. Умар? Умар ары зэкlэми анахь сшlогъэшlэгъоныр... Бабунэ пlэм хэгъолъхьагъ. Умар къызхигъэщыгъэп. Мары, джыри Пщымафэ къызэригъэгъунэщтым пылъ нахь, ежь зышlolo-фыжьэп. Уибэрчэтыгъэ къынэсрэм, Умарэ фэдэу, уишlугъэ хэбгуащэу ущыlэн фае нахь, сыд Бамбэт фэдэу, узнэсырэр бгъэунэхъоу, тхьамыкlагъом гушlуагъо хэбгъуатэу дунаим утеткlэ!..

Мэз lапчъэм шыухэр зычlэкlхэм, Пшызэ нэпкъ джабгъум Васюринскэр къытетэджагъ. Ичылэ ышlэжьынба къыригъэкlэу, Шъэуае нэчэпэ шъэфкlэ Пантелей фычlэплъыгъ, азыфагу дэт Умарэ lуплъагъ, lугушlуагъ.

Ардэдэм Пантелей къызlуипхъотыгъ:

– Гля! Бачу наш курень!.. И нашу хату!..

– Сы силял, шъуиунэ плъэгъужьыгъа! – Умари кlалэм фэгушlо, рело: – Ары, ары, силял, ваша хата наша хата, ни забуд будэм сэри сыкъонакъ, твой батко-уяти къонакъ... Приходи-заходи, зэхахь будем!..

– Да, да, ми породнились,– Пантелей ынэкlушъхьэмэ къахихэу, ынэхэр къигушlукlхэу Умарэ дырегъаштэ.

– Да, силял, ар шъыпкъэ, тызэlахьыл, ни обижай, къытфакlозэ шы.

– Ар къэзэкъхэмрэ адыгэхэмрэ къышъуфадэнэу шъогугъа? – Нэбгыритlумэ ягушlуагъо хэмыо шlоигъуагъэми, Шъэуае къымылон ылъэкlыгъэп.

– Е, зиунагъо бэгъон, зэмылъэпкъэгъуитlу зэпэблагъэ пае,– Умарэрэ Шъэуаерэ нэlуасэ зыщызэфэхъугъэм щегъэжьагъэу, Умарэ апэрэу къыхэгубжыкlыгъ,– а зыцlэ къепlуагъэхэр цlыфхэба, къытфамыдэнэу! Ы-ы,Пантэлай, сы пlорэ о?

– Ми люди, тызэгурылон фай,– Пантелей иджэуап кlэкlы.

– Адэ ары, силял, ми луди,– Умари къыдырегъаштэ.

– Ары сэри сlорэр,– Шъэуаий къелo,– ау тазфагу къыдэхъуахьыхэрэр шъолъэгъу.

– Олахьэ ари шъыпкъэм...– Умари ымакъэ къефэхыгъ, тlэкlу тыригъашlи, гъумтlымзэ къыпидзэжьыгъ: – Адыгэхэри мыхъатэх, къэзэкъхэри мышlагъох... Ахэр дунаим фит

шІыхэри шъхьэкІэ зэпырагъэзэн!.. Мы тыздакІохэри къызэрэтпэгъокІыщтыхэри сшІэрэп...

– Угу умыгъэкІоды, нахьыжъ!

– Ы-ы, Шъэуай! Ащ фэдашъо къыстеошта? – Умарэ иш елъэдэкъауи хигъэчъыкІыгъ.– НекІо, шъугу щтэ къихьагъэмэ, сауж шъукъихь, абдзэхэ пхъэцхэр щтагъэх ядгъэІонэп!

Адыгэ лъэныкъомкІэ шыуищыр Пшызэ икІы зэхъум, къэзэкъ шъэожъые пцэжъыяшэхэри псы нэпкъым дэчъыжьыгъэх, бзылъфыгъитІу горэми япсы щалъэхэр ракІутыжьыхи, нэпкъым телъэдэжьыгъэх. Къэзэкъ шыу заули яшхончхэр хьазырхэу къэлъэгъуагъ.

Пантелей къэзэкъмэ яджагъ:

– Не стреляйте! Это я – Пантелей. Сын Савелия Петровича Паденко!

– Гля,– къэзэкъ шыумэ ащыщ кІэлакІэ горэм онэгум зыкъыридзыгъ,– вин Пантюха! Дружище мий!..

– Олексей! Цыц! – Къэзэкъ шыумэ анахьыжъыр къыфэгубжыгъ.

– Со мной мои добрые черкэсы,– Пантелей джыри къэзэкъмэ къяджагъ.

– Какие такие добрые черкэсы,– Пантелей иныбджэгъу Алексей къызэтезыгъэуцогъэ нахьыжъыр джыри къыхэгубжыкІыгъ,– вин басурмани, вороги они!..

– Сын мий, риднэнький, живой!..– къэзэкъ шыумэ акІыбыкІэ, зыкъо къэзышІэжьи къыкъокІуукІыгъэ Паденкэ Савелий щытхэр зэригъэплъэкІыгъэх, етІанэ нахь зыкъишІэжьыгъэу, ыІи щэигъэу, шым зыкъезыдзыхыгъэу къыпэгъочъыщтыгъэ Пантелей пэгъокІыгъ, ыкъо ІаплІ рищэкІи, Іупчъапчъэзэ, ыгу жьы зыдегъэкІ уж, адыгэ шыуитІум языр къышІэжьыгъ: – Это ты, Ибрагим! Спасибо, ты меня не обманул!..

Шъэуаий щытмэ зэхаригъэхэу къыІуагъ:

– Сыгъэры зэхъум, сы Ибрахьим шъосІогъагъэ шъхьакІэ, сцІэ шъыпкъэр Шъэуай.

Джыри къэзэкъ лІы цІынэшхом, нэмыкІ горэми къыдыригъаштэу, къыІуагъ:

– Бачитэ, курянэ, черкэс и тут обманув нас...

– Прокопий, ты шо,– Паденко Савелий зэхихыгъэр ыдагъэп,– цыц, белены объевся!



– А с Шеваем, батько,– Пантелей къэгузэжъуагъ,– мий добрий хозяин Умар, вин до мэнэ, як риднэнький батько относится.

– Дак спасибо и тоби...– Паденко нахьыжъым къыраІогъэ цІэр щыгъупшэжьыгъэу къызэшІонагъ,– дак як сказав его зовуть?..– А-а, внятно... И тоби, Умар, и тоби, Шевай, спасыби за сына моего. А чего мы стоим! Заходытэ, гости дороги, в хату нашу, милости просымо. А ты, сын мий, бежи, до неньки своей, она захворала, слягла у постели из-за тобэ, обрадуй, обласкай ее... И вы, козакы добри, куряни мои, в хату нашу, для вас кабана забьем, а для наших дороги гостэй баранчика жирного зарижим. Заходьтэ, ласка будытэ... Ну, Иван Хведорович, сусид мий, чего стоишь, выди гостей у хату...

Качурэ Иван Федоровичым ыцІэ къызыраІор ары Шъэуае ыгу Анфискэ къызыкІыжьыгъэр. ГъэрыпІэм къызыратІупщыжьым, ІаплІ къызэрэрищэкІыжьыгъагъэри, ятэ фэгубжи унэм зэрэригъэзыхьажьыгъагъэри, къакъыр гъуанэм къызэриплъэщтыгъэри, хьалыгъуи лы такъыри къызэрэфихьыщтыгъэри, лъэдэкъэлъэгэ цокъэ шІуцІитІури щыгъэу, гъуанэм ІукІотызэ, ылъэкІапІэхэр къызэрэригъэлъэгъугъагъэри Шъэуае ынэгу къыкІэуцожьыгъэх.

Анфискэ зыфеплъыхьэ, пшъэшъэжъыехэми шъэожъыехэми ахилъагъорэп. Мы къэзэрэугъоигъэ купмэ сыд зыкІахэмытыр? Пантелей зышІи зымышІи псыхъо нэпкъыр зэлъаубытыгъ, Анфискэ къэлъагъорэп! ЗыгорэкІэ, унэм исэу, къэбар емыІугъэмэ шІэ? Зэрэхьаблэу нэпкъым къэуагъ, дэгуа, ащ фэдэ хъун ылъэкІыщтэп. Зыгорэ къемыхъулІагъэмэ, апэ къэсыщтмэ ащыщыгъ. Пантелейрэ Анфискэрэ къызэдэтэджыгъэх. Ащ изакъоп, ныбжьыкІитІумэ яхьатыркІэ унэгъуитІур Іахьыл-благъэ зэфэхъунхэкІэ зэщэгугъыжьых...

Паденкэмэ адэжь зыщынэсыщтым Шъэуае зыгорэ къеджагъэ фэдэу къыщыхъугъ. Зэплъэм, шъхьэтехъо къолэн дахэ плІэІум къыблэкІэу, ышнахьыкІэ цІыкІу ыІапэ ыІыгъэу якъэлэпчъэ блыпкъ кІэрыт Анфискэ ылъэгъугъ. Шъэуае къехъулІагъэр ымышІэу, гур ошІэ-дэмышІэу шІузэхэтакъозэ, Анфискэ Іэ фишІыгъ. ЕтІанэ гукІэ къыкІащтэу, сыд илэгъумэ ахэмытэу, изакъоу зыфыщытри зыфэнэшхъэйри Шъэуае ыІуагъ...

– Тыгъопчыхьи, нычэпи, Шъэуай, сызэгупшысагъэр ошIа,– гъогу техьажьынхэм ыпэкIэ Паденкэмэ япчэдыжь Iанэ язакъоу къызкIэрэнэхэм, Умарэ къыIуагъ,– адыгэхэри къэзэкъхэри тызэрэмыхъатэр ары.

– Ащи тыгъуасэ тырыгущыIэгъагъ, кIэгупшысахьыжь озыгъэшIыгъэр сшIэрэп,– Шъэуае гущыIэ лъапсэр къыубытыгъэми, Умарэ емыпэбжъаоу, нахь къыгъэгущыIэн ихьисапэу, джау сыдми фидзыгъ.

– Тыгъуаси тырыгущыIагъ,– Умарэ мэкъэ шъырыткIэ къыпидзэжьыгъ,– плъэгъурэба, зиунагъо бэгъон, тыгъопчыхьи, нычэпи къэзэкъ унагъом ихъыкIыгъэр? – зэпыугъо тIэкIум ыуж нахь мэкъэ гые къефэхыгъаIокIэ къыухыжьыгъ: – Ясабый игушIуагъо джы нэс хэдгъэныгъэх... Ар хэт къыпфидэн, сэршъыпкъэми сфэщэчынэп.

– ТичIыгу къихьанхэ, къытпэтIысынхэ фэягъэп! – Къэзэкъ къакъырым щырихыгъэ гъэр мэфэ хьылъэхэр къыфызэкIэрыожьхэзэ, Умарэ ышъхьэшхуи щай Iэгубжъэм къытырыригъэпхъотэу, Шъэуае къызыбгырыугъ.

– Ащыгъум Агой Пщымафэ мыщ къызэрэддэмыкIуагъэмкIэ нахь Iушэу къычIэкIыгъэба? Къылыщтыку темэным къыщехъулIэгъэ гугъэузым зыдезгъэхьыхи, дезгъэштэгъагъ.

– КъэсIуагъэр бгъэшIэгъуагъэ шъхьаеджэ, Умар, иджэуап къептыжьыгъ.

– Тау хъумэ къестыжьыгъ?

– ЗиIанэ тыпэс Паденкэ унагъорэп сэ зигугъу сшIырэр... Мыхэр шъыдых... Шъузау аIомэ, заохэу, шъуидин имытхэр динынчъэх аIомэ, къыкIаIотыкIыжьэу тэщ фэдэ цIыф гъэдэIогъошIух... Мыхэмэ цIыф дэй ахэмытэуи сIорэп, ау Власов инэралым, Ермолов инэралым фэдэхэр ары сэ зигугъу сшIыхэрэр.

– Армэ хъун...– Умарэ къыдырегъаштэ, етIанэ, хэти ишъхьэуз ежь иуз зэраIоу, хэщэтыкIы, мэгъумтIымы: – Олахьэ сымышIэрэ унэм зэрэзгъэзэжьыщтыри, Даурмэ япхъу ыпашъхьэ сызэрихьажьыщтыри... Янэ-ятэ зэдгъэгъотыжьыгъэ Пантэлай сыфэзэщынэп, сыгу фэгъунэп сIомэ, зысэгъэпцIэжьы, къыткIэрысыгъэба, тынэгу кIэтыгъэба... КIо, къызхэкIыгъэ унэгъо шIагъом ифэжьыгъэзы, ныоми гурызгъэIон, тыгуи нахь зэгъэн... СшIагъэмкIэ щылэм ыIощтыри сшIэрэп...– Умарэ игупшысэ гые-тхьаусыхэмэ арыукIытэжьэу зыкъиишIэжьи, хигъэкIокIэжьызэ къыухыжьыгъ: – Тэщ фэдэ лэжьэкIо-псэокIо къэзэкъхэр япащэмэ зэрямыгъэпшагъэр сигуапэ, Шъэуай.

– ТызэгурыIуагъэмэ, сигуапэ, Умар. Пантелеий зэрыфэжьыгъэ унагъоми, Бабуни, чылэми укъызэхашIыкIын, зымыухыжь, уишIушIагъэ хэти къыгурыIон. Ау Къайхьаблэ къыбдэзгъэзэжьыным ыпэджэ джыри лъэIу пфысиI. Мыщ тыкъызысыгъэджэ, Екатеринодар пытапIэм лъэгъун горэ щысиIэшъ, бэрэ тыкъыдэтытэп, укъыздэшэсыгъэмэ лъэшэу сигопэтыгъэ.

– Ы-ы! – Умарэ зэмыжэгъэ лъэIум къыкIигъэщтагъ, ицыхьэмышIыгъэ ынэ шIуцIэ хъураишхомэ къаIуатэу, еупчIыгъ: – Къэзэкъмэ якуупIэ, тхьэм симыукIи, тыдэмыцохъуапэмэ мыхъунэу сы къытэхъулIагъ?

– Екатеринодар пытапIэм дэсхэри, мы тыздэщыIэм дэсхэри зэфэдэх – цIыфых, къэзэкъых... Екатеринодар сынэмысы хъутыгъэмэ, сыолъэIутыгъэп, Умар.

– Бэрэ узэрэмылъэIощтыри сэшIэ... Ау ащ дэс къэзэкъхэри, мыхэри зэфэдэх зэрэпIуагъэм къыдезгъашторэп. Мыщ дэсхэр – къэзэкъ лэжьэкIо-псэуакIох, адырэ пытапIэр къэзэкъ пащэмэ янабгъу, Власэ инэралри, Матвей атаманри, нэмыкI тэмэтелъ бзэджашIэхэри дэсых аIуагъ... КIо, сыкъызыбдэшэсыгъэкIэ, оркъныкъо зысшIыжьынэп, Алахьым къыттырилъхьагъэзы, тихьылъэ, зыгорэкIэ пытапIэм тыдаубытакъомэ сэIозы ары...– ныори изакъоу унэм къисынагъ пигъэхъожьы шIоигъуагъ шъхьакIэ, зэрипэсыжьыгъэп.

– Ащ земыгъэгъэгумэкI,– хьарамыгъэнчъэу, зэлъэIугъэри къызэрезэгърэр игуапэу Шъэуае щхыпцIыгъэ.

– Хьа, къэзэкъхэр пIэмычIэ илъха?

– Тыгъоспчыхьэ къыбгосыгъэ Качурэ атаманым тхылъыпIэ зырыз къытфитхынэу сыкъигъэгугъагъ.

– Сы къыритхэнэу ыIуагъэр?

– Паденкэ Савелий тызэрикъонакъыр итыт.

– Ар къэсэштэ, тызэхэхьан, тызэрэгъэблэгъэн, ау тхылъыпIэкIэ къэуушыхьатыжьыным къикIырэр сшIэрэп нахь... КIо, къэзэкъ пащэхэм япытапIэ тыкIощтмэ, шыхьат лые щыIэп, къыIых. Олахьэ, Шъэуай, а Хведорович атаманыр лIы пхъашэм, ащ аркъэу ришъугъэр! Зэуташъом, IэнтэгъупэмкIэ, къысэуIоу, къыздэгущыIэу ригъажьи, къин сигъэлъэгъугъэ, къысиIощтыгъэмэ анахьыбэр къызгурыIуагъэп. Абзэ тэрэзэу умышIэу, сы къыбгурыIон. Ау цIыфым имыхьакъ теслъхьанэп, ынэ къысфигъэIэягъэп, мыхъун

къысиIуагъэп. Ярэби, узфигъэгугъэгъэ тхылъыпIэмкIэ кIэгъожьмэ… Олахьэ о епIолIэщтыр сымышIэ, ау а тхылъыпIэм ябэдзэр тыкъызыщыкIорэм ишIуагъэ къытэкIыщтыгъэ…

Пантелей IугушIукIэу унэм къилъэдагъ, къэупчIагъ:

– Шевай, сы плъэкъуацIэ, ни знають, як у бумази ратхэг?

– СлъэкъуацIэ пIуи? – илъэс щэкIым къехъугъэу дунаим Шъэуай зытетыр, апэрэу ылъэкъуацIэкIэ къеупчIыгъэх, ариIон ымышIэу чIыпIэ ифагъэми, ыгу пыузыкIызэ, хэкIыпIэ кIэкI къыгъотыгъ: – Султанов Iори, пиши…

– Сэ ситхылъыпIэ, сиIял? – Умари къэгузэжъуагъ.

– Твоя бэшIагъэ, готова,– джыри зэ нэшIукIэ Пантелей Умарэ къеплъыжьи, унэм илъэтыжьыгъ.

– Мыхъур къытырягъадз, сиIял,– Умари кIэлъыджэжьыгъ, етIанэ ежь зэриIожьыгъ: атаманым щыгъупшагъэп. Хведорович ыIуагъэр егъэцэкIэжьы… ТIэкIу тешIагъэу нахь игуапэу Умарэ къыIуагъ: – Зэхэпхыгъа, Шъэуай, ядэжь къыгъэзэжьыгъэ пэтзэ, Пантэлай тиадыгабзэ зыщигъэгъупшэрэп!..

## VIII

Хъан-Джэрые зыщеджэрэ Екатеринодар гимназием имэфэ еджэгъу амыухызэ ехъулIэхэ ашIоигъоу Васюринскэмрэ Пашковскэмрэ азыфагу дэлъ гъогур Шъэуаедхэм яшмэ псынкIэкIаеу къарагъэкIугъ. ЗыщыхэушъыкIхэрэм нахьи зыщыхэлъэхъукIыхэрэр нахьыбэу илъыгъо заули рарагъэхыгъ.

Адыгэ шыуитIур къэзэкъ шыумэ аIукIагъэх, лъэсхэми, хъулъфыгъи, бзылъфыгъи орэхъу, ябгъукIуагъэх, цукухэри шыкухэри зэранэкIыгъэх. Къэзэкъ гъозэрыплъэ чIыпIэмэ, аIыгъ тхылъыпIэмэ акъогушхукIхэзэ, зызэрэщамыдзыещтыгъэхэр арэу къычIэкIын, тэ шъукъикIыра, тэ шъукIора аIоу зыми къыгъэуцугъэхэп. Шъхьэгъэсысы шIуфэс арахэуи, къарахыжьэуи къыхэкIыщтыгъэри мэкIагъэп, загъорэ нэжгъыкIэ къазэрэкIэлъыплъэжьыщтыгъэхэри, афызэмыплъэкIыжьыщтыгъэхэми, кIыбыкIэ зэхашIэщтыгъэ. Ар къэсми, «уапымылъ», «узэмыплъэкI» Шъэуае ыIозэ, Умарэ исэмэгубгъукIэ готыгъ.



Умарэ зи къыIощтыгъэп шъхьакIэ, ыгу ихъыкIырэр мэкIагъэп. ЗекIо чыжьэмэ ямысэгъэ лIы пкъышхор онэгум зэрэриутыхьэрэм фэшъхьафэу, зыгорэ ышIэн ылъэкIынэу чIыпIэ итыгъэмэ, бэмэ апэ къыштэныгъи.

Сыд пае тыгъуасэ, тыгъоснахьыпэ Шъэуае фэсшIагъэр имыкъоу, Умарэ гукIэ зэцIэцIэжьы, тадэжь сыкIожьыным ычIыпIэ сыдэшэсыгъ. Тыд етIани тыздачъэрэр? Пщы кIалэм зыIуимыгъакIэ хъущтэп! Икъунба, зиунагъо бэгъон, ахэмэ узэряунэхъулIагъэр, сыоплъышъ, уунагъоп, уджэгугъоп зэраIоу. Сыд пщы кIалэм епIощтыр? СултIанмэ яныо Къэнтатэ нахьи къыохъулIагъэмкIэ ащ нахь укъызэхишIыкIынэу, гущыIэ кIэрыпхынэу ущэгугъа? Сиадыгагъэ сышIолIыкIы сIозэ, сижъышхьэм, шапсыгъэмэ яIуагъэу, сызыхэфагъэр хьалэмэтый… МокIэ синыо унэ нэкIым къисынагъ, сихьасэ ныкъуажъо, сибылым мыгъашхэ. Къемысымэ, жъоным сыкIэхьажьын, ау джы сицупэощтыр сшIэрэп… Пантелей шъэожьыемкIэ, тэ укъикIи Шъэуай, хэсщыхьажьыгъ…

Шъэуайй Пашковскэ къэзэкъ куреным зэрэдэкIыщтым нахь Iоф имыIагъэми, зыдакIорэр къызэрэпэгъокIыщт шыкIэм ыгъапэу, шъхьэм къыфечъэрэ гупшысэ зэпымыфэхэр мымакIэу, ыгу шIугъэп. Пантелей кIалэр насыпышIоу къычIэкIыгъ, Шъэуайй гукIэ ыIуагъ, ыгу шIу илъыгъэти, къэзыхьыгъэ бгъэжъ укIакIом IэкIэзи, Умарэ фэдэ цIыф бэрчэтышхом IэкIэфэгъагъ… Сэры? Сэ сызIэкIэфэгъагъэхэри цIыф дэигъэх сIон слъэкIыщтэп. Сэ сизакъоп, Сисури ибэу къахафи, яджэхэшъогу къытетэджагъ. Сэры зэкIэ зилажьэр, ащи, Къэнтатэ изакъоп, Iэджи кIэхэсхыгъ. КъысаIуалIэщтыгъэр фэмыщыIэу, тхьамыкIэ цIыкIур унэм илъэдэжьыгъагъ. Симыхьакъ къысэзыIолIэгъэ Къэнтати сыгу ебгъэрэп. Хъан-Джэрый закъу а мафэм сыкъызэхэзышIыкIыжьыгъагъэр. ТызэIукIэмэ, тыгу илъыр джы нахь зэтIон.

Пашковскэ курень дэкIыгъом дэжь акIыбкIэ къыщыIугъэ шылъэмакъэмэ Шъэуае игупшысэхэр шъхьащаутыгъэх, Умарэ риIуагъ:

– Уишылъэхъу емыгъэхъу, щымыгъакI, узэмыплъэкI.
– Шыу заулэ мэхъу, къыткIахьэх.
– Къэмыохэу тыкъэуцутэп.
– Ащ Iофыр нэдгъэсынэп.
– ЗызыутIыIурэр къэзэкъмэ якIасэп.
– Ар оIомэ, зысыутIыIу пакIозы, езгъэгуцэфэнхэп.

Шъэуае зэрэгугъэщтыгъэу, аужкIэ омакъэ къызыщэIум, къэуцугъэх.

– Хэт шъущыщ? Тэ шъукIора? – къэзэкъ анахьыжъым икIэрэхъо къихыгъэ зэриIыгъэу, шы плъыгъэр ыIажэзэ, къэупчIагъ.

– Пшызэ сэмэгубгъум тыщыщ,– сыд сэIо мы джэгуалъэм, тызэуагъэп, тыхъункIагъэп, ынэ къызыкIытфыригъэкIырэр, Шъэуае гукIэ ыIомэ зищыIэзэ, джэуап ытыжьыгъ,– Васюринскэм тыщыIагъ, Екатеринодар тэкIо.

– Васюринскэм сыд къыдэшъунагъ, шъущыIэнэу? – сэшхо ихыгъэр зыкуашъо телъ къэзэкъ кIэлэ къуапцIэу зынэкIапэ натIэм къыIутакъорэм къыдзыгъ.

– ТхылъыпIэр ягъэлъэгъу,– Умари, сыд къэхъугъэми фэхьазырэу, зиIажэщтыгъэми, адыгабзэкIэ къэгузэжъуагъ.

– Зэтелъхь уибасурманыжэ,– къэзэкъ нахьыжъым ыкIыбкIэ дэт къэзэкъым зэхихыгъэ адыгабзэр ыгу тефагъэп.

– Хьа мы уакIыб дэтыр, унахьыжъба, сэ лIыжъышхом къызкIысэбгъэхъонырэр?! – Умар адыгабзэкIэ къэгубжи, цыхьэ зыфимышIыжьэу иурысыбзэ-къэзэкъыбзэ техьажьыгъ: – Шо ти ни старшой, вин молоко ещо губа, а мий старшой перэд тоби ругая!.. А-я-яй, сусэд мий, сусэд, як ни уважай старшой, мий галова белай...– Умарэ иджыбэ тхылъыпIэр къырипхъотыгъ: – Во, видал, як Баджок Умар кунак Паденко, кунак Качура, син Пантэлай живой, понял, дамой привоз!.. А ти, Умар чиловек хорош, ругай такой старшой... А-я-яй, кэзак, сусэд...

– Шо энто чиркэс балакает...– къэзэкъ нахьыкIэм джыри къыригъэжьэжьыгъагъ шъхьакIэ, нахьыжъым ыдагъэп:

– Циц! КъыбгурыIуагъэба нахьыжъым къыIуагъэр? Паденкэ къэзэкъым, Савелий Петровичым, ыкъо Пантелей, къызэриIорэмкIэ, къыфащэжьыгъ. ТхылъыпIэм итым къедж.

– Ни, ни!.. Ни дам! – Умар тхылъыпIэр къэзэкъ ныбжьыкIэм ритыгъэп, зыгу къешIугъэ нахьыжъым фищэигъ: – На, сам старшой читай.

Къэзэкъ нахьыжъым, еджакIэ зэримышIэрэр зэримыпэсыжьэу, тхылъыпIэр зэпыригъэзагъ, къызэпыригъэзэжьыгъ, зыжэ зымыгъэуцущтыгъэ нахьыкIэми, къыригъаджэмэ зэрэшIоигъор къыхэщэу, фыреплъэкIыгъ, адырэ щхыпцIыщтыгъэ къэзэкъхэм ягуао пIонэу, Умар дэжькIэ плъэзэ, Iизын къыIихрэм фэдэу къыIуагъ:

– Батарщук къэзэкъыр къерэдж.

ЕджакIэ зэришIэрэр шIодаушэу, итым пымылъэу, IитIу щэигъэкIэ ыIыгъэу Батарщук тхылъыпIэм къеджагъ. ТхылъыпIэм къыушыхьатыгъэ къэбарым къэзэкъхэр ыгъэгушIуагъэх. Къэзэкъ нахьыжъыми инэхэегъэ теплъэ зэрэшъхьащыкIыжьыщтыгъэм гу къызIэпыригъэшIыхьажьэу, джы ежь пчэгур зэриубытыгъэми тIэкIу зышIуигъэшIыжьэу Умарэ къыIуагъ:

– Мо сигъусэ Шевай такой бумага карман. Можна сматри.

– ИщыкIагъэп,– къэзэкъ нахьыжъым ыдагъэп, игъусэмэ афигъэпытагъ: – Гъогу яшъут тикъонакъмэ!

– НекIо, Шъэуай,– Умар шым елъэдэкъэуагъ,– цIыф дэйхэп мыхэр. Слухай,– зыкъызэригъэзэжкIыжьыгъ,– старшой, як тоби зовут?

– Харченко Мариус Ипполитович.

– А-а, харош имя зовут тоби. Арба, Шъэуай?

– Ары, ары, Умар,– джы нэс зи къэзымыIощтыгъэ Шъэуаий къыдыригъэштагъ.

– А-а, хорош имя зовут тоби,– джыри Умарэ къыкIиIотыкIыжьыгъ, риIуагъ: – А ти, кэзак старшой, мой аул Къайхьабл приходи, хьаIэ-гост будэм, кунак будэм.

– Да, да, скоро приидэм...– Харченко Мариус щхыпцIыгъэ. ЕтIанэ игъусэмэ яджагъ: – Батарщук къэзэкъыр, ори ары, Филимонов, пытапIэм нэс адыгэхэр нэжъугъэсых, зы нэбгыри нэ IаекIэ къяшъумыгъэплъ!

Гъусэ къафашIыгъэ къэзэкъитIумэ яшъэрылъ аухи забгъодэкIыжьхэм, Шъэуае къэупчIагъ:

– Арэп, Умар, къэзэкъыбзэр тэ щызэбгъэшIагъа?

– Хьа, Шъэуай, мыIуапхъэ сIуагъэу ара?

– МыIуапхъэ пIуагъэмэ, Умар, гъусэхэри тиIэжьхэу тыкъатIупщыжьытыгъа?

– Ари тэмэм. Ау тхьэуегъэпсэу зэпIощтыр сикъэзэкъыбзэп, Качурэ къэзэкъым къытитыгъэ тхылъыпIэр ары. Плъэгъугъэба зесэгъаджэхэм къэзэкъмэ зыкъызэрэтфашIыгъэр? Абзэ ыубытыгъагъ, Качурэ къэзэкъыр сызэремыжагъэу къычIэкIыгъ, лIы цIэрыIокIэ сенэгуе... Адэ джары мыхъур-печатри къызыкIытырязгъэдзэгъагъэри. А зиунагъо бэгъон, цыхьэ къытфашIи, о къэпштэгъэгъэ тхылъыпIэми

къеплъыжьыгъэхэп... Ашъыу, Шъэуай, тыгъужъым ымышхыгъэри зэрэтыралъхьэу, тэIо шъхьакIэ, цIыф дэихэп мыхэр.

– А тхылъыпIэр уиджыбэ имылъыгъэмэ ары зыфэдэхэр зыпшIэщтыгъэр,– гухьэ-гужъ дэди хэмылъэу, игъэр гукъэкIыжьхэри тIэкIу къышIутекIоу, Шъэуае щхыпцIыгъэ, ау ошIэ-дэмышIэу нэIуасэ къыфэхъугъэхэм дэй ариIуалIэу Умар ыгу хигъэкIынэп ыIуи, псынкIэу шъхьащыкIыгъ: – Олахьэ, Умар, нахьыжъыгъэ лъытэныгъэмджэ пхъашэу уажэхэхьэгъагъэм! Яжъи, якIи къебгъэуцолIагъэхэм.

– Адэ арба цIыф дэйхэп сэзгъаIорэр. Тэ тхэлъ шэнхэбзэ тIэкIу-шъокIухэри ахэлъ. Сызэрягыигъэри, тхылъыпIэм изакъоп, зэхашIыкIыгъ. ХьэкIэ-къуакIэми загъорэ укъызэхашIыкIы, сыдэу хъумэ цIыфмэ ар амышIэщт... Адырэ къэзэкъыбз зыфэпIуагъэм къесIолIэщтыр ары, тиадыгэ-къэзэкъ бэдзэрмэ тхьэегъэпсэу ясэIо, джа хъожьыпIэ чIыпIэхэр къытфызэIузыхыгъэ лIым... Сы ыцIэр ащ, сщыгъупшэжьыгъ?

– Де-Скаси.

– Ары шъыу, джа лIыр ары. Алахьым ащ игъашIэ кIыхьэ ешI, къэзэкъыбзэкIэ ябэдзэрмэ Iазэ тащишIыгъ. Тэ тыбзэкIи загъорэ гущыIэ зырызхэр къытфадзы. Адэ джащ фэдэ дунай тызтетыр, хьэм земыгъэшхыным пае, ыцIэ зэбгъэшIэн, уедэхэшIэкIын фаеуи къыхэкIыщт. Ар дэдэр тэри непэ къытэхъулIагъ, тыкъэзыгъэкIотэгъагъэхэри IэпэубытышхокIэ зыбгъодэдгъэкIыжьыгъэх, нэмыкI чIыпIэ зэжъу тифэмэ, тызэрапэгъокIыжьыщтыр сшIэрэп нахь.

– Ащ фэдэ зыхъурэм,– Шъэуае джыри къыIуагъ,– шIуджэ бгъуитIумджи узэщымыгугъыжь... Ар мыщджи тадэжьыджи къыщылъэгъуагъ.

– Олахьэ сымышIэ ащыгъум...– Карасун лъэмыджым нэсынхэкIэ къэнэжьыгъэ щымыIэу, Умарэ къэупчIагъ: – Арэп, Шъэуай, хэта Качурэм икъэлэпчъэжъые готэу къыоплъыщтыгъэ пшъэшъэжъыер? Тыгъуаси, непи Iэ зыфэпшIыщтыгъэр ары... Ынэхэр птырихыщтыгъэхэп бетэмалым...

Шъэуае щхыпцIыгъэ:

– Ащи гу лъыптагъа, Умар?

– Унэшъуми,– Умарэ щхыгъэ,– ащ икъэплъакIэ зэхэпшIэни... КIэлэгъур тIэкIэкIыгъэми, щыщ горэ къытхэмынэжьыгъэу къызшIомыгъэшI... Ощ нэмыкI паIо зыщыгъ тхилъэгъожьыщтыгъэп...



– Умар, сыогъэукIытэ... УкъэупчIагъэшъ, пшъэшъэжъыем икъэбари къыпфэсIотэн...

Анфисэ икъэбар Шъэуае къызеухым, Умарэ къыхэкуукIыгъ:

– Е зиунагъо бэгъон, къэпIотагъэр дэу хьалэмэт!.. Пантэлай кIэлэ хъарзынэм блэплъыкIэу о къызэрэоплъыщтыгъэр къезгъэкIущтыгъэпызы ары... Олахьэ мы бзы лъэпкъыр хьалэмэтэу зэхэлъым, тэтыехэри, мыхэри зэфэдэх, агу рихьын горэ ягъэлъэгъуи, къыоплъыщтыхэп, гум укъыранэжьыщт. Ятэ зы лIэу Васюринскэм дэс, Пантэлай Iялэ хъарзынэм ригъэщэнэу тыриубытагъэмэ... Сы пIуагъэ а пшъэшъэжъые къопцIэ-нэгуф гъэкIэрэкIэгъэягъэм ыцIэр?

– Анфис,– Шъэуае мыщхыпцIын ылъэкIыгъэп.

– Ары шъыу, джа Анфэсэу зыфэпIуагъэр Пантэлай ыщэмэ орэгушIо. ЕтIани ащ нахь мыхъурэм зэхэдз къысфешIыжьы... Олахьэ, Шъэуай, оркIэ,– Умар кIэгубжыхьажьы,– мыхъун а пшъэшъэжъыем изекIуакIэ! Ори утэрэзэп, Шъэуай!.. УзэрэмытэрэзыIр пшIэзэ, о лIышхом пшъэшъэжъыем Iэ фэошIы, огъэделэ... Ар Иван Хведоровичми къыпфидэнэп, сэрзы, Пантэлай ихьатыркIэ къыпфэсыдэхэнэп. Умыщх, умыщх, Шъэуай, Тхьэ нахь зымышIэрэ пшъэшъэжъыер къызэрэпIугушIуагъэр пшIодаушмэ, сэ ащ даушыгъэ хэслъагъорэп, джыдэдэм щегъэжьагъэу зыщыгъэгъупш, икъунба Пантэлай къехъулIагъэр, инасып темых.

Заулэрэ кIуагъэхэу Умарэ фэмыщыIэу къэупчIагъ:

– Адэ джэуап къэптыжьрэпи, Шъэуай?

– Олахьэ, Умар, а къызэрэпщыхъоуи салъэныкъоджэ щымыт. Сигъэр мафэхэм джа закъор арти гужьыдэгъэкIэу сиIагъэр, ежь Анфискэ пшъэшъэжъыем къызэрэшIомышIэу шIу слъэгъугъэ. Ау сэ сыхэт-сыхэмытми Пантелейрэ Анфискэрэ яIоф зэрэзэпыфэщтым щэч хэлъэп. Ахэм янасып къакIо пэт, зыгъэрыхьат, Алахьэм ащ нахьрэ къин джыри сигъогупэ къыщыспэкIэремыгъэф... Модэ пытэпIэ дэхьапIэм тыкъэсышъ, къэзэкъхэри Iуиз, уитхылъыпIэ къэгъэхьазыр. Тэ шъукIора заIоджэ, япIожьытыр ошIэ.

– СэшIэ,– Умарэ иджэуапи IупкIэ,– СултIан Къэнтатэ дэжь тэкIо. Ахэмэ ори, сэри ЛъэустэнхьаблэкIэ тыряIофышI, Къаймэти, Хьадж-Къэсэий, Сисури, Хъан-Джэрые янэ Бычэ

щыкIэкIыжьэу, ишъэожъыехэри ары, Сахьид-Джэрыий, Адыл-Джэрыий ацIэ къесIощт.

– Тэрэз, Умар,– зэнэгуещтыгъэ гумэкIым римыгъэгуцафэ шIоигъоу Шъэуае къыIуагъ: – Пщыгъупшагъэп. Мыхэмэ таблэкIымэ, тиIоф къикIынэу къысщэхъу.

– Тэрэз Шъэуай. Тхьэм ишIэ зыхэмылъ Iоф зетфэрэп, етIани шIу нэмыкI тыгу илъэп. Ау Качурэ къэзэкъым къытитыгъэ тхылъыпIэр къэгъэблагъ. Ащ плъэкъуацIэ СултIанкIэ итхагъэзы, зэреджэхэу, Мыхьамэт-Джэрые ядзэ хэтыгъи, тыдагъэхьащт...– ОшIэ-дэмышIэу Умарэ иш къызэтыригъэуцуагъ: – Хьа, джэнджэш горэ пшъхьэ къихьагъэу ара?

Шъэуае зыгъэгумэкIыщтыгъэм ышъхьэ къырихыгъ:

– Ыджа слъэкъуацIэу язгъэтхыгъэмрэ сцIэрэ тхылъыпIэм къырахымэ, Мыхьамэт-Джэрые сыриукIакIоу макъэ сфагъэIугъэшъы, сыкъашIэжьмэ сэIо...

– Ы-ы! Олахьэ къэпIуагъэр мыхъущт! Ащ уемыгупшысэу хьа гъогу тыкъытепщагъ, уимылъэкъуацIи ябгъэтхыгъ?

– Адыгэр ыужырэ акъыл, Умар.

– Ари шъыпкъэ. НэмыкIи къемыIолIэжь, тегупшысагъэп.

– НекIо, Умар, тызэдао пIонэу тыщымыгъэт, къэзэкъми гурышхъо къызфядгъэшIынэп.

– Ащыгъум, зыгорэкIэ къэзэкъмэ зыкъытшIуагъанэмэ, уицыхьэ къыстегъэлъ! Плъэгъугъэ ахэмэ Пашкэм дэжь сазэрэдэгущыIагъэр. Сэ сыуигъусэу угу умыгъэкIоды. Якъэзэкъ шъао къафэтщэжьыгъэу, сы яхьисапыр!.. Ситхылъыпlэ къыратхэгъэ дэдэри о уитхылъыпIи итхагъ, гъэшIэгъона СултIанкIэ зябгъэтхыгъэмэ, пцIэ патхэжьыгъэмэ... Iофыр ащ зынэсырэм, сэ ахэмэ сафэгъэзагъ... Хьалэ-балыкъ ясшIылIэн, Матвей атаманыр къязгъэгъэсын... ШIу афэтшIагъ нахь, сы тилажьэр, тязэуагъэп, тябэныгъэп. Сауж къиуцу, уитхылъыпIэ къэмыгъэлъагъу, сэсыер тфикъущт...– Заулэ тешIагъэу Умарэ къыпигъэхъожьыгъ: – ЕтIани, сызэрэолъэIущтыр ары, тIэкIу сыгубжыгъэзы, сымакъэ сэIэты пае гъакъышъо къыстемышт!

– Уизэфэгъэ-шъыпкъагъэ укъогушхукIыджэ гъакъышъо къыптесштэна, Умар,– игъусэ къыIуагъэхэр, пытэпIэ дэхьапIэм сыд къыщяхъулIагъэми, ежь ихыегъэ-зэфагъи къызэрэкъонэжьыщтым ицыхьэ телъэу Шъэуае къыригъэкIугъэх.

Хъожьыпlэ щагур ясэмэгукIэ алъэгъоу, Пшызэ лъэныкъокIэ къагъани, яджабгъукIэ щыт почтэ уцупIэм адыгэ шыуитIур блэкIыгъ – зыми къыгъэуцугъэхэп. ПытэпIэ дэхьапIэм къащыпэгъокIыгъэ къэзэкъитIури Умарэ итхылъыпIэ зеджэхэм, нэшIукIэ къыгъэплъагъэх, язым къыIуагъ:

– Они из мирных черкэсов, кунаки наши.

– Куды ехайтэ? – ятIонэрэр къэупчIагъ.

– Атаман Матвей ехай,– Умар зышIомыдэеу ариIожьыгъ.

– А-а-а,– къэзэкъми къыIуагъ: – Вин куды едытэ. Пропустытэ к атаману войсковому черкэсов. Айда, кунаки!

Къэзэкъмэ къэлэпчъэшхор афыIуапхъоти пытапIэм зыдахьэхэм, заулэрэ кIуагъэхэу, Умарэ гъумтIымыгъэ:

– Мыра сэIо абдзахэмэ Катаринэ пытапI аIоу тызыфагъалIэрэр? КъэшIыхьэгъай, угуIэмэ, дэкIыжьыгъуае пфэхъун. Джы тэ тыкIощт, Шъэуай?

– Мо чылысышхор олъэгъуа? – Шъэуае щхыпцIызэ, къамыщыпэмкIэ ыгъэплъагъ.– Ыджащ текIолIэт.

– Ашъыу, ар хъунэп, Шъэуай, сы чIэтшIыхьащт?

– Хъан-Джэрый зыщеджэрэ унэр мычыжьэу ащ къыгот.

– Адэ аущтэу Iоба, зиунагъо бэгъон, сыбгъэтхьауягъ... Унэ дэхэкIаехэри дашIыхьагъэх... Мощ ихатэ жъогъахэ, чэу дэгъукIи къэшIыхьагъ, имэкъу шэнджи ыгъэшэсыгъ, орэкъэзэкъ фаеми, лэжьэкIожъ ар. Модырэр? Мо зэ, Шъэуай, мо щагум даплъи, ар зэрэIыгъэкIыр, ылэжьыгъэп, зиунагъо бэгъон, цIыраужъкIэ зэхэкIыхьажьыгъэ, ибгъагъэ ятIэр къетэкъохыжьыгъ... Адэ зэ еплъи икъэлапчъэ Iупхэгъэ шыонэзэтелъыр зэрэзэтегъэпсыхьагъэм?

– Ари тиадыгэ мыпсэу-мылажьэмэ афэдэ горэнджи мэхъу.

– Тэмэм, Шъэуай. Тэри мыщ фэдэхэр тихъоих. Шым тегъэс, цIыраум хэгъэс зыфаIорэм фэдэх.

Урам къэгъэзэгъумкIэ ку макъэ къэIугъ, къыкъокIыгъэм Къаймэт къыипкIыгъ:

– Шъэуай! Шъыдым шъукъыдихьагъ мыщ!..

Онэгум Шъэуае зыридзыгъ.

Зыщыщыр ымышIэми, къапэгъокIыгъэ лIы од нэгушIом ыпашъхьэ иадыгагъэ щишхыжьына, фемыпсыхыныр Умарэ къыригъэкIугъэп.

Шыумэ ягухэлъ Къаймэт зыгурэIом, къыIуагъ:

– Хъан-Джэрые еджэгъу уахътэр ыухынджэ джыри шIукIае иI. ЕджапIэм шъуекIуалIэмэ, зыкъыхэзгъэщы сшIоигъопышъ, Шъэуай, къысфэгъэгъу, Хъан-Джэрые шъуIукIэн шъулъэкIыт.

– Зыкъыхэмыгъэщынэу, зиунагъо бэгъон, улIыба! – Умарэ зэхихыгъэр ыдагъэп.– Тэ мощ фэдиз чIыгур къызэпытчэу, къэзэкъ чылэмэ такъыдэкIэу, къэзэкъ шыумэ такъыблэкIэу, пщы кIалэр тхьынэу тыкъэкIуагъэп. Уиадыгагъэ умышхыжьы.

– КъысэпIуагъэр, нахьыжъ, къыстефэ, ау ори сикъызэхэшIыкI, сызэрыт чIыпIэм елъытыгъэу сикъэгущыIэ. СыкъэкIотэпи сIорэп, ау мафэ къэси унэм Хъан-Джэрые нэзыгъэсыжьырэр сэры. ЕджапIэм шъуесщэлIагъ язгъэIонэп сэIошъ ары.

– Армэ хъун...– Умари бырсыр къыпимыгъэкIэу игущыIэ зэкIихьажьыгъ.

– НэмыкI гори къыпфэсшIэн слъэкIыт,– Къаймэт ыгу зэбыяужьым тхьагъэпцIышъокIэ къеплъызэ, Шъэуае къыриIуагъ.

– Шъыд, Хъан-Джэрые дэжь укъыддэкIонджэ ущынэу,– Шъэуае ымакъэ хьажъ-гужъыгъэ хэмылъэу Умарэ фыреплъэкIыгъ, сесэмэркъэу къыригъэкIэу, IугушIуагъ,– къысфэпшIэн плъэкIытыр?

– Хъан-Джэрые фэдэу Сисурэ сабыеп, ышIэтым фит, ащджэ къыстыралъхьэрэр сихьылъэ, уIузгъэкIэн слъэкIыт.

– Сисурэ пIуи? – Шъэуае къызIуипхъотыгъ.– Ари мыщ дэса?..

– Сисурэ шъхьащымытэу Къэнтатэ жьы къыщэн ылъэкIыта Iори къысэупчI,– Къаймэти сэмэркъэу джэуап къытыжьыгъ, ишIушIэ нахь шIоIофэу къыухыжьыгъ: – Ар зысшIэн слъэкIытэр Къэнтатэ зызщигъэпсэфырэ щэджэгъо ужыр ары...

Гурэ псэрэ зэрэшIэ зыфаIорэр шъыпкъэ.

Хъан-Джэрые шъхьаныгъупчъэм зеплъым, гур къилъэпэрэпыкIэу, шыуитIумэ языр къышIэжьыгъ. Адыгэ шыумэ къагъэбырсырыгъэ къэзэкъ шъаомэ Хъан-Джэрые апымылъэу, бгъэм дэхъыкIыри къызхимыгъэщэу, Iасэу ыIэ къыIэтыгъ.



– Хъан-Джэрый, сыд къытапIомэ пшIоигъор? – адыгэ шыухэр ымылъэгъухэ фэдэу къэзэкъ шъэожъыехэр зыгъэIэсэжьыгъэ Толмачевыр къэупчIагъ.

– Василий Емельянович, мо шыухэр къыслъыкIуагъэх, классым сикIмэ хъущта?

– Хэт щыщых ахэр? – Толмачевыр къэгумэкIыгъ.

– Зыр, джа нахьыкIэр, сшы пIоми хъущт...– джы нэс зызыIажэщтыгъэ Хъан-Джэрые ымакъэ къэкIэзэзыгъ.– БэшIагъэ зысымылъэгъугъэр... СыолъэIу, сытIупщ.

– Аущтэу оIомэ, кIо,– зызыпхъотагъэу, классым чIэчъыщтыгъэ Хъан-Джэрые Толмачевыр лъыджэжьыгъ: – Чыжьэу уIумыкI.

Хъан-Джэрые ичъэ дыхэтэу, зыкъызэришIэжьыгъэр хэпшIыкIэу, къызэтеуцуагъ. ЕтIанэ имынэIосэ лIым, нахьыжъым дэжькIэ зигъази сэлам рихыгъ, ыIапэ ыубытыгъ. Ащ ыуж псынкIэу зыкъызэригъэзэкIи, Шъэуае ыбгъэ зыкIидзагъ.

Пщы кIэлэ гъэшIуагъэм фэкъолIымкIэ изекIуакIэ шIогъэшIэгъонэу Умарэ ушъхьагъу къыгъотыгъ.

– ШъугущыI ащыгъум шъо... Сэ шымэ яныбэпхыхэр згъэлэнлэных.

Шъэуаерэ Хъан-Джэрыерэ чэу лъэпсэ тIысыпIэм тетIысхьагъэх. Шъэуае къэупчIагъ:

– Уиеджэн шъыдэу хъурэ, Хъан-Джэрый?

– Уезэгъыт, садэхъу.

– Уадэхъу къодыя?

– КъыстекIохэри ахэт, ау нахьыбэр къызтезгъакIорэп.

– Дэгъу, Хъан-Джэрый, дэгъу, едж, уеджэмэ, угъэсагъэмэ,– Шъэуае хэщэтыкIыгъ,– къыпшъхьапэжьыт, Мыхьамэт-Джэрые тхьамыкIэм ыIо зэпытыгъ, зыдигъэзэжьыгъэм Алахьэм шIу щешI. Шъыд шъуикъэбар? Къэнтат нанэр узынчъэба, шъыдэу щыт?

– Нани, зэкIэри дэгъутыгъэ,– Хъан-Джэрыий хэщэтыкIыгъ,– тятэджэ тхьамыкIагъор къытэмыхъулIэгъагъэмэ... Нанэ угу емыгъабгъ, Шъэуай. Орэп, сэ сэшIэ тятэ зэкIодылIагъэр!..

Зэмыжэгъэ шъхьэих гущыIэм Шъэуае къыкIигъэщтагъ:

– Сэрымырмэ, тэ щыпшIэра? Мышъэфмэ, хэт?

– КъыосIон, ау пшIошъ хъунэп.

– Шъыпкъэмэ, шъыд пай сшIошъы мыхъун.

– Бамбэт!.. Шапсыгъэ Бамбэт ары сятэ иукIакIор...

– Шъыд пае сшIошъы мыхъун,– джыри Шъэуае къыкIиIотыкIыжьыгъ,– ыджа зыцIэ къепIуагъэр ары сэри зытеслъхьэрэр... Уятэ, Мыхьамэт-Джэрые, зыукIыгъэр Бамбэт! – Нахь мэкъэ теубытагъэкIэ Шъэуае къыухыжьыгъ. Зэпыугъо тIэкIу тыригъашIи, къеупчIыгъ: – Сэ Бамбэт сэзгъаIорэм къэбарыбэ пылъ шъхьаеджэ, Хьан-Джэрый, оры, о шъыд ащ ыцIэ къызыкIепIуагъэр?

– Сисурэ дэжь псэлъыхъо къызехьэм, ицыебгъэ чыIу къыпылэлэу зелъэгъум, джары ушъузынчъэмэ къыохъулIэтыр ыIуи, иджыбэ къырихыгъэ чанымкIэ пиупкIыгъагъ... Ар тятэ ичаныгъ!.. СшIэжьыгъэ сэ... ТыжьынкI шIолъыгъ...

– Мыхьамэт-Джэрые ичан сэ Iэджри къысIэкIэфагъ, слъэгъугъэмэ къэсшIэжьытыгъ... ыкIэлъэныкъо тыжьын телъыгъ... Адырэр дышъагъэ. Узэгушхъуагъэр шъыпкъэджэ сенэгуе. Ау ащ изэхэфын къэблэгъагъ, щэIагъэ къызхэжъугъаф. Къэнтат нанэм сфеIожь: Васюринскэм щыщ къэзэкъ шъаом Пантелей ыцIэу лъэхъу аIуагъэшъ, зыми ерэмылъэIужь, Абдзахэ щыщ Бэджэкъо Умарэрэ сэрырэ зыемэ аIэкIэдгъэхьажьыгъ. Арышъ, Хьан-Джэрый, зыцIэ къепIуагъэмджэ ухэукъуагъэп, Шапсыгъэ Бамбэт иIэшIагъ... ЕтIани Мыхьамэт-Джэрые игъонэмысэу шым къыхьыжьыным ыпэджэ Васюринскэм сызэрэщаIыгъыгъэр Къэнтат нанэм сфеIожь...

Щэджэгъоужмэ адэжь Къаймэтрэ Умарэрэ шитIур яIэдэжьэу адырэ чэу къопэ мычыжьэм щызэдэгущыIэх.

Шъэуаерэ Сисурэрэ мыдырэ чэу лъагэр азыфагоу гопэ сэлам зэрахыжьы.

– Зы мафэджи, зы сыхьат закъоджи усщыгъупшагъэп, Сисур,– Шъэуае ыIуагъ.

– Сэри ары, Шъэуай. Мыхьамэт-Джэрыеджэ уимыхьакъ къызыптыралъхьэм, сшIошъ хъугъэп, уизэфэгъэ-шъыпкъагъэ сыщигъэIагъ, сыгу уизгъэкIыгъэп, сыожагъ, джы къэнэжьыгъэми сыкъыожэт.

– Тхьэуегъэпсэу, Сисур,– Шъэуае ымакъэ къыIэпызыгъ.

Сисурэ ынэкIушъхьэмэ къахихыгъ, къэуплъыжьыгъэх, ынэ шIуцIэ дахэмэ нэпсыр къакIэтэкъугъ, зызэрэшIэхэрэ илъэс пчъагъэм къырымыгъэкIущтыгъэр ышIагъ: Iаби Шъэуай ыIитIу ыфызыгъ, зыгорэм тырихыжьыщтым фэдэу тенэгуикIызэ, Iэ ащифагъ, ыгукIи лъытхъожьзэ, риIуагъ:

– КIо, сыпсэ закъу, уигъусэмэ ахэхьажь. Нахьыжъмэ апашъхьэ емыкIу къыщытэхьы... Ощ нахьрэ гушIуагъорэ гугъапIэрэ мы дунаим щысиIэп...

Бамбэт фэгъэхьыгъэ мышIугъэ горэ Шъэуае IукIыжьызэ ыгу къыпылъэдэгъагъ, ау лIыгур зыгъэушкъоирэ гущыIэ фабэмэ ауж Сисурэ фызэплъэкIыжьэу зи феIожьышъугъэп.

## IX

Къылыщтыку темэным щыхъугъэ тхьамыкIагъом ыуж къэзэкъ лъэныкъор джы нахь мамыр фэдагъэми, шапсыгъэ шъолъырым чылэгъо хасэмэ мафэ къэси закъыщаIэты. ЗэкIэми ашIырэ унашъор зы – Шапсыгъэ хэсапшъэм елбэтэу изэхэщэн кIэдэух.

Шапсыгъэ шыу минып темэным зэрэхэкIодагъэм изакъоп, къяхъулIэгъэ шъхьакIор шхыжьыгъо имыфэхэзэ, ерагъэу заIажэщтыгъэми, Власовым идзэ Пшызэ къызэрэзэпырыкIыгъэр, мэзыр зэрэтыраупкIырэр, псыхъом пэблэгъэ чылэхэр зэрэтырагъэстыкIыхэрэр, нахьыпэм фэмыдэу джы къэзэкъмэ адыгэмэ закъызэратырагъэпщыхьэрэр, ажэ къымыхьэу ашIошъхьакIу.

Урысые пачъыхьэм илIыкIо де-Скаси адыгэмэ къафэдэгъу нахь мышIэми, ищысыкIэ-гугъуемылIыкIэ къырагъэкIурэп, Анапэ дэс Хьасан-пашэми зы лъэныкъом адыгэхэмкIэ, адырэ лъэныкъом къэзэкъхэмкIэ итIогобзэгуагъэ шъхьэихыгъэу тегущыIэх. Абдзахэхэми, бжъэдыгъухэми, кIэмгуехэми, мэхъошхэми, убыххэми, ялъэпкъэгъу шапсыгъэхэр, нэтыхъуаехэр зыщыунэхъурэ мафэхэм, тэ къызэрэднэсыгъэхэу ахэми къэзэкъхэр анэсыщтых аIозэ, ядэгу-псыгугъэ ежьхэмкIэ зэгорэм къазэрэфызэкIэожьыщтыри афадзы, анахь апэчыжьэ Бэслъыныехэми анэсых, абадзэхэри адагъакIо, хы ШIуцIэ нэпкъымкIэ къапэгъунэгъу джыгэт-абхъазхэми агу ябгъэ.

КIымафэр зэ къэсэу Пшызэ узэрикIыщт мыл лъэмыджым игъо къэхъугъэмэ, къэзэкъхэмкIэ тыгу жьы дэдгъэкIыщтыгъэ зыIохэри хьакIэщмэ арысыгъэх, урам чэу къуапэмэ аIутыгъэх, зекIо шыу купмэ ахэтыгъэх. Ащ фэдэ зэпыщытыкIэр, зэмышIу-зэфычIэплъыныр зымыдэрэ цIыфхэри мэкIагъэп.

Чылэгъо хасэмэ, хьакlэщмэ, чэу къуапэмэ, куп зэхэтмэ къэзэкъмэ афэгъэхьыгъэу ащаlорэр зэкlэ, хамыгъахъомэ хамыгъэзэу, а мафэм е а чэщым тыжьын бетакъкlэ Пшызэ джабгъу изылъэсыкlхэри щыlагъэх. А зы къэбарыр тырку лъэныкъом, Анапэ дэс Хьасан-пашэм рахьылlэжьэу, тlо ащэжьэуи къыхэкlыщтыгъэ. Къумалы зекlуакlэр адыгэмэ язакъоп зинэрыгъыгъэр, ащкlэ къэзэкъхэри шlугъэхэп, курень утыгум щаштэрэ унашъор учъыlыжьыгъо рамыгъафэу сэмэгу нэпкъым, ежь къэзэкъмэ зэраlощтыгъэу, улэупкlэ дэгъукlэ къафызэпырахыщтыгъэ.

Кавказымкlэ Урысыем идзэпащэ Ермолов генералыр Чэчэным щыlэми, зи къырагъэлырэп — Власовым изэо гухэлъ пстэухэмкlи къыкъотышъ, дунай нэфым пый адыгэмэ афытетыхэмэ, яапэрэ пый мэхъаджэу алъытэ.

Агой Пщымафэ шы лъэмакъэмэ унэм ращыгъ. Плъэмэ, анахьыжъищыр апэ итэу, шыу тlокl фэдиз лъэхъу цlыкlукlэ чылапшъэмкlэ къекlы. Гумэкlыгъо щыlэмэ ыlуи, Пщымафэ къыкlэщтагъ, ау ащ фэдэ къэбар тыгъуаси, непи Нашъхьэ къыдэтэджагъэп. Чылэ хасэм къэкlох ыlонти, блэкlыгъэ тхьамафэм щыlагъ, нэмыкl чылэгъо зэlукlэмэ ащашlыгъэ унашъомэ адырагъэштагъ. Шапсыгъэ хэсапшъэм къэзэрэфых ыlомэ, ар зыщызэхащэ хэбзэ Мыжъоф чlыпlэм мэфэныкъо гъогукlэ къыблэкlыгъэх. Тыгъужъыкъо Къызбэч сымэджаплъэ къыфэкlох ыlонти, бэшlагъэ ылъэ къызтеуцожьыгъэр, Шапсыгъэ, адыгэ гумэкlмэ ари зэрамыдзэу щытэп, чылэгъо хэсэ заулэми рагъэблэгъэгъагъ, къащыгущыlагъ, ишlошlи ариlуагъ. Чылэр зыщымыгъозэ къэбар мыхъун горэ, хэт ышlэра тикlэлэхэу гу стырмэ ашlэщтыр, Нашъхьэ къыдахьэмэ шlэ?.. Ау, Тхьэм зэриlонэу, ащ фэдашъо шыумэ атетэп.

Шыу пащэхэр Пщымафэ ышlэжьыгъэх,— Хъорэлlыкъо Мэрчан, Щырыхъукъо Тыгъужъ, Абэтэ Бэслъыный, зы лlыхэу адыгэ шъолъырым исмэ ащыщых. Шыу купыр нахь къызэблэгъаlом, Пщымафэ ынэмэ къапэшlофагъэр гъэшlэгъоны: анахьыжъмэ ауж ит шыу сатырмэ зымафэ зыбгъодэкlыжьыгъэгъэ Шъэуаерэ Умарэрэ ахилъэгъуагъ. Ярэби, сыда митlур мыхэмэ къахэзыхьагъэр, зыгорэкlэ яlоф къадэмыхъугъэмэ шlэ, ыlуагъ. Етlанэ чъыlэ-чъыlэу Бамбэт ышъхьэ къечъагъ, зэнэгуерэр шыу купмэ захемылъагъом, ежь-ежьырэу гушlожьыгъэ.



Шыу купыр Тыгъужъыкъо Къызбэч ишышlоlумэ аблэкlыгъэп. Къызбэч щагум къызыдэкlым, шыухэр фепсыхыгъэх. lэ джабгъур Къызбэч диlэтаий, бгъэгу сэмэгум тырилъхьэзэ, ыпашъхьэ итыр зэкlэ къызэдыригъэубытэу, шыу нахьыжъмэ шlуфэс арихыгъ:

— Фэсапщи, шъукъеблагъ.

— Тхьэуегъэпсэу, Къызбэч, шlукlэ тыкъегъэблагъ,— шыу купмэ ацlэкlэ Мэрчанэ джэуап къытыжьыгъ,— тэ купышlу тэхъу.

— Купышlу шъохъумэ, Мэрчан, сихьакlэщи шъуифэн, чылэми шъудэфэн. Некlо, шъукъеблагъ.

— Олахьэ, Къызбэч, щысын гухэлъ тимыl,— Щырыхъукъом къыlуагъ,— ау тызылъэгъурэм гухэлъышlу тимыlэ къыщыдгъэхъоу уикъэлапчъэ тыlутынэп, тикъызыфэкlуагъэри тигъусэ нахьыкlэмэ ашlотыушъэфынэп, ахэми зэхахэу къыотlон.

— Сыкъэдаlо, Тыгъужъ.

— Уищысыкlэ тыгу еlурэп, Къызбэч,— Щырыхъукъом къызеlом, къэдаlохэрэр, зыфахьыщтыр амышlэу, зэплъыгъэх, Агой Пщымафи, фэкъолl заулэу къыlухьагъэхэри Къызбэч къыгоуцуагъэх, Шъэуаий, Умари, нэмыкl шыу зытlущи а лъэныкъомкlэ агъэзагъ.

Мэрчанэ ылэшхо къыlэтыгъ:

— Зэ, зэ, Тыгъужъ, уигущыlакlэ сыгу еlурэп. Къызбэч дэжь упчlэжьакlо тыкъэкlуагъ нахь, тегыинэу, дгъэсэжьынэу тыкъэкlуагъэп.

— Мыхъун сlуагъэмэ, Мэрчан, къысфэгъэгъу,— Щырыхъукъо Тыгъужъ къызхимыгъэщэу гукlэ щхыпцlыгъэ, ащыгъум ыlуагъ: — Къылыщ темэным къыщытэхъулlагъэмкlэ серэмыгъэмыс.

— Мыщ ыпэкlи къыосlогъагъ, Тыгъужъ,— Мэрчанэ игущыlэ пидзэжьыгъ,— джыри къыосэlо: угущыlэным ыпэкlэ угу тэlункlэжь. Къылыщтыку тэмэнымкlэ тилажьэ зыгорэм къыздебгъэгощынэу уемыжь. Хъущтыр хъугъахэ, ащ фэдэ тапэкlэ къызэрэтэмыхъулlэжьыщтым тэжъугъэгупшыс...

Мэрчанэ къыlуагъэр зыгу римыхьыгъэ мэкъэ зэетlуаехэри щытмэ къахэlукlыгъ, зи къэзымыlоу гукlэ адезгъаштэхэри анэгукlэ къахэщыгъ. Гущыlэ зэфэдзым къикlыщтым паплъэщтыгъэхэри щыlагъэх. Абэтэ Бэслъыный зэхихыгъэр зыфихьын ышlэрэп, нахьыжъмэ азыфагу

къыдэтэджэгъэ гущыIэ къызэфэдз-зэфэдзыжьым зы лъэныкъор ыгъэмысэу, адырэбгъур ыгъэхыеу, хэгущыIэныр къыригъэкIурэп.

– Мыхэмэ сыдым шъуафихьыгъа? – Пщымафэ къыгоуцогъэ Шъэуае еIушъэшъагъ.

– Ашъыу, ыджа тыздэщыIагъэм тыкъикIыжьызэ, мы шыу купмэ таIуупIагъэти, некIо заIом, тшъхьэ итлъэшъожьыныя, такъыдежьагъ. Умари Iоф хэсыдзагъ...

– Сэ сыIофэп, Шъэуай...– Умарэ гъумтIымыгъэ.– Мы адыгэ зэпеомэ, ярэби, саукIы.

Сахаплъэшъ, ХъорэлIыкъо Мэрчан, Абэтэ Бэслъыныерэ, Щырыхъукъо Тыгъужъ захэпхыжьыкIэ, ТыгъужъыкъоКъызбэч гукIэ ыIуагъ, сыдэу мыхэр зэщымыщ зэхэпхагъэх. Агой гъунэгъур къызызгоуцом, къысфэкIогъэ шыумэ къахэкIхи къыздезгъэштэгъэ лIитIури хэт щыщха? Нахь ныбжьыкIэр зыщыслъэгъугъэр къэсшIэжьрэп. СултIан Мыхьамэт-Джэрые ифэкъолIэу къызыдырищэкIыщтыгъэр ары фэдэу къысщэхъу... Ары шъхьакIэ, укIакIо фэхъугъэр щымыIэжьэу арыба зэрэзэхэтхыгъагъэр? Сыда ащ нахь хэмылъэу митIур гъусэ къызыкIысфэхъугъэр? Мыдырэ лIы къопцIэшхори хэт щыщ?.. Сымыгъуащэмэ, митIур ары зымафэ Пщымафэ зигугъу къысфишIыгъагъэхэр... Шапсыгъэ Бамбэти ахэслъагъорэп.

– Тэгупшысэщт шъхьакIэ, Мэрчан,– адыкIэ, агъунэ дэдэкIэ щыт Пэшъукъ къэмыджэн ылъэкIыгъэп,– Тыгъужъыкъо Къызбэч тхьамэтэфом къэзэкъмэ тызщамыгъэIэжьрэ лъэхъан пэщэныгъэ къызэрэдызэримыхьэрэм, Щырыхъукъо Тыгъужъ тхьамэтэфом изакъоп, тэри тегъэгумэкIы.

– Ора сэIо, Къэгъэзэжь? – Мэрчанэ зымакъэ къышIэжьыгъэм Хъан-Джэрые тыригъэнэгъэ цIэр римыIоу ыцIэ шъыпкъэкIэ еджагъ.

– Тэмэм, Мэрчан,– Пэшъукъ ыцIэ шъыпкъэр къызэрэраIуагъэр игуап,– уигъунэгъу Къэгъэзэжь ары, Къызбэч нахьыжъыфоми емыкIу къытферэмышI джэуап къытэрэт.

– ЗэрэхъурэмкIэ, Тыгъужъ,– Мэрчанэ мыгузажъоу, шъхьэшхор пшъэм къехьылъэкIба уигъаIоу, зызэригъэзэкIыгъ,– садэжь укъызыIохьэм, угу илъыр шъхьафэу, къысэпIуагъэр нэмыкIэу, Абэтэ Бэслъыныери сэбгъэгъэшэхъуи, зимафэ мэфишъэ хъун Тыгъужъыкъо Къызбэч дэжь тыкъепщэжьагъ... Уигухэлъ къытэпIотэгъагъэмэ, Къызбэч угу зэребгъэрэр тэбгъэшIэгъагъэмэ, тэ тишIошIи мы Iофым хэтлъхьаныгъи, ау Абэтэ Бэслъыные ыIощтыр сшIэрэп, къытэпшIагъэр сэ лIыжъыфом зэспэсыжьырэп, тинепэрэ Iоф ыджащ щысэухы. Уигубгъэн сигубгъэны, Къызбэч,– Мэрчанэ зыхэтмэ къахэкIышъ, Къызбэч гоуцо.

– Сэри, Къызбэч, уишъхьакIо сишъхьакIо,– Абэтэ Бэслъыный зыхэтмэ къахэкIыжьыгъ.

Шыу тIокIым щыщэу нэбгырий нахь Щырыхъукъо Тыгъужъ къыкъомынэжьэу адырэхэр зэкIэ Къызбэч дэжькIэ уцугъэх.

Щырыхъукъо Тыгъужъ къыIуагъ:

– Олахьэ, Мэрчан, мы зыфапIорэр сшхьэ къимыхьагъ сэ... Ори, Бэслъыный, шъхьакIо къыосхынэу симыхьисапыгъ...

– Тыгъужъ,– Пэшъукъ пэгъунэгъу лIы нэгые горэм къыдзыгъ,– мыхъун зэхэтхыгъэп, зымыухыижь!

– ТызгъэгумэкIырэр тыушъэфырэп! – НэмыкIми къыдыригъэштагъ.

– Щыжъугъэт!..– Щырыхъукъо Тыгъужъи ыкIыб дэтмэ, нэхэягъэ хэмылъэу, афызэплъэкIыгъ.

– Мыдэ зэ! – Къызбэч ыIэ къыIэти, ридзыхыжьыгъ: – Сикъэлапчъэ, сихьакIэщ пчъэIупэ гузэмышIуныгъэ тазыфагу къыщыдэхьаным сыфэягъэп, ау Iофым фэхъугъэ лъапсэм тIэкIу шъущыгъуазэшъ, сэ ащ еплъыкIэу фысиIэр сыушъэфынэп. УадэжькIэ къысфырябгъэхыгъэ къэбарыри мызэумытIоу, Тыгъужъ, къызнагъэсыжьыгъ. КъыохъулIагъэр къызэкIэрыожьыкIэ, уегъэсымэджэжькIэ сыд пае сыгу къыобгъэн... Сэ Iофым сыкъыхэмыхьажьми, къончъэу, лIынчъэу, тынчъэу къэнэгъэ ныхэми, шъузабэхэми сабыйхэми агу дэхъыкIырэр оркIи сэркIи, паIо зыщыгъ пстэоу къэнагъэхэмкIэ тфикъун. Ау сэ къысэхьылъэкIри къэсIон: адыгэ шыухэр фэмыхьазырхэу Пшызэ зэпырышъущыгъэх. ПшъхьэкIэ узщымыгъозэ чIыпIэм къыпщыгугъырэ цIыфхэр имыщагъэмэ нахьышIугъ. КъызгурэIо, зыкIи уохъугъэба пIоу къысфэудзынкIи мэхъу. КъыстэкIохэуи сатэкIоуи къыхэкIыгъ, ау адыгэ хьэдэ мин хымэчI къисынагъэп. ЕтIани ахэмэ сыд якIодыкI?..

ЧылапшъэмкIэ къичъырэ шыум зэпэуцугъэ купитIумэ ашъхьэ аригъэпхъотагъ, къэбарышIу къызэримыхьрэм зыкIыныгъэ къахилъхьэу онэгу заригъэшIыгъ.

КъыIулъэдэгъэ шыур къепсыхыгъэп, къяджагъ:

– Мардж хъужьын! Тичылэхэр Власэм тырегъэстыкIы!..
– Джары сэ сIорэр сэзгъаIорэр!..– Щырыхъукъо Тыгъужь къызIуипхъотыгъ.
– Къэзэкъхэр къыттэбгъэгушхуагъэх!..– ФэкъолI горэми фидзыжьыгъ.
– Шъузэмыдыргъ! – Тыгъужъыкъо Къызбэчи къыфыдащыгъэ шым ешэсыгъ, зэхихыгъэр ыдагъэп.– Модэ чылэмэ, елбэт, макъэ яжъугъэIу! Лъэрыгъым зылъапэ изыгъэуцон зылъэкIыщтыр МэркIотх, Къэзай, Аргъэд чылэмкIэ къэрэшэсых!
Къэбар гомыIур къыздэхьэгъэ Нашъхьэ чылэм сыхьати тешIэгъагъэпщтын, шыу уIэшыгъэ шъищым къехъу зэуж-зэлъычъэхэу зыдэлъэтхэм. Ахэмэ аужи шыу зырызхэр итых. Къэбарыр зэрагъэIугъэ чылагъохэми къадэчъыгъэ шыухэри мыдырэхэм афэдэхэу тхьамыкIагъор зыдэщыIэ лъэныкъомкIэ зэрэфых. Мэз Iапчъэмэ къачIэчъхэри макIэп. ШиплI зыкIэшIэгъэ топыри, шыуищ ыуж итыжьэу, агъачъэ.
Шъэуаерэ Умарэрэ зыкIыгъумэ ауж зыкъырагъанэрэп. Шы зэрэхь-зэрэф макъэ нэмыкI къахэIукIырэп. «Шъуеужьыр, шъуеужьыр» макъэр шыумэ ашъхьащыт, шапсыгъэжьым щызэрехьэ. ЧыжьэкIэ, тхышъхьэ кIыбымкIэ, Пшызэ лъэныкъомкIэ шхончыо макъэхэр къыщэIух. Загъорэ мыбэ дэдэхэу топхэри щызэбгырэух.
ЗэгъокIы фэдэу Шъэуае къызыщыхъурэм, Умарэ реIо:
– Умар, сыолъэIу, мэз Iапчъэм тызычIахьэрэм, Абдзахэ гъэзэжь.
Умар шым ичъэ зэтыреIажэ:
– Сы пшъхьэ къибгъахьэрэр!..
– Сэ сыIофэп, Умар, сыунагъоп-сыджэгогъоп зэраIоу... Зыгорэ къытэхъулIэмэ, егъэшIэрэ пщыныжьэу Бабунэ тхьамыкIэм ыпашъхьэ...
– Тыпсаоу тымыгъэтIылъыжь, Шъэуай! СэбгъэшIэнэу зыфапIори ныом къысфидэнэп. Гъусэ сызфэхъугъэ лIыхэми сыдынэкIэ сябгъэплъыжьын! Тхьэм ыIуагъэр хъун... Арэп сэ сызэгупшысэрэр...
– Шъыд адэ?
– Тыгъоснахьыпэ къэзэкъмэ тырякъонакъыгъ, джы непэ къытэзэожьых. Сы ар къызхэкIырэр?.. Сэрмэ... Пшызэ тикIыни, тязэощт пIогъагъэмэ, пфэсыдэщтыгъэп!.. Джы хъущтыр орэхъу, унэ къеIэрэм ыпсэ уеIэжьыщт. Паденкэ къонакъми, Качурэми, адырэ Ткаченкэми сисэшхо тичIыгу щафесыдзыхынэп. Ахэр хэгъэкIи, Пантэлай Iялэр къыщыспэуцужьымэ, сIапшъи сысынэп!.. Абдзахэ гъэзэжь, ныом ыкъогъу зыкъогъэбылъхьажь къысэоIо... Сыадыгэба, сичIыгуба, зиунагъо бэгъон, къэсыухъумэрэр!
– Адыгэхэр зыщыунэхъурэ сыхьатым,– Умарэ ыбгъукIэ Пэшъукъ къыголъади, къыдзыгъ,– сыд гущыIа шъузыхэтыр?
– Хэт ишъхьаубат сэIо мыр! – Умарэ къыголъэдагъэм фыреплъэкIыгъэп, иш ичъэ римыгъэхъущтыгъэмэ, щигъакIэщтыгъэп.
– Шъэуай, уигъусэ сыкъеушъхьакIу! ЫжэкIэ-пакIэ сеплъынэп!..
– Iялэ, ужэ скIэрых,– Умари гугъуемылIэу фидзыжьыгъ,– зыкъыспымыгъапкI, ащ укъыблэкIымэ, онэгум уизгъэукIорэикIын.
– Зэхэпхыгъа, Пэшъукъ, къыуаIуагъэр?! – Шъэуае голъэдэнэу зежьэм, Пэшъукъ иш ригъэлъи, къызэджэкIыгъ.
– Ар сэ зэхэсхыгъэ, ау Шапсыгъэ Бамбэт о къыуишIэщтыр нэмыкI!
– Хьа мо жэмачыум зыкъытпигъапкIэрэ?
– ЗыцIэ къыриIуагъэм ипыщэгъумэ ащыщ.
– Е-е, дунай, дунэе нэф,– Умарэ къыхэкуукIыгъ,– дэу хьалэмэтыеу узэхэлъ!..
Тхышъхьэм зытелъадэхэм, машIом зэлъиштэгъэ Къэзай чылэр къэлъэгъуагъ. Ащ къыдэчъыгъэ цIыфхэр – лъэсыр лъэсэу, кур коу, шыур шыоу – IэпыIэгъур къыздикIырэ лъэныкъомкIэ къэзэрэфых. Нахьыбэр бзылъфыгъэ, цIыкIухэр аIыгъ. Жъыми, кIэми, ябын-унагъохэр къаухъумэжьхэщтын, паIо зыщыгъ лъэпкъ къэлъагъорэп. Фэхыгъэ зиIэ ныхэр, зимылъку, зиунэ, зибылым машIом хэстыхьэрэ бзылъфыгъэхэр къагъанэрэм фызэплъэкIыжьых, ныохэр яIэжэгъухэми, зэрэгъэкуох, зацунтхъэжьы, ясабыйхэр зэтегъэжьых. МашIом, цIыф бырсырым ыгъэщтэгъэ былымхэри мэбыух, хьэхэри мэпцIэух.
Бзылъфыгъэ купмэ аIэжэрэ ныоу хьажъущырыр зыбгъэгу чIэлъым закъыIэпеуты, тхьамыкIагъом ечъэрэ шыумэ къапэгъочъы, къегъэлъагъо:
– Мары, мы хьажъущыр закъор ары къысфэнэжьыгъэр! СилIыжъ, скъо, синысэ!..– КIегъэпцIыикIышъ мэкуо: – Сисабый цIыкIуитIу гущэ аукIыгъ!.. Сыд сэ джы дунаим сытетыжькIэ!.. Сыд бэлахь тэ къэзэкъмэ къытфахьыгъэр...

Зэрэпсаоу машӀом зэлъиштэгъэ Къэзай чылэм шыухэр зыдэлъадэхэм, мыстырэ уни, къакъыри, кони, чэумэ ащыкӀэкӀыжьэу, дэтэп. ЦӀыф укӀыгъэхэр, бзылъфыгъи, хъулъфыгъи, пшъэшъэжъыий, шъэожъыий пчъэӀупэмэ аӀулъых, чэу лъапсэмэ акӀэрылъых. Анaбэхэр къигъэугъэх, ашъхьэхэр къутагъэх. Зынэ ракӀыгъи зышъхьэ паупкӀыгъи ахэт. МашӀом Ӏэлы хэхъухьэгъэ былымхэм щагухэр, хатэхэр къырачъыхьакӀы, чэт-тхьачэтхэр чъыг шъхьапэмэ якӀужьыгъэх. Мэлыц лыгъуамэр, къамыл стафэр, лъы кӀочӀамэр жьым тыдэкӀи щыхэт.

Къэзэкъмэ яжъалымыгъэ укӀэупчӀэжьынэу, зэбгъэшӀэжьынэу щымытыгъэми, дашъхьагъэр къэзыӀотэжьынэу лӀитӀу ныӀэп Къэзай чылэшхом къыдэкӀыжьыгъэр. Ахэми уӀэгъэ хьылъэхэр ателъыгъэх. Зым, анахьыжъым, ыӀэнтэгъу пыпхыкӀыгъэ щегъэжьагъэу еупкӀэхыгъагъ, адырэ нахьыкӀэр къэмыгущыӀэшъоу ыжэпкъ хъэдэн шӀуцӀэ пытэкӀэ кӀэпхэгъагъ, къэмэ къыихыгъэр ыӀэдакъэ джыри зэрэчӀэлъыгъ.

— Тыгъужъ,— Къызбэч къыӀуагъ,— елбэт, Пшызэ екӀужьрэ къэзэкъмэ апэ МэркӀотхыкӀэ къыщызэпышъуч. Агой Пщымафэрэ сэрырэ чъыгэе мэзым дэжь такъыщыпэтӀысыщт. Мэрчанэрэ Шъэуаерэ мыщ шъукъыдан. Модырэ чылитӀоу тырагъэстыкӀыгъэмэ, Бэслъыный, шъуафакӀу, ӀэпыӀэгъу шъуафэхъу. ШъурямыщыкӀагъэ хъумэ, тыздакӀорэр шъошӀэ, тауж шъукъихьажьын. Шъори ары, Шъэуай… Мэрчэнэ нахьыжъым шъунаӀэ тэжъугъэт, имыщыкӀагъэу къэзэкъмэ апэӀушъумыдз… Мы зыжэпкъ кӀэпхагъэм, амал иӀэп нахь, зыгорэ къытиӀо шӀоигъу.

Умарэ шым къепсыхыгъ, зыжэпкъ кӀэпхагъэм риӀуагъ:

— Ӏялэ, моу сызэгъэплъ… Сыкъыоплъызы, уидагъо сегуцафэ…— Шъхьэр, къыдыригъаштэзэ, къыфэзгъэсысыщтыгъэм ихъэдэн Умарэ къызетӀатэм, фэкъолӀым ыжэпкъ къыкӀэзыгъ, ыцэ Ӏуутыгъищи къыдэзыгъ.— Цэмэ яӀугъэуцожьынкӀэ къыоcӀон сшӀэрэп, ау мыщ игъэтэрэзыжьын зыуи арэп…— ӀэгушъоuшхомкӀэ зэкӀиубытэгъэ жэпкъыр зэ дэдзыегъукӀэ Ӏуигъэуцожьыгъ.

— Зимафэ мэфишъэ хъун нахьыжъ,— зыжэпкъ агъэтэрэзыжьыгъэм къызӀуипхъотыгъ,— тхьэуегъэпсэу, сыгу жьы дэбгъэкӀыгъи!.. Мыщ нахьрэ дагъо симыӀэу силэгъумэ сакъыхэзыгъ…— ЕтӀанэ псынкӀэу Къызбэч зыфигъэзагъ: — КъыуасӀомэ сшӀоигъуагъэр ары, тхьамэтэфо… Власэ инэралыжъри мыщ дэтыгъ, Табанец къэзэкъ джэфыжъ гори игъусагъ… Сабый, бзылъфыгъ, нахьыкӀ, нахьыжъ аӀощтыгъэп, цӀыфыпсэ зыхэт зыӀэкӀагъэкӀыщтыгъэп… Шхонч лъэбкӀэ сыжэпкъ кӀэзыутыгъэми ыцӀэ сэшӀэ… Забрайнэ нэгу плъыжьыжъыр ары!

— Забруйнэмэ шӀэ? — Къызбэч къеупчӀыжьыгъ.

— Ары, ары, тхьамэтэфо! Ыджары, а хьам къылъфыгъэм зэреджэщтыгъэхэр…

— О пцӀэр сыд адэ?

— Гъэзэуат!

— ЦӀэ дэгъу уиӀ,— Къызбэч ыӀуагъ.— Къэшэс ащыгъум, Гъэзэуат!

## X

Урысыем иӀэкӀыб къэрал Ӏофхэм апылъ къулыкъушӀапӀэм адыгэ шъолъырымкӀэ илӀыкӀо де-Скаси мыгузажъоу щагум къыдахьэу шъхьаныгъупчъэмкӀэ Къэнтатэ зелъэгъум, зыфихьын ымышӀэу ыгъэшӀэгъуагъ.

— А Сисур,— плӀэӀум идзэгъэ шъхьэтехъо къолэн дахэр ыгъэтэрэзыжьзэ, Къэнтатэ джагъэ,— модэ, Къаймэт де-Скаси пэгъэгъокӀ, тадэжь къакӀоджэ сенэгуе. Унэм къысфищ, сэмэуарыри къягъэгъэхьазыр, хьалыжъо шъаби къягъэгъэжъ.

Ӏоф имыӀагъэмэ, Къэнтатэ джыри зыпыутхыпкӀыхьажьызэ ыӀуагъ, мы дунэе отӀэ-псытӀэм къыхэхьащтыгъэп. Файтонри ытӀупщыжьыгъ, уахътэ иӀэу къычӀэкӀын. Де-Скаси цӀыф гъэшӀэгъон, гугъуемылӀ гор. Адыгэхэмрэ къэзэкъхэмрэ зэмызэофэкӀэ хъожьыпӀэ щагухэр къафызэӀусэхы, зыфэныкъохэр зыщагъотыщт бэдзэрхэмкӀэ зэсэщалӀэх, зэсэгъэшӀух ыӀозэ, зигъэзэщырэп, зызыщигъэтхъэжьри нахьыб. «Адыгэмэ атемыфэрэр афэогъэкӀуатэ, къэзэкъхэр дэдзых ошӀых, типыймэ къяогъэушъхьакӀух, къэуухъумэхэрэп» къезыӀорэмэ къахахъо нахь, ахэкӀырэп. Хэт къыпэуцужьми, зиӀизын згъэцэкӀэрэ урысые пачъыхьэм сырилӀыкӀу еӀошъ, ажэ зэтырарегъалъхьэ. Ау зы нэбгыр, Власов генералыр ары, адыгэхэмкӀэ фэмыгъэдэӀошъурэр.

Де-Скаси пчъаблэм зэрэдилъагъоу, Къэнтатэ нэгушӀоу фэтэджыгъ:

— Къеблагъ, Рафаил Афгустинович, къеблагъ. ХьакӀэшхо тиӀ.

Къэнтатэ дэжь къэмысыпэу, джэхэшъо гузэгум де-Скаси къыщызэтеуцуагъ, Iэ едзыхыгъэ шъхьэгъэщкIэ шIуфэс къыхыгъ.

– Узэрэслъэгъурэр, Канитат Асхад-Гиреевна, сигуапэ.– ЕтIанэ шъхьэгъэщ псынкIэкIэ джыри къыпигъэхъожьыгъ: – Уадэжь сыкъызэрэкIощтымкIэ макъэ къыозгъэIугъэп, къысфэгъэгъу.

– Сигуапэ садэжь укъызэрихьагъэр, мыхъун пшIагъэп, къэтIыс.

– Тхьэуегъэпсэу, сигуапэуи сыкъэтIысын Iизын къысэптымэ, бэшIагъэ тызэрэзэрэмылъэгъугъэри, сигуапэуи тызэдэгущыIэн. Шъуифэтэр сеплъышъ, нэшIу уиI, Канитат Асхад-Гиреевна, нэфын, гуIэтыпI, фабэ. Къэзэкъыдзэ еджапIэми пэчыжьэп.

– НэшIу сиIэми сшIэрэп, Рафаил Августинович,– Къэнтатэ къыраIуагъэр зэригуапэр ынэгу къыхэщыгъ,– мы фэтэрыр Григорий Кондратьевичыр ары къытфязгъэгъотыгъэр. Тэри тыгу еIу, зыфэтыубытыгъэ Хъан-Джэрыий ыгу рехьы. Унэхэри хъуау-пщаух, щагури иныы, еджапIэри чыжьэп, гъунэгъу дэгъухэри тиIэх. Модырэ унэ кIэлъэныкъом еджапIэм хьисапымкIэ икIэлэегъэджэ Иван Матвеевич Сбитневымрэ урысыбзэр языгъэхьырэ Василий Емельянович Толмачевымрэ къыддычIэсых. ТIури цIыфышIух. Хъан-Джэрые идесэ горэ къин къызэрэфэхъоу афачъэ, къыдэIэпыIэх. ЕджапIэм иIэшъхьэтет Кирилл Васильевич Россинскэри тпэмычыжьэу, урам къэгъэзэгъум дэжь, щэпсэу. Къаймэтрэ Хьадж-Къэсэйрэ зыдихьын ымышIэу, «черкесы-кунаки» къариIоу Капустенкэ къэзэкъ лIы шIагъо гори тихэтэ цыпэ къыпис, гъэпсэфыгъо тIэкIу къызыфыхэкIырэм, къыдеджэрэ ишъэожъые Игнати тадэжь къэчъэ зэпыт.

– Къэзэкъмэ шъуазэрэхэзэгъагъэр, пытапIэм шъузэрэдэзэгъагъэр, Канитат Асхад-Гиреевна, лъэшэу сигуапэ. Зыгу зэфэмышIу бгъуитIумэ, щысэкIэ шъуясэгъэлъэгъу.

– Тхьэуегъэпсэу, Рафаил Августинович. ТыкъызэхашIыкIа?

– Ащ фэдэхэри щыIэх,– зиупчIэ сакъыныгъэ хэлъ бзылъфыгъэм джэуап шъхьэихыгъэкIэ темыбанэу де-Скаси къыIуагъ,– фэмыдэхэри макIэп.

– ТыкъызэхэзымышIыкIыхэрэр талъэныкъокIэ нахыбэщтын!



– Мы лъэныкъоми ахэр щымакIэхэу къызщымыгъэхъу,– де-Скаси идэбжъыкъу шIуцIэ мысысэу ынэгу къуапцIэ щхыпэ макIэ рычъагъ, къыIуагъэм кIэух къыфишIыжьыгъ: – Ау тидунай бырсыр хэти щиIони, щишIэни щегъоты, зэкIэри гъэрэзэгъуай.

Адыгэхэми, къэзэкъхэми аIу-амыIоми, Къэнтатэ гукIэ щхыпцIыгъэ, мы де-Скаси цIыф гъэшIэгъон. Сэ бэрэ сыIумыкIэми, мыр ящэ гущыIэгъу сызэрэфэхъурэр, сыд фэдэ къэбар фагъэIуми, шъыпкъэ хэмылъэу щытэпщтын. ИIуплъи, итеплъи тхьагъэпцIыгъэнчъ. Пачъыхьэм урилыкIо зыхъукIэ, зэмылъэпкъэгъумэ азыфагу удэты зыхъукIэ, ащ фэдэ шапхъэ зэрэуиIэн фаер зыщигъэгъупшэрэп. КъыIорэм шъхьащиIулIэжьырэп, гупшысэгъу къыпфегъанэ. Ар къэзэкъхэмкIи, адыгэхэмкIи зыди зымыди щыI. «КъытапIо пшIоигъор, къаIо» зыIори макIэп. БгъуитIумэ азыфагу зыдэкIуадэри нахьыб. Ау сыд фэдиз раIолIагъэми, рихьыжьэгъэ Iофыр зыдынигъэсыщтым нимыгъэсэу, анахь къаигъагъэ къыщыфыхэкIыми, зэшIуимыхэу къыпшIокIыщтэп аIо. Сигуапэ, ащ фэдэ къотэгъу гори адыгэхэмкIэ зэрэтиIэр дэгъу...

– Адэ, Рафаил Агустинович, къызгурэIо,– Къэнтатэ игупшысэ чъэрмэ къахэужьэу къыраIокIыгъэм иджэуап къытыжьыгъ,– цIыф пстэуми ятеплъэ-Iуплъэ зэрэзэмыхьащырэу, язэхэшIыкIи зэфэдэп. Мы зигугъу къыпфэсшIыгъэ къэзэкъхэми ащ фэдэ горэ ахэт, тыфэлъэгъурэп, сэлам къыхыным ычIыпIэкIэ мэгъумытIымы, Хъан-Джэрые гущыIэ мышIухэр къыфедзы...

– Къысфэгъэгъу, Канитат Асхад-Гиреевна,–де-Скаси щхыпцIызэ къыIуагъ,– зыцIэ къемыIорэр Табанецым ишIупщ арыкIэ сенэгуе.

– Ары, Рафаил Августинович, гу лъыптагъ, Трофим Кудинович Забруйнэр ары.

– Забруйнэ есаулым,– джыри де-Скаси щхыпцIыгъэ,– адыгэ тебгъаплъэ пакIо, игугъу фэпшIы хъущтэп... ИкIэлэгъум адыгэмэ якIуи, ылъакъо къызэрэзэпаутыгъагъэр афигъэгъурэпщтын...

– Ари Трофим Кудиновичым ыушъэфырэп, имысагъэ тырегъэмысэжьы,– тIэкIу тыригъашIи къыпидзэжьыгъ: – Зэзакъу ныIэп Трофим Кудиновичым гущыIэгъу сызэрэфэхъугъагъэр, Хъан-Джэрые къэзэкъыдзэ гимназием зэрэщеджэрэр ымыдэ зэхъум, сшы къэзэкъыдзэм хэтэу

Урысыем фэзаозэ зэрэфэхыгъэр, Хъан-Джэрые ятэ Мыхьамэт-Джэрые урысыбгъур зэриштагъэм пае зэраукIыгъэр зезгъэшIэжьын сIуи Забруйнэ есаулым зесэIом, шъукъыдгохьанэу тышъолъэIугъагъэп ыIуи, сыкъызэриушъхьакIурэр игуапэу къысфидзыжьыгъагъ. Ау, зэхэшIыкI зимыIэм, зыгу къытфэмышIум, Рафаил Августинович, сыд пае сыгу езгъэбгъэн,— шъхьалъытэжьыгъэ шъэбагъэкIэ Къэнтатэ игущыIэ къыухыжьыгъ, зэпыугъо фимышIэу, фэсакъзэ, къеупчIыгъ: — Ау лъэгъун уимыIэу тадэжь укъэкIуагъэпщтын, Рафаил Августинович?

Сэмэуар стырыр Сисурэ унэм къырихьагъ, дэпкъым кIэрыт Iэнэ шъхьафым тыригъэуцуагъ, щай зэрешъощтхэ Iэгубжъэ зэрытитIумрэ хьалыжъо фабэхэр зэрыз лагъэмрэ зытет нэмыкI Iанэр Къэнтатэрэ хьакIэмрэ азыфагу дигъэуцуагъ, щаир къафыригъахъуи, унэм икIыжьыгъ.

— УзгъэгумэкIырэм иIоф ыуж зепфэныр емыкIопщтын, Канитат Асхад-Гиреевна,— де-Скаси раIокIыгъэ упчIэм иджэуап чыжьэкIэ къыригъэжьагъ: — Узгъэгумэк Iын закI тидунай. ШъуалъэныкъокIэ, адыгэхэмрэ къэзэкъхэмрэ адэжькIэ, сыкъагъакIо зэхъум къызэрэсшIошIыщтыгъэу Iофыр къычIэмыкIыжьыгъэми, сыкъызэрэшъухэхьагъэм сырыкIэгъожьырэп. Шъыпкъэр пIон хъумэ, къэзэкъмэ, я II-рэ Екатеринэ пачъыхьэм илъэхъан щегъэжьагъэу, тIэкIу сащыгъозагъ, адыгэмэ, француз-итальян къэкIухьакIомэ араIуалIэрэм фэшъхьаф хэшIыкI афысиIагъэп. Джы сшъхьэкIэ слъэгъугъэх, нэмыкI цIыф лъэпкъэу сшIэрэмэ ялъытыгъэмэ, дунаир зыгъэбаин шIогъаби ахэслъэгъуагъ, Забруйнэ, Табанец, Власов къэзэкъмэ зэраIоу, ары пакIошъ, Ермоловым къызэрэшIошIэу адыгэхэр щытхэп. ЯчIыгу къагъэгъунэшъ, ежьхэм зыкъаухъумэжьышъ, цIыф Iэлхэк Iэ, тыгъуакIохэкIэ, хъункIакIохэкIэ яджэх.

— ЦIыф Iэл къытэзыIорэм, хэт щыщми, дезгъаштэрэп,— Къэнтатэ мэкъэ теубытагъэкIэ къыIуагъ, етIанэ блэкIыгъэ мазэм ихьакIэ адыгэмэ къырашIагъэр ыгу къэкIыжьэу сэмэркъэуи шъыпкъи хэлъэу къыпигъэхъожьыгъ,— адырэ тыгъохэрэп зыфапIорэмкIэ къыбдесымыгъэштэныекIи мэхъу, Рафаил Августинович, а узщытхъурэ адыгэхэр къыомытыгъожьыгъагъэхэмэ...

Къэнтатэ къыIуагъэр шъыпкъагъэми, де-Скаси ыдагъэп:

— Къэзэкъхэр тыгъохэрэба? Француз-итальянхэр мэлэIичха?



— Сыд пае, Рафаил Августинович, тымышIэрэ цIыф лъэпкъымэ татегущыIэн,— Къэнтатэ къызэреупчIыгъэхэ француз-итальянцэхэмкIэ, къэзэкъхэр зышъхьащигъэгъупшыкIэу, тырицIэлэжьы фэдэу зишIыгъ,— тызщыгъуазэмэ язакъоми, ятIолIэн дгъотыщт.

— АщкIэ къыбдесэгъаштэ, ау узщымыгъуазэу зыфэпIогъэ француз-итальянцэмэ ащыщыр игуапэу уапашъхьэ зэрисыри зыщымыгъэгъупш,— зызэриубыжьри тIэкIу игуапэу де-Скаси щхыгъэ, етIанэ зыкъиушIэжьи, къыIуагъ: — Къызэрэсэтыгъуагъэхэр шъыпкъэ, ау зытеслъхьэгъагъэмэ ягунахь къэсхыгъ. Сисэшхуи, сишхончи зымафэ згъотыжьыгъэ.

— СыпфэгушIо, Рафаил Августинович, къэбар дэгъу зэхэсэбгъэхыгъ,— Къэнтатэ игуапэу къыIуагъ.— Сыдэущтэу бгъотыжьыгъэх?

— Ямыхьакъ зытеслъхьагъэмэ зытыгъугъэм къырагъэхьыжьыгъ.

— ЕтIани о адыгэмэ дэйкIэ атебгъэгущыIэнхэу уфаеп.

— Адыгэмэ тыгъуакIо ахэмытэу сIорэп. Ау къысэтыгъуагъэр къэзэкъэу къычIэкIыгъ. Ары, ары, Канитат Асхад-Гиреевна, умыгъэшIагъо. СиIашэхэр Пашкэ бэдзэрым щищэхэзэ, ионэш зэрэтесэу къысфафыгъ. Тыгъогъэбзэджагъэр къыздызезыхьагъэм уегуцэфэнэп, сишыIыгъ къэзэкъэу къычIэкIыгъ. Ау, къысфэгъэгъу, Канитат Асхад-Гиреевна, а къэбарыр арэп уадэжь сыкъызфэкIуагъэр, хъущтыр хъугъахэ, симылъку згъотыжьыгъэ, сишыIыгъи Iусфыгъ, зимыхьакъ зытеслъхьагъэхэми къысфагъэгъунэу сялъэIугъ, непэ сызгъэгумэкIырэр фэшъхьаф. АдыгэхэмкIэ Власов генералым изекIокIэ-гъэпсыкIэ сыгу еIурэп. Пшызэ зэпырыкIыр, чылэ тегъэстыкIхэр зыщимыгъэтыкIэ, бгъуитIумкIи тызхэмыкIыжьын бэлахь тыхэфэщт. Матвеев атаманым дзэпэщагъор Ермоловым зыIихыгъэм щегъэжьагъэу адыгэ-къэзэкъ зэпэуцур нахь дэй хъугъэ. Зымэфэрэ Пшызэ зэпырыщыгъом адыгэмэ татекIуагъ, джыри татекIощт еIо шъхьакIэ, лые къытихыгъ. Шапсыгъэмэ, нэтыхъуаемэ зыкъаIэтыгъ, мамыркIэ тлъытэщтыгъэ бжъэдыгъухэри агоуцох, абдзахэхэми адэрэп. Тыркуми Инджылызми къэбарыр анэсыгъ... Нэтыхъое лIэкъолъэш Шыгъот Къэлэубати, ари къытпэблагъэмэ ащыщыгъ, ичылэхэр къэзэкъмэ зэрэтырагъэстыкIыгъэм, имылъку зэрэзэрапхъуагъэм пае, жэрыIо къодыеу щымытэу, итхьа-

усыхэ тхылъыпIи къысIэкIигъэхьагъ. Ащ фэдэ тхылъыпIэхэр Стамбули, Лондони, Санкт-Петербурги аригъэхьынэу игъусэгъэ шыхьатмэ зэхаригъэхэу къысиIуагъ.

– Бащэ, Рафаил Августинович,– Къэнтатэ къыраIорэр имыщыпэзэхэхыгъэми, фэмыщыIэу де-Скаси зэпигъэугъ,– мы къапIорэр зэкIэ гугъэузы... Сыд гущэкIэ сэ ахэмэ Iэзэгъу сафэхъун...– тIэкIу тыригъашIи, хэт ышIэра сапашъхьэ исым игухэлъыр ыIорэм фэдэу, зиухыижьыгъ: – БгъуитIури тэрэзэу зекIорэп. Адыгэхэм уцужьыгъашъо зытыраштагъэти, къэзэкъхэр къежьагъэх.

– Ары, ары, Канитат Асхад-Гиреевна, мызгъэгу къэзэкъхэр, Власовым икуп, мысэ.

– А сшIэ гущэрэп... БгъуитIури мысэ, зэ орэуцужьых!..– Ныо IокIэ дэдэкIэ, зэрэгуащэр щыгъупшэжьэу, Къэнтатэ къыIуи, кIэух къыфишIыжьыгъ: – Ахэмэ орырэ сэрырэ Iэжэгъу тафэхъун тлъэкIыщтэп, зигугъу тшIырэмэ азыфагу пачъыхьэ акъыл дэмыхьэу уцущтхэп.

– Сэри джа еплъыкIэм тесыубытагъэшъ, типачъыхьэ, Апэрэ Александрэм сыфэтхэнэу, адыгэмэ ятхьаусыхэ, сэ сишIошIи кIыгъужьэу, есхьылIэнэу исхъухьагъ. ТыкъызэхишIыкIымэ, Власов, Ермолов генералмэ яадыгэ нэмыплъ стыр тIэкIу къыгъэучъыIын,– ащ нахьрэ адыгэ-къэзэкъ Iофмэ Къэнтатэ атемыгущыIэжьы шIоигъуагъэти, пчъэмкIэ лъэмакъэ къызэIум, гушIуагъэ. Пчъаблэм дилъэгъогъэ Хъан-Джэрые Къэнтатэ къызэлъигъэнэфыгъ, ау пщы шъаом темыбанэу, зэрырагъэсагъэр къыушыхьатэу, хьакIэм сэлам рыригъэхыгъ, нэIуасэ урысыбзэкIэ фишIыгъ:

– ТихьакIэ ыцIэр, сикIал, Рафаил Августинович, ылъэкъуацIэр де-Скаси, ти Урысые пачъыхьэ илIыкIоу талъэныкъокIэ щыIэр ары.

– НэIуасэ тызэрэзэфэхъугъэр сигуапэ, Рафаил Августинович,– Хъан-Джэрые къыIуи, къыфэтэджыгъэ лIыкIом шъхьэкIафэ зыфешIыжь уж къыкIэлъыкIогъэ гущыIэмэ Къэнтат нэнэжъыр агъэгушIуагъ.– Уигугъу шIукIэ, Рафаил Августинович, бэрэ зэхэтэхы.

– Тхьэуегъэпсэу, Хъан-Джэрый,– де-Скаси шъхьагъэщ лъытэ къыфишIыжьыгъ, зэхихыгъэр игуапэми, «сигугъу шIукIэ къэзыIорэм ар елъытыгъ», сэмэркъэукIэ риIожьы шIоигъуагъ шъхьакIэ, пщы шъэо нэгушIом ыпашъхьэ къыщыримыгъэкIоу, къытефэрэ джэуапыр ритыжьыгъ: – ТызэмынэIосагъэми, сэри уигугъу бэрэ зэхэсхыгъэ, дэгъоу



уеджэ аIуагъэшъ, уянэжъ, укъызхэкIыгъэ лIакъор огъэразэшъ, лъэшэу сигуапэ. Едж, Iэдэб зыхэгъэлъ, Урысые хэгъэгури, адыгэ хэгъэгури шIу лъэгъу, тIуми афэшъыпкъ.

– Тхьэуегъэпсэу, Рафаил Августинович,– Хъан-Джэрые джыри шъхьэгъэсыс лъытэ хьакIэм фишIыгъ, Къэнтат нанэм дэжькIэ плъагъэ.

– КIо, сикIал, зытIэкIыжь, шхэ. Хьалыжъо шъэбэ дэгъу тфагъэжъагъэшъ, уишъэогъу Капустенкэ Игнати хэмын, шъуджэгухэмэ, шъуидесэхэр зэдэшъушIыжьых.

Хъан-Джэрые унэм зекIыжьым, де-Скаси къыIуагъ:

– Пщы шъэо гъэсагъ, Iэдэб хэлъ, лIы хэкIыщт.

– Тхьэуегъэпсэу, Рафаил Августинович.

– ЕтIани адыгэ Iэл къышъуаIо...– Де-Скаси гъумтIымыгъэ, гум илъ шъыпкъэри къымыIон ылъэкIыгъэп: – Къэзэкъмэ къышъуашIэрэ мышIапхъэр зыфэдэр зицыхьэ къыстелъ пачъыхьэм фэстхыщт. Ащ Iо хэлъыжьэп, тесыубытагъ! Тхьэуегъэпсэу, Канитат Асхад-Гиреевна, дэгъоу тыщысыгъ, тыгущыIагъ, уиуахътэ зэщызгъэкъуагъэмэ, къысфэгъэгъу. СигумэкIыгъохэр къызэрэптезгъэуагъэхэмкIи емыкIу къысфэмышI. Шъуищагъ шъуихьалыжъуи IэшIугъэ. УиIизын хэлъэу шъхьащэ къызфэсэгъэшIыжь.

Де-Скаси игущыIэ къызеухым, Къэнтати къыIуагъ:

– Лъэлу къыпфысиI, Рафаил Августинович, сыкъызэхэшIыкI.

– СыкъэдаIо, Канитат Асхад-Гиреевна.

– ТызэрыгущыIэгъэ адыгэ-къэзэкъ Iофхэр тазыфагу къыдэнэжьхэ сшIоигъуагъ. Сэ ахэр симыIофхэуи самыгъэгумэкIэуи къызщымыгъэхъу. СынитIу яз сепыижьына? СэркIэ лъэныкъуитIури зэфэзгъэдэ сшIоигъуагъ. Ау етIани, къысфэгъэгъу, адыгэмэ къяхъулIэрэмкIэ сыгу мыузын ылъэкIыщтэп. Урысые пачъыхьэм тыкъызэхишIыкIымэ дэгъу, тыкъызэхимышIыкIымэ, сыд сиамал, тыгу тытеIункIэжьын... КъытэхьылъэкIыми, сшынахьыжъи ащ ыкъуи зытетыгъэ гъогум тытекIынэп. Ар сэIо шъхьакIэ, Хъан-Джэрые къэхъоу, изэхэшIыкI зыкъиIэтмэ, тшIагъэмкIэ, едгъэшIагъэмкIэ къытэдэожьыщтми сшIэрэп... УкъызхэкIыгъэ, узщыщ адыгэхэр мытхъэхэу тхъагъо бгъотыгъэкIи къыпфишIэнэп...– Къэнтатэ къыIуагъэмэ ащыщтыхьажьэу зыкъиишIэжьыгъ, псынкIэуи зыкъигъэтэрэзыжьыгъ.– Сэ мы шъэожьыер, Хъан-Джэрые пщы шъаор, зыхэсщагъэмэ,

зэхэдз тимыӀэу, ахэзгъэзагъэ сшӀоигъуагъ. ЫшнахьыкӀэ цӀыкӀухэри къылъэкӀох, кӀырэплъых.

– Къызгурыӏуагъ, Канитат Асхад-Гиреевна. Сэ джау, шъуищыӏакӀэ, Хъан-Джэрые иеджакӀэ зэзгъашӀэ сшӀоигъоу шъуадэжь сыкъихьэгъагъ. Зыми тырыгущыӀагъэп, тыте-гущыӀагъэп.

Де-Скаси унэм икӀыжьи джыри щагум дэкӀыжьыгъа-гъэпщтын Къэнтатэ игупшысэ зэпеохэм зыкъызжэхатэ-къожьым. Тыжьын бэщышъхьэм телъ ӀэгушъуитӀумкӀэ пкъы од ищыгъэр риӀыгъэу, игупшысэ-плъызыгъэ нэмыкӀ дунаим темытыжьэу щыс. Унэм изакъоу къызинэкӀэ, ренэу зыкӀэдэӀукӀырэ сыхьат макъэри зэхихыжьрэп. Пщэмэ къакъоугъэ щэджэгъоуж тыгъэри мыфэбэ-мычъыӀэу, охътэ кӀэкӀыкӀэ ынэгу къызэрэкӀэпсагъэри зэхишӀагъэп. Забруйнэ есаулыр зыдэщыс чэу пэкӀэ лъэныкъомкӀэ бзылъ-фыгъэ цӀэцӀэ макъэ горэми зыкъыщипхъуати зэрэкӀо-дыжьыгъэри зэхихыгъэп.

Де-Скаси гухэлъ дэй къысфыриӀэу къысфыкъокӀыгъа-гъэпщтын, Къэнтатэ зегъэрэхьаты, зыгъэгумэкӀырэм ышъхьэ къысфырихыгъ – ар зэкӀэми ариӀоу къекӀокӀырэп-щтын... Ащ зи хэлъэп, ау ащ фэдэ ӀофкӀэ садэжь къэмы-кӀогъагъэмэ нахьышӀугъ... Де-Скаси цыхьэшӀэгъу имыӀэу дунаим тетэп, сеупчӀыжьыгъэти, къыздыригъэштагъ ыӀоу нэмыкӀ горэм риӀуатэмэ, тызхэмыкӀыжьын лажьэ тыхэфэн... Сыд сэ адыгэхэр къэсэухъумэкӀэ, къысашӀэщтыр Мыхьамэт-ДжэрыекӀэ къысашӀэгъах. Шъэуае тхьамыкӀэми имыхьакъ тырысагъэлъхьагъ, ыгу чъыӀэ къысфашӀыгъ. МыжъуитӀур чъыӀэ пэтми зэщыпхъомэ, азфагу мэшӀуачэр къыдехы. Мыщ къызэкӀоми зыкъысӀуигъэкӀагъэп. Чатэм пиупкӀырэр мэкӀыжьы, жэм пиупкӀыгъэр кӀыжьырэп зэраӀуа-гъэр шъыпкъэ. Зи умыӀомэ, уиӀоф зыми хэмылъхьэмэ нахьышӀу... Ары шъхьакӀэ, Власов генералым адыгэмэ зи къаригъэлырэп! Афэшъуашэр ятэшӀэ аӀокӀэ, лажьэ зиӀи зимыӀи зэдэбгъэкӀон нахь хэлъба!

Пчъэ макъэм Къэнтатэ къыкӀигъэщтагъэми, Хъан-Джэрые зелъэгъум, игупшысэмэ къазэрэхэужьыгъэр игуапэу, нэшӀукӀэ еплъыгъ.

– КъакӀо, сикӀал, къакӀо,– етӀани игый шъабэ Хъан-Джэрые имызакъоу риӀокӀыгъ: – Шъыдэу шъуащыщ къыслъимыхьэу бэрэ пэжъугъэлъыгъ. Моу къакӀуи, сикӀал, къэтӀыс, непэрэзымафэм тэрэзэу сыптеплъагъэп, сыпфэ-зэщыгъ. Шъыд непэ гимназием къызэрэщыоупчӀыгъэхэр, къыщыпхьыгъэр?

– Непэ зэзакъу ныӀэп къызэрэсэупчӀыгъэхэр.

– ПӀэ пӀэтыгъэба? Зыкъябгъэлъэгъугъэба?

– СӀи сӀэтыгъэ, згъэсысыгъэ ыджи.

– Адэ шъыд, сикӀал? – Ренэу зэнэгуерэ гурышхъор къышӀутекӀоу Къэнтатэ къэупчӀагъ.

– Нан, зыгъэрэхьат,– нэнэжъым икъэупчӀакӀэ къикӀы-рэр къыгурыӀуагъэу, Хъан-Джэрые джэуап ытыжьыгъ,– зэкӀэри дэгъу. ПӀэ пӀэты, бгъэсысы къэсми, къыоупчӀы зэпытытхэп ныӀа. Дэеу еджэхэрэмэ непэ нахь яупчӀыгъэх, къырафэкӀыгъэх.

– Армэ хъун,– джы нахь гупсэфэу Къэнтатэ къыӀуагъ.– О шъыд къызэрэоупчӀыгъэхэр? Къэпхьыгъэр?

– Урысыбзэ къеджэнымджэ Василий Емельяновичым «дэгъу дэдэ» сфигъэуцугъ.

– Аферэм, сикӀал.

– Сэ сизакъоп, нан, Игнати ары.

– Ащи аферэм есэӀо.– ТӀэкӀу тыригъашӀи, шъэожъыем ыгу къыӀэты шӀоигъоу къыухыжьыгъ: – «Дэгъу дэдэ» къэ-пхьы къэси, сикӀал, сыогъэгушӀо.

– «Дэгъу» къодые къэсхьымэ? – Къэнтатэ зэмыжэгъэ упчӀэ тхьагъэпцӀышъо Хъан-Джэрые къытыгъ.

– «Дэгъори» хъут,– гукӀэ зэрэщхыпцӀыгъэр Къэнтатэ къызхигъэщыгъэп,– ау узхэтымэ захэбгъэпытахьытымэ, «дэгъу дэдэджэ» уеджэмэ нахьышӀу.

– Къэзэкъ шъаохэр еджэнымджэ къыстекӀонхэджэ ощына, нэнэжъ? – Хъан-Джэрые иошӀэ-дэмышӀэ упчӀэ Къэнтатэ шъхьэр къыригъэӀэтыгъ.

– Ар пӀоу, сикӀал,– Къэнтатэ игумэкӀ ымакъэ къыхэ-щыгъ,– убгъэ къимыгъэпш, ппэ дэмыдзый, узхэтмэ уямы-пэгэкӀ. Ащ фэдэхэр сикӀасэп, ори пшынахьыкӀэхэми, скӀэрычыгъэ хъугъэ пшынахьыжъ Къырым-Джэрыий къышъухэзгъэфэтэп,– зыцӀэ къыриӀогъэ нахьыжъыр мы-лъкукӀэ къэдаоу зэрэригъэжьагъэр ымышӀахэу къыӀэкӀэӀуа-къомэ ыӀуи, псынкӀэу нэмыкӀ гущыӀэ Къэнтатэ техьэу къэупчӀагъ: – Тэ щыӀ сэӀо Сисурэ? Шъыдэу зыкъимыгъэ-лъагъора?

Хъан-Джэрые щхыпцӀыгъэ.

– Шъыд, сикӀал, узыфэщхырэр?

– Сисурэ зигъэдахэу гъунджэм кӀэрысышъ ары.

– ЗыӀуплъэжьыт, Ӏэпэ Ӏупсджэ ынапцэмэ арыкӀот пае джы нэс гъунджэм кӀэрысына? – Къэнтатэ зэхихыгъэр ыгъэшӀэгъуагъ, ау зэмыжагъэу къыфадзыгъэм зыкъыригъэшӀэжьэу шыхьаткӀэ теуцожьыгъ.

– Орба зымафэ, нан, нэкӀущыфэр Сисурэ къыфэзыщэфыгъэр? Адэ шъыд, нан?

– Ари тэмэм, сикӀал...– Къэнтатэ ымакъэ хэпшӀыкӀэу къефэхыгъ,– ежь-ежьырэу зэриӀожьыгъ: – УныбжьыкӀэ хъумэ угуи къыдэчъыт, гъунджэми укӀэрысыт, унапци дэпщэет, зыбгъэдэхэт... Тэр гущэм ар джы тэ къитхыжьын...– хьылъэу хэщэтыкӀыгъ, зыкъыишӀэжьзэ къэлъэӀуагъ: – А Хъан-Джэрый, Сисурэ урицахьышӀэгъушъ, зыгорэджэ Шъэуае къыфыкъокӀынэу ошӀэмэ, сшӀомыушъэфэу къысаӀу, сищыкӀагъ. Мыщ ыпэрэм фэдэу, тадэжь къызегъэзэжьым, гущыӀэ Ӏае есымыӀонджэ усэгъэгугъэ.

– Нан,– лӀы макъэ зыригъэшӀэу Хъан-Джэрые янэжъ ыпашъхьэ апэрэу къыщыхэгубжьыкӀыгъ,– Сисурэрэ Шъэуаерэ якъэбарджэ укъысэмыупчӀынэу тызэзэгъыгъэба?!

– Тызэзэгъыгъ, сикӀал,– Хъан-Джэрые ымакъэ ӀэтыгъэщагъэмкӀ, лӀыгъэ къызэрэзыхигъафэрэр Къэнтатэ игуапэу хигъэкӀокӀэжьыгъ,– тӀорэ пстэури жъышъхьэм къыубытыжьыщтыгъэмэ...– хэплъызыкӀэу заулэрэ зыщэс уж къэупчӀагъ: – Уидесэхэр пшӀыжьыгъэха, сикӀал?

– БэшӀагъэ. Сэри сыкъыоупчӀы сшӀоигъу, нан,– фэсакъызэ, Хъан-Джэрые къыӀуагъ,– имыщыкӀагъэмэ, джэуап къемытыжь, сыгу къыобгъэтэп.

– Пшъхьэ къыубытынэу пшӀосыушъэфын щыӀэпышъ, сикӀал, земыгъэукӀахь.

– Шъыда де-Скаси тадэжь къызкӀэкӀогъагъэр?

– Де-Скаси тэ тизакъоп, Ӏаджми адэжь макӀо. УкъыкӀэупчӀагъэшъ,– Къэнтатэ щхыпцӀыгъэ,– ащкӀэ тызэмызэгъыгъэ нахь мышӀэми, пшӀосыушъэфынэп, къыосӀон. Адыгэ Ӏофмэ агъэгумэкӀы.

– Къэзэкъ Ӏофмэ агъэгумэкӀырэба? – къыраӀуагъэм ежэщтыгъэ пӀонэу Хъан-Джэрые къэупчӀагъ.

– Адыгэ Ӏофхэмрэ къэзэкъ Ӏофхэмрэ непэрэмджэ зэгопхын плъэкӀытэп, сикӀал. Къэзэкъ Ӏофмэ ягугъуи къышӀыгъ, ыгъэгумэкӀырэп пӀони плъэкӀынэп... Ау адыгэ Ӏофмэ нахь агъэгумэкӀэу сыхэплъагъ,– де-Скасирэ ежьырырэ азыфагу дэлъыгъэ адыгэ-къэзэкъ Ӏофым ышъхьэ Хъан-Джэрые фырихыгъэп.



– Джы къызгурэӀо къэзэкъмэ де-Скаси алъэгъу зыкӀэмыхъурэр...– Хъан-Джэрые нахь мэкъэ шъабэкӀэ къыӀуагъ.

– Ар о тэ щыпшӀэра? – Къэнтатэ щтэгъэ нэгукӀэ къэупчӀагъ.

– Гимназием щеджэрэ къэзэкъ шъаомэ аӀоу зэхэсхыгъэ... Тищагу де-Скаси дэкӀыжьы зэхъум, Забруйнэ есаулыри гъумтӀымыгъэ, зыгорэхэри кӀэлъыиӀотыгъэ... Тэри, Игнатрэ сэрырэ, къытфэгубжьыгъ.

– Шъыд къышъуиӀуагъ? – аужрэ гущыӀэмэ Къэнтатэ иупчӀэ зыкъырагъэпхъотагъ.

– Сэрэп, Игнат ары къызфэгубжьыгъэр. Черкес-басурманым кӀуапӀэ сыкъемыгъэшӀ къыриӀуагъ, тыкъыӀуифыгъ.

– Мэхъэджэжъ, хьэлъэщэжъ, ащ ыжэ къыдэкӀыгъэр!..– зэпыугъо тӀэкӀукӀэ Къэнтатэ къыкӀэщтэжьыгъэу къеӀо: – А сикӀал, а нынэ, а гущыӀэм тэрджэ мыхъун хэлъэп, тыбыслъымэн къекӀы.

– Апэрэджэ огугъа, нан, а гущыӀэр зызэхэсхырэр? – Хъан-Джэрые зигъэлӀэу щхыпцӀыгъэ.

– Тхьэ къысауи, тыд зыщызэхэпхыгъэр? – Къэнтатэ джыри нахь къыкӀэщтагъ.

– Шыхэр псашъо Пшызэ къатщэмэ, къытаджэщтыгъэх, гимназиеми ар къыщысаӀогъагъ...

– Шъыдигъу? – Къэнтатэ ынэ шӀуцӀэшъо-гъожьышэхэр къикӀотыгъэх, бэщыпэкӀэ джэхашъом етӀыргузэ, къыхэгубжьыкӀыгъ: – Шъыд ар къызыкӀысэмыӀуагъэр...

– Нан, шъыд пае уиӀоф зыхэмылъымэ уахэсщэн...

Хъан-Джэрые къыригъэжьагъэр Къэнтатэ къыригъэухыгъэп:

– Пшызэ Ӏушъо е урамым къыщыуаӀорэр къэзэкъыдзэ гимназием къыщыуаӀорэм емыгъапш, Хъан-Джэрый! Ар зыми фэсыдэнэп, хэт укъэзыушъхьакӀугъэр?

– Ар къысэзыӀуагъэр нибжьи фэдэ ыжэ къыдэмыкӀыжьынэу сшӀыгъэ, исыутыгъ, нан!

– Тхьэ къысауи, къэзэкъ шъаохэр къызэгоуцохэу укъаубышъыгъэмэ?

– Сыкъаубышъына нахьыбэр къызгоуцуагъэмэ. Игнати, Петроуи, Семени, Ивани, хэта джыри, нэмыкӀхэри къызгоуцуагъэх, хэуагъэх адырэм.

– Хэт ар? ЫцӀэрэ ылъэкъуацӀэрэ къысаӀу.

– Зыми етымыӀонэу, тытемыгущыӀэнэу итхъухьагъ. А тызхэогъагъэми, нан, шъхьэкӀафи къытфишӀэу, сэламышхуи къытихэу хъугъэ. Къыддечъахьы, тыпылъэп нахь.

– Мыдэ мыхэр...– Къэнтатэ ынэгу лъы къыкIэхьажьэу щхыпцIыгъэ, етIанэ фигъэпытагъ: – Умыгъэхьэрам!

– Згъэхьэрамырэп, ау сыкъызэриушъхьакIугъэр зыдесэгъэшIэжьы!

– Мыдэ мыхэр!..– Къэнтатэ джыри игуапэу къыIуагъ.

## ЯПЛIЭНЭРЭШЪХЬ

### I

Хэсэ бырсыр мыухыжьым мызыгъэгу фэдэу шапсыгъэхэр хэтыгъэхэу къызамышIэжьырэр бэшIагъэ.

Хьаку машIор игъорыгъоу зэрэзэкIаблэу, бжыхьэ цIынэ кIыхьэр зыкъэшIэжь зыфэхъугъэ шапсыгъэмэ зыкъаригъэпхъотагъ. Зихэгъэгу фэшъыпкъэмэ ашъхьэ нахь зыкъыригъэIэтыгъ, шъхьэзэкъорыпсэур ищыIакIэ ригъэгупшысэжьыгъ, зызгъэнэгъуаджэрэм иджэныкъо щэгыныр дитэкъуагъ, гугъуемылIыр гумэкI хидзагъ, зикъэмэ-сэшхо цакор мыжъоупцIэм лъигъэIэбагъ, зикIэрэхъо-шхонч мыушъагъэмэ агухэр пцэшIуащэ ышIыгъэх.

КIымафэр нахь чъыIэ хъуни, Пшызэ мыл пытэкIэ зэкIэщтыхьаным адыгэ пащэхэр, анахьэу шапсыгъэ-нэтыхъуаехэр, кIэхъопсых. Пшызэ псыорхэр адыгэхэмкIэ мыл лъэмыдж мыхъунхэу, заIэтымэ, джабгъу нэпкъым екIунхэ амылъэкIынхэу къэзэкъыбгъур кIэгушIу.

Ау хэти ежь зэрэфаеу дунаим щыхъурэп, игухэлъ кIэхъопсымэ яжэзэ, игъашIэ, кIыхьэми, кIакоми емылъытыгъэу, еухы. Адырэм нибжьи зэмыжэгъэ гушIуагъор ошIэ- дэмышIэу къыфыкъокIы. НэмыкIым игухэлъ-гугъапIэ лъэс-лъэбыIу, нэтIэ-тхыцIэ пкIэнтIэпс мыгъуаекIэ екIу.

Мафэ къэси кIымафэм зызэтырегъэпытыхьэми, къэзэкъ лъэныкъом фэдэу, ар зимыгуапэри адыгэ лъэныкъом щымакIэп. Шапсыгъэ-нэтыхъое пащэхэр зэо-мамыр Iофымкiэ тIо гощыгъэ зэрэхъугъэм фэдэу, чылэгъо зэфэшъхьафхэми яIо зэтекIы. ЗилъышIэжь щимыгъэIэжьхэрэм ягухьэ-гужъ нэплъэгъу къэзэкъыбгъумкIэ ащэи. Заор къежьэмэ, зисабыймэ атенэгуикIырэ ныхэр, зигъэрет щымыгугъыжьрэ нэжъ-Iужъхэр мамыр псэукIэм кIэхъопсых. Урыс пачъыхьэм илIыкIо де-Скаси Тыркуем Анапэ къыдигъэтIысхьэгъэ Хьасан-пашэри а Iофымкiэ агъэфедэхэ ашIоигъу.

Щырыхъукъо Тыгъужъ уцугъорэ тIысыгъорэ зимыIэр – зиIо цIыфмэ ахэзылъхьан, куп зыгъэдэIон лIымэ якъэлапчъэмэ мызэу-мытIоу аIухьагъ, яхьакIэщмэ арысыгъ. Ицыхьэ зытелъ цIыфхэми Шапсыгъэрэ Нэтыхъуаерэ къащыригъэкIухьагъ. Бжъэдыгъу благъи Бэслъыные чыжьи нигъэсыгъэх, Абдзахи Мэхъоши ыIопщыгъ, Убыхи Джыгэти макъэ аригъэIугъ. Ау сыдэу зыфишIыгъэми къыфемыгъэуцуалIэрэр Тыгъужъыкъо Къызбэч.

Къызбэч къэзэкъмэ ашъхьаскIэ, ыгу ягъуkIэ арыгъэп. Пшызэ зэпырыкIыгъ пчъагъэрэ, арэп Къызбэч зыIажэщтыгъэр, гъэрекIо бжыхьэ щыублагъэу шапсыгъэхэр тIо гощыгъэ зэрэхъугъэр шIошъхьэкIуагъ.

Непэ ихьакIэхэми джары Къызбэч къапиIэтырэр.

– Лъэпкъыр тIо бгощынэр емыкIу, Тыгъужъ,– Къызбэч ихьакIэ риIуагъ,– сэ сисэфо о уием нахь цакоп. КъылыщтыкукIэ гу къыттыришIыхьагъэшъ, тичIыгу тырифынэу Власэр тауж къихьагъ.

– Ыджары, Къызбэч, сIорэр сэзгъэаIорэр,– бысымыр къэуцыхагъэ къыщыхъоу Тыгъужъи къэгушIуагъ.– Власэм зызыдэтымыгъэшIэжьырэм, къытэогъу заулэкIэ шапсыгъэ чылэмэ азыныкъо тыригъэстыкIыщт.

– Зэ къызыттэом чылэ пчъагъэ тыригъэстыкIыгъэмэ,– Пэшъукъ къыIуи, Бамбэт фыреплъэкIыгъ, Тыгъужъ IугушIуагъ.

– КIалэ, пцIэ ренэу сщэгъупшэжьы,– Къызбэч пымылъэу къыIуагъ,– ащ нахь лыий къытихын ылъэкIыщт.

– Къэгъэзэжь, нахьыжъ,– Пэшъукъ къызIуипхъотыгъ.

– Власэ инэралым дзэ уIэшыгъэ зэрещэ,– Тыгъужъыкъо Къызбэч игущыIэ пидзэжьыгъ.– Тэ ащ зедгъэпшэн тлъэкIыщтэп. Тэ «мардж!» заIокIэ, зытэпхъуатэ, уаим щымыIэжьы хъумэ, тызэбгырэчъыжьы. Шъулъэгъурэба къэзэкъмэ яхэгъэгу гъунапкъэ къызэрагъэгъунэрэр? Чэщи мафи, гъэмафи кIымафи яIэп – гъозэрыплъапIэмэ атэсых, топмэ аIусых, яшыхэр онэтемыхых. Щагум бзыу къыдэбыбэмэ хьэм зыкъызэрипхъуатэрэм фэдэу, тэри тихэгъэгукIэ зыдгъэпсын фае.

– ТшIэнэу къыттэфэрэр бэ,– Щырыхъукъо Тыгъужъ гъумтIымыгъэ,– ащыщэу тызэIэщтыр тшIэрэп.

– Апэ Iашэм тэIэщт! – Пэшъукъ къызIуипхъотыгъ.

– Быяу, Пэшъукъ,– Бамбэт ыдагъэп,– нахьыжъмэ ядэIу.

– Сэра Iашэ зымыштагъэр, сэфоогъу зымыхыгъэр, Къэгъэзэжь? – Тыгъужъыкъо Къызбэч ынэгу телъ тыркъом хэчэлъыкIэу щхыпцI макIэр рычъагъ,– сыд фэдизрэ сIэтыгъэми, сипый сыгу тэзгъэпщэхагъэми, гупсэфыгъуи, мамыри къысхалъхьагъэп, жъалымагъэм хигъэкIыгъэп.

– Адэ джы тытIысыжьыщта? – Щырыхъукъо Тыгъужъ къызэкIоцIычыгъ, нахь шъэбаIоуи къыухыжьыгъ: – Тэмэным хэкIодагъэхэми къытфагъэгъунэп ар...

– Олахьэ арым,– Бамбэти къыдыригъэштагъ,– ащ Власэм икъэзэкъмэ къыщыташIагъэр ежьхэм ятхьи афигъэгъунэп.

– Ащ Iо хэлъыжьэп,– Пэшъукъ къышъхьащиIулIэжьыгъ.

Мы слъэгъухэрэр, Тыгъужъыкъо Къызбэч гукIэ ыIуагъ, зэон фалIэх. Сэшхоогъу горэ Бамбэт ыко телъышъ, кIапщэ ымышIыгъа, сымэджаплъэ зыфимыгъэкIуагъэха, къызэтэджыжьми бэщыр зыкIигъакъоу, шэсмэ, онэбгъум дэгъэнэжьыгъэу къыздыримыхьакIыгъа... Мыдырэ Пэшъукъ шъхьэпаий къебгъаIомэ, Къылыщтыку темэным мыхъэр щигъэхъагъэу, Власов генералыр шыбгъэкIэ рикIыгъэу, къэзэкъ шыуишъэм заримыгъэубытэу, Пшызэ къисыкIыжьыгъэу, пэIо шыгу плъыжь гори къыздихыгъэу къыпфиIотэщт... Щырыхъукъо Тыгъужъ амал иIэу темэным къыщяхъулIагъэм темыгущыIэрэр, къыщырахыгъэ шъхьакIом щигъэIэжьрэп, атемыкIожьэуи ыгу псэфыщтэп. Ары мыр ящэу садэжь къызфакIорэр. Сэри сишъхьакIо зыфясхьылIэжьын Iэджи зыдэсэшIэжьы, ау сызэрекIолIэщт шIыкIэм сыщыгъуазэп нахь... Ары шъхьакIэ, раутырэм зигъэбэнэкIырэп зэраIоу, узыщымыхьазыр чIыпIэм джыри лые къыщыуахынкIэ щынагъо, ар шапсыгъэмэ апашъхьэ пфэщэчынэп.

– Адыгэ лъэпкъым зыкъэтыухъумэжьыным фэшI,– Къызбэч IэкIахыгъэ гущыIэм мыгузажъоу къыпидзэжьыгъ,– лъэпкъ зэмызэгъыныгъэу тазфагу дэлъыр дэтымыдзы хъущтэп, ар зыщтымыгъэгъупшэу зы хэгъэгу зытшIын тлъэкIыщтэп.

– Мы къытпагъэтIысыгъэ къэзэкъхэр, Къызбэч, «булумулу» аIоу, урысхэп,– зытегущыIэрэм хэшIыкI зэрэфыриIэр игъусэмэ къафыхигъэщэу, Бамбэт къыIуагъ, нахь теубытагъэкIэ къыухыжьыгъ,– урысхэри ахэтых, ау урысхэп.

– Тэмэм, урысхэп,– Къызбэчи хьакIэм къыдыригъэштагъ,– Украинэ лъэныкъом къикIыгъэх, хым къызэпырыкIыгъэх, ау урыс лъэпкъых. Тэн къэзэкъхэри ары. Ермолэ инэралым Власэ инэралри ащ къырищыгъ.

– Ашъыу, ахэри адыгэ лъэпкъмэ афэдэх,– Щырыхъукъо Тыгъужъи ишIошI къымыIон ылъэкIыгъэп,– тэщ фэдэу зызэтырауты.

– Тэщ фэдэх, ау яхэгъэгу фэшъыпкъэх,– Къызбэч Тхьэ елъэIурэм фэдэу ыIэгушъохэр ыжэкIэ тхъоплъ мыкIырмэ аригъэчъагъ.– Сэри арыба зы хэгъэгу тиIэн фае сэзгъэIорэр. Ар зэзыщэщт пачъыхьи тиIэщт, хэгъэгур къэзыухъумэщт дзэ уIэшыгъи зэхэщэгъэщт, Урысыеми, Тыркуеми, Инджлызми яхэгъэгумэ яахьщэхэр зэрэзекIохэрэм фэдэу тэри тихэгъэгу ахъщэ хэхыгъэ щызекIощт.

– Бэдзэрмэ тащыщэфэн рытлъэкIынэуи? – ахъщэ гугъур Пэшъукъ зызэхехым, къыхэкуукIыгъ.

– Урыс сомэм, тырку парэм урыщафэрэба? – щымыIэ гухэлъ-гугъапIэм зызэрэратыгъэр Тыгъужъ имыгуапэу Пэшъукъ къеупчIыгъ.

– Ар узщыщэфэщт бэдзэрым елъытыгъ, нахьыжъ,– зыфеупчIырэ Iофым фэIазэу Пэшъукъ джэуап къытыжьыгъ, етIанэ нахь нэгушIоу къыпигъэхъожьыгъ: – Адыгэ ахъщэ сиIэнэу сэрэшIи, а зигугъу шъушIырэ ахъщэхэр сыдкIэ сищыкIагъ.

– А дэйлэ бэйтэмал, ахъщэм мэ пыурэпи...– Бамбэт къыIуи, зэпыугъо фимышIэу Къызбэч еупчIыгъ: – Къызбэч, пачъыхьэм нэмыкI лIышъхьэхэр хэгъэгум иIэщтхэба?

– ИмыIэхэ хъуна, иIэщт.

– Олахьэ, нахьыжъ,– Бамбэт щхыпцIызэ къыIуагъ,– емыкIу къысфэмылъэгъу, ащ фэдэ хэгъэгу тфэмыгъэпсыщт, тфыземыщэщт...

– Сыд пае шъыу? – Тыгъужъ зэхихыгъэр ыгъэшIэгъуагъ.

– Лъэпкъ зэпэкъудыим тыпэуцощт, езэрэмыгъэхьым адыгэ шъолъырыр хэтыдзэщтышъ ары.

– Ащ Iофыр нэдгъэсынэп...– Темыубытэгъэ дэдэу Тыгъужъ къыIуагъ.

– Ащыгъум адыгэхэр щымыIэгъахэхэкIэ лъытэ, Тыгъужъ.

– Къызбэч,– Пэшъукъ къэгузэжъуагъ,– Бамбэтыдыхэм зыгорэ яIоба, пчэгум тыкъырагъэстыхьэ...

– Мыхэмэ къаIорэр мытэрэзэу олъыта?

– Шъыпкъэ тӀэкӀуи хэмылъэу сӀорэп, нахьыжъ… Ау етӀани тэр-тэрэу зытыумысыжьыныр къезгъэкӀурэп.
– Ӏэ зэщыпфэжьмэ нахьышӀуа?
– Ихьау, нахьыжъ, ар дэдэри сфэӀонэп. Дагъо зимыӀэр Тхьэр ары.
– Ухэукъорэп, Пэшъукъ, Тхьэр угу игъэлъ, зыщымыгъэгъупш,– Бамбэт къыӀуи, ыцӀэ шъыпкъэмкӀэ зэремыджагъэмкӀэ кӀэгъожьыгъ шъхьакӀэ, Пэшъукъи гуцафэ зыфыримыгъэшӀэу къыриӀожьыгъ:
– Ары, Бамбэт, Тхьэр тыгу имылъмэ, хэт тыгу илъын!.. Сэ зыфасӀорэр, сыд фэдэу адыгэхэр тыщытми, ны тыкъилъфыгъэба, ты тыкъыхэкӀыгъэба?..
Мыдэ мы сикъэбзэжъым ыӀорэр, Бамбэт зэхихрэр егъэшӀагъо. Ора ны къылъфыгъэр, ты хэкӀыгъэр? СэлӀапэ нахь, шы илъыгъокӀэ сихьэнэ-гъунэ укъизгъэхьаныеп. СикъумпӀыр илъыгъэ кӀэрахъор гъогум щыскъопхыгъэ пэтызэ, слъэгъугъэп пӀуи, тыбгъэлъыхъуагъ. Мыхьамэт-Джэрые кӀэсхыгъэ тыжьын сомищым язэу къысфэнэжьыгъагъэр хэт сшӀуитыгъугъ? Ар сиджыбэ зелъ мазэми зекӀодыкӀ мафэми ощ нэмыкӀ къыскӀыгъугъэп. Хьасан-пашэм къыпфишӀэрэм гу щыпфэна? КӀэрахъори ахъщэри ащ къыкӀэрыкӀыгъагъ. Шъэожъыем фисхъухьагъэмкӀэ сыкъыпщымыгугъыщтыгъэмэ, бэшӀагъэ сэ ахэр къызыозгъэжыжьыщтыгъэхэр… Сыд сэӀо, Тыгъужъыкъо Къызбэчи адыгэ къэбармэ тахигъэдаӀоу тызфыщигъэсырэр? ТыкъызфэкӀуагъэм иджэуап къытерэӀуи ыуж ерэкӀыжь. Лъэшэу сегъапэ сэ уиадыгэ хэгъэгу, уиадыгэ зэхэтыкӀэ-гупшысакӀэ… Ашъыу, ори ащ уфаеп. Фэмыяхэхэри джа уапашъхьэ иситӀур ары. Ужэ къыдаплъэх пӀоу зямыгъэгъэдел. Лъэпкъ зэхэдзыгъэр хэгъэгоу зэхэшъуущэнышъ, тшъхьэ тэжъугъэуджэгъужьыщт… Сыд тиадыгэ шъхьафит шъузыфышӀонагъэр? Олахьэ, сэ апэ сызэритэу, ар зыми къышъуимытын! Ар зышӀэрэр делэ…
– ХьакӀэщым исхэр нэмыкӀ гущыӀэ тырищэхэ шӀоигъоу, шъхьаныгъупчъэмкӀэ плъэзэ, Бамбэт къыӀуагъ:
– Агоир пчэдыжь щегъэжьагъэу къэлъагъорэп.
– Пщымафэ дэсэп,– Къызбэч ыӀуагъ,– Хьасан-пашэм дэжь, Анапэ, кӀуагъэмэ ахэт.
– ЗэрэхъурэмкӀэ,– Тыгъужъ къэщхыгъ,– Агоир къагъэщтагъэмэ сшӀэрэп, къэзэкъмэ яшӀу шӀоигъу.



– Шъэуай урипыщэгъумэ, ащ нэмыкӀи уигъэшӀэщт,– Бамбэт зыфэе дэдэу къыӀуадзагъэр къызӀуидзыжьыгъ: – Де-Скаси ишъоубзэгу ыгъэдэйлэрэмэ ари ащыщ.
– Де-Скаси ащ фэдэу сыхэплъагъэп сэ,– Пэшъукъ къыӀуагъ.
– Ашъыу, Пэшъукъ, зэ ужэ ткӀэрых,– Бамбэт къыхихыгъ,– непэрэзымафэм тыкъэбгъэгущыӀэрэп, нахьыжъмэ апашъхьэ уис!
– Ар оӀомэ, Бамбэт, гущыӀэ къэсӀожьынэп.
– СэӀо! УинахьыкӀагъэ зыдэшӀэжь.
– ШъузэпымыпкӀ,– Тыгъужъ игъуситӀумэ Ӏофы зыримыгъэшӀэу афидзыгъ, етӀанэ зыгъапэрэм пидзэжьыгъ: – Хьасан-пашэм шапсыгъэхэр къотэгъукӀэ щэгугъыхэмэ, хэукъох.
– Тэмэм,– Бамбэти дыригъэштагъ.
Пэшъукъи зыгорэ къыӀонэу зыкъиӀщэигъагъ, ау зыкъишӀэжьи, зызэтыриуӀубэжьыгъ.
– Сэрыгъэмэ, Къызбэч,– Щырыхъукъом игущыӀэ къыпидзэжьыгъ,– адыгэмэ Хьасан-пашэр, зышӀодгъэшыжьэу, хащэ язгъэшӀыщтыгъэп. Ар зыгу къэкӀыгъэм ӀушыгъэзэрихьагъэП.
– Сэрмэ ар къызыфэбдзырэр, хьакӀэ, ухэукъо,– Къызбэч зиӀажэщтыгъэми, ынэ шӀуцӀэхэр машӀоу къызэкӀэнагъэх, ау шъырытэу игущыӀэ къыпидзэжьыгъ: – Джары шапсыгъэхэр тӀо гощыгъэ хъугъэ зыкӀэсӀуагъэр. Орырэ сэрырэ тӀорэ закъор арэп, нэмыкӀмэ аӀори къыдэплъытэн фае. Хъорэлъыкъо Мэрчани, Абэтэ Бэслъыный, джа зигугъу мышӀукӀэ шъушыгъэ Шъэуаий шъуакъогъу къыкъоуцощтхэп, ясэфо цакоп, ялӀыгъи махэп. Де-Скаси фэшӀэщтыр ешӀэ, Власэм къытфыриӀэ жъалымагъэр фыриӀотыкӀэу Урысые пачъыхьэм фэтхагъ аӀуагъ, хъурэм тэплъын, ащи нэ ӀаекӀэ тэшъумыгъэплъ.
– Ары шъхьакӀэ, Къызбэч,– Щырыхъукъор уцурэп,– Алахьэм кӀымафэ щтыргъукӀ къытфигъэкӀуагъ, шыу мин тэпщагъэмэ Пшызэ ыӀэтынэу мылкӀэ зэкӀэщтыхьагъ… Ар тӀозэ, кӀыр икӀыщт…
– Аужырэу огугъа Пшызэ зэрэщтырэр…– нахь мэкъэ шъабэкӀэ Къызбэч къыӀуагъ: – Заом нахьи мамырыр тыгу илъмэ нахьышӀу. Власэ инэралымрэ Матвей атаманымрэ тыкъызэхашӀыкӀыщтмэ, де-Скаси, Хьасан-пашэри, нэмыкӀхэри дгъэфедэных. Ау адыгэмэ «о мардж» заӀокӀэ,

сымыхьазырэу ащ къикIырэп. Джыри зы тхьэмафэ щэIагъэ къызхэдгъэфэн...

Адыгэ шъолъыр лъэныкъом къыщыхъурэмэ Власов инэралымрэ Матвеев атаманымрэ ащыгъуазэхэу щытыгъэп.

Илъэсыкiэр къихьаным ыпэкiэ кавказыдзэм ипэщэ Ермоловым дэжь аIофытэгъэгъэ лIыкIоми, адыгэмэ апэшIуекIорэ унэшъо пхъашэкIэ узэндыгъэу, къыгъэзэжьыгъ. Щэгыни, топи, нэмыкI Iаши, Пшызэшъхьэ къэзэкъ пытапIэмэ къарагъэкIыгъэ шыудзэ-лъэсыдзэхэри ащ елбэтэу къыкIэлъыкIожьыгъэх.

Къэзэкъ гъунапкъэр джыри нахь зэригъэпытэщтым ифэIо-фашIэхэр Власовым зэрихьагъэх: лIыхъужъыгъэрэ чаныгъэрэ зыхэлъ полковникхэу Бескровнэр, Гаврюшэр, Вербицкэр, Белэр чIыпIэ зэфэшъхьафмэ къарищыгъэх, зыкъэзыгъэхьазырырэ пыим зэрэпэгъокIыщтхэ унэшъо шъхьафхэмкIэ ыуIэшыгъэх. ЯплIэнэрэ къэзэкъ гъунэпкъэ тIэсхъапIэр Копыл уцупIэм щегъэжьагъэу Смолян уцупIэм нэс шыуидзиплIыкIэ агъэпытагъ. Полтавскэ станицэми лъэсыдзитIу дагъэгъолъхьагъ, къутыр Iэгъо-блэгъумэ ащыпсэурэ къэзэкъ унагъохэр дзэр нахь зыщылъэш Темрыкъо лъэныкъомкIэ ащагъэх.

Зэфэмышlу лъэныкъуитIур апэ къежьэщтыр яэзэрэмыгъашIэу, зэпэуцугъэх. Афыпс, Хьабл, Аргъэд, Абын псыхъохэм апэIус чылэхэри къызэряджагъэхэм лъыпытэу зыкъаIэтынэу хьазырыпсых. Нашъхьи, Джэнчпсыни, Сэмэни, Кутакъи IашэкIэ узэндыгъэх, яшыхэри онэтемыхых. Анапэ лъэныкъом къикIыщт къэбарым зэкIэри пэплъэ. Хьасан-пашэр Анапэ къикIэу Екатеринодар къызэрыкIорэ къэбарыр къызылъыIэсыгъэ пэпчъ онэгу зишIыгъ, гъогу зэфэшъхьафкIэ пэгъочъхэзэ ыуж ихьагъэх. Шыуишъэм минкIэ зиштагъ, миным джыри зы мин хэхъожьыгъ, Пшызэ Iушъо Хьасан-пашэр екIуалIэ зэхъум, адыгэ шыу минищ ыкIыб дэтыгъ.

Хьасан-пашэр зипэщэ адыгэ шыу минищмэ Власов генералым къэзэкъ мэкъэгъэIу шыуищ къапигъэгъочъыгъ, азыфагу ит Перекрестовым къыIуагъ:

– Мамыр гухэлъкIэ Пшызэ нэпкъым укъекIумэ, уакIыб дэт шыудзэр мы чIыпIэм къыщыбгъэуцунэу Власов генералымрэ Матвеев атаманымрэ макъэ къыуагъэIу, Хьасан-пашэ.



– Тыдэ сыкIоми, зэрэсимызэкъощтыр укъэзгъэкIуагъэмэ ашIэрэба?

– Уиупчlэ джэуап къестыжьынэу Iизын сиIэп, Хьасан-пашэ.

– Шыу тхьапш сигъусэмэ ашIоигъу?

– Шыуишъэм емыхъунэу аIуагъ.

Къэбарыр зэхэзыхыгъэ адыгэ шыухэр, урысыбзэ зышIи зымышIи, къэзэрэгъэбырысырыгъэх, къыхэкуукIыгъэхэри, къамэр къизыпхъотыгъэхэри, кIэрахъокIэ дэоягъэхэри къахэкIыгъэх.

ХъорэлIыкъо Мэрчанэ ыIэ къызеIэтым, зыкъизыпхъотыгъагъэхэр быяужьыгъэх.

Хьасан-пашэм къызэриIокIыгъ:

– Шыуишъэ сауж къерэхь.

Къэзэкъ лIыкIомэ ауж итхэу заулэрэ кIуагъэхэу Мэрчанэ Бэслъыный риIокIыгъ:

– Тыгъужъыкъо Къызбэч ыIуагъэр тэрэз, лIыгъэкIэ гъогу къытэтщэгъэ тыркум ыпшъэ ифэн щыIэп. Плъэгъурэба шым зэрэгосыр? Нысхъэпэ папкI Iори ыуж икIыжь.

– Тэплъын хъурэм...– Абэтэ Бэслъыный щхыгъэ, етIанэ игый нахьыбэу къеIушъэшъэжьыгъ: – ПшIэрэба тызэрэщытыр, тщымыщыр тэгъашIо, тщыщым Iупшlэ фэтэшIы...

Щэджэгъопэ дунаир чъыIэ, щтыргъукI. Ошъогум къикIотэрэ тыгъэми зы фэбамэ къыпымыужьрэм фэд. Нэгуплъ пIыкIэгъэ хъураикIэ адыгэ дунай шхъуантIэм къыхэплъэ, шыумэ пэхъэ фыжь псынкIэр къашъхьарехы. Гъогубгъум кIэрыт чъыг къутамэмэ апишIыхьэгъэ сэхъыр шылъэмакъэмэ макIэу агъэкIэзэзы. Къурапэр зыгъэсысын жьыбгъи кIэмыпщэу тыдэкIи щырэхьат.

Шыухэр мэз Iапчъэм зычIэкIхэм, икIыхьэкIэ мэз теупкIыгъэр зыпэIулъэшъуагъэмрэ Пшызэрэ азыфагу, адырэ нэпкъ лъагэм, Екатеринодар къытетэджагъ. Шы илъыгъо зырыз яэзэпэчыжьагъэ мыхъунэу гъозэрыплъэ лъэгапIэхэр зэпэIутых, топхэри чIым хэтIагъэх, къэзэкъ лъэсхэри шыухэри акIэрытых.

Пшызэ Iушъо нэсынхэкIэ къэнэжьыгъэ щымыIэу, шапсыгъэ тхышъхьэм къащыпэгъочъыгъэгъэ шыумэ анэмыкI шыуищ джыри къапэгъокIыгъ: азыфагу дэт лIы плIэмыешхор Абэтэ Бэслъыные ышIэжьыгъ. ХъорэлIыкъо Мэрчани а лIышхор СултIан Мыхьамэт-Джэрые ищы-

гъынIухыжь нэIуасэ зэрэщыфэхъугъагъэр, Къэнтатэ дэжь ращэхи, къазэрэдэгущыIэгъагъэр ынэгу къыкIэуцожьыгъ.

Хьасан-пашэм ыIэ джыри къыIэтыгъ, игъусэхэри къызэтеуцуагъэх, къызэрэдэзекIохэрэр зэрэшIомытэрэзыр джы ымакъэ нахь къыхэщэу, къапэгъокIыгъэ шыумэ яупчIыгъ:

– Шъори сыд къытфышъуиморад?

Табанецми мэкъэхъукIэ къыпиупкIыгъ:

– Адыгэ шыуишъэр псыIушъом къыIун, шыу зыщыплI уигъусэу хъожь щагум Власов генералымрэ Матвеев атаманымрэ урагъэблагъэ.

– Ащ фэдэ зэзэгъыныгъэ зэдытиIагъэп,– Хьасан-пашэр къэгубжыгъ, ау зиIажэу, уаси, шъхьэкIафи зыфишIыжьэу къыIуагъ: – Сэ Тырку хэгъэгум сырилIыкIу, хъожь щагумэ адащэрэмэ сызэращымыщыр укъэзгъэкIуагъэмэ сфяIожь.

Апэрэ шыуищыр адыгэмэ къакIэрыни, Табанецымдыхэр мылым зытелъэдэжьхэм, адыгэмэ ащыщ горэ гъумтIымыгъэ:

– Пшызэ лъэмыдж шIагъо тэлъ, тэгъэхьаулые,– мылым техьанэу зежьэм, Перекрестов къэзэкъым ыдагъэп:

– Не велено, черкэс!

– Сыд сэIо мыщ къысиIорэр! – ыр кIигъэщыщыкIэу, къыдигъэпкIэягъ.

ХъорэлIыкъо Мэрчани шыу Iэлым пигъодзыгъ:

– Быяу, Абрэдж!

СыкъыздэкIогъэ къэзэкъхэри сыкъызфэкIогъэ адыгэхэри цIыфхэп, Хьасан-пашэм ыгу илъыр нэмыкI. ЦIыфыгъэ къысамыхын Iоу сшIагъэмэ, мощ фэдиз гъогууанэр къэскIуныеп… Хъожь щагум сырагъэблэгъэщт, къыщыспэгъокIыщтых… Ащ нахь лъытэныгъэ къытфашIа зызышIомыдэйхэу сауж итхэми?.. Тэри къытфаехэп, мыхэми афаехэп. Хэгъэгу яIэп, пачъыхьэ яIэп, гумэкIыгъо зыщыхафэхэрэм зэхэлъадэх, зэхэлъэтыжьых, зэзэожьых, зэшIужьых. Къэзэкъхэри ахэмэ анахь чыжьэу гупшысэхэрэп, сыдэущтэу угупшысэщт уимые шъуашэр щыгъынкIэ пштагъэу… Ти султIан Абдул-Хьамидэ къытфидэрэп нахь, мыхэмэ афэшъуашэр сэшIэ – зэптIупщынхэшъ, зэрэбгъэукIыщтых. Адыгэхэмрэ къэзэкъхэмрэ зэрэукIхэмэ, Урысые пачъыхьэм ыIэ зэтелъэу, мыщ фэдэ чIыгу шIагъор зыIэкIимыгъахьэу щысыщтэп. Инджылызыри адыгэмэ къафэгумэкIы ыIозэ, зашэри тэшIэ. Францыери мыщкIэ къэплъэ,



ау Персиери зыуж итыр къэшIэгъуай, щхэны… Де-Скаси тэ щыI сэIо? Сыд ащи зызыфигъэбылъыжьыгъэр? Къэзэкъ гъогум сыкъытыримыщэу сауж икIыгъэп.

Къэзэкъ лIыкIохэр къэсыжьыгъэх. Табанецым ымакъэ джыри нахь лъэшэу пыупкIыгъ:

– Шапсыгъэ лъэрыхьищ-плIы нахьыбэ уимыгъусэу хъожь щагум укъэкIонэу джыри аIуагъ.

Хьасан-пашэр джэуапынчъэу заулэрэ щыти, шым кIэкIэу къыригъэзагъ. Адыгэ шыуишъэри, къызэплъ-зэплъыжьхи, IукIыжьыгъэм лъежьэжьыгъэх…

Хьасан-пашэр арэп Пшызэ Iушъо къыщаушъхьакIугъэр…

Адыгэхэр зыкъэшIэжьыгъо римыгъафэхэзэ, Власов генералым икъэзэкъыдзэ пэшIорыгъэшъкIэ Пшызэ къызэпырищи, Шапсыгъэ къыритэкъуагъ.

Мэфищым къыкIоцI километрэ щэкIым ишъолъыр къыриубытэрэ чIыпIэмэ шапсыгъэ чылэхэр ащытыригъэстыкIи, чIэнэгъэ бащэ римыгъэшIэу Власовым идзэ зэкIищэжьыгъ…

Ар зыхъугъэр февралым и 2, 1822-рэ илъэс.

Шапсыгъэ джыри хьадэгъэ гугъэузмэ зыкъыщаIэтыгъ…[1]

[1] В. А. Потто итхылъэу «Кавказская война» зыфиIорэм а хъугъэшIагъэр мары зэрэхэтыр: «Власовым къэзэкъыдзэхэр 1822-рэ илъэсым, февралым и 2-м, Пшызэ зэпырищыгъэх. Шыудзищ, топий зыхэт зы лъэсыдзэ игъусэу шапсыгъэ къуаджэмэ якIугъ. ЯпсэупIэхэри, ябылымхэри, ямылъкуи къабгынэти, яунагъохэр къызэрагъэнэжьыщтым щэхъурэ гупшысэ ямыIэжьэу, адыгэхэр хэхьажьыщтыгъэх. Лъэныкъо пстэухэмкIи Власовым къэзэкъ купхэр ытIупщи, ахэмэ къоджэшхо 17, къоджэ цIыкIухэу 119-рэ, лэжьыгъэ угъоижьыгъахэу бэ дэдэ агъэстыгъ.

Верстэ 30-м хъурэябзэу къыриубытэрэр зэкIэ рагъэкIодыкIи, былымышъхьэ миным ехъу зыдафи, къэзэкъыдзэхэм февралым и 4-м Пшызэ иджабгъу нэпкъ къагъэзэжьыгъ.

Пшызэ зызэпырэкIхэм, къахэщэу зекIуагъэхэм шIухьафтынхэр къафашIынхэм Власовыр кIэлъэIущтыгъ. Мары ащ Вельяминовым къыритыжьыгъэ джэуапыр: «Пшызэ кIыб щыпсэухэрэм янэIуагъэ ыпкъ къикIыгъэми, тизекIуакIи ищыкIагъэу щытми, ти Пачъыхьэ фэени аущтэу мыхъоу Iофыр зэшIокIыным, ау ащ пае кавказыдзэм ипащэ шIухьафтын лъапIэхэм къакIэлъэIун ылъэкIыщтэп. Унашъоу ащ къышIыгъэм ори уиIофышIэхэми къызэрэшъуфэразэр къызэрэщиIорэр икъущт. Къэзэкъмэ ахъщэ шIухьафтын афэшIыгъэным фэгъэхьыгъэмкIэ, мылъкур

## II

Де-Скаси къыплъэхъу зыраIом, Шъэуае ыгъэшIэгъуагъ.

– Олахьэ сымышIэ къызэрэпфаери,– Агой Пщымафэ ыIуагъ,– сшъхьэкIэ сыIукIагъэп, бжъакъо тэтми сшIэрэп, Абэтэ Бэслъыный лIыкIо сыкъыпфэзышIыгъэр. Тыдэ щыIэми къызэгъэгъоти, къэкIорэ бэрэскэфом ехъулIэу тадэжь къысфащ ыIуагъ.

Бэджэкъо Умари зэхихыгъэр зыфихьын ымышIэу бэрэчэт нэгукIэ хьакIэм Iуплъагъ, ымакъэ гумэкIыр къыхэщэу еупчIыгъ:

– ГумэкIыгъо-елбэтыкIэ укъигъэкIуагъа? – етIанэ псынкIэу зыкъиушIэжьи, ежь-ежьырэу джэуап зэритыжьыгъ: – Iофым игумэкIыгъо сыщыгъуазэп, ау елбэт хэмылъыгъэмэ, тхьамэфэ пIалъэ Абэтэ Бэслъыные къыпфишIыныеп,– къыIуагъэм кIэкIэу кIэупчIыхьажь фишIыжьыгъ: – Арэп, Пщымаф, Абэтэ Бэслъыные лIы шIагъом ятэкIэ зэхэтхырэр шъыпкъа?

– Олахьэ, Умар, сымышIэ ащкIэ къыосIощтыр,– къызфеупчIырэм егуцафэщтыгъэми, шъхьэихыгъэ джэуап Пщымафэ ритыжьыгъэп,– зэхэпхыгъэм ыцIэ къепIомэ, гущыIэгъу тызэфэхъун. Ау Шапсыгъэ хэгъэгу къихъухьэрэмэ уакъыкIэупчIэшъ, ащ къесIолIэщтыр зы: сыд аIуагъэми ашIагъэми, Власэ инэралыжъым къытфихьыгъэ тхьамыкIагъомэ зэкIэри яолIэжьы.

– Ар шъо шъуизакъоп, тэри ар тилыуз... Ау Абэтэ нахьыжъыр, Къымчэрые, къэзэкъмэ апыщагъэу зэраIорэр шъыпкъэмэ сегъапэзы ары.

Къэзэкъмэ апымыщагъэу хэт джы адыгэу щыIэжьыр, Шъэуае игупшысэмэ зэрахэтэу гукIэ джэуап аритыжьыгъ... Сэ сизакъоп, ори уахэщагъ, Умар... Пантелей дэжь, Васюринскэм, тхьапшырэ укIуагъ, укъэкIожьыгъ. Ежьыри зымафэ уадэжь щыIагъ, къэзэкъ шъаомкIэ зыгу шIу къыпфилъи, къыпфимылъи мэфищым уиунэ щызэблэкIыгъ, пстэуми агу илъыр сыдым фэпшIэн, ау шапсыгъэ тхьамыкIагъор Пантелей ыпашъхьэ щамыушъэфыщтыгъэми,

зыщымакIэм, ахэмкIэ зышъуIэжэн фае, етIани ахъщэр заом шIухьафтын щыхъурэп».

Ермоловыр армэ, Власовым къызэрэфэразэр къыщиIоу унашъо къытыгъ, зэкIэ забытхэми къафэрэзагъ, ахэмэ ащыщхэу Табанецымрэ Дубоносымрэ анахьэу къыхигъэщыгъэх. «Ащ фэдэ шэным,– ытхыщтыгъэ ащ,– намыс афешIы, зэлъашIэрэ запорожцэхэм ягушхуагъэ ащ хэсэлъагъо».



къэзэкъ шъаом фэгъэхьыгъэу мыхъун зыми къыжэдэкIыгъэп. Де-Скаси къыслъэхъу зэриIуагъэр арыщтын Абэтэ Къымчэрые пылъ къэбарым укIэзгъэупчIагъэр... Ар сэIо шъхьакIэ, сыд нибжьи сызтемыплъагъэ, гущыIэгъу сызфэмыхъугъэ де-Скаси Абэтэ БэслъыныекIэ къызыкIыслъыхъурэр? КъэнтатэкIэ, Хъан-ДжэрыекIэ, СисурэкIэ, ахэр хэсэгъэкIыжьышъ, КъаймэткIэ, Хьадж-КъэсэйкIэ къикIыщтыгъэмэ, зэхахьэхэба, зыгорэм фэдагъ.

– Узгъэпэн закI тидунай, Умар,– Пщымафэ къэбарым джыри тегущыIыкIынэу фежьэгъагъ шъхьакIэ, бысымыр икъэплъакIэкIэ къызэрэшIомыкIыщтыр къызгурэIом, къыIуагъ: – Олахьэ сымышIэ, Абэтэ Къымчэрые къэзэкъхэр ипыщэгъуми, апэ зикъамэ къизыпхъотырэмэ ащыщ... Ыкъуитlу, Бэслъыныий Убыхи, зи япIолIэнэп, ямыхьакъ атэплъхьэмэ, зэхэзыхрэмэ къыпфадэнэп.

– Ары Iолъ...– кIэгъожьба озыгъэIон Умарэ ымакъэ къыхэщыгъ, ау зыгъэпэрэ къэбарым темыкIэу етIани къыухыжьыгъ: – Абэтэ Бэслъыные лIы хьарзынэр де-Скаси зыфэпIуагъэм пыщэгъу фэзгъэхъугъэр сшIэрэп...

– Де-Скаси, Умар,– Шъэуае игупшысэмэ къахэужьыгъ,– адыгэмэ къафэсакъы. Зэхэпхыгъэба, адыгэ гукIаер фыриIотыкIэу, Урысые пачъыхьэм фэтхагъэу аIуагъ.

– Зэхэсымхы хъуна, Шъэуай?! – Умарэ раIуагъэр игуапэу къыхэкуукIыгъ.– Ори апэ, Шъэуай, къэбарым сыщызгъэгъозагъэр, къикIыщтыр сшIэрэп нахь...– ПсынкIэуи хьакIэм риIуагъ: – Сицыхьэ зыкIытэмылъри, Пщымаф, тэ къытфэсакъы тэIо шъхьакIэ, зилIыкIо Урысыем блихэу, къэзэкъмэ аблэIэбыкIэу къытфигъэкIотэнэп сэIозы ары.

– Урысые пачъыхьэм тыфиубэу, къытэхъулIэрэр зэкIэ зилажьэр тэры ыIоу нэмыкI къэбари талъэныкъо щэзекIо. Пэшъукъ аIоу Абын лъэныкъом шыу шъхьаубатэ горэ къитэджагъэшъ, Шъэуай, де-Скаси ышъхьэ шIуихынэу ыуж кIэкIэу зэрефэ аIуагъ.

– Шъыдэу бэмэ ауж ит ар?! – Шъэуаий щхыгъэ.– ЗыкъыспэкIерэмыгъаф ыIуи, сэри ащ мызэу-мытIоу къысфаригъэIопщыгъ.

– Умыщх, Шъэуай,– Умарэ ыдагъэп,– зымафи къыосIогъагъ, джыри къыосэIо, ар зыгорэм къыпфегъэблын фай, лые къыуихын, фэсакъ.

– Къыфэзгъэблырэр нафэба,– Агоим къыушыхьатыгъ,– Шапсыгъэ Бамбэт. КъэошIэжьа, къызэрэсфэкIогъа-

гъэр? Уишъэогъу джаурыгу хъугъэшъ, ышъхьэ сапашъхьэ къипхьэмэ, дышъэ сомитlу къыостыщт къысиlогъагъ.

— Ар зыlорэм ащыгъум иджэныкъо чъыlамэ дехы,— Шъэуае ыгу къэзгъэбырысырыжьыгъэ лъышlэжьым ынэ чанхэр къыригъэлыдыкlыгъэх,— мэзэ заулэ хъугъэшъ зысигъэгъотырэп. Ар lофэп. Шъыд де-Скаси сызэрищыкlагъэр? Абэтэ Бэслъыные къысфаемэ, къызфиlогъэ мафэм ехъулlэу сыфэкlон, ау Урысые пачъыхьэм илlыкlо тазыфагу къызэрэдахьэрэр къызгурыlорэп. Етlани мары, гъатхэр къэсы, Умарэ тlэкlу сыдэlэпыlэ шlоигъуагъ... Пантелей къызэкlом, Бабунэ игушlуафэ ылъэ къытыригъэуцожьи, зегъэкlотэжьым, пlэм хэгъолъхьажьыгъ.

— Адэ сы пшlэн, дунаим тызыфит щыlэп,— Умарэ хьылъэу хэхьапщыкlыгъ, етlанэ къыlуагъ: — Гъатхэр къихьанкlэ джыри уахътэ щыl, осыр текlыгъэмэ, чlышъхьашъор къэлъэгъуагъ пlокlэ земыгъэгъэдел, ныожъыулъхьэ ос шъабэр ошъогум къыримытэкъохэу дунай зэблэхъур къэсыщтэп. Тхьамафэм джыри зытlо-зыщэ зыкъызэблихъущт. Цlыфмэ урящыкlэгъэным нахь насыпыгъэ щыlэп. Къыоджагъэхэмэ, урящыкlагъ, сы къысфыряхьисапыр умыlо.

Унэпчъэ макъэм лlымэ ягущыlэ зэпаригъэгъэугъ.

Тэзэ Адыгэ пчъаблэм къызэрэдэкlэу сэлам къыхыгъ, иlэпэубыт хьакlэм къыщыригъэжьагъ.

— Фэсапщи, Пщымаф. Шапсыгъэ сыщыlагъ, унэм сызехьажьым, Умарэ хьакlэ зэриlэр тянэшыпхъум къысиlуагъэти, узэзгъэлъэгъун сlуи, сыкъихьагъ. Сыд уипсаунытъ, уищыlакl, Пщымаф? Гъэрекlокl, Пантелей ядэжь зэшъощэжьым, узэрэслъэгъугъ.

— Олахьэ арым, Адыг,— Пщымафи къыушыхьатыгъ, ау уигугъу шlукlэ зэхэсымыхэу щытыгъэп.

— Тхьэегъэпсэу сигугъу зышlыхэрэр,— зэхихыгъэр зэригуапэр Адыгэ ынэгу шъуашlо къыхэщыгъ, къыпигъэхъожьыгъ,— ау сигугъу язгъэшlын сэ джыркlэ зыкъослъэгъожьырэп.

— Дэйкlэ ябгъэшlырэп ныlа? — Умарэ къэупчlагъ.

— Алахьым ерэмыд...

— Шъыд уздэщыlагъэм щыкъэбар, Адыг? — нэмыкl гущыlэ тырищэхэ шlоигъоу Шъэуаий къэупчlагъ.

— Шапсыгъэмэ Власэ инэралым къаришlагъэр ашlошъхьакlу. Ау къэбарыкlи зэхэсхыгъэ.



— Шъыд къэбар? — гупшысэ хьылъэмэ зэпакlырэ шъхьэ онтэгъур Шъэуае къыlэтыгъ.— Тэрджэ дэгъуа дэя?

— Хэт ышlэра ахэмэ агу илъыр, Шъэуай,— къэбарыр ежь къызэрэпкъырыкlырэм рыгушхоу Адыгэ къыlуагъ,— Стрекалов горэ урыс пачъыхьэм Власэр къызэрэддэзекlорэр ригъэуплъэкlунэу къыгъэкlуагъ. Адэ сэ къэбарым шъущыгъуаз, Пщымафэ къышъуиlуагъ сшlошlыгъи...

— Апэрэу зэхэсэхы,— Пщымафэ къыlуи, зыкъигъэтэрэзыжьыгъ: — де-Скаси иурыс пачъыхьэ мы кlымафэм зэрэфэтхэгъагъэм сыщыгъозагъ, ау илlыкlо къызэригъэкlуагъэр хьалэмэт. Зыкъызэрэтфишlыщтыр сшlэрэп нахь.

Умарэ щхыгъэ:

— Чэм лъакъо шкlэ ыукlырэп — джары зэрэхъущтыр. Ежь урыс-къэзэкъ пащэхэр зэхэлъэдэжьынхэзы, тэ мысэ ташlынхэзы, зэбгырыкlыжьыщтых. Сы мы lофым о узэреплъырэр, Шъэуай?

— Адыгэ-къэзэкъ lофым изэхэфын,— Шъэуаий фэмыкlэщыгъоу къыlуагъ,— лlыкlом изэфагъэ ицlыфыгъэ елъытыгъэщт. Ау о зыфапlорэми, Умар, шъыпкъэ хэлъ. Кlо, хъурэм теплъын.

— Адэ Хьасан-пашэм Пшызэ lушъо къэзэкъмэ къыщырашlагъэр тыркуе пачъыхьэм къафигъэгъунэп,— Умари къахэгущыlагъ, игущыlэ къышъхьэщиlулlэжьыгъ: — Тыркуем иочылмэ сащыщэп, ау мамыр гухэлъкlэ шэсыгъэр къэзэкъ пащэмэ къызэраушъхьакlугъэр сыгу къеуагъ. Матвей атаманым, къызэраlорэмкlэ, цlыфыгъэ хэмылъэу щытэп, ар зыфишlагъэр мыры сlонэу сшlэрэп. Сэри ащ фэдэ къысашlэмэ сыдэнэп.

— Матвей атаманыр, Умар, зыгорэм фитыжь пшlошlа? — Пщымафи къахидзагъ.

— Пщымаф,— Шъэуае зыгъэгумэкlыщтыгъэр нэмыкlми ягущыlэ къегъэжьапlэ фэхъугъэм тыригъэзэжьыгъ: — Абэтэ Бэслъыные укъызфиlопщыгъэм уегуцэфагъэба? Шъыд зыфаер? Зыгорэджэ Бамбэт мы lофым къыхахьэмэ сэlошъ ары...

— Бамбэт пlуи?.. Ар тихэгъошъхьэ мэз хэслъэгъуагъэ фэдэу къысщыхъугъ.

— Шъыдыгъу?!

— Нычхьап.

— Къыпщыхъугъа хьауми пшlэжьыгъа?

— Гущыlэгъу сыфэхъугъэп, сызелъэгъум, шыу кlалэ горэ игъусэу мэзым хэхьажьыгъ.

– Пэшъукъ ары! – Зэгуцафэрэр ылъэгъугъапэ фэдэу Шъэуае къыушыхьатыгъ, зыкӏэрыс дэпкъым пылъэгъэ Ӏэшэ-шъуашэмэ алъыӏэбагъ.

Умари зиӏажэзэ, гугъуемылӀ фэдэу къыӀуагъ:

– Щыгъэт, Шъэуай. Мохэмэ запэтшӀынэп... Мыдэ, джыри чэщыр кӀыхьэ, къэбарыжъ горэм тыхэжъугъэдаӀу. Къегъажь, гъунэгъур. Хьау пӀомэ, ЕкӀэнэкъуитӀум, якъэбар къышъуфэсӀотэн. Шъукъедэӏу. «Гущыӏэрэм пэпчъ «ЕкӀэнэкъуитӀур, ЕкӀэнэкъуитӀур» еӀо, мы емынэм ыхьынитӀум фэшъхьаф лӀы щыӀэжьба сэӀо? КӀэфышъэ Индар зыдэщыӀэ чӀыпӀэ ЕкӀэнэкъор щаӀуагъэп. А зэшитӀум ялӀыгъэ зынэсырэр сэ афэсыушэтын» – КӀэфышъэ Индар ыӀуи, гъогу техьагъ.

КӀэфышъэр щытхъу фалӀэу, ау лъэбэкъу пэпчъ емыкӀу фэшъхьаф къымыхьэу хэтыгъ. Щытхъухьэ ежьэмэ, мэхъэджагъэкӀэ къыгъэзэжьыщтыгъ.

ШыуитӀу игъусэу КӀэфышъэр ЕкӀэнэкъомэ ящагу дэхьагъ, шышӀоӀум щепсыхыгъ. Зи къапэгъокӀыгъэпти, Орзэмэси Темыркъани зэрэдэмысхэр къагурыӀуагъ, хьакӀэщым ихьагъэх. ХьакӀэщ джэныкъом машӀом зыригъэзоу чэтыужъыр дэлъыгъ. КӀэфышъэм кӀакӀор зытырихи, пкъэужъыем пилъагъ, къамэр къырихыгъ: «Мыхэр хьэм къымылъфыгъэмэ, лӀы афэдэ ихьакӀэщ чэтыу рагъахьа» ыӀуи, чэтыужъым ыпшъэ зэшӀуигъэчъыгъ. Шъэо нэкъэрэ цӀыкӀу горэ хьакӀэщым къилъэдагъэти, «ма, нанэ фахьи щыпс егъэшӀ»,– ыӀуи, ритыгъ.

– Ар шъыд мэхъэджэ зекӀуакӀ шъыу! – Шъэуае ымакъи, ышъуи къыхихыгъ.

ЕкӀэныкъо зэшитӀур адэжь къызыкӀожьыхэкӀэ, янэ дэжь апэ ихьэхэу яхэбзагъэти, ным еупчӀыгъэх: «Хэт, тян, тихьакӀэхэр?» «СшӀэрэп, ау хэт щыщхэми, хьэкӀэ зэкӀокӀыгъэх. Чэтыужъыр къышӀуабзи, уянэжъ щыпс егъэшӀ аӀуи, шъэожъыем къырагъэхьыгъ». «КӀэфышъэ Индар нэмыкӀ ар ышӀагъэп. «Щыпс афэшӀ, тян»,– ыӀуагъ нахьыжъым. Ныом ыдагъэп, ау къо нахьыкӀэри зэкӀэкӀуагъэп. «Тян, хьакӀэм шӀоигъор фашӀэ хабзэ, амал иӀэп».

– Аферым, шъуянэ лӀэу шъукъилъфыгъ! – Агой Пщымафэ къыхэкуукӀыгъ.

Орзэмэс хьакӀэмэ адэжь ихьи, шӀуфэс арихыгъ. ГущыӀэгъу заулэкӀэ Ӏанэри хьазыр къэхъугъ, къафычӀахьагъ. КӀэфышъэм игъуситӀу Ӏанэм зыпэтӀысхьэм, Орзэмэс къызэкӀакӀуи, пкъэужъыем еуцолӀагъ. КӀэфышъэр Ӏанэм хэмыӀэ шӀоигъоу тӀэкӀурэ хэплъагъ. «КӀэфышъэр, къозэу уригъэшъыщтми ухэӀэн»,– Орзэмэс пхъашэу ыӀуагъ.

Шъэуае щхыпцӀыгъэ, Адыгэ жьы къымыщэжьэу къэхъущтым ежэ.

КӀэфышъэм чэтыу щыпс ӀулъхьэрфызэкӀэмыхьажьэу тӀэкӀурэ щысыгъ, ау амал иӀагъэп, ынапӀэ ридзыхи, Ӏулъхьэр ригъэхыгъ. «Уянэ ищыпс шӀыгъэ фэшӀэшхо иӀ,– къыӀуагъ хьакӀэм,– ащ нахь тыхэӀэшъунэп, бысым, темыгъээз».

Ӏанэр зырахыжьым, КӀэфышъэр пчъэмкӀэ плъи, къыӀуагъ: «ХьакӀэр шхахэмэ пчъэм еплъы аӀуагъ, тэ тежьэжьын». Орзэмэс яупчӀыгъ: «Адэ шъуилъэгъуни къэшъуӀуагъэп?» КӀэфышъэм къыӀуагъ: «Тхьэуегъэпсэу, тилъэгъун къэплъэгъугъах». Орзэмэс ышнахьыкӀэ Темыркъан ӀущхыпцӀи, ариӀожьыгъ: «Ащ ехъурэ лъэгъун шъуимыӀагъэмэ, шъуибынми зы чэтыу шъуагъэшхыныгъи...»

ЕкӀэныкъо зэшитӀур зыгъэпыирэ пщы-оркъмэ КӀэфышъэ Индар пагэри къахэхъуагъ.

Чэтыу щыпсым КӀэфышъэр зыхагъэӀагъэм тӀэкӀу тешӀагъэу, оркъым шыу куп игъусэу тхьаусхэкӀо бзылъфыгъэхэр зэрыз цуку горэм ӀукӀагъэх. Зэрэхабзэу, бзылъфыгъэхэр кум къикӀыгъэх. Шыухэри епсыхыхи, шыхэр яӀэдэжьэу, бзылъфыгъэмэ ябгъукӀуагъэх.

ЕкӀэныкъо зэшитӀум янэ бзылъфыгъэмэ ахэтэу КӀэфышъэм ышӀэжьыгъ, еджагъ: «Тян, зэ къылъыкӀуат». Ныор бзылъфыгъэмэ къазыхэкӀотым, КӀэфышъэр екӀуалӀи, ышъхьац пигъэчъыгъ. «Сыда, сикӀал, уихьакъэу стелъыр?» – ныор къеупчӀыгъ. «Пкъохэр лӀы дэгъух, лӀыгъэ ахэлъ аӀо. Арэу щытмэ, арэмыгъэгъу» – ыӀуи, КӀэфышъэр шэсыжьыгъэ. Орзэмэсрэ Темыркъанрэ янэ къырахыгъэ емыкӀур зэрэзэхахэу, КӀэфышъэм лъежьэнхэу запхъотагъ шъхьакӀэ, ным афидагъэп: «Хьау, ар шъумышӀэ, мыр къысэзышӀагъэм шъулӀымэ шъуӀукӀэщт. Алахь-Алахь, тянэ ышъхьац къыпиупкӀыгъ шъуӀоуи шъумыкуу, хизы сышъумышӀ. ШъхьакӀо зышхырэр шъхьэшхыгъо ефэжьы».

Ар зыхъугъэм мэфэ заулэ тешӀагъэу КӀэфышъэм Бэслъыные хэгъэгу къыгъэзэжьыгъ, пщы Бислъан ПцӀапцӀэр шэсынэу зигъэхьазырэу къытефэжьыгъэти, шыу купыр гъогу дытехьагъ. Тыгъэжьы чъыӀэр къапекӀоу, Инджыдж псыхъо Ӏухьагъэх. Псыхъо гузэгур къабзэу, псы гъунэхэр ӀущтыкӀыгъагъэх, мылы кӀышъор мыжъоупцӀэм фэдагъ. Бислъан ПцӀапцӀэр бэрэ ишы хэуагъ, ау шым зыригъани, фэхъыягъэп. Пщым иш мылым темыхьэ зэхъум, КӀэфышъэр

къэгубжи, зыхэтмэ къахэлъэтыгъ. Ау мыл гъунэм зынэсым, ащ иши къызэтеуцуагъ. «Сисае коц мэтэ уасэп, сызтесыр хъодэмыхьэп, олахьэ уикIыным! – КIэфышъэм ыIуи, ишыкIэ гъогу афыпхырычыгъ. Сыдигъуи гъогупэр пхырызыхын фае пщыр, Бислъан ПцIапцIэр, губжыгъэу къызэтеуцуагъ. «Къэжъугъаз! КIэфышъэм къысиIуагъэм фэдэ цIыф еIуа! Сэра зиш хъодэмыхьэр, зисае коц мэтэ уасэр? Ар бзэгухьагъэба! ПщылIыкIэ мыщэфыгъэ сае сыдигъо сэ зыщысlъагъ? Сисае коц мэтэ осэнэу сыфэкъолIа! Ащ хабзэ темышIыхьагъэу, лъэбэкъу сыдзынэп!»

А чIыпIэ дэдэм хьыкумышIыхэм Iофыр ахалъхьагъ. «Бислъан ПцIапцIэм исае коц мэтэ уасэкIэ тхьэлъанэ пшына?» – аIуи хьыкумышIыхэр КIэфышъэм зеупчIыхэм, Тхьэ афиIуагъ, ау шыхьат иIагъэп, нэбгыритIу къымыгъотмэ, аукIынэу Iофыр аухыгъ. Бислъан ПцIапцIэм ЕкIэныкъо зэшитIумэ ацIэ къыриIуагъ.

КIэфышъэм зыхэмыкIыжьын лажьэ зэрэхэфагъэр гурыIуагъ, ыгу къэкIодыгъ. «Сыдэу хъумэ зянэ сыушъхьакIугъэ зэшитIумэ адэжь сыкIощт, сыкъаукIын. Ау сэркIэ тIури зы: ахэр шыхьат къысфэмыхъухэмэ, мыдырэхэм сшъхьэ шIуахыщт. Лажьэр сыжэ къысфихьыжьыгъ, сыкIон».

ЕкIэныкъо зэшитIур дэмысэу джыри КIэфышъэр къытефагъ. Чэщ-зымафэ яжагъэу зэшитIур къэсыжьыгъ.

ЕкIэныкъо зэшхэр хьакIэм дэжь зехьэхэм, илъэгъун къариIотагъ: «Гъэрекlо гъатхэ щакIо горэм дэнэ шэкI ыIыгъэу пщы щагум къыдэхьэгъагъ. Гуащэр шэкIмэ захаплъэм, илIы сэяпхъэ фишIынэу данэ горэм енэцIи, къысигъэджагъэх: «Мы данэм пщым пае сенэцIы, сщэфына? Коц матэ нахьи риIуалIэрэп». «Бэу сэепхъэ дах»,– зесэIом, коц матэкIэ ыщэфи, пщым сае фишIыгъэу щыгъ. «Сиш хъодэмыхьэп» зыкIэсIуагъэр пщым ишы хъодэмыхьэ тамыгъэ телъыти ары. А шыр фэмыф лъэпкъ. Ау гуащэр хэт ышIэрэ къызэрэчIэкIыщтыр, бзылъфыгъэти, шыхьатэу сфэгъэлъэгъуагъэп. Джары сыкъызфэкIуагъэр».

ЗэшитIур янэ еупчIыжьыгъ. «Ащыгъум шыхьат шъуфэхъу»,– къариIуагъ. «Тян, а зыр тфэшIэнэп». Ным къариIуагъ: «Хьау, шъуипый шъуешIунэу ащ къизгъэкIырэп. Зэу КIэфышъэр шъуушъхьакIущт, ятIонэрэу пщы нэIуагъэу Бислъан ПцIапцIэр дэшъуушъхьакIущт. ШъудакIоу къызышъуушыхьатырэм, пщыр фэмыхъоу гуащэм еупчIыжьымэ, Iофым ылъапсэ къыриIожьыщт. Джар жъугъэцакIэмэ, КIэфышъэ оркъыжъыр шъуипыишъ, пыим зэрэдзэкIохэ хабзэу шъудзэкIожь».

ЗэшитIур КIэфышъэм гъусэ фэхъугъ. КIэфышъэ Индар ыIуагъэм шыхьат фэхъугъэх. Бислъан ПцIапцIэр къыхэкууkIыгъ: «АI-анасын, хьэм сишхи... ЕкIэныкъо зэшитIумэ КIэфышъэр къаукIыным сежэзэ, сэ сыкъаукIыгъ».

КIэфышъэм хьыкумэшIымэ тыралъхьагъэр тырахыжьыгъ, ау Бислъан ПцIапцIэм имыоркъыжьынэу къатIупщыжьыгъ.

«ПкIэнчъэу нэкъокъогъу шъусшIыгъ, шъощ нахьылI сырихьылIагъэп,– КIэфышъэм ЕкIэныкъо зэшитIумэ ариIуагъ.– Сыпсаоу сыщыIэзэ сышъуукIыгъэх. Шъушэсмэ, шъуилъэрыгъыпс сыубытэу, шъуепсыхымэ, шъуишыIупIэ сIыгъэу егъашIэм сышъуигъусэн, Iэрылъхьэ зышъуфэсэшIы».

ЗэшитIур янэ зеупчIыжьхэм, игъо афилъэгъугъ: «Ащ шъуезэгъ, пщы зыукIырэми лъэуасэ ытыжьмэ къэнэжьы. Хэт иоркъ лъэуасэкIэ зитыжьыгъ! КIэфышъэм зыкъышъуетмэ, шъуштэ. Аш нахь щытхъу шъо къыжъудэхъужьынэп, сикIалэх».

ЕкIэныкъо зэшитIур къезэгъыгъ. Бэслъыные оркъ КIэфышъэ жъалымыр зэшитIумэ яшыIупIэ Iыгъэу, яIофтабгэу къэнэжьыгъ... «Джары, сшынахьыкIэ лъапIэхэр, шъуезгъэзэщыгъэми,– Бэджэкъо Умарэ итхыдэ кIэух къыфишIыжьыгъ,– ЕкIэныкъо зэшитIумэ къэбарэу апылъыр...»

– Сыд пае тебгъэзэщын,– Пщымафэ къыIуагъ,– ЕкIэныкъо зэшхэр лIыгъэнчъагъэхэп, ны Iуши яIагъ, хигъэукъуагъэхэп, лIыгъэ зэраригъэхьагъ.

– Джары щэIагъэ зыхэжъугъэлъ зыкIаIорэр,– Тэзэ Адыги къыдыригъэштагъ, зи къэзымыIоу зышъхьэ еуфэхыгъэу щысыгъэ Шъэуаий еплъыгъ, Умари фыреплъэкIыгъ. Пщымафи IугушIуагъ, нахь егъэдыкъылIэгъэ-пыупкIыгъэкIэ къыухыжьыгъ: – Тэ, адыгэхэм, зэ мокIэ зытэдзы, зэ мыщкIэ зыкъэтэдзыжьы. Муары, Пшызэ загъорэ къыддэхьащхэу, загъорэ къыткIэнакIэу ипсыор зэрыхьхэмкIэ мыгузажъоу адыгэ-къэзэкъ нэпкъитIумэ адэчъы.

– Ар загъорэ зэщафэуи аушIоеуи къыхэкIы,– Iофышхо зыримыгъэшIы фэдэу Умари къыIуагъ,– псыхъо гупсэфэп ари...

– Адэ арба сэри сIорэр, Умар,– Тазэм ынэхэр къэфэбагъэх.– Адэ, Шъэуай, о зи къапIорэпи?

– Шъыд къэсэбгъэІон, сшынахьыкІ,– Шъэуае щхыпцІыгъэ,– тибысым къытфиІотагъэм лъапсэ имыІэу щытэпщтын... Шъыпкъэба, Умар?

– Ащ нахь шъыпкъэ цІыф ыІожьынэп,– Умарэ къыІощтыми фэхьазырыгъ,– ар бэмэ афэгъэхьыгъ, адыгэ щыІакІэм къыхэхъухьэгъэ шъыпкъ, къызэхэулІагъэри сшІэщтыгъэ, синэІосагъ ыІозэ, сятэ къыІожьэу бэрэ зэхэсхыгъэ.

– Адэ къэбар нэкІыр бэгъашІэп, купкІ зыхэлъыр лІэшІэгъумэ къялыжьы,– пчыхьэшъхьэ зэхэсыгъом Агой Пщымафэ кІэух къыфишІыжьыгъ.

Тэзэ Адыги ащ къыгъэтэджыжьыгъ:

– Олахьэ чэщ кІасэ хъугъэм, нэфлъэшІу шъукъекІ.

Шъэуаий къэтэджыжьыгъ, Умарэ къыІуагъ:

– Моу гъунэгъум зыгорэ есІо сшІоигъу...– Лъэгуцэм зытехьэхэм, ишъэф ышъхьэ фырихыгъ: – Тихэгъуашъхьэ щыплъэгъугъэ хъырцыжъитІур сыгу рихьрэп... Уихьэ тІупщы, тэ тыери стІупщыщт. Чъыеми зыремыгъэкІып...

## III

КъокІыпІэ тхышъхьэ мэзым ичъыг шъхьапэмэ нэфылъэр къадэкІошъэен гухэлъ джыри иІагъэп шыуитІур Къайхьэблэ хэгъуашъхьэм зыІокІхэм. Тхышъхьэ лъагэм дэкІыжьхи, мэз Іапчъэм зычІэкІхэм, Шъэуае къыІуагъ:

– О сшІэрэп, Пщымаф, ау сэ нычэпэрэчэщым сынапІэ къефэхыгъэп.

– Сэры шІэ,– зэхихыгъэр игуапэу Агойми къыІуагъ,– нычэпэ къызэрэсэхьылъэкІыгъэм фэдэу чэщ къэсшІэжьырэп.

Пщымафи сэщ фэдэ гумэкІылэ гор, Шъэуае гукІэ ыІуагъ. Ныбджэгъугъэ-шъэогъугъэр тазыфагу къызыдэтэджагъэм щегъэжьагъэу гуцафэ зыфысигъэшІыгъэп. Бамбэт иІордэгъэзагъ, иочылыгъ сІощтыгъэ шъхьаем, Шапсыгъэ нэс къикІи Абдзахэ къысфэкІуагъ. ТигупшысэхэрI къэзэкъхэмкІэ зэтемыфэ дэдэхэми, сызэрыфэгъэ чІыпІэм елъытыгъэу сыкъызэхешІыкІы, есІони, къысиІони тэгъоты. Ыгу зэмыІун горэ къыздилъэгъуми, сэ сызэрэфыщытэу ежьыри къысфегъэгъу. Васюринскэм къэзэкъмэ адэжь уишъэогъу къыддэкІогъагъэп еІошъ, загъорэ Умарэ къысфедзы. Сыд пае цІыфыр егъэзыгъэкІэ зепщэн? Пщымафэ фэдэба Адыгэ? Ащ игупшысэ Пщымафэ игупшысэ бэкІэ текІы – къэзэкъи тыркуи ищыкІагъэп. Агоим къыІуапэрэп шъхьакІэ тыркумэ къакъонэжьынэу къышІошІымэ, хэукъо.

Шъэуае игупшысэхэр щигъэзыий, Пщымафэ ичэщмычъые къытыригъэзэжьыгъ.

– Сэ сызымыгъэчъыен къэбар Абэтэ Бэслъыные къысфыуигъэхьыгъ шъхьакІэ, о шъыд шъхьэуз уиІагъэр?

– Ыджа уишъхьауз дэд,– ежэщтыгъэ пІонэу Пщымафи къыриІожъыгъ.– Абатэм сыкъызэрэпфиІофытагъэр арэп. Ыджа шыуитІоу Тазэм ылъэгъугъэмэ сагъэтынчыгъэп, ялъэмэкъэ шъэф нычэпэрэчэщым стхьакІумэ икІыгъэп.

– СшІагъэ арэу зэрэхъутэр...– Шъэуае шым елъэдэкъэуагъ, ригъэлъэхъугъ, чъэм хэтэу игущыІэ зэпигъэугъэп.– Сшъхьэ сшІоІофыжьыгъэп, хъырцыжъитІур къытэгуаоу, Умарэ ихапІэ лыгъэ къырадзыкъомэ сІозэ, гугъу сыхэтэу чэщыр исхыгъ.

– Шъэуай, орырэ сэрырэ зын тыкъилъфыгъа сэІо! Ыджар дэдэр ары сэри нычэпэ сшъхьэ илъыгъэр.

– Зын тыкъилъфыгъа зэрэпІуагъэр лъэшэу сигуапэ,– Шъэуае иш илъэхъу щыригъэгъэкІагъ,– ау къыздызепхьэрэ шъэогъугъэр зыпэсшІын дунаим тетэп. СІорэ пшІошъ хъутымэ, сшыджи, сишъэогъуджи, сигугъапІэджи усэлъытэ.

– Сыд пае сшІошъ мыхъун, тхьэуегъэпсэу, ыджар дэдэр сэри сыгу пфилъ. Ау нибжьи къыуамыІуагъэ горэ сэри къыосІон.

– Ы-ы! – Шъэуае иш къызэтыригъэуцуагъ.

– НекІо, некІо,– Пщымафэ къэуцугъэп,– сэ къыспэпшІын цІыфи дунаим тэмытэу умыІо. Сисур ыцІэу хэт дунаим пфытетыр?

– Агоир, олахьэ сыкъэуубытыгъэм...– Шъэуае щхыпцІыгъэ, ау ардэдэм зыкъиушІэжьыгъ: – Хъулъфыгъэ Іофмэ бзылъфыгъэр ахэмыгъэкІуакІ.

Гугъу фемылІ фэдэу Агоим къыІуагъ:

– Пщысымыгъэгъупшэжьы сшІоигъуагъ.

– Е-о-ой, Пщымаф, Сисурэ ыгу илъым сыщыгъуаз сІомэ, усэгъапцІэ, ау спэІузгъэкІотыгъэмэ Мыхьамэт-Джэрые тхьамыкІэм икІодыкІи ащыщ. ЗэкІэри зыпкъ къикІыгъэр Бамбэтыжъыр ары. КъысфеІопщы, къэбархэр къысфарегъэхьы, ыуж сызихьэрэм, зысшІуегъэбылъыжьы...– гуплъыгъэр къышІутекІоу Шъэуае шым зырыригъэтІагъ, онэгум зыриІэтыкІи, мэзытхыр къызэпигъаджэу, ошІэ-дэмышІэу кууагъэ: – ПаІо пщыгъэу уянэ укъилъфы-

гъэмэ, лIыгъэ горэ пхэлъыхэмэ, Бамбэт, ныбжьыкъум фэдэу сауж уимытэу мэзым къыхэкIи, сапэ къиуцу!

– Шъэуай! – Пщымафи шым жэдэIагъ.– Сыд, бэйтэмал, къыохъулIагъэр! АщкIэ Бамбэт зыкъебгъэшIэжьынэу огугъэмэ, ухэукъо.

– Сыхэукъоми,– нахьи нахь лъэшэу Шъэуай кууагъэ,– сыгу филъыр есэIо. Шыбгъэрэ сэшхо ихыгъэрэджэ сигъогупэ къыщыспэрэуцу!

– Щыгъэт, Шъэуай! – Агой Пщымафэ ыдагъэп.– Гъогуанэр тапэ илъэу джэгуалъэм удэмыджэгу.

– Олахьэ ари тэрэзым,– Шъэуае зыкъишIэжьыгъ, гум къыпылъэдагъэр зэришIагъэмкIэ, кIэгъожьба уигъаIоу, зиухыижьыгъ: – сызгъэгумэкIырэр жэм къысшIудэкIыгъ. Загъорэ, зэрэхъури сымышIэу, къыстемыфэхэрэр сIэкIашIэ. Ау Бамбэтыджэ, шъыд сшIагъэджи, сыкIэгъожьытэп. Тхьэ нахь сымышIэу сищыIэныгъэ зэтыричыгъ.

Узщылъэпэощтымрэ узгъэлъэпэощтымрэ пшIэщтыгъэмэ, Пщымаф гукIэ ыIуагъ, ащ фэдэу Бамбэт къычIэкIыжьыныр сэри сшIагъэп. Адыгэгур дэсIыгъэу сыкъыдекIокIыгъ. Анахь мыхъун тшIагъэми, адыгагъэм фэтшIагъэу, ащ тыфэпсэугъ тIомэ къедгъэкIузэ, зыкъэтыухъумэжьыщтыгъэ. Сыдэущтэу тыпсэугъэми, о къыуишIагъэм фэдэ къыздызэрихьагъэп, тызэфэдэгъугъэкIэ арэп, тызэфэгубжэуи тызэшIужьэуи къыхэкIыгъ, ау джы сегупшысэжьыгъ, къызгурэIо, сыд фэдэу тызэфыщытыгъэми, ыгу илъыр сигъэшIагъэп... Зэ, зэ, гъэрекIо къэзэкъмэ темэным тызычIырагъахьэм, Бамбэтрэ сэрырэ тызэгъусагъэба, сыдэущтэу а чэщым тызэгозынэу хъугъагъа? Тызэготэу тызэдачъэщтыгъэ, зымыгъэкIод къысиIощтыгъ. Къэзэкъхэр сэшхо ихыгъэкIэ къытпэгъочъыхэ зэхъум, зыдэхъугъэр сымышIэу бзэхыжьыгъагъэ... Сыд сэIо ыко уIагъэу къыгъэзэжьыгъэ пэтзэ сшъхьэ къыфихьэхэрэр? Бамбэт цIыф хъатэп, къэрар иIэп шъхьакIэ, лIыгъэ хэлъэп сфэIощтэп. Ау сэ сызгъэгумэкIырэр фэшъхьаф, къыуишIагъэр, Шъэуай, пщызгъэгъупшэжьын Iоф джы зыуж итыр. Зэ Сисурэ пытапIэм къыдэкIыжьэу Лъэустэнхьаблэ къыгъэзэжьыгъот оIо... Бамбэт фыуихьисапыр зэшIопхыфэ Екатеринодар дэсымэ гушIо...

– Талъэныкъу, Агоир, уигупшысэ зынэсыгъэр? – Шъэуае зигъэсэмэркъэузэ, онэгум зизыушъэфэгъэ гъусэм еупчIыгъ.



– О пкIэрыкIэу чыжьэу кIуагъэп,– гупшысэ зэшъхьащычъымэ къызэрэхащыжьыгъэр Пщымафи игуап.

– Зэрэхъурэмджэ, уигупшысэхэр чыжьэхэми, уилъэрыгъ къызнэсэу укъызгот.

– Къытэбгъэфагъ. «СищыIэныгъэ зэтыричыгъ» зыфэпIуагъэм сегупшысагъ...

Пчэдыжь тыгъэр джыри тхышъхьэ мэзым къыкъоплъын гухэлъ имыIагъэми, шыуитIур чапэм дэкIуае къэсми дунаим ишъэф зэхашIэ. Жьыбгъэ макIэу къыкIэпщырэр чъыг шъхьапэмэ къячъэхышъ, гъогубгъум зыщыретэкъухьэ, гъэрекIорэ къурэ шъхьэзакъохэр егъэсысы. Гъатхэм икъэсыгъу, бзыумэ яIушъэшъэ макъэ тыгъэ нэгуплъыр къушъхьэ шыгум шIэхэу къызэрэкъоплъыщтыр къыуегъашIэ. Мэкъэ зэфэшъхьафкIэ мэзыри къышъхьэщыкIотэрэ мафэм пэгъокIы: чыжьэкIэ, тхьаусыхэ зыригъэшIэу, бзыу горэ къэджагъ, нэмыкI мэкъэхэу ишъугъи ащ пэджэжьыгъ. МэзыкъуитIумэ ящырхэр ягъусэу шыумэ ягъогупэ зэпачыгъ. Шъэуаерэ Пщымафэрэ ахэмэ нэшIукIэ яплъыгъ нахь, яIашэ лъыIэбагъэхэп – дунаим терэтых, ясабыйхэри арэпIух.

Тхышъхьэм ехыхэзэ, Шъэуае къымыIон ылъэкIыгъэп:

– Тиныбжьыкъухэр джыри тауж итхэджэ сенэгуе.

– Олахьэ, Шъэуай,– Агоим къыхихыгъ, уигумэкIыкIэ непэ къыопэсыгъэп.

– СыгумэкIыхэрэп, сэгушIо нахь.

– Сыд гушIуагъу хъырцыжъмэ къыпфахьыгъэр?

– ХъырцыжъитIу Къайхьаблэ къыдэтщыгъ, Умар ипчъэIупэ къыIутщыгъ. Сэ спкъы къикIэу зыми сиягъэ езгъэкIы сшIоигъоп.

– Ар дэгъу, цIыфыгъ, Бэджэкъо Умари Тэзэ Адыги лIыгъэнчъэхэп... Ау зышъхьэ тымылъэгъурэмэ ягугъу зэрэпшIы зэпытырэр...

– ПшIошъ мыхъумэ,– Шъэуае щхызэ, гъогум дэхыгъ, мыжъо къогъу зишIыгъ,– моу дэплъый, таIэкIэкIыгъ ашIошIэу, тхышъхьэм къытелъэдэтых. Ар зымыхъуджэ, сиIуагъэ сэшкыжьы.

– Муарых! А слъэгъурэмэ зыгъэнэгъоджэ Iоф яIэп.

– Еплъ ямыIэмэ,– Шъэуае мыжъо къогъум зыкъокIым, Бамбэтыдыхэм мэзым зыхадзэжьыгъ.

Пщымафэ щхыгъэми, шыухэр шIокъэрэбгъагъ:

– Адэ къангъэбылъ шъузэдешIэу шъухэтыщта?

– Апэ тIэсхъапIэ ифэтым тешэ.

– ЗэрэхъурэмкIэ, Бамбэт ишэн ори дэпIыгъ?

– Шъыд синэӀосэ къэзэкъмэ аӀорэр?
– Ахэмэ Ӏаджи аӀо, о нахь пшӀэн.
– Тыгъужъымэ уахэтмэ, амакъэджэ быу, ыджары, Умарэ иӀуагъэу, сикъонакъ къэзэкъмэ аӀорэр,– лъэхъу псынкӀэ-гугъуемылӀыкӀэ Шъэуае игъогу техьажьыгъ, заулэрэ чъагъэхэу къыголъэдэжьыгъэ шъэогъум къыӀуагъ:
– Тауж итыхэр ттхыцӀэ къеплъэх.
– Зыгъэрэхьат,– ушъхьакӀун хэмылъэу Шъэуае къыӀуагъ,– зыпари ттхыцӀэ къиплъэжьырэп.
– Хэт къыпфиӀопщыгъ? – Пщымафи Ӏофы зыримыгъэшӀэу къеупчӀыжьыгъ.
– Мэфэщэджагъом тӀо зыкъэзыгъэлъагъорэмэ Бамбэт ащыщэп, пщыгъупшэжьыгъа изекӀуакӀэ?
– Ари шъыпкъэ, ау мощ ыгу непэ щэ-плӀэ зэокӀы, ышъхьэ къихьащтыр сыдым фэтшӀэн. Мы гъогум фэшъхьаф тхышъхьэм къехыпӀэ иӀэп, уапэтӀысыни тӀури ӀуебгъэхынкӀэ тӀэсхъапӀэ.
Шъэуае щхыпцӀыгъэ.
– Сыд узфэгушӀорэр?
– Бамбэт делэ пшӀошӀа? Ыджа угу къэкӀыгъэ тӀэсхъапӀэм ар тауж ригъэкӀыжьыгъ. Ау ащ къикӀырэп тымысакъыныр.
Шыухэр зэмышэкӀожьыщтыгъэми, абдзэхэ къушъхьэмэ, чэщыкӀи, мафэкӀи уахэтыныр щынэгъончъагъэп. Мыжъо къогъуи, гъогу къэгъэзэгъуи, чъыг гъумышӀуи шӀу зыгу имылъэу къакъокӀыщтыр къэшӀэгъоягъ. Сыд фэдэ лӀыгъэ пхэлъми, унэ къыкӀэӀабэрэр зыщымылъэгъущт мэзахэм укъызхэзыжьырэм гур зэрэрэхьатыжьырэм фэдэу, щэджагъо мыхъоу Шъэуаерэ Пщымафэрэ къушъхьэм къыхэкӀыжьхи бжъэдыгъу чӀылъэ тешъом къихьажьыгъэх, нэмыкӀ дунай къытефэжьыгъэхэ фэдэуи къащыхъугъ.
Ошъогум зы пщэ гъощагъи имытэу тыгъэпсы маф. Осыр бэмышӀэу зышъхьащыткӀухьэгъэ чӀыгур зэрэмыгугъэнчъэр ичъыг пцӀанэмэ, иуц гъугъэмэ, итемэнылъэ тхьэпэнчъэмэ, ипсыхъо мылынчъэмэ къаӀуатэ. Къушъхьэм щыкӀэпщыщтыгъэ жьыбгъэ чъыӀэ макӀэр, игъогу зандэмэ атепшъыхьагъэщтын, джыри мыщ къэсыгъэп. Непэ фэдэу мэфэ заулэрэ фэбэщтмэ, бжъэдыгъу дунаир зэмышъогъубэкӀэ къызэкъоущт.
– Бжъэдыгъу дунаир щыдах,– Шъэуае къыӀуагъ.
– Шапсыгъи, тхьамыкӀагъо къырамыхьэгъагъэмэ...– Пщымафи игумэкӀ къышӀудэоягъ.



Сыд тӀуагъэми, тшӀагъэми, Шъэуае гукӀэ зэриӀожьыгъ, ащ нэмыкӀ цӀыф лъэпкъ дунаим темыт фэдэу, а зы адыгэ гупшысэм текӀужьы – тэгъашӀо, тэгъае. Зыгорэм идагъо тэлъэгъу, Ӏупшӏэ фэтэшӀы, ынэ кӀэтэӀотэжьы нахь, тэ тщыкӀэрэр зыхэтлъэгъожьырэп, тылӀыхъужъ, тышъыпкъаӀу, тылэжьакӀу, адырэхэр къэрабгъэх, пцӀыусых, армэух. Ащ фэдэ хъун ылъэкӀыщтэп. Хэтырэ лъэпкъи зэрэфэукӀочӀэу шӀугъэр къызэригъэбэкӀымэ, щыкӀагъэр зыпигъэтэкъузэ мэпсэу. Ау узэрэфаеу зэкӀэ хъущтыгъэмэ? ЩыӀэныгъэм шӀури, ери къыщызэдекӀокӀы. Джэмыщх къызыщаштэрэм шъэжъыери щырящыкӀагъ, машӀоми псыр рагъэстыры, псыми машӀор рагъэкӀуасэ. «ЦӀыфым ищыӀакӀи дунэе зэблэхъум яхьщыр, зэ къыщесы, зэ къыщещхы, зэ къыщэфабэ, зэ къыщэучъыӀы» Мыхьамэт-Джэрые тхьамыкӀэм ыӀо зэпытыщтыгъэ, цӀыф Ӏушыгъ, цӀыфышӀугъ. Сыадыг, сыкъэзэкъ, дин зэфэшъхьаф тэлэжьы ыӀощтыгъэп. КъызхэкӀыгъэр ыгъэлъапӀэщтыгъэ, зыхэхьагъэмэ уасэ афишӀыщтыгъ. Къэзэкъмэ зэрагохьэгъагъэр ары фамыгъэгъущтыгъэр... Сэри ащ пае Ӏаджыри ыгу сыхэуӀэу къыхэкӀыгъ, Бамбэти имэхъэджагъэ ащкӀэ ыгъэфедагъ. Тырку султӀаным фимышӀагъэр, адыгэ бетэмал, о пӀашъхьэкӀэ рыуагъэшӀагъ. Тэ етӀани адыг, къэзэкъ тэӀошъ тызэпыджыжьы...
Шъэуае зыкъыримыгъашӀэу Пщымафэ фыреплъэкӀыгъ.
Сэщ фэдэу, мыщи фэмыухын Ӏаджи ышъхьэ илъэу къычӀэкӀын, Шъэуае ыӀуагъ. Ары, шапсыгъэмэ арашӀагъэр тхьамыкӀэгъошху. Власов генералыри,– де-Скаси ыӀуымыӀоми,– зафэп, зэ орэуцужь, ушъхьагъу лъыхъукӀэ заулэрэ идзэ Пшызэ къызэпырищыгъ. Адыгэ куп талъэныкъокӀэ къызэпырэкӀы оӀокӀэ, сыд сабыймэ, бзылъфыгъэмэ, нэжъ-Ӏужъмэ ялажьэр? Узфырикъущтым упэуцужьмэ – лӀыгъэ. Адэ Къылыщтыку темэным хэкӀодагъэмэ апае ямысагъэ зыдашӀэжьыти, итхьамыкӀагъо хэти ыгъэежьзэ игукӀае егупсэфылӀэжьыгъ нахь, ятхьаусыхэ зыми рахьылӀагъэп. Темэным къэзэкъмэ тыхаукӀыхьагъ, тыщагъэунэхъугъ зыӀуагъэхэри щыӀагъэх, ау ахэмэ амакъэ, тыдэкӀи къерэкӀ фаеми, зэфагъэм зыригъэӀэтыгъэп. Мыщ ыпэкӀи, адырэ къихьагъухэмкӀи Власовым шапсыгъэчӀ ришӀыхьагъэр тхьамыкӀагъу, къыбдесэгъаштэ, Пщымаф, ащ пае угу къысэмыгъабгъ, анахьышӀу слъэгъурэми ар фэсыдэнэп. Къэзэкъхэм тэркӀэ ягухьэ-гужъ, яжьалымагъэ зыфэдэр сынитӀукӀэ слъэгъугъэ, сшъхьэкӀэ зэхэсшӀагъ. Ау тыгу зыфэмышӀу къэзэкъхэр, тэ тызэрэзэфэмыдэу, зэфэдэхэп.

Анфисэрэ Пантелейрэ язакъоми, Бамбэтрэ Пэшъукърэ апэ къэсэштэ. Анфискэ пшъэшъэжъыем игукIэгъурэ ихьалыгъу такъырырэ гъэрыпIэр сэзгъэщэчыгъэр. Сыд къыщысаIуагъэми къыщысашIагъэми, сыгу язгъэбгъэныр къыстефэрэп, анахь хьэ Iасэми ыкIэ узытеуцорэм, къыоцэкъэщт…

– Шъэуай, сыпфэгушIо,– шыуитIур тхышъхьэм зытехьэм, Пщымафэ къыIуагъ.

– Шъы пIуи, Пщымаф? – Шъэуае игупшысэмэ къахэужьыгъ.– ГушIуагъо джырэджэ слъэгъурэп.

– Модэ къэзэкъ чылэхэба Пшызэ нэпкъ къытещыхэрэр?

– Ары,– Шъэуае шхомлакIэр къыкъудыигъ,– ухэукъуагъэп, къэзэкъ чылэх. Уфаемэ, ацIи къыпфесIон.

– ЯсшIэн щыIэп! – Джы сэмэркъэу хэмылъыжьэу Пщымафэ къыIуагъ.

– Шъыд пай уимыщыкIэгъэн,– «сыпфэгушIо» къызкIыриIуагъэр джы Шъэуае къыубытыгъэу Пщымафэ есэмэркъэужьыгъ,– сэри ар зэгорэм сIотыгъ. Уапэджэ мыжъор умыдзы, уелъэпэожьыт зэраIорэр шъыпкъэ.

– Ашъыу, сынэмэ къэзэкъ чылэхэр къапэшIофагъэти, уигупшысэмэ уахэзгъэшъхьаукъэнэп сIуи, гухьа-гужъ хэмылъэу къэсIуагъ,– Пщымафэ ичIэгъычIэлъ сэмэркъэу хигъэкIокIэжь фэдэу зишIыгъ,– уимыгуапэмэ, егъэзыгъэп, уемыплъ.

– УкъысэлъэIугъэджи ар сфэшIэнэп, Пщымаф,– Шъэуае ымакъэ къышIуефэхыгъ, хэщэтыкIыгъ,– мо къэлъэгъорэ чылэгъуищым языр Васюринск – мэзищэ гъэрэу сызщаIыгъыгъэр ары…

– Джы уикъонакъхэр зыдэсхэр ары,– гужъ хэмылъэу Пщымафэ къыIуагъ.

– Сэ сизакъоп, Умари икъонакъыx.

– Ар шъуIозэ, тызэряжъугъэпхъощт…– Пщымафэ гъумтIымызэ шым елъэдэкъэуагъ.

Лъэхъу цIыкIум тIэкIурэ хэтыгъэхэу Шъэуае къыIуагъ:

– Абэтэ Бэслъыные ибэрэскэшхо пIалъэ къэсынджэ джыри уахътэ щыI. КъыомыхьылъэкIытмэ, чыжьэп, муары къэлъагъо, Васюринскэ лъэныкъомджэ тыребгъэкIокIыгъэмэ, сигопэтыгъ.

– Тыдэхьанэуи? – Пщымафэ шыр къымыгъэуцоу къэупчIагъ.

– Пшызэ нэпкъ тырекIокIыгъэми сезэгъытыгъэ.

– О лIыр къэзэкъмэ укъаушхъухьагъэкIэ сенэгуе…– мэкъэ шъабэкIэ джы Пщымафэ къыIуагъ.

– Ащ фэдашъо къыстеоштэмэ, къызэрэпшIошIэу орэхъу…– Шъэуае къыфадзыгъэм къаигъэгъэ шъхьаихыгъэ пигъохыжьыгъэп, къыраIожьыщтми дэгуIэщтыгъэп.

– Аущтэу оIомэ, Шъэуай, узгъэрэзэн,– тIэкIу тешIагъэу Агой Пщымафэ къыIуи, къэзэкъ чылэр къызщылъэгъорэ лъэныкъомкIэ шым дыригъэIонтIэхыгъ,– мыщ ыпэкIи, Пантэлай афэшъущэжьы зэхъум, Умарэрэ орырэ шъузэхэсшIыкIыгъагъэп… Сыд сэIо ти Пшызэбгъу тырекIокIыкIэ къэзэкъмэ къыташIэн алъэкIыщтыр!.. Чэщыри Пщыкъуйхьаблэ синыбджэгъужъым дэжь щитхын. НекIо, ащ пае угу хэзгъэкIынэп. Бамбэтыжъми тызэфэчъыIэу къышIодгъэшIынэп.

Пшызэ Iушъорэ абдзэхэ чIыгумрэ азыфагу шы лъэхъу мыгузажъокIэ мэфэныкъо нахьыбэ дэмылъыгъэми, мыщ гъатхэр щынэмыкIыгъ. ШыуитIур къызхэфэгъэ щэджэгъо мафэм ишъэбагъэ тыдэкIи щыолъэгъу: тыгъэопIэ чIыпIэмэ къахэплъын езыгъэжьэгъэ уцыпэ шхъонтIэ чан цIыкIухэр къахэгушIукIы, псыхъом игушIогъо чъакIэ къыхэпсы, инэпкъ джабгъу лъагэ иIуплъи хэолъагъо, ащ тет шъэожъые-пшъэшъэжъые зэрэгъэджэгумэ амакъэ къахэтэкъукIы, бзыухэри, анахьэу пцIэшхъо къэсыжьыгъакIэхэр, псышъхьашъом теджэгукIых зыми емыупчIыжьхэу, зыдэбыбырэр яунаеу Пшызэ къызэпырэлъэтых, зэпырэлъэтыжьых.

Васюринскэ псыикIыпIэм пэчIынэтIэ адыгэ нэпкъ тешъом шъэожъыехэр зыщыджэгухэрэм дэжь Шъэуаерэ Пщымафэрэ къыщыуцугъэх.

– ТыкъалъэгъуурэпI, сярэджа? – тIэкIу щытыгъэхэу Пщымафэ къыIуагъ.

– Бащэ, гъэджэгух…– Шъэуае ыдагъэп, Бамбэт къызыщеогъэгъэ чIыпIэр инэплъэгъу къызыпэшIуафэм, зэхыригъашIэу ыгу къыпыузыкIыгъ, ау псынкIэу зыкъишIэжьыгъ, Анфисэ ихьалыгъу къэхьыкIэ ынэгу къыкIэуцожьэу къыIуагъ: – ТыдэкIи сабыйхэр щызэфэдэх, тхьагъэпцIынчъэх, гукIэгъушIэх… Мо къумбылмэ къахэщырэ унашъхьэр олъэгъуа, Пщымаф? Джары Паденкэ Савелий иунэ, ащ пэгъунэгъу, къэлъагъорэп, джау щагум Качурэ Ивани иунэ дэдзагъ. ТIуми, зи япIолIэнэп, ящагухэр зэтегъэпсыхьагъэх, нэмыкI къэзэкъхэри, зым нахьи адырэр нахь дэгъужьэу, яшIугъоу мэпсэух…

– Зэ, зэ, Шъэуай,– сэмэркъэу зэрэхэлъыр къыхэщэу Пщымафэ иныбджэгъу къызэпиутыгъ,– ар пӏоу уикъэзэкъмэ татэмыгъэгушӏуахь. О къэмыӏоми ахэр зэрэзэтэгъэпсыхьагъэхэр тэри тымышӏэу щытэп. Некӏо, зэ уатэплъагъэмэ икъун...

Къыраӏорэр зэхихынэу Шъэуае чӏыпӏэ итыгъэп, ышъхьэкӏэ онэгум исэу, ыгу псырыкӏым щыӏагъ. Гъэрыпӏэ хьылъэр зыщырихи, шъхьафит ӏэшӏур зыщигъотыжьыгъэ Паденкэ Савелий ищагу нахьи Качурэ Иван икъэлэпчъэӏу нахь шӏогушӏуафэу ӏутыгъ. Щагур зэгъокӏы, Анфисэ дилъагъорэп, ышнахьыкӏэ Васеки теплъагъэмэ ыгу загъэщтыгъ шъхьакӏэ, ащ ымакъи къэӏурэп, пӏырагур къезыфэкӏырэ шъэожъыеми ахэтэп. Шъэуае ылъэгъугъэмэ анахь шӏогукъаор апэ Анфискэ ынэ къаргъохэр зыӏуилъэгъогъэ къакъыр нэтӏэ гъуанэр зэрэӏуежьыгъагъэр ары...

– Зыгорэ къэпӏуагъа, Пщымаф? – Шъэуае къэупчӏагъ.

– Олахьэ къэсӏуагъэм, ау гур мыплъэу нэр плъэрэп,– къыфидзыжьыгъэгъэ сэмэркъэоу шъыпкъэ дыдж тӏэкӏу зыкӏэлъыр къыкӏиӏотыкӏыжьыныр Пщымафэ къыригъэкӏугъэп, гыекӏэ къыухыжьыгъ: – Адэ моущтэу тыщытына.

– Ари шъыпкъэ,– Шъэуае хэщэтыкӏыгъ,– о уиӏуагъэу, къэзэкъмэ татеплъагъэмэ икъун...

– Ы-ы!..– Мыдэ мыщ ыӏорэр!.. Пщымафэ зэхихыгъэр ыгъэшӏэгъуагъ.– Сыд ащыгъум къыосӏуагъэм укъызыфыкӏэупчӏэжьыгъэр?

– Къэзэкъмэ саушхъуахыгъэу къыпшӏозгъэшӏынэп, ямылъку утезгъэгушӏуахьынэп сӏогъагъэти ары джэуап къызкӏыосымытыжьыгъэр. Тыздаплъэтгъэ лъэныкъомджэ сыгу къэзгъэнагъ сфэӏонэп, ау сыкъэпшӏагъ.

– Джырэкӏэ огугъа ар къызыбдэсшӏагъэр? – Пщымафи щхы фэдэу зыригъэшӏыгъ, етӏанэ цӏацӏэзэ къеушъыигъ: – Пантэлаймэ угу зыфэгъурэр, удэйл. Мары, тыпсаумэ къэплъэгъужьын, зэгорэм ар къызытэмызэожьырэм... Ары, ары, заом къонакъ-сэнакъ, ныбджэгъу-шъэогъу иӏэжьэп. Мыхъу зыщыхъурэм, ар пӏоу Пантэлай къэзэкъым исэфо пашъхьэ уимыуцу, къыоблэжьынэп.

– А дэдэр ышӏэнэп,– Шъэуае къыӏуи, псыхъо лъэныкъомкӏэ зэплъэкӏыжьыгъ,– ар сэ къысишӏэми, Бэджэкъо Умарэ рипэсынэп.

– Къэзэкъым ыгу непэ блэ зэокӏы аӏоу зэхэпхыгъа? – Пщымафэ къызэплъэкӏыгъ.



– Зэхэсхыгъ,– Шъэуаий иджэуап кӏэкӏы,– ау а дэдэр адыгэми епӏолӏэн плъэкӏыт. Цӏыф дэй зимыӏэ лъэпкъ щыӏэпщтын... Шъыда зыгорэм ӏапэ зыкӏыфэпшӏыжьытыр, Бамбэт псаоу дунаим тетэу...

– Олахьэ ари тэрэзым...– Пщымафэ къыӏуи,– ошӏэ-дэмышӏэу иш къыригъэгъэзагъ: – Арэп, Шъэуай, а угу зыфэгъурэр ыджа зигугъу къысфэпшӏыгъэгъэ пшъэшъэжъыер армэ шӏэ?! Сыд пӏуи ащ ыцӏэр?

– Анфиск! – зыцӏэ щыгъупшэжьыгъагъэр ыгу къызэрагъэкӏыжьыгъэр игушӏопс къыхэщэу Шъэуае къызӏуипхъотыгъ. – Мы илъэсныкъом рыкӏуагъэр сшӏэрэпышъ, сегъапэ. Пантелей къызышъуфакӏом Анфискэ пае уеупчӏыгъэба Умарэ зесэӏом, щхыпцыгъэ нахь зи къысиӏожьыгъэп.

– Умарэ ищхыкӏэ сыд мышӏуа хэплъэгъуагъэр?

– Къызгурэӏо, Пщымаф, ащджэ къысапӏомэ пшӏоигъор... Анфискэ пшъэшъэжъыем идунай къежьэгъакӏэ тимыгъапэтгъэмэ, Умарэ нахьыжъым сеупчӏытыгъэп.

Заулэрэ кӏуагъэу Агой Пщымафэ ышъхьэрэ ыгурэ зэбгъэжьэу шым зырыригъэтӏагъ, Шъэуае игунахь къэсэхьми сшӏэрэп ыӏуи, мэкъэ теубытагъэкӏэ къыӏуагъ:

– Арэу уфэгумэкӏмэ, некӏо, псым тызэпырыджыкӏыни, нэпкъым къытырядгъэщэн, плъэгъун, уеупчӏын.

– Зэзакъо сытерэплъи, сезэгъыт...– укӏытэр къызтекӏорэ макъэкӏэ Шъэуае къыӏуагъ.

Адыгэ шыуитӏур къэзэкъ шъэожъыемэ ащыщ горэм къылъэгъугъ, игъусэмэ ашъхьи къаригъэпхъотагъ, кӏэзыӏэжьыгъэхэри къахэкӏыгъэх, нэпкъым къытезэрэгъэбэнагъэхэри макӏэп.

– Урысыбзэр о нахь ошӏэ,– Пщымафэ къыӏуагъ,– яупчӏ, къыӏуягъащ.

– Къыӏуязгъэщэн, ау ятэ, Качурэ Иван, ыдэнэп нахь.

– Сыд Качурэм узэрэпылъыр... Яӏу!..– Пщымафэ ымакъэ джы нахь чан къэхъугъ.

– Качурэ Иван Хведоровичым ыпхъу Анфискэ къысфашъущ, Ибрахьим-Шъэуай шъуӏори ешъуӏу,– Шъэуае урысыбзэ-къэзэкъыбзэ зэхэпхъагъэкӏэ псыхъом зэпырыджыкӏыгъ, ыцӏэ зэхэзыхыгъэ шъэожъыехэри къэзэрэгъэбырсырыгъэх, нэпкъым къыӏузэрэтэкъуагъэх, зыгори ахэчъыгъ, анахь шъэожъые такъырыри къэджэжьыгъ:

– Здоровеньки булы, Ибрагим-Шевай! Как ты там у черкисав?

– Зэкӏэри дэгъу. О хэт уришъау?

– Я сын Ткаченко Петра. Помнишъ, это я, Гриша... Травы для раны тоби приносил.

– Укъэсэшlэжьы, Григорий, укъэсэшlэжьы...– Шъэуае ымакъэ къыlэпызыгъ, ау псынкlэу зызыlэкlиубытэжьыгъ.– Тхьэуегъэпсэу... Уяти, Паденкэ Савелий Петровичи, Качурэ Иван Хведоровичи, нэмыкlхэу сызышlэхэрэми шlуфэс сфяхыжь.

– Пантэлай, тхьагъэбэгъон,– Пщымафэ къэгузэжъуагъ.

– Пантелей тшынахьыкlэ сыд икъэбар? – Пщымафэ зыфаери Шъэуае ыгъэцэкlагъ.

– А Пантелей Савельич,– шъэожьыем джэуап къытыжьыгъ,– в нижнем курени у реки на дозоре служить. Вин Анфиска с братцем Васькой сюды бегуть.

Iэ сэмэгумкlэ ышнахьыкlэ цlыкlоу зизгъанэрэр къылъэшъоу, Iэ джабгъумкlэ шъхьэтехъо къолэныр ыlыгъэу Анфисэ нэпкъым къытехьагъ, псырыкl шыуитlумэ языр къызешlэжьым, къызэтеуцуагъ. Ыкъогъу зыкъозыдзэгъэ ышнахьыкlэ пымылъэу заулэрэ щытыгъ, етlанэ ежьырырэ заджэрэмрэ къэзэкъ-адыгэ дунаим темытыжьы фэдэу гъэшlобзэ мэкъэ гумэкlыкlэ псыхъом къызэпырыджыкlыгъ:

– Здравствуй, Шевай.

– Здравствуй, Анфиса, здравствуй...

Шъэуаерэ Анфисэрэ зэрэзэдэгущыlэщтыгъэ урысыбзэм Пщымафэ хишlыкlыщтыгъэ шlагъо щымыlэми, хъулъфыгъэмрэ бзылъфыгъэмрэ азыфагу дэлъ шъэфыр, ежь къызэрэшlошlэу, нафэти, зыфэlэжагъэп:

– Хъугъэ, Шъэуай, шъуlуагъэр... Ащ хэткlи гъунэ иlагъэп. Пцэ къымыхьыщт пкlышъхьэ-мышъхьэм Iэшlу пlоу, улъымыlаб... Некlо, къэзэкъмэ бырсыр къытамышlылlэзэ, тыlугъэкlыжь.

Агой Пщымафэ иш нахь ригъэлъэхьоу, Шъэуаий ныбджэгъум ыуж зыкъыримыгъанэу Пшызэ Iушъо къызIукlыжьыгъэхэм сыхьатныкъом къэхъу тешlагъэми, зы гущыlэ зэраlуагъэп. Зэфэгубжыгъэхэу арэп. Хэти зыхэгупшысыхьан горэ ышъхьэ илъыгъ.

Гъогу зэхэкlым зынэсхэм, Пщымафэ къыlуагъ:

– Уахътэм пчыхьэм риублэгъугъ, джа зэрэтlуагъэу, Пщыкъуйхьаблэ тыдэхьан.

– Къызэрэпlу, Пщымаф. Ыджы сэрджэ тlури зы...

Пщымафэ гукlэ щхыпцlыгъэ. Заулэрэ кlуагъэхэу Шъэуае къыlуагъ:

– Непэ мэфэ шlэгъуагъ.



– Дэигъэп...

Шъэуае инепэрэ ошlэ-дэмышlэ гушlуагъо Пщымафэ къызэрэдимыгощыщтыр къыгурыlуагъ, нахьыжъыгъэ чlыпlэр зыlыгъым фыреплъэкlыгъ, тlэкlу тыригъашlи, риlуагъ:

– Угу зэмыlугъэ горэ, Пшызэ Iушъо къыщысхэфагъэджэ сенэгуе.

– Арэу къыпщэхъумэ,– гугъуемылl зэпыугъо заулэкlэ къыриlожьыгъ,– ухэукъорэп,– непэ угу жьы зэрэдэзгъэкlыгъэр къыптесыушъогъожьырэп, ау къыбдэсшlагъэр уихьалэли сфэlонэп. Джы къызгурэlо Сисурэ тхьамыкlэм игугъу зыфэмышlыжьырэр...

– Пщымаф!..– шхомлэкlэ кlырыукlэ Шъэуае шым жэдауи, къызэтыригъэуцуагъ.

Нэбгыритlумэ азыфагу къыдэтэджэгъэ Iор Агой Пщымафэ зэхифын мурад иlагъэп...

## IV

Зыфаlогъэ пlалъэм ехъулlэу Абын чылэ тхышъхьэм Шъэуаедыхэр зытехьэхэм, пчэдыжьыпэр мыгузажъоу иуахътэ хэкlошъыщтыгъэ.

Чыжьэкlэ, хы Шlуцlэ лъэныкъомкlэ, шапсыгъэ къушъхьэ зэпэбгъут-зэшъхьащыкlохэр, мыкl осыр зэрямэкlагъэр ашыгу пцlанэкlэ къаlуатэу, пщэгъо пlокlэ нэгъыфмэ къахэплъых. Джабгъумкlэ хым зэпырыдзыгъэ Къырым пэчlынатlэу, нахь къушъхьэ лъахъчэхэр мэз зэщымыщкlэ Анапэ еолlэжьых. Сэмэгумкlэ, Тlопсэ лъэныкъом нахь чыжьаlоу, абхъаз-джыгэтмэ адэжь зыщызыlэтырэ къушъхьэмэ ямыжъо пакlэхэр гъэтхэ уашъом епыджхэ фэдэу къыпщэхъу. Хы кlыб къушъхьэ лъапсэмэ къаlучъыгъэ мэзылъэ, жъокlупlэ, былымхъупlэ, мэкъупlэ чlыгухэр Бэслъыныемэ апхырычъызэ, къэбэртаемэ якlужьых.

– Шъыд, Пщымаф, укъызфэуцугъэр? – Шъэуаий къызэтеуцуагъ.– Гумэкlыгъо щыlа? Тхьэм ишыкурджэ Абэтэ Бэслъыныме ичылэ мамыр, уаим дэслъагъорэп.

– Абын чылэм изакъоп сэ джыдэдэм сынэгу кlэтыр. Хэгъэгу дахэрэ хэгъэгу гъэбэжъурэ тыщэпсэу. Моу зэ гукlэ къичъыхьакlыри, ар зыфэдэр плъэгъущт, къыбгурыlощт. Тинахьыжъмэ аlо зэхъум, сынитlукlэ сэлъэгъуфэ, сшlошъ хъущтыгъэп.

– Ары, ары, Пщымаф, ухэукъорэп, хэгъэгу дах, хэгъэгу гъэбэжъу,– шIулъэгъу-гушхогъэ шъабэр зихэгъэгу физыIотыкIырэ шъэогъу нахьыжъым Шъэуае дыригъашти, тхышъхьэ лъапсэм Iутэкъогъэ Абын даплъэзэ, гъумтIымыгъэ: – Хэгъэгу дахэм, хэгъэгу гъэбэжъум мамыр илъэп.... НекIо, Пщымаф, тызылъэгъурэм шъыд мыхэр ыIоу, чылэм тышъхьащымыгъэт, тыдэгъахь. Ярэби, шъыд Абэтэ Бэслъыные къысфырихьисапыр?

– КъыосIуагъи, Шъэуай. Шъхьэгугъу узэхъулIэн Iофыгъэмэ, тхьэмэфэ пIалъэ къыпфишIыщтыгъэп. Сэри ащ силэжьэ тIэкIуи хэлъ, лIыфо-тхьамэтэфом узэрищыкIагъэмкIэ сеупчIын къезгъэкIугъэп, ыжэ къыдэзыгъэр къэспхъуати, къызэрэпфаер сигуапэу гъогу сыкъытэхьагъ. Тыгъуасэ Пщыкъуйхьаблэ бысым тфэхъугъэгъэ синыбджэгъужъым зэриIуагъэу, уафэенхэ нахьи зэкIэми урящыкIагъэ тхьэ ешI.

– Ари гущэIэ псау. Ау Абэтэ Бэслъыные нахьыжъымрэ сэрырэ Мыхьамэт-Джэрые илъэхъан, зэ-тIо тызэтеплъагъэми ары, нибжьи гущэIэгъу тызэфэхъугъэп... ХъорэлIыкъо Мэрчанэрэ Абэтэ Бэслъыныерэ азфагу Тыркуем къыщыдэхъуахьыгъагъэм хэшIыкI фысимыIэу, Мыхьамэт-Джэрые ихьатырджэ, зыщызэшIужьыгъэгъэхэ чIыпIэм садифэгъагъ. А лъэхъаным ХъорэлIыкIо Мэрчанэ Хъан-Джэрыеджэ тиаталыкъыгъ,– ардэдэм гъэрекIо бжыхьэ, гъэрыпIэ ужым, Екатеринодар щилъэгъугъэгъэ Хъан-Джэрые Шъэуай ынэгу къыкIэуцуагъ, лъэпэлъаг, пкъы псыгъом адыгэ-къэзэкъ шъошэ зэхэпхъагъэр къекIу, тэмэтелъ бгъузэ плъыжьмэ акIыбыкIэ Къэнтатэрэ Сисурэрэ къадэплъы, зыгорэ къыраIо ашIоигъоу, къафэмыIошъоу къыIоплъэх. Бамбэти, адыкIэ зыкIыщытыр зыфихьын ымышIэу, къыIощхыпцIэ. Аужрэ ошIэ-дэмышIэ нэплъэгъум зыпигъэутхыпкIыхьажьыгъэ фэдэу Шъэуае игупшысэ псынкIэмэ къахэужьыгъ, аущтэу зэрэхъугъэри игуапэу игущыIэ къыпидзэжьыгъ,– пщы шъаор тфипIутыгъ... Мыхьамэт-Джэрые икъэзэкъ Iофыджэ зы адыгэ хъырцыжъ куп къышIомынэгъагъэмэ...

– Ара Хъан-Джэрые Мэрчанэ зыкIыIихыжьыгъагъэр? – Пщымафэ иупчIэ ежь иемыкIу горэ къыхэщы уигъаIоу къэупчIагъ.

– Мыхьамэт-Джэрые ежь ышъхьэп игугъугъэр... Исабыймэ атенэгуикIытгъэ. Зэ хъырцыжъмэ укъызаутIэсхъыджэ, пшIэрэба къыуашIэн алъэкIытэр?



– Сыдэу зыфашIыгъэми, зытехьэгъэ гъогум афытекIыгъэп.

– Иш лъэпаомэ зэблэзыхъурэ лIымэ Мыхьамэт-Джэрые афэдагъэп, цIыфышIугъ. Сэ сиягъи езгъэкIыгъ, ащ ихыягъэ сигъэкIуагъэп, сытеунэхъожьыгъ.

Агой Пщымафэ даIо фэдагъэми, игупшысэ шъэфхэр къыфызэкIэрыожьыгъэхэу шым тес къодыягъ. КъыраIорэр зэхимыхыжьэу, Абын тхышъхьэм темыхьагъэу, нэмыкI дунай тефагъэм фэдэ къыщэхъу, зыщыгушIукIыщтыгъэ адыгэ дунаири дэхэжьэп, IэшIужьэп.

СигукъэкIыжь мытхъагъомэ икъунба зызэрязгъэухыгъэр, Пщымафэ зыфэгубжыжьыгъ. Симыхъо-мышIагъэ джы къызнэсыгъэм цIыф есIуагъэп, зэрэмытэрэзыр зыдэсшIэжьэу къыздесэхьакIы. Шъэуае игукъао зэп-тIоп зэрэзэхэсхыгъэр, къеIошъы ыгу жьы дегъэкIы, Бамбэт сигъэшIагъэм ышъхьэ сэри Шъэуае фисэрэха? СыкъызэхишIыкIына шъуIуа? СыкъызэхимышIыкIымэ, цыхьэ къысфишIыжьынэп, ныбджэгъугъи къыздызэрихьажьынэп. Армырми цIыфмэ зыхадзыжьыгъэ Бамбэт сыригъусэу сцIэ зэхэзыхрэмэ къашIошIы. Сэ Тхьэм нахь гугъапIэ симыIэу сыщыI, сисабыйхэр сэпIу, сихэгъэгу сыфэшъыпкъ, Абэтэ Бэслъыные ыпашъхьэ тихьаным ыпэкIэ сишъэф Шъэуае ерэшI.

– Мыхьамэт-Джэрые зэкIодылIагъэр хъырцыжъымэ апкъ къимыкIыгъэу огугъа, Шъэуай?

– Сыгугъэрэп,– Шъэуае къыпиупкIыгъ.

– Тэрэзэу ошIэ. Тырку мылъкукIэ щэфыгъэгъэ хъырцыжъых ащ къыпэуцущтыгъэхэр.

– Ащи сыщыгъуаз.

– Ащыгъум Бамбэт фэшъхьафэу Мыхьамэт-Джэрые зэкIодылIагъэмэ хэшIыкI афыуиIэба?

– АфысиI!

– Узыщымыгъуазэ горэм ышъхьэ къыпфырахмэ, сыд пIон?

– Мыхьамэт-Джэрыеджэ ащ шIуагъэ хэмылъыжьми, шъыпкъаIом тхьэуегъэпсэу есIон.

– Чэтыку мэз Iапчъэм дэжь Мыхьамэт-Джэрыерэ орырэ шъуапэ къиуцогъэгъэ шыуищыр къэошIэжьа?

– КъэсшIэжьы. ЗыкъызэрэтфашIыгъагъэри сынэгу кIэт, къытфадзыгъагъэри джы къызнэсыгъэм стхьакIумэ ит. Щым язым фэшъхьафэу тIум ацIи къыпфесIон.

– Ы-ы! – Пщымафэ шыр къызэтыригъэуцуагъ.– Хэт къыозыIуагъэр? Бамбэта?

– Зишъэф зыIуатэрэмэ Бамбэт ащыща? – Шъэуае щхыпцIыгъэ, етIанэ зэпыугъо макIэкIэ къыухыжьыгъ: – Шъуишы тесыкIэджэ шъуитIо шъукъэсшIэжьыгъ. Шъуящэнэрэ лIы нэIуежъым ащ къынэуж сытеплъэжьыгъэп.

Агой Пщымафэ ышъхьэшыгу ошIэ-дэмышIэ шыблэр къыщыгъогъуагъэ фэдагъэми, къызхигъэщыгъэп.

– Аслъанбэч нэIуем сыдэущтэу утэплъэжьыныя ящэнэрэ мафэм Пшызэ кIыб ихьадэ къитынагъэу… Арэп, Шъэуай,– джы Пщымафэ къыхэкуукIыгъ,– а къыздапшIэщтыгъэр сыдэу джы нэс къысфэмыдзыжьыгъа?

– Шъыд пай, ащ фэдэ Iаджи дунаим техъуахьы…

– Ары шъхьакIэ, Мыхьамэт-Джэрые сыриукIакIоу пшIошIыкъомэ?

Шъэуае щхыпцIыгъэ:

– Шъыд пае уиIоф зыхэмылъымджэ Iапэ зыфэпшIыжьыра?..

– Тхьэуегъэпсэу, Шъэуай. Ау къызезгъэжьэгъахэкIэ, къэсIон: Хъан-Джэрые пае Хъорэлыкъо Мэрчанэ фэкIогъагъэмэ сэри сахэтыгъ, шъо Чэтыкъо гъогупэм дэжь тыкъышъуущыпэуцуным ыпаIоу. Олахьэ а мафэм Хъорэлыкъо Мэрчанэ пхъашэу къытпэгъокIыгъагъэм! Ыджа пшIэрэ шыумэ сызэрягъусагъэр, сыолъэIу, Мэрчанэ тхьамэтэфом емыIожь, сытэплъэ къэси сшъхьэрэ сыгурэ зэбгъэжьы… Хъан-Джэрые ттыгъун тимурадыгъ, ау Тхьэм къытфидагъэпщтын, ащ ыуж шIэхэу ятэ ыщэжьи, сэри сыгушIожьыгъагъ.

– Къэбарым сыщыгъуаз, ау хъырцыжъ шыумэ уазэрэхэтыгъэм хэшIыкI фысиIагъэп. Мэрчанэ а мафэм къызэрэжъудзэкIуагъэр шъуфэшъуаш, цIыфмэ ашIэ, тэри Хъан-Джэрые къытфиIотэжьыгъагъ, купэгъуджэ шъукъызэрэIуифыгъагъэм тигъэщхыгъагъ. Ау уилъэIу згъэцакIэзэ, нэмыкI къыосIон: укIакIор Бамбэтыми, ыкIыб дэтыгъэ нэрымылъэгъу укIэкIо шъыпкъэм ыцIэ къыпфесIон. Сэрджэ мышъэфыр орджи шъэфы орэмыхъу. Адыгэ купмэ къыращэкIырэ Хьасан-пашэу тыркумэ Анапэ къытфыдагъэтIысхьагъэр ары.

– Къытэбгъэфагъ,– Пщымафэ къыхэкуукIыгъ,– нахь шъыпкъэ пIожьынэп! Ащ дэжь зытIо-зыщэ Бамбэт сыздищэгъагъ, мыжъо чэу лъагэм сыкъыкIэринэти, адыгэ Iофхэр зэсэфэх ыIозэ, сыхьат заулэ пытапIэм къыдэтыщтыгъ…



Былымыр зытетэкъогъэ тхышъхьэ чапэм шыухэр зыкъокIхэм, гъогунапцэм Iут Iэхъо лIыжъыр елъэщаозэ къапэгъокIыгъ, сэлам къарихи, игущыIэ къатырипхъагъ:

– Непэрэзымафэм, мы гъогум сытэтышъ, тутыныбжъэ зыдэзгъэстын тэслъагъорэп. Ма, ситутыни шъуеплъ, шъо шъуитутыни тэжъугъэплъ.

– Олахьэ, нахьыжъ, тутынымкIэ тыхэуубытагъэм,– гущыIэ зышIоигъо Iэхъо лIыжъэу зыфепсыхыгъэхэм Пщымафэ риIуагъ.

– ШъумыIыгъмэ гъэшIэгъона, сэсыем шъуеплъ.

– Тхьэуегъэпсэу, нахьыжъ,– Шъэуае къыIуагъ,– тутын тешъорэп.

– ЗэрэшъуIорэмкIэ, тутын жъугъэстырэп. Сэ тутыныбжъэ горэ згъэстын, сипски щезгъэгъэтын,– штаукIрэ егъэштаорэ лIыжъым ыджыбэ къырихи, мыжъом бзыуцыф пакIэр тырилъхьагъ, адырэмкIэ зытIо-зыщэ зео уж, мэшIуачэр бзыуцыфым хыригъэдзагъ, Iугъори къыхэугъ, етIанэ къэупчIагъ: – Сыд шъуалъэныкъо щыкъэбар? Мамырхэба шъукъызхэкIыгъэхэр?

– Талъэныкъуи гупсэф, тыкъызхэкIыгъэхэри мамырых,– Агой Пщымафэ риIожьыгъ.

– Олахьэ хьалэмэтым, кIалэхэр, ащ фэдэ чIыпIэ адыгэхэр итыщтмэ. Къэзэкъмэ, зы Улас инэрал мэхъаджэ горэ къахэтэджагъэшъ, тыщигъэIэжьрэп, Брусакыжъыр къыуигъэштэжьын, Шапсыгъэ ыкIэлъэныкъо тыригъэстыкIыгъ аIуагъ а нэIуагъэм…

– Тят, емыкIу къытфэмышIыщтмэ, тышэсыжьын,– Агой Пщымафэ зэрэшапсыгъэм нахь фит къышIэу лIыжъым риIуагъ.

– Адэ шъушэсыжьын, тхьэшъуегъэпсэу, сыгу жьы дэжъугъэкIыгъ. Арэп, сикIалэх,– онэгу зызышIыжьыгъэмэ яджагъ: – Улас къэзэкъыжъым ыцIэ къызэресIуагъэр шъугу емыIугъэми сшIэрэп.

– Шъыд пае, нахьыжъ,– Шъэуае ыIуагъ,– ащ фэдэ гуцафи къыпфэтшIыгъэп.

– Армэ хъун! – Iэхъо лIыжъым игуапэу тутын Iугъор зыIуигъэпщыгъ, етIанэ зэгыижьзэ къыIуагъ: – Дэйлэр аужрэ акъыл аIуагъ, шъузщыщыр зэсымыгъашIэу шъуезгъэжьэжьы пэтыгъ.

– Сэ Агоймэ сащыщ, Пщымаф сцIэр.

– Сэ сцIэр Шъэуай, нахьыжъ.

– Олахьэ цІэ шІагъохэр шъуиІэм, ау шъуигугъу ашІэу зэхэсхыгъэп. Шъо джыри шъукІал, шъукъэхъу пэт. Алахьэм шъуигугъу ХъорэлІыкъо Мэрчанэ, Тыгъужъыкъо Къызбэчы, Щырыхъукъо Тыгъужъи афэдэу шІукІэ ашІэу шъуешІ.

– О пцІи къытаІу, нахьыжъ,– Шъэуаий лІыжъым риІуагъ.

– Сэ Бэщ къысаІо.

Ащ фэдэ адыгацІэ зэрэзэхахырэр агъэшІагъоу Шъэуаерэ Пщымафэрэ зэплъыгъэх, къызэплъыжьыгъэх.

– Шъумыгъэшlагъо, сикlалэх,– лlыжъым къакlэлъиlожьыгъ,– уІэхъо зэпыт зыхъукІэ, ащ фэдэ цІи къыптырагъэнэщт. Тэ тяни цІэ горэ къытиІощтыгъ, тщагъэгъупшагъ...

Заулэрэ шыуитІур кІуагъэу, Шъэуае къыІуагъ:

– Гу лъыптагъа Іэхъо лІыжъым, шапсыгъэ тхьаматэшхохэр къызепчъыхэм, Абэтэ Бэслъыные ыцІэ къызэрэхимыгъэфагъэм? Щыгъупшэгъэна шъуІуа?

– Сыгугъэрэп,– Пщымафи Шъэуае зэнэгуещтыгъэр къыушыхьатыгъ,– зыгорэ щыгъупшэнэу лІыжъым сыхэплъагъэп.

– Узщашlэжьырэм хьэкlаклo умыклу аlо. Ащ фэдэ горэ хэхъухьагъэмэ шlэ? – Шъэуае щхыгъэ шъхьакlэ, Пщымафэ ыдагъэп:

– Ащ фэдэ хъун ылъэкlыщтэп. ЗыцІэ ащыгъупшэрэ тхьэматэфомэ Абэтэ Бэслъыные ащыщэп. Мы Іофым тэ тымышІэ горэ хэхъухьэ, ау мыры сІонэу зыфэсхьыщтыр сшІэрэп.

– Олахьэ сэри ащ сенэгуем, ау лІыжъ тхьагъэпцІым ыцІэ къыримыІуагъэ пае тибысымытым тытегущыІэнэп.

Абэтэ Бэслъыные унэм имысэу, чылэми дэмысэу къычІэкІыгъ, ащ ычІыпІэкІэ ышнахьыкІэ Убых хьакІэмэ нэгушІо-шъуашІоу къапэгъокІыгъ, унэм рищагъэх.

– Бэслъыные непэ къышъупэплъагъ шъхьакlэ,– пчэдыжь Іэнэ ІэшІэхым пэс хьакІэмэ Убых ариІуагъ,– фыкІэгъэхьагъэп. Тыгъуасэ Мэрчанэ шыу куп игъусэу къыІухьи Нашъхьэ, Тыгъужъыкъо Къызбэч дэжь елбэтэу кІуагъэх.

– Уаим щыІа? – зэхихыгъэм Пщымафэ къыгъэгузэжъуагъ.

– КъэбарышІукІэ сенэгуе зыфэкІуагъэхэр. Де-Скаси Стрекалов инэралыр игъусэу, Власэм Шапсыгъэ щишІэгъэ тхьамыкІагъор ауплъэкІу. Шъушхахэмэ, тэри а лъэныкъом тыкІонэу ары,– тІэкІу тешІагъэу, Убых къыпигъэхъожьыгъ: –



Ахэр непэ тадэжь къыІухьанхэу щытыгъ, пІалъэри чІыпІэри зыкІызэблахъужьыгъэр сшІэрэп нахь... Тяти ащ егъэгумэкІы...

– Къымчэрые, тхьэм Іомэ, сыд ипсауныгъ? – Пщымафэ къэупчІагъ.

– Тятэ ылъакъохэр къемыхьылъэкІыщтыгъэмэ, иилъэс тІокІиплІ елъытыгъэмэ, уезэгъыщт. Тэри тыкІэт, ежьыри къыткІэт.

– Олахьэ, Пщымаф, зи хъун тымышІагъэ,– Шъэуае къэгумэкІыгъ,– нахьыжъышхом сэлам етымыхэу тэгущыІэшъ тыщыс.

– Шъушхырэр зытэшъумыушъогъожь, мыхъун шъушІагъэп,– Убых къыгъэтэрэзыжьыгъ,– гъогум къытекІыгъэ хьакІэмэ пчэдыжьышхэ ягъэшІи, садэжь къысфащэх ыІуи тятэ къысфигъэпытагъэти, иІо сыблэкІыгъэп.

Абэтэ Къымчэрые зэрыс унэр, шъхьаныгъупчІитІу хэлъэу, хъоо-пщау хьазырыгъ, нэфынагъ. Джыдэдэм зекІо ежьэщтым фэдэу шъошэ дэгъу, паІори, цыери, щазымэхэри зэкІужьэу щыгъ, сэшхом нэмыкІэу, къамэри, кІэрахъори голъ. ЖэкІэ мыкІыр тхъуагъэри нэгу фэкІыхьашъом къекІу, ныбжьым елъытыгъэ пкъыри, мыод-мыпщэрэу, зэрыс пхъэнтІэкІу куум зандэу щиІыгъ.

– КІалэ,– хьакІэхэр Къымчэрые къыфизыщэгъэ Убых риІуагъ,– сиадыгагъэ сэмыгъэукъоу къыскІаІи, тихьакІэмэ аІапэ сэгъэубыт. ШъукъеблагъэхЪ, сикІалэх, Алахьэм шІукІэ тисэлам зэІуегъакІ,– кІалэмэ аІапэ къыубытызэ, сэлам арихыгъ,– гъогу шъукъызыфытыращэгъэ Іофри къыжъудегъэхъу, шъузэрэгузажъорэм сьщыгъуаз, зы такъикъ нэмыІэми шъукъэтІыс. ХъорэлІыкъо Мэрчан тхьаматэфор ышъхьэкІэ кІэлэ нахьыжъым къыфыІумыхьэгъагъэмэ, гъогу тэзгъэхьащтыгъэп, къышъозгъэжэщтыгъэ,– урыс лІыкІохэм чІыпІэмрэ мафэмрэ зэрэзэблахъужьыгъэр Абатэмэ янахьыжъ ыушъэфыгъ, сэмэркъэу тІэкІукІэ къыухыжьыгъ: – КІэлэ нахьыжъыр шэсыгъэ пае, Абатэмэ яшагу нэкІэп, паІо зыщыгъ нахьыкІэхэри, Тхьэм ишыкуркІэ къытшъхьащытых. Ары, къэзэкъмэ тамыгъэгумэкІыщтыгъэмэ, тиадыгэ дунай дэхэкІэягъ. Пщымафэ тикІалэ. Ори ухымэп, Шъэуай, уигугъу шІукІэ мызэу-мытІоу зэхэсхыгъэ. Арышъ, урысы пачъыхьэм илІыкІомэ шъуазыІукІэкІэ, шъукъызэкІэмыкІу, Власэ инэралым икъэзэкъмэ къыташІагъэр, о урысыбзэ ошІэ аІуагъэшъ, яшъуІуат, яжъугъэлъэгъу, хабзэ горэ дунаим тэмылъыжьэу щытэп, аринчъэу а слъэгъурэмэ тагъэпсэущтэп. Ау къэзэкъхэри цІыфых, лыузи гуузи ямыІэу

щытэпщтын… Мыхъу зыщыхъужьырэм, тигъунэгъухэба, татэплъэба, таӀоплъэба, ахэмэ тязгъэпыйрэ тырку лъэпакомэ анахь дэинхэп ахэр…

– Ары шъхьакӀэ, Къымчэрый, къэзэкъхэр тичӀыгу къенэцӀых,– Пщымафэ къымыӀон ылъэкӀыгъэп.

– Ар хъухэщтэп, Агоир! – Къымчэрые къыхихыгъ.– УичӀыгу къенэцӀри унэ къеӀэри зэфэдэ. О сыд къепӀуалӀэрэр, Шъэуай?

– Нахь шъыпкъэ зыми къыӀожьынэп, Къымчэрый.

– Ыджары ащыгъум Урысые пачъыхьэм илӀыкӀомэ яшъуӀощтыр!..

Щэджэгъоужмэ адэжь, Нэшъхьэ лъэныкъом къикӀхэу адыгэ-къэзэкъ шыу зэхэпхъагъэмэ Шъэуаедхэр аӀукӀагъэх. Хабзэм къызэриӀоу, гъогунапцэм дэхыхи, Ӏэ едзыхыгъэкӀэ благъэкӀыгъэхэм ауж ихьажьыгъэх.

Убых инэӀосэлӀ горэм еупчӀыгъ:

– Сыд шъуикъэбар? Къэзэкъ хьакӀэхэр тэ шъущэхэра?

– НепэкӀэ Шапсыгъэ илъыр зы къэбар: мы хьакӀэ зыфэпӀуагъэхэр хьакӀэхэми пыйхэми сшӀэрэп, къытфэзыщагъэр джа къэбар тхьамыкӀагъоу шъушӀэрэр ары.

– Ӏэшэ ихыгъэджэ къытфэмыкӀуагъэхэмэ,– Шъэуае ыӀуагъ,– тинахьыжъмэ къытфыщанэгъэ хабзэр тыукъонэп, хьакӀэх.

– Ари тэмэм,– зыдэгущыӀэщтыгъэ жэкӀэ-пакӀэм къыдыригъэштагъ.– Къэзэкъ пытапӀэм Ӏутэщэжьых.

– Арэу псынкӀэу яӀоф зэшӀокӀыгъэуи? – Пщымафэ ыгъэшӀэгъуагъ. Шъэуайй ежьыри зэрагъэхьаулыягъэри, мощ фэдиз гъогууанэ къызэрэрагъэкӀугъэри шӀоемыкӀугъ.

– Тыгъуасэ нэс,– нэмыкӀ горэм джэуап къытыжьыгъ,– зынэмысыгъэхэ Шапсыгъэ къыранагъэп, чылэ стыгъэхэри жъокупӀэ-хъупӀэ тэгъэжъыкӀыгъэхэри къаплъыхьагъэх.

Ардэдэм Шъэуае ыцӀэ зэхихыгъэ, Абэтэ Бэслъыные къеджагъ:

– Шъэуай, зэ моу шыупшъэмкӀэ къырыкӀу.

Шыумэ Шъэуае гъогу фызэӀуахыгъ.

Абэтэ Бэслъыные къыӀуагъ:

– Стрекалов инэралым урилъэгъун, иджабгъукӀэ къыгоуцу…

Шыупшъэм Шъэуае къызекӀыжьым, Пщымафэ къеӀушъэшъагъ:

– А инэрал нэгуфом ащ фэдизым сыда къыуиӀуагъэри, епӀожьыгъэри?

– ЕпӀожьын ошӀэмэ, узтегущыӀэщтыр макӀа? – Шъэуае ныбджэгъум къесэмэркъэугъ, къыпигъэхъожьыгъ: – ЕтӀан, Пшызэ Ӏутщэжьхэмэ, къыфэсӀотэжьын…

## V

Апэрэ Александрэ пачъыхьэм илӀыкӀо Стрекалов генерал-адъютантыр Екатеринодар къызэригъэкӀуагъэм нахь къэбарырэ нахь гъэшӀэгъонырэ къэзэкъ пытапӀэм дэлъыжьыгъэп. Урыс пачъыхьэм илӀыкӀо къыгъэкӀон зыпкъ къикӀыгъэ шапсыгъэ-нэтыхъое тхьамыкӀагъом къыкӀэзыжьыгъэ адыгэхэри къэбарынчъагъэхэп. Джыри ощ зыкӀэмыт шыблэ гъуагъом фэдэу Стрекалов генералыр Шапсыгъэ зэритыгъэр, ымыӀуагъэми ыӀуагъ аӀоу, ыӀуагъэми, ежьхэмкӀэ къызэрекӀоу хагъахъоу адыгэ шъолъырыр къызэпичъыхьи, псырыкӀым ибыбэжьыгъ.

Къэзэкъ лъэныкъори, Ермоловым Власовыр къызегъэкӀо ужым щегъэжьагъэу, зэфэмышӀу куп шъхьафкӀэ зэтеутыгъэ хъугъагъэ. Ащ зиӀахь хэзышӀыхьагъэмэ Ермоловри, Власоври, Матвееври, де-Скаси, Табанецри, Забруйнэри, нэмыкӀхэри ащыщыгъэх.

Къэзэкъ къызэрыкӀохэми япащэмэ афыряӀэгъэ еплъыкӀэр зэфэдагъэп. Чэщи мафи гъозэрыплъэмэ къулыкъу ащызыхьырэ къэзэкъмэ чӀыгум аӀэ зэрэхэмылъым, яунагъомэ, ясабыймэ зэрашъхьащымытым иягъэкӀэ ятхьамыкӀэгъо псэукӀэ хахъощтыгъ нахь, хэкӀыщтыгъэп. Ащ къыхэкӀыкӀэ гъэ къэси жъокӀупӀэмэ къарахыжьырэ лэжьыгъэр нахь макӀэ мэхъу, къялыжьырэ тӀэкӀури зыдахьыщтыр, зэращэщтыр амышӀэу ялэжьыгъалъэмэ арэкӀодэжьы. Ӏоф мыухыжь зыпылъ былымхъуными федэ хахырэп, чэщтео къязышӀылӀэрэ адыгэмэ былымыбэ Пшызэ зэпырафы, фэхыгъэ къэзэкъмэ къакӀэныгъэ шъузабэхэм яунагъохэр зэтезых. Укъызэрымыхъухьэгъэ чӀыпӀэ химэхэри псаунагъэмкӀи ӀэшӀэхыхэп. Узыщымыгъозэ дунаим иузхэри пкъышъолмэ афэщэчырэп – къэзэкъ щыӀакӀэм ипый пстэумэ лӀэныгъэри къагоуцожьы. Ау сыд фэдэ ящыӀакӀэми Бурсак атаманым адыгэмэ аришӀылӀэщтыгъэ зэо мыухыжьыр Матвеев атаманым къызэрэримыгъэжьэжьырэр шӀугъэкӀэ фэтэлъэгъушъ, типсэукӀэ тезэгъы, зэгорэм нахьышӀу хъужьынба зыӀорэ къэзэкъхэри мэкӀагъэп.

Баим ынэ пэӀулъыр мылъку, зыгу мыплъэрэр тхьамыкӀ зэраӀоу, заори мылъку къэкӀуапӀэу зылъытэрэ къэзэкъхэри Власовым къешӀэкӀыгъагъэх. Ау Власов генералыри Матвеев атаманыри къэрабгъэх, лыгъэнчъэх пӀоныр емыкӀугъ.

Апэрэм, Власов генералым, Черномор къэзэкъыдзэм къэзгъэкӀогъэ Ермоловым нэмыкӀ цӀыф лъэпкъмэ афыриӀэ нэмыплъыр, сихэгъэгу къэсэухъумэ ыӀозэ, къышӀутекӀо-щтыгъэ, ащ нахьрэ Ӏофи иӀагъэп. Ежь ренэу зэриӀощтыгъэу, сыд ышӀагъэми зызэриухыижьыщтыгъэу, адыгэ гъэӀэсэн-гъэщынэным иӀоф зэрифэщтыгъэ. ЯтӀонэрэм, Матвеев атаманым, адыгэхэр имыкӀэсэ дэдагъэми, иӀоф шъхьафы-гъэ. Урыс пачъыхьэм фэшъыпкъэу зэо утыгум ихьагъэми, мамыр щыӀакӀэм хэфагъэми, шъыпкъагъэ ихэгъэгу фыриӀэу къулыкъу ехьы. Бурсак атаманым фэдэу адыгэчӀым имыхьанэу, урысые гъунапкъэр къыгъэгъунэнэу къыфа-гъэуцугъэ пшъэрылъыр къэзэкъыдзэр ыӀэ елъыфэ ыгъэ-цэкӀагъ, джыри, ащкӀэ Ӏизын имыӀэжь нахь мышӀэми, де-Скаси иӀэпыӀэгъоу, зэрэфэлъэкӀэу а Ӏофыр зэрехьэ.

Власовымрэ Матвеевымрэ апэблэгъэ къэзэкъхэр, хэти зэрыфэгъэ чӀыпӀэм елъытыгъэу, аужырэ илъэс зытӀущым Ӏоф хэтыгъэх. Зы лъэныкъор гушӀощтыгъэ – къадэхъугъэм яонэгумэ зырарыгъэгъэпытыхьагъ, къэзэкъ щыӀакӀэм ичӀы-пӀэшӀухэр зэлъырыгъэштагъ, япэӀо шыгухэр нахь лъагэ хъугъэх, яшмэ яхьэшӀ-къошӀыгъи а гъэпсыкӀэр къыхэщы.

Матвеевыр кущэрэхъ кӀэгъэчъыгъэм фэдагъэми, иӀоф нахьышӀугъ. Зы купым анэгу Ӏухъогъэгъэ шъорышӀыгъэр зыӀуапхъотын ылъэкӀыгъ, адырэ купыр ушъхьагъу зэфэ-шъхьафкӀэ, къаугупшысырэр нахьыбэу, нэгу шъэбэ-шъэ-фкӀэ ӀукӀотыгъ. Къыфэнэжьыгъэгъэ зырызхэри, ыпашъхьэ зифэхэрэм ӀущхыпцӀэхэу, ыкӀыб къыгъазэмэ, Власовым шъхьэщэ-тхыуфэкӀэ зыкъырагъаштэ ашӀоигъоу, чӀыпӀэ хьылъэ ифэгъагъэх.

Джы теплъын хъурэм, ӀофшӀапӀэм кӀонэу зигъэхьазы-рэзэ, Матвеевым ыӀуагъ. Власовым сырагъэбэны бэмэ ашӀоигъуагъ, ау тэрэзэу сшӀагъэ зызэрэсщыӀагъэр. Вла-совым уебэнынри исэшхо къихыгъэ къыӀэкӀэзылъхьэгъэ Ермоловым уебэныныри зэфэдэ. Де-Скаси илӀыгъэ, Вла-совым зэребэнырэр, Ӏаджми къысфадзыгъ, ау арырэ сэрырэ тиӀоф зэрэзэфэмыдэр джы къагурыӀуагъэу къычӀэкӀын. Къызыхэзгъэщыгъэп шъхьакӀэ, де-Скаси сы-къомытыгъэу, ежьри цыхьэ къысфимышӀыщтыгъэу арэп. Сэ фэсымыдэщтыгъэм Власовыр еолӀагъ, теплъын джы



Ермоловым къызэригъэгъунэжьыщтым... Ар сэӀо шъхьакӀэ, де-Скаси иӀоф шъхьафы, къагъэкӀуагъэмэ, зэкӀащэжьын, мыхъун ышӀагъэмэ, иӀэнатӀэ Ӏуащын е егыиных, еушъыиных. Ау де-Скаси къыӀэтыгъэ адыгэ-къэзэкъ Ӏофыр типачъыхьэ шӀомыӀофыгъэмэ, Стрекалов генералыр къытфигъэкӀо-щтыгъэп. Ащи ыгу илъыр къыбгурыӀонэу щытэп, ышъхьэ еуфэхыгъэ зэпыт, Власоври къыгъэсысыгъэу аӀуагъ. Фэшъуашэр къехъулӀагъ, зыгорэм къыгъэщтагъэмэ ары...

Матвеевыр унэм къызекӀым, шылъэмакъэм щагум дигъэплъагъ, Забруйнэ къэзэкъым ипэӀо шӀуцӀэ пырэцэшхо чэу лъагэм къыкъощыгъ. «Къэзэкъыдзэр зысӀахыжь ужым тадэжькӀэ къыблэкӀэу зимыхэбзэжьыгъэр, сыд джы зыуж итыр? – Матвеевым ыӀуагъ.– Пачъыхьэм илӀыкӀо къызыт-фигъэкӀогъэ мазэм тиурам кӀуапӀэ къышӀыгъ. Жъэрымэ горэ къыкӀэуагъа шъуӀо?..»

– Уипчэдыжь шӀу, Григорий Кондратьевич,– икъэлапчъэ къыӀумыхьэу, урам гузэгум шыр щиӀажэзэ, Забруйнэм шӀуфэс къыхыгъ,– гъэтхэпэ мэфэ шӀагъомкӀэ сыпфэгушӀо.

– Тхьэуегъэпсэу, Трофим Кудинович. Мэфэ дэгъу, фабэ, чъыгхэр къэтӀэмых, неущ къыкӀэлъыкӀожьыщтыр сшӀэрэп нахь.

– Ари шъыпкъэ, гъатхэм джыри зыкъызэкъуихыгъа-пэкӀэ сыгугъэрэп, чъыгхэр ыгъэделагъэхэмэ зыфапӀорэр шъыпкъэ... Ау ыгъэделэхэмэ, адыгэ къыпцӀэ шӀуцӀэ пасэр ары, муары, о уеми зиуфыжьыгъ, ыгъэделэщтыр... Мыхъу зыхъурэм, ари сшӀоӀофэп, дунаир орэмамыри, тиаужырэ псырыкӀ икӀыгъуищ, Стрекалов инералыр къызфагъэкӀуа-гъэр, къытфарэгъэгъуи сезэгъы... Сыд шъуӀуа ащкӀэ Стрекаловым ихьисапыр? Де-Скасирэ адыгэхэмрэ анэмыкӀ ынэ кӀигъаплъэрэп, аӀуагъ. Симахъулъэ Табанецри ащ егъэгумэкӀы... Къэзэкъхэри хъущтым егъапэх.

УзгъэгумэкӀырэм джы укъызэӀуиутыгъ, Матвеевыр гукӀэ щхыпцӀыгъэ. Бурсак атаманым иадыгэ псыикӀыкӀэу шэны шъуфэхъугъагъэр зыщысэгъэтым, «матюха разви-сав уха» шъуӀозэ шъукъыскӀэнакӀэщтыгъэ шъхьакӀэ, илъэс заулэм мамыр шъухэзгъэтыгъ, шъукъэсыухъумагъ. КӀо, сэ сыхъущтыгъэп, шъуӀорэр згъэцакӀэщтыгъэп шъхьакӀэ, сыда де-Скаси иадыгэ-къэзэкъ мамыр зекӀуакӀэ мыскъарэ зыфэшъушӀыщтыгъэр? Сыд пае заом хэбаикӀырэмэ аде-жъугъаштэщтыгъа? Зынэ къысфизыгъэкӀырэмэ оры, уимахъулъ апэ итыгъэхэр!.. Шапсыгъэ ызыкӀэлъэныкъо тежъугъэстыкӀыгъэшъ, мамыр оӀожьы, ара?..

– Узгъэгумэкlрэми узкlэгумэкlрэми шъыпкъэ хэлъынкlи мэхъу, Трофим Кудинович,– джы ынэгу нахь къыхэщэу Григорий Кондратьевичыр щхыпцlыгъэ,– ау а зынэ укlэзымыгъаплъэу зыфэпlогъэ генералым, типачъыхьэ ицыхьэ телъэу къытфигъэкlуагъэшъ, иуплъэкlу-зэхэф тежэн, мысэри къэнэфэщт, хыери къэлъэгъощт... Ау зэкlэми анахьышlугъэр тэри, модырэхэми мамыр зэфыщытыкlэ дэгъу зэфытиlагъэмэ арыгъэ...

– Ары, Григорий Кондратьевич, ары,– ыгу имылъ дэдэми къыдыригъаштэ фэдэу Забруйнэм зишlыгъ, мэкъэ ефэхыгъэкlэ къыухыжьыгъ: – Ар тэ къипхыжьын... Усэгъэгужъоми сшlэрэп, атаман,– шым елъэдэкъауи, игъогу пидзэжьыгъ.

«Ары, ары, шъуионэ ныбэпх къэлэнлагъэшъ, lушы шъухъугъ!..– Матвеев атаманыр гукlэ къызбгырыугъ, Забруйнэм ыуж итэу lофышlэ кlон ымыдэу унэ натlэм къохьагъ, къэгъэгъэ фыжь псынкlэкlэ къыlугушlорэ къыпцlэ чъыгэу Султlан Мыхьамэт-Джэрые къыфихьыгъагъэм кlэрыхьагъ. Джары, заулэрэ щытыгъэу ыlуагъ, орырэ сэрырэ дунаим тытет, укъысфэзыхьыгъагъэр щыlэжьэп. О илъэсиплl хъугъэшъ укъысатэ, усфэбагъо, «черкес» сlомэ гъэшlуабзэкlэ сыуаджэзэ, укъысэзытыгъэм ихьалэлыгъэ сщыбгъэгъупшэрэп. Уикъыпцlэ lэшlу мыщ щедгъэджэрэ Хъан-Джэрые lудгъэфагъ, къыпфасщи узесэгъэлъэгъум, ар къызэрэпщыгушlукlыгъэр... Тэ «черкес», «къэзэкъ» тэlо... Адэ сыдэу пшlын, тимыхьо-мышlагъэмэ тызэрэзэрагъэутэкlрэмэ апае тынэ къызэфидгъэкlэу тызэпэуцу, lашэр къызэфитэпхъоты...

Матвеев атаманыр lофшlапlэм зэкlом, сыхьатныкъуи темышlэу Стрекалов генералым ыцlэкlэ Власовым дэжь арагъэщагъ.

Унэм нэбгырищ исыгъ – Стрекаловыр, де-Скаси, Власовыр. Щыри зэпэчlынатlэхэу щысыгъэх. Стрекаловымрэ де-Скасирэ гупсэф теплъэ яlагъ, нэбгырищымэ азыфагу гущыlэ мышlу зэрэдэлъыгъэр Власов генералым ынэгу жъоплъ къеlуатэ, зызэриlажэрэр, къехьылъэкlыми, ищысыкlэ гумэкl къыхэщы, иlуплъэ онтэгъумэ ахэолъагъо.

Матвеев атаманыр ичlыпlэ зегупсафэм, Стрекалов генерал-лlыкlом къыlуагъ:

– Джыри зэ къыкlэсэlотыкlыжьы, Михаил Григорьевич. Типачъыхьэ лъапlэ спшъэ къырилъхьагъэм, мазэкlэ узэкlэlэбэжьмэ къызэрэосlогъагъэу, шъэф хэлъэп. Нэтыхъоепщ Къэлэубат Шъыхьатчэрые итхьаусыхэ тхылъэу пачъыхьэм къыфигъэхьыгъагъэр, ащ де-Скаси къыриlолlагъэр къэзэкъ лъэныкъоми адыгэ лъэныкъоми, сэ еплъыкlэу фысиlэм имызакъоу, нэмыкl хэгъэгу еплъыкlэхэри дэсlыгъэу, щызэхэсфыгъ. Типачъыхьэ ащ зэреплъыщтыр, кlэухэу фишlыщтыр сшlэрэп, ау адыгэхэмкlэ узэрэмызафэр къыосlон. Уиlоф зэрымылъ адыгэчlым щыпшlэгъэ тхьамыкlагъор сынитlукlэ слъэгъугъэ, къыбгот къэзэкъ пащэхэми къэзэкъ къызэрыкlохэми къаушыхьатыжьыгъ.

– Зэрэхъурэмкlэ, господин генерал-адъютант,– Власовыр къэупчlагъ,– тичlыгу гъунапкъэ зыукъохэрэм зядгъэшlэжьын тыфитэп?

– Уичlыгу гъунапкъэ зыщябгъэшlэжьын уфит. Ау уипачъыхьэ иlизын хэмылъэу нэмыкl дзэ ипщэн уфитэп. Къэлаус темэным щыхъугъэр армэ укъызкlэупчlэ пшlоигъор,– ыгу илъыр къышlагъэм фэдэу Стрекаловым къыlуагъ,– ащкlэ талъэныкъуи адыгэ лъэныкъоми шъуагъэмысэрэп. Пшызэ къызэпырыкlыгъэмэ яфэшъуашэ яжъугъэгъотыгъ. Ар шъуиушъхьагъоу адыгэ чlыгум мызэумытlоу шъуихьагъ, ячылагъохэр зешъупхъуагъэх, ямэзхэр тешъуупкlыгъэх. Шъушlагъэр зэкlэ Урысые пачъыхьэм иунашъоу адыгэхэмкlэ щыlэм пэшlуекlо. Ар зэхэзыхыгъэ хэгъэгухэми адагъэп. Тыркури Инджылызыри а lофымкlэ къэупчlагъэх.

– Типачъыхьэ адыгэхэмкlэ иунашъо Бурсак къэзэкъ атэманым илъэхъан щыlагъэба? – Власовым ыгу къежъэжъыкlми, фэсакъыпэзэ къэупчlагъ.

– Щыlагъ, господин Власов! – Де-Скаси мэкъэ пытэкlэ къыlуагъ, етlанэ нахь шъабэу къыухыжьыгъ: – Тигъунэгъу адыгэхэмкlэ ащ ишъхьафит зекlуакlэ иягъэ къытэмыкlыгъэмэ, ишlуагъэ къэкlуагъэп. Мы лъэныкъом сэри сыкъагъэкlонэу къызхэкlыгъэр джа lофыр ары. Ащ фэдэ мыщ щыс Григорий Кондратьевичым илъэхъан епlолlэн плъэкlыщтэп. Къыфагъэуцугъэ унашъом, блэзгъэкlынхэр щыlагъэхэми, блэlэбыкlыгъэп.

– Мы lофыгъом ишъыпкъапlэ шъуфаемэ, господа,– джы нэс зи къэзымыlоу щысыгъэ Матвеевыр къахэгущыlагъ,– Михаил Григорьевичым игугъу къызкlимышlырэр сшlэрэп нахь, Алексей Петрович Ермоловыми илажьэ хэлъ. Михаил Григорьевич, сыд пае уизакъоу Пшъэдэкlыжь пштэра? Сэ мы lофым сыщымыгъозагъэмэ зыгорэм фэдагъ.

– Григорий Кондратьевич, бащэ,– Власовыр къэгузэжъуагъ,– Алексей Петровичыр мы Іофым хэтщэныр ищыкІагъэп. Сэ сшІагъэр зыгорэм къыздигощыныр къезгъэкІурэп. Алексей Петровичым ащ фэдэ епэсыгъэп. СшІагъэмкІэ сыкІэгъожьырэп, сызфыкІэгъожьыни зыдэсшІэжьырэп. Тихэгъэгу ипыймэ зызэрэзыдязгъэшІэжьыгъэр лажьэкІэ къыстыралъхьэмэ, сипачъыхьэ къысипэсыщтым сеуцолІэщт, ау къэзэкъ напэр, къэзэкъ лІыгъэр зыми ыпашъхьэ щызгъэцІыкІущтэп. Джащ щытэжъугъэух. Сэ Пашковскэ куреным къэзэкъ утыгур къыщысэжэ. Урагъэблэгъагъэба, Григорий Кондратьевич?

– Ащ фэдэ къэбар къысагъэІугъэп.

– Ащыгъум, емыкІу сфэшъумылъэгъу, господа,– Власовыр къэтэджыгъ,– къэзэкъхэр къысэжэщтых.– Зэпыугъо тІэкІу фишІи, сыгу къышъуабгъэрэп къыригъэкІэу ыІитІу зэблихызэ, къыухыжьыгъ: – Пачъыхьэм фэжъугъэхьыгъэм иджэуап, сыд икІэухыщтми, тежэн.

Мафэ горэм, гъэпсэфыгъо гъэмэфэ уахътэр къызыщысыщтхэм адэжь, Хъан-Джэрые унэм къилъэдэжьыгъ:

– Нан, гушІуапкІэ къысэт!

– Шъыд къэбарышІу, Тхьэр къысати, къысфэпхьыгъ?

– Власов генералыр тыращыгъ![1]

[1] В. А. Потто итхылъэу «Кавказская война» зыфиІорэм ащ фэгъэхьыгъэу мары къыщиІорэр: «Власовыр Адыгэ шъолъырым зэрихьэщтыгъэм адыгэ-урыс лъэныкъоми генералым ищыІэныгъи къэгъэзэпІэ кІэкІ афишІыгъ.

Власовыр Шапсыгъэ ихьэмэ хэкужъ зэришІхэрэм пае мамыр Іофхэр адыгэхэм адызехьэгъэным и Комиссие итхьаматэу, Урысыем и МИД илІыкІоу де-Скаси теубытагъэ хэлъэу пэуцужьыгъ. А Іофхэр зэхифынхэу генерал-адъютантэу Стрекаловыр Урысые пачъыхьэм хы ШІуцІэ Іушъом къыгъэкІогъагъ.

Власов генералым дзэ ІофышІэхэр мымакІэу къешъугъуащтыгъэх, иІэнатІэ шъэфкІэ Іахыным фэягъэх, къэзэкъ къызэрыкІохэри фэрэзагъэхэп. Зэпымыоу къэзэкъхэм къулыкъур зэрахьырэм яунагъохэр зэщигъакъощтыгъэх, Іоф зышІэн ямыІэу къэнагъэмэ ащыщыбэхэр Власовым фэгъэхьыгъэу Іудымыдыщтыгъэх. Аущтэу щытми Власовыр къэзэкъмэ адеІэщтыгъэ. Заом къыхахырэ къонтхъыр,— ащ пкъыгъо лъапІэхэр къыхафэщтыгъэх, унэгъо ІэпІэ дэгъухэр, шэкІмэ ахэшІыкІыгъэ дэнэ щыгъынхэр, Іэшэ лъапІэхэр, шыонэ ІэпІэ тегъэпсыхьагъэхэр, адыгэ шъошэ кІэракІэхэр, ашъоджанэхэр, шы чъэр шІагъохэр, былым пІашъэхэр, цухэр,— ибэу къэнагъэхэм, зиунагъо зэщыкъуагъэхэм аритыщтыгъ. Ау а зэпстэум заом ихьылъэ атырихын алъэкІыщтыгъэп, мыразэхэри агъэгупсэфыщтыгъэп.



– Ы-ы, сикІал!..– Къэнтатэ къыкІэщтагъ.– Забруйнэм зэхебгъэхыкъон... Хэт къыозыІуагъэр? Зыми угушІоу емыгъэлъэгъу, къэбари емыІуат...

– Нан, шъыдэу укъэрабгъ сэІо! Зэрэгимназиеу рэгущыІэ! Василий Емельянович Толмачевми, Иван Матвеевич Сбитневыми къытаІуагъ.

– Ара?.. Россинскэм, Кирилл Васильевичым, шъыд ыІорэр?

– Ащ ыІорэр сшІэрэп. Шъыда, нан?

– Зыфэсакъыжь сэІошъ ары, сикІал... Къэзэкъ дзэ гимназием ущеджэба... Ащ фэдэ тэ зытІоджэ, къезымыгъэкІун Іаджи къытфыкъокІынджэ сэщынэ. Мыуцурэр къиуцукІ ІокІэ зыфаІуагъэр шъыпкъэ, тхьэегъэпсэу тыкъызэхэзышІыкІыгъэ Урысые пэчъахьэр...

## VI

Власовым Дон зегъэзэжьым, адыгэхэмрэ къэзэкъхэмрэ азыфагу гугъапІэ къэзытыщтыгъэ мамырыр къыдэтаджэу еублэ: нэпкъуитІур джыри зэфычІэплъыщтыгъэми, нэбгырэ зырызмэ загъорэ Іэбжым зэфашІыщтыгъэми, псы зэпырыкІ чэщтеом лъэныкъуитІуми шІу къазэрэфимыхьыщтыр къагурыІуагъ. Мыхъо-мышІэ горэ бэдзэрхэм, псыикІыпІэхэм, гъогухэм, нэмыкІ чІыпІэхэм зэмылъэпкъэгъумэ къащыхэмыхъухьэщтыгъэу арэп, ау нахьыпэм фэдэу Іэшэ къипхъотыгъэкІэ зэпэуцужьыщтыгъэхэп – хэти, фай-фэмыеми, цІыфыгъэм къыубытыщтыгъэ, ащ шІокІырэм, уадыга укъэзэкъа амыІоу, зэкъоуцохэти, ифэшъуашэ рагъэгъотыщтыгъэ.

Адыгэхэм мамыр фыщытыкІэу адыриІэр ыукъуагъэу ыІуи, Стрекаловым Власовыр ыгъэмысагъ.

«Сэ ыпэкІэ къысэнэсыгъэ мысагъэхэм ашІокІэу,— Урысые пачъыхьэм Ермоловым фитхыщтыгъэ,— Власов генералым хэбзэнчъэ зекІуакІэхэу къыхэфагъэхэм гъунэм нэсэу сызымыгъэрэзэнхэр ахэслъэгъуагъ, генерал-адъютантэу Стрекаловым къыгъэхьыгъэм нафэу къыхэщи егъэзыгъэ цІыфхэр зэрипхъоэ, ежь ышъхьи иІофышІэхэми апае тын лъапІэхэр къыдихыным, ифедэ къыхигъэкІыным укІытэ ымышІэу, зигъэинэу зэрэфэбанэрэр...»

Хы ШІуцІэ Іушъом идзэ ипэщэ Власовыр ІэнатІэм Іуащынышъ, судым иІоф рагъэІонэу унашъо ашІыгъ. Ежь Ермоловыми фагъэпытэгъагъ. Ащ фатхыгъ: «Хы ШІуцІэ къэзэкъхэр Пшызэ зэпырыкІыщтхэп, хэгъэгу гъунапкъэр сакъэу къаухъумэным дэх имыІэу къыщыуцущтых». Ащ ыуж адыгэхэр къэзэкъмэ зэратеохэрэр щагъэтыжьыгъ.

Власовыр къыздыращыгъагъэ Дон хэкум кІожьи, иІоф зыщаІощт пІалъэм ежэу, илъэсищрэ нықъорэ щыпсэугъ...»

Щыlэныгъэр узэрэфэе-зэрэпlо закlэп. Цlыфы пэпчъ, игупшысэ-гулъыти, идунэееплъыкlи, игъэпсыкlэ-псэукlи, зэфэдэп. Бамбэти Пэшъукъи, дэгъухэми дэйхэми, цlыф лъэпкъ зэфэшъхьафкlэ гощыгъэ дунаим щыщых – ижь щащэ, щэнэшхъэих.

– Бамбэт,– чъыг къутамэр Пэшъукъ lуищэикlи, гукlэ пагъэу, улэугъэу къыlуагъ,– сыхьат горэкlэ къызымылъа-гъохэкlэ, тыгъуасэ фэдэу непи, тыхьаулыягъ.

– Умыхъыжь, – Бамбэт зэнэгуерэр къызхимыгъэщэу щхыпцlыгъэ,– джыри сыхьат псау тапэ илъ. Ощ сыфэдэу нахь сызэкlэлаlом, Пшызэ сызэпырысыкlыти, илъэсныкъом сфикъун мылъку къисхыщтыгъ.

– Шъо шъуикlэлэгъум,– Пэшъукъ хэщэтыкlыгъ,– зэман дэгъугъ. Де-Скаси, Стрекалов купыр къытхэтаджи, къыт-тэкъутэжьыгъ. Къэзэкъмэ афэгъэхьыгъэу мыхъун горэ зытlокlэ тинахьыжъмэ анэ къытфагъэlае.

– Умыlо,– Бамбэт кlэкlэу къыпиупкlыгъ.

– Ары шъхьакlэ, джаурмэ афэгъэхьыгъэу зыгорэ умыlон плъэкlына!

– Умыlоу, узыфаер шlи ыуж икlыжь. Тэри зыгорэм тыкъимыубытэу арыгъэп. Ау пшlэщтыр чылэ lоф пшlошlа?

Пэшъукъ ыгу щышlэрэр чъыг къутамэм тырикъутэу къырикlыкlэхыгъ, шымэ атхьакlумэмэ зыкъаригъэпхьотагъ.

– Нэр пакlошъ, lэри тфэlэжэжьырэп... Зымафэ Къэ-лэжъ къыдэхъухьагъэр зэхэпхыгъэба, Бамбэт.

– Зэхэсхыгъэ,– упчlэм ежэщтыгъэ пlонэу, Бамбэти къыриlожьыгъ.

– Къэзэкъмэ уатеуагъ, тимамыр зэфыщытыкlэ уукъуа-гъэ аlуи, Дэгъумэ Хъутlатlэ чылэ хасэм щаумысыгъ. Ар имыкъоу, шъулъы ыгъэчъагъэшъ, шъузыфаер ешъуш l аlуи, Елизавет къэзэкъмэ аратыгъ.

– Сыд,– Бамбэт lоф зыримыгъэшlы фэдэу къэупчlагъ,– ыlэхъуамбэхэр къыпаупкlи, къатlупщыжьыгъ, ара?

– Адэ!..– Пэшъукъ зыщыгъупшэжьэу къызlуипхъо-тыгъ.– Тэ зэтшlэжьыгъэр имыкъоу, къэзэкъмэ зыкъяд-гъэушъхьакlужьыгъ... Сысой аlоу Власэм ычlыпlэ инэрал горэ къафагъэкlуагъэшъ, ари тэркlэ шlоп аlуагъ. Тыцlыф гъэшlэгъон тэ... Къытlущхыпцlэрэ пэпчъ ыгу шlу къытфилъ тшlошlы. Зыуи арэп тызэрэбгъэпцlэщтыр, lэ къытщыфэри къытщытхъури ары ныlэп... Адэ, Бамбэт, зи къапlорэпи? – Пэшъукъ джагъэ шъхьакlэ, зэупчlыгъэр къедэlурэпти, гукlэ щхыпцlыгъэ.



Чыр зыупсэу щысыгъэ Бамбэт къэмыдаlо фэдагъэми, ыпашъхьэ щаlорэр зэхихыщтыгъэ, жьы фэбэ макlэу къы-кlэпщырэми фэдэгугъэп, чъыг тхьэпэ зедзэхэми афэнэ-шъугъэп, псыхъо икlыпlэр ынэгу кlэтыгъ, ахэмэ зэкlэ апшъэжьыгъэри Сисур.

Уи Власэ, Сысой, Хъутlатlэхэр хэта зищыкlагъэхэр, Бамбэт гукlэ хэгубжыкlыгъ, ахэмэ уаблэкlыни, о слъэгъу-рэм Шъэуаеу сауж къэзыфырэм игугъу къысфэпшlыщт, илlыгъэ къысфэпlотэщт. Ащ нахьи нахьышlу Сисурэ къы-зэрэтхьыщт шlыкlэм джыри тебгъэгупшысагъэмэ. Бзылъ-фыгъэр къэпхьыныр къинэп, къызыпхьыкlэ къыпфэмыер къызэребгъэшlущтыр ары зэкlэми анахь lофыр. Хьалэба-лыкъ къызпыкlыщтмэ Сисурэ ащыщэп, шы иlэп, lахьыл иlэп, Султlанмэ яныо джынэузыжъ иджэхашъо фепхъэнкlы, ышъхьац фызэlехы, илъакъо фетхьакlы. Сэщ фэдэ горэм ыщэмэ, иунэ фабэу, гощэ папкlэу иунэ ригъэсмэ, орэгушlо. Аущтэу сиlоф зэпыфэнэу сшlагъэмэ, сэри тlэкlу сызхэплъэ-жьыни. Зэгорэм бзылъфыгъэ дахэкlэ, шъуз шъабэкlэ сэрэlотэжь!

Бамбэт чыпэр зэпикlи, къызщытэджыкlыгъ.

– Уаим щыlа? – Пэшъукъи къызщылъэтыгъ.

– Шыныбэпхыхэр кlэкъузэжь.

– Непэ тызэрэхьаулыещтыри сыгу къысиlощтыгъ...– Пэшъукъ гъумтlымызэ ныбэпхыхэр кlикъузагъ, уанэхэри ыуплъэкlугъ, етlанэ псыхъо икlыпlэмкlэ зэплъэм, къыхэ-куукlыгъ: – Модэ, файтоныр къэлъэгъуагъ!

– Кlэсащэу плъэгъугъэ...– Бамбэт ыкlыб къызэрэгъэ-загъэу къыфидзыгъ. – Нэм изакъоп, тхьакlуми цlыфым иl, гурыши хэлъ. Ахэр Пашкэм къыдэкlыжьыгъагъэхэп яфай-тон щэрэхъ макъэ зызэхэсхым... Мыдэ, къыоlощтыр зыщымыгъэгъупш: уатэбэнащэу, лъы lоф къыхэмыгъахь, Султlанмэ яныо лые емых.

– Файтон lупэм тэсыр зы нэбгыр, Хьадж-Къэсэйрэ Къаймэтрэ яз,– Пэшъукъ онэгум зыриlэтыкlэ къы-ухыжьыгъ,– ыкlыбкlэ шъхьэтэхъо зытэхъуагъэрэ паlо зыщыгъэрэ дэс. Сисурэрэ Хьан-Джэрыерэ... Шыкуаори Къаймэт фэсэгъадэ...

– Зэкlэ дэгъу, ау джыри къыосэlо, зэпыдж-къызэ-пыджыжь ищыкlагъэп. Шыкуаор куплlэм зыщыдэбдзы-щтым, сэ файтоным Сисурэ къисэпхьоты... Некlо, гъогу тытэт фэдэу гуцафэ ятымыгъэшlэу тапэгъокlыщт.

– Бамбэт, бзылъфыгъэ цIыкIум икъэхьын сыдэу Iофышхо зебгъэшIыра?

Къызфеупчlыгъэм Бамбэт пылъыгъэп.

– Сисурэ зыдэщысымкIэ файтоным сызыгуахьэкIэ ары шыкуаор куплIэм зыдэбдзыщтыр! КъыбгурыIуагъа?

– КъызгурыIуагъ.

– НекIо ащыгъум.

Гъэмэфэ пасэм аубэгъэ гъогум Бамбэтыдыхэм анэмыкI шыуи, лъэси тетыгъэп. Тыгъэм ригъэзыхыгъэми, иплъырыгъэ джыри жьым хэпшъыхьан, чlым тепшъыхьан ригъэжьагъэп. Дунай гопэгъум Лъэустэнхьаблэ мычыжьэ-мыблагъэу къыхэплъы. Къэзэкъ пытапIэри гъозэрыплъэпIэ орзашъхьэхэри нэпкъ зэндэ-рекIокIым къытещых.

– Уимафэ шIу, Къаймэт, Iоф горэмкIэ сыоупчlы сшIоигъу,– шыушIу фэдэу Бамбэт файтоным пэгъокIыгъ.– Ори, Сисур, ори, Хъан-Джэрый, тисэламышIу шъотэхы.

– Тхьэм ынэшIу къышъуищэф, сыкъэдаIо,– Къаймэти сэлам къыхыжьыгъ.

– Де-Скаси лIы шIагъом ычIыпIэкIэ Кодинец горэ урыс пачъыхьэм къытфигъэкIуагъэу зыраIорэр шъыпкъа?

– Олахьэ хэсшIыкIырэ щымыI, ащ фэдэ горэм ыцIэ къыраIоу зэхэсхыгъэ, ау ишъыпкъапIэ сыщыгъуазэп. Модэ Хъан-Джэрые шъуеупчI, ащ нахь ышIэт.

– Хъан-Джэрыий ар къытиIон, тыкъишIэжьырэп нахь...– Пэшъукъ онэгум зыридзи, Къаймэт куплIэм дидзыгъ.

Хъан-Джэрые файтоным къызепкIым, Сисурэ икуо макъэ зэхихыгъэ:

– Тхьэ къысауи, Хъан-Джэрый, Къаймэт, нанэ гущ, сехьы!..

Пэшъукъ къамэмкIэ купэгъупсхэр пигъэлъэти, Бамбэт ыуж илъэдэжьыгъ.

– Бамбэт, сытIупщ! ПшIэрэр емыкIу, Тхьэм къыпфидэнэп! – шыплIэм дэлъ Сисурэ мэлъаIо, мэкуо, зыхьырэм къыжэхэтхъонэу ежьэ шъхьакIэ, ынэIу егъэзыхыгъэшъ, ыIэхэр къынэсыхэрэп.– Сямыгъэхьба, Шъэуай, тыдэ гущэм ущыI!..

– Быяу, Сисур, быяу, сидах, хьаулыеу зымыухыжь, сэ джыри бзылъфыгъэ сIэпыкIыжьыгъэп.

– Ары шъхьаджэ сыпфаепи, сымыгъэунэхъуба!..

– Къытфэмые Iаджи къытэсэжьыгъ тэ...

Пэшъукъ къыкIахьэу зелъэгъум, Бамбэт къызэтеуцуагъ, къыголъэдагъэм риIуагъ:



– Мэзым куо-хьау химышIыхьанэу ыжэ къэпх, ыIитIуи ары.

– Сыд джы упцIымамэкIэ, сшыпхъу цIыкIу,– Пэшъукъ Сисурэ ыIэхэмрэ ыжэрэ зепхым, еушъыигъ.– ЗынатIэ ухъугъэм зегъэгупсэфылI.

Бамбэт къыIуагъ:

– Джы пшIэщтыр ары, Къэгъэзэжь. Мы Iофым хъулъфыгъитIу ищыкIагъэпышъ, уигъогу тэхьажь. Амал иIэмэ, тхьамафэ горэкIэ чылэм удэмыхьажь, зыми зыIэкIэмыгъаф. Сэ ащ нэс мы цIыкIур Iордэгъазэ къэсшыщт...

ЧIы цIынэ бгъотэрымэр зэрыз мэз чIыунэм Бамбэт зыIэпхыгъэ бзылъфыгъэм зыщыфырекъум, зыпыутхыпкIыхьажьи, къипшыжьыгъ, чIыунашъхьэр тыригъэпытыхьажьыным ыпэкIэ иджагъ:

– Неущ пчэдыжь нэс ухэгупшысыхьанэу уахътэ къыосэты.

Бамбэт мыгузажъоу зымакъэ зэтетэкъукIырэ псынэкIэчъым IутIысхьагъ, заулэрэ щысыгъэу Хъан-Джэрые файтоным къызэрипкIыгъагъэр ынэгу къыкIэтэджэжьэу щхыпцIыгъэ. ЗыфалIэщтыгъэ бзылъфыгъэмкIэ ыгу жьы зэрэдигъэкIыгъэм рымыразэу къыIэкIэфэгъэ етIэгъойкIэ псынэкIэчъым хэуагъ, ыIэшъхьэ-лъашъхьэхэр дигъэчъаехи, амдэз ыштагъ, джацы нэмаз ышIынэу онэкIэлъым теуцуагъ, апэрэ, ятIонэрэ дыухьэ къэхьыгъомэ ауж Тхьэм елъэIугъ:

– Я си Алахь, мыхъун сшIагъэмэ, къысфэгъэгъу...

Шыр щымытыжьышъоу зэтIысыр ары ныIэп Бамбэт ыкIыб чъыгым егъэкъугъэу зыхэчъыягъэр. Бэрэ чъыягъэуи макIэрэ чъыягъэуи къышIэжьрэп, шы пырхъэ макъэм къыгъэлъэтагъ – щайшъогъу тыгъэм инэфыпсыхэр хьалъэгу-хьалъэгоу мэз чIэгъым щызэхэкIошъыкIых. ЧIыунэм къычIэджыкIырэ макъэри къылъыIэсыгъ, къызщылъэтыгъ:

– Сыд, Сисур, укъысаджа?

– СыкъычIэгъэкI, Бамбэт.

– Ащ фэдэу укъысэшъэбэкIытмэ, ари пфэсшIэн,– чIыунапчъэр Бамбэт тырипхъоти, дэIэпыIэзэ бзылъфыгъэр къычIищыгъ.

Нэфынэм къызхэуцор ары ныIэп Сисурэ щыгъ джанэр зэрэзэхэцунтхъагъэр, ыбгъэ пцIанэхэр къызэрэлъагъорэр, ыкуашъохэри къызэрэчIэщрэр зилъэгъугъэр.

– Тхьэ къысауи, укъысэмыплъ! – ыкIыб къыгъазэзэ зыридзыхыгъ.

– Джы сыд укъысщыукIытэжькIэ… Удахэми уIаеми, сэщ нэмыкI джы зыми урищыкIэгъэжьыщтэп… УкъысщэукIытэмэ, ма, сицые уаплIэу идз.

– СIэ къэтIат,– Сисурэ нахь мэкъэ шъабэкIэ къэлъэIуагъ.– Укъысэмыплъ…

– Ари пфэсшIэн, сидах…– ошIэ-дэмышIэу Бамбэт зыкъыжэхэзытэкъогъэ фэбэпсыр къытекIоу, бзылъфыгъэм еушъыизэ, ыIэхэр ытIэтагъэх,– ицые ыплIэу ридзагъ.– Джауштэу зыкъысэбгъэкIумэ нахьышIу, Сисур… Орырэ сэрырэ, сыд джы зэтэтхыжьыщтыр…

– IукIоти, Бамбэт, сшъхьэ сыхэгъэIэбэжь…

– Ари тэмэм, Сисур, бзылъфыгъэр хъулъфыгъэм ыпашъхьэ щызэбзэижьмэ, нахь икIэсэщт… СакIыб къэзгъазэмэ хъущтба?

– Шъыда зыкIэмыхъутэр… Ау тIэкIу усшъхьэщыкIотмэ нахьышIу. Чыжьэу уIумыкIми хъут…

Бзылъфыгъэм игъэшIуабзэ Бамбэт ыушхъухьагъэу IукIоти, ыкIыб къэгъэзагъэу нычэпэ етIэгъойкIэ зыхэогъэгъэ псынэкIэчъым зышъхьащэуцом, Сисурэ ыплIэу радзэгъэ цыер зыщидзи, зашэщтыгъэ къамэр пхъэтэкъэжъым къытырипхъотыгъ, уанэм гошIэгъэ шхонч кIакор къыгуипхъотыгъ, тыгъужъ пшъэго щтагъэм фэдэу зыкъызэзыдзэкIыгъэ Бамбэт риIуагъ:

– Лъэбэкъу къызэрыбдзэу сыкъэот!

– Ар къысэпшIэн Iоу нибжьи сшхьэ къихьагъэп!.. Бзылъфыгъэ лъэпкъ цыхьэ фэпшIы хъущтэп ыджары язгъаIорэр…– Бамбэт бзылъфыгъэм къырихырэ шъхьакIом кIыфы кIишIыкIэу щхыпцIыгъэ, къехъулIэрэр джыри ышIошъ дэдэ мыхъоу къыфидзыгъ: – А шхончым щэ илъэпи, бэйтэмал, сыд узфэшIыкIаерэр…

– Щэ ерэмылъ фаеми! – Сисурэ шхонч кIакор темэным хидзагъ, къэмэ щэигъэр ыIыгъэу, Бамбэт жэхахьэзэ текуагъ: – Ппсэ пшIоIэшIумэ, ущыIэ пшIоигъомэ, чIыунэм чIахь!

– СычIэхьанэп! – щыни нэхаши зымышIэжьэу, ынэхэр къыIэпыкIэу къыжэхэхьэрэ бзылъфыгъэм Бамбэт ыгучIэ изыгъэу жэхэплъагъ. Ардэдэм, къыздизыгъэри ымышIэу, ыкIыб Шъэуае иныжъым фэдэу къыдэтэджагъэу къыщыхъугъ, ымакъэ къэкIэзэзыгъ, ыгу ыныбачIэ ифэжьыгъэу ерагъэу къыупсэлъыгъ: – УзэкIокIыгъа?!

Бамбэт кIуачIэм къыбгынагъ, ылъэкIапIэхэр къэушъэбыгъэх. Зиджэнабгъэ къетхъыхыгъэ бзылъфыгъэм имэхъэшагъэ зэхишIэгъэ къодыеу лъэбэкъу зытIукIэ зызэкIакIом, псынэкIэчъым хэфагъ, Iэбэ-лъабэзэ къызщылъэтыжьи, адырабгъукIэ зэпырычъыгъ. Мыдырэ псы нэпкъым Сисури къыщыуцугъэп. Зыпсэ зышIоIэшIу Бамбэти Iашэ зыIыгъ бзылъфыгъэм къыпымылъыжьэу мэз цуным хэлъэдагъ.

Сисури псынэкIэчъым къызэпырычъыжьи, онэш хьазырым къэмэ ихыгъэр зэриIыгъэу ешэсыгъ…

Лъэустэнхьаблэ Сисурэ къызэсыжьым, къехъулIагъэр къыфызэкIэрыожьыгъэу, ыIори, ышIэри ымышIэжьэу, пIэм хэгъолъхьагъ…

А мэфэ дэдэм елбэткIэ Къэнтат гощэшхор Екатеринодар къыращыжьыгъ. ПэгъокIыгъэ пщы кIалэмэ, Хъан-Джэрыий апэ зэритэу, апымылъэу, Сисурэ зэрылъ унэм ихьагъ, пIэм хэупцIэгъэ бзылъфыгъэ цIыкIум ынэтIэ плъыр теIабэзэ риIуагъ:

– А сипшъэшъэжъый, сызыптеплъэхъукIыгъэ закъом шъыд къыохъулIагъ…

ЗынапIэ зэтелъ Сисурэ Къэнтатэ ымакъэ къызешIэжьым, къыхэкуукIи, ынэпсхэр къыкIэтэкъугъэх.

– Сэры, сипшъашъ, сэры…– Къэнтати ыгу къызэхэхьагъэми, ымакъэкIэ къызхигъэщыгъэп.– Гъы, нынэ, гъы, угу жьы дэкIыт… Сэ напщэ птесхыт. СакIыб къыдэуцу, Быч. Ори ары, Хъан-Джэрый.

Къэнтатэ дыухьэ къыпчъызэ, щэгъогогъо Сисурэ епщагъ, тIэкIу тыригъашIэзэ ятIонэрэуи ящэнэрэуи епщагъ. Сисурэ ынэпIэ шэплъхэр мычэлъэожьхэу, нахь гупсэфыгъэ фэдэу Къэнтатэ къыщыхъугъ, мэкъэ шъабэкIэ ыIуагъ:

– Чъыягъэ тхьамыкIэ цIыкIур… А Быч, а нысэ, Шъэуае макъэ ежъугъэIугъа?

– Макъэ рагъэIунэу ясIуагъ, лъыIэсыгъэхэмэ сшIэрэп нахь.

– Тыдэ щыIэми къарэгъот, Шъэуай нахь Iэзэгъу фэхъун мы тхьамыкIэ цIыкIум иIэп…– Къэнтатэ ыкIыб Хъан-Джэрые зэрэдэтыр къызешIэжьым, зыкъызэблихъужьыгъ: – Тихьанэ-гъунэ къихьэрэп, тщекIуахьы… Мы пшъэшъэжъыемджэ Бамбэт имэхъэджагъэ ферэмыгъэгъу! – А-ей-гущ, а Бамбэтыжъыр зэгорэм къысIэкIэфагъэмэ!

«КIэнхэр къызышIосхьыщтыгъэ Пэшъукъи игъусагъ» Хъан-Джэрые къыIо шIоигъуагъ шъхьакIэ, зыкIытегущыIыкIырэр ымышIэу, къэгузэжъуагъ:

– Нан, Сисурэ къэбгъэущыт.

– Ары, нынэ, ары. НекIо, тышъхьащыжъугъэкI. Пшъэжъэжьыер изакъоу къэшъумыгъан. Джэхэшъотет бзылъфыгъэмэ ащыщ горэ кIэлъырыжъугъэс.

Лъэгуцэм къызытехьажьхэм, тыгъуасэ нэс зыгъапэрэр Хъан-Джэрые къымыIон ылъэкIыгъэп:

– Нан, Къаймэтрэ сэрырэ угу къытэмыгъабгъ...

– Шъыд пай сыгу шъобгъэн?

– Сисурэ къызэрэтымыухъумагъэмджэ...

– Е-о-ой, щыми псаоу шъукъызэрэнэжьыгъэмджэ сэгушIо, сикIал.

## VII

Сисурэ къехъулIагъэм джыри Шъэуай щыгъозагъэп.

ГъэрекIо бжыхьэрэ мыгъатхэрэ ялъытыгъэмэ, гъэмэфэ мэзапэм Шъэуае нахь зыкъиушIэжьыгъагъ. Ар зыпкъ къикIыщтыгъэмэ Пантелей зыемэ зэрафищэжьыгъагъэмрэ Хъан-Джэрые зызэрэIуигъэкIэгъагъэмрэ ащыщыгъ. Ежь ышъхьэкIэ къырахыгъэ шъхьакIор шъхьащыкIотыгъэ уахътэм ыгъэкIыжьы фэдагъэми, Мыхьамэт-ДжэрыекIэ фагъэIугъэ мэхъэджагъэмрэ Къэнтатэ инэмыплъ чъыIэрэ щыгъупшэщтыгъэп, инамыс ащ епхыгъагъ, фэхъущт кIэухым нэпэ укъэбзыжь къыфихьынэу, СисурэкIи инасып зэрилъэгъулIэжьынэу, идунай хьылъэ шIукIэ зыкъыфигъэзэнэу гугъэщтыгъ. АщкIэ Бэджэкъо Умари, Агой Пщымафи, Тэзэ Адыги, СултIан Хъан-Джэрыий игугъэпIагъэх, икъотэгъугъэх.

ШъэуаекIэ чIыр зэгози дэфагъэм Бамбэт фэдагъ.

Икъун ячылэ Iофмэ ауж сызэритыгъэр, щэджэгъо фабэм ыгъэулэугъэ Шъэуае, псынэкIэчъыпсыр ынэгу кIикIэзэ, ыIуагъ. Адыгэмэ, къэзэкъмэ яIоф, сэ сахэмытыжьми, зыгорэу хъун – зэрэукIыных, зэшIужьыных. Власовым ыуж азыфагу Iэжэгъэ-щэIагъэр къыдафэу ригъэжьагъ. Ары шъхьакIэ, зыуж ситыр сэркIэ, синамыскIэ, сицIыфыгъэкIэ Iофы, зыфызэхэсфыщт цIыфхэу Iуагъэ зэстыгъэхэмкIи ар джэуап гугъапI, ау адыгэ-къэзэкъ-тырку зэфыщытыкIэр зэкIэми анахь Iофыжь. Хэт фэдэ зэщыхъуакIу ахэмэ азыфагу дэтыр? Адыгэ лъэныкъомкIэ – Бамбэт, къэзэкъыбгъумкIэ Забруйнэр, тырку пакIэмкIэ – Хьасан-пашэр, ахэми куп зэфэшъхьаф пчъагъэхэр къяшIэкIыжьыгъэх.

Гъэмэфэ пасэм ижъоркъ зэлъигъэпэгъэ мэз чIэгъым чIэджэгукIырэ псынэкIэчъым Шъэуае ыгуи, ынэгуи, игумэкIи къыгъэучъыIэтагъэу, зыуж итми тIэкIуи фэгуитIоу гъогу техьажьыгъ, игъогупэ къыщыIугъэ шылъэмакъэми къызэтыригъэуцуагъ. ЗэдаIом, шыу шъхьэзакъу. Къэгъэзэгъум къыкъочъыгъэ шыур ышIэжьыгъ, ыпэ иуцуагъ:

– Шъыд, Пэшъукъ?!

– Сэлам алейкум, Шъэуай,– егъашIэм ишъэогъужъыгъ пIонэу Пэшъукъ шIуфэс ыхыгъ.– Зигугъу ашIырэр пчъэшъхьаIу тэс, нахьыжъ, моу джыдэдэм сыгу укъыпылъэдэгъагъ.

– Сэ бэшIагъэ сыгу шъузилъыр. Ау мыщ тыщызэIукIэным сегуцэфагъэп. Уадэжь сыкъакIошъы, унэм уизгъуатэрэп.

– Ар гухэлъэу уиIэм елъытыгъ, нахьыжъ.

– Шъыд пае узгъэпцIэн, гухэлъышIоп. Ау ар шъыдкIэ о къыонэсын, ощ нахь Iофи дунаим тет.

– СыпшIомыIофыгъэмэ, нахьыжъ, сикъэлапчъэ укъыIухьаныеп,– Пэшъукъ зышIомыдзэу джэуап ытыжьыгъ, гукIэ ыIуагъ: Сисурэ итыгъосэ Iоф щыгъуазэп.– СыкъэдаIо, къыстэплъхьэрэр сихьылъэ.

– Уиныбджэгъу Бамбэт сидэогъу!

– Сэри ащ дэуабэ фысиI, ау, о уиIуагъэу, шъуазыфагу дэлъым сэ сыдкIэ сыкъыхэхьан. ЛIым имыхьакъ тэслъхьанэп, Къайхьаблэ шъузэкIом шъуауж тызэритыгъэр ары умыIощтмэ, Бамбэт уигугъу дэеу ышIэу зэхэсхыгъэп. Сисурэ псэлъыхъо тызэрэфыкъокIыщтыгъэр арымэ, оркIи сэркIи ар къежьэгъэ Iофэп.

– Ащ сытегущыIэрэп,– Шъэуае пиупкIыгъ,– ау Бамбэт силъэгъун.

– АщкIэ хащэ сыхъунэп.

– Ар оIомэ, егъэзыгъэ хэлъэп.

– Iизын къысэптымэ, нахьыжъ, сигъогу сытэхьажьын.

– Сэлам зэтхыгъэ нахь, тигъогупэхэр пыбзыкIыгъэп.

ТIури IашэкIэ хьазырхэу, нэкIэ зэмыплъыхэу, гукIэ зэфэсакъыхэу зэблэкIыгъ.

Олахьэ мыри цIыф тхьамыкIэу дунаим тетым, Пэшъукъ ыIуагъ. Зэ адыгэхэр, зэ къэзэкъхэр, зэ тыркухэр еIо... ЫIори ышIэри ымышIэжьэу, ишыпэ зыдэгъэзагъэр игъогоу, зыщепсыхырэр ипсэупIэу щыIэ къодый. Сыд мыщ уисэшхо фипхыкIэ кIэрыпхыщтыр? Бамбэт загъорэ жъалымыщ, къэхъугъэр умышIэу къызбгырэущэ умыIощтмэ, цIыф Iуш, лIыгъэ хэлъ, тхьагъэпцIы. Зэо-банэ римышIылIэу, гугъэпIэ закъоу къыфэнэжьыгъэ Сисурэ IэкIиутыгъ... Шъэогъугъэ-ныбджэгъугъэ Бамбэт дыуиIагъэмэ, тхьапшрэ къыолъэIугъ, къыоубзагъ, ар къыохъулIэщтыгъэп.

Пэшъукъ иш кІэкІэу къызэтыригъэуцуагъ:

– Шъэуай, Бамбэт уилъэгъун пІуагъэшъ, мэфищ горэмкІэ инысэщэщтышъ, ыдэжь къекІуалІ,– Пэшъукъ шым елъэдэкъауи кІиІэжьыгъ.

«Шъхьаубат язгъэІуагъэр ощ фэд, Іиманцыз...» – Шъэуае къехъулІагъэр шІоемыкІоу кІэлъыгъумытІымыжьыгъ, етІанэ заулэрэ кІуагъэу зэриІожьыгъ: «Нахьыжъмэ амыдэн сапашъхьэ щиІуагъэп. Сэлам къысихыгъ, шъхьэкІафэ къысфишІыгъ. Шъыпкъэр пІон хъумэ, сэры зыгу шІу фимылъыгъэр, ерагъэу зысІэжагъ, ащ ычІыпІэ ситыгъэмэ, сымыдэныекІи мэхъу. ЩэІагъэ къызхигъэфагъ, ау ишъхьэпэягъэ ышІагъэр зэкІэ ыгъэкІодыжьыгъ. Бамбэт инысэщэщтымэ гъэшІэгъона, сыд ар къызкІысфидзыгъэр? Бамбэт ишъэо нахьыжъ лІы хъугъэ. Къыщэщтмэ дэгъу, хъяр. Зэ, зэ, хэта къэзыщэщтыр?.. Ежь Бамбэтмэ шІэ?!» – ХэушъыкІырэ шы гупсэфым Шъэуае жэдэІагъ, къыгъэуцугъ, зишылъэмакъэ къэмыІужьрэ Пэшъукъ зыдэчъэрэ лъэныкъомкІэ гунэкІ-ІэнэкІэу зэплъэкІыгъ, ардэдэм Сисури ыгу къэкІыгъ, анахь чІыпІэ зэжъу ифагъэми, ишІулъэгъу фэшъыпкъэгъэ гум ошІэ-дэмышІэу къыхэуагъ. Нэмыз-Іумыз нэплъэгъукІэ Лъэустэнхьаблэ чылэмкІи Екатеринодар къэзэкъ пытапІэмкІи плъагъэ.

Ишъаощтын зыфиІуагъэр, ежьырынэп, Шъэуае джыри ыІуагъ, зэушъыижьыгъ. СисурэкІэ мыхъун горэ щыІагъэмэ, мэкъэнчъэ сыхъуныеп. Тыгъуас ныІэп Пщымафэрэ сэрырэ тызызэбгъодэкІыжьыгъэр. Бамбэт ичыли тыщыІагъ, ибгъагъи зэтешІыхьагъ, къызэригъэзэжьы хэбзэ лъагъори типлъырыпІагъ. Нысэщэ Іофи чылэм щызэхэтхыгъэп, ищагуи зэрэІыгъэкІыгъ... Сисурэ мыхъункІэ сыгу къыпылъэдэгъагъэ шъхьакІэ, Къэнтатэ ищынагъо изакъоми, ухъумэкІо лІы куп ауас. Къаймэт, Хьадж-Къэсэй? Ахэри ышнахьыжъым фэдэхэу шъхьащытых, хагъэукъоштэп, мышІапхъэ рагъэшІэщтэп, зыгорэм мыхъункІэ зыкъытырищаеми, зэрэпэуцужьыщтхэм сицыхьэ телъ. Ау етІани... Бамбэт зэблэн щыІэп... Сыда Пэшъукъ изакъоу ичылэ пэчыжьэ мэз гъогум зыфытетыр? Бамбэтыжъым зэрипыщэгъур сшІэзэ, сэлам къысихыгъ, адыгагъэ къыздызэрихьагъ сІуи, шыихъ зесшІылІи, стІупщыжьыгъэ. КъысэхъулІэрэр зэкІэ сифэшъуаш, къэзэкъмэ яІоф зесэфэ сІозэ, сшъхьэ сщыгъупшэжьыгъ. Къэнтатэ сигъэпыикІи, ежь згъэнэгъуаджэкІи шІуагъэ иІэп. Хьан-Джэрые игъэпсэфыгъо мазэхэм Лъэустэнхьаблэ къызигъэзэжькІэ, Бамбэт фэдэ горэ къытхэмыбанэзэ, кІыхьэ-лыхьэ зетымыгъэшІэу, Сисурэрэ сэрырэ тиІоф тыухыгъэмэ дэгъугъэ. Сэри ащ нахьыбэрэ сшъхьэ пІыеу сыщыІэнри къекІурэп, Сисури ыгу джэнджэш къизгъэхьанэп, Бамбэти згъэбэлэрэгъын, нахь Ізрыфэгъу къызфэзгъэхъун, Къэнтатэ ыпашъхьи сиІуагъэ щызгъэцэкІэжьын.

Шъэуае игупшысэмэ ахэтзэ мэзым хэкІи, мэкъупІэ шъоф зэшъхьащыкІотым ихьагъ. Заулэрэ кІуагъэу, щэджэгъо тыгъэр ышъхьэкуцІ къызэрэхэтІысхьэрэр зэхишІэу ошъогум дэплъыягъ, бгъэшхъо хьарзэ гори рилъэгъуагъ. Ащ Мыхьамэт-Джэрыий ыгу къыгъэкІыжьыгъ. А гъэмэфэ мафэм, Хьан-Джэрые пІуркІэ зыдэщыІэ Мэрчан чылэм кІохэ зэхъум, мыщ фэдэ бгъэшхъуитІу ошъогум зэрэралъэгъогъагъэр ынэгу къыкІэуцожьыгъ, Тыркуемрэ Урысыемрэ арагъапшэхэу араІолІэгъагъэри зэхихы фэдэу къыщыхъужьыгъ. Чэтыку дэжь къапэуцугъэгъэ хъырцыжъхэр?.. Адэ джары, игукъэкІыжьмэ хагъэщэтыкІэу Шъэуае ыІуагъ, бгъэжъхэр, Мыхьамэт-Джэрый, джыри мэхьарзэх, хъырцыжъхэри мэІэо-лъаох, сэри сыщыІ, уишъэожъыехэри лІыпкъым еуцох, узфэгуІэщтыгъэ адыгэхэри, джы къызнэсыгъэм зыздагъэзэщт лъэныкъор амышІэу мэпсэух, зэхэбанэх, зэшІужьых, зым ыІорэр адырэм реутыжьы, нахь Іушыр язэрэгъашІэрэп, ау лІыгъэм, хэгъэгу ухъумэным Іофыр зыфэкІожькІэ, хэти сэшхоогъум ышъхьэ фыриуфэхырэп!

Шъоф тхышъхьэ мылъагэм Шъэуае игъогу зыдещаем, иш хигъэкІорыкІзэ, шыукъамыщымкІэ ищазымэ тхьаІу еожьыгъ, хъулъфыгъэ лъэсэу зыІуупІагъэр ышІэжьи, гъогубгъу пырэжьыялъэм зыхидзагъэти, лъежьагъ:

– Бамбэт! Къэуцу, Іиман зимыІ! – кІахьи, шыбгъэкІэ риутыгъ.

– Іашэ зымыІыгъыр иуутыныр лІыгъэп,– Бамбэт къызщыпшыжьыгъ.

– УІагъэу щылъым къамэр хэпсэжьыныр лІыгъа?! – Шъэуае онэгум зыридзи, ІэбжымкІэ Бамбэт ынэжгъ чІауи, риутыгъ.

– УлІымэ, а чэщым зыкъябгъэуІэн фэягъэп...– Бамбэт лъыр къыІучъэу лъэгонджэмышъхьэкІэ къызэшІотІысхьагъ.

– Ара сызфэуукІын уихьисапыгъэр?

– Адэ сыдэу пшІэра о?..

Шъэуае сэшхор къызгуипхъотыгъ:

– Тхьэ елъэӏу, Мыхьамэт-Джэрые епшӏэгъэ мэхъэджагъэм пае ппсэ згъэгъут! Сфэбгъэӏугъэр ащджэ зытесхыжьыт!

– Шъэуай! Алахьыфом ыцӏэкӏэ сыолъэӏу, сисабыймэ яхьатыркӏэ сыолъэӏу, гукӏэгъу къысфэшӏ, уфаемэ, плъакъо сыкъебэун, сыкъэгъэнэжь, дунаим сытэтыфэ лъэгукӏэтын зыпфэсшӏын, Тхьэ сыпфелъэӏун, уишыӏупӏэ сӏыгъэу егъашӏэм сыкъыбдекӏокӏын...

Бамбэт илъэӏокӏэ-гуӏакӏэ Шъэуае ыгу темыфэу щхыгъэ, фидзыгъ:

– Укъэрабгъ, Алахьэм усимыгъэшӏагъэмэ нахьышӏугъ.

– Псэм иӏэшӏугъэ зыпшӏэщтыр, Шъэуай,– гугъэпӏэ нэрымылъэгъу ӏэубытыпӏэ горэ Бамбэт къыӏэкӏэфагъэу къыщыхьоу къыӏуагъ,– счӏыпӏэ уитмэ ары, Алахьыфом игукӏэгъурэ ипсапэрэ иныю. Ащ ори сэри тыриӏэмыр.

– Тхьэр угу илъэу цӏыф тхьапш уукӏыгъэр?

– Ахэр джаурых.

– Султӏан Мыхьамэт-Джэрыий джаурыгъа?

– Къэзэкъмэ агоуцорэр джаур ори пӏощтыгъэ, Шъэуай... Мыхьамэт-Джэрыекӏэ сшӏагъэм сырымыгъэмыс...– мыщ ыгуи къэушъэбкӏэ, ижъалымыгъи къэуцэкукӏэ, Сисурэ иӏофи щымыгъуазэкӏэ сенэгуе Бамбэт ыӏозэ, къышъхьащытым ӏуплъагъ, нэплъэгъукӏэ елъэӏугъ.– Ащ ори, сэри тыфитэп, ар ти Алахьыфо изэхэфын...

– Мыхьамэт-Джэрые иадыгагъэ о шъыдым уигъэшӏэн, джэманыжъ! – Шъэуае аркъэн кӏапсэр Бамбэт шъхьаридзагъ: – Зылъ бгъачъэзэ уифедэ зэбгъэотылӏагъэхэр орджэ джаурых... Сэри ахэмэ сахэплъытэн уихьисапыгъ...

– Шъэуай, сыд къысапшӏэрэр?! – Бамбэт джы нахь гу къызӏэпишӏыхьажьыгъэу къыхэкуукӏы.– Хыӏушъом сыпхьыщт, сыпщэщт е къэзэкъмэ сяптыщт ара? Сызэкӏоцӏыппхэн, сыуушъхьакӏун нахьи лӏэныгъэр къэсэштэ...

– Эй, силӏыхъужъ!.. Хыӏушъоми усхьытэп, къэзэкъми уястытэп, сэ зыпашъхьэ уисхьатыр нэмыкӏ.

Сымыукӏыри, тыдэ сыхь фаеми, сезэгъы, зэхихыгъэр Бамбэт игуапэу гукӏэ щхыпцӏыгъэ, сыздепхьыжьагъэм тынэсыфэ, тынасыпынчъэ дэдэу дунаим тыкъытехъуагъэпщтын, гукӏэгъу зыхэлъ горэм тыӏукӏэн. Тыдырэ лъэныкъу шъуӏуа сызыдырищэжьагъэр? Пшъхьэ егъэзыхыгъэу шыплӏэм удэлъэу шылъэмакъэм укӏэдэӏукӏыкӏэ, ар сыдым фэпшӏэн... Ишыпэ къэгъэзакӏэкӏэ хыӏушъо лъэныкъом сызэримыхьырэр гъуащэрэп. Тыгъуасэ щегъэжьагъэу сэ спэкӏэкӏыгъэм фэдиз цӏыф къехъулӏагъэпщтын... Сыдэу бзылъфыгъэ мыгъо шъыпкъэ сапэкӏэ къикӏи! Сыд пае Пэшъукъи зыкӏэрысфыжьыгъагъ... Къысэхъулӏагъэр зэкӏэ силажь, сифэшъуаш, ау джыри гъогу тапэ илъ, Алахьым ыуджэгъугъэмэ тащыщынэпщтын...

– Шъыд, джэголъэжъ,– заулэрэ къэкӏуагъэхэу шыплӏэм дэупцӏагъэм Шъэуае еупчӏыгъ,– шъыд непэ узкӏэлъэсыр?

Бамбэт хэщэӏукӏыгъ нахь, джэуап къытыжьыгъэп, тӏэкӏу тешӏагъэу гъумтӏымыгъэ:

– Насыпынчъэр махъушэм тесыми хьэр ецакъэ аӏо, ащ фэди къыохъулӏэщт. Сиш шӏагъо нычэпэ шъхьэпае горэм скӏэкӏищыгъ... Пэшъукъэу къызшӏомыгъэшӏ, имыхьакъи тэмылъхь.

– Шъыд пае теслъхьан, ащ фэдэ непэ еслъэгъулӏагъэп.

– Шъузэӏукӏагъа?.. Сыд къыуиӏуагъ?

– Сэлам къыхыгъ, тызэблэкӏыгъ.

– Ара?..– Бамбэт къэупчӏи, зэрэамалынчъэр шӏошъхьакӏоу джыри хэгурымыкӏыгъ, Пэшъукъи имыхабзэу бзэ пытэ ӏулъэу къызэрэчӏэкӏыгъэм пае гукӏэ тхьэегъэпсэу риӏуагъ.

– Ау Пэшъукъ къыскӏэлъиӏожьыгъэм къикӏырэр сшӏэрэп.

Бамбэт шъхьэр къыфэмыӏэтэу, нэ закъокӏэ Шъэуае къеплъыгъ:

– Сыд къыплъиӏожьыгъэр?

– «Мэфищ горэмджэ, Бамбэт инысэщэщтышъ, къыкъокӏ» къысиӏуагъ.

– Шъхьаубат! – Бамбэт къызӏуипхъотыгъ, тӏэкӏу шӏагъэу зиухыижьзэ, къыпигъэхъожьыгъ: – Ыджары уиунэгъо къэбар умыӏуатэ языгъаӏорэр...– зэрэхъурэмкӏэ, Пэшъукъ чыжьэп, ӏэгъо-благъом ит, сыкъызэхихмэ, ӏэпыӏэгъу къысфэхъун, кууагъэ: – О-уи-у! ӏэгъо-благъом цӏыф итыжьба, сахьри!..

Шъэуай ӏэгушъо тыкумкӏэ Бамбэт ыпшъэ дэуагъ, ыжэ хъэдэн щыхьагъэ дикуагъ: – Куо джы!..

Шъэуай ишыплӏэ дэлъыр Лъэустэнхьаблэ зыдехьэм, тыгъэм пчыхьэшъхьапэм риублэгъущтыгъэ.

Султӏан щагур зэгъокӏы, зы цӏыфи щыхъыерэп.

Шъэуае шым зэрэтесэу къэлапчъэм ӏууцуагъ.

Хъан-Джэрыети апэ къэзылъэгъугъэр, ышнахьыкӏэхэр ыуж итхэу лъэгуцым къытелъэдагъ, Къэнтати Бычи унэм

къыкӀыгъэх, Къаймэти, Хьадж-Къэсэий, нэмыкӀ фэкъолӀхэри къыӀухьагъэх.

Мыгузажъоу, пытэ-пытэу онэгум къикӀи, Шъэуае лӀы пхыгъэр Къэнтатэ ыпашъхьэ ридзагъ:

– Мыры тиукӀакӀор, Къэнтат! Узыфаер епэс.

Къэнтатэ щагум дэкӀыжьыщтыгъэ Шъэуае еджагъ:

– Зэ, Шъэуай, къэуцу.

Къэнтатэ зэрыт чӀыпӀэм икӀотыгъэп. Ӏэгушъо пӀокӀитӀур тыжьын бэщышъхьэм телъ. Тхы псыгъом, нэгу одым, тэмэпкъ пшъыгъэмэ аужырэ илъэс зыщыплӀым къызэрахэӀагъэр къаӀуатэ. Къэнтатэ ыпашъхьэ илъ Бамбэт еплъ-емыплъыышъоу, нэплъэгъу чъыӀэкӀэ шъхьапырыплъэу заулэрэ щытыгъ, етӀанэ ошӀэ-дэмышӀэу къыхэкуукӀыгъ:

– А мэхъэджэжъ, ори о!.. Тыбгъэунэхъугъ!.. Тхьэр къыпфэсэгъазэ! – Къэнтатэ ынэгу дыигъэ нахь къэушхъонтӀыгъ, ерагъэу зызэриӀажэрэр ынэ къикӀотмэ къакӀэщэу, Хъан-Джэрыедхэм шъабэу зафигъэзагъ: – А нынэ, а сикӀалэх, моу унэм шъуихьажь... Ори ары, Быч...– унэм ехьажьыфэхэкӀэ яжи, мэкъэ пытэкӀэ, бэщыпэр Бамбэт фигъэсысызэ, Хьадж-Къэсэйдыхэм ариӀуагъ: – Мы Ӏиманцыз укӀэкӀожъым, цунтхъэкӀожъым еспэсытэр Тхьэм къысфигъэгъун, хъулъфыгъэхэми сызэхашӀыкӀын. Къыфэнэжьыгъэм бзылъфыгъэнчъэнэу шъусэкӀы!..

Къэнтатэ ыгъази, унэм ихьажьыгъ.

## VIII

– Хэтых сэӀо мо шыуищыр? – азыфагу дэт шыур Къэнтатэ ышӀэжьыгъагъэми, гукӀэ щтэуӀоу тетӀысхьапӀэм къыдытес Хъан-Джэрые ыгъэплъагъ.

– Къырым-Джэрый! – аужырэ илъэс зыщыплӀым зизычыгъэ Адыл-Джэрые къыӀуагъ, нэнэжъым еплъи, къызщылъэтыгъ.

– Ахэмэ якъэкӀуакӀэджэ шӀу щыӀэп,– Къэнтатэ зыгъэгумэкӀыщтыгъэр къыхэщыгъэми, тыжьын бэщым ыӀэгушъуитӀу тыримыхэу къыӀуагъ.– Къырым-Джэрые янэ джынэузыжъ джыри лӀыкӀохэр къытфиӀопщыгъэджэ сенэгуе. Зэ, Адыл-Джэрый, къытэдаорэм упэгъочъэу зышӀомыгъэшӀыжь.

– Мылъку даоджэ джыри Къырым-Джэрые къытфакӀомэ, нан,– Хъан-Джэрые къыхихыгъ,– тӀуагъэм утемыкӀ, икъун тятэ зэрадэгощагъэр, тэри, сшынахьыкӀэхэр къэтэджы пэтых, тыщыӀэ тшӀоигъу.



– Адэ ары, сикӀал, шъулъакъо шъутеуцо пэт,– Къэнтатэ зэхихыгъэр игопагъ,– шъуятэ тхьамыкӀэр адэгощэгъэ къодыеп! Шъо къышъутефэрэм фэдэ тӀурытӀу, уимылъку имытэкъуахь сӀозэ, танэӀу зэрикӀыжьырэм кӀэгушӀоу, янэрэ ыкъорэ аритыгъ, гопэшӀушӀэ ашӀыгъэп нахь... О зыкъыхэмыгъэщ, шъыдэу зыкъытфишӀыми, пшынахьыжъ, лӀэкъуацӀэр ехьы. КъаӀорэм елъытыгъэу сэ джэуап сафэхъужьыт.

– Тшынахьыжъмэ, нахьыкӀэхэмджэ къытфэрэсакъ, ежьыри зыфэрэсакъыжь, нан. Хьау ыӀомэ, зыкъызэрэтфишӀэу зыфэтшӀыжьын.

Шыухэр къызэсхэм, Къэнтатэ къэтэджыгъ, анахьыжъым, Къырым-Джэрые янэшым, къыхыгъэ сэламым ипэгъокӀэу сэлам ыхыжьыгъ, ариӀуагъ:

– НекӀо, унэм шъукъеблагъ.

– Олахьэ тыщысынэу тыкъэмыкӀуагъ тэ...– джыри анахьыжъым къыӀуагъ, гущыӀэшӀу азыфагу зэрэдэмылъыщтыр къыхигъэщыгъ, игъусэмэ яплъыгъ.

– Шъо шъущымысытми, уипхъорэлъфым СултӀан лъэкъуацӀэба ыхьырэр? Мыхьамэт-Джэрые зиусхьаным ыкъожьба? Шъыд фэӀуагъ, къытэкӀуалӀэу ӀаплӀ къытимыщэкӀми, шъыдэу шъущыт, шъыд шъуипсауныгъ къытиӀомэ, ышнахьыкӀэмэ къаӀугушӀомэ, ыгъэгушхохэмэ?.. Е-о-ой, хьэм тишкыгъ... НекӀо унэм, шъыд шъуигухэлъми, къэлэпчъэӀум къыщышъозгъэӀонэп,– Къэнтатэ кӀэкӀэу ыгъази, щагум дэхьажьыгъ, хьакӀэхэри ыуж ихьагъэх.

ХьакӀэхэр ятӀысыпӀэмэ арыгупсэфэфэхэкӀэ Къэнтатэ рэхьатэу щысыгъ, етӀанэ Хъан-Джэрые риӀуагъ:

– А сикӀал, модэ пшынахьыкӀитӀу къащэ.

– Ахэр джыри сабыйхэба, Къэнтат?..– Къырым-Джэрые янэшым къыӀуагъ.

– Тхьэм ишыкурджэ ахэр быдзэшъожьхэп,– Къэнтатэ кӀэкӀэу къыпиупкӀыгъ. Сахьид-Джэрыерэ Адыл-Джэрыерэ унэм къихьэхи, Хъан-Джэрые ыкӀахэкӀэ къызготӀысхьэхэм нахь мэкъэ гъэтӀылъыгъэкӀэ къыӀуагъ: – Ыджы сыкъэдаӀо, Джамболэт.

– Типхъорэлъф Къырым-Джэрые ятэ иосыет ыгъэцакӀэзэ, лӀы зэхъум урысыдзэм хэхьагъ.

– Тхьэегъэпсэу, федэхэхыпӀэджэ а лъэныкъом зимыгъэзагъэмэ,– алырэгъушхом телъ Ӏашэмэ яплъызэ, Къэнтатэ къыӀуагъ.

– Ащ фэдэ гухэлъ Къырым-Джэрые иӀагъэп, ыджи иӀэп. Арэу тӀон хъумэ, Хъан-Джэрый къэзэкъыдзэ еджа-

пIэр Екатеринодар къыщиухыгъ, къызэраIорэмджэ, бжыхьэ факIоу урысыдзэм хэхьанэу ары. Шъыд ащджэ, къэпIуагъэм елъытыгъэу, тэри тIон тлъэкIытэр?

– КъызэрэбгурыIоу лъытэ, Джамболэт,– Къэнтатэ ыIупшIакIэмэ щхэпс чъыIэр арычъагъ,– узэрэзэпызгъэугъэмджэ къысфэгъэгъу, сыкъэдаIо.

– Ары, дзэм ухэтыныр, забыт тэмэтелъыр къэохьыфэ къулыкъу щыпшIэныр IэшIэхэп, мылъку гъэнэфагъэ ищыкIагъ. Мыщ зиусхьан лъэкъуацIэр ехьы, ятэ зыщымыIэжь лъэхъаным, илъэс пшIыкIуй охъуфэ, урысые пачъыхьэр тхьэегъэпсэу, къыдеIагъ шъхьаджэ, джы илъэс тIокIым зыщикIыгъэ уахътэм амал иIэжьэп. Мы къыбгос ышнахьыкIэмэ ащ фэдэ амал яI, мыщ изэшIокI нахьи шъо шъуизэшIокI нахьыб. Чіыгур, мэзыр, былымыр шъуихъой. Ыджа къызэрэшъотIогъагъэм ипэгъокIэу, мыщ ятэ къыкIэныгъэм къыхэкIырэ федэмджэ шъукъыдэгуащэзэ шъушIынэу тыкъыкIэдэу. Ащ къыкIэдэурэр, Къэнтат, шъуинысагъэрэп, мыры, мы зинасып къэкIо пэтрэ Къырым-Джэрый. Сэ мыщ очылэу сыриIэу къышъушIомышIыным пае ежь ишIошIи къерэIу, тедэIун. КъаIо, зиусхьан, узкIэдэурэм тегъэдэIу.

Хъан-Джэрые зэхихыгъэр шIогъэшIэгъоныгъэп. Мыщ ыпэкIи, мыгъатхэ, Къырым-Джэрые акIымыгъоу нэбгырищ къазыфакIом, джары ядэуагъэр. Ау ятэкIэ ышнахьыжъ къыIощтым, зызэригъэпсыщт шIыкIэм джы ежэщтыгъэ. Къэнтати, Сахьид-Джэрый, Адыл-Джэрый зэхахыщтыр ашIогъэшIэгъоныгъ. Ащ изакъоп, ящэнэрэ гъусэу къыздащагъэми ытхьакIумэ кIэгъэзыкIыгъагъ.

– Шъыд, тянэшыр, о къэпIуагъэм къыхэзгъэхъожьын,– Къырым-Джэрые ышнахьыкIэмэ ашъхьапырыплъэу, ыни мыущакоу къыIуагъ,– джа къэпIуагъэр, тянэ къытиIуагъэр ары, къыздэрэгуащэх.

– Ы-ы, синынэгущ! – Къэнтатэ къызIуипхъотыгъ.– Икъунба тызэрэжъудэгощагъэр, шъыд джыри?

– Ащыгъум сыцIыкIугъ, ыджы сятэ къыкIэныгъэ мылъкум къытырэ федэр къыздэжъугощ!

Сыдэу тэ тщыщ горэ мы кIалэм къыхэмынэгъах, Къэнтатэ игукIае хигъэкуукIыгъ. СултIан лъэкъуацIэр ехьы къодый нахь, талъэныкъокIэ, зы пакI нэмыIэми, зыкъигъэзагъэп. А синасып мыщ къыжэдэкIыгъэр ятэ тхьамыкIэм зэрэзэхимыхыгъэр!.. Фэщэчыныеп. Янэ жэмыIан нэепсыежъым ежь зэрэфаеу сабый тхьацур ыпшагъ. Жаем благъор гъуанэм къырефы зыфаIорэм фэд. Янэшри, паIо



зэрэщыгъ закъор ары нахь, ышыпхъу фэдэкъабз, ынэпцэ зэхакIи, игущыIакIи, ищхыкIи, иплъакIи... Мыхьамэт-Джэрые аритыгъэ дышъэр афэгъэбылымыгъэп, тикIали Iуагъэфагъэп. Джы хэбзэ Iоф ашIымэ, Къырым-Джэрые ышIэн къытенагъэ зэрэщымыIэр, яделэгъэ-нэепсыягъэ ежь-ежьырэу къычIагъэщыжьын, цIыфхэри къыздагъэхьащхыных.

– Ащ фэдэу укъыздэгущыIэн, укъысэдэон Iоу сшIагъэп, Къырым-Джэрый...– Къэнтатэ ымакъэ нахь къэушъэбыгъэ фэдэу къыIуагъ,– уятэжъ сыришыпхъу... ПшынахьыкIэ цIыкIухэр сэпIух, сэлэжьых. Шъыд фэIуагъ зыгорэм укъиубытымэ...

– Икъун о сянэ тебгъэхъыкIыгъэр... Шъыд къыуаIоми пфэшъуаш!

– Къырым-Джэрый! – джы нэс зи къэзымыIощтыгъэ Хъан-Джэрые нэгу бгъузэр къыпхъотагъ.– Ащ фэдэ гущыIэ дысджэ нанэ укъыдэмыгущыI, къэмыушъхьакIу! Ащ нахьрэ цIыфыгъэ пхэмылъ нэмыIэмэ, утшIэрэп, уиIофи къытхэлъэп, утидэогъоп.– Къыгос ышынахьыкIэхэри, къыдырагъаштэу, къэзэрэгъэбырсырыгъэх.

– Джамболэт, тянэшыр, мыдэ мыхэмэ анахь мыхъурэм зызэрашIырэр? – Къырым-Джэрые щхыпцIыгъэ, зэрэшIомыскъарэхэр инэплъэгъу къыхэщэу, лIы гъусэм фыреплъэкIыгъ, ышнахьыкIэмэ афидзыгъ: – Тятэ тхьамыкIэм къыкIэныгъэ мылъкур къышъуIуакозэ, ыджары шъузэрагъэсагъэр!..

– ПшынахьыкIэмэ, зиусхьан, ауж икI,– Джамболэт къыIуагъ,– гущыIэ акIэрыпхытэп.

– ШъуиIоф къызимыкIырэм,– Къэнтатэ зиIажэзэ къыIуагъ,– гущыIэ дыджыджэ шъукъытэбэнынэу шъукъэкIуагъа, Джамболэт? Ар адыгагъэм щыщэп. Макъэр зыщыбэм акъылыр щымакI зыфаIорэр шъыпкъэ. Ау ащ зыдетымыгъэхьыхмэ, шъорджи тэрджи нахьышIу. ШIу угу имылъэу лъэIуакIо уемыжь аIошъы, шъыд затIоджи, къикIын щыIэп. Тыдэ мыгъом утхьыжьын, Къырым-Джэрый, укъытэдэIутмэ, къыосIотэр ары. Дзэм сыхэхьагъэшъ, шыонэзэтелъи, шъошэ дэгъуи сищыкIагъ пIогъагъэмэ, сынитIу язми къыппэзыубытырэм фэсыдэныеп. Унагъо пшIагъэу макъэ къытагъэIугъагъэмэ, зы коп, куитIоп, куищэп СултIан лIакъомджэ тыкъызэрэпфэкIотыгъэр. Ащ фэдэ гушIуагъо къызыбдэхъурэм, тэрышъ, тилIакъошъ зигушIуагъор, ащ фэдэджэ тыкъызэрэотэтэр джыри тапэджэ къэт. Урысыем идзэ, уятэ иосыет изакъоп, уятэжъи иосыет

бгъэцакIэзэ узэрэхэхьагъэр сигуапэ. Арышъ, тэ тцIэджэ шыонэ зэтегъэпсыхьэгъэ дэгъу, Iаши шъуаши игъусэжьэу пфызэзгъэпэшын, пшынахьыкIэхэр зыщымыгъэгъупшэмэ, ежьхэми уащыгъупшэнэп.

Мыдэ мы ныо тхьагъэпцIыжъым ыIорэр, Джамболэт гукIэ къыхихыгъ. Джы нэс къыфимышIагъэр сипхъорэлъф къыфишIэщт. Ощ сыфэдагъэмэ, кIэлэ бетэмал, шъоу бзэгу зыкъыпфэзышIырэм ынэ сыкIэкIотэщтыгъэ, сыжэхэхьащтыгъэ. ЕгъашIэм СултIанмэ зэраугъоилIэгъэ мылъкум тес, сшыпхъуи ригъэсыгъэп, тым иIэшIугъэ сипхъорэлъф кIигъэхьагъэп. МыукIытэу, зыфаер къытеIошъ, тапашъхьэ ис… А-енасын, моущтэу мыщ зыкъытфишIын Iоу сшIагъэмэ, Пэшъукъ къызыдэсщэни. Джары жэхэхьащтыгъэр, дишIи димышIи Бамбэт ихьатыркIэ тырикъутэщтыгъэ… Мырэущтэу зыригъэнэн хъумэ, Пэшъукъ зэрэтищыкIэгъэщтым щэч хэлъэп…

Къэнтатэ игущыIэ къызеухым, Джамболэт пхъорэлъфым еплъыгъ, адырэми зэригъэжагъэп:

– Онэш-шъуашэ пае сыкъанэрэп сэ! Io хэмылъэу, тятэ имылъкуджэ шъукъыздэгощт.

– Къырым-Джэрый, Джамболэт,– фэмыщыIэу ягъусэ къыIуагъ,– сышъухэдаIошъ, гущыIэ псау зэхэсхырэп. Мыщ фэдэ дао ыуж шъуитэу сшIагъэмэ гъогу сыкъыжъудытехьаныеп. ТызэхэзыхыжьырэмэемыкIу къытфалъэгъун.

– Къырым-Джэрые имылъку тыкIэдэуджэ, Аюб, о шъыд емыкIу къэпхьын? – Джамболэт къэупчIи, щхыжьыгъэ.– НекIо, зысэIом, шъэогъугъэ-ныбджэгъугъэджэ укъыздежьагъ, уезгъэзыгъэп.

– Мыр узфэдэон Iофэп, Джамболэт,– Аюбэ щхыпцIыгъэ нахь, губж Iоф къызхигъэфагъэп, тIэкIу тыригъашIи, мэкъэ гъэтIылъыгъэкIэ къыпигъэхъожьыгъ: – СыкъызэрэбдежьагъэмкIэ сыкъэуушъхьакIугъэми, къыптемыфэрэ къыоcIотэп. Пшыпхъу икъэгъэзэжьыкIэ тыщымыгъозагъэми зыгорэм фэд. Шъыд пае Мыхьамэт-Джэрые имыхьакъ теплъхьан, зыфаер зэджэ пшыпхъу къыфишIагъ. Къытефэрэ чIыгуи, мэзи, былыми ауасэ шъо зэрэшъушIоигъогъэ дышъэ ахъщэджэ къыритыгъагъэба?

– Сэри щымыIэжь цIыфым имыхьакъ теслъхьанэп, къыритыгъагъ. Ау шъыд ащджэ къапIомэ пшIоигъор?

– Къэнтат зиусхьан гуащэм, СултIанмэ шъузфядаорэр ары къызгурымыIорэр. Къырым-Джэрые урысыдзэм хэхьагъэшъ, унагъо ышIэмэ, зилIакъо щыщмэ къатефэрэр Къэнтатэ къышъуфишIэнэу ыIуагъэшъ, шъуезэгъ, шыкур шъуIо. ТыкъызфэкIуагъэр ары сэ къызэрэсшIошIытыгъэр?.. Зэрэхъурэмджэ, гъэпцIэгъэ Iофджэ сыкъыжъудежьагъэ хъугъэ… Къысфэгъэгъу, Къэнтат, ащ нахьрэ сыщысыжьыныр къезгъэкIурэп.

– Тхьауегъэпсэу, Аюб,– Къэнтати ащ ежэщтыгъ пIонэу къэтэджыгъ, Хъан-Джэрыедхэм зыкъызэлъаIэтыгъ,– цIыфыгъи лIыгъи къыздызепхьагъ. Арэу Iофыр зыхъуджэ, Джамболэт, ори емыкIу къысфэмышI, шъуидао лъэпсэнчъэшъ, тызэгурыIон тлъэкIытэп. Шъорырэ тэрырэ бэшIагъэ тиблэгъагъэ зытыухыгъэр, тиIуи тишIи зэхэлъыжьэп. Къырым-Джэрые иIоф нэмыкI. Ар тикIалэ, тпсэ щыщ, Хъан-Джэрый, Сахьид-Джэрый, Адыл-Джэрый ышнахьыкIэх. Сиакъыл къэкIуагъэшъ, сызщыщымэ къафэзгъэзэжьын ыIомэ, тынэ, тыпсэ, хъулъфыгъэ нахьыжъэу СултIан щагум дэтын, зыхэхьэгъэ урысыдзэм хэтын…

– НекIо, типхъорэлъф, шъыд мыщ тыщысыджэ…– тырахы шIошIыгъэм ыцIэ къыримыIоу Джамболэт къызщылъэтыжьыгъ,– тыкъызэхашIыкIытмэ, тиIон тIуагъэ, хьау аIуагъэшъ, тишIэн тшIэн…

ХьакIэхэр джыри лъэгуцым ехыжьыгъагъэхэп Къэнтатэ къызеIом:

– Мохэмэ запэтшIэу тиадыгагъэ тшкыжьынэп, Хъан-Джэрый, шъуадэкIуат. Шъыдэу зыкъытфешIыми, шъушынахьыжъ…– зэшитIумэ алъежьэгъэ нахьыкIэм Къэнтатэ еджагъ: – Къэуцу, Адыл-Джэрый. Къытфэмыем зэрэлIакъоу ыуж тилъэдэнэп…

– Нан…– Адыл-Джэрые имыгуапэу къызэтеуцуагъ.

– Ары, нынэ, ары… Сизакъоу унэм сыкъибгъэнэна, моу лIы фэдэу къызготIысхьажь… Адэ ыджары, сикIал, къытэхъулIэрэр… Ошъуапщэм уешъуиджэ къэуцуна, цум уегыиджэ гурыIона…

Мыхьамэт-Джэрые тхьамыкIэм къыкIэныгъэ шъэожъыехэр, къысэдэожьыгъэ Къырым-Джэрыий зы мэфэ закъуи сыгу изгъэкIыгъэп, спIухэмэ, сылэжьхэмэ жъышъхьэ мафэ садэхъун сIозэ, непэ къысэхъулIагъэр емыкIу, Къэнтатэ ыгу къыпыузыкIыгъ. Сыд лIэкъо бзаджа благъэ къытфэхъугъагъэхэр! Яжъи якIи зэхэшIыкI яIэп, тишъэо нахьыжъ ятэ ищагу дамыгъэтэу, зыхащэжьи, яунэхъулIагъ. Тэ къытхэтыфэ, янэ дэжь егъэзэжьыфэ ащ фэдагъэп ар!..

ГукӀэгъуи, фэбагъи, гупсагъи зыхэлъ шъэожъые дышъэу къытхэсыгъэм еплъ рашӀагъэм, янэепсыягъэ итхьацу хапшыхьагъ, ащи къыщымыуцухэу тыгъужъыгуи кӀоцӀалъхьагъ, къытагъэбэныжьыгъ...

– Нан!..– нэнэжъым иплъызыкӀэ-щысыкӀэ Адыл-Джэрые ыгу емыӀоу къэджагъ.

– Шъыд, сикӀал? – Къэнтатэ игупшысэмэ къахэужьыгъ.

– Зи къапӀорэпышъ ары.

– Шъыд къэсӀон, къытаӀотэр къытаӀогъах...

– Къырым-Джэрые, нан, угу емыгъабгъ, лажьэ иӀэп.

– Ы-ы, шъыд ар озгъаӀорэр?..– Зэхихыгъэр ыгъэшӀагъоу къэупчӀагъ.– Ары сэри сӀорэр, нынэ, Къырым-Джэрые Ӏоф хадзагъ...

– Джамболэт зилажьэр!..– нахь мэкъэ пхъашэкӀэ Адыл-Джэрые къыӀуагъ.– Адэ ащ фэдэ Аюбэ зыцӀэм къыӀуагъэпи...

– КъыӀуагъэп, тыкъызэхишӀыкӀыгъэти,– Къэнтатэ ынэгу щхэпс фабэ къечъэжьыгъ.– Адэ ары, сикӀал, тыдэ мыгъом Къырым-Джэрые тхьыжьын... Янэш Джамболэт ыгъэшэхъугъэджэ сенэгуе...

Адыл-Джэрые зыгорэ къыӀо шӀоигъуагъ шъхьакӀэ, унэм къиихьажьыгъэ Хъан-Джэрыедхэм зэпагъэугъ, етӀан къырыгъэкӀэу нэнэжъым дэжькӀэ плъагъэ, нахь екӀотылӀагъ.

ЗэшитӀур Къэнтатэ пэчӀынэтӀэ пхъэнтӀэкӀумэ, нахыжъыгъэр язэрэгъашӀэу, атетӀысхьагъэх.

БэмышӀэу дэо зэпеор зэрытыгъэ унэр рэхьат фэдагъэми, цӀыф гумэкӀыр жьым зэрэхизыр гъуащэрэп – щысмэ анэгумэ, яплъакӀэмэ къахэщы. Хъан-Джэрые кӀыфыбз, Сахьид-Джэрые чэфынчъ, Адыл-Джэрые лъэкъогъэсыс. СултӀан лӀакъом игукӀае Къэнтатэ иплъыз хэмых.

– Шъыд, Хъан-Джэрый,– гумэкӀ хьылъэр Къэнтатэ ыукъуагъ,– Къырым-Джэрые жъугъэшэсыжьыгъа?

– Дгъэшэсыжьыгъэ, нан,– шъхьэр къымыӀэтэу джэуап къытыжьыгъ.

– Ащ къытиӀуагъэр ошӀа, нан...– Сахьид-Джэрые къыӀонэу ежьагъ шъхьакӀэ, Хъан-Джэрые къыригъэухыгъэп.

– Шъыд синынэгущ, тыкъызэриушъхьакӀугъэр имыкъоу,– Къэнтатэ нэ плъыр гумэкӀыр Сахьид-Джэрые фидзыгъ,– джыри Къырым-Джэрые къышъуиӀуагъэр?

– КъыӀон ышӀэтыгъэмэ...– Сахьид-Джэрые кӀилъэшъужьзэ тегущыӀыкӀыгъ,– жьым тесэу псым елъэ...



– Мы чӀыпӀэм, сикӀалэх,– Къэнтатэ нахь мэкъэ шъэбэ теубытагъэкӀэ къыӀуагъ,– шъэф илъынэу щытэп. Ар къызытхахьэрэм, шъуятэжъмэ егъашӀэм къауухъумэгъэ СултӀан лӀакъор зэбгырытэкъут. Ащ икъежьэпӀэ чагъэ непэджэ шъуришыхьат. Сапашъхьэ къыщышъуӀон шъулъэкӀытмэ, сшӀошъумыушъэф.

Сахьид-Джэрые ышнахьыжъ дэжькӀэ плъагъэ, Хъан-Джэрыий нэкӀэ Ӏизын къытыгъ.

– Узэджагъэри, къэуухыгъэри, пшъхьэ къызхэпӀыикӀырэ мылъкури мыгъо пфэсшӀыт Хъан-Джэрые къыриӀуагъ.

– Ы-ы!..– Къэнтатэ къыхэкуукӀыгъ, етӀанэ мэкъэ ефэхыгъэкӀэ къыухыжьыгъ: – Шъыдэу ар ыжэ къыдэкӀышъугъ, мэхъашэ хъуныеба... ЫшнахьыкӀи зэриӀорэр...

## IX

Джамболэтрэ ипхъорэлъф Къырым-Джэрыерэ рахъухьэгъэ Ӏофым зырамыгъэукӀыхьанэу фэягъэхэти, нэмыкӀ хащэ амышӀэу, ятӀонэрэ мафэм тегущыӀагъэх.

– УкӀэмыгъожьытмэ, типхъорэлъф,– джыри Джамболэт къыкӀиӀотыкӀыжьыгъ,– мэфэ псау сапэ илъ, джыдэдэм Ӏофым ыуж сехьэ.

– Сэри сыкъыбдэкӀот.

– Ар зэхэсэмыгъэх.

– Шъыд зыкӀэмыхъутэр, уицахь къыстелъба?!

– Дэгъу, дэгъу, къэгубж,– Джамболэт ынэхэр къицӀыукӀыгъэх, щхыпцӀыгъэ,– укъэгубж къэс сигуапэ, ау укъысэмылъэӀу, мы Ӏофымджэ узгозгъэуцотэп. ПӀашъхьэджэ а пшынахьыкӀэ нэӀуагъэм игонахь къэозгъахьынэу сыфаеп. Пхъатэ упамыхьми, ежьхэри пэтымыхьхэми, зы ты шъукъыхэкӀыгъ.

– Тянэ ыӀорэр тэрэз! – Къырым-Джэрые ынитӀу къикӀотэу къыхэгубжыкӀыгъ.– Тятэ къыкӀэныгъэ мылъкум язакъоу хэрэмышкыкӀых, къыздэрэгуащэх. Сэ сытхьамыкӀэт, ежьхэр баитых, ара? Ащ фэдэ хъун ылъэкӀытэп!

– Ары зыуж титыр, бетэмал, шъыд узфэкуорэр? Плъэгъугъэба СултӀанмэ яныо ибылысыжъым зыкъызэрэтфишӀыгъэр, гогъэпкӀэгъагъэхэр нэ Ӏаеджэ къызэрэтэплъытыгъэхэр?

Къырым-Джэрые ошӀэ-дэмышӀэу ышъо къызэокӀыгъ, ынэхэр къэушъэбыгъэх, фэбэпс-щхэпс макӀэри ыӀупшӀакӀэмэ арычъагъ, ыӀэпкъ-лъэпкъхэри къэлэнлагъэх, иплъакӀи, ищысыкӀи бэрэ къахэмыфэщтыгъэ гупсэфыр къахэщыгъ.

Джамболэти пхъорэлъфым изэблэхъукӀэ зыфихьын ымышӀэу Ӏуплъагъ, еупчӀыгъо имыфэзэ, къыӀорэм игушхогъэ тӀэкӀуи къызэрэхэщырэр ымыушъэфэу къешъэбэкӀыгъ:

– НахьыкӀэ цӀыкӀум инэшӀу къэплъакӀэ гу лъыптагъа, Джамболэт?

ГъучӀыӀунэ улъыигъэ горэ къыхэуагъэм фэдэу, зэхихыгъэм Джамболэт къыгъэлъэтагъ, Къырым-Джэрые ицӀыкӀугъом щегъэжьагъэу ышыпхъу депӀуфэ, джа Ӏахьылыгъэ гукӀэгъур къызщыкъоущтыр сыдигъуа ыӀозэ, джы нэс къыхьыгъ. СултӀанмэ адэжь дэуакӀо зэкӀохэми, губжыгъэ ӀофкӀэ къызэтэджыжьхэми ар чъыӀэ-чъыӀэу ыбгъачӀэ чӀэлъыгъ. Непэ зэдэгущыӀэхэ зэхъум, ащкӀи фэсакъыщтыгъ, щыгъупшэщтыгъэп. Ӏоф ухыгъахэу къыщыхъущтыгъэм джары Джамболэти икӀэрыкӀэ кӀэупчӀыхьажьыкӀэ къызкӀытыригъэзэжьыгъагъэр.

Лӏыгъэ пхэлъ, сыпщэгугъы сӀозэ, типхъорэлъф, олахьэ шыукъамыщ цӀынэкӀэ спшъэ укъыдэуагъэм, Джамболэт зиӀажэщтыгъэми, гукӀэ къызбгырыугъ. Ащ нахь пхэмылъ нэмыӀэмэ, сыд пае мыӀуапхъэ тэбгъаӀоу тыбгъэӀорыжъорыра?.. Уянэ ишэнхэр ори къыпхафэх, джа зыпашъхьэ тисыгъэ Къэнтат нэгъучӀыцэжъми ишэнмэ пщакӀухьагъэп, уятэ ипытэгъэ-теубытагъэмэ ащыщ горэ пхэслъагъорэп. Гухэлъэу ышӀыгъэмкӀэ, тыраукӀыхьажьыгъэми, къафызэкӀэкӀуагъэп. КъызгурэӀо, анахьыкӀэ цӀыкӀур нэшӀукӀэ къыоплъытыгъ шъхьакӀэ, адыритӀур? Плъэгъутыгъэба къыпкӀэлъыкӀорэ шъхьэ псыгъоу атэшъхьэ мылъкум шъхьащытӀысхьажьыгъэм икъэплъэкӀагъэр? Ащ къыщебгъэжьэнышъ джа угу къэзгъэушъэбыгъэ цӀыкӀум щыкӀэкӀыжьэу, зыкъыхэмыгъэщэу ебгъэтэкъохынышъ, уятэ къыкӀэныгъэ мылъкум хьабыкъохъоу ухэуцожьыт. Ащ нэмыкӀ хэкӀыпӀэ уиӀэп, сэ уицыхьэ къыстегъэлъ. УзгъэнэтӀупцӀэтэп, нибжьи пшъхьэ къимыхьатмэ уиунэ узэрисэу уалъызгъэӀэсыт. Лӏыгъэ къызхэгъафи, нэмыкӀ сыфаеп...

– Гу лъыстагъ адэ а цӀыкӀум инэшӀу къэплъакӀэ,– Джамболэт игупшысэ зэфэмышӀумэ къахэужьыгъ.– АдыритӀур?.. Яныожъ атетхынэу тафэкӀуагъ пӀонэу, гогъэпкӀэжьыгъэхэу щысыгъэх.

– Агу Ӏае къысфилъыгъэпщтын, сшынахьыкӀэхэба...

– ПшынахьыкӀэхэп сӀорэп сэ!..– Джамболэт къызбгырыунэу ежьэгъагъ шъхьакӀэ, зиӀэжагъ, гые-ушъыикӀэ къыухыжьыгъ: – Ау ахэр зэрыт чӀыпӀэм уитэп, зыхэс мылъкум ухэсэп сэӀошъ ары.

– Ары шъхьаем укъысфэразэба, Джамболэт? – зэупчӀыгъэми зыфихьын ымышӀэу, ежь ирэзагъи къыхэщэу Къырым-Джэрые янэшым Ӏуплъагъ, Ӏугушӏуагъ.

– Шъыдыджэ сыпфэрэзэт?

– Къысфэбгъэпытэгъагъэр Къэнтатэ ыпашъхьэ зэрэщызгъэцэкӀагъэр ары.

– Ащджэ сыпфэраз, сыкъэбгъэукӀытэжьыгъэп. Ау Аюбэ ащ фэдэу къычӀэкӀыжьын Ӏоу сшӀагъэп. Уигъусэ ущыгугъэу мышъэм уемыбэн зэраӀорэр шъыпкъэ...– Джамболэт игухьа-гужъ зэрэзэщифрэр къышӀухэщэу хэгурымыкӀыгъ, зыкъиушӀэжьи, пхъорэлъфым иупчӀэ техьажьыгъ: – Ыджа пытагъэр непэ зыуж сихьат Ӏофымджи пхэлъыт, Къырым-Джэрый. Мылъкор зэджэми апшъ, цӀыфмэ уахищэт, уакъыхищыжьыт, шӀу узылъэгъуи узымылъэгъуи уижьау чӀигъэтыт. ШӀу угу афилъми, ыджа пшынахьыкӀэхэу зыфапӀорэмэ уадэгощэт. Арэу умышӀымэ, къыохъулӀэтэр ошӀа? Шыонэзэтелъ уиӀэджэ, ушыоу къызшӀомыгъэшӀ, пӀэ имылъ мылъкур уихъоеу, нэхъой зимыӀэ лъэсэу цӀыфхэр къызэмыгъэплъыхь.

– Ары шъхьаджэ, Джамболэт, сшынахьыкӀэмэ алъ зытелъыт мылъкор...

– Ара зыфапӀорэр,– Джамболэт пхъорэлъфым къыригъэуухыгъэп,– о плъы зыхэлъым сэ слъи, уянэ ылъи ахэлъба? Ул зыфэузрэмэ сэ сыли афэузын... Сэ ахэр дунаим езгъэтэкъохынхэу арэп, тӀэкӀу згъэщынэхэ, зязгъэшӀэжьы сшӀоигъу... Анахьэу Къэнтат хьарамыжъыр ары. Ащ елъытыгъ пшынахьыкӀэмэ зыкъызэрэпфашӀытыр, къэошӀэжьа, ябылымхэр атыгъухэу, ямэщхэр агъэстхэу, якъуашъо псым рагъэхьэу зырагъажьэм Къэнтатэ къызэрэщтэжьыгъагъэр?

– Ары шъхьаджэ, Джамболэт, тятэ къепыйтыгъэмэ афызэкӀэкӀуагъэп.

– Ар уят, мыдырэр хэт? – мыр зэгупшысэрэр ыӀуи Джамболэт ыгъэшӀэгъуагъ, фэсакъызэ риӀожьыгъ: – Бзылъфыгъ, ппэчыжьэ дэд сӀонри къезгъэкӀурэп; уятэ къыкӀэныгъэ мылъкур зыӀэкӀэзыубытэжьыгъэ ныу, уятэжъ ышыпхъу. Ау, ыджа зэрэпӀуагъэу, къыбдэрэгуащи нибжьи ыгу хэдгъэкӀынэп, щэӀэфэ тхьэ тыфелъэӀун, лӀэмэ, лӀакъор бэмэ ибэн быхъу аӀошъ, зылъэгъурэр ехъуапсэу, дгъэӀылъыжьын... Умыщын о, амэл иӀэу уятэ къыкӀэныгъэмэ алъэ-

хъомбэжъые згъэузынэп. Ау уимылъку иIоф зетымыфэмэ, ори къыбдэхьащхыных, тэри тагъэмысэн. Арышъ, ыджа зэрэтIуагъэу, Iофым хащэ фэтшIырэп, орырэ сэрырэ нэмыкI щыгъуазэп.

Джамболэт шэсыгъэ, хьэблэ къэгъэзэгъум нэсыфэ пхъорэлъфым ынэ ыкIыб зэрэхэшIэгъагъэр зэхишIэщтыгъэми фызэплъэкIыгъэп. Ау чэу пэкIэ къэгъэзэгъум зыщыкъохьащтым, зыгорэ къыкIэлъыкуугъэ фэдэу, зэмыплъэкIын ылъэкIыгъэп.

Адэ джары, фэбэпс шъабэ горэм Джамболэт ыIэпкъ-лъэпкъхэр къызэпичъыхьагъ, икъэщэгъу хъугъэми, бетэмалым ыгуи ыпси къысхэтIагъ, сэщ нахьрэ гушIуагъуи гугъапIи иIэп. Къыздэзгъэшэсыгъэми хъущтыгъэ, ежьыри фэягъ... СIорэр сшIэрэп джы, сыдэущтэу мэфищкIэ къэзэкъыдзэм къытIупщыгъэр Шапсыгъэ зыдесщэжьэщтыгъа? Ежьыри ащ егупшысагъэп, сэ сиакъыли къыхьыгъэп. Тэ къэзэкъмэ тазэрэхэмыт пэтзэ, ерагъу... Къэзэкъыдзэ щыгъын пщымыгъми, шапсыгъэхэр нэшъуха, къэбарынчъэха, къыфадэнэп, арымырми тигъунэгъу пытапIэм дэсмэ тяшIугъ ашIошIышъ, ацэ къытфагъэлъы, онэгум укъырадзын, хьэпэ-сапэ урагъэфэн.

Къэрэкъомэ ящагу удэкIмэ, Дышъэбэ чылэ гъунэм уIухьанкIэ урам кIэко бгъузитIу ныIэп къызэунэкIынэу ищыкIэгъагъэр. Зы цIыф IумыкIэу Джамболэт урам кIэкIитIур зэпичи, Пшызэ иджабгъу лъэныкъокIэ къыгъанэзэ, тхышъхьэ мылъагэм зытезыIонтIыхьырэ шапсыгъэ гъогум фиузэнкIыгъ. Гъогум икIэкIыпIэ ущыгъуазэмэ, зыуи арэп шапсыгъэ гъогум узэрэтехьащтыр. Хьаджрэт лъэгъо шъэфым щымыгъозагъэмэ, а лъэныкъомкIэ Къэрэкъо Джамболэт кIощтыгъэп.

Мэзым хэхьэгъэ къодыеу, зищэрэхъ лъэныкъо кIэзыгъэ кум Джамболэт IуупIагъ, кушъхьэкIапсэр зытIатэрэ МэщлIэкъо Аюби ышIэжьыгъ. Мыщ сыIумыкIэнэу сшIагъэмэ, Джамболэт ышъхьэрэ ыгурэ зэбгъэжьэу ыIуагъ, анахь сызфэмыем, сыгу забгъэрэм натIэкIэ сеутэкIыгъ. Зымафэ къысишIэгъагъэр есшIэжьэу себгъукIон сIонти, чIыпIэ къин ифагъ... Сэ сыкъызэрынэгъэзэгъэ чIыпIэм нахь къина мыр? Сидэогъумэ адырigъашти, къикIыжьыгъагъ. Тинасыпышъ, ежьыри инасыпышъ, жэ пытэ Iулъ, зыми тыриIотагъэп.

— Шъыд, Аюб, къыохъулIагъэр? — Джамболэт шым епсыхыгъ.



— Ора, Джамболэт? — фэмытIатэщтыгъэ кушъхьэкIапсэр Аюбэ губжыгъэу зэпиупкIыгъ, мыгузажъоу плIэIу пытэ шъуамбгъомкIэ зыкъызэригъэзэкIыгъ, щхыпцIыгъэ: — Унэе-псыемэ ащ фэди къыпщышIыт... Сицумэ акъудыит сIуи, чы цIынэ бащэм кущэрэхъыр зэхезгъэцIыцIагъ.

— УикушъхьэкIапсэ зэпыоупкIыджэ хъуна, шъыд уиморадэр?

— Шъыд симорадын, чыр куплIэмджэ езгъэкIунышъ, цIыкIу-цIыкIоу сыкIожьыт.

— Арэу пшIэми хъун, ау озгъэшIэнэп, — кIэкIэу къыIуи, Джамболэт шэсыжьыгъэ. — Чылэм сычъэжьынышъ, кущэрэхъ къыпфэсхьын.

— Бащэ, Джамболэт, гъогу утехьагъэу.

— ГъэшIэгъона гъогу сытехьагъэмэ? Моу тятэшыпхъур гъойщай аIуагъэти, сылъыплъэнэу сыкIотыгъ... Сыхьатныкъо горэмджэ щэрэхъыр къыпфэзгъэсыт.

— Ащыгъум дэгъу. Укъэсыжьыфэджэ сицуми загъэпсэфын, сэри тутыныбжъэ горэ згъэстын.

Ашъыу, Къэрэкъо Джамболэт, IэхъомбэпытэшхохэмкIэ Аюбэ тутыныбжъэр ыщыхьэзэ ыIуагъ, СултIанмэ закIыщыхьагъэр сшIэрэп нахь, цIыфыгъэ хэлъ. Мыхьамэт-Джэрые зэпсаум ишъэо нахьыжъ щыгъыщтымкIэ, ышхыщтымкIэ, мылъкукIэ ыгъэнэтIупцIагъэп. Къэнтати джы нэс зи къызытыригъанэрэп. Къэзэкъыдзэм Къырым-Джэрые зыхахьэм, къыфишIагъэр зэрэчылэ агъэшIагъо икъугъ... Сэ дэуакIо делэ-делэу садэкIогъагъ... Джащ нахь чIыпIэ къин сифэгъагъэу къэсшIэжьырэп, Къырым-Джэрыеми, мылъку гощыным кIэдэущтыгъэр, къыраIорэр зыхэмыхьэщтыгъэр, сыгу ебгъэрэп. КъызэкIэмыкIощтыгъэми, ынэмэ гуао зэракIэмылъыр къэлъагъоштыгъэ. Сыд фэдэ цIыфыгъэ хэлъми, щэрэхъыхьэ чылэм зэрэчъэжьыгъэм паеп, Джамболэт згъэмысэрэп, ышыпхъу сызтегущыIэнэу сызфэмыяхэр, къылъфыгъэ закъори, ышнахьыжъи зэрефэ, къатемыфэрэр арегъашIэ...

Чы уджэрэпсыгъэ кушъоджанэр Аюбэ зэщишъхьатэкъунэу фежьэгъагъ шъхьакIэ, Iоф тIуашIэ сшIынэп ыIуи, кур плIэIукIэ къыIэтышъущтмэ еплъын ыIуи, чIы шъхьашъом къытыриIэтыкIыгъ, тIэкIурэ ыIыгъи, ыгъэуцужьыгъ. ЕтIанэ ыкIуачIэ къыхьыгъэм пымылъыжьэу, зыгъапэщтыгъэм ежь-ежьырэу кIэух фишIыжьыгъ: «Зымафэрэ IофымкIэ сегыин сIогъагъэ шъхьакIэ, сыд пае симыIоф сыхэхьан. КъысэупчIымэ, джэуап естыжьын. Джамболэт сырищы-

кӀэгъагъэмэ, мэфэ пчъагъэ тешӀэжьыгъ, зыкъысӀуигъэкӀэни. Непэ тызэрэмышӀэу тызэӀукӀагъ.

Джабгъу плӀэӀур езыщэхырэ щэрэхъыр ыӀэ пылъэу Джамболэт къыӀухьажьыгъ:

– Шъыдэу онтэгъу сэӀо мыр!..– щэрэхъыр къыритӀупщэхыгъ.

– ЗэхэцӀыцӀэн нахьи, пытэ-онтэгъумэ нахьышӀу,– Аюбэ щэрэхъыр ынэӀу ригъэджэгухьи, кум рихьылӀагъ, кӀыбыкӀэ ку лъапсэм кӀэрыуцуи, чӀым къытыриӀэтыкӀыгъ: – КъыкӀэгъэуцу, Джамболэт.

– Джары ащ ищыкӀэгъагъэр! – Джамболэти ышӀэщтыр зешӀахэм, игуапэу ищэрэхъ кӀэгъэуцуагъэ ешъхьэшъоожьыгъ, къэупчӀагъ: – Адырэ щэрэхъыр шъыдэу щыт?

– Ар хъунджэ сенэгуе.

– Моу тутыныбжъэ горэ тэгъэгъэсты, Аюб.

– Хафэ умыӀотмэ, боу озгъэгъэстын.

– Тызтет дунаим нахь хэфэна?

– Ари шъыпкъэ.

ЛӀитӀумэ тутыныбжъэхэр агъэсты, зымэфэрэ Ӏофым игугъу апэ къыхэзыдзэщтыр яязэрэмыгъашӀэу зырагъэукӀыхьэ, ихэфагъи идыджыгъи зэхамышӀэу, тутыныр зыӀуагъэпщы.

– Олахьэ, Аюб, уитутын мыхафэ,– Джамболэт къеӀо,– ау гор реутэхы.

– Мыр Молдау Дубосарым къырахыгъ, сикъэзэкъ къонакъ горэм зымафэ, ыджа Лъэустэнхьаблэ тыкъызекӀыжьым, къысфаригъэхыгъ.

– Ара? Олахьэ Молдаум нэс къызэрэрахыгъэм ифэшъуашэу мыдэи. Дэгъу ащыгъум, сэри тятэшыпхъум дэжь сыкъокӀын, амал иӀэмэ неущ къэзгъэзэжьын.

– Гъогумаф, Джамболэт. Тхьэуегъэпсэу щэрэхъымджэ, Тхьэм укъысфихьи, уишӀогъэшхо къысэбгъэкӀыгъ. Уятэшыпхъуми сэлам сфехыжь, игъойщэягъи Алахьэм псынкӀэ къыфешӀ.

– Тхьэуегъэпсэу, Аюб. Сэлами пфесхыжьын. КъызщыхъугъэчылэмиӀэшӀугъэщыгъупшэрэп, дэс пэпчъ тхьамыкӀэр къакӀэупчӀэ, сызэрилъэгъоу о пцӀи къыреӀо. Адырэ щэрэхъымджэ тхьэуегъэпсэу зыфэпӀуагъэр, Аюб, сштэрэп. Ащ нахь зэфэтымышӀэжьыт нэмыӀэмэ, хьаолыеу дунаим тытет?! КӀо, Ӏофыр къежьэгъахэшъ, сызгъапэри къыоӀон. Зымафэ Лъэустэнхьаблэ тызфэкӀогъэгъэ Ӏоф мышъомылыр, тегупшысэжьыгъэшъ, щымыӀагъэджэ тэгъэлъытэ.



– ТыздэкӀогъагъэмэ агурыӀощтмэ, боу дэгъу, узэрегупшысэжьыгъэр сигуапэ.

– Сегупшысэжьыгъэ къодыеп, лӀыкӀуи афэтшӀыжьыгъагъ.

– Ара?! – Аюбэ зэригуапэр къыхэщэу къэупчӀагъ.– Къырым-Джэрые зыщыщхэр зэрэшӀомыгъэкӀодырэр Ӏушыгъэджэ пфэсэлъэгъу.

– Адэ ары. Тегупшысэжьыгъ, арэу тетыубытагъ. Ори ащджэ, бзэ пытэ зэрэпӀулъыр непэджэ огугъа зысшӀэрэр, зыми гущыӀэгъу узэрэфэмыхъугъэр сигуапэ. Хъярджэ, Аюб...

Цӏыфыр, къэрар горэ хэлъыхэмэ, зыуи арэп зэрэбгъэпцӀэщтыр, Джамболэт иш лъэбэкъуишъэ ригъэкӀугъагъэпщтын ыкӀыбыкӀэ къэӀурэ кущэрэхъ пцӀэу макъэм кӀэдэӀукӀызэ, зэщхыпцӀым. Дэгъоу хъугъэ къиныпӀэм ифэгъэ Аюбэ сызэрэӀукӀагъэр, спшъэ дэлъыгъэ хьылъэр сишӀушӀэ дысигъэдзыжьыгъ. Аюби зигъэхыещтыгъэ нахь мышӀэми, къысишӀагъэр къемыхьылъэкӀэу щытыгъэпщтын. Зэхэпхыгъа, «Къырым-Джэрые зыщыщхэр зэрэшӀомыгъэкӀодырэр ӀушыгъэкӀэ фэсэлъэгъу» ыӀуагъ. Сфэхъоу, сшӀэщтыр сымышӀэу, блэгъэ-Ӏахьылыгъэм сиукӀэу сахэхьагъ пшӀошӀа?.. Сшыпхъу насыпынчъэ зышӀыгъэ ныожъым ытхъыгъэр, зэ моу сыздежьагъэм сынэгъэс, къезгъэжыжьыщт, Къырым-Джэрые нахь гушӀуагъо имыӀэжьэу, къеубзэу къэзгъэнэщт...

Джамболэт гъогум гухэлъ зэблэхъу щишӀыжьыгъ.

Шапсыгъэ тхышъхьэм зыдэкӀуаем, Бамбэт фэдэ гуплъыгъэ-гукъао СултӀанхэмкӀэ зиӀэ цӀыф згъотыжьынэп ыӀуи, гукӀэ Пэшъукъ зыдиӀыгъэу, ДжэнчпсынэкӀэ ишыпэ диӀонтӀэхыгъ.

Цӏыфым ыӀэ хэмылъыжьмэ, сыдым щэрэщ, хэкужъ зэрэхъурэ теплъэр Бамбэт иунэкӀэ, ищагукӀэ, ихатэкӀэ Джамболэт ынэгу къыкӀэуцуагъ. Унэ дэпкъымэ ятӀэр къятэкъохыжьыгъ, дэпкъ тӀысыгъэм шъхьаныгъупчъэ бгъузэр ыукъощыгъ, ещэлӀэ кӀэлъэныкъор къелэлэхы, апч хэутыгъэм мэлышъожъ горэ еӀулӀыгъ, щагури, хатэри цӀыраужъкӀэ зэхэкӀыхьажьыгъ, зэгорэм шыумэ ӀуаубыкӀыщтыгъэ шышӀоӀуитӀум языри зэшӀокӀыгъэ, къамыури къакӀэкӀэкӀыхьэ, къакъырышъхьэ уарзэм ызыныкъуи телъыжьэп, къэлэпчъэжъыери, къэлэпчъэшхори зэхэтэ-

къуагъэх. Бзыумэ ашхыгъэу къычIэкIын, зы натрыфыцэ зытемытыжь натрыфышъхьэ блэрэу лъэгуц пкъэум пышIагъэр жьыбгъэм зэредзэ.

Е унэхъун, сыд тхьамыкIагъуа слъэгъурэр, Джамболэт гукIэ хэкуукIыгъ. Iэгу нэкI пэкIэ джашъу зыфаIорэм сырихьылIагъ, сымылъэгъугъэмэ, къысаIуагъэкIи сшIошъ хъуныеп. Сымыделэмэ, СултIанмэ яныожъ мэхъаджэ раригъэшIагъэр сшIэзэ, сыкъэкIоныя! Мыр къыослъэгъулIэн нахьи, улIагъ аIоу зэхэсхыгъэмэ нахьышIугъ, Бамбэт...

Зышъхьэ хэзыхьажьыгъэ Бамбэт Джамболэт зыIомыкIэм, джа мэфэ дэдэм Мэрчан чылэм кIуагъэ, Пэшъукъ зыIуигъэкIагъ. ЗыфэкIогъэ Iофым ышъхьэ зыфырехым, къеупчIыгъ:

– Дышъэ тхьапш къэптыщтыр?

– Ар пшIэтым елъытыгъэт.

– Ямэщ лыгъэ есыдзымэ?

– Дышъэ абас.

– Лъыуасэр?

– «Пэшъукъыр» къыптезгъэнагъэм ыосэтыр дышъэ сом.

– Ар хъущт, зи езгъэIонэп,– Пэшъукъ гугъуемылIыхэу къыIуагъ, етIанэ ынэхэр къилыдыкIхэу къэупчIагъ: – Арэп, а шъуипыйхэр нэбгырэ тхьапш хъура?

– Зэшищымэ анэмыкIэу зы ныо, зы нысэ. Сыда?

– Дышъэ сомитфыр макIэп, пфыIуезгъэхыных! – Пэшъукъ щхыпцIыгъэ.

– Укъезэгъмэ, Къэгъэзэжь,– ыцIэ шъыпкъэ Джамболэт къыIуагъ, нэплъэгъу пытэкIэ пэналъэм къыдыхэтым IупльагЪ,– дышъэ сомитфыр уиIэрылъхьэджэ лъытэ. Ау нэбгыритфым ычIыпIэджэ нэбгыриплIыми сезэгъы, сидышъэ соми лыеп, къысфэнэжьын.

– Сыда зыкIэплIыр, зэрэнэбгыритфымэ хъущтба?

– Шъыд пае зилIэжьыгъо къэсыгъэ ныоу апэ Iуебгъэхырэ кIэлэхъум зыдихьыжьыщтым дышъэ сомэ лъыстын? КIэныр зылъыIэсытхэр ары апэ уипцэшIуащэ идэогъухэр – зэшищыр, ян...

– КъызгурыIуагъ, къызгурыIуагъ! – Лъэуасэр шIузэкIахьажьы пIонэу, Пэшъукъ къэгузэжъуагъ, гъумытIымыгъэ! – Армырми ахэмэ, Къэнтатэ апэ зэритэу, Бамбэт пае сичIыфэ ателъ. Зэхэпхыгъэба а ныом Бамбэт тхьамыкIэр зэраригъэушъхьакIугъэр? А ныо мэхъэджэжъым дышъэ сомэп, сомэ къызэрыкIуи лъыозгъэтынэп, сикъэмапэкIэ ипIэ шъабэ хэсымылIыхьэу, хьадэгъу дахэкIэ дунаим езгъэхыжьынэп!

– Тхьэуегъэпсэу, Къэгъэзэжь, сыкъызэхэпшIыкIыгъ.

– УлэупкIэр къэти, тхьэуегъэпсэу ащ хэлъа!..– джыри Пэшъукъ ыцэлышъо тырикъыгъ, зэресагъэу ыпи рилъэшъуагъ.– А Хъан-Джэрые жэмачыур зыIуезгъэхырэм, плъэгъун зыздимыхьыжьыкIэ... Аущтэу Iофыр зыхъурэм, дышъэ сомэ ымыуасэми, ызыныкъо горэ къысэптыжьын.

– Ащджэ уицахь къыстегъэлъ, джыдэдэми сыхьазыр.

– Уишэс тхьапшыт?

– Дышъэ сомэр непэджэ икъун. ПIалъэр шъыд фэдизыт?

– Гъэмэфэ мэзищым шIомыкIэу.

## X

Хыныгъом ижъобгыпIагъ нахь мышIэми, СултIанмэ ящагу, яунэ, яшышIоIу зэгъокIы хъущтыгъэп.

Къэрэкъо Джамболэт мылъку гощынымкIэ къызядэо уж, Къэнтатэ игуцэфэ-гумэкI мэфэ гъэпсэфыгъо чъыер щигъэгъупшагъэу ишъаомэ афэсакъы, пчъэIупэм къыIухьи IукIи ынаIэ атырегъэты, гъэмэфэ чэщ кIаком фэкъолIищмэ унэр къарегъэгъэгъунэ. Хьэ бзаджэу зэгорэм ыгу темыфэу кIыщымкIэ аригъэщэгъагъэр пчъэIупэм щырагъэпхыжьыгъ.

ГъэрекIо бжыхьэ елъытыгъэмэ, гъэтхэ мазэхэм зыкъэзышIэжьыгъэ Сисури щагум дэдзэгъэ унэ цIыкIум чэщырэ илъыжьырэп. Бычэрэ Къэнтатэрэ яунэмэ азыфагу дэт собэр, Сахьид-Джэрыерэ Адыл-Джэрыерэ зэрылъыгъэхэр, ичэщ унэ хъужьыгъэ. Ахэмэ Хъан-Джэрые апэIудзыгъаIоми, Къэнтатэ исэмэгу дэпкъыкIэ пэгъунэгъоу хьэр зыIулъ лъэгуцэ лъэныкъомкIэ гъэзэгъэ унэр ий.

Джамболэт Къырым-Джэрые дэуакIо къызэрищэгъагъэр мафэ къэси IукIотыщтыгъэми, Къэнтатэ щыгъупшэрэп, ынэгу къыкIэтэджэжьы, игупшысэмэ къахэуцукIы. ГъэшIэгъоныр, Къырым-Джэрые дысэу Къэнтатэ къыдэгущыIэгъагъ нахь мышIэми, ыгу ебгъэрэп. Джамболэт ищысыкI, иплъакI, имэкъэхэу ыгу темыфэщтыгъэр.

Хьау, хьау, сшIошъ хъурэп, къехъулIагъэри ымышIэу Къэнтатэ гукIэ хэкуукIы. Анахь гучъыIэ Къырым-Джэрые къытфыриIэми, гущыIэ дыс Хъан-Джэрые къыриIуагъэми,

сыдэущтэу ащ ыlэ къыттырищэен. Ар къызжэдэкlыгъэр тикlалэ шъхьакlэ, зымакъэр Джамболэт. Сэри силажьэ хэлъ, ян, янэшыр тlозэ, зыпыдгъэзыкlыгъэу, шъаом тиlэшlугъэ едгъэшlагъэп, дгъэшlуагъэп, зыщищыкlагъэм дгъэтlысэу тегыигъэп. Сыд, мэзэ псау хъужьыгъэу, сызфыщысыр? Джы нэс Къырым-Джэрые къязгъэщэни сыдэгущыlэн слъэкlыни, ышнахьыкlэ цlыкlухэри, джа къызфилъыгъэ Хъан-Джэрые япащэу лъызгъэкlоныгъэхи... Бычэ сышlолlыкlы, ыгу хэзгъэкlынэп сlозэ, тызэмыжэгъэ lоф тэр-тэрэу зыхэтэдзэжьы. Адэ тыгубжыгъ тэlо шъхьакlэ, Къырым-Джэрые тыдэ тхьыжьын, дгъэнэтlупцlэнэп, зыгорэ фэтшlапхъ, ау ежьмэ зэраlоу, тимылъкукlэ тыдэгощэнэп, къытэлыжьыгъэу сэшlэми, янэ нэкъикlым, Къэрэкъо лlакъом едгъэшхынэп, ащыгъум, ар сфэмышlэщтмэ, хьаулыеу Султlанмэ сырякlэнугъой... Шъэуаий тыдэ джыри щыхэт? Сисурэ тхьамыкlэм къехъулlагъэм ышъхьэ хыригъэхьажьыгъап. Ярэби, Къаймэтдыхэм Шъэуаекlэ ясlуагъэр агъэцэкlагъа шъуlуа?

– А Сисур, модэ шъэожъыемэ ащыщ гъачъэри, Къаймэтми Хьадж-Къэсэйми, тlумэ язми хъут, къысфягъащ,– лъэгуцым дэс Къэнтат гощэшхор джагъэ.

– Къаймэтыдыхэр, нан, lонакlо щыlэх,– Сисурэ ычlыпlэкlэ унэ къуапэм къыкъокlыгъэ Адыл-Джэрые къыlуагъ, етlанэ зышlомыдэеу, гъумытlымызэ, хьэшъуалъэм псы тlэкlу ригъэхъуагъ,– сэ мыр сымышlэмэ, зышlэн цlыф щагушхом къыдэкlырэп.

– Шъыд, Адыл-Джэрый, узфэгъумытlымырэр? – Зэхихыгъэр игуапэми, Къэнтат упчlагъэ.

– Непэ фабэ хъут, нан,– нахь шъырытэу, имэкъэхъу джы тlэкlу къыхэщэу Адыл-Джэрые къыlуагъ, Сисури lугушlуагъ,– Мышъыд псыфалlэ лlакъомэ сэlошъы ары.

– Ар уиакъыл къызэрихьыгъэр сигуапэ, дэгъоу пшlагъэ, сикlал,– Къэнтати шъаом дыригъэштагъ,– ау шlу пшlэ хъумэ, умыгъумытlым, зыфапшlэрэми зышlэрэми къабыл фэхъутэп. Мыдэ, сикlал, Сисурэрэ орырэ пчъэlупэр къысфэжъугъэучъыlэтагъ. Ныпчэдыжь щегъэжьагъэу Сахьид-Джэрые слъэгъугъэп, ыджары псынэпс чъыlэ дэгъу псынэм къышъуфизыхытыгъэр.

– Плъэгъун амэ,– зызэригъэлlыщтыгъэр щыгъупшэжьыгъэу Адыл-Джэрые къызlуипхъотыгъ,– ари Хъан-Джэрыий губгъом дэкlыгъэх, сэ сыздащагъэп...



– Язакъуа? – Къэнтатэ къэгумэкlыгъ.

– Къаймэтдыхэм ягъус.

– Армэ хъун...– Къэнтатэ къыlуи, тlэкlу тешlагъэу кlэгубжыхьажьыгъ: – Шъыд ахэмэ, щагур къаунэкlэу, губгъом щашlэт!

– Фэкъолl lонакlомэ тащыщ ахэхьан фаеба? – Къэнтатэ зэмыжэгъэ упчlэкlэ Адыл-Джэрые джэуап къытыжьыгъ.

– Къаймэтдыхэр ахэхьагъэмэ икъун.

– Ары шъхьаджэ, ахэр тэ тщыщыхэп.

– Адыл-Джэрый! – Къэнтатэ иджэхэшъотет Сисурэ зэхихыгъэр зыфихьын ымышlэу къэгузэжъуагъ, псынкlэуи шъхьащыгущыlыкlыгъ: – Модэ, Сисур, паlо зыщыгъмэ ащыщ горэ губгъом гъачъи, Хъан-Джэрыедхэр къегъэщэжь.

– Уфаемэ, шым зесыдзыни, салъыкlон, нан.

– Быяу, Адыл-Джэрый. Ощ нэмыкl алъыкlон мы щагушхом къыдэкlын,– Сисурэ зыlокlым, Къэнтатэ шъэожъыем егыигъ: – Джынэкъэуж угу илъыр фэкъолlмэ япlуалlэу зэхэсэмыгъэх. Ахэр тилlакъо къыхэмыкlыгъэхэми, нэм кlэтыр псэм фэд зэраlоу, тщыщы хъужьыгъэх.

– Шъэуай, адэ, нан? – Адыл-Джэрые къызlуипхъотыгъ.– Ар шъыд ащыгъум къызыкlытхэмысыжьыр?

– Хъугъэ, етlан... Сисурэ къэкlожьы...

Къэнтатэ зэхихыгъэм ыгу къыпыригъэlонтlыкlыгъ. Сисурэ тхьамыкlэм къехъулlагъэм Шъэуае ышъхьэ хыригъэхьэжьыгъ, къызгурэlо зэрэщэчыгъуаер, мэукlытэ, ау узэмыуцолlэн lофэп... Ышъхьэ жьы кlэумэ, къыгъэзэжьын. Насыпыр къытэтэкъокlэу цlыфмэ къашlошlы шъхьакlэ, махъушэм тесми хьэр зэрецакъэрэр бэмэ зыщагъэгъупшэ. Сэрышъ, сиапэрэ лъэбэкъукlэ насып симыlэу къычlэкlыгъ, тиунэ апэрэ нысэу къырагщэгъагъэри, лlакъор зэщичэу, къытхэзэгъагъэп, ащ ыуж тlотэжьыгъэ тlозэ, Мыхьамэт-Джэрыекlэ къытэхъулlагъэр тхьамыкlэгъошху... Шъэуай... Сисур... Джы Къырым-Джэрые ахэмэ къахэхьажьыгъ. Тыдэ мыгъом ори утхьыжьын, Къырым-Джэрый, уянэ теплъынэп, уянэшым зыдэтшlынэп, къыптефэрэ гори къыоттын, ау пшынахьыкlэмэ къаlустхъэу илыягъи къыпфэсщэинэп. Ащ пае пшынахьыкlэхэр умыгъэпыих, нэ lаекlи укъямыплъ, гущыlэ мыщыуи къафэмыдз. Ар пlоу тызылъэгъу мыхъухэрэми зямыгъэгъэдел, узиджагъохэри къызыдэмыгъэхьащхых... Хъан-Джэрыерэ

орырэ шъулъакъо шъутеуцо къодый, сэ джыри шъушынахьыкӀэхэр спӀун, сылэжьын фае.

Пчъэлупэр къызэрэучъылэтагъэрэр Къэнтатэ зэхишlагъ, игупшысэмэ къазэрэхэужьыгъэр игуапэу, Сисурэрэ Адыл-Джэрыерэ зэрафэразэр къыхэщыгъ. Iэгушъо гъугъитlур зытелъ тыжьын бэщышъхьэм зытыригъэгупсэфагъ, шlоигъор къыфэзышlагъэмэ арилуагъ:

— Хъугъэ джы, зыжъугъэпсэф.— Зэпыугъо тlэкlукlэ зыгъэгумэкlырэр къымылон ылъэкlыгъэп: — Кlалэмэ якъэмыкlожьыкlэ сегъапэ.

— Якъэсыжьыгъу,— Сисурэ ылуагъ.

— Коцыцэ пэпчъ Хъан-Джэрые къафелъытэщтын...— Адыл-Джэрые ыгу жьы дигъэкlэу къыдзыгъ.

— Адыл,— Сисурэ ыдагъэп,— ащ фэдэ шынахьыжъым раlуалlэрэп.

— Адэ шъыда губгъом сызкlыдимыщагъэр...

Къэнтатэ щхыпцlыгъэ.

— Тапашъхьэ ущыгыен нахьи, Адыл-Джэрый, модэ олъэгъуа,— тыжьын бэщыпэмкlэ ригъэлъэгъугъ,— сэнэшъхьэ къутамэр пчэгъум епхыжь.

— Ащ фэдэ зыхъуджэ сэры...— Адыл-Джэрые гъумытlымызэ тэджыгъэ.

— Адэ оры, сикlал, ормырмэ, хэта сидэогъутыр... Икъунба сэ зэкlэми сызэрядэогъур...— Къэнтатэ хьылъэу хэщэтыкlыгъ, зыгъэпэщтыгъэ Къырым-Джэрые ыцlэ къыриlонэу ыгу къытелъэдэгъагъ шъхьакlэ, зиlэжагъ, хигъэкlокlэжьыгъ: — Шъыдэу пшlын, лlакъом уринахьыжъ зыхъуджэ, зэкlэми урядэогъут.

Хъан-Джэрыедхэр къызщымыкlожьыщтыгъэ сыхьат зытlум Къэнтатэ лъэгуцым тезэгъагъэп, къэлэпчъэжъые тетlысхьапlэм lузэгъагъэп, тыгъэр щэджэгъуанэм къиуцо зэхъум, унэм ихьажьи, Бычэ къаригъэщагъ, риlуагъ:

— Кlэлэ бетэмалмэ якъэмыкlожьыкlэ сегъапэ, ау арэп укъызыфэсщагъэр, Къырым-Джэрыеджэ сыгу илъ шъыпкъэр къыоlот, ори угу илъыр къэозгъэlо сшlоигъу. Анахь сызфэмые гущыlэ дыс, гущыlэ дыдж къысэпlуагъэджи губгъэн пфэслъэгъутэп. Мыхьамэт-Джэрые къыкlэныгъэ мылъкор зезгъэкlонэу зытефэрэр оры нахь, сэрэп.

— Ар умыlо, гощэшху,— Бычэ къэгузэжъуагъ,— сыкъызхэхьэгъэ лlакъом икlэн о ущысэу, укъытшъхьащытэу сэ сизегъэкlонэп. Къысфэгъэгъу, гощэшху, сыкъэдаlо.

— Тхьэуегъэпсэу, нысэ, тщыщы ухъужьыгъэшъ, орджэ сызэрэхэмыукъотыгъэр непи къэуушыхьатыгъ. Уигулъытэ ины, уицlыфыгъэ лъагэ, цlыф укъызэрэхэкlыгъэр гъуащэрэп. Ыджы зымафэ Къырым-Джэрыеджэ тызэрыгущыlэгъагъэм сегупшысэжьыгъэшъ, Къэрэкъомэ запэсшlын фэягъэп, хэт ышlэра, кушъэ зыфашlэу бэн зыфамытlыжьырэ щыlэп, зыгорэ къысэхъулlэмэ, непэрэмджэ тилlакъо ихъулъфыгъиплlымэ, ори уазэрэхэтэу, тимылъку яунай, нахьыкl, нахьыжъ имыlэу, зэкlэри яззэфэдэ lахь. Ар непэ атебгощэнэу арэп — алъэ теуцохэу, унагъо зашlэджэ ары.

— А гощэшху, Алахьэм джыри илъэс пчъагъэ укъытшъхьащегъэт, ау къэпlуагъэм сэ бэшlагъэ сызегупшысэтыгъэр. Къырым-Джэрые шъыд фэдэу сэ къысфыщытми, ащ иlахь lэкlэмыхьаныр нибжьи сшъхьэ къихьагъэп, ащыджэ титlуи тицахь зэтетэгъэгъэлъ.

— Тхьэуегъэпсэу, нысэ. Сыгу телъыгъэ мыжъор тебгъэзыжьыгъ. Адэ Къырым-Джэрые насыпынчъэ шъхьаджэ, тыдэ мыгъом тхьыжьын...— Къэнтатэ шъхьэр ыгъэсысэу хэщэтыкlыгъ, етlанэ мыщ ыпэкlэ, лъэгуцым дэжь гукlэ щиlогъагъэр къыкlиlотыкlыжьыгъ: — Ау ышнахьыкlэмэ аlуттхъэу илыягъи еттынэп... Къэрэкъомэ япхъу тиlыгъынэп тэ!

Хъан-Джэрыедхэм амакъэ пчъэlупэмкlэ къэlугъ, унэм къихьагъэм Къэнтатэ егыигъ:

— А сикlал, а Хъан-Джэрый, мы уигубгъо-хэгъошъхьэ къэкlуахьыкlэ сыгу еlурэп.

— Шъыдэу адэ, нан,— Хъан-Джэрые зызеригъэлlырэр къырыхигъэщэу, итыжьын къамэ исэмэгубгъукlэ ридзэкlэу янэжъ lугушlуагъэми фидзыгъ,— мы аужырэ мафэхэм шъыдэу укъыттенэгуикlыпэра? Чыжьэу тыщыlагъэп, lонакlомэ тахэхьэгъагъ.

— Дэгъу фэкъолlмэ шъуазэрэхэхьагъэр, ау нахьыжъ горэ къыжъугомытэу дунай lаем шъумышэс,— Къэнтатэ зыгъэгумэкlыщтыгъэм ышъхьэ къырихи, нэмыкlыкlэ къэупчlагъ: — Шъыд фэкъолlмэ лэжьыгъэмджэ аlорэр?

— Коцыр бэгъуагъэ, натрыфыри бэгъот аlо.

Сыдэу Хъан-Джэрыерэ Къырым-Джэрыерэ, Къэнтатэ ылъэгъурэр игуапэу ылуагъ, ялъэгагъэкlэ зэфэмыдэхэми, анапэкlэ, яплъакlэкlэ, мыр нахь шъхьэ бгъузаlу умыlощтмэ, захьщырых. Янэмэ анахьи, ятэкlэ нахь кlуагъэх. Гъэмэфэ мазэмэ ауж, бжыхьэ дзэ кlогъум нэс, Хъан-Джэрыий лlыпкъым иуцощт, адырэ ышнахьыкlитlури гупшысэгъу

урамыгъафэу къыкӀэлъыкӀощтых. Тара мыхэмэ ащыщэу, ины хъухэмэ, тызыӀыгъыжьыщтыр? Къырым-Джэрые тхэзыгъ Ӏори ежьэжь. Мыдрищыр, сядыргъ-къысэдыргъыжьхэми, синэплъэгъу къыхэтэджыкӀыгъэх. ГукӀэгъунчъэхэп, ӀорышӀэх, уицыхьэ атебгъэлъы хъущт.

— ФэкъолӀхэр лэжьыгъэм къыщытхъугъэхэмэ дэгъу, сикӀал,— Къэнтатэ игупшысэмэ къахэужьыгъ,— зылэжьыгъэхэми, зыфалэжьыгъэхэми шӀуджэ аӀуегъэаф, насып Ӏус афегъэхъу, тхьэм ыуж ары тигугъапӀэр.

Пэшъукъ зэрэгугъэщтыгъэу Ӏофыр къычӀэкӀыщтыгъэп.

Джамболэтрэ ежьырырэ зызэзэгъыхэ уж, зыхэ-зыблэ Лъэустэнхьэблэ хэгъуашъхьэмкӀэ рекӀокӀыгъ, гъогубгъум пэӀулъэшъогъэ мэзым хэт чъыгмэ анэс зэригъэшӀагъэ, илъэгъо шъэфхэр ыуплъэкӀугъэх, ау зыфежьэгъэ Ӏофым-кӀэ нэдэплъыпӀэ ыгъотыщтыгъэп — лэжьыгъэӀухыжь фэкъолӀхэр чэщи, мафи губгъом изыгъэх, гъогумэ атетыгъэх. Зашэщтыгъэ Хъан-Джэрый нэмыӀэмэ, изакъоуи, гъусэ иӀэуи къэлъагъоштыгъэп.

Непэ, щайшъогъумэ адэжь, Пэшъукъы ошӀэ-дэмышӀэу Хъан-Джэрые губгъо гъогум тырилъэгъогъагъ шъхьакӀэ, тӀэсхъэпӀэ чӀыпӀагъэп, анахь ущэрыокӀи уищэ темыфэнэу чыжьагъэ, Къаймэтрэ Хьаджь-Къэсэйрэ азфагу дэтыгъ.

ФэкъолӀ джэдитӀур зигъусэр, Пэшъукъ ыӀуагъ, къагъэзэжьэу сыздэщысым къыблэкӀыхэкӀи Ӏухыгъошӏу хъунэп. Плъэгъурэба мощ нахь мыхъурэр нэбгыритӀумэ къаухъумэ, нахьыжъыгъэ-нахьыкӀагъэр амышӀэу, адыгэгъэ зэготыкӀэри аукъоу, къыращэкӀы. Джары мылъку уиӀэмэ, плъачӀэ пытэмэ къыпфишӀэн ылъэкӀыщтыр... Зэ, зэ, тэри моу тӀэкӀу зытэгъэушъ, сидышъэ сомэмэ шъо шъушъхьэ пэпчъ къылъатыщтыр ахэсэжьугъэгъахъу. СэшӀэ, шъхьэпсыгъу, ыджа Бамбэт тхьамыкӀэр зыушъхьакӀугъэмэ уакъызэрэгосыутыщт шӀыкӀэр! Гъогубгъум щыжъугъэшӀорэ коц хьасэм шъхьэчъэ-псачъэкӀэ шъукъезгъэчъэщт сэ... Зимылъку стырэм, ынэ лъы къытелъадэшъ, сишхончыпэ укъесфылӀэщт, нэепсыежъ!..

Онэшыр нахь Ӏэрыфэгъу зэрэфэхъунэу къыгъани, Пэшъукъ гъогубгъум пэблэгъэ чӀыпӀэ къыхихыгъ. Чъыг тӀаркъом шхончыр ригъэкӀуи, Ӏэхъуамбэр гъэтырэм телъэу зыдэощт лъэныкъомкӀэ мыгузажъоу зыщиплъыхьагъ.



ЕтӀанэ дагъэкӀэ шъокӀыгъэ хъэдэн щыхьагъэм машӀо кӀыдзи, коц хьасэм хидзагъ.

Гъогубгъум зыкъыщызыӀэтыгъэ машӀом фэкъолӀхэми зыкъаригъэпхъотагъ,— лъэсыр лъэсы, шыур шыу, машӀор хьасэм пызыбзыкӀыщт пхъэӀашэхэр зэрылъ цукухэри къэзэрэфых. Апэрэ шыухэми, Пэшъукъ хэукъуагъэп, ыӀэ зэщехъо, шхончыр чъыг тӀаркъом щегъэпсы, Хъан-Джэрые ахэт. КъэкӀо, къэкӀо, моу нахь благъэу къысэчъалӀ, шъхьапсыгъожъ, джыри ары, джыри... КъуашкӀэр кӀэнмэ атыригъэпсыхьэ зыхъукӀэ зызэримыгъэсысыщтыгъэу, ыӀэ щэигъэу заулэрэ щэтышъ, гъэтырым теӀункӀэ, Хъан-Джэрые иджабгъу тамэ етхъожьышъ, шым зытыреукъуащэ...

МэшӀо быбатэр зынэгу кӀэт цӀыфмэ Хъан-Джэрые къехъулӀагъэр къашӀэфэкӀэ Пэшъукъ онэгум зыредзэжьышъ, «ари сидышъэ сом, къэсэхь, къэсэшх» ыӀозэ, мэз тыкум екӀужьы...

## XI

УӀагъэр мэкӀыжьы, гукӀаер ащэгъупшэжьы.

Хъан-Джэрые иджабгъу тэмэ къупшъхьэ ымыгъэфыкъоу телъэтыгъэгъэ пцэшӀуащэр зыгу тефэгъапэр Къэнтат — кӀыжьырэп, щыгъупшэрэп.

Гур пэмэ макъэр екӀы зыфаӀорэр шъыпкъэ. ОшӀэ-дэмышӀэу къыфыкъокӀыгъэ гугъум Къэнтатэ зэридзагъ, ыухыгъ, къыуфагъ. Ау тхьамыкӀагъом цӀыф гукӀэгъур къызэригъэущыри Шъэуае иелбэт къэгъэзэжьыкӀэ къыгъэнэфагъ.

Хъан-Джэрыедхэм ягушӀо макъэ пчъэӀупэмкӀэ къызыщэӀум, Шъэуае ыцӀэ зызэхехым, Адыл-Джэрые ыуж итэу унэм къызыфехьэм, зи къэмыхъугъахэ фэдэу итыжьын бэщышъхьэ ыӀэ од гъугъэхэр зэрателъэу Къэнтатэ ыӀуагъ:

— КъакӀо, Шъэуай, къакӀо. Зэ укъытхэхьажьыгъэмэ ары, моу сапашъхьэ къитӀысхь, зысэгъэлъэгъукӀ. Шъори, Хъан-Джэрый, шъукъэтӀыс,— тӀэкӀурэ щысыгъэу, шъхьэр ыгъэсысызэ, ыӀуагъ: — Адэ ыджары, Шъэуай, къытэхъулӀэрэр...— ЕтӀанэ еупчӀыгъ: — Шъыд, сикӀал, уикъэбар?

— Уезэгъыт,— Шъэуаий шъырыт джэуап къытыжьыгъ,— Абдзахэ сыщыӀагъ, Бэслъыныеджи сырекӀокӀыгъагъ, синэӀосэ Васюринскэ къэзэкъми сахэхьэгъагъ.

— Абдзахэмэ шъыд аӀорэр?

– Шъыд аIон, Власэр танэIу ращыжьыгъэмэ аIошъ, мэгушIох.

– Власэр шъыдыджэ абдзахэмэ анэсытыгъ...– Къэнтатэ къыIуи, къыухыжьыгъ: – Адэ ары, ахэри адыгэхэба, шапсыгъэр зыгъэгумэкIырэр ахэми ягугъу. Бэслъыныехэр? Шъыд ахэми ящыIакI?

– Уезэгъыт,– Шъэуае тIэкIу щхыпцIыгъэ,– бэслъыные-абэдзэ-нэгъой езэрэмыгъэхьым хэтых... Къушъхьэм къычIэурэ къэрэщаехэм загъорэ агъэгумэкIых.

– Адэ шъыдэу пшIын, дунаир ащ фэдэу хъугъэ... Ежьхэр зыгорэджэ зэхэзэгъэжьыных, егъашIэм зэхэсыгъэх, къапэуцужьын ярэмыIэри.

– Ахэми Шэнткъалэр, Ставрополь ары, апыщыт.

– Шъыдэу мы адыгэхэр,– Къэнтатэ гумэкI нэплъэгъур Хъан-Джэрые фидзыгъ,– икIахэджи, ыпшъэджи, ыгузэгуджи тызэфэд. Къэбэртаехэр, бжъэдыгъумэ афэдэу, урысмэ нахь агоуцуагъэхэджэ сенэгуе. Шъыд а лъэныкъом щыкъэбар шъуIо?

– Ахэри Ермолов инэралым щигъэIэхэрэп, бжъэдыгъумэ афэдэу къэбэртаехэри урысмэ аготышъо-агомытышъу аIуагъ.

– Васюринскэ тигъунэгъу къэзэкъхэр адэ? – Къэнтатэ джыри къэупчIагъ.– Шъыдэу зыкъыпфашIыгъ?

– Къэзэкъ-адыгэ зэпыщытыр нахь уцугъэ аIо, мэгушIох. Пантелейджэ Матвеевыми, ори, сэри къытфэразэх, Бэджэкъо Умар нэмыIэмэ, агъэIахьылыпэ. Зымафэ иныорэ ежьырырэ Пантелей фэкIогъагъэх.

– Шыкур ари, шыкур. Узэпыджьын нахьи узэлъыкIомэ, узэхахьэмэ нахьышIу. Тхьэегъэпсэу Пантелей къытфэразэмэ, сэ ащ иIоф хэсшIахьыгъэ щыIэп,– Хъан-Джэрые дэжькIэ Къэнтатэ плъагъэ,– зыричыгъэу, лIы хъугъэу къычIэкIын.

– ГъэрекIо, ыджа Екатеринодар къызыпфакIом елъытыгъэмэ, лIыпкъым иуцуагъ. Черномор къэзэкъыдзэм мыбжыхьэ хэхьанэу зегъэхьазыры.

Адыл-Джэрые езэщыгъэти, зыгорэ къахиIо шIоигъоу Хъан-Джэрые дэжькIэ зэплъэм, икъеплъыжьыкIэ зыригъэушъэфыжьыгъ. Тэмэ псыгъокIэ янэжъ зыщихъуагъ шъхьакIэ, ащи къызэхишIыкIыгъэп. Гъусэ къызфигъэхъунэу зыфычIэплъыгъэ Сахьид-Джэрыий къыпылъыгъэп. Ау Шъэуае зэхыригъэхымэ шIоигъуагъэр къымыIон ылъэкIыгъэп:

– Нан, Хъан-Джэрые иуIагъэ хъужьыгъэ, плъыжьыжьэп...

– Ары, нынэ, ары, хъужьыгъэ. Ащ ори уегъэгумэкIы... Сэ сызгъэгумэкIырэр фэшъхьаф: хэт игухьагужъа джыри тызгъэунэхъун зигухэлъыгъэр...

– Нан,– Адыл-Джэрые мэкъэ чанкIэ къэгузэжъуагъ,– Къырым-Джэрыеп ар!..

– Адыл-Джэрый! – ЫшнахьыкIэ къыIуагъэр Сахьид-Джэрые ыдагъэп.

– Адэ Къырым-Джэрые ышнахьыкIэ укI фаоджэ къеона!..– Къэнтатэ шъэожъыем дыригъэштагъ, къэгумэкIыгъ: – Алахьэм ерэмыд ащ фэдэ шъуазыфагу къыдэхьаныр!.. Адэ ыджары, Шъэуай, зэхэпхыгъэ, унитIуджэ плъэгъугъэ, сикIал, къытэхъулIагъэр... Дэгъоу пшIагъэ, титхьамыкIагъо зызэхэохым, укъызэрэкIожьыгъэр... А нынэ, а сикIалэх, Шъэуаерэ сэрырэ Iоф горэм тырыгущыIэ сшIоигъу, моу шъутшъхьащыкIыгу. А Хъан-Джэрый,– пчъэм нэсыгъэм лъыджагъ,– о къэуцу. Адэ ыджары, Шъэуай, олъэгъу тилIакъоджэ къытэхъулIэрэр... КъысаIу, джэнджэш къысфэхъу тшIэщтымджэ. Мыщ фэдэу мыхэр къытэпыихэмэ... Ыджыри зэ Пшызэ терэкIыжьмэ сшIэрэп.

– Адыгэмэ тахэкIыжьэу зыми тыкIотэп, нан! – Хъан-Джэрые къыхихыгъ.– Зыгорэ гъуим къытфыхэукIыджэ тятэжъ зытехьэгъэ гъогум тытекIытэп, иосыети тыукъотэп. СыкъызэраIуагъэм Бамбэти иIоф къыхэмыгъахь.

– Бамбэтджэ къыбдесэгъаштэ,– Шъэуайй къыпиупкIыгъ.

– Къырым-Джэрые игонахьи къэтэмыгъахь.

– Зымафэ къэлапчъэм дэжь къыщыпфидзыгъагъэр пщыгъупшэжьыгъа?

– Сщыгъупшэжьыгъ, нан...– Хъан-Джэрые ымакъэ нахь шъабэ къэхъугъ, ау къыригъэжьагъэр Къэнтатэ къыригъэухыгъэп:

– УсыукIыт зыIуагъэр зыщагъэгъупшэжьа?..

– Къырым-Джэрые,– Хъан-Джэрые ымакъэ джыри нахь къефэхыгъ,– тэрджэ укIакIо хъутэп...

– Мылъкум уимыгъэшIэн щыIэп,– ежь-ежьырэу зэриIожьырэм фэдэу Къэнтат къыIуагъ, етIани къыпигъэхъожьыгъ: – Ау мылъкур осэпс, цIыфыпсэр IэшIу.

– Къэнтат нанэ зыфиIорэм шъыпкъэ хэлъ,– зэпыупIэ захегъуатэм, Шъэуай ахэгущыIагъ.

– Къырым-Джэрые, Шъэуай, сшынахьыжъ. Ар Бамбэти, Пэшъукъи, Джамболэти афэдэп.

– Ары, сикӀал, пшынахьыжъ адэ, тыдэ мыгъом тхьыжьын. Ау Къэрэкъо былымыпсэжъмэ сицахь ателъэп...

– Ар Ӏоф шъхьаф.

Къэнтатэрэ Шъэуаерэ нэплъэгъу шъэфкӀэ, мыщ ышынахьыжъ уигъэубыщтэп, бадзэ ригъэцэкъэщтэп аӀорэм фэдэу зэфычӀэплъыгъэх. Хъан-Джэрые ипытэгъэ-теубытагъэ Шъэуае ыгу рехьы, Къэнтати игуап. Ау гъогубгъум къыщехъулӀагъэр зэрэмылӀыгъэр, ащ тхьамыкӀэгъошхо СултӀанмэ ящагу къызэрэдихьан ылъэкӀыщтыгъэр, къауӀэгъагъэм нахьи, нахьыжъитӀумэ нахь къагурэӀо, егъэгумэкӀых. Ежь Хъан-Джэрыий а гупшысэм пэчыжьэп, ау ышнахьыжъ ар къыпкъыригъэкӀы шӀоигъоп.

– КъызгурэӀо,– Хъан-Джэрый,– Къэнтатэ зэрэзэкӀакӀорэр ымакъэ къыхэщыгъ,– а узэгуцафэрэм сэри сенэгуе... Ау ащ къикӀырэп зыкъэтымыухъумэжьыныр! – ЕтӀанэ нахь мэкъэ шъэбэ гыекӀэ къыухыжьыгъ: – Тэ адетымыгъэштэрэ Ӏэджи тиджэгъогъумэ ятэлъэгъулӀэ, зэо-банэ ятшӀылӀэжьырэп нахь... Зы Пшызи тикӀыжьытэп, тятэжъми ягъогу тыдэхытэп, сикӀал, зыгъэрэхьат, тынэ къеӀэрэм ыпсэ теӀэжьыт! – Нахь мэкъэ ӀэтыгъэкӀэ Къэнтатэ къыухыжьыгъ.

– Шъыпкъэр уадэжь, нан,– зэхихыгъэм Шъэуаий къырыгъэӀуагъ.– Къэрэкъо Джамболэт ышыпхъуджэ зэ орэуцужь, ар мылъку угъоикӀэ хъунэп, непэ-неущэу сэ ащ зыӀузгъэкӀэт.

– Къэрэкъо Джамболэт гущыӀэ зыкӀэрыпхын цӀыфэп,– Къэнтатэ къыӀуагъ,– ау Къырым-Джэрые сэри зэ сыдэгущыӀэжьы сшӀоигъуагъ, тхьамыкӀэр, ян тӀомэ, гучъыӀэ фэтшӀызэ, дэдзых тшӀыгъапэ...Тызэрэмыш Ӏэу щыми тигупшысэ зэтефагъэшъ, тигукӀае нахь псынкӀэ къытфэхъун, типыйхэмджэ джы нахь тызфэсакъыжьын. О уиӀофмэ самыгъапэу арэп, Шъэуай, сахэбгъэдаӀо сшӀоигъуагъ.

– Сэ сиӀофхэр нафэ хъугъэх, къэзгъэзэжьыгъ. Икъунба шъыд къысаӀуалӀэми къыстезагъэу сызэрэшъуфэӀэкӀыбыгъэр?

– Икъун, Шъэуай, икъун, сикӀал. Къыздэбгъэзэжьыгъэр уиун, уищагу, уиджэныкъо машӀу. Тэри тыкъыпфэзэщыгъ, тэ тизакъоп...– Къэнтат игущыӀэ зэпигъэугъэти, Сисурэ зэрэфэгъэхьыгъэм Хъан-Джэрые гу лъитагъэу нахьыжъмэ апашъхьэ къыщытэджыжьын игухэлъыгъ шъхьакӀэ, къыраӀуагъэм ыгъэрэхьатыжьыгъ: – Щыс, щыс, сикӀал. Мы шъаохэри къэхъу пэтых, уашъхьащытмэ, уижьау чӀэтхэмэ сигопэтыгъэ. Тхьэегъэпсэух Къаймэти, Хьадж-Къэсэий, нэмыкӀ фэкъолӀхэри. Ау ахэмэ тэ уафэдгъэдэн тлъэкӀытэп, Сисурэ фэдэу ори укъытхэтэджагъ, тигушӀуагъо уигушӀогъуагъ, тигукӀае уигукӀэягъ.

– Тхьэуегъэпсэу, Къэнтат...– Шъэуае ымакъэ ошӀэ-дэмышӀэу къыщытхъагъ, етӀанэ зыкъишӀэжьи, къыӀуагъ: – Сыгу илъ шъыпкъэ горэ ори, Хъан-Джэрыий тилӀакъоджэ къышъосӀот. Урысыемджэ, къэзэкъмэ алъэныкъоджэ, къыздешъогъаштэмэ, зызгъазэ сшӀоигъу.

– Шъэуай...– Къэнтатэ итыжьын бэщышъхьэ ыӀэ тесысыхьагъ.

– Ары, нан,– къызфеупчӀыщтыр Шъэуае къыгурыӀуагъэу, джэуап къытыжьыгъ,– непэп, бэшӀагъэ сызегупшысагъэр, зытесыубытагъэр...

Хъан-Джэрые ынэкӀушъхьитӀу къэушэплъыгъ, Къэнтатэ зэхихыгъэр игуапэми, нэмыз-Ӏумызэу Шъэуае ригъэплъыгъ. Унэм кӀым-сымыр иуцуагъ. Щагу лъэныкъори дунаири ащ фэдэу нэбгырищми къащыхъугъ. Щысмэ ягумэкӀ Къэнтатэ къыукъуагъ.

– Ар о пшӀэмэ, тэ шъыдэу тыхъут, Шъэуай? Тизакъоу тыкъызэхэунэмэ... О зыр ары тигугъапӀэр... Хъан-Джэрые зэрэтимыежьым бэшӀагъэ тызеуцолӀагъэр... О шъыдэу хъумэ... Шъыд цӀыфми къытаӀотэр?..– Къэнтатэ игупшысэ къеӀофэ инэплъэгъу тырихыщтыгъэп, зыгъэгумэкӀыщтыгъэ Ӏофыри зыщигъэгъупшагъэп, зыми фэмыгъэхьыгъэ фэдэу къыухыжьыгъ: – Сисурэ гущи шъыдэу хъун...

– Шъыда зыкӀышъуизэкъотэр,– Сисурэ фэгъэхьыгъэ кӀэух гущыӀэр Шъэуае зышъхьаритӀупщэу къыӀуагъ,– сызхэхьат къэзэкъыдзэр Пшызэ джабгъу нэпкъым тетыт ныӀэп, загъори сыкъыкъокӀызэ сшӀын.

– Арэу къэзэкъыдзэр мамырытмэ дэгъу...– Къэнтатэ къызхимыгъэщми, Хъан-Джэрые тенэгуикӀэу фычӀэплъыгъ: – Ау адыгэхэми сицахь ателъэп. Адыгэ-къэзэкъ бгъуитӀури зэзгъэутэкӀыт Тыркури хьазыр. Талъэныкъоджи зы куп, шъхьэгугъу хъугъэхэу, яунэмэ арызэгъэжьрэп. Плъэгъурэба Хъан-Джэрыеджэ джыри къыташӀагъэр...

– Нан! – Хъан-Джэрые ымакъэ мыӀэтыгъэу, ау теубытагъэ хэлъэу къыӀуагъ: – ТиӀуагъэ оукъо, Ӏаем тытемыгугущыӀэнэу зэдэтштагъэба?

– ТӀуагъэ, ау щыӀакӀэр къыоупчӀыжьа, сикӀал, зэхэпхыгъэба Шъэуае ыӀорэр? Къэзэкъмэ гуджэ уапэблэгъэнымрэ ядзэ ухэхьанымрэ зэфэдэп, Шъэуай... ПӀуагъэм, гухэлъэу пшӀыгъэм джыри зэ егупшысэжь, укъыткӀырыплъэу зыхэмыгъэукъу, тэ а гъогум бэшӀагъэ тызытехьагъэр. Сшынахьыжъи, ыкъуи ащ текӀодагъ, къытпыщылъри шъыдым фэтшӀэн. Тэ лӀакъом инахьыжъ иосыет тэгъэцэкӀэжьы, о шъыд?

Къэнтатэ ардэдэм ятэжъ къыӀожьыщтыгъэ къэбархэм ащыщхэр ыгу къэкӀыжьыгъэх. А лъэхъаным ежь илъэсипшӀ-пшӀыкӀутӀу горэ ыныбжьыгъэн. Къырым къызырафхэм, тэтэжъри лӀыпкъым иуцогъагъэп, къызэриӀожьыщтыгъэмкӀэ, илъэс пшӀыкӀутфым итыгъ. Къырым щыпсэухэ зэхъум, УрысыемкӀэ шъугу гъэзагъэ, къумалыгъэ къыддызешъохьэ аӀоти, мыщ, адыгэ шъолъырым, зэрэщагъэмысэщтыгъэхэу, ащи щагъэмысэщтыгъэх... Адыгэмэ тагурыӀуагъ, таштагъ, ащыщ тыхъужьыгъ зытэӀом, тилӀакъо инахьыжъмэ къадэмыхъугъэ урыс гъогум сшынахьыжъ техьагъ, щыфэхыгъ, иосыетыкӀэ тэри тытырищагъ. Мыхьамэт-Джэрые тхьамыкӀэри теунэхъуагъ... Джы хэт зичэзыур? Мы сапашъхьэ ис Хъан-Джэрыя, ышынахьыкӀэхэра, ышнахьыжъа? Алахьэм ерэмыд, серэмыгъэлъэгъу, сфэщэчынэп!..

– Шъыд пае, нан, Шъэуае ыгуджэ шӀоигъор ӀэкӀэуӀуаера?

– Ащ фэдэ морад сиӀэп, сикӀал. ТызэрыгущаӀэрэр Ӏоф цӀыкӀоп, гум шӀоигъо закӀэджэ тыпсэутыгъэмэ... АмышӀэрэм кӀэупчӀэх. Бэ зыгъэшӀагъэ нахьи бэ зылъэгъугъ аӀо, Ӏофым изэфэшӀу амыгъоты зыхъуджэ, зэупчӀыжьхэу хабзэшъы, Шъэуае иӀофджэ тызэхэупчӀахьыжьын, неп-неущ сӀорэп, ащи икӀыпӀэ къыфэдгъотын. Сэ Ӏоф горэ Шъэуае дысиӀагъ, Хъан-Джэрый...

Къэнтатэ зи къымыӀоу, итыжьын бэщ ыӀэгушъо зэтелъмэ ачӀэтэу щыс. Мыщ ыпаӀокӀэ зэрэщымытыгъэу ытэмэпкъитӀу къэупэпцӀэу, ынэгу къэушхъонтӀэу, нэ зэжъушъохэри нахь бгъузэ гъожьышъо-шӀуцӀашъо къэхъугъэх. ГущыӀэшӀу азфагу зэрэдэмылъыщтыр Шъэуае къыгурыӀуагъ.

– Зыгорэджэ сыкъыоупчӀыт, Шъэуай,– Къэнтатэ зэплъырэ дэпкъ алырэгъум ынэ тыримыхэу къыӀуагъ,– угу илъ шъыпкъэр сшӀомыушъэфэу, къэукӀытэ-укӀытэжь ищыкӀагъэп, къысэпӀот. Васюринскэм щыщ шъхьэтехъо зытехъуагъэ горэм игугъу зымафэ къысфашӀыгъ. Шъыпкъа ар?

– Анфисэмэ зыфапӀорэр, шъыпкъэ.

– Ара Васюринскэм узыфэкӀо зэпытырэр?

– КъызэрэуаӀогъэ дэдэу Ӏофыр щытэп,– Шъэуае щхыпцӀы шӀоигъуагъ шъхьакӀэ, къыригъэкӀугъэп,– а пшъэшъэжъыер ары мыхъугъэмэ, къэзэкъ гъэрыпӀэм силӀахьытыгъэ. Ащ игукӀэгъурэ ихьалыгъурэ сыщагъэӀагъ, кӀуачӀэ схагъэлъыгъ.

– Ары гущ,– Къэнтатэ иӀуплъэ нахь къэушъэбыгъ,– къэзэкъ гъэрыпӀэм ор-орэу зибдзэжьи, къин щыплъэгъугъ... ЕтӀани ахэм адэжьджэ зызгъэзэт оӀо... Зыгорэджэ, пшъхьэ уфимытыжьэу, укъаушхъуахьыгъэмэ шӀэ? Уегуцафэмэ, къысаӀу, пфэзгъэплъэных...

– Хьау, къысфэгъэгъу,– Шъэуае ынэгу къэушэплъызэ, ышъхьэ риуфэхыгъ, ыгу къеорэм фэдэу къыӀуагъ: – Анфисэ зыфыхахыгъэр Пантелей, яунагъохэмджи зэзэгъыгъахэх...

– Адэ арэу Ӏоба, бетэмал,– Къэнтатэ зэхихыгъэр игуапэу, зыфэсакъыжьзэ, къыхэкуукӀыгъ,– къыстемыфэрэм сырыогъэгущаӀэ.

Шъэуае щхыгъэ.

– Умыщх, ащ нэмыкӀи къыосӀот сэ... УкъысэдэӀутмэ, ащджэ сицахь птелъ, Сисурэ гум къиозгъэнэтэп... О къыохъулӀагъэм нахь макӀэ ащи къехъулӀагъэп, хэт ыӀотми упымылъ... Ащ фэдэ Ӏаджми унэгъо дэхэцӀыкӀухэр ашӀэжьыгъэу сащыгъуаз...– Къэнтатэ зыфаер къызеӀом, игущыӀэ зэблихъужьыгъ: – Адырэ къэзэкъыдзэ Ӏофымджэ, къыппэсыубытырэп, джыри егупшыс, сэри къысэплъ, кӀэгъэкъон зэрэсищыкӀагъэри зыщымыгъэгъупш. Илъэс, илъэситӀу горэм зыпӀажэмэ, унагъо пшӀахэмэ, хъурэм теплъын...

Адыл-Джэрые ышъхьэ пчъэм къыдэщыгъ.

– Пчъэм укъыдэмыплъэу къакӀо, сикӀал,– Къэнтатэ шъэожъыем ӀугушӀуагъ.

– Щагудэтмэ, нан, Шъэуае алъэгъу ашӀоигъу.

– Хэт, синынэгущ, зызыфэмыӀэжэжьэу ащ дэтэр?

– Къаймэтдыхэр...

– Къытфищыжь аӀуи укъагъэкӀуагъа?

– Хьау. Сягуцэфагъ.

– Армэ хъун,– Къэнтатэ ыӀупшӀакӀэмэ щхыпс тӀэкӀу арычъагъ,– тифэкъолӀмэ шъхьэкӀафэ къысфамышӀыжьы

фэдэу къысщыбгъэхъугъ. КIо, Шъэуай, ахахь, уакIыб сызэрэдэтэр, сызэрэпщыгугъырэр, мы цIыкIухэри уижьау зэрэчIэтхэри зыдэпшIэжьэу щагум дэуцу, къызэрэбгъэзэжьыгъэри агурыгъаIу...– Шъэуаерэ Адыл-Джэрыерэ унэм зекIыхэм, хьылъэу хэщэтыкIыгъ, зэриIожьыгъ: – Адэ, сянэжъ зэриIощтыгъэу, умылIэжьыхэмэ чэт пIашъи плъэгъун... – Зыгорэ къеджагъ пIонэу шъхьаныгъупчъэмкIэ зэплъэм, щагу благъэм Сисурэ Iэо-лъаоу дилъэгъуагъэти, гушIуагъэ...

Гъэмэфэ пчэдыжь шъабэ горэм Шъэуаерэ Хъан-Джэрыерэ къезэрэгъэлъэкIонхэзэ щагум къыдэхьажьыгъэх. Сэнэшъхьэ чIэгъ лъэгуцым тес Къэнтатэ гумэкI нэгукIэ аIуплъагъ.

– КъэбарышIуа къэбар дэя къысфэшъухьыгъэр?

– Анапэ,– Шъэуае къыIуагъ,– тырку лIыкIом дэжь, адыгэ шыухэр зэрэфых.

– Шъыд къыщашIэт?

– ДэуакIо макIох.

– ЗыкIэдэутхэр шъыд?

– Къэзэкъмэ тяшъумыгъэбэн араIонэу ары, нан,– Хъан-Джэрые чылэм щызэхихыгъэр янэжъ риIуагъ, еIоба, елъэIуба къыригъэкIэу Шъэуайй еплъыгъ, ыIэгушъуитIуи икъэмапшъэ тырилъхьагъ.

– КъашъуIорэр шъыд хьалэмэт... Ежь адыгэмэ агу къэкIыгъа хьауми къэзэкъ хащэ яIа? – Къэнтатэ къэупчIи, ежь-ежьырэу джэуап къытыжьыгъ: – Хащэр урыс пачъыхьэр арыщтын... Къэзэкъхэр Пшызэ къызэпыригъэкIыжьхэрэп. Талъэныкъохэри гупсэфыжьыгъэх. Тхьэегъэпсэу де-Скаси, лIы гъэIылъыгъэу къычIэкIыгъ, Власовыми Ермоловыми афызэкIэкIуагъэп.

– Ащ ычIыпIэджэ къагъэкIогъэ Кодинеци лIы дэеп аIуагъ,– Шъэуайй къыдыригъэштагъ,– Власэр зэблэзыхъугъэ Сысоери ары.

– Ахэми хэшIыкI афыуиIа, Шъэуай? – Къэнтатэ ыгъэшIэгъуагъ.

– Къэзэкъмэ аIоу зэхэсхыгъэ.

– Шъэуай, нанэ еIоба адэ...– НэбгыритIумэ яупчIэджэуапхэр Хъан-Джэрые фэщэIэжьыгъэп.



– Шъыд мы кIалэм къыIо шIоигъор, Шъэуай? Зыгорэм лъэшэу егъэгумэкIы.

– Хьасан-пашэм адыгэ лIыкIохэр еугъоихэшъ, Iизын къытэптыгъэмэ, Хъан-Джэрыерэ сэрырэ тичылэмэ Анапэ тадэкIотыгъэ...– Игъо зыфимыфэщтыгъэ лъэIур Шъэуае къыIуагъ: – Къэзэкъхэмджэ тиадыгэ гупсэфыджэ ыгу емыIоу къытэдэот аIуагъэшъ, хъурэр тлъэгъун, ищыкIагъэмэ, тишIошIи ахэтлъхьан.

– ПаIо сщыгъыгъэмэ, тырку лъэпакомэ адэжь сэри сыкIони, сядэони...– Къэнтатэ къыIуи, зэпигъэужьыгъ, етIанэ игупшысэ кIэкIмэ къахэужьыгъ: – Хъан-Джэрый пIуи? Ащ фэдэ чылэ-хэгъэгу Iофмэ Хъан-Джэрые анэсыгъа?

– Нан! – КIалэм ымакъэ лъэIу хэлъыгъэп: – Шъэуаерэ сэрырэ тызэгъусэт, сцIэ къезыIогъэ тичылэлIмэ сахэтыт!

– Анапэ нэс гъогууанэба... Джыри укIал...

– Мыхьамэт-Джэрые апэ гъогу сызытырещэм,– Шъэуайй къызэкIэкIуагъэп,– Хъан-Джэрые зэрыт илъэс пшIыкIутф-пшIыкIухым ситыгъ. Чылэм къызиупэсыджэ, ушэсыт!

– Е-о-ой, Шъэуай, ар нэмыкI зэманыгъ,– Къэнтатэ хэщэтыкIыгъ.– Джырэ дунай куандэ пэпчъ мэхъаджэ горэ къыхэукIы... ЕтIани Хъан-Джэрые Бытырбыф гъогу техьан фаеба?.. Тхьэуегъэпсэу Ермоловыр, тихьатыр къылъэгъугъ.

– Ащ ыджыри, нан, мэзэ псау иI,– Хъан-Джэрые къэгузэжъуагъ, етIанэ мэкъэ гъэтIылъыгъэкIэ къыухыжьыгъ: – Тэ тыздэкIот адыгэ Iофыри цIыкIоп.

– Ара?! – Къэнтатэ зэхихыгъэр ыгъэшIэгъоным шIокIэу Хъан-Джэрые нэшIу гумэкIыкIэ Iуплъагъ, ау ышъо къызэокIызэ, къыIуагъ: – Ори уятэ ишэнджэ опсэу... Арэу Iофыр ухыгъэмэ, шъыдэу сшIын, чылэм иIо сиIо, шъукIу. ГупсэфыпIэ тифэжьыгъ зыщытIотым, тыркухэр джыри къежьэжьыгъэх, яIоф къызэрэтхэлъыри сшIэрэп...

– Ыджа яIоф къызэрэтхэлъымджи адыгэ пащэхэр яупчIытых,– Шъэуайй Къэнтатэ дыригъэштагъ.

Шъэуаедхэр Анэпэ тхышъхьэ благъэм зытехьэхэм, Хьасан-пашэм икъэлапчъэ пэIут пчэгушхом щызэхэт шыу шъэ пчъагъэмэ анахьи Хъан-Джэрые апэрэу ылъэгъугъэ хыр шIогъэшIэгъоныгъ – шхъонтIэ зэикIыкIэ инэплъэгъу чIэкIоты, ошъогум хэхьажьы. Нал теплъэ зиIэ нэпкъ мылъагэм къыпэIулъ хы нэпцэ пшэхъо гъожьым пчэдыжьыпэ тыгъэр тежъыукIы, бжыхьэ жьы шъабэми чъыг пкIэшъэ дышъашъохэри зэрегъэIушъашъэх. КIэим къыдэIукIырэ

бырсыр макъэхэри, шы пырхъэ-щыщ макъэхэри жьым хэфэжьрэп.

Тыркуем илъыкIо иунэ уззэрекIолIэн лъагъуи щыIэжьэп – тыдэкIи шIуцIамэр атырихэу, шыухэри, лъэсхэри щызэхэтых. Шышъхьэрэ, уанэрэ, паIо зыщыгъэрэ, кIакIо зытеубгъуагъэрэ нэмыкI къэлъагъорэп. Мыжъо чэу зандэу пытапIэм пэIудзагъэм нэмыкI IэжапIэ Хьасан-пашэм иIэжьэп. Зэдилъхэмэ, ари шыбгъэкIэ раутынэу къыпщэхъу.

– Ар шъыд шъыу! – Хъан-Джэрые къышIудэлъэтыгъ.

– Укъэщтагъа? – Шъэуае къеупчIыгъ.

– Тызэхэтмэ, бэ тэхъу.

Шъэуае щхыпцIыгъэ.

– Уиаталыкъ плъэгъу пшIоигъуа?

– Мэрчанэ тэ щыI? Сэгъэлъэгъу.

– Апэрэ шыуитфымэ алъыкIорэ шыуищмэ азыфагу дэт.

– СшIэжьыгъэ! Адырэхэр хэтых?

– Сымыгъуащэмэ, Тыгъужъыкъо Къызбэч, Абэтэ Бэслъыный, Щырыхъукъо Тыгъужъ, Абэтэ Убыхи къагот. АдыритIур, усымыгъэпцIэтымэ, синэIуасэп.

– Зыр, джабгъу шъхьагъышъхьэр зыIыгъыр,–къагот шыум къыIуагъ,– Занэкъо Сэфэрбый, нэтыхъоепщ. Адырэр абдзэхэ Цэй Хьатырбайджэ сенэгуе, нэмыкI гори, Болэтыкъо кIэмыгуепщыр арыщтын, ягъус.

Тыгъужъыкъо Къызбэч зипэщэ нэбгыриблыр шымэ япсыхи, пытапIэм дащэ зэхъум, тыдырэ лъэныкъокIи бырсыр макъэр щызэпыугъ. Хы шхъуантIэмрэ жьы шъэбэ макIэмрэ яIушъэшъэ макъэ нэмыкI дунаим темытыжь фэд. Ау тIэкIу зытешIэкIэ гумэкIым мэкIэ-макIэзэ зыкъиIэтыжьын регъажьэ. КъызэкIэплъэрэ мафэм уахътэм иджэуапынчъэ гопэгъуи бжыхьэ ошъогум чIэонтэгъухьэ.

– Бэрэ къисыгъэх...– Шыу горэм къыIуагъ.

– Бэрэ къисынха, зихьагъэхэр сыхьатныкъуи мыхъугъэу,– фэшъхьаф горэми ыдагъэп.

ПытэпIэ къэлапчъэм Тыгъужъыкъо Къызбэч зыдалъагъом, цIыфхэр ардэдэм зэлъыбыяугъэх. ЫIорэр нахь зэхаригъэхынэу Къызбэч онэгу зишIыгъ, ыIэ къыIэтыгъ:

– Хьасан-пашэм, джэмэхьат, тыгурыIорэп.

– Сыд ыIорэр? – Нэбгырэ заулэ а зы упчIэмкIэ къызэдыхэкуукIыгъ.



– Урысые къэзэкъмэ шъуягупсэфылIагъ, султIаным ыгу къышъуабгъэ, шъуибыслъымэныгъэ шъоукъо, чыристан динымджэ зышъогъазэ еIо.– Зэпыугъо фишIи, Къызбэч игущыIэ нахь мэкъэ пытэкIэ къыпидзэжьыгъ: – ЗэкIэми анахь щхэныр Тыркуем тырицIыфэу зэриIорэр ары. Ащ фэдэ джы нэс зыми къытиIуагъэп, къытиIоми, фэтыдэнэп! – Тыгъужъыкъо Къызбэч икъамэ къызырепхъотым, зэфэсым инахьыбэм дырагъаштэу якъамэхэр жьым щагъэсысыгъэх, къизымыхыгъэхэри къахэкIыгъэх, зышъхьэ дезгъэзэкIыгъэхэри мэкIагъэп: – Къэзэкъмэ тичIыгу раулъэгукIы зэхъум, тызый зыIохэрэр тэ щыIагъэха? Тыркуем тырыемэ, тагъэблыгъэмэ, тагъэзэуагъэмэ, ащ фэдэу хьалэлхэмэ, тицIыф фэхыгъэхэр, тимылъку зепхъуагъэхэр, тичылэгъо тестыкIыгъэхэр, тимэз иупкIыгъэхэр тфарэпщыныжь! Мы тхыгъэм[1],– Къызбэч тхылъыпIэ зэкIоцIыщыхьагъэр аригъэлъэгъугъ,– тыгъуаси, непи тинахьыжъхэр зэрыгущыIагъэхэр итхагъэх. Зыхэжъугъэкlыгъэ шъуишэсмэ, лIыкIомэ сыкъышъуфаIофтагъэшъ, къыддешъогъаштэмэ, афэсэхьыжьы. Ау мы тхыгъэм итыр Тыркуем къытфилъэгъужьмэ, мыщкIэ зетщагъэу, тырыеу къащэрэмыхъу!

Шыу шъэ пчъагъэм янахьыбэмэ джыри зэ якъамэхэр зэпэлыдыжьхэу къырапхъотыгъ, язэхэджэжьи кIэим зыдидзагъ, къушъхьэмэ яутэкIыгъ, хы кIыIуми тегурымыкIыгъ...

[1] «...Адыгэ шыу 400 фэдиз Тыркуем ипытапIэ Анапэ икъэлапчъэ Iухьагъу дэжь къыщызэрэугъоигъагъ.– «Черноморье при атамане Матвееве» зыфиIорэ тхылъым къыщатхы.– Адыгэхэр куп-купэу зэхэкIыхэти, зэдэгущыIэщтыгъэх, ашIэщт-аIощтымкIэ зэупчIыжьыщтыгъэх. Амыдэщтыгъэр адыгэхэр Тыркуем ицIыфхэу пашэм зэриIощтыгъэр ары. Адыгэ зэфэсым мыщ фэдэ джэуап пигъохыжьыгъагъ: «ШъуIорэм такъемызэгъыми, урысхэр Пшызэ къызыIууцогъэ илъэсхэм къащегъэжьагъэу тыжъугъэблымэ тяжъугъэзаозэ, тшIожъугъэкIодыгъэ мылъкур къытфэшъупщыныжь – укIыгъэхэми, гъэры хъугъэхэми нэбгырэ 25225-рэ, шы мин 50, былымышъхьэ мин 60, мэл мини 100, унэгъо хьап-щып осэ ин зиIэмэ анэмыкIэу къэмэ-сэшхо мин 40, тыжьындышъэ бгырыпх мин 30, кIэкIо-цые мин 45-рэ, гын пхъэчай 250-рэ, чыли 136-рэу тегъэстыкIыгъэмэ ауасэ...» Адыгэмэ ядао Хьасан-пашэ къыземыуцуалIэм, зэфэсыр зэбгырыкIыжьыным ыпэкIэ лIыкIо нэбгырэ 11 зыхигъэкIи, Тыркуем, Константинополь ыIофтагъ, ау тырку султIаным адыгэ шэсыхэр зыдигъэгущыIагъэхэп...»

## ЯТФЭНЭРЭШЪХЬ

### I

Санкт-Петербург нэгушIоу Хъан-Джэрые къыпэгъокIыгъэп.

Зыхэхьэгъэ цIыфхэр, хэгъэгум иапэрэ кадет еджапIэу зычIэхьагъэм чIэтхэр нэгыегъэ-дысыгъэ пхъэтэпэмыхькIэ къыдэзекIуагъэхэкIэ арэп – темыр къалэм ибжыхьэ ощх чъыIэ зэпымыужьрэ итыгъэ къыкъомыплъыжьырэ пщы кIалэм изэщыгъо-нэшхъэигъо шъхьащызымыхыщтыгъэр, къыздикIыгъэ лъэныкъом имэфэ шъабэхэр, Лъэустэнхьаблэ сабыигъом щегъэжьагъэу, Екатеринодар къэзэкъыдзэ гимназием ыуж илъэсырэ Ермоловым зыщыригъэджэгъэ Тифлисрэ щыкIэкIыжьэу, гур къыпагъэузыкIэу зыкIыщымыгъупшэщтыгъэр.

Бжыхьэ отI-псытIэ дунаири Хъан-Джэрые шIоIофыжьэп – унэ фабэ щаIыгъ, агъашхэ, афапэ, тхьаумафэм зэ хьамамэм ащэ, уздэкIон уиIэмэ, зыгъэпсэфыгъо мафи къыраты, зэджэщт тхылъхэри хъоих, гъогум щызэригъэзекIощт ахъщэ шIукIаем нэмыкIэу янэжъ къыIэкIилъхьэгъэгъэ дышъэ сомэри зэрэмыукъуагъ. МэзитIум хэхьагъэшъ кадет корпусым зыщеджэрэр, ядэжькIэ къикIэу зы къэбари къыIэкIэхьагъэп. Ежь тхылъищ ыгъэхьыгъах, яплIэнэрэр джыри непэ ытхыщт.

Тыгъуаси, тыгъоснахьыпи, адырэ мэфэ блэкIыгъэхэми, мазэкIэ узэкIэIэбэжьми, апэ Хъан-Джэрые зэрысыгъэ каретэр Санкт-Петербург къызыдэлъадэм щегъэжьагъэу, ныпчэдыжь щыкIэкIыжьэу ошъогур зэхэушъопщагъэ – къещхэу къещхырэп, къесэу къесырэп, чIым шъхьащымылъ-шъхьащыт. Къэблэгъэрэ кIымафэм зызыфэзгъэхьазырыжьрэ чъыгхэри шIуцIэшъо цIынашъохэу шъхьаныгъупчъэм пэIутых. ПкIэшъэнчъэх, нэшхъэих, зэщыгъох. ГъучI чэуми, остыгъэ гъэнэфыпIэ пкъэуми, мыжъо такъыр зэхэскIэ пкIэгъэ гъогуми, фаэтон гъэIэгъэ псынкIэхэми акIэшIэгъэ шыхэр мэхъушIэхэми, джа дэдэр ятеплъ. Сыдырэ лъэхъани зыгу мыкIодыхэрэр Исаакиевскэ чылысым идышъэ унэшъхьэ хъураирэ къалэм шъхьащыт Адмиралтейскэ мэстэпэ папцIэмрэ.

Гур мышIумэ, къыдэмычъымэ, анахь дунай нэфри, анахь дунай пщагъори гопэгъу, щэчыгъуай, нанэ ыIощтыгъэ, сыда сыгу зыфэкIодын фаер! Хъан-Джэрые ежь-ежырэу зыфэгубжыжьызэ, шъхьаныгъупчъэм ышъхьэ къыIуипхъотыжьыгъ. Шы зэкIэтIупщ-зэкIашIэкIэ Екатеринодар сыкъикIи, мыщ нэс сыкъэсыфэ мэфэ тIокI гъогу сытетыгъэмэ, ситхыгъэмэ яджэуап непэ-неущэу якъэсыгъу. Сыд Шъэуае ыIощтыгъэр: «Угу къыдэмычъы хъумэ, орэд къаIо, зипхъуатэмэ, умыукIыт, лъэпэчIасэ къыдешI. Дунаир тыгъэпс закIэкIэ зэхэлъэп, цIыфри ащ щыщ, зыкъызэрэпфырихыщт шIыкIэр къэшIэгъуай, зэ изэхэгъэхьакIу зэ изэхэфыжьыкIу. ЩыIакIэм зыпэ къыщыпамыгуагъэм шIу щыфыпэбгъохыкIэ хьаулый, зыфэдэр къыгурыIощтэп». Сыд шъуIуа ащи икъэбар?.. Сисурэ...

Пшызэ Iушъо Бамбэт къазэрэщытебэнэгъагъэр Хъан-Джэрые ынэгу къыкIэтэджэжьыгъ, зэрэамалынчъагъэр зыдишIэжьыщтыгъэми, мысагъэ зыфилъэгъужьэу ыгу пыузыкIыгъ. Бамбэт сыпыримыкъущтыгъэми, Пэшъукъ илъэс зыщыпIл ныIэп сэщ зэрэнахьыжьыгъэр, Iэджыри кIэнымкIэ згъэгуIэщтыгъэ, сытемыкIопэщтыми, сыпэуцужьыныгъи... Ары шъхьакIэ, хэта мохэмэ ямэхъэджэгъэ гухэлъ зышIагъэр, ащ фэдэу Пэшъукъ къысфычIэкIыжьын Iоу нибжьи сшъхьэ къихьагъэп, кIэн кортэу естыжьыщтыгъэр, ренэу ныбэфэлIагъэти, хьалыжъо фэбэ пчъагъэу езгъэшхыщтыгъэр... Къытэрыджэгугъэх... Тэ тыIофа,Сисурэ тхьамыкIэр ары нахь... Раутырэм зигъэбэнэкIырэп зыфаIорэм сыфэдэми сшIэрэп, джы сшIэрэр сшIэщтыгъэмэ, теплъыни хъурэм... Ау, дунаим сыпсаоу сытетыщтмэ, ар къыпфэзгъэгъунэп, Пэшъукъ!

Къемыгъущтыгъэ тэмэпкъ кIыжьыгъэм зыфеIэжьрэр Хъан-Джэрые къыгурымыIоу ыIэгушъо ригъэчъагъ. УиуIагъэ сегъэплъ ышнахьыкIэ цIыкIу Адыл-Джэрые къызэрэриIощтыгъэри ыгу къэкIыжьыгъ, янэ шъэфэу зэрэгъыщтыгъэри ынэгу къыкIэтэджэжьыгъ. Зыщынэшхъэйми, зыщынэгушIоми, ичэщ чъыемэ анэс къахэуцукIэу щымыгъупшахэщтыгъэр Къэнтат нанэр ары. Джащ нахь гугъапIэрэ кIэгъэкъонырэ Хъан-Джэрые зэримыIэр джыры ныIэп къызишIагъэр. ЛIакъом инахьыжъым гочыгъэу, ынаIэ къытемытыжьэу, иIо къыхэмылъыжьэу, чIыгукIи, уашъокIи, зытемыплъэжьырэ тыгъэмкIи пэчыжьэ зэрэхъугъэр арыщтын... Тифлис зыщеIэм, ащ фэдэ гупшысэхэр сыд ышъхьэ къызфимыхьэщтыгъэхэр? Кавказ уашъом зэрэчIэмыкIыгъэр, къушъхьэмэ зэрахэмыкIыгъэр, итыгъэ къызэрэтепсэщты-

гъэр арыщтын... Цlыфыр къызэрыхъухьэгъэ чlыпlэр егъашlэм икушъэу, ишъхьантэу, итехъон-кlэлъынэу, иlусылъэу зэрэщытыр армэ шlэ? Ары шъхьакlэ, мы лъэныкъоми цlыфхэр щэпсэух, джа дэдэхэр ядунай. Зэрэхъурэмкlэ, хэтырэ цlыфи ежь къыхэтэджыкlырэ, ежь зыфэlорышlэрэ джэмакъэ иl – джары щызгъаlэрэр, зыгъэнэшхъэирэр, зыгъэчэфырэр, игъашlэ лъызыгъэкlуатэрэр...

Ошlэ-дэмышlэу къыфечъэгъэ гупшысэмэ Хъан-Джэрые къахэужьыгъ, джыри шъхьаныгъупчъэм иплъыгъ – дунэе отl-псытlэм фэшъхьаф шъхьаныгъупчъэм пэlулъэп. Етlани дунэе зэщыгъом пае къамыгъанэу, ащ фытегъэпсыхьэгъэ хъулъфыгъэхэри, бзылъфыгъэхэри урамымэ атетых, тучанмэ ачlахьэх, къачlэкlыжьых, ощх жъгъэй шхъонтlэшъо-шlуцlашъом яхьщыр щэтырхэр ашъхьагъых, шъхьарыхъон зиlэ фаэтонхэри зэблэчъых, Хъан-Джэрые дунаим тетми, якъалэ щэнэшхъэими зымышlэрэ цlыфхэр урамымэ ащэчэфых, зыгу мышlуи, шъхьэ псынкlи, губжыгъи ахэмэ ахэтынкlи мэхъу, ау адыгэ кlалэм сыдым ахэр фишlэных, ежьыри хэт ищыкlэгъэн...

Хъан-Джэрые хьылъэу хэщэтыкlи, къэлэмым лъыlэбагъ, зичэзыу тхылъыр янэжъ фитхынэу рихъухьагъ. Сизэщыгъо къысэхьылъэкlми, тхылъыпlэм зытырищаезэ ыlуагъ, сыд пае згъэгумэкlын, ари бжыхьэ ощхым фэдэу стеужьын, фэстхынэп. Тхыгъэр талъэныкъо нэсыфэ зэптlоп дунаим зызэрэзэблихъущтыр, сэри неущ, неущмыкlэ нэмыкl сыхъужьын, Шъэуае къызэрэсиlощтыгъэу, сыгу къыдэмычъыми, орэд къэсlон, лъэпэчlасэ сыкъыдешlэн. Мы лъэныкъори цlыф псэупl. Сыгу къыздимыштэщтыгъэмэ, егъэзыгъэ lоф хэлъыгъэп. «Нан! Синэнэ дах, силъапl, сян, Сисур, Шъэуай, Сахьид-Джэрый, Адыл-Джэрый...» – къыпэблагъэхэмкlэ Хъан-Джэрые итхын ригъэжьэгъагъэми, икъэлэмыпэ къызэтыригъэуцуагъ, «хъущтэп» ыlуагъ. Нанэ къысэгуцэфэщт, сяни шъэфэу гъызэ, зиухыжьыщт, нэнэжъ закъом ыцlэкlэ згъэхьыщт.

«Нан! – Нэмыкl тхылъыпlэ тхьапэм Хъан-Джэрые урысыбзэкlэ тыритхагъ.– Ситхыгъэищмэ къызэращысlуагъэу, джыри зэ къэсэlожьы: сиlофхэр дэгъоу зэпыфагъэх. Егъашlэм ташlэщтыгъэм фэдэу кадет корпусым ипащи, изабытхэри, иlофышlэхэри къытпэгъокlыгъэх. Капустенко Игнаткэрэ сэрырэ зы унэ тызэдис. Унэм шъхьаныгъупчъэшхо хэлъ. Узэригъэгумэкlыщтыр сэшlэшъ, къэсэтхы: тlо зэкlоцlыт, ычlэгъыкlи ышъхьагъыкlи еогъэтыжьы. Шъхьаныгъупчъэжъый хэлъ. Ащ джыри сынэсыгорэп, Игнаткэ лъэпэпцlый зызишlыкlэ, дэгъоу нэсы. Урыс-француз гущыlалъэ тиlэшъ, ащ сызытеуцорэм дэгъоу lусэхы, есэщэлlэжьы. Умыщын, чэщырэ фэтымышlыжьэу къэдгъанэрэп. Сипlэкlор дэпкъ джабгъум кlэрыт. Ары, ары, укъыкlэупчlэщтышъ, къыосэlо, унэр тэр-тэрэу lутэхыжьы, чэзыу-чэзыукlэ къэбзэ-лъабзэу тlыгъ. Пчэдыжьри, пчыхьэри тиунэ lыгъыкlэ забытхэр къыщэтхъух. Пчэдыжьырэ сыхьатыр блым ыныкъо кlуагъэу тыкъагъэтэджы, къин къысфэхъурэп, ащ Тифлис сыщесэжьыгъ. Пчыхьэрэ сыхьатыр пшlым ызыныкъо хъугъэу тагъэгъолъыжьы. Мафэрэ, тхьаумэфэ зыгъэпсэфыгъом нэмыкlэу, сыхьатыр им щегъэжьагъэу пшlыкlутlум нэс, сыхьатиплlэ тырагъаджэ. Мыщ дэз lофым фэшъхьафэу, Тифлис тызэрэщырагъэджэщтыгъэм фэдэу, хьисапри, урысыбзэри, французыбзэри, географиери, тарихъри, дин lофри щытагъашlэ. Укъэмыгумэкl, талъэныкъо, Кавказым къикlыгъэ къумыкъухэми, лезгинхэми, адыгэхэми (къэбэртай, щэрджэс, сэры), нэгъойхэми – нэбгырих тыщеджэшъ, ислъам диным тыфагъэзагъ, зы забыт ефэнди къытэпхыгъ. Адыгитlур сэщ нахьи илъэс горэмкlэ нахьыжъых, зы унэ тызэдисын къысаlуагъэти, Капустенко Игнаткэ дэдзых сфэшlыгъэп, талъэныкъоба Игнат, тыщызэдеджагъэба къэзэкъыдзэ гимназием, Забруйнэр къытфэгубжызэ, къызэдэтыухыгъэба, синыбджэгъуба. Силъэпкъэгъу адыгэхэми сызэхашlыкlыгъ. Сэщ фэдэу ари агъэгъуащэрэп. «Къэзэкъ-къонакъкlэ» къеджэх, Игнатки игуап...»

Адмиралтейскэ лъэгапlэм тет топым ио макъэ, мазэм къыкlоцl есэн ылъэкlыгъэпти, Хъан-Джэрые джыри къыкlигъащти, итхэн зэпыригъэгъэугъ. Адырэ мафэхэм афэдэу икъыкlэщтакlэ емыкlу зыфилъэгъужьэу щхыпцlыгъэ, ащ нахьрэ гу уимылэу мыщ нэс укъэкlуагъэу, Урысыем иапэрэ кадет еджэпlэ гъэшlуагъэ учlэс ыlуи, зэгыижьыгъ.

«Ситхын джыдэдэм зэпызыгъэугъэм икъэбар къыпфэсшlыщт, нан,– Хъан-Джэрые пидзэжьыгъ,– сыхьатыр пшыкlутlу зыщыхъурэм къэорэ топыр ары зыфасlорэр. Моу джыдэдэми къэуагъ. Къикlыри сшlэрэп, ау тищэджэгъуашхэ къызэрэблэгъагъэр рытэшlэ. Мафэм плlэ тагъашхэ. Умыщх, нан, умыщх. Щэр зэрэсимыкlасэр ошlэшъ, укъыздэхьащхыт. Ау къол тагъэлъэгъурэп. Бысльымэн нэбгы-

рихым ащкӀэ къытфэсакъых,– зымафэ илэпс лагъэ кӀэлэ шъхьэпае горэм къол такъыр къызэрэхидзэгъагъэр, ар забыт ефэндым урыс забытхэми зэрамыдэгъагъэр, кадет корпусым иӀэшъхьэтет нэсыжьи, бырсырышхо къызэрикӀыгъагъэр Хъан-Джэрые янэжъ фитхынэу ыгу къыпылъэдэгъагъ шъхьакӀэ, къырыгъэкӀугъэп.– Шхыныр къытэлыжьы, тучани тиӀ. Сиеджэни дэгъоу езгъэжьагъ. БлэкӀыгъэ мазэм заулэрэ къысэупчӀыгъэхэти, «дэгъуитӀурэ» «дэгъудэдитӀурэ» къэсхьыгъ. Шъыпкъэ французыбзэр езгъэжьэгъакӀэшъ, къысэхьылъэкӀы. Ау ащкӀи сигъусэмэ зыкъыщязгъэнэщтэп. Игнатки джа дэдэр къехъулӀэ. Тыгъуасэ зэхэсхыгъэ къэбарым сигъэгушӀуагъ, ащ игугъуи къыпфэсшӀын. Тыркубзэмрэ арабыбзэмрэ зэзыгъашӀэ зышӀоигъо нэбгырэ пшӀыкӀутф (къэблэгъэрэ перс, тырку заохэм ащ фэдабзэхэр зышӀэхэрэр ящыкӀагъэ зэрэхъущтыр Хъан-Джэрые ыушъэфыгъ) аугъоишъ, сэри зязгъэтхыгъ. Нэгъоибзэр, тхьэуегъэпсэу, сщыбгъэгъупшагъэп. Арабыбзэр медрысэм щыскӀугъэшъ, къикӀырэр сымышӀэми, КъурӀан къеджакӀэм сыщыгъуаз, сегугъумэ, ари ӀэшӀэх къысфэхъунэу сэгугъэ. Анахь гъэшӀэгъоныр нэмыкӀ, зымафэ адыгищыми тиеджапӀэ иӀэшъхьэтет дэжь тыбзэ тэшӀэмэ зэригъэшӀэнэу таригъэщэгъагъ. Шъубзэ зыщышъумыгъэгъупшэжь, зэгорэм ари тищыкӀагъэ хъущт ыӀозэ, игуапэу тыкъитӀупщыжьыгъ. КӀо, сшӀэрэп, мы сыкъызхэхьагъэмэ Ӏофыбэ зэрафэ, тэри къытэнэсых, нэмыкӀ Ӏофыгъохэми агъапэх. ТарихъымкӀи нэмыкӀ дзэ ӀофхэмкӀи тезгъаджэрэ забытхэми инджылызхэри, французхэри, полякхэри ажэ дэкӀыхэрэп. ЗэкӀэми анахьэу тыркухэмрэ персхэмрэ зытегущыӀэхэрэр. Зымафэ тыгъэкъокӀыпӀэмкӀэ щыӀэ Китаим (ащ фэдэ цӀыфхэр щыпсэухэу ар зыцӀэ хэгъэгуи а лъэныкъом щыӀ) тизабыт анахьыжъмэ ащыщ горэ бэрэ къытегущыӀагъ, игъунэгъу хэгъэгухэми ащыпсэурэ къыргызхэми, фарси-таджыкхэми, узбекхэми, тыркуменхэми ягугъу къытфишӀыгъ... Санкт-Петербург сыкъызэрэкӀуагъэм, кадет корпусым сызэрэчӀэсым сырыкӀэгъожьырэп. КъысфашӀагъэмкӀэ, Алексей Петрович Ерморловыр апэ зэритэу, тхьэуегъэпсэу ясэӀо. Къэстхыщтыри бэ, сыгу илъыри ащ нахьыбэжь. СызщыкӀи щыӀэп, гумэкӀи сиӀэп, зэкӀэ дэгъу, сыпсау, сыузынчъ, сиакъыл къызэриубытэу сигупшысэ хэкӀырэп – адыгэ-къэзэкъ мамырыр амыукъогъэным сыфай, сэ сизакъоп, Капустенкэ Игнати ащ егъапэ...»



Пчъэ къыӀупхъотым Хъан-Джэрые къыгъэлъэтагъ, зыӀитӀу ыкӀыбыкӀэ щэгъэ Игнат узышӀомыкӀын теубытэгъэ макъэкӀэ къыриӀуагъ:

– Хъан-Джэрый, къашъо!

– Игнат!..– ЯдэжькӀэ тхыгъэ къызэрикӀыгъэр къыгурыӀуагъэу Хъан-Джэрые ынэкӀушъхьэхэр къыхэушэплъыкӀыгъэх.

– УкъысэмылъэӀу, къашъори, къыостыжьыщт.– Игнат шъэбагъэ гори хэмылъыжьэу дырекӀокӀи, пхъэнтӀэкӀум тыридзэгъэ тхылъыпӀэ плӀэмыем тетӀысхьажьыгъ, зытеощт пхъэнтӀэкӀу шъхьакори ыпашъхьэ ригъэуцуагъ: – Къытелъад, ислъамые къешӀ.

– Игнат! Сигунахь оштэ... Апэрэ тхыгъэу къысфагъэхьыгъэмкӀэ ащ фэдэ къысэмышӀ. Итым сегъэджахи, сыкъыпфэшъожьыщт.

– Къытехь сӀуагъэ! – Игнат, къелъэӀурэм пымылъэу, ислъамые мэкъамэм яхьщырыр къыдиӀозэ, пхъэнтӀэкӀум теоу ригъэжьагъ.

Хъан-Джэрые джэхэшъогум къытелъэдагъ, фэӀазэу ылъапэхэр чӀисэхэу, ыӀэхэр чэзыу-чэзыоу ытамэмэ аӀуищэикӀызэ, зэ-тӀо къызыречъыхьакӀым, зыфагъэлӀэгъэ тхыгъэр ратыжьыгъ, заулэрэ еплъи, тхылъыпӀэ плӀэмые щхагъэр зэтыритхъыгъ. Ныбджэгъум ришӀагъэмкӀэ рырэзэ Игнати къыфагъэхьыгъэ тхыгъэу еджэгъу зыфимыфэгъагъэр иджыбэ къырихыжьыгъ.

– Ори, Игнат, къыпфэкӀуагъа? – Тхыгъэм инэплъэгъу къытыримыхэу Хъан-Джэрые къэупчӀагъ, риӀуагъ: – СыпфэгушӀо.

ТхылъыпӀэ заулэм итым еджэфэ шӀуабэ дашӀэу, Игнат упчӀагъэ:

– Сыд шъуалъэныкъо щыкъэбар?

– ЗэкӀэри псаух, узынчъэх,– Хъан-Джэрые ышъхьэ джыри тхыгъэм къытырихыгъэп,– мамыр, рэхьат. О сыд къыпфатхырэр?

– Талъэныкъуи мамыр, къэзэкъ бжыхьэ нысащэхэр къежьагъэх аӀо.

– Мы сянэжъ къытхыгъэ купыр,– Хъан-Джэрые къыраӀожьыгъэм пымылъэу, бгъуитӀумкӀи тхыгъэ тхьапищыр къызэпиплъахьызэ иублапӀэ къыгъотыжьи, икӀэрыкӀэу кӀиджыкӀыжьынэу ригъэжьэжьыгъ.

– Уеджэгъахэмэ, некIо шахмэтышIэ, непи укъызтезгъэкIон.

– ЕмыкIу къысфэмышI, Игнат. Мы тхыгъэм джыри зэ гупсэфэу седжэжьы сшIоигъу. КIо, о рязанскэ кацапмэ адешI. Моу сизакъоу мыщ сызеджэжьырэм,– Хъан-Джэрые нэшIукIэ шъэогъум еплъыгъ,– уфаемэ къысаж, тызэдэкIон... Ау укъысэмыжэмэ нахьышIу... Сэ джыри ситхыгъэ сыухыгъэп.

ЦIыфыр бзэм, диным, щыгъыным емылъытыгъэу, дунаим нахьи нахь гурыIогъуай, зэхэшIыкIыгъуай. Джа дунай зэикI-зэмышъогъум исэпэ налъэ нахь мыхъурэ цIыфыр лажьэмэ шхэжьызэ, заомэ зыкъиухъумэжьызэ, атекIомэ къытекIожьыхэзэ, нафэу мэпсэуми, зикъежьапIэрэ зиухыжьыпIэрэ къэшIэгъое шъэф пчъагъэкIэ зэхэлъы – а зы такъикъым, сыхьатым, чэщ-зымафэм игутео макъэ диштэуи, димыштэуи зэрэзэокIырэр зэхэшIыкIыгъуай.

Дунаим ицIыф нэфэ-шъэф къэшIэгъуаемэ Хъан-Джэрыий ахэкIыжьэу, къэхъу пэт, тыдэ кIожьын. Адыгэ-къэзэкъ дунаим щырихыгъэ илъэс пшIыкIухым, иилъэс пшIыкIубл Санкт-Петербург щехьышъ, шIукIи, екIи щилъэгъугъэр макIэп. ЗыщапIурэ унагъом зэрэщагъэшIуагъэр хэпхыжьымэ, щыIакIэм щыпэкIэкIыгъэ гушIуагъом нахьи, гукъаор нахьыб – ежь пае иаталыкъ хъырцыжъмэ къызэрагъэгумэкIыщтыгъэр... Ятэ ихьадэ шым къызэрихьыжьыгъэр... Шъэуае ихэхьажьыкI, икъыхэтыкI... Пантелей икъэгъотыжьыкI... Къылыщтыку темэным адыгэмэ яхэкIодакI... Къэзэкъ унагъомэ ячэщ ибзыкIхэр... Сисурэ итхьамыкIагъу... Тифлис щеджэ зэхъум къыдеджэрэ шъэожъыемэ ащыщхэм къызэраушъхьакIущтыгъэр... Ышнахьыжъ дэуакIо къызэрэфэкIогъагъэр, къыфадзыгъэгъэ гущыIэ дысыр... Зыми лъэбгъу дзыгъо фишIын фимыфэгъагъэми, укI фаокIэ къызэреогъагъэхэр, Забруйнэм ицIэцIэ макъэ изакъоми... Бамбэт, Пэшъукъ, Джамболэт янэплъэгъу дыджхэр... А пстэури унэгу кIэкIыныр, ул агъэузыныр макIэп. Хэт ышIэра мы къызхэхьагъэхэмкIи Хъан-Джэрые къыпыщылъыр.

Игнат зыдихьыщти, зыхилъхьащти ымышIэу Хъан-Джэрые шIу ылъэгъуущтыгъэми, унэм изакъоу къызенэм, джыри зэ нахь гупсэфэу янэжъ къыфитхыгъэм еджэжьыгъ. Къытыригъэзэжьзэ, гущыIэухыгъэ пэпчъ зэрэкIиджыкIыжьыгъэри макIэп. «Сэ тIэкIу-шIокIухэр» зэрэсыушъэфрэм фэдэу ежьхэми талъэныкъокIэ зыгорэхэр къысшIуаушъэфмэ ыIуи, гущыIэмэ акIоцIыплъэу джыри рычъэжьыгъ. «ТалъэныкъокIэ зэкIэри дэгъу, щыошIу, щымамыр, лэжьыгъэр бэгъуагъэ, бэдзэрмэ атиз, хъожьыпIэ щагумэ ащызэтеIэкIагъ, адыгэмэ, къэзэкъмэ язэхэхьакIи нахьыбэ, нахь гупсэф хъугъэ» еIо. Ащ бэ ыкъудыищта-ымыкъудыищта? – Хъан-Джэрые къыфатхырэр игуапэми, зэупчIыжьы ежь къызэрэшIошIэу, Лъэустэнхьаблэ зыдэсми, Екатеринодар зыщеджэми, Тифлис зыщэIэми зэхихыщтыгъэ пстэури иIэубытыпIэу джэуап зэретыжьы. ЦIыф къызэрыкIохэм, нанэ зэриIоу, уязэгъыщт, бгъуитIумкIи зэIыгъэхьакIохэр щыхъоих нахь. Мыщ сыкъызыкIогъэ мэзитIуми ащ фэдэхэр къыздеджэхэрэми, тезгъаджэхэрэми ахэслъэгъуагъ. Мары, географиемкIэ тезгъэджэрэ штабс-капитан Бобровыр, Гиндукуш къушъхьэр зыдэщыIэ лъэныкъом ыцIэ къызэрэфэмыIуагъэм пае «туземцэ IэлкIэ» къумыкъу кIалэм, Шарипов Ануар, еджагъ, Кавказ икIыгъэмэ ямызакъоу, зэрэвзводэу дигъэхьащхыгъ. Узафэп есIо сшIоигъуагъэ шъхьакIэ, сыкъимылъэгъу фэдэу зишIыгъ, Игнаткэ IэнтэгъукIэ къысэмытIыргугъагъэмэ, имыгуапэ горэ есIоныгъэкIи мэхъу. Тятэ зэриIощтыгъэу, тэ Урысыем тебэнынэу, зедгъэушъхьакIунэу, къызыдэдгъэхьащхынэу тыгоуцуагъэп – игухэлъ тигухэлъ, игушIуагъо тигушIуагъо, игукIае тигукIае. Адэ тэрэзба, тятэжъмэ, тятэмэ ягъогу джары тэри тызыфытехьагъэр, мыщ Санкт-Петербург, кадет корпусым еджакIо тыкъызфэкIуагъэр. Бэ шIэн, макIэ шIэн, Кавказым къикIыгъэхэмкIэ тыкъызэриушъхьакIугъэр Бобров штабс-капитаным фэзгъэгъущтэп.

Шъхьаныгъупчъэм Хъан-Джэрые иплъыгъ. УнэмкIэ къикIыгъэ тхыгъэр къызэрэIэкIэхьагъэр арыщтын, Бобров штабс-капитанымкIэ ыгу жьы зэрэдигъэкIыгъэри къыхэхьэгъэн фай, ошъо шхъонтIэ-шIуцIашъор къызэкъоужьы фэдэу къыщыхъугъ. Урамым тет цIыфхэри нахь нэгушIохэу, щатырхэми ащыкIагъэу къышIошIы. Исаакиевскэ чылысым идышъэ унэшъхьэ хэIэтыкIыгъи нахь мэжъыу, Адмиралтейскэ лъэгэпIэ папцIэри ошъуапщэмэ нахь къахэщы, зэрыс унэри хъоо-пщау, нэфын, къэфэбагъ. Чъыг цIынэ дыигъэхэм якъутамэхэри нахь нэшIукIэ къыIоплъэх...

Зэ, зэ, Хъан-Джэрые тхыгъэм джыри лъыIэбэжьыгъ, сыда нанэ къысфитхрэр? АщкIэ узэгуцэфэн горэ афэст-

хыгъэмэ арыстхагъэп. Сыда ыIорэр нанэ? Мары, мыщ дэжь: «ПIощтымкIи, пшIэщтымкIи, цыхьэшIэгъу зыфэпшIыщтымкIи зыфэсакъыжь. Акъыл зыкIэрыпхыщтхэр гъэныбджэгъух, уишIошIи, къекIунэу олъэгъумэ, ахалъхь, зыщимыщыкIагъэм уямыдау, къызэмыгъэдаох, шIу зыкIэрымыхыщтхэм, шъхьэпсынкIагъэр зишэнмэ, тутынашъомэ, бзаджэмэ защыдзый. КIэлэегъэджэ забытмэ, пшIодэгъуи, пшIодэий шъхьэкIафэ афэшI. МыIуапхъэ умыIо, бащэмэ уатемыгущыI, пыуты уяхъулIэщт. УзычIэхьагъэр дзэ еджапIэшъ, хэгъэгум ишъэф рыпIыгъынэу жэ пытэ зыIугъэлъ, зэхэпхырэр, уагъашIэрэр урам Iофэпышъ, зыми фэмыIуат, тэри къытфэмытх. Мыхэр гъогу утехьаным ыпэкIэ къыоcIогъагъэх, ау джыри зэ ягугъу къыпфэсэшIыжьы...»

«Тэри къытфэмытх» зыфиIорэ гущыIэмэ Хъан-Джэрые шъхьэр къырагъэпхъотагъ, итхылъыпIэ ныкъотх къыштэжьыгъ, гуIэзэ, икъэлэмыпэ къычIэкIыгъэ сатырмэ, нэмыкI хэгъэгумэ якъэбар, адыгэхэми, китайхэми, нэмыкIхэми афэгъэхьыгъэмэ, ынэгу къэушэплъымэ, кIыфы кIэхъукIыжьзэ, псынкIэу арычъэжьыгъ, къэлэмымкIэ хиуцIэрэпхъэжьэу ригъэжьагъ. ЕтIанэ кадет еджапIэм ишъэф зыщиIуатэрэр зэрыт чIыпIэр зэхицунтхъагъ, ышъхьэрэ ыгурэ зэбгъэжьэу тIэкIурэ щыси, «гупшыси, псалъэ, зыплъахьи тIыс» джары нанэ къызыкIысиIощтыгъэр ыIозэ, икIэрыкIэу итхыгъэ ригъэжьэжьыгъ. Заулэрэ тхагъэу, зыгъэгумэкIыщтыгъэм кIэух фишIыжьыгъ: «Тэрэз, узхэхьагъэмэ захэбгъэзагъэмэ нахьышIу... О зэрэпшIоигъоу зэкIэри хъущтыгъэмэ...» ЕтIани пиIухьажьыгъ...

Тхьаумэфэ пчэдыжьыпэ горэм, ноябрэм ыкIэмэ адэжь, чылыс одыджын шъыгъо зэпэджэжьмэ амакъэ Хъан-Джэрыерэ Игнатрэ къагъэущыгъ.

– Сыд къэхъугъэр? – Хъан-Джэрые къызщылъэти, Игнат ыкIыбкIэ шъхьаныгъупчъэм зыIуидзагъ.

– Зыгорэ лIагъэ...– Игнат къыIуагъ.– Зыгорэ къодыеп... Чылысхэр зэпэджэжьых. Зэхэоха, кадетхэри къызэлъэтэджыжьых.

– Сыд тызпэтыр? – Хъан-Джэрые игъончэдж къыпхъотагъ: – Зытэгъэфэпэжь.



Ардэдэм кадетмэ зимыгъо одыджын макъэр къяIугъ, къэхъугъэр зымышIэрэ еджакIохэри икIыхьэкIэ хьаятым къелъадэх, пчъэIух макъэхэри зэпыухэрэп.

– Ос къесыгъи! – Шъхьаныгъупчъэм пэIут чъыг фыжьыр джы зылъэгъугъэ Игнат къыхэкуукIыгъ.

Одыджын мэкъэ гумэкIыр зышъхьащыт къалэм идунай, зи къыхэмыхъухьэгъахэ фэдэу, ос шъабэр щыгупсэф – иунашъхьэмэ, ичъыгмэ, ипчэгъу шъхьапэмэ, иостыгъэ гъэблапIэмэ къашъхьарэщы, иурамхэр, илъэмыджхэр, ипчэгухэр фыжьыкIэ фэпагъэх – тыдэкIи осы, осы. Ар Санкт-Петербург къепэгэкIрэ Адмиралтейскэ мэстэпэ пэпцIэ закъор ары зыфэмыубытыгъэр...

Къудайнэт Андзорырэ Шарипов Ануарырэ унэм къихьагъэх.

– Сыд шъузфыщытыр? – Андзор къэупчIагъ, джэуапи пымылъыжьэу къариIуагъ: – Урысые пачъыхьэр щыIэжьэп.

– Сыд пIуи?..– Зэхихыгъэм Хъан-Джэрые къыкIигъэщтагъ, ыгу къызэрэриIоу къэупчIэжьыгъ: – Типачъыхьэ щымыIэжьэуи?! Ащыгъум сыдэущтэу тыхъущт, Игнат?.. Тэ ар адыгэхэми къэзэкъхэми къытфэдэигъэп...

– НекIо, къытэджэх,– къэбэртэе кIалэр джы нахь къэгузэжъуагъ.

Урысыем ипачъыхьэ Апэрэ Александр Кавказ къикIыжьызэ, 1825-рэ илъэсым, ноябрэм и 19-м ошIэ-дэмышIэу Таганрог зэрэщылIагъэм ишъыгъо одыджын макъ хэгъэгум шъхьащытыгъэр...

## II

Сыдрэ къэбари тамэ къыгуакIэ, ау ар пачъыхьэм фэгъэхьыгъэмэ, хэгъэгум псынкIэу щызэбгырэчъы.

Таганрогрэ Екатеринодарырэ азфагу дэлъ верст шъищыр къызэпичъыкIи, Санкт-Петербург нэмысзэ, урысые пачъыхьэм икъэбар Пшызэ Iушъо инэпкъитIу зыдиIыгъэу, зэхэзыхрэмэ яеплъыкIэхэр зэпигъэуцухэу, къэзэкъ къэлэ пытапIэм къэсыгъ.

Къэбар гомыIум ыуж хэгъэгум къихъухьащтым, анахьэу къэзэкъмэ яIоф зэрэхъущтым ыгъапэщтыгъэ Матвеев

атаманыр, де-Скаси ычIыпIэ къагъэкIогъэ Кодинецыр, Власовым идзэ IэнатIэ зэратыгъэ Сысоевыр нэмыз-Iумызэу зэригъэплъыгъэх. «Теплъын джы адыгэмэ зызэрашIыщтым!» – ШъэфкIэ аIэгушъо зэщахъозэ, Забруйнэмрэ Табанецымрэ хэзэрэгъэкуукIыгъэх, ахэмэ адежъыужьыщтыгъэ къэзэкъхэри мэкIагъэп.

«Тхьэ къытауи, джы сыдэущтэу тыхъущт, Хъан-Джэрыий сыд и Санкт-Петербург дэсыкIэщт, сыдэущтэуи щеджэщт?!» – Къэнтати къэбарым къызIуригъэпхъотыгъ. Тыгъужъыкъо Къызбэч, Щырыхъукъо Тыгъужъ фэдэхэми, нэмыкIхэми урысые пачъыхьэм илIэныгъэ ежьхэм зэрашIоигъоу агу къыгъэбырсырыжьыгъ – къэзэкъхэмрэ адыгэхэмрэ азыфагу дэлъыгъэ мамыр мыпытэ дэдэр зэхаригъэкъутэжьэу, Къылыщтыку темэным, шапсыгъэ чылэгъо зепхъо-тегъэстыкIмэ ялъышIэжь зэфэмыгъэгъум икIэрыкIэу зыкъыригъэпхъотэжьыгъ.

Бэджэкъо Умар, Паденкэ Савелий афэдэхэм, нэмыкI цIыф къызэрыкIохэм аIощтыгъэ: «Сыд къытэхъулIэн, пачъыхьэ зытеIэми зытемыIэми тятэжъхэр псэугъэх, лэжьагъэх. Зэзаощтыгъэх, зэшIужьыщтыгъэх. Пачъыхьэр лIагъэ пае дунаир къутэжьыгъэп, хэт ычIыпIэ ихьэми, тэркIэ зы – хэтлъхьащт, Iутхыжьыщт, тыпIощт, тыпсэущт, тызаоуи тызэшIужьэуи къыхэкIыщт, ау ар тазфагу къыдэмыхьэмэ нахьышIу, терэмыгъэзаори терэмыгъэбанэри, хэт фэдэри, бжъакъо терэт фаеми, дгъэпачъыхьащт...»

Хъан-Джэрые итхыгъэищ къыIэкIахьи, джэуапыр аритыжьыгъагъэми, Къэнтатэ гукIэ зыгъэрэхьатын унэми, щагуми, урам тетIысхьапIэми ащигъотыжьыщтыгъэп. Лъэустэнхьаблэ къыдэтэджэрэ къэбар къэIо-Iотэжьхэми, нахь чыжьаIо къыщежьэхэрэми, Бжъэдыгъуи, Адыгэ шъолъырым илъхэми апылъыжьыгъэп – ыгурэ ыпсэрэ Хъан-Джэрые зыдэс Санкт-Петербург къалэу, ежь къызэрэщыхъоу, бырсырым щыIагъ. «Сыд шъэожъые гупцIанэм пачъыхьэнчъэ къалэм дишIыхьэрэр?» Джа упчIэр Къэнтатэ имэфэ гъомылэхэми, инэмаз едзыгъохэми, нэпIэ ефэхыгъо пкIыхьэхэми ахэкIыщтыгъэп.

– А нысэ, зэ мо къакIуи,– Къэнтатэ унэм чIэджыкIыгъ, зэджагъэр къэмылъагъо зэхъум, гъумтIымыгъэ.– Ары, нысэми ышъхьэ езгъэуджэгъужьыгъ, сызэхимыхы фэдэу зешIы е къогъупэ горэм зыкъуигъэбылъхьагъэу къычIэкIын. А нысэ, зэхэпхырэба сэIо? ШъэуитIумэ яз пчэдыжь нэс



сытеплъагъэп. А Сисур, ори тэ ущыIа? Зы цIыфыпси исэп. Сэ сыIофа, унэр зэгъокI ашIыгъап...

Щагу шъхьаныгъупчъэмкIэ Къэнтатэ плъагъэ, лъэкъуитIу ушхугъэм шъхьэр дэлъэу щылъ хьэ епхыгъэм нэмыкI ынэ къыпэшIофагъэп. Бжыхьэ чэщ чъыIэмрэ тыгъэмрэ зэогъэ сэнэшъхьэ тхьапэхэр шIуцIэшъо-гъожьышъоу къутэмэ псыгъо пхыгъэмэ къапэщы, зырызхэри къапэзхэшъ чIым къытефэх, адырэхэр жьы макIэм егъэсысых. Щагум пэIудзыгъэ дэшхо чъыгитIумэ атхьапэхэр джэрзышъо хъужьыгъэхэу джыри зэрапытых, ау чъэпогъу закъо къазэрэфакIоу къелъэлъэхыщтых. Хэтэ натрыфхэри кIачыжьыгъэх, кон зэпэIутищмэ арыз. Къэб фыжь хъураишхохэри мэкъу хьэндзо лъапсэм щызэхэсых.

«Джы мыхэмэ ащыщ,– Къэнтатэ гукIэ ыIуагъ,– сишъэо цIыкIу Iуфэщтэп. Дэшхори натрыфри щылъыщт, къэбыр гъатхэ нэс кIодыщтэп, язгъэгъэIылъыгъэ сэнэшъхьэ Iэрамхэр мазэкIэ гъонлэжьыщтых. А-ей гущ, мы мафэхэм Санкт-Петербург кIо горэ, цыхьэ зыфэсшIын горэ, згъотыгъагъэмэ, дэшхо тIэкIурэ сэнэшъхьэ Iэрам зытIущрэ зыдезгъащэщтыгъэ, дышъэ сомэр джыри сыукъуагъэп еIоми, ари зыщиукъон мафи къыхэкIыщт, ащ фэдиз гори фязгъэхьыщтыгъэ. Дэшхуи, сэнашъхьи къалэм щамыщэу щытэпщтын, ау уятэжъ ищагу къыдэкIыгъэм нахь IэшIурэ гухахъорэ тыдэ къиипхын! Натрыф пIастэрэ щыпс стыр дэгъурэ сикIэлэхъужъ Iузгъэфэгъагъот... Къэб такъуи ары... СигъэгумэкIынэп еIошъ, мычъыIэу къетхы шъхьаем, а лъэныкъом сыщымыIагъэми, де-Скаси, Рафаил Августиновичыр, якIымафэ къыщытхъоу, тикIымэфэ отIэ-псытIэ къыубэу пчъагъэрэ зэхэсхыгъэ!.. Ар Iофэп, ащи цIыфхэр щэпсэух, зэкIэми анахь Iофыр тилIакъокIэ къытэшIушIэгъэ пачъыхьэр дунаим зэрехыжьыгъэр ары. Тэ тизакъоп, адыгэхэри къэзэкъхэри зэригъэIэсылIагъэх. Ащ къыкIэлъыкIощтым сыдэу зыкъытфишIыщт? БгъуитIумкIи зыгу шIу зэфимылъхэр ыгъэгушIощтха, ыгъэнэшхъэищтха?»

– А нысэ, а Быч,– джыри Къэнтатэ унэм чIэджыкIыгъ,– уисба сэIо, шъыдэу умакъэ къэмыIухэра? – ГукIэ щхыпцIыгъэ: «КъызгурэIо сыпшъхьэщытзэ узэрэзгъэпшъыгъэр, ау а гощэ тетыгъор, умыгузажъу, зэгорэм ори къыонэсын, зымышIэрэм къызэрэщыхъоу ари IэшIоп... Шъэуае унагъо езгъашIэу, сикIэлэхъуищмэ яз къыщэу, иджэгу сыхэтыжьы-

гъэмэ, Алахьэм сынатIэ къырилъхьэрэм сезэгъыщтыгъэ… Сыда, сIори сшIэжьырэп, Мыхьамэт-Джэрые тхьамыкIэри къысфэрэзэнэп, зыкIыкIэлэхъуищыр? Къырым-Джэрые гущэ? Мыдрищыр спIугъэба, сылэжьыгъэба, сиIуи-сишIи ахэслъхьагъэба, джы къызнэсыгъэми, загъорэ зязгъэуджэгъоу, сынэкIэ дунаим хэсэгъаплъэхэба?» – А Сисур, ормэ сшIэрэп зымакъэ къэIугъэр, мо къакIо зэ.

– Укъэджагъа, нан? – Пцэжъыямэр къыпилъэсыкIэу Адыл-Джэрые унэм къилъэдагъ.

– Я си Алахь, о зым нэмыкI сыкъызэхишIыкIэу тилIакъо къыхэкIыгъэпштын, сикIал,– пщы шъаом Къэнтатэ щытхъугъ, – сигумэкI зэхэохы. Фыу, фыу, шъыд пэгуама къыппыурэр?

– Пэгуашэ тыщыIагъ, нан! – Адыл-Джэрые игуапэу къызIуипхъотыгъ.

– Хэт уригъусагъ?

– Сахьид-Джэрыий, фэкъолI кIалэхэри тызэгъусагъ.

– Нахьыжъмэ анаIэ къышъутемытэу, синынэгущ, Пшызэ нэпкъ шъуIутыгъа?

– Шъыд ащ фэIуагъ?

– ФэIуагъэр пшIэт Забруйнэм икуп зыкъызаутIэрэхъыжьджэ… Талъэныкъоджэ Пэшъукъ икупи щысджэ огугъа?.. Модэ пщыгъхэр зыщыгъэтэкъуи ягъэгыкIыжь, уипэгуамэ къыскIэон слъэкIытэп. Тэ щыI къыхэшъудзыгъэр?

– Паго пшкырэпти, фэкъолI кIалэмэ яттыжьыгъ.

– Шъо шъушкырэба?

– О умышкырэр тэ шъыд пае тшкын…

– Ара? – Къэнтатэ щхыпцIыгъэ.– КIо, нынэ, шъуIэхэри шъутхьакIыжьых, пэгуамэри зыпыжъугъэкIыжь. Сэ ар зыгорэу сщэчын, шъуян ары Iоф хэшъудзэтэр. Тэ щыI уяни, Сисури? Сяджэшъ, сызэхахрэп.

– Щагум дэт унэм исых. Цы апхы, аджы.

– Шъыд фэкъолI Iоф зыпылъхэр? – Къэнтатэ зэхихыгъэр шIогъэшIэгъонэу къэупчIагъ, етIанэ пщы кIалэр ыгъэщхыпцIэу къыухыжьыгъ: – АшIэтыр амышIэмэ, гъунджэм кIэрэрэтIысхьэхэри зарэгъэдах. Уянэ нахьи Сисур ары зытефэрэр… Модэ уянэ къысфедж, сикIал.

Къэнтатэ шъхьаныгъупчъэм иплъыгъ. БгырыпхыпIэм нэс зиупцIэныгъэу, тхы пцIанэм бжыхьэ тыгъэ шъабэр теджэгукIэу Сахьид-Джэрые зитхьакIэу щагум зыделъагъом, нэгу одым гушIопс фабэр рычъагъ, ыIофтагъэми джа дэдэр ышIэнэу иджанэ зыщехы. Мыхэри къэгъэхъух, си Алахь, гъэшIэ гупсэфкIэ дунаим тегъэтых, адыгэ лъэпкъым фэгъэшIушIэх…

Пчъэ макъэр къызэIум, Къэнтатэ ылъэгъугъэм фэкIэщыгъоу егыигъ:

– КъакIо, нысэ, къакIо. Непэрэзымафэм сызфэбгъэлIэжьыгъ.

– А гощэшху, непэрэзымэфэна,– мэкъэ шъабэкIэ Бычэ къыIуагъ,– сыхьат хъугъэми ары уадэжь сызикIыжьыгъэр.

– Сэрджэ сыхьатыри бэ… А нысэ, тхьэм пае, мо зэшитIур зэрэзэгугъужьырэм еплъ. ЯIэбакIэмэ, язэфыщытыкIэмэ гукIэгъур къазэрэхэщырэр. Адэ джары зын укъилъфыгъэ зыхъуджэ узэрэзэфыщытын фаер.

Бычэ зэхихыгъэри рагъэлъэгъугъэри зэригуапэр ынэгушъхьэ къэушэплъыгъэмэ къахэщэу, нэ шъэбэ гупсэфкIэ Къэнтатэ Iуплъагъ, Хъан-Джэрые ыгу къызэрэпылъэдагъэр ыушъэфэу, джыри зэ шъхьаныгъупчъэм иплъыжьыгъ. Ным игукIае къышIагъэу Къэнтати къыIуагъ:

– Адэ ары, нысэ, уигонахь къэсэхы, Хъан-Джэрые цIыкIур лIы тымышIы мыхъунэу тыфежьагъэу, сшIэрэп къытэхъулIэтэри, ари зыфэдэ тымышIапэрэ хэгъэгум итыдзагъ. Бытырбыф мыдэ щыIа, шъыдым ар Екатеринодар фигъэдэн? Зэттыгъэ цIыфхэри тигъунэгъу къэзэкъмэ афэд тэIо шъхьаджэ, хэт ышIэра къызэрэпэгъокIытхэр…

– Къытхыгъэмэ узэгуцэфэн гори арытэп, гощэшху.

– Арытэп,– Къэнтатэ къыпиупкIыгъ, етIанэ гуцэфэ шъэф зыхэлъ нэ чанхэмкIэ Бычэ къызэпиплъыхьэзэ, еупчIыгъ: – Къырагъэтхынджэ огугъа?.. А-ей-гущ, скIуачIэ къыхьынэу сшIагъэемэ, неущырэзымафэм тесыубытэни, Бытырбыф сыкIони…

– А гощэшху, Алахьэм ерэмыд,– Бычэ ымакъэ къыкIигъэщтэжьэу къыхэкуукIыгъ,– ар пшъхьэ къимыгъахь, ащ фэдэ гумэкIыгъуи щыIэп.

– Шъыд зыфыщымыIэр? – Къэнтатэ ыIэгушъо чIэгъ тыжьын бэщыр щимыгъэсысэу шъхьэр къыпхъотагъ, етIанэ мэкъэ шъэбэ гъэтIылъыгъэкIэ къыIуагъ: – Шъыд пачъыхьэнчъэ хэгъэгур гумэкI зыфыхэмытытэр? Зэхэпхыгъэба тигъунэгъу къэзэкъмэ ячIыгу гъунапкъэхэр дзэкIи IашэкIи агъэпытэ зэраIуагъэр?

– Адыгэ лъэпкъым цахь къыфамышlэуи?

– Хэтрэ хэгъэгуи чlыпlэ къин зифэджэ, къызэблэгъэзэблэгъэжь щыlэжьэп. Хэти ежь ышъхь, инамыс, ишъхьэфит ыпэ ригъэшъырэр. Хьасан-пашэри зымафэ Нэтыхъуае итыгъ аlуагъ. Урысыем зыгорэ къызэрихъуахьэу ахэми талъэныкъоджэ зыкъадзы... Зы куп, адыгэ-къэзэкъ мамырыр зимыгуапэмэ агу жьы дагъэкlыгъэджэ енэгуягъо.

– Зэо-банэр ыджыри къежьэжьмэ, гощэшху...– Бычэ къыригъэжьагъэр къымыухэу, нэмыз-lумызэу Къэнтатэ lуплъагъ, гощэшхом къыlощтыр ежьырыкlэ ухыгъахэу ежэ.

– Ар зэлъытыгъэр, нысэ,– заулэрэ Къэнтатэ щысыгъэу, мыгузажъоу джэуап къытыжьыгъ,– Урысые пачъыхьэм ычlыпlэ ихьатыр ары. Ащ зыкъызэрэтфишlытым елъытыгъэт, адыгэхэри къэзэкъхэри зэрэпсэутхэр.

– Хъан-Джэрые мощ нэс дгъэкlон фэягъэп...– Ным игумэкl къышlудэлъэтыгъ, етlанэ зыкъиушlэжьыгъ: – Мыхъун къэсlуагъэми сшlэрэп, гощэшху, къысфэгъэгъу.

– Пlуагъэ, нысэ! – Къэнтатэ ыlэхэр тыжьын бэщым тесысыхьагъэх, къемыплъэу, алырэгъум хэлъ lашэмэ ынэ атедыкъагъэу къыпидзэжьыгъ: – Уигумэхагъэ, нысэ, ори, тэри, Хъан-Джэрые гуджэ ыштэгъэ хэгъэгуми, зыхэкlыгъэ адыгэхэми ящыкlагъэп. Ар пlоу мыдрэ пщы кlалэхэми, щагудэтхэми зэхямыгъэх!..– Заулэрэ пкъы пытэ нэгу чъыlэкlэ Къэнтатэ щысыгъэу, гукlэгъу зыхэлъ макъэкlэ къыухыжьыгъ: – Адэ, тхьэ зэуагъэр лъфагъэ зэфаlорэр шъыпкъэ... Мыдэ, нысэ,– джы нахь мэкъэ чъыlэкlэ къыlуагъ,– сэ укъызкlязгъэщагъэр фэшъхьаф. Шъо, Сисурэрэ орырэ, цы шъопхы, шъоджы, Шъэуае къекlуахьышъ хэт. Зы Бэджэкъо лlыжъ горэ абдзахэ къыщыхигъэщыгъэшъ, Васюринскэм къыдэкlрэп.

– Шъэуае зыдэкlуагъэр абдзахэп, гощэшху.

– Сэшlэ, Хъан-Джэрые фэстхыгъэр къалэм езгъахыгъ. Шъыд икъэмыкlожьыкl ащ? Кlалэр ыlофти, лъыкlожьыгъ языгъэlуагъэри Шъэуае фэдэу къычlэкlын... А нысэ, Шъэуаерэ Сисурэрэ шъыд яморад, зи къахэlукlэу зэхэпхыгъэба?

– Ащ фэдэ къэбар щыlэп, гощэшху. Щыlэми уагъэшlэнэп ахэмэ.

– Бжыхьэр япlалъэу ары зэрэзэхэсхыгъагъэр... Бжыхьэри екlы, кlымафэри къэблагъэ. Тlэ зэтелъэу тыщысджэ шlуагъэ иlэп. Сисурэ тхьамыкlэм къыфэlошъурэп нахь, сэлъэгъуба сэ, зыгорэм егъэгумэкlы. Къэкlорэ тхьаумафэм къалэм шэкlхэми, шъхьэтехъохэми, чlэгъычlэлъхэми, цуакъэхэми шъуяплъ, фэпшlэтым ушъхьамыс, нысэ. Шъэуаий ыджар дэдэр фязгъэшlэт. Сэ неущ, неущмыкlэ къысэхъулlэтэр сшlэрэп, Султlанмэ ящагу сэри зэгорэм хъяр дэсэрэлъагъу, Хъан-Джэрые зэрахэмытыр ары сыгу къеорэр... Сисурэ зыгорэджэ къыоупчlымэ, зэрэсинысэтыри зэрэсипхъутыри сфеlу.

– Зы унагъо тисэу аlоу укlытэхэмэ, гощэшху?

– Шъыда, адыгэжьхэба?! lахьыл-блэгъэнчъэу чылэм тыдэса? Шъэуае шlоигъо дэдэм рерэщалl, тихэбзэ-бзыпхъэджэ тадэжь къядгъэщэжьын – ежьыри ныбджэгъумэ ащыщ горэм ерэкlолlэжь, инысэщэ-джэгу текlмэ, ари къытфащэжьын...– Къэнтатэ зыгорэ щагумкlэ къыщеджагъ пlонэу къэлапчъэмкlэ плъагъэ, шышlоlу лъапсэм къыщепсыхырэ къэзэкъ шыуитlумэ къыкlагъэщтагъ: – А нысэ, шъыд мо къэзэкъмэ зэрафэрэр?! Тхьэр къысауи, Шъэуае зыгорэ къехъулlагъэми сшlэрэп!

– Хьау, гощэшху, зы шыур Пантелей ары. Шъэуитlур ячъэлlагъ, Хьадж-Къэсэий апэгъокlыгъ.

– Ара? – Къэнтатэ ынэгу лъы къечъэжьыгъ: – Армэ lофэп, хьакlэщым ряжъугъащэх, lанэ афэшъушl, Шъэуаий икъэсыжьыгъу.

Сыхьатныкъо горэмкlэ Шъэуаий хьакlэмэ ауж къинагъэми ары. Пэгъочъыгъэ Адыл-Джэрые хьакlэщым исхэм ягугъу фишlыгъэми, ахэр зыдэщыlэхэмкlэ мыкlоу Къэнтатэ дэжь ихьагъ.

– Шъыдэу бэрэ укъэтыгъ, Шъэуай? – Къэнтатэ къыlугушlорэм емыгыин ылъэкlыгъэп.

– Синэlосэ къэзэкъмэ почтэм сащыlукlагъэти, тlэкlу тыгущыlагъ.

– Шъыд аlорэр къэзэкъмэ?

– Пачъыхьэ афэхъутым егъэгумэкlых.

– Тэ тызигъэгумэкlыджэ, шъыд ахэр зыкlэмыгумэкlытхэр... Пащэр lушымэ, уигъэрэхьатыт, цlыфмэ уахищэт, уакъыхищыжьыт. Пачъыхьэр хэгъэгум ышъхь. Ахэмэ зэраlоу дунаир мэхъу. Узыфэхыем уеухы, узгъэгумэкlырэр жэм дэкlырэп, етlанэ ахэмэ тарыгущыlэн. Модэ, сикlал, хьакlэхэм ахахь. Шъугущэlахэмэ, саlугъакl, тlэкlу садэгу-

щэӀэн, сынэ жьы кӀэзгъэун. А Шъэуай, а сикӀал,– унэм икӀыжьырэм Къэнтатэ лъыджагъ,– Хъан-Джэрые итхыгъэ къэкӀуагъэмэ укӀэупчӀагъэба?

– Тыгъуас Хъан-Джэрые итхыгъэ къызысыгъэр, непи къэкӀона?

– А сшӀэ гущэрэп...

Къэнтатэ игупшысэ-гумэкӀхэр джыри къышъхьарыожьыгъэх. Дэпкъ алырэгъу къолэнышхоу ятэжъ щегъэжьагъэу лӀакъом ыугъоигъэ Ӏэшэ хэшыпыкӀыгъэхэр зыхизыгъэм ынэ тыримыхыщтыгъэми, гукӀэ зынэмыс къыгъанэщтыгъэп. Тыдэ гукӀэ чъагъэми, къыздигъэзэжьыщтыгъэр нибжьи зыдэмыхьэгъэ Санкт-Петербург къэлэшхор ары. ИмынэӀосэ урамымэ арэкӀо, къызшӀуигъэшӀрэ унэ пчъэӀупэмэ аӀохьэ, тэмэтелъ зытелъ ныбжьыкӀэу ылъэгъурэм пэпчъ Хъан-Джэрые регъэхьащыры.

Хъунэп сищысыкӀэ, сызэкӀэкӀэн еӀошъ, Къэнтатэ къэтэджы, тыжьын бэщым зыримыгъэӀэтэу, джэхашъоми нимыгъэсэу, унэр мэкӀэ-макӀэу рекӀукӀы. Нысэм есӀуагъэр ышӀошъ хъугъэп шъхьакӀэ, зи езгъэӀонэп, Хъан-Джэрые дэжь сыкӀон. Сыд пае сизэкъон, пщы щагушхом къыздэкӀони къыдэкӀынба? Шъэуаий Хьадж-Къэсэий зыдесщэжьэных. Сисурэ сытегущыӀэжьрэп, ар симыгъусэу лъэбэкъу сыдзынэп. ОрэкӀымаф фаеми, фабэм нахьи чъыӀэр нахь къысэкӀу, дэгъоу зысфэпэн. Жъы сыхъугъэмэ гъэшӀэгъона, сянэ тхьамыкӀэр сэщ нахьи нахьыжьыгъ а зы илъэсым Къырым тӀо кӀо зэхъум, Алахьэм къыстырилъхьагъэр сынатӀэ, цӀыфыр къызыхъури зылӀэжьри зы мафэ. Дышъэ сомэ заулэ зыдатштэмэ, тищэн, тыкъыщэжьын. Ар сикӀэлэхъу цӀыкӀу фэсымышӀэмэ, сыд фэсшӀэжьынэу мы дунай хьафым къыщысфэт! СыфэкӀон, зэзгъэлъэгъун, сыкъыкӀэрысын, изабытхэми заӀузгъэкӀэн, иныбджэгъухэми сакъыхэплъэн, Хъан-Джэрые ошъогум къызэримызыгъэр, цӀыф къызэрэхэкӀыгъэр, адыгэмэ зэращыщыр агурызгъэӀон...

Гупшысэ чъэрмэ задишӀэу, Ӏэпкъ-лъэпкъхэри нахь пытэ къыщыхъоу Къэнтатэ джэхэшъогум щыкӀэкӀорыкӀы. Зэнэгуерэм, къыфэмыӀошъурэм ошӀэ-дэмышӀэу зелъэпаокӀэ, гукӀэ хэкуукӀы: «Нэмыплъ къыщырахэу, къыщаушъхьакӀоу, къыщагъэцӀыкӀоу яслъэгъулӀэмэ, хэт къысэлъэӀугъэми, пачъыхьакӀэу ашӀыщтыр арми, зыми ихьатыр фэслъэгъунэп, ыӀапэ къэсыубытыни, къахэсщыжьын!..»

ЛъэгуцымкӀэ макъэ къэӀугъ, къэзэкъ хьакӀэхэр къыфихьэхэу зелъэгъум, Къэнтатэ джэхашъом зэрэтетыгъэм тӀэкӀу зэкӀигъэплъагъэу, ыгъэпшъыгъэу итахътэ тетӀысхьажьыгъ, идэнэ шъхьэтехъо ыгъэтэрэзыжьи, итыжьын бэщышъхьи ыӀэгушъуитӀу тырилъхьажьыгъ.

Къэзэкъ хьакӀэхэр къызэрихьэу, тыжьын бэщ псыгъор зэригъэтӀылъэкӀызэ, Къэнтатэ къафэтэджыгъ, зэрафэкӀэщыгъор ымэкъэ шъабэ къыхэщэу, урысыбзэкӀэ ариӀуагъ:

– Шъукъеблагъ, тихьэкӀэ лъапӀэхэр, шъукъеблагъ, шъукъэтӀыс. Сыоплъышъ, Пантелей, ора сэӀо, сыдэу мы илъэсым зипчыгъ, сикӀал, Хъан-Джэрыерэ орырэ шъуилъэпэлъэгагъэкӀэ шъузэкӀэмыхьапэми, шъузэлэгъу. Ащи мыбжьыхьэ тӀэкӀу хэхъуагъэщтын... Моу къакӀо, Пантелей, си Хъан-Джэрые цӀыкӀу сыгу къэбгъэкӀыгъ, пшъхьашъо Ӏэ щысэгъаф...– Къэзэкъ шъаом ынэкӀушъо-шъхьашъо Ӏэ защефэ уж, Къэнтатэ тӀысыжьзэ, къэупчӀагъ: – Мы уигъусэ нахьыжъым, тихьакӀэ, сыд ыцӀэр, Пантелей? НэӀуасэ къысфэшӀ.

– Мыр, Канитат Асхад-Гиреевна, сянэ ышнахьыкӀ, Алексей Иванович.

– Сигуапэ, Алексей Иванович, укъызэрэтхэхьагъэр,– Къэнтати гущыӀапэр ыштагъ,– сыд шъуалъэныкъо щыкъэбар?

Къэзэкъ сырыф пкъышхор ыпэкӀэ-жакӀэмэ къахэгушӀукӀзэ, тхьагъэпцӀыгъэ тӀэкӀуи ынэ шхъонтӀэ гупсэфмэ къакӀихэу Къэнтатэ къыӀуплъагъ.

– Къэбарыр бэ, ау зэкӀэмэ анахь къэбарышӀур, гъэрекӀо фэмыдэу мыгъэ мамыр.

– Ар дэгъу, къэбарышӀу, Алексей Иванович,– Къэнтатэ ыӀуагъ, щымыӀэжь пачъыхьэм ымыгъэгумэкӀхэмэ сшӀэрэп гукӀэ ыӀуи, кӀэупчӀэ шӀоигъуагъ шъхьакӀэ, хьакӀэм къыригъэухыгъэп:

– Тэ шъуадэжь тыкъызфагъэкӀуагъэр, Канитат Асхад-Гиреевна...

– Зэ, зэ, Алексей Иванович,– Къэнтатэ гущыӀэр хьакӀэм ӀэкӀихыгъ,– шъукъызфагъэкӀуагъэр мыгузэжъогъумэ, ащи тынэсын, аущтэу тызэдэпсынкӀэныр тишэн-хабзэмэ къякӀурэп. Тэрэзба, Пантелей? О ахэмэ тӀэкӀу уащыгъуаз.

– Ары, тэрэз,– ащ ежэу щысыгъ пIонэу Пантелей псынкIэу адыгабзэкIэ Къэнтатэ дыригъэштагъ, янэшми Iугушlозэ, къыIуагъэр урысыбзэкIэ фызэридзэкIыжьыгъ.

– Арэу шъоIомэ,– Къэнтати щхыпцIыгъэ, къэбарым щыгъозэ Шъэуаий IугушIукIыгъ,– сышъоупчIыфэ шъущыс, мафэ къэс шъукъытфакIорэп, тыжъугъэгущыI. Сыд етIанэ, шъукъызхэкIыгъэхэр псаухэба, узынчъэхэба?

– Сиблэгъэ Паденкэхэр армэ укъызкIэупчIэрэр, Канитат Асхад-Гиреевна, ахэри псаух, узынчъэх. Яхэтэ-губгъо Iофхэри аухыгъ, ячIыгуи ажъогъах, ябылымымэ афикъущт Iусыри зэрагъэуIугъэ, якIымэфэ гъэстыныпхъи хьазыр.

– КъызэрэпIорэмкIэ, Алексей Иванович, тимэкъумэщышIэмэ афэдэу ахэри лэжьагъэх, зэупхъужьыгъэх. Ари дэгъу, яхьалэл.

– ЧIыгум пIэ хэлъмэ, адыг, къэзэкъ фэIуагъэп, узэрешIушIэу къыошIушIэжьыщт.

– Адэ ары...– Къэнтатэ ынэхэр джыри нахь къэфэбагъэх, мыщ къыIуагъэм шъуегупшыс къыригъэкIэу зэпыугъо тIэкIу тыригъашIи, игуапэу еупчIыгъ: – О укъызхэкIыгъэхэр, Алексей Иванович, псаухэба, узынчъэхэба?

– Ахэри хъущтых. Псаух, узынчъэх, мапIох, мэлажьэх.

– ШIу зыгу илъ пстэуми Алахьым ынэшIу ащегъаф, Алексей Иванович,– зыгъапэщтыгъэри Къэнтатэ щыгъупшагъэп,– пачъыхьэ хъущтымкIэ сыд шъуалъэныкъо щаIорэр?

– Лъытэныгъэ зыфэсшIрэ Канитат Асхад-Гиреевна, пачъыхьэр зэрэщымыIэжьыр тыгу къео... Ащ ычIыпIэ рагъэхьащтыр Николай аIоу зэхэтхыгъэшъ, зызэригъэпсыщтым къэзэкъхэр егъапэх.

– Тэри ащ тегъэгумэкIы,– джы нэс зи къэзымыIощтыгъэ Шъэуаий къыIуагъ.

– ЗэрэхъурэмкIэ, шъори, тэри тызэфэд, хъурэм теплъын, – Къэнтатэ кIэух къыфишIыжьыгъ, зэпыугъо макIэ фишIи, щхыпцIзэ, хьакIэм еупчIыгъ: – Джы сыд шъуигухэлъэу, Алексей Иванович, шъукъытфэкIуагъ, сыкъэдаIо,– тхьагъэпцIышъокIэ, зигугъу къашIыщтым хэшIыкI фыриIэ фэдэу, гые тIэкIуи хэлъэу къыухыжьыгъ: – Ар Шъэуае ешъуIогъахэу къычIэкIын.

Пантелей укIытэр къытекIоу ышъхьэ риуфэхыгъ.

– ЕтIуагъ, Канитат Асхад-Гиреевна. Ау джэуапыр уадэжьэу ыIуагъ. Мы сипхъорэлъфым къэкIорэ шэмбэтым инысэщэщт. Шъуетэгъэблагъэ. Абдзахи макъэ дгъэIугъэ, тикъонакъ Умардхэри къытфэкIощтых.

– Гу зэфэзышIыгъэхэм ягухэлъ дахэ тхьэм къадегъэхъу, хъяр шъыпкъэ афешI, сыжъугъэгушIуагъ.– Къэнтатэ гушIопс нэгукIэ укIытэу зышъхьэ езыуфэхыгъэ Пантелей фыреплъэкIыгъ, Шъэуае риIокIрэм фэдэу къэупчIагъ: – Хэта нысэкIэ шъунаIэ зытешъудзагъэр?

– Иван Федорович Качурэр ошIэмэ, ащ ыпхъу, Анфис ары. Iэдэб зыхэлъ пшъашъ, унэгъо дэгъу щапIугъ, щалэжьыгъ, тыгу еIу, къытхахьэмэ, тщыщ хъунэу тэгугъэ.

Нысэщэ къэбарыр Шъэуае имыщыпэзэхэхыгъэми, Анфисэ инасып къызэрэкIорэр модырэ хьакIэщым къызыщыраIом зэрэхъугъагъэу, джыри ыгу къыпиIонтIыкIыгъ, ау къызхигъэщыгъэп.

– Иван Федоровичыр сымышIэ хъуна,– зигугъу къашIыгъэ къэзэкъым фишIырэ лъытэныгъэ-шъхьэкIафэр Къэнтатэ ымакъэ къыхэщыгъ,– лIы шIагъу, лIы Iуш, анахь унэгъо дэгъоу сшIэрэмэ ащыщ. ШъуихъяIр сыхэтыгъэмэ дэгъугъэ, Iэджи къыщыслъэгъущтыгъэ, ау сызинысагъэмэ сафэшъыгъошъ, сыкъышъухэхьашъущтэп. Шъэуаедыхэр къышъуфэзгъэкIоных. СазэрэфэгушIорэр Пантелей ятэ Савелий Петровичми, Иван Федоровичми, яшъхьагъусэхэми, нэмыкI шъуиIахьылхэми сфяшъуIожь, унэгъо насыпышIо-лъэчIашIо хъунхэу ныбжьыкIитIумэ сафэлъаIо.

ХьакIэхэр ыгъэкIотэжьи Шъэуае къызегъэзэжьым, Къэнтатэ заулэрэ щысыгъэу зыми фэмыгъэхьыгъэ фэдэу къыупсэлъыгъ.

– Тэтыехэр ары нахь, ахэмэ янасып ныбжьыкIэзэ къызфахьыжьы... Адэ шъукIон, Шъэуай, шъуахэхьан, Къаймэти Хьадж-Къэсэий зигъэгъусэх. Тэ, бзылъфыгъэхэмджэ, Сисурэ зижъугъэгъусэмэ хъун, шъутеукIытахьынэп!.. IэнэкIэу шъуахэхьэкъон, ащ фэдэджэ къэзэкъмэ зи къызытырагъанэрэп, мэл заули ныбгъэшъу гори зыдэшъущэн, джэнэпхъэ-шъхьэтехъо дэгъухэри, бзылъфыгъэм ищыкIэгъэщт цIыкIу-шъокIухэри Сисурэ едгъэхьын...

### III

Урысыем ипачъыхьэ ихьади учъыIыжьыгъо ифэгъагъэп, ыпсэ джыри гъогу тетыгъ, хэгъэгури, Апэрэ Николай

пачъыхьакӀэри зыгъэтӀыгурыгугъэ хъугъэ-шӀагъэр Санкт-Петербург къызыдэтаджэм. Сенат пчэгум, декабрэм и 14-м, 1825-рэ илъэсым, пачъыхьагъум пэшӀуекӀорэ дзэмэ ащыщхэм зыкъыщаӀэтыгъ.

«А мафэр зым ихьадагъ, адырэм инысащ» зыфаӀорэм Хъан-Джэрыекӏи, ишъэогъу-ныбджэгъухэмкӏи, Петербург къэлэдэсхэмкӏи фэдагъ. Ау лӀэгъэкӀэ пачъыхьэр ащызгъэгъупшэжьрэ мафэр кадет адыгэ шъаомкӀэ адрэ блэкӀыгъэ пстэухэми афэдагъэп, ар къызыщысыщт уахътэм, сыхьатым, такъикъ пчъагъэу къэнэжьыгъэм пчэдыжь нэс ежэщтыгъэ. Изэкъуагъэп, пачъыхьагъур афэзымыштэгъэ Константин ыуж къэкӀорэ Николай пачъыхьэ тахътэр зыщыфагъэшъошэщт мафэм кадет ныбжьыкӀэмэ ацӀэкӀэ хэлэжьэщт нэбгырэ заулэмэ ахэтынхэу ежьыри Капустенкэ Игнати паплъэщтыгъ.

КӀымэфэ пчэдыжьым ынэ къызэкӀихын ригъэжьэгъагъ зэшъэогъу-зэчӀыгогъу кадетитӀур къызэущыжьым.

— Очъыя, Хъан-Джэрый? — Игнат къэупчӀагъ.

— Хьау сычъыерэп.

— Сыда?

— Узымыгъэчъыерэм сэри сигъэчъыерэп. Тэтэджыжьа?

— Джыри тӀэкӀу тыщыгъэлъ, одыджыныр къытеофэ.— Игнат къэлъэӀуагъ, тхьэгъэпцӀышъокӀэ къыпигъэхъожьыгъ: — Тиадыгэ-къэзэкъ шъуашэмэ тхьэшъуегъэпсэу ятэгъаӀу.

Хъан-Джэрые щхыпцӀыгъэ нахь, шъэогъум джэуап ритыжьыгъэп.

— Адэ зи къапӀорэпи, Хъан-Джэрый? — Игнат фэщыӀагъэп.

— Тэ, адыгэмэ,— Хъан-Джэрые сэмэркъэу фэдэу риӀожьыгъ,— тхьэшъуегъэпсэу къытэшъуӀон фае нахь, сыд уикъэзэкъ шъуашэ ущытхъунэу... Шъорба тишъуашэ зыщызылъагъэр?

— Тэры,— Игнати зэригъэжагъэп,— ау тэтие гори хэтлъхьагъ, дгъэкӀэрэкӀагъэ.

— ПэӀо шыгум плъыжь зэришъудагъэр, гъончэджыбгъумэ кусэ плъыжь зэрадэшъудагъэр ара?

— Ари икъунба? — Хьарамыгъэ хэмылъэу Игнат къэупчӀагъ.

— Екъу, екъу, ащ нахьыбэ шъухэмыӀэзыхьажьыри тезэгъы,— Хъан-Джэрыий еуцолӀагъ.— Сыд шъуашэхэмкӀэ къапӀо пшӀоигъуагъэр?



— Дэгъоу тызэреджэрэм, Ӏэдэб зэрэтхэлъым изакъоп, Хъан-Джэрый, тишъуашэмэ ядэхагъэ ихьатыр тыкъызыфыхахыгъэр сэӀошъ ары.

— Бобров штабс-капитаныр ара къыозыӀуагъэр? Револьд Олеговичым сэри тыгъуасэ къысфидзыгъагъ...

Кадет корпусым тыкъызчӀэхьагъэм щегъэжьагъэу, Капустенкэ Игнат ыгу къеоу зэупчӀыжьыгъ, сыда Бобров штабс-капитаным Хъан-Джэрые ыгу зыфытемыфэрэр? Шарипов Ануар къумыкъу кӀалэр еджэнымкӀэ ӀупкӀэп шъхьакӀэ, ар Хъан-Джэрые епӀолӀэн плъэкӀынэп, сыд фэдэкӀи зи къызытыригъанэрэп, къыддеджэрэмэ апэ ит. Хъан-Джэрые изакъоп, зэкӀэ тимылъэпкъэгъухэм яцэлашхэ... «Сыд мо цӀыф Ӏэлхэр пыщэгъу зыфэпшӀыгъэхэр» ыӀуи, сэри зымафэ тизакъо зэхъум къысиӀогъагъ. Зыфэсэмыдэм, мыхъун горэ есӀуагъэм фэдэу, нэ ӀаекӀэ къысэплъи, скӀэрыкӀыжьыгъ. Сыда Бобровыр имылъэпкъэгъумэ аущтэу зыкӀафыщытыр?

Шъэогъумэ азфагу зэпыугъо тӀэкӀу къызыщыдэфагъэм Хъан-Джэрые игупшысэ Петербург къыдэтэджэрэ мэфакӀэм хэтыгъ. Сыд фэдэщта ар ыӀоу кӀэмыупчӀэщтыгъэми, зытемыплъэзэ лӀагъэмрэ непэ ылъэгъущт пачъыхьэмрэ иакъыл къызэрихьэу зэпигъэуцущтыгъэх. Апэрэ Александрэм адыгэхэмкӀэ ышӀэщтыр ышӀэгъах, генерал нэӀуагъэхэр тырищыгъэх, нэмыкӀхэр дзэм хигъэкӀыжьыгъэх. Нахьыжьым ышӀагъэр, зэшыхэба, зы унэгъо кӀоцӀ къикӀыгъэхэба, нахьыкӀэм риутыжьына? Ары шъхьакӀэ, нанэ зэриӀоу, хэти ежь иакъылкӀэ дунаим тет... УзегупшысэкӀэ, гъэшӀэгъонба ари, Урысыем пачъыхьэ фэхъущтым джыри щэкӀ ыныбжьэп, сэщ нахьи илъэсибгъу-пшы горэмкӀэ нахьыжъ, Бобров штабс-капитаным илэгъу пӀоми хъущт.

— Анахь шӀэхэу къэтэджырэр! — Хъан-Джэрые чыхӀэныр зытыридзи, къызщылъэтыгъ, чӀэгъычӀэлъ пӀонэкӀэу заулэрэ джэхэшъогум лъэпэчӀасэ къыщешӀагъ, Капустенкэ Игнати шъэогъум ыуж зыкъыримыгъанэу къыдэшъуагъ. ТӀэкӀу зэбыяужьхэм, Хъан-Джэрые зифэпэжьзэ, къыӀуагъ: — Бобровым земыгъэгъап, Игнат. Ащ Ӏаджи ыӀощт, ары пэпчъ тыпыбэнэжьмэ, икъэцпанэмэ тыкъауӀэщт. Нанэ «чэтым нахьи чэтыжъыер нахь Ӏуш» ренэу еӀо. Ащ къыригъэкӀрэр оша?

– НахьыкIэхэри делэхэп, мыIушхэмэ.– Игнат къыIуагъ, къыпигъэхъожьыгъ: – Ащ нэмыкI гущыIэжъ гори уянэжъ къыIуагъэу сыгу исыубытагъ: «Чылэ делэ хъурэп, купыр делэ закIэп».

– Тэрэз! Аущтэу оIомэ, Бобров штабс-капитаныр Iогъу-шIэгъу тшIырэп, зыкъедгъэшIырэп, ыгу къытфилъри къэлъэгъощт. Тэ мыщ тыкъэзыщэгъэ урысые пачъыхьэм ышнахьыкIэ пачъыхьагъур раты, тыфэшъыпкъэщт. Дзэм тыкъыхахьэ зэхъум, тIогъэ гущыIэмэ татекIыщтэп, егъашIэм тафэшъыпкъэщт.

– Тафэшъыпкъэщт! – Игнати Хъан-Джэрые дыригъэштагъ, джа гупшысэм ащ нахьрэ темыгущыIэжьынхэу, кIэух фишIырэм фэдэу къыIуагъ: – Непэ чъыIэ хъущт, шъхьаныгъупчъэ апчыхэр къызэкIигъэщтыхьагъэх. Модэ еплъэлъ, Хъан-Джэрый, коцышъхьэхэри чъыгыхэри къытыришIыхьагъэх. Гъэбэжъу хъунэу фэIуагъ ащ! Шъыпкъэ, илъэсыкIэ чэщым апчым къытыришIыхьэрэ тхыпхъ ар язгъэаIорэр.– Игнат къыIуагъэр къыгъэтэрэзыжьыгъ, ау тIэкIу тешIагъэу кIэгупшысыхьажьи, къыпигъэхъожьыгъ: – Непэ, декабрэм и 14-м 1826-рэ илъэсыр къихьанкIэ мэфэ пшIыкIух къэнэжьыгъ, кIымафэм ыуж гъатхэр къэкIощт, гъатхэм ыуж гъэмафэр къылъыкIощт...

– Укъезэщыгъа, Игнат? – Гугъуемылэу Хъан-Джэрые къэупчIагъ, ятэ итыжьын сыхьат зэдигъэпкIи, уахътэр зынэсыгъэм еплъыгъ, иупчIэ пымылъыжьэу зыгъэгумэкIырэр къыIуагъ: – Сыхьатыр блы нахь хъугъэп... Ерагъэу, фэмыфэу, фэгуитIоу кIымэфэ пчэдыжьым зыкъызэкIехы. ТалъэныкъокIэ джы тыгъэр ошъочапэм, мэз шъхьапэмэ, къушъхьэ къуапэмэ къакъоплъыгъах, мы лъэныкъом ащ фэдэ гухэлъи щыIэп. ТалъэныкъокIэ ос къесыгъ шъуIуа? ЩычъыIа – щыфаба? Пшызэ щтыгъа – мыщтыгъа?

– Сыд о джы къыохъулIагъэр? – Игнат щхыпцIыгъэ.– ТалъэныкъокIэ зыбдзыжьыгъап. Пшызэ изытет сшIэрэп, ау Нева псыхъо зэрэзэкIэщтыхьагъэм ущыгъуаз.

– Пшызэ мыщтыгъагъэмэ, адыгэхэмкIи къэзэкъхэмкIи нахьышIугъ сэIошъ ары...– Хъан-Джэрые хэщэтыкIыгъ, итыжьын сыхьат ыIэмычIэ зэрэчIэлъэу зыкъиишIэжьи, джыри зэ уахътэр зэрэхъугъэм еплъыжьыгъ, Хъан-Джэрые къыIуагъэр зэхимых фэдэу Игнат игупшыси чыжьагъэ.



Бобров штабс-капитаныр забыт зещэ непэ къазэрэфэхъугъэр Хъан-Джэрые шIогъэшIэгъон, къызхимыгъэщми, къэзгъэчэфынчъагъэмэ ари ащыщ. Непэ фэдэу шъошэ зэтегъэпсыхьагъэкIэ фэпагъэу, ынэгуи гумэкIыр кIизэу, загъори хэплъызыкIэу, шъэбэгъэ тIэкIуи къыхафэу Бобровыр, Револьд Олеговичыр, апэрэу кадетмэ алъэгъу.

– Сыдэу непэ Ревэ гъэкIэрэкIагъэ...– Нева урамым зыщытехьащтхэм, Хъан-Джэрые къыгот кIалэм еIушъэшъагъ, Сенат гупчэмкIэ кIорэ дзэ уIэшыгъэхэри инэплъэгъу къыкIэуцуагъ, зыфихьын ымышIэу ыгуи къэбырсырыгъ, заулэрэ кIуагъэхэу урамыр зэпызгъэIыкIыгъэ дзэкIолI лъэс-шыу уIэшыгъэмэ къагъэуцугъэх.

– Кадетхэр тыдэ пщэхэра? – Шыу забыт нахьыжъыр Бобровым къеупчIыгъ.

– Пачъыхьэгъур зыщаштэщт чIыпIэм сэщэх.

– Пачъыхьэгъуштэ щыIэщтэп. Дзэм зыкъиIэтыгъ, пачъыхьэм фаехэп.

«Зэ зыкъиIэтыгъэмэ ары!» – Бобровыр гукIэ къыхэкуукIыгъ.

– Кадет ныбжьыкIэхэр щэжьых.– Шыу нахьыжъым унашъо Бобровым къыфишIыгъ, ардэдэми къыпигъэхъожьыгъ: – ПшъхьэкIэ укъыдгоуцощтмэ, Сенат пчэгум кIо.

– Сыкъыжъугоуцо! – Бобровым зэригъэжагъэхэп, етIанэ кадетмэ къариIуагъ: – Шъо мыщ щышъушIэн щыIэп, джыри шъуныбжьыкI, шъукIожь. Капустенкэмрэ Хъан-Джэрыерэ нахьыжъ къышъуфэсэшIы.

Урысые пачъыхьэм фэгъэхьыгъэ къэбарыр гуих-псэихэу Хъан-Джэрые къылъыIэсыгъ, зыгорэ къыIо шIоигъоу шъхьэ бгъузэр ыгъэсысыгъ, кадетхэр пчэгум къизынэгъэ Бобровэу ынэгу кIэкIотырэм кIэлъыплъэзэ, ыгу къыпыузыкIыгъ. Игнат къызеджэм, зыкъиш1эжьыгъ ныIэп, зигъусагъэмэ анахьыбэри зыкъэзыIэтыгъэ дзэм ишыумэ къызщагъэуцугъэ чIыпIэм щытыжьэп. Нахьыжъ зыфашIыгъэ кадетмэ ащыщэу, ежь зэрахэтэу, нэбгыритф къэнэжьыгъэр – Къудайнэт Андзор, Капустенкэ Игнат, Абдулаев Шарип, Даур Къэлэубат.

– Игнат,– нахьыжъыгъэр къызэрэфагъэшъошагъэр Хъан-Джэрые зыщимыгъэгъупшэу упчIагъэ,– тигъусэхэр тэ хъугъэх? Бобровым ыуж ихьагъэха?

– Хьау,– Игнати джэуап къытыжьыгъ,– муары, Апэрэ Петр исаугъэт зыдэщытымкIэ мачъэх.

– Тэри а лъэныкъомкIэ тыжъугъакIу,– Абдулаев Шарип къыIуагъ,– къэхъурэм теплъыщт.

– Шарип! – Хъан-Джэрые хэкуукIыгъ, етIанэ зыкъишIэжьи, нахь шъэбэ-гыекIэ къыуухыжьыгъ: – Тыда уздэкIощтыр? Пачъыхьэм фэмыехэр сыдкIэ уищыкIагъэх...

– НекIо, Шарип,– Къудайнэт Андзор джы зыкъигъэлъэгъуагъ,– фэмыер къэрэмыкIу, зыкъэзыIэтыгъэмэ тяплъыкIэ къытфэшIу пачъыхьэм тыфэмыеу къикIрэп...– КъызэплъэкIыжьи, къыпигъэхъожьыгъ: – НекIо, шъущымыт, тIэкIу тахэплъэни, тыкIожьыщт.

– Тиштабс-капитан ащ фэдэу къычIэкIын Iоу сшIагъэп,– Хъан-Джэрые игъусэмэ зэхаригъэхэу гъумтIымызэ, къяджагъэм ыуж ихьагъ.– Пачъыхьэм фишIыгъэ Iуагъэр ыукъуагъ... НекIо, ар шъоIомэ, тахэплъэн дгъэзэжьын... Кадет корпусым ипащи къытэхъулIагъэр ымышIэу гумэкIын.

– Зыкъэзыгъэтыгъэ дзэм ари гомыхьагъэкIэ огугъа? – апэ итмэ алъычъэхэзэ, Даур Къэлэубат къэупчIагъ.– Плъэгъурэба, зэкIэ дзэм зыкъиIэтыгъ!

– Мыхэмэ анэмыкIи пачъыхьэм дзэ иI...– Капустенкэ Игнат зэхихыгъэр ыдагъэп.

– Имыгъэ хъуна!..– Хъан-Джэрыий игуапэу шъэогъум дыригъэштагъ.– Талъэныкъо щыIэм изакъоми!..

Пачъыхьэм фаехэп, Хъан-Джэрые чъэзэ, игупшысэгумэкIи дэбыбы, сыд етIанэ дзэм игухэлъ?.. Хэт ащ ычIыпIэ тырагъэхьащт?.. ЗэрэхъурэмкIэ, тэри дзэм тыхэт, пачъыхьэм ебэнрэмэ тащыщ... Сыдэущтэу ар хъущт, кадетхэр пачъыхьэм ицIыфых. Ащ тыфэшъыпкъэу, ипачъыхьагъу дгъэпытэнэу тырагъаджэ, тыфапIу, зэрэхэгъэгоу ыцIэ рапхы. Тхьэм илIыкIоу къыдгурагъаIо... Ары шъхьакIэ, а тезгъэджэрэ забытмэ Бобров штабс-капитаныр ащыщба? Игугъу зэ закъуи IаекIэ зэхытигъэхыгъэп, гущыIитIу къыIо къэс, ящэнэрэр пачъыхьэм фэгъэхьыгъ. Непэ Бобровым ышIагъэр лIыгъэп, пачъыхьэм ипыймэ загуидзагъ... Зэ, зэ, пачъыхьэр тырагъэкIмэ, тэ сыд къытапэсыщт? Бобровым фэдэмэ талъэгъу хъурэп, апэ тэ къытэбэныщтых... Ермоловыр, Алексей Петровичыр, мы лъэныкъом щыIагъэмэ, сеупчIыжьыни, Власов инэралыр хъущтэп, къызытхахьэкIэ, симылъэгъу фэдэ зишIыщтыгъ. Матвеев къэзэкъ атаманыр, Григорий Кондратьевичыр ары лIы дэгъур, ау ар тыдэ мыщ къыщисхын... Зыдэжь сыкIощтыр сэшIэ! Мыщ сыкъежьэным ыпэкIэ нани къысиIогъагъ, зымафэ къысфитхыгъэми итыгъ, Рафаил Августиновичыр, де-Скаси ары, ащ нахь дэгъу згъотынэп...

Петр исаугъэт ихьанэ-гъунэ уIухьан плъэкIынэу щытыгъэп – ащ дэжьи, Сенат пчэгуми, гъунэгъу урамхэми зыкъэзыIэтыгъэ дзэр ащызэхэт. Ахэмэ бгъуитIукIэ нахь пэчыжьаIохэу цIыф зыплъыхьакIохэр аIутэкъуагъэх. ТыдэкIи нэплъэгъум кIэтыр пэIо закI. Шъхьэтехъо зытехъуагъэхэри къэмылъагъохэу арэп, ау, мэкIэ дэдэх.

– Мы лIитIумэ аIорэм, Игнат, тегъэдэIу,– Хъан-Джэрые къызэтеуцуагъ.

ЛIы лэпэлъагэм нахь лIы ныбэшъу кIакор егъэдаIо:

– Мо дзэ зэготитIур олъэгъуа? ЫпшъэкIэ Московскэ лейб-гвардие дзэр щыт, ахэмэ акIахэкIэ Гренадерскэ дзэр къэлъагъо. Муары, Гвардейскэ хыдзэри хьазырыпс, Петр исаугъэт кIыбыкIи дзэ зэхэпхъагъэхэр щызэхэтых.

– Ащыгъум пачъыхьэм фэшъыпкъэ дзэ къыфэнэжьыгъэпщтын...– Ыгу къеоми къемыоми умышIэнэу лIы кIаком къеIо.

– Плъэгъурэба пчэгум ыпшъэкIэ къапигъэуцугъэ дзэ купыр? Джыри ащ нахьыбэ модырэ урамымкIэ къыкъокIы, нэмыкI чIыпIэми къарещэу аIуагъ.

– Къяона?

– Зызэрагъэхъыягъэм лъыпытэу къяощт. Хэти ипачъыхьагъу къыуитыщтэп.

– Зыкъэзыгъэтыгъэмэ ядао десэгъаштэ,– лIы кIаком лъэпэпцIый зыригъэшIэ къыIуагъ,– икъунба баймэ лэжьэкIо тхьамыкIэхэр зэрагъэпщылIыгъэр...

Хъан-Джэрые зэхихыгъэр Сенат пчэгумкIэ къиIукIыгъэ омакъэмрэ ащ къыгъэтэджыгъэ бырсыр макъэмрэ щагъэгъупшагъ. ЗэдэгущыIэщтыгъэ лIитIур, чIыр зэгози дэфагъэх пIонэу, щытыжьыгъэхэп. Ардэдэм Санкт-Петербург игенерал-губернатор Милорадовичыр ауIагъ, аукIыгъ аIоу къалъыIэсыгъ, ащ ыуж топ омакъэхэмрэ цIыф зэрэгъэкуо макъэхэмрэ Сенат пчэгум къизэрэгъэтэджагъэх. Хъан-Джэрыерэ Игнатрэ цIыф зэрэгъэжъотырэмэ къахэчъыжьхи, ягъусагъэхэми апымылъыжьхэу, кадет корпусым къэчъэжьыгъэх.

Мэфэ хьылъэ чъыІэр зынэгу кІэкІыгъэ кадет кІэлитІур унэм ифэжьхи, зэгъолъыжьхэм, Хъан-Джэрые къыІуагъ:

– Сенат пчэгум раукІыхьагъэхэми Нева мылым чІырагъэхьагъэхэми, Игнат, о сшІэрэп, сэ ащ фэдизэу сыгу афэузырэп.

Игнат зи къыІожьыгъэп.

– Адэ, Игнат, зыуудэгугъи,– Хъан-Джэрые фэщыІагъэп,– очъыя?

– Сычъыерэп... Фэхыгъэмэ жъалымагъэкІэ уатемыгущыІэмэ нахьышІу, Хъан-Джэрый. Гунахь ар...

– Зэхэпхыгъэба Бобровым икуп зыфэягъэр! – Хъан-Джэрые шъхьантэм шъхьэр къытырипхъоти, къэтІысыгъ.– Ежьхэр жъалымхэп ара!.. Тэ тичІыгухэр ттырахынышъ, чІыгунчъэ мэкъу-мэщышІэмэ аратыщт, шъхьэфит ашІыжьыщтых ара?! Сыд, Игнатк, узыфэщхырэр?

– Тэ тиунагъокІэ ттырахын чІыгу тиІэпышъ ары... ДысэтынитІу ныІэп длэжьырэр...

– АщкІэ сыд къапІо пшІоигъор?

– Зытетыр къэсэІо нахь, зыми гухьагужъыгъэ фысиІэп. Зыгорэм ичІыгуи, тятэ иІуагъэу, тенэцІырэп. НэмыкІэу уеплъын хъумэ, къэзэкъмэ зэраІоу, хэгъэгум ичІыгу зичІыгур тэры.

– Пачъыхьэм зэрэфэмыягъэхэр? – Хъан-Джэрые уцущтыгъэп.– Пачъыхьагъур тырадзын зэряхьисапыгъэр?.. УшъыякІо афэхъугъэ Милорадовичыр аукІыгъи!..

– АщкІэ сыуигъус, къыбдесэгъаштэ. Пачъыхьэ уимыІэу сыдэущтэу ухэгъэгущта?

– Адэ ары, Игнат. Пачъыхьэ зимыІэр хэгъэгоп...– Адыгэмэ пачъыхьэ зэрямыІэр ыгу къэкІыжьи, укІытэжьыгъэу Хъан-Джэрые ыІуагъ: – Типачъыхьэ тызэрэфэшъыпкъэн фаер непэ къызгурыІуагъ...– Адыгэ шъолъырымкІэ гукІэ зидзыжьэу, хэхьапщыкІыгъ, етІанэ шъэогъум зэхыригъэхэу ежь-ежьырэу зэриІожьыгъ: – Тибынмэ зэхахмэ, къэгумэкІыщтых, неущ блэмыкІэу макъэ язгъэІун.

## IV

Адыгэ шъолъырымрэ Пшызэ къэзэкъ лъэныкъомрэ азфагу дэлъыгъэ мамырыр, бгъуитІумкІи гумэкІыгъуагъэ нахь мышІэми, джырэкІэ зыми ыукъощтыгъэп. ТыдэкІи ар зэщызгъэкъон ушъхьагъу зэкІагъэми, урысыем ипачъыхьэкІэ Апэрэ Николай пэублэ лъэбэкъу Санкт-Петербург и Сенат пчэгу щызэрихьагъэм, ащ къыкІэлъыкІощтым хэгъэгум щызэтыриІажэщтыгъэхэри мэкІагъэп.

Зэмыжагъэхэ зэбэн-зэрэукІэу Урысые кІоцІым къихъухьагъэр зигопагъэмэ Осмэн Тыркуер зэу ащыщыгъ. Ащи изэкъуагъэп, Кавказ къушъхьэкІыб хэгъэгухэм, Каспиехым защызгъэпытэрэ Урысыем пэшІуекІорэ Іофыгъохэр инджылызым, ащ игъусэ хэгъэгухэм зэрахьэщтыгъэ. 1812–1813-рэ илъэсхэм, Наполеон Урысыем къытеоным ыпэкІи, къезао зэхъуми Персиемрэ Тыркуемрэ чэзыу-чэзыоу урысыдзэр зэратекІогъагъэр джы къызнэсыгъэм ахэр езэгъыщтыгъэхэп, ежьхэм зэраІощтыгъэу, «къаушъхьакІугъэ хэгъэгуитІур» урысмэ зэрафагъэблыщтым, зэрэрагъэзэощтым нэмыкІрэ Іоф яІагъэп.

Урысыеми, ащ пачъыхьакІэ фэхъугъэми аІэ зэтелъэу щысыгъэхэп. Кавказым икъокІыпІэ лъэныкъо къыщытэджрэ Іофыгъо зэфэшъхьафхэм Темыр Кавказыр зэряпхыгъэр, ащ мэхьанэу иІэр къагурыІощтыгъэ. ЛІэшІэгъу плІанэкІэ узэкІэІэбэжьмэ, фаеу къагохьэгъэгъэ Грузием икъэухъумэн, а лъэныкъом зыщигъэпытэным, зыщигъэгупсэфыным пае джырэкІэ имыегъэ Темыр Кавказыр ианахь пэрыохъумэ ащыщыгъ. Дон псыхъо къызэрикІэу апэ зэутэкІынэу къыпэуцужьынэу иІагъэр зыщымыгъозэ Адыгэ шъолъырэу хы ШІуцІэм къыщежьэу Щэщэн-Дагъыстаным ичІыгу гъунапкъэмэ яолІэжьыщтыгъэр ары.

Темыр хэгъэгум къыщыхъугъэ пачъыхьэ зэблъэхъум, ащ иапэрэ лъыгъэчъэ лъэбэкъу гъэрекІо адыгэмэ Іоф хадзэгъэгъэ Хьасан-пашэм ышъхьэ къырагъэІэтыжьыгъ, Кавказым икъокІыпІэ лъэныкъокІэ мыгъэ, 1826-рэ илъэсым, къыщежьэгъэ урыс-перс заом ыІощтымкІи ышІэщтымкІи ІэубытыпІэ къыритыгъ, зилІыкІо Тыркуем къыфишІыгъэ унэшъо шъэфым рыгъуазэзэ, итхьагъэпцІыгъэрэ исакъыныгъэрэ къызэрихьэу, адыгэ-къэзэкъ мамыр зэфыщытыкІэр зэриукъощт шІыкІэм ыуж ихьагъ.

ЦІыфым игухэкІ-гукъао илъэс-илъэситІу тешІэкІэ, гъэмэфэ пкІантІэр зэзыкІыхырэ Хьасан-пашэм ыІуагъ, щыгъупшэрэп. УІагъэр хъужьыгъэ пэтзэ, загъорэ къыхэузыкІы. ЗилІ фэхыгъэ шъузабэхэр, зятэ зимыІэжь сабыйхэр къэнагъэх. Ахэмэ янепи, янеущи зэфэдэ, ушъхьагъу горэ

ягъэгъоти, Iэубытыпlэ горэ яти, зыуи арэп зэрэбгъэбырсырыщтхэр.

Хьасан-пашэм ынэгу шъошlо шэплъым, нэтIэ къэб къыпшым ыIэгушъо шынэхэр аригъэчъагъэх, бгъэц шIуцIэр къыздэщырэ джэнабгъэм изы чыIунэ джыри зэрихыгъ, жьы фэбэ макIэр зыкIэджэгукIырэ чъыг чIэгъым зычIэсыр бэшIагъэти, джыри зэ хым хахьэ шIоигъуагъ шъхьакIэ, тыгъэнэстырым кIигъэгъожьыгъ. Бзылъфыгъэ жьыф къолэнэу зытеукIытыхьажьырэмкIэ жьы зыфеожьы ыIозэ, игупшысэмэ джыри зыкъыжэхатэкъожьыгъ,– зынэмысрэ къыгъанэрэп, Истамбули щыIагъ. Тырку султIаным къыриIогъагъэхэр, хэо-хапкIэр къябэкIэу, ыгу къэкIыжьыгъ. Шъэралми, ыбгъэгупэ кIэлъыгъэ бзылъфыгъэ ныбжьыкIэхэр шIузэхэкIокIэжьыгъэхэу, заулэрэ къисыгъ. Шъузиплlэу иIэмэ ащыщэу апэрэмрэ ятlонэрэмрэ IэшIугъакIэ захимылъэгъожьыщтыгъэр бэшIагъэми, адыгэ бзылъфыгъэхэр ынэгу къыкIэуцуагъэх, псынкIэуи ахэмэ ачIыпIэ гъэрекIопагъэ дышъэ сомищкIэ Бамбэт къыфихьыгъэгъэ адыгэ бзылъфыгъэр инэплъэгъу къыхэтэджыкIыгъ, тхъагъоу хигъэхьапщыкIыгъ. Джащ нахь ыгъэразэу иилъэс шъэныкъорэ тфырэм бзылъфыгъэмэ къахэфагъэп… НыбжьыкIэ дэдагъ, мазэм ехъурэ зынигъэсыгъэп, етIанэ еIэсэкIмэ дышъэр тыритакъозэ, чэщ кIыхьэ горэм ыIэ къыригъэхьагъ. Зипхъумэ ыуж къафымэ ыIомэ, цIыф тыримыгъаплъэзэ, илъэсныкъо Анапэ пытапIэм зыщеIыгъ уж, апэрэ шъузым фаригъэщэгъагъ. Илъэситlу зытешIэм Истамбул къырарыгъэщыжьыгъ.

– Модэ! – Хьасан-пашэр ыIэгушъо пщэрымэ атеуагъ, иухъумакIомэ яз къыIухьагъ,– сиунэIутмэ анахьыкIэр моу къысфащ, зэрэсикIасэу зыкъежъугъэфап…– ЕтIанэ ыIофтагъэм зэхыримыгъэхэу, игуапэу щхыпцIыгъэ: – Сынэгу жьы кIэзгъэун…

Дэнэ джэнэ пIуакIэм бгъэ хъурэе пытэ цIыкIухэр къыхэпыджыкIхэу, ныбыджри къыхэщэу, нахь лъэхъчаIом дэжьи ущызэбгырыплъэу пшъэшъэ ныбжьыкIэ дахэр Хьасан-пашэм ыпашъхьэ къыращагъ, Iофы зыримыгъэшIы фэдэу IэплъэкI фыжьыбзэкIэ ынатIэ теIэбэжьызэ, еупчIыгъ:

– Фабэ опа, Хъаный?

– Фабэ, титыгъэ нэф.

– Сыд етIанэ фабэмэ, сидах?.. Сыгу зыгъэшIун зэхэсэбгъэхрэп.

Хъаные къыфадзыгъэ гущыIэмэ ясэжьыгъагъэми, гур къагъэтхытхызэ риIожьыгъ:

– Сэ гуфэбэныгъэу къыпфысиIэр, зиусхьан, тыгъэм нахьи нахь фаб.

– Сыбгъэрэзагъ, Хъаный, сыбгъэрэзагъ,– Хьасан-пашэм зэригуапэр ымакъи ышъуи къахэщыгъ,– джары убзылъфыгъэ зыхъукIэ, хъулъфыгъэр зэрэбгъэрэзэн фаер, сызэрэомыжагъэу ренэу укъысфычIэкIы, сыгуи къэоIэты, сигъашIи хэогъахъо…– УхъумакIор зелъэгъум, къызбгырыугъ: – О сыд, Iиман зимыI, узыфыщытыр!.. ТанэIу икI!.. Уигъусэхэри ары!

Къэрэгъулэ-ухъумакIохэр зыIокIошъыжьхэм, Хьасан-пашэр мэкъэ шъабэкIэ джыри къэупчIагъ:

– СIуагъэм джы сыд къепIуалIэрэр, сидах!

– Хъулъфыгъэрэ бзылъфыгъэрэ яшъэф, титыгъэ нэф, нэмыкIым ищыкIагъэп.

– Мыщ фэдэ IокIэ шъабэхэр хэт уигъэшIагъ, сидах? – ШъорышIыгъэ нэгушIуагъэр къышIутекIоу еупчIыгъ.

– ЗэкIэ къыздикIырэр уадэжь, титыгъэ нэф.

Хъулъфыгъэр зэрэбгъэпцIэщтыр зыуи арэп, Хьасан-пашэм ыгу ушкъоймэ, ынэгушъхьэмэ къахихэ ыIуагъ. Еплъ мыщ нахь мыхъурэм къысишIэрэр, анахь лIы пытэри зыдэщысым щызэхигъэфэщт, анахьышIу плъэгъури пщигъэгъупшэщт. Бзылъфыгъэ лъэпкъыр зэкIэ зэфэдэ, чэтыу шхъухьашI, зыкъыпщахъомэ, къыоIэсэкIымэ, къыоIушъашъэзэ делэ уашIы, Iордэгъазэ охъу… Мы мыгъо цIыкIур титырку султIан ишъэралэ зэгорэм изгъэкIошъэгъагъэмэ, ишъуз кIасэу щыIакIэ къытэзымытрэр зэ нэмыIэми щигъэгъупшэщтыгъ… Ары шъхьакIэ, сэры? Мыщ фэдэ гужьыдэгъэкI, сызыщыфаем сигъатхъэу, сэ тыдэ къисхыжьыщт?.. Алахьэм егъатхъ Бамбэт, сигъэтхъагъ. СултIаным уестын пакIо, паIо зыщыгъ къыптезгъэплъэнэп…

– Арэу оIомэ, сидах,– Хьасан-пашэм хъопсэ Iупсыр ыдырызэ, ыIуагъ,– уибгырыпх къэтIати, уидэнэ джанэ зэгогъэз.

Ыпашъхьэ ис лIы пщэр ныбэшъум дэджэгузэ, Хъаные мыгузажъоу дэнэ бгырыпх псыгъор етIатэ, джанэри зэгокIызэ, бзылъфыгъэ пкъы пцIанэр къыдэщэу регъэжьэ.

– Умыгузажъу… Джанэр къызэгопщыщэнэу ищыкIагъэп… Ары, сидах, ары… ПкIышъо фыжьы, дахэ, сыогъатхъэ… Сыгу жьы дэогъэкIы… Ежь-ежьырэу уиджанэ къызэгозыщт… Сызэрэбгъатхъэрэм… Сыгу зэрэбгъэушъэбырэм… Сишъхьэзэкъуагъэзэрэсщыбгъэгъупшэрэм ихьатыркIэ къыпфэсымышIэн щыIэп. Ы-ы-хьы… Джы зытIэкIи, псым хахь, сэри сыкъыхэхьащт…

– УкъыскӀэлъымыплъ...– Хъаные джанэр зызыщегъэзым, рагъэшӀагъэр шӀошъхьакӀоу къыӀуагъ.

– А зыр сфэшӀэнэп, сидах, семыгъэз... Сэ сигушӀуагъомэ ари ащыщ...– Бзылъфыгъэ пцӀанэм нэцӀабгэкӀэ кӀэлъыплъагъ, кӀэлъиӀожьыгъ: – Псым сыкъыхахьэ хъумэ, ори укъысэмыплъ, сикӀасэп...

«Сыд сэмыгъэлъэгъугъэу о пхэлъыр, нэпэнчъэжъ!» – Хъаные гум къикуукӀыгъ, ушъуашъозэ къыкӀэлъыкӀорэм пымылъэу псым хэхьагъ, дунаири, хыри фэбагъэми, хэхьапщыкӀзэ ыкӀыбкӀэ къесылӀэгъэ пкъышхор чъыӀэчъыӀэу зэхишӀагъ.

Ардэдэм Хъаные къэкуугъ:

– Хэт мо къытэплъырэр!..

Хы нэпкъ мылъагэм, апэгъунэгъубзэу, аӀори зэхихэу, ашӀэри ылъэгъоу, Бамбэт тетыгъ.

– Эй, Ӏиман зимыӀ, сыд емыкӀу пшӀэрэр? – Зэмыжагъэм къыкӀигъащтэу Хьасан-пашэр къызэхэулэнлагъ, кӀэрахъо ӀэкӀэлъыгъэмэ, ыукӀынэу ныкъуашӀэр ӀэкӀэзыутыгъэм фэгубжыгъ,– зысэмыгъэлъэгъоу ӀукӀ!

«Сэ сызэрэбылымыжьыр армэ...» – Бамбэт хафэу щхыпцӀыгъэ, ышъхьэ риуфэхи, ежьэжьыгъ.

– Къэгъаз! – Хьасан-пашэр, Хъаные хым дыхэсыгъэми щыгъупшэжьыгъэу, Бамбэт зыдэщытым къесылӀагъ.– УсищыкӀагъ, модэ тищыгъынхэр къытфахь.

Хьасан-пашэм джэнэ быхъур ыплӀэӀу зыредзэжьым, нэпкъым къыӀукӀыжьзэ, хым къыхинэгъэ Хъаные фызэриӀокӀыгъ:

– Унэм кӀожь.

Дэшхо чъыг жьаум зычӀэгупсэфэжьым, Ӏофы зыригъэшӀэу Хьасан-пашэр къэупчӀагъ:

– Сыдэущтэу укъытшъхьащыхьанэу хъугъа?

– Сишъэф лъагъомэ уакъыкӀэмыупчӀ,– Бамбэт ынэгу куапсэ щхыпцӀ нэшхъэй макӀэр рычъагъ,– ашъхьэ къыпфисхынэп. Къэрэгъулишъэ къыспэбгъэуцугъэми уипытапӀэ сыкъызэрэдэфэщтым ущыгъуаз, ащ тытэмыгъэгущыӀ. Укъызэрэзгъотыгъэри зи арэп – шъуигущыӀэ макъэ сыкъышъуищэлӀагъ. Хъулъфыгъэрэ бзылъфыгъэрэ амышӀэрэ, сэры нахь насыпынчъэу къагъэнагъэр, слъэгъугъэп... Хыр зэрэшъуипӀагъэр умыӀощтмэ, сэркӀэ а Ӏофым гъэшӀэгъон хэлъыжьэп...



– Ары, Бамбэт, къызгурэӀо къыуашӀагъэр, ау етӀани тигунахь къэмыхьыгъэмэ нахьышӀугъ... Сэ сиухъумакӀомэ шъусшъхьащыкӀ ясӀуагъ нахь, унэм зырашӀыхьажьынэу сӀуагъэп,– Хьасан-пашэм щхы фэдэ зишӀыгъ,– ар зэхэзыфыни мы пытапӀэм къыдэкӀын... Ахэр Ӏофэп, мыдэ, къэбармэ тахэгъэдаӀу, бэшӀагъэ умакъэ къызымыӀужьыщтыгъэр. Тыдырабгъу ущыӀагъ, сыд уидунэе тетыкӀагъ? Къэбэртаеба уздэщыӀагъэр? Сыд аӀорэр ахэмэ?

Мы шэныбэжъыр зыщымыгъуазэ горэ адыгэ шъолъырым къитаджэрэпщтын, Бамбэт гукӀэ ыӀуагъ, сыздэщыӀагъэми къихъухьэрэми егъапэ. Ифедэшъ ары нахь, тэ ыӀэбжъэнакӀэ тфигъэузыщтэп, тагъэзао, тагъэбанэ, ежьхэм аӀэгушъо зэщахъо. Джы мары, адыгэ пшъэшъэжъыемэ уадэджэгушъ хым ухэс, уигунахь къэсхыгъэу оӀо... О пфэшъошэ шъыпкъэр сэшӀэ – зэ дэпыджэгъу закъу ныӀэп ищыкӀагъэр, джэщыгъум тызэфэдэ тыхъущт... Ау сыд пае усищыкӀагъэу ар къыосшӀэн, ащи тыкӀэхьажьын.

– УкъызкӀэупчӀэрэм икъэбар, олахьэ, Хьасан-пашэ, къызэрэосӀощтри сымышӀэ.– Бамбэт игупшысэ гумэкӀмэ къахэужьыгъ: – Къэбэртайщ щыбырсыр, урысые-перс заом, нахь зэрапэблагъэр арыщтын егъэгумэкӀых.

– Тэри ар тпэчыжьэп. Мыщ нэс тызэрэщыӀэ пэтзэ, илыгъуами къыткӀэо. А лъэныкъом урысмэ яӀоф къыщикӀмэ, тэри къыднэсыщтых.

– Хэта «тэри» зыфапӀорэр? – Бамбэт къэупчӀагъ.– Шъора тэра?

– Аущтэу зытӀорэм, хьакӀэ, джаурмэ тызэкъуаутыщт. Ащ фэдэ гупшысэ пшъхьэ къимыгъахь.

– Адыгэхэмрэ тыркухэмрэ тызэкъотэу оӀошъ ара? – Бамбэт иадыгэгу уцурэп.

– Адэ, Бамбэт, адэ, хьакӀэ, тызэкъот! Зы дин тызэдитба, Алахьыр къытшъхьащытба, тиӀо-тишӀи зэхэлъба...

– Быслъымэн динымкӀи АлахьыфомкӀи къыбдесэгъаштэ,– Хьасан-пашэм къыпчъырэр Бамбэт къызэпиутыгъ,– ау «тиӀо-тишӀэ-тизэкъотхэр» абдзэхэ кӀэлэ къежьэгъакӀэ горэм зэриӀоу, читапым уеджагъэкӀи зэхэфыгъуай.

– Тэзэ Адыга зигугъу къэпшӀырэр?.. Цӏыфы хъущтэп ар, пыщэгъу умышӀы. Адыгэ щэхъу зымышӀэрэм уеунэхъуӀэщт... Мыдэ,– унэ лъэныкъомкӀэ джагъэ,– щэджэгъуашхэр къэшъухь, тихьакӀи гъогу къызэрэтекӀыгъ,–

зэпыщцыситӀумэ азыфагу зэпыугъо къыздафэм, Хьасан-пашэм ыӀуагъ: – Ӏофынчъэ-дэлъынчъэу садэжь укъэкӀуагъэпщтын, узгъэгумэкӀрэм ышъхьэ къых.

– Дунаир узыгъэгумэкӀын закӀ. Ау шъо, хэгъэгу цӀыфхэр, шъузгъэгумэкӀрэ лъэгапӀэмэ садэплъыеу-сыкъяплъыхэу сшъхьэ згъэунэзэжьын слъэкӀыщтэп. Сэ зыуж ситыр сшъхьэ иӀоф. Илъэсрэ ныкъорэ хъугъэшъ, СултӀанмэ яныо къысаригъэхыгъэ шъхьакӀом сыщигъэӀэжьрэп...

– КъызгурэӀо, Бамбэт. Ау сыдэущтэу ащкӀэ сэ псэбэб сыкъыпфэхъун?

– СызэрэзэхэпшӀыкӀри сфекъу. ПэшъукъкӀэ еджэхэу, Къэгъэзэжь ыцӀэу, къэошӀэжьмэ, гъусэ ныбжьыкӀэ горэ сиӀагъ...

– КъэсымышӀэжьы мэхъуа?..– Платыкужъыер зышъхьашъо теубгъогъэ Хьасан-пашэм шъхьэ онтэгъур къыпхъотагъ.– Сыд къехъулӀагъ, щыӀэжьба?

– Мазэм къехъугъэу сылъэхъу, дунаим тэзгъуатэрэп.

– Ара, адэ сэ къэбар гомыӀу горэ къысэпхьылӀагъ сшӀошӀыгъ. Армэ умыгумэкӀ, непэ-неущэу сэри ащ сежэ. КӀэлэ джыгыт, псэемыблэжь. О зыми пшъхьэ емыгъэгъэузыжьынэу уипыймэ дунаим утырашӀыхьагъ шъхьакӀэ, уизакъоп, тэри ахэр типыих. Ащ дунаим щилъэгъурэр шӀомакӀ, щигъотрэр шӀонасып. Къэгъэзэжь ыӀэбжъэнакӀэ джа зигугъу къысфэпшӀыгъэ абдзэхэ Тазэр ыуасэп. Тазэр ныбджэгъу-шъэогъу пфэхъугъэу угу хэсэгъэкӀми сшӀэрэп, Бамбэт?

– Олахьэ ПэшъукъкӀэ къэпӀуагъэр, хьалэмэтым...– Бамбэт щхыпцӀыгъэ, етӀанэ кӀэгупшысыхьажь ышӀыгъэ фэдэу къыпигъэхъожьыгъ: – Тазэр ныбджэгъу-пыщэгъу сэ сыдым къысфишӀын... Ащ игупшысэгъу-дэогъухэр нэмыкӀых – Шъэуай, Умар, Пщымаф... Ау ПэшъукъкӀэ сызхэбгъэдэӀуагъэр шъыпкъэмэ, ощ нэмыкӀ къысиӀогъагъэмэ сшӀошъ хъуныеп, олахьэ хьалэмэтым къыщымыуцу...

– Зытемыт сырыгущыӀэрэп, игупшысэ-гулъытэхэр иных, илӀыгъэкӀэ укъэупчӀэмэ, уизакъоу утыгум укъизынэщтмэ афэдэп, джа зигугъу къысфэпшӀыгъэмэ ябгъэпшэнэуи уемыжь...– ТӀэкӀу тыригъашӀи, Хьасан-пашэм игуапэу къыухыжьыгъ: – Сэ ащ мы илъэсрэ ныкъорэм Ӏоф дэсымышӀагъэу зыми ыӀонэп.



– Сигуапэ, Хьасан-пашэ, сигуапэ синыбджэгъу ныбжьыкӀэ акъыл къебгъэгъотыгъэмэ... Сэ ащ хэслъхьагъэ гори къыхэнагъ.

– Адэ о хэплъхьагъэ гори сэ хэслъхьагъэ гори ащ хэлъын! – Хьасан-пашэр жьы зыфеожьзэ, нэ тхьагъэпцӀышъохэмкӀэ щхыпцӀыгъэ, Ӏофы зыримыгъэшӀ фэдэу джыри къеупчӀыгъ: – Пэшъукъ узэрэлъыхъурэм изакъопщтын садэжь укъызыфыкъокӀыгъэр? КъаӀо, земыгъэукӀыхь.

– Къытэбгъэфагъ,– Бамбэт щхыпцӀыгъэ,– ау ащи султӀанмэ яныо къысаригъэшӀагъэми язакъоп, къэзэкъхэмкӀэ тызэрэбэлэрэгъыгъэм сегъапэ. Икъунба! Сэ ситхьамыкӀагъуи а лъэныкъомкӀэ къикӀыгъ. Ори Пшызэ Ӏушъо укъызэрэщаушъхьакӀугъагъэр сынэгу кӀэт... Пачъыхьэ зэблэхъуи яӀагъ, тырагъэхьэгъакӀэми ыгу къытфилъыр зэдгъэшӀэным игъо хъугъэ. Тигъунэгъу къэзэкъыдзэм щыщхэр перс заом ащэщтых... Мыхэр зигупшысэхэр, Хьасан-пашэ, сизакъоу къызшӀомыгъэшӀ, ыгъэгумэкӀрэр бэ. ЕтӀани СултӀанмэ якъэзэкъ Хъан-Джэрые перс заом кӀозэ, ядэжь къызэрэдэхьажьыгъэми ущымыгъуазэкӀэ сенэгуе? КъэкӀорэ бэрэскэшхом шапсыгъэ хэсэшхо зэхащэ аӀуагъ.

– СызэрэпхаплъэрэмкӀэ, хьакӀэ, бэмэ уагъэгумэкӀы...– Хьасан-пашэм зэхихыгъэр зэкӀэ игопагъэми, Ӏофы зыримыгъэшӀы фэдэу къыӀуагъ: – БлэкӀыгъэ илъэситӀум ощ фэдэхэр шапсыгъэмэ зэрящыкӀэгъагъэр къызгурыӀуагъ.

– Сэщ нахь лӀыӀохэри Шапсыгъэ исых, Хьасан-пашэ...

– Имысхэу сӀорэп, ау ахэмэ уазэрэщыщыр къыосэӀо. КъыуапэсрэлӀыгъэр ор-орэу зытемыдзыжь. Икъун уилӀыгъэ емыпэсыгъэу лӀыгъэнчъэ нэкъикӀмэ акӀыб узэрэдагъэтыгъэр. ПшӀэщтымкӀэ укъызэмыплъэкӀ, Бамбэт. Орырэ сэрырэ тызызэрэшӀэрэр непэп, уакӀыб къыдэуцощтхэри, уигугъу дэгъукӀэ зышӀыщтхэри сэ къыпфэзгъотыщтых. Ары, ары, уемыгупшыс, угу къихьэгъэ тӀэкӀу-шъокӀухэри къысшӀомыушъэфых, уищыкӀэгъэщт ахъщи къыпӀэкӀэзгъэхьащт. Узэмыжагъэ горэ къыосӀощтышъ, сыкъызэхэпшӀыкӀынэу сыфай. СэшӀэ, джыдэдэм игугъу къысфэпшӀыгъ, цӀыфым ишъхьакӀо зэрэщыгъэупшэгъуаер. Зы нэбгырэ ишъхьакӀо нахьи нэбгырэ мин пчъагъэмэ, адыгэ лъэпкъым ишъхьакӀо тызыщигъэгумэкӀрэ лъэхъан тыхэт. СултӀан Хъан-Джэрыий икъэбар сыщыгъуаз, СултӀанмэ

яныуи, Шъэуаий аӀори ашӀэри къысэнэсы, ау ахэрэп джырэкӀэ Ӏофыр, адыгэ-къэзэкъ зэфыщытыкӀэр заукъокӀэ, зэхэоха оркӀэ шъэф зэрэсимыӀэр, джа шъхьакӀо къыозыхыгъэхэри плъэгъун зыдырамыгъэхьыхэкӀэ. Сэр-сэрэу уадэжь сыкъэмыкӀогъагъэмэ, джы нэс тэ ущыӀагъ къысэпӀонкӀи мэхъу, ау Ӏофыр аущтэу зэрэщымытри къыосэӀо – мыгъатхэ щегъэжьагъэу къыплъысэгъэхъух. Къэгъэзэжь уеупчӀми, къыуиӀон... Джа шапсыгъэ хасэу бэрэскэшхо мафэм щыӀэщтым, дэгъоу укъырихьылӀэжьыгъ, хэлажь. СыздэгущыӀагъэхэр ахэтыщтхэшъ, бэмэ къыбдырагъэштэщт. ШъуӀорэм фэмыещтхэри къахэкӀыщтых, ау шъукъызэкӀэмыкӀу. Урысые пачъыхьакӀэм иапэрэ ӀофыгъохэмкӀэ зыкъигъэлъэгъуагъ, Петербург щигъэчъэгъэ лъыр фимыкъоу перс заор ригъэжьагъ. Ар зичыжьагъэм щызаорэм адыгэхэр зэрэзыӀэкӀилъхьащтым щэч хэлъыжьэп. Шъуиадыгэ лӀыгъэ зыфэдэр урыс пачъыхьакӀэм зешъумыгъэлъэгъукӀэ, гу къышъутыришӀыхьапэщт. Непэ фэдэ тӀэсхъапӀэ, къэзэкъыдзэм къызыщеӀэгъэхэ уахътэм, бэшӀагъэ зышъуимыӀагъэр.

Зы гущыӀэкӀэ къыӀощтым сыдэу бэрэ пылъыгъа, Бамбэт шъхьэр ыгъэсысэу даӀощтыгъэми, гукӀэ щхыпцӀыгъэ. Нахьыпэм мыщ фэдагъэп, сыд къехъулӀагъэр? Урыс пачъыхьакӀэм къыгъэщтагъэхэкӀэ енэгуягъо. Мыхэр хэгъэгушхо мэхъух, тэ тызщымыгъуазэми щыгъуазэхэу къычӀэкӀын. Ау, Тыгъужъыкъо Къызбэч иӀуагъэу, ежьхэм яшъхьэфит тэ тишъхьэфит епхыгъэп. Ащ нахьи нахьышӀугъ джа зигугъу къэпшӀыгъэ ахъщэр Ӏэрылъхьэ къэпшӀыгъагъэмэ...

– Къызгурэӏо, Хьасан-пашэ, къызгурэӀо къапӀо пшӀоигъор. Ау къыкӀэмыкӀмэ гъаблэ зэраӀоу, дышъэ сомэ зытӀущ горэ къысэптыгъэмэ, мызыгъэгум сиӀофхэр хъатэп. Тыркуеми зыфаер фэтэшӀэба...

– Шъо шъуиӀоф нахь, тыркуер мыщ сыдкӀэ къыхахьэра?..– Хьасан-пашэр къэупчӀагъ шъхьакӀэ, мыщ къыдзырэр ыӀозэ, кӀилъэшъужьыгъ: – Адэ Тыркуем ифедэ горэ, сыушъэфрэп, адыгэ шъолъырымкӀэ щымыӀагъэмэ, тэри Анапэ тыдэсыныеп, Урысыеми шъуалъэныкъокӀэ зыкъигъэзэныгъэп. Мары, джы персым езао, лъыр щегъачъэ.

– Ахэмэ, Хьасан-пашэ, сыдкӀэ сиӀоф ахэлъ?! – Бамбэт ыцэ гъожьышэхэр къыӀупсхэу, нэгу копсэ фэкӀыхьашъом щхыпцӀ жъалымыр рычъагъ, етӀанэ мэкъэ шъэбэ теубытагъэкӀэ къыӀуагъ: – ЗыцӀэ къесӀогъэ ахъщэр къытелъхьи, къэпӀуагъэр сэркӀэ зэрэкъабылыщтым уемыхъырэхъышэжь.

– Дышъэ сомищым ызыныкъо къыостын.

– Тыркуем ащ нахьрэ зэшӀокӀ имыӀэмэ, сезэгъы.

Хьасан-пашэм иджэхэшъотет бзылъфыгъэ горэм Ӏанэр къыхьыгъэти, еупчӀыгъ:

– Хъаные тэ щыӀ?

– Ар уадэжькӀэ къызэрэкӀогъагъ, титыгъэ нэф.

– Ы-ы! – Хьасан-пашэр къыкӀэщтагъ.– Сыд джы нэс хым зыфыхэсыр? Лъэтемытэу къыхэщыжь.

Джэхэшъотет бзылъфыгъэр ӀукӀыгъэ къодыеу, икуо макъэ хы нэпкъым зыкъыщипхъотагъ.

Бамбэтрэ Хьасан-пашэмрэ къызыщылъэтыгъэх. Нэпкъым зытелъадэхэм, хьор уалъэмэ бзылъфыгъэ пцӀанэр ныджым къыӀуадзэмэ Ӏуадзыжьэу алъэгъугъ.

– Е-е, бетэмал, сыд къыохъулӀи!..– Хьасан-пашэм ымакъэ къыщитхъагъ.

Бзылъфыгъэ цӀыкӀум ишъхьакӀо фэщэчыгъэпщтын, бэмышӀэу зэрилъэгъугъэхэр ынэгу къыкӀэтэджэжьэу, Бамбэти гукӀэ ыӀуагъ, тӀэкӀу тешӀагъэу пигъэхъожьыгъ: мыщ зэришӀэжьыгъэм сэ зэгорэм сфекугъэп...

### V

Пшъэдэ бэдзэрым ылъакъо щегъэжьагъэу ышъхьэ нэсыжьэу Бамбэт зыщифэпагъ. Шыри тырку дышъэ сомэм хиныгъэп, онэ ӀапӀэкӀэ ешӀушӀагъ. Бэдзэрым къыхэкӀыжьи тхышъхьэ гъогум къызытефэжьым, илъыгъо зытӀу-зыщкӀэ ионэшъхьантэ ыуплъэкӀугъ.

Джары тыркумэ уазэрэдэзекӀон фаер, Бамбэт гукӀэ щхыпцӀыгъэ. Тэри зэгорэм тэрэгъэделэх... Адрэ къыгъэнэгъэ дышъэ сомэрэ никъорэр къерэмыштэжь фаеми, сищыкӀагъэр бэдзэрым щызэгъэгъотыгъ. Ау хэсэ пашъхьэм сиуцомэ, къэзэкъмэ ясӀолӀэщтым пае укъэзгъэнэна, армырми зыгорэм ипэӀо къогъу сыкъоплъэу сыщтыныеп, сиӀуи сишӀи ахэслъхьани... Сыд пӀуи, укуапс аӀони къыскӀэнэкӀэнхэуи? ЦӀэ зыфамышӀрэ макъэ зыфамыгъэӀурэ щыӀэжьа сӀозэ псэлъыхъо зыдасщэхэмэ? Бэслъыные-къэ-

бэртэе хьаджрэтхэм сазыхэтым, зыми гуцафэ къысфишIыгъэп, ащ фэдэ чIыпIи изгъэфагъэхэп. Зызэрябгъэлъэгъу узэращыхъущтыр... Гъэшlэгъона мыщ сикъэбар щыIугъэмэ... Ар зыгъэIугъэми елъытыгъ, СултIанхэр уипыи хъумэ, Iэджи пфагъэIущт. Хьадж-Къэсэижъыр Iадэмкlэ къызысхэIабэм, хэта, Къаймэт нэмыкIэу, шыхьатыгъэр? Дэгъоу сшlагъэ шъхьэкlо плъыр-стырым сыхэтэу а Iаежъитlур зэрэIуесымыгъэхыгъагъэр, цIыфмэ гуцафэ къызфязгъэшIыщтгъэ. Сыд сшъхьэ зыфыlусхыжьыгъагъэр? Шъэуае сауж итыгъэти ары. Джы нэпэтехыгъэ зэрэскъомылъым ишыхьатэу, силIыгъэ къысигъэгъэзэжьыгъ... Бамбэт шым елъэдэкъауи, кlэкуукlымэ-кlэшъуикlызэ, иш кlыригъэтхъугъ.

— Алахьу акбар, расулилахь...— Щэджэгъо нэмазыр къызэрэсыгъэр къэзыушыхьатрэ азэнаджэм ымакъэ Бамбэт къылъыlэсыгъ.

— Сыд узпэтыр, тхьамэтэ маф,— ыуж къикlыгъэ шыуитlумэ яз къыриlуагъ,— щэджэгъо нэмазкlэ шапсыгъэ хасэр рагъэжьэщт, амдэз пlыгъмэ, тауж къихь.

Шыумэ акlэмыхьэ-акlэхьашъоу Бамбэт ауж ихьагъ, тlэкlурэ кlуагъэу Абын псыхъокlэ диlонтlэхыгъ, амдэзыштэ лlыжъ шъхьэупсыгъакlэ горэм готlысхьагъ, ищазымакlэхэр зыщихыгъ, ицые lашъхьэхэр дищэягъэх, цые пакlэхэри бгырыпхым диупкlагъэх.

Къыгосымрэ ежьырырэ амдэз ашти, зафэпэжьынэу зырагъажьэм, лlыжъым къыlуагъ:

— Сшынахьыкl, мо орзэшъхьэ унэр сэсый. Амдэз ащ къыщысштагъ шъхьаем, емынэ зыlухьан жъыгъор тхьамыкlагъу, сымышlахэу сиамдэз сыукъуагъэ. Оры? О чыжьэу укъекlыкlэ сенэгуе? Хэтмэ уащыщ, сшынахьыкl?

— Сэ чыжьэу сыкъекlы, нахьыжъ,— лlыжъ гущыlэрые горэм сыпэlуфагъэкlэ сэгугъэ Бамбэт ыlуагъ,— Джэнчпсынэ сыщыщ, зекlо сыкъекlыжьы.

— Джэнчпсынэ ущыщ пlуагъа? Щырыхъукъо Тыгъужъ уричылэгъоу узыкlыримыгъусэмкlэ сыкъыоупчlын сихьисапыгъ, ау зекlо укъекlыжьмэ, къэбгъэтэрэзыжьыгъ. Щырыхъукъо Тыгъужь непэрэ хэсашъхьэр зыlыгъыщтмэ ащыщ. Ошэсыжьа адэ?! Митlумэ азфагу шы lупlэр пlыгъэу укъыздэмыкlоу, уадыгэба, унахьыкlэба... Сыд пцlэр, сшынахьыкl?



— Зэхэпхыгъэмэ,— Бамбэт къыlуагъ,— Шапсыгъэ Бамбэткlэ къысэджэх.

— О-уи-и, зэхэсымыхы хъуна!..— Лlыжъыр къыхэкуукlыгъ.— Аl-анасын, сиамдэз сэбгъэукъуагъэ... Кlо, хъугъэ, псыныбэм джыри тызэрэдэт. Орба, сшынахьыкl, Султlанмэ яныо аригъэкупсыгъ зыфаlуагъэр?

— Сэры, пшlошъ мэхъумэ, нахьыжъ.

— Сшlошъ хъущтыгъэмэ сыкъыоупчlыныя, Нэщэмыкъо бэщ делэ озгъаlощтыгъа? Уикъэбар къызытэнэсым, тыщхыгъагъ нахь, зыми ышlошъ хъугъагъэп.

— Тхьэуегъэпсэу, Бэщ, сыкъэпщэфыжьыгъ. Амдэз оштэжьыфэ сыкъыожэн.

— Укъысажэми хъун, укъысэмыжэми, сыгу обгъэнэп. Джыдэд, сшынахьыкl, амдэзым сыд езгъэlон.

Джары, амдэз зыштэрэ лlыжъым нэшlукlэ еплъызэ, Бамбэт гукlэ ыlуагъ, цlыфымэ унапэ зэрэтырахыщтыри зэраукъэбзыжьыщтыри... Сэ делэ-делэу сыхэхьажьи, lугъо зыгъэурэр сибысымэу джы нэс сыхэтыгъ. Ар сэlо шъхьакlэ, аущтэу сымышlэгъагъэмэ, Шъэуае дунаим сытыригъэтыщтыгъэп. Ярэби, зыгорэкlэ хасэм сыщыпэкlафэмэ?.. Сыда Шъэуае къэзэкъ lофхэр фызэхэмыфхэу, шапсыгъэ хасэм щишlэщтыр?

— Арэп, Бамбэт,— амдэзыр зештахэм лlыжъыр къызэджэкlыгъ,— модэ нэс тымыкlоу, мы чlыпlэм щэджэгъо нэмазыр щытшlымэ хъущтба?

— Сыд пае мыхъущт, Бэщ. Муары, хасэри нэмаз шlыным фежьэ пэт.

— Ащыгъум уицые гъэтlылъ,— лlыжъыри, зыфэсакъыжьзэ, къэтэджыжьыгъ,— тапэчыжьаlоми, тахэт фэдэу нэмаз тшlын. Сэ зесыуфэхы хъущтэпышъ, Алахьэм къысфигъэгъун, укъыспымылъ.

— Нэмазыр къыохьылъэкlмэ, нахьыжъ...

— Ихьау, хьау,— зидагъо тещыныхьэрэ лlыжъым Бамбэт къызэпиутыгъ,— а зымкlэ сыхэмыгъэукъу, сигунахьи къэмыхь. Пlэм сыхэлъэп, сызыкlэмыlэжьэп зэраlоу, мо лlы купмэ нэмаз зашlыкlэ, ауж зыкъизгъэнэнэп, сыщытми, сыкъабзэу Алахьэм ыпашъхьэ сихьан.

Нэщэмыкъо Бэщ нэмазыр зеухым, ышъо къытехьажьыгъэу къыlуагъ:

– Алахьым сыкъызэхишIыкIыгъ, синэмаз сигъэухыгъэ. Сэ къысэхъулIэрэр ошIа, сшынахьыкI, щаушхокIи, щау цIыкIукIи сэщ нахь пытэ щыIагъэпщтын. Фыгу пIастэми натрыф пIастэми лы тIэкIу игъусэу къызысIуфэрэм, сныбэ сырефыжьэ.

– Ахэр умышхымэ хъущтба? – Нэпкъ лъэпсэ уцмэ ахэлъыхъухьэрэ Бамбэт къэупчIагъ.

– Ащыгъум сыд сищыIэкIэщт? Гъэщ хэкIым сызэрэтеплъэу сыкъырефыжьэ… Синыуи, унэм къыздисхэми ашъхьэ язгъэуджэгъужьыгъ.

– Бэщ, моу къакIо зэ,– къэгъэгъэ фыжь Iужъур зышыгур къыричзэ, Бамбэт къэджагъ,– гукIодыгъо щыIэп. Мы уцдыджым ышъхьапи ылъапси зэхэтэу ягъэгъэжъуи ешъу, уигъэхъужьыщт.

– Мыщ сигъэхъужьынэуи?

– Апэ Алахьэм, етIанэ уцым уигъэхъужьыщт. Мы уцым сэри зэгорэм ишIуагъэ къысэкIыгъагъ.

– Алахь зизакъом укъысфихьыгъ, Бамбэт, Iэзэгъу къысфэхъумэ, дунаим къыпфэсымышIэн щыIэп. Чэщ-мэфиблэ уишъэогъухэр уигъусэу узгъэшIожьын! Сыд ащ нэмыкIэу къыпфасшIэ пшIоигъон, сшынахьыкI, къаIо.

– ИшIуагъэ къыокIыхэмэ ары, Бэщ,– Бамбэт игуапэу щхыпцIыгъэ,– некIо, хасэр рагъажьэ.

Сыда мы тыздежьагъэм сыкIокIэ къыщысшIэщтыр, ошIэ-дэмышIэу джэнджэшыр Бамбэт ыгу къихьагъ, сызщыгъупшэжьыгъэмэ агу зыкъэзгъэкIыжьэу, сызымышIэхэрэр къыскIэлъыплъэхэу, симышIухэр згъэщхыпцIыхэу, сипыйхэр яIашэмэ алъызгъэIабэхэу… Сыда сэ къэзэкъхэри, тыркухэри, адыгэхэри зэрэсищыкIэгъэжьхэр?.. Мы сигъусэми сиш IэдэжькIэ дэсIыгъэу сыда зызкIезгъэудэгурэр? МашIо зыкIэмылъыжь джэныкъом пхъэтэкъэжъ пэбгъэукIораекIэ зэкIэблэжьына?.. Сыд мохэмэ сахахьэкIэ, зым ыIорэр адырэм риутыжьэу, ахэсшIыхьащтыр? Бэслъыные хьаджрэт заулэми сазыхафэм, гупсэфыпIэ ясымылъэгъулIэу Къэрэщаеклэ зызгъэзэгъагъ, узщымыщмэ сыдэущтэу уахэзэгъэн, КъэбэртаекIэ сшъхьэ зыIусэхыжьым, сащыщ пэтызэ, ахэми сахэзэгъагъэп. Къыздэзгъэзэжьыгъэхэри тынчыгъо зыхэсымыгъотагъэмэ анахьышIухэп, ашъхьэ унэзагъэу, зыдагъэзэщтыр амышIэу дунаим тетых…



– Зыгорэ къапIо пшIоигъуа, сшынахьыкI? – Бэщ къэупчIагъ.

– Ихьау, нахьыжъ.

– Армэ хъун. Уиш бзэ Iумылъми нахь къызгурыIоу, о зызэкIоцIыуушъэфагъэу къысшIошыгъэмэ сшIэрэп. ЦIыфыбэ зыслъэгъукIэ, ащ хэлъ щыIэп, сэри сыгу мэкIоды, ау сызегупшысэжькIэ, уизэкъон нахьи унахьыбэмэ нахьышIу сэIошъ, сыкIэгушIужьы. Уфаемэ, птхьакIумэ жъажъэмэ, типащэмэ нахь тякIотылIэн, хьау пIомэ, сэ джыри сытхьакIумашIу, мыщ дэжь тыкъыщыуцун,–лIыжьым зыфаер къеIо нахь, игъусэ шIоигъом пылъэп,– типащэмэ яплъэлъ, лIыгъэ нэгух, пкъы пытэх, гугъапIэх.

ХъорэлIыкъо Мэрчанэ утыгум къызехьэм, хасэр быяугъэ.

– Алахьэм ынэшIу къызыщифэн, лIыгъэрэ зэхэшIыкIырэ, пытагъэрэ зэгурыIоныгъэрэ зинэшэнэнэу непэ тызыщыгугъырэ шапсыгъэ хэсэфор тинахьыжъмэ яIизынкIэ къызэIусэхы,– Мэрчанэ ымакъэ гъэоумэ апхъуатэ, нахь чыжьэ щытмэ алъагъэIэсэу рагъэжьагъ.– Непэ тызтэгущыIэщтыр тишапсыгъэ Iоф. Нахь кIэкIэу къэпIон хъумэ, адыгэхэмрэ къэзэкъыхэмрэ язэфыщытыкI. БлэкIыгъэ илъэситIум загъорэ бгъуитIумкIи тызэпыджэу къыхэкIыщтыгъэми, мамыр гупсэф дэлъыгъ. ГъэрекIо бжыхьэ щегъэжьагъэу тигъунэгъу къэзэкъмэ пачъыхьакIэ яIэ хъугъэ. Къызэрэтэхьэу персым зао ришIылIагъ. Тызщымыщ хэгъэгум къихъухьэрэм тытэгущыIэныр къыттафэрэп, ау гъунэгъум игухэлъ мышIумэ, зыуи арэп къызэрэонэцIыщтыр, къызэрэттэгуфэщтыр тэIошъ ары. Шапсыгъэ хэсэ пащэхэмкIэ мы Iофым еплъыкIэ зэфэшъхьаф зиIэхэри къытхэкIыгъэх, ахэми тядэIун, тагъэдэIошъуми теплъын. СигущыIэ пэублэ ыуж къэгущыIэщтым хэсэ утыгур фызэIусэхы. Ау тихасэмэ зэращытштагъэу, къэмэ дэдзэгъуищ-тфыр къэгущыIэрэм пэпчъ зэрипIалъэр джыри зэ ыгу къэсэгъэкIыжьы.

– УпчIэ сиI, тхьамэтэ маф,– хэсэ утыгум пэблагъэ горэ къэджагъ.

– КъаIо,– утыгум икIыжьыщтыгъэ ХъорэлIыкъор ин-инэу къызэтеуцуагъ.

– О сыошIэ, Мэрчан, ау шапсыгъэ хэсэфом зезгъэшIэн. СцIэр Къэгъэзэжь, Мэрчан тхьамэтэ мафэм сыригъу-

нэгъу,– хэсашъхьэм рычъэрэ мэкъэ мышIумэ Пэшъукъ апылъыгъэп.– Сэ сиупчIэ зыфэгъэхьыгъэр Тыркуер ары, игугъу къэпшIыгъэп. Сыдэу ащ тыфыщтыщт?

– Тырку Iофыр гъэрекIо Анапэ щытыухыгъ. ТиIофи ахэлъэп, яIофи къытхэлъэп. Тыркуер хы кIыб щыI, Урысыер Пшызэ нэпкъ къыIууцуагъ. Тыркуем фэдэу Урысыеми тыфэгуитIуми, тызэцэлашхэми, Алахьэм тызэфихьыгъ.

– Ар джэуап хъунэп,– Пэшъукъ къыготмэ зэхаригъэхэу гъумтIымыгъэ.

– Шапсыгъэ хэсэфор упчIэкIэ етэшъумыгъэгъажь,– Тыгъужъыкъо Къызбэч ыIозэ, утыгум къихьагъ.– КъэгущыIэрэм пэпчъ игупшысэмэ упчIи джэуапи къахэтэджэщт. Тызэтафэуи тызэтэмыфэуи къыхэкIыщт. Сэ сшъхьэкIэ къэзэкъмэ сафэразэп, сифэхыгъэмэ алъ зэрэсымышIэжьыгъэм чэщрэ сигъэчъыежьырэп, мафэрэ сигъэгупсэфырэп, сиуIагъэхэри къыхэмыузыкIэу хъурэп. Ау къытэхъулIэгъэ тхьамыкIагъо пэпчъ Iэжэ джэмакъэ къызэрэхэIукIырэр зэхэзымыхырэм ежь-ежьырэу ытхьакIумэ зэрикудэжьырэр къыгурэIу. Мы къаеIохэрэр цыхагъэ горэм къысегъаIо къызшIошъумыгъэшI. Тыгъужъыкъом икъамэрэ исэфорэ уцэкугъэп, ащ дидзэрэ мыжъоупцIэри хъокIыгъэп. ТипыихэмкIэ шъэбагъэ горэ къысхэфагъэмэ, къызхэкIыгъэр нафэ: тихьэдагъэхэр мамыр илъэситIум нахь макIэ зэрэхъугъэм шъущыгъуаз, фэхыгъэ зиIагъэмэ зыкъызэрашIэжьырэм, нысэщэ джэгухэр тичылэмэ нахьыбэрэ къадэтаджэ зэрэхъужьыгъэм уезыгъэгупшысэн ахэлъ. Джыри зэ зытэжъугъэIаж. Ау ащ къизгъэкIырэп зыдгъэбэлэрэгъыныр. Урысые пачъыхьакIэм изекIуакIэ сыгу еIурэп. Ар къызытшIэщтыри тапэкIэ къэтэу къычIэкIын. ТыркуемкIи къэсIон, джары зиIоф къытхэмылъыхэр. Ислъамыр ащ елэжьымэ, гопэшIушIэ фэтшIынэу щытэп, нэмыкI хэгъэгухэми а диныр арылъ. Ежь къытхэмыхьажьыми, къырым хъанымкIэ зыкъызэрэтпищытIэгъагъэр икъун. Къэзэкъхэр тимышIухэми, зызэраIажэу тэри Iэжагъэрэ щэIагъэрэ къызхэтэжъугъэгъаф. Куохьаур зыщыбэм акъылыр щымакIэшъ, Iэдэбыр къытэбэкIэу тапэкIэ тыжъугъаплъ. СигущыIэ къызщысыухыщтым, непэрэ хасэм ыштэрэр, сыд фэдэуи щэрэт, сэркIэ зэрэунэшъощтыр къышъосэIо.

Пэшъукъ кIэ Бамбэт инэплъэгъу щыIагъэми, Къызбэч къыIуагъэм щыщ блигъэкIыгъэп, ыгукIэ дыримыгъаштэщтыгъэми, ащ ишIошIи зэхэсхыгъэ, сыщыгъуаз ыIуагъ. Джы хэт къэгущыIэщтыр? Щырыхъукъор ара, Абатэр ара?.. Зэнэ Сэфэрбый игъэпсыкIэкIэ къэгущыIэ шIоигъу, Хьаджэмыкъопщыми, Бжьэдыгъу нэс къикIыгъэу, къэмыгущыIэу ыгъэзэжьынэп, зыцIэ тымышIэ Iэджи утыгум къихьащт. Ау ахэр сэ сищыкIагъэп, сипаIо къелъэшъохыжьэу сыд пае мыщ сыщыт? Сыд унашъо хасэм ышIыгъэкIи, сыдкIэ сищыкIагъ, зезгъэгъэпэнэп. Пэшъукъ зыгорэущтэу хасэм хэсщыжьыгъэмэ дэгъугъэ...

– ЦIыфмэ ажэ зэIумыкIэу ягухэлъ зэкIахьэрэп зыфаIуагъэр шъыпкъэ,– Занэкъо Сэфэрбый хэсэ утыгум къихьагъ,– сэ сызгъэгумэкIыри къэсIон. Урысыеми Тыркуеми хэшIыкI афысимыIэу щытэп. ТIуми ядзэ сыхэтыгъ, хъун ахэслъэгъуагъэпти, сакъыхэкIыжьыгъ. Уимые, уянэ пфимыдыгъэ щыгъын зыщыплъагъэкIэ къыокIуущтэп. УичIыгу къыхэмыкIыгъэм къызэрэпфимышIэнэу, хымэ хэгъэгуми къыпфашIэн щыIэп. Тыгъужъыкъо Къызбэч къыIуагъэм десымыгъэштэн слъэкIыщтэп: хасэм къекIолIагъэмэ ясэфо къизымыпхъотын ахэтэпышъ, щыхьагъу зыми зыкъетэшъумыгъэшI, зытэжъугъэIаж. Ау мамыр щыIакIэр къызфэдгъэфедэзэ, лъэпкъ шъхьаф псэукIэм тыхэжъугъэкIи, зы адыгэ хэгъэгу тиIэным тежъугъэгупшыс. Арэу непэ тым зекIомэ, неущ тыкIэхьажьыщтэп. Урысыеми Тыркуеми азыфагу тызэхэдзыгъэу тыдэкIодэжьыщт. Къэзэкъмэ, тыркумэ къаухъумэрэ хэгъэгумэ афэдэ тэри зытэжъугъэшI. Адыгэ лъэпкъ пэпчъ зэдаштэу цIыфхэр къыткъоуцомэ, хэгъэгу зэикI тыхъущт, къытэнэцIын зигухэлъхэми нахь зыкъашIэжьыщт. Мамыр сэIо, къэзэкъмэ алъэныкъо изакъоп, адыгэ лъэпкъ зэфыщытыкIэм мамыр ищыкIагъ.

– Зэхэпхыгъа, сшынахьыкI,– Бэщ лIыжъыр IэнтэгъупэкIэ Бамбэт еIузэ, еупчIыгъ,– Занэкъо Сэфэрбый къыIуагъэр?

– Тыгъужъыкъомрэ Занэкъомрэ зэдырагъаштэ,– Бамбэти лIыжъым еIушъэшъэжьыгъ.

– Зэдырагъаштэми, Занэкъор чыжьэу Iэбагъэ, адыгэ хэгъэгу зэикIым нэсыгъ.

– ЕдэIу ащыгъум,– Бамбэт щхыпцIыгъэ,– Щырыхъукъом къыIощтым.

– Алахьым ынэшIу къызщыфэн шапсыгъэ хас,– Щырыхъукъом къыригъэжьагъ,– сапэкIэ къэгущыIагъэмэ сядэIугъэшъ, зэхэсхыгъэр хьалэмэт. ШъхьэкIэфэныгъэфорэ

лъытэныгъэфорэ зыфысиIэ ХъорэлIыкъо Мэрчанэ «еплъыкIэ зэфэшъхьаф зиIэхэри къытхэтышъ, ахэми тядэIун, тагъэдэIошъумэ тэплъын» еIо. Тыгъужъыкъо Къызбэч нэмыIэмэ, илIыгъэ сэфо Iапшъэ къэзэкъхэр зыгъэтхытхыщтыгъэр ары Iоу пшIэжьынэп, зытIэжэнэу къытэджэ, Занэкъо Сэфэрбыий Адыгэ хэгъэгу зэхэщэным тыфегъасэ. Щыми, ныбжьым емылъытыгъэу, ныбджэгъуныгъэ адысиIэми, адезгъаштэрэп. Ислъам диныр зыдэтIыгъ тыркумэ къэзэкъхэр сэ апэсшIын слъэкIыщтэп. Мыхъу зыщыхъужьырэм, джа Тыркуер ары зэгорэм тыкъызыкъонэжьыщтыр... Джырэ фэдэу, перс заор къызщежьэгъэ лъэхъаным, къэзэкъхэмкIэ тIэсхъэпIэ чIыпIэ тифагъэу къэсшIэжьырэп. Якъэзэкъыдзэ ызы кIэлъэныкъо тичIыгу гъунапкъэ Iуащыгъ. Сыд ащ нахьэу шъузфаер, джэмэхьат?

– Тыбгъэзэощт ара, Щырыхъукъор? – ЛIы зэхэтмэ фэкъолI горэ къахэкуукIыгъ.

– Уифэхыгъэмэ алъ пшIэжьынэу уфаемэ, узэощт,– Щырыхъукъом Iофы зыримыгъэшIэу къеджагъэм фидзыжьи, игущыIэ къыпидзэжьыгъ: – Щырыхъукъо Тыгъужъ къытиIогъагъ зэгорэм шъуIожьын, Тыркуер тпэчыжьэ шъуIоу дэдзых тэшъумыгъэшIы, Хьасан-пашэм, къэшъошIэжьмэ, тызэрэдзэзекIогъагъэри, ыкIыб тыдэтэу Пшызэ Iушъо Власэ инэралым къызэредгъэушъхьакIугъагъэри тфэшъуашэп. Урысые пачъыхьэм тыпэмыуцужьмэ, къэзэкъхэр къытитIупщынхэшъ, тызэраригъэпхъощт. Мыр къышъосымыIогъагъэмэ, джэмэхьат, сыгу рэхьатыщтыгъэп.

– Сэри гущыIэ горэ,– Пэшъукъ шхомлакIэр къыготым рити, къахэкIыгъ,– фэкъолIмэ ацIэкIэ къэсэжъугъаIу. Бжъэдыгъу нэс къикIыгъэ пщы хьакIэр къэгущыIэщтыгъэми сшIэрэп... Ау хэсэ утыгум сыкъихьэгъахэмэ, сызэкIэкIожьынэп.

– КъаIо... Ау,– Хъорэлыкъо Мэрчанэ зыхэтмэ къахэкIотыгъ,– шапсыгъэ хасэм шъхьагъышъхьэ щызыIыгъыр нахьыжъыгъэ-нахьыкIагъэр ары нахь, цIыф зэхэдз щашIырэп. Хьаджэмыкъо хьакIэр къэгущыIэщтмэ, ежь иIоф, хасэм иIоф нахь, о уигъэсэнэп. Ащ фэдэ пэублэкIэ джынэкъэуж, сигъунэгъу, хэсэ утыгум укъимыхь. Джы къаIо, тыодэIу.



– ЕмыкIу къысфэшъумышI, шъхьэкIафэ зыфэсшIырэ шапсыгъэ хасэфор. Сэ хэсэ утыгум сыкъихьанри, сыкъыщыгущыIэныри, шъузгъэсэжьыныри, ары пакIошъ, сымакъэ зэхэшъозгъэхыныри къезгъэкIурэп, ау етIани гущыIэр къызысатыгъэкIэ...

– КъэпIощтыр къаIо,– лIымэ ащыщ горэм Пэшъукъ игущыIэ нэкIхэр фэщэчыгъэп,– уищалъэ зэ псы шъхьашъом нэгъэс.

– Шъо къызэрэшъуещыхъоу, сэ бащэ къэсIощтэп.– ЛIыр къыздиджыкIыгъэ лъэныкъомкIэ плъэзэ, Пэшъукъ къыIуагъ, мэкъэ теубытагъэкIэ къыпиупкIыгъ: – сэ сигущыIэ тинахьыжъ Хъорэлыкъо Мэрчанэрэ Тыгъужъыкъо Къызбэчрэ ясэфо уакIэ фэдэщт, ау ахэмэ сырягъусэп, Щырыхъукъо Тыгъужъ къыIуагъэм десэгъаштэ! – Пэшъукъ къыдезгъэштэщти-къыдезымыгъэштэщти пымылъэу утыгум икIыжьыгъ, шэсыжьи, хасэм къыхэлъэтыжьыгъ.

– Ошэсыжьа сэIо, Бамбэт,– онэгум зизыдзэжьырэм Бэщ еупчIыгъ.

– Мо шыур зыIэкIэзгъэкIы хъущтэп.

Заулэрэ Бамбэт ыпэ ит шыум лъычъагъэу еджагъ. Пэшъукъ къызэплъэкIыгъ, шым ичъэ щыригъэгъакIи, зыкъызэригъэзэкIыгъ:

– Ора сэIо, Бамбэт?!

– Сэры, укъэмыуцу. Хасэм сыд уикъыхэкIыжьыкI сэIо?

– Сыд мохэмэ уахэтыжьыкIэ... Плъэгъугъэба Щырыхъукъо Тыгъужъырэ сэрырэ зыкъызэрэтфашIыгъэр?

– Сыд япIуагъэкIи ахэмэ ахэхьажьынкIэ сыгугъэрэп.

– Тыгъужъыкъо-Хъорэлыкъо-Абатэхэм аIощтыри аIогъахэу, ашIэщтыри ашIэгъахэу хасэм къекIолIагъэх... Хьаджэмыкъо къэзэкъ нэгум къыIорэмэ сядэIущтыгъ, ара?!. Мыдэ, ар Iофэп, о сыд уищыIакI, Бамбэт? Пшъхьэ щыбгъэзыежьи, илъэситIум къэт ябгъэIуагъ. Сэ мыкIэ сизакъоу плъы сэшIэжьышъ, Бжъэдыгъу сит... СултIанмэ тхьаусыхакIо афакIу, яхьадэгъэфо, Хъан-Джэрые шъхьэ псыгъор къэмапэкIэ шыплIэм дэзгъэфагъ...

– Сыдигъу? – Уифедэ хэмылъэу сэщ пае ар пшIагъэпщтын, Бамбэт гукIэ щхыпцIыгъэ.

– Тыгъоснахьып. ГъэрекIуи сыуIэгъагъэ, мызгъэгу зыIэкIэзгъэкIыжьыгъэп... Сэри къысхэпыджагъ, ау ежь ыпсэ Iусхыгъ...

– ТапэкІэ шыу куп къэкІы,– Бамбэт къэгумэкІыгъ,– ятшІэн щыІэп, мэзым тыхэгъахь, нахь гупсэфэу тыгущыІэн,– запхъуати, шыуитІур мэз хъотэ гъогунчъэм дэлъэдагъ.

## VI

Пчыхьэм СултІанмэ якъэлапчъэ дэжь къыщыІугъэ макъэмэ Къэнтатэ унэм къыращыгъ, шэсыхэрэм Хъан-Джэрые зэрялъэІурэр зэхехы:

– Шъэуай! Хьадж-Къэсэй! Зэ шъубыяу, Пэшъукъ шъулъежьэкІэ, гъуим хэлъэдэжьыгъ, жъугъотынэп. Хэщ-ощ пшІын уІагъи къыстырищагъэп... Зыми езгъэшІэнэуи сыфаеп...

– Хъан-Джэрый, а сикІал, шъыд къышъохъулІагъэр? – Къэнтатэ гумэкІ макъэкІэ лъэгуцэм къеджыхыгъ.

– Хъугъэ щыІэп, нан,– Хъан-Джэрые иуІагъэ тІэкІу къегъущтыгъэми, къызхимыгъэщэу янэжъ ІугушІуагъ,– моу сионэш тезгъэкІухьэзэ синэІосэ шыу горэм зыкъыспигъэпкІэгъагъ. КъэошІэжьмэ, Мэрчанэ аталыкъым дэжь сыщыІэзэ, кІэн сыздешІэщтыгъэ Пэшъукъ ары.

– Шъыд зыфаер? – Къэсымышlэжьы хъуна, Сисурэ зыгъэунэхъугъэм ари игъусагъ Къэнтат къыІо шІоигъуагъ шъхьакІэ, Шъэуае ыпашъхьэ зыщиІэжагъ.

– Шъыд фэен, ышъхьэ унэзагъэу дунаим тет... Къэзэкъыбгъур къытфэзымыгъэгъурэмэ ари къахэхьагъ...

– Я си Алахь, зэ уцужьхэмэ хъутхэба мыхэр...– Къэнтатэ лъэгуцым текІыжьызэ къызэтеуцожьи, нахь мэкъэ шъабэкІэ къыІуагъ: – Пчыхьэшъхьашкэ пшымэ, Хъан-Джэрый, садэжь къиихь. Ори ары, Шъэуай.

Хъан-Джэрые игумэкІыгъо янэжъкІэ шъхьащыкІыгъэ фэдэу къызщэхъум, гупсэфыгъэу Шъэуае Іуплъагъ, ардэдэми къэбарым щымыгъозэ янэ Бычи ынэгу къыкІэуцуагъ, Сахьид-Джэрыерэ Адыл-Джэрыерэ зафиплъыхьагъ.

– НахьыкІэхэр тэ щыІэх, Шъэуай?

– Чыжьэу щыІэхэп.

– Язакъуа? Хэт ягъус?

– Къаймэт кІыгъухэу былымымэ апэгъокІыгъэх.

– Армэ хъун. Сисурэ дэжь некІо. УІагъэр мыхъатэми, зыгорэ етпэсын.



Сисурэ унэм имысэу къычІэкІыгъ.

– УІэгъэ цІыкІу, уІэгъэ ин щыІэп, Хъан-Джэрый, моу сегъэплъ.

– Сихьазырмэ къамэр къамыубытыгъагъэмэ, лые къысихытыгъэ...– Хъан-Джэрые цыябгъэр къытІэтагъ, лъым риІэгъэ хъэдэн щыхьагъэри къыдзызыгъ, джэнэбгъэ фыжьым къыпхырифыгъэ лъы гъопцагъэри къэлъэгъуагъ, Сисури унэм къихьажьыгъ.

– Тхьэ къысауи!..– Сисурэ кІэкуукІыгъ.

– Быяу, Сисур,– зэмыплъэкІэу Шъэуае ыІуагъ,– зыми емыІу. Псы фаби, хъэдэн къабзи къахь. УІагъэм тыралъхьэрэ уцыр Хьадж-Къэсэй къегъэхь. Насып уиІ, Хъан-Джэрый, Алахьэм ынэшІу къыпщифагъ, уихьазырмэ укъаухъумагъ.

– Алахьэм къынэуж, сихьазырмэ язакъоп,– Хъан-Джэрые гу къызІэпишІыхьажьыгъ, лъыр къызэчъэжьырэ нэгу кІыфым щхыпэ къечъагъ,– Пэшъукъ къызыщыотым, сиш кІэбгъулъыгъ... Неущ гъогу сытехьанэу щымытыгъэмэ...– Хъан-Джэрые къыригъэжьагъэр игукъао къырымыгъаІоу хэщтыкІыгъ, уІэгъэ укъэбзыгъэм уц тхьапэхэр тезылъхьэщтыгъэ Хьадж-Къэсэий зэхихыгъэр ыдагъэп:

– УиуІагъэ мыхъужьэу шъыд гъогу узытехьатэр?!

– УІэгъэ Іоф щымыІэнэу тызэзэгъыгъэба, Хьадж-Къэсэй? – Шъэуае псынкІэу къыІуагъ, унэм лэджэныпсыр изыхыжьыщтыгъэ бзылъфыгъэми лъыджагъ: – Арба, Сисур?.. Оры, о шъыдэу угуджэ ущыта, Хъан-Джэрый?

– Уцыр къебжьыбжьы умыІощтмэ, уІагъэр къызышъопхым, жьы къэсщэжьыгъ.

– Ар дэгъу,– Хьадж-Къэсэй къэтэджыжьыгъ,– уцыр къебжьыбжьымэ, ишІуагъэ къыокІын.

Цыерэ джанэрэ ыІыгъэу Сисурэ унэм къихьажьыгъ:

– Ма, мыхэр зыщылъ. Уицые бгъэгупэ сыдыжьыщт.

Хъан-Джэрыерэ Шъэуаерэ Сисурэ иунэ къызекІыжьхэм, щагум бэрэ дэтыжьыгъэхэп. Шъэуае кІыщ лъэныкъомкІэ, иІоф щымыІагъэми, кІуагъэ, Хъан-Джэрые иуІэгъэ къецакъэ зыригъэсэжьызэ заулэрэ щагум дэти, унэ кІыбым рекІокІыгъ, ятэ имыжъосын кІэрыхьагъ, теІэбагъ, арабыбзэкІэ хэутыгъэ лъэкъуацІэм, цІэм, дыухьэм яджагъ, етІанэ ІэгушъуитІур ынэгу Іущэягъэу лІагъэмэ апае дыухьэ къыхьыгъ.

Ышынахьыкlитlу lэ щэигъэхэмкlэ къыгоуцуагъэхэу зелъэгъум, игуапэу идыухьмэ джыри зэ къатыригъэзэжьыгъ.

– Сшынахьыкlэхэр, Сахьид-Джэрый, Адыл-Джэрый,– дыухьэр зеухым, Хъан-Джэрые къыlуагъ,– сэ неущ гъогу сызытехьэджэ, тилlакъокlэ паlо зыщыгъэу тищагу къыданэрэр шъоры. Мы къэм дэлъхэм, хэти зэрэфэлъэкlэу, тилlакъо къаухъумагъ, агъэлъэпlагъ. Мыхэми, псаухэми тафэшъыпкъэнэу, шъыд фэдэрэ чlыпlэ тифагъэми тыгу къырыкlыжьынхэу, гущыlэ lэтыгъащи хэмылъэу lо зэдэтэжъугъэшlы...

Унэ кlыб къэхалъэм зэшищыр къыздэкlыжьым, бэрэ къызэрэфыхэмыкlыщтыгъэу, янэ зэригъэлъэгъумэ шlоигъоу Хъан-Джэрые ыгу къыпылъэдагъ. Къэнтат нанэм иунапчъэ блэкlи, янэ зэрыс унэм ихьагъ.

Ыкъо нахьыжъ Бычэ зелъэгъум, гушlопсым зэлъиштагъэу идышъэ хэдыкlын lуигъэкlотыгъ.

– Къакlо, сикlал, къакlо, нынэ. Джыдэдэм сыгу укъыпылъэдэгъагъ. Моу къызготlысхьи, сыгу гъэрэхьаты. А сикlал, шъыдэу укlыфа? – Бычэ ышъо къызэокlызэ, Хъан-Джэрые еупчlыгъ,– зыгорэ мэуза? Узгъэгумэкlырэ щыlа?

– Адэ шъыдэу ори ущтапха, тян? – Хъан-Джэрые щхыпцlыгъэ, етlанэ нэплъэгъу фабэкlэ янэ ынэгу кlэплъагъ.– Узэзгъэлъэгъунэу сыкъихьагъ нахь, гумэкlыгъо къыпфэсхьыгъэп.

– Неущ гъогу утехьатэу садэжь укъимыхьэ хъуна, сикlал. Тыгу илъыр зэтымыlотымэ...

Ным ынэ шъабэмэ джыри зэ Хъан-Джэрые акlэплъагъ, акlилъэгъорэ гумэкlхэм янахьыбэкlэ зэрэамылынчъэщтыр зыдишlэжьызэ, гукlэ хэщэтыкlыгъ, ошlэ-дэмышlэу къыдихьыегъэ упчlэр римытын ылъэкlыгъэп:

– Тян, укъысфэраза?

– Шъыда, сикlал, ар озгъаlорэр? – Бычэ ышъо зэокlызэ, щтэгъэ нэгукlэ ыкъо lуплъагъ: – Узгъэгумэкlырэ щыlэмэ, къысаlу, сшlомыушъэф. Непэ зэтымыlорэм неущ кlасэ тыфэхъун...

– Зи мыхъун щыlэп, тян,– Хъан-Джэрые зыкъишlэжьыгъ,– джау шъыдми сыкъэупчlагъ.

– А сикlал, о зэщтегъэкlэу укъызэрэмыупчlэтэр сэшlэ, къаlо уигумэкl.



– Ары, ары, ау шъыд пшlэгъахэм утегущэlэжьыджэ...

– Укъысэдэlутымэ, сикlал, ари озгъэlотэп. Шlу пшlагъэмэ, укlэмыгъожь, гъогупэ горэм ащи зыкъыщыпфигъэзэжьыт, ишlуагъи къыокlыжьыт. Ау мыхъун пlэкlэшlагъэмэ, ушъхьащымыкl, къин къыпфэхъуми фызэплъэкlыжь, шlугъэшlагъэкlэ зыщыгъэгъупшэжь. Армырмэ, уапэджэ уигъэплъэтэп, уилъэхъэ зэпытыт. Укъысфэраза пlуи укъысэупчlыгъэшъ, сикlал, шъыдэу хъумэ къэплъфыгъэм уфэмырэзэн, ау зэхэсхыгъэм сегъэгумэкlы.

– Сыкъызэрэупчlагъэм, тян,– Хъан-Джэрые къэгузэжъуагъ,– хэлъ щыlэп. Тятэ игъогу сызэрэтехьагъэр зыгорэджэ къыохьылъэкlымэ сэlошъ ары.

Бычэ ынэгу псыгъо дахэ къэчъэкlэу къэупчlагъ:

– Ар непэ къежьэгъэ lофа, сикlал?

– Непэп, ау тятэ игъогу сызэрэтехьагъэмджэ упчlэжьэгъу узэрэтымышlыгъагъэм нахь сигъэгумэкl хъугъэ. Ащджэ, джыри кlасэп, неущ гъогу сызытехьатым, угу илъыр сшlэ сшlоигъу.

– Тхьэуегъэпсэу, сикlал. Ащ фэдэм кlэсэ-пасэ иlэп. Гощэшхоми ыlорэ ышlэрэ пстэуми адесэгъаштэ сlомэ, усэгъапцlэ. Уятэ игъогу ухыкlэ сэрджэ тхьамыкlэгъуагъэти, апэрэ мафэм щегъэжьагъэу лъэубэкъоу пшlыгъэм сырырэзагъэп, гощэшхори зэрэфэмые дэдэр сшlэзэ, лlэкъо нэузырти, сыхэгущэlагъэп. Непэ уиакъыл къызыщыкlуагъэм пшlагъэм урыразэмэ, сэри сызэрэрыразэр къыосэlо, джэнджэшыгъэ горэм уеухымэ, ащыджэ угу гъэрэхьаты.

– Тятэ игъогуджэ,– Хъан-Джэрые ышъокlи, ымакъэкlи нэмыкl хъугъэу къыlуагъ,– джэнджэшыгъэ гори зэрэсхэмылъыр къыосэlо, тян. Ащ фэшъхьаф гъогу адыгэхэмджэ тиlэп.

– Алахь зизакъом пlорэмджи, пшlэрэмджи укlерэмыгъэгъожь, сикlал,– Бычэ ымакъэ къыщытхъагъ, lэплъэкlыжъыемкlэ ынэмэ акlэбэнэжьыгъ.

– Тян, ар сымылъэгъугъэмэ нахьышlугъ,– нахь мэкъэ чъыlэкlэ джыри Хъан-Джэрые къыlуагъ.

– Ары, сикlал, ары,– Бычэ зыкъишlэжьыгъ,– гоо нэпсхэп мыхэр... Лlы узэрэхъугъэм ишыхьатых, сэгушlо.

– Тхьэуегъэпсэу, тян. Ыджыри зы лъэlу къыпфысиl, мыщыджэ нани сыкъигъэгугъагъ, ори къысфашl. Сшына-

хьыкӀитӀу сауж къырыкӀонэу аӀомэ, пэрыохъу уафэмыхъу, кӀэмыгъэгъожьых.

— А нынэ, шъыдэу сэрджэ шъужъалым!..— Зэхихыгъэм Бычэ ыгу къыгъэцӀыкӀугъ, етӀанэ нахь мэкъэ ефэхыгъэкӀэ къыухыжьыгъ: — шъуищэ урысыдзэ лъэныкъомджэ жъугъазэмэ, хэт сэ, гощэшхори псау зэпытына, сыкъызыкӀэрынэжьытыр?..

Мэкъэ хафэ зиӀагъэр ары Ӏоу умышӀэжьынэу Хъан-Джэрыий ыгу къэушъэбыгъ, шъыпкъагъэ зыхэлъ гущыӀэ лъэӀумэ ным нахь рагъэкӀотылӀагъ, джабгъу бгъэгу псаумкӀэ ытамэ зырифызылӀагъ, ышъхьэ тырилъхьагъ. КъекӀошъылӀагъэм ишъэбагъэ зэхишӀэу, Бычи ынэгу псыгъо пӀуакӀэ ыкъо ынатӀэ тыригъэгупсэфагъ, сабыигъор ыгу къыфигъэкӀыжьэу, ыкӀыб Ӏэ щифэу заулэрэ щысыгъ.

Нымрэ къомрэ ятакъикъ Ӏэшӏухэр апэ Хъан-Джэрые къыукъуагъ:

— УигумэкӀхэр къызгурэӀо, тян, емыкӀу къысфэмышӀ. ГукӀодыгъо щыӀэп, сэри, нахьыкӀэхэми шъукъыттемыщынахь, урысыдзэм тыхахьэджэ тятэ ищагу ӀэкӀыб тшӀынэп, зэгорэм тищагу къызэрэдгъэзэжьытым шъуемынэгуй. Ар нани есӀуагъ, ори къыосэӀо.

— Тхьэуегъэпсэу, сикӀал. Алахьэм шъуигухэлъ къыжъудегъэхъу, сыбгъэрэзагъ, сыбгъэрэхьатыгъ. КӀо, нынэ, гощэшхом дэжь, сэ непэрэзымафэм укъыскӀэрысыгъэми сыкъыозэщытэп... Гощэшхом ыгу гъэрэхьаты, фэсакъ, гъогу узыщытехьатым мэхагъэ зыхемыгъэлъагъу, зысэгъэлӀы пӀоу, сэщ фэдэп а тхьамыкӀэр, уигучъыӀагъи зэхемыгъашӀ, гуцафи къызыфемыгъэшӀ. Гощэшхор къытшъхьащымытыгъэмэ, тызэрэхъутыгъэри сшӀэрэп. А сикӀал, зэ къэуцуи,— Бычэ тэхътэ пӀэшъхьагъым чӀэӀабэзэ, ыкъо кӀэлъыджагъ,— мы дыухьэр пшъэ къисэгъалъхь, зымафэ пфязгъэтхыгъ. Уздежьэгъэ лъэныкъом ишӀуагъэ къыщыокӀыт, нэ Ӏаемэ,— «пцэшӀуащэмэ» ыӀо шӀоигъуагъ шъхьакӀэ, ыжэ къыхьыгъэп,— уащиухъумэт.

— Нани мыщ фэдэ дыухьэ, Петербург сыкӀон зэхъум, спшъэ къырилъхьэгъагъэу зэрилъ,— фаеми фэмыеми умышӀэнэу, Хъан-Джэрые къыӀуагъ, гъэрекӀо, кадет корпусым щеджэзэ, ащ пае хьэмамэм къыщыдэхьащхыгъэгъэ кадет кӀалэм зэрезэогъагъэр, къыпыкӀыгъэгъэ бырсырыр ыгу къэкӀыжьыгъ.

— Ар гощэшхом ыцӀэджэ пшъэ игъэлъ, мыр сэ сцӀэджэ... Ихьау, пшъхьэ къэуф, сэр-сэрэу къислъхьат... Умыщын, сикӀал, уиуӀагъэ згъэузытэп...

— Шъыд уӀагъ?! — Ишъэф нафэ зэрэхъугъэр шӀошъхьакӀоу, ащыщэу зытырилъхьащтыри ымышӀэу, Хъан-Джэрые ыуфэгъэ шъхьэр къыпхъотэжьыгъ, дыухьэр джэнэ чӀэгъ ышӀыжьызэ, къэупчӀагъ: — Хэт джы ар къыозыӀуагъэр?

— Бащэ, сикӀал, ащ фэдизэу угу емыгъэкӀу, зыми къысиӀуагъэп.

— Ащыгъум тэ щыпшӀэра сиуӀагъэ?

— Ныгум уигъэпцӀэтэп, сикӀал. Уицые зэблэхъу гуцафэ сигъэшӀыгъэти, адырэ цые дыжьыгъэми убгъэ узэрэфэсакърэми къаушыхьатыжьыгъ... УимыгъэгумэкӀмэ Ӏофэп, упсаоу укъэнагъэмэ, ари пщэӀэн. Гощэшхом гуцафэ емыгъэшӀ. Уятэ ыуж сыд къышъохъулӀагъэми, ащ зи къызхигъэщырэп шъхьаджэ, унэм гупсэфыгъо ригъотэжьырэп, щагум дигъотэжьырэп... Сэри сыфэсакъы, ори фэсакъ, сикӀал. ШъузэдэгущаӀэ хъумэ, зыгорэджэ пшынахьыжъ Къырым-Джэрые гущаӀэджэ шъуазфагу къьдахьэмэ, лӀакъомджэ къытэхъулӀагъэм егъэгумэкӀышъ, щэӀагъэ къызхэгъаф, угу зэремыбгъэрэр гурыгъаӀу, уятэшри ыджар дэдэджэ къыддэзекӀо.

— Дэгъу, тян. Ащджэ зыгъэрэхьат, зымафэ тятэш Аслъан-Джэрые ыдэжь сызэкӀом, ыджар дэдэр къысиӀогъагъ. Джамболэт ары нахь мыуцурэр, ежь Къырым-Джэрые кӀэгъожьыгъэу зэхэсхыгъэ. СыздэкӀот дзэм Къырым-Джэрые хэтышъ, зэзгъэгъотын, сшынахьыжъба, шъыд пае тызэфэмышӀоу дунаим тытетын.

— Ары, сикӀал. Сыгу бгъэрэхьатыгъэ. Янэрэ ыкъорэ унэм зырашӀахьыжьыгъ ядгъэӀонэп. Гощэшхор гъэрэхьат.

Хъан-Джэрые пчъэ кӀыб зэрэхъоу Бычэ къыщиутагъ. Ӏэгушъор ыӀупэ Ӏуубытагъэу, ытамэхэр къыхэлъэтыкӀэу заулэрэ гъыгъэ, къызэрэригъэжьагъэм фэдэуи щигъэтыжьыгъ. ӀэплъэкӀыжьые фыжьымкӀэ ынэмэ акӀэлъэкӀыхьажьи, нэкӀущыфэмкӀэ зызеригъэфэжьи, ихэдыкӀын пидзэжьыгъ.

Илъэс тӀокӀым, Бычэ гукӀэ ыӀуагъ, аталыкъым зыщеттыщтым иапэрэ илъэсищым фэшъхьафрэ, Хъан-Джэрые моущтэу сыдэгущыӀагъэу къэсшӀэжьырэп. Ари нэкӀэ сыӀугушӀощтыгъ, апэрэ гущыӀэхэр езгъашӀэщтыгъ нахь, сыд

есІони… Загъорэ аталыкъым дэжь къызыращыкІэ, чэщи, мафи гощэшхом къызкІэритІупщыщтыгъэп. Аущтэу щытыгъэми, сыгу ебгъэрэп, ежьыри ыпсэ хилъхьагъ, ыпІугъ, ылэжьыгъ. Къэзэкъ пытапІэми щыригъэджагъ, дыщыІагъ. Сэры мыхъугъэмэ, джы къыздикІыжьыгъэ Петербурги кІощтыгъэ, дыщыІэщтыгъэ. Сисурэрэ сэрырэ тызэгуахьи, Шъэуаий къыздэдгъэІэпыІэзэ, блэкІыгъэ бжыхьэм гъогу тедгъэхьэгъагъэп, гъойщае мыхъугъагъэмэ, сыд етІуагъэкІи къытэдэІущтыгъэп. Неущ Хъан-Джэрые гъогу зэрэтехьатым сыдэущтэу гощэшхор ехъулІэт? Сэры?.. Ныгуба сэ сыбгъэ дэлъыр?! Я си Алахь, зыдежьагъэр ІэшІэх гъэхъуи, нэмысызэ къегъэгъэзэжь… Сыд ар тэ зэрэтищыкІагъэр? Къэплъфыгъэр джаурмэ яптыгъ, быслъымэнмэ яогъэзао умыІоу, сыкъызэхэшыкІ. СфэлъэкІытыгъэмэ, сищагу дэзгъэкІыныеп, Пшызи зэпырызгъэкІыныеп, урысыдзэми хэзгъэтыныеп. Ау сэ сфэмышІагъэр гощэшхоми теслъхьэрэп, сипщыгъэми тезгъакІэрэп, къытэхъулІэрэ пстэуми, шІукІи екІи, уишІэ ахэмылъэу сІорэп. СызэрэолъэІурэ закъор – сикІалэ унэшІу щыгъаф, къысфэухъум, ышнахьыкІэхэри къысфэгъэхъух, лІы гъэхъух. Хъан-Джэрые ышнахьыжъ Къырым-Джэрыий, къэсымылъфыгъ нахь мышІэми, тиІэр тфикъущт, псаоу тилІакъо къыхэгъэхьажь, зыгу зэфэмышІу адыгэхэри, къэзэкъхэри шІукІэ зэІугъаплъэх, гъэрэ фэмыдэу типщы щагуи дэгъэлъ, тиадыгэчІи модырэ къэзэкъычІыми, сыд зэтырахын, гупсэф арыгъэлъ.

КъэкІогъэ мафэр жыгъэми, ылъэ темыт пщы щагум дэтыжьыгъэп. Хэти, фэмыфыгъэ къызхимыгъафэу, иІоф зэрефэ. Файтон зэкІэшІэгъахэр къэлэпчъэшхом дэжь щыт. Къаймэт куплІэм дэс, Хьадж-Къэсэй ишырэ Шъэуае ионэшрэ иІэдэжьыгъ. Гъогу пхъонтитІур кукІэм егъэкІугъ. Унэм джы къимыкІмэ джы къикІыщт Хъан-Джэрыеу Екатеринодар нагъэсыщтым ежэх.

Къэнтатэ зэрыс унэм мэкъэ бащэ къиІукІырэп. Ежь Къэнтатэ зэрэгъэкІэрэкІагъэм фэдэу, тыгъоспчыхьэ зэрариІогъагъэу, Бычи Сисури анахь щыгъын къабзэхэр ащыгъ. Сахьид-Джэрыий, Адыл-Джэрыий анахь щыгъынышІоу яІэхэр зыщалъагъ, нысэщэ гъогу техьащтым фэдэу Шъэуаий зэтегъэпсыхьагъ. Хъан-Джэрые дзэ шъуашэмкІэ, тэмэтелъхэмкІэ, паІомкІэ, щазымэхэмкІэ унэм ис пстэуми къахэщы. Хъулъфыгъэхэр афэшъошэ чІыпІэмэ ащысых. Тыжьын бэщышъхьэм ыІэгушъохэр телъэу, Къэнтатэ тахътэм тес, Бычэрэ Сисурэрэ шъхьарытых.

– А сикІал, а Хъан-Джэрый,– Къэнтатэ мыгузажъоу, гущыІэ пэпчъ хигъэтІысхьэу къыригъэжьагъ,– тыгъоспчыхьэ къыосІуагъэр зэрэбгъэцэкІэтым сицахь телъ. УздакІорэр ошІэ, узфакІорэм уфэшъыпкъ оІошъ, Алахь зизакъом гъогумафэ утырегъахь, узыхэкІырэмэ шІуджэ уакъыхехьажь. Уигъусэхэр зэрэхъоу ухъун, Алахьэр угу игъэлъ, ынаІэ къыптетын, ынэшІу къыпщыфэн. Екатеринодар узэрэдэкІыгъэм лъыпытэу, тыкъыожэтышъ, уикъэбар тэгъашІэ. Зыгорэджэ Къырым-Джэрые уІукІэмэ, ыпсэ зэрэтхэлъыри, шІу зэрэтлъэгъури, шъощ фэдэ къабзэу зэрэтикІалэри сфеІожь. А нысэ, а Сисур, тэ унэм тыкъинэт, нахьыкІэмэ къэлапчъэм нэс ашнахьыжъ арэгъэкІуат. Хэти гумэхагъэ къызхигъафэмэ, сигопэтэп.

Хъан-Джэрые янэжъэрэ, янэрэ, Сисурэрэ сэлам арихыжьи, Шъэуаерэ ышнахьыкІитІурэ ыуж итхэу унэм зекІым, Къэнтатэ къыІуагъ:

– Джы моу, бащэрэ сызэшъумыгъэлъэІоу, шъукъэтІыс, файтон макъэр зэхэтхыфэ тыщыжъугъэс.

Файтон макъэм бэрэ зэригъэжагъэхэп.

– Гъогумаф, Алахьэм шІуджэ укъытхехьажь,– Къэнтатэ тхьэ елъэІугъ, Бычи Сисури агу къызэхэхьагъэми, къызхамыгъэщэу джа дэдэр къыкІаІотыкІыжьыгъ.

Сахьид-Джэрыерэ Адыл-Джэрыерэ ашнахьыжъ гумэкІыгъо чыжьэ горэм зэрагъэкІотагъэр янэмыз-Іумызыгъэ къыхэщэу, унэм къихьажьыгъэх, ным блэкІхи, Пшызэ лъэныкъокІэ чъэщтыгъэ файтоным ымакъэ зытхьакІумэ икІодэжьыщтыгъэ нэнэжьым готІысхьагъэх.

## VII

Пщы щагур загъорэ зэгъокІ хъоу мафэхэр къыхэфэ. Нахьыбэрэ ар Къэнтатэ ищэджэгъоуж гъэпсэфыгъо тефэ, пщы щагум дэтхэри ащ елъытыгъэу мэпсэух.

Непи Къэнтатэ зыщигъэпсэфырэ бжыхьэ мэфэ фабэм унэм ишъхьаныгъупчъиплІымэ языpэм иещалІэхэр ныкъоІухыгъагъэх, тыгъэпс тІэкІуи ипсэщтыгъэ, жьы мэкІэ

шъаби рилъасэщтыгъ. Тахътэм тегъэкIэгъэ Къэнтатэ ынэхэр упIыцIэгъагъэхэми, Хъан-Джэрые зыдащэгъэ Тифлис лъэныкъомкIэ, Сахьид-Джэрыерэ Адыл-Джэрыерэ зыщеджэрэ ЕкатеринодаркIэ игупшысэ-гумэкIхэр щыIагъэх. Тифлис-Эриван лъэныкъомкIэ урысыдзэм щыхэт анахьыжъ Къырым-Джэрыий джа гупшысэмэ ошIэ-дэмышIэу къахэущтыгъэ, зыгъэ риIогъагъэм рыкIэгъожьэу, зыIут заом ищэ нэшъу щыфэхъунэу ащи тхьэ фелъэIущтыгъэ.

ХэдыкIынымкIэ зигумэкI зышъхьащезгъэхыщтыгъэ Бычи гупшысэнчъагъэп. Ари Хъан-Джэрые зэрэфэгуIэрэм фэдэу мафэ къэси еджакIо Екатеринодар къыращыжьыщтыгъэ нахьыкIитIуми афэгумэкIыщтыгъэ, тыгъэ егъэзыхыгъом ехъулIэу япчъэIупэ къызыIухьажьыщтхэ уахътэм дэгуIэщтыгъэ. Ахэми зыкъаIэты, ашнахьыжъ кIырэплъыхэшъ, непэ фэмыдэу, неущ, неущмыкIэ къапыщылъ илъэсхэм нахь зафакъудыищт, гощэшхоми ижьау ашъхьащыт зэпытыщтэп, икъунба ежьыри зыфит щымыIэу иджэхэшъогу зэрэтетыгъэр. Джыри, мары, яIоф зэрэхъущтым егъапэ, адыгэ зэмызэгъ бырсырым урысыбгъум зызгъэзэгъэ СултIанхэр зэрэхахьэджыхьэхэри ыгу къинкIэ щызэпэкIэкIы.

ЗымышIэхэрэм къазэрэщыхъоу, СултIанмэ ямэкъумэщышIэхэри зэгурыIожь закIэхэп. Хэти зэрыт чIыпIэм епэсыгъэу мэпсэуми, шъхьэфит зыхэмылъ щыIэнигъэм зэримыдзэхэу, зэримыгъэутэкIхэу мафэ къафыхэкIырэп, СултIан-Хъаныкъохэу зыфэлажьэхэрэр УрысыемкIэ зэрэгъэзагъэхэм нэмыкI цIыфхэр къызэреплъыхэрэм, къапыщылъым ахэри егъэгумэкIых, Хъаныкъомэ яцубжъэ къытефэрэ мыжъом ежьхэри елъэпэожьхэу къыхэкIы. Шъэуаий Сисури ахэмэ ахэкIыжьынха, гумэкIи, гукъауи щыIакIэм къафехьы, ау етIани а нэбгыритIумэ яIоф фэхъущт кIэухым пщы щагури чылэри зэредзэжьы. ЗэкIэми анахьэу ыгъапэрэр Сисур. Сыд фэдизэу Къэнтатэ Iушми, шъхьэлъэшми, кIочIэнчъэу нэбгыритIумэ азыфагу къыдэнагъ. Сисури амалынчъэу къыIуплъэрэ пэпчъ къыдэхьащхы шIошIэу, пчэгум изакъоу къинагъ.

ТхьамыкIагъом, гукъаом, етIани ащ зэфагъэ хэмылъ зыхъукIэ, цIыфыр ефызы, егъэцIыку шъхьакIэ, къырашIэгъэ емыкIур Къэнтатэрэ Бычэрэ къеубгъокIыгъэхэу, щагудэтхэр къыкъотхэу Сисурэ рагъэукIочIыгъ. Шъэуае къызегъэзэжьми, ыгу дэхъыкIырэр къызхигъэщыгъэп, насы-



пынчъэуи зыригъэлъэгъугъэп, шъорышIыгъэ-нэшIошIыгъэ чэфкIи зыIуигъэплъагъэп, ау гъэрекIо бжыхьэ щегъэжьагъэу, Паденкэмэ яджэгу къызекIыжь уж, хэмылъыгъэ Iаджи ШъэуаекIэ къыхафэу зэрэхъугъэр зыдишIэжьэу ригъэжьагъ. Нахьыбэ тешIэ къэси, къэзэкъмэ дунаир фагъэкъутэжьызэ нысэщэ джэгу зыфашIыгъэ Анфисэ Шъэуае къыфидзыщтыгъэ нэплъэгъу шъэфыр, мыдырэри зэрэIугушIожьыщтыгъэр Сисурэ щыгъупшэн ылъэкIырэп, ежь ие шъыпкъэ горэ тырахэу къыщэхъу, зэринэкIырэ илъэс тIокIырэ тфырэми къегъэгужъые, гупшысэ зэпеохэри къегъэтэджых.

Непэ фэдэу Сисурэ Iофынчъэ щэджагъо къыземыкIугъэр бэшIагъэ. Ныпчэдыжьи, къехъулIагъэр ымышIэу, зыми ыIэ екIурэп, гупшысэм зэкIиIулIагъэу щагу шъхьаныгъупчъэм кIэрыс. Къэнтатэрэ Бычэрэ афэдэу игупшысэ пщы щагум дэкIырэп, Шъэуае шъхьащыкIырэп. Лъэустэнхьаблэ гукIэ зыдэлъэтырэм, игъашIэкIэ Екатеринодар блэкIэу нахь чыжьэ зыдэкIогъэгъэ Васюринскэм къэзэкъ джэгум нэсы, ащ щилъэгъугъэхэр ынэгу къыкIэуцожьых.

Сыда сэ Анфискэ нахьи сызэрэнахь Iаер, Сисурэ зэупчIыжьы. ЗыгорэкIэ сызэрахьыгъагъэр арымэ шIэ? КъызгурэIо Шъэуае ыгу щышIэрэр... Зынапэ тырахыгъэ пшъашъэм улъыIэбэныр зэрэмытхъагъор сэшIэ. ЦIыфмэ уакIыб щаIощтым ушIолIыкIыщт... АщкIэ Шъэуае сыгу ебгъэрэп, зэгорэм угу шIу къысфилъыгъ, укъысэпсэлъыхъощтыгъ, нэпэнчъагъэ къызысахы уж дэгу-псыгу зыкъысфэпшIыгъ, сыкъызэхэпшIыкIырэп сIоу сыобгыщтэп. Хьаулыеу Къантати, Бычи, Къаймэти, Хьадж-Къэсэий загъэлIэжьы. Шъэуаерэ сэрырэ тиIоф лIыгъэ ерыш къыхэхьан зэримылъэкIыщтыри къызгурэIо. Ау, сыд къысэхъулIагъэми, Анфискэ мыукIытэм нахьи сынахь Iаеп, унагъо ихьэгъахэм Шъэуае зыкъызэрэфишIыщтыгъэу нибжьи зысшIынэп... Е-о-ой, Пантелей тхьамыкI, унагъо умышIэ рапшIэзэ, унапэ тырахын рагъэжьагъ! Джыры нэмыIэмэ заом уIут, а слъэгъугъэр къыоблэнэп... Хъулъфыгъэр сыда? Зыфаер зигъотыхэкIэ, зыпыутхыпкIыхьажьынышъ, зи мыхъугъахэм фэдэу хэхьажьыщт. Бзылъфыгъэр ары тхьамыкIэр, мыхъун къызехъулIэкIэ, хэти зыфаер риIуалIэу къэнэжьыщт... Бзылъфыгъэ ныбжьыкIэ цIыкIур Шъэуае хегъэукъомэ, цIыфыгъэ епхыжьы хъунэп, Пантелей аущтэу

дэзекIощтыгъэмэ, сыд пае абдзахэмэ къахищыжьыгъ? Ащыгъум ежьыри Паденкэмэ къахэнэжьын фэягъ... Ушъхьагъу зэфэшъхьафкIэ зыдэкIырэм, цIэлужь цIыкIум фыремыкIокIмэ, ащ фэдизым тэ къыщыхэтыра? Ар Бэджэкъо Умарэ зэхихмэ, ыкъокIэ ылъытэрэ Пантелей зэриушъхьакIурэр къыфидэнэп, ихьанэ-гъунэ ригъэхьанэп, Агой Пщымафи, Тэзэ Адыги, нэмыкIхэми емыкIу къыфалъэгъун. Шъэуаерэ Анфискэрэ нысэщэ джэгум щяслъэгъулIагъэм Къаймэтырэ Хьадж-Къэсэйрэ щыгъуазэхэкIэ сыгугъэрэп. Къэнтат нэмыIэмэ, хэшIыкI фыриIэп. ЕсэрэIуа? Хьауми Бычэ апэ щысэрэгъэгъуаза? Ахэр бзылъфыгъэх, сыкъызэхашIыкIынкIи къэнэнэп...

Сисурэ игупшысэ мышIумэ ежь-ежьырэу къызкIагъэщтэжьыгъ. ТхьамыкIагъо къызехъулIэ уж Шъэуаерэ ежьырырэ ажэ зэфагъазэу къэщэн-дэкIон IофкIэ зэдэмыгущыIагъэми, ащ фэдэ гупшысэхэр шъхьэм къызэрэфихьагъэмкIэ ыгу зэбгъэжьы, къыдэмыхъурэм нэмыкI цIыфхэр зэрэхищэрэр шIоемыкIу, пIэ къимыхьэрэр къызфябгъэшIэныр насып хъунэп ыIозэ, шъхьаныгъупчъэм къыIокIыжьы, сэпацэ зытемылъ джэхашъом тепхъэнкIыхьэ, зи зимылэжьэ шъхьантитIоу пIэгум исхэр егъэтэрэзыжьых. Шъхьаныгъупчъэ Iухъохэр ыгыкIынхэу ыгу къыпылъэдагъ шъхьакIэ, тыгъуас ныIэп ут атыридзи, къэбзэ-лъабзэхэу зыпилъэжьыгъэхэр. Къэнтатэ зызщигъэпсэфырэ унэмкIэ, къэтэджыжьыгъэмэ игопэнэу, плъагъэ – зэгъокIы. Щэджэгъо тыгъэм ыгъэулэугъэ щагури кIым-сым. ЦIыф темысыжь пIонэу хьаблэри рэхьат.

ГъэрекIо, къебэнынхэм ыпэкIэ, унагъо уихьэмэ угу сыкъырыкIыжьын ыIуи, Къэнтатэ къыфищэфыгъэгъэ пхъуантэр Сисурэ зэтырихыгъ, дэлъхэр зэригъэфэжьзэ, зэгорэм Шъэуае къыритыгъэгъэ дэнэ шъхьэтехъо огу псынкIэр къыIэкIэфагъ. Къыстыгъэм фэдэу дидзэжьи, етIани лъыIэбэжьыгъ. «Укъысэзытыгъэм дунаим сытетыжьми ышIэрэп»,– ыIозэ нэгум зынегъэсым, ыгу къызэхэхьагъ, ынэпс къыIэпытэкъугъ. Ардэдэм унэпчъэ макъэм къызэригъэплъэкIи, къызщылъэтыгъ:

– Ора, Шъэуай?..– Сисурэ пхъонташъхьэр зэрэтырилъхьажьырэр иушъхьагъоу ынэмэ акIэIэбэжьыгъ, етIанэ къыпыт унэм чIахьэзэ, къыIуагъ: – Джыдэд...



Сисурэ бэрэ къэтыгъэп, зызэригъэфэжьи, къыгъэзэжьыгъ. Изакъоу иунэ къыфихьэу зимыхэбзагъэм зыкъишIэжьэу риIуагъ:

– Шъыд джэхэшъогум узфытетыр, Шъэуай, жантIэмджэ тIысыба.

– СыIыстми хъун...

ПчъэмкIэ гъэзэгъэ пIэкIор лъапэм дэжь Сисурэ уцугъэ.

НэбгыритIумэ азфагу дэлъ гумэкIыр Шъэуае къыукъуагъ:

– Къызэрэосlотыри сшIэрэп...– Шъэуае къыригъажьи, кIилъэшъужьыгъ, етIанэ къыIуагъ: – Унэм сыкъызехьэм, угъыщтыгъэ фэдэу къысщыхъугъ. Гу махэ зиIэмэ о уахэслъытэрэп, Сисур.

– Хъулъфыгъэмэ къазэрэшIошIэу бзылъфыгъэ пстэури щытэпщтын,– къыраIощтым ежэщтыгъэ фэдэу Сисури джэуап къыритыжьыгъ, етIанэ шъабэу къыгъэтэрэзыжьыгъ:

– Мыхьамэт-Джэрые тхьамыкIэри, Хъан-Джэрыи сыгу къэкIыгъэхэти ары...

– Ары, Мыхьамэт-Джэрые тхьамыкIэми типIугъ, тилэжьыгъ, Хъан-Джэрыий тшынахьыкIэ цIыкIоу къыткIэхъуахьыгъ, сигуапэ угу зэрафэгъурэр. Шъыд етIанэ, Сисур, шъыдэу ущыт?

– Шъыдэу сыщытын,– Сисурэ ынэгу къопцIэ кIыф щхыпцI макIэр рычъагъ,– джа зэрэпшIэу дунаим тытет. Мары, пчэдыжь щэджагъор къыкIэлъыкIуагъ, тыгъэм ригъэзыхмэ, пчыхьэшъхьапэри къэсыт.

– Ари шъыпкъэ,– къыфэмыIошъущтыгъэ гухэлъым ыцыпэ къызэрэхъыерэм Шъэуай ыгъэгушIуагъ,– джаузэ уахътэр макIо, цIыфым игъашIэ IэкIэкIы.

– Шъэуай, унапчъэр Iусхыт,– зыми щымыщэу Сисурэ къыIуагъ.

– Шъыд пае?

– Уизакъоу садэжь укъихьэ уихэбзагъэп... Унэм зитшIыхьажьыгъэ фэдэу къашIодгъэшIынэп...

– Арэу оIомэ, Iух. Орыджи хэтыджи сэ шъэф сиIэп. ЦIыфмэ аIотым тышIолIыкIызэ, тэр-тэрэу тинасып пытэупкIыжьы. Икъунба тызэрэзэпэIэпчъагъэр?..

Сисурэ ынэкIушъхьэмэ къахихыгъ, ышъхьэ риуфэхыгъ.

– Адэ зи къапIорэпи, Сисур? – ТIэкIу тешIагъэу Шъэуае къэгумэкIыгъ.

– Шъыд къыосIон... Оры ащ фитыр, Шъэуай.

– Сэ сызфитым уадэжь сыкъищагъ, о узфитыр сшIэмэ сшIоигъу.

– Шъыдигъоджи сэ орджэ сыхьазырыгъ... Уегупшысагъа, Шъэуай? КъысэхъулIагъэр...

– Зи къыохъулIагъэп, – нэку-нэпс къэхъугъэ бзылъфыгъэ цIыкIур Шъэуае зэпиутыгъ,– непэ щегъэжьагъэу ащ фэдэ гущыIэ тазыфагу дэрэмылъ.

– Тхьэуегъэпсэу, Шъэуай,– Сисурэ ымакъэ къэкIэзэзыгъ, зыкъишIэжьыгъ,– ащыгъум лъэIу къыпфысиI. Непэрэ гухэлъыр къыздэпхьэу уишъэогъу горэ уигъусэу пчыхьэ горэм садэжь укъихьагъэмэ, сигопэщтыгъэ. Тызылъэгъурэми, зэхэзыхыхэрэми апашъхьэ сыкъыщыпщэфыжьын.

– Зэхэсхыгъэм нахь псынкIагъо,– Шъэуае къэтэджыжьыгъ,– сэрджэ щыIэпщтын, ари пфэсшIэн, ау типIалъэ бжыхьэпэ мазэм блэкIыжьы хъутэп.

Унэм Шъэуае зэрикIыжьыгъэм лъыпытэу Сисурэ бгъэкIэ пIэм зыхидзи, шъхьантэр нэпсыкIэ ыгъэшъокIыфэ гъыгъэ. Гур псынкIэ хъугъэу къэтэджыжьи, нэгум псы кIикIэгъэ къодыеу Къэнтатэ иджэмакъэ къэIугъ:

– А Сисур, а сипшъашъ, икъун мэфэ шIагъом сызэрэхэныгъэр,– Къэнтатэ лъэгуцым тет,– сишъхьаныгъупчъэещалIэхэр Iух, псы чъыIэ тIэкIуи сынэгу кIэсэгъакI. Тыгъэм ригъэзыхыгъ, пщы шъаохэми якъэсыжьыгъу. Лъэгуцым сытесэу къыдэзгъэхьажьыных.

Лэджэн-къумгъаныр Сисурэ къыгъэсыгъ, зызырегъэтхьакIыхэм, еупчIыгъ:

– Непэ утынчыгъа, гощэшху?

– Сытынчыгъ, нынэ, сытынчыгъ. КъысэхъулIэгъагъэр сшIэрэп, непэ фэдэу зызгъэпсэфыгъэу къэсшIэжьырэп,– Къэнтатэ итIысыпIэ зыригъэзэгупсафи, ыIэгушъуитIу тыжьын бэщышъхьэм тырилъхьагъ,– оры, сипшъашъ, о шъыдэу ухъугъ?

Шъэуае къызэрэлъыихьэгъагъэмкIэ гуцафэ къыфишIыгъэна ыIуи, Сисурэ къыкIэщтагъ, ау къызхигъэщыгъэп.

– Сэри сытхьэкIагъ, сылъэкIагъ, тIэкIуи зызгъэпсэфыгъ.

– Ара? – Къэнтатэ зэхихыгъэр ышIошъ хъугъэп.– Зыбгъэпсэфыгъэмэ дэгъу, ау ащ фэдашъо птетэп.

– Ар озгъаIорэр сшIэрэп, гощэшху.



– А нынэ, а сипшъашъ, «нан» къысаIу сIуагъэба, сигопэт. Зи мыхъуми, сишъаомэ анэмыкI бзылъфыгъэ макъэ горэ сыгуи, стхьакIуми агъэшIоу зэхэсхын. Бычэ зыдэмышI, ар нысэ, адыгэ хабзэм рэпсэу, тхьэ зэтагъэм лъфыгъэ горэ иI, «нанэджэ» къысадж... Зыгорэджэ Шъэуае пIэкIэлъэгъуагъэба? Пчэдыжь сызэрэтеплъагъ.

– Моу джыдэдэм щагум дэтыгъ, чыжьэу щыIэпщтын.

– Укъысфеджагъэмэ дэгъугъэ.

Сисурэ лъэгуцым ехи, пщы щагумрэ кIыщымрэ зэпызыутырэ чэум екIолIагъ, джагъэ:

– Шъэуай! Нанэ къыуаджэ.

– Мары, джыдэд,– Шъэуае унэ кIыбым къыкъокIыгъ.– Зыгорэм шъуегъэзэгумэкIа?

– А сипшъашъ,– унэ къуапэм къыкъокIыгъэ Шъэуае пымылъэу Къэнтатэ къыIуагъ,– модэ кIуи, пхъэнтIэкIу шъхьаку, лэныст, цэфлагъ аIоу Шъэуае къыфахь. Сэнэшъхьэ тIыргъуагъэ къыпезгъэупкIыт, сыгу къэкIыгъ, шъаохэми якъэкIожьыгъу, ахэми ашкын.

Шъэуаерэ Сисурэрэ зэрилъэгъулIэмэ Къэнтатэ щиз хахъоти, ари непэ къыдэхъугъ. ПхъэнтIэкIу шъхьаком пытэу тет Шъэуаерэ сэнашъхьэр зэрилъхьэрэ лагъэр зыIыгъ Сисурэрэ ямыплъ фэдагъэми, ахэмэ анэмыкI ынэгу кIэтыгъэп, игупшыси хэтыгъэп. МитIумэ яхъяр зэгорэм слъэгъужьына шъуIо? Ар сIомэ сафэлъаIозэ, илъэсхэр къызэранэкIыгъ. Джыры нэмыIэмэ, пшъэшъэжъыем къехъулIагъэм ыуж, Шъэое бетэмалым сызэрэдэгущыIэжьытыр сшIэрэп, нэ-псэ зыфэсшIыгъэми, гущыIэ псау кIэрысхын слъэкIырэп. Бамбэтыжъыми мы лъэныкъомкIэ зыкъыгъэзэжьыгъ аIуагъ, джыри зы бэлахь къытигъэхъулIэщт... Зигъо темыкIырэ дунаим тетэп, гъэрекIо фэдэу а къыпыпчырэ сэнашъхьэри мыгъи кIодыжьыщт. Ар сIомэ сыгыезэ, сыбзэгу IэшIу къытенэжьыгъагъэп... Джы Сисурэ тхьамыкIэм къехъулIагъэм ыуж кIэлэ зикъэмыщэм зыми уемыплъ, къащэ сфеIошъунэп. Зэгорэм, Васюринскэм нысэщэ джэгум къызекIыжьхэм, Сисурэ сыIууIухьэзэ къыжэдэстхыгъэгъэ къэбарым пае, ежь къехъулIагъэр щыгъупшэжьыгъэу, Шъэуае ар пеубытыми сшIэрэп... Ащ фэдэ ШъэуаекIэ пшъхьэ къибгъэхьагъэмэ ппсэ Iусхын, Сисур! Шъыд о бблэIэбыкIэу Шъэуае къэзэкъ пшъэшъэжъыем зыкIыфырепльэкIыщтыр?.. ЕтIани унагъо ихьэгъа-

хэмкӀэ Шъэуае ар ышӀэнэп, ышӀагъэу сшӀэми фэсыдэнэп... Е-о-ой, лӀынчъэу сыкъызэнэм, сэри боу сыныбжьыкӀагъ, джа узэрытым ситыгъ, Мыхьамэт-Джэрые тхьамыкӀэм къалэм сызыдакӀокӀэ, къэзэкъ забыт Ӏэджи нэплъэгъуджи гущыӀэджи къысэпсэлъыхъоу къыхэкӀыгъ, зыми зезгъэгъэделагъэп нахь...

— Хъугъэ, Шъэуай, хъугъэ, Сисурэ ытх сэнэшъхьэ лэгъэшхом зэпебгъэкӀын! — Къэнтатэ гумэкӀэу ӀэутӀэ ышӀыгъ.

— Ащ фэдэу Сисурэ псэ махэу сымышӀагъэ...— Шъэуае щхыпцӀызэ, пхъэнтӀэкӀум къепкӀэхыжьи, нэбгыритӀумэ зэдашӀэрэ нэплъэгъу шъэфкӀэ зэӀуплъэхэзэ, сэнэшъхьэ лэгъэшхор къыӀихыгъ, Къэнтатэ зэрэщысыр щыгъуупшэжьыгъэу егъыигъ: — Мыщ фэдиз къыпысыупкӀыгъ Ӏоу сшӀагъэп, къапӀо хъутыгъэба.

— Джы къэбгъэтэрэзыжьыгъ, Шъэуай,— Къэнтатэ ылъэгъугъэри, зэхихыгъэри зэригуапэр ымакъэ къыхэщыгъ,— бзылъфыгъэр хъулъфыгъэм зэхимышӀыкӀмэ, зэхэзышӀыкӀын дунаим тетэп. Джары тятэ ыӀотыгъэри, тяни зэрэфыщытыгъэри. Джа бзылъфыгъэ еплъыкӀэр ары пщы щагум зэрэтфэлъэкӀыджэ дэдгъэлъырэр. Арышъ, шъори а шэныр зыщышъумыгъэгъупш. Ащ тхьамыкӀ, бай фэӀуагъэп... Джы кӀо, сикӀал, пшынахьыкӀэмэ апэгъокӀ. Ори, Сисур, сэнашъхьэр къытфэлъэс, КъаймэтдыхэмиӀахь афахь, къалэм къикӀыжьыт кӀэлэхэуухэри хэмын.

Къэнтатэ изакъоу лъэгуцым къызытенэм, зэблигъэкӀыгъэ Шъэуаерэ Сисурэрэ гуфэбэ къытегъэзэжьыкӀэ ямыгупшысэн ылъэкӀыгъэп. НэбгыритӀумэ ясэнэшъхьэ къыпычыкӀэрэ, зэӀыхыкӀэрэ, зэфычӀэплъыкӀэрэ нэгум кӀэтыгъ.

Мыхэмэ зыгорэ ямурад, Къэнтатэ гукӀэ ыӀуагъ, ау къызщысыщт пӀалъэр сшӀэрэп нахь. БжыхьэмблагъэкӀынэпщтын. Дэгъугъэба Хъан-Джэрые гъогу темыхьэзэ ар ашӀэгъагъэмэ. Седжэ, урысыдзэм сыхэт ыӀомэ, зыщыщмэ апэчыжьэзэ, адыгэ джэгумэ афалӀэзэ, иныбжьыкӀэгъу ӀэкӀэкӀы. Аущтэу щытми, зыщишӀагъэр сшӀэрэп, Петербург къызэрикӀыжьыгъэм пае фызэхащэгъэгъэ джэгум шыкӀашӀоу, Ӏэдэби хэлъэу къыщагъэшъогъагъ. КъэшъуакӀэ зыщишӀагъэр сшӀэрэп сыда зыкӀасӀорэр. Сэры, сэщ нахь къэшъокӀо Ӏазэрэ шыкӀашӀорэ силэгъу пшъашъэмэ ахэтыгъэп. ТалъэныкъокӀэ Хъан-Джэрые зыкъигъэзагъэу



къычӀэкӀын. Адэ джары, тэ тидунай текӀы, кӀалэхэр къэхъух. Сисури Шъэуаий ясабыигъо-цӀыкӀугъо непэ фэдэу къэсэшӀэжьы. СагъэгушӀоуи, сагъэгумэкӀэуи, сяцӀацӀэуи къыхэкӀыгъ. Джыдэдэм яӀоф зэрэхъущтми сегъапэ. ГуитӀур зэгурыӀо къэси унэр нахь гупсэф зэрэхъоу, дунаири нахь шъабэ, нахь нэфынэ мэхъу... Хэт ыӀорэми уемыдэӀоу къышъохъулӀагъэм ушъхьарыкӀыгъэмэ, Шъэуай, тхьэуегъэпсэу, насыпышӀо охъу, сикӀал,— ардэдэм къызкъозыгъэр ымышӀэу Анфисэ икъэбар Къэнтатэ ышъхьэ къечъэгъагъ шъхьакӀэ, Шъэуаерэ Хьадж-Къэсэйрэ шыухэу зыуж ит файтонэу къэлапчъэм къыӀулъэдэжьыгъэм щигъэгъупшагъ.

— Нан! ГушӀуапкӀэ къаштэ,—Адыл-Джэрые файтоным къикӀыгъ,— Хъан-Джэрые къытхыгъэр къыздэтхьыжьыгъ.

— Шъыд къытхырэр, сикӀал?

— Сэ сцӀэджэ къытхыгъагъэмэ къыосӀони, нан. Оры къызфатхэрэр.

— Шъорджи сэрджи тазыфагу шъэф зэрэдэмылъым шъуещыгъуаз, сикӀалэх,— Къэнтатэ зэхихыгъэр игопагъ,— ау шъуимыем шъуузэремыджагъэр тэрэзэу шъушӀагъэ. А нысэ, Адыл-Джэрые тигъэгушӀуагъэшъ, абасэ къет.

— Бащэ, нан,— Адыл-Джэрые ышнахьыжъ Сахьид-Джэрые фычӀэплъызэ, къэгузэжъуагъ,— сысэмэркъэугъ, къызхэпхыри зыхаплъхьэри тэтый. Ма, нан, Хъан-Джэрые итхылъ.

— Хьау, сикӀал, орджэ тишэн сыукъонэп, гушӀуапкӀэ къэпхьыгъ, уихьалэл.— ФайтонышхэмрэонэшхэмрэяфэӀофашӀэхэр зезыхьэщтыгъэ Къаймэтрэ Хьадж-Къэсэйрэ анэмыкӀэу Бычи, Сисури, Шъэуаий, еджакӀо къыращыжьыгъэ Сахьид-Джэрыий, тыжьын абасэр зыӀэмычӀэ Адыл-Джэрыий тхыгъэм еджэрэ Къэнтатэ къыӀощтым ежэхэу щытых.

— Мыдэ сикӀалэ къытхырэр! — Къэнтатэ гушӀопс нэгукӀэ ышъхьэ тхылъыпӀэм къытырипхъотыгъ.— Хъан-Джэрыерэ Къырым-Джэрыерэ а зы дзэм, зэуапӀэм зэдыӀуфагъэх. Я си Алахь, уишӀэ хэмылъэу ар хъугъэпщтын, унэшӀу ащыф, унаӀэ атегъэт, ежь зэшхэри зэфэгъэсакъыжьых.

— Хъан-Джэрыерэ Къырым-Джэрыерэ зэрэлъэгъугъэха, гощэшху? — Бычэ къэупчӀагъ.

— Хьау, зэӀукӀагъэхэу къыӀорэп. Къырым-Джэрые идзэ зыдэщыӀэр зэригъэшӀагъэу къычӀэкӀын. Уемынэгуй, нысэ, ар Хъан-Джэрые къызэригъэгъотын.

## VIII

Бжыхьэ пчэдыжьыр фабэми, ермэл къушъхьэ джашъомэ ямыжъо теплъэ гур агъэузэу чъыIэ. Мэзынчъэ бгылъэмэ атетэкъогъэ, тIуакIэмэ адэтэкъогъэ Эривань къалэр, ащ пэIудзыгъэ чылэгъо цIыкIухэр, былым уцупIэхэр, чылыс хэIэтыкIыгъэхэр чыжьэкIэ къэлъагъох. Гын гъозымэр жьым хиз. Ар къэзыушыхьатырэ топ-шхончыо мэкъэ зэпымыухэри, шы зэпэщыщыжьхэри, цIыф куо макъэхэри адырэ къушъхьабгъумкIи мыдырэ нахь благъэмкIи къыщэIух. Жьы макIэр кIэзэзэу къыкIэпщы, зеутIыIу, мыжъо зэгоутыгъэмэ къадэплъырэ уцыпэ гъугъэмэ ялъэпао, къогъумэ закъуедзэжьы.

Дунаим щыхъурэм зэкIигъэплъагъ пIонэу, тыгъэр къушъхьэтх мыжъо цакIэм къыкъоплъы, плъыжьышэ нэгукIэ зиплъыхьэу, хьэкIэ укIытэпхэ гужъуагъэу огум къекIуашъэ. Лъымэм зэригъэкIокIыгъэ бгъашхъохэр нэхэшэнчъэхэу тэмэ зэкIэхыгъэкIэ ошъогум щэхьарзэх, загъорэ щэм фэдэу зыкъырадзыхы.

Неущ къяхъулIэщтым зэригъэгумэкIхэрэм нахьи къяшэрэ бгъашхъомэ зэпэIулъ дзэкIолIхэр нахь зэрадзэх.

– Сыдэу мыхэр къытэсэгъапэх!..– Капустенкэ Игнат зыфэщыIагъэп.

– Тэрэп ахэр къызашэхэрэр,– Хъан-Джэрые щхыпцIыгъэ.

– Хэт адэ? Сыд ташъхьагъ зыфитхэр?

– Пантелей Савельичым еупчIи, къыуиIощт,– Хъан-Джэрые Пантелей енэкIэуагъ,– тэщ нахьи нахьыжъ, макIэ къылъэгъугъэп.

– Боу есIон,– Пантелей упчIэгъу ригъэфагъэп,– шы псэхалIэхэр зикIасэмэ тэ пкIэнтIамэр къытпыоу сыдкIэ тырящыкIэгъэн.

– Ары, ары, шымэ пкIэнтIамэ къапыурэп...– Игнат щхыгъэ.

– Игнат,– Хъан-Джэрые нахь мэкъэ пытэкIэ къыIуагъ,– щыгъэт, имыщыкIагъэхэр пшъхьэ къимыгъахь.

– А узэнэгуерэм сегупшысэкIэ умыгугъ, Хъан-Джэрый,– Игнати псынкIэу кIилъэшъуежьыгъ,– тичэтжъыехэр зэрахьыщтыгъэм пае, сицIыкIугъом щегъэжьагъэу бгъэжъхэр слъэгъу хъурэп.

– Армэ хъун,– ошIэ-дэмышIэкIэ шъыпкъэ зыхэлъ къэбарэу къахэхьагъэм Хъан-Джэрые шъхьащиIулIэжьыгъ,– пыим тегъэрэхьатмэ, нэмыкI горэм тытежъугъэгущыI.

Апэ къезгъэжьэщтыр яэзэрэмыгъашIэу яшыхэр зыкъот мыжъо къогъум къосхэзэ, Пантелей хэщэтыкIи, къыIуагъ:

– Мыщ елъытыгъэмэ, талъэныкъо бэкIэ нахь дах. Сыд мы ермэлмэ ячIыгу зилIэужыгъор? Улъэпаомэ, ппэ пиутэу, ущыцуахъомэ, плъэгуанджэ тырихъокIыкIэу, плъэгъурэр мыжъо закIэхэу, сыд чIыгу тызщагъэзаорэр! ЕтIани мыр зичыжьагъэр сыда зэрэтищыкIагъэр? Шъощ нахьи сынахьыжъ шъхьакIэ, шъо шъуеджагъ, Хъан-Джэрый, тиатаман зыдэс къалэми шъудэсыгъ, Санкт-Петербурги шъущырагъэджагъ, шъуидышъэ тэмэтелъхэри къыщышъуапэсыгъэх, джэуап шъукъысфэхъугъэмэ сигопэщтыгъэ.

– Къэзэкъхэр зытехьэгъэ гъогум рыкIэгъожьхэу хабзэп, Пантелей Савельич,– Игнат къыдзыгъ.

– Къэзэкъ хабзэм сырапIу, сыралэжьы, ар сыукъомэ, тяти къысфидэнэп, тинахьыжъхэри сыушъхьакIун. СыкIэгъожьыгъэу къыпщэхъушъ ара, Игнат?

– УкIэмыгъожьыгъэмэ...

– Къегъаlу, къегъаlу, Игнат,– джы нэс ядэIущтыгъэ Хъан-Джэрые ишъэогъу зэпиутыгъ.

– СыкIэгъожьыгъи сыкIэмыгъожьыгъи сIорэп,– Пантелей зыгъапэрэм къыпидзэжьыгъ,– сыгу илъыр къышъосIон. Шъыпкъэм шъуфаемэ, мыщ нэс тыкъэкIон нахьи, Пшызэ джабгъу нэпкъ тытетэу, къэзэкъхэмрэ адыгэхэмрэ шIу тызэрэлъэгъо, тэ тичIыгуи ахэмэ ячIыгуи тыркумэ ащытыухъумагъэмэ нахьышIугъ. Шъыпкъэба, Хъан-Джэрый?

– ШъыпкъэнкIи мэхъу, ухэукъонкIи къэнэнэп.

– Сыхэукъомэ,– Пантелей игущыIэмэ къапидзэжьыгъ,– сятэкIэ слъытэрэ Умарэ иIуагъэу, нахь гушIукIэ згъэтэрэзыжьын. Мо сиш зэрэдэгъур шъошIэба? ЧIыпIэ къиныбэми сакъырихыжьыгъ, мыщи сыкъыщиушъхьакIугъэп. Умар ар къысэзытыгъэр, мы къамэри, сэшхори къызгуилъхьагъ. Мы кIэрахъор къысэзытыгъэр шъошIа, Шъэуай? Сиадыгэ уани Умарэ къыIэкIэкIыгъ, сикIэкIо шIуцIи сянэ пэпкIэ Бабунэ сфаригъэшIыгъ.

– Зэрэхъурэмкlэ, Пантелей Савельич,– джыри Капустенкэ Игнат щхыпцlыгъэ,– къэзэкъыдзэм ухэт, адыгэмэ укъагъэшэсыгъ.

– А дэдэр сфэlонэп, адыгэхэмкlи сыхымэп. Мыщ сыкъэзыгъэкlуагъэри нафэ, типачъыхьашху. Ау, джыри къэсэlо, мыр зичыжьагъэм тыкъызфэкlуагъэр къызгурыlорэп.

– Шъуз ныбжьыкlэм укъышъхьаращыгъэ зыхъукlэ, ащ фэди пlощт,– къэдаlощтыгъэ къэзэкъ жэкlэ-пакlэм къыдзыгъ.

– Петро, Калиныч, о зыфапlорэми шъыпкъэ хэлъ. Си Анфискэ ныбжьыкl, бзылъфыгъэ плъыр, сlэкlэуlэшlогъэ къодыеу гъогу сыкъытыращагъ, ау о узэгупшысэрэм нахь чыжьаlоу сэплъэшъ, ермэлмэ адэжь урысые чlыгу гъунапкъэр зэрэщымыlэм сегупшысэшъ ары.

– Узымыгъэпэщтмэ, Пантюха, зямыгъэгъап,– къэзэкъ кlэлэшхор къэтэджыгъ,– уи Анфискэ зэрэныбжьыкlэри зэрэдахэри тэ, Васюринскэм щыщхэм, тымышlэу щытэп...

– Сыд ащкlэ къапlомэ пшlоигъор, Петро? – Гумэкlыр нахьыбэу Пантелей къэупчlагъ.

– Шъэуай черкесыр пщыгъупшэжьыгъа?

– Шъэуае сэ сшынахьыжъ! – Пантелей ынэмэ машlор къакlихыгъ.

– Нахьыжъхэр янысэмэ янэцlыжьхэрэба?.. Некlо, Игнат, псыхьэ тыгъакlу...

– Петр Калиныч!..– Паденкэ Пантелей къызщылъэтызэ, къэзэкъ плlэlушхом лъыджагъ.

Хъан-Джэрыий, Игнати Пантелей зыпаlодзагъ, Петро къызэплъэкlыгъэп.

– Ежь и Лизэ гъунэгъур фыреплъэкlышъ,– тlэкlурэ щысыгъэу Пантелей гъумытlымыгъэ,– ишъхьэуз сэ къыстырекъутэ... Сызэриушъхьакlугъэр фэзгъэгъункlэ орэмыгугъэ...

– Ищыкlагъэп, Пантелей Савельич,– Игнат къеушъыигъ, ошъогум имыкlодыкlыжьрэ бгъашхъоми яплъыгъ,– непэ къытэхъулlэщтыр сыдым фэтшlэн, шъуэзэщымыхьэмэ нахьышlу.

– Ежь къыспыпкlагъ нахь, ащ фэдэ гухэлъ сиlагъэп,– кlэжъукlыжьырэ макъэкlэ Пантелей къыlуагъ, тlэкlу тешlагъэу къыпигъэхъожьыгъ: – Зы чылэ тыщыщ, тызэпэчыжьаlоми, зы урам тытес, сыгу ебгъэрэп. Къысиlуагъэри есlожьыгъэри зэхэшъухыгъэп, ар зыми ищыкlагъэп.

– Гузэгъабгъэр ащ щытэухыми, Пантелей Савельич,– Хъан-Джэрые джы нахь мэкъэ чъыlэкlэ къыlуагъ,– сэ сыгу къызэрэобгъагъэ гори къыосlощт, мыщ тыкъызфагъэкlогъэ хэгъэгу lофым епхыгъ. Тэ тищэ – оры, сэры, Игнат аlоу – нахь зэпэблагъэ мы чlыпlэм щытэп, хэт щыщи тхьарыlо зыфэтшlыгъэ урысые пачъыхьэм фэмышъыпкъэжьыщтыр гъусэкlэ сштэрэп. Ащ тыфэшъыпкъэныри хэгъэгум тыфэшъыпкъэныри зэфэдэ,– тырицlыф, тыригупшыс, тыриухъумакlу, нэмыкlэу къэпlон хъумэ, тырикъэзэкъ.

– Хъан-Джэрый... Сигущыlэмэ хьэрамыгъэ ахэлъэп... Къэзэкъхэмрэ адыгэхэмрэ тызэпэlуегъэлъыти, шъугу ебгъэмэ сlуагъэ нахь...

– Пачъыхьэм тыгу ебгъэщтыгъэмэ,– Хъан-Джэрые Пантелей игущыlэ зэпиутыгъ,– сятэжъи, сяти, сэри урыс тэмэтелъыр зытетлъхьащтыгъэп, тырку лъэныкъомкlэ плъэрэ адыгэхэми нэмыплъ къызэрядгъэхыщтыгъэп.

– Аущтэу оlомэ, Хъан-Джэрый,– джы нахь мэкъэ теубытагъэкlэ Пантелей къыlуагъ,– къэзэкъым ишылъабжъэ зынэсырэр ичlыгушъ, тэри тыкъызэкlэкlонэп.

Паденкэ Пантелей игущыlэ къызыщиухыщтым, Эривань бгылъэ лъэныкъом топ омэкъэ зэпэlужьмэ, шхонч зэпеожьмэ джыри нахь лъэшэу зыкъыщапхъотагъ, мыдырабгъукlи адырэ кlэимкlи шыудзэхэми онэгу зашlыгъ, сэшхо къихыгъэхэмкlэ къэлэ хэгъуашъхьэмкlэ езэрэхьыжьагъэх. Перс шыухэри, лъэсхэри куохьаушхокlэ урысыдзэм къыпэгъокlых.

Чъэм хэтэу сэмэгумкlэ Хъан-Джэрые плъагъэ, Къырым-Джэрые зыхэт шыудзэри къазэрэгуахьэрэр ылъэгъугъ, ышнахьыжъ къогушхукlэу, адыгэбзэ-урысыбзэ зэхэпхъэгъэ куо макъэр зэхыригъэхэу шым ичъэ рыригъэгъэхъугъ. Шыухэр зэхэлъэдагъэх. Щылыч сэшхохэм, шы зэкlэплъыхьагъэхэм, цlыфхэм яжъынч куо-щэlу мэкъэ зэхэтхэр ошъо чlэгъым чlэтэджагъэх. Лъым, гын гъозым, пкlантlэм амэ lужъу жьыр зэлъикlугъ.

Хъан-Джэрые къыпэгъочъыгъэ шыур риутэхыгъ, нэмыкl гори къызэринэкlыгъ, лъэсэу чъэрэ гори хигъэфагъ, Капустенкэ Игнат къырифэкlыщтыгъэ пый шыури дилlыгъ. «Тэра мыкъэзэкъыр!» – Пантелей куозэ зэрэзаори зэхахы.

«Тэрэз, Пантелей, тэрэз, тыкъэзэкъ тэ! – Петроуи мычыжьэу къыщыпэджэжьы,– басурман шІойхэр Іуегъэх!» «Хъан-Джэрый, уакІыбкІэ къыочъэ!» – Игнат перс шыум зыпэІуедзэ, шыбгъэкІэ реутэхы, нэмыкІ къэзэкъ горэм къызщыпшыжьырэ пыим ышъхьэ пегъэлъэты.

Сэшхо зэхаор бэ тешІагъэми макІэ тешІагъэми умышІэжьынэу, уІагъэхэмрэ укІыгъэхэмрэ утыгум къырини, щымыІэгъахэм фэдэу уцужьыгъэ. ЗэкІэчъэгъэ пыймэ ауж текІоныгъэр къыдэзыхыгъэ къэзэкъ шыудзэр илъэдагъ. Ардэдэми Хъан-Джэрые зыгорэ къылъыджагъэ фэдэу къыщыхъугъ. КъызызэплъэкІым, шы укІыгъэм кІыбыкІэ егъэкъугъэу, ыбгъэ ІэкІэ ыІыгъэу ышнахьыжъ ылъэгъугъ.

– Къырым-Джэрый!.. Нахьыжъ!..– Хъан-Джэрые ыІэ сэмэгу уІагъэ щыгъупшэжьыгъэу, онэгум зыридзыгъ, зыпсэ хэкІырэм лъэгонджэмышъхьэкІэ зыкІэридзагъ.– Шъыд къыохъулІи!..

– Зи арэп, сшынахьыкІ,– ерагъэу Къырым-Джэрые къыІуагъ,– дзэкІолІмэ къямыхъулІэрэ къысэхъулІагъэп... Арэу хъунэу Алахьэм ыухыгъагъэу къычІэкІын... Тхьэм укъысфихьыгъ, сшынахьыкІ!.. Адыгэ гъэІылъыкІэджэ сыгъэІылъыжь... ТшынахьыкІэхэри тятэ иІоф фэгъэшъыпкъэх. Нани сыфэраз, ыгу къысэмыбгъэнэу сфе...– Къырым-Джэрые игущыІэ ныкъокъаІоу ыпсэ хэкІыгъ, Хъан-Джэрыий ышнахьыжъ ыбгъэ кІэлъэу ынэпсхэр къыкІэтэкъугъэх, ытэмэ бгъузэхэр лъатэхэу къыщиутагъ...

Къырым-Джэрые ыпсэ зыщитыгъэ мэфэ дэдэм, бжыхьэ остыгъэ хэгъэнэжьыгъомэ адэжь, Шъэуаерэ Сисурэрэ янысэщэ орэд макъэ Лъэустэнхьаблэ шъхьащытэджагъ, псырыкІ къэзэкъ лъэныкъоми щызэхахыгъ.

Къэбар гушІуагъор Къэнтатэ зыраІом, тхьэ елъэІугъ:

– Алахь зизакъом насыпышІо ешІых. Хъан-Джэрыий Къырым-Джэрыий псаоу къытфехьыжьых.– ЕтІанэ, тІэкІу тыригъашІи, унашъо ышІыгъ: – Неущ блэмыкІэу мафэ тфэхъун зитещэмэ тинысэ къахэшъущыжь, мэфибл джэгум зыфэжъугъэхьазыр.



## IX

Заом нахь ушэтыпІэ цІыфымкІэ щыІэп.

Хъан-Джэрые ипытагъи, имэхагъи перс заоми ащ кІэкІэу къыкІэлъыкІогъэ тырку заоми къащылъэгъуагъ, анахь чІыпІэ хьылъэми къэрэбгъагъэ къызщыхигъэфагъэп, иурыс пачъыхьэ фыриІэ шІошъхъуныгъэ-шъыпкъэныгъэ пытагъэ зэрихьэгъэ лІыгъэм ифэшъошэ тыныри ыбгъэ къыхалъхьагъ, поручикыцІэри къыфагъэшъошагъ, зиІофзехьэщтыгъэ генералхэу Меньшиковымрэ Перовскэмрэ къыфэрэзагъэх. Заохэм ауж Черномор къэзэкъ эскадроным илейб-гвардиеу Петербург щыІэм къулыкъу щишІэнэу хагъэхьагъ. ЦІыфым ищыІэныгъэ игъорыгъо-къызэрыкІо ебгъапшэмэ, илъэсищыр зыуи арэп, ау зэо мафэхэмкІэ бгощыжьымэ, ащ изы такъикъ чэщ-мэфэ пчъагъэм пеІэжьы. Хъан-Джэрые иилъэс тІокІырэ зырэр макІэми, пэкІэкІыгъэр гупсэфэу щыІэ цІыфым къыгъэшІэщт илъэс пшІы пчъагъэмэ бэкІэ анахьыб.

Мэфэ заулэ хъугъагъэ Тифлис къикІырэ гъогум Хъан-Джэрые зытетыгъэр. Ащ фэдизым мэфэ ошІуи, пщагъуи, жьыбгъи, ощх чъыІи Екатеринодар къекІурэ гъогум къыщыфыхэкІыгъ, тэрэнтасым ищэрыхъ гупсэф-зедзэ чъакІэмэ яхьщырэу, гупшысаби шъхьэм щызэблэкІыгъ. ЗыгъапэщтыгъэрІофыгъуищ: хымэ хэгъэгу чыжьэм зикъэ къыринэрэ ышнахьыжъ, адыгэ-урыс зэфыщытыкІэщтыр, Санкт-Петербург къызэрэщыпэгъокІыщтхэр.

Іофыгъуищыри аущтэу хъунэу щытыгъэщтын, ынэхэр упІыцІагъэу, шъхьэр тэрэнтасым дигъэсысызэ, Хъан-Джэрые ыІуагъ. Сшынахьыжъ щыІэжьэп, ащ хэпшІыхьажьын щыІэп. Ящэнэри зыгорэу хъун, сыздагъэкІорэ дзэм сэщ фэдэ Іэджи хэт. Пачъыхьэм шъыпкъэныгъэ фысиІэу сипІалъэ къэсмэ, зэгорэм дзэми сыкъыхэкІыжьын, сытІысыжьын, ау хэкІыпІэ адыгэ Іофым фэзгъотырэп. Бэ шІэн, макІэ шІэн, Тыркуер Адрианополь мамыр зэзэгъым къеуцолІагъэми, джыри зэгорэм тапэ къитэджэщт. Адыгэхэр зыхамыгъэлэжьэгъэ мамыр зэзэгъыныгъэм тичІыгу бырсыр къызэрэригъэтэджэщтым щэч хэлъэп. «Тимыер зэряттрэр ашІэзэ зытІахыкІэ сыд зыкІятымытыщтыр, ямыер яеу къызытфащэйкІэ, сыд пае ІудгъэзыкІын» хэгъэгуитІум аІомэ зэтхьагъэпцІэкІхэзэ, иптхэрэр зэрызэгъэщт тхылъыпІэм зэдыкІэ-

тхагъэх. Илъэсишъэм къыкIоцI мызэу-мытIоу зэпэуцужьыщтыгъэ хэгъэгуитIум яшIэн ашIагъ, адыгэр, зэшIэгъунчъэу, егъашIэм зыкъогушхукIырэ намысым ыпашъхьэ къинагъ... А къэбарыр адыгэмэ алъыIэсыгъ шъуIуа? АлъыIэсыгъэмэ, сыдэу зашIыгъ?

Адыгэ хэсэ мыухыжьхэр Хъан-Джэрые ынэгу къыкIэуцожьыгъэх, къэмэ къыпхъотыгъэхэр ашъхьагъ щызэпэлыдых, кIэрэхъо омакъэхэри щызэпэджэжьых. Зэмызэгъ гущыIэхэри хэсэ утыгумэ къарэтаджэх, куп гощыгъэхэри нахьыбэ ешIых, «талъэныкъокIэ къэгъэзагъэ зэрэхъугъэхэм адыгэхэм сыд къыраIолIэн» ыIуи, Покровскэ дзэпащэр къызэреупчIыгъагъэр ыгу къэкIыжьыгъ, ритыжьыгъэгъэ джэуапым джыри зэ кIэгупшысыхьажьэу ригъэжьагъ. «Зы лъэныкъомкIэ тэрэз, адырэ лъэныкъомкIэ тэрэзэп» зэресIогъагъэм сырыкIэгъожьырэп. Тыхэгъэгунчъэу, тыпачъыхьанчъэу, адыгацIэр зыхьырэ лъэпкъ зэфэшъхьафкIэ тичIыгу тыщэпсэуми, адыгагъэм тызэрипхэу, ар тиапшъэрэ хабзэу, тихэгъэгоу, типачъыхьэу, дунаим илIэшIэгъу пчъагъэм тащыпхырыкIыгъ. Кавказыр тлъы щыщ хъужьыгъэу егъашIэм тыщэпсэу, тичIыгу тытет, тиуашъо ташъхьагъ, тижьы къэтэщэ, типсы тешъо, тихьалыгъу тэшхы. Урысыери, Тыркуери, Инджылызыри Кавказым зыщызэбэнырэ лъэхъаным адыгэ шъхьафитыр къэухъумэгъуай, хэти ежь зэрэшIоигъоу къыддэзекIощт. Мор зичыжьагъэ Инджылызыри сыд зыфэмыуцурэр? Тэ къытэнэмысыжьми, икъунба дунаим щызэрипхъогъэ хэгъэгухэр! Тятэ зэриIощтыгъэу, ТыркуемкIэ адыгэмэ загъэзэн нахьи, Пшызэ зэпырыплъыгъэхэмэ нахьышIугъ, мыхъу зыщыхъужьырэм, Урысыем къыкъонэжьынхи. ТэркIэ бэшIагъэ ар ухыгъэ зыхъугъэр, нэмыкI унэгъо зырызхэри гъусэ къытфэхъугъэх, ау зэрэадыгэ шъолъырэу пштэмэ... Ар джы щэн-щэф зэтыжь ашIыгъ. Джары Покровскэ генералым мытэрэзыкIэ фэслъэгъугъэр...

– Хъан, сызэхэоха, Хъан-Джэрый? – Игнат къеджагъ.– Сыд мыщ фэдизэу узэгупшысэрэр?

– Узэгупшысэн макIа, Игнат? – Хъан-Джэрые нэгу уцуагъэкIэ къыгос шъэогъум IугушIуагъ,– зэуитIум тыкъелыжьыгъ... Сшынахьыжъ тхьамыкIи чIэсынагъ... ТиныбджэгъубэхэмкIэ ары...

– Ащ хэпшIыхьажьын щыIэп,– Игнат хэщэтыкIыгъ,– щыIэныгъэр зыдэщыIэм лIэныгъэри щыI, ахэмэ ачIыпIэ тэри тихьанигъэкIи мэхъу. Тхьэм ынэшIу къытщифагъ, тыкъиухъумагъ. Сэ джыдэдэм сызэгупшысэщтыгъэр Владикавказ щыкIэдзагъэу Прочноокоп нэс къэткIугъэ гъогум теслъэгъогъэ урысыдзэр ары. Тифлис тыкIо зэхъум, ащ фэдиз дзэ мыщ тетыгъэп.

– Ащ зи бгъэшIэгъон хэлъэп, Игнат. Къэошlэжьа кадет корпусым тыщеджэ зэхъум къытаIощтыгъэр? Апэ зыцIэ къепIогъэ къалэм зэ джыри ыцIэ къеIожьэлъ.

– Владикавказ.

– Егупшыс ащ къикIырэм – «Владей Кавказом».

– Тэрэз, ары къикIырэр! – Игнат къыхэкуукIыгъ.– А цIэр урыс пытапIэм къыфэзыугупшысыгъэр делэп, чыжьэу плъагъэ.

– Делэпышъ ары,– ыгу еIуми емыIуми хэмышIыкIынэу Хъан-Джэрые къыIуагъ,– чыжьэу маплъэшъ, мэгупшысэшъ ары мы тыкъыздикIыжьырэм типачъыхьэ тызкIигъэкIогъагъэр. ЦIыфыбэ щычIэтынагъэми, Урысыем текIоныгъэр зэуитIуми къащыдихыгъ. Адрианополь мамыр зэзэгъыныгъэм изакъоми...

– Хъан-Джэрый,– Игнат шъэогъум игущыIэ къызэпиутыгъ,– адыгэхэр зыхэт зэзэгъыныгъэр текIоныгъэкIэ олъыта? А къэбарыр адыгэмэ зашIэкIэ...

– Адэщтэп! – Хъан-Джэрыий шъэогъум фидзыжьыгъ,– ау непэ адыгэмэ ащ нэмыкI хэкIыпIэ яIэп, агурыIощтмэ сшIэрэп нахь... Зэо-банэ хэмылъэу Урысыем езэгъыгъэхэмэ, къызэтенэщтыгъэх. Покровскэ генералым джары къысиIогъагъэр...– Хъан-Джэрые игущыIэ ныкъокъаIоу гумэкI нэплъэгъукIэ Бжъэдыгъуи, Шапсыгъи, Нэтыхъуайй, Абыдзахи, Убыхи ащыIагъ, зыми джэуап гупсэф щигъотыгъэп. Анапэ дэс тырку лIыкIом дэжь зыгъэ дэокIо-гыякIо кIогъагъэхэм зэрахэтыгъэр, щилъэгъугъагъэр ынэгу къыкIэуцожьыгъ.

Тыркумэ афэмые адыгэхэм, джыри Хъан-Джэрые ыIуагъ, урысхэри адэщтэп, ябзыу шъхьэфит ытамэ зыми гурагъэутыщтэп. Тяти, ХъорэлIыкъо Мэрчани, Тыгъужъыкъо Къызбэчи, Хьаджэмыкъо Батмызи, Занэкъо Сэфэрбыий, нэмыкIхэми зэраIощтыгъэу, къэралыгъо уимыIэу

дунаим укъыщырадзэщтэп. Ар мыгъэрэ тырку заом къыушыхьатыгъ...

Зигупшысэ къушъхьэ натIэм еутэкIыгъэ Хъан-Джэрые къэупчIагъ:

– Адэ, Игнат, зыуушъэфыгъапи?

– Сыд пай? – УпчIэкIэ Игнати игупшысэмэ къахэу-жьыгъ,– о узгъапэхэрэр сэри сигупшысэх. Эривань тштэ зэхъум, къэошIэжьа, Паденкэ Пантелей уегыигъагъ, сэри къыбдезгъэштэгъагъ шъхьакIэ, ар зыфэгъумытIымыщты-гъэр адыгэхэмкIэ шъыпкъэу къычIэкIыгъ... Хымэ лъэны-къомэ тащызаозэ, адыгэ шъолъырыр къытIэкIэхьагъэу мэхъу. Ау сыгугъэрэп, Хъан-Джэрый, ащ фэдэу, адыгэ Iофыр псынкIагъо къытфэхъункIэ.

– Ямыер атырэп, атырэ пстэури аIахырэп, ара къапIомэ пшIоигъор? – Хъан-Джэрые щхыпцIыгъэ, нэ шIуцIэ зэжъу-шъохэр къилыдыкIхэзэ, шъхьэ псыгъо дахэр къыпхъотагъ, ау къыIо шIоигъуагъэр Игнат къыхыригъэдзагъэп:

– Ары! Угу рехь-ремыхьми, джа Пантелей епIогъагъэр къызэозгъэIощтэп!

– КъызэрэпIорэмкIэ, сэщ нахьи о адыгэхэр нахьышIу олъэгъух. Ащ фэдэ хъун ылъэкIыщтэп! – Мэкъэ лъэшкIэ Хъан-Джэрые къыIуагъ.

– Аущтэу къыпщэхъумэ, Хъан-Джэрый, зыогъэп-цIэжьы,– Капустенкэ Игнати зэкIэкIуагъэп.– Сэ сянэ нахьи о уянэ нахьышIу сэлъэгъу къыосIуагъэп. Ащыгъум сы-къэзэкъэп, сыкъызхэкIыгъэхэри гум исэнэжьых. Уянэ ыл узымэ е адыгэмэ мыхъун къяхъулIэмэ, сыцIыфышъ, ахэмэ сыл афэмыузыныр, сафэмыгумэкIыныр ащ къикIырэп.

– Сэ сыд ащыгъум сызилIэужыгъор?! – Хъан-Джэрые плъыжьы кIэхъукIыгъ,– сыадыгэжьэп, ара?!

– ЗыкъыспымыгъапкI, Хъан-Джэрый! – Игнат ынэ шхъуантIэмэ машIор къакIэустхъукIыгъ, етIанэ нахь гупсэ-фэу къыпидзэжьыгъ: – Сыгу пфимылъыр къысфимыгъахь, имыщыкIагъи зэсэмыгъаIу. Хэти орэхъу, пачъыхьэми, генералми, забытми, дзэкIо къызэрыкIоми сызщыщ къэ-зэкъмэ къашъхьарыкIомэ, фэсыдэщтэп. Типачъыхьэ фыуиIэ шъыпкъэныгъэр сигуапэ, зэуапIэмэ къащыбгъэлъэ-гъуагъ, ау загъорэ, угу къысэмыгъабгъ, еогъэлыящэу къысщэхъу.



– Игнат!..– Шъэогъум ыцIэ Хъан-Джэрые ыжэ дэмыфэжьэу къэупчIагъ.– Игнат Иванович, ора ар?

– Сэры, сэры, ухэукъорэп,– инэгушIуагъэ къебэкIэу Игнати щхыгъэ,– къыосIуагъэм гухьэ-гужъыгъэ хэлъэп. Орырэ сэрырэ тызэмылъэпкъэгъуми, тызэшым фэд, сыд зэшIотыушъэфыжьын.

Хъан-Джэрые зэхихрэр игопагъ, зыгъэгумэкIыщты-гъэри ыушъэфыгъэп:

– Зыпашъхьэ Iо щытшIыгъэ типачъыхьэ тыфэмышъы-пкъэныр ащ къизгъэкIырэп. Тэ тыдзакIу, дзакIом раIорэр егъэцакIэ. Ау етIани адыгэмэ къяхъулIэщтым сегъапэ.

– ШIу ошIэ пIозэ, узщыщ лъэныкъом лые еохыжьы, арба, Хъан-Джэрый? – Iофы зыримыгъэшIы фэдэу Игнат къыIуагъ.

– Джы сыгу илъ шъыпкъэм къытебгъэфагъ. Имыщы-кIагъэ къыосIуагъэмэ, Игнат, угу къысэмыгъабгъ, сыкъы-зэхэшIыкI. Мы сызтет къэзэкъ нэпкъыри модырэ адыгэ нэпкъыри сэрыкIэ зы. Пачъыхьэм сыфэшъыпкъ сIозэ, Адрианополь мамыр зэзэгъыныгъэмкIэ сызщыщ адыгэмэ сиягъэ зэрязгъэкIыгъэр тичIыгу тыкъызехьажьым, нахь зэхасшIэу езгъэжьагъ. Ау етIани мыхъун сшIагъэу зыдэс-шIэжьырэп, сыд пае тэр-тэрэу зыдгъэпцIэжьын, тятэ зэриIощтыгъэу, ТыркуемкIэ тиIоф щыIэп. Хэгъэгу шъхьафэу тыпсэущтыгъэмэ...

Хъан-Джэрые игущыIэ къыухыгъэп, шъэогъум ыгу щышIэрэр Игнати къыгурыIуагъэти, зыкIызэпигъэугъэмкIэ еупчIыжьыгъэп.

Лэбапэ щызэблахъугъэ шымэ алъэкъо псынкIэмэ куплIэм дэс къэзэкъ лIыжъ жэкIагъор яIэжэгъу. Гъэмэфэ пчэдыжь ощх макIэм ыгъэгупсэфыгъэ сапэр шы лъабжъэ-мэ, каретэ щэрэхъмэ макIэу къачIэутысыкIы. КъокIыпIэ ошъочапэмкIи тыгъэр къыдэкIуае. Хъан-Джэрые зыдэщыс лъэныкъомкIэ Пшызэ узызэпырыплъыкIэ, адыгэ шъолъы-рыр Iэгушъом илъым фэдэу нэрлъэгъум кIэкIоты. Къушъ-хьэ шыгуф чыжьэхэр ошъогум кIэгъэкъуагъэх, мэз зэикIымэ шхъонтIэрымэр атырехы, губгъо хъоо-пщаомэ былым Iэхъогъухэр ащэхъух. Чылэгъо зэфэшъхьафхэу мэз Iапчъэ-хэмкIэ гощыгъэхэр, псыхъо нэпкъмэ аIутэкъуагъэхэр абдзахэкIи бжъэдыгъукIи къащэлъагъох. Неущ ахэмэ къапыщылъыр ашIэрэп, хэгъэгуитIумэ тхылъыпIэ тхьапэм

итхагъэмкIэ зэрэзэратыжьыгъэхэм щымыгъуазэхэу мамырых, Хъан-Джэрые ыIуагъ, ыгуи къыпиIонтIыкIыгъ. ТхьагъэпцIыгъэ зымышIэрэ силъэпкъэгъумэ акIыбыкIэ щашIагъэр шъхьакIо ащыхъущт, Iашэм лъигъэIэбэщтых... Сыд Тыркуер? ИIоф нибжьи адыгэмэ ахэмылъыгъэми, ышIэщтыр ышIи, джы шъо шъуззэрэзэзэгъ ыIуи, зыпыуптхыпкIыхьажьыгъ. Урысыери джау сыдми бгъэделэн хэгъэгоп, тхылъыпIэм раригъэтхэгъэ итекIоныгъэ шыхьат-Iэубытыпlэ фэхъунэу, хэт сыд къыриIоми, орэадыг, орэнэмыкI, ригъэлъэгъунэу къезытыгъэм дыкIэтхэжьыгъ. Джы адыгэурыс бгъуитIури зэрэзэзэгъыщъу... Джарыщтын «Петербург укIожь зыхъукIэ, шъуичылэ дэхьажьи, бжъэдыгъупщымэ заIугъакI, къытэгъэшIух» Покровскэм къызыкIысиIуагъэр... Къысэдэlухэми къысэмыдэIухэми, сятэ игухэлъ сыдэшъхьахынэп, садэгущыIэн, сыгу илъ шъыпкъэри афисIотыкIын...

– Илъэс шъэныкъокIэ узэкIэIэбэжьмэ, зиусхьан забытхэр,– куплIэм дэс къэзэкъ шыкоо лIыжъыр Хъан-Джэрые игупшысэмэ къахэуагъ,– Суворов аншеф-генералым ичэтэн унэ зыдэщытыгъэ чIыпIэм тыкъыблэкIы, шъуфаемэ шъуесщэлIэн.

– ТещалI,– Пшызэ нэпкъым зэрэтехьащтыр, адыгэ шъолъырым зэриплъэщтыр Хъан-Джэрые игуапэу къыIуагъ.

Пшызэрэ Лабэрэ зыщызэхэлъэдэжьрэм дэжь, нэпкъ лъагэм, каретэр телъэдагъ, шыкуаор куплIэм зэрэдэсэу къамыщыр ыгъэлъэгъуагъ:

– Мыщ дэжь Суворов аншеф-генералыр адыгэмэ щапэIутыгъэу къаIожьы. Зэман гъэшIэгъонхэр, зиусхьанхэр, щыIагъэх... Муары адыгэхэр... Шъуеплъэлъ, а тыгъокIо-укIакIомэ аIыгъ чIыгур зыфэдизым... Ямэзхэр, яшъофхэр... Хы ШIуцIэм нэсы, Керчь хы зэпырыкIыпIэм еолIэжьы, Азов къыблэ-къокIыпIэри а цIыф Iэлмэ зыдаIыгъ!..

Адыгэмэ афэгъэхьыгъэ гущыIэ мышIухэр Хъан-Джэрые ыпашъхьэ щырыригъэгъэт шIоигъоу Игнат нэ IаекIэ лIыжъым Iуплъагъ, хэпскэуIукIыгъ.

– КъегъаIу, къегъаIу...– Хъан-Джэрые щхыпцIыгъэ,– ыгу имылъ къыIорэп.

Джыры ныIэп къэзэкъ шыкуаом къехъулIэрэр къызгурыIуагъэр.



– Зиусхьан забытыр адыгэмэ сшIэрэп... ЗэрэхъурэмкIэ, тидзэ ухэт... Дэгъу узэрэадыгэри, тидзэ узэрэхэтыри, мыхъун сIорэп, Iэджыри тызэжэхэбанэхэу къыхэкIыгъ, тыкъэаукIэуи, тыукIыхэуи хъугъэ. Суворов аншеф-генералым изэмани ащ фэдагъ, Власов лIы хъазынэм илъэхъани нахьыкIэжьыгъ...

– Джыры, мы илъэсхэр? – Хъан-Джэрый къэупчIагъ.

– ГъэрекIуи, джы нэси, блэкIыгъэ илъэсмэ ялъытыгъэмэ, загъорэ тызэрэзэпыджырэр хэмытымэ, тазыфагу мамыр дэлъыгъ, бэдзэрхэмкIэ нахь тызэхахьэу, тызэщыщафэу хъугъагъэ. Джы тырку заом къыгъэбырсырыгъэх...

Хъан-Джэрые нэплъэгъу гумэкIыр Игнат фидзыгъ.

– Сыд агу римыхьырэр? – Игнат, каретэм итIысхьажьызэ, къэупчIагъ.

– Уахэмыхьэу, уадэмыгущыIэу ар сыдым фэпшIэн... Модэ мо чылэу къэлъагъорэм, Хьатикъуаемэ сшIэрэп раIорэр, къикIэу адыгэ горэ Лэбапэ къэзэкъым къыфакIошъ, джащ къэбар тIэкIу-шъокIухэр къыфехьых. Адыгэхэр лъэпкъ пчъагъэу зэтеутыгъэх, о талъэныкъор ара, зиусхьан забыт, укъыздикIырэр?

– Хъан-Джэрые Бжъэдыгъу къекIы,– Игнат джэуап ытыжьыгъ,– СултIаныпщымэ ащыщ, яти, ятэжъи тидзэ хэтыгъэх.

– Зэхэсхыгъэ, зэхэсхыгъэ,– куплIэм зыдэзгъэпытыхьажьыгъэ лIыжъыр къызэплъэкIыгъ, шыхэр хигъэчъыкIзэ, игуапэу къызэриIокIыгъ,– ахэр тэ тиблагъэх. Бжъэдыгъумэ уязэгъыщт, мамырых, абдзахэхэр, шапсыгъэхэр арых аIуагъ узышIомыкIыщтхэр.

Зи къэзымыIощтыгъэ Хъан-Джэрые игупшысэхэр шыкоо лIыжъым игупшысэмэ атекIыщтыгъэп, зэнэгуещтыгъэ адыгэ бырсыр зыфаIуагъэм, игъогупэ хэкIэу, ичылэ къэблагъэ къэси, сыдэу псынкIэу къэбарыр къанэсыгъа ыIозэ, нахь егъэгумэкIы. ТэмэтелъхэрI къехьылъэкIых, илIыгъэ заом къыщызыушыхьатыгъэ бгъэхэлъри ыпэкIэ зэрэщыгушIукIыщтыгъэм фэмыдэу, мылыдыжьэу къыщэхъу.

## X

СултIанмэ ятэрэнтас Пшызэ къызэпырыкIыжьыгъэ къодыягъ, Чэтыкъу-бжъэдыгъу пщы-оркъ зэфэсым хэтмэ Хъан-Джэрые къызэрэкIожьырэ къэбарыр залъэIэсым.

Къылъагъэчъэгъэ шыуищымэ ягъусэу Хъан-Джэрые чылапшъэмкIэ щызэхэт хасэм еблэгъагъ. Пщы-оркъ нэмыкI зыхэмыт зэфэсым Хъан-Джэрые зелъэгъум, мэкъэ зэфэшъхьафкIэ зыкъипхъотэжьыгъ. Хьаджэмыкъо Батмызэ пщы-татэм Iэ Iэтыгъэкiэ ыгъэбыяугъ:

– Фэсыжьапщи, зиусхьан. Къэзэкъ пытапIэм укъэсыжьыгъэу зэхэтхыгъэти, пщы щагум удэмыхьажьызэ, емыкIу къытфэмышI, узэдгъэлъэгъу тшIоигъуагъ. Урыстырку лъэныкъом къикIэу къэбар къытлъыIэсыгъэшъ, тегъэгумэкIы, ишъыпкъапIэ къытаIу.

– Зиусхьан! – Хэсэ утыгум пэмычыжьэ оркъ горэм къыдзыгъ: – УигущыIэгъу итэмэтелърэ ыбгъэ хэшIэгъэ гъучI такъырымрэ яплъи, джэуап къыуитыжьыгъэджэ лъытэ!

– ШъхьэкIафэрэ лъытэныгъэрэ зыфысиIэ бжъэдыгъу пщы-оркъ хас,– джыри Хьаджэмыкъо пщышхом ыIэ къыIэтыгъ,– къыттемыфэрэр тэшъумыгъаIо. СултIанмэ яурыс тэмэтелъ непэп зытлъэгъугъэр, ащыджэ сэри сышъумыушъхьакIу, шъуапашъхьэ къисщэгъэ зиусхьанэри шъумыгъэцIыкIу. Бжъэдыгъу хасэм хэт пщы-оркъ пэпчъ яIо зэрэзэтемыфэри, ахэри куп-купэу зэрэгощыгъэхэри шъумыгъэшIагъо. Тэ непэ зым ыIорэр адырэм риутыжьынэу, зиIо къимыкIырэм шъхьакIо ышIынэу тызэрэугъоигъэп. Адыгэ шъолъырым къитэджэгъэ къэбар гомыIум тызэфишэсыгъэшъ, шъыпкъэмэ-мышъыпкъэмэ зэтэжъугъэгъашIэ. Уахътэрэ гупшысэрэ зищыкIагъэм къэмэ къипхъотыджэ тытешъумыгъэлъад, IэжагъэкъызэхэтэжъугъэгъафАдыгэхэр зыгъапэрэм хэпшIыкIырэр, зиусхьан, къаIо, тшIомыушъэф.

– Ащ фэдэ гухэлъджэ бжъэдыгъу пщы-оркъ зэфэсым сыкъыригъэблэгъагъэмэ,– Хъан-Джэрые шым къепсыхи, пытэ-пытэу утыгум къихьагъ,– шъо къышъулъыIэсыгъэ къэбарым щэхъу зэрэсымышIэрэр шъосэIо, ау ишъыпкъапIэ сыщыгъуазэп. СишIошI шъушIэнэу шъуфаемэ, шъэф зыхэлъыр къезгъэкIурэп. Ыджары сэ непэджэ, сыкъызэхэшъошIыкIымэ, къэсIон слъэкIытэр. Джыри зы гупшыс: хэгъэгуитIу азыфагу тыдэфагъэмэ, тятэ зэриIощтыгъэу, хы ШIуцIэм тышъхьапырыплъын нахьи, Пшызэ тызэпырыплъымэ, зынэгу тыкIаплъэрэр нахь дэгъоу тлъэгъут. ЕмыкIу къысфэшъумышI, сэ джыри гъогу сытет...

Пщы щагум Хъан-Джэрые зыдэхьажьым, гушIуагъокIи нэшхъэигъэкIи къыщыпэгъокIыгъэх. Илъэсит1у фэдиз зытешIэгъэ Къырым-Джэрые ихьэдэгъэ текIыгъэ, сыдигъуи щыIакIэм зэрэщыхъу хабзэу, нэшхъэигъэ нэпскIэ къежьэжьи, псаоу къафэкIожьыгъэм пагъохыгъэ гушIогъо нэпскIэ аухыжьыгъ.

– Адэ шъыдэу пшын,– Къэнтатэ хьылъэу хэщэтыкIи, ыгу псынкIэ хъужьызэ къыIуагъ,– Къырым-Джэрыеджэ арэу хъунэу Алахьэм ыухыгъагъ, ащ хэпшIахьыжьын щыIэп. Алахь зизакъом зыдигъэзэжьыгъэм шIу щешI, джэнэт къырет, сыгу ебгъэрэп. Тыркуемрэ Урысыемрэ азыфагу къыдэтэджэгъэ адыгэ къэбар горэ къытлъыIэсыгъэшъ, ущыгъуазэмэ ишъыпкъапIэ тэгъашIэ, сикIал.

– Адыгэмэ къалъыIэсыгъэ къэбарыр шъыпкъэ,– Хъан-Джэрые хэщэтыкIыгъ,– ау ащ фэдэу Тыркуемрэ Урысыемрэ тэрджэ зекIонхэр нибжьи сшIагъэп... Сэри ащ сыхэлэжьагъ, Къырым-Джэрые тхьамыкIэм ыпси хилъхьагъ... Iоф мызафэм цIыфыбэ хэщагъэ хъугъэ. Сыгу къеорэр тыкъызэрэрамыдзагъэр, цIыфыгъэ къызэрэтамыхыгъэр ары... Зэрэхъурэмджэ, зыгорэм имэкъу Iатэ зыщаупкIэгъэ шъофым щызэратыгъ. А слъэгъухэрэр ащ къыщыуцунхэп, нан!..

– А сикIал,– Къэнтатэ зэхихырэм къыгъэгузэжъуагъ, Сахьид-Джэрыий Адыл-Джэрыий аIуплъагъ, Шъэуаий фыреплъэкIыгъ,– угу щышIэрэр, пшIошъхьакIор узэрагъэблэгъэгъэ пщы-оркъ зэфэсым щыпIуагъа?

– Хьау. Ащ фэдэ гумэкI пшъхьэ къимыгъахь, нан. ТилIакъо, тятэжъмэ ягущыIэ сытекIыгъэп, сыкъызэхашIыкIыгъэ фэдэуи къысщыхъугъ,– нэнэжъым нахьи, къыздеогъашта къыригъэкIэу, Хъан-Джэрые ШъэуаекIэ еплъэкIыгъ.– КъикIытыр сшIэрэп, тхылъыпIэ гори урыс пачъыхьэм фэстхынэу спшъэ къыралъхьагъ.

– Шъыд итынэу? – Къэнтатэ къэупчIагъ.

– Бжъэдыгъу пщы-оркъхэм урыс пачъыхьэм ешIухэ ашIоигъоу сахэплъагъ. Ыджар тхылъыпIэм афистхэнэу къыкIэлъэIугъэх.

– Ар къэбарышІу, гухэлъышІу,– Къэнтатэ мэгушІоми мэгумэкІыми къыбгурымыІонэу къыІуагъ, зэпыугъо макІэкІэ етІанэ Шъэуае еупчІыгъ: – Шъыдэу ухаплъэра, Шъэуай?

Зыгъэ мыщ фэдэ ІофыкІэ Мыхьамэт-Джэрыерэ ежьырырэ зэрэзэІупхъогъагъэхэр Шъэуае ыгу къэкІыжьыгъ, ыуж къыкІэлъыкІогъэгъэ мэфэ, мэзэ хьылъэхэри ынэгу къыкІэуцожьыгъэх, джэуап фэхъущт гущыІэ гъэтІылъыгъэмэ алъыхъузэ, Къэнтатэ ІэпыІэгъу къыфэхъугъ.

– КъепІолІэтыр къыохьылъэкІымэ, Шъэуай, егъэзыгъэп, тэ зэкІэми запэІутыдзэн тлъэкІытэп.

– Шъыд пае, нан, сишІошІ къысэхьылъэкІын. Тырку пащэмрэ урыс пачъыхьэмрэ адыгэхэмджэ ашІагъэр хъымыщые пщы-оркъмэ зэрамыдагъэм фэдэу фэкъолІхэм язэфэси къыщыкІаІотыкІыжьыгъ. А тхылъым бырсыр къикІынджэ енэгуягъо,– Шъэуае ыІуагъ,– фэкъолІмэ ямыдэ урам чэу къуапэмэ къаІутэджагъ, хьакІэщмэ къарытэджагъ.

– Ащ сэри сенэгуягъ...– Къэнтати къыІуагъ, бащэ тыримыгъашІэу шъхьэгъэсыскІэ къыухыжьыгъ: – Шъыдэу тшІын, Алахьэм къыттырилъхьагъэр тихьылъэ. Пщы-оркъ зэфэсыр, Хъан-Джэрый, къыолъэІугъэмэ, тигъогу къытехьатхэмэ, ашІоигъор афашІ. Ау тиунэ щытІуагъэр, зэхэшъоха, кІалэхэр,– Къэнтатэ щысмэ къафигъэпытагъ,– тиунэ къенэжьы. ХэгъэгуитІур адыгэхэмджэ зэрэзекІуагъэр тиунагъоджэ тизэхэфынэп, Хъан-Джэрые зэрэурыс забытыр зыщытэшъумыгъэгъупш. Зыгорэ къапІо пшІоигъуа, Шъэуай? Мы щысмэ уанахьыжъ, сикІал, угу ымыштэ щыІэмэ къаІо, сэгъашІэ?

– ТиунэщытІуагъэр, нан, чылэ Іофэп, тиунэ къинэжьын,– Шъэуае къыІуагъ,– сэ Тыркуемджи Урысыемджи, блэкІыгъэ илъэс зытІущым аужырэ хэгъэгумджэ сыгу тІэкІу зызэблихъугъ умыІотымэ, сынэгу гъэзэгъагъэп. Хымэ хэгъэгумэ къыташІагъэр, шъыпкъэ, штэгъуае. Ау ащ къизгъэкІырэп, Хъан-Джэрый, гуджэ пштэгъэ хэгъэгум уфэмышъыпкъэныр, пщы-оркъ зэфэсыр къызэрэолъэІугъэри афэмышІэныр. Гъогу зэхэкІым джыри утеуцуагъ, ащджи къыуасІорэп гъогу зэблэхъу пшъхьэ къибгъэхьаныр.

– Тхьэуегъэпсэу, Шъэуай,– Хъан-Джэрые къыІуагъ,– сыгу укъигущэІыкІыгъ. Адыгэхэм къытэхъулІагъэм сэри сырыразэп, ау ащ фэшъхьаф хэкІыпІэ непэджэ зэрэтимыІэри къызгурэІо. Хъымыщые бжъэдыгъу пщы-оркъмэ афэдэу зэкІэ адыгэ шъолъырым Іо щызэдашІыгъэмэ дэгъугъэ.

Шъэуае зи къыІуагъэп.

Сахьид-Джэрыерэ Адыл-Джэрыерэ зэфычІэплъыгъэх.

Унэм иуцогъэ кІым-сым хьылъэр Къэнтатэ къыукъуагъ:

– Ари зы тхьамыкІагъоу джыри адыгэхэмджэ къытхэтэджагъ... А Хъан-Джэрый, модэ щагу фэкъолІмэ ахахь, зягъэлъэгъу, сэлам ях. Ыджа зэрэтІуагъэу, Шъэуай, бащэ ятІоныри ищыкІагъэп. А Сахьид-Джэрый, орми хъут, Адыл-Джэрый, пчэдыжь нэс Шъэуае икІэлэхъу цІыкІу слъэгъугъэп, сыфагъэлІэжьыгъ, моу къяжъугъахь. О зэ, Хъан-Джэрый.– НэбгыритІур язакъоу унэм къызенэм, Къэнтатэ къыІуагъ: – Шъэуае къыІуагъэхэм сыгу яІугъэп, Хъан-Джэрый.

– Шъэуае иадыгэгу, нан,– Хъан-Джэрые щхыпцІыгъэ,– ыбгъэгу щызэпео, мыхъун къыІуагъэп.

– Тхьэ къысауи,– зэхихыгъэм Къэнтатэ къыкІигъэщтагъ,– о угу адыгэжьба?

– Сэ сыгуи джа дэдэр ехъыкІы, нан... Ау Шъэуае зыфиІогъэ гъогу зэхэкІым сызэрэщыхэмыукъотыр пшІошъ гъэхъу. Хъымыщые пщы-оркъмэ язекІуакІи сигуапэ, ялъэІуи урыс пачъыхьэм фэстхыт, сырялІыкІот.

ИлъэситІу горэ зыныбжьын кІэлэхъу къопцІэ цІыкІум ыІапэ ыІыгъэу, Адыл-Джэрый ыуж итэу, Сахьид-Джэрые унэм къызехьэм, гушІопсым зэлъиштэу Къэнтатэ ІитІур ыщэигъ:

– КъакІо, сикІал, къакІо,– шъэожъыем Къэнтатэ ыпшъэ зыришІагъ,– ары, нынэ, укъысфэзэщыгъ. Ушкэгъаха, сикІал? А Хъан-Джэрый, моу сакІыб дэлъ ІэшІу-ІушІумэ ащыщ горэ ти Дзэпщ цІыкІу къет. Ары, нынэ, ары. Ари тикІалэ, Сахьид-Джэрыий Адыл-Джэрыий ашнахьыжъ, зигугъу ренэу къыпфэсшІыщтыгъэ Хъан-Джэрый ары,– «уятэ Шъэуае ышынахьыкІ» риІонэу ыгу къыпылъэдэгъагъ шъхьакІэ, Къэнтатэ зиІэжагъ,– еплъ мыщ нахь мыхъурэм ышІэрэм, ІэшІу-ІушІур пІихырэп, мыцІышъу къыпфешІы...

Джа гъэ дэдэм, 1829-рэ илъэсым, декабрэм и 17-м, хъымыщые бжъэдыгъу пщы-оркъмэ ацІэкІэ Хъан-Джэрые ытхыгъагъэр Перовскэ генералым урысыдзэм иштаб шъхьаІэ ІэкІигъэхьагъ. Ащ Апэрэ Николай пачъыхьэр зыща-

гъэгъуазэм, Кавказымкlэ Урысыем илlыкlо пащэу Паскевич-Эриванскэм елбэткlэ Тифлис тхылъ фагъэхьыгъ, Хъан-Джэрыий даlофтагъ.

Тхыгъэм итыр Паскевич генералым игопагъэми, ишъыпкъапlэ зэригъэшlэнэу Екатеринодар аригъэхьыгъ, джэуапыр къызэрэсыжьыгъэм лъыпытэу Хъан-Джэрые поручикыр ыдэжь джыри аригъэщагъ.

Апэрэ зэlукlэгъум нэгушlокlэ къызэрэпэгъокlыгъагъэм ятlонэрэ зэlукlэгъур фэдагъэми, Кавказым идзэпащэ иlуплъэ хьалэл ыгу римыхьын горэ Хъан-Джэрые хэлъэу къыщыхъугъ.

— Адыгэ бжъэдыгъупщымэ къытфатхыгъэр тигуапэ,— Паскевичым ыlуагъ,— къыдгоуцохэмэ, шъыпкъэныгъэ къытагъотылlэн. Тэ тыурыс, зиlо зымыгъэшъыпкъэжьырэмэ тащыщэп. Уилъэпкъэгъумэ, зиусхьан, уиlорэ уишlэрэ зэрахэплъэхьагъэр Перовскэ генералым къысфиlопщыжьыгъ. Адырэ уилъэпкъэгъу адыгэхэри узщыщ бжъэдыгъу лъэпкъымэ афэдэу зекlогъагъэхэмэ тафэразэщтыгъэ. Ау ахэмэ яззэхэшlыкl, гукъао нахь мышlэми, джыри макlэ. Кавказым тыкъызфэкlуагъэр, Тыркуе зепхъуакlом тызыкlыпэуцугъэр джыри къагурыlорэп. Ари зэгорэм, тыгузажъорэп, къагурыlонэу тэгугъэ. О тыпфэраз, уигулъытэ ины, поручик. Перс, тырку заомэ ащызепхьэгъэ лlыгъэм уасэ фэсэшlы, пшынахьыжъ Султlан Къырым-Джэрые лlыгъэ зэрихьэзэ, зэрэфэхыгъэми сыщыгъуаз. О джыри уныбжьыкl, Урысыем, тихэгъэгу пачъыхьэ узэрэфэшъыпкъэщтым сицыхьэ телъ,— Хъан-Джэрые къэтэджынэу ежьэгъагъэти, ыдагъэп,— щыс, щыс, зиусхьан, сицыхьэ птелъ. Ау зыгорэ къыосlощтышъ, анахь къыппэблагъэм къыуиlуагъэ фэдэу, угу иубыт. Тэ хъымыщые пщыхэмкlэ, орми нэмыкlми, lэшъхьэтет тищыкlагъэп. Укъэзгъэтхагъэмэ къыуаlуагъэр зэкlэ пшlошъ умыгъэхъу, зыуи арэп пчэгум укъызэрэранэщтыр…[1]

Хъан-Джэрые кlыфыбзэ хъугъэу къызщытэджыкlыгъ:

— Иван Федорович, зиусхьан,— ежь зэрэпщыри зыщимыгъэгъупшэу ыцlэ къыриlуагъ,— хъымыщыепщымэ яlэ-

[1] Хьаджэмыкъо бжъэдыгъупщым къытхыжьыгъэр «Кавказский сборник» зыфаlоу 1910-рэ илъэсым къыдэкlыгъэм ия 10-рэ тхылъ мы lофым фэгъэхьыгъэ къэбарыр мырэущтэу къыщеlожьы: «…Хъымыщые пщыхэм зяупчlыхэм, агъэхьыгъэр Султlан Хъан-Джэрые зэрэзэхигъэуцуагъэр къаушыхьатыжьыгъ, ау пщымэ яlэшъхьэтетынэу зызэригъэлъэгъуагъэр зэрамыдагъэри къаlуагъ…»



шъхьэтетыгъэмэ зыфапlорэр, мышъыпкъэ къэстхыгъэп, къысамыlуагъэ къиcтхагъэп. Ащ фэдэ къысаlолlэныр емыкlу.

— Сшlошъ мэхъу, зиусхьан, сшlошъ мэхъу,— Паскевич генералри къэтэджыгъ,— уигукъао къыздикlыри къызгурэlо. Сэ сшъхьэкlэ сыпфэраз, поручик. Неущ щегъэжьагъэу гъогу утехьажьын пlомэ уфит. Санкт-Петербург узэрэнэсыжьэу сыгу имыкlырэ сикъэлэ гупсэ шlуфэс сфехыжь, ищтыргъукl мафэмэ, иилъэсыкlэ жъуагъомэ сазэрэфэзэщырэр сфеlожь.

## ЯХЭНЭРЭШЪХЬ

### I

Февралым и 10-м, 1830-рэ илъэсым Черномор лейб-гвардием икъэзэкъ эскадрон ипоручикэу Хъан-Джэрые Тифлис къызекlыжьым мэфищ тешlэгъагъэп пачъыхьэм иlофышlэплэ «ящэнэрэ къутамэ» иlэшъхьэтетэу, жандармерием ипэщэ Бенкендорф иелбэт шэс къызылъэкlом.

Бенкендорф лъэкъуацlэр Хъан-Джэрые ищыпэзэхэхэп. Жандармерием ипащэ пачъыхьэм зэрэпэблагъэм, илъэситфыкlэ узэкlэlэбэжьымэ декабристымэ зыкъызаlэтым, ащ зэрэфэшъыпкъагъэм, дыреплъэкl-къызэплъэкl къызыхимыгъафэу зэрэготыгъэм, забытхэм яlоф аlо зэхъум, ахэмкlэ шъэбагъэ зэрэхэмылъыгъэм щыгъуаз, ау кадет корпусым зыщеджэщтыгъэ лъэхъаным, Петербург къулыкъу зыщихьырэ илъэсныкъом теплъэнэуи, дэгущыlэнэуи чlыпlэ къыфыхэкlыгъэп.

Сыда Бенкендорф сызэрищыкlагъэр? Сыд lофа къыздыриlэри? — Хъан-Джэрые игумэкl къызэкlэрыожьызэ, сыхьатым еплъыгъ, зекlолlэщт пlалъэм сыхьатитlум ехъу иl. Паскевич генералым дэжь Тифлис сызыlофтэгъэгъэ дзэ штаб Шъхьаlэр джыри сиlофкlэ къыздэгущыlагъэгоп, мыдырэм, зыщыщ сымышlэрэм, къыслъегъакlо. Апэ къэбарыр зыгъэшlэгъуагъэр сикъэзэкъ эскадрон ипащ.

КъызкIыслъагъэкIуагъэм хэшIыкI зэрэфысимыIэр есIуагъэми, цыхьэ къысфимышIэу бэрэ къыскIэкIэупчIыхьагъ, ау сызщымыгъозэ Iофымкlэ сыд сIон? Шъыпкъэ, сыда жандармерием ипащэ сызфищэрэр? Мыхъун горэ гъогу сытетыфэ, Тифлис сыщэсыфэ е къызысэгъэзэжьым сшIагъэ сIонти, ащ фэдэ зыдэсшIэжьырэп. Паскевич генералыр дэгъоу къыздэгущыIагъ, сызыщыщым, лъэпкъыцIэмэ, ахэр зыщыпсэурэмэ ащыкIэкIыжьэу къакIэупчIагъ. ТхьамэфитIум ехъу тешIагъэу ятIонэрэу къызыздэгущыIэм, икъэплъакI умыIощтымэ, мыхъун хэлъыгъэп...

Капустенкэ Игнатрэ Кардовскэ Яковрэ унапчъэм зыделъагъохэм Хъан-Джэрые гушIогъагъэми, ахэмэ ягумэкIи ежь игупшысэ-гумэкIмэ зэрафэдэр янэмыз-Iумыз плъакIэ къыхэщыгъ.

– Бенкендорф къызэрэоджагъэр шъыпкъа? – Игнат къэупчIагъ.

– Сыдэу шIэхэу зэхэшъухыгъа?

– КъэбармыIу щыIэп, Хъан-Джэрый,– тырку зэоужым яэскадрон къыхэхьэгъэ Кардовскэ Яков корнетым къыIуагъ, псаунэгъэ хъати зэримыIэр ынэгу шъогъо-кIыф къыкIэщэу щхыпцIыгъэ.

– Сыхьатыр пшIыкIузым ехъулIэу ыдэжь сыщыIэн фае аIуагъ,– Хъан-Джэрыий мэкъэ пытэкIэ ариIожьыгъ, ау пигъэхъожьыгъэм игумэкI къыхэщыгъ: – сызэрищыкIагъэр сшIэрэп нахь.

– Тэри ары тIорэр...– Капустенкэ Игнати ымакъэ къышIуефэхыгъ.– Тифлис гъогум мыхъун къыщыохъулIагъэп ныIа?

– Ащ фэдэ щыIэп.

– СшIэрэп ащыгъум жандармерием узфащэрэр...– Игнати Яков фыреплъэкIыгъ.

– СыхьаткIэ зэкIэ нафэ къэхъут,– Хъан-Джэрые пкъы пытэ ищыгъэкIэ къызщытэджыкIыгъ,– талъэныкъо зэрэщаIоу, шъхьэфитым фэшъыпкъэмэ гумэкIыгъо яIэп.

Хъан-Джэрые Бенкендорф ижандармерие щагу гъучI къэлэпчъэшхо нэсыфэ зыфащэрэр шъхьэм икIыгъэп, мыжъоф лъэоенэ лъагэмэ адэкIоефэ зэрэадыгэри, къэзэкъ эскадроным зэрэхэтыри, зэрэпоручикри, бгъэхэлъ тыныри щыгъупшэжьыгъэу фэбэмэ тIэкIу зэрыурэ унэ хъоо-пщаушхом ращагъ. ТIо зэIукIырэ пчъэ иным дэжь столыбгъум къыIутэджыкIыгъэ подполковникым фэшъхьаф унэм исыгъэп.

– Хъан-Джэрые поручикыр,– подполковник пэшхо-нэгушхор сыхьатым еплъыгъ,– къэтIысыгу, джыри такъикъ зытIу щыI. Сыхьатыр пшIыкIузы зэрэхъоу, Александр Христофорович графым уригъэблэгъэщт.

Пчъэбгъу дэпкъым кIэрыт дышъашъор зытеорэ пхъэнтIэкIу шъэбищымэ яз Хъан-Джэрые зытетIысхьэм зыкъишIэжьыгъэти, гукIэ щхыпцIыгъэ. АдыкIэ, исэмэгубгъукIэ, дэпкъ къогъум къот сыхьатышхом икIо макъи зэхихыгъ, ыбзэгу зедзэ шъаби ылъэгъугъ. КIашъом кIэшIэгъэ апч лыдыбэкIэ зэхэшIэгъэ остыгъэшхори пхъэ такъыркIэ пкIэгъэ джэхэшъогум, удэIэбэягъэкIи унэмысынэу, шъхьащыт, шэф остыгъэ щырыщхэр зэрыт гъуаплъэхэри дэпкъымэ къакIэрэщы. БгъуитIумкIэ пхъэнтIэкIуитIу зыпэIут дэпкъ хьакуми, укъигъэфэбэ-укъимыгъэфабэу, пхъэ мэшIо макIэри щэсты. Апэрэ Николай пачъыхьэм исурэтышхо хьакум пэчIынэтIэ дэпкъ гузэгур зэлъеубыты. ШъхьаныгъупчъиплIымэ къяхъухыгъэ пэIухъохэм кIымэфэ тыгъэ нэгъыфым инэфыпсыхэр зэлъаIыгъ.

Мыщ фэдэ унэшхом сызэрэрагъэблэгъагъэр нанэ ылъэгъугъагъэмэ, Хъан-Джэрые гукIэ ыIуагъ, егъашIэм сшынахьыкIэмэ, щагудэтымэ, Матвеев къэзэкъ атаманым дэжь тызэкIом, къызэрэфэмыIотыкIыжьыщтыгъэу, ариIотэжьы икъуцщтыгъэ. Жандармерием иунэ мыщ фэдэмэ, пачъыхьэр зэрысыр сыд фэдэщта? Нэм ылъэгъурэр шъхьэм ыуас зэраIоу, пачъыхьэр зэрыс унэри плъэгъункIэ тхъагъо, ау зэкIэми ар янасып къыхьырэп. Пачъыхьэм иуни мыщ фэдэу зэгъэоkIын шъуIуа? Сыд мо подполковникми, Iофышхо зыригъэшIэу, ышъхьэ зыхэгъэнагъэр? Сыкъызфащагъэр мыщ ешIэн фае. Ышъхьэ еуфэхыжьыгъэу тхылъыпIэмэ ахэплъэ. УеупчIыгъэкIи, къыуиIонэп... ШIу къыспыщылъкIэ сыгугъэрэп, сыщысми сыщымысми ыгъапэрэп. Перс е тырку заом уIусщэгъагъэмэ, сеплъыщтыгъэ зызэрэпшIыщтыгъэм!..

Ардэдэм перс заом апэ дэдэ Хъан-Джэрые зэрэIухьэгъагъэр ыгу къэкIыжьыгъ, ошъогу бгъэшхъо хьарзэхэри ынэгу къыкIэуцожьыгъэх, ышнахьыжъ Къырым-Джэрые иаужырэ гущыIэхэри къеIужьыгъэх. Фэхыгъэ дзэкIолIмэ якъэнэтIэхэс къащхэр, ышнахьыжъы ием, быслъымэнба, ащ фэдэ темытэу, инэплъэгъу къыхэтэджыкIыгъэх.

Сыхьатыр пшIыкIузы зэрэхъугъэм лъыпытэу, пчъэ кIыбымкIэ къыщыIугъэ одыджын макъэм Хъан-Джэрые

игупшысэмэ къахигъэужьыгъ, подполковникри къызщылъэтыгъ, Iитlур едзыхыгъэу къыIуагъ:

– Хъан-Джэрые поручикыр, чlахь. Александр Христофоровичым урегъэблагъэ.

Пчъаблэм Хъан-Джэрые зэрэдэкlэу, зыритlагъ. Мыпщэр-мыод лlы сырыф гурытэу нэ шхъонтlэ тхьагъэпцlхэмкlэ къыlугушlозэ къыпэгъокlыгъэм, къэзэкъ поручикым къыригъэжьагъэр къыригъэухыгъэп:

– Джы къызгурэlо, зиусхьан, узфэдэр,– Бенкендорф Хъан-Джэрые шlуфэс къырихи, исэмэгу lэнтэгъу ыlыгъэу ымыlыгъэу ышъоу дэпкъ хьакумкlэ щыт lэнэ лъхъанчэм рищэлlагъ,– уныбжьыкl, убжьышlу, уищыlэныгъэ зэрэпсаоу джыри уапэкlэ къэт. Зэуитlуми лlыгъэ зэращызепхьагъэри, уипачъыхьи, хэгъэгуми уазэрэфэшъыпкъэр зэхэсхыгъэ, джы сапашъхьэ уит. Моу гупсэфэу, егъэлые шъорышlыгъэр хэмылъэу сапашъхьэ къитlысхь, сызэгъэплъ, сызщыгъэгушlукl. Джырэблагъэ Кавказ узэрэщыlагъэр къысаlожьыгъ. Дзэм иштаб шъхьаlэ епхьылlэгъэ тхыгъэми нэlуасэ сыфашlыгъ. Пачъыхьэри хэплъагъ, игопагъ.

– Ваше превосходительство...

– Шъорышlыгъэ лъыягъэ хэмылъынэу тlуагъэба,– Бенкендорф графым Хъан-Джэрые къыlо шlоигъуагъэр щыригъэгъэтыгъ,– Александр Христофоровичкlэ къысадж, титlо тизакъу ныlэп, lизын къыосэты. Ары, ары, зиусхьан, умыгъэшlагъо, пачъыхьэр ары уитхыгъэ апэ хэплъагъэр, фэшъошэ уаси къыфэзышlыгъэр, Кавказыр зыlэмычlэ ралъхьэгъэ Паскевич графым дэжь узгъэкlуагъэри. Иван Федорович Паскевичыр, тэщ фэдэу, къыпфэраз, макъэ къытигъэlужьыгъ.

Хъан-Джэрые зэхихыгъэм гукlэ къыгъэлъэтагъ. Зэрэхъурэмкlэ, ыlуагъ, хъымыщые пщы-оркъымэ пачъыхьэм фысагъэтхыгъэм къыпаlухьажьыгъэм мыхэр щыгъуазэх. Паскевич генералым сэ сшlуимыушъэфыгъэр мыхэмэ нибжьы ашlуиушъэфынэп. Силъэпкъэгъумэ къысашlэжьыгъэр Бенкендорф къысиlон нахьи сэ спкъы къикlымэ нахьышlу, лlыгъи, цlыфыгъи, шъыпкъагъи хэлъын, цыхьи къысфишlын. Нанэ зэриlоу, «пцlыр зэогъэпцlы пшlошlми, зэхэзыжьы, шъыпкъэр зэпэчыжьэ пшlошlми, зэкlолlэжьы».

– Ары шъхьакlэ, Александр Христофорович,– Хъан-Джэрые ыlуагъ,– сызфэшlушlэгъэ силъэпкъэгъумэ сыкъагъэукlытэжьыгъ.



– Сыдэущтэу? – lофым щымыгъуазэ фэдэу къэупчlагъ,– къыуагъэтхыгъэр мышъыпкъэуи?

– Урысыем тешlущт, тыгохьащт хъымыщые пщы-оркъымэ зэраlуагъэр шъыпкъэ. Бжъэдыгъупщымэ lэшъхьэтет уафэтшlыщт къызэрэсаlуагъэм къытеуцожьыгъэхэп.

– Хъымыщые пщы-оркъыхэр къыдгохьанхэу зэраlуагъэр шъыпкъэба, зиусхьан? – Бенкендорф графыр къэупчlагъ, ынэ шхъонтlэ lушхэр къилыдыкlыгъэхэ фэдэу Хъан-Джэрые къыщыхьугъ.

– Ащкlэ сыгу ябгъэрэп, Александр Христофорович. Сэрэп, ежьхэр ары апэ сагъэтхэнэу зыгу къэкlыгъэр. Тэ тизакъоп, адырэ чэчэнэе пщы-оркъхэри къедгъэшlущтых, лlышъхьи узыфэтшlыжьыщт къысаlуагъэти, нахьышlу зэрэхъущтым сыщыгугъызэ, къэстхыгъ. Адырэ адыгэ лъэпкъхэри къыткlэрыплъыных, тигъогу къытехьаных сlогъагъэ.

– Ахэри, бжъэдыгъупщымэ афэдэу, къыдгохьанхэу огугъа?

– Цlыфыгъэ адызетхьэмэ, Александр Христофорович, адырэ адыгэ лъэпкъхэри къыдгохьанхэкlэ сэгугъэ.

– Мыдырэмэ афэдэу ахэми укъагъэпцlэжьмэ, зиусхьан? – Бенкендорф щхыпцlыгъэ, джэуапым пымылъыжьэу нахь мэкъэ шъабэкlэ къэупчlагъ: – Адызетхьащт цlыфыгъэу зыфапlорэр сыдэущтэу къыбгурыlора?

– Силъэпкъэгъумэ яшхьэфитыныгъэрэ ячlыгурэ нахь лъапlэ яlэп, Александр Христофорович. Джитlумкlэ умыгъэцlыкlухэмэ, уасэ афэпшlымэ, уадэпсэун, бгъэlорышlэн плъэкlыщтых.

– Адыгэхэр лъэпкъ баlо мэхъуха? – Хэт зишъхьэфитныгъэрэ зичlыгурэ зымылъытэжьырэр ыlомэ, гукlэ щхыпцlызэ, Бенкендорф джыри къэупчlагъ.

– Адыгэхэр лъэпкъ пшlыкlутlу мэхъух. Анахь лъэпкъышхохэр шапсыгъэхэр, абдзахэхэр, къэбэртаехэр.

– Къэбэртаехэри адыгэха?

– Адыгэх. Лlэшlэгъу заулэкlэ узэкlэlэбэжьмэ, ахэр Мыутlэ хым дэжь щысыгъэх...

– Абхъазхэр? – Къэбэртаемэ афэгъэхьыгъэ къэбарыр Бенкендорф графым Хъан-Джэрые къыригъэухыгъэп.

– Абхъазхэри зэгорэм адыгэ лъэпкъыгъэхэу аlо, макъэкlэ тызэтефэми, бзэкlэ тызэгурыlорэп. Динымкlи тызэтекlы, абхъазмэ азынукъо чыристан, азынукъо быслъымэн.

— Адыгэ тарихъым хэшIыкI фыуиI, зиусхьан,— сапашъхьэ исыр адыгэ Iэл къодыиеп, гъэсагъэ, забыт еджагъ, Бенкендорф гукIэ ыIуагъ, нэ чанкIэ Iуплъагъ,— зэхэсхыгъэр сигуапэ.

— Тхьэуегъэпсэу, граф, уасэ къызэрэсфэпшIыгъэмкIэ.

— Сигуапэ, поручик, сигуапэ,— Хъан-Джэрые изабыныцIэ апэрэу Бенкендорф къыриIуагъ, Iофы зыримыгъэшIы фэдэу къыпигъэхъожьыгъ: — Ащ фэдизыр уиилъэс тIокIырэ тIурэм зыщыпшIагъэр сшIэрэп нахь.

— СицIыкIугъом сянэжъ, Канитат Асхад-Гиреевнам, сигъэшIагъэ,— къыраIокIыгъэм иджэуап Хъан-Джэрые ригъэжэжьыгъэп,— сызщырагъэджэгъэ кадет корпусхэм, Тифлиси, Санкт-Петербурги нэмыкI цIыф лъэпкъмэ афэгъэхьыгъэхэр щытагъэкIугъэх. ЕтIани, Александр Христофорович, узыщыщ лъэпкъым итарихъ умышIэмэ, унэшъоу, убзакоу, удэгоу дунаим къыщыпхьыщт тинахьыжъмэ зэраIорэр зыщызгъэгъупшэрэп.

— Тхьэуегъэпсэу, поручик, тхьэуегъэпсэу, зиусхьан,— Бенкендорф графым шъорышIыгъэ-нэшIошIыгъэ хэмылъэу джы къыIуагъ,— лъэшэу сигуапэ нэIуасэ тызэрэзэфэхъугъэр. Хъымыщыемэ лIышъхьэ уафэхъугъагъэмэ, зэрэмыгъэпцIэжьыщтыгъэхэм сицыхьэ телъ. Уилъэпкъэгъумэ, зиусхьан, зызэрагъэпсэу къыднэсыжьыхэрэмкIэ, ори, тэри ахэмэ тырящыкIагъэкIэ сыгугъэрэп,— жандармерием ипащэ ынэгу къыхэщ-къыхэмыщэу щхэпсышъор рычъагъ,— ау хъурэм теплъын… Непэ садэжь укъызфезгъэблэгъагъэр нэмыкI Iоф, къытпэуцужьырэмэ апэуцужьын кIуачIэ хэгъэгум иI, ау ащ тынэмысыгъэмэ нахьышIугъ. АщкIэ уишIуагъэ къэкIонэу тэри тэгугъэ. ГъэрекIо, зэхэпхыгъэн фае, пачъыхьэр къэзыухъумэщт Кавказ-Къушъхьэполуэскадрондзэхащагъэ[1]. Ащ адыгаби хэт, ипащэри зыгорэкIэ шъузэIахьылмэ, СултIан Азэмэт-Джэрый ротмистрэр ары.

[1] «Зиусхьан пачъыхьашхом и Конвой Унае зэкIэлъыкIокIэ гъэнэфагъэ иIэу, дзэ зэфэшъхьафхэм къахахащыхэзэ, щыIэ хъугъэ,— С. Петин итхылъэу «Зиусхьан пачъыхьэшхом и Конвой Унай» зыфиIорэм щетхы,— ахэмэ ащыщхэр, хэушъхьафыкIыгъэ тарихъ лъэуж яIэти, гвардейскэ дзэ шъхьаф ашIыгъэх, адырэхэр пачъыхьэшхом къулыкъу фахьэу и Щагу къешIэкIыгъэхэу къэнагъэх…

Павел ыкъо Николай ипачъыхьэгъу лъэхъаным, зиусхьан пачъыхьэшхом и Щагу Конвой къулыкъу щахьыным пае, Кавказым щыпсэурэ къушъхьэчIэсхэм ащыщхэу лъэкI зиIэхэм къахахыхи, полуэскадрон зэхащэгъагъ. Ащ Л.-Гв. Кавказ-Къушъхьэ полуэскадрон цIэу



— ТызэIахьылэп, ау игугъу ашIэу зэхэсхыгъэ.

— Укъеззгъмэ, поручик, ащ гъусэ уфэтшIы тшIоигъуагъ.

— Ащ фэдэ цыхьэ къысфэошIымэ, Ваше превосходительство,— Хъан-Джэрые нибжьи зэмыгупшысэгъэ IэнэтIакIэу къыфагъэшъуашэрэм къызщиIэтыкIыгъ,— тхьэуегъэпсэу, къызщыпIорэ сыхьатыр сэркIэ пIалъэ.

— ТызэIахьылэп, ау игугъу ашIэу зэхэсхыгъэ.

— ТIыс, тIыс, поручик,— пкъыкIэ пхъэнтIэкIу шъабэм Бенкендорф щысысыгъэп, дэбжъыкъу фыжьышъомэ къахэщырэ нэгури нэпцэ мыкIыр сырыфхэми къачIэщырэ нэ шхъонтIэ тхьагъэпцIхэри гупсэфыгъэх,— сэрэп, зиусхьан, сэрэп, поручик,— аужырэ гущыIэм джыри нахь теIункIэзэ, къыфыкIигъэтхъыгъ,— цыхьэ къыпфэзышIырэр Урысые хэгъэгушхом ипачъыхь. Ащ ыпашъхьэ уихьаныр, уриухъумэкIоныр, ищыIэныгъэ къэуухъумэныр тхьэ Iоф нахь, цIыф Iофэп. Ар къыбгурымыIоу, угу имыубытэу Тхьэм илIыкIо уфэшъыпкъэн плъэкIыщтэп. ПшъэрылъыкIэр пIэ къитлъхьаным ыпэкIэ бэрэ тегупшысагъ, шъуалъэныкъо щыщ нэбгырэ заули тыуплъэкIугъэ, къытэкIуни къытфэшъыпкъэни тымыгъотыгъэу арэп, ау зэкIэми апэ оры, поручик, къыхэтхыгъэр. Шъо шъуилъэпкъыкIэ Урысыем шъузэрэфэшъыпкъэм, ипачъыхьэ шъуззэрицIыфым тыщыгъуаз. Ар уятэжъи, уяти, пшынахьыжъи ящыIэныгъэ ухыкIэкIэ къэлъэгъуагъ. Псэемыблэжьыныгъэу о къытфыуиIэри аужырэ Кавказ зэуитIуми къащынэфагъ. Тышъуфэраз, цIыфым ишIушIэ, ар етIани пачъыхьэм, хэгъэгум фэгъэхьыгъэмэ, бгъэкIоды хъущтэп, джары пцIэ зэкIэми къызкIыраIуагъэр. Ау пачъыхьэр ары, поручик, зыщымыгъэгъупш, уакъыхэзыхыгъэр! — Хъан-Джэрые зыгъэгумэкIыщтыгъэр къыз-

фашIыгъ, щыIэ зыхъугъэри 1828-рэ илъэсыр ары… Зиусхьан пачъыхьэшхом иунашъокIэ а илъэсым исентябрэ мазэ Кавказ линием идзэпащэу, шыудзэм игенералэу Эммануэль Ставрополь щиугъоигъэ полуэскадроныр, ротмистрэу СултIан Азамат-Джэрые ипащэу, 1829-рэ илъэсым, маим и 2-м Московскэ ухъумапIэмкIэ Петербург къыдэхьагъ. Ащ хэтыгъ обер-офицерэу нэбгырищ, зы ефэнд, юнкерих (унтер-офицерых), Iэшэзехьэ тIокIитIу, къулыкъузехьэ нэбгырэ тIокIырэ щырэ, шыу тIокIитIурэ бгъурэ, шыкуш щэкI аIыгъыгъ… Семеновскэ казармэр афагъэнэфагъ Л.-Гв. Жандармскэ полуэскадроныр зэрэфэIорышIэрэм фэдэу, Л.Гв. Кавказ-Къушъхьэ полуэскадроныри жандармэхэм япащэу, пачъыхьэм и Унэ шъхьаIэ иухъумакIохэм ядзэпащэу, генерал-адъютантэу Бенкендорф фэIорышIэнэу август мазэм пачъыхьэшхом унашьо ышIыгъ…»

химыгъэщыщтыгъэми, Бенкендорф къеупчӏыгъ: – зыгорэ къапӏо пшӏоигъуа, зиусхьан? Сыкъэдаӏо, поручик,– нахь мэкъэ пытаӏокӏэ къыухыжьыгъ.

Бенкендорф зыкӏэрыс дэпкъым пылъэгъэ пачъыхьэ сурэтышхом джыры ныӏэп Хъан-Джэрые нахь гуфаплъэу зеплъыгъэр. Ащ ыпэкӏи, жандармэмэ япащэ къыдэгущыӏэ зэхъум, ыкӏыбыкӏэ пылъэгъэ сурэтыр инэплъэгъу къыпэӏумыхьэу щытыгъэп. Ау Апэрэ Николай пачъыхьэм ынитӏу къытегъэдыкъагъэу, усыд цӏыфа, укъысфэшъыпкъэщта, сыбгъэпцӏэщта ыӏоу къеупчӏы фэдэу джы Хъан-Джэрые къыщыхъугъ. Пачъыхьэр шъхьапцӏэ, нэтӏэ шъуамбгъу, жэкӏэ-пэкӏэ мыкӏыр зэкӏу, нэпцэ дэхэ, нэшхо хьазыр, итыжьын хьазырхэмрэ идышъэ тэмэтелъхэмрэ зэдаштэми, иӏуплъэ чъыӏэ, итеплъи фабэп. Аущтэу щытми, джары хэгъэгум ипачъыхьэ, пытагъэр къебэкӏэу, шъэбагъэр къемэкӏэкӏэу зэрэщытын фаер ыӏозэ, Хъан-Джэрые зыкъишӏэжьыгъ, инэплъэгъу псынкӏи зи къезымыӏощтыгъэу зыпашъхьэ ис Бенкендорф фигъэзэжьыгъ:

– Сипачъыхьэ къысфишӏыгъэ цыхьэмкӏэ сызэрэфэразэр къасӏомэ сшӏоигъу, Ваше превосходительство, сыфэшъыпкъэщт, сыфыщыӏэщт! – Хъан-Джэрые нахьыпэм фэдэу къызщымылъэтыгъэми, пкъыкӏэ пхъэнтӏэкӏум зыщырищэу къыпиупкӏыгъ, етӏанэ шъэбагъэ зыхэлъ макъэкӏэ къыпигъэхъожьыгъ: – Кавказ-Къушъхьэ полуэскадроным, Александр Христофорович, адыгитӏу зэрипэщэщтыр къекӏущтымэ сшӏэрэп нахь…

Зэхихыгъэм зэремыжагъэр арыщтын, къыраӏуагъэр Бенкендорф шӏогъэшӏэгъонэу поручикыр къызэпиплъыхьагъ, игулъытэ ащ зэрэнэсыгъэр зэригуапэр инэплъэгъуи къыхэщыгъ. Тэри ащ темыгупшысагъэу щытэп, жандармэмэ япащэ гукӏэ щхыпцӏыгъэ. Синыбджэгъу Алексей Петрович Ермоловым адыгэмэ афэгъэхьыгъэу «бгырыс ӏэлых, зэуакӏох, шъхьэфиткӏэхъопсых, ӏушых, шъыпкъаӏох» зыфиӏощтыгъэмэ, Кавказ-Къушъхьэ полуэскадроныр зызэхэтщагъэм щыублагъэу сшъхьэкӏэ сарихьылӏагъ. Узэнэгуерэм темынэгуягъэу арэп, ау полуэскадроным хэтхэр сыдырэ ӏофкӏи зытэуплъэкӏухэм, шъо шъуакъыхэтхыгъ. Султӏан Азэмэт-Джэрый ротмистрэри, ощ фэдэу, зэп-тӏоп зэрэтыуплъэкӏугъэр, ыгъэсэрэ дзакӏохэри ары.

– Тицыхьэ адыгэмэ атемылъыгъэмэ, аущтэу тымызекӏоныгъэкӏи мэхъу,– ягущыӏэ ыкӏэ зэрэфэкӏуагъэр къыриушыхьатэу, Бенкендорф графыр ипхъэнтӏэкӏу шъабэ къитэджыкӏыгъ. Хъан-Джэрые ыпкъ ипсынкӏагъэ уехъопсэнэу къызщылъэтыгъ,– ау къытфэшъыпкъэхэмкӏэ, поручик, тэ зэхэдз тиӏэп. Ощ пае сипчъэ ренэу зэӏухыгъэщт. Тызэрыгущыӏэгъэ ӏофым Султӏан ротмистрэр щыгъуаз, непэ, сыхьатыр пшӏыкӏуплӏым щегъэжьагъэу ар полуэскадроным къыщыожэщт. Шъузэгурыӏоным сицыхьэ телъ.

Нэбгыритӏумэ аӏапэ зэрагъэубытыжь зэхъур ары зэрыт унэшхом идэпкъхэр, икӏашъо, ишъхьаныгъупчъэхэр, пхъэнтӏэкӏухэр, остыгъэ кӏэшӏэгъитӏур зэрэшэплъышъохэм Хъан-Джэрые гу залъитагъэр. Ежь ынэкӏушъхьэхэри фэбэ-шэплъышъохэу къыщыхъущтыгъэх, ащ фэдэу ыгуи щытыгъ. Хъан-Джэрые ыкӏыб къызэригъэзагъэм лъыпытэу, Бенкендорф къызэрэкӏэлъыплъэрэр зэхишӏэзэ, дышъэпс егъэшъогъэ пчъэ къопсыхэр зытежъыукӏырэ пчъэ шэплъышхом къынэсыжьыгъ. Жандармерием къычӏэкӏыжьи каретэм зетӏысхьажьым, шъхьэм къыщечэрэгъокӏыщтыгъэ упчӏэмкӏэ джыри зэ Хъан-Джэрые зэупчӏыжьыгъ: Бенкендорф зэрыс унэр шэплъышъуагъа хьаумэ ежь къыщыхъугъа?.. Тӏэкӏу тешӏагъэу, каретэ щэрэхъ макъэмэ акӏэдэӏукӏызэ, пшысэ шэплъышъо горэм къыхэужьыгъ пӏонэу, макӏэу ӏущхыпцӏыкӏыгъ…

## II

Хъан-Джэрые зэрэмыгугъагъэу Кавказ-Къушъхьэ эскадроным ипащэ къыпэгъокӏыгъ:

– Уиӏоф сыщыгъуаз, поручик,– тхылъыпӏэм гугъуемылӏ-пхъэтэпэмыхьэу рычъи, тӏыси еблагъи хэмылъэу урысыбзэкӏэ ротмистрэм къыӏуагъ, мэкъэ дыскӏи къыпигъэхъожьыгъ: – уипшъэрылъмэ ауж джыдэдэм уихьан уфит.

– Сыодэӏу, ротмистр,– ыӏощтым фэхьазырэу зырищыгъ, къемыплъырэ ротмистрэм игые фыхигъэпсэу, Хъан-Джэрые адыгабзэкӏэ еупчӏыгъ: – Шъыд фэдэтых ахэр, зиусхьан?

Нэгу хъурэе хьылъэр Азэмэт-Джэрые къыӏэтыгъэп, фыжь тӏэкӏу зыхэт жэкӏэ-пэкӏэ шӏуцӏэмэ ахэӏэбэжьзэ, къыпхъотагъ нахь, ынэ шӏуцӏэхэр къиилыдыкӏыгъэх, ытамэхэм зыкъаупэпцӏыгъ, урысыбзэ мэкъэхъу дысыкӏэ къыфидзыжьыгъ:

– Непэ, мы сыхьатым щыкIэдзагъэу, поручик, зэгъашIэ, адыгабзэкIэ эскадроным щыгущыIэхэрэп. Ори сэри тыадыгэжьэп, Урысые хэгъэгушхом ипачъыхьэ тыризабыт.

– Урысые пачъыхьэм тыризабытыным, ротмистр,– Iэжагъэ зыхэлъ урысыбзэ-адыгабзэ зэхэпхъагъэкIэ Хъан-Джэрые къыIуагъ,– тымыадыгэжьыныр къикIырэп, эскадроныр зэхэзыщэгъэ пачъыхьэми ар къытфидэнэп…

– Кавказ-Къушъхьэ полуэскадроным ипащэр сэры,– Азэмэт-Джэрые ыпашъхьэ ит поручикым къыригъэухыгъэп,– сэ сиунашъо, поручик, оркIэ дэхынчъэ-Iончъ. Къыбгурыгъа, поручик?

– Къызгурыгъ, ротмистр,– лIы пшъэго-нэгу Iужъум упэгущыIэжьы зэрэмыхъущтыр Хъан-Джэрые къыгурыIуагъ, зыфырищыгъ, шъхьэр къыригъэIэты шIоигъу пIонэу, лъэкъо зэгогъэпкIэ макъи ыгъэIугъ.

– КъыбгурыIуагъэмэ дэгъу, поручик,– полуэскадроным ипащэ ышъхьэ къыIэтыгъ, пытэ зэхэгуагъэу Хъан-Джэрые ыпашъхьэ къитэджагъ,– оркIэ нахьышIу. Джы пшIэщтым къедэIу, поручик,– пэблагъэу къэуцуи, ынэмэ къакIэплъагъ,– мы къэзэкъ шъуашэр непэ щегъэжьагъэу зыщыохы, Кавказ-Къушъхьэ шъуашэр пфадыфэ уиадыгэ шъуашэ пщыгъыщт. Ащ тхьамафэ пIалъэ фэсэшIы. Фэтэрыр отIупщыжьышъ, мыщ укъэкIожьы, полуэскадроным икъулыкъу щыIакIэкIэ, дзэкIо къызэрыкIомэ закъыхэмыгъэщэу опсэу. Ти Кавказ-Къушъхьэ полуэскадрон пачъыхьэм иадырэ ухъумакIомэ зэрафэмыдэм игугъу къыпфэсшIырэп. Тэ джыри урыс цIыфхэр зыщымыгъозэ Темыр Кавказым тыкъекIы, зэрэ Петербургэу къытлъэплъэ. ЦIыф лъэпкъыбэмэ ялIыкIохэр – адыгэхэр, щэщэнхэр, нэгъойхэр, къумыкъухэр, абадзэхэр – зыхэт полуэскадроныр зэрэзещэгъуаери пшъхьэкIэ шIэхэу къыбгурыIощт.

Кавказ-Къушъхьэ полуэскадроным ипащэ къызэрэспэгъокIыгъэм, Хъан-Джэрые зэриIожьыгъ, адыгэбзэ мыгущыIэнымрэ сызэримыгъэтIысырэмрэ фэшъхьаф, мыхъун хэлъэп. КъысиIорэмэ сэри сягупшысагъ, Бенкендорф графыми къысиIокIыгъ. Ау силъэкъоцIэгъу мыщ фэдэу къыспэгъокIынэу сшIагъэп. Сыд Iо фаеми, сызабытба, пачъыхьэр къэзыухъумэрэ къэзэкъ эскадроным сыхэтыгъэба, шхъухьэ зышIэгъэ шъэожъыем фэдэу пхъашэу къыздэгущыIэ, сыхьатныкъо хъугъэу ыпашъхьэ сит.

УитэмэтелъкIи, уныбжьыкIи, къызгурэIо, сэщ нахьи унахьыжъ, ау еогъэхъущэ. Ахэри къыпфэзгъэгъущтыгъэ адыгэбзэ IофымкIэ егъэлыегъащэу укъыздэмыгущыIагъэмэ… ЗыгорэкIэ ыбзэ щыгъупшэжьыгъэу адыгацIэр ехьыжь къодыемэ шIэ?..

– Непэрэ тизэнэIосэныгъэ, поручик, джащ щытэухы,– зиджэхэшъогу къекIокIын езгъэжьэжьыгъэ ротмистрэр кIэкIэу къызэтеуцуагъ,– неущ уиадыгэ шъуашэ пщыгъэу укъызыкIокIэ, полуэскадроным нэIуасэ уфэсшIыщт. Джы ушъхьэфит. ХъяркIэ, поручик.

ЫбзэкIэ гущыIэн фэмыем, сыд адыгэ шъуашэм зызыкIыригъапэрэр, Хъан-Джэрые гукIэ ыIозэ, пчэкъопсым лъыIэбэгъэ къодыеу, адыгэбзэ къабзэкIэ ротмистрэр къылъыджагъ.

– Зэ къэуцу, сшынахьыкI.

Хъан-Джэрые къыкIэлъыуагъэхэ фэдэу къызэтеуцуагъ, пчъэ Iухыгъэр зэриIыгъэу, зэхихыгъэм нэмыз-Iумыз ехъулIэу, къызэплъэкIыгъ.

– Къысфэгъэгъу, Хъан-Джэрый, адыгагъэ къызэрэосымыхыгъэмкIэ,– Азэмэт-Джэрые джы зэрэадыгэ шъыпкъэр къыхэщэу Хъан-Джэрые къыпэгъокIыгъ.– Тызщыщмэ такъызыхэзыкIэ, къытэхъулIэри, тызэрэхъури сшIэрэп… Эммануэль генералым Ставрополь тызщеугъоим, къытиIуагъэхэри Бенкендорф графым сызырегъэблагъэм къысфигъэпытагъэхэри сэгъэцакIэхэу арыщтын… КIо, сшIэрэп… Шъыпкъэр пIощтмэ, хъурэм теплъын, сэр-сэрэу Iоф зыхэсыдзэжьыгъэкIэ сенэгуе… Ори нэ IаекIэ укъызэзгъэплъыгъэу къысщэхъу…

– Ащ фэдэ джэнджэш пшъхьэ къимыгъахь…– Ротмистрэм ыгу химыгъэкIы шIоигъоу Хъан-Джэрые къыIуагъ, етIанэ зыкъигъэтэрэзыжьыгъ: – Арэу тиIэшъхьэтетмэ къыпфагъэпытагъэмэ, шъыдэу пшIын, сыгу къыобгъэжьырэп… Ау… Тыдэ тыщыIэми, тыбзэ зыщытымыгъэгъупшэмэ нахьышIу.

– Ар сизакъо хъумэ сэгъэцакIэ,– нахь нэгу ихыгъэ-нэгушIокIэ ротмистрэр поручикым къыIуплъагъ.

– Шъыд пшIэрэ?

– Сэр-сэрэу сыздэгущыIэжьы.

– Зэрэхъурэмджэ,– Хъан-Джэрые щхыпцIыгъэ,– ар шэны тфэхъу.

– Сыдэу пшӀын, уилъэпкъ упэчыжьэ хъумэ, ащ фэди къыохъулӀэщт. Типолуэскадрон хэт адыгэ нэбгырэ пшӀыкӀутӀуми адырэ нэмыкӀ цӀыф лъэпкъхэми джа шъэф Ӏушъашъэр абзэкӀэ ашӀэу сенэгуе... Ягунахь къэсэхьы, ау Александр Христофоровичым иунашъо дэхынчъэу сэгъэцакӀэ...

– Ӏизын къысэотымэ, Азэмэт-Джэрый, бзэ Ӏофым сишӀошӀ къесӀуалӀэ сшӀоигъу,– Хъан-Джэрые ымакъэ къепытэкӀэу шъхьэ дэхэ-нэпэ гохьыр къыӀэтыгъ,– Эммануэль генералымрэ Бенкендорф графымрэ къызэрэпфагъэпытэгъэ шӀыкӀэм сыщыгъуазэп, ау хэти щэрэщ, ным къыӀуилъхьэгъэ бзэр зыӀух епӀоныр емыкӀу. Мы Ӏофым тэ тымышӀэу зыгорэ хэхъуахьыджэ сенэгуе.

– Уибжъэдыгъубзэ зыщыбгъэгъупшагъэп, поручик,– Азэмэт-Джэрые къыраӀуагъэм шъхьащыгущыӀыкӀыгъ,– уигущыӀакӀэ сегъатхъэ.

– О уикӀэмыгуябзи къабзэ. Хэти шъыд ерэӀу, убзэ урыгущыӀэным нахь тхъагъо щыӀэп. Мы ӀурыӀупчъэм зэ къедэӀолъ: «Пэнэ мыгъо, пэнэ папцӀэ, пэнэ цӀынэ слъакъо хауи, пэнэ мыгъо, пэнэ папцӀэ, пэнэ цӀынэ хэсхыжьыгъ».

– Мыдэ, мыдэ, мыщ къыпчъыгъэр! – Сабыигъо чыжьэр ыгу къэзыгъэкӀыжьыгъэ ӀурыӀупчъэм Азэмэт-Джэрые къыхигъэкуукӀыгъ: – «ПкӀэгъолэжъ кӀэгупэфы, кӀэпэфыжьы, кӀэмэжьакӀо, нэчӀэ курбы, псы курбэнэ ишъу». КъыбгурыӀуагъа, поручик? Уфаемэ, нахь псынкӀэуи сыкъыхэмыукъоуи къыпфэсӀон.

– СшӀошъ мэхъу, Азэмэт-Джэрый, уиадыгабзэ дахэ, зы мэкъэ закъоджи, адыгабзэджи нэмыкӀыбзэджи полуэскадроным зэрэщымыгъэгущаӀэхэрэм пае, укъыхэзгъэукъо сшӀоигъуагъ, ау укъыстекӀуагъ.

– Сэра зыбзэ фэмыежьыр?..– Азэмэт-Джэрые щхыпцӀыгъэ, тхылъыпӀэ зэтелъмэ къахихыгъэ тхьапэр къыфищэигъ.– Ма едж. ГъэрекӀо, мыщ тыкъызыкӀуагъэм мэзищ тешӀагъэу, августым и 29-м, 1829-рэ илъэсым, мыр укъытфэзыгъэкӀогъэ Александр Христофоровичым шапхъэ тфэхъунэу тфызэхигъэуцуагъ. Мы тхыгъэ дэдэр Семеновскэ дзэкӀо унэм къыддычӀэс Дворянскэ дзэм ипэщэ Демидовыми фаригъэхьыгъ. Къедж умакъэ тӀупщыгъэу, шъэф хэлъэп. ЗэкӀэри тэры, полуэскадроныр ары зыфэгъэхьыгъэр, зы закъу къыдимылъытагъэр нахь, мыхъун итэп.



«Л.-Гв. Кавказ-Къушъхьэ полуэскадроным къулыкъу щызыхьырэмэ,– тхылъыпӀэм итхагъэм Хъан-Джэрые мэкъэ тӀупщыгъэкӀэ къеджэ,– къолырэ е ащ хэщыукӀыгъэ къол фэлэгъэ-гъэгъугъэ яшъумыт. Оркъ дзакӀохэр акӀэшъумыгъэкӀэнакӀэх, зэпэблагъэ зэрэзэфэжъугъэхъущтхэм шъупылъ. Ӏэшэ зехьаным, лъэкъоэзэдзыным фэжьугъэсэнхэу ерыш шъуафэмыхъу, уахътэ къазыщыфыхэкӀырэм ежь-ежьырэу загъэсэнхэм яамалхэр адызешъухь. МыдаӀорэм ПшъэдэкӀыжь ешъумыгъахь, ащ фэдэ горэ къызыхъурэм Туганов прапорщикыр ары ПшъэдэкӀыжъыр язгъэхьырэр. Ящыгъын-шъуашэхэр ежьмэ яжъугъэукъэбзыжьынэу къаигъагъэкӀэ шъуапымыхь, ар афэзышӀэщт унэӀут цӀыфхэр ежьмэ къыздащагъэх. Шэны зэрафэхъугъэу, мафэм заулэрэ затхьакӀы хъумэ, шъуапэмыуцужь, яӀашэрэ ящыгъынырэ япӀэ дэжь зэрэщагъэтӀылъырэр апэшъумыубыт. ЯӀашэхэр зыгуяшъумыгъэлъхьанэу шъуафемыжь. Аущтэу зэрамышӀын фаер Тугановым цӀыкӀу-цӀыкӀоу агуригъэӀощт. Зыщеджэхэрэ унэм имысхэ хъумэ, тутын ешъонхэ фитых, ефэндыр къушъхьэчӀэсхэм зыщыфаем ахэхьанэу Ӏизын иӀ. Нэмаз ашӀы хъумэ, зыми ыгъэохъу хъущтхэп. Ӏоф зыщямыӀэм яшмэ атесынхэ фитых. Зэлъэпкъэгъухэр зэӀукӀэнхэмкӀэ пэрыохъу шъуафэмыхъу. КъушъхьэчӀэсмэ ядинкӀэ кӀэлэегъаджэмэ ямызакъоу оркъ дзакӀохэми мыхъун горэ арамыӀонэу, зэблэрагъэхъункӀэ адэмыгущыӀэнхэу, алъыплъэнхэ, анаӀэ атырагъэтын фае. Ежь зэрэшӀоигъоу хэти пӀэ иӀэн фит»,– Хъан-Джэрые тхылъыпӀэм итхагъэр къызеухым, Азэмэт-Джэрые къеплъыгъ, къыфыкӀагъэтхъызэ къыраӀогъагъэр мысагъэкӀэ зыфилъэгъущтыр ымышӀэу, ыгу къэкӀыжьыгъ.

ЗэкӀэри дэгъу, мыхъун итэп, ау шӀуджи еджи бзэ Ӏоф къыхэфагъэп.

– Сыд ащыгъум, поручик,– нэмыкӀ макъэкӀэ ротмистрэр Хъан-Джэрые къеупчӀыгъ,– угу къызкӀысабгъэрэр? Уфаемэ, сшӀэрэ ӀурыӀупчъэмэ ащыщ гори джыри къыпфэсӀон...

– Сыфай... Ау етӀани бзэмджэ тӀуагъэр зэкӀэсхьажьырэп!

– Сэрэп зыӀуагъэр, поручик, оры,– ӀурыӀупчъэр къызыӀутэкъоу ыпашъхьэ исыгъэ адыгэлӀ бэрчэтыр ары Ӏоу умышӀэжьынэу ротмистрэр къызщытэджыкӀыгъ,– сэрэп

уигукIае зэпIощтыр!.. Джащ тиадыгабзэ щытэухы. Хъяркlэ, поручик. Неущ сыкъыожэ.

Дзэ щыIэкIэ къызэрыкIоми заом имэфэ хьылъэ-щынагъохэми къин зыдэплъэгъугъэ, узэсэгъэ цIыфмэ уакъыхэкIыжьынышъ, зыщыщ умышIэрэмэ, узщымыгъуазэмэ уахэхьани, икIэрыкIэу къулыкъу адэпшIэныр IэшIэхэп. ЕтIани мафи чэщи имыIэу узэгодзэгъэщт, Iоф зэдэпшIэщт. Полуэскадроным ипэщэ ротмистрэр къызэрэпэгъокIыгъэм изакъоми... А зы сыхьатым къыкIоцI тIо-щэ зыкъызэрихъокIыгъ — ынэгу кIигъэплъагъэп, ыгу къыфызэIуихыгъэп... Адыгэ IурыIупчъэхэр?..

Сымыделэмэ, Хъан-Джэрые ыIуагъ, симынэIосэ лIым ыпашъхьэ, зыми щымыщэу, бзэм иIоф къыщысIэтын фэягъэп. Илъэс заулэ хъугъэшъ, загъорэ унэм сызэрифэжьырэм фэшъхьафэу, сызхэт къэзэкъ эскадроным адыгабзэкIэ сыщыгущыIагъэп, ау ащ пае сыбзэ сщыгъупшэрэп. Угу игъэлъи, рыгупшыси, загъорэ, уизакъо зыхъукIэ, умакъэ тIупщыгъэу зыдэгущыIэжьи, зыми пщигъэгъупшэщтэп. Ашъыу, джа Азэмэт-Джэрые дэдэри сэщ нахьыбэрэ урысыдзэм хэтыгъ, IурыIупчъэр къыIотэкъу, щыгъупшагъэп. Капустенкэ Игнат ыIу-ымыIоми, загъорэ имыщыкIэгъэ гуцэфэшIыным зыдесэгъэхьыхы, сшъхьэ къимыхьан фаехэри къисэгъахьэ, имыщыкIэгъэ адыгагъэми зесэгъэухы... Сыда джы сIорэр? Убзэ умышIэныр адыгагъэм щыщэп. Ау Азэмэт-Джэрые ащ фэгъэхьыгъэу зыгорэ къысиIуагъэ пае сыгу ебгъэрэп. СыздагъэкIорэ полуэскадроным цIыф лъэпкъ зэщымыщыбэ хэт. Сыдыбз ахэмэ, зэкIэми агурыIонэу, уазэрэдэгущыIэщтыр? АрэшI, арэшI. АщкIэ сишIуагъэ къэсымыгъакIомэ, сиягъэ хэти езгъэкIынэп. Ау а слъэгъугъэ пщы шъаохэр абзэкIэ зэдэмыгъэгущыIэнхэ плъэкIынэп. Оркъ полкым и Семеновскэ щагу ахэмэ абзэ нэмыкI къыдэIукIыщтыгъэп.

— Хъугъэ, Хъан-Джэрый, ащ нахьрэ уиIоф тырымыгъэгущыIэжь,— пчэдыжьыпэ унэм иуцогъэ кIым-сымыр Капустенкэ Игнат къыукъуагъ.— Тыдэ тыщыIэми, о уиIуагъэу, тызфэшъыпкъэщтыр а зы пачъыхьэр ары. Кавказ-Къушъхьэ полуэскадроным узэрагъакIорэр оркIи тэркIи нахьышIункIи мэхъу. Уизакъопщтын уиIэнэтIэщтымкIэ Бенкендорф графыр зыдэгущыIэгъагъэр. Оры къахихыгъэр, цыхьэ зыфишIыгъэр. Сэрмэ насыпыгъэкIэ зыфэслъэгъужьыщт.

— КъызгурэIо, Игнат, къапIо пшIоигъор,— Хъан-Джэрые сэлам зэрихыжьыщтыгъэ ныбджэгъум Iуплъагъ, IугушIуагъ,— сэри бэмэ сягупшысагъ, Перовскэ генералым сеупчIыжьыгъ, къысфагъэшъошагъэм ащ ишIэ зэрэхэлъыри сымышIэу щытыгъэп. Цыхьэ къыпфашIыныр дэгъу, насыпыгъ, зыгорэкIэ сфэмыгъэшъыпкъэжьышъумэ сэIошъ ары. ЦIыф лъэпкъыбэр зыхэт полуэскадроныр гъэдэIогъуае хъущт... ЕтIани талъэныкъо, Темыр Кавказым, щыхъурэ Iофхэр зыфэдэхэм уащыгъуаз, тырку заом тыкъикIыжьы зэхъум тлъэгъугъэ дзэхэм язакъоми... Силъэпкъэгъу адыгэхэр ары нэмыIэмэ, тырку-инджылызмэ зэкIагъэплъэхэу, къэмэ къипхъот хэсэ зэпымыужьмэ ахэкIыхэрэп. Къэбэртайи, Щэщэнми, Дэгъыстани щыбырсырых.

— Сэщ нэмыкI,— Игнат къэгумэкIыгъ,— мыхэмэ ягугъу зыгорэм фэпшIыгъа?

Хъан-Джэрые щхыпцIыгъэ:

— Перовскэ генералыр сызгъэгумэкIырэ тIэкIу-шъокIумэ ащызгъэгъозагъ. Бенкендорф графым сызэхьырэхьышэрэ зэе-тIуаехэр есIокIы сшIоигъуагъ шъхьакIэ, инэплъэгъу сыкъиубытыгъ...

— Хъан-Джэрый!..— Игнат гущыIэр Iэпихыгъ.— УзэкIокIыгъа?.. Ащ фэдэмэ ашъхьэ къырахырэп... УкъызэхашIыкIынкIэ огугъа?

— Сыгугъэрэп, ау етIани Владимир Александрович Перовскэм есIуагъ. Ощ фэдэу къысэгыигъэми, сыкъызэхишIыкIыгъэ фэдэу къысщыхъугъ. УигукIае мыжъоу убгъэ дэлъын нахьи, хьарамыгъэ хэмылъэу къипIотыкIмэ нахьышIу. Адыгэ шъолъырым, ащ итарихъ ущыгъуаза ыIуи, Александр Христофоровичыр къызысэупчIым, сыщыгъуаз, сымышIэри зэзгъэшIэн есIожьыгъ, нэмыкIынэкIэ къызэрэсэплъыгъэри зэхэсшIагъ. Ащ нахь гъэшIэгъони къыосIон: адыгэ таурыхъхэр, шэн-хэбзэ зэхэтыкIэхэр зэрэсыугъойхэрэми хэшIыкI афырiI. ИшIэ хэмылъэу, ямыджэу ахэр хэууты зэрэмыхъущтыри къысиIокIыгъ. Бестужев-Мар-

линскэм ытхыхэрэми, Пушкиным иусэхэми тащыгъуаз, нэмыкI тхакIохэми тинэплъэгъу атекIырэп, о птхырэ щыIэмэ, тшIомыушъэф къысиIуагъ.

– Сыд етIанэ?! – Игнат зэхихыгъэр зыфихьыщтыр ымышIэу, ынэхэр къиухъурэикIыгъэх.– Сыд епIожьыгъэр?

– Сыдына,– Хъан-Джэрые щхыпцIыгъэ,– сэ усэхэр стхырэп... Декабристмэ сахэтыгъэп, сапыщэгъагъэп... Ахэмэ ягугъу сымышIыжьми Бобров штабс-капитаным, къэошIэжьмэ, тыфэдагъэп. Тэ типачъыхьэ тыфэшъыпкъ, джыры нэмыIэмэ, тыпэблэгъэ шъыпкъ. О къэзэкъ лейб-гвардие эскадронымкIэ, сэ Кавказ-Къушъхьэ полуэскадронымкIэ тыриухъумакIу. АщкIэ тыгу илъым укIэупчIэжьынэу ищыкIагъэп. Цыхьэ къытфамышIыгъэмэ, къытфагъэшъошагъэм, сэ къэсымыIожьми ори къыбгурэIо, пачъыхьэм благъэу тырагъэкIолIэщтыгъэп. Сэ непэ сыгу къеорэр зы, Игнат, орырэ сэрырэ тызэрэлъэгъоу, тиIо зэхэмылъэу дзэм тызэрэхэтыщтыр къысэхьылъэкIыщт.– ГумэкIым хэтыгъэ Хъан-Джэрые умышIэжьынэу къызщылъэтыгъ.– ХъяркIэ, Игнат. Як нибудь у полку лейб-гвардии ешо раз побачим, будэм вэрными до гробу нашему царю,– щхыпцIызэ къэзэкъыбзэкIэ пигъэхъожьыгъ.

Къэзэкъ лейб-гвардие эскадроным къулъыкъу зэрэщихьыщтыгъэм елъытыгъэмэ, Кавказ-Къушъхьэ полуэскадроным апэрэ мафэм щегъэжьагъэу къин мыухыжьым Хъан-Джэрые щыхэфагъ.

Илъэсныкъом къыкъоцI полуэскадроным ипэщэ ротмистрэр ынэгу зыщыкIэтми зыщыкIэмытми адыгабзэмкIэ къаигъэ зэрэпэуцужьыгъагъэр Хъан-Джэрые ыгу къэмыкIыжьэу мафи сыхьати къыхэкIыщтыгъэп. Адыгэ, щэщэн, осэтын, ингуш, къумыкъу, абадзэ, нэгъой бзэхэр тыдэкIи щызэхэпхыщтыгъэми, ахэмэ тэлмащэхэмкIэ урысыбзэр ашъхьагъыжьыгъ – зэдигъэгущыIэщтыгъэх, къулыкъу зэдаригъэхьыщтыгъэ, зэфэгубжхэмэ зэригъэшIужьыщтыгъэх, зэдигъашхэщтыгъэх, мыхъун къяхъулIэмэ, зэдигъэнэшхъэищтыгъэх. Ау нэмыкI хэгъэгу ифагъэхэр, нэмыкI щыIакIэ хэфагъэхэр сыд фэдэу урысыбзэм щигъаIэщтыгъэхэми, хэти ежь ыбзэ шIоIэшIу, шIодах, зыщыщ цIыф лъэпкъыр зэкIэми апшъ, анахь дэгъу, ащ ишэн-хабзэ зыпишIын дунаим тетэп, сэмэркъэукIэ мыхъун горэ зыгорэм къыIэкIэIуагъэми, икъамэ етхъо, изекIокIэ-псэукIэ мытэрэ-



зэу ушъый фэзышIырэм, тхьэуегъэпсэум ычIыпIэкIэ, пый фэхъу. Сыд пае зимылажьэм имыхьакъ теплъхьан, зэкIэри ащ фэдагъэхэп, ау даушыгъэ-шъорышIыгъэ къызэбэкIэу, зидзэ хэзыщэгъэ цIыф лъэпкъмэ анэс япэгэкIыжьхэу Кавказ-Къушъхьэ полуэскадроным хэтыгъэ пщы кIалэхэри мэкIагъэхэп, ахэмэ яIэшэзехьэхэми зашIоцIыкIугъэп.

Забытмэ ащегъэжьагъэу дзэкIолIмэ ащыкIэкIыжьэу къуликъушIэ хабзэр егъашIэм урысыдзэм щыпытагъэми, Темыр Кавказым къикIыгъэхэмкIэ, шъхьафит щыIакIэм ыпIугъэхэмкIэ ар егъэзыгъэ Iофыгъ, яжьыртэджыкIи, япэсэ гъолъыжьыкIи, ясыхьат гъэшхакIи ашIошъхьэкIуагъ. Джа дзэ Iоф щыIакIэм фагъэсэным, зыфызэхащэгъэ пачъыхьэм фэшъыпкъэнхэу, ищыкIагъэмэ, апсэ фагъэтIылъынэу пIугъэнхэм полуэскадроным ипэщэ Азэмэт-Джэрые илъэс псаум зэкIэми Iоф адишIагъ, Туганов Аслъанбэч прапорщикри, Хъут Мыхьамэт ефэндыри къыздигъэIэпыIагъэх. КъыкIэлъыкIогъэ илъэсныкъоми ащкIэ Хъан-Джэрый ылъэкI къыгъэнагъэп. Мазэ къэс полуэскадроным тIо щашIырэ зэIукIэмэ ахэмылажъэу, къащымыгущыIэу къыхэкIыгъэп, ар имыкъоу, аужырэ мэзищым, Хъут ефэндыр игъусэу, нэбгырэ пэпчъ зыIуигъэкIагъ. Сымаджэмэ агу къыIэтэу ядэхэшIагъ, яфэныкъуагъэмэ ауж ыфыгъ, псаумэ Iэдэбрэ шъхьэкIафэрэ ахэлъынэу, урыс пачъыхьэм зэриухъумакIохэм, зэрицыхьэшIэгъухэм джыри зэ ригъэгупшысэжьхэу яушъыигъ. ИшIуагъэ къызыщыхэкIи къызыщыхэмыкIи щыIагъ, ау ышIагъэм рыкIэгъожьэу зы мафи къыхэкIыгъэп.

Кавказ-Къушъхьэ полуэскадроныр зыщызэхащэгъэ илъэсырэ ныкъорэ уахътэм дзэ къуликъур зыхьырэмэ узгъэгушIони узгъэнэшхъэини анэгу кIэкIыгъ. Петербург отIэ-псытIэри, кIымэфэ чъыIэри, гъэмэфэ ошъуапщэхэри къызэмыкIухэу, сымаджэ хъухи, ядэжь зыгъэзэжьыгъэхэри щыIагъэх, жъэгъэузым илIыкIыгъэ нэбгырэ зыщыплIи нэгъой быслъымэн къэхалъэм щагъэтIылъыгъ. Зитэмэтелъ цIыкIухэр корнетхэкIэ, подпоручикхэкIэ зэблахъугъэхэри щыIагъэх. Царицын шъофым пачъыхьэм ыпашъхьэ дзэкIо гъэсэнымкIэ мызэу-мытIоу анахь дэгъоу зыкъыщызгъэлъэгъуагъэхэр Iэшэ-ахъщэ шIухьафтынхэмкIэ щыхагъэунэфыкIыгъэх. ШэрэIыкъо Алкъэс корнетым фэдэхэу

мыдэlорэ зэокlо-бзэджашlэхэр дзэм хагъэкlыгъэх, зэкlагъэкlожьыгъэх...

– Шэрэлlыкъо Алкъэс изекlуакlэ нахь сыгу къеоу Петербург сыкъыздэфагъэм щегъэжьагъэу къыхэкlыгъэп,– Азэмэт-Джэрые ротмистрэм ыпашъхьэ ис Хъан-Джэрые поручикымрэ Хъут Мыхьамэт ефэндымрэ адыгабзэкlэ къарилуагъ, тlэкlу тыригъашlи, къыпигъэхъожьыгъ: – къехъулlэгъагъэр сшlэрэп нахь, лlыгъи, цlыфыгъи хэмылъэу щытыгъэп... Щэщэнмэ, абадзэмэ тяушъыи тlозэ, адыгэм тшъхьэ рытигъэуфэхыгъ, тигъэукlытагъ...[1]

– Ари аущтэу къытигъэхъулlэнэу Алахьэм ыухыгъагъэу къычlэкlын,– ефэндым къыlуагъ.– А пчыхьэ закъом хэны сафэхъугъэти, къытэхъулlагъэр зэмылlэгъу... Зэрэкъалэу къыддэхьащхыгъ.

– Хъун къытэхъулlагъэп...– Ыlгу къызэреорэр къыушыхьатэу Хъан-Джэрые хэщэтыкlыгъ,– бзылъфыгъэмджэ зегъэлlы, зегъэадыгэ ыlозэ, хьэйнапэ зишlыжьыгъ. Ау изэхэмышlыкl къызгурыlуагъэхэри театрэм чlэсыгъэх аlуагъ.

Александр Христофоровичым Шэрэлlыкъо Алкъэс дзэм харигъэгъэкlыгъагъэми, къэшъошlэжьа, риlолlэгъагъэр? «Как полудикий, он был менее виновен своих товарищей»,– урысыбзэкlэ къыпигъэхъожьыгъ.

Ардэдэм щагумкlэ куо макъэхэр къэlугъэх, кlэрэхъо омэкъэ зытфых къызэлъытэджыгъ. Забытищыр унэм зечъхэм, Туганов прапорщикэу зикlэрэхъуапэ lугъо къиурэм къапигъохыгъэ къэбарыр нэбгырищыр зэрыгущыlэщтыгъэ къэбарым нахь тхьамыкlэгъуагъ:

[1] «Александринскэ театрэм,— «Зиусхьан пачъыхьашхом и Конвой Унай» зыфиlорэ тхылъым С. Петин мырэущтэу а хъугъэ-шlагъэр къыщетхы,— иапэрэ пхъэнтlэкlумэ Кавказ-Къушъхьэ полуэскадроным икорнетэу Шэрэлlыкъо Алкъэс, ишъэогъу чэф куп игъусэу, тесыгъ. Пьесэм зыкъыщызгъэлъагъорэмэ ащыщ бзылъфыгъэ горэ спектаклэм хэтхэм зэраукlыщтыр Шэрэлlыкъомдыхэм адэщтыгъэп, зыкъэзышlхэрэм гущыlэ дысхэр афадзыщтыгъэх. Аукlынэу зыфаlощтыгъэ бзылъфыгъэу Шелехова артисткэм къышlыщтыгъэр Шэрэлlыкъом къыухъумэни, шъузкlэ къыщэ шlоигъуагъ. Гъусэ чэфмэ анахь гущыlэ мыхъунхэр зыкъэзышlрэмэ афадзы зэхъум къэгъэлъэгъоныр щагъэти, пэlухъор ращэлlэжьыгъ. Джа бзэджашlагъэр пачъыхьэм зызэхехыжьым, къафигъэпытагъ: «Шэрэлlыкъор мэзэ пlалъэкlэ зыжъугъэтlысрэ уж, полуэскадроным хэжъугъэкlи, Кавказ жъугъэкlожь».



– Ваше превосходительство, Умбаев Бэсхъан lэшэзехьэм иныбджэгъу къол пшхыгъэ ылуи шlуибзыгъэти, къытэзэожьы зэхъум, тыукlыгъэ...[1]

## III

Адыгэ шъолъырым къыщыхъурэ къэбармэ Хъан-Джэрые ащыкlэщтыгъэп. Къэнтатэ мазэм тlо къыфигъэхьырэ тхыгъэхэр къэбар зэкlагъэх: пщы унэгъо щыlэкlэпсэукlэмэ язэкъуагъэп, ахэмэ къатегущыlэ ылозэ, чылэм дэлъри, бжъэдыгъу щыхъуи, шапсыгъэ-абдзэхэ lофхэри, къэзэкъмэ аlуи, ашlи ащ фэдизэу зыримыгъэгъапэ фэдэу, къыфиlопщыщтыгъэх. Сахьид-Джэрыерэ Адыл-Джэрыерэ Екатеринодар къыфыратхыкlыхэри гъэшlэгъоныгъэх. Нэнэжъыр ренэу зыфэсакъырэ адыгэ-къэзэкъ къэбархэмкlэ ахэр тхьагъэпцlынчъагъэх.

Кавказым, анахьэу Темыр Кавказым, фэгъэхьыгъэу Петербург къыщыдэкlырэ гъэзетмэ, журналмэ къыхаутырэр мэкlагъэп. Къушъхьэ полуэскадроным хэтхэри ялъэныкъокlэ къэбарынчъагъэхэп. Полуэскадроным зэрэщыгущыlэщтыгъэхэм фэшъхьафэу, арабыбзэкlэ е урысыбзэкlэ тхыгъэмэ, тэлмащэхэр амыгъотыжьы зыхъукlэ, къырагъэджэнэу Хъан-Джэрые къызэрэрахьылlэщтыгъэр мэкlагъэп. Поручик ныбжьыкlэм нэмыкl еджакlэ зышlэрэ полуэскадроным хэмытыгъэкlэ арэп, Азэмэт-Джэрые ротмистрэри, Хъут ефэндыри, Туганов прапорщикри ащ фэдэ lофкlэ lэзагъэх. Ау Хъан-Джэрые ицlыфыгъэкlи, ибзэ пытагъэкlи, игъэпсыкlэкlи адрэмэ атекlэу, нахьыбэмэ яцыхьэшlэгъугъ, ылорэми блэкlыщтыгъэхэп, ышlэри ящысэтехыпlагъ, сымаджэ хъухэрэми, мыхъун къызэхъулlэхэрэми, зыгу кlодхэрэми ягугъэпlагъ, яухъумэкlуагъ.

[1] «...А тхьамыкlагъоу къэхъугъэм,— Кавказыр зыlэ илъым Бенкендорф фитхыщтыгъ,— щэщэнмэ афэгъэхьыгъэу бэшlагъэу сlощтыгъэр къыгъэшъыпкъэжьыгъ. Кавказ-Кушъхьэ полуэскадроныр зызэхащагъэм щегъэжьагъэу мыlорышlэныгъэ ахэмэ ренэу къагъэлъагъо, ягъэпсыкlэкlэ шэнычъэхэу, lэжэгъуаехэу зэрэщытхэм къыхэкlэу дзэ пащэхэр къинышхо хагъэтых. Ащ пае Пачъыхьэшхом и Конвой щэщэнхэр хамыгъэхьажьынхэу сэлъытэ, сыкlэлъэlу. Лlэкъо цlэрыlомэ къахэкlыгъэхэр е чылэгъо пчъагъэхэр зыlэ илъхэр ахэмэ ахахьэхэрэп. Сэ салъэныкъокlэ полуэскадроным хэт щэщэнхэр зэрэхэзгъэкlыщтхэм ищыкlэгъэ lофыгъохэр, къыхэсымыгъэщэу, зесхьащтых...»

Ежь Хъан-Джэрыий щыкӀэгъэнчъэу, зыми фэмыныкъоу, зыми кӀэмыхъопсэу, емыхъуапсэу дзэм хэтыгъэп, дунаим тетыгъэп. Ау шӀушӀагъэр цӀыфым къебэкӀы хъумэ, щыкӀагъэр нахь лъэгъуныгъэнчъэ-гулъытэнчъэу зэрэшъхьащыкӀотырэр хэтыкӀи нафэ. ЗэкӀэми анахьэу полуэскадроным хэтмэ агъэшӀагъощтыгъэр, иныбжьыкӀагъэ емылъытыгъэу, Хъан-Джэрые икъулыкъушӀакӀ, ипачъыхьэ фэшъыпкъэныгъ. КъафэмыӀуапэми, ар къызэмыкӀурэ, зыгу римыхьырэ цӀыфхэри, сыдэу егъэлые-пыгъэнагъэу псэура зыӀохэри дзэм дыхэтыгъэх. БлэкӀыгъэ гъэмафэм Александринскэ театрэм щишӀэгъэгъэ мыхъо-мышӀагъэм пае дзэм хагъэкӀи, Адыгэ шъолъырым агъэкӀожьыгъэгъэ ШэрэлӀыкъори ахэмэ зэу ащыщыгъ. Ау, сыдигъуи щыӀакӀэм зэрэщыхъу хабзэу, джэгъогъум ичӀыпӀэ джэгъогъунчъэу къанэрэпышъ, нибжьи узэмыжагъи къыкъокӀы.

Кавказ-Къушъхьэ полуэскадроным Хъан-Джэрые лъэпсэ пытэкӀэ хэзгъэтыщтыгъэмэ, шӀошъхъуныгъэ физгъэӀагъэмэ Къэнтатэ къыфитхыщтыгъэ Ӏушыгъэ зэпымыухэри, аужрэ илъэсныкъом янэ Бычэ къыфигъэхьэу ригъэжьэгъэ ушъый шъабэхэри, ышнахьыкӀэхэмэ якадет еджакӀэхэри, урыс пачъыхьэм фишӀыгъэ шъыпкъэныгъэри, Бенкендорф графыр къызэрэкъотри, Перовскэ генералым фэдэхэр къызэрэшъхьащытхэри ащыщыгъ. Дзэпащэхэр дэгъоу къызэрэфыщытхэр арэу къычӀэкӀын Азэмэт-Джэрые ротмистрэми Хъан-ДжэрыекӀэ иӀэжагъэ къызыхэкӀыщтыгъэр. Мыгъэрэ кӀымафэ ар полусэкадроным къызэрэщыпэгъокӀыгъагъэм мыбжыхьэ уахьтэ елъытыгъэмэ, чӀыгумрэ уашъомрэ зэрэзэпэчыжьэм фэд.

Непэ тхьаумаф. Загъорэ Петербург ибжыхьэ отӀэпсытӀэ зэпымыужьмэ къахэзыжьырэ жьыбгъэнчъэ-ошъопщэнчъэ мэфэ шъаб. Тхьамэфэ псаум уцу зимыӀэгъэ ощх жъгъэй чъыӀэмэ агъэлэбыгъэ чъыг тхьэпэ гъожьмэ ошъогум къиуцорэ тыгъэм зыкъарегъэшӀэжьы, мыжъокӀэ пкӀэгъэ урамхэр егъэгъушъых, гъогунэпцэ уц гъолъыгъэмэ зыкъарегъэӀэтыжьы, Нева псыхъо Ӏут тӀысыпӀэмэ цӀыфхэр арегъэкӀу, тыдэкӀи щхы мэкъэ чэфыр щызэхэохы.

Хъан-Джэрые изакъу, Капустенкэ Игнатрэ ежьырырэ зыщызэӀукӀэщт пӀалъэм джыри сыхьат псау иӀ. ЖьыӀоу къызэрэдэкӀыгъэмкӀи кӀэгъожьырэп. Заулэрэ Нева нэпкъ зыщырекӀухьакӀым, Игнат зыщыӀукӀэрэ чӀыпӀэм екӀолӀэжьыгъ.



Ау бэмышӀэу зытесыгъэ пхъэнтӀэкӀум чӀыпӀэ иӀэжьыгъэп – пшъэшъэ ныбжьыкӀэхэр, гимназисткэхэу е курсанткэхэу къычӀэкӀын, зэӀой-жэйхэмэ зэрэгъэчэфхэу тесых. Хъан-Джэрые ямыпплъ фэдэу пкъы ищыгъэкӀэ пшъашъэмэ заблыригъэхыгъэми, къызэрэкӀэлъыплъэхэрэр ыкӀыбкӀэ зэхишӀагъ. КъехъулӀэрэр ымышӀэу нахь зырищыгъ, тамэмэ заӀэтыгъ, лажьэ зимыӀэ тыжьын бгырыпхыри, къамэри ыгъэтэрэзыжьыгъ. Пачъыхьэм зэриухъумакӀор зыдимышӀэжьыщтыгъэмэ, къафызэплъэкӀынкӀэ тӀэкӀу иӀэжьыгъ.

Агъунэ щыситӀум нахьи, Хъан-Джэрые ыӀуагъ, азфагу дэсыр нахь гохь. Сыдэу гъэшӀэгъонэу къэплъагъа ар?.. Зыгорэ къысиӀощтым фэд... КъопцӀэ нэгуф бгъуз, урыс теплъэ иӀэп. Тэ щыслъэгъугъа ар? Тичылэ пшъашъэ горэм фэдэмэ сшӀэрэп... Зэ сэрэгъэзэжьи серэплъа?.. Сыдэу Игнати къэгужъора!..

Заулэрэ кӀуагъэу Хъан-Джэрые къызэтеуцуагъ, къызэмыплъэкӀэу, Нева псыхъом ынэӀу фэгъэзагъэу, ыпашъхьэ ит пхъэнтӀэкӀу нэкӀым тетӀысхьагъ. ЗиӀажэщтыгъэми, пшъашъэмэ алъэныкъокӀэ мыплъэн ылъэкӀыгъэп. Нэплъэгъухэр зэӀуфагъэх, «азфагу дэсыр къэплъагъэп...» ГукӀэ ыӀуагъ.

Мыжъо нэпкъымэ адизыбзэу гугъуемылӀ-ушъуашъокӀэ хым зызыхьырэ псыхъор ары зыми ымыгъапэрэр. Ащ ифэмыфыгъэ-чъыӀагъэ тыгъэри дэхьащхы фэдэу бжыхьэ ошъогум къещхыкӀы.

Сыкъызхэфэгъэ дунаир, псыхъом шъхьарыплъэзэ, Хъан-Джэрые еӀо, сыдэу талъэныкъо фэмыд. Непэрэ тыгъэпс мафэр хэмытмэ, бжыхьэри, гъатхэри, гъэмафэри узыгъэтхъэн лъэхъанхэп, анэгу зэӀыгъэхьэгъэ зэпыт. КӀымафэр ары зэкӀэми анахь тхъагъор – мычъыӀэмэ идунай фыжьы, къабзэ, ошъогур шхъуантӀэ, лъагэ, иос къесыгъакӀи кӀыгъ-сыгъ макъэкӀэ лъэгучӀэм щэцӀацӀэ. Хъотзехьи щымыӀэу арэп – дунаир еупӀыцӀэ, жьыбгъэр мэшъуи, чъыг къутамэхэр еутхыпкӀы, шъхьапэхэр зэфещэх, зэредзэх. Нева кӀочӀэшхори чэщ-зымафэкӀэ зэкӀегъэщтыхьэ. Талъэныкъо кӀымафэ щымыӀэу, ти Пшызи мыщтэу сӀорэп. Ау тадэжькӀэ сыдрэ уахъти дунаир нахь щынэгушӀу, ижьыбгъи, иощхи, ихъотзехьи нахь шъаб... Сыд шъуӀуа, къысфатхырэм нэмыкӀэу, талъэныкъо щыкъэбар? ГъэрекӀо Тифлис, Паскевичым дэжь сыкъикӀыжьы зэхъум, тадэжь

сыздэхьажьым, зихасэ сыхэтыгъэ адыгэхэр «шъукъытатыгъ, шъутый» япlокlэ, къеуцолlэнхэкlэ сыгугъэрэп. Шъэуае изакъоми, зызэриудэгугъагъэр, къызэрэплъэгъагъэр зыщызгъэгъупшэжьын слъэкlырэп... Хъымыщые пщы-оркъхэр къызэрэздэзекlуагъэхэр?.. Сэ тхьэ нахь сымышlэу, сигуапэу къысаlуагъэр афэзгъэцэкlагъ, афыхэзгъэпсыгъэр зыгу къэкlыгъэр сшlэрэп, ежь пщы-оркъ дэдэхэр ары... Сэ зи сищыкlагъэп, лъыгъэчъэ тхьамыкlагъо къыхэмыхьэу сызтет лъагъом силъэпкъэгъухэр тесщэхэ сшlоигъуагъ. Паскевич графри къысфэнэгушlуагъэми, сыкъызэхишlыкlынэу фэягъэп. Сыд ащ шъоубзэгу зыригъэшlэу къысиlогъагъэр? «Хъымыщые пщы-оркъми цыхьэ афэмышl, а пэщэныгъэу адызепхьан зыфэпlуагъэр ори уищыкlагъэп, тэри тищыкlагъэп». Шъузэрэфай... Сэ нахьышlу зэрэхъущтым сегупшысэгъагъ нахь, федэхэкlыпlэ сылъыхъуащтыгъэп. Ау ар бгъуитlумкlи хэкlыпlэшlугъ, тяти ар тыркумэ къырамыlоу, адыгэмэ апкъ къикlыным зэгорэм кlэхъопсыщтыгъ, джары зытекlодэжьыгъэри... Шъо джыри адыгэхэр зыфэдэхэр шъушlэрэп...

Гъунэгъу пхъэнтlэкlум тес пшъашъэмэ яззэрэгъэщх макъэ Хъан-Джэрые игупшысэхэр зэпигъэугъ. Плъагъэ, щхыпцlыгъэ. Агъунэ щыс пшъэшъитlур ары щхыщтыгъэр, тхылъыр зыыгъэу агузэгу дэс пшъэшъэ къопцlэ нэгуфым щхыпэ къекlущтыгъэп. «Джыри къэплъагъэп...» – Хъан-Джэрые ыlуагъ, зымафэ янэ Бычэ къыфаригъэхьыгъэ тхыгъэм итымэ ащыщ гори ыгу къэкlыжьыгъ: «...Пшъхьэ лъытэжь, зыфэсакъыжь, зимытэкъухь, узхэфагъэмэ ябзылъфыгъэхэр тэтыемэ ашъхьащэкlыlох, аlощт-ашlэщтымкlи тlупщыгъаlох. Тидинхэри, шэн-гъэпсыкlэхэри, тизэхэтыкlэхэри зэтефэхэрэп. Хэт ышlэра, зыгорэкlэ уагъэшэхъукъомэ, къытхэзэгъэщтхэп. Тэ мыкlэ, кlэмгуе пщы пшъашъэ горэм, пlощтыри узэреплъыщтыри тшlэрэп, тынаlэ тетыдзагъ, гощэшхоми едэ».

Хъан-Джэрые ыгу къэкlыжьыгъэр зэригуапэр джыри зэ ынэгу lугушlукlыгъ: «Хэт шъуlуа зыцlэ къырамыlоу къысаlокlырэр? Сызхэтмэ ащыщ шъыпкъэ сыхъункlэ къыстещыныхьэх... Мыщ ыпэкlи, Тифлис сыкъикlыжьызэ чылэм сыздэхьажьым, къэщэн lофыр Шъэуае къысыригъэlокlыгъагъ... Ежь Шъэуай?.. Нани мэгъумтlымы, мэцlацlэ, римыlошъуми, зэгорэм риlощт, римыlогъахэмэ, фидэщтэп, Анфискэкlэ цlыфхэр – къэзэкъхэри адыгэхэри – зытырегъэгущыlэх... Е-о-ой, Сисур, сшыпхъу кlас, нанэрэ уишъэожъыерэ нахь гушlуагъо уимыlэу унасыпынчъ!.. Нанэ изакъоп, ар шъыпкъэмэ, сэри сыдэнэп!..»

Бырсыр макъэкlэ пхъэнтlэкlум къытетlысхьэгъэ пшъэшъэжъые нэутхитlумэ Хъан-Джэрые игупшысэ щырагъэгъэтыгъ, нэгу хъурэе нэшхор къеупчlыгъ:

– Зыгорэкlэ уадыга? – Псынкlэуи къыпигъэхъожьыгъ: – Мариерэ сэрырэ тызэнэкъокъуш ары.

– Хэта Мариер? – Адрэ пхъэнтlэкlум къытыранэгъэ пшъэшъэ къопцlэ нэгуфым дэжьыкlэ Хъан-Джэрые плъэзэ, еупчlыжьыгъ, «джыри къызэрэмыплъэрэр, зэрэпагэр...» гукlэ ыlуагъ.

– Арэп Мариер, мыры. Сэ сцlэр – Людмила. Зыгорэкlэ о пцlэр Руслана?

– Хьау, нэмыкl сэ сцlэр,– джыри Хъан-Джэрые зизэкъо пшъашъэм дэжькlэ плъагъэ.

– Таня, Татьяна! – Марие джагъэ.– Къакlо, моу къакlоба!

– Сыд пае пшъэшъэ пагэр дгъэгумэкlын...– Хъан-Джэрые ыlуагъ, аlугушlуагъ: – Сэ сыхъулъфыгъ, къыздэшъоштэмэ, Татьянэ дэжь тызэдыlухьан.

– Хьау, къыбдедгъаштэрэп! – Людмилэ къызlуипхъотыгъ,– арба, Мария?

– О къызэрэпlу, Людочка.

– Дэгъу, щэрэс изакъоу. Джы умы Русланмэ, пцlэ къытаlу, поручик.

– Пушкиным и «Русланрэ Людмилэрэ» армэ зыфашъуlорэр, сэркlэ намыс, къэсэштэ, ау сэ сцlэр Хъан-Джэрый.

– О-о! – Марие къыхэкуукlыгъ.– Цlэ дах, цlэ жьынч!

– Къыосlуагъэба Хъан-Джэрые поручикыр,– егъашlэм ышlэщтыгъэм фэдэу Людмилэ Хъан-Джэрые ыцlэ къыриlуагъ,– Кавказым къызэрикlырэр. Нэкъокъоныр къыпшlосэхыкlэ сэгугъэ, Машенька, зыкъэгъэхьазыр. Таня, Татьяночка, моу зэ къакlоба!..

– Хъан-Джэрые зыцlэ пстэури Кавказ къекlыкlэ умыгугъ,– пэlо шlуцlэ пlокlэ лъхъанчэр зышъхьашыгу ис пшъэшъэ сырыф lэпс-лъэпсми къыфидзыжьыгъ, нахь шъабэу къыпигъэхъожьыгъ: – ащ фэдэ цlэхэр зиlэхэр, угу къэгъэ-

кӀыжь Пушкиным и «Бахчисарайскэ фонтан», Къырым нэгъойхэри ары... Тэрэзба сӀорэр, поручик?

Хъан-Джэрые зэхихыгъэр игопагъэми, Пэшъукъ къыфидзыщтыгъэр, нэмыкӀ адыгэ лӀакъомэ къызэраушъхьакӀущтыгъэр ыгу къыхэуӀэу, иадыгагъи тегушхукӀэу, тырахы пӀонэу, ыдагъэп.

– ЧыжьаӀоу уӀэбагъ, Кавказ унэсыгъэп.

– КъыосӀуагъэба, Машенька, поручикыр Кавказ зэрэщыщыр! – Людмилэ нэшхор къэгушӀуагъ, ыкокӀ илъ тхылъыр къызэгуипхъотыгъ.– Мыр зыфэгъэхьыгъэмэ уащыщ, шъукъедэӀу: «Адыгэм Ӏашэр къешӀэкӀыгъ, ащ егъатхъэ, ащ рэгушхо, ашъоджани щыгъ, аркъэни, шхончи ыӀыгъ, Ӏофы ышӀэми, зигъэпсэфыми исэшхо егъэшӀэрэ ныбджэгъоу игъус...» Къытезгъэзфагъэба, поручик? КъаӀоба, сыда узфыщысыр?

– Ишъулъхьагъэр сшӀэрэп нахь,– Хъан-Джэрые къыӀощтым зырегъэукӀыхьэ,– ухэукъуагъэп.

Людмилэ, нэгу хъурэе пщэр кӀэко цӀыкӀур, къызщылъэтыгъ:

– КъыпшӀосхьыгъэба, Мария? Таня, моу къакӀо зэпсынкӀэу, Марие къышӀосхьыгъ! Тызэмыгъаж, Мария, къыпшӀосхьыгъэр гъэцакӀэ. Хъан-Джэрый – адыгэ! Арба, поручик?

– Ары сӀуагъэ, ухэукъуагъэп.

– Мария, Машенька, сыд узфыщытыр, поручикым ынэкӀушъхьэ ебэу!

Хъан-Джэрые зэмыжагъэм къыгъэгузэжъуагъ:

– Зэ, зэ. Сэри шъори ар къытэпэсыгъэп, зылъэгъурэмкӀи емыкӀу...

– Людмила! – Татьянэ адрэ пхъэнтӀэкӀум зыкъытырипхъотыгъ,– шъусэмэркъэугъ пае, пӀорэр сыда, цӀыфхэр къэплъэх, поручикыр шъумыгъэукӀытэжь, сэ сэкӀожьы...– Пкъы псыгъо ищыгъэ дахэм пшъэ кӀыхьэри, зыбгъухэр гъэкӀэрэкӀэгъэ шляпэ хъураишхори, къэптан шхъонтӀашъори декӀухэу ӀукӀыжьыгъ, мыдрэ пшъэшъитӀури ыуж илъэдэжьыгъ. Капустенкэ Игнат къызэбгъукӀогъэ пшъашъэмэ яӀукӀыжьыкӀэ зыфихьыщтыр ымышӀэу, афызэплъэкӀыгъ, етӀанэ Хъан-Джэрые щхыпцӀ-тхьагъэпцӀышъокӀэ къеупчӀыгъ:

– Сыд мо пкӀэрылъэтыжьыгъэ дэхэцӀыкӀумэ, поручик, агу къызэрэобгъагъэр?

– Гуфаплъэу уяплъыгъэпти, ори пшӀодэхагъэх, поручик,– Хъан-Джэрые шъэогъум къесэмэркъэужьыгъ, етӀанэ къэхъугъэм ышъхьэ фырихыгъ: – сызщыщ цӀыф лъэпкъыр ашӀэрэпти, зэнэкъокъугъэх, зышӀуахьыгъэр къысагъэбзэу ашӀоигъуагъ.

– Адэ, Хъан-Джэрый, ащ пае агу хэбгъэкӀыгъа? – Игнат зэхихыгъэр ыгъэшӀэгъуагъ.

– СынэкӀушъхьэ къынэсыщтхэ пае, цӀыфмэ апашъхьэ хьэйнапэ зысшӀыжьына... Джа азфагу дэтыгъэ пшъэшъэ къопцӀэ нэгуфыр плъэгъугъа?

– Сымылъэгъу мэхъуа, хьарзэ пшъэ ищыгъэ пагэм фэд, джары сызкӀэлъыплъэжьыгъэр. Дахэ, чыжьэкӀэ къыскӀэлъыплъ зыӀорэмэ яхыщыркӀэ сенэгуе.

– Ащ нахь шъыпкъэ пӀожьынэп, къыткӀэрыхьагъэп, къэплъагъэп. ЗигъэшӀожьэу щысыгъ. Сэрмэ сшӀэрэп, зыкӀыгъу пшъашъэмэ ясэмэркъэумэ сшӀэрэп ыгу римыхыгъэр, тэджи ӀукӀыжьыгъ, мыдрэхэри, къызэплъэкӀыжьхэзэ, ыуж илъэдэжьыгъэх. Адэ цӀэ дахэхэр яӀэх нахь. Зым, гу лъыптагъэмэ, джа сырыфым, Марие ыцӀ, адрэ нэгу хъурэе нэшхом – Людмил...

– Ящэнэрэм? – Игнат шъэогъум къыӀорэр къыригъэуухыгъэп.

– Ащ ыцӀи, пшӀэ пшӀоигъомэ, къыосӀон, ау ар тыдэ къыпхыжьын, «Татьяна!» Ӏори кӀэлъыдж, къэчъэжьынкӀи пшӀэхэнэп...– Хъан-Джэрые сэмэркъэущтыгъэми, гум тӀэкӀу къыпиӀонтӀыкӀызэ, щхыпцӀыгъэ.

– Еж, о пфэмышӀагъэр сэ сэбгъэшӀэщт, ара?! Пшъэшъэжъые шӀагъохэр къысэбгъэжагъэхэп... Дахэх, гохьых, ау сыдэу пшын, тыехэп... НекӀо, сыд тызфыщытыр, чӀыпӀэ горэм тащыӀукӀэжьынкӀи пшӀэнэп.

ӀэкӀэкӀырэм лъымычъэжьырэм, ӀэкӀэзырэм лъымыхъужьырэм къыщышӀырэм фэд Игнатрэ Хъан-Джэрыерэ къяхъулӀагъэр – Ӏофы зырамыгъэшӀэу зызыфаплъыхьэщтыгъэмэ атеплъэжьыгъэхэп. Ау Капустенкэ Игнат къыхьыгъэ къэбарым пшъашъэхэр ащигъэгъупшэжьыгъэх.

– КъызэрэпӀорэмкӀэ, Игнат,– тӀэкӀу тешӀагъэу Хъан-Джэрые игупшысэмэ къахэужьыгъ,– полякхэр типачъыхьэ къыпэуцужьых... Сыда афэмыгъотырэр? Урысые пачъыхьэм ыгужъуакӀэ дэсых, зыфаер афешӀэ, егъэпсэух, щегъаӀэх.

– СшӀэрэп, джары аӀорэр. Зыгорэм фэмыныкъор лъыхъорэпщтын... Шъхьэфитыныгъэм иӀэшӀугъэ, Хъан-Джэрый... – Игнат къыӀо шӀоигъуагъэр шъэогъум зэпиутыгъ:

– Щыгъэт, Игнат! Ар сищыпэзэхэхэп!..– Хъан-Джэрые къызэшӀонагъ, адыгэ шъолъырым гукӀэ зидзыжьыгъэу, щыхъурэр къехьылъэкӀыщтыгъэми, шъорышӀыгъэ тӀого-бзэгуагъэм пэчыжьэу къыухыжьыгъ: – Хэгъэгур зэщызгъэкъорэ шъхьэфитыныгъэр сэ ӀэшӀукӀэ слъытэрэп... Польшэр зыгъэбырсырырэ Хлопицкэ, Скрижинецкэ генералхэми, ахэмэ агот Ромарино, Крюковецкэми ӀэшӀу арагъэхьынэп. Ащ фэдэ шъхьэфит кӀэхъопсмэ тарымыгущыӀэмэ нахьышӀу, Игнат. Ау типачъыхьэ къыпэуцужьырэр, хэти щэрэщ, джа титӀо зэрэзэдэтштагъэу, типый! «Адыгэхэри ара?» – Игнат къэупчӀэнэу ыгу къыпылъэдэгъагъ шъхьакӀэ, ерагъэу зиӀэжагъ, зиухыижьэу къыӀуагъ:

– Зэхэсхыгъэр къэсэӀожьы нахь, сыд пае имыщыкӀагъэм сырыгущыӀэн...

Илъэсыр охътиплӀыкӀэ зэрэзэтеутыгъэм фэд мафэми чэщми ясыхьатхэр игъорыгъоу, гушӀуагъуи, нэшхъэигъуи, гупсэфыгъуи, гумэкӀыгъуи къыздахьызэ, зэрэзэкӀэлъыкӀохэри. ЦӀыфым ищыӀэныгъи дунаим техъухьэри джа сыхьат зэкӀэлъычъэхэми, джа охътэ зэблэхъухэми япхыгъэх. Загъорэ шъырытых, загъорэ къызыбгырэух, загъорэ кулъэшъур зыдадзэрэ щэрэхъмэ афэдэу зэрэлъэшъух – хэпцӀэукӀых, хэгурымыкӀых. Шыблэ гъуагъомрэ псы къиугъэмрэ нэмыкӀэу, дунаим щыхъурэр зэкӀэ, машӀори чӀыгусысри ахэтыжьэу, цӀыфым изэмызэгъыныгъэ, ишъугъуагъэ, итхьагъэпцӀыгъэ, ипцӀыусыгъэ, ишхъухьэшӀагъэ къыӀэкӀэкӀы.

Мылъкум, бэнэным, тхьамыкӀэныгъэм, ӀэнатӀэм, пачъыхьэ тахътэм, нэмыкӀэу къэпӀон хъумэ, шыумрэ лъэсымрэ зэрегъэхъуапсэ, зэрегъэутэкӀы. А зы хэгъэгум ипачъыхьэмэ ягулъытэ-гупшысэ елъытыгъэу, япэчъыхьагъу зехьакӀэ зэтекӀы.

Польшэм къихъухьэрэ лъэпкъшӀэжьхэр непэ къэтэджырэ Ӏофыгъуагъэхэп. Ахэр Апэрэ Александрэ пачъыхьэм илъэхъанмэ къащыублагъэу, Аракчеевыми Клейнмихели ятетыгъомэ ащыкӀэкӀыжьэу Урысые хэгъэгум ишъхьэлъэшыгъо зекӀуакӀэхэр, анахьэу Наполеон зыщытекӀуагъэхэ уж, Польшэ пачъыхьэгъумкӀэ къызщежьэгъагъэхэр.

Хэгъэгум иконституцие зэритэу, сейми, дзэ шъхьафи, суди Польшэм иӀагъ. Ау Апэрэ Александрэр сеймым къызщэгущыӀэм, нахь фитныгъэ инхэр аритынэу зэриӀогъагъэр ежьыри, дзэпащэу афигъэкӀогъэгъэ Константин зиусхьанышхоми, пачъыхьэ Ӏофхэр зыпшъэ ралъхьэгъэгъэ Заенчеки къагъэшъыпкъэжьыгъэп. Ахэри, нэмыкӀ Ӏофыгъо мышӀагъэхэри Апэрэ Николай ипачъыхьэгъу илъэс зыщыплӀым Польшэм къитэджагъэх. Непэ мыхъумэ неущ, неущмыкӀэ къызбгырыуным хэгъэгум иӀоф тетыгъ. Ахэмэ Хъан-Джэрые хэшыкӀ афыриӀагъэп.

Полякмэ афэгъэхьыгъэу Капустенкэ Игнат фидзыжьыгъагъэмкӀэ Хъан-Джэрые гукӀэ кӀэгъожьыгъагъэми, икъаигъагъэ къытекӀоу еуцолӀэжьыщтыгъэп. Пачъыхьэм фыриӀэ шъыпкъэныгъэр, сыд фэдэрэ мышӀуныгъэ къыфыкъокӀыгъэми, Хъан-ДжэрыекӀэ зэкӀэми апшъ. Къэптан чыӀухэр зэтегъэпытыхьажьыгъэу, нэтӀэ шъуамбгъоу, бгъэ инэу, нэ шхъонтӀэ гупсэф-гъэтӀылъыгъэкӀэ пачъыхьэр игупшысэмэ къазхэтэджыкӀыкӀэ, щыкӀагъэ зимыӀэ шыихъ фэдэу къыщэхъу.

КъызгурэӀо полякхэмкӀэ Игнат къысфидзы шӀоигъуагъэр, Невскэ урамым тетэу унэм кӀожьзэ, Хъан-Джэрые гукӀэ ыӀуагъ, гъэрекӀопагъэ, перс заом къыщегъэжьагъэу тырку заом щыкӀэкӀыжьэу, а шъхьэфит гущыӀэр ыжэ дэнагъ. Сэщ нахьи о адыгэмэ уафэгумэкӀэу зыкъысфэмышӀ. Уикъэзэкъхэр гъэӀасэхи, адыгэхэри Ӏэсэщтых. А къызэрэпщыхъу дэдэу адыгэхэри шӀухэп, хъымыщые пщы-оркъмэ къысашӀагъэм изакъоми... Паскевичми, Бенкендорфи, пачъыхьэми ар агу къеуагъ. Сэ адыгэмэ шӀу афасшӀэ сшӀоигъу, ежьмэ сыкъаушъхьакӀу... Шъулъэгъурэба урысыдзэм сызэрэщалъытэрэр? Ежь-ежьырэу нэӀуасэ непэ зыкъысфэзышӀыгъэ пшъашъэхэри ары. Сызхэтмэ, шъыпкъэныгъэ афыуиӀэу уадэпсэумэ, узэхашӀыкӀыщт, уагурыӀощт. Мыхэмэ Бобров штабс-капитаным фэшъхьаф, лъэпкъ зэхэдз ашӀэу джы нэс сарихьылӀагъэп. Зэ, зэ, сыда ащыгъум гъэрекӀо Паскевич графым къысиӀокӀыгъагъэр? Хьаулыеу Игнаткэ

ыгу хэзгъэкIыгъэкIэ сенэгуе. Дэгъоу есшIагъ, нанэ иIуагъэу, дунай Iаем гум илъыр ыбзэгу терэмылъ.

Урамыбгъум къыщыуцугъэ каретэ шIуцIэм Хъан-Джэрые ышъхьэ къыригъэпхъотагъ, пчъэр къызэIузыхи къиджыкIыгъэ Бенкендорфи ышIэжьыгъ.

– Ора ар, поручик? Адэ мы мэфэ шIагъом уизакъуи?

– ТIэкIу зызгъэпсэфыгъэу тадэжь сэкIожьы, Ваше превосходительство,– нибжьи зэмыжагъэу ылъэгъурэм зэтыригъэкъагъэу, ымакъи зэхимыхыжьэу Хъан-Джэрые къыIуагъ.

– Гъогогъу укъысфэхъущтмэ, къитIысхь, поручик. КъакIо, къакIо, сизакъу сэри, зысэгъэпсэфы.– Зэрэхъугъэри ымышIэу, Хъан-Джэрые каретэм зефэм, Бенкендорф графым исэмэгубгъукIэ зэрагъэтIысыгъэр къыгурыIуагъ ныIэп. Графым игущыIэ къыпидзэжьыгъ: – Загъорэ сэри, поручик, зызгъэпсэфыныр сикIас. Олъэгъу, гум зыригъэIэтэу бжыхьэ мэфэ шIагъу, унэми сыригъэсыгъэп, Iофшlапlэми сычIигъэсыгъэп, ситхылъыпIэ мыухыжьхэр ары нэмыIэмэ, сIи анэсыгъэп. О сыд, поручик, уиIофмэ язытет? Конвоим узэрэхэзэгъагъэр сигуапэ, ащкIэ сицыхьэ птелъыгъ, сыбгъэрэзагъ. Ощ фэдэ зэхэшIыкI-гулъытэ зиIэ забытхэр пачъыхьэм и Конвой, иухъумакIомэ зэрахэтхэр лъэшэу сигуапэ, пшIосыушъэфынэп, уазхэсэгъэхьэ уж сыгукIи сырэхьатыжьыгъ.

– Уицыхьэ къызэрэстелъымкIи уасэ къызэрэсфэпшIырэмкIи, ваше превосходительство, тхьэуегъэпсэу, типачъыхьэ лъапIэкIи, хэгъэгумкIи слъэкI къэзгъэнэнэп, зи къызтезгъэнэнэп. Ори, Александр Христофорович,– Хъан-Джэрые нахь гупсэфыжьыгъэу графым ыцIэ къыриIуагъ,– укъэзгъэукIытэжьынэп.

– Тхьэуегъэпсэу, поручик, тхьэуегъэпсэу, Хъан-Джэрый,– нахь мэкъэ шъабэкIэ Бенкендорф къыIуагъ, къыIугушIуагъ.– Пачъыхьэм уфэшъыпкъэщтымэ, хэгъэгум уригугъэпIэщтмэ, егъашIэм сыбгъэрэзагъэкIэ лъытэ, поручик. НекIо, уахътэ уиIэмэ, муары сиунэ, сибжыхьэ щагу щай ущезгъэшъон, ищыкIагъэмэ, нахь пытаIуи зэдэтIэтын.

– Щаир дэгъу…– Хъан-Джэрые щхыпцIыгъэ,– ау адырэр… Адырэм хэшIыкI фысиIэп.



– Поручик, зэхэсхырэр сыд! – Зэхихыгъэр Бенкендорф ыгъэшIагъощтыгъэми, зэригуапэр ымакъэ къыхэщыгъ.

– СигъашIэкIэ, Ваше превосходительство, шъон зыIузгъэфагъэп, тутыни сешъуагъэп.

Зиусхьан забытыр Конвоим хэзгъэхьанымкIэ бэрэ сегупшысэгъагъ шъхьакIэ, джыркIэ сызэрэфаеу къычIэкIы, сыхэукъуагъэкIэ сыгугъэрэп, гукIэ Бенкендорф ыIуагъ, фэбэгъэ тIэкIу зыхэлъ нэ шхъонтIэ сакъкIи, Iофы зырИмыгъэшI фэдэу фыреплъэкIыгъ, Перовскэмрэ Паскевичырэ къыраIогъагъэм фэшъхьафэу, зымафэ Хъан-Джэрые пае де-Скаси зэреупчIыгъагъэри къыритыжьыгъэгъэ джэуапышIури игупшысэмэ къахэтэджыкIыгъэх. ЦIыф гъэсэгъэ пстэури зэфэдэп, ау мыр шъхьэкIафэрэ Iэдэбрэ зэрылъ унагъо зэрэщапIугъэр гъуащэрэп. Къызыхэсщыгъэ къэзэкъ конвоими къахэщыщтыгъэ. Ау зы къызгурымыIорэр, зыщыщ адыгэ шъолъырым, гъэрекIо тырку заор зытыухыгъэм ыуж, тэркIэ бырсыр зэпымыужь къитэджагъ… Тыркуми иIоф къытхэлъэп, шъори тышъуфаеп къытаIо. ЗэкIэри арэп, мары, мыщ фэдэхэри нэмыкIхэри къыдготых, мыхэмэ тадэлажьэмэ, зызэхядгъэшIыкIымэ, Темыр Кавказым щытиIэ гухэлъымкIэ яшIуагъэ къызэрэкIощтым щэч хэлъэп. Тадэлажьэзэ, зыфаехэр афэтшIэщтых, дгъэрэзэщтых, дгъэпсэущтых, ау лъэпкъ пачъыхьагъухэмкIэ, мыр къызэрэтфэтхэгъагъэмкIэ дгъэгугъэщтхэп. Темыр Кавказым щыпсэурэ цIыф лъэпкъ пэпчъ пачъыхьагъу ептымэ, гухэлъ IэнэкIыкIэ Кавказым тихьагъэу мэхъу. Грузинхэри, ермэлхэри, азербайджанхэри къыдгоуцуагъэхэу аIоми, тфэIыгъынхэп. Шъхьэфитыныгъэр, хэтырэ цIыф лъэпкъыкIи, орэцIыкIу, орэины, Iэшlу. Ар зыми егъашIэ, ары пакIо, ыми кIэбгъао хъущтэп. Дунаим ехыжьыгъэ Апэрэ Александрэм «Литвам естыгъэ хэгъэгу зегъэкIокIэ шъхьэфитныгъэм фэдэ шъори къышъостыщт» полякмэ зэрариIогъагъэр джы къызнэсыгъэм ащыгъупшагъэп, джы пачъыхьэм къедаохэу аублагъ, тимыщыкIэгъэ Iофыгъохэр къытфагъэтэджых. Европэр нэмыкIынэкIэ къытагъэплъын яхьисап.

Аркъым Хъан-Джэрые фыриIэ еплъыкIэм Бенкендорф графыр щыгъозагъэми, шъон фыжьыр зэрыт бэшэрэб дахэр бысымымрэ хьакIэмрэ апашъхьэ итэу ятIонэрэ щай Iэгубжъэ игъэхъуагъэм кIэрысыгъэх.

– Польшэ пачъыхьагъум,– Бенкендорф къыIуагъ,– къыхъухьэрэмэ узэрагъэгумэкIырэр сигуапэ, Хъан-Джэрый, ау шъуалъэныкъо адыгэмэ язекIуакIэмэ уащыгъуазэкIэ сыгугъэрэп. Узщыщ бжъэдыгъухэр арэп, шапсыгъэхэмрэ абдзахэхэмрэ къытфэмыеу зыIохэрэр, убыхыхэри ары. АцIэ тэрэзэу къесымыIуагъэмэ сшIэрэп?

– Тэрэз, Ваше превосходительство,– гущыIэ лъапсэр Хъан-Джэрыий къыубытыгъ,– ау ахэмэ анэмыкI адыгэ лъэпкъхэри щыIэх. Къахэхъухьэрэми тIэкIу сыщыгъуаз, къысфатхы. Адыгэ шъолъырыр тэ къызэрэтшIошIэу щытэп, адыгацIэр зыхьырэ лъэпкъ зэтеутыгъэ пчъагъэр зы гупшысэкIэ зэрэзэдыщыIэн фаер бэмэ къагурыIорэп, фэмыери макIэп.

– КъызэрэпIорэмкIэ, Хъан-Джэрый,– щай IэгубжъыитIум нэкIушъхьаплъ ышIыгъэ графыр щхыпцIыгъэ,– Литвам, Польшэм фэдэх.

– Зэрэ Темыр Кавказэу пштэмэ, адыгэмэ язакъоми, зыцIэ къепIуагъэхэр къыуигъэштэжьыных. ТалъэныкъокIэ, къыбгурызгъэIошъущтмэ сшIэрэп нахь, Александр Христофорович, адыгэмэ гущыIэжъ щаIо: лIакъор зыщыбэм бэныр щыбыхъу.

– КъапIо пшIоигъом сегуцафэ, поручик,– Бенкендорф ышъо къызэокIыгъэми, нэгушIогъэ-шъорышIыгъэр зыIуимыхэу къыIуагъ, урыс дзакIом илIыгъи къыфыкIигъэтхьыгъ,– персхэми тыркухэми ащкIэ тагъэщынэщтыгъ, ау пшъхьэкIэ ущыгъуаз, зи къадэхъугъэп. Кавказ кIыбыр зэрэпсаоу тIэ къихьагъ, Темыр Кавказыр тэ кIожьын, ари къызэреуцолIэщтым сицыхьэ телъ. ШъуалъэныкъокIэ, адыгэ шъолъырым, Зан Сэфэрбый аIоу зиусхьан горэ къитэджагъ, уинэIуаса?

– Зан Сэфэрбый зымышIэрэ адыгэ шъолъырым исэпщтын,– Хъан-Джэрые мыгузажъоу, ари ошIа ыIоу, джэуап ытыжьыгъ, – ар шапсыгъэпщ, цIыф гъэсагъ, Гудович илъэхъан, сымыгъуащэмэ, урысыдзэм изабытыгъ, Тыркуе лъэныкъомкIэ зигъази, заулэрэ идзэ хэтыгъ. Сэ зэ-тIо сыIукIагъ, ау гущыIэгъу сыфэхъугъэп, сят дэгъоу зышIэщтыгъэр, зэшIу-зэпыихэу къызыхэкIыщтыгъэри мэкIагъэп.

– Джы типый шъыпкъ, шапсыгъэхэр къеIэтых, Тыгъужъыкъори Щырыхъукъори гоуцуагъэх аIо.

– Джар къэбар дэй, Александр Христофорович,– Хъан-Джэрые игумэкI ынэми ымакъи къахэщыгъ.– Ахэмэ адыгэ шъолъырым тимыщыкIэгъэ бырсыр къырагъэтэджэн алъэкIыщт.

«Бырсырыр зимыщыкIэгъэщтыр тэра, шъора?» – Бенкендорф графыр Хъан-Джэрые еупчIы шIоигъуагъ шъхьакIэ, зэримыпэсыжьэу, цыхьэ зыфимышIыщтыгъэ забытыми гуцафэ римыгъэшIы шIоигъоу, нэмыкI гущыIэ техьагъ:

– ГумэкIыгъо щыIэп, поручик, ащ фэдэ Iаджи урысыдзэм пэкIэкIыгъ. Поляк нэIуагъэхэми яфэшъуашэ ядгъэгъотын, зядгъэшIэжьын. Узщыщ адыгэхэри, уицыхьэ тегъэлъ, Занэ, Тыгъужъыкъо, Щырыхъукъо закIэхэп, ощ фэдэ Iаджи ахэт, тызэхашIыкIын. Конвоим хэтмэ нахьыбэрэ шъуадэгущыI, ядэжькIэ жъугъатхэх, шъумыуплъэкIухэми, атхырэм, агу илъым, ашIэрэм шъуащыгъуазэмэ, нахьышIу. Темыр КавказымкIэ пачъыхьэм имамыр гухэлъ афэшъуIуат, зэхяжъугъэшIыкI. Пачъыхьэм шъуриухъумакIу, шъурицыхьэшIэгъу. Ащ фэдэ Iофыгъохэр конвоимкIэ оры зипшъэрылъхэр, Хъан-Джэрый. Сыд фэди орэхъу, шIуми еми, Конвоим къыщыхъурэр умыушъэфы, тэгъашIэ. АщкIэ, поручик, пачъыхьэм иапэрэ цыхьэшIэгъумэ уащыщ.

– Тхьэуегъэпсэу, Александр Христофорович. СлъэкI къэзгъэнэнэп, пачъыхьэм сыфэшъыпкъэн,– тIэкIу тешIагъэу нахь мэкъэ пытэкIэ къыпигъэхъожьыгъ: – Адырэ «умыушъэфы» зыфэпIуагъэр къызгурыIуагъ, ау ащ фэдэ Iоф типачъыхьэ и Конвой къыщыхъурэп.

– Сызэрыразэм игугъу, поручик,– Бенкендорф IугушIукIыгъ,– джыри къысфэошIыжьы, сигуапэ, ау сызэрымыразэри сыушъэфынэп,– ымакъэ чъыIэ кIэхъукIэу къыпидзэжьыгъ: – Польшэ бырсырыр шIэхыщэу къышъонэсыгъ. Конвоим хэтхэр пачъыхьэм иухъумакIохэшъ, ицыхьэшIэгъухэшъ, ямыIоф зэрамыгъаафэмэ нахьышIу, Кавказ-Къушъхьэ полуэскадроныр арэп, поручик, зигугъу сшIырэр. Черномор къэзэкъ Конвоим уишъэогъу забыт горэ, ыцIэ къэошIэжьмэ, хэт аIуагъ.

Хъан-Джэрые зэхихыгъэм ышъо къызэригъэокIэу Капустенкэ Игнат ыгу къэкIыгъ. Непэ зыфызэIупхъогъагъэхэр ынэгу кIэтыгъэми, къызхигъэщыгъэп.

– Черномор къэзэкъ Конвоим забыт ныбджэгъубэ щысиI, Александр Христофорович, зигугъу пшIырэм ыцIэ къепIомэ, къэсшIэжьын.

– Аущтэу оIомэ, поручик,– Бенкендорф графыр хьарамыгъэ хэмылъэу щхыпцIыгъэ,– зыцIэ къесIощтыр уишъэогъу дэд, шъуалъэныкъокIи къекIы.

– Капустенкэ забытыр армэ, Ваше превосходительство, зыфапIорэр,– Хъан-Джэрые ымакъэ зыкъызэрипхъотагъэм рыукIытэжьэу риушъэфэхыжьыгъ,– Игнат Ивановичмэ зыфапIорэр, ар сишъэогъу шъыпкъ, зын тыкъимылъфыгъэми, тызэш. Хэт сыд ыIуагъэми, Александр Христофорович, сыолъэIу, пшIошъ умыгъэхъу. Сэ цыхьэ къысфэошIымэ, ащи уицыхьэ тегъэлъ, пачъыхьэм фэшъыпкъ, хэгъэгум фыщыI.

– Сигуапэ, сшIошъ мэхъу, поручик. УкъысэлъэIужьынэу ищыкIагъэп, ау ыжэ ыIыгъынэу сфеIожь.

Бенкендорф графымрэ Хъан-Джэрые зиусхьанымрэ зызэдэгущыIэгъэхэ мафэм мазэрэ ныкъорэ тешIэгъэгъэн, жандармерием игвардие игъусэу Кавказ-Къушъхьэ полуэскадроныр ошIэ-дэмышIэкIэ Польшэ гъогум техьанышъ, Вильно къалэм кIон фае зыхъугъагъэр.

Декабрэ мазэм и 9-м зызыIэтыгъэ полуэскадроным иапэрэ дзэ куп Хъан-Джэрые ипэщагъ. ЯтIонэрэм, январым и 3-м Петербург дэкIыгъэм, пэщэныгъэ дызезыхьэщтыгъэр Азэмэт-Джэрый.

## IV

Хъан-Джэрые зипэщэ Кавказ-Къушъхьэ полуэскадроным иапэрэ дзэ купыр январым и 17-м 1831-рэ илъэсым щэджэгъоужмэ адэжь, Вильно нэсыгъ.

Ковно къали Хъан-Джэрые зыхэт дзэр бэрэ дагъэсыгъэп. Апэ Августово воеводствэм, етIанэ ломзэ мартым и 10-м ащагъэх. Мазэрэ нахь Ломзэ дэмысыгъэхэу, гвардейскэ корпусым ипэщэ Михаил Павлович зиусхьанышхом Хъан-Джэрые фэгъэзэгъэ къушъхьэчIэс купыр идзэ хигъахьи, Варшавэ екIурэ гъогум тырищагъэх. Апрелым и 24-рэ мафэм Остроленко чIыпIэм пэмычыжьэу, Глинки зыцIэ чылэм дэжь, Хъан-Джэрые идзэкIолIхэр поляк ротэм IукIэхи, апэрэу езэуагъэх, ежьхэм ащыщ мыфэхэу, къамыIэу пыибэ щаукIыгъ, Андзорэ Хьэталэрэ Къуйшъырыкъо Бэгъэтырырэ пый сержантыр къаубыти, зидзэ хэтхэ Остен-Сакен бароным гъэрэу къыфащагъ.

Полякыдзэр Баранов къикIэу Верпент чылэмкIэ къызэрэкIорэр гъэрым къариIуагъ. Урыс лъэсыдзэм ипэщэ Гембиц полковникыр пыидзэм пэтIысыгъ, мэзым икуупIэкIэ Хъан-Джэрые зипэщэ къушъхьэ дзэкIо шыухэр апэуцугъэх.

ТхьамыкIагъо щыIэщтми умышIэнэу гъэтхэ мафэр гупсэфы, дунаир мэкъэ зэфэшъхьафкIэ чIылъэм щэпсэу, уцы шъабэмэ жьыбгъэ шъабэр апгъэхьэрэчъы, пщэ фэмыф зэкIэмыхьэ гъощагъэмэ ошъогур агъэзэщырэп. Хъан-Джэрыедыхэр зыхэт мэзри чъыг тхьэпэ зэмышъогъу къэхъугъакIэхэмкIэ Iэгу зыфытеожьы. Щэджэгъо тыгъэнэбзыйхэри Iэбгъу-Iэбгъоу мэз чIэгъым щэджэгух. Хъан-Джэрые къебгъучъэрэ псынэкIэчъым иор псынкIэмэ тыжьыныпсыкIэ зыратэкъухьэ. Мэкъэ зэфэшъхьафкIэ бзыухэр зэпэджэжьых. Ахэр зэкIэ Хъан-Джэрые гукIэ зэхехми, псэкIэ зэхешIэми, зажэрэр, зыкIэдэIукIырэр нэмыкI, Къудайнэт Олджэрыкъо реIо, Нэгумэ Шорэ фегъэпытэ:

– Плъырыгъащэ къызхэшъумыгъаф, имыщыкIагъэу пыищэм, сэшхуацэм шъупэIумыхь.

– Хъан-Джэрый, сикъош,– Нэгумэ Шори нэгу псыгъо нэгушIокIэ къыIоплъэ,– умыгумэкI, апэрэ пшIошIа тисэшхо къызитхырэр! ИмыщыкIагъэ пшъхьэ къимыгъахь. Урысые пачъыхьэм изакъоп, тэ джыри тызщыщ адыгэмэ тырящыкIэгъэщт. О афатх, сэ зэреджэщтхэ хьарыфхэр къафэсыугупшысыщт. Икъун тымыбзэкIэ тызэреджагъэр!

– КъурIаныр армэ зыфапIорэр, Шорэ,– Олджэрыкъо къыкIащтэ,– бисмилахь Iо, къыпфигъэгъунэу Тхьэм елъэIу!..

– УмыгумэкI, Олджэрыкъу, бэшIагъэ сызелъэIугъэр, силъэIу къысфишIэрэп нахь.

– Шорэ!.. Ащ фэдэ аIорэп...– Олджэрыкъо зэхихыгъэр шIомэхъэшэгъу.– Тхьэм ыпашъхьэ дыухьэ къыщыхьыжь, Хъут ефэндым къыпфидэнэп.

– Олджэрыкъу, а сикъош,– ныбджэгъу гуфэбэныгъэр къебэкIэу Шори къыфедзыжьы,– сэ сиIуи зэгорэм къыпхахьэ хъущтба?!

– Зэ, зэ, хъугъэ, шъуузэпымыпкI,– Хъан-Джэрые яушъыигъ, аIугушIуагъ, гъэрекIо, Кавказ-Къушъхьэ полу-

эскадроным зыхэхьагъэм мэфищ горэ тешlагъэу, кlэлитlумэ нэlуасэ зэрафэхъугъагъэр ыгу къэкlыжьыгъ.

Мыхэри а мафэхэм полуэскадроным къыхэхьэгъэкlагъэх, Хъан-Джэрые гукlэ ыlуагъ. Азэмэт-Джэрые ротмистрэм Хъутымрэ Тыгъанэмрэ игъусэхэу полуэскадроным сыкъызыщырещэкlы уж, митlур ары апэу гущыlэгъу сызфэхъугъагъэр. Непэ, пыим тызыщыпэуцугъэ сыхьатым, азыфагу къыдэхьэгъэ дин lофыр ары джа чlыпlэм тызэзыщэлlэгъагъэр. Ялоф зэхэмыф, полуэскадроным сыриефэнд ашlошlэу, къысахьылlэгъагъ, ау Хъут ефэндым сызэрэхагъэкlокlагъэр зясэгъашlэм, Нэгумэ Шорэ исэмэркъэу тхьагъэпцlыгъэ Олджэрыкъокlи, сэркlи къызэрэчlэщыгъэми, еджэн-гъэсэныгъэ lофымкlэ, джыдэдэм фэдэу, ежь ыlорэм текlыщтыгъэп. Дин lофыр къыримыдзэу, уасэ фимышlэу арэп – иамдэзи, инэмази, идыухьи зэголъы, мэкъэ тlупщыгъэ дахэкlи къурlаным къеджэ, ау Олджэрыкъо ымыдэу урысыбзэкlэ тхыгъэ тхылъхэр Алахьым къыригъэхыгъэ тхылъым голъэу къыздырехьакlых. Адыгэбзэ макъэм тезгъэпсыкlыгъ ыlуи, зымафэ хьарыф заулэ къысигъэлъэгъугъагъ... Зэгорэм Польшэ гъогум тыкъызытехьащтым ыпэкlэ, «Нэгумэ Шорэ урысыбзэр дэгъоу къызlэкlигъэхьаным ычlыпlэкlэ, адыгабзэр къизыlотыкlыщт хьарыфхэр зэхегъэуцох, унаlэ тегъэт, тимыщыкlагъэхэр емыгъашlэх» Бенкендорф графым къысиlогъагъ. Ащ фэдэмэ зигулъытэ анэсырэр сыд пае тимыщыкlэгъэщт? Адыгэмэ язакъоп, зыбзэ рымыпсэурэ, рымылэжьэрэ нэмыкl цlыф лъэпкъхэми ащ фэдэхэр ящыкlагъэх. Сфэлъэкlмэ, сыдэlэпыlэн нахь, пэрыохъу сыфэхъунэп. Олджэрыкъуи Алахьэр икъабылмэ, ыгу ерэлъ, диным пэрэлъ, гушlуагъуи, гупсэфи хигъотэн.

Мэзыпшъэ шъофымкlэ къызэлъытэджыгъэ шхонч омакъэмэ Хъан-Джэрые игупшысэмэ къахаутыгъ, шэсызэ, зипэщэ шыумэ афигъэпытагъ:

– Сиlизын хэмылъэу lашэр къэшъумышт, шъумыу!

Хэти ежь зэрэфаеу заор хъурэп. Етlани ошlэ-дэмышlэ теор ащ къызыхафэрэм, дзэр ипхъыхьэ-итэкъу мэхъу, зегъэшlэжьыгъуай. Поляк лъэсыдзэ шъитфымэ джар къяхъулlагъ. Гембиц полковникыр lэшэ зэдаокlэ зыпэгъокlыгъэ полякхэу зэкlакlохэрэм Хъан-Джэрые ишыухэр сэшхо ихыгъэкlэ апэгъочъыгъэх.

Полякыбзэ-урысыбзэ-къушъхьэчlэсыбзэ зэфэшъхьаф зэрэгъэкуо макъэмрэ шыщыщ макъэмрэ нэмыкl Хъан-Джэрые зэхихрэп. Щтэгъэгукlэ кlэзыlэжьыгъэ полякхэр шыбгъэкlэ реутых, сэшхоогъукlэ хегъафэх. Шори, Олджэрыкъуи, Бэгъэтыри, нэмыкlхэми ясэшхохэри мэжъынчых, яшыбгъэхэр мэзаох.

Хъан-Джэрые плъэмэ, Олджэрыкъо лъэсы, сэшхори къамэри lэ зырызымкlэ ыlыгъ, пый гузэгум ин-инэу ит, Нэгумэ Шори шыоу Олджэрыкъо къэзыухъурэигъэ пыймэ афэчъэ, ныбджэгъум еджэ:

– Олджэрыкъу! Мары, джыдэд!..

Ежь Олджэрыкъо заорэр хигъафэзэ, ыlорэр нэмыкl:

– Мыри джаур, ыпсэ згъэгъугъэ. Ори, уджаурышъ, бисмилахь, ащ кlэлъыкlожь...– Олджэрыкъо иящэнэрэ сэшхоогъу ыкlыбкlэ къикlыгъэ пыим ипчыпэ щыригъэгъэтыгъ, зыфызэплъэкlыгъэр джыри къеожьи, блыпкъ сэмэгум, гум пхырифэу ыпсэ lуихыгъ. Укlакlор зыукlыжьыгъэ Шори онэгум зыкъыридзыгъ шъхьакlэ, ныбджэгъум ижь хэтыжьыгъэп.

lэ сэмэгу уlагъэм лъыр къыпычъыщтыгъэми, Хъан-Джэрые пылъыгъэп, ау ятlонэрэ щэу исэмэгубгъу цэгэналъэ зэпызыутыгъэм онэгум къыридзыгъ...

Ныбжьыкlэм иуlагъэ псынкlэу мэкlыжьы зэраlорэр шъыпкъэ. Мазэрэ ныкъорэкlэ Хъан-Джэрые иуlагъэ, телъыгъэми умышlэжьынэу, кlыжьыгъэ. Ащ фэдизым, сымэджэщым чlэгъуалъхьэу, зипэщэ шыу купыр зы мэфэ закъокlи дэдзых ышlыгъэп. Ежь ышъхьэкlи ушъхьагъу иlагъэп, ыпшъэ къыралъхьэгъэ къушъхьэчlэс дзакlохэри ыгъэбэлэрэгъыщтыгъэп.

Жандармэм игвардейскэ полуэскадрон ипэщэ Циммерман дэжь Хъан-Джэрые ащагъ, штабс-капитаныр къеупчlыгъ:

– Уиlофхэр сыдэу хъурэ, поручик?

– Сэ сшъхьэ закъомэ укъызкlэупчlэрэр, штабс-капитан,– Хъан-Джэрые гукlэ щхыпцlыгъэ,– уезэгъыщт, тхьаусыхэ сиlэп.

– Уиуlагъэхэр?

– Ащ фэдэхэр стелъыгъэхэми сшIэжьырэп.

– Ар дэгъу, щытхъугъэу пфэсэлъэгъу.

«Сыд упчIэ-джэуапа мыщ къысишIылIагъэр,– гукIэ Хъан-Джэрые ыIуагъ,– сыкъызфэпщагъэм земыгъэукIыхьэу ышъхьэ къысфихи, ыуж икIыжь».

– ПыимкIэ псэих-гуих уикъушъхьэчIэсмэ сыд якъэбар?

– Сыдрэ пшъэрылъкIи ахэр хьазырых! – Хъан-Джэрые игущыIэ кIэкIы.

– Сэ укъызыфэсщагъэр, поручик, къэбарышIухэр къыпфэсIопщынхэу ары. Апэрэр, сэри ар щытхъугъэкIэ зыфэсэлъэгъужьы, Александр Христофорович граф зиусхьанышхор къызэрэшъуфэразэр уишыу пэпчъ нэбгъэсыжьынэу пшъэрылъ къызэрэсфишIыгъэр къыосэIо. ЯтIонэрэр, Константин Павлович зиусхьанышхор Белосток икIынышъ, Слоним кIощтышъ, ащ шъуригъусэнэу, къэшъухъумэнэу пшъэрылъ къышъуфешIы.

Хъан-Джэрые икъушъхьэчIэс шыу куп къыфагъэуцугъэ пшъэрылъыр ыгъэцакIэзэ, Минскэ лъэныкъомкIэ Константин Павлович зиусхьанышхом гъогу дытехьагъ. Къалэм маим и 20-м нэсыгъэх. Мыщ мэфитIо зызыщагъэпсэфым, ВитебскэкIэ кIуагъэх. Тыдрэ лъэныкъо загъэзагъэми, къушъхьэчIэс шыухэр цесаревичым фэсакъыщтыгъэх, верст пчъагъэкIэ ыпэ ишъыхэти, фэплъырыщтыгъэх[1].

Хъан-Джэрыедыхэр Константин Павловичым мазэ нахь кIыгъугъэхэп. Витебскэ июным и 3-м къэсыгъэхэу, къалэм дэлъыгъэ емынэр зиусхьанышхом къеузыгъ, мэфэ пшыкIуй нахь темышIэу, сыдкIэ еIэзагъэхэми амал фамыгъотэу, дунаим ехыжьыгъ. Ащ ыуж, мэфэ заулэкIэ, Тамбые Къоншъэкъо Iэшэзехьэри а узым илIыкIыгъ.

КъыкIэлъыкIогъэ гъэмэфэ мазэхэм, августым ыкIэхэм адэжь, Варшавэ заштэм, бжыхьэ мэзищым Польшэ пачъы-

[1] Хъан-Джэрые Польшэ зэо гъогумэ ащызэрихьэгъэ лIыгъэ пчъагъэм ащыщ горэ мырэущтэу С. Петиным итхылъ къыщетхы: «…Июнь мазэм и 16-м Ковно дэжь Хъан-Джэрые ивзвод поляк лъэсыдзэм пэгъочъи, къэмыуцоу пыихэр бгъуитIукIэ зэритэкъокIыхэзэ, зэбгыритэкъугъэх, кIаригъэIэжьыгъ. Пый нэбгырэ 50 сэшхокIэ зэхаупкIэтагъэ, забыти 2-рэ дзэкIолI къызэрыкIо 40-рэ гъэры ашIыгъ. Ежь Хъан-Джэрые пчыпэкIэ ыбгъэ уIэгъагъэми, къызэкIэкIуагъэп, зыпэуцугъэ, зылъежьагъэ пэпчъ текIуагъ, ышъхьэ Iуригъэхыжьыгъэп…»



хьагъум пыйхэр раукъэбзыкIыфэ, къыгъэзэжьэу февралым и 28-м 1832-рэ илъэсым Санкт-Петербург къэкIожьыфэ, Кавказ-Къушъхьэ полуэскадроным ылъэкI къыгъэнагъэп, зэо гъогукIэ щытхъу мымакIэу зыфаригъэIуагъ, зыфаригъэтхыгъ…[1]

Польшэ заом къыщыдахыгъэ текIоныгъэм, бгъэхэлъ лъапIэхэу урыс пачъыхьэм ыцIэкIэ къаратыгъэхэм, дзэкъулыкъуцIэу къафаусыгъэхэм къушъхьэчIэс забытхэри дзэкIолIхэри, Хъан-Джэрые апэ зэритэу, игушIуагъо зэрихьэщтыгъэх, ежьхэм ячIыгу, Темыр Кавказым, урысыдзэр зэрэщызекIорэр Польшэм щишIэрэм зэрэфэдэм егупшысэщтыгъэхэп…

[1] Флигель-адъютантэу Орлов полковникым Хъан-Джэрые идзэкIолIмэ ащыщхэм ягъэхъагъэхэр мыщ фэдэ тхыгъэкIэ Бенкендорф графым феIопщы: «…Кавказ-Къушъхьэ полуэскадроным иапэрэ взвод илIыгъэ-гъэхъагъэмэ афэгъэхьыгъэ къэбарышIухэр къыпфэсIопщы сшIоигъу, сигуапэуи сэгъэцакIэ: маим и 1-м, Верпонт ихьанэ-гъунэ, и 17-м Райгород дэжь, июным и 7-м Панарскэ лъэгапIэм, и 16-м Ковнэ къалэм пэмычыжьэу сидзэ къыдыхэт къушъхьэчIэс дзакIомэ лIыгъэшхо щызэрахьагъ. Заор анахь зыщыкъин чIыпIэм адыгэхэр къызыщылъагъорэм пыихэмкIэ ахэр псэих-гуихыгъэх. Адыгэмэ лIыгъи, Iэдэби, цIыфыгъи ахэлъ. Ащ фэдэ лIыгъэрэ акъылрэ зиIэ поручикэу, щытхъу уIэгъищ зытелъ Хъан-Джэрые щысэкIэ къэсэгъэлъэгъо. Мы забытми, ащ ивзвод хэтхэми унаIэ атеозгъэдзэнышъ, ялIыгъэ-гъэхъагъэ типачъыхьэшхо еозгъэхьылIэ сшIоигъу…»

Орлов полковникым илъэIу Апэрэ Николай пачъыхьэм зэригъэцэкIагъэр «Зиусхьаны пачъыхьашхом и Конвой Унай» зыфиIорэ тхылъым мы Iофым фэхъугъэ кIэухыр мырэущтэу Петиным къыщетхыжьы: «…Хъан-Джэрые ипоручикыцIэ штабс-ротмистрэкIэ къыфызэблахъугъ, орденхэмкIи щыхагъэунэфыкIыгъ… Азэмэт-Джэрые полковникыцIэ къыфаусыгъ, Хъут Мыхьамэт ефэндым майорыцIэр къыфагъэшъошагъ. Юнкерхэр шыудзэ лъэныкъомкIэ корнет ашIыгъэх, Iэшэзехьэмэ юнкерыцIэр афаусыгъ. Дыигъэ медальхэр юнкерхэу СултIан Къазы-Джэрыем, Инал-Габековым, Тэхътэмышъэ Андзор, Лафышъэ Сахьидэ, Канаев Къэсэй, Iэшэзехьэхэу Къуйшъэрыкъо Бэгъэтыр, Андзор Хьатыу, Къэзаныщэм аратыгъэх, Нэгумэ Шорэ, Долэт-Джэрые, СултIан Сэхьат-Джэрые, Крамов Кизил-Бек, Атажъыкъо Андзор, Къуйшъэрыкъо Абубэчыр, Бэшъэе Хьатыу медалькIэ хагъэунэфыкIыгъэх. Варшавэ иштэн зэрэхэлэжьагъэхэм пае медальхэр Азэмэт-Джэрыий, Айдэмыр штабс-ротмистрэми, Туганов Аслъанбэчи, Пэдыс Мэмэт-Джэрыий, Мышъэост, Къожъыхъу, Утомалый юнкерхэми, Бийсунгуров, Далов, Мутылев, Хъут, ГукIэжь, Батбатов, Мурзаев, Улубаев, Акаев, Такаев, Мышъхъожъ, Зэхъохъу нэмыкI Iэшэ зехьэхэми аратыгъэх…»

## V

ТӀо гощыгъэгъэ Кавказ-Къушъхьэ полуэскадроныр Варшавэ дэжь зыщызэхагъэхьажьыгъэгъэ мэзэ зытӀущми, къагъэзэжьи, гъогу зыщытетыгъэ мафэхэми Азэмэт-Джэрыерэ Хъан-Джэрыерэ язэфыщытыкӀэ зэрэзэкӀэрыкӀотырэр, ажэ зэфагъазэу зэрамыӀощтыгъэми, ежьхэмкӀэ нэфагъэ. Хъут ефэндыри Тыгъэнэ поручикри ащ егуцафэщтыгъэх, ау къызхагъэщыщтыгъэп. ДзэкӀолӀхэри, Нэгумэ Шорэ инэутхэгъэ-гулъыти зэрахэтэу, полуэскадроным ипащэмэ азфагу къыдэхъухьэрэмкӀэ дэгугъэхэп, нэшъугъэхэп. ТекӀоныгъэкӀэ къэзгъэзэжьырэ дзэкӀолӀмэ ащ Ӏофы зырагъэшӀэу тегущыӀэнхэр ягугъужьыгъэп – ятэмэтелъыкӀэхэр, хэгъэгу бгъэхэлъ тынхэр, текӀоныгъэ къызщыдахыгъэ заом къызэрелыжьыгъэхэр ягушӀогъуагъ.

Цӏыфхэр ятеплъэ-Ӏуплъэкӏэ зэрэзэфэмыдэхэу яакъылгупшысэхэмкӀи зэтекӀых. Ишъэфи инафи, ежь ищыӀакӀэ тыригъэпсыкӀэу, дунаим тетыфэ къыздырехьакӀы – зыщыдиӀэтаери макӀэп, къызщыридзыхыжьыри нахьыб. Ахэр зыми дэзымыгощыхэу, хэтыкӀи цыхьэшӀэгъунчъэхэу дунаим тетыгъэхэми, темытыгъэхэми умышӀэнэу, ехыжьыхэри щыӀэх. ЗыщищыкӀагъи зыщимыщыкӀагъи, гур зыщагъэкӀэу, зыбзэ тӀэтагъэхэри, зыжэ тӀупщыгъэхэри хъоих.

Азэмэт-Джэрые полковникри Хъан-Джэрые штабс-ротмистрэри зэлъэпкъэгъухэми, шъхьадж зэрэфызэшӀокӀэу, иакъылрэ, игулъытэрэ, ыкӀуачӀэрэ къызэрихьэу мэпсэу. Цӏыфыгъэр зыхьырэм игъогу, хэти щэрэщ, орэпщ, орэфэкъолӀ, нахьыжъыгъэ-нахьыкӀагъэм елъытыгъэп. Нахьыжъым къыкӀугъэ гъогум епэсыгъэу уасэрэ шъхьэкӀафэрэ фамышӀэу арэп, нахьыкӀэм къыгъэшӀагъэр мыбэми, зэрэмакӀэм лъытэнигъэр рашырэп – жъи, кӀи ежь къылэжьыгъэ уасэр ары цӏыфхэр къызэрэпэгъокӀыжьхэрэр.

Полякмэ яшъхьэфитыныгъэ гукӀэгъунчъэу ячӀыгу щызэхащытӀэфэ, лъыр щагъэчъэфэ, къызэмыплъэкӀыжьынэу урысые пачъыхьэм игухэлъ зэрэфигъэцэкӀэщтым нэмыкӀырэ гупшысэ Хъан-Джэрые иӀагъэп. Ары пакӀошъ, заор заухми, зыпагъэуцугъэ цӏыф лъэпкъым фишӀыгъэгъэ нэмыплъыр Петербург гъогум къытехьажьыфэ бгъэгум дэлъыгъ. Нэгумэ Шор мыхъугъэмэ, мазэм къехъурэ кӀымэфэ гъогу хьылъэм ар щыщымыгъупшэныгъэкӀи мэхъу.

Гъогу хьылъэм ыуж, Хъан-Джэрые гукӀэ зыфэгубжыжьыгъ, сипӀэ шъабэ сыхэфэжьыгъэу, сычъыеным, зызгъэгупсэфыжьыным ычӀыпӀэкӀэ сыда ахэмэ сызфягупшысэрэр? Заор тыухыгъэ, ашъхьэ къаӀэтынкӀэ, тыздэщыти тыздэщымыти къыщыгущыӀэнхэкӀэ полякхэр щынэхэу шъхьэчъэ-псачъэ ячӀыгу, яхэгъэгу итшӀыхьагъэх. Зэ, зэ, сыда зымафэ Нэгумэ Шорэ къысфидзыгъагъэр? «Польшэм лӀыгъэ щызетхьагъ тӀоу, ащ нахьрэ тырымыгъэгущыӀэжь... ТалъэныкъокӀи мыщ фэдэ тхьамыкӀагъохэр зэрэщырекӀокӀхэрэр, тапэкӀи къызэритэджэщтхэр зыщытэмыгъэгъупш. Ермоловым Къэбэртае щигъэчъэгъэ лъыпсыр о сыдым фэпшӀэн?..» – КъысиӀуагъ, Пэдыс Мэмэти къыдежъыужьыгъ. Алексей Петровичым тэ къытфишӀагъэр къытфишӀагъэу, ащ фэдэкӀэ утегущыӀэжьы хъуна? Кадет корпусым тычӀигъэхьагъ, тыригъэджагъ, ынаӀэ къыттырыгъэтыгъ. Джы урысые пачъыхьэшхом тыризабыт, ари хэсэгъэкӀыжьышъ, тхьэм илӀыкӀо цыхьэ къытфишӀи, ищыӀэныгъэ тӀэ къырилъхьагъ, тызфаер къытфешӀэ, къыткъогушхукӀы, тыриухъумакӀу. Польшэм тыщызэофэ ынаӀэ къыттыригъэтыгъ, зетхьэгъэ лӀыгъэр зыщигъэгъупшагъэп. ЗэрэхъурэмкӀэ, аущтэу тегупшысэн хъумэ, хьаулыеу тызэуагъ, тидзэкӀолӀхэри чӀэтынагъэх. Тиюнкер-поручикыцӀэхэри, тизабыт тэмэтелъ Ӏэтыгъэхэри, тибгъэхэлъ тынхэри, тиуӀагъэхэри хьаулыех... Къэбэртаехэр Ермоловым пэуцужьынхэ фэягъэп, полякмэ къяхъулӀагъэр ахэми къащышӀыгъ.

Сыхьатныкъок|Ӏэ узэкӀэӀэбэжьымэ, гъогууанэм къытекӀыжьи, пшъыгъэу, зыми фэмыежьэу пӀэм зыхэзыдзэжьыгъэ Хъан-Джэрые ынитӀу кӀымэфэ унэ мэзахэм къыщыхэлыдыкӀыщтыгъэ нахь, нэпӀэефэх иӀагъэп. Зигъэрэхьатыжьынышъ, ыгукӀи ышъхьэкӀи зигъэпсэфынэу къэкӀощт мэфэ мамырым къыхэтэджэжьыным ычӀыпӀэкӀэ, игупшысэ зэпэчъэ-зэпеомэ упчӀэ шъхьэгъэузхэр къахэтэджыкӀых. ИлъэситӀукӀэ узэкӀэӀэбэжьмэ, зэмыжэгъэ Ӏоф хэзыдзэгъэгъэ хъымыщые пщы-оркъ хасэр ынэгу къыкӀэуцожьыгъ, Паскевичми Бенкендорфи къыраӀогъагъэхэр ыгу къэкӀыжьых, ынапӀэ зэтырилъхьэми зэтырихыми щымыгъупшэу ылъэгъуущтыгъэр Шъэуае инэплъэгъу, хасэм иззэдемыгъэштакӀ. ЛъэустэнхьаблэкъыфыратхыкӀыщтыгъэ къэбармэ джы нэмыкӀ еплъыкӀэ ахелъагъо, ахэмэ джэуап

аритыжьынэу зыригъажьэкlэ, зэмыжэгъэ упчlэхэр ыпашъхьэ къеуцох.

«Нэгумэ Шорэ ыlохэрэр щыбгъэзыяпэхэ хъущтэп, ахэмэ шъыпкъэ гори ахэлъынкlи мэхъу...– Хъан-Джэрые зэушъыижьы, етlанэ ошlэ-дэмышlэу кlэгубжыхьажьы: – пцlыми шъыпкъэ хэлъ, шъыпкъэми нэпцlыгъэ тlэкlуи хэзэгъэн ылъэкlыщт, узэрегупшысэрэм, узэреплъырэм, узэрэгоуцорэ шlыкlэм елъытыгъ. Къэбэртэе адыгэхэмрэ талъэныкъо адыгэхэмрэ зэфэдэхэп нанэ зэриlорэр тэрэз. Сыда чыжьэу узыкlэlэбэжьыщтыр, Азэмэт-Джэрыерэ сэрырэ зы лъэныкъо тыкъикlыгъэми, тазыфагу дэлъын фэе зэгурыlоныгъэр тlэкlу-тlэкlузэ зэшъхьащэкlоты. Тэ тпкъы къимыкlэу илъэс псаум тlо гощыгъэгъэ къушъхьэчlэс полуэскадроныр зызэхэтэщэжьым тыгушlогъагъ шъхьакlэ, тызэрэмыгугъэгъэ lаджи къытхэфагъ, зы зэо гъогу тытетыгъэми, зилlыгъэ нахьыбэрэ раlогъэ-рамыlогъэ lор къытхэкlошъагъ. Азэмэт-Джэрые зипэщэгъэ шыу купыр нахь макlэрэ зэо чlыпlэмэ арыфагъэмэ, афыхахыгъэгъэ гъогур ары нахь, тэрэп зилажьэр. Тэри, мары, Варшавэ зыштагъэмэ тахэтыгъэп, ащ пае хэгъэгу тыни къытатыгъэп... Арэп, а мафэм къисыдзэгъагъэп шъхьакlэ, Пэдыс Мэмэт Нэгумэ Шорэ сыда зыкlыдырыгъэштэгъагъэр? Тыкъыздикlыжьыгъэм зызэрэщашlыгъэм фэдэу талъэныкъокlи зыщашlынэу мэщынэшъ ара?.. Ар хъухэнэу щытэп, зэзэгъынхэ фае нахь, сыдрэ зауи, тыздэщыlэгъэ Польшэри зэрахэтэу, шlу къыхьырэп, егъэшlэрэ тхьамыкlагъор хэтрэ цlыф лъэпкъи решlылlэ. Полякхэр типачъыхьэкlэ згъэхыехэу арэп, лажьэ лъымыхъущтыгъэхэмэ, зыкъаlэтын фэягъэп... Хьау, хьау, адыгэмэ ар ядгъашlэ хъущтэп!

Адэ сыд ашlэщтыр, сыд яхэкlыпlэщтыр? – Нэмыкl ошlэ-дэмышlэ упчlэ Хъан-Джэрые ыбгъэгу къыдэджыкlыгъ, етlанэ щымыгъупшэщтыгъэ гупшысэр джэуап фэхъугъ: – талъэныкъо хъымыщые пщы-оркъхэми сыкъаушъхьакlугъагъ нахь мышlэми, гъусэ сызфэхъугъэмэ къысфамыдэгъагъэми, адыгэ шъолъырым пащэ ищыкlагъ. Ащ иадыгэгурэ, игулъытэрэ, изэхэшlыкlырэ елъытыгъэщт зыздигъэзэщт лъэныкъор. «Ори уищыкlагъэп, тэри тищыкlагъэп» Паскевичымрэ Бенкендорфрэ къызэдаlозэ, сыкъызэхашlыкlыгъэп нахь, сэркlэ зыдэзгъэзэщт лъэныкъом сыкlэупчlэжьынэу, сегупшысэжьынэу щытэп. Зыгорэкlэ адыгэхэр къемышlухэмэ?.. Хэкlыпlэ зимыlэ щыlэп тяти Мэрчани аlощтыгъ, Шъэуай нэмыlэмэ, а гущыlэр ыжэ дэкlырэп, нани ащ ренэу дырегъаштэ, сяни, Сисури гушlоштых, Къаймэт шъхьэр дыригъэзэкlмэ, Хьадж-Къэсэй щхыпцlыщт, хэт ыlори ышlэри ежь зэрэфаеу Адыл-Джэрый къыкlэзыlотыкlыжьыщтыр, зи къызхэзымыгъэщыщтыр Сахьид-Джэрый. Сыд шъуlуа ахэмэ якъэбар?» – Хъан-Джэрые игуапэу гум къыфихьагъэмэ акlэупчlагъ, зырызэу ынэгу щызэблэкlы шlошlызэ, гупшысэ lэшlумэ хагъэчъыягъ.

Хъан-Джэрые пкlыхьапlэ елъэгъу. Зыдэщыlэр мыры ыlонэу къыгурыlорэп, хэчъыеным ыпэкlэ зыгъэгумэкlыгъэхэр зэхэпхъэгъэ-зэхэкlокlагъэу ипкlыхьэ къыхэтаджэх. Азэмэт-Джэрые итэмэтелъхэр лыдыхэу ыпашъхьэ ит, егыи, еубзэ, еlушъашъэ, зыкъызэрэфишlырэм ыгу еlурэп, филъынэу зытlо-зыщэ зытырещае шъхьакlэ, зеlажэ. Къушъхьэчlэс лъэпкъ зэхэтэкъогъэ полуэскадроным ипащэ зышlокlодырэм, Хъан-Джэрые лъэсэу, сэшхо къихыгъэкlэ поляк шыу пчъагъэм жэхэт, шыуитфыр къыриутэхыгъэми, яхэнэрэр, сыд мыщ нэс зэокlо-укlакlо укъызфэкlуагъэр къыриlозэ, къырефэкlы, ыукlырэп, къэптанри, джанэри, паlори зыкlыщымыгъыжьыр къыгурыlорэп – тхыцlэ пцlанэм къамыщ огъур теджэгукlы, шыбгъэкlэ реуты, къызщэпшыжьы... Нэгумэ Шорэ къеджэ, Къудайнэт Олджэрыкъо къекуо, макъэхэр къыздиlукlырэ лъэныкъохэр къыгурыlорэп, чъэм хэтэу псыхъо горэм хэпкlэ, псыормэ зарымыгъэхьэу адрэ нэпкъым зесылlэкlэ, Шорэрэ Олджэрыкъорэ къышъхьащытхэу «уимычlыгу уимыхьанэу, ущымызэонэу къыотlогъагъэба» къыраlозэ, аlэ къыфащэиным ычlыпlэкlэ къыдэхьащхых. «Талъэныкъокlэ сыд укъэзыхьыгъэр» Шорэ зыщыриlощтым, Забруйнэ къэзэкъыр а чlыпlэм къыхэтэджыкlы. Олджэрыкъуи lокlодыкlышъ, Капустенкэ Игнат сэшхо ихыгъэкlэ къыхэуцукlы, къеонэу зыкъытырещае. Азэмэт-Джэрые полковникри къыlощхыпцlэ нахь, lэпыlэгъу къыфэхъурэп. Псым зызщычlигъэожьыщтым, хъымыщые пщы-оркъ хасэу зилъэlу зэкlэзыхьажьыгъэмэ, Занэ Сэфэрбый, Тыгъужъыкъо Къызбэчи, Щырыхъукъо Тыгъужьи, Абэтэ Бэслъыный, шышъхьэ зышlот Хьаджэмыкъо Батмызэ Пэшъукъ тесэу, ащ ишыкlэ Бамбэт ыкъудыйзэ, псыхъо нэпкъым къытезэрэгъэтэкъуагъэх – а пстэуми Мэрчанэрэ Шъэуаерэ ахимы-

лъагъощтыгъэми, «укъямыкІуалІ, къэзэкъыбгъумкІэ исыкІыжь» къызэрэраІощтыгъэр зэхихызэ, псым зычІигъэожьыгъ. Псыр ыжэ диз хъумэ, дикІыкІыжьызэ, мэкуо: «Джы къызгурэІо Паскевичымрэ Бенкендорфрэ сызэрагъэпцІагъэр... Хъымыщые пщы-оркъхэри нэпэнчъэх, лІыгъи, шъыпкъагъи яІэжьэп! СишІошІ пачъыхьэм рахьылІагъэп, гурагъэІуагъэп. Шъыпкъэ зыфысиІэ пачъыхьэм дэжь сыкІощт, сетхьаусхылІэщт. Адыгэхэм сахэкІыжьэу тэ сыкІон, пачъыхьэм тыкъызэхишІыкІыщт!..»

Гопэгъу гуІэм зэрихьэу Хъан-Джэрые зызэпыригъэзагъ, псыхъом къызэпырэсыкІыжьы шІошІызэ, пщы пшъэшъэ унэ горэм зырилъэгъожьыгъ, Шъэуаий, Пэшъукъи, Бамбэти къыдис фэдэх, Хьасан-пашэм яхьщырэу нэмыкІ лІы пщэри жантІэм дэс, ежьыри Іэсэ-Іасэу, зэрэфэпсэлъыхъохэри къаригъашІэу, пчъэм пэблагъэу щыс. Зэпсэлъыхъохэрэр адыгэми, урысми къыгурыІорэп — зэщымыщ щыгъынкІэ фэпагъэ. Сэмэгубгъур зэкІэ, ыпшъэ щегъэжьагъэу ылъакъо щыкІэкІыжьэу адыгэ шъуаш, адрэ лъэныкъор шэкІ фыжь зэбгырыплъым хэшІыкІыгъэ къэзэкъ джан. КІэмгуе нэс зыфэкІуагъэхэр Болэтыкъопщым ипшъэшъэ гъэшІуагъэмэ, сыда чыристан къащыр тыжьын пшъэхъум пылъэу ыбгъэ къызфыдэщырэр?.. Бгъэ ихыгъэкІэ паІо зыщыгъмэ апашъхьэ уисыныр емыкІу... Зэ, зэ, хэта мыр? Анфиска сэІо... Е Невэ Іушъо пхъатэ сыщыпэзымыхьыгъэгъэ Татьянэмэ сшІэрэп? У Анфиска, хьауми у Татьяна? «Тлъэпкъ щымыщ уемыпсэлъыхъонэу, къэмыщэнэу тІуагъэба!..» — Къэнтатэ ымэкъэ гумэкІ, къыздиІукІырэр ымышІэу, Хъан-Джэрые къызылъыІэсыкІэ, пкІантІэр зэрикІыхэу, щтэгъэ нэгукІэ къэуцы, зыхэтыгъэри, къехъулІагъэри къыгурымыІоу, ынэмэ акІэбэнэжьызэ, къызэшІотІысхьэ. ЗыкъызишІэжьыкІэ, нэмыкІ дунэе зэхэлъэшъуагъэм къыхэкІыжьыгъэу мэгушІо.

Тыгъоспчыхьэ нэс гъогу хьылъэу къакІугъэм Хъан-Джэрые хэпшъыхьагъэу, джыри гъэпсэфыгъо имыфэгъагъэми, ащ нахьыбэрэ пІэм хэлъыжьыным фэягъэп. Остыгъэр хигъэнагъ, сыхьатыр хы хъугъэ ныІэп. Петербург кІымэфэ пчэдыжьымкІэ джыри жьыгъэ, ау дзэм къулыкъу щызыхьырэ забытымкІэ къэтэджыжьыгъо охътагъ. Нычэпэ полуэскадроныр гъогу къытекІыжьыгъэти, щэджагъо нэс дзэкІоІмэ загъэпсэфынэу унашъо щыІагъ.



Мэрчан аталыкъыр ары пІонэу, ІитІур ыкІыбыкІэ щагъэу Хъан-Джэрые унэ джэхэшъогур рекІукІы, пкІыхьапІэр фызэхэфыжьырэп. ЗэкІэ ынэгу кІэт, къыраІуагъи зэхихыгъи ытхьакІумэ ит фэд, ау уасэ ритынэу ынэгу кІэкІыгъэм щыщ гори къышІэжьырэп.

Гъогум тызэрэтепшъыхьагъэр арыщтын, Хъан-Джэрые ежь-ежьырэу зэушъыижьы, пкІыхьапІэ мышъомылмэ сахэзгъэтыгъэр... Къин плъэгъоу, узыпшъыкІэ, ащ фэдэ пкІыхьапІэхэри плъэгъущтых. Цури зыпшъыкІэ, лъэгонджэмышъхьэкІэ зэхэфэ, тишыкушхэми ар ятлъэгъулІагъ, цыхагъэ дзэкІолІмэ къызхагъэфагъэп. Ари лІыгъэ, тхьэегъэпсэух, типачъыхьэ ыпашъхьэ тыкъыщаушъхьакІугъэп, тызигъусэгъэ къэзэкъмэ ащыщ гори къызкІэдгъэнэкІагъэп. Ары шъхьакІэ, «гум илъ гумэкІыр, бэ шІэн, макІэ шІэн, пкІыхьапІэ горэм къыкІиІотыкІыжьыщт» — нанэ ыІощтыгъ. ЗэрэхъурэмкІэ, илъэс заулэм сызхэтыгъэ гумэкІыр нычэпэ къыстебэнэжьыгъ. Сыда ащ фэІуагъэр? ЗыгорэкІэ Польшэм гунахь...— Шъхьэм къыфечъэгъэ ошІэ-дэмышІэ упчІэм джэхэшъо гузэгум Хъан-Джэрые зыщырыригъэтІагъ, ау ушъхьагъу псынкІэкІэ зиухыижьыгъ: — уихэгъэгу, уипачъыхьэ уафэзаокІэ, ар гунахь хъуна! Сыда Болэтыкъомэ адэжь Анфиски зыфисыгъэр?.. Болэтыкъомэ япщы пшъашъи нэІуасэ сызфэмыхъугъэ Татьянэ ынэгу пагэкІэ сыда къызкІысІуплъэщтыгъэр?.. А пстэуми типачъыхьэ ахэтыжьыгъ нахь!..— Хъан-Джэрые гукІэ зэупчІыжьи, щхыжьыгъэ.

Ащ нахьыбэрэ унэм исыжьыным фэмыеу полуэскадроным иштаб Хъан-Джэрые епэсэкІэу кІуагъэ, Азэмэт-Джэрыий къэкІогъахэу къычІэкІыгъ.

— Сыд, ротмистр, сиІофтабгэ уигъэчъыягъэп, забыт пІэ фабэм укъыхилъэшъугъ ара? — Іофы зыримыгъэшІ фэдэу, къызэрэримыдзэри къыфыхигъэщэу Азэмэт-Джэрые урысыбзэкІэ къеупчІыгъ.

— Іофтабгэр слъэгъугъэп, сэр-сэрэу сыкъэкІуагъ,— Хъан-Джэрые урысыбзэкІэ риІожьи, адыгабзэкІэ еупчІыгъ:

— Шъыд пчэдыжь нэфмышъым, гумэкІыгъо горэ къытхэхъуахьыгъа? Муары Хъут ефэндыри, Туганов поручикри къэкІох.

— Ор-орэу укъэкІуагъ, ара?..— Нэ плъыжьхэр Азэмэт-Джэрые къыпхъотагъ, иурысыбзи текІыгъэп.— Ащыгъум, ротмистр, зыми ущымыгъуазэу зыкъысфэмышІ.

– Угубжын ищыкӀагъэп, Азэмэт-Джэрый, зытетыр къыосэӀо.

– ИмыщыкӀагъэр уиадыгабз, ротмистр! – Джыри нахь къыфыкӀигъэтхъэу урысыбзэкӀэ къыфидзыжьыгъ.– Нэгумэ юнкерымрэ орырэ шъуиадыгабзэ делэ шъуехъулӀагъ. Урысыбзэр дзэкӀолӀмэ, кадет ныбжьыкӀэмэ яжъугъашӀ, шъори ащкӀэ шъуӀазэу, шъушӀэщтыр шъушӀэгъахэу къызшӀошъумыгъэшӀ. Ар зы. Къезгъэжьэгъахэмэ, нэмыкӀи къыосӀощт. Сэры Кавказ-Къушъхьэ полуэскадроным ипащэр. О уизакъоп, узипэщэгъэ шыу куп закъор арэп Польшэм щызэуагъэр, сэ сишыу купи ащ щыармэугъэп. Варшавэ зэраштагъэм изакъоми... Ащ игынгъозымэ о уемэ акӀэогъахэп. Ташъхьагъ итмэ ащыщхэр къыпӀущхыпцӀэхэкӀэ, узышӀомышӀыжь, имыщыкӀагъэу уахэмылъад, щытхъу лые къызфямыгъэшӀ. Сэ, полуэскадроным ипащэ, зышъхьэ къысфырамыхыгъэр о ренэу, непэ фэдэу, акӀэошӀыкӀы!

– Зиусхьан, полковник, симылажьэ къыстеолъхьэ,– зэхихыгъэм Хъан-Джэрые урысыбзэкӀэ джы къыӀуригъэтхъыгъ,– сизабыт намыс укъырэджэгу, оулъэгу!

Кавказ-Къушъхьэ полуэскадроным ипащэмэ ягущыӀэ зэфэмышӀу Ӏэтыгъэ унэм къихьэгъэ Хъутымрэ Тугановымрэ зэпагъэугъ, зи азыфагу къимыхъухьэгъахэ фэдэу Азэмэт-Джэрые къыӀуагъ:

– ШъукъэтӀыс, зиусхьанхэр. Шъукъызфэсщагъэр, моу джыдэдэм,– Хъан-Джэрые дэжькӀэ полковникыр еплъэкӀыгъ,– къысфаӀопщыгъэти, къышъулъызгъэкӀуагъэх. Тыгъоспчыхьэ кӀасэу тыкъызэрэсыжьыгъэм изэраркӀэ зи Конвой тыхэт типачъыхьэшхо шӀуфэсыжь гущыӀэ къытфишӀынэу фифагъэпышъ, Конвой Унаем ипщэ Орлов флигель-адъютант полковникым Петербург ахъшамым тыкъызэрэмысыжьышъуущтыр есӀогъагъ шъхьакӀэ, къысфидэгъагъэп, непэ сыхьатыр 14-м теугъои. Сыхьатыр 13-м ехъулӀэу, дзэкӀолӀхэр шъошэ хьафыбгэхэмкӀэ фэпагъэхэу, щэнчъэ шхончхэр, кӀэрахъохэр аголъэу, якъэмэ-сэшхо-бгырыпхыхэр гъэлыдыжьыгъэхэу алъэ тетынхэ фае. Къышъуфэзгъэуцугъэ пшъэрылъыр къыжъугурыӀуагъэмэ, щытхъу хэлъэу пачъыхьэм ишӀуфэс тызэрэпэгъокӀыщтым джыдэдэм ыуж шъуихь, зэкӀэми шъушъхьэфит. О штабс-ротмистр,– Хъан-Джэрые ыцӀэ къыримыӀоу лъыджэжьыгъ,– дзэкӀолӀмэ, юнкермэ, корнетмэ «яура» джэуап макъэ зэрэчаныщтымрэ шыумэ ясатыр зэкӀэлъыкӀуакӀэ зэрэзэнкӀэщтымрэ уафэсэгъазэ. Щэ зэрыкӀыщт Ӏашэ пэпчъ ууплъэкӀунэу пшъэ къисэлъхьэ. Сыхьатыр 13 мыхъузэ, сшъхьэкӀэ полуэскадроныр сыуплъэкӀущт, шъуизабыт ӀофшӀэни зэрэжъугъэцакӀэрэм уасэ фэсшӀыщт.

«КъушъхьэчӀэс полуэскадрон гощыгъагъэр зыщызэхэдгъэхьажьыгъэгъэ мафэм щегъэжьагъэу, гъогум тытетыфи, непи, тыгъопчыхьи сыд сэӀо мыщ къехъулӀагъэр?..» – Хъан-Джэрые ыӀозэ, зыуж къинэгъэгъэ забытитӀумэ унэм алъикӀыжьыгъ.

Зытыраубытэгъэ пӀалъэм ехъулӀэу Кавказ-Къушъхьэ полуэскадроныр хьазырэу агъэнэфэгъэ чӀыпӀэм сатыр-сатырэу щызэхэт, щыгъын хьафыбгэхэмкӀэ гъэкӀэрэкӀагъэх – пэӀо шыгу шхъонтӀэ мылъагэхэр ащыгъ. Хьазыр Ӏупэф пшӀыкӀухыр ирый-ирыеу пэӀо шыгур зишъогъу къэптаныбгъэмэ къатещы, тыжьын бгырыпх бгъузэмэ тыжьын блэрхэр абгъукӀэ къапыщхэу, бгы псыгъохэр зэпафызыкӀых, къэмэ-кӀэрэхъо-сэшхохэр лыекӀэ узэрамыгъэплъэу аголъ, онэ-шхомлэкӀэ-нахътэкӀэ шыхэр тегъэпсыхьагъэх.

КӀымэфэ тыгъэ мыфабэр пщэф пӀуакӀэмэ заримыгъэубытэу ошъогум къеплъыхы. Таракановскэ псыхъожъыем пэӀулъэшъогъэ шъофым шъхьащылъ ос щтыгъэр пцэжъыяшъо зыригъэшӀэу зэпэлыдыжьы. ДзэкӀолӀ Ӏашэхэри, шыуш шъуашэхэри щэджэгъо жьы чъыӀэ макӀэм зэтырегъэжъыукӀых. Псыхъо щтыгъэм дэгу-псыгу зишӀыгъэу, сигъунджэ шъукъиплъэрэп ыӀомэ гыезэ, адыкӀэ, мэз шӀуцӀэ нэпкъ мылъагэмкӀэ, ӀокӀоты.

Шы пырхъ макъэрэ цӀыф-шы пэхъэ фабэрэ зышъхьащыт полуэскадроным къэзэкъ шыухэр къызэшӀэкӀыгъэхэу къэлъэгъогъэ пачъыхьэшхом зыфырищыгъ. Апэрэ Николай пачъыхьэр пцӀэгъоплъитӀу зыкӀэшӀэгъэ каретэ шъхьэ техыгъэм къикӀыгъ, къыфыӀуащэгъэ шы шхъуантӀэм ешэсыгъ, лъэбэкъу зытфы-зых азыфагоу шыу заули, Бенкендорф графри зыхэтмэ шыбгъэкӀэ нахь къахэщэу, ыкӀыбкӀэ къыдэуцуагъэх.

Урысые пачъыхьэшхор Хъан-Джэрые имыщыпэлъэгъугъэми, къыухъумэрэм, зыфэшъыпкъэм зыӀуплъэкӀэ, сыдигъуи зэрэхъу хабзэу, ыгу ыбгъэ къитӀыргукӀыгъ, ау фыриӀэ шӀулъэгъу мэхагъэр пытэгъэ-ӀэжагъэкӀэ фызэблихъун

ылъэкIыгъ. Конвой гъэпсыкIэ-зэхэтыкIэм къызэриIоу, Азэмэт-Джэрые полковникыр лъэбэкъуитфыкIэ ыпэ зэритыр ымылъэгъужьыщтыгъэми, пчэдыжь къыфидзыгъэ гущыIэ дысмэ анэсыжьэу зэхишIэщтыгъэ.

– Здравствуйте, кавказцы, горцы-молодцы! – Апэрэ Николай ипачъыхьэгъэ кIуачIэ зыдишIэжьэу, мэкъэ Iужъу гъэтIылъыгъэкIэ къяджагъ.

– Здравья желаем, Ваше Императорское Величество! Ура! Ура! Ура! – Щэгъогогъу зэдегъэштэ макъэми ошъо чIэгъым зыщипхъотагъ.

– С прибытием, мои горцы-Конвойцы,– фэбагъэ зыхэлъ макъэкIэ пачъыхьэм къыIуагъ,– с благополучным возвращением домой. Мы довольны вашей службой, вы оправдали вашу верность, преданность Российскому престолу, Его Императорскому Величеству в борьбе против польских мятежников. Вы проявили отвагу, мужество, героизм там, на дальних рубежах нашей Российской Державы. Ваши ратные подвиги нами отмечены, и впредь будут они по-доброму отмечаться нашим царским словом и делом. Слава горцам-кавказцам, моим Конвойцам. Вечная память павшим за Великую державу!

«Ура» зэдаштэм джыри щэгъогогъу шъофыр къызэлъигъэджагъ. Урысые пачъыхьэм ишIуфэс ащ зэрэщиухыгъэмкIэ сырынапщэмэ макъэ къагъэIугъ, къушъхьэчIэс полуэскадрон шыухэр къебгъукIофэкIэ, ынэ шхъонтIэ чъыIэхэр мыущакоу пачъыхьэр яплъыгъ. Зыщытхъугъэ цIыф лъэпкъ зэфэшъхьафхэр къыздыращыгъэ Темыр КавказымкIэ Урысые пачъыхьэр гукIэ зэрэщыIагъэм, иIофхэр Адыгэ шъолъырым къызэрэщимыкIырэм зэригъапэрэм, ыкIыб дэт Бенкендорф графыр хэбгъэкIыжьмэ, джыдэдэм цIыф щыгъозагъэп.

– Тэ щыI, адэ, Александр Христофорович, уи Хъан-Джэрые? – Пачъыхьэр шым къепсыхыжьи, икаретэ итIысхьажьызэ еупчIыгъ.

– Хъан-Джэрые ротмистрэм псынкIэу шъукъедж,– пачъыхьэр игъогу техьажьыфэ Конвоир къызщыуцугъэ чIыпIэмкIэ Бенкендорф графыр плъэзэ, унашъо аритыгъ.

Ардэдэм Хъан-Джэрые пачъыхьэм дэжь къэсыгъ, пкъыищыгъэ псыгъом ыIитIу гогъэпкIагъэу, игумэкIи зыдэхъужьыгъэр ымышIэу къыIуагъ:



– Урысые пачъыхьагъум изиусхьанышху, уиIизын хэлъэу Кавказ-Къушъхьэ полуэскадроным иштабс-ротмистрэу СултIан Хъан-Джэрый.

– Ора Хъан-Джэрые лIыхъужъыр? – Императорым ыIэ къыфищэигъ, Хъан-Джэрые ыIупшIэ фабэхэр пачъыхьэм ыIэмэ анигъэси, зэрэщытыгъэу зыритIэжьыгъ,– мыщ фэдэу уныбжьыкI, укIэлэ зэкIу Iоу сшIагъэп. Илъэс тхьапш уныбжь, ротмистр?

– Илъэс тIокIырэ тфырэм сит, зиусхьанышху.

– УныбжьыкIэми, пкIышъо уIэгъищ зэрэтелъыр шъыпкъа, ротмистр?

– Ары, зиусхьанышху,– къыраIорэм рыукIытэу Хъан-Джэрые ышъхьэ риуфэхыгъ.

– Щытхъугъ, ар щытхъугъ! – Пачъыхьэм ыIуи, Бенкендорф еупчIыгъ: – Орба, Александр Христофорович, мыщ перс, тырку заохэм лIыгъэ ащызэрихьагъэу къысэзыIуагъэр?

– Ары, зиусхьанышху. А заохэми тын лъапIэхэр къащихьыгъ.

– Хъан-Джэрые ротмистрэр Урысые хэгъэгум зэрэфэшъыпкъэр илIыхъужъыгъэкIи, иуIагъэхэмкIи къыгъэлъэгъуагъ. Станислав шыихъым иящэнэрэ орден Хъан-Джэрые штабс-ротмистрэм фэшъуаш. Ащ пае ищыкIыгъэщт лъэIур къэбгъэхьазырынэу, Александр Христофорович, ппшъэ къисэлъхьэ. Зигъэпсэфынэу, иуIагъэхэри ыгъэхъужьынэу мазэкIэ ядэжь жъугъэкIожь. ХъяркIэ, ротмистр, Тхьэм ынэшIу къыпщеф, укъеухъум,– пачъыхьэ каретэр гъогу техьажьыгъ, къэзэкъ шыу ухъумакIохэр ыпэ ишъыгъэх, ыужи илъэдагъэх.

Кавказ-Къушъхьэ полуэскадроныр иуцупIэ къэсыжьыфэ, пачъыхьэм дэжь Хъан-Джэрые зыфащэгъагъэмкIэ Азэмэт-Джэрые къеупчIыгъэп, ау зыщызэбгъодэкIыжьыщтхэр къэблагъэ зэхъум, сыд фэдэу къехьылъэкIыщтыгъэми, адыгабзэкIэ къеупчIыгъ:

– Адэ, ротмистр, пачъыхьэр къызфыоджэгъагъэмкIэ зи къапIорэпи?

– УкъэмыупчIэу сыд къыоIощт, полковник,– Хъан-Джэрые щхыпцIызэ, урысыбзэкIэ риIожьыгъ, гугъу фемылIыхэу къызэреупчIыгъэм фэдэу пигъэхъожьыгъ: –

КъыскIэупчIагъ… Мэзэ гъэпсэфыгъо тадэжь сыкIожьынэу, къысаригъэтыгъ,– орденым икъэбар ыушъэфыгъ.

– Ы-ы?..– Азэмэт-Джэрые иш къызэтыригъэуцо-къызэтыримыгъэуцуашъоу зэхихыгъэр ыгъэшIэгъуагъ, щхыпцIыгъэ,– ащыгъум, сIо-сымыIоми, унасыпышIокIэ арэп, узфаер зэкIэ къыбдэхъу…– Полковникыр дысэу шым жэдэуагъ, хигъэкIорыкIыгъ.

## VI

Гъогууанэ утет зыхъукIэ, каретэ шъабэм ищэрэхъ къечъэкIмэ, шы лъэбжъэ макъэмэ, чэщ-мэфэ зэблэхъум гупшысэу макIэп шъхьэм къырагъэтаджэрэр. Пачъыхьэ Iофыр пстэуми къазыхэхьажьырэм, сыд ихьылъэгъэ-псынкIагъэми, щыIакIэр IэшIу, ныбжьыкIэгум зепхъуатэ.

Хъан-Джэрые къыратыгъэ гъэпсэфыгъо мазэм ошIэ-дэмышIагъэ хэлъыгъэми, ежь-ежьырэу къежьэгъэ Iофыгъэп. Пачъыхьэм фыриIэ шъыпкъагъэр, дзэ къулыкъу къиным ипкIэнтIэпс, иуIагъэхэм апай къыфашIагъэр къызпкъырыкIыгъэр нахь, шIоигъор къыздигъэхъоу Азэмэт-Джэрые къыфидзыгъэгъэ гущыIэ дыджым кIоцIилъхьагъэр арэп.

Сыгу къыуабгъэрэп, Азэмэт-Джэрый, каретэ макъэм кIэдэIукIызэ, Хъан-Джэрые ыIуагъ, симыхьакъ къыстеолъ-хьэмэ, сигунахь къэпхьын, сэ тхьэ нахь сымышIэу пачъыхьэм къулыкъу фэсэшIэ. Ори ащ уфэмышъыпкъэу сIорэп. Илъэс пчъагъэ хъугъэшъ, ибыракъ учIэт, иIорэ ишIэрэ пхэлъ, урицыхьэшIэгъу. ТитIо тизакъоп, Темыр Кавказым ицIыф лъэпкъ зэфэшъхьафмэ ялIыкIо дзэкIолIхэу тIэмычIэ къыралъхьагъэхэри ары. Ахэри тэщ фэдэх, егъэзыгъэ IофкIэ Урысые пачъыхьэм иухъумакIо хъугъэхэп, зыми лIыгъэкIэ урыс тэмэтелъ атырилъхьагъэп, тыздэщыIэгъэ полякмэ аригъэзэуагъэп… Ар шъыпкъэ, ау етIани… Тышъуфаеп зыIогъэ лъэпкъым уIэшыгъэ кIуачIэкIэ текIугъагъ…

Чылэгъо тегъэстыкIыгъэхэр, къэлэ зэхэкъутагъэхэр, урамымэ ателъ хьадэхэр, топыIу зэготхъыгъэхэр, шы укIыгъэ пщыгъэхэр Хъан-Джэрые ынэгу къыкIэтэджэжьыгъэх, къушъхьэчIэс полуэскадроным ыпашъхьэ пачъыхьэм къыщишIыгъэгъэ шIуфэсыжь гущыIэр ащ къызыкIыхэхьажьыри къыгурымыIоу, игупшысэмэ ошIэ-дэмышIэу къахэужьыгъ. Ардэдэм Польшэм къыщызэпаутыгъэгъэ цэгэнэлъэ сэмэгур зэхыригъашIэу къыхэузыкIыгъ. Шыкуаоми ащ къыхигъэхъожьыгъ:

– Сыд, поляк нэгух, шъукъызбгырыоу къышъохъулIагъэр! – ШхомлэкIэ къудыигъэр IитIукIэ зыIыгъ къэзэкъ жэкIэ-пэкIэ шIуцIэу зыIуагъэм ыплIэIу иплъыхьэзэ, Хъан-Джэрые щхыпцIыгъэ.– Мыхэри шляхтич шъхьэфитмэ яхъуапсэх…

«Зэхэпхыгъа? – ежь-ежьырэу Хъан-Джэрые зэупчIыжьыгъ.– Шыкуаори Польшэм къихъухьагъэм егъэгумэкIы, ыгу ымыдэрэр шымэ атырекъутэ… Хьау, хьау, тшIагъэр тэрэза-мытэрэза пIоу пшъхьэ къибгъэхьаныр емыкIу. Хэгъэгур зэтезыутын, зэщызыгъэкъон зихьисапымэ сыдэущтэу уадэзекIуагъэми яфэшъуаш, гунахь хэлъэп. АщкIэ пачъыхьэм къытиIуагъэмэ адесэгъаштэ. Зымафэ, гъогу сыкъытехьаным ыпэкIэ, Александр Христофоровичым фэсакъыпэзэ къызэрэсиIокIыгъэу, Адыгэ шъолъырым тихьащт пачъыхьэм ыIомэ? Полякмэ тазэрэдэзекIуагъэу силъэпкъэгъумэ тадэзекIонэу унашъо къышIмэ? Ардэдэу адыгэхэми зашIынэп, пачъыхьэри зыгорэм къыубытын, къушъхьэчIэс полуэскадроным идзэкIолIмэ яшIушIагъэ изакъоми, зыщыщ лъэпкъмэ Iашэр афыригъэIэтыжьынэп…» Хъан-Джэрые ежь-ежьырэу иупчIэ-джэуапмэ адэхьащ хыжьызэ щхыпцIыгъэ, тегупшысыкIы шIоигъоу шыкуаом еупчIыгъ:

– Сыда, къэзэкъ-къонакъ, уишыхэр полякмэ закIыпэпшIыгъэхэр? Ахэмэ сыд къыуашIэн, Дон пэчыжьэх.

– Ары, зиусхьан-забыт, Ростови, НовоЧеркасски, Таганроги ялъыгыгъэмэ, Польшэр чыжьэ, мыдрэхэри благъэхэп, ау ахэри, Петербурги, Ковни, Азови, Варшави, Измаили, Екатеринодари, Ставрополи, Тифлиси, Эривани Урысыеышхом ичIыгух, тлъи, типкIантIи ахэлъ, тифэхыгъэмэ якъэхэри ащыIэх.

– Ахэр о сыдым уигъэшIэра?

– Сэ сыкъэзэкъ, штабс-ротмистр,– зэрэкъэзэкъыр игуапэу шыкуаом къыIуагъ,– Урысые хэгъэгушхом сыриухъумакIу! Ахэр сымышIэхэмэ, хьаулыеу дунаим сытет. Ау Польшэм, поляк нэIуагъэхэмкIэ сыкъэзэкъ шъхьэнэкIыгъ, сисэшхо улъыигъагъ сIон слъэкIыщтэп. Тэ ахэмэ тызэрэмыцакор агурыдгъэIуагъ, акIыб дэт Европэми зэхедгъэшыкIыгъ. Уитэмэтелъ кIэпсмэ сяплъыжьъ, ротмистр, угу

къысэмыгъабгъ, Польшэ лъэныкъом ущымыIагъэкIэ сэгугъэ. ЕмыкIу сфэмылъэгъу, синахьыжъыгъэ елъытыгъэу къэсэIо, кавказ пщы бай горэм урикъокIэ сэгугъэ. Ущэщэна, уосетина? Темыр Кавказым шъощ фэдэ цIыф лъэпкъ Iэджи шым утесми, улъэсми уялъэпаоу ис... Ау сэ черкесмэ сащыгъуаз, сисэшхуи мымакIэу Пшызэ нэпкъ джабгъуи, сэмэгуи къащиспхъотыгъ. Полякмэ ятшIэгъэ дэдэр ахэмэ ятымышIагъэми, бэрэ зядгъэшIэжьэу къыхэкIыгъ...

– ЗэрэхъурэмкIэ,– Хъан-Джэрые къыхихэу, ау зиIажэу къыIуагъ,– Польшэм ущызэуагъ... Хэт идз узыхэтыгъэр?

– Сызипхъорэлъф Власов генералым икъэзэкъ эскадрон сыхэтыгъ. Ущэщэнмэ е учеркесмэ, Михаил Григорьевичым ыцIэ зэхэмыхыгъэн плъэкIыщтэп! ЧеркесхэмкIэ, Апэрэ Александр пачъыхьэм шъхьакIо къырехыфэ, шыблэгъуагъом фэдагъ ар...

– Польшэм щызэхэсхыгъ,– Власовым игугъу Хъан-Джэрые къыригъэухыгъэп.

– Польшэм ущызэуагъа? – Къэзэкъ шыкуаор псынкIэу къызэплъэкIыгъ.

– Адыгэ шъолъырым Власов генералым щишIэгъэ гунахьыр,– Хъан-Джэрые щхыпцIыгъэ,– Апэрэ Николай пачъыхьэм фигъэгъуи, идзэ зэрэхищэжьыгъэри, Польшэм зэрэщигъэзэуагъэри сэшIэ, ау зыцIэ сымышIэрэр оры. НэIуасэ тызэфэхъугъэмэ дэгъугъэ. Сэ сцIэр – Хъан-Джэрый. Зиусхьан пачъыхьэшхом и Конвой Унае и Кавказ-Къушъхьэ полуэскадрон сыриштабс-ротмистр.

– Ора Хъан-Джэрыер?! – Къэзэкъ шыкуаом каретэр къызэтыригъэуцуагъ,– уищытхъу тэ Польшэм, зиусхьан, бэрэ щызэхэтхыгъ, сикаретэ укъифэн Iоу нибжьи сшIагъэп... Сянэшым сыкIыгъоу Екатеринодар лъэныкъом сыщыIэ зэхъум, Къэлэус темэным шапсыгъэмэ щятшIэгъагъэр зэхэпхыгъэу къычIэкIын, шъулъэкъуацIэ бэрэ зэхэтхыщтыгъэ. Дунаир гъэшIэгъонэу зэхэлъы... Зэман гъэшIэгъонхэри тпэкIэкIыгъэх, Польшэм тыщызэдэзэожьыгъ... Сэ сцIэр Степан Лукич, слъэкъуацIэр – Куприянов, къэзэкъ есаулыцIэр сиIэу Дон къэзгъэзэжьыгъ. Сижъышъхьэм сызэрэплъэгъу, ахъщэ тIэкIу къэзгъэхъэн, зызгъэзэщынэп сIуи, почтэм сыIухьагъ. Сишмэ поляк-шляхтичыкIэ сазыкIыфэгубжыри, пшIэнэу уфаемэ, къыосIон,– мыхэр сиуIагъэмэ япэгъокIэу Польшэм къисфыгъэх.

«Адыгэ шъолъырым уисэшхо къыщиппхъот зэхъум, зи къыипфыгъэба» риIо шIоигъоу Хъан-Джэрые ыгу къыпылъэдэгъагъ шъхьакIэ, мэкъэ Iэтыгъащэкlэ бащэ къыпкъырыкIыгъэти, ащ нахьрэ Iогъу-шIэгъу ышIынэу фэягъэп. ЗэрэмышIэхэу Польшэм зэрэщызэдэзэуагъэхэр игопагъэми, адыгэхэмкIэ къыIуагъэр гум фэштагъэп, фэлъэкIыгъэмэ, ахэмэ ягугъу къыригъэшIыщтыгъэп, лIыгъэкIэ Куприянов къэзэкъым зыфилъэгъужьыщтыгъэр ежь Хъан-Джэрые илъэпкъэгъумэ афэгъэхьыгъагъэти, шIошъхьэкIуагъ.

Зэ-зэ, Хъан-Джэрые гукIэ къыхэкуукIыгъ, сыдэущтэу хъура ар?.. Узщыщ лъэпкъым мыхъун къызырашIэкIэ – пшIоIай, нэмыкI цIыф лъэпкъмэ яшъхьэфит о ажэ дэбгъэзыхьажьмэ, лIыгъэкIэ олъытэ... Щытхъу тэмэтелъхэр, бгъэхалъхьэхэр къаIыохых, гъэпсэфакIо шъуадэжь укъагъэкIожьы. Ахэр зэкIэ, сапэ ис къэзэкъ плIэIу шъуамбгъом къызэриIуатэрэм фэдэу, уилъэпкъэгъумэ къяхъулIэмэ? Зиполякышхэр кIэзгъэхъушIыкIырэ Куприяновым ащ фэдэ унашъо фэшIи, Iизын ети... СшIэрэп ащыгъум... Плъэгъурэба, Польшэм шитIур къырифыгъ... Алахьэм ешI ащ тишъолъыр щигъэхъагъэр, адыгэ шъуашэ зэрэсщыгъ пэтызэ, ар дэдэми тешIыкIыгъэу ежь зэрэщыгъыжьэу, къыIотэгъэ купыр? Мыхэр фит шIи, къыуамышIэн щыIэп. Хэт ар язытырэр?..

Хъан-Джэрые ынэгу пачъыхьэр къызыкIэуцом, имыщыкIэгъэ упчIэхэр къызэрэфэтэджыгъэхэмкIэ ыгурэ ышъхьэрэ зэбгъэжьэу гупшысэмэ къахэужьыгъ. Почтэ шызэблэхъу каретэр зытелъэдэгъэ лъэмыджым ычIэгъ Дон псыор шхъонтIэ-шIуцIашъохэр фэмыф-гугъуемылIхэу щычIэсыкIых. Мыщи, зыдэкIожьырэ Пшызэ фэдэу, пцэжъыехэр модыкIэ-мыдыкIэ къыщыхэух. Пцэжъыешэ зырызхэр нэпкъымэ аIутых, къошъо епхыгъэмэ арысых. Бзыу фыжь псынкIэхэри мэкIыих – псыхъо кIыIум зытырадзэ, зытырапхъотыжьы.

Дон псыхъо инэпкъ джабгъу шы лъабжьэхэр зэрэнэсхэу, джы нэс зи къэзымыIощтыгъэ Куприянов къэзэкъыр Iофы зыримыгъэшIэу къызэджэкIыгъ:

– Зиусхьан ротмистр, Кавказ тыкъихьагъ, шIуфэс ех.

– Ары,– тIэкIу тыригъашIи, ежь Хъан-Джэрые зыфэгушIожьэу зэриIожьыгъ: – Мыхэр тичIыгу шъыпкъэх.

Ижьыбгъами нэмыкI, итыгъи иуашъуи фэшъхьаф...– Гу бырсырыгъэ IэшIукIэ джыри верст шъищ фэдиз зичыжьэгъэ Лъэустэнхьаблэ зидзыжьыгъ, игупшысэ фабэмэ зызащычIигъэощтым, Куприяновым къыIуагъ:

– Сыд фэдизэу тыгъуужъыр бгъэшхагъэми, мэзымкIэ маплъэ зэраIорэр шъыпкъэ.

Хъан-Джэрые зэхихыгъэм ынэкIушъхьэмэ къахыригъэхыгъ, зиIажэщтыгъэми, ымакъэ зыкъыишIуипхъотагъ:

– Куприянов къэзэкъ есаулыр! Непэ узэрэшъхьэфитыщэр сапашъхьэ зыщыщыогъэгъупшэ!..

Къэзэкъым иполякышымэ заригъэпхъотагъ нахь, зи къыIуагъэп.

Сыхьатырэ ныкъорэ фэдиз тешIагъэу, щэджэгъоужмэ адэжь, чыжьэкIэ Батайскэ къэлъэгъуагъ. Почтэ шы зэблэхъу уцупIэм Хъан-Джэрые нэсыфэкIэ ышIуабэ дашIэщтыгъэ. Таганрогрэ Батайскэрэ азыфагу дэлъ гъогум тепшъыхьэгъагъэкIэ арэп, ащ нахьрэ къэзэкъ плIэмыем теплъэжьынэу фэягъэп. Лажьэ зимыIэ шы лъэбжъэ макъэхэми, каретэ щэрэхъмэ амакъи ыгу тефэжьыщтыгъэп, шыкуаор зыфэмышIу къэзэкъ орэд дахэм икъэIокIэ-гъэкIодыкI Хъан-Джэрые зэзгъэкIокIыпэрэр... Егоонышъ, ежь-ежьырэу мэкъэ тIупщыгъэкIэ къыIонэу зытIо-зыщэ гукIэ зипхъотэгъагъ, ау мощ нахьрэ цIыфыгъэ зимыIэм зэхыригъэхыныр къыригъэкIугъэп.

Талъэгъу хъурэп... Къыттеплъэнхэуи фаехэп, Хъан-Джэрые мэкъэнчъэ-гукъеоу шъхьэр ыгъэсысыгъ. Хьэрамыгъэ зыхэмылъ гущыIэмэ урыс гущыIэжъ дысыр къапигъодзыгъ. Сыда ащ фэдизэу ятшIагъэр?.. Сэ ар къысаIомэ, сшIэрэп ащыгъум нэмыкIмэ араIощтыр! Къэзэкъ Конвой эскадроным сызхэтым, зыми сиушъхьакIугъэу къэсшIэжьырэп... Забруйнэр пщыгъупшэжьыгъа? – НэмыкI макъэ горэм иупчIэ Хъан-Джэрые ыбгъэгу къыдэджыкIыгъ. СIонэп сIуагъэ шъхьакIэ, тэ тыкIон, зыми ичIыгу тыубытыгъэп, тетхыгъэп, тыщызэуагъэп. Зэ, зэ, Хъан-Джэрый, пIорэр сыд! Ора ар? Зы къэзэкъ жэкIэ-пэкIэжъ горэм мыIуапхъэ къыуиIуагъэ пае имыщыкIагъэхэр, къыомыпэсыгъэхэр умыIо. ЩыIакIэм лъэпкъ зэфэшъхьаф иIэп, тэ тызэрэфаеуи хъурэп. Ащ фэдэхэр пшъхьэ къибгъэхьащтмэ сыд узэхэзымышIыкIыщтхэмкIэ зызыкIэбгъэзагъэр? Узщыщми ар тхьапшрэ къыпфадзыгъ, ащ пае угу афэмыузыныр, уафэмыгумэкIыныр пфэлъэкIырэп... КъэошIэжьа хъымыщыемэ уазэрэфэтхэгъагъэр? Мы зыкIыб къэгъэзагъэри бгъэмысэнэу щытэп, къэзэкъмэ афэгумэкIырэ гуIэлэ гу пытэ гор.

Щэджэгъоуж бэлэрэгъыгъо охътагъэми, Батайскэ почтэ щагушхор бырсырыгъ – каретэхэр дэлъадэх, къыдэлъэтых. Шхын гъуамэр къызчIихырэ щайешъуапIэм нэкIыгъэр зэрещалIэ, шхэкIыгъэр гъогу тырегъахьэ, шъоным ыгъэужъоплъыгъэ нэбгырэ тIурытIу-щырыщхэри зэрэгъэIорыжъорхэу щызэхэсых. Нахьыбэр, щэкIо-щэфэкIо зырызхэм анэмыкIрэ, зэбыт дзэкIолI.

АдкIэ, шхэпIэ къогъум, шъыгъо шъуашэкIэ фэпэгъэ бзылъфыгъэ ныбжьыкIэм забытитIу кIэрыс, ахэмэ апшъаIокIэ, джа теплъэ зиIэ бзылъфыгъэ хэкIотагъэ горэми, фэмыIэжэжьырэ нэпсыр кIилъэкIыкIызэ, шъэожъыерэ пшъэшъэжъыерэ егъашхэ. Гъомылэр къызычIахырэм пэблагъэу забыт хэкIотагъэ горэ шъхьаукъэу Iанэм кIэрыс, бэшэрэб нэкIырэ бжъэ ныкъорэ ыпашъхьэ ит. АдкIэ, шъхьаныгъупчъитIумэ азыфагу щыт Iанэм, почтэ шыкоо къэзэкъ купи щызэрэгъэчэфы.

Хъан-Джэрые гъогу темытыгъэмэ, пчэдыжь щай къодые Таганрог щешъуагъэу щымытыгъэмэ, шъыгъо щыгъынкIэ фэпэгъэ бзылъфыгъэмэ, сабыймэ аIумыплъэным пае мыщ къычIэхьащтыгъэп. ЕтIани зэрэгъэхьакъу-жъокъурэмэ мэфэныкъом ишыкоогъэ Куприяновыр зыгорэ къафиIуатэмэ ыгъэщхыхэу къэзэкъмэ яжантэ дэсэу ахилъэгъожьыгъ.

Сыдэу дзэкIолIыбэ чIэс, Хъан-Джэрые ыIозэ, пчъэшъхьаIум къыщызэтеуцуагъ, лIы ешъогъэ закъомрэ бзылъфыгъэхэмрэ анэмыкIэу къаплъэхэрэм ыгу щышIэрэр аримыгъэшIэным пае, ятэ итыжьын сыхьат джыбэм къырихи еплъыгъ, мыгузажъоу зэтыригъэпкIэжьыгъ. Тыда мыхэр зыдакIохэри къыздикIыжьхэри? Мо бзылъфыгъэхэми, ягъусэхэми тхьамыкIагъо зэрялэр нафэ. Мыдрэр? ГъэрекIопагъэ Тифлис сыкъикIыжьзэ Петербург сыкIожьы зэхъум, Батайскэ почтэ шы зэблэхъупIэр зэщыгъуагъэ. Джы еплъ, Куприянов къэзэкъри, ситэмэтелъмэ къямыплъэу, дысэу къызэрэздэгущыIагъэри лъэпсэнчъэп. Пачъыхьэм тыризабыт нахь мышIэми, сичIыгу ситми, сэ зыр ары ащымы-

щыр... НэмыкӀ дунай сыкъефэхыгъ пӀонэу къысэплъыхь. ЗэрэхъурэмкӀэ, сызщымыгъозэ Ӏэджи талъэныкъо къыщетаджэ. Мо шъыгъорэ бзылъфыгъэхэми, сабый чэфынчъэхэми, забыт плӀэӀу къефэхыгъэхэми шӀу зэрэщымыӀэр къаушыхьаты. Модырэ къэзэкъ зэрэгъэжъот купыр? Мыдырэ забытхэр?.. Мо забытитӀумэ акӀыгъу бзылъфыгъэ ныбжьыкӀэр тэ щыслъэгъугъа?!

– Былымылым хэшӀыкӀыгъэу елбэтэу зыгорэ къысфахь,– Хъан-Джэрые Ӏэнэ шъхьафым кӀэрытӀысхьэзэ, шхынзехьэм риӀуагъ,– тэнэлыми нахьышӀужь.

– Джыдэд. Бжъэ горэми зебгъэгъэфэбэщта?

– Хьау. Щаибжъэ къысфэхь.

ШъхьаныгъупчъэмкӀэ гъэзэгъэ шыкуаомэ ащыщ горэм Хъан-Джэрые къыфидзыгъэм ыгъэщхыгъэх, ау тэнэл гъэжъагъэмрэ щаибжъэ стырымрэ къызфагъэсыгъэ ротмистрэр ахэмэ апымылъэу шхыным хэӀэгъэ къодыеу, Куприяновым икӀэнэкӀэлъэ гущыӀи къылъыӀэсыгъ:

– Фэсакъ, зиусхьан, тикъэзэкъ пщэрыхьакӀомэ тэнэлымрэ къолымрэ зэхагъэкӀокӀэгъакъомэ... Ахэмэ амышӀэн щыӀэп.

– Хьау, Степан Лукич,– Ӏанэм къыдыпэс нэмыкӀ къэзэкъ горэм шхапӀэм чӀэсмэ зэхаригъэхэу къегъэтэрэзыжьы,– ухэукъуагъ, черкесмэ якӀасэр тикъэзэкъ пщэрыхьакӀомэ ашӀэти, пкӀэнтӀамэр зыпыурэ шыл Ӏэшӏу къол дагъэкӀэ гъэжьагъэу къыфагъэхьазырыгъ.

Къэзэкъ купыр джыри нахь лъэшэу зэрэгъэщхыгъ. ГущыӀэ дысыр зэхэзыхыгъэ забытхэми ашъхьэ къапхъотагъ. Зыгори зынэӀу къыпэӀумыхьажьыщтыгъэ бзылъфыгъэ ныбжьыкӀэри къэзэкъмэ аушъхьакӀугъэ ротмистрэм дэжькӀэ, къэхъущтым ыгъащтэу, плъагъэ.

– Хэта? Тэ щыӀ черкесхэр?! – Шъхьаукъэщтыгъэ забыт ешъуагъэри, икӀэрахъо етхъожьэу, къызщылъэтыгъ.

Бзылъфыгъэ хэкӀотагъэри, игъусэ забытым французыбзэкӀэ зыгорэ риӀуи, псынкӀэу Ӏанэм къыпэтэджыкӀыгъ, сабыймэ аӀапэ аӀыгъэу елъэкӀонзэ, щайешъуапӀэм чӀэкӀыжьыгъ.

Ащ фэдизым зи къымыӀоу, ыгу къижъэжъыкӀызэ, Хъан-Джэрые шхагъэ, стырми чъыӀэми пымылъэу зытӀозыщэ щаим хэхъупӀи, ыгъэуцужьыгъ. Ӏанэм телъ ӀупэлъэкӀ фыжьыр ымыгъэфедэу, иӀэплъэкӀыжъые къыштагъ, мыгузажъоу зыӀулъэкӀыхьажьыгъ, етӀанэ ищэджэгъуашхэ тефэгъэ ахъщэр лэгъэжъыем рилъхьи, къыкӀэнэкӀэгъэ къэзэкъым шъхьарыуцуагъ:

– Куприянов къэзэкъыр, къысэшъухыгъэ шъхьакӀом оры икӀэщакӀор! Мы уикъэзэкъмэ ацӀэкӀэ, щайешъуапӀэм чӀэсмэ зэхахэу, къысэпхыгъэ шъхьакӀор къыпфэзгъэгъунэу къысэлъэӀу.

– СыомылъэӀумэ? – УкӀытэ ынэмэ къачӀэмыщэу, Куприяновыр щхыпцӀыгъэ.

– Ар зымышӀэкӀэ,– Хъан-Джэрые ымакъэ мылъэшэу, ау теубытэгъэ-пытагъэр къебэкӀэу, кӀэрахъор къырихзэ, ыӀуагъ,– джа мэзым екӀужьрэ тыгъужъыр зэраукӀырэм фэдэу, мы чӀыпӀэм ущыӀуезгъэхыщт.

Куприянов къэзэкъри, исэшхо къырипхъотызэ, къызщылъэтыгъ, шылыр къыфэзыдзыгъэри, ащ къыгосыгъэ лӀы жъоплъыри къыгоуцуагъэх, адырэм Ӏэнэ чӀэгъым зычӀидзагъ.

– Джыри зэ, Куприянов къэзэкъыр, – Хъан-Джэрые ымакъэ нахь пхъашэу зыкъипхъотагъ,– къыосӀуагъэр сапашъхьэ щыбгъэцэкӀэнэу сыкъыкӀэдэу!

Куприяновым исэшхо къихыгъэ Ӏэтыгъэу ынэхэр къилыдыкӀыщтыгъэх нахь, раӀуагъэр ыгъэцэкӀэн гухэлъ инэплъэгъу жъалым къыхэщыщтыгъэп. Сэшхом ычӀыпӀэ кӀэрахъор ӀэкӀэлъыгъэмэ, къызэрэощтым уехъырэхъышэжьынэу щытыгъэп. НэкӀэ къылӀымэ, къыкӀэнакӀэзэ джыри Хъан-Джэрые къыфидзыгъ:

– Ощ фэдэ черкес пэщыныцӀэ Ӏаджи слъэгъугъэ сэ!..– Куприянов ешъуагъэм Ӏэ сэмэгукӀэ Ӏанэр къызэпыригъэзэнэу зетхъом, Хъан-Джэрые кӀашъом дэуаий, къэзэкъым текууагъ:

– Куприянов къэзэкъ есаулыр! ЯтӀонэрэ щэр унатӀэ къефэ!

– Зиусхьан!..– Шъыгъорэ бзылъфыгъэ ныбжьыкӀэр къызщылъэти, къэзэкъхэмрэ Хъан-Джэрыерэ азыфагу зыдидзагъ, игъусэ забытхэри – щайешъуапӀэм чӀэсхэр зэкӀэ, пщэрыхьакӀомэ анэсыжьэу, къызэфэсыгъэх.

– Зиусхьан къэзэкъыр! – Бзылъфыгъэ къопцӀэ ищыгъэм мэкъэ теубытагъэкӀэ къыӀуагъ,– сыоплъышъ, мыхэмэ уанахьыжъ, уизекӀуакӀэ сырэукӀытэ, хьалэ-балыкъыр оры зыпкъ къикӀыгъэр, Урысые пачъыхьашхом и Кавказ-

Къушъхьэ полуэскадроны иротмистрэ лажьэ иІэп, епхыгъэ шъхьакІор къыпфигъэгъунэу джыдэдэм елъэІу.

НэІум пэІухъогъэ хъэгъэ шІуцІэм Хъан-Джэрые гуфаплъэу зыпхырэплъым, ыпашъхьэ ит бзылъфыгъэ къопцІэ нэгуф дахэу Нева Іушъо щилъэгъугъагъэр ышІэжьыгъ, зыхэфэгъэ емыкІури къызэраушъхьакІугъэр щыгъупшэжьэу, псынкІэу икІэрахъуи рилъхьажьыгъ.

– Татьяна... Ора ар?..– Хъан-Джэрые къызІуипхъотыгъ,– къысфэгъэгъу, уятэ ыцІэ сшІэрэп... КъэошІэжьмэ, уипшъэшъэгъумэ яхьатыркІэ пцІэ зэхэсхыгъагъ, уятацІэ зэзгъэшІэнэу чІыпІэ сифэгъагъэп.

– Татьяна Константиновна, зиусхьан...– Бзылъфыгъэм къыІуи, къэзэкъым зыфигъэзэжьыгъ: – Сыд узфыщытыр? ЕлъэІу зиусхьаным къыпфигъэгъунэу.

– Тэ къэзэкъ куп тызэхафэмэ, сэмэркъэур тикІас... Басурманмэ къол ашхырэпти, черкесым тесэмэркъэугъ...

– Хъан-Джэрые зиусхьаныр черкес къодыеп,– Татьяна Константиновнам къыгот штабс-капитаным ыдагъэп,– Хъан-Джэрые урысыдзэм изабыт, ти Пачъыхьашхо и Конвой Унае иротмистр. ШъхьакІо епхыныр тефэрэп.

– Алекс, къэмыІу,– Татьяна Константиновнами зэхихырэр ыдагъэп.– Ахэр Куприянов къэзэкъым къыгурымыІокІэ огугъа?

– Сыкъэзэкъ къызэрыкІо къодыеп! – Ерагъэу бзылъфыгъэм ыпашъхьэ зыщиІажэзэ, Куприяновым къыхихыгъ.– Сэ сыкъэзэкъ есаул, тихэгъэгу пашъхьи гъэхъагъэ щысиІ.

– Зэхэоха, Алекс? КъыгурэІо, ау гухьэ-гужъыгъэ горэм зэгуетхъы.

– Хьаулыеу, мадам,– Куприяновым ынэмэ укІытэ акІэмылъэу щхыпцІыгъэ,– черкес-чэчэнхэр, хэта джыри, къэогъэгъунэх... Ахэмэ ащыщ горэкІэ сенэгуе, сыоплъышъ, шъыгъо щыгъын, зыщыозгъэлъагъэр.

– Сэ къысэхъулІэгъэ тхьамыкІагъом,– Татьяна Константиновнам ымакъэ тІэкІу къыщытхъагъ,– уиІоф хэлъэп, есаул... Ощ фэдэ горэнкІи мэхъу силІ къэзыукІыгъэ черкесхэр къытэзымыгъэзэгъыхэрэр... Тхьэр шъощ фэдэмэ афэсэгъазэ...– Шъузэбэ ныбжьыкІэм ишъыгъо нэІухъо ыгъэтэрэзыжьызэ Куприянов къэзэкъым фидзи, уилъэпкъэгъумэ сыд ялажь риІорэм фэдэу Хъан-Джэрые фыреплъэкІыгъ, нахь мэкъэ шъабэкІэ риІуагъ: – Сыд мыщ тызфыщытыр, ротмистр, некІо, Алекс, тычІэжъугъэкІыжь. Шъори, къэзэкъ зиусхьанхэр, шъуІорэм шъуегупшыс, зыкъэшъушІэжь.

– Татьяна Константиновна, къысфэгъэгъу, емыкІу къысфэмышІ сыкъызэрэплъыджагъэмкІэ... УилІ зэрэщымыІэжьымкІэ сыпфэтхъаусыхэ, етІани ар адыгэ шъолъырым къызэрэщыохъулІагъэр сыгу къео. Ар зышІэгъэ силъэпкъэгъумэ ацІэкІэ къытфэбгъэгъунэу сыолъэІу...– Талъэныкъо, зэрэхъурэмкІэ, урысыдзэр ращэгъэн фай, Хъан-Джэрые зэхишІэу ыгу къыпыузыкІыгъ.

– Сиилъэс тІокІ къысэхъулІагъэр сшІошъхьакІу, ротмистр...– Іэлъэ шІуцІэ пІуакІэ зыпылъ Татьяна Константиновнам ыІэ къебэугъэ Хъан-Джэрые риІуагъ.– Хъущтыр хъугъахэ... Аущтэу хъунэу Тхьэм ыухэсыгъагъэу къычІэкІын. Зыми сыгу ебгъэрэп. Ау илъэс тІокІырэ хырэ нахь къымыгъэшІагъэу силІ дунаим зэрехыжьыгъэм сезэгъын слъэкІырэп...

– Мадам!..– Забыт ешъогъэ шъхьацыфыр щайешъуапІэм чІэкІырэмэ акІэлъыджагъ: – Сыдэущтэу зыми угу емыбгъэщта! УилІ шІу плъэгъущтыгъэмэ, аущтэу пІощтыгъэп... Тэ щыІа зыцІэ къепІогъэ Хъан-Джэрые?.. Моу къысфашъущ... Тэ черкесмэ, чэчэнмэ, нэмыкІ хьацІэ-пІацІэмэ тязэуагъ, джыри тязэощт, джыри тыукІыщтых, яфэмышъошэ чІыгумэ атедгъэстыкІыщтых!.. Зэ моу Екатеринодар, къэзэкъмэ адэжь, тынэжъугъэс!..

Хъан-Джэрые ыкІыб бгъузэ пытэ къифэгъэ гухьэ-гужъ гущыІэмэ къызэрагъэплъэкІыгъ, ау аркъым къызэтыригъэпшІыкІыгъэм зышІуимыгъэнэжьэу, цэ зэрэгъэшхыкІэ зиІажэзэ, бзылъфыгъэм лъежьэжьыгъ. Аркъым риутыгъэу, зыжэ шъхьамысыжьрэ забыт шъхьацыфыр хэт сэІо, Хъан-Джэрые ыІуагъ. Сыдэу Бобров штабс-капитаным ынэпэпкъ зэхэлъыкІэ яхьщыр ар!.. Ары шъхьакІэ, мыр подпоручик, Бобровыр штабс-капитаныгъ, ышъхьаци фыжьыбз. Ымакъи сІонышъ, сыдэущтэу къэпшІэжьын, аркъым ришъугъ...– Илъэс заулэкІэ узэкІэІэбэжьмэ Бобров штабс-капитаным кадет ныбжьыкІэхэр урамым къызэрэтыринэгъагъэхэр Хъан-Джэрые ыгу къэкІыжьыгъ...

## VII

Адрианополь мамыр зэзэгъыныгъэмкlэ ухыгъэгъэ урыс-тырку заом ыуж тешlэгъэ илъэсищым елъытыгъэмэ, адыгэ шъолъырым исхэмкlэ мышlухэу, къэзэкъхэмкlэ гушlуагъоу, узхэгупшысысхьан хъугъэ-шlагъэхэр мафэ къэс къетаджэх.

Лъэустэнхьаблэ къызыкlогъэ мафэхэм тыдэрэ лъэныкъо зигъазэми, адыгэ макъэм нахьи урыс-къэзэкъ мэкъэ зэхэпхъагъэр нахь щыбэу Хъан-Джэрые къыщэхъу. Пшызэ къызэпырыкlырэ урысыдзэр бжъэдыгъу къыщымыуцоу, чэщи мафи имыlэу хы Шlуцlэ лъэныкъомкlэ макlо. Шапсыгъэхэр пхъашэу къазэрэпэуцужьыхэрэр зэуж ит куп пчъагъэхэмкlэ, къызэкlащэрэ уlагъэмкlэ къэошlэ. Ежь урыс дзэкlолlхэми, забытхэми ар аушъэфырэп, ашlэрэмкlэ джэуап тэрэз къыуатыжьырэп. Зитэмэтелъ нахь ин забытмэ, «адрианополь мамыр зэзэгъыныгъэмкlэ Тыркуем шъуриежьэп, шъукъытитыгъ, урысые цlыф шъухъугъ» къараlо, адыгэмэ «а зигугъу шъушlырэ къали, зэзэгъыныгъи щыlэми тшlэрэп, Тыркуе хэгъэгур, Урысые хэгъэгум фэдэу, дунаим зэрэтетым тыщыгъуаз нахь, зыгорэм тыритын-тырищэнэу тыщыгъынэп, тыбылымэп, таlызыхырэми тызыщэрэми яlоф къытхэлъэп, ащ фэдэ фитыныгъэ зыми иlэп»,— араlожьы. Егъашlэм шъхьэфитэу псэурэ адыгэмэ зэхахырэр, арашlэрэр ашlошъхьакlу, цlыфыгъэ зэрарамыхырэр зэкlэми анахьэу ягукъэожь.

Дзэ къулыкъум Хъан-Джэрые зэрэщесагъэу жьырытэдж бзыум фэдагъэми, тыгъуаси, тыгъоснахьыпи, адырэ мэфищ блэкlыгъэмэ афэдэу, тыгъопчыхьэ Бычэ фишlыжьыгъэ пlэ шъабэм хэлъ. Гъэтхэ нэфылъыр джыри къокlыпlэ чапэм къыкъоплъын гухэлъ зэримыlэр унэ мэзахэм щызэхешlэми, щагу лъэныкъомкlэ мэдаlо. Ятlонэрэ атэкъэ lогъумэ къыхадзэ къодыешъ, игупшысэхэр пэрыохъунчъэхэу lокlотых, Лъэустэнхьаблэ дэкlых, Бжъэдыгъу екlых, Шапсыгъэ, Убых, Абдзэхэ, Кlэмгуе дыречъэкlхэу Екатеринодар нэпкъ лъагэм къызтелъэдэжьыхэрэм, къыщыуцухэрэп, Польшэр, Петербург къырачъыхьакlышъ, Батайскэ почтэ шы зэблэхъупlэм къыщехъулlагъэм нэсыжьых.

Куприянов къэзэкъ купым щайешъуапlэм къыщаушъхьакlунэу къызэрэфежьэгъагъэхэм нахьи Польшэм къетыфэ щымыгъупшэщтыгъэ, къызегъэзэжьым Петербург урамымэ, нэмыкl цlыф кlуапlэмэ зызщафиплъыхьэщтыгъэ Татьянэ Батайскэ зэрэщыlукlагъэр зыфихьын ымышlэу, епкlыхьэкlыгъэкlи ышlошъ мыхъунэу шlогъэшlэгъоныгъ. Сыда lофы зебгъэшlэу, къэзэкъ ешъуагъэхэр угу къэбгъэкlыжьыныр зилlэужыгъор? — Хъан-Джэрые щхыпцlыгъэ. Ащ къыблэкlыгъагъэмэ, Татьяна Константиновнар ары нахь, ятlонэрэ щэмкlэ Куприяновыр lуезгъэхыщтыгъэ. Тхьамыкlагъо къызэхъулlэгъэ Татьянэ иlуагъэу, зэгорэм къэзэкъ нэlуагъэмэ зядгъэшlэжьыным ычlыпlэкlэ ажэ къыдахьэрэр къятэгъаlо, тынэ къыкlэтэгъэlабэх. Власовымрэ ежьыррэ талъэныкъо щагъэхъагъэр имыкъоу, ситэмэтелъ къемыплъэу, ыжэ къыдахьэрэр къысеlо... Власовым урипхъорэлъф зыхъукlэ, ащ ублэкlэу тэ укlожьын... Апэрэ Александрэм Власовым ришlэгъагъэр, дон къэзэкъмэ иlоф аlонэу зэраритыжьыгъагъэр зымыдэгъагъэхэр щыlагъэх шъхьакlэ, еплъ Апэрэ Николай пачъыхьэм ащ ыlапэ зэрэфищэижьыгъэм... Къэзэкъ дзэ уlэшыгъэ Дон рырыгъэщи, Польшэм рырыгъэтэкъогъагъ. Ащ щагъэхъагъэр, раупкlэтыхьагъэр!.. Зэ, зэ,— ежь-ежьырэу зыфэгубжыжьыгъ,— о Польшэм ущыlагъэба? Ущызэуагъэба? Бгъэхэлъ тыни къыщыуатыгъэба? Апэрэ Николай пачъыхьэм Власовым Польшэм щыригъэшlагъэм фэдэ талъэныкъокlэ щыригъэшlэнэп! Тичlыгу зэо lоф къыхахьэ хъущтэп. Польшэмрэ тэрырэ тызэфэдэп. Польшэм полякмэ зыкъыщаlэти, тыпфаеп пачъыхьэм къыраlуагъ. Ар хэт къыпфидэн? Адэ адыгэхэр?.. Сыд мыщ къыщыхъурэр?

Джыри Хъан-Джэрые Батайскэ почтэ шы зэблэхъупlэр ынэгу къыкlэуцожьыгъ. Татьянэ ишъыгъо щыгъынхэри, сабыитlумэ аlапэ зыубыти щайешъуапlэм чlэкlыжьыгъэгъэ бзылъфыгъэ хэкlотагъэм икъеплъыкlэ мышlуи инэплъэгъу зэрэхэт. Татьяна Константиновнам илl ихьадэ Санкт-Петербург зэрищэжьыщтыгъэр инэрылъэгъугъ, почтэ къэлэпчъэ дэкlыжьыгъом нэсыфэ, илажьэ хэлъ фэдэу, ыгу пыузыкlызэ, акlэлъыплъагъ. Мыдырэ бзылъфыгъэр ыкъуа, ыша, илlа зыфэшъыгъорэр? Сыда сабыитlур къызфырищэкlырэр? Подпоручик шъхьацыфэу бгъэкlэ lанэм телъыгъэр?.. Сыд ащ, сцlэ къыриlощтыгъэмэ сшlэрэп, къыткlэ-

лъиӀощтыгъэр? Ӏанэм теукӀорэежьыгъагъ... Джащ фэдэхэр, Куприяновым фэдэхэр ары тызылъэгъу мыхъухэрэр нахь, сыд персмэ, тыркумэ, инджылызмэ тащызыухъумэ зышӀоигъо пачъыхьэм илажь?.. Тэ талъэныкъуи, Бамбэти, Пэшъукъи, нэмыкӀ бзэджашӀэмэ ягугъу сшӀыжьырэп, цӀыф хые закӀэх пӀон плъэкӀыщтэп, хэти ежь икъонцэ Ӏахь елъэшъу. Зымафэ зыкъысӀузгъэкӀэгъэгъэ фэкъолӀ купыр зыфаер къызгурыӀуагъэп – тызэоти тызэшӀути аӀорэп. Уегупшысэмэ, Тэзэ Адыгэ ылъэныкъо, ащи фэмые дэдэхэми, зэраӀыгъыр къахэщы. Ахэмэ Шъэуаерэ Пщымафэрэ нахь адырагъаштэу къысщыхъугъ. Бжъэдыгъу ХьаджэмыкъопщымэурысхэмкӀэ загъэмамыры шъхьакӀэ, сапашъхьэ зы къыщаӀошъ, фэкъолӀ къызэрыкӀомэ фэшъхьаф араӀожьы. ШапсыгъэкӀэ зыбгъазэмэ, сиаталыкъыгъэ Мэрчанэрэ, Абэтэ Бэслъыныерэ Убыхрэ УрысыемкӀэ аӀорэм уезэгъыщт, Тыгъужъыкъо Къызбэчырэ Щырыхъукъо Тыгъужъырэ екӀолӀапӀэ зыфамыгъотырэр. ЗиӀоф къытхэмылъ Тыркуем Урысыем тыритыгъэмэ тыримытыгъэмэ, тызыкӀыритын фаер къызэзыгъэшӀэнэу Стамбул султӀаным дэжь аӀофтэгъэ Зэнэ Сэфэрбый зипэщэ купым къымыгъэзэжьэу Ӏашэр дгъэтӀылъыщтэп аӀо. Убых лъэныкъомкӀэ Бэрзэдж Джырандыкъуи къащыдырегъаштэ. «Тэ ахэр къыднэсынхэ, къытхэхьанхэ алъэкӀыщтэп» аӀозэ, абдзахэмэ якъушъхьэ-мэзмэ зачӀаушъэфэжьыгъ. КӀэмгуехэмрэ мэхъошхэмрэ, бэслъыныехэмрэ абадзэхэмрэ, бжъэдыгъу мамыр-мымамырмэ ялъытыгъэмэ, зыдагъэзэщт лъэныкъор амышӀэу Ӏоф хэфагъэх. Къэбэртаехэр? Ахэри Ермоловым ыгъэӀэсэгъэ-ымыгъэӀэсагъэхэу ялъэпкъэгъу адыгэхэм ячӀыгу къихъухьэрэмэ агъапэх.

Апэрэ Николай пачъыхьэу зищыӀэныгъэ къыухъумэрэм фэгъэхьыгъэ гущыӀэ мышӀухэр Хъан-Джэрые ыгу къызфечъэхэкӀэ, зыщигъэгъупшэхэ шӀоигъоу бгъу лъэныкъом зыреты. Ау зым зыр къыкӀэлъыкӀоу зэридзэжьыпэ зыхъукӀэ, ыумысын фаер зышъхьэщигъэкӀэу, ежь-ежьырэу зыфэгубжыжьымэ ушъхьагъу къызфигъотыжьызэ, игумэкӀ тырикъутэу, дысы ӀэбакӀэкӀэ чыхӀэныр зытыредзышъ, пӀэм къыхэтэджыкӀы, зефэпэжьы, остыгъэр химыгъанэу, ӀитӀур ыкӀыбкӀэ щызэрыдзагъэу шъхьаныгъупчъэм Ӏоуцо.

Унэри щагури мэзэхагъэми, Хъан-Джэрые ынэӀу зыфэгъэзэгъэ къокӀыпӀэ чапэр къыхэунэфыкӀы. КъэкӀорэ мафэм щэгушӀукӀых пӀонэу, чылэ атакъэмэ яещэнэрэ Ӏогъу къызэлъыхадзэ. Лъэустэнхьэблэ атакъэхэмрэ Пашкэ атакъэхэмрэ зэпэджэжьых.

ТыдэкӀи атэкъэ макъэхэр, Хъан-Джэрые дунаим хэдаӀозэ, ӀугушӀукӀыгъ, Польшэми, Петербурги, Варшави, Таганроги, Екатеринодари, Лъэустэнхьабли ащызэфэдэх, перс лъэныкъоми тырку чылагъохэми ащызэрагъэхьырэ щыӀэп. Хьэ хьакъу макъэхэри, бзыу орэд къэӀуакӀэхэри ары... ЦӀыфхэми абзэ зэфэшъхьафми, ящхы макъи, ящэӀукӀи, ягъыкӀи, янэшхъэикӀи зэфэдэх. А зы лэжьыгъацэм къытекӀыгъэр яӀус, зы сабый къэхъукӀэм фэшъхьаф яӀэп. Щыгъын зэфэшъхьафкӀэ зафапэми, а зы Ӏэпкъы-лъэпкъыр ятеплъ. Хэтрэ цӀыфи икъэхъукӀэ фэдэу, ипӀалъэ къызыскӀэ, идунай гъогу еухы. Сыд ащыгъум тидунай къыщытэхъулӀэрэр? – КъыгъэшӀэгъэ илъэсмэ янахьырэ чӀыпӀэ хьылъэ Хъан-Джэрые тутын щемышъогъагъэми, непэ ешъо шӀоигъоу ыгу къыпылъэдагъ, тутынэшъо Ӏэжэгъуае фэдэу иджыбэмэ арыбэнэжьыгъ, шъхьаныгъупчъашъхьэм тырилъхьэгъагъэ сырнычыр къыӀэкӀэфагъэти, Ӏэпэ псынкӀэхэмкӀэ зэкӀигъэнагъ, пхъэжъыяпэр пыстыкӀыфэкӀэ къыпыкӀырэ Ӏугъуамэм епэмыгъ, етӀанэ зыфэгубжыжьыгъ: «Сыд сэӀо зысымышӀэжьэу нычэпэ къысэхъулӀагъэр... СигумэкӀ мылъэпсэнчъэми, сыкъызфэкӀожьыгъэмэ къыздашӀэмэ, емыкӀу къэсхьын. Сыд тятэ ыӀощтыгъэр, Мэрчан аталыкъым сызэригъасэщтыгъэр? ЩэӀагъэр зэкӀэми апшъ! Нани джары сыцӀыкӀу зэхъум къысиӀощтыгъэр, зымафэ Шъэуаий ар Хьадж-Къэсэйрэ КъаймэтрэзыкӀариӀощтыгъэр сшӀэрэп, зыгъэгумэкӀхэрэм ыцыпэ къэсыубытын слъэкӀыгъэп. Сызалъэгъум ягущыӀэ щагъэтыжьыгъэти, сыд шъуфызэхэмыфрэр сӀоу нахьыжъмэ сяупчӀыныр къезгъэкӀугъэп.

Хъан-Джэрые игупшысэ зэшъхьащытмэ шъхьаныгъупчъэм Ӏуагъэпшъыхьагъэти, тэхътэ шъабэм зыхэтӀысхьэм, адыгэ дунай гумэкӀым зэрэхэзыгъэри ымышӀэу хэчъыягъ. ПӀэ шъабэм зыхэлъым зэрэмычъыягъэу, сыхьат имыкъоу шъхьаукъагъэу ытамэ къытеуагъэм къыгъэущыгъ.

– Ора, Дзэпщ? – Илъэситф-хы горэ зыныбжь шъэожъые пытэ цӀыкӀум Хъан-Джэрые еупчӀыгъ.– Шъыдэу жьэу укъэтэджыгъа? Мыщ фэдэу ужьыртэджмэ, дзэкӀолӀ дэгъу ухъут о.

– Ощ фэдэу ара, Хъан-Джэрый? – Ащ ежэщтыгъэ пІонэу шъэожъыер къеупчІыжьыгъ.

– Сэщ фэдэми, нахь дэгъу ухъуми, сезэгъы.

– Ощ фэдэ сыфаеп, о къэзэкъмэ урягъус! – Дзэпщ цІыкІу къыпиупкІыгъ.

– Ы-ы! – Хъан-Джэрые зэхихыгъэр ыгъэшІэгъуагъ.– Хэт ар озгъэшІагъэр?

– Зыми сигъэшІагъэп! – Джа мэкъэ Іэтыгъэ дэдэмкІэ къыфидзыжьыгъ.– Къэзэкъмэ ятэмэтелъи о уитэмэтелъи зэфэдэ.

Хъан-Джэрые ыгу къыхэуІагъэми, ыкуашъо зыкъытезыдзэгъэ шъэожъыем ышъхьэ Іэ щифэмэ, Іущхыпцlэзэ еупчІыгъ:

– Ар оІомэ, къэзэкъмэ яшъуашэ тэтыем зэрэфэдэм гу лъыптагъэба?

– Ар къэзэкъмэ яеп! – Дзэпщ мэкъэ чанкІэ, ыгу къызэреорэр хэпшІыкІэу, къыриІожьыгъ: – ТипаІуи, тицыий зыщалъагъ, етІани къытэзэожьых.

– Ы-ы? ПІорэр гъэшІэгъоны... Ахэр зыгорэм къыуиІуагъэщтын?

– КъысиІуагъэп! – Дзэпщ зытетым текІырэп,– татэрэ Хьадж-Къэсэйрэ кІыщым щаІоу зэхэсхыгъэ, Къаймэти ары. ТипэІо шыгумэ плъыжь арадагъ ыІуагъ Къаймэт.

– Ари шъыпкъэ...– Шъэожъыем зэхихыгъэр, гум риубытагъэр къызэриІожьырэ шІыкІэр Хъан-Джэрые шІогъэшІэгъонызэ, къыкІэлъыкІожьыгъэ гущыІэмэ къыраутыжьыгъап:

– О етІани ахэмэ урягъус...– Дзэпщ шъэожъыер, Іофышхо къыпыщылъ фэдэу, къызщэлъэтыжьы. – СыкІон сэ амэ, татэ сыпэплъэн, тыгъосчэщ нэс къызэрэт. Нани мэцІацІэ, синани шъхьэгугъу хэт...

ГъэпсэфакІо сыкъыздагъэкІожьыгъэм гумэкІыгъо бащэ къетаджэ, шъэожъыер зыдэлъэтыжьыгъэ пчъэмкІэ Хъан-Джэрые плъэзэ ыІуагъ. БжъэдыгъучІым зао щымыкІоми, Шапсыгъэ лъэныкъом, хы ШІуцІэм, къушъхьэмэ якІурэ дзэ уІэшыгъэмэ Адыгэ шъолъырым Іофыгъуабэ къырагъэтэджагъ. ЗэтыраІукІырэм шъыпкъэуи пцІэуи хэлъыр зэхэфыгъуай – хэти ежь зэрэфаеу еІуантІэ, егъэщы. Матвеев атаманым ычІыпІэ рагъэхьэгъэ Завадовскэм зымафэ къысиІуагъэр, пшІошъ хъущтымэ, Адрианополь мамыр зэзэгъыныгъэр къаухъумэзэ, урысыдзэр адыгэ шъолъырым ихьагъэу ары. Бжъэдыгъу зы пцэшІуащи щырагъэкІыгъэп, зы сэшхуи къыщырахыгъэп, цІыфмэ къафэсакъых, япкІэшъэ тхьапи къыпагъэзыгъэп. Сыд ащыгъум Дзэпщ цІыкІум нахь мыхъурэм... Нахьыжъмэ аІоу зэхихыгъэм изакъоп къысфидзыгъэр – ежь ыгу цІыкІукІэ ымыгъэгумэкІыщтыгъэмэ, ащ фэдэ къысиІощтыгъэп. Адыгэ шъолъырым къихъухьэрэ ІофхэмкІэ Шъэуаий, Агой Пщымафи, Тэзэ Адыги, нэмыкІхэми ягупшысэ-еплъыкІэхэр згъэшІэгъожьыхэрэп, тщыщ хъужьыгъэ Къаймэтырэ Хьадж-Къэсэйрэ тикІыщ щаІуагъэу сабыир къызэрэсэожьыгъэр ары зыфэсхьын сымышІэрэр... Джарыщтын Пшызэ джабгъукІэ джыри зэ тэрэгъэзэжьмэ сшІэрэп тыгъоспчыхьэ нанэ къызыкІысиІогъагъэр. Хьау, хьау, нан, ащ фэдэ цыхьэмышІ адыгэхэмкІэ пшъхьэ къимыгъахь.

Непэ адыгэ шъолъырым щыгумэкІыгъоми, урысые пачъыхьэм иІо тыркуе султІаным фэдэп, сшъхьэкІэ зэп-тІоп зэрэсыушэтыгъэр, ыгъэшъыпкъэжьыщт... Хъымыщые пщы-оркъ хасэр Хъан-Джэрые ынэгу къыкІэтэджэжьыгъ, щхыпцІыгъэ.

Хъымыщые пщы-оркъмэ урысые пачъыхьэм ыпашъхьэ сыщаушъхьакІугъагъ нахь мышІэми, ыІуагъ, сыгу ябгъэрэп, талъэныкъо бырсыр къырамыгъэтаджэу яІуагъэ къагъэшъыпкъэжьыгъ, къытхэхъухьэрэм агу емыІуми, къызхагъэщырэп. Ары шъхьакІэ, чэчэнаехэр? Шапсыгъэхэр, нэтыхъуаехэр, убыхыхэр, кІэмгуехэр Іэсагъэх аІоми, абдзахэхэр, мэхъошхэр, бэслъыныехэр, абадзэхэр?.. Адрианополь мамыр зэзэгъыныгъэм адыгэхэмкІэ имэхьанэ Іашэ хэмылъэу цІыфыгъэкІэ агурыбгъаІомэ, укъызэхашІыкІыщт Александр Христофоровичым зесэІом: «сыда ащ къибгъэкІырэр» къысиІожьыгъагъ... Джы еплъ къытэхъулІэрэм, гущыІэ зафэм ычІыпІэкІэ дзэ уІэшыгъэр адыгэ чІыгум итэщэ. Къытфэмыер ІашэкІэ, дзэкІэ къедгъэуцолІэнэу тэІомэ... СшІэрэп ащыгъум... Ащ фэдэкІэ егъашІэм шъхьэфит щыІакІэм рыпсэурэ силъэпкъэгъухэр бгъэщынэшъунхэп. Илъэс мин пчъагъэхэм адыгэмэ нэмыкІ хэгъэгу зао рашІылІагъэп. Джы ар аукъонкІэ енэгуягъо. Ермэлхэмрэ гъурджхэмрэ урысыдзэр зэрафэкІогъагъэр лъэпсэнчъагъэп – персхэмрэ тыркухэмрэ зарагъэшІэжьыгъ. Къырым-Джэрые сшынахьыжъ тхьамыкІэри, нэмыкІ дзэкІолІыбэмэ афэдэу,

ащ щычІэтынагъ. Польшэм тызэрэщыІагъэмкІэ, ар Урысые хэгъэгум щыщ, тагъэмысэнэп. Адыгэхэр? Тыздэщыlэгъэ перс-тырку-полякмэ ялъытыгъэмэ, адыгэ Іофыгъор фэшъхьаф – Тыркуем шъукъытитыгъ пІокІэ, силъэпкъэгъумэ укъызэхашІыкІыщтэп... Сэрыгъэмэ, тыркухэр цыхьашІэгъу сымышІыхэу, адыгэмэ нэмыкІ екІолІакІэ къафэзгъотыщтыгъ... Плъэгъурэба шапсыгъэхэр зэрэзекІуагъэхэр – шІу зыгу къафилъ Урысыем цыхьэ фамышІэу шъыпкъахьэ Тыркуем агъэкІуагъэх. Теплъын Зэнэ Сэфэрбый къызэрэпэгъокІыщтхэм, къыхьыщт къэбарым... Хьау, хьау, тыркумэ зядгъэгъапцІэ хъущтэп, адыгэмэ язакъоп, урысыхэри ары.

Перовскэ генералым Хъан-Джэрые къыриІогъэгъэ гущыІэхэр ыгу къэкІыжьыгъэх: «Хы ШІуцІэ къокІыпІэ лъэныкъор къытферэукъэбзи, Тыркуер тэ зэрэтищыкІагъэ щыІэп». «Ары шъхьакІэ, адыгэ шъолъырыр нибжьи Осмэн Тыркуем щыщыгъэп...» «Щыщыгъ-щымыщыгъэм тигъапэрэп, гущыІэ къодый, мамыр зэзэгъыныгъэу тхылъыпІэм ратхагъэр, зыкІэтхэжьыгъэхэр хэгъэгуитІумкІэ – тэркІи тыркухэмкІи – хэбзэ дэхынчъ. Джы адыгэмэ ар зэрагурыдгъэІон фаер зэкІэми зэдытиІоф. Непэ щыублагъэу ащкІэ уиІахьылхэр, къыппэблэгъэ адыгэхэр мэкъэнчъэ умышІых, уахахьэмэ, пщы-оркъмэ, мэкъумэщышІэмэ афэІуат, зэхягъэшІыкІ, агурыгъаІу. ПащэкІэ къыпщэгугъыхэми, хьау ямыІу... Ощ фэдэ гугъапІэхэр адыгэ шъолъырым щытимыІэу Тыркуем шъукъызэрэтитыгъэм арэу псынкІэу тезэгъыгъэу къызщымыгъэхъу. Типачъыхьэ, джыри кІалэ нахь мышІэми, чыжьэрыплъ. Ори ащ урилэгъу, кІырыплъ...»

Хъан-Джэрые игукъэкІыжьмэ къыкІагъэщтагъ пІонэу къахэужьыгъ, гукІэ зэриІожьыгъэ: адыгэ шъолъырым сырипачъыхьанэу къысапэсыгъагъэмэ, сыадыгэба, сыдэущтэу сыл афэмыузын, нахь чыжьэу сыплъэни! Ау ащ фэдэ гугъапІэ, къысаІокІыгъэми сезэгъыщтыгъэ, бгъуитІуми къатырэп. Хъымыщые пщы-оркъхэр? Ахэмэ къысашІагъэр арынкІи мэхъуба Паскевичыри Бенкендорфи къызкІысфэсакъыгъэхэр. Сызэрэхъун фэшъхьаф къысамыІуагъэ фэд, ау етІани... ГъэпсэфакІо шъуадэжь узыкІожьыкІэ, шъуиунэ уимытІысхьажьэу цІыфмэ ахахь, типыий, тишІуи заІугъакІ, талъэныкъокІэ яІоф зытетыри агурыгъаІу, ТыркуемкІэ гугъапІэ зэрэщымыІэжьыр зэхягъэшІыкІ... Ащ фэдэкІэ Александр Христофоровичыр сицыхьэшІэгъу фэд, ау урысыдзэр адыгэ шъолъырым зэрэращагъэр сшІуеушъэфы. СынитІукІэ ар сымылъэгъугъэмэ, сшІошъ хъуныеп. Зэ, сыд Тыркуе лъэныкъуа адыгэ гугъапІэр зыдэщымыІэжьыр? Сыда ащыгъум Зэнэ Сэфэрбый Тыркуем зыкІаІофтагъэр, урыс-тырку зэзэгъым адыгэмэ яІоф къызэрэхахьэрэм ишъыпкъапІэ къыхьынэу ары. Ащ нэс, мор зичыжьагъэм мыкІохэу, сэ къысэупчІыгъэхэмэ, къэбарым ишъыпкъапІэ щызгъэгъозэнхи... Хъымыщые пщыоркъ хасэм къыщысэупчІыгъагъэх, ау къэбар мышІур сищыпэгъэІунэп сІуи, сызщыгъуазэр шъхьэих афэсшІыгъагъэп. Джыры? Джы сыд, тхьэмафэм блэкІыгъэшъ сыкъызыкІожьыгъэр, нахьыпэм гъогум сыкъызэрэтыращыгъагъэм фэдэу, зы хаси сырагъэблэгъагъэп, «фэсыжьапщи» къысаІонэу лІы купи тихьакІэщ къихьагъэп... Ау ащ пае силъэпкъ нэмыплъ есхыгъэп. Тыркуем кІогъэ лІыкІохэр Шапсыгъ ныІэп зэрыкІыгъэхэр. Адыгэ шъолъырыр шапсыгъэ лъэпкъ закъоп – нэмыкІ лъэпкъ пчъагъэкІэ зэхэты. Тятэ зэриІощтыгъэу, узтехьэгъэ гъогум пшІомыигъо Іэджми уащырихьылІэщт, гукІэ хэпхыгъэм фэшъыпкъ. Зэгорэм пщыгъо пчъагъэкІэ зэтеутыгъэгъэ Урысыем зы хэгъэгу зызэришІыгъэу адыгэхэр зекІогъагъэхэмэ, непэ мыр къытэхъулІэщтыгъэп, ау джыри кІасэп. Лъэпкъ зэмыдэІужьмэ япащэмэ зырызэу уадэгущыІэн нахьи, ахэр зэзгъэзэгъыгъэ пащэм ыжэ плъыхъумэ, гущыІэ ебгъотылІэщт. Хъымыщые пщы-оркъмэ ар къагурыІуагъэп. Джы зэрэхъурэмкІэ, адыгэхэр, фай-фэмыехэми, зэуцолІэнхэ лІышъхьэ, Паскевич графыр Кавказ кІыбым зэрэщыІэм фэдэу, Урысыем къафишІынкІэ енэгуягъо. ЗэкІэми анахьышІугъэр, хэти щэрэщ фаеми, тилъэпкъэгъумэ ары...

– А Дзэпщ, а нынэ, шъыд мы дунай Іаем уизакъоу урамым узыфытетыр! – Къэнтатэ иджэмакъэ Хъан-Джэрые игупшысэмэ къахищыжьыгъ.– А Сисур, а нысэ, модэ кІэлэхэур щагум къыдэшъущэжь.

– Уипчэдыжь шІу, нан,– Къэнтатэ зытет унэ лъэгуцым Хъан-Джэрые къытехьагъ.

– Ора, сикІал? – Зымакъэ зэхихыгъэм щыгушІукІэу Къэнтатэ къызэплъэкІыгъ, етІанэ зыІапэ аІыгъэу щагум къыдащэжьырэм еушъыигъ: – А нынэ, а Дзэпщ, щагум удафыгъ пІонэу, нэфмышъэу уизакъоу гъогум утемыт.

– Хэта, нан, щагум сыдэзыфытэр? – Дзэпщ къызІуипхъотыгъ,– татэ къэкІожьыгъэпышъ сыпаплъэ.

– Ал!..– Сисури зэмыжагъэм къыгъэуплъыжьыгъ.

– Адэ зыми щагум удифынэп, сикІал! – Сисурэ укІытапІэ зэрэрагъэфагъэр щигъэгъупшэжьэу, Къэнтатэ шъэожъыем дыригъэштагъ.– Ар къыозышІэн зихьисапэр сэ апэ пщы щагум дэсфын...– ЕтІани римыІон ылъэкІыгъэп: – узымыгъэпэн фаемэ зямыгъэгъапэу модэ кІори пчэдыжьышкэ шІы. Я си Алахь, шъыдэу Адыл-Джэрые ицІыкІугъом фэд мыр...– Шъэожъыем кІэлъиІожьыгъ,– Сисурэ тхьамыкІэр тапашъхьэ укІытапІэ щыридзагъ.

– СыкъызыкІуагъэм щегъэжьагъэу, нэгушІопсыджэ къызэрэспэгъочъыгъагъэм фэшъхьафэу, щхыпэ къекІугъэу Сисурэ слъэгъугъэп, гукъао горэм зэридзэу къысщэхъу,– Хъан-Джэрые ыІуагъ.

– Ары, сикІал, ары,– тІэкІу тешІагъэу, шъэожъыер зэращыжьыгъэ щагупчъэмкІэ плъэзэ, Къэнтатэ къыІуагъ, хэщэтыкІыгъ,– ауштэу къыпщэхъумэ, ухэукъорэп. Уянэ жэ пытэшъ, Сисурэрэ Шъэуаерэ якъэбар къыуиІотэп, агу хигъэкІытэп. Мыщ фэдэу Шъэуае игъэпсыкІэ къызгурымыІоу къыхэкІыгъэп.

– Адыгэ Іофа, унэгъо Іофа? – Аужырэ гущыІэмкІэ нахь укІыташъоу Хъан-Джэрые къэупчІагъ.

– Шъэуае иадыгэ Іоф сэщ нахь мыдэеу ущыгъуаз, сикІал. Шъори шъурыгущыІагъ, тэри тытегущыІагъ. Ежь къызэрэшІошІэу, ыгу къызэрэриІоу адыгэ ІофымДжэ зэрэпсэурэмджэ згъэмысэрэп. ПцІымрэ шъыпкъэмрэ зыщызэхэфыжьыгъое уахът тызхэтыр. Ау ащ нахь гурыІогъуай Сисурэрэ Шъэуаерэ къяхъулІэрэр. ПшІэ пшІоигъомэ, уянэ еупчІ, Сисурэ тхьамыкІэм игукІае ар нахь щыгъуаз. Шъэуае изекІуакІэ сытегущыІэныр къекІурэп, Къаймэтми е Хьадж-Къэсэими къыпфаІотэн. Тхьаумэфэ бэдзэрыкІо мафэхэр къэсы хъумэ, Іиман зимыІэ Шъэуае ибын-унэгъо дэхэцІыкІу нэмыз-Іумызэу къызэхенэшъ, псым екІы... Ау, укъысэдэІутмэ, сикІал, Шъэуае иунэгъо Іофмэ уахэзгъэгущэІэтэп. Шъыдэу сшын, Сисурэрэ шъэожъые цІыкІумрэ ягукъао сыкъешкы... КІо, сшІэрэп, Хьадж-Къэсэй еупчІ, шъо, хъулъфыгъэхэр, нахь шъузэгурыІонджи къэнэнэп. Ау ащ Шъэуае къыщымыуцумэ, шъыд, синынэгущ, къэзэкъ кІэпхынэм елІылІэу, къэхъугъапэр!..– Къэнтатэ къыІуи, тыжьын бэщыр зыкІигъэакъозэ, унапчъэмкІэ ежьэжьыгъ, къызэджэкІыжьыгъ: – НекІо, сикІал, джыри укъысэмызэщыгъэмэ, тыгъоспчыхьэрэ Іофмэ апытыдзэжьын. О уичэзыуи къэсыгъ, укъыздикІыгъэм зыбгъэзэжьырэм, ори тимылъэпкъэгъу горэм зыкъыпІуишІыхьанышъ, уигъэделэн... УкъызыкІуагъэр тхьамафэм къехъужьыгъэшъ, уянэ къыуезгъэІуагъэмджэ джыри зыбгъэсысыгъэп, къысщебгъэутагъ...– Къэнтатэ гъумытІымызэ, унэм ихьажьыгъ, Хъан-Джэрыий Іордэгъазэу зышъхьэ къыфырахыгъэ Шъэуае иунэгъо Іофхэми ежь икъэщэн Іофэу зымафэ янэ къыриІокІыгъэми ахэгупшысысыхьэмэ, гукІи тІэкІу щхызэ, янэжь лъежьагъ.

## VIII

Къэщэн Іофым нахьи Шъэуае иунэгъо Іоф нахь ыгъэгумэкІызэ, шыу годзэ гъусэкІэ Хьадж-Къэсэй ышти, Васюринскэ гъогум Хъан-Джэрые техьагъ.

Лэбэпэ тхьаумэфэ бэдзэрым Шъэуаерэ Анфисэрэ зызэІуашІыхьэзэ, къэзэрэщэгъакІэхэм афэдэхэу, ынитІукІэ зымафэ Хъан-Джэрые щызэдимылъэгъугъагъэхэмэ, елбэт шэскІэ гъогу темыхьаныекІи мэхъу. Нахьыжъыгъэ-нахьыкІагъэм къыубытызэ, Шъэуае унэм щыримыІошъугъэр Анфисэ гуригъэІонэу, гущыІэ къызэдагъотынэу мэгугъэ.

Анфисэ дгъэукІытэмэ, Шъэуае зыкъедгъэшІэжьын, Хъан-Джэрые хэшІыкІ джыри зыфыримыІэ Іоф хьылъэм хэгупшысыхьэ, Сисури, нани, сяни дгъэгупсэфыных. Чылэми нэмыкІхэми ямыщыкІэгъэ къэбар зэтеІукІымэ кІэух афэтшын. Бын-унагъо зиІэ нэбгыритІумэ азыфагу къыдэтэджагъэр къэзэкъхэмкІи адыгэхэмкІи емыкІу. ЕтІани, нанэ иІуагъэу, унагъо зиІэ бзылъфыгъэм, зилІ дзэ къулыкъум щыІэм икІэпхын уемылІылІэ мыхъунэу сыда къэхъугъапэр. Анфисэ елъытыгъэмэ, Шъэуае уасэ зыфишІыжьыныр тефэ. Хъунэп, Сисурэ фэдэп нэмыкІ бзылъфыгъэкІэ ахъожьырэр. Анфисэ зи епІолІэнэп, щэкІэ гъэпскІыгъэм фэд. Ынэхэр, ылъакъохэр, ыпчан? Мы илъэс зыщыплІым умышІэжьынэу зиштагъ, идахэ дахэ хэхъуагъ, лъэкІапІэм къешІэкІыгъэ щазымэ гъожьэу лъэпс блэгъэ кІыхьэхэр зынэІу къечъэхрэмэ ащегъэжьагъэу ыплІэІу иубгъогъэ шъхьэтехъо къолэным щыкІэкІыжьэу щыгъыр зэкІэ къекІу.

Мыфэбэ дэдагъэми, шъхьац шхъомчышъор шъхьэпхэтыкум щыущэрыхьагъэу шъхьэпцӀагъэ. Шъэуай? Хъулъфыгъэмэ ямынэӀосэ бзылъфыгъэ залъэгъукӀэ, анэ къикӀэу, зыӀуашӀыхьэу рагъэжьэ. А мафэм уихьэшӀ-къошыгъэ сымылъэгъугъэмэ нахьышӀугъ, Шъэуай! СицӀыкӀугъом щегъэжьагъэу непэ къызнэсыгъэм зымэфэрэ шъхьэпсынкӀагъэу ослъэгъулӀагъэм фэдэ бдэслъэгъугъэп. Анфисэ сыд къыуишӀагъэр? Уиушхъухьагъа? Сыдэущтэу ар уишъхьэгъусэ пэпшӀырэ? Сисурэ сшыпхъум фэдэшъ, ори унахьыжъ папкӀ, нахь нэшӀукӀэ сеплъэу къызщымыгъэхъу, Анфисэ фэдипшӀ къызэгобгъэуцуагъэми, Сисурэ идэхагъэкӀи, ишӀыкӀэшӀуагъэкӀи, ицӀыфыгъэкӀи апэозгъэшӀынэп!..

– Зиусхьан,– Хьадж-Къэсэй Хъан-Джэрые игупшысэхэр зэпигъэугъэх,– уитэмэтелъхэр птелъыгъэхэмэ нахьышӀугъэба?

– Шъыд, Хьадж-Къэсэй,– гущыӀэ лъапсэм къикӀырэр Хъан-Джэрые къыгурыӀогъагъэми, гъусэ нахьыжъым еупчӀыжьыгъ,– ар озыгъаӀорэр?

– СшӀэрэп ныӀа, къэзэкъхэм къытфыряхьисапытэр,– тӀэкӀу тыригъашӀи, Хьадж-Къэсэй къыриӀожьыгъ.

– Бжъэдыгъухэмрэ къэзэкъхэмрэ тызэшӀугъэу тэӀоба?

– Олахьэ сымышӀэ, зиусхьан, ар къэӀогъошӀу, ау илъэс пчъагъэм тазыфагу къыдэхъуахьыгъэр бэ... Джарыщтын зымафэ Пшызэ псыщэ сыкъызэкӀом, къэзэкъ шыу горэм исэшхо адырэ нэпкъымджэ къызкӀысфигъэлъагъотгъэр.

– Оры?

– ШъхьакӀо къэзыхырэм сезэгъына, сэри сикъамэ езгъэлъэгъужьыгъ,– Хьадж-Къэсэй ынэгу Ӏужъу щхыпэ тӀэкӀу рычъагъ, етӀанэ къэушӀуцӀызэ къыпигъэхъожьыгъ: – А къэзэкъым исэшхо къысфимыгъэлъэгъогъагъэмэ, сэ сикъами фисымыхыжьынджи хъуни... Шъыд ар къызэрыдгъэкӀыгъэр? Гукъауа, нэмыплъа, гухьагужьа? Шъыд тэ зэтетхырэр? Псыхъопсыр пхъэчаим зэризгъахъотгъэр ара? Дунаир щэӀэфэджэ, а псыр хэти фикъут. Зэрэхъурэмджэ, арэп Ӏофыр зыдэщыӀэр, зиусхьан. Зэхэоха?

– СыкъэдаӀо, сыкъэдаӀо, Хьадж-Къэсэй,– Батайскэ гъогум Куприянов къэзэкъым къыщыфидзыгъэгъэ гущыӀэ дыджмэ Хъан-Джэрые къахэужьыгъ,– моу зыгорэ гум къэкӀыжьыгъагъэти ары.

– Ӏофыр зыдэщыӀэр, зиусхьан, къэзэкъ-адыгэ закъомэ ялъытыгъэп, гукъаор, нэмыплъыр, гухьэгужъыр хэтырэ цӀыфи идагъу. Ахэмэ анэмыкӀ дагъуи тхэмылъэу сӀорэп. ЦӀыфым ижъалымагъэ, зиусхьан, къыптекӀонэу ешӀэмэ, хьэкӀэ-къуакӀэхэр пщигъэгъупшэжьыт...– ТӀэкӀу тешӀагъэу, зиумысыжьы фэдэу, пщым зэхыригъэхэу гъумтӀымыгъэ: – Тэ етӀани бжъэдыгъухэмрэ къэзэкъхэмрэ тызэшӀугъэу тэӀо... Тшъхьэ еуфэхыгъэу ядзэ тичӀыгу итэгъэкӀы пае...

Хьадж-Къэсэй игущыӀэ гукъаомэ ауж, хегъэкӀокӀэжьы пӀонэу, мэкъэ икӀыгъэкӀэ щхыжьыгъэ. Хъан-Джэрыий гъусэм нэплъэгъу фабэкӀэ фыреплъэкӀыгъ, адырэри, ащ фэхьазырыгъэ фэдэу, джэуапынчъагъэп:

– ЕмыкӀу, къысфэмышӀ, Хъан-Джэрый,– фэбагъэ хэлъэу пщым ыцӀэ къыӀуагъ,– сызэрэщхыгъэр делагъэджэ къысфэмылъэгъу, тэ къызэрэтщыхьоу бжъэдыгъухэмрэ къэзэкъхэмрэ тызэшӀоп, джа къэзэкъ джэгуалъэм фэдэ куп, хэт ышӀэра, тигъогупэ къыщытпэуцумэ, тызэрэбжъэдыгъу мамырыр шъыдэу хъумэ едгъэшӀэн, уитэмэтелъхэр птелъыгъэмэ тыкъагъэгъунэни сэӀошъ ары.

– Ара узфэщхыгъэр?..– Хъан-Джэрые ыӀуагъ нахь, гущыӀэ лъапсэмэ Ӏофы заригъэшӀыгъэп, ау шъхьарыкӀыныри къыригъэкӀугъэп: – Сиурыс тэмэтелъхэри стелъыгъэми хъуни. СарыукӀытэу, сарыщынэу арэп, тадэжь сыкъызыкӀуагъэм стамэхэм зязгъэгъэпсэфын сӀуи, сизабыт щыгъын адыгэ шъуашэджэ зэблэсхъугъэ. Урыс тэмэтелъхэр стемылъхэми тыцӀыфба, щынагъо щыӀэп. ЕтӀани, Хьадж-Къэсэй, хэтырэ цӀыфи шъыд бзэгу зыкӀыӀулъэр? РэгущаӀэ, рыкӀэупчӀэ, гущэӀэгъу арыфэхъу. Бзэр умышӀэми, гумрэ псэмрэ, нэплъэгъу дахэмрэ мэкъэ шъабэмрэ узэхаригъэшӀыкӀын, уагуригъэӀон. Ау зыхъурэм, уигумэкӀ зыщыгъэгъупш.

– Олахьэ ари шъыпкъэм,– Хьадж-Къэсэй къезэгъыгъ,– мы тызыфакӀорэм, Шъэуае тхьамыкӀэр къэзыушхъуахьыгъэм, тыкъызэхишӀыкӀытмэ сшӀэрэп нахь... Къэзэкъ бзылъфыгъэхэр ялӀыхэмджи ямылӀхэмджи шъхьафитыщэхэу мэпсэух...

– ТыкъызэхишӀыкӀынджэ сэгугъэ...– Хъан-Джэрые къыӀуи, ежь зэнэгуещтыгъэ гущыӀэхэр къехьылъэкӀыщтыгъэхэми, аблэкӀыгъэп: – А тӀэкӀури ахэлъ, ау зэкӀэри ащ фэдэу щытэпщтын...

Хьадж-Къэсэй къыриӀожьыгъэр зэхимыхыжьэу ардэдэм Татьянэ Константиновнар Нева Ӏушъо апэ Хъан-Джэрые зэрэщилъэгъугъагъэу, етӀанэ Батайскэ щайешъуапӀэм

зэрэчӀилъэгъогъагъэу ынэгу къыкӀэуцуагъ, текӀыгъэ илъэсырэ ныкъорэм щымыгъупшэщтыгъэ пшъашъэу, джы ӀукӀэмэ, нахьыпэм фэдэу къепэгэкӀыщтыгъэми, нэӀуасэ зызыфишӀы шӀоигъуагъэм иаужырэ шъыгъо теплъэ ыгу къыпигъэузыкӀыгъ. Пушкиным иусэхэмкӀэ нэӀуасэ зыкъыфэзгъэхъугъэгъэ пшъэшъэ гушӀубзыухэри ыгу къэкӀыжьыгъэх. Тэ щыӀ шъуӀуа ахэри? Татьянэ Константиновнам ешӀэщтын. Тэдырэ лъэныкъу шъуӀуа ахэми ягъогупэ зыдагъэзагъэр? Илъэс тӀокӀым шъузабэ хъугъэ Татьянэ хэта шъхьэгъусэ фэхъугъагъэр? КӀыгъугъэ забытмэ темэтелъ цӀыкӀухэп ателъыгъэхэр, зихьадэ ащэжьыщтыгъэри, сяупчӀынкӀи къезгъэкӀугъэп, забыт къызэрыкӀуагъэпщтын... Сабый къыкӀэныгъэна?.. ТхьамыкӀагъом ишъыгъо щыгъынхэр ары умыӀощтмэ, джа зэ зэрэслъэгъугъагъ...

— Сисурэджэ гукъаом сызэкӀоцӀифыгъэшъ, къэсэӀо нахь,— Хьадж-Къэсэй джыри игущыӀэ къытырегъэзэжьы,— къэзэкъ бзылъфыгъэхэр зэкӀэ зэрэмынэпэнчъэхэри къызгурэӀо, ау Шъэуаерэ АнфискърэязекӀуакӀэ къезгъэкӀурэп, кӀэ фэтымышӀы хъутэп. ЕмыкӀу къысфэмышӀ, зиусхьан, ощ нахьи сынахьыжъ, мы къыосӀотэр къысэмыпэсыгъэнджи мэхъу, ау...

— СыкъэдаӀо, сыкъэдаӀо, Хьадж-Къэсэй,— зигупшысэмэ къахэужьыгъэ Хъан-Джэрые нахьыжъым фыреплъэкӀыгъ.

— Уянэрэ Сисурэрэ къысфашӀыгъэ пшъэрылъыр,— теубытагъэ ымакъэ хэлъэу Хьадж-Къэсэй къыпидзэжьыгъ,— къыосӀот... КӀэмгуе лъэныкъом Болэтыкъомэ адэжь укъомыкӀы хъутэп, зэзэгъыгъэхэ пщы унагъор уигухэлъ къежэ...

Хъан-Джэрые джэуап ымытыжьыгъэми, ащ нахьрэ бзылъфыгъэ Ӏоф Васюринскэ гъогум щытегущыӀэжьыгъэхэп. Хьадж-Къэсэй зэрэмыгугъагъэу, къэзэкъ лъэныкъо гъогур гупсэфыгъэ. Пашкэ куреными иджабгъукӀэ зебгъукӀохэм, Васюринскэм нэсыхэ зэхъум къапэкӀафэщтыгъэ къэзэкъ шыухэми, лъэсыхэми, кухэм арысхэми шъхьэгъэсыс шӀуфэс къабгъодэкӀыжьыщтыгъ нахь, сыд шъуисэлам, зыуж шъуитыр аӀоу нэ ӀаекӀэ къяплъыжьыщтыгъэхэп — гъэтхэ мафэм фэлэжьэрэ цӀыфхэр тыдэкӀи къащыпэкӀафэщтыгъэхэми, гупсэф нэгугъэх.

Васюринскэ дэхьагъум къэзэкъ шыуитӀу горэм шӀуфэс къахи зыблэкӀхэм, Хьадж-Къэсэй фэщыӀагъэп, гъумтӀымыгъэ:



— Ашъыу, мы къэзэкъхэр тэ зэрэтӀо дэдэу щытхэп...

Хъан-Джэрые гукӀэ щхыпцӀыгъэ нахь, зэхихыгъэм зи къыриӀолӀагъэп.

Анфисэ зинысэ Паденкэм ищагу зэгъокӀыгъэ, къэлапчъэри унапчъэри егъэтыгъагъ, хьэ шхъонтӀэжъ пшъыгъэр, Бамбэт ыпхэкӀ зэгорэм изытхъыгъагъэр арыщтын ыӀуи, Хьадж-Къэсэй щхыпцӀыгъэ, зэ-тӀо къяхьакъуи, къакъыр лъапсэм итыгъэуапӀэ игъолъхьажьыгъ. Ягъунэгъу Качурэмэ, Анфисэ зыпхъумэ, ящагуи яуни джащ фэдагъ. УзэупчӀын цӀыфи Ӏэгъо-благъом къыщылъагъощтыгъэп.

— Тэ хъугъэх мыхэр?! — Хъан-Джэрые зиплъыхьагъ,— хьаулыеу тыкъэкӀуагъэджэ сенэгуе.

— Олахьэ, зиусхьан, темыгупшысагъ,— Хьадж-Къэсэй ыгу къыдеӀэзэ Ӏужъу-Ӏужъоу щхыгъэ,— гъэтхэлэжьэгъу мафэм мыхэр тэщ фэдэхэджэ огугъа, губгъом итых. Ыджары бзы бетэмалыр къызщыдгъотытэр, яхъуи, ябзи ӀофшӀэкӀожъыых.

Ардэдэм ку мэкъэ псынкӀэр къэӀугъ, Анфисэ зэрыс шы зэкъокури къэгъэзэгъум къыкъолъэтыгъ. Адыгэ шыуитӀур мэфэщэджагъом якъэлапчъэ Ӏутэу зелъэгъум, Анфисэ кӀэщтэуӀукӀыгъэми, шым ичъэ щыримыгъэгъакӀэу къыӀулъэдэжьыгъ. Джыры ныӀэп хъулъфыгъитӀумэ языр къызишӀэжьыгъэр:

— Мыдэ!.. Ора ар, Хъан-Джэрый? — ШхомлакӀэр чӀидзи, пкъы дахэр ыуфэзэ, Анфисэ кум къипкӀыгъ, етӀанэ щтэгъэ нэгукӀэ къызэтеуцуагъ: — Тхьэ къысауи, Хъан-Джэрый, си Пантелей икъэбар гомыӀу къысфэпхьыгъэми сшӀэрэп... Псауа, узынчъа?!

— Псау, псау Пантелей, Анфиса Ивановна!..— Мыр зэрэзгъэщтагъэр Хъан-Джэрые ыӀозэ, ыбгъэгу зыкъычӀэзыдзэгъэ бзылъфыгъэр зэриубытылӀагъ,— мазэ горэ тешӀагъэми ары зыслъэгъугъэм. Польшэм тыкъызэдикӀыжьыгъ, лӀыгъэ хэлъэу зэрэзэуагъэм пае бгъэхэлъ тыни къафагъэшъошагъ... Ежь пачъыхьэ шъыпкъэм къыритыжьыгъ. Ори, ыкъо цӀыкӀуи, ятэ-янэми къакӀэупчӀэ, шӀуфэс къышъуехыжьы.

— Бгъэхэлъ пачъыхьэм къыритын нахьи,— Хъан-Джэрые зыкӀэрищэикӀыжьыгъ Анфисэ,— ти Пантелей Савельевич тигугъэпӀэ, тпсэ закъо къытферэгъэкӀожь! Сэри, Лешки тыфэзэщы, ятэ-янэхэри акъо закъо фэлӀэжьыгъэх... КъерэгъэкӀожь!

– Пачъыхьэр, Анфисэ Ивановна, умыгъэмысэ,– игые шъабэ къыхэщэу, ау пытагъэ хэлъэу бзылъфыгъэ шъуашIом Хъан-Джэрые риIуагъ,– Пантелей Савельевичым къытефэрэр ихэгъэгу фегъэцакIэ. Ау шIэхэу къызэрэкIожьыщтым, къиххьащт гъэмафэм зэрэшIомыкIыщтым уицыхьэ тегъэлъ.

– Гъэмафэм адыгэмэ аригъэзэонэу къыгъэкIожьыщт, ара?! – ГушIоным ычIыпIэкIэ Анфисэ къыхэкуукIыгъ...– Адыгэмэ язэощтымэ, къэрэмыкIожь!

– Анфиса... Анфиса Ивановна, зыгъэрэхьат.– Хъан-Джэрые ымакъэ къэушъэбыгъ, етIанэ зэнэгуерэр риIуагъ: – Пачъыхьэм адыгэмэ зао аришIылIэщтэп, зызэхаригъэшIыкIыщт. Ащ фэдэхэр зыIохэрэр цIыф дэгъухэп, уямыдэIу.

– Шъэуае мыцIыф дэгъунэуи?! – Анфисэ зэхихыгъэр ыдагъэп, ежь къаушъхьакIугъэм фэдэу къыгъэтэрэзэжьыгъ: – Шъэуае шъыпкъэ еIокIэ, цIыф дэп!

– Шъыд сэIо мыщ ыIохэрэр? – Шъэуае ыцIэ зызэхехым Анфисэ къыIощтыгъэ тIэкIу-шъокIухэр Хьадж-Къэсэй зэхишIыкIыщтыгъэми, зыIупIэ ыIыгъ онэшым жэдаозэ, ыгу тыригъэпщахэу адыгабзэкIэ къэупчIагъ, гъумтIымызэ къыпигъэхъожьыгъ: – ЕпхъэшэкI мыщ...

– Шъэуае шъыпкъэнчъэ сIорэп сэ,– Хъан-Джэрые гъусэм къыIуагъэм шъхьарыгущыIыкIызэ, игущыIэ пидзэжьыгъ,– ау шъузщымыгъуазэм шъурымыгущыIэмэ нахьышIу.

– Шъэуае изакъоп,– Анфисэ зытетым текIырэп,– тикъэзэкъхэми аIо.

– Шъыд сэIо Шъэуае къыриIуалIэрэр? – Хьадж-Къэсэй джыри хэгубжыкIыгъ, хъаныкъом зэригъусэм пае къымыгъанэу фигъэпытагъ: – Шъэуае къыпымыпкIэнэу еIу!

– Сыда мыщ «Шъэуай, Шъэуай», зыкIиIорэр? – Анфисэ къэупчIагъ, етIанэ ынэ дэхитIу къиухъурэикIэу къэгузэжъуагъ: – Шъэуае зыгорэ къехъулIагъа?!

– Хьау, Анфиса, Шъэуае псау, узынчъэ, сигъусэ ыцIэ къызкIыриIорэр зэшъэогъухэшъ ары...– ТыкъызфэкIуагъэр мыщ есIонэп, есIокIи, илI тхьамыкIэ нахьи ыжэ дэмыкIырэ ШъэуаекIэ тыкъызэхишIыкIынэп, тыгурыIонэп, ау гурыIонэу есIокIын,– ишъэожъые епIу, елэжьы, ишъуз шIу елъэгъу, егъашIо...– Анфисэ ынэкIушъхьэхэр къыхихэу зелъэгъум, щыгъупшэгъагъэр ыгу къэкIыжьэу иджыбэ итхъожьыгъ: – сщыгъупшэжьыгъи... Мы тыжьын сомэр Пантелей Савельевичым къышъуфысигъахыгъ... Тэ моу чIыпIэ горэм тэкIошъ, Анфиса Ивановна, гъогу тытехьажьын. Шъуибын-унагъоми сэлам тфяхыжь. Санкт-Петербург мазэм ыкIэмэ адэжь згъэзэжьыщтышъ, Пантелей Савельевичым зыIузгъэкIэн, шъуикъэбарышIу щызгъэгъозэн, шIу зэрэшъулъэгъури шъузэрэфэзэщри есIожьын...

– Ащ фэдэу псынкIэуи? – Тыжьын сомэр къэптан джыбэм езгъэкIурэ Анфисэ къэупчIагъ,– унэм шъукъимыхьэуи?.. Адэ ары, Пантелей Савельичыр ары тэ, ПаденкэхэмкIэ, тигугъапIэр, тикъотэгъур, шIу зэрэтлъэгъурэр, тызэрэфэзэщырэр... Уапашъхьи сыщыукIытэнэп... СызэрэкIэхъопсырэр сфеIожь...

– Зэ къэуцу, зиусхьан,– Хьадж-Къэсэй иш зэтыриIэжьыгъ,– умыгузажъу, Хъан-Джэрый. Сэри хьаулыеу мыщ нэс сыкъызэрэмышэсыгъэр мы бзылъфыгъэ хьашIкъошым езгъэшIэн.

– НекIо, некIо, Хьадж-Къэсэй, тыкъызэхишIыкIытмэ, сэ ащ есIуагъэр икъут,– Хъан-Джэрые зэхихыгъэм къыгъэгузэжъуагъ.

Къэзэкъ зырызхэр къызкIэлъыплъэрэ адыгэ шыуитIур лъэхъу цIыкIукIэ Васюринскэм къыдэкIыжьхи хэгъуашъхьэм къыIокIыжьыфэ, зы гущыIэ зэраIуагъэп. Апэ зызыфэмыщыIагъэр Хьадж-Къэсэй:

– Зиусхьан, сызэхэпхыгъа, Хъан-Джэрый? Бзылъфыгъэ цIыкIум узфегыигъэ Iофымджэ тызэхишIыкIыгъэджэ сыгугъэрэп...– ЗэупчIыгъэм къыриIожьыщтми пымылъэу хэхьапщыкIи, къыпидзэжьыгъ: – гу зэфэзышIыгъэ нэбгыритIумэ азыфагу тихьагъэу, гонахь къэтэхьыджэ сенэгуе... А зызакъор ары, си Алахь, лъэпкъ зэхэдз зымышIэрэр... О зи къэмыIу, сэ сыгу илъыр къэсIонышъ, ыджащ щытэгъэух... Мы Iоф дэдэмджэ, силIыгъэ есхьылIи, Шъэуае сызыдэгущыIэм, сыгу хигъэкIэу къысэдыргъыжьыгъагъ... Мы зыуж тихьэгъэ Iофмэ уахахьэ хъутэп, емыкIуи, гонахьи, гузэгъабгъи ахэпхыт...

– Шъыд ащыгъум, тыкъызыкIэбгъэшэсыгъагъэр, нахьыжъ? – Гузэгъабгъэ къыхэмыхьэу, гые шъабэр къебэкIэу къыгот шыум фыреплъэкIынкIэ укIытэу, фэсакъзэ еупчIыгъ.

– Шъыд аIорэр,– тIэкIу тешIагъэу Хьадж-Къэсэй джэуапыр къытыжьыгъ,– ем нахьи шIум цIыфыр нахь щегъаIэ...

Зыгорэ дэдэ дгъэхъэн тшIошIэу ори сэри тызщыгугъыжьыгъагъ шъхьаджэ, тфэмыукIочIытымджэ зыдгъэпцIэжьыгъ.

– ЕтIани епхъэшэкI къысапIотыгъ...– Хъан-Джэрые, къызхимыгъэщэу, гукIэ щхыпцIыгъэ...

– Олахьэ сымызэфагъ,– заулэрэ кIуагъэхэу Хьадж-Къэсэй къыпиупкIыгъ, тIэкIу тешIагъэу джыри хэхьапщыкIзэ, къыIуагъ: – къезгъэжьэгъахэмэ, зиусхьан, сишъэф горэми ышъхьэ къыпфисхын. Унагъо зысшIэгъагъэм илъэсищ тешIэгъагъэми ары. Чылэ нысэщэ джэгумэ сакъыщэшъо, зысэгъэтхъэжьы сIозэ, пшъашъэ горэ шIу сIэкIэлъагъуи, укъыкIэмыупчI, тичылэ щыщэп, сэ къинэу слъэгъугъэр, сызэригъэкIокIы пэтыгъ!.. Сэ сыIофа, тиунэ ис тхьамыкIэр, зыпсэ къысIузылъхьэрэр ыджа зыфасIорэ пшъэшъэ нэ чан цIыкIум, джы сабыибгъур къетэкъокIыгъэу мэпсэу, джынэуз сехъулIэнджэ, зыкъэсымышIэжьыгъагъэмэ, къэнэжьыгъэ щыIагъэп. Адэ ыджары, пшъхьэ зыуназэджэ, дунаир къыбдечэрэгъокIэу къыпшIошIы нахь, ежь шъхьэчъэ-псачъэджэ укъырихьакIэу къыпщыхъурэп... Е-е, дунаижъ, дунаижъ мыгъу, шъыд отшIагъэр укъытэмыIэсэкIэу... Ыджар дэдэр, мары, сIуагъэ пIожьын, мы зызфэдгъэлIэжьрэмэ якIэухыт... Ау ащ къикIырэп пшъхьэ хэплъэшъуахьыжьыныр, ы-ы, Хъан-Джэрый?

Хьадж-Къэсэй къызыфызэкIэблэжьыгъэ къэбарым едэIузэ, зэхихыгъэр шъхьэм къымыубытыжьэу, Хъан-Джэрые зыфытегупшысыкIыщтыгъэр нэмыкI: кIэмгуе лъэныкъом, Болэтыкъомэ адэжь, псэлъыхъо зэращэщтым, къыщырагъэлъэгъушт пшъашъэм ыгъапэу, Батайскэ гъогу щайшъуапIэм зыIукIэгъэгъэ бзылъфыгъэм зыдигъэзэжьыгъэ Петербург псэкIэ щыIагъ...

Гъэтхэ тыгъэ шэплъыр ошъочапэм къотIысхьажьыщтыгъ, Хъан-Джэрыедыхэр пщы щагу къэлъэпчъэшхом къызIохьажьхэм.

Унэ лъэгуцым тесыгъэ Къэнтатэ Хъан-Джэрые IугушIуагъ, риIуагъ:

– Фэсыжьапщи, сикIал. Модэ тыгъэр къохьажьы, зыхэмыгъэн, уицIыкIугъом уеплъыныр уикIэсагъ.

– Джыри сикIас, нан,– нэшIу шъэбэ тхьагъэпцIышъокIэ Хъан-Джэрые янэжъ IуплъагЪ, жъыгъэр къызэрэхэIагъэр, гъэпсэфакIо къызыкIуагъэм щегъэжьагъэу, гуфаплъэкIэ хилъэгъуагъэми, ыгуи ыли фэузыгъэми, гу лъыригъэтагъэп,– къыкъокIы хъуми, нан, сегъатхъэ, гугъапIэ къысхелъхьэ.

– Адэ ары, сикIал. Чэщ гугъум уеухы, мэфэ гугъапIэм уегъатхъэ.– ТIэкIу тыригъашIи, ышъхьэ къыфыримыхэу къеупчIыгъ: – Шъыд, сикIал, шъуздэщыIагъэм щыкъэбар? Къэт яжъугъэIуагъ... ШъузыIукIэн фаем шъуIукIагъа? ШъукъызэхишIыкIыгъа? Дэгъу, дэгъу, сикIал. Ари спшъэ дэшъухыгъ... КIо, джы хъурэм теплъын... О мыдыджэ, сикIал, хьэкIэшхохэр уиIагъэх.

– СызыдэкIыгъэ закъом, хэт сихьэкIагъэхэр?

– Шапсыгъэ зы лIэу исхэр ары,– Хъан-Джэрые зэрэкъогушхукIырэр Къэнтатэ инэгушIо плъакIэ къыхэщыгъ,– моу шъудэкIыгъэ къодыеу, хэгъуашъхьэм шъуIукIыгъагъэми ары. Къызэрэшъулъесымыгъэжьэгъагъэхэри дэгъу... Къыпфаехэмэ, джыри къэкIоных. Тыгъужъыкъо Къызбэч, Абэтэ Бэслъыный. Мэфищджэ, шэмбэт мафэм, джыри тыкъэкIот аIуагъ.

– Шъыд зыгъэгумэкIыхэрэр?

– УзгъэгумэкIын закIэба, сикIал, мы дунэе Iаер... Сыхьат зытIо къыскIэрысыгъэхэти, яшапсыгъэ Iоф афэухыгъэп. Тыркуем аIофытэгъэ Занэм икъэмыкIожьыкIэ егъапэх. Урысыдзэм тызэрепхъо, тызэтепхагъэу тыщыс аIо.

– Ащ сэ шъыдыджэ сыриIэзэгъу?

– СшIэгущэрэп, Хъан-Джэрый. Ащ фэдэ умыIо. УрямыщыкIэгъагъэмэ, Iофы зырагъэшIэу Шапсыгъэ нэс къыпфикIыныехэп.

– КъэошIэжьмэ, нан, хъымыщые пщы-оркъхэми сырящыкIэгъагъ, сагъэпцIэгъагъ нахь...

– А сикIал, а Хъан-Джэрый, уигукъао къызгурэIо, ау адыгэ дунаир зыщыхьылъэм ащ фэдэ гухьэ-гужъымэ зямыгъэух, пфэшIэтэр афашI.

– КъызгурэIо, нан...– Хъан-Джэрые хэщэтыкIыгъ,– плъэгъурэба зыкIыныгъэ зэрэтхэмылъэр, нэмыкI адыгэ лъэпкъмэ яупчIыжьынхэшъ, зыIо зэдашIыным ычIыпIэджэ, шапсыгъэмэ ялIыкIохэр зыдагъэкIуагъэхэр... Адыгэмэ заоп, зэдыргъыжьынэп непэ ящыкIагъэр. Агумэ атеIукIэжьхэмэ зэушъыижьхэзэ, зэмыгупшысэжьхэмэ, гъогу пхэндж тырагъэзыхьанхэджэ щынагъо... Мыхэмэ Тыркуем ралъэгъулIагъэр сшIэрэп. КъысэдэIухэмэ, сэшIэ сэ адыгэмэ ямамыр хэкIыпIэтэр...

Мафэ къэс, сыхьат пэпчъ адыгэмэ яуашъо къызэрэзэхэушъуапщэрэр ухьафизэми зэхэошIэ. Шапсыгъэмэ аIэ зэтепхэгъагъэхэр атIатэх. Тыркуем фыряIэ гумышIур зыщамыгъэгъупшэу, къызхамыгъэщыгоу, Урысыем къадызэрихьэрэ Iофыгъомэ апэшIуекIожьырэ хэсэ бырсыр пчъагъэхэр а зы мафэм зэхащэх. Ахэмэ мамыр бжъэдыгъухэр непэкIэ агомыхьэхэми, нэмыкI ялъэпкъэгъухэр хагъэлажьэх, зыкъуащэх. Елбэт шэскIэ ялIыкIохэр адыгэ шъолъырым ратIупщхьэх, Щэщэн, Дагъыстан лъэныкъоми агъакIох, Абхъаз лъэпкъэгъухэми афаIопщы.

Адыгэ шъолъырым ишапсыгъэ лъэныкъо джыри зэомашIом зэлъимыштагъэми, илыгъэ зызэрэщипхъотэщтым ехъырыхъышэгъуай. Сыдигъуа зыхъущтыр? Непа, неуща, неущмыкIа? Къихьащт мазэр ара? – Хъан-Джэрые зыфэмыщыIэжьэу игупшысэ-гумэкIмэ къызэкIоцIачыгъ,– гъэпсэфакIо сыкъэкIожьыгъ, сиурыс тэмэтелъмэ зясэгъэгъэпсэфы сIокIэ хъунэп! Адыгэ шъолъырымрэ Урысыемрэ Iашэ зэфырамыхызэ, джыри кIасэп, шапсыгъэ пащэхэм Зэнэ Сэфэрбый Тыркуем зэрагъэкIуагъэмкIэ сигые зафыхэсэгъэпсым, дэгу-псыгу зашIыгъагъэми, сызэхашIыкIыгъэ фэд, ау икъэмыкIожьыкIэ лъэшэу зэригъапэхэрэр ахэслъэгъуагъ. Згъэзэжьынышъ, Бенкендорф графми, Перовскэ, Стекалов генералхэми заIузгъэкIэн, де-Скаси сеупчIыжьын, къысаIорэм елъытыгъэу сыпсэун.

Къэнтат гощэшхоми ишIэ зыхэлъ елбэт зыIэтыкIэкIэ штабс-ротмистрэр Петербург гъогу тезыщэжьыгъэ адыгэ Iофым кIэмгуе-абдзэхэ лъэныкъомкIэ, Болэтыкъомэ япхъу дэжь псэлъыхъо защэм, «уиурыс-къэзэкъ тэмэтелъхэр зытепхыжьхэу укъытхэхьажьыгъагъэмэ, шъхьэгъусэ закъор хэгъэкIи, уигухэлъ-гупшысэхэмкIэ сыкъыбгоуцоныгъи» къызэрэриIуагъэри щыщыгъ.

Гъогууанэ тетыгъэ Хъан-Джэрые игупшысэхэр зэригъафэзэ, Зэнэ Сэфэрбый Тыркуем къызэринагъэм икъэмыкIожьыкIэ ыгъэгумэкIэу хэхьапщыкIыгъ. Ау шапсыгъэхэми, Хъан-Джэрыий ашIэщтыгъэп Тыркуе хэгъэгум Занэм къыщехъулIагъэр…

ЯтIонэрэ Махьмудэ, тырку султIаным, иунэпчъэIупэ Зэнэ Сэфэрбый зыIуащэм, лIы уIэшыгъэр къыпэгъокIыгъ, ащ адырэ унэм ит лIы уIэшыгъэмэ аритыжьыгъ. Джа шIыкIэм хэтэу ящэнэрэ унэми ращагъ.

ЗэрыкIыгъэ унэхэри зэрыхьагъэхэри гуIэтыпIэх. ДэпкъкIэшъо хъырахъишъэхэри дышъэпс егъэшъуагъэх. Шъхьаныгъупчъэ Iухъохэри пхъэ жъгъэй лыдыкIэ пкIэгъэ джэхашъом къынэс-къынэмысышъохэу фыжьыбзэх. Пчъэ бгъуитIумэ япчыпэхэр зэпэгъэIэжьыгъэхэу уIэшыгъэ лIитIу агот. Шъхьаныгъупчъэм пэмычыжьэу пчъэихьагъум пэблагъэу джыри зы лIы уIэшыгъэ щыс, IашэкIэ нахь узэндыгъэу кIэлэ ныбжьыкIэ гори исэмэгубгъукIэ тIэкIу пэIудзыгъэу къыкIэрыс. Ахэмэ апэчIынэтIэ дэпкъ къогъу пыутыгъэм лIы нэхэе уIэшыгъитIу ит.

Язым Сэфэрбый Iапэ къызыфешIым, адыгэмэ къамэр зэрэзыгуамыхырэр тыркубзэкIэ риIожьыгъ. Ар ятIонэрэ лIы уIэшыгъэм ымыдэу Сэфэрбый къыпэгъокIыгъ.

Джы нэс зи къэзымыIоу апашъхьэ исыгъэ лIыр къэтэджыгъ, дзэкIолIымэ шъубыяу къариIуи, султIаным дэжь чIэхьагъ. Бэри къычIэтыгъэп, блэжъугъэкI, шъори шъудычIахь къариIуи, шъхьэщэ тIэкIуи Сэфэрбый фишIызэ, пчъэихьагъур ригъэлъэгъугъ.

Зэрыхьагъэр угу икIодэнэу унэшху, дышъэпс егъэшъогъэ хъырахъишъэхэр дэпкъымэ къатещы. Джэхэшъогури гъожьыбз, зэпэшIэты. ЛIы къопцIэ нэгу хъурэе шъуашIор, сызэрэлIышхор олъэгъуа, сихэгъэгу зэрэгъунэнчъэр къыбгурэIуа ыIорэм фэдэу, пэкIэ Iужъур къебэкIэу адырэ дэпкъ чыжьэмкIэ щыс. Тэмэтелъышхохэри дышъэ закIэх, икъэптан чыIухэри зэпэлыдыжьых, дышъэмрэ тыжьынымрэ ахэшIыкIыгъэ къэрал тын шъуашэхэми бгъэр зэлъаIыгъ.

Пачъыхьэр зыдэщысым Сэфэрбый нэмысыпэу къэуцуи, Iэ джабгъур бгъэм тырилъхьи, шъхьэщэ макIэ фишIыгъ. СултIаным къэтIыс къыригъэкIэу, хьакIэм IэкIэ ригъэлъэгъугъ.

Сэфэрбый тIысыгъэ.

НэбгыритIур язакъоу унэм къызенэм, Сэфэрбый зыкъиушIэжьыгъ. Мы сызхаплъэрэм, ыIуагъ, непэрэ адыгэ Iофым хэшIыкI фыриI, зыгорэ къысиIо шIоигъу. Сыд фэдэу зыкъысфишIыгъэми, адыгэхэмкIэ къыташIагъэр зэрэмытэрэзыр есIон. Хъущтыр хъугъахэ, къыташIагъэм нахьыбэ къыташIэжьынэп. Теплъын къыIорэм, икъэшъуакIэ сиуджыкIэ.

Адыгэмэ къазэрэдэзекIуагъэмкIэ тырку пачъыхьэм ыгу фежъэжъыкIми, Сэфэрбый IугушIуагъ, щэIагъэ къызхигъафэу ипхъэнтIэкIу зыригъэгупсэфагъ.
СултIаным къыIуагъ:
– ТыкъэдаIо, хьакIэ.
– Сэ адыгэмэ сырялIыкIу, лIакъокIэ Зэнэ Мыхьамчэрые...
– Уятэжъ Зэнэ Мыхьамчэрые ишIушIагъэ,– Сэфэрбый игущыIэ къыригъэуухыгъэп пачъыхьэм,– Тыркуем щыгъупшагъэп, щыгъупшэщтэп. Ар пшIошъ гъэхъу. Джы тадэжь, Тырку хэгъэгум, укъэзгъэкIуагъэмэ ягухэлъ шъыпкъэ сэгъашIэ,– султIаным урыс пачъыхьэм итхылъыпIэ Сэфэрбый къыфищэигъ.– Мыщ урысмэ гухэлъэу къышъуфыряIэр ит, ори къыпфэгъэхьыгъ. Мыр тхылъ шъэф, хьакIэ.
– Зыгорэм ишъэф нафэ сшIыным сыфаеп, тыркумэ ятэ пщышху.
– ШъуипыймэI ягухэлъ шъушIэмэ нахьышIуба? – Фащэижьыгъэ тхылъыпIэм султIаныр лъыIэбагъэп.– Сигуапэ хэгъэгу шъэфмэ ащ фэдэ еплъыкIэ зэрафыуиIэр. Ау едж, тишъэф тазфагу къыдэнэжьынэу сэгугъэ.
Тхьэпитlу имыкъумэ Сэфэрбый арычъи, ежь фэгъэхьыгъэр къыримыхыгъэу, шIомыхъатэ фэдэу тырилъхьажьыгъ. Апэ гущыIэр къыхэзыдзэщтым ежэу нэбгыритIур зэIуплъагъ.
Сыдэу шIэхэу, Сэфэрбый ыIуагъ, тикъэбари Петербург нэсыгъа? Плъэгъурэба итыр, «нэтыхъоепщ Зэнэ Сэфэрбый Мыхьамчэрыекъор шъуадэжь лыкIо шапсыгъэмэ къаIофытагъ, ар шъуидзэ хэтыгъэшъ, ушъхьагъу къыфэжъугъоти, адыгэ шъолъырым тиIоф щызетхьэфэкIэ, къишъумыгъэкIыжь. Мы Iофым ипэгъохэу талъэныкъокIэ шъукъыкIэлъэIумэ, тэркIэ къекIунэу шъуилъэIу джэуап къеттыщт...»
– Узэджагъэм зи къепIуалIэрэпи, хьакIэ? – Сэфэрбый нахьи султIаныр нахь гумэкIылэу къычIэкIыгъ.
– Сыд къесIолIэн. Уипый ыгу шIу къыпфилъыщтэп.
– Адыгэхэр Урысыем ипыйха?
– Тэ зыми тепыигъэп, ичIыгу тихьагъэп. Джы типчыпэхэр зэпэтщэигъэх, тызэзэон фаеу хъугъэ.
– СшIэрэп ащыгъум хъурэр...– Такъикъ заулэрэ хэгупшысыхьэ фэдэ зишIи, султIаным игущыIэ къыпидзэжьыгъ: – Къэрар тхылъыпIэр дгъэхьазыр зэхъум, адыгэхэр къызыдготхэр бэшIагъэ аIоу яшъыпкъагъ, къыптекIуагъэхэ зыхъукIэ, пшIэрэба зэрэхъурэр, рытамыгъатхэуи къытшIокIыгъэхэп...
– ШъушIагъэмкIэ адыгэмэ агу къышъуабгъэ, тыркумэ ятэ пщышху,– Сэфэрбый игущыIэ шъхьэихыгъэ.
– ТэшIэ адыгэмэ агу къызэрэтабгъэрэр. Ау тэрэп ахэмэ ячIыгу ихьагъэр, джаурхэр ары. Адыгэмэ ячIыгу тыркумэ атырахыгъ ыIонэу тарихъым цIыф къыхэкIыщтэп. Къезгъэжьэгъахэшъ, къэсIон. Тыркуем егъэзыгъэ мамыр зэзэгъыныгъэ Урысыем дишIыгъэшъ, шъуиIоф тыхэгущыIэн тыфитэп. Ау гукIэ къыжъудетэгъаштэ, шъэфкIэ IэпыIэгъу тышъуфэхъущт. Тэ тизакъоп, нэмыкI хэгъэгухэри къыкъокIынхэкIи мэхъу. ШъукъызэкIэмыкIу. Урысыем шъузэрэпэгъокIрэм елъытыгъэу, IашэкIэ, щэгынхэмкIэ, топкIэ IэпыIэгъу шъоттыщт. СиIуи, сишIи, сигупшыси хэмылъэу къыосIуагъэр зышIэн фаемэ арэшI. Алахьэр гугъапIэ, ар зыщытэшъумыгъэгъупш. Адыгэмэ язакъоп, чэчэнри, дагъыстанри джаурмэ апэшIуекIо. Джы о уиIофкIэ урыс пачъыхьэр къызкIэлъэIурэр фэзгъэцэкIэщт. Зэнэ Сэфэрбый тыркудзэм хэтыгъ, дзэпэщэ тэмэтелъыр телъыгъ. Неущ щегъэжьагъэу тыркудзэм ухэхьажьы. Адыгэ Iофмэ уапылъми-уапымылъми тшIэрэп. ЗыгорэкIэ уауж къэзыфыгъэмэ апкъ къикIэу оркIэ тызекIон фаеу зыхъукIэ, гузэгъабгъэ щыIэп.
Ащ фэдэ кIэух Сэфэрбый иадыгэ Iоф фэхъунэу нибжьи ышIагъэп. Сыд фэдиз ыпашъхьэ исым къыриIуагъэми, IугушIо къодыещтыгъ нахь, цыхьэ фишIыщтыгъэп. ЗэкIэми анахьэу Тыркум укъинэщт къызэрэриIуагъэр ыгу къеуагъ, ау къызхигъэщыгъэп, султIаным риIуагъ:
– ЗэрэхъурэмкIэ, сэр-сэрэу сыкъакIуи, сызэмыжэгъэ къэпкъаным сышIопкIагъ?..

## ЯБЛЭНЭРЭШЪХЬ

### I

Кавказ-Къушъхьэ полуэскадроным къыхэтэджэгъэ къэбарым Хъан-Джэрые иадыгэ Iоф гумэкIхэр IуигъэкIо-

тыгъэх. Азэмэт-Джэрые иІэнатІэ зэригъэтІылъыжьырэр, ар ежь къызэрэфагъэшъошагъэр къызыраІом, шъорышІынчъэу ыгу къеуагъ. Къэбарыр къыфэзыІопщыгъэр Бенкендорф арыти, Хъан-Джэрые нэмыз-Іумызэу графым зыІоплъэм, теубытагъэ хэлъэу Александр Христофоровичым къыІуагъ:

– Тэ зэрэтІуагъэу зэкІэри мэхъу, Хъан-Джэрый. Типачъыхьэшхо иІизын хэмылъэу тыпсэурэп. Ащ къыпфимыгъэшъошагъэ пшъэ къитлъхьэрэп. Ищытхъу Іо, фэшъыпкъ, къэухъум, зыщымыгъэгъупш.

– Сипачъыхьэрэ сихэгъэгурэ сафэшъыпкъ, къулыкъу афэсэшІэ,– пачъыхьэм ищытхъу ІэпакІэу Хъан-Джэрые къылъыІэсыгъэм къызщиІэтыкІыгъ.

– СшІошъ мэхъу, зиусхьан,– Бенкендорфи къэтэджыгъэти, джащ язэІукІэгъу зэрэщаухырэр Хъан-Джэрые къыгурыІуагъ, ау графым игущыІэ къыпидзэжьыгъ: – къыпфэгъэхьыгъэ унашъор неущ сыхьатыр им ехъулІэу зэрэпачъыхьэ Конвоеу ІэкІагъэхьащт. СултІан Азэмэт-Джэрые ротмистрэри мы Іофым щыгъуаз. Къушъхьэ полуэскадроным пащэ фэхъущтымкІэ зеупчІыхэм, оры, зиусхьан, апэ зыцІэ къыриІуагъэр. Тэ тишІошІи ащ ымышІэу щытыгъэп...– НэплъэгъуI тхьагъэпцІ щхыпцІышъокІэ къыухыжьыгъ: – НекІо, Хъан-Джэрый,– ыблыпкъ ыубыти, пчъэмкІэ къыгъэкІотэжьызэ, къесэмэркъэугъ,– къыпфагъэшъошагъэм пшъхьэ тІэкІу ыгъэунэзагъэкІэ сенэгуе.

– Хьау, Ваше превосходительство,– ІэнатІэр тырахыжьырэм фэдэу Хъан-Джэрые къызІуипхъотыгъ,– слъакъомэ пытэу сатет.

– Ар дэгъу, ротмистр,– ыблыпкъ ымытІупщэу Бенкендорф къызэтеуцуагъ,– сыосэмэркъэугъэми, сигуапэ ащ нэмыкІ гущыІэ зэрэзэхэсымыхыгъэр. УздэдгъэкІожьыгъэгъэ лъэныкъом (Черкесием къыриІуагъэп, зинэІуасэм щыублагъэу ащ фэдэ ыжэ къыдэкІыгъэу къышІэжьырэп) зызэрэбгъэпсэфыгъэм сыкъыкІэупчІэрэп, къыщыхьурэ Іофхэми тащыгъуаз, къытфэмыехэу зыІохэрэми тыгу ябгъэрэп, шы Іэлыр уанэм зэрырагъасэрэм фэдэу, ахэри зэгорэм фай-фэмыехэми къытэсэщтых... ІорыІотэ зэтемыфэкІэ къызнэсыжьрэмэ анахьи, унитІукІэ плъэгъугъэхэр къысфэпІотэжьмэ, уишІошІ ары, уишІошІ къяпІуалІэмэ, уилъэпкъэгъухэр къытпэблагъэ зэрэхъущтым сахэбгъэдаІомэ, ишІуагъэ къэкІощт. Сыд фэдиз шъыпкъэнычъэ къытфыуиІэми, ахэр уилъэпкъэгъух, угу афэмыгъун, афэмыузын плъэкІынэп, тІэкІу узыгупсэфыжьырэм, нахь тызэдэгущыІэн.

– Ваше превосходительство, Александр Христофорович,– Хъан-Джэрые джыри пчэгум зыщыритІагъ,– уицыхьэ къыстелъ...

– Къыптелъ, зиусхьан, къыптелъ! – Къызэреупчlы шІоигъогъэ гущыІэмкІэ Бенкендорф джэуап къытыжьыгъ: – Сэ цыхьэ зэрэзыфэсшІыжьырэм фэдэу, сизабытмэ цыхьэ афэсэшІы. Орымэ, зыми уезгъапшэрэп! ХъяркІэ, зиусхьан,– нэ чан шхъуантІэхэмкІэ Іуплъэзэ, ІугушІуагъ, фэбагъэ зыхэлъ макъэкІи кІэлъиІожьыгъ: – непэ щегъэжьагъэу уитэмэтелъыкІэхэми ауж ихь...

Урысые жандармерием иунэ къызычІэкІыжьым, Хъан-Джэрые къыдэхъугъэ гушІуагъом зыригъэпхъотэным ычІыпІэкІэ, къехъулІагъэр ымышІэу ытамэхэр къышІуефэхых, лъакъохэри Іэхэри къемыдэІужьхэрэм фэд. Гум ихьылъэ огум къыфехы пІонэу дэплъые – пщэф зэпытхъэфэ пІуакІэхэр ары умыІощтымэ, темыр ошъогур къабзэ, гупсэф. КъохьэпІэ ошъочапэр ыуныкъугъэу тыгъэри екІотэхы. Щэджагъо мыхъупэу Бенкендорф графым дэжь зыщежьэгъэ уахътэм къещхыгъэ ощх псынкІэм жьыр ыукъэбзыгъэшъ, Іэшlу, псынкІэ, ау нэплъэгъум къыубытырэм гур ыгъатхъэрэп. Лlыжь гъэретынчъэ горэм фэдэу, ыІэпкъ-лъэпкъымэ кІуачІэ ахэлъыжьэп.

СыкъаукІи сыкъычІадзыжьыгъ пІонэу, сыд сэІо къысэхъулІагъэр, Хъан-Джэрые ежь-ежьырэу зыфэгубжыжьыгъ. СэркІэ Александр Христофорович ылъэкІ къыгъанэрэп. Непи къэбарышІу фэшъхьаф къысиІуагъэп. Сыда сфэмыгъотырэр? Урысые пачъыхьэшхом иухъумэкІо Конвой шъхьаІэ икъушъхьэчІэс полуэскадрон пащэ уфашІыныр мыдэ щыІа!.. Нанэ а къэбарыр зыфэсІопщыкІэ, дунаир фикъужьыщтэп... Тиунэ лъэгуц тесэу мы тыгъэм сызэреплъэу ари джыдэдэм Іуплъыхьэу къычІэкІын. Сыд шъуІо талъэныкъокІэ щыкъэбар? Шапсыгъэ пащэхэр зыгорэ дэдэ сащыхъоу тІоунае къыслъыкІогъагъэх... Болэтыкъомэ япхъу къысфидзыгъагъэр? Ащ ыуж сыд къызэринэрэр Пантелей фэгъэхьыгъэу Анфисэ къысиІожьыгъагъэр? Дзэпщ цІыкІур?.. Сэ мыкІэ ІэнэтІакІэ къысфагъэшъошагъ

сэlошъ, сэгушlо... Сигъэпсэфыгъо мафэхэр зэпызгъэугъэ гукlаехэр Бенкендорф графым, мощ фэдизэу къысфэдэгъум ыпашъхьэ, етlан сlуи, щисхышъугъэп...

Ошъочапэм гугъу щемылlыщтыгъэ тыгъэм Хъан-Джэрые зыlоплъэм, ежь фэдэу ари гумэкl хэфагъэу къыщыхъугъ. Пхъэчай гъукlагъэм къытезыгъэ ондырыхъур аталыкъ щагум къызэрэщырыгъэчъэкlыщтыгъэр, Хьаджь-Къэсэй кlыщым гъучl плъыгъэм фыхишlыкlыгъэ къошкlэ хъураимкlэ Пэшъукъ икlэнхэр зэрэтырыгъэтэкъущтыгъэр ыгу къэкlыжьыгъэх. Пчыхьапэрэ якъэлэпчъэlу уц къашхъо къыщызэрэугъоищтыгъэ шъэожъыемэ япшысэхэр... Нахьыжъмэ яхьакlэщ къэбархэр, lорlуатэхэр, тхыдэхэр, гущыlэ щэрыохэр, гъэсэпэтхыдэхэр, шы лъэпкъ зэфэшъхьаф шlыкlэ-гъэпсыкlэхэр, зекlолl шапхъэмэ ядунай тетыкlэ гупшысэхэр... Азэмэт-Джэрые ычlыпlэ уитэгъахьэ ыlуи Александр Христофоровичым къызысфеlопщым, сиадыгэ гумэкlхэр сщыгъупшэжьыгъэх. Зэрэхъурэмкlэ, джары силlыгъэ зынэсрэр... Пцэшlуащэм сыпэуцу, сэ ихыгъэм сыпэlохьэ, щытхъу гущыlэмрэ lэнатlэмрэ зыкъясэгъэукlы... Азэмэт-Джэрые дзэм зыфыхагъэкlыжьырэмкlэ Александр Христофоровичым сеупчlышъугъэп.

Къызгурэlо мо тыгъэм ичэщ-мафэмэ афэдэу дунаир зэрэзэтекlырэр, Хъан-Джэрые гукlэ ыlуагъ. Азэмэт-Джэрые сыгу ебгъэрэп, имафэхэр зэрэкъуахьэхэрэм къагъэцыхэщтыгъэн фай. Тыгъэр ошъочапэм екlужьмэ, неущ иадырэ чапэм къытфыдэкlоежьыщт. Ащ темыплъэжьыщтхэр пчыпэм, пцэшlуащэм рикlыгъэхэр, сэшхоогъум ыхьыгъэхэр ары. Мыхэмэ адыг, урыс, тырку яlэп. Сыд шъуlуа талъэныкъо щыкъэбарыр?.. Гъогумэ атет хьэдэщэжьхэр зэпэуцурэ бгъуитlумкlэ джыри нахьыбэ хъугъэщтын. Ащ фэдэ lоф тхьамыкlагъомэ тахэмыхьэмэ нахьышlу... Бенкендорф графым ар сыда зыкlесымыlуагъэр?

Илъэсийкlэ узэкlэlэбэжьмэ Сенат пчэгум лъэу, гын гъозымэу щызэхишlэгъагъэр Хъан-Джэрые ынэгу къыкlэуцожьызэ, зэгыижьыгъ, зиухыижьыгъ, зэрэнэсыгъэри ымышlэу Нева lушъо lухьагъ. Заулэрэ псы lушъом рекlокlыгъэу, пшъэшъитlумэ нэlуасэ зыкъызыщыфашlыгъэгъэ пхъэнтlэкlум дэжь къыщыуцугъ. Пушкиным иусэ къыфеджэгъагъэхэм анахьэу ящэнэрэр, зилl ихьадэ Кавказым



изыщыжьыщтыгъэ Татьяна Константиновнар, инэплъэгъу къыкlэуцуагъ, адырэ сабыитlу зигъусэгъэ бзылъфыгъэ хэкlотагъэри, кlыгъугъэ забыт чэфынчъэхэри, Бобровым фигъэдэгъэгъэ ешъогъаеу зышъхьэ lанэм телъыгъэри ары, Куприянов жъоплъыри, зисэшхо къизыпхъотыри ныбжьыкъу шlуцlэ шъэфэу ахэмэ акlыб къакъоплъы.

Татьяна Константиновнар джыри ошlэ-дэмышlэу Хъан-Джэрые ыгу къыпылъэдагъ, згъотынэу сшlагъэмэ сишlуагъэ езгъэкlыни, фэсшlэн шlагъо щымыlэми, сеушъыини. Сыда зыкlыфэсымышlэщтыр, шъузабэм бэ ищыкlэгъэщтыр, Александр Христофоровичым селъэlумэ, зыщыщ сымышlэрэ урыс бзылъфыгъэм сыфэлъаlомэ, боу игуапэ хъун, сызфелъэlугъэри къысфишlэн. Ары шъхьакlэ, тэ къыщызгъотын? Батайскэ шхапlэм сызыщыlокlэм, зыщызгъотыщтымкlэ сеупчlын фэягъ... Тхьамыкlэгъошхо хэтым сыд сlони сеупчlыщтыгъа?.. Сыкъыздикlыжьыгъэм щыкъэбарымкlэ «етlан» ыlуи Александр Христофоровичыр зыкlытегущыlыкlыгъагъэр цыхьэ къысфимышlыкlэ армэ шlэ?

А упчlэм Хъан-Джэрые къызэтырыгъэуцуагъ, шъхьэм къыфихьагъэр, зэрэгупшысагъэр шlоемыкlоу зыфэгубжыжьыгъ: Александр Христофоровичым, типачъыхьэшхо пэблэгъэ цlыфым, цыхьэ къысфимышlыщтыгъэмэ, lэнэтlэшхо къысаригъэтыныр хэгъэкlи, ихьанэ-гъунэ сыригъэхьаныеп. Сlорэр сшlэрэп, тхьэегъапсэу есlон фаезэ, сицыхьэмышl къызтесэгъакlо... Сызщыщ, зызфэзгъэлlэжьырэ адыгэхэри анахь иныр, анахь lушыр язэрэмыгъашlэу, шъугъонрэ убэнрэ щэхъу амышlэу, lупшlэ зэфашlыжьмэ, зэцэкъэжьхэмэ, зэрэшхыжьыхэзэ, дунаим тетых. Сыда чыжьэу сызкlэlэбэжьыщтыр, зэкlэ, Азэмэт-Джэрые апэ зэритэу, типолуэскадрон щыплъэгъущт, щызэхэпшlэщт. Сэры, сэры?.. Сэри, сызщыщмэ сахэкlыжьэу тэ сыкlожьын! Сэ сызфэдэри сыхьат уахътэм сшъхьэ къихьэгъэ гупшысэ зэфэмышlумэ къагъэлъэгъуагъ. Ашъыу, адыгэмэ язакъоп, къулыкъу къыддэзыхьырэ къумыкъухэри, щэщэнхэри, абадзэхэри, нэмыкlхэри нахьышlуха?! Нэдэплъыпlэ тэгъэгъоти, тшъхьэ къимыхьан щыlэп. Ар лъэпкъ цlыкlу пстэуми янэрыгъ.

Непэ, нычхьапэ, джыдэдэм Хъан-Джэрые къушъхьэчlэс полуэскадроным ипэщагъэм зыlуимыгъакlэ шlоигъуагъэми, зэрэфаеу къыпэрэгъокl, зыфаер къырерэlу, къышхынэп,

къыукIынэп, Азэмэт-Джэрые дэжь, иостыгъэ хэгъэнагъэ блэкIын ылъэкIыгъэп.

Азэмэт-Джэрые нэгушIоу, адыгэ шъошэ зэтегъэпсыхьагъэкIэ гъэкIэрэкIагъэу, Хъан-Джэрые къыпэгъокIыгъ:

– Къеблагъ, Хъан-Джэрый, къеблагъ,– ихьакIэ тIысыгъо римыгъафэу игущыIэ къыпигъохыгъ,– нычхьапэ укъыслъимыхьэ пшIоигъуагъэми сыкъыожагъ. Хьау, хьау, Хъан-Джэрый, сыгу уабгъэрэп. Хэти, сэ сизакъоу къысфэгъэхьыгъэп, цIыф къызэрыкIом щыублагъэу пачъыхьэмэ ащыкIэкIыжьэу, зэгорэм икъулыкъу гъогуи, иаужырэ лъэбэкъуи зэриухыщтыр зыщигъэгъупшэ хъущтэп. Арышъ, къыпфагъэшъошэгъэ IэнатIэмкIэ сыпфэгушIозэ, сэ укъысэлъытыгъэмэ, джыри уныбжьыкI, укъэхъу пэт, щытхъур зыдэщыIэм гукъаом зыщеушъэфышъ, зэгорэм, хэт ышIэра ар зыхъущтыр, уидзэ къулыкъу фэхъущт кIэухым ухэзгъэгупшысыхьэ сшIоигъу. Сыошъугъурэп, ау а тIэкIуи къысэдаозэ, уиныбжьыкIагъэ сехъуапсэ. Тызхэт лъэхъаным егъэпшагъэу тыгущыIэн хъумэ, сшынахьыкI, уеджагъ, угъэсагъ, ары, ары, Хъан-Джэрый, сыкъызэпымыут, къасIорэм нычхьапэп сызегупшысагъэр, сыгу илъыр къэсэгъаIу. Сэ сакIыб илъ лъэхъаным ихьылъэ, сыд фэдэу онэгум зидгъэпытыхьэщтыгъэми, зыми къыридзэжьыгъэп. О лъэхъаныкIэм ыгъэшэсыгъэмэ уащыщышъ, уишылъабжъэ пытэнэу, уигулъытэ-гупшысэ куунэу, нэр загъорэ гъэпцIалъэшъ, плъэгъурэ пстэуми уахэгупшысысыхьэзэ упсэунэу «гъогумаф» осэIо.

– Тхьэуегъэпсэу, Азэмэт-Джэрый. Акъыл зыхэпхын гущыIэ дэгъубэ къысэпIуагъ, ащ фэдэ дэхагъэджэ укъыспэгъокIын Iоу сшIагъэп.

– Сыд пай, Хъан-Джэрый? – Азэмэт-Джэрые щхыпцIышъоазэ къэупчIагъ.

– Къулыкъу зызэдэтшIэгъэ илъэситIурэ ныкъорэм ащ фэдэ гу къабзэ къысфыуиIэми сшIагъэп.

– Сыушъэфырэп,– Азэмэт-Джэрые тегущыIыкIыгъэп,– мыхъун тIэкIуи тазфагу дэлъыгъ. Сыгу емыIурэр зыхэгъэз къыосымыIощтыгъэмэ, сыпфычIэтIагъэп.

– Пачъыхьэр къызыздэгущыIэм адэ?..– Игукъэо блэкIыгъэ къышIухэщэу, зигъэтхьагъэпцIышъозэ, Хъан-Джэрые къэупчIагъ, псынкIэуи хигъэкIокIэжьыгъ: – Сыгу къыуабгъэрэп, Азэмэт-Джэрый, мыхъун къысэпIуагъэп.

– КъыздапшIэрэ пстэумкIи – Азэмэт-Джэрые мэкъэ зэпытхъыгъэ IужъукIэ щхыгъэ,– джащ нахь мыхъункIэ сыбдэзекIуагъэу къыхэкIыгъэп. Къезгъэжьагъэшъ, а мафэм къыпфэсыдзыгъагъэ гори къэсIожьын.

– Сэ къэсэгъэIожь,– Хъан-Джэрые къызэрэлъэIуагъэмкIэ щхыжьыгъэми, нахьыжъым иIизын пымылъыжьэу, гукъао щыхъугъэр, хэзынчъэу къыкIиIотыкIыгъ: – «сIо-сымыIоми, унасыпышIоджэ арэп, узфаер зэкIэ къыбдэхъу» къысэпIогъагъ, къибгъэкIыгъэр къызгурыIуагъ, ау ащджэ сигонахь пхьыгъэ.

– СигущыIэхэр дэгъоу угу иуубытагъ,– Азэмэт-Джэрыий щхыпцIыгъэ,– сыдэу пшIын, цIыфым идагъо хэгъэзэзыгъуай, дахэм нахьи Iаер ыгу нахь реубытэ. Уигунахь схьыгъэу оIомэ, сигуплъыгъащэ зэрахэлъыр а гущыIэмэ къызгурагъэIожьыгъ, джы сэ къызэрэсщыхъоу къыфэсыупкIэпкIыных. Забыт нахьыжъмэ ятэмэтелъ дышъэпсхэр унэмэ къакIэбгъэджэгуащэу, зыщищыкIагъи зыщимыщыкIагъи зафэбгъэцIыкIоу, аIорэ ашIэрэ пстэумкIи уIордэгъэзащэу, щытхъур пшIоIэшIущэу апэрэ илъэсым сыпхэплъэгъагъ... КIо, сшIэрэп, ауштэу сыогупшысэгъагъ шъхьакIэ, сыхэукъогъэнкIи мэхъу. СигущыIэхэр джа лъэхъаным дыджыщэгъэнхэкIи джыри дыджыIокIи сенэгуе.

– Шъыд хъугъэми, сыгу уабгъэрэп...– Хъан-Джэрые ынэ нэгъо чIыпцIашъохэр зэблэплъыхэу хэщэтыкIыгъ, етIанэ, зэхихыгъэр имыгопагъэми, «ащ фэдэ горэ къысхэплъэгъогъэнджи къэнэнэп» гукIэ ыIуагъ,– сэри къэпIуагъэмэ загъорэ сягупшысэу къыхэкIыгъ. Адыгэ шъолъырым сызэкIоми, джахэр сшъхьэ икIыгъэп. Къызысэгъэзэжьыми, къыспыщылъыгъэ къэбармэ сащыгъозагъэп... СиIуагъэ зыпашъхьэ исхьэгъэ типачъыхьэ сызэрэфэшъыпкъэр арымэ... Бенкендорф графым сицыхьэ зэрэтелъыр, ежь ицыхьэ къызэрэстелъыр арымэ... Ау сыкъыздикIыжьыгъэ талъэныкъо щыхъурэ-щышIэрэмджэ къызэрэмыупчIагъэр зыфэсхьыни сшIэрэп...– Мэфэреным зыгъэгумэкIырэр къымыIон ылъэкIыгъэп.

– Ори, сэри, зэрэ Къушъхьэ полуэскадронэуи шъыпкъагъэ зыфытиIэ пачъыхьэмкIэ, Хъан-Джэрый, пшъхьэ джэнджэш къибгъэхьанэу сыфаеп. Ау уиаужырэ гущыIэхэмкIэ тидзэпщ къепIолIагъэхэм узэгупшысэныбэ ахэлъ... ЕтIани типачъыхьэ ишIэ хэмылъэу ар зекIорэпщтын... Узфэсакъыжьмэ нахьышIу...

«Сыд мыщ, сызэрэхъущтым ыгъапэу, сиубымэ, къысщытхъузэ, хэгъэгу пащэмэ сафигъэсакъызэ, къысиIомэ шIоигъор!..» – Хъан-Джэрые къыхихыгъ шъхьакIэ, IогъушIэгъу рагъэфагъэп:

– Мыдэ, Хъан-Джэрый, нычхьэпэрэ пчыхьэм тыIэнэнчъэу сыд тызфыщысыр?! КъызэIух санэр, уиIэнэтIакIи сэ ситIысыжьыни хэдгъэунэфыкIыщт.

– Бэшэрэбыр къызэIусхын,– Хъан-Джэрые бысымым дырigъэштагъ,– ау сэ сешъорэп.

– Уисэнэ емышъуакIи, уитутын зыIумылъхьакIи, уибзылъфыгъэ зыщыдзыий сащыгъуаз,– Азэмэт-Джэрые щхыгъэ.

– Зэрэхъурэмджэ, сидагъомэ уащыгъуаз,– Хъан-Джэрые щхыпэ макIэр къечъагъ.– Шъыд аIорэр, Тхьэм къыуишIэн, цIыфмэ къыуахъонын... Ау къэппчъыгъэхэр адырэ къысэпIогъэ сидагъомэ ахэслъытэрэп.

– Ахэр щытхъугъэкIэ къыпфэсэлъэгъух,– Азэмэт-Джэрый ыIорэм текIырэп,– ау уурыс забыт зыхъукIэ, сэнэ-тутын емышъом, бзылъфыгъэмэ ягугъу сымышIыжьми, куп уахигъэзэгъэщтэп, къолэжъ фыжькIэ къыуигъэплъыщтых. Сэри урысыдзэм сызыхэхьакIэм, ашIэрэр адэсэмышIэфэ, ащ фэдашъокIэ къысэплъыщтыгъэх. Мыхэмэ яшэн-зэхэтыкIэ, яхъонэкIэ-цIэцIакIэ нэс зэмыгъашIэмэ, ежьмэ ащыщ ухъугъэу къащымыгъэхъумэ, анахь шэнIэдэб пхэлъыкIи, уеджэгъэ-гъэсагъэкIи узхагъэзэгъэщтэп, Iэбжым къыпфашIымэ, апэ лъы къипфэу ори ягъэлэгъужь, якIэрахъо лъытхъохэфэ о уиер апипхъотыжь. Сэ къысэмыхъулIагъэмэ сарыгущыIэрэп, зыми цыхьэ фэмышI, о зыфэшIыжь... Мыдэ бжъэр къыздэIэт, иягъэ къыокIынэп, зэгорэм Азэмэт-Джэрые апэрэу сыригъэшъогъагъ пIожьын!

Хъан-Джэрые фэмыягъэми, ыпашъхьэ ис лIы гу зэкIэплъагъэр къызкIигъэкIэнэкIэнэп ыIуи, санэм хэхъумпIагъ, етIанэ нахь баIо зыIуигъэткIуагъ.

– Сыд? – Азэмэт-Джэрые бжъэм игуапэу зешъуахэм, къеупчIыгъ.– Угу еIугъэба?

– Олахьэ сымышIэрэ, къызгурыIуагъэп, сэнэшъхьамэ хэу.

– Адэ зыхэшIыкIыгъэм ымэ хэун. Ар нахьышIоу къызыбгурыIощтыр ятIонэрэ бжъэр хэбгъэхъожьымэ ары. Хьаулыеу типачъыхьэрэ Бенкендорф графымрэ ар Кавказыми, Молдавми, Къырыми къырарагъэщырэп. Къэlэт, мыщкIи лIыгъэ къызхэгъаф, уиIэнэтIакIэ пае, мафэ пфэхъунэу, узпэблагъэмэ уахэзэгъэнэу, къыпфэшъыпкъэнхэу, уамыгъэпцIэжьынэу къесIуалIэзэ, тешъощт мы бжъэм.

IэнэтIакIэм игугъу къызэрашIыгъэм, хэт щытхъур зимыкIасэр, ащ къымыуфэрэр, тыригъэгушIухьагъэщтын, Хъан-Джэрые гу тыришIыхьи, бжъэм ешъуагъ.

– Джы къэсэштэ, лIыгъэ, цIыфыгъ,– Азэмэт-Джэрые зэшъуагъэм къызэкIигъаплъэу къыщытхъугъ, игые тIэкIуи къыпигъэхъожьыгъ: – сэ сешъоу, о укъысэплъэу тыщысына?.. Къарыгъахъу джыри бжъэмэ.

– Къарызгъэхъон! – Хъан-Джэрые течэфыхьагъэу къыIуагъ,– ау ащ нахь сэ сешъожьынэп!

«Ар джы оIо,– Азэмэт-Джэрые ыпашъхьэ ис Къушъхьэ полуэскадроным ипэщэ ныбжьыкIэ къызэриуфэрэр игуапэу гукIэ щхыпцIыгъэ,– тIэкIу тешIэмэ, хъурэм теплъын...»

Сыда мыщ симыгъэуташъомэ мыхъунэу къысфырихьисапыр? – Хъан-Джэрыий гукIэ зэупчIыжьыгъ. Къысщытхъу фэдэзэ, ычIыпIэ сызэрэрагъэхьагъэр фэщэчырэпщтын, дагъоу схэлъи схэмылъи къысфедзы... Сятэжърэ сятэрэ сфыхахыгъэ лъагъом сызытехьэгъэ мафэм щегъэжьагъэу сыгу имылъ сIуагъэу е сшIагъэу зыдэсшIэжьырэп. Уиушъый гущыIэмэ дэгъу ахэмылъэу сIорэп. СызэгупшысэниcызгъэгумэкIыни къахэкIыщт. Ау сызфэшъыпкъэ цIыфымэ, типачъыхьэшхорэ Бенкендорф графымрэ яIоф сыдэущтэу мыщ къыхахьэрэ? Тызщыс сыхьатым къыкIоцI ягугъу, Iофы зыримыгъэшIы фэдэу, тIоунае къышIыгъ. Сыда Бенкендорф графым сицыхьэ зыкIытесымыгъэлъыщтыр? Сызэрэхъун щэхъу къысиIорэп, уемышъу еIо, къысфэсакъы, о лIыгъэкIэ сеогъашъо. Угу къысфэшIумэ, уасэ къысфэошIымэ, сыд пае гухьагужъ зыфыуиIэм, натIэкIэ къушъхьэм еуагъэм фэдэу, сыфэбгъэблыра? Талъэныкъо щыхъурэмэ къакIэупчIагъэп зэрэосIуагъэр арымэ, ахэми зэгорэм къакIэупчIэн, сыгу зэIуи зэмыIуи ащызгъэгъозэн.

– Сыд узфыщысыр адэ, Хъан-Джэрый? Бжъэмэ къарыгъахъу.

– Хьау, сэ ащ щысэухы,– Бенкендорф графым иунэ зырегъэблагъэм ищайешъон зэриухыгъэр Iэгубжъэ зэпырыгъэзагъэкIэ къызэрэригъэшIэгъагъэм фэдэу, Хъан-

Джэрые ибжъэ нэкI зэпыригъэзагъ, бысымыр къызэри-гъэплъэу тэджыжьыгъэ,– икъун тызэрэщысыгъэри.

– Мыхъун горэ къэсIуагъа? – ИхьакIэ итэджыжьыкIэ зыфихьын ымышIэу Азэмэт-Джэрые къеупчIыгъ.

– Хьау, Азэмэт-Джэрый, ащ фэдэ гуцафэ къысфэмышI. Неущ IофшIэгъу маф сэIошъ ары.

– Олахьэ сэри неущ сымыIофынчъ,– ипщэрыгъэ къехьылъэкIэу Азэмэт-Джэрыий къэтэджыгъ,– неущмыкIэ талъэныкъо сыкIожьытышъ, Iоф тIэкIу-шъокIоу къысфэнагъэмэ ауж ситыщт.

– Арэу Кавказым шIэхэу бгъэзэжьынэуи?

– Кавказым къибгъэкIырэр сшIэрэп, ар иныны,– Азэмэт-Джэрые щхыпцIыгъэ,– тадэжь, адыгэ шъолъырым зэрэзгъэзэжьыщтым щэч хэлъэп. О уиIоф непэ къикIыгъ шъхьакIэ, Хъан-Джэрый, сэ сиIоф зысыухыгъэр бэшIагъэ. Пачъыхьэм джа мэзэ гъэпсэф къызыует мафэм щегъэжьагъ. Дзэм хэтым, унагъор модыкIэ щыIэу, сыд иугъоижь... Арэу оIомэ, чэщ хъяр къыокIу, джыри тызэIукIэн, сизакъоу, Санкт-Петербург сыдафыгъ пIонэу, гъогу сытежъугъэхьажьынэп...– Азэмэт-Джэрые щхыщтыгъэми къыIуагъэр къызэрехьылъэкIыгъэр ышъуи ымакъи къахэщыгъ.

– Азэмэт-Джэрый, нахьыжъ,– адыгэ шIыкIэкIэ ыпашъхьэ итым ыгу егъоу, инэшIошIыгъи къышIухэщэу Хъан-Джэрые пчъэм дэжь къыщыхэкуукIыгъ,– ощ фэдэп къагъэлъэIожьырэр! Зэрэполуэскадронэу сэлам къыуезгъэхыжьын.

## II

Къыгъэшlэгъэ лIэшIэгъу плIанэм Хъан-Джэрые зэуищмэ къялыжьыгъ, бэ пэкIэкIыгъэр, зэпищэчыгъэри бэ, ау идунэе тетыкIэкIи идзэ къулыкъукIи ащ фэдашъо тепштэнэп, ужъымэ уехъопсэнэу, уныбжьыкIэмэ уенэкъокъунэу пкъы ищыгъ, нэгу ихыгъэ гушIубзыу, IэпкIэ-лъапкI, ныбджэгъу дэгъу, ахэхьакIи ахэкIыкIи ешIэ. Азэмэт-Джэрые ащигъэгъупшэжьэу, Къушъхьэ полуэскадроным мазэм ехъугъэу пэщэныгъэ дызэрехьэ.

УныбжьыкIэу, тетыгъо уиIэу, уиIофхэр зэпыфэмэ, гъашIэмкIэ мазэр зыуи арэп, Хъан-Джэрые гукIэ зэриIожьыгъ, ау мэфэ закъор лIэшIэгъум пеIэу къыхэкIы. Наполеон изы текIоныгъэ мафи, зыраутыгъэ мафэри джы къызнэсыгъэм афэухырэп, пачъыхьэшхо зэхъум, илъэс щэкIырэ тфырэ нахь ыныбжьыгъэп. Тэ типачъыхьи илъэс тIокIырэ ирэм итыгъ декабристхэр къызебэнхэм. Дунаир Македонскэм зызэпырегъэзэжьым, ныбжьыкIагъэ. Паскевичыр дзэпащэ къызытфашIым, Кавказыр ыIэ зыралъхьэми, Темыр Кавказыр хэмытэу, сэ къысэлъытыгъэмэ, бэп ыныбжьыгъэр... Арышъ, лIы ухъущтмэ, пцIэ ябгъэшIэщтмэ, ныбжьым елъытыгъэп, акъылым, лIыгъэм, зэпыфэнигъэ гори ащ имыщыкIагъэу сIорэп, зэкIэри еоIIэжьы. «Анэгу укIэхьащэ, зафэогъэцIыкIу, уаIогушIуащэ...» Ахэр Азэмэт-Джэрые къысфидзыгъагъ шъхьакIэ, шъхьэм имылъэу улъэтэн плъэкIыщтэп. Ащ илъ дэдэу ошIэми, зыгорэ къыпкIэмыIэу, ишIуагъэ къыуимыгъэкIэу лъэоянэм дэкIоегъуай. АщкIэ тхьэм ишыкур, Азэмэт-Джэрые фэдэу, хэти сыгу езгъэбгъэныр къыстефэрэп – сиIофхэр зэпэфэх. Талъэнысъкъ окIэ, адыгэ шъолъырым, къихъухьэхэрэр ары мыхъугъэмэ... Мыхэми адыгэхэми зыкъашIэжьынба? Александр Христофоровичми сыщыгъупшэжьыгъэмэ сшIэрэп, тишъолъыр щыкъэбархэмкIэ зеушъэфы, тыгъуасэ, пачъыхьэм фэкъэрэгъулэхэрэр зэблэсхъуэзэ, сыIукIэгъагъ, шъхьэгъэсыс чъыIэкIэ зблэкIыгъ нахь, гущыIэ къысиIуагъэп. Ащ фэдэ ихэбзагъэп, хэт ышIэра хъугъэр, ыгу шIугъэпщтын.

Хъан-Джэрые щымысышъоу къэтэджыгъ, шъхьаныгъпчъэм Iухьагъ.

Къушъхьэ чIэс полуэскадроныр дзэкIолI пчэгум ит. Непэ шымэ зарагъэгъэпсэфы, лъэс сатыр ищыгъэкIэ куп-купэу къызэлъекIокIых. Туганов Аслъанбэчрэ Хъут ефэндымрэ ыбгъукIэ, уц къежьэгъакIэм хэтых. ЛIышхо горэ къафэкIонышъ ыуплъэкIущтхэм фэдэу, апкъыхэр ищыжьыгъэу, алъакъохэри зэдырагъаштэу дзэкIолIхэр къулыкъум егугъух.

Хэт сэIо ащ фэдиз къызыпыхъыкIырэр? – Хъан-Джэрые щхыпцIыгъэ, Шорэн фае зымакъэр ыIуагъ, гуфаплъэу зэплъэм, къышIэжьыгъ: блэкIыгъэ мазэм, маим иапэрэ мафэхэм, Бэслъыные лъэныкъом къикIыгъэу, джырэблагъэ корнетыцIэр зыфашIыгъэ Къаз-Джэрый ары. Зегъэчаны, итэмэтелъыкIэ къегъэшъыпкъэжьы. Шори, сэри къытфэдэу, ари матхэ. Урысыбзэр зыщишIагъэр сшIэрэп, тэщ нахьи

нахь Іупкl, нахь Іаз, нахь дэгъоу матхэ. Къаз-Джэрые зэрэтхэрэр Александр Христофоровичым джыри ышІэгорэп. Ау фэзыІопщыщтхэри хьазырых. Сыд пае, мыхъун ытхырэп, зыгорэм шъэфкІэ резгъэІон, Шорэ нэІуасэ зэрэфэсшІыгъагъэу сэ нэІуасэ фэсшІын... Ары шъхьакІэ бетэмалым адыгэ шъолъырым къэбарышІу къырихыгъэп. Бэслъыные адыгэхэри, абадзэхэри, нэгъойхэри, къэрэщайхэри тхэкІыжьхэу тэ кІоных, пачъыхьэм зэрихьэрэ Іофыгъохэм-кІэ разэхэп. Шъумыразэмэ, шъузэхэгупшысыхьажьи, джыри кІасэп, шъуешІу, шъузэзыпхыщт, шъузгъэдэІощт горэм ыцІэ къеошъуІу. Шъо шъуизакъоп, урыс пачъыхьэми цыхьэ фишІын фай ащ... А-ей-гущ, адыгэ хэсэ зэикІ горэм ыпашъхьэ джыдэдэм сыкъыщыгущыІэгъагъот... Моу Александр Христофоровичым, Бенкендорф графым, сызэрэІукІэу сигухэлъ щызгъэгъозэн, сыкъызэхимышІыкІмэ, нахь лъаги щыІ, сыкъэуцунэп... Ау зыбгъэлъэгъоным ыпэкІэ, бжъэдыгъупщымэ анахьи нахь къотэгъушІу хъунэу, адыгэ шъолъырым макъэ горэ къиджыкІыгъагъэмэ дэгъугъэ.

Еж амэ, Хъан-Джэрые къехьылъэкІэу гукІэ хэкуукІы, зыгу плъыгъэ адыгэмэ ащ фэдэ агу къэкІыфэкІэ!.. Мыщ хащэ ищыкІагъ, ащ фэдэ цыхьэшІэгъу, зэпэуцугъэ лъэныкъуитІуми игущыІэ ахэзэгъэнэу гъотыгъуае хъун, Перовскэмрэ де-Скасирэ афэшъхьаф мы лъэныкъом щысиІэп. Перовскэр сэІо шъхьакІэ, заом ищытхъузехьэ генералмэ, Урысыем ичІыгу гъунапкъэ изгъэкІотырэмэ ари ащыщ. Ащи зыгъэ бжъэдыгъу пщы-оркъхэмкІэ сиучэбли, Іофыр къыземыкІым, пчэгум сыкъыринэжьыгъагъ. ЗгъэлъэІонэу, сыкъигъэгъунэнэу арэп сызфэягъэр, ащ сиІоф нэсыгъагъэп – гупшысэрэ джэнджэшырэ зыхэлъ гущыІ сищыкІэгъагъэр. Перс заори, Тыркури, Польшэри сыгу къыгъэкІыжьызэ, дэгъоу сыкъихьакІи, къысщытхъуи, сыкъитІупщыжьыгъагъ. Перовскэм сыгу фыхэкІыми, дзэм хэтмэ угу ябгъабгъэ хъущтэп, сшъхьэкІэ сыщымыгъозагъэмэ, сІощтыгъэп: ахэр Іордэгъэзэ-зэуакІох, тэмэтелъ зэблэхъу кІэхъопсых... Рафаил Августинович де-Скаси ары сигумэкІмэ апэблагъэр, непэ-неущэу джэуап къыостыжьыщт ыІозэ ащи сызэрещэ, лъэшэу зыфэсакъыжьы. КъызгурэІо, ІэкІыб къэрал Іофхэм уапылъ зыхъукІэ, дзэ къулыкъушІэм фэдэп, пІорэмкІи пшІэрэмкІи узфэсакъыжьын фае, ау къысфигъэуцурэ пІалъэмэ къаригъэкІырэр сшІэрэп. Тадэжь сыкІоным ыпэкІэ къэбгъэзэжьмэ, адыгэ Іофмэ нахь тарыгущыІэн къысиІогъагъ, сыкъызэрэкІожьыгъэр зыфэсэІопщым, джыри тхьэмэфэ пІалъэ къысфигъэуцугъ. ГъэшІэгъоныр, «адыгэ Іофмэ тарыгущыІэщт» еІо нахь, адыгэ-урыс Іоф ыІорэп. Къэблэгъэрэ тхьаумафэм тизэІукІэн тетыубытагъэшъ, теплъын зыкъызэрэсфишІыщтым... Зэнэ Сэфэрбый итырку къэтыкІэ зыфэсэІуатэр ары ауж ырэ пІалъэр къызысфигъэнэфагъэр. Іофым хэшІыкІ фыримыІэ фэдэу сызхигъэплъэгъагъ, ау сшІошъ хъурэп.

Дзэ къулыкъур мафэм аухыгъэу, пчыхьэшъхьапэм, Хъан-Джэрые дэжь Къаз-Джэрые чэфэу къилъэдагъ, адыгэ шІыкІэкІэ къеупчІыгъ:

– Тиунэкъощ, дзэ къулыкъу уахътэм ыуж уапашхьэ сыщышъхьэфитын сыфита?

– Ушъхьэфитыным бэ къикІырэр,– Хъан-Джэрые щхыпцІыгъэ,– ар зызэрэпшІырэм елъытыгъэт. Полякхэри шъхьэфитныгъэм кІэхъопсыгъэх, хэгъэгур аукъон яхьисапыгъ, къадэдгъэхъугъэп нахь. Дзэ къулыкъу зехьаным мафи чэщи иІэп, уфэхьазыр зэпытын фае.

– КъызгурыІуагъ, къызгурыІуагъ,– Къаз-Джэрые ибэслъыныябзэкІэ къэгузэжъуагъ,– ащ нахь къэмыІожьми хъущт... Ау етІани къаштэ гушІуапкІэ.

– Шъыд гушІуапкІ?

– Бэ сыкъыкІэлъэІурэп, чапычми сезэгъы.

– Чапыч нахь зымыуасэр къэбар хъунэп.

– Ар умыІо, чапычым уасэ фэпшІырэп, чэт псау къехьы.

– КІо, дэгъу. Чапыч къыуатыгъэу сэшІы, шъыд чэтым епшІэтэр?

– СІапшъэ дэсщэнышъ, чэтлыбжьэ ІэшІу шъуфэсшІыщт.

– Ащ пІэстэ фэбэ дэгъу къыдэпштэжьытымэ, чапыч къизгъэгъусэжьын.

– Ар улэупкІэ хъун, ау къэбарышІу уфаемэ, къаштэ гушІуапкІэ.

– КъаІо шъыу, Къаз-Джэрый... СиІуагъэ зэкІэсхьажьыгъэу плъэгъугъа?

– УкъэлъэаІоба? Джар Іоф шъхьаф. Уи Татьяна Константиновнам иуни ылъэкъуацІи къызэзгъэшІагъ!

– Шъыд пIорэр? – Джы нэс гугъу емылIыщтыгъэ Хъан-Джэрые зэхихыгъэм къызщигъэтэджыкIыгъ, упчIэхэр къытыритэкъуагъ: – Хэт къыозылIуагъэр? Шъыд илъэкъуацI? Иунэ тыдэ щыI?

– Ма, мы тхылъыпIэм зэкIэ ит. Къысфэзгъотыгъэри къыосIон: джа угу зэмыIурэ Андрей Николаевич Муравьевыр ары.

– Тэ щишIэра?

– Чиристан диныр, ар зикъабылмэ агу щышIэрэр Андрей Николаевичым зэхимышIэщтыгъэмэ, тхылъхэр афитхышъуныеп... ЕтIани бащэрэ зыфемыгъэхь къысэоIо.

ТхылъыпIэ тхьапэр бгъэджыбэм ригъэкIузэ, Батайскэ щайешъопIэ-трактирыр Хъан-Джэрые ыгу къэкIыжьыгъ, Татьяна Константиновнар зыхэтэу хъугъагъэр зэкIэ ынэгу къыкIэуцожьыгъ, анахьэу ишъыгъо теплъ инэплъэгъу хэмыкIыщтыгъэр.

– Зыгорэ къэпIуагъа, Къаз-Джэрый? – Игупшысэмэ къахэужьзэ, Хъан-Джэрые къэупчIагъ, ау зигугъу къыфашIыгъэм фигъэзэжьыгъ: – Андрей Николаевич Муравьевыр тхэкIо дэй сIорэп, ау чиристан диным ухигъэгъозащэмэ сэIошъ ары...– ЕтIанэ шъхьэм къыфечъагъэм къыкIигъащтэу къэупчIагъ: – Муравьевымрэ Татьяна Константиновнамрэ зэрэшIэха? Шъыдэу хъумэ щыбгъэгъозагъа?

– Кавказым щыфэхыгъэ забытымэ алъэкъуацIэхэр сэтхых ыIоу зэхэсхыгъэти, Татьяна Константиновнам ыцIэ къызесэIом, илI ихьадэ мыгъэ къызэрищэжьыгъэр, уазэрэIукIэгъэгъэ шIыкIэр, къышъохъулIагъэр зыфэсэIуатэм, итхыгъэмэ ахаплъэзэ, фэхыгъэ забытым ылъэкъуацIи, ыцIи, иуни, мы тхылъыпIэм итхагъэр, къыхигъэщыгъ. Ащ Iофыр щысыухыгъэу къызшIомыгъэшI, сыкIэупчIагъ, иуни къызэзгъэлъэгъуи, ищыIэкIэ-псэукIи къызэзгъэшIагъ.

– Иунэ уихьагъэуи?

– Сыд пае сызымышIэрэ шъузабэм сылъэихьан, игъунэгъу ныом къезгъэIотагъ.

– Шъыд етIанэ?

– Шъыдына, Татьяна Константиновнар Сидневскэ Константин Николаевич графым ыпхъу закъу, джа штабс-капитан фэхыгъэм ишъузыгъ, илъэсныкъо нахьи зэкIыгъугъэхэп, илIыкIэ Рябинина, Вельяминовым идзэ хэтэу Абын дэжь



шапсыгъэмэ къыщаукIыгъ. Джыдэдэм Татьяна Константиновнар изакъоу мэпсэу, шъыгъо шъуашэри зэрэщыгъ аIуагъ. ЗыгорэкIэ зэбгъэлъэгъу пшIоигъомэ, джыдэдэми сыхьазыр.

– Хьау, хьау!..– Къыгъотыжьыгъэр тырахыжьрэм фэдэу Хъан-Джэрые къыхэкуукIыгъ, зыкъызешIэжьым, укIытэжьыгъэ: – Шъыд тIони шъузэбэ ныбжьыкIэм дэжь тыкIот?.. Шъуилъэпкъэгъу адыгэмэ сагъэунэхъугъ ыIомэ?

– Аущтэу къытпэгъокIымэ,– Къаз-Джэрые ынэхэр ардэдэм, иучъыIыкIыгъэх,– епIожьыщтыр пшIэрэба?

– СэшIэ, сэшIэ...– Хъан-Джэрые къызIуипхъотыгъ, етIанэ мэкъэ гъэтIылъыгъэ ушъыикIэ къыIуагъ: – тэ тыурыс забыт, ащ фэдэ IофкIэ зыми зыпытымыгъапкIэмэ нахьышIу... Ежь фэдэ шъузабэхэри талъэныкъокIэ щыIэх.

– Адэ арыба сэри сызэгупшысэрэр...

– Егупшыс фаеми, ау ар пIоу зыми зэхемыгъэх... Арэп, Къаз-Джэрый,– Хъан-Джэрые зыкъызэблихъугъ,– мыр шъыдыгъо къэбгъотыгъ, шъыдэу джы нэс сэмыгъэшIагъ?

Къаз-Джэрые тхьагъэпцIышъо нэгукIэ щхыпцIыгъэ:

– Ар тыгъоспчыхьэ кIэсэкIаеу зэзгъэшIагъэ. Чэщ гумэкI ухэсыдзэ сшIоигъуагъэп... Пчэдыжь къыосIон сIуи шъхьаем, орыба дзэ къулыкъур зэкIэми апшъ зыIорэр. ЕтIани Нэгъумэ Шорэ, пшIэрэба, къулыкъумкIэ зэрэерышэр, пащэ къытфэпшIыгъэшъ, непэрэзымафэм жьы къытигъащэрэп.

– Татьяна Константиновнам икъэбар зыми фэмыIуат.

– О Шорэ епIуагъэба?

– Шорэ епIуагъэри пхъуатэм дэплъхьагъэри зэфэдэ, уиныбджэгъу Муравьев тхакIом фэмыIотагъэмэ.

– Ащ фэдашъокIэ, тиунэкъощ, укъысэплъынэу сыфаеп.

– Армэ хъун.

– О къызэрэпщыхъу дэдэу Андрей Николаевичри щытэп...– Ежь зэриIожьмэ Хъан-Джэрые зэхыригъэхызэ, гухьагужъыгъэ хэмылъэу Къаз-Джэрые гъумтIымыгъэ.

Унэм изакъоу къызенэжьым, джэцэ нэмазыр къэсыфэ, Хъан-Джэрые игупшысэмэ агъэрэхьатыгъэп, джэхэшъогур рикIукIэу унэ мэзахэм итыгъ. IитIур бгъэм щызэрыдзагъэу пхъэнтIэкIу шъабэми заулэрэ тесыгъ. Къэтэджи, зиостыгъэхэр чыжьэкIи благъэкIи зэпэлыдыжьрэмэ яхъуапсэу, бгъэми гупшысэ зэфэшъхьафхэр къыдагъэтаджэу, шъхьаныгъупчъэм тIэкIурэ Iутыгъ. Остыгъэр зыхегъанэми, амдэз

ышти нэмазлыкъым зытеуцоми, бгъэджыбэм илъ тхылъыпIэм фэшъхьаф шъхьэм къихьагъэп. Тхьэм ыпашъхьэ иуцуи, дыухьэ къыхыы зэхъум, щыгъупшэгъагъ ныIэп... Щыгъупшэгъагъа хьауми бгъэм диушъэфэгъагъа?.. Сыд мэхагъ сэIо сшъхьэ сыфизымыгъэтыжьырэр, Хъан-Джэрые зыфэгубжыжьыгъ. Уасэ зыфысимыгъэшIыжьэу сыд нычхьапэ къысэхъулIагъэр? Анфисэ пае нанэ зэриIогъагъэу, зыгорэм икIэпхыныкIэ зезгъэлIылIэжьэу! СыдынэкIэ синыбджэгъухэр къысэплъыщтых. Сыгу сыримыIэжэкIожьэу, емыкIу ар – тхьэуегъэпсэу, Къаз-Джэрый, укъысфэгумэкIыгъ, сыкъыомылъэIугъэми, плъэкI къэбгъэнагъэп, сицыхьэ птемылъыкIэ арэп, ау шIу къысфэпшIагъэми къэбарыр къыпкъонэжьынкIэ сыгугъэрэп. Нэгъумэ Шор? Ар сэщ нахьи бэкIэ нахьыжъ, ащ фэдэ къыздимышIэмэ нахьышIу.

Гопэ гупшысэр зышъхьаригъэу шIоигъоу, зымафэ унэмкIэ къикIыгъэ тхыгъэр Хъан-Джэрые къыштагъ. Зэ-тIо нэкIэ рычъи, ымышIэрэ итыгъэпти, ыгъэтIылъыжьыгъ. Занэкъо Сэфэрбый гум къыпылъэдагъ шъхьакIэ, нахьыпэм зэригъэгумэкIыщтыгъэм фэмыдэу, ари псынкIэу шъхьэм икIыжьи Пушкиным итхылъ мэкIаим къытырихыгъ. «Кавказ гъэр» поэмэм лъыхъоу ригъэжьагъ. Ардэдэм ащ фэдэ тхылъ Нева Iушъо тетIысхьапIэм къыфыIузыхьэгъэгъэ пшъэшъитIур ынэгу къыкIэуцожьыгъ, къафыIумыхьащтыгъэм инэплъэгъуи къыхэтэджыкIыгъ.

Iэжагъэ къызыхэгъаф, емыкIу къызфэмыхьыжь, Хъан-Джэрые тхылъыр тIэкIурэ ыIыгъи, ыгъэтIылъыжьыгъ. Сянэрэ нанэрэ къысфагъэпытэгъагъэр зыщысэгъэгъупшэ... Сыд уимылъэпкъэгъур, гъэшIэгъона нэмыкIыбзэкIэ мэгущыIэмэ, къызыкIыпхэмызэгъэщтыр? Диныр ара? Ары шъхьакIэ, гукIэгъум динэгъу-лъэпкъэгъу иIэп. Хэгъэгу зэхэдз, байтхьамыкI зымышIэрэ тыгъэм фэд, зыгорэхэмкIэ зафэ, фабэ, лIэкъогъэбагъу, нэмыкIхэмкIэ – мысэ, чъыIэ, Iэрылъхьэгъуай... КъысэшъуIокIыгъэр къызгурымыIуагъэу щытэп, ау Болэтыкъомэ япхъуи сэркIэ зафэп. Къыспигъохыгъэ гущыIэмэ шъыпкъэ ахэлъэп сIорэп. Сызэрыт чIыпIэм елъытыгъэу сыкъызэхишIыкIыгъагъэмэ, IушыгъэкIэ фэслъытэныгъи... Болэтыкъомэ япхъу идэхагъи иIушыгъи зыдешIэжьы. СэшхокIи кIэрахъокIи къысэмыоу сыкъиукIыгъ, сфемыгъэхыщт шъхьакIо къысихыгъ... Арэп, сIонэп сIуагъэ шъхьакIэ, мы лъэныкъом щыIэ пшъашъэхэр, зидзэ сыхэтмэ япхъухэр, Болэтыкъомэ япхъу нахьи сыда зэрэнахь дэихэр!.. Пачъыхьэмрэ ишъхьэгъусэрэ зэхащэрэ пчыхьэ джэгумэ Болэтыкъор зэгорэм ахэсщэгъагъот! ЫпхъуИ ар къэзылъфыгъэ гуащэри щыгъупшэщтыгъэх. Татьянэ зэрэшъузабэзи, зэрэшъыгъо пэтзи зэгогъэуцохи, а ситэмэтелъхэмкIэ къысэпэбжъэуагъэр къыдигъэплъынэп!.. Ары шъхьакIэ,– Хъан-Джэрые ежь ымакъэми зыдимышIэжьэу упчIэр ыбгъэгу къыдэкуукIыгъ,– зэрэмыпшъэшъэжьыр, зэрэшъузабэр пщыгъупшэжьыгъа?! ГъэшIэгъона мыпшъэшъэжьмэ, шъузабэмэ!..– Хъан-Джэрые къызщылъэтыгъ, икъэптан зыщилъэзэ, унэм ичъыгъ.

Уахътэр джэцэ уж кIэсагъэми, къэлэ остыгъэмэ яжъобгыпIагъ. Ахэмэ ошъогу жъуагъохэри къапеIэх, жьы чъыIэтэгъэ макIэми чIы шъхьашъом зытыреIэтыкIы. ЧыжьэкIи благъэкIи каретэхэми шыкуаохэми амакъэхэр къэIу.

Нева IушъокIэ, гъэмэфэ чъыгхатэм дэжькIэ, цIыф зэрэгъэчэф макъэр, неущ тхьаумэфэ гъэпсэфыгъошъ, ошъо чIэгъым чIэфэжьырэп.

Апэ къыпэкIэфэгъэ каретэр Хъан-Джэрые къыгъэуцугъ, шыкуаом риIуагъ:

– Литейнэ урамым кIо, япшIыкIутIонэрэ унэр ары,– унэмкIэ хэукъуагъэмэ ыIуи, джыри зэ тхылъыпIэм еплъыжьыгъ, зыдакIорэм щымыгъозагъэми, къыкIиIотыкIыжьыгъ: – урам къуапэм щытын фай.

– Уигупсэ бзылъфыгъэ къыщыуажэмэ, лъытэныгъэ зыфысиIэ ротмистр, зи езгъэIонэп, ыпкIэ хэмылъми, лъэтемытэу унэзгъэсын, но-о, силъэкъо псынкIэх! – КъызэплъэкIи, шыкуаом къыпигъэхъожьыгъ: – ау зэнтхъыр ыпкIэ хэмылъэу къытатырэп...

Шыкуаом орэдыр къызхедзэм, загъорэ ятэ кIиIукIыщтыгъэ нэгъой орэдышъоу ицIыкIугъом зэхихыщтыгъэм Хъан-Джэрые игупшысэ-гумэкIмэ шъхьэр къыхаригъэпхъотыгъ, шIоIэшIоу, тIэкIуи зыщыгъупшэжьэу нэгъоибзэкIэ еупчIыгъ:

– Син татармэ?

– Асэ мин татар! – Шыкуао лIыжъыр къызэплъэкIыгъ,– асэ син? Синда татармэ, ротмистр?

Хъан-Джэрые псынкlэу зыкъиушlэжьыгъ:

– Сынэгъоеп, сыадыг!

– Ара? Нэгъоибзэкlэ укъэупчlагъэти, унэгъой сшlошlыгъ.

– Гущыlэ зытlу сэшlэти, сыкъэупчlагъ нахь, сынэгъоеп,– джы нахь шъабэу ылъ щыщ зыхэлъым джэуап ритыжьыгъ.

– Умынэгъойми, уадыгэмэ, сигуапэ. Сэ сятэжъ адыгэмэ шlукlэ атегущыlэу бэрэ зэхэсхыгъэ... Узхэтыдзэм зао къызэрэшъуишlылlагъэр шъыпкъа? Адэ зи къепlуалlэрэпи, штабс-ротмистр? – Тlэкlу тыригъашlи, джыри къеупчlыжьыгъ.

– Заоми сшlэрэп...– Зыщыщ ымышlэрэ шыкуаор lогъу-шlэгъу зэришlыгъэмкlэ Хъан-Джэрые кlэгъожьыгъ.– Тидзэ Кавказ зэритыр шъэфэп, ащ бгъэшlэгъон хэлъэп... Имыщыкlагъэмэ тарымыгъэгущыl.

– О уимыщыкlагъэмэ, сэри сищыкlэгъахэп, тэ тиlоф куплlэдэсын, шъуеужьыр, силъэкъо псынкlэх! – Шыкуаор шымэ атехъушlи, зи азфагу къыдэмыхъухьагъэм фэдэу инэгъой орэд цlыкlу пидзэжьыгъэми, lэшlу зэрэкlэмылъыжьыр имэкъамэ къыхэщы.

Сыхьатныкъокlэ узэкlэlэбэжьмэ Хъан-Джэрые ыбгъэ дэмыфэжьыщтыгъэ гоу унэм къизыщи чэщ урамым къытезыщэгъагъэр къэцlыкlугъ. Зэрыс каретэри фэзэжъу, гугъуемылl чъыlэкlэ жъуагъохэри темыр ошъогум къеплъых, шыкуаом инэгъой орэди, ащ хэлъ шlулъэгъу гущыlэхэри гум тефэхэрэп. Шылъэбжъэ макъэми зэдырагъэштэжьырэп, щэрэхъхэри къечъэкl къодыех.

Мыlуапхъэхэр умыlо шыкуаом есlуагъэми, къысиlокlыгъэр тэрэз, Хъан-Джэрые гукlэ зыфэгубжыжьы. Тэ зытэушъэфы, зыгорэм тыкъеубыты, тышlолlыкlы шъхьакlэ, мыхэмэ сыд япшlэн, ажэ уубытын плъэкlынэп, хэгъэгум къихъухьэрэм щыгъуазэх, уямыдыргъыжьми, мысэри хыери зэхафын алъэкlы, ягулъытэхэри якуплlэмэ анахь чыжьаlоу агъаплъэх. Зэхэпхыгъэба къыпфидзыжьыгъэр? Санкт-Петербург урамым тетэу адыгэ lофмэ агъапэ... Сыадыг зэресlуагъэр арыщтын... Сызщыщыр, есlуагъэсымыlуагъэми, талъэныкъо къыщыхъурэмэ хэшlыкl афыриl, агъэгумэкlы. Мыщ изакъоп, зымафи урыс лlыжъ горэм Невскэ урам къуапэм сыкъыщигъэуцуи, декабристмэ адыригъаштэу сыхэплъагъ, талъэныкъо щыхъухэрэмкlэ къысэгыинэу ежьэгъагъ, зыфэсэмыдэм, «уитэмэтелъмэ нэшъу уашlыгъ» къысфидзыгъагъ. Мы нэгъой тхьагъэпцlыр, «ар о уимыщыкlагъэмэ, сэ сищыкlагъэп» ылозэ, къыздэхьащхыгъ. Сэ шъузабэ горэм сылъэхъу... Зыуж ситыр сыд лlэужыгъу!..

– Къэгъэуцу! – Хъан-Джэрые шыкуаом еджагъ.

– Джыри тыкъэсыгъэп, ротмистр, модырэр ары япшlыкlутlонэрэ унэр.

– Уахътэр хэкlотагъ... Сыкъыздипщыгъэм сыщэжь.

– Ащ фитыр оры, ротмистр. О къызэрэпlу,– аужрэ гущыlэр шыкуаом нэгъоибзэкlэ къыlуагъ.

– Сынэгъоеп хэта зэсlуагъэр! – Хъан-Джэрые къызбгырыугъ.–Уиорэди щыгъэт.

– Сыгукlэ къэсlон сыфитба?..– Гущыlэ дысмэ шыкуаом къапигъодзыжьи, шымэ ажэдэуагъ.

– Къэгъэуцу джыдэдэм! – Хъан-Джэрые губжыгъэу шыкуаом еджагъ.– Ма уишмэ язэнтхъыпкlи, къелыжьырэр уе.

– Сыд пае угубжырэ, ротмистр?.. Орырэ сэрырэ лъэпкъ цlыкlумэ тащыщти, сыпкъогушхукlызэ, сыосэмэркъэугъ... Ащыгъум мы къалэм дэсмэ, хэгъэгур зые лъэпкъышхомэ сыдэущтэу тызэхашlыкlын, тагурыlон...

– Ухэукъо! Ситэмэтелъмэ ацlэ къепlуагъэми, къыбгурыlуагъэп...– Хъан-Джэрые къебгъучъэщтыгъэ каретэр къыгъэуцугъ.

## III

Урысые пачъыхьэм ишlоигъоныгъэкlэ кадет корпусым щырагъэджэщт къушъхьэчlэс шъэожъыехэр Абэтэ Бэслъыные Петербург къызэрэрагъэщэрэ къэбарым Хъан-Джэрые ыгъэгушlуагъ, ау шапсыгъэ пэщэ лlы хафэм къехъулlагъэмэ lорыlотэжькlэ ащыгъозагъ нахь мышlэми, ащ фэдэ lоф ыпшъэ зэрэрилъхьажьыгъэр ыгъэшlэгъуагъ.

Абэтэ Бэслъыные Шапсыгъэ къыщехъулlагъэр зэкlэ зыпкъ къикlыгъэр ышнахьыкlэ Убых, нахь чыжьэу уlабэмэ, Новицкэ урыс забытым илажь, нахь зебгъэчъэхыlомэ, дунаим темытыжь ятэ Къымчэрый ары ублапlэ фэхъугъэр.

Къээзкъхэр Пшызэ иджабгъукІэ адыгэчІым къызетІысхьэхэм, нахь зафэр, нахь лъэшыр язэрэмыгъашІэу бгъуитІури зэпэуцужьыщтыгъэми, нэцІэн-мэхагъэ, къумалыгъэ зезыхьэрэ нэбгырэ зырызхэр лъэныкъуитІуми къахэкІыщтыгъэх. Шапсыгъэ кІэ къээзэкъмэ шъэф адызиІагъэмэ Абэтэ Къымчэрые ащыщыгъ.

«ТыгъокІо куп нычэпэ къээзэкъмэ зэратеощтыр ябгъашІэу, къябгъэгъащтэу, тыжьын сомэ горэ къакІэкІэпхыным сыда хэлъыр!» – ЫІозэ пыщагъэ афэхъуи, ыкъомэ зыкъаІэтыфэ бай хэхъукІыгъ. Ежьыри чэщ теом фэмыкІэщыгъоу щытыгъэп, ау ежь ягъусэ зыхъукІэ, къээзэкъмэ афиІопщыщтыгъэп, зыхэтхэмкІи къэбзагъэ, илІыгъэ-мыщынэ нэфагъэ. Ягъогупэ-тІэсхьапІэ къадашІэу къызырафыжьэхэкІэ, «сэщ фэдэ горэ къытхэтынкІи мэхъу» ыІоти, зэкІэми гуцафэ афишІыщтыгъэ. Ыкъохэр лІыпкъым иуцохэ зэхъум, нахь зиІажэу ригъэжьагъ, лІы хъухи, аІорэмрэ ашІэрэмрэ цІыфмэ аштэу, къээзэкъыбгъум фемыплъэкІыхэу, яадыгэ шъыпкъэныгъэкІэ шапсыгъэ утыгум ит лІы пащэмэ захэуцохэм, Абэтэ Къымчэрые ыгу Пшызэ джабгъу нэпкъымкІэ щымыІэжьэу тІысыжьи, ишъэф зи щымыгъуазэу къыщыхъоу дунаим зыдырихьыхыжьыгъ. «Уятэ игъогужъырэ уятэ иблэгъэжьырэ» зэраІорэр сыдэущтэу ащыгъум къыбгурыІощт?

Сыд фэдэ адыгэгу Абэтэ Убых иІагъэми, ышнахьыжь Бэслъыные илІыгъэ къымыубытэу, ятэ ишэныгъэр гъэрекІопагъэ къызхигъэфагъ. Сэшхоогъур а зы чІыпІэм темыфэжьыми, къээзэкъмэ къаутІэсхъи ахъщэшхо къызыратым, урысыдзэм и Кавказ штаб шъхьаІэ изабыт Новицкэр адыгэ фэкъолІ шъуашэкІэ фэпагъэу, дэгу-бзако фэдэу, Прочноокоп щегъэжьагъэу Анапэ даІыгъэу, Пятигорскэ щаухыжьэу, адыгэ шъолъырым къыщырищэкІыгъ.

Ар зыхъугъэм бэ темышІэу урысыдзэр Шапсыгъэ зехьэм, апэ гуцафэ зыфашІыгъагъэр Убых, зыкІыфашІыгъагъэм ишыхьатхэри къыкъокІыгъэх. Джа къумалыгъэ зекІуакІэм зэрэ Шапсыгъэу къыгъэбырсырыгъ, Абатэмэ ячъагъэх. НахьыкІэр хэхьажьи, нахьыжъ Бэслъыные аубытыгъ, Іэхъу-лъэхъухэр тыралъхьагъ, машэм радзагъ. Абэтэ Бэслъыные плъакІо къыфэкІогъэгъэ лІыжъ горэм гухьагужъ хэлъэу къыфидзыгъагъ: «Тыпшхы пшІоигъуагъ шъхьае, Тыгъужъ бэшхыр машэм зэрифэжьырэр пщыгъупшэжьыгъагъ!» «Акъылым ычІыпІэ нэ закъо нахь уиІэпышъ, ары аущтэу къызыкІыпшІошІырэр!» – Бэслъыные лІыжъым риІожьыгъагъ. Ау Абэтэ Бэслъыные илІыгъэ зыщымыгъупшагъэхэри Шапсыгъэ исыгъэх: къарагъэтІупщыжьыгъагъ, етІани ипыйхэм агъэтІысыжьыгъагъ. Щэрихьат судым ыпашъхьэ Бэслъыные ращэнэу, иІоф зэфагъэ хэлъэу зэхафыныр къыфамыдэ зэхъум, джыри илІыгъэ зэ къыгъэукІытэжьыгъэп, анахь плъырыгъэрэ сакъыныгъэрэ дызэрахьэщтыгъэми, ылъ зыгъэчъэнэу кІэхъопсыщтыгъэхэр зэхигъэтакъуи, ятІонэрэу ашІухэхьажьыгъ. Ащ фэдэ къэбар мышІу шапсыгъэ пащэм зыщыфагъэІугъэ адыгэ чІыгум исыжьын зэримылъэкІыщтыр Абэтэ Бэслъыные къыгурыІуагъэу, ышнахьыкІэ зыдэчъэжьыгъэгъэ къээзэкъ лъэныкъом, Екатеринодар пытапІэм иунагъокІэ кІожьыгъагъэ.

«ЦІыфым ищыІакІэ ежь зэрэшІоигъоу хъущтыгъэмэ...– Хъан-Джэрые игупшысэ гукъэкІыжь мышІумэ хагъэхьапщыкІыгъ,– джы еплъ, адыгэ шъолъырыр зэо-машІом зыщистырэм, зэгорэм ылъэгъу мыхъущтыгъэ урыс пачъыхьэм адыгэ шъэожъыехэр ригъэпІунхэу кадет корпусым Бэслъыные къыфещэх. ЗэрэхъурэмкІэ, е пшІэу шІу ущымыгугъ зэраІори шъыпкъэ... Сэры? Сэ сыдэущтэу ащыгъум сызэгупшысэжьыщт? Ар сэІо шъхьакІэ, сыдэущтэу Бэслъыные сэ зыфэзгъэдэщт? ТилІакъокІэ къэдгъэшІагъэм урысыдзэм тыхэт. Мэрчанэ зыфиІощтыгъэ адыгэхэр адэ? Пэшъукъи Бамбэти къытфадзыщтыгъэ нэгъоицІэр? Слъэкъуацl? Ащ къикІырэм, ижьынч макъэ сырэгушхо шъхьаем, иягъэ къызыщысэкІи къыхэкІы. Тэтэр шыкуаом къысфидзыгъагъэм сегъапэшъ ара? Ащи земыгъэгъэпэн плъэкІыщтэп, шъыпкъэм узэмызэгъыни къыхэфэ. Къырым лъэкъуацІэр сэхьыкІэ, сынэгъоиныр къикІырэп. Сыд ащыгъум сиадыгагъэ зызкІэзгъэгъапэрэр? Муары, талъэныкъо щыхъури тэрэззэу сшІэрэп. Абэтэ Бэслъыныий сэщ нахьи нахь адыгэгу кІоцІылъ, фэхъу-фэмыхъуми лІыкІо заригъэшІыгъ нахь... Нани, сяни, сшынахьыкІэхэми ятхыгъэхэр зэпыухэрэп, ау зытет дэдэр къысфатхыкІэ сыгугъэрэп. Урысыем идзэ зыІэмычІэ илъ Чернышев графыр пачъыхьэм зэрэригъэблэгъэрэ мафэхэм ахэхъо зэпыт, Бенкендорф графыри ипчъэІупэ ІукІырэп. Кавказым агъэкІорэ забытми

япчъагъэ хэхъо... Зэ, зэ, умыгузажъу, къэбар шъыпкъэр къысфэзыхьыщт Бэслъыный сыд шъуIуа изытет? Аужырэ илъэсиплIым сытеплъагъэп. Тадэжь сызэкIожьыми, игугъу дэйкIэ ашIэу, зэшитIури къэзэкъмэ адэжь чъэжьыгъэ аIоу зэхэсхыгъагъэ. Сэ урысыдзэм сызэрэхэтыр зытесэушъогъожьы шъхьакIэ, Абэтэ зэшымэ яурыс хэхьакIэ къыохъулIэныр тхьамыкIагъу. Ашъыу, адыгэ шъолъырым зао щемыкIокIыщтыгъэмэ, уипачъыхьэ урицыхьэшIэгъуным, уриухъумэкIоным нахь насыпыгъэ сыд щыIэн, сызгъэпэрэ пстэуми сапылъыщтыгъэп. Умыделэмэ, уилъэпкъэгъу къаигъэмэ ямыхъо-мышIэрэ яплъыр-стыр зэхэлъадэрэ зябгъэухыныеп. Аущтэу зэсэIожьымэ, Бобровым кадет корпусым къыщытиIощтыгъэр шъыпкъэба!» – Хъан-Джэрые къызщылъэтыгъ, гуучъыIыжьыгъо джэхэшъогум щимыфагъэу, каретэ макъэм шъхьаныгъупчъэм ригъэплъыгъ.

Каретэ гъэIагъэм къикIыгъэ лIы мыин пытэу адыгэ шъуашэкIэ тегъэпсыхьагъэр Хъан-Джэрые ышIэжьыгъэп. Кавказ-Къушъхьэ полуэскадроным щыщ горэм фигъэдэн ыIонти, ыныбжьыкIи итеплъэкIи фэдэ ахэтэп. Ныбжь хэкIотагъэм емылъытыгъэу ыпкъи ищыгъ, ышъхьи зандэ, илъэбэкъуи пытэ, ицыещхъуакIи ридзэкIырэп, тыжьын бгырыпх псыгъом пылъ къэмэ мыиныщэри хъыерэп. Зэгуцэфэнэу ригъэжьэгъэгъэ адыгэлIыр Хъан-Джэрые ышIэжьыгъэу кууагъэ:

– Модэ мо слъэгъурэр! Бэслъыный, ора ар?! – Унэм фичъыгъ.– Фэсапщи, Бэслъыный! – Ынэгу упсыгъакIэ лIыжъым ыжакIэ рикъузылIи, IаплI пытэ рищэкIыгъ.

Абэтэ Бэслъыные ыжэкIэ упхъугъэ къызэуцIыным, зыкIэритхъыжьызэ, риIуагъ:

– Бащэ, Хъан-Джэрый, улIба, сэIо, сикIал...– Ежь Бэслъыныий ынэхэр къэулэбыгъэхэми зиIажэзэ, къесэмэркъэугъ: – сыжэкIэ пхъашэкIэ унэ сыкъыкIэIэбагъэкIэ енэгуягъо... Сэри мэхагъэ горэ къысхэфагъэмэ сшIэрэп... Модэ, Хъан-Джэрый, уянэжъ Къэнтатэ къыпфысигъэщэгъэ IэшIу-IушIухэр файтоным къырягъэх. Ары, ары, Къэнтати, уяни, шъуинысэ цIыкIоу Шъэуае ягуащи, пшынахьыкIитIуи, Къаймэти, Хьадж-Къэсэий – зэкIэри псаух, узынчъэх. Шъэуай пIуи? Ащ иIоф етIанэ тырыгущыIэн...– Хъан-Джэрые зэхихыгъэм ышъо къыпигъэчъыкIэу зелъэгъум, къыпигъэхъожьыгъ: – Хьау, хьау, ари псау, узынчъ, ишIугъу. Олахьэ, Хъан-Джэрый, о къепIолIэщтыр сшIэрэп, ау тэ тызэрэшхыжьми, адыгэ шъэожъые чан пшIыкIуз къышъуфэсщагъ. Орми сшIэрэп...– ТIэкIу тыригъашIи, къыпидзэжьыгъ: – урысые пачъыхьэм къыфезгъэолIагъэх... Гъогууанэфом къин сагъэхъугъэп, ашъхьэ аIыгъыжьыгъ, гъынагъэ къахэкIыгъэп, сагъэтынчыгъ.

– Тэ щыIэх къэпщагъэхэр, Бэслъыный? – Унэм къырахьэрэ пхъуантэмэ адэлъмэ амэ къыкIаоми, апымылъ фэдэу Хъан-Джэрые къэупчIагъ.

– Шъаомэ уафэмыгумэкI, нэфшъагъом тыкъэсыгъэти, къызфэтщэгъэ кадетмэ яттыгъэх. Урыс забытищ тигъусагъ, ахэмэ кIалэхэр агъэщхагъэх, агъэгъолъыгъэх. Сэщ нэмыкI адыгэ аталыкъитIуи шъэожъыемэ ягъус. ГумэкIыгъо щыIэп, гъогум ти Алахьыфо мыхъун къыщытигъэхъулIагъэп, тыкъытыринагъэп. Моу амдэз сэгъаштэ, Хъан-Джэрый, сищэджэгъо нэмаз блэсэмыгъэгъэкI.

– Гъогум укъытекIыгъакI, зыгорэ зыIуплъхьанба?

– Хьау, хьау, ащи тыкIэхьажьын. Сэ гъомылэкIэ сыерышэп. Къое гъугъэ гъэлэбыгъэ тIэкIоу пчэдыжь зыIуслъхьагъэр непэ сфикъущт. Арэп, Хъан-Джэрый, о уищэджэгъо нэмаз Алахьыфом пэбгъохыгъаха хьауми уибыслъымэн дин пщыгъупшэжьыгъа?

– Хьау, нахьыжъ, ащ фэдэ джы нэс сшъхьэ къихьагъэп.

– Армэ хъун, хэт ышIэра... Мыдэ ащыгъум амдэз штэри, къызгоуцу.

Зысымылъэгъугъэ илъэс заулэм, Хъан-Джэрый амдэз ыштэзэ, гукIэ ыIуагъ, Бэслъыные ышъхьацырэ ыжакIэрэ къэрабэ мыхъугъэмэ, илъэс тIокIищым ехъугъэми, ицыф гъэпсыкIэкIэ, игущыIэ псынкIэкIэ, ынэ шIуцIэхэмкIэ ащымыщ къахэхьагъэп. Шъхьэ хъураим нэтIэ мыин-мыбгъузэр декIу, цыешхъуашъом яхьщыр паIом тхьакIумэхэр дэупкIагъэх, пэ фэтхыщашъомрэ нэпцэ мыIужъухэмрэ зэдештэ, ынэмэ тхьагъэпцIыгъи акIэлъ, узгъэтынчырэ фэбагъи къыпхалъхьэ, ежь нэмыкI къэмыгущыIагъэми, уезэщырэп. КъыIощтым фэсакъы, мэхьанэ реты, уасэ зыфешIыжьы. Адэ джары, егъашIэм угурэ ппсэрэ зыфэптыгъэ лъэпкъым ухэмызэгъэныр тхьамыкIэгъо закъом къыщыуцурэп. Дунаим утемытыжьми, уикъупшъхьэхэр чIым щыщ хъужьыгъэхэми, уилIакъо окIодыжьыфэ а цIэ мышIур ащыгъупшэщтэп, лIакъор бзэхыжьыгъэми, егъашIэм зыщымыгъупшэжьы-

щтхэр уичылэ дэсыщтых, къыдэхъощтых, къумал горэ, къэрабгъэ горэ лъэпкъым къызыхэкIырэм къыпфагъадэу, Iэрымыш I тамыгъэу уарыхэлъыщт.

Хъан-Джэрые зэгупшысэрэр ежь ышъхьэ фехьыжьы пIонэу къыкIэщтагъ. Амдэзыпсыр огъушъыжьыфэ ышIуабэ дашIэу, Алахьэм ыпашъхьэ иуцогъэ Бэслъыные фэдэу нэмазлыкъ убгъугъэм зэрытеуцощтым кIэгуIызэ къэтэджыжьыгъ, ихьакIэ исэмэгубгъукIэ гоуцуагъ.

Ящэнэрэ дыухьэ къэхьыгъор Хъан-Джэрые зыщыригъэжьэщтым Бэслъыные нэмазлыкъым къытетэджыкIыжьыгъ, шъхьаныгъупчъэм кIэрыхьагъ, чыжьэкIи благъэкIи къэлъэгъорэ унэшхомэ яплъэу уцугъэ. СэмэгубгъумкIэ нахь чыжьаIоу дышъэпсыр зытежъыукIырэ пэIо папцIэ фэдэр ынэмэ къапэшIофагъ, итеплъэкIэ Екатеринодар къэзэкъ пытапIэм дэт чылысым зэрэяхьщырыр къыгурыIуагъ, Алахьым ыпашъхьэ зитыгъэ уж, етIани Хъан-Джэрые нэмаз зыщишIырэ такъикъ дэдэм ащ Iумыплъагъэми, ыгу къэмыкIыгъахэми хъуныгъи.

Къысфэгъэгъу, унэшIу къысщыф, си Алахь, Абэтэ Бэслъыные ыIуагъ. УишIэ хэмылъэу ари сынэ къыпэшIофагъэпщтын. УишIэ хэмылъыгъэмэ тятэ ишъэф зекIуакIи къыхэмыфэныгъэкIи къэнэнэп. Илъэс пчъагъэ тешIэжьыгъэу адэдэр сшынахьыкIи ышIагъ. Сэ мыхэмэ сиIоф зэрахэмылъым о ущыгъуаз, хьаулыеу тичылэмэ, адыгэмэ къыстыралъхьэ шъхьакIэ, сэ зыдэсэшIэжьы, ау цыхьэ къысфэзымышIырэ силъэпкъэгъумэ ар сыдэущтэу зэхязгъэшIыкIын. Агу шъабэ сфэгъэхъу, мыхъун къысямыгъэIуалI, къыстемыгъэгущыIэх. Мы лъэныкъор шъхьэегъэзыпIэ зэрэсфэхъугъэр зэрэмытэрэзыри къызгурэIо… Тыркуе хэгъэгум тызагъакIом, япачъыхьэ дэгу-псыгу зыкъытфишIи къызэрэтпэгъокIыгъагъэр? ТидинэгъумэцIыфыгъэ тIэкIу нэмыIэми сыд къызыткIыфамышIыгъагъэр? Джы, мары, тибыслъымэн шъэожъыехэр чыристан хэгъэгум къэтщагъэх. Хьау, ахэмэ тиадыгагъи тибыслъымэныгъи зэрэчIамынэщтым сицыхьэ телъ. Сапашъхьэ ит Хъан-Джэрыий цIыкIузэ, мыхэмэ къазэрэхэхьэгъагъэм пае зэгорэм тыцIацIэщтыгъэ шъхьакIэ, ыгу рахыгъэп, ашхыгъэп, ахэкIодагъэп.

«Сыдэу сибысым инэмаз кIыхьэ…» — Бэслъыные ыIуи, Хъан-Джэрые фырепльэкIыгъ, ар зэхихыгъэ пIонэу ардэдэм къэтэджыжьыгъэм риIуагъ:

— Аферым, Хъан-Джэрый, чылысыр зыдиз къэлэфоу укъыздэфагъэм уиадыгагъи уибыслъымэныгъи щыпщыгъупшагъэп,— сэмэркъэуми шъыпкъэми умышIэнэу пигъэхъожьыгъ: — сэ синэмаз уахътэ елъытыгъэмэ, о зебгъэукIыхьагъ.

— Дыухьэхэр арабыбзэджэ къызысIуахэджэ,— Хъан-Джэрые ащ ежэщтыгъэ пIонэу къыриIожьыгъ,— адыгабзэджи Алахьэм селъэIушъ ары.

— Сижъышъхьэм зэхэсхырэр сыд,— Бэслъыные къыраIуагъэр шIогъэшIэгъоныгъэми, уасэ зыфэзышIыжьырэ мэкъэ гъэтIылъыгъэкIэ къыхэкуукIыгъ, къэупчIагъ: — Алахьэм адыгабзэ ешIа?

— Алахьэм узэрелъэIурэ бзэр гурэIо, еIо къурIаным, нани ары къысиIорэр. Ау Iофым ишъыпкъапIэ къыосIон: сызэрэадыгэр зыщызгъэгъупшэ сшIоигъоп.

— Аферым, Хъан-Джэрый,— хьакIэр щхыпцIыгъэми, ыгу къыдеIэзэ, къыIуагъ,— сэ укъысэлъытыгъэмэ, уадыгэ шъыпкъ!

Хъан-Джэрыий щхыпцIыгъэ нахь, зэхихыгъэм зи риIолIэжьыгъэп.

ЯтIонэрэ мафэм, пчэдыжьышхэ ужым, Абэтэ Бэслъыные къэупчIагъ:

— НычэпэрэчэщыМ, Хъан-Джэрый, узысэмыгъэчъыем, абэтэ зэшмэ тихэхьажьыкIэ укъыкIэупчIагъэп.

— КъышъохъулIагъэр сыгу къемыуагъэджэ арэп, Бэслъыный…— ТIэкIу тыригъашIи, Хъан-Джэрые пигъэхъожьыгъ: — Ухыеми умысэми, шъыпкъэр пIон хъумэ, тэ тилIакъоджэ ащ тесэжьыгъ, узщыщмэ къумал къыуаIоныр тхьамыкIагъу.

— Шъорырэ тэрырэ сыдым тызэфигъэдэн…— Бэслъыные хьылъэу хэщэтыкIыгъ,— шъо шъушIэрэмкIэ, сыд къышъуаIолIагъэми нэфагъэкIэ шъопсэу… Тэ… Олахьэ сымышIэрэ ар къызэрэсIощтыр…

— КъызгурэIо, Бэслъыный,— ихьакIэ ыгу егъоу, бжыхьэпэ пчэдыжь шIагъом ащ тытемыгущыIагъэми хъущтыгъэ ыIозэ, Хъан-Джэрые къэгузэжьуагъ, ау азыфагу къыдэтэджэгъэ гущыIэ мышIум шъхьащыкIыгъэп.— Абэтэ лIыгъэрэ Абэтэ къумалырэ зэгогъэуцогъуай, шъуишIухэмджи шъуипыйхэмджи ар штэгъошIоп. Убых зэрихьэгъэ Iофым шъэфрэ къуалъхьэрэ хэмылъыгъэмэ нахьышIугъ. БлэкIыгъэм шъыд укIэлъыожьыджэ… Шъыд, Бэслъыный, пчэдыжь

шIагъом унэм тызфисыр, некIо, уитхьамэфэ охътэ кIэкI дгъэхьаулыенэп, узIукIэтмэ уахэхьаным ыпэджэ къалэм зыщыозгъэплъахьын. Шъыпкъэ, мыжъом хэшIыкIыгъэ унэ дахэхэр тимыIэхэми, тэри, Тыгъужъыкъо Къызбэч зэриIоу, пхъэ куахъоджэ дунаим тыкъытырахьагъэп, уашъом тыкъефэхыгъэп.

Апэрэ мафэм къалэм къыщыращэкIыфэ, Абэтэ Бэслъыные ылъэгъурэм къыриIолIэрэ шIагъо щыIагъэп. Зэгъолъыжьхэми, апэрэ чэщым фэмыдэу зытIо-зыщэ нахь пчъэ Iухыгъэм къычIэгущыIыкIыгъэп. Абатэмэ къяхъулIагъэу илъэс блэкIыгъэхэми, тыгъуаси, нычэпи, непи зыгъэгумэкIыщтыгъэм, бысымымрэ ежьырырэ зэдамыухыгъэгъэ гущыIэм, Сенат пчэгум блэчъыхэзэ, иджэуап ошIэ-дэмышIэу къытыжьыгъ:

– Абэтэ лIакъомкIэ сшынахьыкIэ Убых къытишIагъэр, Хъан-Джэрый, джы сегупшысэжьышъ, зэгорэм тятэ тхьамыкIэми ащ иIахь хэмылъыгъэу щытэп, дахэп, гукъэоф. Ау ащ сэри сикъонцэ Iахь хэлъ. Убых иунэ чэщым Новицкэ забытыр зисэлъагъом, имурад сызщегъэгъуазэм сиадыгагъэ сигъэшIагъэм сырыкIэхьажьырэп: сшынахьыкIэ фэсымыдэу ихьакIэ ыпашъхьэ ыпшъэб сыдэогъагъэми, хэта зышIагъэр Iоф мышъомылым къуалъхьэ хэлъыгъэмэ, «Iуагъэ ептыгъэмэ, уадыгэба, улIыба, урaукIыщтми гъэцэкIэжь, ау джынэкъэуж ащ фэдэ джэголъагъэ земыхьажь» сIуи, фэзгъэпытэгъагъ… Джары, Хъан-Джэрый, джары, сикIал, сиадыгэ шъорышIыгъэ къысфихьыгъэр, сызэрэхигъэукъуагъэр…

«Хэукъоныгъа хьауми зыдэмышIэжьэу гучIэм илъа?» Хъан-Джэрые иджабгъукIэ къыгос нахьыжъым риIо шIоигъуагъ, ау римыкушъущтыгъэр къэIогъу ригъэфагъэп, Бэслъыные къыдзыгъ:

– Арэп, Хъан-Джэрый, тыгъуасэ нэс мы псыхъофом тыблэчъышъ, ыцIэ къысапIорэп, зэ моу файтоныр къэгъэуцу,– ардэдэм Петропавловскэ пытапIэмкIэ уахътэр зэрэхъугъэ къэзыIотэрэ топыр къэуагъ, Бэслъыные тхьагъэпцI нэплъэгъукIэ Хъан-Джэрые фыреплъэкIи, файтоным икIызэ, орэд мэкъэмэ гохьыкIэ къыIуагъ: – Бытырбыфэу къэлэфом топыфор щагъао…[1]

[1] «Сыда пшIэрэр?» – Хъан-Джэрые «Абэтэ Бэслъыный» зыцIэ къэбарым къыщетхы,– Iэгушъуокlэ псы чъыIэм ешъоу, ынэгу кIикIэу зэхъум, секууагъ. «Сятэ сыд фэдизэу цIыфмэ ашIэщтыгъэми, щытхъущтыгъэхэми, сыкъызхэкIыгъэ нахьыжъхэми ащыщэу зы нэбгырэ Невэпс



## IV

Де-Скаси зыригъэукIыхьэу инепэ-неущ бжыхьэм нигъэсыгъ. Бэрэскъэжъые мэфэ пIалъэр шэмбэтымкIэ непи къызэблихъужьыгъ. Ари нэмыкI мафэ ымыхьыжьыгъагъот, Хъан-Джэрые ыIуагъ. Александр Христофоровичым сыгу ебгъэрэп, укъыздикIыжьыгъэм щыкъэбармэ етIанэ татегущыIэн ыIогъагъ нахь, пIэлъэ гъэнэфагъэкIэ сигъэгугъэгъагъэп. Мыдырэм къехъулIагъэр сшIэрэп,

ешъуагъэп»,– Бэслъыные чэфэу ыIуагъ. Ежь къызхэкIыгъэхэм ащыщ горэ къызэрымыхьэгъэ хэгъэгоу тхыдабэ зыпылъыр зэрилъэгъугъэм рыгушхощтыгъ…

КъэгъэлъэгъуапIэм тыщэIэфэ зыми фэмычэф нэгу сигъогогъу иIагъ. Ар згъэшIэгъуагъэ, ылъэгъурэм зыкIыфэчъыIэмкIэ сеупчIыгъ. «ЗэкIэ слъэгъурэр сэгъэшIагъо, сыда пIомэ мыхэмэ афэдэ тыди сыщыIукIагъэп, ау урысхэм ар ашIозгъэбылъыным сыпылъ, арымырмэ тэ гъочIэгъым тыкъычIэкIыгъэу, зи тымышIэу егупшысэнхэкIи мэхъу»,– къысиIожьыгъ Бэслъыные…»

Сыфэчэфэу Бэслъыные илъэIу фэзгъэцакIэзэ, къэлэ шъхьаIэм ичIыпIэ гъэшIэгъонхэм ащыщхэр езгъэлъэгъущтыгъэх… Зэгорэм Зимнэ дворецым тыщыIагъ, ау тизэкъуагъэп: налмэс-налкъутэхэр, нэмыкI мыжъо лъапIэхэр залъэгъухэкIэ лъэшэу амакъэ Iоу, зыгъэшIагъоштыгъэ къушъхьэчIэс нэбгырэ тIокI къыддэкIогъагъ, Бэслъыные закъом зи ыгъэшIагъощтыгъэп. ЦIыф сурэтхэр зэрыт унэм тихьагъ: ахэр зыкIаугъоигъэхэм мыщ дэжьым Бэслъыные къыкIэупчIагъ, сэри ышIэ шIоигъомкIэ згъэрэзагъэ. «Сыдэу ар дэгъуа,— лъэшэу къыIуагъ.– Шъыпкъэ, мы инэралхэм ащыщыбэхэр щыIэжьхэп, адырэхэр жъы хъугъэх, лIагъэмэ якIалэхэр мыщ къызыкIохэкIэ, ягуапэу ятэмэ ясурэтхэм аIоплъэх, ащ агухэр къеIэты, лIыжъхэр зыхэтыгъэ IофышIухэр, алъэгъугъэхэр агу къэкIыжьышъ, ащ егъатхъэх, тэ, лIыжъхэм, блэкIыгъэм тытегущыIэныр тикIас – къэхъущтым щытхъу къытфиIожьыщтэп…» – Бэслъыные IущхыпцIыкIыгъ: «ОшIэмэ,– тIэкIу хэгупшыси, игущыIэ лъигъэкIотагъ,– тиадыгэхэр, Тхьэ сэIо, зэкIэ дунаим тет цIыф лъэпкъхэм анахь лIыбланэх, анахь гупшысэнчъэх: ахэр фэмыехэу зыми заом ыгъакIохэрэп, щынагъом пэгъокIынхэм дэгузажъох, фаехэу мэзаох, малIэх! КъаIуагъэхэми, зи къаратырэп, къаукIыгъэхэми, ябынхэм зи алъыплъэрэп, «лIыблан» къараIомэ ары яшIухьафтыныр! А гущыIэ закъом пае кIодыпIэ шъыпкъэ афэхъущтым пэгъокIых. Адырэ цIыф лъэпкъхэм яIоф нэмыкI зыщытетыр: ахэмэ унашъо афашIы, фэмыехэу заом агъакIох, шIухьафтынэу аратырэр зэрэиным къыхэкIэу, къэрабгъэхэри охътэ кIэкIым лIыбланэ мэхъух, тэ типщыхэу бгъэтедэ зиIэхэм загъэинэу аIо: «Тэ къулыкъу тэхьы…» Ежьхэм апае ахэмэ къулыкъу ахьы ныIэп…»

Академием тыщыIэу къэлэ шъхьаIэм щилъэгъугъэ ямышIыкIэхэр зэрафиIотэжьыщт шIыкIэмкIэ сигъусэ сеупчIыгъ. «Сэ ащ заулэрэ сегупшысэгъах, зи сымыIонэуи исхъухьагъ, сыда пIомэ зэкIэ тлъэгъугъэр къэпIотэжьыныр къин дэд, къэтIотэжьыми, хэти ышIошъ хъущтэп, арышъ зи тымыIомэ нахьышIу». «НыбжьыкIэмэ афэгъэхьыгъэмэ, ар

пІалъэр тІо-щэ мазэм къысфызэблехъу. ЕтІани сызэрэфаемкІи къысэупчІырэп, мыщ сегъэгумэкІы, джэнджэшэгъу къысфэхъу сІоу селъэІугъэп. Нахьыпэм сыкадет зэхъуми, Черномор къэзэкъ лейб-гвардием сызыхэтми, къушъхьэчІэс полуэскадроным сыкъызащэжьым, мэзэ блэкІыгъэм зыкъызэригъэпсырэм фэдэу Рафаил Августиновичым зыкъысфишІыгъэп. ЗыкъысІуигъакІэщтыгъ, талъэныкъо щыкъэбармэ къакІэупчІэщтыгъ, ядэжь сищэуи сихьакІэуи къыхэкІыгъ, ор-орэу садэжь укъихьэрэп, сызэбгъэлъэгъурэп ыІозэ, къызэрэсэгыищтыгъэри мэкІагъэп. Джы сэ сызщыгуІэрэм ушъхьагъу зэфэшъхьафкІэ уахътэр сшІуе-

гъэхэм ариІощтыр зэзгъашІэ сшІоигъо сыхъугъ. «Сэ ахэмэ ясІощт,— Бэслъыные къыситыжьыгъ джэуап,— Бытырбыф зэкІэ дэс урысхэм шъхьэкІафэ зэрахэлъыр, ау цІыфышхохэр адырэхэм анахь гушІубзыух, Кавказым ис тхылъыпІэтхыхэм анахьи мыщ щыІэ лІышъхьэхэм нахь аІукІэгъошІу…» — сэ сыкъэщхыгъ. «Тхьэ сэІо шъыпкъэкІэ!» — къыхигъэхъожьи, ежьыри щхыгъэ…

Бэслъыные ишэнкІэ чэфыгъэ, сэмэркъэу Іушхэр, нарэ щхэнхэр икІэсагъ, ежьыри хэти шъхьасыщтыгъэп, ау исэмэркъэухэр лъэшыщэу къыІощтыгъэх, зытегущыІэрэ цІыфыр шІу ымылъэгъу зыхъукІэ, пхъэшащэ къэхъущтыгъ. Аужырэ илъэсхэм «бгъэтедэ» пщыкІэ ежь заджэщтыгъэ цІыфхэр ары анахьэу ылъэгъу мыхъущтыгъэхэр…

КъыкІэлъыкІогъэ мафэм Царскэ Селом тызэкІом, Бэслъыный, игъусэхэри Б.-м дэжь щыІагъэх. Мы чІыпІэм ти Бэслъыные ыгукІэ къехьылъэкІыщтыгъэр, иакъыл чан зыгъэгумэкІыщтыгъэр, къызщыхъугъэм зыдихьыжьынэу зыфэмыягъэр е хьадырыхэ зыдимыхьыжьы шІоигъуагъэр зэкІэ къыщиІуагъ.

Зытетым тетэу сэ зэсыдзэкІыжьыщтыгъэ гущыІэхэм, къэзыІорэмкІэ щытхъугъэу, графыр сакъэу къядэІугъ. Илъэу щамыгъэзыенкІэ гугъапІэ зэрэщыІэр графым къызыреІом, Бэслъыные гупсэфыжьыпагъэ… Бэслъыныерэ игъусэхэмрэ графым Дворецым дищагъэх, пачъыхьэм ІукІэнхэр ащ янасып къыщихьыгъ, пачъыхьэ унэгъо лъапІэри щалъэгъугъ. Пачъыхьэшхор ти Бэслъыные къыдэгущыІагъ, я си Тхьэ, а лІыжъ Іушыр, гухэлъышІухэр зиІэр насыпышІуагъ: гухэлъ чыжьэхэр къыдэхъунхэм ишІошъхъуныгъэ ыгу стыр къыщызэхэнэгъагъ…»

Бэслъыные Петербург икІыжьынышъ, Кавказым зыкІожьыщт мафэр къэсыгъ, сэ ар Среднэ Рогаткэ нэс згъэкІотэжьыгъэ. ЫІужым къызэрэчІэкІыжьыгъэу а чІыпІэм егъэшІэрэу тыщызэгокІыжьыгъ.

Зэгорэм щэджэгъоужым шахмат тешІэщтыгъэ. Ар зыщыхъугъэр Петербург ары, 1837-рэ илъэсым игъатх. Тащыщ унэм къехьэ: «Кавказым письмэхэр къикІыгъэу аІо, Абэтэ Бэслъыные лІагъэу къатхы…» Сыгу хэзыгъэкІыгъэ къэбарыр зызэхэсэхым, ешІэныр чІэсыдзи, сыхэгупшысыхьагъ… О си Тхьэ, сыдэу тхьамыкІэу цІыфыр къэхъугъа! Хъугъэ-шІэгъэ ин дэдэхэр ащ ышъхьэ щызэрехьылІэх, ахэр къыдэхъугъэхэу зыщилъэгъужьыщт такъикъым щэгугъы. ЕтІанэ сыд?.. ЩыІэжьэп ар, щыІэжьэп ицІыф гупшысэ нэфыхэр, шІэгъэн фэе Іофыгъо хьалэмэтхэр зышъхьэ къитаджэщтыгъэр!»



гъэкІоды. Уахътэр макІо, нэгъой шыкуаом фэдэхэр къыскІэнакІэх… Нанэ къысшъхьасы, къысфэсакъы шъхьакІэ, талъэныкъокІэ къыщыхъурэ гумэкІыгъомэ ацыпэхэр сшынахьыкІэмэ къысфатхырэмэ, ашъхьэ къишъумыхыщ ясІуагъэ пэтызэ, къахэщы. Ахэмэ ятхыгъэхэр зэрауплъэкІурэр, джыри кІалэх, къагурыІорэп. Нэгъумэ Шорэ зыкІэхъопсырэ адыгэбзэ тхакІэ тиІагъэмэ, аущтэу амышІынэу ясІокІыщтыгъэ.

Аужырэ гущыІэмэ Хъан-Джэрые зягупшысэжьым, ежь-ежьырэу шІощхэныжьыгъ: джа адыгэбзэ гущыІэу зыфэсІуагъэм рагъэджэни мы къэлэшхом къыдагъотэн, ау ащ фэдэ цыхьэмышІынығъэ тазыфагу къитымгъэхьэгъагъэмэ, шъхьэихыгъэ шъыпкъагъэ зэфытиІагъэмэ нахьышІугъ, лъэпкъ цІыкІу, лъэпкъ ин фэІуагъэп. ЦІыфмэ, лъэпкъ зэфэшъхьафмэ цыхьэ зэфамышІыжьы зыхъурэм, дунаим икІодыжьыгъо къэблагъэ нанэ зэриІоу, тыгухэр тымыгъэшъабэмэ, тызэфэмысакъыжьмэ, гухьэгужъым, жъалымыгъэм илыгъэ къыткІэблэщт, имэшІобзый дунаим тытыристыкІыщт. Ащ тэмэтелъ зытелъи, чІыр зылэжьри, шым теси, лъэси, тахътэм хэси, мыпсэу-мылажьи къелыжьыщтэп.

ОшІэ-дэмышІэ гупшысэмэ къыкІагъэщтагъэу Хъан-Джэрые шъхьэр къыпхъотагъ. Пачъыхьэ пчъэихьагъум дэжь зыщыкъэрэгъулэрэ мафэм ащ фэдэ мышІумэ зэрягупшысагъэр емыкІу зыфилъэгъужьыгъ, зыщигъэгъупшэ шІоигъоу, дэпкъ къогъум къот тыжьын сыхьатышхор ынэ къыпэІумыхьажьэу, джыбэ сыхьатыр зэтыригъэпкІи, еплъыгъ.

Урысые пачъыхьэр, Апэрэ Николаир, къулыкъушІэ къызщыкІощт уахътэм джыри сыхьат псау иІагъ. Ежь нэмыкІэу, ятэмэтелъхэмкІэ нахь цІыкІуІохэу, штабс-капитанитІу апэрэ пчъэихьагъум, пчъэблэ бгъу зырызмэ акІэрыт. Пачъыхьэм ипчъэ дэжь, яинагъэкІэ зэфэдизхэу штабс-ротмистрэ джэдитІу щыт. АдыкІэ, шъхьаныгъупчъэм пэблэгъэ столышхоу къэлэмырэ мэрчэпылъэ уцышъорэ нэмыкІ къызтемыщырэм пачъыхьэм иІофшІэкІо лІы шъхьацыф ІэпкІэ-лъапкІэр кІэрыс, платыку фыжьыбзэкІэ ыІэбжьанэмэ зырыз-зырызэу ателъэкІыхьэ, яплъыжьы. ТІэкІу тешІэ къэсми уахътэр зынэсыгъэр зэригъашІэу, къогъум къот сыхьатышхом еплъы.

Пачъыхьэр къызэрэлъагъоу къызщылъэтынэу столыбгъум Хъан-Джэрыий гогъэпкlагъ. Гупшысэ зэфэшъхьафмэ зышъхьэ зэщафыщтыгъэр ары lоу умышlэжьынэу гупсэф, сыхьатыр пшlым ехъулlэу пчъаблэм дилъэгъощт пачъыхьэм инэгушlуагъэкlи ифэшъыпкъагъэкlи зэрэпэгъокlыщтым, сыд къырипlуагъэми, сыд фэдэ унашъо къыфишlыгъэми лъэтемытэу зэригъэцэкlэщтым фэхьазыр.

Урысые пачъыхьэшхор къызэрэтхэхьащтыр нанэ езгъэлъэгъугъагъот, Хъан-Джэрые гукlэ ыlуагъ, ынэмэ гушlопс фабэр къакlихыгъ, ыlупшlакlэмэ арычъагъ, бжъэдыгъупщхэри, къэзэкъхэри, фэкъолlхэри зы нэ гъэупlэпlэгъу ныlэми къыстеплъэгъагъохэт.

Пчъэихьагъум лъэмакъэхэр къыщыlугъэх. Урысыем ипачъыхьэшхо пчъаблэм къыщылъэгъуагъ, унэм исхэри, Хъан-Джэрые апэ зэритэу къызщылъэтыгъэх, щытхэми зыращыгъ.

– Шъуипчэдыжь шlу, зиусхьанхэр,– пачъыхьэм шlуфэс къыхи, рахыжьыгъэ шlуфэсым пымылъэу къыфыlуахыгъэ пчъэмкlэ ыгъэзагъ, ау псынкlэу къызэтеуцуи, къызэплъэкlыгъ, ротмистрэм къеупчlыгъ: – ора, Хъан-Джэрый? Уикъулыкъу, уиlэнэтlакlэ сыдэу уехъулlэра?

– Зэкlэри дэгъу, Урысыем ипачъыхьэшху,– Хъан-Джэрые зырищи, джэуап ытыжьыгъ,– цыхьэ къызэрэсфэпшlыгъэмкlэ тхьэуегъэпсэу, сипачъыхьэрэ сихэгъэгурэ сафэшъыпкъэу къулыкъу сэшlэ.

– Сыпфэраз, ротмистр, сыпфэраз. Ащ фэшъхьаф джэуапи сыкъежагъэп. Непэ орырэ сэрырэ тихэгъэгу пае lоф зэдэтшlэщт. Ары, ары, тихэгъэгу пае lоф зэдэтшlэщт, ар дэгъу, щытхъугъ,– пачъыхьэр мыгузажьоу, зытеуцорэ джэхашъом зэхыригъашlэу, плlэу пытэ ищыгъэкlэ иlофшlэпlэ унэ ихьагъ, дышъэпсышъо пчъэкъопсхэр зыхэлъ пчъэ фыжьышхори ыкlыб щызэфашlыжьыгъ.

Пачъыхьэм ипчъэшхо зэфэшlыгъэ хэгъэгу шъэфрэ щынэгъо гумэкlырэкlэ зиудэгущтыгъэми, щытыгъэмэ ялыягъэу Хъан-Джэрые зэхихыгъэ гущыlэ фэбэ кlэкlмэ ыгурэ ыпсэрэ джыри зэлъаlыгъыгъ. Унэм къыдитыхэр ынэмэ къапэlухьажьыщтыгъэп – Урысые хэгъэгум ыпашъхьэ ит, къехъуапсэх, агъэшlагъо, къешъугъух. Хэгъэгушхом ипчъэшхо пашъхьэ зэрит пэтызэ, игупшысэхэр Польшэмкlи, Сыбыркlи, Кавказымкlи щызэбгырэчъых.



Адэ ары, къыхэтэджэгъэ гушхуагъэм Хъан-Джэрые гукlэ хигъэкуукlыгъ, неущи, неущмыкlи, къэкlощт мафэхэми, илъэсхэми хэгъэгум, сипачъыхьэ афысиlэ шъыпкъагъэм, шlошъхъуныгъэм апае lоф зэдэтшlэщт, къызэрэпlоу сыпсэущт. Ау, сыкъызэхэпшlыкlыщтмэ, сызэрэолъэlущтыр зызакъу, силъэпкъэгъухэр сэ зэрэсшlэхэу мыщкlэ цlыф щишlэхэрэпышъ, нахь чыжьэ ухэмыхьэзэ, адыгэ шъолъырым щыпlощтымрэ щыпшlэщтымрэ афэсакъ, шъукъеуцуалl япlон, бгъэщынэнхэ нахьи, гущыlэ зэдэтэжъугъэгъот, тызэдэжъугъэпсэу япlомэ нахьышlу.

Хъан-Джэрые игупшысэ зышъхьащигъэу шlоигъоу тыгъэнчъэ дунаим хэплъагъ. Гъатхэм фызэплъэкlыжьы пlонэу, непи тыгъуасэ фэдэу, къещх-къемыщхышъу. Тыгъэ щымыlэ пае Исакиевскэ чылысым идышъэ пэlо папцlэ мыжъыуныр, пачъыхьэм ипчъэкъопс дышъэпс егъэшъуагъэхэр, дэпкъымэ, кlашъом къатещырэ хъырахъишъэхэр зэlугушlонхэр къанэрэп.

Тыгъэр зыдэщыlэр, Хъан-Джэрые lугушlукlыгъ, талъэныкъу. Гъуагъо мэзышхомкlэ къыкъокlыгъэу тидэшхо чъыгышхо ышъхьапэмэ ар джы къашъхьащыхьагъ. Итыгъэпс дышъэпсыхэр мы сынэгу кlэтхэр пщигъэгъупшэхэу зэретэкъокlых. Нани унэ лъэгуцым тесэу къычlэкlын, сяни идышъэ хэдыкlынмэ апэтlысхьэщтын. Сисур? Ари мэlэчъэлъачъэшъ, нэнэжърэ тянэрэ азфагу дэт. Дзэпщ цlыкlум зигъэзэщырэп: ондырыхъур пчъэlупэм къыщырефэкlы, е кlэн ешlэ, е яlой-жэишъ Хьадж-Къэсэйдыхэм ауж ит. Шъэуай? Шъэуае ыгу еlугъагъэп шъхьакlэ, Анфискэкlэ есlокlыгъэгъэ тlэкlу-шъокlухэр пкъырыхьэгъэнхэба? Пантелей бэмышlэу, тхьэегъэпсэу Александр Христофоровичыр, Анфисэ пэблэгъэнэу, Черномор къэзэкъыдзэм язгъэщэжьыгъ. Бырсыр азыфагу къыдэмыхъухьэу яlоф кlэух фэхъугъэмэ дэгъугъэ.

Пачъыхьэм ипчъэ кlыбкlэ къыщыlугъэ одыджын макъэм Хъан-Джэрые игупшысэ чыжьэмэ къахищыжьыгъ. Ежь къеджагъэх шlошlэу къызщылъэтын ихьисапыгъ шъхьакlэ, псынкlэу зыкъишlэжьыгъ, игумэкl къызхигъэщыгъэп. «Сыд шъуlуа зыфаер? – Ыlуагъ.– Сырищыкlагъэмэ, зыlэбжъанэхэр зылъэкlыщтыгъэ пшъэ уфагъэу ыдэжь чlэкlошъагъэм къырипlон. Сырищыкlэгъагъэмэ, «непэ тихэгъэгу пае

Iоф зэдэтшIэщт» къысиIощтыгъэп. Тхьэегъэпсэу, тыдэ сыщилъэгъугъэми, сигъэгъуащэрэп, сызыхэтмэ сакъыхэгъэщы. Адэ, хэгъэгум пае, ощ пае Iоф зэдэтшIэн, къысапIорэр лъэтемытэу зэрэзгъэцэкIэщтым укIэмыупчIэжь. Тизакъоу гущыIэгъу сыпшIыгъагъэмэ, адыгэхэмкIэ сишIошIхэр къыосIощтыгъэ. Типачъыхьэ узэхэзымышIыкIын цIыфэп, ышнахьыжъ Апэрэ Александрэм шъхьащымыкIымэ, къыщигъакIэрэп. Тятэ зыфэшъыпкъэгъэ пачъыхьэр Власов генералым ришIэгъагъэм, Ермоловым зэрэфигъэпытэгъагъэм, къэзэкъхэр зэриIажэщтыгъэм изакъоми, адыгэхэмкIэ дэгъугъэ. КъыдэхъугъэрикIагъэп, къыдэмыхъугъэ щыIэми, цIыфмэ зэраIоу, къызхэхъухьэгъэ лъэхъаным ицIыфыгъ. Наполеон фэдэ Дзэпщ гъэшIуагъэр уихэгъэгу щызэхэпкъутэнышъ, шы фыжьым утесэу Париж удэхьанри шъхьащэ къызфябгъэшIынри лIыгъэм, насыпыгъэм къыщыуцурэп. Непэ Iоф зыдэсшIэрэ пачъыхьэри сэ сызхэт лъэхъаным ицIыф. Насыпыр ежь-ежьырэу къакIорэп, цIыфым къызфехьыжьы. Ащ ишIыкIи бэкIэ зэтекIы: шъэфи, ошIэ-дэмышIи, шашитыгъи хэлъ, лъи, гын гъози къазщыхахьэрэр макIэп. Хьау, хьау, Сенат пчэгум щишIагъэмкIэ типачъыхьэ згъэмысэрэп. Къебэныгъэхэти, ябэныжьыгъ. Зэ, зэ… Тыфаеп, уипачъыхьагъу тищыкIагъэп зэраIуагъэр ара ымыдагъэр, зыфиукIыгъэхэр, зыфыпилъагъэхэр? Ащыгъум полякхэр? Адыгэхэми, щэщэнхэми, дэгъыстанхэми тышъуфаеп аIо. Ахэми егъэзыгъэ Iоф ятшIылIэщта? Адыгэмэ яшъхьафитыныгъэ кIэдэу изакъоми… Тыркуем къарихыгъэ шъхьакIомрэ тэ тазэрэдэзекIорэ шIыкIэмрэ типачъыхьэ фэсIотэгъагъот, сыкъызэхишIыкIын фэдэу, езгъэгупшысэн фэдэу къысщэхъу. Икъун лъэу дгъэчъагъэр, гунахьэу къэтхыгъэр!.. Ар сэIо шъхьаем уихэгъэгу къэуухъумэным, уипачъыхьэ къэбгъэгъунэным гунахь хэлъа? Жьыбгъэ щымыIэу къурэ сысырэп аIо. Тэри, адыгэ лъэпкъыхэм, зитымыгъанэу, зэ тызэхэплъэжьмэ, тызэхэгупшысыхьажьмэ нахьышIу. Сыда зыкIыныгъэ зыкIытхэмылъыр? Ар тхэзгъэлъын фаер сыд фэд? «Тиадыгэ гупшысэ джыри макIэ» сиаталыкъ Мэрчанэ зыкIиIощтыгъэр джы къызгурэIокIэ сенэгуе.

Пчъэр къызызэIокIым, Хъан-Джэрые зыщыгъупшэжьыгъэу къэтэджыгъ. Пачъыхьэм дэжь къычIэкIыжьыгъэм ротмистрэр зэрямыщыкIагъэр, гукIэ къызэрэкIэнакIэрэр инэгушIогъэ шъорышIыгъэкIэ хигъэкIокIэжьызэ, къыригъэшIагъ. Хъан-Джэрый къызэрэтэджыгъэр зэрэмыпкIэнчъэр аригъэлъэгъоу тIысыжьыгъэп, унэр зэримыхымэр агуригъаIоу сыхьатым екIолIагъ, иджыбэ къырихи зэдигъэпкIыгъэ тыжьын сыхьатымрэ зыкIэрытымрэ къагъэлъэгъорэ уахътэр зэтефэмэ ыуплъэкIугъ.

Урыс пачъыхьэр IофышIэ къызыкIуагъэм сыхьатитIурэ никъорэ тешIагъэми, Хъан-Джэрые зэриIожьыгъ, а уахътэм къыкIоцI министритIу – хэгъэгум идзэ уIэшыгъэмэ я министрэу Чернышев графымрэ жандармерием ипэщэ Бенкендорф графымрэ – ригъэблэгъагъэх. ИIэшъхьэтет Бенкендорф графыр пачъыхьэм дэжь чIэмысыгъэмэ, ащ фэдэу, къеджэщтых шIошIэу, Хъан-Джэрые къызщымылъэтыныгъэкIи мэхъу. Джа пчъэшхо пытэ фэшIыгъэм ыкIыбыкIэ унэм исхэм анахь зыпэблэгъэ, зыфэшъыпкъэ Санкт-Петербурги дэсэп, хэгъэгуми исэп. ЯзэIукIэн зезгъэукIыхьэрэ – ар неущ пчыхьэ блэкIыжьынэп! – Де-Скаси, зэуитIум зыдыхэтыгъэ Перовскэ генералри, Капустенкэ Игнати, Нэгъумэ Шори, Къаз-Джэрый тыгъоспчыхьэ зыдэжь щыIэгъэ Татьянэ Константиновнари гукIэ пэчыжьэхэп. Ау митIур…

Хэт ышIэра сыхьатым къехъугъэу зытегущыIэхэрэр, Хъан-Джэрые ыгу бэ къиихьэу ыIуагъ. Хэгъэгушхор зещэгъошIоп, гъэдэIогъошIоп. ЦIыф лъэпкъ зэфэшъхьафыбэ щызэхэугъоягъ. Лъэпкъ пэпчъ яхэбзэ гупшысэ щыIакIэ, абзэ щегъэжьагъэу, ашхырэмрэ ящыгъынрэ, яорэд къэIуакIэрэ, якъэшъуакIэрэ зэфэшъхьафых, ядинхэр зэтекIых, щызэпагъэуцужьхэри макIэп. Польшэр, Литвар, Финляндиер, Сыбыр лъэныкъор, Хива тIозэ, Кавказыри ахэмэ къахэхьажьыгъ. Темыр Кавказым нэсыгъэхэмэ адыгэмэ атемыгущыIэхэкIэ огугъа?.. Ащыгъум сырямыщыкIэгъэнэуи? Джы сырамыгъэблагъэмэ, тIэкIу шIэмэ сырагъэблэгъэнкIи пшIэхэнэп. Джарыщтын пачъыхьэм «непэ тихэгъэгу пае Iоф зэдэтшIэщт» къызыкIысиIогъагъэр – джыри зэ, адырэ блэкIыгъэмэ афэдэу, Хъан-Джэрые къыкIиIотыкIыжьыгъ,– Кавказыр, Темыр Кавказыр ары джыдэдэм зытегущыIэхэрэр… Темыр Кавказым игугъу ашIыхэмэ, адыгэхэр ары, Дон псыхъо узэрикIэу, Екатеринодар, Став-

рополь узэрэнэсэу, къапэІулъхэр... ЕтІанэ осетинхэр, щэщэн-ингушхэр, дагъыстанхэр. Чернышев дзэ министрэми сыд шъуІуа риІуагъэр?.. Арэп, сыдэу зэкІэри, пшІапхъи умышІапхъи, зэбгъашІэ пшІоигъуа?! – Хъан-Джэрые къехъулІэрэр тІэкІуи шІоукІытэгъожьэу зэупчІыжьыгъ, – мыхэмэ гукІэ сапэблагъэми сызщыщ адыгэмэ ягумэкІыгъомэ самыгъэпэныр емыкІу. Талъэныкъо къысфыратхыкІырэ гущыІэ никъокъэІо телъэшъуагъэхэмкІэ адыгэ Іофхэр зэрэмыхъатэхэр къэошІэ... АщкІэ есІуагъэр, фэзгъэпытагъэр зыхэмыхьагъэр, зыфэмысакъыжьырэр Адыл-Джэрый, къэзэкъыдзэм зыкъыхаригъэфыщт.

Пачъыхьэм ипчъэ макъэ къызэрэІугъэм лъыпытэу Хъан-Джэрые ышъхьэ къыІэтыгъ, пчъэм далъэгъогъэ Бенкендорф графым зэкІэми зыфыращыгъ.

– СултІан полковникыр, – Урысые пачъыхьэр къызэрэфэуцугъагъэм фэмыдэу шъэбэрыкІо онтэгъум хэтэу, хэгъэгум ижандармерие иІэшъхьэтет къыІуагъ, – неущ усищыкІагъ, сыхьатыр пшІым ехъулІэу сиІофшІапІэ къакІо.

– ЗгъэцэкІэн, Ваше высокопревосходительство, – джэуапым къыпымылъыжьэу унэм икІыжьыщтыгъэ Бенкендорф риІуагъ, – зыфэпІогъэ сыхьатым ехъулІэу сыкъэсын! – ТІэкІу тешІагъэу ежь-ежьырэу Хъан-Джэрые зэупчІыжьыгъ: «Сыд мыщ къехъулІагъэр?.. ІэнэтІакІэр къызысфигъэшъошагъэм ыуж къысфэчэфыжьэп, сызІуигъэплъэжьырэп... Сыда ар зытыришІыхьэрэр?.. МыІуапхъэ сІуагъэу, мышІапхъэ сшІагъэу зыдэсшІэжьырэп. Сиполуэскадрон сІонти, къулыкъу зыфашІэрэ хэгъэгум, пачъыхьэм фэшъыпкъэх. Азэмат-Джэрый сІонти, зэкІэми къытфэразэу, тэри тыфэразэу гъогу тедгъэхьажьыгъ. СшІэрэп, сшІэрэп къехъулІагъэр... Сэ къысфэмыгъэхьыгъэмэ сидзэ къулыкъу Іофмэ афэмыгъэхьыгъэмэ, сыдэуи зерэшІ фаеми, зезгъэгъэпэнэп... Ау етІани...

Бенкендорф графым дэжь къызекІыжьым, ыгурэ ышъхьэрэ зэбгъэжьэу Хъан-Джэрые сыхьат зытІущэ хэтыгъ.

Джары узыфэмысакъыжьмэ, ехъырэхъышэныгъэу иІэшъхьэтеткІэ къыфэтэджыщтыгъэхэмкІэ ежь-ежьырэу зэгыижьызэ ыІуагъ, цІыфым имыхьакъ зэрэтеплъхьащтыр, игунахь узэрэхэхьащтыр зи арэп. Нанэ къысиІощтыгъэр сыда, гум къихьэрэ цыхьэмышІыр щыбзэм кІэбгъэкІын фае, къинэжьырэр зэпэщэчыжьынышъ, зэфагъэ зыхэлъым урыпсэун, урышІушІэн фае. Шъэуайй ианахь гущыІэ щэрыомэ ар ащыщыгъ. Сэ къысІущхыпцІэжьхэрэпти, къысфэмыежьхэу, цыхьэ къысфамышІыжьэу къысшІошІыгъ. Ар шэны хъущтэп, зыхэсымыгъэзыжьмэ, сигъэлъэпэощт.

Хъан-Джэрые унэм зехьэм, ишІуфэс хыгъо римыгъафэу Александр Христофоровичыр нэгушІоу къыпэгъокІыгъ, ыблыпкъ ыІыгъэу джэхэшъогум къыщыриІщэкІызэ, къыриІуагъ:

– Сигуапэ, Хъан-Джэрый, уидзэ къулыкъу дэгъоу зэрэкІорэр, къыпфашІыгъэ цыхьэшхом узэрэфэшъыпкъэр, уидзакІохэри ащ зэрэфэпПІухэрэр. Сэрэп ахэр зигущыІэхэр, Урысые пачъыхьэшхор ары, тыгъуасэ шІукІэ уигугъу ышІыгъ, сэри лъэшэу сигопагъ, урыс забытымкІэ сыд ащ нахь насыпыгъэ щыІэн!

– Тхьэшъуегъэпсэу, Александр Христофорович.

– Тхьэегъэпсэур зыфэшъуашэр оры, къэмылэжьрэ къыуаІорэп. Джы укъызфезгъэблэгъагъэр ары, моу тыгъэтІыс, нахь гупсэфэу тыгущыІэн. ТызгъэгумэкІыри занкІэу къыосІон. Адыгэ шъолъырымкІэ, тызэрэмыгугъагъэу, тиІофхэр къыщикІыхэрэп, лъэпкъ бащэмэ уадэгущыІэныр ІэшІэхэп, зым ыІорэр адырэм реутыжьы. Тыркуем узытекІорэм шІу ыгу къыпфилъына, адыгэхэмкІэ тыкъигъэпцІагъэкІэ сенэгуе... Адрианополь мамыр зэзэгъыныгъэмкІэ зичІыгу тихьагъэмэ тафэмыхьазырэу къычІэкІын. «ШъукъытатыгъІ» гущыІэр яцІыкІуи яини тфаштэрэп, Іэшэ ихыгъэкІэ къытпэуцужьых. Тыгъуасэ зэпыигъэ дзэпщхэри, лІакъохэри, чылэхэри, лъэпкъыхэри зэшІужьых. Адыгэ Іофым екІолІэкІитІу иІэу къысщэхъу, нэмыкІхэри щымыІэхэу арэп, ахэми тягупшысэ. Урысые пачъыхьэшхоми иакъыл нэф зыфигъазэрэр адыгэ шъолъырым лъыгъэчъэ зао къимыхъухьаныр, нахьышІум фиузэнкІыныр ары.

«Сымыадыгэ фэдэу, ежьхэм сащыщ шъыпкъэу Александр Христофоровичыр къызэрэздэгущыІэрэр, цыхьэшІыгъо сызэришІырэр... Адэ сащыщ, сырязабыт, тэ сахьыжьын, «хэгъэгум пае Іоф зэдэтшІэщт» типачъыхьэшхуи къысиІуагъ, ары графым къыкІиІотыкІыжьырэр... Ау етІани... Сыдэу тэ, адыгэхэм, тынасыпынчъ...»

– Адыгэмэ агу чъыIэ къытфэзышIыгъэмэ Алексей Петрович Ермоловри, Власов генералри, нэмыкIхэри ащыщых. Ежь къэзэкъыхэри адыгэхэри зэфагъэшIугъэхэп. Тыгъужъыкъо Къызбэч, Щырыхъукъо Тыгъужъ язакъоми… Джы ахэмэ тизабытыгъэ Занэкъо Сэфэрбый агоуцожьыгъ… Убых лъэныкъоми Дэгумыкъо Джырандыкъо къитэджагъ, абдзахэхэми щэщэн, дагъыстан лIыкIохэр къафэкIох.

«Адыгэ Iофмэ дэгъоу графыр ащыгъуаз, лъэпкъ пащэмэ алъэкъуацIэ, ацIэмэ анэсыжьэу къеIо. Ау Зэнэ Сэфэрбый Тыркуем зэрэраубытагъэм игугъу къымышIэу, зэрэурыс забытыгъэр къыхигъэщыгъ. Сэрмэ шIэ ар къызфидзыгъэр? Адэ Занэр тыркумэ зэрязабытыгъэм игугъу къышIыгъэпи?..»

– Тыркуер къедгъэуцолIагъ тIозэ,– Бенкендорф графыр, фэмыкIэщыгъоу IущхыпцIыкIыгъ,– Инджылызым къытишIэрэр зэкIэми анахь емыкIу. ИлыкIо шъэфхэр щэн-щэфэным пылъых ыIозэ, адыгэмэ къахетIупщхьэх.

– Тыркуем ишIэ хэмылъэуи? – Хъан-Джэрые зэхихыгъэр ыгъэшIэгъуагъ.

– Ары ыIорэр…– Бенкендорф графыр джы нахь фэчэфэу щхыпцIыгъэ, игущыIэ къыпидзэжьыгъ.– Арышъ, Хъан-Джэрый, адыгэ шъолъырым екIолIэкIитIоу фытиIэмэ уащызгъэгъозэн. ТIуми теубытагъэ афытиIэп, джыдэдэм, охътэ бащэр типыишъ, тэркIи адыгэхэмкIи нахь къытэкIущтым тегупшысэ. Апэрэр, уIэшыгъэ кIуачIэкIэ адыгэхэр къызэредгъэуцолIэщтыр ары. ЯтIонэрэр, мамыр IофкIэ къеуцолIагъэхэмэ, къытхэхьагъэхэмэ дэгъугъэ.

– ЯтIонэрэр нахьышIу, Ваше высокопревосходительство,– Хъан-Джэрые псынкIэу къыIуагъ.

– Аущтэу ори оIуа, Хъан-Джэрый?

– Ары, Александр Христофорович.

– Ащыгъум, Хъан-Джэрый, лъэIу къыпфысиI. Орырэ сэрырэ тызызэрэшIэрэм щегъэжьагъэу адыгэмэ, нэмыкI къушъхьэчIэсмэ ятарихъ узэрэщыгъуазэр къызгурыIуагъэшъ, ахэмэ афэгъэхьыгъэ тхыгъэхэри уиIэхэу зэхэтхыгъэ, адыгэ шъолъырым ехьылIэгъэ зэфэхьысыжьхэр пшIыхэу, мэзитIу горэмкIэ е тхьэмэфихми нахьышIужь, пачъыхьэм етхьылIагъэмэ дэгъугъэ.

– Сипачъыхьэ сишIуагъэ екIыщтымэ, ащ фэдэ тхыгъэ зэфэшъхьафхэр адыгэхэмкIэ сиIэх, ау урысыбзэ дэгъукIэ тхыгъэу къысщыхъурэп.



– Ащ земыгъэгъэгумэкI, Хъан-Джэрый,– мэкъэ шъэбэ тегъэгушIухьэкIэ Бенкендорф къыIуагъ,– урысыбзэм «игенерал-полицмейстрэ» горэм нэIуасэ уфэсшIыщт. Ар уиIэпыIэгъоу Iофыр тфэбгъэцэкIэщт.– Урысые жандармерием иIэшъхьэтет тхылъыпIэр къыштагъ, гущыIэ заулэ тыритхи, къыфищэигъ: – Ма, мыр зэпхьылIэщтым ыцIи, ылъэкъуацIи, зыдэпхьыщтыри, сызыфелъэIури итхагъ. Зыгорэ къапIо пшIоигъуа, Хъан-Джэрый?

– Мы тхылъыпIэм итыр арэп, къысэпIуагъэр зэрэзгъэцэкIэщтым щэч хэлъэп, джыдэдэм ыуж сихьащт. Ау адыгэмэ афэгъэхьыгъэу, Iизын къысэптымэ, Ваше высокопревосходительство, сишIошI гори къасIо сшIоигъуагъ.

– СыкъэдаIо, полковник,– мэкъэ гъушъэ пыупкIыгъэкIэ Бенкендорф къыжэдэлъэтыгъэр сэмэркъэу шъабэкIэ хигъэкIокIэжьыгъ: – зы шъхьэ нахьи шъхьитIу аIо, Хъан-Джэрый, купкI хэлъмэ, ишIуагъэ къэкIонкIи хъун.

– Адыгэ Iофыр мамырэу зэшIошъухы шъушIоигъомэ, Александр Христофорович, ежьхэм Iэшъхьэтет афэшъушIыгъагъэмэ, ащ узэреджэщтыр джыркIэ сшIэгорэп, тадэжькIэ зыкъагъэззэнэу сэгугъэ.

– Тифлис дэс Паскевичым фэдэуи? – Зэхихыгъэм Iоф зыримыгъэшI фэдэу, гу чъыIэр нэгушIуагъэкIэ зэблихъузэ, Бенкендорф къэупчIагъ.

– Ащ фэдэ дэдэуи сIорэп… Ащ епхыгъэми, шъо занкIэу къышъопхыгъэми хъущт, ау ар адыгэмэ нахь агурыIонэу, нахьыби ышIэн ылъэкIынэу къысщэхъу. Ащ фэдэ цIыф хэхыгъэр, Ваше высокопревосходительство, зыкъыхимыгъэщыпэу, тэ гукIэ къызэрэтпэблэгъэщтыр е талъэныкъо зэридгъэкIыщтыр зыщыдгъэгъупшэ хъущтэп.

«Мыр зыдэIэбагъэр…– Бенкендорф графыр гукIэ щхыпцIыгъэ.– Бжъэдыгъу нахь чыжьаIоу джыри маплъэ. Ащыгъум хьаулыеу илъэс пчъагъэрэ тыркумэ тязэуагъэу, хы ШIуцIэ Iушъом тыкIэхъопсыгъэу, тицIыфи тимылъкуи хэтлъхьагъэу мэхъу… Адыгэхэри зыфэе хэгъэгу шъхьаф, агу къызытэмыIурэм тхэчъыжьынхэу, афызэхэтэщэ… Тэ титэмэтелъ птелъкIэ, ащ фэди Тыркуем рядгъэубытэгъэ Занэми телъыгъ, тыкъызэхишIыкIыжьыгъэп нахь, тэ тыкъыпIощхыпцIэкIэ, тыгу илъыр о сыдым фэпшIэн, сыдкIи уищыкIагъ… Хы ШIуцIэ Iушъор Тыркуеми, Инджылызыми анахьи тэ нахь тищыкIагъ. АщкIэ зишIуагъэ къытэкIынэу

щыӀэр зэкӀэ дгъэфедэщт, шъукъемыуцуалӀэмэ дунаим тыкъэзгъэуцун щыӀэп. А узэгупшысэрэмэ пшъхьэ зэпябгъэкӀын нахьи, ппшъэ къыралъхьагъэр нахь шӀэхэу бгъэцакӀэмэ нахьышӀу. Ау ... Ащ фэдэхэр угу илъымэ, джы нэс тыбгъэрэзагъ, джы укъызэрэтфычӀэкӀыжьыщтыр сшӀэрэп...»

– Уигулъытэ гъэшӀэгъоны, Хъан-Джэрый,– къыфэмыгъотыщтыгъэ горэ къыраӀуагъэ фэдэу, нахь нэгушӀоу Бенкендорф къэтэджыгъ, зыкъыдэзыпхъотэгъэ полковникым ынэ шӀуцӀэшъо къаргъохэми акӀэплъагъ,– купкӀ хэмылъэу щытэп, тегупшысэн... Ау къыпфашӀыгъэ пшъэрылъым ипӀалъэ ублэмыкӀ. Адыгэмэ афэгъэхьыгъэу пачъыхьэм къыфэбгъэхьазырыщтым къиптхэщтым ушъхьамыс. ЯззэхэтыкӀэ-гупшысэхэр, яджэгухэри, яхьадагъэхэри, яорэд чэфхэри, гъыбзэхэри, ашхыри, зыщалъэри, зыгорэкӀэ, хэт ышӀэра, джа зэрэпӀуагъэу, шӀукӀэ тахахьэмэ тимыгъощыхьанэу япсыхъохэри, ямэзхэри, якъушъхьэхэри, ягъогухэри зэрэпшӀэрэм елъытыгъэу ары нахь, узщымыгъуазэмкӀэ зыхэмыгъэукъу, ӀэпыӀэгъу уищыкӀагъэмэ къысаӀу, умыукӀыт. ХъяркӀэ, Хъан-Джэрый,– пчъэм зыщынэсыщтым кӀэлъыджэжьыгъ: – тызэрэгущыӀагъэр, полковник, хэгъэгу Ӏофышъ, зыми ищыкӀагъэп. ТхылъыпӀэр зыфэозгъэхьырэр къытпэблагъ нахь мышӀэми, цыхьэшӀэгъу дэдэ умышӀы... Джа «адыгэ Ӏэшъхьэтет» зыфэпӀуагъэри, орышъ зигупшысэр, уфаемэ, зыгорэущтэу птхырэм къыхэгъэщ...

АщкӀэ уицыхьэ къыстегъэлъ, де-Скаси дэжь зыщыкӀощт пӀалъэмкӀэ къэнэжьыгъэ уахътэр зыфэдизым еплъызэ Хъан-Джэрые гукӀэ щхыпцӀыгъэ, тыгъуаси непи сызфэшъыпкъагъэр неущ сыуцӀэпӀыжьынэп. Сызэрэадыгэр зыщысымыгъэгъупшэми, сызщыфаий сызщыфэмыий сизабыт инамыс къэсыухъумэжьмэ нахьышӀу... Джы нэс сыкъезыщэкӀыгъэ де-Скаси джы сыӀумыкӀэжьыгъэми хъущтыгъэ... Ау сэ спкъы къикӀэу зэфэтшӀыгъэ пӀалъэр сыукъонэп. Ари къэбарынчъэнэп, сыгу илъыр есымыӀуапэми, зыуж сихьэгъэ адыгэ ӀофымкӀэ, къэбар цыпэми къэбаришъэ къызхещы аӀо, акъыл горэ езгъотылӀэн.

Хъан-Джэрые зэрэгугъэщтыгъэу Рафаил Августинович де-Скаси къыфычӀэкӀыжьыгъэп.

Нычхьапи, адырэ зэӀукӀэгъумэ афэдэу, дэеу къыпэгъокӀыгъэкӀэ арэп. Пшхыщтыри узэшъоещтыри Ӏанэм теӀэкӀэгъагъ. Загъорэ ӀущхыпцӏыкӀызэ, адыгэ гущыӀэ зырызхэр къызӀэпызгъэзыщтыгъэ бысымым инэгушӀуагъи гъомылэ хэшыпыкӀыгъэм къыщигъакӀэщтыгъэп. Бысымгуащэри гуихыгъэ-псэихыгъагъ. Зэ-тӀо хъулъфыгъэмэ къазэрэлъыплъагъэм фэшъхьафкӀэ сыхьатитӀум зэкӀэрысыгъэ нэбгыритӀур зэ закъуи ыгъэохъугъэп.

ЗызэӀукӀэхэкӀэ зызэришӀ хабзэу, Рафаил Августиновичыр нычхьапи инэӀосэ адыгэмэ, къэзэкъмэ къакӀэупчӀэщтыгъ нахь, адыгэ шъолъырым къитэджэгъэ Ӏофыгъомэ зи ахимышӀыкӀыхэрэм фэдагъ.

КӀэщыгъо мыпшъыжьыкӀэ унэм къызырагъэкӀыжьым, къылъыкӀогъэ каретэм итӀысхьэзэ, ибысымыгъэ лӀы нэгушӀо шъуашӀом фэгъэхьыгъэу Хъан-Джэрые гукӀэ зыфэщхыжьыгъ: «Занэ Сэфэрбый итырку иубытакӀэ утегущыӀыкӀыщтыгъэми, тхьагъэпцӀыжъ, о пшӀэрэм нахь макӀэп сэ сшӀэри... Фэшъуашэр Занэм къехъулӀагъ, уишӀух къызшӀобгъэшӀэу, уипыймэ адэжь умыкӀу... Мы сызигъусэхэри цӀыфых, шъо къызэрэшъуещыхъу дэдэу ахэри щытхэп. Бенкендорф графым, Урысые хэгъэгушхом иятӀонэрэлӀ Александр Христофоровичым адыгэмэ афэгъэхьыгъэу ыӀуагъэр сэ зэхэсхын нахьи, шъо зэхэшъухыгъэмэ нахьышӀугъ. АдыгэхэмкӀэ нахьышӀу тфэхъущтым егупшысэх. Сэ сӀуагъэри щигъэзыягъэп...»

## V

Унэ гуӀэтыпӀэ нэфынэшхом Хъан-Джэрые зыращэм, егъашӀэм зэнэӀосагъэхэ фэдэу Бенкендорф къыритыгъэ тхылъыпӀэр зыфихьыгъэ Николай Иванович Греч къыпэгъокӀыгъ:

– Къеблагъ, Хъан-Джэрый. Уятэ Мыхьамэт-Джэрый зэрицӀэр сэшӀэми адыгэмэ ятацӀэкӀэ зэрямыджэхэрэм сыщыгъуаз. Тыурыс, тыславян тӀокӀэ, шъуишэн-хабзэ тыукъонэп. Сэ сцӀэр Николай Иванович. Мыр,– пхъэнтӀэкӀу шъэбэ куум къитэджыкӀыгъэ лӀы Ӏэпс-лъэпс сырыфым Ӏапэ фишӀыгъ,– Владимир Петрович Бурнашев, нэӀуасэ шъуузэфэхъу. «Сын отечества» зыцӀэ журналэу къыдэзгъэкӀырэм иӀофышӀэ пхъаш. Ащи къыщыуцурэп, сигъэзетэу «Северная пчелам» щэлажьэ, икъэлэмыпэ чан, узыфаер

къыпытэкъущт. Тхэн Iофым фэдэу къэшъонкIи Iазэ, раIорэр ошIа? Узытемыклон «вальсисткlэ» еджэх. Къымыгъэшъогъэ пшъэшъэ дахэрэ бзылъфыгъэ гъэшIуагъэрэ Санкт-Петербург дэсыжькIэ сыгугъэрэп. КъэшъуакIэ умышIэми, уигъэшIэщт, пчыхьэзэхахьэхэми уахищэщт. Сышъоплъышъ, шъуузэлэгъукIэ сенэгуе. Ныбджэгъу шъуузэфэхъущт, Вольдемар щыт пае къасIорэп, цIыф дэгъу, ныбджэгъу уфэмыхъуни плъэкIыщтэп. Уетымыгъэзэщыгъэмэ, Хъан-Джэрый, шъуиунэ уихьажьыгъэм фэдэу, моу гупсэфэу къытхэтIысхь, тызэгъэплъ, тызщыгъэгушIукI.

– Тхьэуегъэпсэу, Николай Иванович,– тхыгъэхэр ыблыгу зэрэчIэлъэу гу псынкIэ-нэгушIокIэ Хъан-Джэрые пхъэнтIэкIу шъабэм тетIысхьагъ.

– А пIыгъыр Вольдемар ет,– Николай Ивановичым ихьакIэ риIуагъ,– укъызфагъэкIуагъэм тыщыгъуаз. Хъан-Джэрые итхыгъэмэ, Владимир Петрович, нэIуасэ зафэшIи, неущ Iоф зэдэшъушIэнэу ежъугъажь. Сэ етIанэ шъуауж сырыкIожьыщт. КъаIо джы, Хъан-Джэрый, уидзэ къулыкъушIакIэ, Александр Христофоровичми уигугъу шIукIэ ышIэу зэхэсхыгъ. Типачъыхьэшхуи къызэрэпфэразэми уакъызэрэхигъэщырэми сыщыгъуаз. Пачъыхьэм уфэшъыпкъэн зыхъукIэ, джары узэрэщытын фаер.

– СлъэкI къэзгъанэрэп, Николай Иванович, типачъыхьэшхо сыгукIи сшъхьэкIи сыфэшъыпкъ,– гущыIэшIумэ япэгъокI Хъан-Джэрые ытыжьыгъ.– Александр Христофоровичми сыфэраз. Апэрэ мафэм, нэIуасэ сызыфэхъугъэм щегъэжьагъэу, ынаIэ къыстет, сигъэгъуащэрэп: дзэкъулыкъум иIоф мыпсынкIагъомэ сафегъасэ, сафеIу.

– Шъыпкъэ, шъыпкъэ, уигущыIэ зафэ, Хъан-Джэрый,– шъорышIыгъэнчъэ нэгушIокIэ Греч ихьакIэ дырегъаштэ,– сыгу укъыигущыIыкIырэм фэдэу къэоIо. Типачъыхьэшхо ыуж, Тхьэм тихэгъэгу лIышъхьэ бэрэ тапэ регъэт, Александр Христофоровичым ихэгъэгу гупшысэ иныы, ыгукIэ зафэ, инэплъэгъу чыжьэу едзы. Тэри ар загъорэ къыттешхыхьэуи къытщытхъоуи къыхэкIы. Ау, шъыпкъэр пIон хъумэ, сэ дэгъо цIыкIу горэ сиI, лIы пытэхэр, шъыпкъаIохэр, утыгум укъизымынэжьыщтыхэр сикIасэх. Александр Христофорович лIы хый, лIымэ ялый. Узщыщ адыгэхэм афэгъэхьыгъэу епIуагъэхэр игупшысэмэ зэрахэлъым сыщыгъуаз. Тэри тлъэкI къэдгъэнэнэп, Бенкендорф граф лIышхом илъэIу джэуап тыфэхъун.

Зыгорэм игупшысэ-гулъытэ тытемыгущыIэжьми, гукIэ Греч ыIуагъ, къысфигъэкIогъэ забыт адыгэмкIэ Бенкендорф хэукъуагъэкIэ сыгугъэрэп. ИщысыкIэ, иплъакIэ, идэIуакIэ ямышIыкIэ горэ хэлъ, унэгъо Iэдэб зэрэщаIугъэр, зэрэгъэсагъэр, тиурыс зэхэтыкIи зэрилэжьырэр гъуащэрэп. Ау етIани мыхэр къызэрэтфычIэкIыжьыщтхэр къэшIэгъуай. ЦыхьэмышI тыгу къитэгъахьэми, Персми, Тыркуми, Польшэми мыщ зыкъызэрэщигъэлъэгъуагъэмкIэ джэнджэш пшъхьэ къибгъэхьаныр емыкIу, ау етIани... Аужырэ гущыIэмэ къыкIагъэщтэжьыгъ пIонэу, Николай Ивановичыр игупшысэмэ къахэужьыгъ:

– Адэ о зи къапIорэпи, Владимир Петрович? Узхэджыхьэрэр гъэшIэгъонкIэ сенэгуе?

– Узщымыгъозэ лъэпкъ щыIакIэр, уздэщымыIэгъэ къушъхьэ кIыбмэ афэдэу, сыдигъокIи гъэшIэгъоны, Николай Иванович. Урысыбзэм сыфэIэджабгъоп Хъан-Джэрые еIо шъхьакIэ, ащ фэдэ итхыгъэ хэслъагъорэп. Ау Александр Христофоровичыри тихьэкIэ Хъан-Джэрыий типачъыхьэ ыпашъхьэ къыщыдгъэукIытэжьынхэп.

– Тхьэуегъэпсэу, Владимир Петрович,– къыIощтым Хъан-Джэрые фэхьазырыгъ,– ситхыгъэ къызэрэпIорэм фэмыдэми, къызщыпIорэ мафэм сыхьазырыщт. Ау охътабэ тетымыгъэшIагъэмэ дэгъугъэ,– Бенкендорф къыфигъэуцугъэгъэ пIалъэм игугъу къымышIыгъэми, ежь игущыIэхэмкIэ къыкIиIотыкIыжьыгъ.

– Джыдэдэм сыхьазыр,– Бурнашевым къыIуагъ,– ау уитхыгъэмэ Iоф зэрадэсшIэщтыр сшIэным пае сяджэгъэхагъэмэ нахьышIугъ.

– Ащ сыд ипIэлъэщт? – ЗэригъэгумэкIырэр хэпшыкIэу Хъан-Джэрые къэупчIагъ,– удэзгъэгузажъоу арэп, ау зедгъэукIыхьанэуи сыфаеп.

– Хъущтмэ, неущ едгъэжьэн.

– Къэбгъэнафэрэр сипIалъэ,– дзэ къулыкъум зэрэщесагъэу къыупкIэпкIыжьыгъ,– IофшIэгъу уж пчыхьэрэ сыхьатищэ Iоф зэдэтэшIэ, тхьаумэфэ гъэпсэфыгъор – зэрэпсаоу.

– Зэ, зэ,– Греч тхьагъэпцIышъо нэгукIэ къэгузэжъуагъ,– ар шъуIоу симэфэку зэIукIэгъухэр зыщышъумыгъэгъупшэх. Зэхэпхыгъэщтын, Хъан-Джэрый, симэфэку зэIукIэгъухэр?

– Зэхэсхыгъэ, Николай Иванович,– Хъан-Джэрыий риIожьыгъ,– цIыф Iушыбэхэр уадэжь щызэIуогъакIэх аIуа-

гъэти, сыкъызэрэшъухэхьащтыр сымышІэу бэрэ сыкъышъонэцІыгъ, ау сфекугъэп.

– Вольдемар, Владимир Петрович, зэхэоха Хъан-Джэрые къыІорэр? Лlыгъэ зыхэлъ урыс забытыр къытхэхьашъугъэп! – Греч мэкъэ шъабэкІэ щхыгъэ: – Ащ фэдэу уиадыгэгу къэрабгъ Іоу сшІагъэп, Хъан-Джэрый. Ащыгъум Пушкиным къышъуитхылІагъэр зэкІэ шъыпкъэп, хьаулыеу тэгъэлъапІэ, тэгъэшІагъо.

– Пушкинымр дэхэгъэ ІэтыгъащэкІэ адыгэмэ афатхэ аІо шъхьакІэ, ахэмэ шъыпкъагъэ ахэмылъэу щытэп, адыгэгум къигущыІыкІырэ сатырыбэ иІ. Пушкиныр урысыгу зиІэ, гукІэгъу зыхэлъ усакІо шъыпкъ.

Греч джыри шъабэу щхыгъэ.

– Пушкиным мыхъун къышъуиІолІагъэп, ара?

– Тимыгъэдэхагъэмэ, тимыІэтыгъэмэ, тызгъэцІыкІун къытиІолІагъэп.

– «ЕуцуалІ, Кавказ, къэкІо Ермоловыр» хэт адэ зытхыгъэр? – Хъан-Джэрые къыриІолІэщтым зэригъапэрэр къызхимыгъэщэу, Бурнашевыр къэупчІагъ.

– Вольдемар! – Греч зигъэсэмэркъэузэ, ыІэ къыІэтыгъ.– УкъэшъокІо Іаз шъхьакІэ, узфэІэпэІасэм изы мэкъамэ оукъо. ЗэкІэгъэблэкІо, зэщыхъокІо гущыІэ тазфагу къыдэмыхь, мыхъун зашъуІомэ, шъуиІофшІэн дэшъумыублэзэ, шъугу чъыІэ зэфэхъун.

– АщкІэ къыбдезгъаштэрэп, Николай Иванович,– Хъан-Джэрые иеплъыкІэ ыушъэфыгъэп,– сянэжъ, модэ зигугъу тшІырэ Кавказым, адыгэ шъолъырым щыпсэурэм, шъыпкъэІоным мыщ фэдэ адыгэ гущыІэжъ риІуалІэу зэхэсхыгъагъэ: «Шъыпкъэр ипкІыгъ пІоми къыпшІоуцу, пцІыр бгъэуцугъэ пІоми, уапашъхьэ къефэжьы».

– Тара, мы гущыІэжъым щыщэу Владимир Петровичым къыІогъэ сатырмэ нахь апэблагъэр?

– А сатырмэ ямэхьанэ бэщ пэкІитІум ябгъэпшэн плъэкІыщт.

– Сыдэущтэу? – Греч Бурнашевым фыреплъэкІыгъ.

– А сатырэхэр зытхыгъэ усакІор зыгу къигущыІыкІыгъэ хэгъэгуитІур зы цІыф лъэпкъ ихэгъэгу къодыеп. Ахэмэ цІыф лъэпкъ зэфэшъхьафыбэхэр арысых. Урысыем елъытыгъэмэ, Кавказым лъэпкъ зэфэшъхьаф пшІы пчъагъэ ис. Ахэмэ къеуцолІэни къемыуцолІэни ахэт. ГущыІэм фэшІ, Пушкиным исатырхэмкІэ зэряджагъэр арэпщтын, гъурджхэр, ермэлхэр къеуцолІагъэх, Баку лъэныкъокІэ



тырку-сельджукхэми заушъэфыгъэ фэд. Ау Темыр Кавказ цІыф лъэпкъхэм, адыгэхэри зэрахэтыжьэу, къытэхъулІэрэм шъущыгъуаз. Сыд фэдэ джэмэкъэ ІэшІуи джэмэкъэ дыджи дгъэІугъэми, шъыпкъэри пцІыри талъэныкъо щызэголъ.

– Ащыгъум сыдэущтэу ахэр зэготхынхэ тлъэкІыщт.– Николай Ивановичым ымакъэ джыри шъэбагъэми, ынэхэр зэриучъыІыкІхэрэр Хъан-Джэрые зэхишІагъ.

– Джар зэкІэми анахь хьылъ, Николай Иванович.– Хъан-Джэрые ыІупшІакІэмэ щхэпс макІэр арычъагъ, тимыщыкІагъэм сыд пае тэр-тэрэу зыпыдгъэнагъ ыІозэ, ынэ нэгыяшъохэмкІэ ежь-ежьырэу зыдэхьащхыжьыгъ, ау зыгъапэрэр къыІуагъ: – СицІыкІугъом сызэрагъэпІугъэ Мэрчан аталыкъым къысиІощтыгъ: «Шъыпкъэми пцІы горэ хэлъ, пцІыми шъыпкъэ горэ хэмылъэу щытэп. УлІымэ, тІуми алъапсэ зэрэзэбгъэшІэшъу.– Пцlыр пцІы, шъыпкъэр шъыпкъэ зысІокІэ ыдэщтыгъэп.– Егупшыс, пшъхьэ зэпегъэкІ, хэкІыпІэ зимыІэ закъор лІэныгъэр ары нахь, шъыпкъэми пцІыми, узхэмызэгъэн дунай нэфым тетэп».

Ары, Александр Христофорович, ухэукъуагъэп, гукІэ Греч ыІуагъ, къысфэбгъэкІуагъэр забыт делэп, Кавказ ихьэрэ зырызмэ зэраІоу, адыгэ Іэлэп. Зыфэсакъыжьи зыкъызэрихи фэд. Ынэгу ихыгъэми, ыгу илъыр къымыІокІэ сенэгуе, типачъыхьи Бенкендорфи ащ фэдэу фыщытынэуи? Апэрэу слъэгъугъэм имыхьакъ есэІуалІэми сшІэрэп... Арымырми цыхьэ къытфишІыгъащэу къысщэхъу. Сыда мыхъунэу къытиІуагъэр? Адыгэмэ яІае зэримыІорэр ара? Ащ фэдэ тІасхъэ зыхэлъыр сыд тэ зэрэтищыкІагъэр? Гупшысэ бащи къызыпкъырыкІырэм, Бенкендорф графым иІуагъэу, сыд пае зедгъэгъэсэжьэу, тшъхьэ зэпедгъэкІын, пачъыхьэм фэшъыпкъэр хэгъэгуми фэшъыпкъэщт тэІо шъхьакІэ, пачъыхьэхэр къытехьэх, текІыжьых, хэти ежь ицІыф дэкІоды, къыздыдещае.

– Сызэрэадыгэм пая хьауми Кавказым сызэрэщыщыр ара, Николай Иванович, тигущыІэ лъапсэ фэхъугъэр? – ГущыІэ зэпыупІэм кІигъэгупшысисыхьажьэу Хъан-Джэрые къэупчІагъ.

– Угу къызэрэуиІоу къызышІогъэшІ, Хъан-Джэрый. ТызгъэгумэкІырэм, тызэрэфэе дэдэу мыхъугъэми, тытегущыІагъ. Ау Владимир Петровичымрэ орырэ нахь Іо зэдэжъугъотынэу сышъухэплъэ. Шъузэмыдау, джа уиаталыкъ зэриІощтыгъэу, зэзэгъыныгъэм шъыпкъи пцІи зэрэхэлъыр зыщытэшъумыгъэгъупш. Джы къэкІощт

мэфэку зэIукIэгъум, Хъан-Джэрый сигуапэу укъесэгъэблагъэ. Пушкиным сыкъызшэуухэхьащт ыIуагъ, нэIуасэ шъузэфэхъун.– Булгаринри щыIэщт къыриIо шIоигъуагъ шъхьакIэ, зышъхьаригъэхыгъ.

– Крылов бэшхми нэIуасэ уфэтшIын,– къэсэмэркъэуми умышIэнэу зыхаплъэщтыгъэ тхыгъэм Бурнашевым ышъхьэ къытыриIэтыкIыгъ.

– Вольдемар, Владимир Петрович, Тхьэм щыщын, Иван Андреевичым шIолIыкI,– Греч къегыигъ,– Крылов лIыжъым шхэныр икIас нахь, бэшхэпи...– Нэбгырищыри, ащ ежэщтыгъэх пIонэу, зэрэгъэщхыгъэх.– Хъан-Джэрый, тэ Иван Андреевичыр тэшIэжьы шъхьакIэ,– Греч ыгъэшIэгъуагъ,– о сыд узыфэщхырэр?

– Николай Иванович, къысфэгъэгъу– Хъан-Джэрые зэрэнэгущхэу бысымым Iуплъагъ,– хэта Иван Андреевичым икъэбар Санкт-Петербург щызымышIэрэр!.. Сэри ар шIу слъэгъузэ сыщхыгъ...

Татьяна Константиновна Рябининар шъузабэу къызынэгъэ илъэсищым иаужырэ бжыхьап Хъан-Джэрые нахь пэблагъэ зыхъугъэр. Апэрэ илъэсыр лъыхъонкIэ ыгъэкIуагъ, ятIонэрэр шъыгъоным шIуихыгъ. Гъэмэфэ блэкIыгъэми зэ закъу ныIэп каретэмкIэ къэлэ урамымэ къащырищэкIи, иунэ зыIуищэжьыгъагъэр.

Гъэмэфэ мэзищым ыкIэмэ адэжь, пчыхьэ горэм, аущтэу зыкIэхъурэр гукIи псэкIи зэхашIэщтыгъэми, зэщыукIытэхэмэ зэфалIэхэзэ зэрэзэгофэгъагъэм фэмыдэу, джы зы пIэ шъэбэ хъоо-пщаум зэдыхэлъых. НэбгыритIумэ яшIулъэгъу шъэф адэзышIэу, зэ епщэгъукIэ зынэ зэрагъэупIыцIэгъагъэ шэф остыгъэр пIэкIорыбгъу дэпкъым щагъэблэжьыгъ. Мэзэхэ нэгъыф кIым-сымым унэр зэлъиIыгъ, шIулъэгъу машIом къыкIэзыжьыгъэ пкъы гупсэфитIур зэпэIулъ. ЧыхIэн псынкIэ ныкъотедзым къычIэщырэ шъхьитIур зэнэс-зэнэмысышъу, аIэхэр зэкIыIу-зэтелъых. МэшIо бзый закъокIэ зызыстыжьырэ шэф остыгъэм ымэкъэ шъабэ нэмыкI унэм иIукIырэп. Адырэ дэпкъым пылъэгъэ сурэтмэ арытыр мэзэхэ нэгъыфым къыхэщ къодыех. Ахэмэ ащыщэу зы сурэт Хъан-Джэрые зыщыукIытэри, шIоемыкIури, шIошъхьакIори... Фитыгъэмэ, гъолъыжьыпIэм, шIулъэгъу шыпIэм Татьянэ рыригъэхыжьынти, адырэ унэм ианахь дэпкъ лъэгъупIэм пыригъэлъэщтыгъэ. Ары шъхьакIэ, сыдэу пшIын, узфимытыр тыгъугъошIу, узфитыр тыгъугъуай. А сурэтми ерагъэу Хъан-Джэрые есагъ, зыцIэ амышIэрэ адыгэ заом щыфэхыгъэ Рябининым, гунахьыми, джы къызнэсыгъэм ешъугъу.

Джыри, зэгорэм зэрэриIогъагъэу, сурэтыр Тане пыригъэхынэу елъэIущт шъхьакIэ, зэримыдэгъагъэр Хъан-Джэрые щыгъупшэжьырэп: «Пэрэлъагъ,– къыриIогъагъ,– силI шIу сымылъэгъукIэ арэп. Ежьыри ныбжьыкIагъ, сэри сыныбжьыкIагъ... Зэрэсимызакъор ышIэмэ, зыдигъэзэжьыгъэм нахь щыгупсэфыщт. Аущтэу хъунэу Тхьэм ыухыгъагъэшъ, къыстефэрэр фэсшIагъ, илъэситIо сыфэшъыгъуагъ, укIытэгъу чIыпIэ изгъэфагъэп... ОшIэ-дэмышIэу укъысфыкъомыкIыгъагъэмэ, джыри илъэс горэм зысIэжэныгъэкIи мэхъу...»

Гур, псэр, пкъышъолыр зыщыгупсэфыгъэ пIэкIорым ащ фэдэ гупшысэ Хъан-Джэрые ышъхьэ къыщыримыгъахьэ шIоигъуагъэми, фэлъэкIырэп. «Сыда ар, сыдэущтэу ащ джэуап ептыжьыщта? – Ежь-ежьырэу зэупчIыжьы. ГукIэгъум, укIытэм, шъхьэмылъытэжьым джэуап яI шъхьакIэ, пшъхьэ уфизымыгъэтыжьырэ гопэгъур къэупчIэжьырэп, ащ сыдкIэ упэгъокIын, сыд епIолIэн плъэкIыщт? Танерэ сэрырэ джыдэдэм тазфагу дэлъыгъэр шIулъэгъуа хьауми гужьыдэгъэкI гопэгъуа? Аужырэр арымэ, ащыгъум, хьаулыеу илъэсиплIым сыгу изгъэлъыгъ, хьаулыеу сылъыхъугъ...

Ежь Татьяни сыд ыгу илъыр, сыд мы Iофым зэреплъырэр? Ар сыдым фэпшIэн, хэтырэ цIыфи ишъэф нэфагъэмэ, дунай нэфыр зэрэшхыжьыни... Хэта титIу язэу мысэр? Тазыфагу щызэкIэблэгъэ машIом мысэ, хые хэлъынэу щытмэ, сэрыщтын апэ къыстыгъэр?.. Аущтэу щымытымэ, апэрэ мафэм «укъысфыкъомыкIыгъагъэмэ» сыда Татьяна къызкIысиIогъагъэр?.. ЗэрэхъурэмкIэ, сэ сызфэдэр зыдэсымышIэжьэу, Шъэуаерэ Анфисэрэ ягунахь сыхэхьэгъагъ...»

Татьяни ынэхэр упIыцIагъэу гупсэфэу щылъ фэдагъэми, игупшысэмэ зэрадзэщтыгъэ. ЕгъэзыгъэкIэ ымышIэгъэ Iофыр зытыриушъогъожьыщтыгъэу арэп. Мы Iофыр ежьыркIэ къежьагъэп, ежьыркIэ ухыжьыгъэ хъущтэп. Бзылъфыгъэрэ хъулъфыгъэрэ азыфагу ар къыдэмыхьан ылъэкIыщтэп, тыгъэм къынэуж дунаир щызгъаIэрэр арэу

къычlэкlын, митlум нэмыкl къытемынэжьыгъэми икlэрыкlэу щыlэныгъэр къежьэжьын, къинми гушlуагъоми лъагъэкlотэн... «Сишъыгъо нэпс гъушъыжьыгъо имыфэзэ, сыда къысэхъулlэрэр, сыда зэсшlэжьырэр...– Татьяни еlо.– Си Николь шlу сымылъэгъущтыгъэмэ, псэлъыхъуабэу силагъэмэ къахэсхыщтыгъэп, сыдэкlощтыгъэп... Илъэс тlокlырэ тlурэ имыкъум шъузабэу сыкъэнагъ. Сыд сищыlэкlэщтыр? Сапэкlэ сыд къыспыщылъ? Мыра, мы сшlэрэр ара сидунэе тетыкlэщтыр?.. Си Николь стезыхыгъэ адыгэмэ Тхьэм бэлахьыр атырегъаф! Сыд пае, хэт пае ячlыгу тихьагъ?.. Къытэзаохэрэмэ етlани Пушкинри Бестужев-Марлинскэри къащэтхъух, седжагъэп, ау Лермонтов аlоу джыри зыгорэ къежьагъ... Сыда сэщ фэдэ бзылъфыгъэхэр, ныхэр, пшъэшъэ зищэгъухэр зыгъэунэхъурэ адыгэхэр тэ зэрэтищыкlагъэхэр... Ар сэlо шъхьакlэ, мы пlэкlорым къыздытелъыр ахэмэ ащыщба? – Татьянэ зыкъишlэжьи, шъхьэм къыфечъэгъэ гущыlэмэ ащыукlытэжьэу Хъан-Джэрые фыреплъэкlыгъ, апэрэ ушъхьагъумкlэ зиухыижьыгъ: – мыр тидзэ хэт, къыдгот, итыркъуи ыlэ сэмэгу телъ, ыбгъэгуи исэмэгубгъуи тыркъо закl. Хьау, хьау, Хъан-Джэрые тэ тицlыф, тиурыс забыт... Аущтэу щытыми, сыда етlани сшlэрэр?..» – Татьянэ хэщэтыкlыгъ, ау Хъан-Джэрые зи риlуагъэп.

– Очъыя, Хъан? – Тlэкlу тешlагъэу Татьянэ къэупчlагъ.

– Хьау, Таня.

– Зыми уемыгупшысэуи?

– Сыд пае? – Хъан-Джэрые Тане зыфигъэзагъ, аlупшlэхэр шъабэу зэнэсыгъэх.– Ощ нэмыкl сигупшысэмэ ахэлъэп.

– Дэя, дэгъуа сазэрэхэлъыр?

– lэшlум уlэшlуа аlоу кlэупчlэжьхэрэп. Оры?

– Удыдж сlомэ, пшlошъ хъунэп, уlэшlу сlомэ, узышlошlыжьын,– Тане щхыгъэ,– ау джы нэс сыгу илъыгъэ горэ къыосlощт. Къэошlэжьа Батайскэ шхапlэр?

– Илъэсищ тешlагъэми, непэ фэдэу къэсэшlэжьы.

– Пшlагъэмэ, джащыгъум услъэгъу зэрэмыхъущтыгъэр...

– Къызгурэlо, ау етlани къэзэкъмэ сащыуухъумагъ.

– Уизакъоу укъытхэфагъэти ары.

– Сыд пае сизэкъуагъ, ситэмэтелъхэр?

– Джа зыпашъхьэ уитыгъэ къэзэкъхэр уитэмэтелъмэ къаубытыныгъэхэкlэ сыгугъэрэп.



– Ар шъыпкъэ, Хъан-Джэрые хэхьапщыкlыгъ,– саукlыщтыгъэми, сыкъызэкlэкlощтыгъэп. Хэти зыщыщхэмкlэ уушъхьакlуныр къекlурэп. Адыгэми ар зэрыуамыгъэшlэным пае апсэ атыщт.

– Ар сшlэти, ситхьамыкlагъо семыплъыжьэу, шъуазфагу сыкъыдэуцогъагъ... Сэры мыхъугъэмэ, шъузэрагъэукlыщтыгъэ, тащыщ горэм шъузэпищыжьын фэягъэба?! Джа дэдэр хэгъэгуитlу зэпыпкlагъэмэ ящыкlагъ.

– Адыгэмэ хэгъэгу ушъхьафыгъэ яlэкlэ олъыта? – Хъан-Джэрые иакъыл къызыкlуагъэм щегъэжьагъэу къыфэмыlошъоу зыгъэгумэкlыщтыгъэр къышlудэлъэтыгъ.

– Хъан-Джэрый! – Татьянэ зэхихырэр ыгъэшlагъоу, шъхьэр къызтырипхъотыгъэ шъхьантэр бгъэ пцlанэм чlиубытагъ.– Сыдэущтэу ар ужэ къыдэкlышъугъа? Ори ара адыгэмэ узэрягупшысэрэр? Адыгэхэр сэ сизэгъэфэнэп,– бзылъфыгъэм джы ыкlыб къэгъэзагъэу зефэпэжьы, Хъан-Джэрыий гузажъоу джа дэдэр ешlэ,– силlи къаукlыгъ, тхьамыкlагъо къысахыгъ, ау ащкlэ сыгу илъ шъыпкъэр къыосlон. Ахэмэ хэгъэгу ямыlагъэмэ, сыдэущтэу шъуидзэ ишъущагъа? Чlыгу зиlэм уашъо иl, тыгъэ иl, щэпlох, щэлажьэх, къэхалъэхэр итых, пачъыхьэ, Сенат ямыlэми, ежьхэм япсэукlэ-щыlакlэ елъытыгъэу яхэбзэ хэхыгъэ тегъэпсыкlыгъэу мэпсэух.

– Таня, Танюша,– Хъан-Джэрые зэхихыгъэр игуапэу зызыфэпэжьыгъэ бзылъфыгъэм готlысхьагъ, ыблыпкъ ыубытыгъ,– сыолъэlу, зыгъэрэхьат, угу емыгъэкlу, сэ сащыщи...

– Уащыщэу къысщыхъурэп!..– Татьянэ ынэмэ чъыlамэр къакlихэу Хъан-Джэрые къыlуплъагъ.– О узыщыщыри узфэдэри джа зипчъэlупэ уlутыр, къэуухъумэрэр ары... Гурыгъаlу ащ... Пфемыlошъущтымэ, фэптхырэм щыфыхэгъэщ...– Тlэкlу тыригъашlи, шъхьацыр шъхьэпхэтыкум щиугъоижьызэ къыпигъэхъожьыгъ: – Къысфэгъэгъу, Хъан-Джэрый, мыlуапхъэ къыосlуагъэмэ, угу хэзгъэкlынэу сыфэягъэп.

Бзылъфыгъэ ныбжьыкlэр Хъан-Джэрые къеубзэжьыгъагъэми, къехъулlагъэм фэгуитlоу, къыфадзыгъэ пачъыхьэри къыфэзыдзыгъэ шъузабэри ынэгу кlэмыкlхэу, Бурнашевымрэ ежьырырэ lоф зыдашlэжьырэ тхыгъэми хэгупшысыхьажьызэ, каретэ псынкlэмкlэ унэм къыгъэзэжьыгъ.

Пачъыхьэ Конвой шъуашэр зыщихыжьызэ, Хъан-Джэрые гукӀэ ыӀуагъ: «Адыгэмэ чӀыгу яӀ, адыгэ хабзэкӀэ тызаджэрэр яӀэу тэӀо шъхьакӀэ, адыгэ гупшысэр зы купкӀ зышӀынэу, мардж зыщытӀорэм, тызэхэлъадэмэ тызэхэмылъэтыжьынэу, зы адыгэгукӀэ тыщызгъэӀэнэу сыд лъэпкъ гухэлъа тиӀэр? Ахэмэ тяти, сиаталыкъ Мэрчани, Тыгъужъыкъо Къызбэчи, Занэкъо Сэфэрбый, Шъэуайи, де-Скаси арыгущыӀэхэ зыхъукӀэ, къызгурыӀощтыгъэп. Аужым, талъэныкъо сызэкӀом, Тэзэ Адыгэ нахь мыхъури ащ егъапэ аӀоу зызэхэсэхым, сшӀощхэныгъ... Ау а гупшысэр мыщ, Урысыем, дэгъоу къыщызгурыӀуагъ. «Пырамыбжь мэшъхьалъэ, шъхьадж илъэпкъ еожьы» зэраӀорэр шъыпкъэ, ащ бгъэшӀэгъон хэлъэп. Хэти ихэгъэгу, ылъэпкъ, ышъхь. Джары «зыуж уитым пэкӀэ уемыутэкӀэу иӀэшӀугъэ къыбгурыӀощтэп» нанэ зыкӀиӀощтыгъэр... Нычхьапэ къысфадзыгъэмэ ащыщ гупшысэхэри ситхыгъэ къыщыхэсымыгъэщыгъэу арэп. Анахьэу ащ яплӀэнэрэ шъхьэм сыщегугъугъ».

Хъан-Джэрые зызетӀэкӀыжьыхэм, гур огупсэфыжьыфэ пхъэнтӀэкӀу шъэбэ куум исыжьыгъ, етӀанэ къэлэмыр ышти, пачъыхьэм фигъэхьазырыгъэ тхыгъэм фишӀырэ гущыӀапэм икӀэух пидзэжьыгъ...[1]

[1] «Сэ мыщ, С.-Петербург, сыдэсыфэ Кавказым фашӀэрэ шӀум шыхьат сыфэхъуным къулыкъумкӀэ сшӀэнэу къыстефэхэрэм амал къысатыщтыгъэ. Зы лъэныкъомкӀэ ары, адырэмкӀэ адыгэ шъолъырыр дэгъу дэдэу зэрэсшӀэрэм пае, а хэгъэгур зэрэгъэпсыгъэм сиӀэшъхьэтет инхэр нэӀуасэ фэсшӀынхэу пшъэрылъ лъапӀэ къысфашӀы. Ау ащ дакӀоу а Ӏофыгъор сиӀэшъхьэтетхэм нахь нафэу зэрязгъэлъэгъущтым игъусэу а цӀыф лъэпкъым шэн-хабзэу, цӀыф зэхэтыкӀэ-псэукӀэу иӀэр, хэгъэгоу зэрысыр зыфэдэр, Европэм макӀэу зэрэщашӀэрэм къыхэкӀэу, цӀыф гъэсагъэ пэпчъ зэрэшӀогъэшӀэгъоныщтым шӀошъхъунығъэ шъыпкъэ фысиӀ. Ащ дакӀоу а лъэныкъор Ӏушэу зыгъэӀорышӀэ зышӀоигъоми пэщэ гъэсагъэми ар ищыкӀэгъэщт. Адыгэ лъэпкъыр зыфэдэр кӀэзыгъэ фэсымышӀэу, хьалэлэу, ситхыгъэ цӀэрыӀо сырыхъун сымыӀоу къэстхыхьагъ.

Ситхыгъэхэр зэгорэм къыдэкӀыщтыхэми сшӀэрэп. СигущыӀапэ зесымыгъэукӀыхьэу, къызэхэсфын фаехэми санэмысэу, ситхыгъэ къыхэсыутызэ, щыкӀагъэ горэхэм ягугъу къэсымышӀын слъэкӀыщтэп.

Урысыбзэм ихабзэхэр зэрэсымышӀэрэм пае «Ситхыгъэхэр» сикъэлэмыпэ хъыбэй къызэрэпыкӀыгъэхэм тетэу къэстхыгъэхэп, сиурысыбзэ тхэкӀэ зэмыгъэуӀугъэхэр синэӀоситӀумэ агъэтэрэзыжьыгъэх, ахэмэ сыгукӀэ зэхасшӀэу сафэраз, къэстхыжьрэ хъугъэ-шӀэгъэ гъэшӀэгъонхэм нэфагъэ ахэмылъмэ, синэӀуасэхэр тхылъеджэм ымыгъэмысэнхэм пае, ахэмэ ялажьэ зэрэхэмылъыр къэсӀон фаеу зыфэсэлъэгъужьы. Зэрэтхыгъэн фаер агъэтэрэзыжь зэхъум, ахэмэ ситхыгъэ зи хагъэхъуагъэп, арышъ, гурыӀогъое чӀыпӀэхэр, щыкӀагъэхэр, ащ дакӀоу тхылъеджэм ынаӀэ зытыридзэнэу хэтхэр сизакъоу сиех.



## VI

Мэфэку пчыхьэм, пӀалъэм ехъулӀэу, Греч икъэлапчъэ Хъан-Джэрые зыӀуаригъэщагъ. Каретэ нэкӀэу ӀукӀыжьыщтыгъэр къыӀухьэрэм нахьыбагъ. АдыкӀэ Ӏудзыгъэ каретэ нэкӀитӀумэ анэмыкӀэу къэлэпчъэ дэхьагъум каретэ гъопчагъэ Ӏут. ЦӀыф Ӏужъу горэ къызэрикӀыщтым ишыхьатэу шыкуаом ыӀитӀу пчъэ Ӏухыгъэм рещае, ау кӀыбыкӀэ къыпшынэу ежьэгъэ лӀы онтэгъум ыпхэкӀышхоу къэптан шӀуцӀэм къычӀэщырэм зэрэнэсыщтыр ымышӀэу мэулъэбабэ.

Хъан-Джэрые ылъэгъурэр шӀощхэныгъэми, къызхимыгъэщэу ишыкуао риӀуагъ:

– Мо каретэм тежэнэп, мыщ сыщикӀыми хъун. Сыхьатыр пшӀым къыӀухьажь. Мыр сыкъызэрэпщагъэм ыуас, мыдырэр пэшӀорыгъэшъ улэупкӀ.

– Тхьэуегъэпсэу, полковник,– шыкуаор куплӀэм къыдэпкӀыгъ, шъхьащэ къыфишӀыгъ,– мыщ фэдэ улэупкӀэкӀэ нычэпэрэчэщым сыкъыожэн.

Къэлапчъэм Ӏут каретэмкӀэ Хъан-Джэрые плъагъэ, шыкуаори итӀысыпӀэ итӀысхьажьызэ щхыпцӀыгъэ, гухьэгужъынчъэу, къыӀуагъ:

– Иван Андреевич Крыловыр ары. Каретэр зэригъэтӀысыгъэмкӀэ сегуцэфэгъагъ. Угу егъунэу пщэрыщэ, етӀани мыхэмэ язымэфэку пчыхьэ блигъэкӀырэп. Ау усэ сэмэркъэу щхэнхэр етхы. Пчыхьэ чэф огъот, полковник. ЗыфэпӀогъэ пӀалъэм сыкъыӀухьащт.

Адыги, урыси, тыркуи, поляки орэхъу, цӀыф пщэр-онтэгъу къызхэмыкӀырэ щыӀэпщтын, ау Крыловыр шэ закӀ. Цилиндрэ пэӀо шӀуцӀэ зэндэшхом пкъы зэхэуагъэм тӀэкӀу зырегъэӀэты, пшъэ гъумы кӀэкӀыр шъхьац фыжь къетэкъохыгъэмэ чӀагъэбылъхьэ, къэптан кӀыхьэм ыгупэхэр ныбэм

Географиеми шӀэныгъэми афэгъэхьыгъэхэр, адырэ пкъыгъохэм афэдэу Дебу, анахьэу Броневскэм, ятхыгъэхэм къахэсхыгъэх, зэрэтхыгъэхэм фэдэуи къэзгъэнэжьыгъэх.

Зыгорэм иӀофшӀагъэхэр ежьхэм ягущыӀэхэмкӀэ кӀатхыкӀыжьмэ, етӀанэ ежьхэм яеу зэралъытэрэм фэдэ зэхашӀэхэр сэ сштэхэрэп. СиӀэшъхьэтет инхэм сиӀофшӀагъэу ястырэм анаӀэ тырадзэмэ, Черкесием фэгъэхьыгъэ «Ситхыгъэхэр» охътабэ зытезгъэкӀодагъэхэм апае шӀу къысфашӀагъэу слъытэщт. Ӏэшъхьэтетым ынэшӀу къэсылэжьыныр сэ ренэу апэрэ гухэлъэу сиӀагъ, загъорэ игъо симыфэщтыгъэми, пачъыхьэм къулыкъоу фасшӀэрэм семыгугъоу, сиӀэшъхьэтет пшъэрылъ къысфишӀыхэрэр згъэцэкӀэнхэр Ӏэпэдэлэл сшӀыхэу къыхэкӀыщтыгъэп, сыгукӀэ ащ шӀошъхъуныгъэ зэрэфысиӀэр гугъэпсэф ин дэдэу къысфэнэжьыщт».

зэнигъэсыхэрэп, нэкӀутӀэ хъураер фэкӀыхьашъу, нэтӀэ ихыгъэри, шъхьацым елъытыгъэмэ, зы фыжьыци зыхэмыт напцэхэри, нэ фэшхъонтӀэшъо чанхэри хьалэлыгъэр зыкӀэлъ нэгум щызэдекӀух.

– СызэрэоплъырэмкӀэ, ори, цӀыфышӀу ныбжьыкӀ, Греч хьарамыжъым имэфэку пчыхьэ окӀокӀэ сенэгуе,– щыгъупшэгъагъэ горэ ыгу къэкӀыжьыгъэм фэдэу Крыловыр щхыпцӀыгъэ.

– Ары, Иван Андреевич, сэри Николай Ивановичым имэфэку зэхахьэ сыригъэблэгъагъ.

– Сыоплъышъ, моу ублыпкъ сэгъэубыты, сэ укъысэлъытыгъэмэ, убжьышӀу, уӀэпс-лъэпс, джары забытым итеплъэн фаер. Сэ дзэм хэшӀыкӀ тӀэкӀу фысиӀ, сятэ забытыгъ, сшынахьыкӀэ дзэм хэт. Уныбжь емылъытыгъэу уполковник къодыеп о, уиджабгъу блыпкъ къехырэ тыжьын аксельбантым пачъыхьэм уззрифлигель-адъютантыр къеушыхьаты. Узабытышху, уцӀыфышху о!

– Тхьэуегъэпсэу, Иван Андреевич, ащ фэдашъо къызэрэстепштэрэр, ау о сыдым сэ сыпкӀигъэхьан. Сэ типачъыхьэшхо и Кавказ-Къушъхьэ полуэскадрон Конвой къулыкъу щысэхьы.

– ПцӀэ къысаӀу, зысэгъашӀ ащыгъум. Укъэмыуцу, укъэмыуцу, ситеплъэ емылъытыгъэу слъэмэ джыри дэгъоу сахьы. Сыд пцӀэр, синыбджэгъушӀу?

– Хъан-Джэрый, Иван Андреевич.

– О-о! ПцӀэ топыщэм фэдэу къызбгырэу. Хэтырэ цӀыф лъэпкъмэ уащыщ?

– Сыадыг.

– Ар зэкӀэми анахь гъэшӀэгъоныжь! – Мыжъоф дэкӀояпӀэм нэсынкӀэ лъэбэкъу къыфэнэжьыгъэу Крыловыр къэуцугъ, Хъан-Джэрые ынэ лэбышъо-нэшхъэишъомэ акӀэплъагъ.– Апэрэу адыгэм нэӀуасэ сыфэхъу. НекӀо, некӀо, сэ шъузэрэлӀ зэуакӀоу, шъушъхьафит кӀэхъопсэу зэрэзэхэсхыгъэм фэшъхьаф шъухэсшӀыкӀырэп, шъорыкӀэ Пушкиныр ары Ӏазэр. Мыщ непэ къэкӀонэу аӀуагъ. Зэхэсхыгъэр, нэӀуасэ сызфэхъугъэр гъэшӀэгъоны. ЛӀэшӀэгъо щыӀ, лӀэшӀэгъо зыгъас джары, Иван Андреевич лӀыжъ, язгъэӀуагъэр…– Крыловым ежь-ежьырэу зэреӀожьы, егъэшӀагъо: – зэрэхъурэмкӀэ, синыбджэгъушӀу, уадыг, тидзи ухэт, типачъыхьи уриухъумакӀу.

Хъан-Джэрые щхыпцӀыгъэ нахь, джэуап ритыжьыгъэп.



Крыловыр къэупчӀагъ:

– Ори, синыбджэгъу нахьыкӀ, усэхэр отхыха?

– Хьау, Иван Андреевич. Сэ адыгэмэ ятарихъ, яхэбзэ-гъэпсыкӀэ нахь сыпылъ.

– Ар щытхъугъ, щытхъугъ. Сэ усэхэр зытхырэмэ уащыщ сшӀошӀыгъ.

– Усэ стхыныр сыгу къысиӀорэп.

– Ара? Ащ фэдашъо птесштэрэп. Аущтэу оӀомэ, гум къыуиӀорэмкӀэ упсэумэ нахьышӀу. Плъэпкъ итарихъ, идунэе тетыкӀэ упылъыныр щытхъугъ. Сэ усэ сэмэркъэухэмкӀэ загъорэ зызгъэзэщырэп. Къыздэхъу зыӀохэри щыӀэх, къысхэпыджэхэри макӀэп. НекӀо, ахэмэ тапылъынэп, хьэр мэхьакъу, махъушэр макӀо…

Бурнашевыр Крыловым пымылъ шӀагъоу, Хъан-Джэрые нахь фэгумэкӀэу апэрэ унэм къащыпэгъокӀыгъ:

– Шъукъеблагъэх, шъукъеблагъэх. Сыхьатыр блым зыблэкӀым, ащ фэдэ уихэбзагъэпти, Хъан-Джэрый, уикъэгужъуакӀэ сигъэгумэкӀыгъ. Уипчыхьэ шӀу, Иван Андреевич. Мыр СултӀан Хъан-Джэрый…

– Полковникымрэ сэрырэ,– Крыловым Бурнашевым къыригъэжьагъэр къыригъэухыгъэп,– нэӀуасэ тызэфэхъугъ, шъхьэкӀафэ зыхэлъ забыт, сыгу лъэшэу еӀугъ. Сэ джы, синыбджэгъу нахьыкӀэх, мы унэм сыщетӀысэхын, тӀэкӀу зызгъэпсэфын. О мыщ, Владимир Петрович, псы ӀэшӀу тӀэкӀуми, щаибжъэми, дэшхын горэ игъусэу, къысфябгъэхьыгъэмэ дэгъугъэ. Шъо джыри шъукӀал, жъыгъор зыфэдэм хэшӀыкӀ фышъуиӀэп. Сэ сегъэгумэкӀы, «сызщымыгъэгъупш» къысеӀо. Хэт етӀанэ къэкӀуагъэхэр, Владимир Петрович?

– ЗэкӀэри къэзэрэугъоигъ.

– Сэ зэкӀэми ясшӀэн щыӀэп,– Крыловым ыгу римыхьыгъэр къыбгурымыӀонэу гъумтӀымызэ, етӀысэхыгъ,– Пушкиныр, Александр Сергеевичыр, къэкӀуагъа?

– Пушкиным икъэсыгъу, Фаддей Венедиктович Булгариныри щыӀ.

А лъэкъуацӀэр Крыловым зызэхехым, ынахэ къызэрэзэхэхьагъэм Хъан-Джэрые гу лъитагъ.

«Сыда Булгариным ылъэкъуацӀэ баснэтхым ыгу зыкӀыримыхьыгъэр?..– Хъан-Джэрые ыӀуагъ, етӀанэ а тхакӀом фэгъэхьыгъэу зэгорэм ытхьакӀумэ къиӀогъагъэр, Белинскэм ытхыгъагъэ горэм зэреджэгъагъэр ыгу къэкӀыжьыгъ.–

Пушкиным а лъэкъуацӀэм фэгъэхьыгъэ усэ кӀэнэкӀалъэ Ӏэпэрытх къызэрэрихьакӀыщтыгъэри, забытхэр зэригъэщхыщтыгъэхэри ынэгу къыкӀэуцожьыгъэх. Ахэмэ анахьэу ар зыщэ-зыплӀэ Бенкендорф графым ипчъэ зэрэӀуилъэгъогъагъэр шӀогъэшӀэгъоныгъ.– Тэ тикъушъхьэчӀэс полуэскадронкӀэ Бенкендорф ыӀэмычӀэ тилъ шъхьакӀэ, Булгарин тхакӀом сыд ащ ипчъэӀу Ӏуишӏыхьэщтыгъэр?.. Сэ сымышӀэ горэ мы Ӏофым хэлъкӀэ енэгуягъо… Булгариным ыцӀэ Бурнашевыми дахэу къыриӀуагъ, ау Ӏоф къыздишӀэфэкӀэ игугъу къышӀыгъэп, ыцӀи къысфыхигъэпсыгъэп… Э-э, пачъыхьэр къызэрэсщыгугъырэр фасшӀэмэ, сыда мыхэмэ язэфыщытыкӀэ сызэрэпылъыр… Ары шъхьакӀэ…»

Апэрэ унэшхом ит пылъэапӀэхэм зэкӀэ бжыхьапэм елъытыгъэу бзылъфыгъэ джэдыгу лъапӀэхэр, хъулъфыгъэ къэптан зэщымыщхэр, шъхьатехъохэр, цилиндрэхэр, тыжьыныпс-дышъэпс егъэшъогъэ бэщхэр апизыгъэх, цокъэ зэфэшъхьафхэр джэхашъом щызэготыгъэх.

Греч ыкъо нахьыжъитӀоу Алексейрэ Николайрэ унэшхо ихьагъум дэжь хьакӀэмэ къащыпэгъокӀыгъэх. Пчъэ ӀухыгъэмкӀэ фортепианэм диштэу Бульвиль-Ури ибзылъфыгъэ мэкъэ гохь Хъан-Джэрые къылъэӀэсы.

Фортепианэм зыфеожьзэ орэдыр къэзыӀощтыгъэ бзылъфыгъэм иорэд къызеухым, Ӏэгу тео бырсырым Хъан-Джэрые унэм рищагъ. КъедэӀугъэхэм шъхьащэ афэзышӀырэ орэдыӀор ары зинэплъэгъу апэ Хъан-Джэрые къытезыдзагъэр, ишъхьэщэ гъэшӀожь зэрэхэтэу зэупчӀыжьыгъ: «хэта мы полковник кӀэлакӀэр?» ОрэдыӀо ныбжьыкӀэ пкъы ищыгъэ дахэу зышъхьэ зыуфэзэ къычӀэплъыщтыгъэм изэкъуагъэп а упчӀэр зыгу къыихьэгъагъэр…[1]

[1] «…Мэфэку мафэхэм ащыщ горэм, джы къызэрэсшӀэжьырэмкӀэ,— 1871-рэ илъэсым къыдэкӀыгъэ журналэу «Заря» зыфиӀорэм В. П. Бурнашевым къыщетхы,— Хъан-Джэрые Николай Иванович Греч дэжь хьакӀэу къэкӀуагъ, хьэкӀэ ямышӀыкӀ, нэгум къыкӀидзэрэ цӀыф. Зэфэмыдэ купышхоу зэрэугъоигъэм кӀэко къызэрыкӀохэр, фракхэр, вицмундирхэр зыщыгъхэр къызэбэкӀыщтыгъэхэм ошӀэ-дэмышӀэу кӀэлэ ныбжьыкӀэ ищыгъэр къахэхьагъ. Ӏэпс-лъэпс, иинагъэкӀэ гурыт, нэгу гохь, шъхьэ цӀыкӀу, фэкъопцӀашъу. Ынэ нагъохэм гупшысэ акӀэлъыгъ, пэкӀэ цӀыкӀу ежьашъо тетыгъ, шхъомчышъо шъхьацыр кӀакоу кӀэупхъухьэгъагъ, Греч икабинет-унэшхо цӀыфыкӀэу къихьэгъэ хьакӀэм хэти фэмыдэ чаныгъи, хьалэлыгъи, узыфэзыщэ гори хэлъыгъ. Ынэгу зэхэлъыкӀи, зэкӀэ итеплъэ-Ӏуплъи иӀокӀэ-шӀыкӀэхэми чэфынчъагъи, укӀытэ гори ахэлъыгъ, щынэ Ӏоф иӀагъэп, гупшысэр ренэу зыкӀэлъ ынэхэм мэшӀочэ цӀыкӀухэр загъорэ къатэкъущтыгъ, ау ахэмэ игубж арэп къагъэлъагъощтыгъэр,



Сыхьатыр блым сыхьатныкъокӀэ блэкӀыгъ. Греч иунэ нэбгырэ шъэныкъо фэдиз къыщызэрыугъоигъ. Джыри хьакӀэхэр къызэлъэкӀох, шӀуфэс зэрахы, зэӀогушӀох. Унэ гуӀэтыпӀэшхор шэф остыгъэхэмкӀэ зэлъыгъэнэфыгъ. Пчэгум ит стол кӀыхьэм тхылъыкӀэхэр, журнал къыдэкӀыгъакӀэхэр, гъэзетхэр телъых, нэмыкӀ столхэу къогъумэ акъотхэм сэмэуархэр атет, дэшхын гъушъэхэр ателъ, шампанскэ бэшэрэбыхэр атет. Мэфэкум къекӀолӀагъэхэр язэнэӀосагъэкӀэ куп-купэу зэхэтых, зэхэсых. Щай ешъох, шампанскэ бжъэхэр зэрагъэутэкӀы, усэхэм къяджэх, къэбар щхэнхэр зэфаӀуатэ, зэщэтхъужьых, зэрэгъэщхых, зэфэгубжых, зэшӀужьых. Иван Андреевич Крыловым фэдэхэри, ахэр зырыз дэдэх, тхьагъэпцӀышъохэу, атхьакӀумэхэр кӀэгъэзыкӀыгъэхэу, ящаибжъэшъонхэм язакъоу акӀэрысых.

Мощ фэдиз цӀыфмэ Греч зэрахимылъагъорэр Хъан-Джэрые зыфихьын ымышӀэу Бурнашевым фыреплъэкӀы, зыгъэгумэкӀырэр къыгурыӀоу адырэри къеӀушъашъэ:

– Николай Ивановичым икъэсыжьыгъу. Инджылыз клубым щыӀ. Модэ, олъэгъуа Булгариныр? Фаддей Венедиктовичыри ащ щыхадзынэу щытышъ егъапэ. Джа фрак гъожьышъо зыщыгъ лӀы од нэ пкӀыжьыгъэр ары, нэпцэф гуахьынчъэу Сенковскэм кӀэрыс. НекӀо, аӀорэр зэхэтхын, благъэу тягъэкӀуалӀ. Сенковскэр бзэхэмкӀэ Ӏазэ, арабыбзэри тыркубзэри дэгъоу ешӀэ, адыгабзэри зэригъашӀэу зэхэсхыгъэ, тӀуми нэӀуасэ уафэсшӀын.

Булгариныр Хъан-Джэрые къырамыгъэлъэгъугъагъэми, унэм зэрехьэу ышӀэжьыгъ. Бульвиль-Ури ибжъэ Хъан-Джэрые полковникым къыфиӀэтызэ зэрищалӀэ шӀоигъуагъ шъхьаем, Бурнашевыр ащ пымылъэу ыблыпкъ ыубыти, зыфиӀогъэ лъэныкъомкӀэ ыщагъ.

кӀуачӀэу ахэлъыр ары нахь. Къушъхьэ полуэскадроным илейб-гвардие ишъуашэкӀэ хьакӀэр фэпэгъагъэ. Цые шхъонтӀэ дахэр бгырыпхыкӀэ зэпыфызыкӀыгъагъ, ыбгъи, цые ӀэпакӀэми, хьазырылъэхэми, пшъэпӀэ хъураеми тыжьын тедэхэр яӀагъэх, хадэхэр зиӀэ дэнэ джэнэ шхъуантӀэри цыем къыдэщыщтыгъ. Зэрэполковникыр къэзгъэлъэгъорэ тэмэтелъ инхэу пачъыхьэм икъамзый зыхэлъхэр ытамэхэм ателъыгъэх, тыжьын шъагъэр ытэмэ джабгъукӀэ къехыщтыгъэ. Зэрэфлигель-адъютантыр ащ къыгъэлъагъощтыгъ. Иджэнэ пшъапӀэ ыкӀыӀу телъыгъэх Станиславрэ Аннэрэ яорден лентэхэу быслъымэнхэм аратыщтыгъэхэр, нэмыкӀэу къэпӀон хъумэ, чиристан шыихъыхэм Анапэ арымытэу, пачъыхьэм икъамзыйрэ ипэӀуашъхьэрэ атедзэгъагъэх. Хэтыгъа а адыгэ кӀэлакӀэр, гвардием иполковникэу, флигель-адъютантыр? Ар Хъан-Джэрый арыгъэ…»

Сенковскэмрэ Булгаринымрэ апэмычыжьэу Кукольник тхакIомрэ Яненкэ художникымрэ шахмат щызэдешIэщтыгъэх. Кукольникыр обзэгъукIэ ауIучIыгъэм фэдэу пкъышхо-нэлутI, Яненкэр ешъон зэрикIасэр къыхэщэу, нэплъ-пэплъ шъхьэджашъу. Яненкэм, Греч цIэ зэрэфиусыгъэу, «пьяненкэкIэ» еджэх.

Зыхэт гумэкIыр Булгариным зышъхьащигъэкIэу, Сенковскэм феIуатэ:

– Моу зэ, Осип Иванович, ти Пьяненкэ шахмат зэрешIэрэм еплъ. Мыщ зымафэ шампанскэ бжъэ щэкI зырешъум, ышIагъэр ошIа? «Мары, Николай Иванович, шампанскэ узэрешъон фаер» Греч риIуи, ящэкIэнэрэ зырэм къыринэжьыгъэ гъуаткIор ышъхьэ къуй тырикIэжьыгъ. «Къыбдесэгъаштэ,– Николай Ивановичым риIожьыгъагъ,– ау бжъэ нэкIыр шъхьэ нэкIым тепкIэжьын нахьи, уныбэ ипкIэжьыгъэмэ нахьышIугъ». Хьа-хьа-хьа!.. Бжъэ нэкIыр шъхьэ нэкIым тепкIэжьыныр!..

Зэхихыгъэм Яненкэр ымыгъапэу ышъхьэ шахматым къытыримыIэтыкIэу хьалэл щхыпцIыкIэ джэуап къытыжьыгъ:

– Греч къыуиIуагъэр пцIы сIорэп, дыджыIоми, шъыпкъэ хэлъ. Ау о, Фаддей Фиглярин, Гречрэ орырэ шъуиакъыл уашъомрэ чIыгумрэ зэрэзэпэчыжьэм фэдэшъ, сыд къысфэбдзыгъэми, сыгу уабгъэрэп. Ащ нахь гъэшIэгъон осIон. ЛитографиекIэ хэутыгъэ француз хьэубыт Видок исурэт ычIыпIэкIэ, Лисенковым о уисурэт зэрарищэрэр сыдэущтэу къыдгурыIощт?! Хьа-хьа-хьа!..

– Бэлахьыр Лисенковым теф! – Мэкъэ ишъугъэ къыкъыкIэ Булгариныр къыхэкуукIыгъ, етIанэ Сенковскэм риIуагъ: – Шъыпкъэ, ащ фэдэ кIэнэкIалъэ Лисенковым къысишIагъ, ау Сисурэтхэр ымыщэжьынхэу унашъо фязгъэшIыгъ!..

Ардэдэм Греч ыкъо нахьыжъ Алексей унэм къилъади, Фаддей Венедиктовичыр инджылыз клубым зэрэхадзыгъэр зэрыт тхылъыпIэр Булгариным къыритыгъ.

Зэхихыгъэм зэригъэгушIуагъэр Булгариным къыхэщэу, полякыбзэкIэ Сенковскэм риIуагъ. ГушIогъу римыгъафэзэ, Булгариныр, Сенковскэр, Кукольникыр, Яненкэр, Розен бароныр, Яковлев нэкIуплъ кIакор, Артешковыр, етIани нэбгырэ заулэ зыдэщытым Греч къыIухьагъ.

– ЗэрэхъурэмкIэ, Николай Иванович, зэкIэми зэдаштэу инджылыз клубым сыхадзыгъ, ара? – Къыдэхъугъэ гушIуагъор зэкIэми зэхаригъэхэу къэупчIагъ Булгариныр.



– Ары, загъорэ зэрэхъу хабзэу, «единогласиерэ одногласиерэкIэ» къыотагъэх,– Греч иныбджэгъу-IофшIэгъу къесэмэркъэужьыгъ, щхызэ къыпигъэхъожьыгъ, – шъыпкъэр пIон хъумэ, синыбджэгъужъ, сэзыр ары къыотагъэр. ЗэкIэри къыотагъэу ащ къибгъэкIымэ хъущтыба?..

Яненкэ художникри Розен баронри, нэмыкIхэри зэрэгъэщхыгъэх. Кукольники шахматым хаплъэ фэдэ зишIыгъ, адыкIэ щыт бзылъфыгъитIу гори мэкъэ псыгъуабзэкIэ кIэщхыкIыгъ. Греч ышыпхъу Катерина Ивановнар бзылъфыгъэмэ нэ IаекIэ яплъыгъ, ыши фыреплъэкIыгъ. Зи къэзымыIуахэу щысыгъэр Николай Ивановичым ишъуз Варвара Даниловнар ары. Ялъфыгъэмэ анахьыжъ Софья Николаевнари Хъан-Джэрыерэ Бурнашевымрэ адэжькIэ къаплъэзэ, IущхыпцIыкIыгъ. Фортепианэм Бульвиль-Ури зыкIэридзагъ.

Булгариныр ицилиндрэ лъыхъоу, ядэжь кIожьы шIоигъоу ежьэжьыгъ.

– Фаддей, тыдэ укIора? – Греч къэгузэжъуагъ.– Сыда узфежьэжьыгъэр? Джыдэдэм, клубым «преферанс» ешIэныр щеухышъ, тиусэкIо лъапIэу Александр Сергеевич Пушкиныр къытхэхьащт. Алеша, Коля! Модэ шъуятэшыпхъу Катерина Ивановнам шампанскэ къытфигъэучъыIынэу ешъуIу.

Булгариным зыдищэжьы шIоигъогъэ Сенковскэм къыфидэрэп:

– Сыд пае, Пушкиным зышIозгъэбылъыжьыгъ пIонэу, сыкIожьын? ТиусэкIо кIасэ слъэгъуным сыкIэхъопсы, гущыIэ заули есIо сшIоигъу.

Ардэдэм зэкIэри зажэщтыгъэ Пушкиныр унэм къихьагъ[1].

– Мары, Александр Сергеевич, си Булгарин,– Фаддей ицилиндрэ зыIыгъ Греч къыIуагъ,– зыпшIуигъэбылъыжьын ихьисапыгъ, ау олъэгъу, згъэтIысыгъэ, Косичкинымрэ Фиглярინымрэ («Косичкиныр» Пушкиным лъэкъоцIэ лые зыфишIыжьыгъэу «Фиглярин» зыфиусыгъэ Булгариным

[1] «ОшIэ-дэмышIэу, гу лъамытэу лIы мыиныр унэм къихьагъ,– ыгу къэкIыжьы Бурнашевым,– ышъхьац тIыргъо кIыхьэхэр итэкъухьэгъагъ, чIыпцIэ ежьэшъуагъэх, идэбжъыкъушхохэм нэгу кIыф чIыпцIашъор зэлъаубытыщтыгъэ. Ащ кIэко чырбыщышъо щыгъыгъ, ыIэ сэмэгукIэ пэIо шъэбэ цIыцIыгъэр ыIыгъыгъ. ЦIыф шIуцIэмрэ фыжьымрэ къахэкIыгъэр гум къыгъэкIэу, ынапэ ямышIыкIэ горэ хэлъыгъ, ыпэ тIэкIу хэуплIэплIэгъагъ, ыIупшIэхэр плъыжьыбзэ-шъомбгъуагъэх, щхы чэфым къыгъэлъэгъогъэ цэхэр фыжьыбзагъэх. Ар Греч зажэщтыгъэ Александр Сергеевич Пушкиныр арыгъэ...»

итхыгъэ-зекIуакIэмэ апэшIуекIо) нычхьапэ зэсымыгъэшIужьхэу згъэкIожьыщтэп.

– Сэ сы Пушкин,– ынахэ тIэкIу зэхэхьагъэу Пушкиным къыIуагъ,– Булгариныр – Булгарин. ТищыIэкIэ-псэукIэкIэ – Косичкинымрэ Фиглеринымрэ зэрэзэфэдэхэ щыIэп. Ау зыхъурэм мы шампанскэ шIагъом тешъо пае Пушкинымрэ Булгаринымрэ яIоф зыхэмылъым сыд зыкIыхалъхьащтыр? Сыд ушъхьагъуа Фаддей Венедиктовичым зысшIуигъэбылъыжьынэу къыгъотыгъэр? Ежь къызэрэсэплъэу, сынэджэ-Iуджэ дэдэу сызэплъыжьырэп, ау быракъ зэфэшъхьафмэ ачIэтэу зэрэбанэрэр ежь къыгурыIон фае. Шъыпкъэр пIощтмэ, сэ Фаддей Венедиктовичым сыгу Iае филъэп, ау Видок исурэтэу тхылъыщэ Лисенковым непэ къыщысщэфыгъэм иIуплъэ мыщ сыгу къымыгъэкIыгъагъэмэ… Мы титхылъыщэхэри! Яфедэ къызхагъэкIыщт къэрар нэмыкI яIэп… ЕтIани Фаддей Венедиктовичымрэ сэрырэ дэгъоу непэ тызэрихьылIагъ. Москва къыщыдэкIырэ журнал горэм гукъэкIыжьхэр фэстхынэу езгъэжьагъэшъ, зы Iоф горэмкIэ сеупчIы сшIоигъуагъ. Ащ Орест Михайлович Сомовыр хэтыщт, къэошIэжьмэ, декабрэм и 14-м ыуж ар зэрагъэтIысыгъагъэмрэ къызэратIупщыжьыгъагъэмрэ сшIэнэу сыфэягъ[1]. А къэбарым о дэгъоу ущыгъуазэкIэ сэгугъэ, Фаддей Венедиктович?

Пушкинымрэ Булгаринымрэ азыфагу сэмэркъэукIэ къыдэтэджэрэ Iофым мэфэку пчыхьэм бырсыр къызэрикIыщтым Греч тещыныхьэзэ, илитературнэ IофышIэ гуадзэ ипаIо фищэижьыгъ. Пчъэм Булгариныр дэкIыжьыгъо имыфэзэ, Николай Ивановичым ихьакIэ Хъан-Джэрые ежь ышъхьэкIэ мэфэкум хэлажьэрэмэ нэIуасэ зэрафимышIыгъэр зыдишIэжьэу, ар иушъхьагъоу къызIуипхъотыгъ:

– Зиусхьанхэр! Нычхьапэ тихьакIэ сэ сшъхьэкIэ нэIуасэ шъуфэсшIыгъэп. Мыр Хъан-Джэрый, адыгэ зиусхьан нэф. Щытхъубэ зыпылъ тидзэ изабыт, ибгъэхэлъ тынмэ иIыхьужъыгъэ зыфэдэр, сэ къышъосымыIожьми, къаушыхьаты. Типачъыхьэшхо фэшъыпкъ, ицыхьэшIэгъу, иухъумакIу.

[1] ЗэлъашIэрэ тхакIоу О. М. Сомовыр, Булгариным есэмэркъэу шIоигъоу ыдэжь кIуи, Петропавловскэ пытапIэм къашIудэкIыжьыгъэ фэдэу, къыгъэнэжь шIоигъоу Булгариным елъэIугъ. КъызэраIожьыщтыгъэмкIэ, Булгариным иунэ Сомовыр къыришIыхьи, иныбджэгъу къызэригъэнэжьыщтым ыуж ихьэгъагъ. Сыхьат тешIагъэу къэкIогъэ полицием ышIошъ хъугъэ Сомовыр ащкIэ Булгариным зэресэмэркъэугъэр. Ау, къаIотэжьы, Сомовым исэмэркъэу зэрэфамыгъэгъугъэр, сыда пIомэ, а сэмэркъэум пае чэщ-мэфищэ пытапIэм дагъэтIысхьэгъагъ.



Зыщыщ адыгэмэ ятарихъ, ящыIэкIэ-псэукIэ, яхэбзэ-зэхэтыкIэхэм апылъ, къытпэблагъэ ышIыхэмэ шIоигъу. Къеблагъ, тыуигъус етэIо!

Къызэлъыплъагъэхэр зэдырагъаштэу Iэгу теуагъэх. Бульвиль-Ури ифортепьянэ ео макъэкIэ Iэгу тео зэблэхъухэм нахь зэдырарыгъэштагъ.

– Браво, черкес! – Бжъэр фыдиIэтаезэ, Пушкиныри къыхэкуукIыгъ.

Хъан-Джэрые Греч ыпхъу Софэ бжъэр къыфихьыгъ. Сенковскэр, щхыпцIызэ, Хъан-Джэрые къыкIэрыхьагъ:

– Уадыга? – АдыгабзэкIэ къеупчIыгъ.

– Сыадыг,– зэхихыгъэр ыгъэшIагъоу адыгабзэкIэ риIожьыгъ.

– Черкесмисин? – ТыркубзэкIэ къеупчIыгъ.

– Черкесим,– тыркубзэкIэ джэуап ритыжьыгъ.

– Iэ Iэнтэ щэркэс? – АрабыбзэкIэ къеупчIыгъ.

– Нэхьам, Iэна щэркэм,– Хъан-Джэрые щхыпцIызэ, арабыбзэкIэ риIожьыгъ.

– Полякыбзэ ешIэмэ щытхъубэ зыпылъ тичеркес хьакIэ еупчI, барон Брамбеус,– Пушкиныри щхызэ, Сенковскэм къеджагъ.

– Ты естэм черкес?

– Я естэм черкес, полякыбзэ тIэкIуи къызэпызгъэфэн слъэкIыщт,– сэмэркъэу зыхэлъ гущыIэм сэмэркъэукIэ Хъан-Джэрые, егъашIэм ышIэщтыгъэм фэдэу, Пушкиным риIожьыгъ.

– О, браво, черкес! – Зэхихыгъэр Пушкиным ыгъэшIэгъуагъ, Сенковскэм риIуагъ: – Джы, Осип Иванович, икъун бзабэкIэ узэрэIазэр тиадыгэ хьакIэ зэрэгурыбгъэIуагъэр. О пшIэрэ бзэмэ анахь мымакIэу, бзабэ зышIэрэ Брамбеус, Хъан-Джэрые ешIэкIэ енэгуягъо. Тэри мы адыгэр тищыкIагъ, сэри мыхэмэ макIэп ястхылIагъэр. Ау мы щытхъу зыпылъ урыс полковникым ыцIэ зызэхэсхыгъэри сыукIэ зысшIоигъуагъэри бэшIагъэ.

– «Адыгэм Iашэр къешIэкIыгъ» – шампанскэм зышъхьэ тIэкIу ыгъэунэзэгъэ Бульвиль-Ури мэкъэ IэтыгъэкIэ Пушкиным иусэ къыIоу ыублагъ,– «ащ егъатхъэ, ащ рэгушхо, Iэшъоджани щыгъ, аркъэни, шхончи ыIыгъ…»

– Браво, Бульвиль-Ури! – Зэхихырэр зэригуапэр Пушкиным къыхэщы,– сиусэ дэгъоу укъеджэ, тхьэуегъэпсэу. Ау мыщ фэдэ полковник ныбжьыкIэ гохьыр джыдэдэм

зиер, къысфэгъэгъу, мадам, сэры нахь орэп, сыюнкер нахь мышIэми, полковник,— Пушкиныр мэкъэ чанкIэ щхыгъэ,— мо къогъупэ пхъэнтIэкIу шъабэхэмкIэ мыхэмэ уахэстыгъукIыщт. Мыдэ, шампанскэ бжъэ чъыIэхэр къытфэшъухь! — НыбгыритIур пхъэнтIэкIу шъабэмэ зарэгупсафэхэм, тхьагъэпцIышъо нэплъэгъу гуфэбагъэкIэ Хъан-Джэрые къыфычIэплъызэ, Пушкиныр къеупчIыгъ: — Орыба, милейший сударь, адыгэ лIыхъужъ, «къеуцуалI, Кавказ, Ермоловыр къэкIо» зыфиIорэ сатырым зыгу емыIугъэр? Аущтэу щытмэ, пIуагъэр шъыпкъэмэ, сэры ар зытхыгъэр, еуцолIэжь.

— Ащ фэдиз къепIолIэныр, Александр Сергеевич, ищыкIагъэп,— Хъан-Джэрый щхыпцIызэ, мэкъэ пытэкIэ къыIуагъ,— сэры уисатыр зыгу римыхьыгъэр.

— ЦIыфым ыгу зэмыIурэмкIэ ебгъэзыныр тэрэзэп, ау дырехьакI, къыдырехьакIыжь хэмылъэу ситхыгъэ кавказ цIыфхэр зэреплъыхэрэр сшIэ сшIоигъу.

— КъызгурэIо, Александр Сергеевич, сыгу зыкIемыIурэр къыосIон, а сатырэр зы цIыф фэгъэхьыгъагъэмэ, зи къесымыIолIэныгъэкIи мэхъу. Сэ Алексей Петрович Ермоловым шъхьэкIафэ фэсэшIы, къысфишIагъэмкIэ лъытэныгъэ мыухыжь фысиI, ежь къыпкъырыкIыгъэ IушыгъэмлIыхъужъыныгъэм уасэ фэсэшIы. Ау зы нэбгырэм цIыф лъэпкъыбэ зыщыпсэурэ Кавказыр лIыгъэкIэ фебгъэуцолIэныр, зыми укъимыубытэу зы лъэпкъ закъо ыпашъхьэ фепфылIэныр жъалымэгъащэу, сыхэукъоми сшIэрэп, къысщэхъу.

«Мыдэ мыщ къысиIуагъэр...— Пушкиным зэхихыгъэр гукIэ ыгъэшIэгъуагъ.— Титэмэтелъ лъагэхэр зытелъ адыгэу сапашъхьэ исыр гупшысэ зыхэлъ цIыф. Мыщ къысиIуагъэр, сишIумэ сарыгущыIэжьырэп, анахь сипыймэ, Вяземскэри зэрахэтыжьэу, къысаIуагъэп. Белинскэми а сатырмэ ынаIэ атыридзагъэп. Сыдэущтэу хъура ар?.. Ащыгъум сыгу къыздеIэу, шъыпкъагъэрэ шIошъхъуныгъэрэ зыфысиIэу стхыгъэ сатырым екIолIэкIитIу иI... Зытхырэмрэ зыфатхырэмрэ агу ар гупшысэ зэфэшъхьафкIэ къегущыIыкIы...»

— Ары, ары, Хъан-Джэрый, ары, полковник.— Пушкиным гум илъым пэблагъэу, ау дыримыгъаштэу къыIуагъ,— узэгупшысагъэм шъыпкъэ хэлъынкIи мэхъу... Ар сэры зигупшысэр, зытхыгъэри сэры. «Мыщ фэдэу щытхъу зыпылъ гупшысэ тизабыт иIэмэ, сыда ащыгъум джыдэдэм адыгэ шъолъырым къыщыхъурэр?.. Мыхэмэ, адыгэмэ афэгъэхьыгъэу ттхырэмэ, тIорэмэ, тэ къызэрэтщыхъоу хэшыкI афытимыIэмэ?.. Зэхэпхыгъэба, дахэу афэсIуагъэр щигъэзый, иадыгэ шъхьафитыныгъэ щыщтыхьэзэ, сиусэ сатыр закъо къыриIолIагъэр? Адыгэ закъоп мыр зытенэгуикIырэр, зэрэ Кавказэу къегъэгъунэ... Тэри мыщ тыпэчыжьэп, къызхэтщагъ, цыхьэ фэтшIыгъ, тпIугъэ, дгъэсагъэ... Сыдэущтэу ар хъура? Сыд джэуап ащ ищыкIагъэр?..»— Пушкиныр зыфэгуитIоу зэупчIыжьыгъ, ау зыгъапэрэм дэмыгузажъоу шъхьарыкIыгъ: — «Атыжъыгъое кIэй» уеджагъа? Къаз- Джэрый зытхыгъэр. Урысыбзэ дэгъукIэ, а бзэр зыIулъ тхэкIуабэ ехъопсэнэу тхыгъэ, тигуапэуи къыхэтыутыгъ.

— Седжагъ, Александр Сергеевич,— Къаз-Джэрые къызэрэщытхъурэр игуапэу Хъан-Джэрые къыIуагъ,— сыгуи рихьыгъ, къепIолIагъэри гуапэ тщыхъугъ, тигъэгушхуагъ.

— Къаз-Джэрыерэ орырэ шъузэIахьыла, шъузэлъэкъоцIэгъуа?

— ТилIэкъо Къырым чыжьэкIи, тлъэкъуацIэкIи, тигупшысэкIи,— Хъан-Джэрые щхыпцIыгъэ,— тиадыгэлъкIи тызэпэблагъ, тызэIахьыл.

— Урысылъыр адэ, Гирей? — Пушкиныр тхьагъэпцIышъо нэ чанкIэ къэупчIагъ.

— ТилIакъокIэ тхэмылъыр тхэлъ сIонэп, Александр Сергеевич,— Хъан-Джэрые усэкIо цIэрыIом IугушIуагъ,— ау Урысыем тыготмэ, ар тыгу илъмэ, ащ ылъи тхэлъ.

— Тхьэуегъэпсэу, ар щытхъугъэу пфэсэлъэгъу. Сэ сыкъызэрэоупчIырэр нэмыкI, уныбжьыкI, уIэпс-лъэпс, убжьышIу...

— КъызгурыIуагъ, Александр Сергеевич. Ащ сегупшысагъэгоп, джыри щыIэныгъэр тапэ илъ.

— Ари шъыпкъэ. ЦIыфыр шъхьафитын фае. Къинрэ гушIуагъорэкIэ къэхъу, агъаемэ кIэлъыгуIэхэзэ, дунаим ехыжьы. Шъхьафитныгъэм пае мы бжъэр тэгъэIэты.

— Хэт ишъхьафитныгъа бжъэр зыфэдгъэшъошэщтыр, Александр Сергеевич, зы нэбгыра, лъэпкъа? — Азыфагу къыдэхьэгъэ цыхьэ фэбэ тIэкIум Хъан-Джэрые къогушхукIызэ, Пушкиным еупчIыгъ.

— Сударь, сыоплъышъ, уурыс къодыеп, уадыгэ тхьагъэпцI о,— Пушкиным ынэмэ сэмэркъэур акIизэу Хъан-Джэрые къенэкIэуагъ,— мо Фигляриным нахьи унахь щынагъу! ТитIо тишъхьафитныгъэ пай мы бжъэр къызыфэ-

сӀэтырэр. Ау зыгорэкӀэ джыри сисатыр укъенэкъокъумэ, къызэрэсӀуагъэу, сэрышъ зытхыгъэр, сӀорэмрэ сшӀэрэмрэ сарыкӀэгъожьэу джы нэс къыхэкӀыгъэп. Арэу оӀомэ, бжъэр зыфэтӀэтырэ шъхьафитныгъэр зэрэпшӀоигъоу къызгурыгъаӀу.– Бжъэ нэкӀыр Пушкиным ыгъэуцужьызэ, псынкӀэу къыӀуагъ: – фэсакъ, Фигляриныр тадэжькӀэ къэкӀо…– Пушкиныр псынкӀэу тегущыӀыкӀыгъ,– уитхыгъэмэ ащыщ горэ, уикорнет Къаз-Джэрые зэришӀыгъагъэм фэмыдэу, Бенкендорф графым иӀизын хэлъэу[1] къытэптыгъагъэмэ, тижурнал къыхэтыутыщтыгъэ…

## VII

Бжыхьэ лъэдэкъэ цӀынэкӀэ 1836-рэ илъэсым зыригъанэщтыгъэми, къэблагъэщтыгъэ илъэсыкӀэр ос шъэбэ фыжьыбзэкӀэ къытекӀуагъ – ӀуигъэкӀотырэм – игушӀуагъомэ анэмыкӀырэ – игухэкӀ-нэшхъэйхэр, иурам мыкъабзэхэр, ичъыг пцӀанэхэр, цӀыфмэ къадэмыхъугъэхэр, хэтэ ныкъоӀухыжьхэр, бэн тӀыгъакӀэхэр чӀиухъумагъэх.

Джыри къэмысыгъэ илъэсыкӀэу зигугъу ашӀыщтыгъэм аужырэ щтыргъукӀ мафэхэмкӀэ илъэсыжъыр Санкт-Петербург щытегубжыхьэщтыгъэми, нэгу шъуашӀохэр гушӀощтыгъэх, нэкӀыгъэхэр ыгъэкӀэзэзхэу, кӀым шӀэхыщэу зыкъыттырегъэпхъэшыхьэ аӀомэ гъумтӀымыхэзэ, зыкӀэхъопсыхэрэр къадигъэхъунэу елъэӀущтыгъэх.

Зэфэмыдэ щыӀакӀэр непэп къызежьагъэр, неущэп ухыжьыгъэ зыхъущтыри. Джа дэдэр дунаир къызыщыхъугъэм щегъэжьагъэу итыгъэпс мафэмэ, иошъопщэ щынагъомэ, игъогу мыгъомэ, иощх лыегъащэмэ зэрахэлъэу, чӀылъэм зылъ къыщыжъохэрэми, зыӀу щыӀугъуагъэхэми ящыӀэныгъэмэ ахэлъ. Ар щыӀагъ, щыӀэщт. УехъопсагъэкӀи, уешъугъугъэкӀи зэхишӀэщтэп. ЩыӀэныгъэр макӀо – фэхъу зиӀэр къежъукӀы, амалынчъэм Ӏупчъапчъэзэ, чӀыныбэр режъукӀы.

[1] «Атыжъыгъое кӀэир» къызыхаут нэуж, Бенкендорф 1836-рэ илъэсым Пушкиным фигъэпытэу тхылъ фетхы, 1834-рэ илъэсым пачъыхьэм унашъо зэришӀыгъэр ыгу къегъэкӀыжьы: «Дзэм хэтхэм, къэралыгъо ӀофышӀэхэм ялитературнэ тхыгъэхэр, ежьхэм атхыгъэхэри, зэрадзэкӀыгъэхэри, сыд фэдэ илъэсым атхыгъэхэми, департаментхэм япащэхэм, штабхэм, генерал-интендантхэм яӀэшъхьэтетхэм яӀизын хэмылъэу къыхаутынхэу аратынхэ фимытхэу». «Къаз-Джэрые корнетым итхыгъэу дгъэунэфыгъэр сэри сыхэплъэнэу, сиштаб иӀэшъхьэтети зыфигъэнэӀосэнэу пэшӀорыгъэшъэу къытатыгъагъэп…»



Илъэсык Ӏэ пчыхьэр жьыбгъэнчъэ чъыӀэми, Петербург иурамхэр, иунэхэр, игъомылэ-шъоныщэ тучанхэр пщагъом хэмылъэгъожьхэу зэгъокӀых. Сыхьатыр бгъумэ адэжь быяужьын езгъэжьэгъэ къалэм шы чанхэр зыкӀэшӀэгъэ жэтегъэпсыхьагъэхэр, зышъхьэ гъэӀэгъэ кӀымэфэ каретэхэр къыдэтэджагъэх, урам къопэ зэфэшъхьафмэ къакъозэрэхых, Дворцовэ пчэгум елъадэхэшъ, пачъыхьэм и КӀымэфэ Унэшхо икъэлэпчъэ шъхьаӀэ Ӏолъадэх. Ахэмэ къарыкӀхэрэм, щыӀэнығъэм щыряӀэ чӀыпӀэм, ацӀэмэ, ящыгъынмэ, ятэмэтелъмэ ямылъытыгъэу, хъулъфыгъэ-бзылъфыгъэ зэрэгъэщх макъэкӀэ, ос ӀэшкӀэ джэгукӀэ къэлэпчъэ дэхьагъур зэлъаштэ. Яхьэнэ-гъунэ къыщыхъурэм ымыгъапэхэу чъыӀэм хигъэчъыкӀхэри макӀэп. Бзылъфыгъэ зигъусэ хъулъфыгъэмэ яхъопсэрэ Хъан-Джэрые фэдэ шъхьэзакъохэри яжэмэ, якаретэмэ къарэкӀых, зыми зыкъырамыгъэшӀэжьы ашӀоигъоу зэлъынэфыжьрэ Унэшхом зэлъекӀух.

КӀымэфэ Унэшхом иадырабгъукӀэ, Нева псыхъомкӀэ хэлъ Иорданскэ хэгъэгу лыкӀо чӀэхьапӀэри зэгъокӀэп – шъхьэлъытэжь-зыфэсакъыжьыр ӀэкӀыб хэгъэгу цӀыфхэба, ахэмэ нахь къябэкӀы. Ау сыхьат зытӀущкӀэ къихьащт илъэсыкӀэм игушӀогъо-гугъапӀэ ахэми къахэщы.

Хъан-Джэрые изакъоу пачъыхьэм иилъэсыкӀэ бал кӀуагъэми, гукӀэ изэкъо дэдагъэп. Апэрэу зэрымыхьэрэ унэ нэфынэшхом зыщетӀэкӀыфэ, зэрэзэзэгъыгъагъэхэу, Татьяна къэкӀуагъэмэ ыӀуи, нэкӀи, гукӀи зыфиплъыхьагъ. Шхъомчышъо шъхьацым хэжьыхьэу, пакӀэри зэрегъэафэми, пчъэихьагъумкӀэ шъэфэу чӀэплъыщтыгъ. «Къэмысыгъахэмэ, джыдэдэм икъэсыгъу, ятэшым ыкъо подполковникым ешъоныр тӀэкӀу зэрикӀасэр ары нахь, ышыпхъукӀэ шъыпкъагъэ хэлъ» зыщиӀуагъэм, адырэ щыгъын щыхыпӀэмкӀэ цы шхъонтӀэ джэдыгу лъапӀэр зыплӀэӀу рахырэ Наталья Николаевнар ылъэгъугъ, ымышӀэрэ нэбгырэ зытӀущ къызэшӀэкӀыгъэ Пушкиныри, ариӀо шӀагъо щымыӀэу, ишъуз пэмычыжьэу щыт. Пушкиным шӀуфэс рихы шӀоигъуагъ, ау, шъузыр зэригъусэм пае, зиӀэжагъ, къеджагъэми зэригъэплъэкӀыгъ:

– Хъан-Джэрый, зиусхьан нэф,– Александр Сидневскэр ин-инэу, зэрешъуагъэри тӀэкӀу къыхэщэу, къыкӀэрыхьагъ,– нычхьэпэрэпчыхьэм тэ ущыкӀодыгъа, тэ урамым тыкъыщыожэ… МокӀэ забытхэр шампанскэм рэбзаджэх, некӀо, псынкӀэ. А-а, Пушкиныр ара? – Хъан-

Джэрые зыдэплъэрэ лъэныкъомкӀэ Сидневскэри плъагъэ, тӀэкӀу къышӀухэщэуи щхыпцӀыгъэ: – Ишъуз дахэ, Наталья Николаевнар игъус… НекӀо, къытэжэх… НекӀо, Пушкиным ишъхьэгъусэ,– Сидневскэр къеӀушъэшъагъ,– пачъыхьэм къыгъашъо зыхъукӀэ, шӀуфэс етхын, тыдэгущыӀэни тыфифэщт. Муары, барон Геккерен лӀыжъыри имылъфыкъо Дантес игъусэу къэкӀуагъ… Хьа-хьа-хьа!..

– Алекс!.. Александр Рихардович…– Сидневскэ подполковникым ищхыкӀэ Хъан-Джэрые ыдагъэп,– ащ фэдэ мы чӀыпӀэм ищыкӀагъэп. НекӀо, шампанскэмкӀи зыӀаж.

– Ары, ары, сударь, къызгурыӀуагъ. О узэхъумпӀырэ тӀэкӀум сэри сыблэмыкӀынкӀэ усэгъэгугъэ.

Татьяна Константиновнам илъэсыкӀэ пачъыхьэ балым пае аригъэдыгъэ джэнэ фыжь зэпэлыдыжьырэр щыгъ. Пшъэдэлъ шӀуцӀэ пӀуакӀэу зыцыпэхэр тэмэбгъумэ ядзыхыгъэр цокъэ шӀуцӀэ лъэдэкъэ лъагэмэ адекӀу. Бгым нэс ещэкӀыгъэ джанэм нахь Ӏэпс-лъэпс кӀэхъукӀы, джанэр ыхэкӀэ зэрэгъэубэрэпщыгъэр шъхьац гъэкӀэрэкӀэгъэ Ӏэтыгъэм дештэ, шъхьэпхэтыкум хэлъ чычыбжъэ фыжь-шӀуцӀэ лыдыр алэдышъэ тхьакӀумалъэмэ, ащ фэдэ алэдышъэм хэшӀыкӀыгъэ Ӏэлъыным, цокъэ нэӀумэ атес чыӀу хъурэе жъыутэхмэ адештэ.

Джанэр апэрэп, ятӀонэрэп Хъан-Джэрые зилъэгъурэр. Джэнэ дыгъакӀэр унэм къызыщырегъэлъэгъуми, нэр пӀэпихэу щыгъи зыщыгъи укъытырагъэфэнэу дэхагъэх. Ау а мафэм нахьи нычхьапэ Тане нахь дэхагъ, нахь гохьыгъ, зыхэт забыт дышъэ тэмэтелъхэми бзылъфыгъэ ныбжьыкӀэ-хэкӀотагъэми къахэмыщыщтыгъэмэ, ахэкӀуакӀэщтыгъэп.

– Ренэу узэрэдахэм блэкӀэу нычхьапэ удах, усшӀуатыгъункӀэ сыптещыныхьэ…– ТӀо-щэ нахь Хъан-Джэрые зыхэмыхъумпӀэгъэ бжъэр Тане ибжъэ ригъэутэкӀызэ, еӀушъэшъагъ.

– Ори нычхьапэ, сыдигъуи фэдэу, уакъыхэлыдыкӀы…– Татьяни къеӀушъэшъэжьыгъ,– сэркӀэ зыгъэрэхьат, сэщ нахьи о нахь сыптещтыхьэ…– ЕтӀанэ санэм ыгъэфэбэгъэ Ӏупшӏэр ытхьакӀумэ къыӀуилъхьэзэ къыриӀуагъ: – къыздеогъаштэмэ, илъэсыкӀэр къызихьэкӀэ, сыхьат горэм нахьыбэ тахэтыжьыщтэп, адыгэмэ зэрашӀэу, сахэптыгъукӀыни тадэжь сыпщэжьыщт.

– Ар пфэсшӀэн,– Хъан-Джэрыий еӀушъэшъэжьыгъ,– ау ар адыгэ къэщакӀэп… Шъаом къыщэмэ, пшъашъэр иунэ къещэ е пэблагъэ горэм рещалӀэ нахь, ыдэжь ыщэжьэу хабзэп.

– Ащ фэдэ адыгэ лӀыгъэ къызхэбгъэфэгъагъэмэ дэгъугъэ… Ау сыздэпщэн унэ мыщ щыуиӀэп.

– Сыд пай щысимыӀ,– къесэмэркъэужьыгъ,– Петербург къэлэшхом унэ дэзгъотэнба?..

– Ухэукъо, сикӀас, ухэукъо…– Татьянэ джыри тхьагъэпцӀышъокӀэ Хъан-Джэрые къыӀугушӀуагъ, къапэчӀынэтӀэ пхъэнтӀэкӀу шъабэм шампанскэм ешъоу тес Алекси фырeплъэкӀыгъ.– Санкт-Петербурги уикъалэп, Урысыери уихэгъэгоп. Уиуни, уихэгъэгуи, узщыщхэри укъыздикӀыгъэм щыӀэх…

– Татьяна…

– Ары, ары, синыбджэгъу…– Нэплъэгъу фабэкӀэ Татьянэ Хъан-Джэрые ӀугушӀуагъ,– ау ар етӀан, етӀан… Пачъыхьэр къытхэхьащт…

ИлъэсыкӀэ пчыхьэзэхахьэм къекӀолӀагъэхэр, хэти ичӀыпӀэ зыдишӀэжьэу, пачъыхьэм иунагъо игъусэу къызэрыкӀыщт пчъэшхор азфагоу дэпкъ зырызыр даӀыгъэу, утыгу хъоопщаур къагъанэу, зэкӀэкӀуагъэх. Бенкендорф, Чернышев графхэри, хэгъэгум инэмыкӀ цӀыф гъэшӀуагъэхэри, министрэхэри зыбгъукӀэ къызэхэуцуагъэх, адырабгъукӀэ ӀэкӀыб хэгъэгу лӀыкӀохэри къыщызэрэугъоигъэх. Пачъыхьэр къызэрыкӀыщт пчъэм иджабгъукӀэ иӀэ лъэгапӀэм тесмэ яорэд шъаби зэпагъэугъ. Дышъэпс-тыжьыныпс егъэшъогъэ пчъэ фыжьышхоу хъырахъишъэхэр зытешӀыхьагъэхэр къызэӀукӀыгъ, Николай Павлович пачъыхьэр ишъхьагъусэ Александра Федоровнар исэмэгукӀэ къыготэу къэлъэгъуагъ, унэшхом итхэм лъытэнығъэ шъхьащэ ашӀыгъ.

Пачъыхьэм ишъхьагъусэ зегъэтӀысым, вальс къэшъо псынкӀэр къежьагъ, Апэрэ Николай утыгу дэдэм къимыхьапэу къэуцуи, зиплъыхьагъ, анахь къыпэблэгъэ бзылъфыгъэ горэмкӀэ апэрэ къэшъогъур илъэсыкӀэ балым щырихыгъ. Ащ ыуж зым зыр ыуж итэу, тӀурытӀоу зэрэӀыгъхэу зыфэсакъыжьхэзэ, пчэгум зыщагъэчэрэгъоу рагъажьэ. Къэмышъохэрэр куп-купэу зэхэтых, къогъупэмэ акъотых, акъосых, щыгъын шӀуцӀэкӀэ фэпагъэхэу, Ӏэлъэ фыжьхэр зыпылъ хъулъфыгъэ къехьэкӀакӀомэ сэнабжьэхэри псыӀэшӀухэри зэрахьэ. Тхылъыпӏэ зэмышъогъу зэпэлыдыжьхэр къашъорэмэ ашъхьаратӀупщхьэх, зэрэгъэщхых, зэрэгъэчэфых. Мызэу-мытӀоу Танерэ Хъан-Джэрыерэ къызэдэ-

шъуагъэх, джыри мазуркэм ыуж вальс псынкӀэм къыдечэрэгъокӀых, Татьянэ Хъан-Джэрые реӀо:

– Модэ плъэ, пачъыхьэм джыри Наталья Николаевнар къегъашъо… Геккерен лӀыжъми Дантеси анэ ащ тырахырэп… Тэ щыӀ Пушкиныр?..– Е-о-ой, Александр Сергеевич… КъыппаӀухьэрэр шъыпкъа, хьауми пфагъэӀуа?.. Урыс литературэм иакъылышху, урысмэ апсэ закъу, сыдэущтэу ар пфэщыӀэра?..– Татьянэ гукӀэ еӀо, етӀанэ тӀэкӀу тешӀагъэу ылъэгъурэр ымыдэу, Хъан-Джэрые егъаплъэ: – Модэ, Наталья Николаевнар джы Дантес къегъашъо… НекӀо, Хъан-Джэрый, слъэгъунхэ слъэкӀыщтэп, тахэгъэкӀыжь.

– Сэ джыдэдэми уахэстыгъукӀынэу сыхьазыр… Ау илъэсыкӀэ ужыр тӀуагъэба…

– Зиусхьан полковникыр,– къеджэгъэ ротмистрэм Хъан-Джэрые зэригъэплъэкӀыгъ,– зы къэшъогъу дипхынэу императрицэм урегъэблагъэ.

Къашъорэмэ къаунэкӀыгъэ утыгум императрицэр Хъан-Джэрые рищагъ, къашъом хэтэу Александра Федоровнар къеупчӀыгъ:

– Ӏофхэр сыдэу хъура, флигель-адъютант? Уидзэ къулыкъу кӀэзыгъэнчъэу зеохьэба? Загъорэ сыкъыпкӀэупчӀэ, пачъыхьэшхор къыпщэтхъу.

– Тхьэуегъэпсэу, Александра Федоровна. СиӀофхэри дэгъу, сикъулыкъуи зафэу сипачъыхьэшхо ыпашъхьэ щысэхьы.

– Шъуалъэныкъо черкесмэ сыд якъэбар, зиусхьан? – Императрицэм ымэкъэ шъабэ нахь пытагъэ горэ къыхэфагъэу Хъан-Джэрые къыщыхьугъ.

– А лъэныкъом къэбар къысфикӀырэп пӀоми хъущт, Ваше Величество,– Хъан-Джэрые ыгу илъ шъыпкъэр фэӀошъугъэп.– Мыщ щызэхэсхырэмкӀэ, Ӏофхэр щыхьатэкӀэ сыгугъэрэп.

– Ары, полковник, ары, черкесхэр къытфаехэп… КъытпэуцужьыхHrefs…– ТӀэкӀу тешӀагъэу зэригъашӀэ шӀоигъомкӀэ императрицэр къэупчӀагъ: – хэт щыща къэбгъашъощтыгъэ бзылъфыгъэ ныбжьыкӀэр?

– Сидневская-Рябинина графинер ары.

– Ара? Ащ ятэ Константин Мазепович графыр сшӀэщтыгъэ, цӀыф дэгъугъ, мылъкубэ Польшэми мыщи щыриӀагъ. ЗэрэзэхэсхыгъэмкӀэ, ащ илӀ черкес зэуапӀэм ӀукӀодагъ… О сыдэущтэу, полковник, ащ нэӀуасэ уфэхъугъ?



– Татьянэ Константиновнам илӀ ихьадэ Кавказым къырищыжьызэ, Ростов дэжь къэзэкъ купмэ сащиухъумэгъагъ…– Хъан-Джэрые къыӀуагъэр шъыпкъагъэ, ау пцӀыкӀэ къыухыжьыгъ: – джащ щегъэжьагъэу, къысфишӀагъэм ихьатыркӀэ згъэгъуащэрэп, сэгъэблагъэ.

– Ара, полковник…– Императрицэм игущыӀэмэ чъыӀамэр къапихыгъэ фэдэу Хъан-Джэрые къышӀошыгъэми, къызхигъэщыгъэп.– Уилъэпкъэгъу мыдаӀомэ зилӀ къаукӀыгъэм ори уигъэгъуащэрэп… Ари щыӀэныгъ, джарыщтын французмэ «се ля ви» язгъэӀуагъэр…

Хъан-Джэрые императрицэр ичӀыпӀэ зыӀуещэжьым, пачъыхьэм шъхьэщэ гъэшӀуагъэ фишӀи, къызыщыӀукӀыжьыщтым, ыкӀыбкӀэ щызэхихыгъ:

– Уичеркес ныбжьыкӀэ, Николь,– французыбзэкӀэ императрицэм ыӀуагъ,– заулэрэ тибалмэ къащызгъэшъуагъэшъ, акъылырэ Ӏэдэбрэ хэлъ, дахэуи къэшъо, Ӏушэуи мэгущыӀэ.

– Джащ фэдэуи, силъапӀ, тэри къулыкъу тфешӀэ,– пачъыхьэми ифранцузыбзэ кӀэкӀы.

Хъан-Джэрые балым хэтхэр къызэреплъыхэрэр зыдишӀэжьызэ, Бенкендорфи, Чернышевми, министрэ зытӀущхэми шъхьэщэ шӀуфэс арихыгъ, Наталья Николаевна Пушкинари имынэӀосагъэми, илӀ усэкӀошхом ихьатыркӀэ зыхэт бзылъфыгъэ чэфмэ къахигъэщэу лъытэныгъэ шъхьащэ фишӀи, ичӀыпӀэ екӀужьыгъ.

Балым хэтхэр бжъэ хьазырхэмкӀэ зажэщтыгъэхэ илъэсыкӀэр къэсыгъ. Сыхьат тео пшӀыкӀутӀур зэкӀэми къалъытэу рагъэжьагъ, аужырэ теогъум исэнабжъэ къыӀэти, Урысые пачъыхьэм къыӀуагъ:

– Къихьэгъэ 1837-рэ илъэсыкӀэр шъоркӀи Урысые хэгъэгушхомкӀи мафэ тфэхъунэу сышъуфэлъаӀо, сышъуфэгушӀо!

Бжъэ зэгъэутэкӀ-зэфэгушӀо макъэм зипхъотагъ, хэти илъэсыкӀэр мафэ фэхъунэу гукӀи нафэкӀи тхьэ елъэӀу, къащ къехьы, зэмынэӀуасэхэми ӀаплӀ зэращэкӀы, зэбэух, зэрэгъэкуох…

Хъан-Джэрыерэ Татьянэрэ ябжъэхэр зэрагъэутэкӀы, зэӀогушӀох, бзылъфыгъэм къыреӀо:

– Джы зэкӀэри, зэрэшӀи зэрэмышӀи, зэбэухэшъ, сикӀэсэ черкес, ащ фэдэ къысэопэсмэ, хьау сиӀэп…

– Сшыпхъу закъо илъэсыкIэм сыфэмыгушIощтмэ,– ыIомэ, ришъугъэм зэрищэзэ, Сидневскэ Алекс къыIохьэ,– ори ары, Хъан-Джэрый, хэт сызфэгушIощтыр!..

Шампанскэм зышъхьэ ымыгъэунэзагъэ горэ пачъыхьэм иилъэсыкIэ бал хэтыхэмэ, ар Хъан-Джэрый. ШъонымкIэ сыдигъуи зэрэзыфэсакъыжьыщтыгъэу, нычэпи ешъуагъэп, бжъэ къыфашэигъэми, къырагъэутэкIыгъэми, зыхэхъумпIагъэм зэризэу, къезгъэзыщтыгъэ шIагъуи щымыIэу, ыIыгъыгъ.

Уемышъуагъэ зыхъукIэ, бэ олъэгъу, бэ зэхэохы. Нычхьэпэрэ пчыхьэм зызфиплъыхьэщтыгъэр ошIэ-дэмышIэу Хъан-Джэрые ылъэгъугъ: пачъыхьэм нахь пэблэгъаIомэ ахэтэу Пушкиныр ишъуз Наталья Николаевнам готыгъ, янэплъэгъу зэпэшIофагъэти, илъэсыкIэ мафэ утехьаныр къыригъэкIэу бжъэр фиIэтыгъ, итыр зэриунэкIыгъэр ригъэлъэгъугъ, Александр Сергеевичми джа дэдэр къыпигъохыжьыгъ.

– Хъан-Джэрый, слъэгъугъэр гъэшIэгъоны, бжъэ псау ипшъугъа! – Татьянэ къыхэкуукIи, къесэмэркъэужьыгъ: – Тичеркес лIыхъужъ ылъакъо кIиутмэ...

– Пушкинымрэ сэрырэ, Танюша, тыгухэмкIэ бжъэр зэфэтIэтыгъэ, тызэфехъохыгъ, тызэфэгушIуагъ.

– Дэгъоу пшIагъэ, Хъан-Джэрый. Слъэгъугъэмэ, сэри сибжъэ фэсIэтыщтыгъэ. Урыс усэкIошху, ащ фэмышъуашэ щыIэп. Хьаулыеу темыфапхъэхэр раIуалIэ, мышъо-мылхэр фагъэIу...

Къэшъо орэдышъор къыхадзагъ, къэшъощтхэми пчэгум къытезэрэщэхэу аублагъ, Татьяни Хъан-Джэрые къеIушъэшъагъ:

– НекIо, тахэгъэкIыжь.

– УахэстыгъукIынэу пIогъагъи!

– Ары, ары... Ау тIуми зэдедгъаштэзэ, захэттыгъукIыжьыщт...

– Алекс?..– АхэмыкIыжьы зэрэшIоигъо ушъхьагъу лъыхъузэ, Хъан-Джэрые къэупчIагъ.

– Алекс ешIэ. Джыри шампанскэ IэшIукIэ скъошышхо зигъэшъокIыгъэп,– Татьянэ ятэшым ыкъо фэгумахэу щхыпцIыгъэ, етIанэ нэпцэ псыгъо дэдзыягъэкIэ ыгъэшIагъозэ, къеупчIыгъ: – Мыхэр угу пыкIыхэрэба хьауми императрицэм джыри укъыдашъо пшIоигъуа?.. Неущи неущмыкIи,– мэкъэ шъэфкIэ къыухыжьыгъ,– уипачъыхьэ, уи



Бенкендорфи, уи Чернышеви уафифэжьыщт, сятэ зэриIощтыгъэу, уязэщыжьыгъэуи къэплъэгъужьын...

Каретэр Нева Iушъо зыIолъадэм, Татьянэ къаригъэгъэуцугъ:

– НекIо, Хъан-Джэрый, нэпкъым тIэкIу тырегъэкIокI.

– ЧъыIэ улIэнба, Танюша?

– Хьау. СыгукIэ сэтхъэжьы. Нева нэпкъ тызэдытетынэу сыфай!

– Тапэ ишъ,– Хъан-Джэрые шыкуаом риIуагъ.

– КъэошIэжьа, Хъан-Джэрый, мы чIыпIэр? – Татьянэ къызэтеуцуагъ.– Мы пхъэнтIэкIум дэжь апэ тыщызэрэлъэгъугъ... Илъэс тхьапш тешIагъ ащ?.. СигушIуагъуи, сигуузи ахэмэ зыдахыгъ... Джыри мы чIыпIэм тыщызэIукIэжьыгъ, аущтэу хъунэу тынатIэ итхэгъагъэу къычIэкIын... Пытэу, пытэу, сыгу бгъэтакъоу, къысэбэу!

– Таня, Танюша, унэм тэкIожьи...

– Хьау. Мыщ дэжьыми ары, унэми ары!..

## ЯЕНЭРЭШЪХЬ

### I

Псыхъор зыпкъ итми, ынэ къекIыми зыдэчъырэ нэпкъыхэр къэнэжьхэшъ, нахь псыхъошхом е хым хэкIодэжьы. ЦIыф щыIэныгъэри макIо, мачъэ, ыужкIэ щыхъурэм къыфызэплъэкIыжьырэп, къэхъущтым пэплъэ, фыдэгузажъо, ахэр зышIыщтхэри зэзгъэфэщтхэри ежь зэрэфаеу епIух, елэжьых. Ахэр зыфэдэхэр къыщызынэгъэ уахътэм етIанэ зэхерэфыжьых.

Пушкиным ихэгъэгу щырашIагъэр джырэп Урысыем къызыгурыIожьыщтыр. Кавказым щыхъухэри джырэп, етIан къызызэкIэрыожьыщтыхэр. Егъэзыгъэ Iофым насып ригъотылIагъэу зыми къышIэжьрэп.

«Оры адэ, Хъан-Джэрый? – Пачъыхьэ чылэм елбэткIэ зыфырагъэблагъэрэм ыгъапэу, ежь-ежьырэу зэупчIыжьыгъ.– Сыдэущтэу орырэ сэрырэ джы тызэдэхъущт? СишIуи, симыгъуи сыдырэ маф, сыдырэ илъэс, сыдырэ

лІэшІэгъу къызыхэсынэщтыр? ТІумэ язэу тара?.. Илъэс щэкІыри бэп, ау спэкІэкІыгъэмкІэ макІэп. Пачъыхьэм джырэблагъэ, гъэтхэ гузэгу мэзэ блэкІыгъэм уитхыгъэ сигъэрэзагъ, уидзэ къулыкъукІи сыпфэраз къысиІогъагъ... Сыда джы ыдэжь сызфаригъаещэрэр? Къушъхьэ полуэскадроныр сІонти, зэкІэри дэгъу, Абэтэ Бэслъыные къытфищэгъэгъэ кадет шъэожъыехэри чаных, нэутхэх, къызхэхьагъэмэ захагъэзэгъагъ. Сыда етІани? ЗыгорэкІэ Къаз-Джэрыерэ Нэгъумэмрэ арымэ, Бенкендорф графым иІоф къызытхелъхьэ уж, атхырэр зыми фахьыжьырэп, рагъэлъэгъужьырэп. Тхэрэмэ Александр Христофоровичым иІоф зэрахилъхьэрэр тэрэзыІоу хъурэп... Адыгэмэ ящыІэкІэ-псэукІэ, ятарихъ, къарыкІуагъэр, непи неущи къарыкІощтыр къатхыжьынэу тхакІохэр яІэнхэ фае. Карамзин, Жуковскэм, Пушкиным атхыгъэ заулэр...»

Хъан-Джэрые Пушкиным ылъэкъуацІэ къызыреІом, ыгу къыпыузыкІэу игупшысэмэ къахэужьыгъ. Каретэ псынкІэр гъэтхэ кІахэм ипчэдыжь ошІу пхырычъызэ, пачъыхьэ чылэр къегъэблагъэ. Гъэмафэр къызэрелъэкІонырэр чъыг тхьэпэ шхъуантІэхэм, уц къашхъохэм, шъоф къэгъагъэхэм, бзыу быбатэхэм къызэлъаІуатэ, уашъори, нэгу нэф фабэкІэ чІым къыІоплъэми, шъхьэм къилъэдэгъэ гупшысэ псынкІэм кІымафэ чъыІэри, ос хъот зехьэри, Пушкиным итхьамыкІагъо, къэзэрэугъоигъэ цІыфыбэмэ ятхьамыкІагъо, анэпс кІэлъэкІыкІэ Хъан-Джэрые ынэгу къыкІэуцожьыгъ, «уиІоф зыдэщымыІэм щыпшІэн щыІагъэп» ыІуи Бенкендорф къызэрегыигъагъэри щыгъупшэжьырэп.

«Джары, лІагъэр ары нахь,— Хъан-Джэрые хэхьапщыкІыгъ,— къанэрэр щыІэщт цІыфымэ зыкІаІорэр. Пушкиныри щыІэжьэп, Абэтэ Бэслъыныий дунаим ехыжьыгъ... Сэ сымышІэу талъэныкъокІэ цІыф тхьапш бгъуитІумкІи заом щыІукІуадэрэр!.. Фысагъэтхыгъэм, ежь зэриІуагъэу, пачъыхьэр рыразэмэ, силъэпкъэгъухэр нахь шІэхэу къытпэблагъэ зэрэхъущтыр ситхыгъэ ияплІэнэрэшъхьэ кІэух къыщысэгъэлъагъо, ар зэрэбгъэпсыщт шыкІэри, къыздырагъэштэщтмэ, апашъхьэ ислъхьагъ. АрынкІи мэхъу пачъыхьэм сызфыригъэблагъэри. СшІэрэп нэмыкІми... Мо пачъыхьэшхом ышъхьэ илъыр сэ сыдым сигъэшІэн...»

Шы плІырыплІ зыкІэшІэгъэ каретэ гъэІэгъэ шІуцІитІу зэуж-зэлъычъэу Хъан-Джэрые зэрысыр бгъукІэ дагъэхэу блэлъэтыгъ.



— Апэрэ каретэр Бенкендорф графым ий,— шыкуаом къыІуагъ,— ятІонэрэр синэІуасэ фэд, ау зиер сшІэрэп. Каретэ пытэ шІагъох, шыхэри нахь дэгъужьых.

Сапэр зэтІысыжьым, Хъан-Джэрые къыушыхьатыжьыгъ:

— Аужырэр сэ сэшІэ, Чернышев графым икарет.

«Ахэри пачъыхьэм ригъэблэгъагъэх,— Хъан-Джэрые ыІуагъ, зыщыщ ымышІэрэ щтэуІугъэ шъэф горэми ыбгъэгу зыкъыдидзагъ.— Мыхъун горэ хэгъэгум къихъухьагъэми сшІэрэп... Сыд къихъухьащтыр? СшІэрэп ныІа, замышІэжьэу зэрэфых... ТхьамыкІагъо горэм ымыфыщтыгъэхэмэ, Александр Христофоровичыр къэуцущтыгъэ, сыриІофышІ, къэуцугъагъэми зи щышІыныгъэп... Каретэм сыкъырищымэ ежь ием сыригъэтІысхьэу Іэджыри къыхэкІыгъ... Чернышев графым... Ары шъхьакІэ, ахэмэ ялъытыгъэмэ, сэ хэт сыщыщ...»

— Еужьыр! — Шыкуаом еджагъ.— Мохэмэ зыкъыщямыгъан.

Маим и 25-рэ, 1837-рэ илъэс.

Урысые пачъыхьашхом иунэ гуІэтыпІэ, ежь зэрахэтэу, нэбгырипл І щызэхэс: Бенкендорф графыр, Чернышев графыр, СултІан Хъан-Джэрый.

— Садэжь шъукъызфезгъэблэгъэгъэ Іофым ыпэкІэ,— Апэрэ Николай пачъыхьэм Бенкендорфырэ Чернышевымрэ ариІуагъ,— къыздежъугъэштэщтмэ, Александр Христофорович, Александр Иванович, сыгу пыкІэу, сырыразэу, зы шІу сшІэ сшІоигъу. СишІушІагъэ зэспэсыщтыр, зиусхьанхэр, непэ шъуапашъхьэ къыщезгъэблэгъэгъэ Хъан-Джэрый, щытхъур зыпылъ си Кавказ-Къушъхьэ полуэскадрон ипэщэ СултІан зиусхьанэу, сифлигель-адъютант ары.

Хъан-Джэрые пкъы псыгъо пытэкІэ къызщылъэтыгъ, ынэ чанхэр къэлыдыгъэх, зырищыгъ:

— Урысые пачъыхьагъуишхом и Император нэф!

— Ары, ары, полковник,— лъэтемытэу зыкъэзыпхъотэгъэ забытыр зэрэзекІуагъэр игуапэу, пачъыхьэм къыІуагъ,— тхьэуегъэпсэу, сицыхьэ къыптелъ, утІысыжьынэу фит усэшІы.

«Пачъыхьэм игущыІэ шъабэ ышІошъ хъоу мытІысыжьыгъагъот мыр...» — Бенкендорф графым ыІуагъ.

«Тидзэмэ къапэуцужьрэ черкес Іэлмэ ащыщ флигель-адъютант къичъыгъакІэм ащ фэдизэу сыда хилъэгъуа-

гъэр!..– Чернышев дзэ министрэм зэхихыгъэмрэ ылъэгъугъэмрэ ыгу тефагъэп.– Іизын къысэт къодыий, сэ ахэр пфызэхэзгъэтэкъощтых! Вельяминовым ыІорэр тэрэз: «Ахэмэ цыхьэ афэпшІыныри уилІэныгъэ чыжьэ уепэсэкІынри зэфэдэ…»

– Зэгорэм къызэрэшъосІогъагъэу, зиусхьанхэр,– пачъыхьэм игущыІэ къыпидзэжьыгъ,– Хъан-Джэрые итхыгъэ теджагъ, тыгу еІугъ, черкес дунаим Іоф зэфэшъхьафхэмкІэ тыщигъэгъозагъ, адыгэ шъолъырыр егъашІэм тшІэщтыгъэ фэдэу, тынэгу къыкІигъэуцуагъ, тызэрэщыгугъыгъэу къычІэкІыжьыгъ. Ащ фэдэ ІофшІагъэм хэгъэгу бгъэхэлъ тын лъапІэу тиІэмэ ащыщ фэбгъэшъуашэми тефэ, зыуж тихьэгъэ Іофыр тызэрэфаеу ухыгъэ хъумэ, ар зыщетпэсыщт мафэри тапэкІэ къэт. Ау сэ джыдэдэм сифлигель-адъютант иІофшІагъэ сшъхьэкІэ сешІушІэ сшІоигъу,– пачъыхьашхор къызэтэджым, Хъан-Джэрые зызэришІыгъагъэм къыщамыгъакІэу, Бенкендорфи Чернышевыми япхъэнтІэкІумэ закъытырапхъотыгъ.– Мы дышъэ Іэлъыныр сифлигель-адъютант нэпэеплъэу есэты, Александра Федоровна императрицэми тхьэуегъэпсэу къыуеІо, Хъан-Джэрый. Къаштэ, полковник, пІэхъомбэ гурыт, сэр-сэрэу къыпфислъхьащт. Уитэмэтелъхэми уифлигель-адъютант аксельбанти, убгъэ хэлъ хэгъэгу тын лъапІэхэми ар адекІунэу сэгугъэ.

– Тхьэуегъэпсэу, урысые пачъыхьэгъушхом и Император нэф,– мышкІу лъапІэ зэпэлыдыжьхэр къызытещырэ дышъэ Іэлъыныр зыпылъ Іэр едзыхыжьыгъэу шъхьэщэгъэшІо еуфэхыгъэкІэ Хъан-Джэрые къыІуагъ,– къулыкъу зэрэпфасшІэрэм ренэу сыкІэгушІу!

– Джы, зиусхьанхэр, шъукъэтІысыжь,– Апэрэ Николай ышІагъэм кІэгушІущтыгъэми, ынэ шхъуантІэмэ ежь зыдимышІэжьырэ чъыІамэр къакІихыщтыгъ,– шъукъызфэсщагъэм иІоф тытегущыІэн. Ау ащ ыпэкІэ зытесыубытагъэм шъуущызгъэгъозэн. Мыбжыхьэ блэмыкІэу Кавказым сыкІощт. Тиурыс Іофхэр ащ зэрэщыхъухэрэм сшъхьэкІэ защызгъэгъуазэ сшІоигъу. Аужырэ илъэс заулэм Темыр Кавказым къихъухьэрэмэ сагъэгумэкІы. Чэчэныр, Дагъыстан тІозэ, адыгэ шъолъырым тиІофхэр тызэрэмыгугъагъэу къыщикІыхэрэп. Зэо блэкІыгъэм Тыркуем тыщытекІуагъ, хы ШІуцІэ Іушъомкіи нэмыкІ чІыпІэхэмкІи къедгъэуцолІагъ тІозэ, Инджылызыр гъусэ ышІыгъэу, такІыбыкІэ Іоф шъэфыхэр щызэрахьэх, зытІо-зыщэ тягыигъ, афэдгъэпытагъ, етІани тагъапцІэ. ТиІэкІыб хэгъэгу Іофхэр Тыркуем имызакъоу европэ хэгъэгухэми нахь ащигъэпытэнэу ахэмэ апылъ симинистрэ унашъо фэсшІыгъ, анахь зыгу къытфэмышІу Францием зыцІэ къесІогъэ хэгъэгумэ агомыхьаным пае Іоф дашІэнэу фэзгъэпытагъ. Тифлис сыкІо зыхъукІэ, хы ШІуцІэ черкесмэ сахэхьан сихьисап, къызызгъэзэжькІэ, ВладикавказкІэ сырекІокІынышъ, къокІыпІэ лъэныкъомкІэ щыІэхэр къызэзгъэлъэгъущтых. Сигухэлъ къыздэхъуным фэшІ, Хъан-Джэрые черкес зиусхьаныр, сифлигель-адъютант, зипэщэщт лІыкІом мэхьанэшхо есэты. Ащ иІофшІагъэ черкесмэ анэІу талъэныкъокІэ къызэрагъэзэщт шІыкІэр елъытыгъэщт. УрысыемкІэ зыгу щыІэхэу ащ исхэр макІэп, Тыркуер джы къызнэсыгъэм зыщымыгъупшэхэри имысхэуи арэп. Хъан-Джэрые ишІошІыкІэ, зэкІэми анахь щынагъор заор нахь зэкІэзгъэблэщтыр, нахь лъызгъэкІотэщтыр, черкесмэ анахьыбэр Тыркуеми Урысыеми зэрафэмыер ары. ТыкъедэІу, Александр Христофорович, адыгэ шъолъырым пІофытэщт лІыкІомэ япшъэрылъыщтым.

– Кавказым, анахьэу Темыр Кавказым, нахь благъэу укъекІуалІэмэ, КъохьэпІэ Кавказым щытиІэ пшъэрылъымэ, урысые пачъыхьагъушхом и Император,– мыгузажъоу, гущыІэ шъырыт гъэтІылъыгъэкІэ Бенкендорф графым къыригъэжьагъ,– джыри зэ дэгъоу тащыбгъэгъозагъ, тихэгъэгу Іофхэр а лъэныкъом щылъыгъэкІотэгъэнхэмкІэ ишІуагъэ къытэкІыщт. Хэгъэгу ІэкІыб Іофмэ апылъ министерствэм, джа къызэрэпІуагъэу, иІофшІэн Европэм, КъокІыпІэ БлагъэмкІэ нахь щигъэчанмэ, ІэпыІэгъу къафэмыхъухэмэ, Чэчэн-Дагъыстаным нахьи къохьэпІэ черкесхэр нахь дгъэІэсэнхэ, мыхъу зыщыхъурэм, ІашэкІэ къедгъэуцолІэнхэ тлъэкІыщт, ау аужырэм тынэмысыгъэмэ нахьышІугъ. Адыгэ шъолъырым щытиІэ къэбар мыдэймэ япэсыгъэу СултІан Хъан-Джэрые зипэщэ шъэф лІыкІор дгъэнэфагъэ. ЯщыкІэгъэщтыр зэкІэ афэдгъэхьазырыгъ. Ежьыри игъусэщтхэри адыгэ шъолъырым зэрэщызекІощтхэри, щалъэгъущт къиныгъом щыкІэкІыжьэу, къызфагъэфедэщтхэри къызфамыгъэфедэщтхэри къыдэтлъытэхэзэ, уадыжь тыкъычІэхьаным ыпэкІэ тытегущыІагъ. Ежьмэ ашъхьэкІэ агъэкІодыщт ахъщэм фэшъхьафэу сомэ мин щэкІэу зыдырахьыжьэщтыри хьазыр. НэмыкІ Іофхэри тизэІукІэгъу къыщытэджхэмэ, ахэмэ тадэлэжьэнэу мэфэ зытІущ джыри тиІ.

– Ахъщэр ор-орэу зэрэзебгъэкIощтымкIэ, зиусхьан,– пачъыхьэм Хъан-Джэрые къыриIуагъ,– Iизын къыотэты, ушъхьамыс, уицыхьэ зытелъи, зытемылъи шIухьафтынхэр афэшI, ищыкIагъэу олъэгъумэ, ахъщэкIэ ят, имыщыкIагъэмэ, афэщэф, кIэгъэгушIух. ТцIэ къызщыхэбгъэщыщтыри къызщыхэмыгъэщыщтыри о нахь пшIэн. Урысые пачъыхьэм узэризабытыр уушъэфын плъэкIыщтэп, къыоупчIырэм уиIоф зытетыр, уикъушъхьэ полуэскадрон хэтхэм ящыIэкIэ-псэукIэ афэIуат, кадет ныбжьыкIэхэр мыщ зэрэщедгъаджэхэрэми щыгъэгъуазэх. Ау узэрэчеркесыр, узэрялъэпкъыр уапэ игъэшъ, тэ тыпщыгъупшэми, уитхыгъэ къызэрэщыхэбгъэщэу, о зыщымыгъэгъупш, шъхьаихыгъэкIэ къыпфэмыIошъугъэми, ащ къыкъонэнхэ зэралъэкIыщтыр, мамыр псэукIэ зэрэтищыкIагъэр, ащ нахьырэ гухэлъ зэрэтимыIэр агурыгъаIу. Iоф дэгъу зышъушIэгъэ уж сыкъышъухахьэмэ, яшъуIуагъэр сэ сигущыIэхэми къаушыхьатыжьыщт, нахь чыжьаIоуи згъэплъэщтых, згъэгупшысэщтых. ЗыгорэкIэ къыуатыгъэ ахъщэр пфимыкъумэ, ащ фэдэ IофкIэ Урысыер зэрэмытхьамыкIэр зыщымыгъэгъупш. ТыкъэдаIо, Александр Христофорович.

– Къыбдетэгъаштэ, Урысые хэгъэгум ипачъыхьашху. Хъан-Джэрые черкес зиусхьаными,– Бенкендорф графым игуапэу къыIуагъ,– ащ ынаIэ тырерэдз, уицыхьэ щэч хэлъэп. Инджылызым адыгэ шъолъырым къыритIупщхьэгъэ эмиссархэу щэфэкIо нэпцI Джеймс-Станислав Беллрэ «Морнинг кроникл» гъэзетым иIофышIэ Джон Лонгвортрэ ятхьагъэпцI зекIуакIэ черкесхэр зэрапэдгъэуцужьыщт шIыкIэми, ащ пае шIэгъэн фаехэми Хъан-Джэрые полковникри ащыгъуаз. Флигель-адъютантым фэшъхьафэу адыгэ шъолъырым дгъэкIорэ лIыкIохэр мыщ фэдэх, типачъыхьэшхо нэф: ротмистрэхэу Пэдысэ Мэмэт-Джэрый, Тыгъэнэ Аслъанбэч, ШэрэлIыкъо юнкерыр, Къудайнэт Iэшэзехьэр, лIыкIом ипащэ Вревскэ ротмистрэр годзэгъэщт. Екатеринодар зынэсхэкIэ, Мыгурэкъо Пщыкъуй штабс-ротмистрэм ишIуагъэ къаригъэкIынэу тыщэгугъы. Черномор къэзэкъыдзэм инаказнэ атаманэу Завадовскэр къадэIэпыIэнэу тхылъ фэзгъэхьыгъ.

– Джы о тыкъыодэIу, Александр Иванович,– пачъыхьэм Чернышев графым зыфигъэзагъ,– мы IофымкIэ пшIагъэм тыщыгъэгъуаз.

– Тызэмыгупшысагъэ къэдгъэнагъэп ти Императорышху. ТилIыкIомэ IэпыIэгъу къафэхъунхэу Тифлиси, Ставрополи, Екатеринодари шъэф тхыгъэхэр афэзгъэхьыгъэх. Вельяминов генералым сшъхьэкIэ сыфэтхагъ, тигухэлъ зыфэдэри гурызгъэIуагъ. Вельяминов генералымрэ Хъан- Джэрые флигель-адъютантымрэ зыгорэкIэ зэIумыкIагъэхэми, зэрэшIэх. Хъан-Джэрые итхыгъэ уишIэ хэлъэу гъэрекIо гъатхэ фэзгъэхьыгъагъ, еджагъ...[1] ЗэIукIэхэмэ гущыIэ зэфагъотынэу, яIоф зэдагъэцэкIэнэу сэгугъэ. Павел Александрович Вревскэ ротмистрэм уицыхьэ тебгъэлъынэу щыт, зэрэсиадъютантыр арэп, ти Император нэф, лIыгъэрэ шъыпкъагъэрэ зыкIэрыпхын дзэлI.– Чернышевым игущыIэ къызщиухыщтым, ыIупшIакIэмэ щхыпс тIэкIу арычъагъ,– ежь Хъан-Джэрые зиусхьанымрэ Вревскэ баронымрэ зызэрэшIэхэрэр непэп, перс, тыркуе заохэм, Польшэ лъэныкъом къащыублагъ.

[1] Филипсон игукъэкIыжьхэу «Русский архив» зыцIэ журналым 1883-рэ илъэсым къыхиутыгъагъэм къыщеIо: «Гъубдж мафэхэм ащ фэсхьыщтыгъэ къэбархэр сыдигъуи кIэкIыгъэх, ау зэ фэсхьыгъэ къэбархэр зыдэлъ портфелыр сIыгъэу икабинет сызехьэм, ыIэхэр ышъхьэ кIэлъэу, зэришэнэу, кIыбыкIэ пхъэпIэкIорым телъыгъэти, къэтэджыфэ такъикъ заулэ сежагъ. Къызэтэджыжьым, шъэбагъэ хэмылъэу къысфычIэплъи, къыIуагъ: «Джы уимафэп, силъапI». Непэ зэрэгъубджыр еIогъу симыфэзэ, А. А. Вельяминовыр адырэ унэм чIэкIыгъ, пхъэзэпых макъэхэр зэхэсхыгъэ. Адъютантхэм яунэ тIэкIурэ сыщежи, Вельяминовыр икабинет къызехьажьым, джыри ыдэжь сихьагъ. Загъорэ сIыгъым къыфычIэплъызэ, ащ джэхэшъогур рикIукIыщтыгъ, нэужым фэмыщыIэжьэу, зэримыгуапэри къыхэщэу, къэупчIагъ: «Сыда сэIо непэ, силъапI, мырэу бэ къызыкIысфэпхьыгъэр?» Джащыгъум сыкъэпсынкIагъ ныIэп. «Ар, зиусхьан лъапI, Кавказыр штэгъэным итедзэгъоу флигель-адъютантэу, полковникэу Хъан-Джэрые зэхигъэуцуагъэр ары, зэфэхьысыжь фэпшIынэу дзэ министрэм къыфигъэхьыгъ». «А, Iорыжъор пкIэнчъ! КъэгъэтIылъ, силъапI, сыхэплъэщт». Зыщытхэрэм ичIыпIэмэ ащыщ горэм теслъхьагъ, етIанэ илъэсым къехъу ащ телъэу сапэр нахь Iужъу техъухьэу слъэгъущтыгъ. Джаущтэу а тедзэгъум ежь олIэфэ хэплъагъэп».

Филипсон къызэритхыжьырэм Iофыр тетыгъэп, апрелым и 14-м 1836-рэ илъэсым А. А. Вельяминовым джэуап кIэкI дзэ министрэу Чернышев графым фитхыжьыгъагъ: «О, зиусхьан нэфын, унашъо къызэрэпшIыгъэу, кавказ къушъхьэчIэсхэм афэгъэхьыгъэу, ахэр зэрэдгъэIорышIэщтхэм хабзэ хэлъхьэгъэным ехьылIагъэу Хъан-Джэрые ишIошIыхэу къытхыгъэхэм сызэряплъырэр мартым и 3-м кIэкIэу зэхэзгъэуцуагъ... ЗэкIэ хэукъоныгъэхэм ацIэ къесIоным охътабэ ищыкIагъ, федэшхуи къыхьыщтэп, ащ пае итхыгъэхэм ащыщ Iахьэу черкес лъэпкъыр теIэсэкIызэ лъыгъачъэ тыхэмыхьэу хэгъэгу цIыф мамыр зэрэтшIыщтхэм, ащ амалэу, шIыкIэу фэхъущтхэм афэгъэхьыгъэу ежь ишIошIыхэр къызыщиIорэр ары ныIэп сыкъызыщыуцугъэр». (ЦГВИА, ф. 38, оп. 30/286, д. 149, л. 2, 1836).

— Ащ фэдэ зэнэIосэныгъэм уехъопсэн плъэкIыщт,— пачъыхьэм ынэхэр чъыIагъэхэми, ымакъэ фэбэгъэ-шъэбагъэр къыхэщыгъ,— ахэр ныбжьыкIэх. Урысые хэгъэгум, тапашъхьэ зыкъыщагъэлъэгъонэу гъэшIэ псау къапыщылъ. Ащыгъум, Тхьэм ишIэрэ инэшIурэ хэлъэу, тинепэрэ Iоф джащ щытыухын. Гъогумаф, зиусхьан,— пачъыхьэр къызэтэджым, щыми зыкъаIэтыгъ,— тигухэлъ-гугъапIэхэр Тхьэм псынкIэ къытфешIых, мазэ къэс шъуикъэбармэ сащыжъугъэгъуаз.

Урысые пачъыхьагъушхом Хъан-Джэрые ыпшъэ къырилъхьагъэр зэрэIоф къыныр блэкIыгъэ мэфэ заулэмэ ауж, гъогу зыщытехьащт пчыхьэр ары, къызыгурыIуагъэр. Аущтэу зэгорэм зэрэхъущтыр зыдимышIэу арыгъэп, ащ тегупшысыкIызэ зызэрэшъхьащигъэкIыщтыр Татьянэ Сидневскэ-Рябининам дэжь къыщызэкIэрыожьыгъ.

Шъэф лIыкIор гъогу зэрэтехьащтыр ежьырырэ Вревскэ баронымрэ фэшъхьафэу хэгъэгу лIышхуищмэ анэмыкI ышIэщтыгъэп. Вревскэм, Чернышев графым къыримыIуагъэмэ, Хъан-Джэрые ыжэ фигъэзэу дэгущыIэгъагъэп, мощ фэдиз илъэс пчъагъэм инэIуасэм цыхьэ фимышIыкIэ арыгъэп — ежь ыпкъ къикIэу министрэм ицIыф гущыIэгъу ышIы шIоигъуагъэп. Кавказ гъогур чыжьэ, Петербург зэранэкIэу, язакъоу къызэфанэхэмэ, гущыIэ къызэфагъотын. «Хэт ышIэра, Чернышев графыр Бенкендорф графым егуаозэ, ахэр сэ зысшIэрэм шегъэжьагъэу а зы Iофыгъом егъэгумэкIхэми, зэIогушIохэми, къызхамыгъэщэу зэпыщытых, къыткIэкIигъэтIысхьэгъэнкIи пшIэнэп…»

— Хъан, сыдэу нычхьапэ учэфынчъ? — Татьянэ къеупчIыгъ.— Зыгорэм уегъэгумэкIа?

— Хьау, зэкIэри дэгъу.

— Шъыпкъэ къысапIорэп, Хъан-Джэрый… Унэшхъэй…

— Неущ гъогу сытехьэ, Танюша…

— Тыда уздакIорэр?! — Татьянэ щтэгъэ нэгукIэ къыIуплъагъ, къэбар гомыIум ежэщтыгъэ пIонэу, ынэмэ нэпсыр къакIэтэкъугъ, къыхэкуукIыгъ: — Кавказым, черкесмэ адэжь уагъакIомэ шIэ?..— ЗыгъэгумэкIыщтыгъэр къышIудэлъэтыгъ.

— Бэрэ сыкъэтыщтэп, Танюша… Мазэ-мэзитIу горэмкIэ къэзгъэзэжьыщт…— Бжыхьэ нэс, пачъыхьэр къэкIофэ, адыгэ шъолъырым зэритыщтыр гъын-гъыпсэу ыбгъэ зыкъычIэзыдзэгъэ Тане шIуиушъэфыгъ.

— УзгъэкIощтэп… УстIупщыщтэп…

— Таня, Танюша, тадэжьи сыздэкIожьырэр…

— Хьау, хьау, шъуадэжьэп!.. Ащ зао щэкIо… Уичеркесмэ уаукIыжьыщт…— Зэгорэм илIыгъэмкIэ Татьянэ къехъулIэгъагъэри, джы зытенэгуикIыри ыгъаезэ, ытэмэ псыгъо-пIуакIэмэ зыкъапхъуатэу рагъэжьагъ…

## II

Урысые пачъыхьэм илIыкIохэр мэфэ пшIыкIутфэ гъогу зытетхэ уж, Тамань дэжь хы МыутIэм щызэпырыкIхи, щэджэгъопэ гъэмэфэнэстырым, июным и 14-м, Екатеринодар нэсыгъэх.

Гъогум къытекIыгъэмэ яфэIо-фашIэмэ хьакIэщым зыщырагъэукIыхьагъэп, щэджэгъуашхэм кIыхьэ зырамыгъэшIэу, агъэнэфэгъэ уахътэм, сыхьатыр тIум ехъулIэхэу, Хъан-Джэрыерэ Вревскэмрэ Черномор къэзэкъыдзэм иатаман Завадовскэм дэжь кIуагъэх.

Петербург хьакIэхэу зажэщтыгъэхэр пчъаблэм зэрэдилъагъохэу, зилIыкIохэ пачъыхьэм фишIырэ шъхьэкIафэр къыхэщэу, Завадовскэ къэзэкъ атаманыр пшъэ кIыхьэ нэкIу джашъоу, пэкIэ псыгъо нэтIэ шъуамбгъоу, пкъы ищыгъэ зэкIукIэ къызщытэджыкIыгъ, ынэ Iушмэ игумэкI тIэкIуи къачIэщэу шIуфэс къапигъохыгъ:

— Шъуфэсапщи, зиусхьанхэр. Тыгъуаси, непи тышъожагъ. Сыдэу гъогум шъутехъухьагъ? Шъуфыхэтхыгъэ хьакIэщым шъугу еIугъэба? Шъуионэшхэри, шъуикаретэхэри, шъукъэзыухъумэщт къэзэкъхэри къызыщышъуIорэм хьазырых. Къытфатхыгъэм елъытыгъэу тыпсэугъ, тапэкIэ шъуищыкIагъэ щыIэмэ къашъуIо, зи къызтедгъэнэщтэп. Типачъыхьэшхо шIоигъор зы щэрэчкIи тыдэмыхэу дгъэцэкIэщт. Уифлигель-адъютантыцIэкIи сыпфэгушIо, Хъан-Джэрый.

«Сыдэу бэ къыIора, дзэм тызызэдыхэтым мыщ фэдагъэп…» — Хъан-Джэрые гукIэ щхыпцIыгъэ, ау джэуап кIэкI ритыжьыгъ:

— Тхьэуегъэпсэу, атаман. ЗэкIэ дэгъу. Къэзэкъ ухъумакIохэр тищыкIагъэгоп. Ау, типачъыхьэшхо ишIэ хэлъэу, Мыгурэкъо Пщыкъуй подполковникыр гъусэ къытфэпшIыщт.

– Къызыщыпlорэ мафэм ари хьазырыщт, Урысые Императорым ифлигель-адъютант,– Завадовскэм джы игущыlэ зыримыгъэукlыхьэу, зыфэсакъыжьзэ, къыlуагъ.

– Непэ къыосlогъахэкlэ лъытэ, Николай Степанович,– нахь шъэбагъэ ымакъэ хэлъэу Хъан-Джэрые къыухыжьыгъ.

– Мыгурэкъо подполковникыр Абын щыl, джыдэдэм лъызгъэкlонхэшъ, неущ пчэдыжь мыщ къязгъэщэжьыщт.

– Лъыгъакlох, ау къямыгъэщэжь,– зи къэзымыlощтыгъэ Вревскэр къахэгущыlагъ,– тэ а лъэныкъом тхьэмафэ горэкlэ тыкlощтышъ, къыщытэжэнэу фэlопщ.

– Дэгъу, урысыдзэм иминистрэ иадъютант, фэсlопщын.

– Тхьэмафэр чыжьаlо, Павел Александрович,– Хъан-Джэрые къафагъэуцугъэ уахътэр зыlэкlимыгъэкlы зэрэшlоигъоу къыlуагъ,– мафэ нахь тетымыгъашlэу гъогу тытехьагъэмэ дэгъугъэ. Вельяминов генералым, Александр Александровичым, зыlутымыгъакlэ хъущтэп. Тиурысые lофхэр адыгэ шъолъырым зэрэщыхъурэм, идэгъуи идэий тшlэн фаешъ, тащыгъэгъуаз, Николай Степанович. Тыкъыодэlу.

«Сыдэу къызжэхэхьапэра сэlо тыгъосэрэ черкесыр...– Завадовскэ атаманым гукlэ зишхыжьызэ, ыlуагъ, ау ыпашъхьэ иситlумэ ыпшъэ къыралъхьагъэр зыпкъ къикlыгъэр ешlэти, къызхигъэщыгъэп.– Вревскэ ротмистрэм хэфэкlаеу зыкъегъэлъагъо, черкесым дырегъаштэ, теплъыни ахэмэ уаlэкlэфэгъагъэмэ... Тиlофмэ тащыгъэгъуаз еlо... Тиlофхэр шъуалъэныкъо щыдэгъугъэмэ, шъукъаlофытэщтыгъа? Санкт-Петербургэп мыр. Теплъын шъуфэшlэщтым... Етlани хьакlэщым къыщыуцугъ нахь, Пшызэ узэпырыплъымэ, ичылэ къэлъагъо, сиlахьылмэ сахэхьан, сыд якъэбар ыlорэп, сыдигу мыщ иlэр...»

– Сыушъэфырэп, зиусхьанхэр, зытетыр къышъоlсlон. Тэ тызэрэгугъагъэу, тызэрэфаеу тиурыс lофхэр адыгэ шъолъырым щыхъурэп. Къэбэртэе, Бэслъыные къэбармэ сащыгъозэ дэдэп, Ставрополь шъукlомэ къышъуаlон. Талъэныкъо тиlофхэр щыхьатэхэп. Шапсыгъэхэмрэ нэтыхъуаехэмрэ зашlэжьырэп. Занэкъо Сэфэрбый Тыркуем къекlыжьыфэ аlозэ заlэжэгъагъ шъхьакlэ, Урысыем иlоф хэлъэу къырамыгъэкlыжьэу къэбарыр къызахетlупщхьэм, якъамэхэр къырахыпагъэх. Ахэмэ убыххэри абдзахэхэри къагуахьэхэу рагъажьэ, къушъхьэчlэс хьакlуцухэр ары нэмыlэмэ, уцухэрэп. Ащ фэдэ лъыгъэчъэ зэпэуцужьмэ сэри сшъхьэкlэ мызэу-мытlоу сахэлэжьагъ, зымафэ Вельяминовым иадъютант иобер-квартирмейстрэ Григорий Иванович Филипсон садэжь щыlагъ, зэхэопlэ lэджми ягугъу къысфишlыгъ.

– Адыгэ шъолъырым къихъухьэрэм сыда тызэреджэщтыр? – Хъан-Джэрые къэзэкъ атаманыр зэпигъэугъ, нэмыкl упчlэ зэхэугуфыкlыгъи къытыгъ: – Зауа, хьауми зэпэуцужь зэхауа?

– Сыд пае, зиусхьанхэр, шъушlосыушъэфын, лъыгъэчъэ зао щэкlо, шъори ар шъумышlэу щытэпщтын, ау черкес мыдаlомэ ащыщхэр къытпэуцужьхэшъ, сыд пае тэр-тэрэу дунаим зыщытlотэжьын, зэпэуцужь-зэхаокlэ теджэ...– Зышъхьэ къисхыгъэр ыгу римыхьыщтми сшlэрэп мыщ, атаманыр гукlэ къызэкlэщтэжьыгъ.

– Зэрэчеркес лъэпкъэу къытпэуцужьыгъагъэмэ, тыфай-тыфэмыеми, заокlэ теджэни...– Хъан-Джэрые къызыкlэупчlагъэр гущыlэ гъэнэфагъэкlэ, ыгу илъыр къыбгурымыlонэу, къыухыжьыгъ: – Шапсыгъэ-нэтыхъуаехэр адыгэ шъолъыр закъокlэ плъытэхэ хъущтэп.

– Ары, ары, Хъан-Джэрый, о шъыпкъэм нахь упэблагъ,– Завадовскэми къыдыригъэштагъ.– Бжъэдыгъухэр мамырых, кlэмгуехэми мэхъошхэми заlажэ, абдзахэхэри, убыхыхэри загъорэ къызыбгырэухэми, къэхъущтым пэплъэх.

– Аущтэу зэрэщытхэр тэркlэ нахьышlу,– Вревскэм къыlуагъ,– урыс-черкес зэпэуцужьымэ зятымыгъэушъомбгъуным пай тэри мыщ тыкъызфагъэкlуагъэр. Типачъыхьэшхо игухэлъышlухэр, имамыр зэдэпсэукlэ адыгэ лъэпкъымэ афэтlотэнэу лlыкlо такъыфишlыгъ, джа шапсыгъэ- нэтыхъое мымамырхэми гухэлъышlукlэ тахэхьащт, тадэгущыlэщт.

– Тызыфызэхашlыкlын lофыгъохэри типачъыхьэшхо ыцlэкlэ апашъхьэ итлъхьащт,– Хъан-Джэрыий lэпыlэгъу къыфашlыгъэм игущыlэмэ ахигъэхъожьыгъ.

«Дэгъу шъукъызэхашlыкlыщтымэ,– Завадовскэр, игухьэгужъыгъэ нахь макlэу, гукlэ щхыпцlыгъэ,– ау сыгугъэрэп...»

– Зиусхьан забытхэр, сыд мыщ тызфыщысыр,– Завадовскэр пкъы ищыгъэ пытэкlэ, итэмэтелъхэмрэ, ыбгъэ хэлъ хэгъэгу тын лъапlэхэмрэ ихьазырыпсхэмрэ зэпэжъыужьхэу, исэшхуи, къами, кlэрахъуи гогъэпкlэжьы-

гъэхэу, ин-инэу къызщытэджыкIыгъ,– модырэ унэм тычIэжъугъахь, Iанэр къытэжэ, къэзэкъыбжъэ шIуфэс гори зэпэдгъохын, тигущыIи щыпыддзэжьын.

Вревскэр Хъан-Джэрые еплъыгъ, адырэм итыжьын сыхьат зызэдегъэпкIым, «тызэрэзэгъыгъагъэр пщыгъупшэжьыгъа, уахътэ тиIэп» къыригъэкIэу шъхьэ къыфишIыгъ, мэкъэмэ псыгъоу сыхьатым къыдэIукIырэр унэм щызэбгырытэкъугъ.

– Ары, ары, уахътэ уиIэп, къызгурыIуагъ,– Вревскэм Хъан-Джэрые риIуагъ, зэдэгущыIэфэхэкIэ, чылэ кIожь Iофыр къызхимыгъэщэу зэрэфэщыIагъэри шIогъэшIэгъоныгъ, Завадовскэми ышъхьэ къыримыхыщтыгъэми, джа дэдэр ыгу илъыгъ,– о джыри уиIахьылхэр зэбгъэлъэгъугъэхэп. Къэзэкъ горилкэри нэмыкI шъонхэри уимыкIасэхэми, бэрэ тыщысыщтэп, Хъан-Джэрый,– нэшIукIэ Iуплъагъ.

– Сичылэ кIон сыхьат горэ тешIэкIэ иягъэ къэкIощтэп,– гъогу ратызэ Завадовскэм ыуж рагъэхьэрэ Хъан-Джэрые гупсэф фэдэу, ау гукIэ ышIуабэ шIэу къызэриIокIыгъ,– джыри пчыхьапэ, чэщ псау тапэ илъ.

Черномор къэзэкъ атаманым иIанэ къол хэмылъэу шхын гъушъэ къабзэ тизыгъ, ущытэу умышхэщтыгъэмэ, узтетIысхьан кIэрытыгъэп.

– Ти Император пачъыхьэшхо илIыкIо пащэ зэрэгузажъорэр къыдэслъытэзэ, мы Iэнэ псынкIэр къязгъэшIыгъ,– Завадовскэ атаманым горилкэр бжъэмэ къаригъахъозэ, къыIуагъ,– тытIысын шъуIомэ, пхъэнтIэкIухэри щыIэх. Джыри зиусхьанхэр, шIуфэс шъосэхы, шъуигухэлъ къыжъудэхъунэу, мафэкIэ шъукъытхэхьанэу, тиурыс-черкес зэфыщытыкIэ нахьышIу хъунышъ, тазфагу мамыр дэлъынэу есIуалIэзэ, мы бжъэр шъощ пае къэсэIэты.– Бжъэр ыIупшIэ Хъан-Джэрые нигъэси зэригъэуцужьыгъэм пымылъэу, нэшэбэгу шIоIугъэм ецакъэзэ, етIанэ атаманым къыIуагъ: – Пшъэ къыралъхьэгъэ Iофыр оркIэ зэкIэмэ апшъэу къызгурыIуагъэти, зиусхьан, уиIахьылмэ якъэбар апэ сшIыныр къезгъэкIугъэп. ЗэкIэри псау, узынчъэ, мамырэу щыIэх. ПшынахьыкIитIуи, ущыгъуазэу къычIэкIын, Адыл-Джэрые уи Кавказ-Къушъхьэ полуэскадрон къыхагъэхьанэу Ставрополь щагъэхьазыры. Сахьид-Джэрые Тифлис Паскевич графым дэжь щыI, фельдмаршалыр къэзыухъумэрэмэ ахэт.

– Сянэжъ, Канитат Асхад-Гиреевнар, сян? – Хъан-Джэрые апэрэу мы сыхьат зытIум къэгузэжъуагъ.



– Мази хъугъэп, гъэтхакIэм Екатеринодар ермэлыкъ щытшIыгъагъэти, гущыIэгъу тыщызэфэхъугъагъ, къыгъэшIэгъэ илъэс тIокIиплIырэ пшырэу зыфаIорэм елъытыгъэмэ, иакъылкIи итеплъэкIи джыри пытэ. Синыс ыIуи, бзылъфыгъэ Iэпс-лъэпс гохьыр къысигъэлъэгъугъ, шъэожъые такъыр гори кIыгъугъ, уянэ икъэбар сшIэрэп, псаущтын, тигъус аIоу зэхэсхыгъэп, сэри сыкIэупчIагъэп. Ау, шъыпкъэр пIон хъумэ,– ятIонэрэ бжъэу атаманыр зэшъуагъэм жъоплъ къышIэу къыпигъэхъожьыгъ,– уипщы щагу псырыкIым щыIэми, тынаIэ тетэгъэты, зэрэ Лъэустэнхьэблэ-оркъ чылэуи ары. Арышъ, зэкIэри псау, зэкIэри мамыр.

– Павел Александрович, зэхэоха? – Хъан-Джэрые къэчэфыгъ,– непэ тадэжь сымыкIоми хъущт, Николай Степановичыр зэкIэми ащыгъуаз, зэкIэми ынаIэ атырегъэты, тибысым пае бжъэр тэгъэIэты, къеIуалI, къехъохъу.

– Зиусхьан Николай Степановичым,– Вревскэм къыIуагъ,– псаунығъэ пытэ иIэнэу, зыфаер зэкIэ къыдэхъунэу есIуалIэзэ, мы бжъэр къэсэIэты.

– Итэмэтелъ нахь лъагэ хъунэу, къэзэкъхэмрэ черкесхэмрэ азыфагу шIу дигъэлъынэу сэри къыхэсэгъэхъожьы,– Хъан-Джэрые емышъоцтыгъэми, адыригъаштэу тIуми бжъэр афиIэтыгъ.

– Ситэмэтелъмэ сэ къяхъулIэщтыр сшIэрэп, ахэр Тхьэмрэ пачъыхьэмрэ зыIэмычIэ илъхэр,– Завадовскэм, бжъэр ыунэкIи нэшэбэгум цIашхъ ригъаIоу зецэкъэ уж, къыIуагъ,– ау къэзэкъхэмрэ черкесхэмрэ азыфагу дэлъыщт мамырым иIоф зетэфэ... Тазыфагу Тыркуемрэ Инджылызымрэ шъэф Iоф къыдэмыхьэщтыгъэмэ... ХыIушъо шапсыгъэхэр инджылызитIу горэмэ агъэбырсырых. Чэчэн, Дагъыстан лъэныкъом къикIыгъэхэми абдзахэхэр зэрагъэкIоIыхэу къытэнэсыжьы...– Ящэнэрэ бжъэм атаманым ыбзэ къызэрэригъэтIупщыгъэр къыхэщыгъ: – Бжъэдыгъухэри, зиусхьан, къыосымыIон сIогъагъэ шъхьакIэ, тэ къызэрэтщыхьоу, мамыр дэдэхэп, тызылъэгъу мыхъухэри исых... Сыда чыжьэу узкIэкIожьыщтыр джа Канитат Асхад-Гиреевнам игъусэгъэ шъэожъыем ятэ Шъэуае шапсыгъэмэ адэжь зигъэзагъэу къытэзао... Адэ джары... Нахь къэбар гомыIуи къыосIон, Васюринскэм щыщ Паденкэ къэзэкъым ыкъо Пантелей къэошIэжьа?

– Къэсымышlэжьы хъуна, дзэм тызэдыхэтыгъ, тызэдэзэуагъ...– Хъан-Джэрые бжъэр ыгъэуцужьыгъ.– Синыбджэгъу сыд къехъулIагъ?

– Пантелей Савельевичыр щыIэжьэп. Абын дэжь мыгъатхэ къыщаукIыгъ, къэзыукIыгъэри Шъэуай, аущтэу зэрэхъугъэ пэтзэ, ишъуз Анфисэ шъэфэу къылъэкIо аIуагъ. Джары Iофхэр зэрэхъухэрэр... Сыда тызфыщытыр? Джыри уахътэ щыI, зиусхьан, пхъэнтIэкIухэр къядгъахьынышъ, тIэкIурэ тыщысын.

– Хьау, Николай Степанович,– ошIэ-дэмышIэу ыгу къэзыуIэгъэ лыузыр ыщыIэзэ, Хъан-Джэрые къыIуагъ,– тэ джыри гъогум тытет, Павел Александровичми зигъэпсэфын фае, неущрэ мафэр тадэжь зыщитхыкIэ, нэфшъэгъо кIэтаджэкIэ Вельяминовыр зыдэщыIэ Геленджик, Адэрбые лъэныкъомкIэ тежьэщт. Ори мыщ тыкъызэрысыгъэмкIэ зыфэпIопщыщтыр ошIэ, макъэ ягъэIу.

– А зыфапIорэр, ти Император пачъыхьэшхо ифлигель-адъютант,– Завадовскэ атаманым, ащ фэдэ чIыпIэ зэжъу зифэкIэ сыдигъуи зэрэхъу хабзэу, ешъогъэ теплъэ имыIэжьэу къыIуагъ,– шъукъызэрэсыгъэр зэрэзэхэсхыгъэм лъыпытэу Петербург сIопщыгъэ,– зэпыугъо тIэкIу тешIагъэу къыухыжьыгъ,– Пантелей къэзэкъымрэ Шъэое черкесымрэ якъэбар къыпфэсIотэн фэягъэп...

– Зымыухыжь, Николай Степанович. Шъэуае, къыздамылъфыгъэ сшынахьыжъми, ащ фэдэу шъхьаихыгъэкIэ къызэрэтэпыищтым сегуцафэщтыгъэ. Пантелей тхьамыкIэм къехъулIагъэр зэкIэми анахь гукъау. Ари Шъэуае фэдэ къабзэу згъэшыщтыгъэ, зэуищ гъогу тыкъялыжьыгъ... ЩыIэныгъэр къинми гушIуагъоми зэрэмыжъалымынчъэр сымышIэу щытэп... Ау етIани...

Хъан-Джэрые къэкIожьы ыIуи шъэожъые шыур пщы къэлапчъэм къызыIолъадэм, щагум дэтхэр дэзэрэтэкъугъэх, хьаблэм щызэхэзыхыгъэхэри ауж илъэдагъэх.

Илъэс пшIы пчъагъэмэ зытх къауфэгъэ Къэнтэтэ нанэр Iэгушъо гъугъэ зэтелъхэмкIэ тыжьын бэщышъхьэм тегъэкIагъэу Хъан-Джэрые зелъэгъум, гу зэхэхьагъэр къытекIоу, къешIэкIыгъэхэр зыпигъэтэкъуи, унэ лъэгуцым дэчъэягъ, IаплI рищэкIыгъ, ынэгушъо пIуакIэмэ Iэ ащифагъ, ябэугъ.

– Аферэм, сикIал, джы лIыпкъым уиуцуагъ, хъяр, джыри зэ сыптеплъэжьыгъ,– Къэнтат нанэм Хъан-Джэрые зыкIэрищэикIи, къызэпиплъыхьэзэ, IугушIуагъ,– некIо, сикIал, уиIофмэ бэшIагъэ сазыхэмыдэIожьыгъэр...– Пчъэм зынэсым, къызэтеуцожьи, джагъэ: – А Быч, а Сисур, модэ тэнэ къабзэджи, шъынэ пщэрхэмджи Къаймэтрэ Хьадж-Къэсэйрэ тибылымымэ ахэжъугъаплъэх.



## III

Гукъэуитlумэ Хъан-Джэрые аухы. Зыр, гъэрэ фэмыдэу, янэжъ иIэзэгъунчъэ жъыгъу. Адырэр, Петербург зэрэдэсэу, Урысые пачъыхьэшхом ипчъэ зэрэIутэу, ышъхьэ къырихынкIэ зэнэгуещтыгъэ-зытещыныхьэщтыгъэу джы адыгэ шъолъырым ынитIукIэ щилъэгъущтыгъэхэр ары.

Гъэмэфэ пчэдыжьым ижь шъабэ, игъогу нэпцэ уцхэм, былымхэр зэрытэкъогъэ шъоф зэпэIукIхэм апхырычъымэ, бгы мылъагэмэ ячъэхымэ адэчъэежьызэ, урыс лъэсыдзэмэ, къэзэкъ шыумэ, щэрэхъитIумэ атет топмэ, кумэ, джыри цIэ зимыIэ зэуапIэм къыращырэ уIагъэмэ, зэмышъогъу мэзмэ ябгъучъэхэзэ, къушъхьэ шыгуфхэр чыжьэкIэ къызщылъэгъорэ хы ШIуцIэ Iушъомкlэ каретэ псынкIэр мачъэ, шыу зэтегъэпсыхьэгъищи ыуж ит.

Пчэдыжьыпэр тыгъэпс фабэкIэ къытIогушIоми, Хъан-Джэрые гукIэ ыIуагъ, нэм къымыубытырэ жъалымэ Iаджми, лъэбгъу къызщыуадзыщтым ежэхэзэ, дунаим зыхаушъафэ. Ау ащ фэдэ гухэлъ зиIэхэми заушъэфыпэрэп, къыуасшIэрэм еплъ къызэрэуаIорэр ашIодаушэу, рытхъэхэу жъалымыгъэ нафэкIэ унэгу къыкIэтаджэх. Джы нэс сызыпIугъэ, сызылэжьыгъэ нанэ ижъыгъокIэ сыд сызэрепсэбэбын слъэкIыщтыр? Ежьыри сэри чIыпIэ къин тызщифэгъэ лъэхъан, тIэкIу нэмыIэми, илъэс зытIущ горэм джыри сищыкIагъ. Жъыгъор тхьамыкIагъу, Iэзэгъу иIэп. Нанэ симыIэжь хъумэ, сигупшысэ гумэкIхэр хэт есхьылIэщт? Джэуап гугъапIэ хэт къысфэхъущт? СыкъыздагъэкIуагъэм идунэе Iуплъэ фэшъхьаф узгъэгушIон ислъагъорэп. Ари хымэ макъэмэ – дзэм, Iашэмэ – тыдэкIи щызэщагъакъо. Тэ хъугъэха адыгэхэр? Шапсыгъэхэр, нэтыхъуаехэр, убыххэр, абдзахэхэр мэзаох шъхьакIэ, бжъэдыгъу мамырхэр тэ щыIэха? Муары, хы Iушъом екIурэ зэо гъогум пэIудзыгъэ адыгэ чылэхэр, урысыдзэмэ агъэщтагъэх пIонэу, зэпэIус-зэфычIэплъых, япчэдыжь онджэкъмэ Iугъор къарэу, хьэ хьакъу-атэкъэ Iо макъэхэр ящагумэ къадэIукIы, ябылым Iэхъогъухэр чылэ гъунэмэ ащэхъух...

– Мы тыкъызхэхьэгъэ адыгэ дунаир зэрэдахэр! – ОшIэ-дэмышIэу Вревскэм къыIуи, Хъан-Джэрые игупшысэмэ къахиутыгъ.– Зэ арыплъэлъ мо шъоф зэикIмэ, бгылъэ зэшъхьащыкIотырэмэ, къушъхьэ шыгуф зэбгъутмэ, къоджэ

зэпэIусмэ ошъо шхъонтIабзэр ашъхьагъ, тыгъэри къяшъэбэкIы. ТапэкIэ щыIэ хы ШIуцIэм иорхэри мор зигохьыгъэ дунаим къяIушъэшъэкIэу къычIэкIын, Тхьэм ежь пае къыгъэшIыгъэ лъэныкъу уиадыгэ шъолъыр, Хъан-Джэрый.

— Ары, ары...— Ежь игупшысэмэ атемыфэми, къыдыригъаштэу Хъан-Джэрые къыIуагъ, кIэгупшысысыхьажьыгъэ фэдэу, зэпыугъо бащи фимышIэу, зэпэуцугъэ бгъуитIумэ язэу ыгъэмысэри къыбгурымыIонэу, къыпигъэхъожьыгъ: — Адыгэ дунаир фэшъошэ мамыр хэтыгъэмэ...

— Ардэдэм сэри сегупшысэщтыгъэ... Мыщ фэдэ джэнэт къуапэм мамыр имылъыныр гунахь, ар къызгурымыIоу щыпсэурэ цIыфхэмкIи емыкIу, Iэлыгъ...— Вревскэм къыгосыр зэрэадыгэр ышъхьэ къеожьи, зыкъигъэтэрэзыжь фэдэ зишIыгъ: — Угу къысэмыгъабгъ, зиусхьан. Узщыщмэ ячIыгу тызэритыр сщыгъупшэжьыгъэкIэ арэп... Тэтыехэри згъэхыехэу къызщымыгъэхъу... НэIуасэ тызщызэфэхъугъэ перс заом щегъэжьагъэу, илъэсипшIым ехъу тешIагъэшъ, тигумэкI уигумэкIэу, тигушIуагъо уигушIуагъоу, утщыщ шъыпкъэу сыоплъышъ ары.

— Ары, ары...— Зэхихыгъэмкlэ нэмыкI екIолIакIэ мы аужырэ илъэсым загъорэ ышъхьэ къитаджэу ригъэжьэгъагъэми, Хъан-Джэрые игъусэ джыри дыригъэштагъ, къызфагъэкIуагъэхэр ыгу къыгъэкIыжьыгъ.— Джа мамыр зэгурыгъэIонытъэр ары ти Урысые пачъыхьэшхуи мыщ тыкъызфигъэкIуагъэр. Хэгъэгум цыхьэ къызыпфишIыкIэ, идунэе уасэ къэпIэтыным пае уадыгэн е уурысыныр егъэзыгъэп. Мары, Наполеон Францием иимператорыгъэми, корсиканцэкIэ еджэхэзэ, дунаим ехыжьыгъ. Колумб? Ари Италием, Генуе, къыщыхъугъ, дунэехыхэр зэпичызэ, чIыкIэхэр къыгъотыгъ, имыхэгъэгу Испанием мылъкушхорэ щытхъушхорэ къыфихьыгъ. ЯтIонэрэ Екатерини...

— Хъан-Джэрый, зиусхьан, сыда ахэр къызкIысфэпIуатэхэрэр? — Вревскэ бароным гущыIэр IэкIихыгъ.— Сыгу джэнджэш горэ къихьагъэу къыпщыхъугъэмэ, ухэукъо. Ащ фэдэ гупшысэ мышIукIэ цыхьэ къытфэзышIыгъэ пачъыхьэшхом сызэхихыжьынэу сыфаеп! Зытетыр къыосIон: къысфэпшIырэ пшъэрылъым сыблэмыкIынэу, Iончъэу згъэцэкIэнэу симинистрэ Чернышев графым къысфигъэпытагъ, ар хэсэгъэкIыжьышъ, пачъыхьэшхоми Бенкендорф графми уасэрэ шъхьэкIафэрэ афэсымышIын сыфитэп. Аущтэу зыхъурэм, Хъан-Джэрый, Урысые пачъыхьэшхом ифлигель-адъютант, тыгу зэмыIун горэ зэтIокIыгъэми, зыщытэгъэгъупш. Орырэ сэрырэ зэфытиIэ цыхьэм, шъыпкъэныгъэм елъытыгъэщт тыкъызфагъэкIогъэ Iофышхор зэрэдгъэцэкIэщтыр.

— Ащ гущыIэ лые ищыкIагъэп, барон,— Хъан-Джэрые гухьагужъыгъэ хэмылъэу къыпиупкIыгъ.— Орырэ сэрырэ тыкъэзIофытэгъэ хэгъэгум тырилIыкIу, тыридзэкIолI.

— Ары, Хъан-Джэрый, нэмыкI пшъэрылъ орырэ сэрырэ мыщ щытиIэп,— ыгукIэ чъыIагъэми, къызхимыгъэщэу Вревскэми къыдыригъэштагъ, чIыпIэ зэжъу зифэкIэ зэрикIыжь хабзэу, псынкIэу къыIуагъ,— ау, хэти ыIо шIоигъор ерэIу, шъыпкъэр пцIыкIэ ипкIын плъэкIыщтэп, Адыгэ пгъолъырыр дахэ, гохьы! — «Мыщ елъытыгъэмэ, лъыр зыщыдгъэчъэгъэ Персие мыжъуалъэри Польшэ IыгъэкI лъэныкъори зыуи арыхэп, тыркухэри, инджылызхэри, французхэри делэхэп, хьаулыеу къенэцIхэрэп» къыпигъэхъожьы шIоигъуагъ шъхьакIэ, ыпаIокIэ зэфадзыгъэ гущыIэмэ ыбзэгупэ рагъэцэкъэжьыгъ,— тыгъуаси непи нэIуасэ къысфэхъугъэ цIыфхэм, шъэожъыемэ анэсыжьэу, сызщымыгъозэ Iэджи къызгурагъэIуагъ, яIэдэб зэхэхьэкIэ-зэхэтыкIэ уасэ фысагъэшIыгъ, нэмыкIынэкIэ сызхагъэплъагъ. Джыри сымышIэрэ тхьапш сызIукIэнэу къэтыр! Хэти зыфаер ерэIу, тыгъоспчыхьэ уянэжъ Канитат Асхад-Гиреевнам къысфызэридзэкIыгъэ адыгэ гущыIэжъым изакъоми,— «нэм ылъэгъурэр шъхьэм ыуас» — гупшысэ псау! Зыуж титыр къыддэмыхъущтми, адыгэ гъогум сыкъызэрэтехьагъэм сырыкIэгъожьырэп.

— Джы къэпIожьыгъэр хъухэщтэп, Павел Александрович,— Хъан-Джэрые ымакъэ пытагъэми, нэгу шъабэкIэ щхыпцIыгъэ, ицыхьэмышIи гум къыфечъагъ,— адыгэ шъолъырым апэрэ лъэбэкъур зыщыудзыгъэ мафэм ар зэхэсымыхыгъэмэ нахьышIугъ. КIо, етIани раутырэм гур нахь фэузэу къычIэкIын...— Зыфэсакъыжьыщтыгъэми, шъхьэм ридзы зэпытыщтыгъэм щыщ горэм гур къыпиIонтIыкIыгъ.

— Сымыдэхэщтыр, зиусхьан, уиаужырэ гущыI,— Вревскэ бароныр къэгузэжъуагъ,— раутыхэрэр адыгэхэр арымэ, яIоф ащ тетэп. Дунаир къызэлъагъаплъэу Урысые хэгъэгушхом къыпэуцужьых, ячIыгу, яшъхьафит къаухъумэ... Шъыпкъэ, ащ екIолIэкIэ зэфэшъхьаф имыIэу щытэп.

— Павел Александрович, синыбджэгъушIу,— Хъан-Джэрые нахьыпэм фэмыдэу, шъэбагъэ хэлъэу къэупчIагъ,—

гъогу тыкъытехьаным ыпэкIэ, къэошIэжьа, тиIоф зыхэмылъмэ тахэмыгущыIэнэу, типшъэрылъмэ таблэмыкIынэу тызэзэгъыгъагъэба?

– Ар непэ фэдэу къэсэшIэжьы, зыщызгъэгъупшэрэп.

– Адэ сыд зыкIытэбгъэукъорэр?

– Ары шъхьаем, гъогум тытетба, зиусхьан... «Гъогум лъэой къедз, къэбар горэм тыхэгъэдаIу» адыгэхэр арыба зыIорэр?

– Адыгэмэ хэшIыкI афыуиI, сицIыфышIу барон,– Хъан-Джэрые зэхихыгъэр игуапэу Iугушlукlыгъ,– хьаулыеу яIоф ыуж урагъэхьагъэп.

– АпэрэмкIэ, тхьэгъэпсэур зиер оры, Петербург сызэрэщыбгъэгъозагъэри Кавказ гъогу чыжьэм тытетыфэ къысфэпIотагъэхэри сыгу исыубытагъэх, Бестужев-Марлинскэми Пушкинми атхыгъэхэм сяджагъ, сафэраз. ЯтIонэрэмкIэ, цыхьэ къытфэзышIи къытщыгугъи гъогу тыкъытезыгъэхьэгъэ типачъыхьэшхо шIу нэмыкI сыд есIолIэн. Гъогу узэдытет зыхъукIэ, нибжьи гум къэмыкIыщт Iаджи пшъхьэ къихьащт, уазфагу къыдэтэджэщт. Узгъэгумэкlырэм сыдэущтэу утемыгущыIэн плъэкIын... Ащ хэлъ щыIэп...

– Ари шъыпкъэ... Ау сызэрэадыгэр зыщымыгъэгъупш...

– Урысые пачъыхьэшхом ифлигель-адъютант, Ваше высокоблагородие, узэрэадыгэр сыгу къэмыгъэкIыжьыгъагъэмэ, пшIошъ гъэхъу, сщыгъупшэжьыгъагъ...

Вревскэ баронымрэ Хъан-Джэрые зиусхьанымрэ зэлэгъугъэх. Урысыем мылъкурэ кIуачIэрэ щызиIэ барон унагъом Павел шъэожьыер къихъухьагъэти, гъэсэныгъэ дэгъу рагъэгъотыгъ. Чернышев графыр зэриIахьылым ишIуагъэкIэ, ныбжьыкIэзэ дзэм хащагъ, гвардием ипрапорщикхэмрэ шыудзэ юнкерхэмрэ яеджапIэ къыухыгъ, изабыт тэмэтелъхэр зэблихъузэ, перс-тыркуе заохэми ахэлэжьагъ, Польшэми щызэуагъ, ащ ыуж илъэс зытIущ Темыр Кавказыми изэо чIыпIабэми ахэтыгъ, джы урысыдзэ министрэм иадъютантэу адыгэ шъолъырым къагъэкIогъэ пачъыхьэ лIыкIомэ ахэт, Хъан-Джэрые иапэрэ гуадз. Ежь зэриIо дэдэу, адыгэмэ хэшIыкI афыримыIэу щытэп. Хъан-Джэрые итэмэтелъхэри ипшъэрылъхэри нахь инхэми, загъорэ урысые пачъыхьэ лIыкIом ипащэ къызэрэщыхъоу, ащ ипшъэрылъ шъэфхэр мыдырэм ипшъэрылъмэ, анахь мыинмэ, анахь цIыкIоп. Ар Петербург къыщыгурыIоу Хъан-Джэрые ригъэжьагъ, гъогуми гуцафэ зыщыфишIын чIыпIэ зэе-тIуаеми щадифагъ, Завадовскэ къэзэкъ атаманымрэ ежьырырэ язэIуплъакIэ гурышхъо горэ рагъэшIыгъ. Джыри упчIэм ыуж упчIэ...

«Гъогууанэр къыбдэзыгощырэм гурышхъо фэпшIыныр емыкIу,– Хъан-Джэрые ежь-ежьырэу зэгыижьыгъ, ау зэмыупчIыжьын ылъэкIыгъэп,– сыда ащыгъум тиIофкIэ ежьыри шъхьафэу пачъыхьэм, урысыдзэ министрэм закIыфэтхэщтыр? Сыда ащ къикIырэр? ЗыгорэкIэ цыхьэ къысфамышIэу ара? СырямыцыхьэшIэгъугъэмэ, Урысые хэгъэгушхом илIышъхьищмэ сызхагъэсыщтыгъа, мыр, къызыхамыщэу, мэфэныкъо пчъэ кIыбым Iуагъэтыщтыгъа?! Сыда ащыгъум мазэм тIо-щэ пачъыхьэм тыфэтхэнэу къызыкIиIуагъэр, Чернышев графми къыдыригъэштэгъагъ. А чIыпIэм сыгу зэмыIугъэр пачъыхьэм ыпашъхьэ къыщысIоныр къесымыгъэкIоу Александр Христофоровичым сызеупчIым, хэт ышIэра гъогу чыжьэм техъухьащтыр, шъхьаф-шъхьафэу шъукъэтхэщт къысиIогъагъ... ЗэрэхъурэмкIэ, зы каретэ тызэдимысымэ нахьышIу... Сегупшысэшъ, сиIоф зыгорэ хэхъухьэ... Къысфагъэшъошэгъэ пшъэрылъым, сшIодаушэу, псынкIэу сеуцолIэгъащэкIэ сенэгуе. СигупшысакIэкIэ, сидунэеплъыкIэкIэ силъэпкъэгъумэ сапэчыжьаIо сыхъугъэми, мамыр афэпхьыныр дэгъу. Пачъыхьэм ыпашъхьэ исхьэгъэ тхыгъэми джа гупшысэр къыхэщы. Емыджэгъагъэмэ, ыгу емыIугъагъэмэ, ежь зыгъэгумэкIырэ горэ химылъэгъогъагъэмэ, тыкъиушэсыгъэ купмэ пащэ сафишIыныеп, Iэлъын лъапIэри къысипэсыныеп, «адыгэ КарамзинкIи» къысэджэныеп. Олахьэ Нэгъумэ Шорэдыхэм аIу-амыIоми, шIу къысфэзышIи къысфычIатIи цыхьэ афэсшIэу, сыцIыф тхьамыкI сэ... Ау етIани «узэрэадыгэр сыгу къэмыгъэкIыжьыгъагъэмэ, пшIошъ гъэхъу, сщыгъупшэжьыгъагъ» Вревскэм зэриIуагъэр сшIошъ хъурэп. «Къыуагъэгъусэгъэ урыс забытыр цIыф дэепщтын, ау фэсакъ» сыда нани къызкIысиIуагъэр?..»

– Мыгурэкъо подполковникыр къызыщытэжэщт пIалъэр тэрэзэу гурагъэIуагъа шъуIо? – Вревскэм иупчIэ Хъан-Джэрые игупшысэ мышIумэ къахищыжьыгъ.

– Ар зыпшъэ итлъхьагъэр Завадовскэ атаманыр арба? ЛъигъэкIогъэ шыум къэбар къыхьыжьыгъэба?

– Къыхьыжьыгъэу ыIуагъ.

– Адэ сыд?

– КIо, сшIэрэп ныIа… Къытпыщылъым сегъэгумэкIышъ ары. Сыдэу уеплъыра Мыгурэкъо подполковникым?

– ЦIыф гъэтIылъыгъ, къытфэшъыпкъэ забыт.

– Адыгэхэр сыдэу къыфыщытых? ИгущыIэ уасэ къыфашIына?

– Ар гущыIэгъу зыфэхъурэм елъытыгъ…– Хъан-Джэрые щхыпцIыгъэ.– Урыс тэмэтелъ зытелъ пстэури, тыгъуасэ тичылэ къызэрэщытпэгъокIыгъэхэу, барон, аIэгу исэу къырахьэкIынэу къызщымыгъэхъу. Тыгъоспчыхьэ тиIанэ пэсыгъэхэри бжъэмэ хъохъу къязыIолIагъэхэри агукIэ зэфэдагъэхэп, плъэкIо-къэбарыхьэу ахэсыгъэри макIэп. Ахэр етIани, тичылэх, чылэ Iэгъо-благъомэ къарыкIыгъэ Iахьылых, бжъэдыгъу мамырхэкIэ заджэхэрэр ары. Моу сыхьат зытIукIэ шапсыгъэчI тихьащтышъ, ащ итлъэгъощтыр фэшъхьаф. Павел Александрович, сицIыфышIу ныбджэгъу, джыри тимыщыкIэгъэ Iофмэ, къысфэгъэгъу, татегущыIэкIэ, тиIуагъэ тэукъокIэ сенэгуе.

– Хьау, хьау, зиусхьан, къыбдезгъаштэрэп,– Вревскэр къызэрэгузэжъуагъэр ымакъэ къыIотагъ,– тызилIыкIомэ яшIуи ямышIуи тыщыгъозэныр тиапэрэ пшъэрылъ, тигугъапIэми ахэри джэуап афэхъущтых,– сыд сэIо мыщ адыгэ Iофмэ, ахэр тиапэрэ Iэубытыпlэ пэтызэ, закIыпэIуищэикIырэр, Вревскэм ыIуагъ, Чернышев графым къыриIогъэгъэ гущыIэ мышIу гори ыгу къэкIыжьыгъ.

Бжъэдыгъу икIхи Шапсыгъэ зехьэхэм, Хъан-Джэрыедхэм нэмыкI дунае анэгу къыкIэуцуагъ: чылэ тегъэстыкIыгъэмэ цIыф адэсыжьэп, хьэ адэлъыжьэп, чэухэр зэхэцIыцIагъэх, псынэкъуаохэр къефэхыжьыгъэх, жьыбгъэм хэкужъ яжьэр зэрехьэ, былым хъупIэхэр зэгъокIых, лэжьэкIупIэ чIыгухэр цIырауэжъкIэ зэхэкIыхьажьыгъэх. Шапсыгъэ мэз Iапчъэу зычIэлъэдагъэхэм бзыу гъощэгъэ макъи щызэхэпхыжьырэп.

Хъан-Джэрые ыгу къыпиIонтIыкIыгъ, ицIыкIугъом мы гъогумкIэ тхьапшрэ иаталыкъ Мэрчанэ дэжь ащагъ, къыращыжьыгъ. Мэзым ухэчъэу шапсыгъэ тхышъхьэм утелъадэмэ, ишъэожъыегъу зыщырихыгъэ чылэри Абын псыхъори къэлъэгъощт. ЗыблэкIыгъэ чылэмэ ятеплъэ фэда ащи щилъэгъущтыр?.. Ащыгъум, Мэрчэнэ тхьамыкIэр!..– Хъан-Джэрые ыгу къыпызыгъ.– АIу-амыIоми Вельяминовыр жъалым!.. Сызэнэгуерэр МэрчанэкIэ зэхэсхымэ, сыдынэкIэ Вельяминовым сыIуплъэщт. Польшэми моущтэу тыщызекIуагъэп, Iашэр къытпэзыIэтырэр иIашэ екIодылIэжьыщтыгъэ нахь, чылагъохэр тедгъэстыкIыщтыгъэп… Персми мыщ фэдэ щытшIагъэп. Мыхэр зэкIэ ти Урысые пачъыхьэшхо фэтхыгъэн фае. Мыщ фэдэ жъалымыгъэхэр зэпшIылIэрэ цIыфхэр сыдэущтэу къебгъэшIущтых? Геленджик тызэрэнэсэу слъэгъугъэр зэкIэ пачъыхьэм фэстхыщт. Сэра хьауми Павела фэзытхымэ нахьышIущтыр? Сэрми хъун, ау Павел ытхымэ, нахь ашIошъ хъун.

Бгъэгур къизIонтIыкIырэ гукъаор Хъан-Джэрые Вревскэм зыщыриIоным, адыгэ шыу пшIыкIутIу Iашэ ихыгъэкIэ мэзым къыхэлъэтыгъ, зэфэдитIо загощи, апэкIи аужкIи къэуцугъэх.

– Завадовскэм икъэзэкъ ухъумакIохэр щыдгъэзыенхэ фэягъэп,– Вревскэм къыIуагъ.

– Зыгъэрэхьат, Павел Александрович,– Хъан-Джэрые, каретэм къитаджэзэ, Вревскэм фидзыгъ, мэкъэ IэтыгъэкIэ зиIашэхэр къэзыпхъотэгъэ гъусэ шыуищмэ ариIуагъ,– шъуиIашэхэр жъугъэIылъых,– етIанэ къапэуцугъэмэ зафигъэзагъ: – Шъуимафэ шIу охъу апщи, адыгэхэр,– зэдэмыштэ-зэфэмышIу шIуфэс къэзыхыжьырэмэ апымылъэу яупчIыгъ.– Хэт шъуинахьыжъыр?

– Тинахьыжъ сыд епшIэщт? – АужкIэ къэуцугъэмэ ащыщ горэ, ымакъэкIэ инэIосэ хьазырэу къэупчIагъ.

– Инахьыжъыгъэ згъэлъапIэу сиадыгэ шIуфэс еспэсыщт, сыдэгущэIэт.

– Ора сэIо, нэгъоир, зигугъу тигъалIэу, зышъхьэ тытэмыплъэу къэтымышIэжьыгъэр?..

– Къэгъэзэжь, Пэшъукъ! – Бзылъфыгъэ мэкъэ псыгъом яхьщырэу апэ къиуцогъэ шыумэ зыгорэ къахэкуукIыгъ,– ужэ зэтэлъхь, Iиман зимыI, упашъхьэ итым, уадыгэба, уасэ фэшI, тэри хьакIэмэ апашъхьэ тыщымыгъэукIытэжь. ШъуиIашэхэр ешъухыхыжьых. Фэсапщи, Хъан- Джэрый, талъэныкъокIэ Урысые пачъыхьэфоу тызыфэмылъэгъурэм укъызэриIофытагъэм тыщыгъуаз, ау мыщ тыщызэIукIэн Iоу сшIагъэп. Мамыр IофкIэ къытфаIофытэгъэ лIыкIомэ иягъэ тыдэкIи къыщарамыгъэкIынэу тинахьыжъмэ яунашъошъ, узигъусэмэ къытфашIэрэм тэплъын, гъогур пфыIутэхы.

«Джыри Бамбэт псауа сэIо?..– Хъан-Джэрые ыIуагъ.– ЗэрэхъурэмкIэ, Шъэуае иIо ыгъэшъыпкъэжьыгъэп. ЗыгорэкIэ адыгэ тхьамыкIагъом зэригъэшIужьыгъэхэмэ шIэ?.. ПшIэхэнэп мыхэмэ ашIэщтыр!..»

– Нэгъоир! – Пэшъукъ каретэм лъыджагъ: – Уиаталыкъ Хъорэлlыкъо Мэрчанэ зэбгъэлъэгъужьы пшlоигъомэ, тхьамыкlэр изакъоу унэм илъ. Къыбгосмэ тичылэфо дашlыхьагъэри плъэгъун, Мыгурыкъори ахэтыгъ ахэмэ... Ау тинахьыжъмэ яунашъо зэкlахьажьмэ, тыдэ ущыlэми укъызэрэзгъотыщтыр зэгъашlэ.

– Сыда ащ ыlорэр? – Зыкъэзышlэжьынэу езгъэжьэгъэгъэ Вревскэр къэупчlагъ.

– Нахьыжъмэ ацlэкlэ гъогумаф еlо...– Хъан-Джэрыий, ыгу теlункlэжьзэ, щхыпцlыгъэ.

«Адыгэмэ янахьыжъхэр зэрагъэлъапlэрэр зэхэсхыгъэ, сшlошъ хъоуи мыхъоуи къыхэкlыгъ, ау сынитlукlэ джыдэдэм слъэгъугъэр гъэшlэгъоными шlокlы, мощ фэдизыр зэтшlагъэмэ, тыряпый пэтзэ, нахьыжъыгъэ хэбзэ унашъокlэ тыкъатlупщыжьыгъ...» – Игупшысэ Хъан-Джэрые зэхыригъэхынэу Вревскэр фэягъ шъхьакlэ, зэриlощтым зызшlуимыгъэшlыжьыным пае ежь-ежьырэу зэнэпсэекlыжьызэ, ыбгъэгу диушъэфэжьыгъ, тlэкlу тыригъашlи, зэгыижьызэ, зиумысыжьыгъ,– етlани тэ мыхэмэ хэгъэгу гъэнэфагъэ яlэп, хэбзэ хэушъхьафыкlыгъэ арыпсэухэрэп, цlыф lэл шъхьафит кlэхъопсых, лъэпкъыбэ зэмыдэlужьых тэlошъ, тадэхьащхы, тэушъхьаклух, жэм къымыхьын жьалымагъэкlэ тадэзекlо... Мыхэр къызгосым зэхебгъэхы хъущтэп, армырми гуе-мыем зэредзэкlэ сенэгуе...»

Джыдэдэм Хъан-Джэрые, Урысые пачъыхьэшхом ифлигель-адъютант, иаталыкъ Хъорэлlыкъо Мэрчанэ зэрэтеплъэжьыщт закъор ихэгъэгу гумэкl пстэуми анахь шlоlофыгъ.

Дунаир зыщыдахэми зыщыlаеми Абын нэпкъ къытелыдыкlыщтыгъэ Мэрчан чылэр зэрэзэхагъэстыхьагъэр ынэ къыпэlумыхьажьэу, псы lушъомкlэ щымыlэжь чылэм щышъхьащыт унэ закъом икъэлапчъэ Хъан-Джэрые каретэр lуаригъэгъэлъэдагъ.

Мэрчан аталыкъыр зэгорэм пкъышхо-лlышхуагъэми умышlэжьынэу, пхъэ пlэкlорышхом теушхуагъэу Хъан-Джэрые тырилъэгъуагъ.

Аталыкъым ыкъуитlу хьаклэмэ къафэтэджыгъ. Лlыжъым ынапlэхэр ерагъэу къыlэти, зыlэгушъо ынатlэ къытезылъхьагъэм къеплъыгъ, гушlопс маклэр ыlупшlэ кlыфмэ къатещэу къэупчlагъ:

– Ора, сикlал? Фэсапщи, Хъан-Джэрый... Сыдэущтэу мы дунэе lаем укъысфыкъокlыгъ?.. Кlалэ,– ыкъо нахьыжъ нахь мэкъэ lэтыгъэаlокlэ риlуагъ,– шхомлэкlэ цыпэр къысlэкlэгъахь, сихьакlэмэ апашъхьэ сыушхугъэу силъыныр емыкlу.

Кlэшъо бгыкъум пышlэгъэ шхомлэкlэ къудыигъэмкlэ пlэм къыхэтlысхьэщтыгъэ аталыкъым Хъан-Джэрые кlэlэнэу зыфежьэм, зыкlэнэкlэжьзэ Мэрчанэ къыриlуагъ:

– Стхы бетэмалыр ары нахь къысэмыдэlужьырэр, сlэмэ кlуачlэ джыри ахэлъ. Моу сакlыб шъхьантэр къыдалъхь, ыхьы, дэгъу, дэгъу. Алахьэм ишыкуркlэ джыри сыхьадэп, аущтэу сыщытыгъэмэ, сэркlи згъэгумэкlыхэрэмкlи нахьышlугъ, шъукъысшъхьащымытэу шъукъэтlыс.– Кlуачlэ зыхигъотэжьыфэкlэ зиlажи, игущыlэ къыпидзэжьыгъ: – Сэ сиlоф зытэтыр, сикlал, уинэрылъэгъу, джы о уиlофмэ сахэгъэдаlу, мы уигъусэ тэмэтэлъыфори, забыт лъэрыхьыкlэ сэгугъэ, сэгъашlэ.

Хьадэгъур зышъхьащыт лlыжъ сымаджэм ыпашъхьэ Хъан-Джэрые икъэбармэ защыримыгъэукlыхьэу фиlотагъ, адыгэ шъолъырым къызфагъэкlогъэ lофми щигъэгъозагъ, Вревскэми нэlуасэ фишlыгъ.

– Дэгъу, сикlал, дэгъу...– Мэрчанэ шхомлакlэр ытlупщыгъ,– уигугъу lаджри зэхэсхыгъэ, шlукlи къысаlоу, екlи сынэ къыкlаlуатэу чlыпlэ сифагъ, узхэтмэ уафэсылэжьын морад симыlагъэми, о зэрэпlо закlэу щыlэныгъэр зэхэлъыгъэмэ... Тыдэ ущыlэми, шъыпкъагъэ зэрэпхэлъымкlэ сыпфэраз... Ар дэгъуми, дэйми етlан къызыбгурыlожьыщтыр. Мары, тичылэфокlэ къытэхъулlэрэр уинэрылъэгъу. Тагъэсты, таукlы, къушъхьэм тычlагъэзыхьэ... Тхьэегъэпсэу, гукlэгъу зыхэлъ урыс забыт кlэлакlэ горэм сакъытыримыхыжьыгъагъэмэ, сипlэ сыхалlыхьэщтыгъэ, сибгъагъи тырагъэстыкlыщтыгъэ... Сыд пlуагъа? Урысые пачъыхьэр бжыхьэм къытфэкlощт пlуагъа? Сыд щишlэщт? Вельямин плъыжьыжъым дунаим лъэпкъ гъэкlод тызэришlырэм пае тхьэуегъэпсэу риlощт, бгъэхалъхьэ ритыщт, ара?..– Зэпыупlэ хэхьапщыкl хьылъэкlэ кlуачlэ къызфигъотыжьи, Мэрчанэ къыпидзэжьыгъ: – Мэкъэ lэтыгъащэкlэ къызэрэсlорэр емыкlу къысфимышlынэу уигъусэ сфеlу, тигукъауи фызэдзэкl...

## IV

Джыри зыкlэрымытlысхьагъэхэ lанэм телъ гъомылэм ымэ зэрэзыфищэхэрэм фэдэу, Европэмрэ Азиемрэ азфагу дэлъ Кавказым ичlыпlэшlурэ, идэхагъэрэ, ибаиныгъэрэ

хэти, къэкІухьакІоуи, хэгъэгоуи орэхъу, гухэлъ зэфэшъхьафхэмкІэ зэрещалІэ. Урысыери нэгъой-монгол гъэпщылІыпІэ лІэшІэгъумэ къакІэзыжьи, Ящэнэрэ Иван пачъыхьагъум илъэхъан щегъэжьагъэу, ыгукІи ицІыфыхэмкІи зыкъызешІэжьым, игугъэпІэ зэфэшъхьафхэр зыдигъэзагъэмэ Кавказыри ащыщыгъ. Индылрэ ТенэрэкІэ егъашІэм адыгэхэр заджэщтыгъэхэ псыхъохэу Волгэрэ Донрэ – якІэхэ къыблэ лъэныкъомкІэ, Пшызэ джабгъу пэІулъэшъогъэ шъоф зэикІхэр, нэплъэгъум къыфэмыубытымэ цІыф гупшысэм къыІэкІэфэжьызэ, Каспие хым екІужьых, Дагъыстан къушъхьэ мыжъо пцІанэмэ алъапэ зычІеушъэфэжьы. ЕтІанэ Дагъыстан къыщежьэжьышъ, Чэчэнри Осэтынри къызэринэкІмэ, нахь шъоф гъэбэжъулъэхэмкІэ зызэблихъузэ, къэбэртэе адыгэмэ къащыкІедзэшъ, Пшызэ исэмэгубгъуи нэмыкІ псыхъоми аІутэкъогъэ бэслъыныехэр, абадзэхэр, мэхъошхэр, еджэркъуаехэр, кІэмгуехэр, абдзахэхэр, хьатикъуаехэр, бжъэдыгъухэр, нэтыхъуаехэр, шапсыгъэхэр, убыххэр зэхищэмэ-зэхищыжьыхэзэ, хы ШІуцІэмрэ Іузэжъу хымрэ яолІэжьырэ джэнэт чІы къуапэм адыгэ шъолъыркІэ еджагъэх.

Индылрэ Тенэрэ якІэхэ къыблэ лъэныкъомкІэ Пшызэ джабгъу илъ шъоф зэикІымэ зышъхьэ хэзыхьажьыгъэгъэ урыс лъэпкъ купхэу яшъхьафит Іэлыгъэ пэблагъэхэр, жьыбгъэ лъэшмэ афэдэхэу, ежь урысхэри бродников къэкІухьакІохэкІэ яджэхэу, зыдагъэазэрэр яунэу щыпсэущтыгъэх. Зигъусэгъэ нэгъоимэ ятетыгъо Урысыем къыщыщеІыхы къэс зышъхьэ Іузыхыжьыщтыгъэ бродникхэр а чІыпІалъэм нахьыбэ щыхъущтыгъэх, зэо-хъункІэ Іоф нэмыкІ ямыІэу, унэгъо заулэкІэ зэхэзэгъэжьыщтыгъэх. Ахэмэ нэгъойхэр къайсакъкІэ (къэзэкъкІэ) яджагъэх.

Я XI-рэ лІэшІэгъум иятІонэрэ ныкъо къэзэкъ зэлъэпкъэгъуитІумэ ацІэ къыхэтэджыкІы, Тенрэ Днепрэрэ якІахэкІэ дзэ республикэ шъхьаф зырыз ащызэхащэ. Ахэмэ ауж, я XVI-рэ лІэшІэгъум, Темыр Кавказым икІуатэхэзэ, Сунжэ псыхъо Тэрч зыщыхэлъэдэжьрэм дэжь Тэрч къэлэ пытэпІэ цІыкІу гребенскэ къэзэкъмэ щагъэуцу. Я XVIII-рэ лІэшІэгъум икъежьапІэ Булавиныр зипэщэгъэ къэзэкъ зыкъэІэтыр тен зыщызэхагъэтакъом, Некрасов къэзэкъ пащэм идзэ, унагъохэри игъусэу, Пшызэ икІахэкІэ къехьэшъ, 1740-рэ илъэсым нэс, Тыркуем екІыжьыфэ щэпсэу. Ащ лІэшІэгъу ныкъо тешІагъэу Потемкин дзэпащэм ыпкъ къыикІэу Украинэм къыращхэшъ, 1793-рэ илъэсым запорож къэзэкъхэу Чепегэрэ Головатэмрэ зипащэхэр Пшызэ джабгъу нэпкъ, къохьэпІэ адыгэ шъолъырым къырагъэтІысхьэх. Я XIX-рэ лІэшІэгъум илъэс тІокІи пыкІыгъэу тэрч къэзэкъхэмрэ Пшызэ къэзэкъхэмрэ Чэчэным Ставрополь чІыгуми къащыкІэдзагъэу хы Іузэжъумкіэ кІэкІыжьэу адыгэ гъунапкъэр къэзэкъ пытапІэхэмкІэ къызэфашІы. Джаущтэу Урысыер 1801-рэ илъэсым, Георгиевскэ зэзэгъыныгъэу Грузием дишІыгъагъэр иІэубытыпІэу, Кавказым, Кавказ кІыбым иуцуагъ, зыбгъумкІэ Персием, адырабгъумкІэ Тыркуем апэуцужьэу ригъэжьагъ. Наполеон идзэ Урысыем зызэхекъутэ уж, Ермоловыр зипэщэ дзэм 1817-рэ илъэсым щыублагъэу Кавказым нахь зыщигъэпытэу регъажьэ. Къэбэртэе адыгэмэ лъыгъачъэ зарешІылІэ ужым Тэрч Гъут-Гъут къушъхьэ, Арагви, Кура псыхъохэр зэпичи, Тифлис екІурэ гъогу закъом военнэ-грузинскэкІэ еджагъэх. Къушъхьэмэ Тэрч къазыщыхэчъырэ чІыпІэм дэжь Ермоловым пытапІэ щаригъэшІыгъ, Владикавказ фаусыгъ.

ЛІэшІэгъу псаум къыкІоцІ Урысыер Кавказ ыштэным дэзгъэгузажъощтыгъэ Іофыгъохэри щыІагъэх. Я XVII-рэ лІэшІэгъум иаужырэ ныкъо щыублагъэу ислъам диныр Кавказым къызэрихьэрэр, зэо-банэкІи, рэзагъэкІи, егъэшІуныгъэкІи лъапсэ зэрэщигъотырэр Урысыем ичыристан динкІэ дэгъугъэп, ащ дунаим изы джэнэт къопэ гъэбэжъу къызІэкІагъэхьанымкІэ иягъэ къызэрэкІощтым хэгъэгулІхэр ыгъэгумэкІыщтыгъэх, ащ епэсыгъэ Іоф шъэфхэри, нафэхэри зэрахьэщтыгъэх.

Чыристан диныр Кавказым ТемырымкІэ, УрысыемкІэ къыфикІыщтыгъэмэ, ислъам диныр бгъуитІукІэ – Персымрэ Тыркуемрэ – къафахьы. Грузиемрэ Армениемрэ ислъам диныр илъэсыбэрэ ашъхьащытыгъ нахь мышІэми, аштагъэп. Адыгэхэм мэджусый-чыристан-ислъам дин зэхэпхъагъэр хъэтэ дэдэу зэрамыгъашІэу аІыгъыгъ. Ау Тыркуер Анапэ, Сыджикъу, Сыхъум, Поти пытапІэхэмкІэ адыгэмэ нахь къахахьэу, иІуи, ишІи, идини къахилъхьэу ригъэжьэгъагъ.

Нэужым Адрианополъ мамыр зэзэгъыныгъэмкІэ Тыркуер зэкІакІуи, имыегъэ адыгэ шъолъырыр Урысыем ритыгъагъ, мыдырэми къыратыгъэр шІодаушэу тхылъыпІэм кІэтхэжьыгъагъ... Ау Темыр Кавказыр, анахьэу адыгэ шъолъырыр, къызІэкІэгъэхьэгъэным Урысыер зыфежьагъэр Польшэ заор зиухыгъэ илъэсым ыуж. АщкІэ Паскевич

фельдмаршалым зэхигъэуцогъэ екIолIакIэр Апэрэ Николай пачъыхьэм къекIунэу ылъытагъ[1].

Паскевич фельдмаршалым изэо еплъыкIэхэр Вельяминов генералым ыгу римыхьыщтыгъэхэми, шъэфкIи нафэкIи зыфаер ариIуалIэщтыгъэми, ежь иер мызэу-мытIоу афигъэхьыщтыгъэми, ыпшъэкIэ къыфатIупщыгъэ унашъом[2] тетэу илъэс зыщыплIым Алексеевскэ, Афыпс, Ивано-Шебскэ, Ольгинскэ, Абын, Николаевскэ, Кабардинскэ, Михайловскэ пытапIэхэр Шапсыгъэ раригъэшIыхьагъэх.

Вельяминовыр ижъырэ урыс лIэкъолъэш унагъо къихъухьагъ, гъэсэныгъэ дэгъу ыгъотыгъ, икIэлэгъум тхылъыбэмэ яджагъ, французыбзэм, тхакIэм фэIэзагъ, ныбжьыкIэзэ дзэм хэхьагъ, топгъаомэ ахэтыгъ, Аустерлиц заоми лIыгъэ щызэрихьэу хэлэжьагъ. Ермоловым, Бенкендорф гукIи, гупшысакIэкIи, ныбджэгъугъэкIи апэблэгъагъ. Хьисапкlэ иакъыл къытекIоу, зыгорэ къызшIуигъэшIыныр, къызщигъэхъуныр имэкIагъ, аущтэу зэрэпсэущтыгъэр арэу къычIэкIын цIыфхэмкIэ гугъуемылIэу, гукIэгъунчъэу, лыузынчъэу зыкIыщтытыгъэр[3]. Вельяминовым шIошъхъу-

[1] Г. И. Филипсон игукъэкIыжьхэм ащетхы: «Кавказым итыгъэкъохьапIэкIэ щыIэ адыгэхэр аIэ къызэрэрагъэхьащт шIыкIэр 1835-рэ илъэсым Вельяминовым аритыгъагъ. Ар нахь тэрэзыгъ, ау хьисапшIыныр къызэрэтекIорэр къыхэщыщтыгъ. Илэ псыхъуи Пшызэ къыхэлъэдэжьрэ псыхъо инхэми пытапIэхэр атырагъэуцонхэшъ, гъэтIылъыпIэхэри щыряIэхэу, ахэмэ арыкIхэзэ, псыхъо кIэйхэмкIэ Кавказым итемыр къушъхьэ лъапэхэм якIунхэшъ, а шъолъырыр раукъэбзыкIынэу ащ къыщиIощтыгъэ, къыблэ къушъхьэ лъапэмкIэ дэкъузэгъэ цIыфхэм щыIакIэ ямыIэжь хъунхэшъ, къафэIорышIэнхэ фаеу хъущтыгъэх. Николай Павлович пачъыхьэм а зэпстэумэ лъапсэ яIэу ылъытагъ, ау фит ышIыгъэп, «сыда пIомэ мы илъэсым адыгэхэр аIэ къырагъэхьанхэмкIэ иягъэ къэкIощт». А илъэс дэдэм пачъыхьэм иунашъо Вельяминовым IэкIагъэхьажьыгъагъ: «Апэрэ егъэжьэгъум къушъхьэчIэсхэр гъэщынэгъэнхэм пае дэгъоу зыкъягъэшIэжьыгъэн фай».

[2] «Кавказым итыгъэкъохьапIэкIэ щыIэ адыгэхэр аIэ къызэрэрагъэхьащт шIыкIэр 1832-рэ илъэсым Паскевичым Варшавэ щызэхигъэуцогъагъ. Кубань икIэу Геленджик занкIэу екIурэ гъогу пхырахынэу, а гъогум пытапIэхэр тыригъэуцонхэшъ, ахэр хьазыр зыхъухэкIэ, чIыпIэ зэфэшъхьафхэм арагъэкIыхэзэ, дзэ куп цIыкIуипшI фэдиз тыгъэкъохьапIэмкIэ агъэкIонхэу, адыгэхэр Анапэрэ хымрэ арафылIэнхэшъ, зыкъызамыткIэ, рагъэкIодыкIынхэу а тхыгъэм къыщиIощтыгъэ. Ащ ыуж а гъогум къыголъэу, ау тыгъэкъокIыпIэмкIэ нахь дзыгъэу, Кавказым джыри зы гъогу щыхэхыгъэнэу, Пшызэ икъежьапIэ нэсэу, гъогуитIум азфагу илъ шъолъырыр иукъэбзыкIыгъэнэу е аIэ къырагъэхьанэу ыIощтыгъэ».

[3] «Ащ ипхъэшагъэ нэпэнчъагъэ хэлъэу жъалымэгъэ дэдэм нэсыщтыгъэ. Гъогу тетхэ зыхъукIэ, мысагъэ къызхэфэгъэ дзэкIолIхэм



ныгъэрэ шъыпкъагъэрэ пачъыхьэм фыриIагъэми, зэуапIэм къыфагъакIощтыгъэ декабристхэм нэмыплъ арихыщтыгъэп, афэсакъыщтыгъэ, зыфэныкъохэр афишIэщтыгъэ.

Сыд фэдэ чIыпIэ къин ифагъэхэми, Вельяминовыр зэрягъусэ зэпытыщтыгъэм пае, зэрэцIыф онтэгъури зэрэшъхьэзэкъо Iыгъэкl дымыIури дзэкIолIхэм щагъэзыети, мэхагъэ къызхагъафэщтыгъэп. Къэзэкъ пчъагъэ къешIэкIыгъэу итарантас къыращэкIыщтыгъ, зыгорэкIэ шымэ защыфэмыукIочIырэм къушъхьэ дэкIоегъу хьылъэмэ, темэн пхырыкIыгъуаемэ лIыжъ пщэрышхор ащызэIэпахызэ, зыдакIорэм нагъэсыщтыгъэ.

ТыгъоснахьыпэрэпчыпыджынлъыгъэчъэзаорПшъэдэ кIэй зэрэдэтыгъэр, нэбгырэ шъитIум ехъу бгъуитIумкIи зэрэщаукIыгъэр пщигъэгъупшэжьэу, блэкIыгъэ мэфэ цIынэ пщагъомэ афэмыдэу непэ гъэмэфэ къушъхьэм щыошIу. Зы шхонч-топыо макъи къэIурэп, жьы шъэбэ тIэкIу зэрэщыIэр чъыг пкIашъэмэ язэIушъэшъакIэкIэ къэошIэ, тыгъэр зыфэсакъыжьэу къушъхьэ цакIэм къыкъоплъы, мыгузажъоу къыдэпшые, чъыг шъхьэпэ зандэмэ къашъхьащэкIуашъэ.

— Къушъхьэм непэ щыгопэгъущт, силъапI,— зэшхахэм фэмыф-фэмыкIэщыгъоу Вельяминовым къащ къыхьыгъ, Филипсон адъютантым фэшъхьаф горэм дэгущыIэ пшIошIэу, шъхьэ еуфэхыгъэ онтэгъукIэ къыпигъэхъожьыгъ: — Штейбен генералым икIодыкIэ сыгу къео. Къытфэгъэгъунэшъугъэп, силъапI. Джары Паскевичым изэо мыхьазыр къыщытэхъулIэрэр... Типэчъыхьэшхо заор псынкIэу тигъэухынэу дэгузажъо шъхьакIэ, тылъыкIуатэ къэсми адыгэхэр нахь пхъашэу къытпэуцужьых. Къамэрэ, сэшхорэ, шхончырэ нэмыкI зимыIэмэ кIуачIэ къыздырахырэр сшIэрэп.

— Мыжъохэри, гъогу зэпыгъэIыкIыгъэхэри, лъэгъо шъэфхэри, Ваше высокоблагородие, адыгэмэ яIаш,— Филипсони ежь ишIошI къыхигъэхъуагъ.

— Ари щыбгъэзыен плъэкIыщтэп, силъапI. Ау мы Iофым нэмыкIи хэхъухьэ... Наполеон Урысыем зэрэщаушъорэцыгъэр, силъапI, къэошIэжьа? Ащ фэдэ мыщ къыщызэрядгъэшIэнэп, ау мыхэри ячIыгу щэзаох, къаухъумэ... Тэ

бэщыкIэ е къамыщыкIэ ежь ыпашъхьэ щяонхэу унашъо ышIыщтыгъэ... Шъонтрыпэм гупсэфэу тетIысхьэти, зэряощтхэ уахътэр ыгъэнафэщтыгъэ. ПIалъэр екIыфэ нэмыкIымэ адэгущыIэщтыгъэ. Зэгорэм щэджэгъуашхэ тшIызэ, бзэджашIэ горэм фэгъэхьыгъэу къыIуагъ: «Сыд адэ? Инджылыз кIышъоищ ащ фэгъэнэфэгъэн фае...»

типачъыхьэшхо,– джыри гъумытӀымыгъэ,– Паскевич Ӏордэгъэзэ-добэдашхэр къыкӀэкӀэтэу, тегъэгузажъо... Ары, ары, силъапӀ, сыд тихьылъэми, типачъыхьэшхо тыфэшъыпкъэщт, иӀо тыблэкӀыщтэп.

ЧыжьэкӀэ, шы илъыгъо хъунэу, Пшъэдэ тхышъхьэ зандэм азэнаджэм ымакъэ къытетэджагъ.

– Адыгэмэ нэмаз ашӀыщт,– Тенгинскэ дзэм ипэщэ полковникэу Кашутиным къыӀуагъ.

– Хьау, силъапӀ,– Вельяминов лӀыжъым иджыбэ сыхьат зэтыригъэпкӀи, еплъыгъ,– ясэбэхь нэмази текӀыгъ, ящэджэгъо нэмази къэсынкӀэ джыри сыхьатитӀу щыӀ.

– Яхьадэхэр агъэтӀылъыжьхэщтын,– къэбэртэе дзэм ипэщэ Пирятинскэ генерал-майорыри къахэгущыӀагъ.

– Хьау, хьау, силъапӀ,– Вельяминовым ышъхьэ джыри зэреуфэхыгъэу къыӀуагъ,– ухэукъо, адыгэмэ хэшӀыкӀ зэрафыуимыӀэр къэогъэлъагъо. Адыгэмэ хьадэр бэрэ щагъэлъырэп, тыгъоснахьыпэ зыщяттыжьыгъэ мафэм амыгъэтӀылъыжьыгъэхэмэ, тыгъуасэ благъэкӀыгъэп. Молэм иджэмакъэ нэмыкӀ къекӀыкӀэ сенэгуе. Зэхэшъоха, джыри къыхидзэжьыгъ. ТыкъаутӀэсхъыгъэмэ, ядзэкӀолӀхэр зэрагъоилӀэх. Тыдэ щыӀа Навагинскэ дзэм ипэщэ Полтининыр? Сыд шъуӀуагъа ежь зэриӀожьырэр?

Кашутиным щхыпцӀызэ, къыӀуагъ:

– «Полтинин пять раз ранен, три раза контужен и ни разу не сконфужен».

– Къысфашъуущ джыдэдэм Полтинин полковникыр.– Вельяминовым шъхьэ онтэгъур къызеӀэтым, ылъэгъурэм щэгушӀукӀми фэмыразэми умышӀэнэу, къыӀуагъ: – Муары, сызэхихыгъэм фэдэу Полтинин полковникыр къэкӀо. Загъорэ усэкӀэ узщэтхъужьы зэраӀорэр шъыпкъа, силъапӀ?

– Хьау, Ваше высокоблагородие,– Полтининыр нэмышӀукӀэ щысхэм афычӀэплъыгъ, тӀэкӀу ӀущхыпцӀыкӀыгъ,– сфагъэӀу нахь, сызщытхъужьына?..

– Ау етӀани жьыбгъэ къемыпщэу къурэ сысрэп аӀо, силъапӀ.

– Ащ фэди мэхъу, Ваше высокоблагородие... Загъорэ чэф тӀэкӀу сиӀэ хъумэ, ар сфэныкъуагъэкӀэ плъытэщтмэ, сызэсэмэркъэужьэу къыхэкӀы...

– ПцэшӀуащэм, пчыпэм, сэшхоогъум апашъхьэ, силъапӀ, ущысэмэркъэуныр мысэкӀэ слъэгъурэп. Урыс лӀыгъэм ари зэу щыщ. Ау мо тхышъхьэм къытеӀукӀырэ адыгэ макъэр зэхэоха, силъапӀ?

– Зэхэсхы къодыеп, Ваше высокоблагородие,– Полтининым ымакъэ нахь пытэ кӀэхъукӀыгъ,– а лъэныкъом сиплъакӀохэр къикӀыжьыгъэх. ТиӀоф зытетымкӀэ макъэ къыозгъэӀунэу уадэжь сыкъакӀощтыгъэ. Адыгабэ, нэбгырэ шъэ пчъагъэ, тхышъхьэм къыщызэрэугъоигъ, нахь чылэ чыжьэхэми джыри къарэкӀых. ЧӀыпӀэ заулэмэ тигъогупэ къащызэпагъэӀыгъ.

– Зэхэшъухыгъа, зиусхьанхэр? – Вельяминовыр гугъуемылӀ фэдэу, ипэӀо тӀурысэ еплъызэ, къэупчӀагъ, етӀанэ ынэгу плъыжь зэӀигъахьэзэ, ежь-ежьырэу зэриӀожьыгъ: – СипаӀо зылъэгъурэмкӀэ емыкӀу, изэблэхъугъуи къэсыгъ. ЕтӀан ар, етӀан, Григорий Иванович,– Филипсон къыриӀуагъ, имыхэбзахэу псынкӀэуи шъхьэр къыпхъотагъ.– Къушъхьэм непэ щыгопэгъущт сэ джары, зиусхьанхэр, зыкӀэсӀуагъэр. Тыгъоснахьыпэ хъугъэм ыуж адыгэмэ я «Алахьэу акбар» фэдэу, къушъхьэм сырынэкӀэ тыщыджэщт. Джыдэдэм, охътэ лые тетымыгъашӀэу, гъогу закъо нахь щымыӀэми, бгъу зэфэшъхьафкӀэ тякӀущт. Пирятинскэр иджабгъукӀэ, Кашутиныр исэмэгукӀэ, Бриммер полковникым итопхэр тхышъхьэм екӀурэ гъогу закъомкӀэ... Полковникыр,– Вельяминовыр Полтининым ӀущхыпцӀагъ, енэкӀэуагъ,– яхэнэрэу къамыуӀэнэу, яплӀэнэрэу шъхьэзэщыф зэрмыр къырамышӀылӀэнэу, джыри зы закъоӀи къэмыукӀытэжьынэу тхьэ тыфелъэӀун. Уишхонч узэндыгъэу, уипчыпэ ихыгъэу Бриммер итопмэ гъогу афызэӀупхыщт, полковник. Тхьэр шъуигъус, сэ шъуапэ ситыщт, зиусхьанхэр. СидзэкӀо лӀыхъужъмэ ар афэшъуӀопщ. Тэ щыӀэх сикъэзэкъ шъхьэпыупкӀ-упкӀэтакӀохэр?

ТекӀыгъэ мафэхэм, мазэхэм, илъэсхэм афэдэу непи урысыдзэм адыгэ къушъхьэм зыщиӀэтыгъ. Тенгинскэ дзэм сэмэгумкӀэ зидзыгъ. Къэбэртаем – джабгъумкӀэ зигъэзагъ, Навагинскэр топмэ ауж ихьагъ, Вельяминов генералым иухъумакӀохэми онэгу зашӀыгъ, ядзэпщ ыпэ ишъыгъэх, ыуж иуцуагъэх, сапернэ ротэми къушъхьэ лъэпэ мэзым зыхитэкъуагъ. Сыхьат имыкъум шхонч-топ омакъэмэ, шы зэрэгъэщыщ, цӀыф зэрэгъэкуо макъэмэ Пшъэдэ кӀэйрэ тхышъхьэмрэ зэщаутыгъ, гын гъозымэм зэлъиштагъ, апэрэ уӀагъэхэри укӀыгъэхэри къэлъэгъуагъэх.

Мэфэ ныкъор кӀуагъэ, апэрэ гъогу зэпыгъэӀыкӀыгъэр ары ныӀэп Вельяминовым идзэ ыштагъэр. ЯтӀонэрэ зэпыгъэӀыкӀыгъэр нахь къиныгъ, адыгэмэ зэкӀакӀо ашӀэщтыгъэп, шхончыкӀэ къызыохэкӀэ, щэ илъхьагъум уахътэ тырамыгъэкӀуадэу, «я Алахь, джаурмэ татегъакӀу» аӀомэ, зэчыри къыдаӀозэ, къэмэ, сэшхо ихыгъэкӀэ зыкъапхъуатэшъ, тхы дэкӀуаер къин къызфэхъурэ урыс дзакӀомэ закъыжэхадзэ, зэрэлӀых, зэрэукӀых, зэрэтхьалэх. Топыр зыгъэкӀуатэрэмэ щэкӀэ къызэряохэрэм имызакъоу, мыжъо джадэхэр, къапэкӀафэрэр раутэу, зэхащытӀэу, къафыратӀупщэхых, чъыг ихыкӀыгъэ къобэ-бжъабэхэр къатырагъэукӀораех, щэбзащэхэр къахатакъо.

Уахътэр щэджэгъоужым факӀо зыхъукӀэ, Вельяминовыр нахь къэгузажъо:

– Джыри зы илъыгъу, адыгэмэ акӀуачӀэ хэкӀы, ятӀонэрэ зэпыгъэӀыкӀыгъор зытштэкӀэ, гъогур Ӏухыгъ, тхышъхьэр тые,– онэгу зешӀышъ, зэуапӀэм благъэу екӀуалӀэ.

– Адыгэмэ къяхъулӀагъэр сшӀэрэп,– Пирятинскэм еӀо,– непэ фэдэу тхышъхьэр къагъэгъунэу сырихьылӀагъэп.

– Ячылэхэр къаухъумэ, силъапӀ, ячылэхэр…

– А лъэныкъом чылэ щыӀэп, Ваше высокоблагородие,– игенерал фэсакъызэ, Филипсон реӀо,– адыгэмэ чъыгэе мэз горэ къаухъумэ.

– Полтининым ицӀыфмэ къагурыӀуагъэп, ущызэбгырыплъэу ар къабзэ, бгъу пстэумкӀи къагъэгъунэ. Оныр щигъэтынэу сэ сцӀэкӀэ дзэм еӀу, ау къызэкӀэмыкӀонхэу афэгъэпыт. Пчыхьэм нахьи пчэдыжьыр нахь Ӏуш. УӀагъэхэмрэ фэхыгъэхэмрэ зэуапӀэм къыӀушъущых. УӀэгъэ хьылъэхэр Геленджик шъущэх, фэхыгъэ лӀыхъужъхэр чӀыгум ежъугъэкӀух.

– Чыристаны къэмэ, Ваше высокоблагородие,– къэзэкъ горэ къэгузэжъуагъ,– басурманхэр арыджэгущтых…

– Адыгэмэ укъагъэщтагъа, тхышъхьэр тфэштэнэп пшӀошӀа, къэзэкъ? – Егыйми, фэгубжми къыбгурымыӀонэу Вельяминовыр дзэкӀолӀым еупчӀыгъ, джэуапи ритыжьыгъ: – Неущ пчэдыжь тыгъэр къыкъомыкӀызэ, ащ тлъапэ зэрэтетыдзэщтыр, чыристан рэхьатыр зэрэтетхьащтыр пшӀошъ гъэхъу. Фэхыгъэ лӀыхъужъхэр тыгъэр къомыхьэзэ, чӀыгум ежъугъэкӀух, гунахьышӀагъэ яӀэмэ, Тхьэм къафигъэгъунэу шъуелъэӀу, дыухьэ къафэшъухь.



Сыхьат закъокӀэ зэрэшъхьаукъагъэр хэбгъэкӀымэ, гъэмэфэ чэщ кӀаком Вельяминовым ынапӀэ ридзыхыгъэп. Нэфылъэр къызэкӀичынэу зэрэрегъажьэу идзи, елбэткӀэ Геленджик къыфикӀыгъэ къэзэкъ шыу шъищми ышъхьэкӀэ заӀуигъэкӀагъ, ариӀуагъ:

– ЛӀыхъужъынигъэ зэрэшъухэлъыщтми тхышъхьэр зэрэтыещтми щэч хэлъэп. Урысые пачъыхьэшхор шъугу илъэу, Тхьэр шъуиухъумакӀоу шъузау, шъуилӀыгъэ къэжъугъэлъагъу, сэри сыкъэшъумыгъэукӀытэжь, адыгашъхьэ къэзыхьырэ пэпчъ ахъщэ дэгъу естыщт!

Нэфшъагъом щыкӀадзэгъэ заор, тыгъуасэрэм нахьи нахь жъалымагъэ хэлъэу щэджэгъоужым тхышъхьэ лъэгапӀэм щаухыгъ.

Адыгэ шъхьэ пыупкӀыгъэ зырызхэр, тӀурытӀухэр ажакӀэхэмкӀэ зыӀыгъ дзэкӀолӀ купмэ Вельяминовыр шыоу ябгъукӀуи, лӀэшӀэгъум къехъун ныбжь зиӀэ чъыгэешхо зэкӀэупкӀэгъэ дахэхэр зэрыт гъэхъунэ нэфынэ пашъхьэм къыщыуцугъ, адыгэмэ лъыр бгъуитӀумкӀи зыфагъэчъагъэр зилӀэужыгъор къыгурыӀуагъэми, фепсыхын мурад фырымыӀэу къыӀуагъ:

– Сыд мыр зилӀэужыгъор?.. Мыра адыгэмэ агу пымыкӀыщтыгъэр?

– Мыхэр, Ваше высокоблагородие,– Кашутин полковникым къыӀуагъ,– адыгэмэ ямэджусый шыихъ чъыгаех, быслъымэн диным зэритхэзэ, джы къызнэсыгъэми агъэлъапӀэх, ящыӀэныгъэ ыпэ къаштэ.

– Ары, ары, силъапӀ,– гум илъ шъыпкъэр къызхимыгъэщэу Вельяминовым къыӀуагъ,– мыхэр адыгэмэ яшыихъ чъыгаех… Апсэ емыблэжьхэу къаухъумагъ… Мыщ фэдэ чӀыпӀэ лъэпӀэ тхьапш адыгэчӀым итыр?..– Ежь-ежьырэу зэупчӀыжьыгъ: «Тэ мыгъэ мыщ заор щытыухын фае, Чэчэнри Дагъыстанри къетымыгъэшӀу хъущтэп тэӀо…» Джэуапи зэритыжьыгъ, етӀанэ чъыгаемэ ӀаплӀыкӀэ акӀэрыдыихьэгъэ адыгэхэр зелъэгъум, къамыщыпэр афигъэлъэгъуагъ: – Мохэр?..

– Ахэмэ апсэхэр, Ваше высокоблагородие,– Полтининыр къэзэкъмэ афыреплъэкӀызэ ӀущхыпцӀыкӀыгъ,– ябасурман Алахьым дэжь быбыжьыгъэх.

– АрынкӀи мэхъу, силъапӀ, арынкӀи мэхъу…– Вельяминовым тӀо шъэбэ-шъабэу къыкӀиӀотыкӀыжьыгъ, етӀанэ мэкъэ пхъашэкӀэ унашъо къытыгъ: – Зы къэшъумыгъанэу

чъыгаехэр ишъухыкІых[1], анахь пытэІо-дэхаІомэ ащыщ такъыр горэ сэщ пае къахэшъух, шІэныгъэхэм я Академие згъахьыщт. Модырэ згъэгугъэгъэ лІыхъужъмэ, Григорий Иванович,– Филипсон риІуагъ,– шъхьэу къахьыгъэ пэпчъ сомипшІ ят[2].

## V

Гъэтхэ-гъэмэфэ мэзищым Адэрбые, Пшъэдэ къушъхьэтх-кІэй зэхэтмэ урыс дзэкІуабэ ащычІинэгъагъэми, къыдэхъугъэ гъэхъагъэмкІэ разэу, Михайлов пытапІэр ТІопсэ гъогумкІэ адыгэмэ зэрапигъэуцугъэм къогушхукІызэ, ятІонэрэ зыІэтыгъом зыфигъэхьазырынэу Вельяминовым Геленджик къыгъэзэжьыгъ, къушъхьэ гъогум зэрэтепшъыхьагъэм пымылъэу икъэбар гушІуагъо чІыпІитІо ыІопщыгъ.

«Санкт-Петербург, Урысые пачъыхьэшхом, Чернышев дзэ министрэм адэжь» ежь ыІэкІэ ытхыгъ, еджэжьи, егугъупэзэ зызэрегъэфэжьым, имыхэбзэ мэкъэ чанкІэ унэм чІэджыкІыгъ:

– Григорий Иванович, тэ ущыІа? Ма, силъапІ, джыдэдэм, пчыхьэ-чэщы умыІоу мы къэбарыр Петербург Іопщы,

[1] Г. И. Филипсон къетхыжьы: «Ящэнэрэ мафэм Адэрбый тхышъхьэм тытекІи, Пшъэдэ тхышъхьэ тынэсыгъ. Къушъхьэтхым иІэ гъэхъунэм ит чъыгэе лъапІэхэм адэжь адыгэхэр пхъашэу къыщытэзэуагъэх... Ар адыгэхэмкІэ тхьалъэІупІэу къычІэкІыгъ. ИжъыкІэ къыщегъэжьагъэу ащ мэджсуй дин Іофхэр щызэрахьэщтыгъэх. Чъыгаехэр дэгъу дэдэу къызэтенэгъагъэх: ахэмэ ащыщ горэм мыжъошхо кІоцІылъыгъ, чъыгым хахъо къэс бгъу пстэумкІи зэлъиштэзэ, чъыг кІышъом мыжъом зырищэкІыгъагъ. Илъэс шъитІум къыщымыкІэу чъыгаем ыныбжь къыпшІошІыщтыгъ. А чъыгыр рахыкІынышь, мыжъор зыхэкІыхьэгъэ чІыпІэр къырахыкІынэу Вельяминовым унашъо ышІыгъ. А пхъэ такъырыр шІэныгъэхэм я Академие аригъэхьынэу фэягъ».

[2] «ЧыжьэкІэ къоджэ заулэ къэлъагъощтыгъэ,– Филипсон ыгу къэкІыжьы.– Шхонч зэпеор къежьагъ. Зы чІыпІэ ар лъэш дэдэ щыхъугъ... ГугъуемылІ шыоу кІощтыгъэ Вельяминовым къысиІуагъ: «Модэ кІуи, силъапІ, шхонч зэпеокІэ бащэрэ мышІыкІэенхэу а щорэхэм яІу, типыймэ зыкъырагъанэ хъумэ, пчыпыджынхэмкІэ арэлІых...» Пчыхьэм ехъулІэу шхонч зэпеор кІосэжьэу ригъэжьагъ, къуаджэхэр стыщтыгъэх, а чІыпІэм цІэ фэхъугъэр къызтекІыгъэ Іошъхьэшхоу ІошъхьэдахэкІэ заджэхэрэм дзакІохэр къегъолъэкІыгъэх. А мафэм адыгэ хьэдэ заулэмэ ашъхьэхэр паупкІи, чэтэным кІоцІащыхьагъэх. Шъхьэ къэзыхьыгъэ пэпчъ Вельяминовым сомипшІ ритыщтыгъ, цІыфышъхьэхэр шІэныгъэхэм я Академие аригъахьыщтыгъ... Къэзэкъ пчыпэмэ апыІугъэ шъхьэхэм ятеплъэ гумыштэ-къэрарынчъэгъэ зэхашІэ сигъэшІыгъэ...»



ыгъэгушІощтых. Сыд бгъэчэрэгъухэу, силъапІ, узпэтыр? Мыхъун арыплъэгъуагъа?

– Ящэнэрэ тхыгъэр, Александр Александрович,– Филипсон фэсакъыпэзэ, генералым риІуагъ,– ахэслъагъорэп.

– А-а, итэмэтелъыышхо емылъытыгъэу сыда Паскевич шъхьэнэкІым ар зэрищыкІагъэр!.. КъытэдэІугъэп, ежь зыфаер пачъыхьэм ригъэштагъ. Сэ сиадыгэ еплъыкІэ къыдыригъэштэгъагъэмэ, илъэситфым хэо-хапкІэкІэ тыщыцуахъоу мы лъэныкъом титыщтыгъэп. АбхъазымкІэ къикІыщт дзэмрэ тэрырэ ядэкъацэ бэшІагъэ адыгэхэр зыдэтпІытІэщтыгъэхэр, хы ШІуцІэми пытыбзыкІыщтыгъэ... Джы еплъ къытэхъулІэрэм, кІэмгуехэр, мэхъошхэр, бэслъыныехэр, абадзэхэр... КъысэдэІугъагъэхэмэ, бэшІагъэ адыгэ шъолъырыр къызедгъэуцолІэщтыгъэр... А-а, сыда, силъапІ, ащ тытегущыІэжьыкІэ, хъущтыр хъугъахэ... Аущтэу оІомэ, о фэтх, ау апэ ІэкІэбгъэхьаныр, ынапшІэ тыребгъэлъхьаныр, пачъыхьэм фебгъэІопщыныр ищыкІагъэп, тхьэмафэ тегъашІи, фэгъэхь. Зы нэбгыри садэжь къычІэмыгъахь, зысэгъэпсэфы.

Гупшысэ зыхъукІэ зэришэнэу, Вельяминовыр пхъэ пІэкІорым ынэІу дэгъэзыягъэу тегъолъхьагъ, ыІэгушъуитІу шъхьэпхэтыкум чІилъхьагъ, кІэшъо лъахъчэм ынэхэр римыгъэгъэпшъыным пае игуапэу ынапІэхэр зэтырилъхьагъ. Хыолъэ мэкъэ шъабэм нэмыкІ къемыІоу хыблыгум щыгупсэфыгъ. Загъорэ, тэкІу шІэ къэсми, зымафэ адыгэ шыихъ чъыгаехэр зэрэраригъэхыкІыгъагъэр ыгу къегъэкІыжьы пІонэу, унэкІыб чъыгышъхьэм къиджыкІырэ бзыу тхьаусыхэ макъэр игупшысэмэ къахэо.

Адэ джары, Вельяминов лІыжъыр, къытэхъулІэрэр, ежь-ежьырэу зэгыижьы, хэгъэгум ипачъыхьэ ныбжьыкІэ ипкъэгъу-лэгъумэ агъэгузажъо. Хэгъэгу пашъхьэм щызетхьэгъэ шІушІагъэмэ апае къытфагъэшъошэгъэ бгъэхэлъхэр арых джырэкІэ тыкъызкъонэжьыхэрэр, ахэмэ ящыгъупшэжьыгъуи мычыжьэжьыкІэ сенэгуе. Суворовыми Кутузовыми тэ ягугъу тымышІымэ, хэт зыгу къэкІыжьырэр? Ермоловри илъэсипшІым къехъугъ мыщ зыращыжьыгъэр. Ари ащэгъупшэжьы... Гъэхъагъэ иІэба ащ? Хэта зыгу укъэкІыжьыщтыр? Паскевич графыр ара, Розен бароныр ара?.. Тэщ нахьи ахэмэ ашъхьэ нахь алъытэжьы... Бенкендорф граф закъор ары нахьыжъмэ ащыщэу пачъыхьэм пэблагъэу къахэнэжьыгъэр... Санкт-Петербург къытфырагъэкІрэ

лыкIохэр? Хъан-Джэрые зиусхьанри Вревскэ бароныри къилъэтыгъэ кIалэх... Сыдэу мы бзыум сыщимыгъэIэжьра сэIо...

– Григорий Иванович, силъапI, сыд мы бзыум, адыгэ макъэ зыкъысфежъугъэшIэу, сызфежъугъэудэгурэр?

– Чъыгым пытфы къэс, Ваше высокоблагородие, къыпэтIысхьажьы. Джы Забугэ дзэкIолIыр пэIузгъэуцуагъ.

Ардэдэм бзыу джэмакъэр къэIугъ.

– Зэхэоха?! – Вельяминовым ышъо къыхихыгъ, етIанэ нахь къэшъэбэжьыгъ: – Бзыум ешъупэсын шъушIэрэба, силъапI? ЗэогъукIэ къешъуутэхи, Засс генералым адыгашъхьэхэр пчэгъумэ зэрэшIуаригъэIущтыгъэм фэдэу, а тыщызымыгъаIэрэр пчэгъу шъхьапэм сфыпышъулъ.

Шхончыю макъэм ыуж, бзыум ымакъэ генерал лIыжъыр заулэрэ кIэдэIукIыгъ, етIанэ зи къэмыIужь зэхъум, игупшысэ зэпыугъагъэмэ зыхащэжьыгъ. Шъо шъузэрэфэе IэшIэхэу Темыр Кавказым шъуиIоф къыщикIыщтэп, ыIуагъ. Адыгэмэ якъытпэуцужьыкIэ елъытыгъэу адырэ лъэпкъ зэфэшъхьафмэ уатегущыIэн хъумэ, пачъыхьэр мыбжыхьэ къызыщытфэкIощт пIалъэр хэгъэкIи, зэрэ Урысыеу укъякIугъэми, илъэс шъэныкъокIи къэбгъэуцолIэнхэп. Алъэгушъо фэдиз чIыгу пэпчъ ящыIэныгъэ халъхьэзэ къаухъумэ. Мыгъатхэ щегъэжьагъэу мэзиплIым къыубытыгъэ уахътэм верст шъэныкъуи къушъхьэм щыткIугъэп. Ари тидзакIомэ къядгъэгъэгъунэрэ пытэпIэ Iэгъо-благъохэр арых нахь тыехэр, адырэхэр зэкIэ – цIыфхэри, къушъхьэ гъогухэри, мэзхэри, чъыгышъхьэм къырязгъэутэхыгъэ бзыури – зэкIэ типый. Къохьэпlэ Сыбыр зэрэпсаоу зыIэмычIэ илъыгъэ сшынахьыжъ Иван псаушхощтыгъэр къыщычъаий, лIагъэ... Сэ сипсаунигъи хъатэп... «Темыр Кавказым кIо, тиIофхэр щыкIэгъэкIых» пачъыхьэм къызысеIом, Ермоловыми сызеупчIыжьым, сшынахьыжъ зэримыгуапэр сшIэзэ, «хьау» сфэIошъугъэп. Сшыпхъу тхьамыкIитIуи зэрэIыгъыжьых, зыфэсакъыжьых аIозэ, сэ сикъэщэгъу зэрэблэзгъэкIыгъэм фэдэу ядэкIогъу тырагъэкIи, пшъэшъэжъэу къэнагъэх. Сыда шъуIуа ахэми якъэбар? Мыщ тыкъэкIоным ыпэкIэ, кIымафэм, Ставрополь къызэрэсфэтхэгъагъэх. Моу типачъыхьэ къытхахьэу ыгъэзэжьмэ, тихэпIэжъ зыдэщыIэ Тулэ хэкумкIэ сырекIокIынышъ, сикIэлэгъу зыщыкIогъэ чIыпIэхэри сшыпхъуитIуи къызэзгъэлъэгъуных... Ау адыгэхэр къызгурыIон слъэкIырэп... КъафыкIэрымытхъыжьхэу чъыгаемэ зазэрэкIырагъэукIыхьагъэхэр арэп. Къызэрэтфырымыкъущтхэр ашIэ пэтызэ, нэбгыришъэ уIэшыгъэмэ къахэлъадэх, топыIумэ закъыIуадзэ, къушъхьэм зырадзыхышъ, нэбгырэ пчъагъэхэр зыдахьыжьы. Сыд илIэужыгъу ар? Ащ сыд узэреджэщтыр? СыдэущтэуетIани адыгэ шъолъырым икъегъэшIун дгъэпсынкIэщт?..– ЗэрэIуилъэшъугъэр ымышIэу, гъогуми гукъэкI мышIухэми агъэпшъыгъэ Вельяминовыр хэчъыягъ.

ЯтIонэрэ мафэм, щэджагъо мыхъупэу, зажэщтыгъэ цукум Вельяминовыр унэм рищыгъ. Щэрэхъ инитIу зыкIэт цуку зандэм пхъэ такъыритIу къещы, занкIэх, цIэшъутабзэх. Анахь чъыгэе такъыр иным ынатIэмэ мыжъо зэпыутыгъэхэр къарэщых.

– Мыжъомэ сыдэущтэу шъуафэмысакъыгъа, силъапI? – Егыйми ецIацIэми умышIэнэу Вельяминовыр цукуаом еупчIы.

– Мыжъом, Ваше высокоблагородие,– цукуаор къэгузажъо,– пхъэхыр зэпиутыгъ.

– ИтеплъэкIэ мыжъор шъабэ фэд, силъапI.

– Аущтэу къызшIомыгъэшI, Ваше высокоблагородие,– Забугэ дзакIор IэгушъоцакIэкIэ мыжъом теозэ, къахэгущыIэ,– чъыгэепс зэрегъэшъуагъэр арыщтын, штэIукIэм фэдэу пытэ.

– Ары, ары, силъапI. Адэ модырэ пхъэ такъырым мыжъо кIоцIылъэпи?

– Ар удгъэпхъэшIэн, уикIэсэ джэгуалъэхэр хэодгъэшыкIын тIуи, къыпфэтщагъ, Ваше высокоблагородие.

– Ара, силъапI? Ащыгъум мыр сипхъэшIапIэ сфычIашъухь. Мыдырэр, Григорий Иванович, апэрэ къухьэу IукIырэм Феодосие сфынежъугъэгъэс. ШIэныгъэхэм я Академие IуагъэкIэнэу тхылъ игъэгъус, зэхарэф адыгэмэ яIэшIэгъэ шъэф зыфэдэр.

Ар зыхъугъэм мэфэ зытIущ тешIагъэу, хы гъогум тыращэгъэ пхъэ такъырыр Феодосие дащыгъ-дамыщыгъэнэу Вельяминовым къэбар къылъыIэсыгъ.

– Адыгэхэр тыдэ пIуагъа къызщызэрэугъоигъэхэр? – Вельяминовыр Полтинин полковникым еупчIыгъ.

– Шыихъ чъыгаехэу итыупкIыгъэмэ адэжь, Ваше высокоблагородие.

– Адэжьыр сыд къызэрэбгурыIощтыр, силъапI?
– Шыихъ гъэхъунэ нэкIыр алъэгъоу зэхэтых.
– Гъэхъунэм, зэряшэныгъэу, сыд зыкIыщызэрэмыугъоигъэхэр? – Вельяминовыр щхыпцIыгъэ: – Хьэрам афэхъугъа?
– СиплъакIомэ къэбар къызэрахьыгъэмкIэ, Ваше высокоблагородие, ячIыгу къаухъумэн зэрамылъэкIыжьрэм пае мэджус тхьэхэр къябгыгъэхэу, Алахьэм къыкъонэжьынхэмкIэ гугъэхэу аIо.
– Тхьэ бащэ яIэшъ ары...– Ежь нэмыкI зэхимыхы фэдэу Вельяминовыр гъумытIымыгъэ, етIанэ ынэхэр къиуплъыжьыкIхэу къэупчIагъ: – Нэбгырэ тхьапш хъухэра? Сыд ягухэлъ?
– Шыухэми лъэсхэми нэбгырэ минипшI фэдиз мэхъух. Тызэощт, тичIыгу, тисабыйхэр, тинэжъ-Iужъхэр, тинамыс къэтыухъумэжьыщт аIо. Ау ащ ыпэкIэ ялIыкIомэ зыкъыпIуагъэкIэщт.
– Сыд къысаIощт? – Вельяминовым ынэпцэ цIэплъыхэр къыпхъотагъэх, етIанэ къызэрэзыбгырыугъащэр зыдишIэжьзэ зыкъигъэтэрэзыжьыгъ: – Ары, ары, силъапI, зыкъысIуагъэкIэ, къыздэгущыIэхэ ашIоигъу... КъытэшIущтхэмэ, гухэлъышIу яIэмэ, къеблагъ ятIон... Яшыихъ чъыгаемэ ахэсшIыкIыгъэ джэмышхымэ, онтэгъуIо амыIощтмэ, быслъымэнмэ яхьэрам лым хэшIыкIыгъэ лэпс дэгъу редгъэшъоных.
Щысхэр, зыгу къыдеIи къыдемыIи, зэрэгъэщхыгъ. Вельяминовым щхыпэ къемыкIоу игущыIэ къыпидзэжьыгъ:
– Тызэощт аIомэ, сэрэп ахэр зыIукIэн фаехэр. Ахэмэ тэ шIу ткIэрахыщтэп. Типачъыхьэшхо къафиIопщыгъэ лIыкIомэ апэ заIуарэгъакI, зэхэрэгущыIэжьых. Ау а зыфашъуIорэ адыгэхэр сенэгуе бащэрэ зэхэмытышъунхэкIэ, шыплIэкIэ, пшъэбыкIэ къыздахьыгъэ мэлыхэр зашхыхэкIэ, цIыкIу-цIыкIоу зэбгырыкIошъыжьыщтых.
Джыри щысхэр зэрэгъэщхыгъэх. Вельяминовыми адырыгъашти, кIэкIэу къыпиупкIыжьыгъ:
– ШъуIэ зэтедзагъэу, зиусхьанхэр, шъущысыныр ащ къикIырэп. Адыгэмэ яшашитыгъэ непэп зышъушIэрэр, дзэр хьазырэу ылъэ тежъугъэт, шъумыбэлэрэгъ.
Вельяминовым зэриIогъагъэу адыгэхэр къычIэкIыгъэхэп. Тхьэмэфэ псаум зэбгырымыкIыжьыщтыгъэ хасэм илIыкIо шыуитфыр Геленджик Iэгъо-благъом къэсыгъ заIом, джыри зэ ищыгъынмэ генералыр апыплъыхьажьыгъ, зыгуилъхьанкIи зыфэмыкIэщыгъоштыгъэ Iашэхэр – къамэри, сэшхори, кIэрахъори – зи ямылэжьагъэхэми, ыгъэтэрэзыжьыгъэх, ыпэкIэ-жакIэми ахэIэбэжьыгъ, зэрапэгъокIыщтымрэ зэрадэгущыIэщтымрэ ягупшысэзэ, фэмыфыгъэ-къехьылъэкIыр къытекIоу унэ джэхэшъогур рекIукIы, загъорэ шъхьаныгъупчъищымэ яз кIэрэуцошъ, зы ор губжыгъи зы къошъо гъощагъи зытыримылъагъорэ хыблыгу гупсэфымкIэ маплъэ.
– Адыгэ лIыкIохэр къэсыгъэх, Ваше высокоблагородие,– зыкIыб къэгъэзэгъэ генералым Филипсон реIо, еупчIы: – Iашэхэр зыгуядгъэхыщтха, Александр Александрович?
– Бащэ, силъапI,– пшъэ гъум тхы пщэр зэхэгуагъэмкIэ ерагъэу зыкъызэрегъэзэкIы,– агорэлъ, сэри мары зголъых. Нэбгыритфыри лIыкIоха?
– Ары аIо, Ваше высокоблагородие. Тфым щыщэу тIур уинэIуас.
– Хэтых?
– Тыгъужъыкъо Къызбэч, Щырыхъукъо Тыгъужъ.
– А-а, синэIосэжъхэр ара?.. Адырэхэр?
– Ахэмэ хэшIыкI афытиIэп. ТинэIоситIу ялъытыгъэмэ, бэкIэ нахьыкIэх. Мы аужырэ илъэс зытIум адыгэмэ закъыхэзыIэтыкIыгъэхэм ащыщхэкIэ сэгугъэ. Зыр илъэс щэкI хъугъэми ары.
– Къищэх.
Тыгъужъыкъо Къызбэчрэ Щырыхъукъо Тыгъужърэ мэстапэм къыпызыгъэ шъошэ къабзэкIэ фэпагъэх, СултIэнэ Шъэуаерэ Агой Пщымафэрэ ащыгъэхэр нахь тIурысаIох. Ахэмэ Тэзэ Адыгэ ауж итыжьэу Вельяминовым фычIащагъэх.
ШIуфэс кIэкI бгъуитIуми зызэрахым, зэпэчIынатIэхэу тIысыгъэх. Тэзэ Адыг зипхъэнтIэкIу нэкIэу къэнагъэр – нахьыжъмэ акIыб дэуцуагъ. Филипсон нэкIэ пхъэнтIэкIум тетIысхьанэу зырегъэлъэгъум, адыгабзэкIэ риIожьыгъ:
– Сэ тинахьыжъмэ сашъхьащытыныр къыстефэ.
АдыгабзэкIэ унэм щашIыгъэ гущыIэр кIэзыгъэнчъэу Мыгурыкъо подполковникым зэридзэкIыжьыгъ.
Тыгъужъыкъо Къызбэч къызэрэхихыгъэр къызхимыгъэщэу къыIуагъ:

– ЗилӀыгъэрэ зыпэкӀэ-жэкӀэ тхъуагъэрэ шъхьэкӀафэ зыфашӀырэ Виламин инэралыр, гыякӀо, е цӀэцӀакӀо, е удгъэ-сэжьынэу адыгэ хэсашъхьэм уадэжь тыкъигъэкӀуагъэп, ау сигъусэмэ къыздырагъэштэщтмэ, сыгу зэмыӀу горэ къыосӀон. Мо Мыгурыкъо къумалыр къытхэсыныри къыт-хэгущыӀэныри къезгъэкӀурэп,– игъусэмэ къыдырагъаштэу ашъхьэ зэдагъэсысыгъ,– емыкӀу къытфэмышӀэу танэӀу ипщыгъэмэ тигопэщтыгъэ. Фызэдзэк, Ӏиман зимыӀ.

Мыгурыкъом зэридзэкӀыгъэр зэхэзыхыгъэ Вельями-новыр щхыпцӀыгъэ:

– Мыгурыкъо подполковникыр титэлмэщэщт ныӀэп.

– Тыбгъэразэ пшӀоигъомэ, шъхьэкӀэфагъэ зыфытиӀэ инэрал, ар тэлмащэкӀэ тштэрэп. ТыбзэкӀэ Ӏоф шъухэтэ-дзэмэ, тэри къэзэкъыбзэ тӀэкӀу тэшӀэ, шъубзэ нахь фэӀази тигъусэ, бгъуитӀумкӀэ тӀорэр Шъэуае къыдгуригъэӀощт.

– Аущтэу шъоӀомэ,– тӀэкӀу тыригъашӀи, Вельяминовым къыӀуагъ,– зы лъэныкъокӀэ адыгэ лӀыкӀомэ ялъэӀу згъэцэкӀэн, Мыгурыкъо подполковникым итэлмэщагъэ непэ ытхыжьын, ащ фитыр сэры. Ау сызфимыти мы Ӏофым къыхэхьэ: урыс забытым, тефэми темыфэми, шъуапашъхьэ емыкӀу щесхын, инамыс сыушъхьакӀун сыфитэп. КъытхэмыгущыӀэ-щтми, къызытхэфагъэкӀэ къытхэрэс. Шъуитэлмащэ тэштэ.

– Тилъэӏуми сшӀэрэп, инэрал... Къэзэкъмэ зэгорэм, Шъэуай, узэрягъэрыгъэр къэгъэшъыпкъэжьызэ, фызэ-дзэкӀ.– Тыгъужъыкъо Къызбэч къыӀуагъэм зэпыупӀэ тӀэкӀу фишӀи, къыпидзэжьыгъ: – ТишӀоигъо зэрэпштагъэмкӀэ тхьэуегъэпсэу, Мыгурыкъом тызыщыдэгущыӀэщтыри тапэкӀэ къэт. Тэ джы лъэгъунэу къыпфытиӀэр мары, инэрал. Тырку султӀаным тхылъ нэпцӀыкӀэ шъукъытитыгъ шъуӀуи, тичӀыгу шъукъызэрихьагъэр, пытапӀэхэр къызэрижъугъэу-цохэрэр къэрарынчъагъ, нэпэнчъагъ. Тыркуем тыкъы-шъуитынэу нибжьи тыриягъэп, гъэпцӀагъэкӀэ Урысыем таӀихыныри тафэщтыгъэп. Къэзэкъхэр Пшызэ джабгъу къызырагъэтӀысхьэгъэ илъэс пчъагъэм бгъуитӀумкӀи щыӀакӀэ тиӀэжьэп. ТызэжъугъэшӀуным, мамыр къытхэшъулъхьаным ычӀыпӀэкӀэ, хы кӀыбым щыӀэ Тыркуе хэгъэгум ишашытыгъэ шъуиӀэубытыпӀэу, къушъхьэчӀэс ӀэлкӀэ шъукъытаджэзэ, тихэгъэгу шъхьафит шъукъехьэ, тичылэхэр тэшъогъэсты-кӀых, тижъокӀупӀэхэр цӀыраужъ ишъошӀыкӀых, тимэкъупӀэхэр ишъоулъэбыкӀых, тибылымхэр, тиунэгъо мылъку зешъо-пхъо, тисабыйхэр, тибзылъфыгъэхэр, тинэжъ-Ӏужъхэр гъаблэм ешъогъэгъалӀэх. О пшъхьэкӀэ, урыс инэрал, зымафэ къытэпшӀагъэр, адыгэмэ ятхьэлъэӀупӀэ шыихъ чъыгаехэр зэрэщырябгъэупкӀыгъэр къыпфэдгъэгъущтэп, узэрэтхьэнчъэр ащ къеушыхьаты, ягунахьи къыптэфэжьыщт. Арышъ, адыгэ хэсашъхьэм къыпфегъэпытэ: уидзэ тичӀыгу иощыжьы, уипытапӀэхэр Ӏуохыжьых, Пшызэ иадырабгъу нэпкъ утетӀысхьажьышъ, мамыр зэдытиӀэу тызэдэпсэу. Аущтэу узымызекӀокӀэ, зэрэадыгэ шъолъырэу зао къео-шӀылӀэ.– Тыгъужъыкъо Къызбэч къыӀуагъэм зэпыугъо бащэ фимышӀэу къыпигъэхъожьыгъ: – Джы, инэрал, адыгэ хэсашъхьэм къыпфиӀопщыгъэм иджэуап тыкъедэӀу.

Тыгъужъыкъо Къызбэч къыӀорэр Шъэуае урысыбзэкӀэ къызэпегъэфэфэ, Вельяминовыр гукӀэ щхыпцӀызэ, зымафэ чъыгаем хишӀыкӀыщтыгъэ джэмышхымэ, бэлагъэмэ, лыте-упкӀэтапӀэмэ, ТӀуапсэкӀэ идзэ зэрэлъигъэкӀотэщтым, ыпашъ-хьэ исмэ нахь чӀыгубэ къызэратырихыщтым егупшысэщты-гъэ нахь, ягумэкӀ-гукъао ышъхьэ ригъахьэщтыгъэп. Къы-збэч зеупчӀыр ары ныӀэп ынэгу чъэкӀыгъэ зызэблихъугъэр, зэхихыгъэр зэримыгуапэр къыхэщэу лъы тӀэкӀу къызечъэ-жьыгъэр.

– КъэшъуӀуагъэмкӀэ, лъытэныгъэ зыфысиӀэ адыгэ лӀыкӀох,– Вельяминовым зыхиушъафэщтыгъэ щхыпцӀыр джы ынэгу къыхэщыгъ,– сиджэуап кӀэкӀыщт. Сэ Урысые пачъыхьэшхом сыригенерал, ащ иӀо зы щэрэчыкӀи сыдэхын сыфитэп. Сэ сызэрэшъуещыгугъыгъэу непи шъукъычӀэкӀы-гъэп, шъукъытэшӀуным ычӀыпӀэкӀэ даохэр къысфэшъошӀы, гущыӀэ пхъашэхэр къэшъодзы. Пачъыхьэм къышъуфигъэ-кӀогъэ лӀыкӀохэу СултӀан Хъан-Джэрые зипащэм непэ-неу-щэу сяжэшъ, джыдэдэм къэсынхэкӀи мэхъу, шъуаӀузгъэкӀэн слъэкӀыщт.

Адыгэ лӀыкӀомэ зэхахыгъэр агукӀэ зэрашӀощхэныр къызхамыгъэщыгъэми, Вельяминовым къыгурыӀуагъэр Тыгъужъыкъо Къызбэч къыушыхьатыжьыгъ:

– Уипачъыхьэ лӀыкӀохэр тадэжь къегъакӀохэмэ, зыӀукӀэ-щтхэр ежьмэ нахь ашӀэн, инэрал. Апшъэрэ адыгэ хасэм тпшъэ къырилъхьагъэр тэ къыотхьылӀагъ. Тыкъызэхэ-мышӀыкӀымэ, джа къызэрэотӀуагъэу, зэкӀакӀо тиӀэп, тихэ-гъэгу къэтыухъумэщт!

Нахьыжъыр къызэтэджыжьым, игъусэхэми зыкъаӀэ-тыжьыгъ.

Урысые пачъыхьэм илIыкIохэр «джыдэдэм къэсынхэкIи мэхъу» Вельяминовым зэриIогъагъэр къагъэшъыпкъэжьэу, къедэогъэ адыгэхэр Геленджик чапэм дэкIоежьыгъагъэхэми ары Хъан-Джэрыедыхэр генералым дэжь зыращэхэм.

«Мыхэр садэжь зэрэщызэIумыкIагъэхэр дэгъу, сыд сиIоф ахэлъ...» – ИхьакIэмэ зэраIоплъэу Вельяминовыр гушIуагъэ. Ар ыгу илъыгъэми, ариIуагъ:

– Джыдэдэм шъукъэсыщт Iоу сшIагъэмэ, адыгэ лIыкIохэр сIэжэныгъэхи, сыхьатныкъо тешIагъэми ары тхышъхьэ мэзым зычIэхьажьыгъэхэр.

– Хэтых ахэр? – Хъан-Джэрые зыкIэупчIэхэрэр ымышIэщтыгъэхэми, хэти щэрэщых, зэраIумыкIагъэр ыгу къызэреорэр къызхимыгъэщэу, генералым Iуплъагъ, ахэмэ о нахь уащыгъозэнкIи мэхъу ыIорэм фэдэу, Мыгурыкъо подполковникми фыреплъэкIыгъ, зигугъу ашIырэ адыгэ лIыкIохэр зэрящыкIэгъагъэр нэкIэ Вревскэм ригъэшIагъ.

– НахьыжъитIур,– Iофы зыримыгъэшIы фэдэу щхыпцIышъозэ, Вельяминовым къыIуагъ,– шапсыгъэхэр зымыгъэгупсэфырэ шъхьэшIохыжъхэу Тыгъужъыкъо Къызбэчырэ Шырыхъукъо Тыгъужъырэ арых. Адырэхэр сшIэрэп, ацIи алъэкъуацIи сшхьэ къинагъэп... Зыпашъхьэ ис генералыр зыщагъэгъупшэжьэу,– Вельяминовыр нэгу цIэплъ нэхаекIэ щхыпцIыгъэ,– къысэдаохи, Iэбжым къысагъэлъэгъуи, кIожьыгъэх. Уидзэ тичIыгу ищыжь, Пшызэ зэпырыщыжь, ары нахь шъуитхьаджыхьащт аIуагъ, къысфагъэпытагъ,– джы зэракIэнакIэрэр ымакъи иIущхыпцIыкIи нахь къахэщыгъ,– сшIэрэп шъо шъуазэрэдэгущыIэщтыр, сэ гущыIэ акIэрысхыгъэп... Сыд адырищымэ ацIэу пIуагъэр, силъапI? – Мыгурыкъо подполковникым еупчIыгъ.

«Занэкъо Сэфэрбый нэтыхъоепщыр адыгэ лIыкIомэ ахэтыгъэп,– Хъан-Джэрые гукIэ ыIуагъ,– зэрэхъурэмкIэ, Тыркуем джыри зэрэщыI, къырагъэкIыжьыгъэп...»

– Адырищыри, Ваше высокоблагородие,– тхьагъэпцIыгъэ тIэкIу хэлъми къыкIимыгъэтхъэу, Мыгурыкъом къыIуагъ,– Хъан-Джэрые флигель-адъютантым инэIуасэх: СултIан Шъэуай, Агой Пщымаф, Тэзэ Адыг.

Шъэуае ыцIэ зызэхехым, Хъан-Джэрые ыгу зыгорэу къэхъугъ, ау ышъокIэ къызхимыгъэщэу щыри зэринэIуасэр, язым зэрэпэблэгъэ дэдэр ыушъэфыгъэп.

– ЗыцIэ къешъуIогъэ адыгэ лIыкIохэр, Ваше высокоблагородие,– Хъан-Джэрые Вельяминов генералым зыфигъэзагъ,– нэбгыритфыри, Тазэр нахь мэкIаIу умыIощтымэ, дэгъоу синэIуасэх. СултIан Шъэуаерэ сэрырэ зы пщы щагу тыщапIугъ, сшынахьыжъ папкI.

– Ары, ары, Ваше высокоблагородие, Урысые пачъыхьэшхом ифлигель-адъютант, СултIан Шъэуай,– «ышъхьэ къимынэжьыгъэу» зыфиIуагъэмэ ащыщым ыцIэрэ ылъэкъуацIэрэ тегъэчъыкIыгъэу Вельяминовым къыриIуагъ,– пшынахьыжъ папкI, зы пщы щагу шъуущапIугъэу оIоми, типыймэ ягъус...– Вревскэ бароныр нэшIуми наеми умышIэнэу генералым еплъыгъ, ышIэзэ къыдзыгъагъэми, мыдырэми псынкIэу зыкъигъэтэрэзыжьыгъ: – Ары, ары, Хъан-Джэрый, силъапI, ори, Мыгурыкъо подполковникри, модырэ забытхэри тигъусэх, тидзэ хэтых...

– Тызэгъус, зы дзи тызэдыхэт къодыеп, Ваше высокоблагородие,– къыраIокIыгъэм ылъапсэ Хъан-Джэрые къыубытыгъэу, зыфимыгъэцIыкIоу, ау губжыгъэ-илъыгъэ хэмылъэу риIожьыгъ,– Урысые пачъыхьэшхом гукIи псэкIи тыгот, хэгъэгум инамыс къэтэухъумэ...

– Ары, ары, Урысые пачъыхьэшхом ифлигель-адъютант,– пачъыхьэ добэ-дэшхэ цIыкIум, пэщыныцIэ къилъэтыгъэм сыдэущтэу зыкъысфигъэпсыра ыIозэ, ежь зэриIоу къычIэкIыжьыгъэпышъ, Вельяминовым зыкъегъэтэрэзыжьы,– сэ типачъыхьэшхо узэрэфэшъыпкъэм, ицыхьэ къызэрэптелъым джэнджэш зэрэфысимыIэр къыосэIо. УзилIыкIо типачъыхьэшхо Николай Павлович, синыбджэгъу лъэпIэ Александр Христофорович Бенкендорф графми, симинистрэу Александр Иванович Чернышев графми зэхахыжьмэ, агу къысэбгъэн, емыкIу къысфалъэгъун... Адыгэ лIыкIомэ зыкъызэрэтфашIыгъэм тIэкIу сызэщифыгъэти ары... Адэ, Григорий Иванович, сыда, силъапI, тихьакIэхэр щэджэгъуашхэм зыкIемыгъэблагъэхэрэр?

– Тхьэуегъэпсэу, Александр Александрович,– Хъан-Джэрые къыIуагъ,– сыхьати хъугъэп ЦIэмэз хыблыгум щэджэгъуашхэ зыщытагъэшIыгъэр.– Вревскэм фыреплъэкIыгъ: – Уадэжь щыIэгъэ адыгэ лIыкIомэ таIукIагъэмэ дэгъугъэ.

– Ахэмэ уазэрэIукIэщтыр зэуи арэп, къышъуфаехэмэ...– Вельяминовым зэхихыгъэр шIомыгъэшIэгъонэу къыIуагъ.– Яхэсашъхьэ мэфэ заулэ хъугъэшъ, мычыжьэу щызэхэт. ПэшIорыгъэшъ къэбар ятымыгъэIоу шъузхагъэхьащтмэ сшIэрэп.

– Типыих нахь мышIэми, цIыфых,– Хъан-Джэрыий гущыIэм хэтэу къызэтэджым, къыдыригъаштэу Вревскэми зыкъиIэтыгъ. ДзэкIолI ухъумэкIо куп адыригъэжьэнэу Вельяминовым Филипсон унашъо фишIэу зызэхехым, Хъан-Джэрые ыдагъэп: – Ваше высокоблагородие, ищыкIагъэп, мамыр гухэлъ тиIэмэ, къытэпыйрэмэ, Александр Александрович, тизакъоу тахэхьащт.

– Ащыгъум, зиусхьанхэр, шъугъогумаф,– Вельяминовыри къэтэджыгъ, сыдэу мыхэр зыщыгугъыжьыпэхэра ыIозэ, гукIэ щхыпцIыгъэ,– пчыхьэшъхьашхэм ехъулIэу е нахь кIэсаIоми, чэщныкъо орэхъу фаеми, сыкъышъожэщт.

## VI

Тхьэмафэ псаум, Геленджик нэсыфэхэ, Шапсыгъэрэ Нэтыхъуаерэ къыкIухьафэ, чылэ хаси, хьакIэщи, Хъан-Джэрыедхэм гъогурыкIо шыу закъуи, зэуапIэм екIурэ шыу купи аIукIэгъагъэх шъхьакIэ, зэрафэрэ IофымкIэ зы еплъыкIэ щэхъу зэхахыщтыгъэп: «Тэ зыми тытебэнагъэп, зыми ичIыгуи ихэгъэгуи тетхыгъэп, хымадзэр къытатэ-къулIагъэу тызэрапхъошъ, тынэ къеIэрэм ыпсэ теIэжьыщт».

НаекIи нэшIукIи къытэплъыгъэхэри, къыддэмыгущыIагъэхэри, тыкъизымыдзагъэхэри къахэкIыгъэх, Хъан-Джэрые ишылъэмакъэ къушъхьэ-мэз гъогум зэрэщызэтелъэтырэм фэдэу игупшысэ хэо-хапкIэхэри шъхьэм щызэпеох, ау «зыуж шъуит Iофыр хэт зищыкIагъэр» зыми къытиIуагъэп, урыс дзэкIолIхэу цыхьэ къытфэзышIыщтыгъэхэми, язабытхэр, ашъхьащымыт зыхъукIэ, зэрягуапэр аушъэфыщтыгъэп. Адыгэхэми ятIорэр ашъхьэ рамыгъахьэщтыгъэкIэ арэп, джа Тыгъужъыкъо Къызбэч зипэщэгъэ лIыкIомэ генералым къыраIуагъэр ары хэти, цIыкIуи ини, ыжэ дэмыкIыщтыгъэр... Ары шъхьакIэ, тэ урысыдзэр Пшызэ адырабгъу тщэжьын пшъэрылъ типачъыхьэшхо къытфишIыгъэп. Адыгэхэр къедгъэшIунхэшъ, Урысые хэгъэгум щыщ тшIынхэр, инджлыз кIэгъэблэкIо зэе-тIуаехэу мыщ къихьагъэхэр къэтыубытынхэр ары тиапэрэ Iофыр. ТIури Iэшlэхэп, ау тлъэкI къэдгъэнэщтэп.

Вревскэ баронымрэ игъусэ шыуищымрэ апэ зешъыхэм, Мыгурыкъо Пщыкъуй адыгабзэкIэ Хъан-Джэрые къеIушъэшъагъ:

– Тыгъужъыкъом икуп къытхэлъади зытхэчъыжьыгъэ ныпчэдыжь щегъэжьагъэу сызгъэгумэкIырэм ухэзгъэдаIо сшIоигъу, зиусхьан.

– А зылъэкъуацIэ къепIуагъэм,Пщыкъуй, цIэ иIэба? – Шапсыгъэ пащэм илIыгъэ къогушхукIырэмэ Хъан-Джэрые ащымыщыгъэми, ичIыгу ишъхьафитныгъэ къэзыухъумэжьырэ лIы цIэрыIор, ащ игъусэхэр пхъэтэпэмыхь зэришIыхэрэр зэримыгуапэр зэхыригъэшIыкIэу, Iушъашъэ зыхэмылъ макъэкIэ еупчIыгъ.

– Тыгъужъыкъом цIэ имыIэ хъуна, Къызбэчба ыцIэр,– къызфеупчIыгъэр апэ къыгурымыIоу тхьагъэпцIыгъэнчъэ джэуап Мыгурыкъо подполковникым къытыжьыгъ. ЕтIан ныIэп гущыIэ лъапсэр къызиубытыгъэр, ау Хъан-Джэрые гупшысэгъу ригъэфэжьыгъэп.

– Армэ хъун, сыкъэдаIо, Пщыкъуй, сыкъэдаIо. Шъыд ныпчэдыжь нэс узгъэгумэкIырэр?

– Олахьэ сымышIэ къызэрэоcIотэри...– Сыд сэIо мыщ икъэупчIакIэ, мо джэгуалъэмэ къысашIэн яхьисапыгъэм щыгъуазэп, афэлъэкIыщтымкIэ къысэпэбжъэуагъэх, сыгыекIэ, джыри сыкъиушъхьакIун нахь, сызэхишIыкIынэп, Мыгурыкъом гукIэ ыIуагъ, псынкIэу ушъхьагъу къыгъотыгъ: – Iоф къин тпшъэ къыралъхьагъ...

– Лъэрыгъым плъэпэ сэмэгу ибгъэнэгъэ къодыеу шэсыгъо уимыфэзэ, шIэхыщэу укъэцыхагъ, Пщыкъуй,– Хъан-Джэрые ыгу Мыгурыкъом зэрэфэмышIур зэрэриIощтым лъыхъузэ, егыигъ,– типачъыхьэшхо илIыкIо хэхыгъэмэ Бенкендорф графым ыIашъхьэкIэ узыхясэгъатхэм, нэмыкIынэджэ сыоплъыщтыгъ, ау джы сыгу къыуабгъэ.

– Шъыд силажь, зиусхьан? – ШхомлакIэр къыкъудыигъ.– Шъыдыджэ угу хэзгъэкIыгъ?

– НекIо,– Хъан-Джэрые къэмыуцоу къызэджэкIыгъ.– ХъорэлIыкъо Мэрчан тхьамыкIэм ыгу къыуабгъэзэ, дунаим ехыжьыгъ.

– АI-анасын, зиусхьан, ар зэгорэм къызэрэсфэудзыжьытым сенэгуягъ сэ...

– Урыс забыт ныбжьыкIэм уиIэжагъ нахь, зы лIыжъ Iушэу Шапсыгъэ исыр ипIэ хэплIыхьанэу уечъэгъагъ!

– ХъорэлIыкъор зэрэлIыжъ Iушыгъэри, зэрэуиаталыкъыгъэри сымышIэу щытыгъэп, зиусхьан,– Мыгурыкъом зиIажэщтыгъэми, ымакъэ зыкъызэрэшIуипхъуатэрэр Хъан-Джэрые зэхишIэзэ, къыкIэлъыкIогъэ гущыIэмэ ышъ-

хьэ къырагъэпхъотагъ.– Шапсыгъэ зыкIыныгъ, адыгэ лъэпкъ гупшыс ыIозэ, Хъорэлlыкъом цIыфхэр зэрэзэщифыгъэхэри къызэрэтигъэпыигъэхэри зыщымыгъэгъупш.

– Ащ тэ еплъыкIэу фытиIэмрэ адыгэмэ фыряIэмрэ зэтефэрэп.

– Орырэ сэрырэ тыадыгэжьба, зиусхьан? – Къэсэмэркъэу фэдэу Мыгурэкъом зишIыгъ, узэрэмыадыгэр, узэрэнэгъоир сэ бэшIагъэ зысшIэрэр, урыс пачъыхьэм пэблагъэ ухъугъэшъ... Арэп, сыдэущтэу мыщ зыкъысфишIыра сэIо, фэшIэщт закъор арыти, гукIэ джыри зыфыкIэкуукIыжьыгъ.

– Ар къызэрэпIорэ гум елъытыгъ, Пщыкъуй.

– Ащыгъум, зиусхьан, мы тызфакIохэрэр адыгэджэ къызэрэтэмыплъыхэрэр къыосIон. Сэри ар нэиутэу ыпчэдыжь Вельяминов генералым ыпашъхьэ къыщысаIуагъ, тхьэегъэпсэу, саригъэушъхьакIугъэп, ори зыфаер афэмышIэмэ, ардэдэр къыуаIон, къыуашIэн.

– Теплъын...– Хъан-Джэрые шым елъэдэкъэуагъ, гухьагужъыгъэ хэмылъэу къызэриIокIыгъ: – Уинасып, Мыгурэкъор, пчыпэ ихыгъэджэ Мэрчан тхьамыкIэм ипIэкIор узшъхьащэлъадэм, сызэрэщымытыгъэр! ЕгъэшIэрэ хьэйнапэ титIу яз къызфихьыжьыщтыгъэ... Адэ джары, Пщыкъуй, щыIакIэр зэрэмышIэ закIэу зэхэлъ зыкIаIуагъэр. А урыс забыт ныбжьыкIэм ыцIэ къысапIомэ, псаоу щыIэмэ, зэгорэм тхьэуегъэпсэу есIожьын. НекIо, тегъэужьыр, тигъусэмэ такIэхьажьын.

Адыгэми къэзэкъми аIу-амыIоми, мы СултIанхэр сыд илIэужыгъо цIыфых, Мыгурэкъо Пщыкъуй зэхихыгъэхэр егъэшIагъо, зыфэшъыпкъэ урыс пачъыхьэм изабыт гъэшIуагъэ игъэпсыкIэ-шIыкIэхэр зыфихьын ышIэрэп. Сыд ыIорэр? Адыгэмэ апэблэгъэнэуи апэчыжьэнэуи фаеп. Аужырэр сыд къызэрэбгурыIощтыр? Сыдэущтэу ащыгъум урысые пачъыхьэшхом урифлигель-адьютантыщт, уриухъумэкIощт? Мы Iофым тымышIэрэ горэ хэхъухьэкIэ енэгуягъо, тыкъежьэн зэхъум, Вельяминовыр къызэрэсэIушъэшъагъэу, уинэплъэгъу тепхы хъущтэп мыщ... Типачъыхьэ илIыкIу тIоу тыкъыдекIокIызэ, нибжьи шъхьэм къытфимыхьагъэ горэм тыхимыдзагъот... ГъэшIэгъона зэгорэм Хъорэлlыкъожъыр уиаталыкъыгъэмэ! Абэтэ Бэслъыные лIы шIагъор, Тыркуем зызэдакIохэм, зэриушъхьакIугъагъэм изакъоми, псаоу дунаим тебгъэтыжьы хъуныеп. Уинасып Хъорэлlыкъом ышъхьагъ сызэримытыгъэр, укъысэлыщтыгъэп еIо. Сизабыт тэмэтелъышхо егъэцIыкIу. Мыщ ыгу илъхэм тидзэ министрэ иадъютант Вревскэр ащыгъуаз шъуIуа? Сыхьатитlу хъугъэшъ тызызэгъусэр, зышIошIыжьымэ е цIыф дымыIумэ сшIэрэп, зы гущыIи къыжэдэзыгъэп. Ыгу уимыхьащтмэ, ышъхьэ илъыр ащи уигъэшIэщтэп. А-енасын, шъо пачъыхьэм шъупэблэгъэн нахьи, сыкIэрымыт дэдагъэми, ымэ къыскIаощтыгъэмэ сезэгъыщтыгъэ, тэ мыдыкIэ къэзэкъмэ тахэт, адетэгъаштэ тIозэ, пачъыхьэр къэтыухъумэ пакIо, Санкт-Петербург зыдэгъэзагъэри тшIэрэп... Ары, лIыкIомэ уахезгъатхэ зэхъум, нэмыкIынэкIэ сыоплъыщтыгъ къысеIо. Тлъэгъун джы титIу язэу нэмыкIынэкIэ зэплъыщтыхэм.

Къушъхьэ мэзым ущызекIонкIэ ичъыг къогъуи, имыжъо цакIи, икондэ зэхакIи, игъогу къэгъэзапIи, илъэгъо зэхэчъхэри щынагъохэми, нэм ылъэгъурэм узыIэпищэу, цIыф зэпыщытым, лъыгъэчъэ заом зызэрэхиушъафэрэр пщигъэгъупшэжьэу дахэ. Шылъэбжъэ чанмэ гъогу напцэми, нахь чыжьаIоми зыщязгъэпхъотэрэ бзыу макъэмэ анэмыкI къэIурэп. Мафэм къыдежьэу пчыхьэм дэкIодыжьырэ хьампIырэшъо кьолэнхэр уц къэгъагъэмэ атебыбэх, гъогум шъхьапырэбыбыкIых. Псыкъефэх мычыжьэм ишышыш макъэ жьыбгъэ макIэм тхышъхьэм щыретэкъухьэ. Загъорэ шымэ атхьакIумэхэр кIапхъотыкIых, онэгум исхэм ягупшысэ зэфэшъхьафми, бэлэрэгъ ахэлъэп.

«Сыдэу чIыпIэ дах, джэнэт чIыгу! – Инэплъэгъу къыпэIухьэрэ пэпчъ щынагъом зыкъуиушъафэу къыщэхъуми, Вревскэр гукIэ хэкуукIыгъ,– мо тхышъхьэм узэрэтехьэу хы ШIуцIэр къэлъэгъощт, ымэ къыпкIэощт. Адырэ нэпкъым егъашIэм къытпыщыт Тыркуер тес. Урыс пчыпыджынкIэ ахэмэ зядгъэушъэфыгъ шъхьакIэ, уицыхьэ атебгъэлъы хъущтэп. Адыгэ хыIушъо къокIыпIэр икIыхьэкIэ къызIэкIэтымыгъахьэу, зызщытымыгъэпытэкIэ, джыри зэгорэм къежьэжьыщт, мыхэри къыгъэбырсырыжьыщтых, тэри тигъэгупсэфыщтэп. Мамыр тхылъыпIэкIэ къогъум зыкъуедгъэушъэфагъ тэIо шъхьаем, тыдэ къикIыгъэх адыгэмэ къахэхьэгъэ инджылыз эмиссаритIур? Мыгурыкъо подполковникым къызэриIуагъэмкIэ, тыздэкIорэ лъэныкъом ахэр щыIэх, адыгэ хэсашъхьэм къырагъэблэгъагъэх. А къэбарыри пачъыхьэм нэсыгъ, лIышъхьэхэри егъэгумэкIых. Тыркуе лъэныкъомкIэ укъикIын умылъэкIынэу хы ШIуцIэ

кӀэлъэныкъор тикъухьэмэ зэпабзыкӀыгъ, сыдэущтэу ахэр адыгэмэ къахэхьагъэха? Гын пхъэчай пчъагъэхэри, шхончхэри, топ зыщыплӀи къухьэкӀэ къафащагъэу аӀо. Сыдэущтэу хъура ар? Инджылызыми, Тыркуе шъхьэ еуфэхыгъэми ыкӀыб къыдэплъызэ, адыгэмэ къахэпшыхьан имурад… Адыгэхэр тедгъэстыкӀыщтхэми, хым хэттэкъощтхэми – хьау, хьау! – Мы чӀыгур зыми етты хъущтэп!»

– ЧӀыпӀэ дах, Павел Александрович, чӀыпӀэ дах, Ваше высокоблагородие,– Тыгъэнэ Аслъанбэч майорым Вревскэ полковникым ыгу илъыр къышӀагъэ фэдэу къыӀуи, бароныр игупшысэмэ къахищыгъ,– ау талъэныкъо Осетиер, сыкъызэрэщыхъугъэр арыщтын, нахь дахэу къысщэхъу. Казбек къушъхьэ шыгуфым изакъоми, Дарьял тӀуакӀэм Тэрч зэрэщыхъушӀэрэм, ибгъэжъ хьарзэхэм, ибылым Ӏэхъогъухэм, ибгы зэпэӀут мыжъолъэ пцӀанэхэм ягугъу сымышӀыжьми, зыпэ къэсымыштэн щыӀэп!..– Осетин ӀокӀэ-шӀыкӀэкӀэ ыжэ дэмыфэжьэу къыӀуагъ.

– Шъуалъэныкъуи дахэ, сыщыӀагъ, сыгу рехьы, ау…

– Хьау, хьау, Павел Александрович,– Тыгъанэм Вревскэр къызэпиутыгъ,– «аур» къыпымыгъэхьажь, Осетиер ары сыкъызтегущыӀэрэр. Ащ нахь чӀыпӀэ дахэ дунаим тет пӀуагъэкӀи, сшӀошъ хъущтэп!

– Ары, Осетиер дахэ, ау шъо хы шъуиӀэп,– ыгу илъ шъыпкъэмкӀэ Вревскэм къыпиупкӀыгъ.

– АщкӀэ сыкъэуубытыгъ, Ваше высокоблагородие,– Тыгъанэм ымакъэ къефэхыгъэми, псынкӀэу зыкъишӀэжьыгъ: – Хы тимыӀэми, военнэ-грузин гъогу тиӀ.

Шыухэр зэрэгъэщхыгъэх.

Хэтырэ цӀыф лъэпкъи, Хъан-Джэрые щхыпцӀыгъэ, ыгуи къыпыузыкӀыгъ, зэкӀодылӀэжьын горэ иӀ, ащ фэдэ дамышӀэми, нэмыкӀ тӀэсхъапӀэ къыфагъоты… Сэ сиадыгэ еплъыкӀэ Вельяминовым пхъэтэпэмыхь ышӀыгъэми, иззон гухэлъмэ зыдябгъэхьыхы хъущтэп. ГугъапӀэ зимыӀэ забытыр ыцӀэ ыгъэхьаулыеу дзэм хэтыщт… Сэ сиадыгэ еплъыкӀэ пачъыхьэшхом къыдыригъаштэмэ, Александр Христофоровичыри къызыскъотыкӀэ, сыд Вельяминовыр зэрэсищыкӀагъэр… Тыгъужъыкъо Къызбэч фэдэ лӀы Ӏушмэ Шапсыгъи, Абдзахи, КӀэмгуий, нэмыкӀ чӀыпӀэхэми сащыдэгущыӀэу, сыкъызэхашӀыкӀэу, ежьхэри зэхэсшӀыкӀыхэу зэрэадыгэ шъолъырэу къезгъэшӀумэ, адыгэхэр къызэтенэщтых, Урысые хэгъэгу пытэ зэтеуцуагъэр къытшъхьащытэу, зиӀоф къытхэмылъыр къызхэтымыгъахьэу тыпсэущт. Гъэсэныгъэм, шӀэныгъэм хэгъэгу хэбзэ гъэпсыкӀэкӀэ такӀэхьащт, тигухэлъхэр къыддэхъущт, тшъхьэ тыдэлэжьэжьын тлъэкӀыщт. Сыда тыркухэми инджылызхэми Ӏофэу къыддыряӀэр?.. Бгъэгум къыфыдэтэджыкӀыгъэ упчӀэм джэуап ритыжьыным ычӀыпӀэкӀэ, нэмыкӀ горэм къыфидзыгъэ фэдэу «мы сызигъусэхэр сыда адэ зыфаехэр?..» ыӀуи, зэупчӀыжьыгъ, ау гъогу къэгъэзэгъум къыкъолъэтхи зизытӀэгъэ шыуищмэ гупшысэгъу рагъэфагъэп, агуззгу дэт нахьыжъыр къэджагъ:

– Урысые пачъыхьэм илӀыкӀомэ япэщэ СултӀан Хъан-Джэрый, адыгэ хэсэфор зэтэӀэжагъэу къышъуажэ, тауж шъукъихь.

Шы илъыгъо имыкъукӀэ шыухэр елъэхъугъэхэу, адыгэ хэсашъхьэр зыдэщыӀэ Пшъэдэ тхышъхьэ лъэныкъомкӀэ цӀыф зэрэгъэжъот макъэхэр, шыщыщ зэпэджэжьхэр, кӀэрэхъо зэхэо макъэхэр къыщыӀугъэх. Къапыщылъым игумэкӀхэм бгъэгур зэлъаштагъ, джэуапынчъэ упчӀэхэми шъхьэм зыщапхъотагъ.

– Урысые пачъыхьэм илӀыкӀохэр къащэх! – Тхышъхьэ мыжъо цакӀэм тет мэкъэгъэӀум адырэм феӀопщы, къэбарыр джэрпэджэжьэу къушъхьэ тӀуакӀэм щызэбгырэтэкъу.

Лъэкъо хэгъэуцуапӀэ имыӀэжьэу гъэхъунэшхом цӀыфыр из, зыщящыкӀагъэм Ӏэрыфэгъу афэхъущт шыхэри гъэхъунэбгъум къешӀэкӀыгъэх, шыу зытӀущ къэс азфагу дэт шыу къэрэгъулхэр къэлъагъох. Гъэхъунэ гузэгум ит Ӏуашъхьэм хасэм инахьыжъ нэбгырэ заулэ тет. ЦӀыфмэ уашъхьапырыплъымэ, щэджэгъо тыгъэм зыщыригъэзыхы шӀоигъо лъэныкъомкӀэ, шы зэготмэ акӀыбыкӀэ, чъыгэе лъапӀэхэр зэрымытыжь тхьэлъэӀупӀэ гъэхъунэр нэтӀупцӀэ чыжьэкӀэ къэлъагъо.

Нахьыжъхэр зыщызэхэт лъэныкъомкӀэ гъэзэгъэ цӀыфхэр зэлъыӀукӀотхэмэ, дэкӀыпӀэ афашӀызэ, хэсэшъхьэ хэӀэтыкӀыгъэм урыс пачъыхьэ лӀыкӀохэр ращэлӀагъэх.

БгъуитӀумкӀи, Ӏэпэубыт зыхэмылъ Ӏэжэгъэ шӀуфэс зызэрахым, Тыгъужъыкъо Къызбэч нахьыжъмэ къахэкӀотыгъ, Ӏэ сэмэгур къыӀэтыгъ, аужкӀэ щыӀэми алъыӀэсынэу, мэкъэхъу гъэтӀылъыгъэ пытэкӀэ къыӀуагъ:

– О зимафэ Алахьэм мэфишъэ зыфишӀын, урыс-къэзэкъ аджалым щиухъумэн адыгэ псэемыблэжьых! Тыгъуаси непи тызэжэгъэ Урысые пачъыхьэм илӀыкӀохэр къэсыгъэх.

Вельяминэ инэрал зэпхъуакIом етIуагъэми къытиIожьыгъэми шъуащыгъуаз. Джы яхэгъэгуфо зыIэмычIэ илъ пачъыхьэм къытфигъэхьыгъэм Iэдэб тхэлъэу, плъырыгъэ-къилъэтыгъэ къызхэтымыгъафэу тежъугъэдэIу. КъытфэкIуагъэмэ зы урысрэ зы осэтынрэ ахэт, адырипIлыр адыгацIэр ахьэу урыс пачъыхьэм иIумэтых. Гъунэгъу хэгъэгум ипачъыхьэ тичIыгу къихьагъэу къытэмызаощтыгъэмэ, тызэримыпхъощтыгъэмэ, гущыIэ дыс есIолIэщтыгъэп, ау къытфиIофытэгъэ лIыкIохэр, хэти щэрэщ, тихьакIэхэшъ, тиадыгэ намыс, тихабзэ къызэриубытэу тадэзекIон. Вельяминэ инэралыри, тызэрэзэрипхъо пэтызэ, къытхэхьэгъагъэмэ, тэри тыцIыф, мыхэмэ афэдэу тыпэгъокIыщтыгъэ. КъытаIу, Мыхьамэт-Джэрые ыкъо Хъан-Джэрый, укъытфэзыIофытэгъэ урыс пачъыхьэм къытфирихьисап шъыпкъэм тыщыгъэгъуаз. Тыбзэ зымышIэрэ нэбгыритIум джы афызэдзэкI, Мыгурыкъор, фит усэшIы,— Тыгъужъыкъо Къызбэч пкъы плIэмыешхоу зэкIакIуи къызхэкIыгъэмэ ахэуцожьыгъ.

Хъан-Джэрые игъусэмэ пытэ-пытэу къахэкIи, цэлышъхьэ зэрыгъэшхыкIэ, къэмэпшъэ хьазыркIэ, гумышIукIэ къеплъырэ нэбгыришъэ пчъагъэмэ апашъхьэ иуцуагъ: «Сыдэущтэу мы лIы губжыгъэмэ садэгущыIэщта, сызэхашIыкIыщта, сагурыIощта?..— Анахь чIыпIэ хьылъэ ифагъэми зэримышэныгъэу, Хъан-Джэрые ошIэ-дэмышIэу къэцыхагъ.— Къыспэблагъэхэми къыспэчыжьэхэми анэ шIу акIэслъагъорэп, зэкIэми салIыщтым фэд. Тэ хъугъа Шъэуае? ГукIи, псэкIи ащ нахь къыспэблагъэ ахэтынэпщтын… Хэта мор? Агой Пщымаф. Ари къэмэпэ чанэу къысIоплъэ. Ащ ыкIахэкIэ Бамбэти щыт, Пэшъукъи къыгот… Шъэуай адэ? Хэта мо адыгэ шъошэ къабзэкIэ фэпагъэу, щыгъыми емысэгъапэ фэдэу лIы сырыф нэгу псыгъор? Адыгашъуи теорэп, урыс теплъи иIэп… ЗыгорэкIэ инджылыз Белл Джеймсымэ шIэ?..»

— О адыгэ хэсашъхь, лъытэныгъэрэ шъхьэкIафэрэ зыфысиIэ джэмэхьат, нахьыжъхэр! — Хъан-Джэрые ардэдэм кIуачIэ къызфигъотыжьыгъ, ыпкъ ипытагъи зэхишIэжьыгъ.— КъызгурэIо, зэхэсэшIыкIы сызэрыт чIыпIэр. Сятэжьмэ сфыхахыгъэ лъагъом, къабыл сшIыгъэ гъогум шIошъхъуныгъэ фысимыIагъэмэ, емыкIукIэ ар зыми къысферэмылъэгъу, сызхэхьагъэмэ сахэтышъутыгъэп, сыкъыздаIофтагъэми сыкъэкIошъутыгъэп. Шъо чIыпIэ хьылъэу шъуззэрыфагъэм елъытыгъэу, сымыадыгагъэуи сымыадыгэжьэуи бэмэ къазэрэщыхъоу непи къызшIошъумыгъэшI. Шъо шъуиадыгэгу зэрэпэрэм, зэрэузырэм, зэрэгумэкIырэм фэдэу сэ сиадыгэгуи мапэ, мэузы, мэгумэкIы.

— Уиадыгэгу етшIэн щыIэп, хьэм фэбдзыгъэкIи ышхынэп! — Нахь чыжьаIоу щыт горэ къыхэкуукIыгъ.

— УкъызфаIопщыгъэм земыгъэукIыхь! — НэмыкI горэми къыдырыгъэштагъ, бырсыр зэпеом хасэм зыкъыщипхъотагъ.

Тыгъужъыкъо Къызбэч ыIэ къыIэти, хасэр ыгъэIэсэжьыгъ.

— Тэ Урысые пэчъахьым тыкъызфигъэкIогъэ Iофышхом,— Хъан-Джэрые къемыпэбжъэуагъэхэ фэдэу, ау къызфежэдэуагъэхэр къыгурыIуагъэу, игущыIэ къыпидзэжьыгъ,— зебгъэукIахьын ищыкIагъэп. КIэкIэу къэпIон хъумэ, пэчъахьэр къышъошIу, идзэ шъуримыгъэзао, цIыфхэр шъуазфагу димыгъэкIуадэхэ шIоигъу, къэзэкъадыгэ зэтебанэр, лъыгъэчъэ чылэгъо тегъэстыкIхэр текIыгъэх, щыIэжьытхэп еIо.

— Вельямин цIэплъым идзэ тичIыгу рерэщыжь! — Джыри зыгорэ къыхэкуукIыгъ.

— Арынчъэу зэшIу щыIэп!

Тыгъужъыкъо Къызбэч джы Хъан-Джэрые къыгоуцуагъ, ежьхэм анэмыкI зэхимыхэу къыфидзыгъ:

— Хасэр зэщымыф, кIалэ. УигущыIэ къэгъэкIэкI.

— Мыбжыхьэ,— Хъан-Джэрые игущыIэ къыпидзэжьыгъ,— Урысые пэчъахьышхоу Апэрэ Николаир къышъухэхьатышъ, зигугъу къышъуфэсшIыгъэхэр къызэригъэшъыпкъэжьытым сицахь телъ, шъо шъуицахьи тежъугъэлъ. Шъуегупшыс, щэIагъэ къызхэжьугъаф, Вельямин инэралыр щыхьагъу шъумышIы, ежьыри зешъумыгъэшI. Сэ шIу нэмыкI сыгу шъуфилъэп, сыкъызэхэшъушIыкIытмэ, гупшысэ зэфэдгъотытмэ, джащ сигущыIэ къыщысэухы.

Хасэр бырсырыгъо римыгъафэу Тыгъужъыкъо Къызбэч къыIуагъ:

— О джэмэхьат! Урысые пачъыхьэм къытфигъэкIуагъэмэ гухэлъышIу ямыIэу щытэп. Бжыхьэри чыжьэжьэп. Урысые пачъыхьэу къытхэхьащт зыфаIуагъэми иIо ыгъэшъыпкъэжьыщтмэ, ащи тежэн. Ау Вельяминым етIуагъэм, ипачъыхьэ редгъэIожьынэу зыфэтIуагъэм тытэкIырэп. Ипачъыхьэ къытхэхьэфэ, бжыхьэ нэс, зы пцэшIуащэ идгъэ-

кIыщтэп. ТиIо къыщигъэзыемэ, зы шапсыгъэ къэмынэу текIодылIэщтми, тыпэуцужьыщт!

– Тыпэуцужьыщт! – Хэсэхэтмэ амакъэрэ якъэмэ къипхъот макъэрэ тхышъхьэм зытырапхъотагъ.

– Джы тхьэшъуегъэпсэу, шапсыгъэхэр,– Къызбэч игущыIэ зэпыугъэ пидзэжьыгъ,– Iэдэб шъухэлъэу, зыми зыпэIушъумыдзэу, «мардж» тIомэ шъухьазырынэу шъуичылагъомэ шъуякIужь, гъогумафэх. Тэ, хасашъхьэм хэтхэм, Iизын къытэшъотмэ, нахь шъхьэихыгъэ-игъэкIотыгъэ Iоф мыхэмэ адытиIэщт.

Адыгэ шапсыгъэ хасэм шыу-лъэс елъэкIонкIэ зэбгырыкIыжьыныр зырегъэжьэми, игъорыгъозэ гъэхъунэр нахь пIуакIэ къызэхъуми, сыхьатым ехъурэ нахьыжъхэм шъхьафэу задэгущыIэхэми, яшэсыжьын уахътэ къэси шыхэр къазыращэлIэжьхэми, Шъэуае икъэмылъэгъуакIэ Хъан-Джэрые зыфихьын ымышIэу ыгъэгумэкIыгъ, тэ щыI, сыда зызфигъэнэгъуаджэрэр, къызкIыскIэрымыхьэрэр ыIуагъ, ау кIэупчIэныр къыригъэкIугъэп.

Шъэуае зыфеплъыхьафэкIэ, адыгэ шъошэ къабзэ зыщыгъ лIы сырыф нэгу пIуакIэр къыращэкIэу, агъэшэсыжьэу Хъан-Джэрые ынэ къыпэшIофагъ, Вревскэми нэкIэ ригъэлъэгъугъ, Мыгурыкъоми шъхьэгъэсысыкIэ риIокIыгъ, ау зыфэгумэкIыщтыгъэ Шъэуае къэлъагъощтыгъэп.

– Сыд етIанэ, хъаныкъо флигель-адъютантыр,– Тыгъужъыкъо Къызбэч урыс гущыIитIум теIункIэмэ тхьагъэпцIышъо нэгукIэ щхыпцIызэ, къеупчIыгъ,– мо Iуащыжьырэ шыур нэкIэ зыкIэплIырэр? НэIуасэ уфэтымышIыгъэми, зыщыщыр пшIотыушъэфынэп. Инджылыз чыжьэм къытфикIыгъ, щэн-щэфым пылъ, бай, Iашэ тыщигъакIэрэп. Инджылыз гъэзет горэм иIофышIи игъус. Ахэмэ анэмыкIхэри къытхахьэх, къыткъоуцох. Зэрэтимызакъор, гукIэгъу зиIэ хэгъэгухэр къызэрэткъоуцохэрэр укъызхэкIыгъэмэ арэшI.

Хъан-Джэрые къыфадзыгъэр шIомыIоф фэдэу щхыпцызэ, шапсыгъэ пащэм риIожьыгъ:

– Шъыпкъэм уфаемэ, Къызбэч, сэ сызгъапэрэм къытебгъэфагъэп. Шъэуае икъэмылъэгъуакIэ, арырэ сэрырэ, къыосымыIожьми, тызэрэзэфыщтым, зы унэ тызэрэщапIугъэм ущыгъуаз, зыфэсхьын сшIэрэп, сегъапэ.

– Мары, Хъан-Джэрый, мыджэ сыщыI,– ыкIыбкIэ къыдэджыкIыгъэ инэIосэ макъэм Хъан-Джэрые зэригъэплъэкIыгъ,– тинахьыжъ удэгущэIахэмэ сэIошъ ары...– Шъэуае ыIапэ къыщэигъ, етIанэ гум щышIэрэр фэмыIэжэжьэу IаплI фабэкIэ зыкъыжэхидзагъ, къырихьылIагъэхэри, гъогум техьажьынхэу зызгъэхьазырыщтыгъэ лIыкIохэри зэрахэтыжьэу, зыгу еIуи емыIуи зэплъыгъэх, къызэплъыжьыгъэх.

Урысые пачъыхьэм илIыкIохэр Геленджик Iэгъо-благъом къехьажьыфэхэ, адыгэ шыумэ къызэрагъэкIотэжьыщтыгъэхэр арынкIи мэхъу, зэрафэрэ Iофым тегущыIагъэхэп.

ЛIыкIохэр къызызэхэнэжьхэм, тIэкIу тыригъашIи, Вревскэм къыIуагъ:

– Iофыгъо псынкIэп тпшъэ къыралъхьагъэр...– ЕтIанэ, шъхьэр ыгъэсысызэ, къыпигъэхъожьыгъ: – Тэ Петербург къызэрэщытщыхъоу адыгэ Iофыр щыткIэ сыгугъэрэп. ПшыкIэ плъытэрэ Шъэуаеу ыужым зыкъыозыдзыгъэр джа къыращэкIыщтыгъэ инджылызым ыуж итыгъ нахь, ори тэри къытпылъыгъэп.– Хъан-Джэрые зэмыжэгъэ гущыIэмэ зыгорэ къариIолIэжь шIоигъуагъ шъхьакIэ, Вревскэм иIушъэшъакIэ зэпигъэугъ: – Адыгэ хасэр къызэбырсырым, сыда Тыгъужъыкъо Къызбэч къыпфидзыгъагъэр?

– УкъызэкIэмыкIу ыIуагъ нахь, мыхъун къысиIуагъэп,– Хъан-Джэрые псынкIэу къыIон ыгъотыгъ, ыгукIэ зэриIожьыгъ: цыхьэ къысфишIырэп мыщ.

## VII

Адыгэ-урыс Iофым утемыгущыIэмэ уушъэфыжьынэу, ыцыпэ горэ дунаим щыбгъэбылъыжьынэу щытыгъэп. Къушъхьэ шыгур чыжьэми благъэми нэм къызэрэкIэтаджэу, хэгъэгу пащэмэ ятхыгъэ шъэф-нэфэ зэфэгъэхыыкIэ, шыбгъэ зэутэкIыкIэ, къэмэ-сэшхо зэхаокIэ, пчыпыджын зэхэлъадэкIэ, топыщэ зэбгырыукIэ, уIэгъэ щэIукIэ, хьэдэгъэ макъэкIэ, зэхэзыхрэмэ анахьыбэр зэридзэу, гугъу фемылIхэри мымакIэу, зынэмысырэм сыдкIэ зезгъэгъэпэн ыIоу, къизымыдзэхэри кIэгъэблакIохэри къятэкъокIыгъэу адыгэ Iофыр ошъо чIэгъым чIэтыгъ.

Хъан-Джэрые къыздикIыжьыщтыгъэмкIэ ышъхьэрэ ыгурэ къэнагъэу, къушъхьэ-мэз зэхэтым къызэрэхэкIыжьыщтым дэгуIэщтыгъэ. Вревскэми, адырэ игъусэхэми, ежьыри гъогум мыхъун къыщяхъулIэнкIэ тещыныхьэщтыгъэхэп.

Мэфэ заулэм апэкӀэкӀыгъэр, зэпыщыт бгъуитӀумкӀи ары, ынитӀукӀэ ымылъэгъункӀэ ышӀагъэмэ, зыпэ къымыштэн щыӀагъэп.

Сыда «зэпыщыт бгъуитӀумкӀэ» зыкӀасӀорэр? – Хъан-Джэрые ыгу къыпыузыкӀэу зэупчӀыжьыгъ. Хэта адыгэмэ якӀугъэр? Тэра хьауми нэмыкӀа? Чылэхэр, жъокӀупӀэхэр, мэкъупӀэхэр тезгъэстыкӀыхэрэр, ячӀыпӀэ лъапӀэмэ арыджэгухэрэр, цӀыф мин пчъагъэмэ тхъамыкӀагъор, игъонэмысыр къафэзыхьыхэрэр, зыми къымыубытыхэрэр тидзэхэба? Сызыщыщ адыгэмэ, къызгурэӀо, угу зэрябгъэн, зэрэмысэхэ Ӏаджи щыӀ шъхьакӀэ, тыфаеп, тыуищыкӀагъэп, утищыкӀагъэп къыуаӀозэ, сыдэущтэу о пшӀоигъо закъом къебгъэуцолӀэщтха? Персымрэ Тыркуемрэ тызэрязэогъагъэр, адыгэ шъолъырым тызэрэщызаорэм елъытыгъэмэ, нэмыкӀ шъыпкъ. Сызэрэадыгэр, адыгэлъ зэрэсхэлъыр арэп сэзгъаӀорэр, Польшэм тызэритыгъэмрэ мыщ тызэрит шӀыкӀэмрэ бэкӀэ зэтекӀы. Ащ Ӏашэ къыщытпэзыӀэтыгъэм тезэожьыгъ нахь, чылэхэр, къалэхэр щытедгъэстыкӀыгъэхэп, «шъуичӀыгу нахь тызыфаер, гъэшхэн-Ӏыгъынэу шъутищыкӀагъэп» щятӀощтыгъэп.

Гум къыфихьэгъэ гущыӀэхэр мылъэпсэнчъагъэхэми, къызэрэкӀагъэщтэжьыгъэр тӀэкӀуи зэримыпэсыжьэу, Хъан-Джэрые игупшысэ хьылъэмэ къахэужьыгъ. Гъэмафэм зэрэхэтыр щызымыгъэгъупшэщтыгъэ мафэр пчэдыжьыпэм хэкӀотызэ, нахь фабэ хъущтыгъэ. Къушъхьэ жьы къабзэм къыхэчъыжьрэ цӀыфхэми шыхэми бжъэдыгъу темэнхэр зэрэмычыжьэхэр мэу къэурэмкӀэ зэхашӀэ, бгъашхъохэри ошъогу шхъонтӀэ-нэгъыфышъом щэхьэзэуазэх, загъорэ атамэхэр зэгогъэпкӀагъэхэу чӀыгум зыкъырадзыхы, псынкӀэ-хъункӀаеу зытырапхъотыжьы.

КъызгурэӀо гум къихьагъэхэр цӀыф есӀо зэрэмыхъущтхэр, Хъан-Джэрые зэушъыижьы, файтон шъхьэтехыгъэм щышъхьаукъэрэ Вревскэм фыреплъэкӀы, ауж ит шыуищми ягупшысэ. Мы къызгосыр ары, узгъэгумэкӀырэр епӀокӀы пакӀо, гуцафэ зэбгъэшӀы мыхъухэщтыр. Тщыщ, тигумэкӀгукӀае къыгурыӀощт, зэхишӀыкӀыщт пӀоу благъэу зызыфемыгъэхьыхэщтыр Мыгурыкъо Пщыкъуй къэзэкъ подполковникыр ары. Шъоубзэгу зыкъысфешӀы, ахъщэ тӀэкӀоу сӀыгъми къыщэгугъы, тыкъызэкӀэрынэмэ къысэӀушъашъэ, ау ащи, Вельяминовым ицӀыфкӀэ сенэгуе, сицыхьэ телъэп. Къэбэртае зэрэзыдэсымыщэщтымкӀэ ушъхьагъу дэгъу къыфэзгъотыгъ. Къерэубытых, фэлъэкӀыщтмэ, адыгэхэр зыгъэблырэ инджылызхэр. КъолъхьэпкӀэ ахъщэ бащэ къыфэзгъэнагъэми сшӀэрэп, естыгъэм зэрэкӀэзгъэтхэжьыгъэр, цыхьэ къысфэпшӀырэба къыригъэкӀэу къысӀуплъагъ, ыгу еӀугъэп, ау тызэлъэпкъэгъу сӀокӀэ, сыд пае хэгъэгу ахъщэр истэкъухьан. Адэ джары, адыгэхэр урысхэмкӀэ къэзэрэгъэбырсырыгъэх шъхьакӀэ, тыркумэ ямызакъоу, инджылызхэри французхэри кӀэгъэстэкӀо-кӀэгъэблэкӀо ӀофыкӀэ къахэхьэх, Щамилэ Ӏимамым инаиб Хьаджы-Мыхьамэти абдзахэмэ къафигъэкӀуагъ... ИмыщыкӀагъэхэр сыгу къисэгъахьэх шъхьакӀэ, плъэгъурэба хъурэр, мы лъэныкъом тыкъимыхьэ мыхъункӀэ енэгуягъо. Ар адыгэмэ тэрэзэу къагурыӀуагъэп. КъагурыӀона, цӀыф гъэпсыкӀэ тэрэзкӀэ тадэмызекӀогъагъэмэ. Джырэп мыщ тыкъызагъэкӀон фэягъэр, бэшӀагъэ, Тыркуем заор зыдэтыухыгъэ илъэсыр ары. Ащ ыпэӀуагъэми нахьышӀужьыгъ... Джы илъэс заулэм лъыпсыр дгъэчъэгъахэу... Сыдэу тшӀын, къытэхьылъэкӀми, тлъэкӀ къэдгъэнэнэп, джы нэс сипачъыхьэ сыфэшъыпкъагъ, джыри амал зэриӀэкӀэ сыфэшъыпкъэн. Джы Къэбэртае тыщэӀэфэкӀи, бэслъыныемэ тахэхьэфэкӀи, адыгэ лъэпкъ пэпчъ тыдэгущыӀэфэкӀи, пачъыхьэр мыбжыхьэ адыгэ шъолъырым къэкӀофэкӀэ, тызэрэзэзэгъыгъэу бгъуитӀуми защыӀэщтмэ сшӀэрэп нахь.

– Сызэгупшысэрэр ошӀа, Хъан-Джэрый,– Вревскэм ынапӀэ къызэтыримыхэу къыӀуагъ,– адыгэмэ зыщыщ амышӀэрэ инджылызыр къызэрэращэкӀыщтыгъэр, зэрагъашӀощтыгъэр ары. Ащ нэмыкӀ гори къыращэкӀэу, нахь агъашӀоу къысщыхъугъ.

«О укъыращэкӀыщтыгъэба, къыпфэсакъыщтыгъэхэба, уагъашӀощтыгъэба» риӀонэу Хъан-Джэрые ыгу къыпылъэдэгъагъ, ау зиӀэжагъ.

– Тэри тыкъыращэкӀыгъэп, къытфэсакъыгъэхэп тфэӀошъунэп, ау...

– Ау,– Вревскэм щхыпцӀызэ гущыӀэр ӀэкӀихыгъ,– агу къызэрэтфэмышӀур къыдгурагъэӀуагъ.

– Шъыпкъэ, Павел Александрович,– Хъан-Джэрый кӀэкӀэу зыкъызэблихъугъ,– къасӀо сшӀоигъуагъэм къытебгъэфагъ.

– ЗэрэхъурэмкӀэ, Хъан-Джэрый,– тхьагъэпцӀыгъэ тӀэкӀу хэлъэу Вревскэр щхыпцӀыгъэ,– адыгэмэ агу къытфэмышӀуми, яхьэкӀэпэгъокӀыкӀэ зыщагъэгъупшагъэп.

– АщкIэ угу ябгъэбгъэнэу щытэп,– Хъан-Джэрый бароным ишыкIэ Iугуш Iок Iэ джэуап ритыжьыгъ,– хьакIэм пагъохырэ егъэшIэрэ хабзэр зыщагъэгъупшэрэп. Ау ащ фэдиз дэдэуи силъэпкъэгъумэ тащымыгъэтхъу, зыщаукъори щыI, зэраукъорэ шIыкIэри гъэнэфагъэ.

– Сыдэущтэу? – Вревскэр къэмыупчIэн ылъэкIыгъэп.

– Адыгэм ианахь пый егъэзыгъэ-гуIэ IофкIэ ипчъэIупэ къыIулъадэми, ихьакIэщ зыкъыридзэми, къегъэгъунэ, емыкIу раригъэхырэп, ибгъагъэ чIэсыфэ фэбапIэрэ гъомылэрэ регъэгъоты. Гъогу техьажьэу чылэ хэгъуашъхьэм Iуищыжьмэ, зэфыряIэ гужъыр къэущыжьы, икъамэ къыфырехы.

– Ащ фэдэ Пшъэдэ тхышъхьэм къыщыташIагъэп, Геленджик Iэгъо-благъом тыкъызIуащэжьми къытаIуагъэп, Псы Фабэм тыкъыблэкIыжьыгъэу Бжъэдыгъу тыкъехьажьы пэт, зыми тигъэохъурэп, тигъэгумэкIырэп. СшIэрэп шъэфыкIэ тыкъамыгъэкIотэжьмэ...– ЕтIани Вревскэм ицыхьэмышI зыригъэплъыхьагъ.

– УкIэмыупчIэжь,– Хъан-Джэрые щхыгъэ,– гъогу бгъуитIумкIи шъэфэу тыкъагъэкIотэжьы. Лъэустэнхьэблэ чылэ гъунэм тызэрэIуащэжьыщтым щэч хэлъэп.

– Шъыпкъэм уфаемэ, джары сымыгумэкIэу сэри сызфэшъхьаукъэщтыгъэр. Тхьэегъэпсэух, сазэрэщымыгугъыгъэу, зытамыгъэлъэгъоу яIо къагъэшъыпкъэжьы, Тыгъужъыкъо Къызбэчрэ Вельяминов генералымрэ ямэзищ мамыр гущыIэ емыпцIыжьыщтхэмэ...

– Хэта тIумэ язэу, полковник, уицыхьэ зытемылъыр?

– Ар ошIа, Хъан-Джэрый...– Вревскэм тIэкIу тыригъашIи, къыIуагъ,– бгъуитIумэ язык Iи джэуап къэтыжьыгъуай... Ау сэ нахь сызщыгъуазэр къэсIон. Орырэ Кавказ-Къушъхьэ полуэскадроным хэтхэмрэ анэмыкI адыгэ сшIэрэп. Зымафэ фэдэу нибжьи благъэу сахэхьагъэп, сэркIэ ахэр, емыкIу къысфэмышI, зэкIэ тыркугъэх, ау, Хъан-Джэрый, а сызхэплъэгъэ гу плъырхэу Iэлыгъэ шъхьафитым фэшъхьаф зинэплъэгъу кIэмылъмэ, сыд фэдэрэ нэгушIуагъэкIэ уапэгъокIыгъэкIи, узэхашIыкIынкIи, мамыр зыхагъэлъынкIи сыгугъэрэп...– Теплъын джы мы къыпфэсыдзыгъэхэр зэрэпфэщыIэщтым, къытшIоуушъэфхэри, зыкъызэкIоцIемыгъэутэу, зэрэпфэIэжэщтым, ыгукIэ зэриIожьыгъ.

Сэри а IофымкIэ, барон,уицыхьэ мышIыгъэмэ сапэчыжьэп, уздэщыIагъэм бэшIагъэ сыкъызикIыжьыгъэр, Хъан-Джэрые ыIозэ, гукIэ щхыпцIыгъэ, зэпыугъо макIэкIэ къыпигъэхъожьыгъ:

– Адэ адыгэ къушъхьэчIэс Iэлмэ къахэкIыгъэ Тыгъужъыкъо Къызбэч емыджэгъэ-мыгъэсагъэр сыдэущтэу Вельяминов лIы гъэсэгъэм пэпшIын. ЛIэшIэгъу зытIущ гъогу къэзыкIугъэ, зэо мыухыжьмэ ащыпсысхьэгъэ пачъыхьадзэм ар ыпIугъ, ылэжьыгъ. Ащ изэуакIи, илIыгъи, иIушыгъи, итхьагъэпцIыгъи нэмыкI, ащ уицыхьэ зэрэтелъыр къэмыIуагъэми, сэ бэшIагъэ къызызгурыIуагъэр. Ау, шъо зэрэшъуIоу, цыхьэ зыфэпшIыри уплъэкIужь аIошъ, Екатеринодар тызэрэнэсэу тэ тпкъы къикIыгъэу Вельяминовым етIуагъэм тыщыгугъызэ, Чернышев дзэ министрэм, Александр Ивановичым, фэтхагъэу елбэт унашъокIэ къыредгъэIуагъэмэ дэгъугъэ. Сэ Александр Христофоровичым макъэ зэрезгъэIущтымкIэ усэгъэгугъэ, ежь зэриIожьыщтыри ори ошIэ. Аущтэу тымыпсэумэ, Павел Александрович, тпшъэ къыралъхьэгъэ хэгъэгу Iофыр зэшIохыгъуае хъущт. Адыгэ Iэлхэу зыфэпIуагъэхэм сыд фэдэу зашIыгъэми, агъэделэхэу инджылыз горэхэми закъырарагъэщэкIми, Вельяминов генералым зиIэжагъэмэ дэгъугъэ.

– АщкIэ Вельяминовым сицыхьэ телъ, тызхэтыгъэ адыгэ зэIукIэр ары нахь...– Вревскэм къыIуагъэр джыри къыкIиIотыкIыжьыгъ, Хъан-Джэрые зыгъэгумэкIыщтыгъэри зыщигъэгъупшагъэп.– Екатеринодар тызэрэнэсыгъэм лъыпытэу а зыфэпIуагъэри Петербург згъэхьыщт.

– Чэщ-зымаф нэмыIэми чылэм тыкъыщымыуцоуи? – Хъан-Джэрые игъусэ риIорэр ыгу имылъ дэдагъэми, ыгъэшIагъоу еупчIыгъ.

– Хьау, Хъан-Джэрый, шъуадэжь дэхьажь, тэ ащ тыхэмыгъахь,– Вревскэми ыдагъэп.– Мыщ ыпэкIи уиIахьылмэ уахэтымыгъэгупсафэу гъогу утетщэжьыгъагъ. Уянэжъи гъойщай пIогъагъэ, тхьэмафэ горэм уиIахьылмэ гу ащыфи, ори гукIэ нахь урэхьатэу, зыфэтIогъэ Iофыр сэри Екатеринодар щызгъэцэкIагъэу Къэбэртае тежьэн, ари гъогушху, верст шъихым къехъу.

– Петербург бгъэхьыщтыр тадэжь щызэдэттхын сIогъагъэ... ЕтIани, полковник, а тхьамэфэ пIалъ зыфэпIуагъэм уегупшысагъэп, тэ гъогу тытет, хэгъэгу Iоф зетэфэ, тауж итэу нычхьапэ Шъэуае унэм къэкIонэу ыIуагъэшъ, нычэпэ тызэкIэрысмэ, неущ-неущмыкIэ блэмыкIэу къэбэртэе гъогу тытехьэмэ хъущт,– Хъан-Джэрые ыIуагъ, изакъоу

къызэрэнэщтыри игопагъ,– неущпчыхьэ блэмыкIэу Екатеринодар сыкъекIолIэжьын, шъухьазырыщтмэ, нэфшъэгъо кIэтаджэкIэ гъогу тытехьан.

– Тымыхьазыр хъуна, джа тIуагъэр дгъэцакIэмэ, сыд Екатеринодар дэтшIыхьажьын?

– Ари тэрэз. Ау, полковник, Петербург бгъэхьыщт тхыгъэм сэри сыкIатх, хэт ышIэра гъогум техъухьащтыр, фэди къэгъан.

– Ащ игугъу къэмышIыжьыгъэми хъущтыгъэ, ти император нэф ифлигель-адъютант. ПлъэкъуацIэ кIэт къодыещтэп, уиIэнатIэ елъытыгъэу, о пцIэкIэ стхыщт,– мыр зэгупшысагъэр, гукIэ Вревскэм зыфидзыжьыгъ, ылъэкъуацIэ зэрэкIэтыщтым имызакъоу итым еджэжьынэу фэдэ тхыгъэ къэгъан еIо, уицыхьэ къыстемылъмэ, узэрэфай, сэри ащ фэдизэу сицыхьэ птелъ дэдэп, ау тапэкIэ джыри Ставрополи, Пятигорски, Налщыки къэтых, цыхьэ зэфэтымышIыжьэу гъогум узэрэзэдытетщтыри хэгъэгу пшъэрылъыри зэрэзэдэбгъэцэкIэщтыри къэшIэгъуай.

– Дэгъу, тхьэуегъэпсэу, полковник. Бащэ имытхэу, Вельяминов генералымкIэ тимамыр лъэIу агурыгъаIу. ЕтIанэ, Павел Александрович, ори кIэтхэжь.

Вревскэм ифайтон щэрэхымэ, ишылъэбжъэ макъэхэр джыри хьаблэм теIукIыщтыгъ Хъан-Джэрые лъэпсынкIэ елъэкIонкIэ Къэнтат нанэм дэжь зехьэм.

– УкъэкIожьыгъа, сикIэлэ нэф? – Тыжьын бэщым зыригъэIэтызэ, Къэнтатэ тахътэм макIэу зыкъыфыхиIэтыкIыгъ.– Шъыд уздэщыIагъэм щыкъэбар? Шъэуае къэплъэгъугъа, нынэ? Моу сапашъхьэ къитIысхьи, адыгэ къэбармэ сахэгъэдаIу, сикIал.

– Зи хъун щыIэп, нан,– Хъан-Джэрые зыпашъхьэ итIысхьэгъэ нэнэжъэу жъыгъэр къызтекIогъапэм къэбар дэй фимыIопщы шIоигъуагъэми, ежь ыгу илъ шъэфыр, зыми ышъхьэ зыфыримыхыщтыгъэр, зыгъапэщтыгъэр, хэхьапIи-хэкIыпIи зыфимыгъотыщтыгъэр римыIон ылъэкIыгъэп,– шапсыгъэмэ, нэтыхъуаемэ зи къарагъэлырэп, зэхаукIыхьэх, тырагъэстыкIых.

– Шапсыгъи, Нэтыхъуаий акъылрэ лIыгъэрэ арылъыжьба? – ТIэкIу тырибгъашIи, зэриIори ыгъэмысэри умышIэнэу Къэнтатэ ышъхьэ дигъэсысыжьыгъ.– Арэу зэрэхъутым сенэгуегъагъ... Зэпыджхэмэ-къызэпыджыжьхэзэ, Iофыр гъунэм нагъэсыгъ... Хьау, хьау, сикIал, о лажьэ уиIэп...

– Ардэдэр, нан, сфэIошъунэп,– Хъан-Джэрые янэжь Iугушio фэдэу зишIыгъ,– сэ силажьэ зыхэлъым нахь лъэпсэ чыжьэ зэриIэри шъыд пае зыщыдгъэгъупшэн.

– Зэрэхъурэмджэ, сикIал,– Къэнтатэ мыгузажъоу, нэплъэгъу стырыр зэхыригъашIэу, ау римыгъэстыщэу Хъан-Джэрые риIуагъ,– тинахьыжъмэ тыгу зыщябгъэжьын чIыпIэ тифагъ.

– Ащ фэдэхэри шъхьэм къехьэх, нан. Ау блэкIыгъэм уепIэскIужьыныр зэрэIэшIэхыр къызгурэIо. ЩыкIэгъэнчъэр зыуж тимыхьэгъэ Iофыр ары.

– Тхьэуегъэпсэу, сикIал.

– «Адыгэхэр зэрэхэукъуагъэхэр джыры ныIэп къызгурыIонэу зезгъэжьагъэр... Тихъулъфыгъэхэр зырызэу зыпштэхэджэ, лIыгъэнчъэхэп, акъылынчъэхэп, ау адыгэ гупшысэр зэзыщхын, зыуIэшкIын, зы макъэ, зы гухэлъ зышIын гупшысэ яIэп» Мэрчан тхьамыкIэм ыIо зыхъуджэ, къызгурыIощтыгъэп. Шъыд джы тырэгущэIэжьыджэ, шышъхьэр зыIэкIэдгъэкIи, шыкIэм тыкIэлъытхъожьыгъ.

– А сикIал, тхьэ къысауи, шъыд гущыIэ зэмыкIух пшъхьэ къитэджагъэхэр!..– КъехьылъэкIырэ мэкъэ псыгъокIэ Къэнтатэ къыхэкуукIыгъ, ыIэгушъо одмэ тыжьын бэщыри зэрачIэсысысыхьагъэр Хъан-Джэрые ылъэгъугъ, ыгу пигъэузыкIыгъ, ау нахь мэкъэ шъабэкIэ янэжъ къыухыжьыгъ: – Ащ фэдэмэ уямыгупшыс, сикIал, уятэжъи, уяти, ори шъухэукъуагъэу къыпщэхъумэ... Шышъхьэр блэзытIупщыгъэмэ шъори шъуахэтышъ, Шъэое бетэмалым, ащи сыгу ебгъэрэп, зыдэмышI, узэрыт чIыпIэр зыщымыгъэгъупш... Узготмэ нэпэнчъагъэджэ пфалъэгъутэр джа адыгэ дэдэмэ лIыгъэджэ пфаштэнэп, къыбдэхьащхыных.

– Угу къысфихьагъэмджэ, нан, ухэукъо,– Хъан-Джэрые ынэгу чъэкIыгъэ лъы къечъэжьэу къыIуагъ,– ар сшIэным ыпэджэ сыщымыIэжьыныр къэсштэн. Ау спшъэ къыралъхьэгъэ мамыр Iофыр адыгэхэмджэ хэкIыпIэ закъоу сэлъытэшъ, Урысыер амал иIэу Кавказ икIыжьытэп, шъыд пае зытемытым нэшъу зедгъэхъулIэнышъ, зыдгъэунэхъужьын, ащджэ сипшъэрылъ адыгэ пашъхьэм щызгъэцэкIэт.

– ГугъапIэ щыIа, сикIал?

– Тызхэхьагъэмэ Вельяминовым адызэрихьэгъэ лъыгъэчъэ заом ащ фэдэ ахысигъэлъэгъуагъэп, ау Урысые пачъыхьэр мыщ къэкIофэ, адыгэ Iофыр зэхэтэфыфэ,

зэпэуцугъэ бгъуитӀумэ азыфагу зао къыдамыгъэтэджэнэу тӀуагъэ.

— Адэ ары,— тӀэкӀу тешӀагъэу шъхьэгъэсыс гукъаокӀэ Къэнтатэ къыӀуагъ,— пчыпыджынджэ адэгущыӀэгъуай. Зэрэхъурэмджэ, Шъэуае къызытфыкъокӀыджэ къытфиӀуатэхэрэр шъыпкъэ. Шъыдэу Шъэуае зыкъыпфишӀыгъ, сикӀал? БэшӀагъэ къызымылъэгъуагъэр.

Хъан-Джэрыерэ Шъэуаерэ зэрэзэзэгъыгъэхэу, джа пчыхьэ дэдэм, остыгъэ хэгъэнэжьыгъомэ адэжь, унэм щызэӀукӀэжьыгъэх.

ГушӀом хэт унагъор къызэшӀэкӀыгъэгъэ зэшитӀур, нахьыжъыгъэ-нахьыкӀагъэр чӀамынэу пчыхьэ реным зэгосыгъ, ау язакъо зэхъум, азыфагу дэмылъыгъэ чъыӀагъэ горэ къафэущыгъэ фэдэу тӀуми къащыхъоу, гущыӀэр къезгъэжьэщтымкӀэ зэжэжьхэмэ зэфычӀэплъыжьхэу тӀэкӀурэ щысыгъэх.

ПкъыкӀэ илъэс пшӀыкӀуз-пшӀыкӀутӀум зизыщыгъэ Дзэпщ шъэожъые псыгъор унэм къихьагъ, нахьыкӀэхэм хьакӀэщмэ щаӀыгъ чӀыпӀэр ымыукъоу, къыраӀорэр зэригъэцэкӀэщтым фэхьазырэу, пчъаблэм гоуцуагъ.

— Къихь, Дзэпщ, пчъаблэм угомыт,— Хъан-Джэрые шъэожъыем еджагъ.

— Хьау, Хъан-Джэрый, сэ бэрэ шъуззгъэохъутэп,— лӀышъо зытыригъэоу Дзэпщ къыӀуагъ, янэжъ къызэрэупчӀэгъагъэу, къыпигъэхъожьыгъ,— шъукъыздикӀыжьыгъэм щыкъэбарыр зэзгъашӀэ сшӀоигъу.

— Шъы пӀуагъи? — Зэхихыгъэр ыгъэшӀагъоу Шъэуае къэупчӀагъ.

— Ащ бгъэшӀэгъон хэлъэп, Шъэуай,— унагъом зэрэщесагъэу, Дзэпщ ятэ ыцӀэкӀэ къеджагъ,— сэ сизакъоп, Къаймэтыдхэми, Хьадж-Къэсэйдыхэми, тигъунэгъулӀхэми къэбарыр ашӀэ ашӀоигъу. Къэзэкъмэ адыгэхэр хым хатакъох, рагъэтхьалэх аӀуагъэшъ ары.

— Алахьэм ишыкурджэ, ащ фэдэ Ӏоф щыӀэп, сикӀал,— телъэшъогъэнчъэ джэуап Шъэуае ыкъо ритыжьыгъ,— адыгэмэ джырэджэ зыкъаухъумэжьы, гъусэхэри къытфыкъокӀых. Урысые пачъыхьэр бжыхьэм ышъхьэджэ къытфэкӀонэу Хъан-Джэрые къытиӀуагъэшъ, Вельяминэ цӀэплъыжъым иӀо ыгъэцэкӀэжьытмэ, тэри зытӀэжэн, ау тыкъызагъапцӀэджэ, агу къытарэмыгъэбгъэжь.



— Ара? Хъун ащыгъум! — Дзэпщ ынэ шӀуцӀэ цӀыкӀухэр къилыдыкӀыгъэх, Хъан-Джэрыий фыреплъэкӀыгъ.

— Ары, ары, Дзэпщ, уятэ къыуиӀуагъэр шъыпкъэ,— шъэожьыер къызыкӀеплъыгъэри Хъан-Джэрые къыгурыӀуагъэу кӀэлъиӀожьыгъ,— адыгэхэр хым зыми хедгъэтэкъотэп, ыгъэгумэкӀрэмэ сфяӀожь.

Дзэпщ унэм зекӀыжьым, Хъан-Джэрые хэхьапщыкӀыгъ:

— Адэ джары, Шъэуай, шъэожъыехэри лӀы Ӏофмэ ахэщагъэ мэхъу... СшӀэрэп екӀолӀакӀэу тиӀоф къыфэдгъотытэр...

— Ащ екӀолӀакӀэу иӀэр зы, Хъан-Джэрый, адыгэ хэсашъхьэм Вельяминэм фиӀопщыгъэри шъо шъузхагъэдэӀуагъэри ары. Уфаемэ, сшынахьыкӀ, джыри зэ къыкӀэсӀотыкӀыжьын.

— Шъыд пае...— Хъан-Джэрые зэмыжагъэм ыгу къыӀэпигъэзыгъ, мыр зикъэгущыӀакӀэм сыдырэ ӀофкӀи узхигъэзэгъэнэп ыӀуагъ, ау зэкӀэкӀуагъэп: — Адыгэ хасэм сыкъыщыгущаӀэ зэхъум, къэсымыӀуагъэр о пшӀосыушъэфынэп: урысыдзэр адыгэ шъолъырым пачъыхьэм зэрэримыщыжьыщтыр, сэ къышъосымыӀожьми, шъори къыжъугурэӀо, Шъэуай.

— Адэ шъыд ащыгъум ори укъызфигъэкӀуагъэр, ежьыри бжыхьэм къызфэкӀотэр? ТызэшӀун, тыкъызэхэнэжьын шъоӀомэ, сшынахьыкӀ, шъухэукъо. Адыгэ хэгъэгу шъхьафитым шъукъихьаным ыпэджэ, Хъан-Джэрый, шъушӀэтым шъуегупшысэн фэягъ. Пчъэр Ӏушъутхыешъ, унэм шъукъытшӀуихьагъэшъ, тызэжъугъэшӀу, тызэдэпсэут шъоӀо, ара?..— Зи къезымыӀожьэу нэ Ӏуш шъабэхэмкӀэ къеплъыщтыгъэ Хъан-Джэрые Шъэуае зыкъырыгъэшӀэжьыгъ: — Къысфэгъэгъу, сшынахьыкӀ, сигуплъыгъэ мыӀуапхъэ джыри сегъаӀоджэ сенэгуе... Бжыхьэ нэс Ӏашэ зэпэтымыӀэтынэу тызызэзэгъыгъэджэ, нэмыкӀ горэм тырыгъэгущаӀ.

— Ари гущэӀэ псау, Шъэуай,— Хъан-Джэрые жэкӀэ-пэкӀэ нэгу зэхэкӀыхьагъэм Ӏугушӏуагъ,— узэрыгущэӀэн закӀэба дунаир...

Сыхьатныкъо уахътэм зэо Ӏоф, къэзэкъ Ӏоф къыхэмыхьэу Шъэуаерэ Хъан-Джэрыерэ гущыӀагъэх. Ау Хъан-Джэрые нычхьэпэрэ пчыхьэм зыгъапэрэр къышӀагъэ фэдэу, Шъэуае хьылъэу хэщэтыкӀи, къыӀуагъ:

— Къэзэкъмэ татемыгущэӀэнэу тӀогъагъэ шъхьаем, сшынахьыкӀ, сызыухы горэм игугъу къыпфэсымышӀы

хъутэп. Ащджэ ощ нэмыкI сыкъызэхишIыкIынэу сшIэрэп. Нэмаз сшIы хъумэ, къысэхъулIагъэр Алахьэм ыпашъхьэ исхьан сIонти, укIэгъожьыгъ ыIонышъ, сигукъаоджэ сыкъызэхишIыкIынэп. Агой Пщымафэ, сишъэогъум, сигукIае зыфыхэсэгъэпсым, джаурым гонахь иIэп, пшъхьэ къимыгъахь, модырэ дунаим джэнэтыпчъэм дэжь къыпщыфаIэтыжьын, къырыодэожьыных къысиIуагъ... СшIэрэп синасыпынчъагъэ джэуап сызэрэфэхъужьытэр...

– СыкъэдаIо, Шъэуай.

– Пантелей тхьамыкIэмрэ сэрырэ тикъэбар зыфасIорэр...– Шъэуае ышъхьэ онтэгъу шIуефэхыгъ, хэхьапщыкIызэ ыгъэсысыгъ.– Зэхэмыхыгъэу сшIошъ хъунэп, укъызфыкIэмыупчIэрэр сшIэрэп нахь... УнахьыкI нахь мышIэми, сыпщыукIытэнэп, къыосIон. Анфискэджи, Сисурэджи къысэхъулIэрэр сымышIэу ягонахь къэсхьызэ, къысэхъулIэжьыгъэр тхьамыкIагъу...

– Пантелей зэрэщымыIэжьыр зэхэсхыгъэ, ау шъуазфагу къыдэхъуахьыгъэм сыщыгъуазэп. Къэбэртае тыкIо хъумэ, Васюринскэм тыблэкIытышъ, илъэс уахътэ тешIэжьыгъэми, тхьаусхакIо сыдахьэ сшIоигъу.

– Дахь, Хъан-Джэрый, дахь!..– Шъэуае ышъхьэ къыпхъотэжьыгъ, етIанэ ымакъэ къефэхэу къыпигъэхъожьыгъ: – Ар сэ сфэшIэтэп, сшынахьыкIэм фэдагъ бетэмалыр... Унэ лъы къытелъэдагъэ зыхъуджэ, зэуапIэм щыпшIэрэр ошIэжьа!.. СакIыбыджэ къыкъолъэтыгъэр Пантелеймэ шъыд фэсшIэныя!.. Ежьыри сыкъишIэжьыгъэп... Ары нахь, тынэ къаплъэзэ, тэ тызэрэукIыжьыныя... Ар сэIо шъхьаем, сэрынджи мэхъу зилажьэр... Пантелей инэплъэгъурэ къыIожьыгъэмрэ сщыгъупшэжьырэп... «Си Анфиски степхыгъ, сэри сыуукIыгъ» къысиIуагъ... Пантелей игущыIэмэ шъыпкъи мышъыпкъи ахэлъ, Хъан-Джэрый... Анфискэ сызытемыплъэжьытыгъэри бэшIагъэ, ыджа орырэ Хьадж-Къэсэйрэ цIэцIакIо ыдэжь шъузэкIо уж пIоми хъут. Сишъэожъые илэгъу сабый зыпIурэ бзылъфыгъэм илI ащ нахь хэмылъэу сыукIыныя?.. Хэт сигонахьшIагъэ сфигъэгъун, сыкъызэхишIыкIын...

Шъэуае къыIотэрэ гукъэо-гукIаемэ шъхьэр адигъэсысмэ-адыригъаштэзэ, Хъан-Джэрые ядэIущтыгъэми, гукIэ Петербург щыIагъ, Сидневскэ-Рябинина Татьянэ ынэгу кIэтыгъ, зэхихырэм нэмыкIэу зыхэгупшысыхьани иIагъ...



Мафэ горэм Шъэуае шъэожъыем фэщэфэнэу лэбэпэ бэдзэрым кIуагъэу, бзылъфыгъэ тэмэ пытэкIэ зыкъезгъэутэкIыгъэм кIом дыхэтэу къыфидзыгъ:

– Сисабый тынчъэу къэбгъэнагъэшъ, черкес, о уисабый цуакъэ фэощэфы, ара?

Губжыгъэ нэгукIэ Шъэуае бзылъфыгъэм зыкIэлъэплъэм, къыфызэплъэкIыжьыгъэ Анфискэ ардэдэм ыгу къыгъэушкъоигъ, ахъщэр щакIом IэкIидзи, Дзэпщ фищэфыгъэ цуакъэхэр зэриIыгъэу, IэнтэгъупэкIэ цIыфхэр IуигъэзыкIзэ, пкъы дэхэ ищыгъэр Iузыхыжьырэм лъежьагъ...

## ЯБГЪОНЭРЭШЪХЬ

### I

Екатеринодар къызщысыгъэ мафэм щегъэжьагъэу шапсыгъэ-нэтыхъуаемэ зэрахэтыгъэ мэфэ пшIыкIутIур мэзэ пшIыкIутIу къыщыхъоу Хъан-Джэрые къехьылъэкIыгъ.

ЦIыфыбэмэ аIукIагъ, нафэуи шъэфэуи хьакIэщхэм, хасэхэм нэбгырэ зырыз-тIурытIухэм ащадэгущыIагъ. Ау, ариIорэм къыдырагъаштэ фэдэзэ, къызэолIэжьыщтыгъэхэр зы: «Укъэзгъэкlуагъэмэ ядзэ тичIыгу итэу, зыфаер рашыхьэу, тазфагу мамыр къыдэхьан ылъэкIыщтэп». Ащ Шъэуае «уагъапцIэ, ори зыогъэпцIэжьы, сшынахьыкI» къызэрэриIуагъэр къызыхэхьажьым, Хъан-Джэрые иIоф Шапсыгъэ, Нэтыхъуае къазэрэщимыкIыщтыр къыгурыIуагъ, урысые пачъыхьэр къызщыкIощт бжыхьэ нэс язэпыщытыгъэ зэрамыукъощт зэзэгъыныгъэ мазэм езэгъыгъэу, Къэбэртэе лъэныкъом гукIэ щыIагъ. Ащ нахь къыщызэхашIыкIынэу, иIоф къыщикIынэу гугъэщтыгъэ.

АрынкIи мэхъу Прочноокопи зыфыдэмыхьагъэр, ышнахьыкIэ Сахьид-Джэрые дзэ къулыкъу зыщихьырэ Ставрополь исэмэгубгъукIэ къыгъанэзэ, Уарп нэпкъитIу IутэкъогЪэ чылэхэр игъогупэ кIуапIэхэу зыфыблэкIыгъэр.

– Къэбэртае нахь щымамыркIэ сэгугъэ,– Вревскэ ротмистрэм къыIуагъ.

– Джыри Къэбэртае тынэсыгъэгоп,– Хъан-Джэрый игупшысэмэ къахэужьыгъ.

– Тызыфакlорэмэ уицыхьэ ателъба?

– Барон, Павел Александрович,– Хъан-Джэрые иупчlи ищхи гузэбгъагъэ хэлъыгъэп,– сэра а lофымкlэ узгъэсэжьыщтыр? Гугъэр гъэшlэгъонэу зэхэлъ, цыхьи цыхьэмышlи зыхаушъафэ орыба тыгъоспчыхьэрэ хьакlэщым щызыlощтыгъэр. Лlыжъ жэкlэфхэми пчъаблэм готыгъэхэ нахьыкlэхэми шъхьэгъэсысыкlэ орыба зыдырагъаштэщтыгъэр?

– Сэры. Мыщкlэ нахь щымамыр джары сэзгъаlори. Ау хэт етlани къокlыпlэр lудэнэкlэ псыгъом фэдэу зэхэлъ зыlуагъэр? Хэт ыlуагъэми, ащ къикlырэр гъэнэфагъэ: къыуаlори плъэгъури пшlошъ дэдэ умыгъэхъу.

– Зэрэхъурэмкlэ, гум илъымрэ шъхьэгъэсысымрэ зэтефэрэп.

– Зипчъэlупэ тыlухьэрэмэ яхьэкlэпэгъокlыкlэрэ яlэнэ къэштакlэрэ ар яслолlэн слъэкlыщтэп. Ау агу илъыр къытамыlокlэ енэгуягъо.

«Тэ тыгу илъыр ятэlуа?..– Ежьыри зэрахэтэу Хъан-Джэрые зэгыижьыгъ, хыlушъо шапсыгъэмэ къахэхьэгъэ инджылыз зырызхэр къэубытыгъэнхэмкlэ е зыхэфыгъэнхэмкlэ гущыlэ шъэф дишlынэу зыфежьэм, Шъэуае къыриlожьыгъагъэм ыгу къыгъэузыжьыгъ: – «Ыпкlэ хэлъ-хэмылъми, агу къытфилъ дэдэм сыщымыгъуазэми, тигумэкl къыддагощы, гущыlэкlи lашэкlи къыддэlэпыlэхэрэм ашъхьэ къыпфэсхьыным ычlыпlэ сэ сшъхьэ къыпфязгъэхьымэ нахьышlу!..» Е-о-ой, ар къысэмыlуагъэмэ нахьышlугъ, Шъэуай... Ищыкlагъэ хъумэ, ахэмэ ашъхьэ о пшъхьэ гъусэ къызэрэфашlыщтым щэч хэлъэп. Ау ар зэрагъэшlэщтыр сэра, Вревскэр ара, Мыгурыкъора? Зэкlэми анахь дэгъугъэр, пачъыхьэм тызырегъэблагъэм къызэрэтиlогъагъэу, «ежь зибысымымэ ар ядгъэшlэжьыгъагъэмэ, татекlогъагъ». Ахэмкlэ шlэхыщэу Шъэуае къэтхъогъагъ шъхьакlэ, къызэремыкlущтыр сшlэзэ, сыдэущтэу езгъэшlэныя?.. Инджылызмэ ашъхьэ пэlудгъэхьащт ахъщэр Шъэуае ялъэпэонэу къушъхьэ гъогу горэми телъэп... Ежь зимыуцlэпlыжьы шlоигъомэ, нэмыкl горэм рерэгъашlэба!.. Сенэгуе Мыгурыкъом ыпшъэ итлъхьагъэр фызэшlомыхмэ, сэ ыуж сихьан фаеу хъункlэ. Инджылыз гъэблакlомэ апае ежь ышъхьэ Шъэуае къысфаригъахьыщт».



– Ащ фэдэкlэ зищыгъу-пlастэ тшхырэмэ тыгу ятэмыгъэгъабгъ, таlугушlомэ къызlудгъэгушlожьхэзэ, тишlэн тэгъашlэ.– Зэпыугъо тlэкlукlэ, ичlэгъчlэлъыгъи къыхимыгъэщэу пигъэхъожьыгъ: – Адыгэмэ ячlыгурэ яшъхьафитрэ атемыхи, зыуи арэп зэрэбгъэпцlэщтхэр...

«О зэрэпlо дэдэуи уилъэпкъэгъухэр щытхэп...– Вревскэри щхыпцlыгъэ, зыгъэ Новицкэ забытымрэ Абэтэ зэшхэмрэ къапытэджэгъэгъэ къэбарыр ыгу къэкlыжьыгъ.– Ермоловым изэман къэбэртаемэ ащыщхэри ащ хэтыгъэхэп сфэlонэп... Ащ нахьи Шапсыгъэ, Нэтыхъуае тыкъызфагъэкlогъэ lофыр къазэрэщимыкlырэм нахь сегъапэ... Сэ ащ зыгорэу сыхэкlыжьын, пачъыхьэ пашъхьэм оры lоф щыхэфэщтыр. Джары сэ пфэмышlу щазымэр зыщымыгъэзыхь зыкlаслорэр. Пачъыхьэм узырегъэблагъэм, угушlуащи, лъэгонджэмышъхьэкlэ зыфебдзыхыгъ нахь, уилъэпкъэгъу lэлмэ гущыlэ дахэр зэрэзэхамышlыкlыщтыр гурыбгъэlуагъэп. Вельяминовым ыlорэр тэрэз, адыгэ пашъхьэм lашэр щыбгъэтlылъы хъущтэп. Мыщ фэдиз чlыгу гъэбэжъулъэ зэпэlукlотхэр, мэзылъэ зэикlхэр, къушъхьэ шыгуф зэшъхьэщыкlхэр цlыф лъэпкъ пчъэгъэ зэгурымыlожь хэбзэнчъэмэ ябгъэlыгъыныр емыкlу. Зэрэмыукlыжьхэу, зэрэмышхыжьхэу бащэри исыгъэх... Етlани мы сызыкlыгъур ахэмэ хэгъэгу пащэ афэшlи, хьау иlэп, къыфэмыlоми, зэрэфалlэрэр игущыlэмэ къашlухэщы, пачъыхьэм фитхыхэрэми, зыфэсакъыжьызэ ащыкlегъэтхъы. Мыхэр хэгъэгу шъхьаф пшlыгъэми, гъунэгъу хьалэл зафэпшlыгъэми, дунаим утырагъэтынэп. Пащэ уафэхъугъэкlи, пфэгъэдэlонхэп... Тэ яlоф тшlэнэу Тхьэм ыухыгъагъэкlэ сэгугъэ, арымырмэ тигупшысэрэ тиlашэрэ Кавказымкlэ зыкъигъэзэщтыгъэп, тицlыф минмэ апсэхэр тырку зэо пчъагъэмэ ахатлъхьэщтыгъэп, персхэми зядгъэшlэжьыщтыгъэ...»

– Сэри джары, Хъан-Джэрый, адыгэмэ сызэряплъыщтыгъэр,– Вревскэр игупшысэмэ къахэужьыгъ,– ау ахэр нахь чыжьаlоу маплъэх, хэгъэгу гъэуцугъэ зэрямыlэ пэтызэ, зэкlэмэ апэуцужьых. Къэошlэжьа «къышъупэуцужьын хэгъэгу гъэуцугъэ тимыlэмэ, ари тызщыфаем, джы шъукъызыттебэнэ уж зэрэтиlэн фаер къыдгурыlуагъэшъ, тlэ къидгъэхьан тлъэкlыщт» къызэрэтфадзыгъэр?

– Сянэжъ зэриlоу,– Хъан-Джэрые ыгу къыдемыlэу щхыпцlыгъэ,– щэм ыстыгъэр псым зэрепщэу, джырэп ар

зашIэн фэягъэр... Аущтэу зекIогъагъэхэмэ, Тыркуер къянэцIыщтыгъэп, Урысыем афыриIэщт еплъыкIэри нэмыкIыщтыгъэ. Шъыпкъэ, хэбзэ гъэуцугъэ зэрылъ хэгъэгухэри Iаджри зэзэожьхэу, чIыгуи зэтырахэу, зэфадзыгъэ гущыIэ дысыри зэжэдагъэзыхьажьэу къыхэкIыгъ.

«КъашIэ джы мыр къызэрэуубытын плъэкIыщтыр? – Вревскэр зэупчIыжьыгъ.– КъысиIокIыгъэм фысиIэ еплъыкIэр есIомэ, тицыхьэ зэфэмышI ышъхьэ къисхын, гъогу тызызэдытехьагъэр мазэ нахь мыхъоу, ар тIуми тищыкIагъэп. Чернышев графым сыкъызэхишIыкIын, Бенкендорф графыр, къысIущхыпцIэзэ зэрысигъэIонышъ, ежь ипIуркIэ ышъхьэ къыухъумэжьын, сэ сызэхаригъэджыхьан... Сэрэп ар зышIэн фаер, тауж ит шыуищымэ яз. Тыгъэнэ Аслъанбэчми хъущт, осетиным нахьи адыгэмэ ащыщ Пэдыс Мэмэтчэрыеми нахьышIужь, ау сызэрэхэзэгъэщтыр сшIэрэп. Зэ-зэ, ащи уахътэ ищыкIагъ».

– Тигупшысэхэр зэтефагъэх, Хъан-Джэрый. Сэри ахэр джыдэдэм сшъхьэ илъыгъэх. «Хэгъэгу дэкъацэм зыдязгъэщытIыхьан нахьи, сышъхьафит Iэлмэ нахьышIу» лIы Iушмэ ащыщэу зыIуагъэр хэт, къэошIэжьа?

– Шъхьафитым фэгъэхьыгъэ гущыIэ щэрыохэр лIы Iуш Iаджми аIуагъ, ау ахэр зиакъыл къыхэкIыгъэмэ алъэкъуацIэ къэшIэжьыгъуай. ЗыцIэ къэтымышIэжьырэм сыд пае тшъхьэ зэпедгъэкIын,– Хъан-Джэрые каретэм къыщыбгъодэсым есэмэркъэуужьыгъ,– ау Iэл гущыIэр хэмытыгъэмэ нахьышIугъ.

– Сыда, полковник? – Вревскэри тхьагъэпцIышъо нэгукIэ къыIуплъагъ, сэмэркъэукIэ къыфидзыжьыгъ: – Iэл гущыIэм ущэмэхъаша?

– Сыд пае сыщымэхъэшэн,– Хъан-Джэрый къыIугушIожьыгъ,– цIыф Iушмэ уахэслъытагъэшъ, шъхьафитыгъэм фэгъэхьыгъэ хъумэ, IэлыгъэмI нахь макIэрэ утезгъэгущыIэнэу сыфай.

– Ара? Уигулъытэ сэштэ, Хъан-Джэрый,– шIукIэ къыраIуагъэ фэдэм Вревскэм ыгу зэремыIугъэр къызхигъэщыгъэп, тегущыIыкIыгъ: – Тлъакъохэр, тIэпкъ-лъэпкъхэр дыигъэх, тыгъэшэс, полковник.

– ПIэпкъ-лъэпкъхэр зэкIэпфы пшIоигъомэ, ротмистр, шэсы. Сэ щэрэхъмэ сакIэдэIукIызэ, тIэкIу сышъхьаукъэ сшIоигъу.



Хъан-Джэрые каретэм къызенэм, зыми ымыгъэохъоу игупшысэмэ къахэнагъ, Къэбэртае яIоф зэрэщыхъущтым егъэгумэкIыми, зэрэхъугъэр ымышIэу Петербург гукIэ зидзыгъ – къызхэкIыгъэ къушъхьэ полуэскадроныри, зифлигель-адъютантыри, иIокIи ишIэкIи ренэу къышъхьащыт Бенкендорф графри щигъэгъупшэжьхэу, Татьянэ ынэгу къыкIэуцуагъ. Узыфэзэщырэм уегупшысэ зыхъукIэ, етIани ар шIу плъэгъурэ бзылъфыгъэмэ, инэгушIо пэгъохыхэмкIэ, щыгъынхэмкIэ, шъхьацыр зэрэшIыгъэмкIэ, тхьакIумалъэхэмкIэ, бгъэхэлъхэмкIэ уинэплъэгъу къыхэтэджэжьы. Джа пстэуми ащыщэп Хъан-Джэрые ынэгу Татьянэ зэрэкIэтыгъэр. Кавказ гъогум зэрэтехьащтыр зыфеIопщым, къыщыути, адырэ унэм зэрэчIэлъэдэгъагъэр, къогъум къот тхьэ сурэтым ыпашъхьэ лъэгонджэмышъхьэкIэ исэу къащ къыхьызэ, зэрэIупчъапчъэщтыгъэр ары. Урысмэ защыхэфэгъэ охътэ кIыхьэм джа закъор ары Хъан-Джэрые зэрэбыслъымэныр зыщыгъупшэжьыгъагъэр. ЛъэгонджэмышъхьэкIэ щыс бзылъфыгъэр шIотхьамыкIагъ, шIодэхагъ, шIогугъэпIагъ.

«Сыда шъуIо Тане ищыIакIэр? – Хъан-Джэрые сыхьатым еплъыгъ.– Джыри пIэ шъабэм зэрэхэлъ, сыхьатыр пшы мэхъу къодый, фырахьащт кофэр фаухьазырэу къычIэкIын. Ежьыри, сэщ фэдэу, джыдэдэм ыгу сыкъэкIа шъуIо? Екатеринодаркlэ къысфатхэзэ ышIынэу тызэзэгъыгъагъ, ау джы къызнэсыгъэм зи къысIэкIэхьагъэп. Петербург тыкъыздэкIым, апэрэ каретэ-шы зэблэхъупIэм сэ макъэ щезгъэIугъагъ, ащ ыужи ары, Таганроги щысщыгъупшагъэп, Екатеринодар тыкъызщысыгъэ мэфэ дэдэми макъэ езгъэIугъ, къэбэртэе гъогум тыкъызыщытехьэгъэ пчэдыжьыпэми почтэм сыIулъэдэгъагъ... Сыд ежь икъэмытхакI? ЗыгорэкIэ ыгу къысабгъэ сIонти, Кавказым сыкъызэрэкIорэм фэшъхьаф, тызызэрэшIэрэ илъэсмэ зэмышIу тазыфагу къыдэхьагъэп. Типачъыхьэшхо спшъэ къырилъхьэгъэ Iофыр хьылъэми, щынагъоми, сэркIэ ар зэрэхэгъэгу пшъэрылъышхор къыгурыIуагъэу, къыскъогушхукIызэ, гъогу сыкъытригъэхьагъ. ЗыгорэкIэ гъойщаемэ е нэмыкI Iоф къыхэхьагъэмэ шIэ? Пятигорскэ тынэсынкIэ къэнэжьыгъэ щыIэпышъ, Кавказ дзэ корпус шъхьафым ипэщэ Розен бароным сыIумыкIэзэ, Къаз-Джэрые сыфэтхэн, Тане сегыиным, сыхэмыукъоным ыпэкIэ, икъэбар къызэригъэшIэнэу селъэIун. ЦIыфым имыхьакъ зыуи арэп зэрэтеплъхьащтыр, сыд

пае имыщыкIагъэхэр сшъхьэ къизгъэхьан? Ащ нахь цIыфышIурэ, гурыIогъошIурэ, зэхэшIыкIышъошIурэ сырихьылIагъэп. Хьау, хьау, сэ зэсымыпэсыжьыщтыр еспэсынэп. Мы Iофым етIани сызщымыгъуазэ гори хэхъухьанкIи пшIэхэнэп. Сыд ар къызэрэбгурыIощтыр? Узщыгугъыжь зэпытызэ, загъорэ джэнджэш пшъхьэ къихьаныр дэгъу, ау цыхьэмышIыным зебгъэухыныр тхьамыкIагъу. Сигъусэхэми, сыкъэзгъэкIуагъэхэми, сыкъызфэкIуагъэхэми цыхьэ афэсшIырэп. Хьау, типачъыхьэшхокIэ ар сIон слъэкIыщтэп, къешIэкIыгъэхэр, зыгъэплъэхъухэрэр ары зэкIэ зилажьэр, щыщынэхэзэ агъэшэхъу, пытагъэ зыхэлъым мэхагъи иIэшъ, ар къызфагъэфедэмэ, щытхъумрэ IушыгъэмрэфырагъэбэкIызэ, зыщыхагъэукъори макIэп. Темыр Кавказым къыщыхъурэр ежь ынитIукIэ зыщилъэгъущт бжыхьэри чыжьэжьэп. Джащ зэкIэ сиадыгэ еплъыкIэу есхьылIагъэм, Вельяминовым зэриIоу, «Iор- жъор пкIэнчъэрэ даушыгъэ-шъхьащытхъужьырэ» хэлъмэ, къыщылъэгъощт. Адыгэхэр зыдатэкъогъэ мыжъошъхьалыр къэзгъэуцуни, силъэпкъэгъу тхьамыкIэхэр, Урысыем гукIи псэкIи фэзгъэблэгъэн гухэлъ сиI нахь, хэгъэгу пащэ зафэсшIыным сыкIэхъопсыкIэ арэп. Адыгэхэр Тыркуем фэскъудыихэрэп, Урысыем къесэщалIэх. Сыд ащ мыхъунэу Вельяминовым, Паскевичым, Чернышевым халъагъорэр? Ары, къызгурэIо, генералхэр мызаохэмэ, лъымэ акIэмыомэ ятэмэтелъхэр улъыищтых, агу зэгъэщтэп...»

Шыгу папцIэкIэ ошъогум хэпыджэзэ, Къэмэ къушъхьэр мычыжьэ-мыблагъэу ягъогупэ сэмэгу къыIутэджагъ. Ащ Хъан-Джэрые еплъыгъо имыфэзэ, Вревскэр шыоу каретэм къыголъэдагъ.

– Ваше высокоблагородие, тиджабгъукIэ Гирей чылэ горэм тыблэкIы.

– Ары, ары, ротмистр, сэлъэгъу. ИхьакIэщ пчъэIупэ горэм ущепсых пшIоигъуа?

– Хьау. ЗыгорэкIэ, Гирей ыцIэшъ, шъутекIыгъэмэ сэIошъ ары.

– Гу лъыптагъэп нахь, ротмистр, тисэмэгукIэ мычыжьэу кIэим дэс чылэ горэми тыблэкIыгъ. СцIэ никъокIэ зэрэсицIэджэгъухэр ары къодый нахь, хэшIыкI афысиIэп. Ау мыхэр блэкIыгъэ лIэшIэгъум къэбэртэе адыгэмэ зэуакIо афэкIогъэгъэ Къырым хъаным идзэ къызызэхакъутэм, зымыгъэзэжьыгъэхэм ащыщынхэкIи е Хъан-Батый къыкIэкIэзыгъэнхэкIи мэхъу. Хэт ышIэра шъыпкъэм нахь пэблэгъэщтыр, нэмыкI къэбархэр апылъынкIи мэхъу. СшIэрэ закъор къэбарырэ тарихърэ зыпымылъ цIыфи, чыли, лъэпкъи, хэгъэгуи зэрэщымыIэр ары. Мо къэлъэгъорэ къушъхьэ пэпцIэ зизакъоу тигъогубгъу къыIутэджагъэми, модырэ къушъхьитфэу тапэкIэ къыщылъагъохэрэми, ротмистр, адыгацIи яI, тарихъ гъэшIэгъонхэри апылъ. Моу сионэш къысягъэщалI, сэри къушъхьэмэ афэдэу сышэсыщт.

Тыгъэр щэджэгъуанэкIэ Пятигорскэ шъхьащыуцогъэ къодыягъ Хъан-Джэрыедыхэр зыдахьэхэм. КIэй мыкуум дэтэкъогъэ, шъхьэщытэкъогъэ унэ зэпэIудзыгъэхэм ахэплъэным ычIыпIэкIэ хьадэдэх къэзэкъ купмэ апэ зэпамычынэу къызэтеуцуагъэх. Вревскэм ипаIо зызыщехым, мыадыгэ шэнми, Хъан-Джэрые шъхьапцIэу, ащкIэ лIагъэм шъхьэкIафэ фишIызэ, каретэм къикIыгъ, ауж ит шыухэри епсыхыгъэх. Зы хьадэ къащыхъузэ, хьадитIу аблахыгъ.

Хъан-Джэрые ыгу къыпыузыкIыгъ, блахыгъэ пхъэмбайхэм акIэлъыплъэжьыгъ, пхъэлъакъо зыкIэт къэзэкъ лIыжъэу ауж итым еупчIыгъ:

– Хэт жъугъэтIылъхэрэр, лъытэныгъэ зыфысиI?

– ТикъэзэкъитIу, Ваше высокоблагородие,– зызэригъэпсэфыщтыр ичарэ фэдэу къэзэкъ лIыжъыр къызэтеуцуагъ, ипаIо зэриIыгъ IэгушъомкIэ ынатIэ пкIантIэр тырилъэкIыкIыгъ,– тыгъуасэ ЕтIэкъо къэбэртаемэ къызэхаупкIэтагъэх. Зыр, приказнэр, тэтый, Пятигорскэ къэзэкъ, адырэр, штабс-ротмистрэр, Пшызэ къэзэкъмэ ащыщ.

– Сыд ылъэкъуацI? – Хъан-Джэрые ыбгъэгу къыдэтаджэщтыгъэ гумэкIым джыри кIигъэупчIагъ.

– Капустенко, Ваше высокоблагородие.

– Игнат Ивановича? – КIыфы кIэхъукIэу Хъан-Джэрые къызIуипхъотыгъ.

– Ары зэреджэщтыгъэхэр, Ваше высокоблагородие... ПшIэщтыгъа?..

ЧIыпIэм зизыпхъотыгъэ Хъан-Джэрые ыуж къэзэкъ лIыжъыр елъэщаозэ ихьагъ, къэхъугъэр Вревскэ ротмистрэми гурыIуагъэу, гъогубгъум къыщяжэнхэу гъусэмэ къафигъэпыти, къэхалъэм дахьэрэмэ алъежьагъ. Хъан-Джэрые зыкIахьэм, гухэкI мэкъэ къехьылъэкIыкIэ къыриIуагъ:

– Капустенкэ Игнат... Игнат Ивановичымрэ сэрырэ тицIыкIугъом щегъэжьагъэу тызэныбджэгъугъ... Сшым фэдагъ...

– Ваше высокоблагородие,– къэзэкъ лIыжъ лъащэр Хъан-Джэрые кIэмыхьашъоу лъычъэзэ, лъэджэ,– Капустенкэ къэзэкъыр сэри синэIосагъ. ЦIыфышIугъ, лIыгъэ хэлъыгъ. Игнат Иванович штабс-ротмистрэр джэнэтым ихьанышъ, къэбэртэе-черкесхэр джыхьнэм машIом пэфэнхэу тхьэ селъэIущт! Ахэр... А черкесхэри... Ахэр тэ зэрэтыуджэгъугъэхэр шъушIагъэмэ...

Ужэ зэтелъхьэр къыригъэкIэу Вревскэр къэзэкъ лIыжъым къыфеплъэкIыгъ, мыуцужьыхэ зэхъум, къызэтеуцуи, мэкъэ гъэшъхъыгъэкIэ риIуагъ:

– Тят, къэхалъэм щыбгэхэрэп, щыгъэт.

– Зэхэпхырэба, Ваше высокоблагородие, басурман-черкесыжъхэр ары сызэбгырэр!..

– Щыгъэт, имыщыкIагъэхэр умыIо,– Вревскэр джы нахь мэкъэ шъабэкIэ лIыжъым еIушъэшъагъ,– мо гвардие полковникыр, типачъыхьэшхо ифлигель-адъютант, иухъумакIу, ылъэпкъыкIэ черкесмэ ащыщ.

– Тю!..– Къэзэкъ лIыжъым ипхъэлъакъокIэ зыритIагъ.– ПIорэр сыщ!.. Сэ тикъэзэкъ лIы шIагъомэ ащыщ сшIошIыгъ... Черкесым типачъыхьэ къеухъумэ... Сэ басурманхэр ары нахь... Сыд черкесмэ Iоф адысиI... Сэри пачъыхьэм сыриухъумакIу... Олъэгъу, ротмистр, перс заом слъакъо хэслъхьагъ... Хъун ащыгъум, ротмистр, сэ тикъэмэ адэжькIэ, моу мычыжьэу ахэр щэгупсэфых, сафыкъокIын...

Къэзэкъ шъхьапцIэхэм апашъхьэ ит пхъэмбаитIу зэготхэу зышъхьэ техыгъэмэ атаманыр къашъхьащыуцуи, фэхыгъэмэ гущыIэ дэгъубэ къафиIуагъ, яигъонэмыс кIодыкIи къытегущыIагъ, алъ зэрашIэжьыщтыр зиримыгъэукIыхьэу, гущыIэ лъэшхэмкIэ агуригъэIуагъ, ежь нэмыкIэу нэбгыритIуи ацIэ къыриIозэ къыгъэгущыIагъ. Джыри къэгущыIэ зышIоигъо щыIэмэ ыIуи, атаманыр къызэупчIэм, ышъо чъэкIыгъэу къэзэкъ утыгум Хъан-Джэрые ихьагъ, Капустенкэ Игнат ипхъэмбаишъхьэ дэжькIэ уцугъэ. Зыщыщ амышIэрэ полковникым къеплъыгъэх, пачъыхьэм зэрифлигель-адъютантыр къэзыушыхьатырэ тыжьын хэдыкIэу ыбгъэ телъым хэшIыкI фызиIэмэ апашъхьэ къихьагъэр агъэшIагъоу, къазыкIыхэхьагъэри къагурымыIоу зэплъыгъэх, къызэплъыжьыгъэх.

– Къэзэкъ зиусхьанхэр,– Хъан-Джэрые къыIуагъ,– зыщыщ шъумышIэрэ полковникыр, сыкъэжъугъэгущыI ыIуи, шъуинэшхъэй утыгу къызэрихьагъэр шъумыгъэшIагъо. Тэ куп тыхъоу Петербург тыкъекIы, пшызэ къэзэкъхэми адэжь тыщыIагъ, джы Къэбэртае Iоф щытиIэу тыкIозэ, шъуитхьамыкIагъо тыкъырихьылIагъ... Ау непэ ошIэ-дэмышIэу тыкъызэрихьылIэгъэ къиныр шъо зэрэшъуитхьамыкIагъом нахь мымакIэу сэри ситхьамыкIагъу. Непэ жъугъэтIылъырэ штабс-ротмистрэр,– Хъан-Джэрые ымакъэ къыщитхъагъ, ау псынкIэу зыкъиушIэжьыгъ,– Капустенкэ Игнатрэ сэрырэ... Игнат Ивановичымрэ сэрырэ, илъэс тIокI фэдизкIэ узэкIэIэбэжьмэ, Екатеринодар нэIуасэ тыщызэфэхъугъ, тызэдеджагъ, Санкт-Петербурги кадет корпусыр къыщызэдэтыухыгъ, перс-тырку-польшэ заохэми тазэдыхэтыгъ, зын тыкъымылъфыгъэ, зы лъэпкъ тыкъыхэмыкIыгъэ, зы дин зэдэтымыIыгъыгъэ нахь мышIэми, зэшым фэдэу тызэфыщытыгъ... ТызэрэзэрэлъэгъуштыIм сыкIэхъопсымэ-сыкIэгушIузэ, уздэщыIэ лъэныкъомкIэ сыкъакIощтыгъ, Игнат... Зы мэфэ закъо уиукIакIомэ укъысагъэжэжьыгъэп...– «УиукIакIохэр силъэпкъэгъух, емыкIу къысфэмышI» риIонэу ыгу къыпылъэдэгъагъ шъхьакIэ, риутэхыжьыгъ.– Сэ джэнджэшэгъу укъысфэхъунэу, бэ къыпфэсIотэнэу сыгу илъыгъ, сикъош... Ау джаущтэу тиIоф ухыгъагъэу къычIэкIын... Узэрэсшыр нибжьи сщыгъупшэщтэп, Игнат. УцIыфышIугъ, угукъэбзагъ, гукIэгъурэ лIыгъэрэ пхэлъыгъ. Зыдэбгъэзэжьыгъэр джэнэт унэ пфэхъу, Игнат,– Хъан-Джэрые адыгэ шIыкIэу шъэогъум ышъхьэ теIаби, фэмыIэжэрэ нэпсыр кIилъэкIыкIэу къыIукIыжьыгъ...

Гъэмэфэ чэщ кIакор Пятигорскэ зыщырахым, Кавказ дзэ шъхьаф корпусым ипэщэ Розен бароныр ягъусэу Хъан-Джэрыедыхэр щэджагъом ехъулIэхэу Урыхъу пытапIэм нэсыгъэх.

КъыкIэлъыкIогъэ мафэм Къэбэртаешхо пщы-оркъ хэшыпыкIыгъэхэр урыс пытапIэм щаугъойхи, Урысые пачъыхьэшхор бжыхьэм Кавказым къызэрэкIощтыр, закъыIуигъакIэ зэрэшIоигъор Хъан-Джэрые ариIуагъ, мэфищ пIалъэкIэ, июлым и 19-м, Налщыч щызэхащэщт къэбэртэе зэIукIэшхом ригъэблэгъагъэх.

## II

Хы ШIуцIэ Iушъом, шапсыгъэ-нэтыхъое-убыххэм, абдзахэмэ, бэслъыные-кIэмгуе-мэхъошмэ языте ялъытыгъэмэ, Къэбэртэе нахь щымамырыгъ, заор угу къэзыгъэкIынырэ гуцафэ озгъэшIынырэ иплъагъоштыгъэп. Хъырцыжъыгъэ Iоф горэ, шъэфми нафэми, Къэбэртэешхуи Къэбэртэе цIыкIуи арыс адыгэхэмрэ Пятигорскэ, прохладнэ къэзэкъхэмрэ азфагу къыдэмытаджэу щытыгъэпштын, ау зэрэ Къэбэртаеу пштэмэ, япIытIыгъэ-фызыгъэкIэ щынагъо зэрашъхьащытым загъорэ уригъэгупшысэщтыгъэми, адыгэ гупсэф къуапэу къыпщыхъущтыгъ.

Зыдэщыгъэ Къэбэртаем, зыдэкIохэрэ Налщыч пытапIэм нахьи къыздикIхэрэ лъэныкъом къыщыхъурэмэ Хъан-Джэрые нахь агъапэ: «Тхылъыпiэм темытхагъэу, Iэ Iэтыгъэ закъокIэ ядгъэштэгъэ мамыр махэм сыд шъуIо рыкIорэр? ЛIыгъэрэ Iушыгъэрэ бгъуитIуми зэрагъотылIэжьэу пачъыхьэр адыгэ шъолъырым къэкIофэ, яIо амыукъожьэу, тигухэлъ тыкIагъэхьэгъагъэмэ дэгъугъэ... Гъэтырэ къэщэнымрэ къэмэ-сэшхо къипхъотымрэ сыдигъуи уакIэхьажьыщт, уIагъэри кIыжьыщт, Iэжэныр, гулъытэр зыщымакIэ гущыIэ иутыныр, зэкIэхьажьыр зыщыбэм тхьамыкIагъор къыздехьышъ, апэ ар къыздикIыщт бгъур, гукIи псэкIи анахь къыспэблагъэми, сэркIэ мысэщт. Тыгъужъыкъо Къызбэчдыхэм адыгэ плъырыгъэ бащэ ахэлъми, закIыфэбгъэгъущтыр лъэпсэнчъэп – ахэмэ ячIыгу къызэрагъэгъунэрэр зыдашIэжьы, заор къафахьыгъэу алъытэ. Вельяминовми ар зыдимышIэжьэу арэп, ау генералым ипшъэрылъ щегъэцакIэ. Тэры? Вельяминовыми, тигъусэгъэ Розен баронми, тыгъуасэ Урыхъу пытапIэм тызщыIукIэгъэ къэбэртэе адыгэхэм зылъэкъуацIэ къытфадзыгъэ Сталь, Курило, Тарановскэ, Коцырев, Предпрядов забытхэм, ахэмэ яIумэтыгъэ Ермоловым сытегущыIэжьырэп, тэ танахьышIуа? Тямызаоми, адыгэлъыр тымыгъачъэми, зы гухэлъ зыдэтIыгъэу ищыкIагъэ зэрэхъоу тиIашэмэ тятхъожьынэу Урысые хэгъэгум ипачъыхьэшхо тырилIыкIу. Тпшъэ къырилъхьагъэр зытфэмыгъэхъукIэ, сыд етIанэ?.. Зыгорэм пшъэдэкIыжь ыхьын фаеба?.. Вельяминовыми тыкъэзIофытагъэхэми тилъэныкъо мамыр щырящыкIагъэкIэ сыгугъэрэп. Зышъумыгъэделэжь, адыгэхэр... Сыд фэдиз лIыгъэ шъухэлъми, къышъокIугъэ лъэпкъышхом шъутекIон шъулъэкIыщтэп, зяжъугъэгъэунэхъуным ыпэкIэ зыкъэшъушIэжь, лъэпкъ делэ хъурэп, купри делэ закIэп, адыгэ пащэхэр...»

Гъэмэфэ пчэдыжь ошIу фабэр игуапэу зэхишIэзэ, Хъан-Джэрые ышъхьэ къыIэтыгъ, каретэм иджабгъукIэ Iошъхьэмэфэ шыгуфыр къышъхьэщытаджэрэм фэдэу ылъэгъугъ. Прочноокоп къызыблэкIхэми, Пятигорскэ къызэсхэми, тыгъоснахьыпэ Урыхъу пытапIэм екIуалIэхэ зэхъуми, пчэдыжьи мызэу-мытIоу Iошъхьэмафэ ылъэгъугъэми, ишыгуф гупсэфмэ атеплъэ къэс къехъулIэрэр къыгурымыIоу гушхуагъи гумышIуи ыбгъэ къитаджэу, ыгу зыгорэу хъущтыгъэ: «СиIофхэмкIэ, анахьэу спшъэ къыралъхьэгъэ адыгэ Iофхэр ары, мафэ къысфэхъу, тикъушъхьэ лъапI,– джыри, мэфэ заулэм зэришIыщтыгъэу, Хъан-Джэрые къызIуипхъотыгъ,– икъун къэбэртэе адыгэхэми такIыбкIэ къэнэгъэ силъэпкъэгъухэми ятхьамыкIэгъогукъаохэм уазэрэхэплъагъэр... Непэ сызыIукIэщтхэми, неущырэ хасэм къыщызэрэугъоищтхэми агу шIу къигъахь, зыкъягъэшIэжь. Ар сэIо шъхьакIэ, мыхэмэ урыс забыт зырызмэ яцIацIэхэ фэдэу зашIыми, нахь гушъэбагъэ Урысыем фыряIэу сахэплъэ. Ар Къэбэртэешхор ары. Къэбэртэе цIыкIур? Ахэмэ неущ, къэбэртэе зэIукIэшхом, сыдэущтэу зыкъыщытфашIыщт?»

Хъан-Джэрые зыгъэгумэкIырэр къышIагъ пIонэу, Вревскэр къэупчIагъ:

– Къэбэртэешхом тызэритыгъэм фэдэу, Хъан-Джэрый, Къэбэртэе ЦIыкIум мэфэ ныкъокIэ тихьэгъагъэмэ нахьышIугъэми сшIэрэп.

– Сэри ащ сегупшысэщтыгъ, ротмистр,– сыгу илъыр тэ щишIагъа, Хъан-Джэрые ыIуагъ,– Розен бароным тфыхихыгъэ гъогум, тэры зилажьэр, псынкIэу тезэгъыгъ.

– Шъыпкъэ, Хъан-Джэрый,– фэсакъыпэзэ Вревскэм къыIуагъ, етIанэ тIэкIу тыригъашIи, зыфэгъэхьыгъэр ежьырми игъусэми умышIэнэу къыпигъэхъожьыгъ: – Хэгъэгу Iофмэ уадэгузажъо хъущтэп. Шъыпкъэ, къыгъэуцугъэ пIалъэр кIэкIыщэ. Тыгъуаси, непи къэбэртэепщымэ дэгъоу уадэгущыIагъэкIэ сэгугъэ... Къыбдырагъаштэщтыгъэн фае, ашъхьэхэр къыпфагъэсысыщтыгъэх.

– Шапсыгъэрэ Нэтыхъуаерэ тызэрэщыхэукъуагъэр къесэгъэхьакъыжьы,– Хъан-Джэрые щхыпцIыгъэ.

– Сыдэущтэу тыщыхэукъуагъ?

– Хэсэ бырсырым зыхэтыдзэным ычІыпІэкІэ, лъытэныгъэ зыфашІырэ нахьыжъмэ, зиІо ахэхьэрэ нахьыкІэмэ апэ заІудгъэкІэгъагъэмэ, тшІагъэм ишІуагъэ нахь къэкІоныгъэу сегупшысэжьыгъэшъ ары.

– УзгъэгумэкІырэр къызгурэІо,– ежь зыфаери джы Вревскэм къышІудэкІыгъ,– тызхэтыгъэ Пшъэдэ хасэр бырсырышхуагъ, тыпсаоу такъызэрэхэкІыжьыгъэмкІэ тыгушІони къыттефэ. Джы къызнэсыгъэм нэплъэгъу плъырыкІэ Тыгъужъыкъо Къызбэчыдыхэр къызэрэтэплъыщтыгъэхэр сынэгу кІэт... Оры мыхъугъэмэ, зэхэпхыгъэба Цициановым рашІэгъагъэр, а зыпашъхьэ ситыгъэмэ спсэ Іуахыныгъи...

– Аущтэу адыгэхэр хэбзэнчъэ-жъалымхэу къыпщэхъухэмэ, ухэукъо...–Плъэгъурэба мыщ ыгу илъыр, Хъан-Джэрые ыІозэ щхыгъэ, сэ Вельяминовым цыхьэ фэсшІырэп, ежь Тыгъужъыкъо Къызбэчыдыхэр ицыхьэмышІых, етІанэ гые зыхэлъ мэкъэ кІэлъэшъугъэкІэ еупчІыгъ: – О къыпфигъэшъошэгъэ тэмэтелъым нахь цІыкІуа, барон, титІо тызфэпсэурэ хэгъэгум сэ къысфигъэшъошагъэр? КъызгурыІуагъ, Павел, къызгурыІуагъ,– Вревскэм къырищэжьагъэр къыригъэІуагъэп,– узгъэгумэкІырэмкІэ сыгу къыуагъэрэп, сиджэуапи шъхьакІокІэ умыштэ. Орырэ сэрырэ зыны тыкъимылъфыгъэми, тызэкІэрыпчын плъэкІытэп, ти Урысые хэгъэгу ипачъыхьэ гупшысэкІэ тызэпхыгъ. Ау еплъыкІэ зэфэшъхьафэу тиІэр емыкІукІэ плъытэныр къезгъэкІурэп – зым фабэр къекІу, адырэм чъыІэр икІас. КъаІо джы, сыдэущтэу ахэмкІэ цІыфыр бгъэмысэщт?

– ТІумкІи къыбдесэгъаштэ, полковник, Іо хэмылъэу зыкъэсэты,– Вревскэм псынкІэу кІилъэшъужьыгъэми, тхьагъэпцІышъо нэгукІэ къеупчІыжьыгъ: – Уарпыпшъэрэ Къэбэртэешхомрэ цІыфмэ тазэрэщыІукІагъэу, Къэбэртэе ЦІыкІуми щытшІыгъэмэ нахьышІугъэба.

– АщкІэ къыбдесэгъаштэ,– Хъан-Джэрые джэуапкІэ зэригъэжагъэп,– ау Къэбэртэе ЦІыкІумкІэ умышІэ горэм ущызгъэгъуазэ сшІоигъу. Розен бароныр ары мыхъугъэмэ, ащи ихьакІэщ зытІу горэм тарыхьагъэмэ, къэбэртэе щыпс фыжьырэ нэкулъ гъэжъэгъакІэрэ натрыф пІастэр ягъусэжьэу ащытшхыгъагъэмэ хъущтыгъэ. Ау тшхыщт гъомылэм нахьи тызпылъ Іофыр зэкІэми апшъэшъ, Къэбэртэе ЦІыкІум къытфикІыщт пщыхэмрэ лІэкъолъэшхэмрэ тиІофкІэ къытпеощтхэп.



– Сыд ар озгъаІорэр? – КъызэрэгушІуагъэр Вревскэм инэплъэгъурэ иупчІэрэ къахэщыгъ.– УинэІуасэхэр исха? АфэпІопщыгъа?

– СинэІосэнхэр хэгъэкІи, слъапи исыдзагъэп.

– Сыдэущтэу ащыгъум уащыгугъыра? – Тэ шъукъытэлъытыгъэмэ, шъо адыгэхэр шъунасыпышІу, Вревскэ бароныр гукІэ хэмыкуукІын ылъэкІыгъэп, шъузэІумыплъэми, чыжьэкІэ Іахьылыгъэ зэдышъуиІ, шъузэрэзэтеплъэу шъуигупшысэ зэтефэ, шъуигухэлъ зэкІахьэ.

– СшІэ-сымышІэми, Павел Александрович,– хьарамыгъэ хэмылъэу Хъан-Джэрые щхыгъэ, зымафэ бжъэдыгъу итхэу баронымрэ ежьырырэ адыгэмэ афэгъэхьыгъэу зэраІогъагъэр ыгу къэкІыжьыгъ,– тэ, адыгэхэр, зэкІэ зынырэ зытырэ такъыхэкІыгъэу джыри къыпщэхъукІэ сенэгуе. Ухэукъо, сикъош. Ахэр аущтэу щытыгъэхэмэ, зэш-зэшыпхъумэ яІо зэтемыкІэу сІорэп, абдзахэхэмрэ бжъэдыгъухэмрэ зэфычІэплъыщтыгъэхэп, шапсыгъэхэмрэ нэтыхъуаехэмрэ зэкІэнакІэщтыгъэхэп, убыххэмрэ абхъазхэмрэ ялъэрыхьыгъэкІэ зэпэгэкІыщтыгъэхэп, кІэмгуехэмрэ мэхъошхэмрэ ялІыгъэ зэтехыкІэкІэ ахэмэ бэслъыныехэмрэ абадзэхэмрэ, ежьмэ язэфыщытыкІэ зыдамышІэжьэу, къадэхьащхыщтыгъэхэп, Къэбэртэешхомрэ Къэбэртэе ЦІыкІумрэ иныгъэ-цІыкІугъэкІэ къизэрэмыдзэжьхэу, нахь шъхьагъышъхьэр язэрэмыгъашІэу сыдырэ ІофкІи зэмынэкъокъухэу, зэпэмыуцужьхэу къызшІомыгъэшІ. Ащ фэдэ зэфыщытыкІэхэр тхэмылъыгъэмэ, бэшІагъэ зы хэгъэгу зытиІэщтыгъэр. Къэбэртэе ЦІыкІум къикІыщтхэм агухэр бэшІагъэ талъэныкъокІэ, УрысыемкІэ, нахь къызагъэзагъэхэр, Иван пщышхом илъэхъан къыщегъэжьагъ, Бекович Черкасскэ майорыри лІышъхьэмэ япащэу а лъэныкъом къикІынэу ары... ГугъэкІэ упсэумэ нахьышІу. Тэрэзба, барон?

– Ар гущыІэ псау, Хъан-Джэрый. Джэуап емытыжьыщтыми, гухэкІынчъэнэп. Къэбэртэе ЦІыкІум ынэгу талъэныкъокІэ къызэрэгъэзэгъагъэм тІэкІу сыщыгъозагъ, ау Ермоловым, Алексей Петровичым, изэман илъэсипшІ нахьи тешІагъэп, Къэбэртае тхьамыкІэгъо Іаджи ихъухьагъ, хэт ышІэра къэбэртэе адыгэмэ агу зэрэзэхъокІыгъэр сэІошъ ары... КъэошІэжьа, тыгъоспчыхьэрэ хьакІэщми, джа орэдыжъхэу къябгъаІощтыгъэхэм, къыпфаІуатэщтыгъэ къэбармэ ямэхьан птхы зэхъум, тэ къытфэгъэхьыгъэ гущыІэ

дысхэри, сыхэмыукъомэ, къыпфадзыщтыгъэхэу къысщыхъугъ... Урысыбзэ хэдзэ зытӀухэмкӀэ сэри къызгурагъаӀо фэдэу, шъыпкъэмэ, къысщыхъугъэшъ ары...

–Шъыпкъэ, барон, ухэукъуагъэп. ТызэряхьакӀэм къымыубытыщтыгъэхэмэ, тфэшъуаши тфэмышъуаши къытаӀоныекӀи къэнэнэп. Ау щысыгъэ нахьыжъмэ янахьыбэм пчъаблэм готыгъэмэ ащыщмэ къадзыщтыгъэхэр зэрамыдэщтыгъэхэм гу лъыптагъэба?

– Лъысымытэ хъуна, щэӀагъэ зыхэмылъ ныбгъыритӀуи хьакӀэщыр арагъэбгынэгъагъ.

– Джары, ротмистр, Къэбэртае тиӀоф къыщикӀыщт сэзгъаӀорэр.

– Аущтэу, полковник, мыщ тиӀоф щытыублэгъагъэмэ дэгъугъэ.

– Ары, къэбарыр жьыбгъэм фэд, зэ илъыгъокӀэ цӀыфмэ алъыӀэсыщт. Ау къыддезымыгъэштэщтхэри бгъуитӀу емызэгъхэри щыӀэщтых, къыткъоуцощтхэр зэрэнахьыбэщтым щэч хэлъэп.

Заулэ тешӀагъэу Вревскэм къыӀуагъ:

– Джахэр зэкӀэ – къыдгоуцохэри, хэти емызэгъыхэри, къытэпыйхэри кӀэзыгъэнчъэу Петербург дгъэхьынхэ фае.

– Ащ фэдэ унашъо щыӀэмэ, гъахьы,– джау сыдми, Ӏофы зыримыгъэшӀэу, Хъан-Джэрыий къыӀуагъ.– Пшъэдэ хасэм адыгэмэ зыкъызэрэщытфашӀыгъэри, Вельяминовым изэуакӀи ащыгъум унашъо къэзышӀыгъэмэ афэпӀопщыгъэмэ дэгъугъэ...

– Ар Екатеринодар сыкъызысыжьыгъэгъэ мафэм афэзгъахьыгъагъ,– Вревскэм ышӀагъэр шӀодаушэу, тӀэкӀуи зыщыгъупшэжьыгъэу къыӀуагъ,– зэраӀукӀагъэми уемынэгуй,– «сыд шъузфэмырэзэ Вельяминов генералым пысэбгъэтхыхьащтыгъэр» гукӀэ пигъэхъожьыгъ.

«Синасып инджылызмэ афэгъэхьыгъэу Шъэуае къысфидзыгъагъэм ышъхьэ къызэрэпфисымыхыгъагъэр...» – Хъан-Джэрые щэӀагъэу иӀэм кӀэгушӀужьыгъ.

Бэхъсан гъогу къэгъэзэгъум каретэр къолъэти заулэрэ зэчъэхэм, чыжьэкӀэ чъыг зэхэтмэ къахэщэу Налщыч пытапӀэр къэлъэгъуагъ шъхьакӀэ, нэсынхэкӀэ джыри сыхьат зытӀу уахътэ щыӀагъ. Гъогум хэкӀэу пытапӀэр къэблагъэ къэс Хъан-Джэрые игумэкӀмэ къахэхъо, ШапсыгъэкӀи, УарпыпшъэкӀи, пятигорскэ къэбэртаехэмкӀи, къызблэкӀыгъэ, зыщырагъэблэгъэгъэ чылэхэмкӀи ыгу щыӀэжьэп. Налщыч къыщиугъоищтмэ зэрадэгущыӀэщтым фэхьазырми, хэт ышӀэра адыгэмэ зыкъызэрэфашӀыщтыр, иӀоф зэрэхъущтым, къыщытэджыщт упчӀэмэ яджэуапыщтмэ агъапэ, ахэмэ ошӀэ-дэмышӀэу янэжъ Къэнтатэ ипсаунығъэ къазыхэхьажькӀэ, чылэмкӀэ зедзыжьы, ыгу къыпеӀонтӀыкӀы. Джыри илъэс зытӀущ горэм, ащ фэдиз фэмыкъудыищтми, пачъыхьэм къырипэсыгъэ Ӏофыр зэшӀуехыфэ, инанэ къыкӀэтынэу, ифэмэ-бжьымэ къышъхьащытынэу фэлъаӀо, зыщигъэгъупшэми, игупшысэ къыхэужьы:

– Налщыч удэкӀмэ, Владикавказ нэс верстишъэ горэ дэлъ.

– Тыгъанэ штабс-ротмистрэм ащ нэс илъэпкъэгъу осетинхэр къырищыщтха? – Ащ ежэщтыгъэм фэдэу Вревскэри къэупчӀагъ.

– Сыд пае? Псыгонсу узэрикӀэу, Чэмтхьалэ ублэкӀмэ, Лескэныжъым пэмычыжьэу осэтын-дигорхэр щэпсэух. КъэдгъэгущыӀэщт горэ къыгъэхьазырыгъэмэ сшӀэрэп нахь.

– Аслъанбэч ротмистрэм уицыхьэ тегъэлъ, полковник, къыгъэгущыӀэщтмэ афэшъхьафэу къыддезгъэштэщт-къыхэкуукӀыщтхэри къыгъэхьазырынхэу ары зэрэтӀуагъэр, ахъщи зыфеттыгъэр.

– Штаб-ротмистрэм сицыхьэ телъ, осетинхэр жэбзэ-жашӀох, къаӀони къызараӀощтыри ашӀэ, ау зэкӀэми анахьышӀугъэр, барон, къолъхьэнчъэу, агукӀэ цӀыфхэр къыткъоуцогъагъэмэ арыгъэ.

– Аущтэу хъугъагъэмэ дэгъугъэ, тихэбзэ ахъщи къызэтенэни. Ау сыд аӀорэр,– ыгукӀэ разэу Вревскэр щхыпцӀыгъэ,– щымыфэу пфэхъыещтэп.

Налщыч чъыгхэр зэхэугуфыкӀыгъэхэу къэлъэгъуагъэх, Къэндж чылэ гъунэм дзэ шъуашэкӀэ фэпагъэ шыуитфмэ адыгэ шъуашэ зыщыгъ шыуищ ягъусэу хьакӀэмэ къащыпэгъокӀыгъэх. Урысхэр Вольнэ АулкӀэ заджэщтыгъэхэ къэндж чылэм хьакӀэхэр къыщыращэкӀыхи, щэджэгъошхэ кӀасэ зарагъэшӀым, Налщыч нагъэсыгъэх.

Хъан-Джэрыерэ Вревскэмрэ джа мафэми пчыхьэми къэбэртаемэ, бэлъкъармэ ящыӀэкӀэ-псэукӀэ фэгъэхьыгъэу Къэбэртэе линием иӀэшъхьэтет Коротковым ыпашъхьэ, Налщыч дэт иӀофшӀапӀэ изабытмэ апашъхьэ упчӀабэ къыщаӀэтыгъ, агу еӀу-емыӀуи зэхахыгъэ. Ислъам диныр зэрахэлъми кӀэупчӀагъэх. Къэбэртаехэмрэ бэлъкъархэмрэ

япчъагъэкIэ зыфэдизыр зэрагъэшIагъэ, ау шъэфкIи нафэкIи цIыфмэ ахэлъ урыс фыщытыкIэр зэкIэми апшъэжьыгъ.

Урысые пачъыхьэм имамыр лIыкIохэр Налщыч къызэсхэ мафэм къыкIэлъыкIогъэ июлым и 18-м Бекович Черкасскэ майорыр Къэбэртэе ЦIыкIум истаршинэхэм япащэу къэкIуагъ, штабс-ротмистрэ Тыгъанэ Аслъанбэчи осетинхэр къыщагъэх.

Хъан-Джэрые зыгъэгумэкIыщтыгъэ къэбэртэе зэIукIэр июлым и 19-м ышъхьэкIэ къызэIуихыгъ.

— Лъытэныгъэ зыфысиIэ зиусхьанхэр, лIэкъолъэшхэр, чылэ пащэхэр,— Хъан-Джэрые бжъэдыгъубзэкIэ зэфэсым къеджагъ,— шъуизы мафэ мэфишъэ хъунэу, шъуизы илъэс илъэсишъэ шъуфэхъузэ шъупсэунэу, жъышъхьэ мафэ шъуисабыймэ, шъуибын-унагъомэ шъуяхъулIэнэу, лIыгъэр къышъобэкI зэпытынэу, шъуиIушыгъэ-гулъытэ чыжьэ плъэнэу, шъухимыгъэукъонэу сышъуфэлъаIозэ, тинепэрэ зэIукIэ къызэIусэхы,— мыхъун ышIагъэ фэдэу Хъан-Джэрые псынкIэу урысыбзэм техьагъ: — Темыр Кавказым, Адыгэ шъолъырым, Чэчэным, Дагъыстан къащыхъурэм Iофы зыригъэшIэу, лъытэныгъэ къышъуихэу, шъхьэкIафэ къышъуфишIэу шъуадэжь тыкъэзыIофытэгъэ урысые пачъыхьэр зэригъэгумэкIырэр шъушIосыушъэфынэп. ЕгъашIэм, лIэшIэгъуищым къехъугъэшъ, мы лъэныкъомкIэ къэгъэзэгъэ адыгэхэр Урысыем готыгъэх, къини, гушIуагъуи зэдащэчыгъ. Шъугу къэжъугъэкIыжь Тыркуе кIэгъэблакIом Къырым хъаным идзэхэр зэуакIо къызэрэшъуфигъакIощтыгъэхэр, шъугу къэжъугъэкIыжь чIыпIэ къин шъузефэм, шъуишэсхэр Иван Грознэм зэрэфэшъуIопщыгъагъэхэр, шъуипхъумэ анахь пшъэшъэ дахэр, анахь Iушыр шъхьагъусэкIэ зэрешъупэсыгъагъэр, благъэ къызэрэшъуфэхъугъагъэр. Ащ ихьатыркIэ Урысыем готыгъэ къэбэртэе адыгэпщмэ лIыгъэ зыхэлъ урыс Дзэпщ пытаби къахэкIыгъ, мы къызгот Бекович Черкасскэ майорыри ахэмэ къакIэныгъ, къэбэртэе адыгэмэ ялIыгъэ утегущыIэн зыхъукIэ, Иван Грознэм илъэхъан апэрэ генералиссимус Урысыем щыхъугъэр шъо зэрэшъущыщыр зыщышъумыгъэгъупш!

— А къыджыпIэхэр, зиусхьан,— Къэбэртэешхом къикIыгъэ старшинамэ ащыщ горэ къыхэкуукIыгъ,— блэкIа, текIа Iох, ынтIэ сыт Ермоловым къыдиха тхьамыкIагъомэ ягугъу къызхомышIыр?

Къыфадзыгъэр Хъан-Джэрые зэхихыгъэми, игущыIэ зэпигъэугъэп.

— ШIу зышIэрэм шIу фыщылъышъ, Урысыем ишIушIагъэ, лIэшIэгъумэ ащыпхырытхыгъэ урыс-адыгэ зэфыщытыкIэм илъагъо гум итэшъумыгъан, ар адыгэ шэнэп. ЦIыфым ищыIэныгъэкIэ бэ дунаим щыпэкIэкIырэр, ау зы цIыф лъэпкъым итарихъ пштэмэ, узкъогушхукIыни, узэрыукIытэни къыщехъулIэ, нэмыкIэу къэпIон хъумэ, зызщиушIоижьыри зызщиукъэбзыжьыри макIэп. Шъуащыщ горэм Ермоловым ыцIэ къысфидзыгъ, цIыфыр къэгущыIэзэ ужэдэоныр емыкIу, ау иупчIэ сигъэщтагъ пIонэу, сыдырынэп, джэуап къестыжьын. Ермоловым шъори, чэчэнхэми, дэгъыстанхэми егъэлыегъащэу къызэрэжъудэзекIуагъэм Урысые пачъыхьэшхор щымыгъуазэу щытэп. Ащ, Тхьэм къынэуж, зэкIэри ешIэ, елъэгъу, ынаIэ атырегъэты. АрарынкIи мэхъуба Ермоловыр Кавказым зыфырищыжьыгъэр...

«Джы къытфагъэкIуагъэхэри Ермоловым нахьышIуха...— Генералым ыцIэ къэзыдзыгъэ дэдэр гукIэ гъумтIымыгъэ нахь, къыфашIыгъэ адыгэ гыем къыубытэу, джыри зэ къыхэкуукIыжьыныр рикугъэп,— мы къэгущыIэрэр зыпашъхьэ итмэ ялъытыгъэмэ, ныбжьыкI нахь мышIэми, итэмэтелъмэ япэсыгъэ лIы Iуш... Зэхэоха ащ ыIорэр, Ермоловыр ыгъэмысэ-къыгъэгъунэ фэдэзэ, тэри къытэгыи, къытщэтхъу...»

— Ауштэу зыхъурэм, адыгэ гъунэгъу шыу куп теор непэп, тыгъуасэп тэ шэны зытфэхъугъэр,— Хъан-Джэрые ымакъэ шъырытми, пытэ,— тызхэунэкIыгъи тызхэунэхъукIыгъи къызыщытфыхэкIыгъэр макIэп, уимыем уемынэцIмэ, нэмыкIхэр къызэмыгъэнэцIхэмэ нахьышIу. Адыгэ гу плъыр-къилъэт шэныр IэкIыб тфэмышIыпэщтми, зыхэтIажээ, тигъунэгъу чылэмэ, станицэмэ, тэщ нэмыкI цIыф лъэпкъымэ тадыщыIэмэ, Урысые хэгъэгум тыдэпсэумэ, лъэпкъыгъэкIод къытхэмыхьэу тыкъызэтенэщт. Темыр Кавказым щыпсэурэ цIыф лъэпкъхэм, зэрэ Кавказэу пштэми ары, натIэкIэ тыфычIагъэплъэу хъугъэшъ, Тыркуеми Инджылызыр къыгоуцозэ, Францием къыдыригъаштэу, илъэс заулэкIэ зыпшъэ тыдэогъагъэм, ышъхьэ къеIэтыжьы, Персиери АзербайджанкIэ Дагъыстан, Чэчэным къекIуашъэ. МодыкIэ щэн-щэф ушъхьагъукIэ шъуи-

лъэпкъэгъу хы ШIуцIэ адыгэхэм къахатIупщхьэгъэ инджылыз кIэгъэстакIохэри уцухэрэп. Ахэмэ ащыщхэр Къэбэртае къэкIонхэу ямурадышъ, сыд къышъуаIуагъэкIи, зыкъышъуфашIыгъэкIи зяшъумыгъэгъапцI, шъумыгъэнэгъуаджэх. Типыймэ ашъхьэ къытфэзыхьырэмэ е псаоу къытфэзыщэрэмэ, улэупкIэ яттыщт. Джы Iофы зезгъэшIэу, уасэ къышъуфэзышIэу, шъуадэжь тыкъэзгъэкIуагъэм ихьатыркIэ шъырытыгъэ-Iэжагъэ къыздешъухьэу шъукъызысэдэIугъэм, къэбар гушIуагъо къышъуфэсIопщыщт. Ар зыфэгъэхьыгъэщтыр, къыздикIыщтыр Урысые пачъыхьэм дэжь: мыбжыхьэ блэмыкIэу зэкIэми зэдытипачъыхьэ Апэрэ Николай Кавказ къэкIощт, шъуищыIэкIэ-псэукIэ зэригъэшIэнэу, шъуигумэкI-гупшысэхэр къыжъудигощынэу, шъуалъэныкъокIэ щыIэщт хэбзэ-гъэпсыкIэр хэушъхьафыкIыгъэнымкIэ къыжъудэгущыIэнэу, къышъоупчIыжьынэу къышъухэхьащт.

– Кавказыр иныы, лъэпкъ зэфэшъхьафыбэмэ яхэгъэгухэр итэкъуагъэх,– адыгагъэм ыIажэщтыгъэ лIы нэгуф пщэр-кIаком джы къыхэмыкууIын ылъэкIыгъэп,– сыдэущтэу Урысые пачъыхьэр тэ къыднэсыщт?! ТишIуагъи пачъыхьэм зэредгъэкIыщтым, тиIо зэрэхэдгъэхьащтым ыуж тэри тимытэу щытэп.

– Урысые пачъыхьэшхом иIо егъэцэкIэжьы,– нахьыпэрэм фэдэу Хъан-Джэрые къэупчIагъэм шъхьащыгущыIыкIыгъэп,– зиIуагъэкIэ, ар къызэрэшъухэхьащтым шъуемыхъырэхъыш. Мыщ фэдэ чIыпIэм, мыщ фэдэ уахътэм къыщышъуIукIэщт сIонэу Iизын сиIэп, ау Тифлис нэмыкIэу, Темыр Кавказым илIыкIо зэфэшъхьафмэ зызэраIуигъэкIэщтым щэч хэлъэп. Бжыхьэ нэси, къызыщытхэхьащт мази, Петербург зыщыкIожьыщт ужи мамыркIэ тызэрэзэдэпсэущтым тежъугъэгупшыс.

Хъан-Джэрые ыуж Къэбэртэешхуи, Къэбэртэе ЦIыкIуи, Осетиеми къарыкIыгъэ чылэ старшинэ заулэ зэIукIэм къыщыгущыIагъ. Урысыем дезгъаштэхэрэр нахьыбагъэми, къаIуагъэр изыутыжьхэри мэкIагъэп, бгъуитIу демыгъаштэ зиIэхэри, Урысыеми Тыркуеми яIоф къытхэлъэп, тэр-тэрэу, егъашIэм тятэжъхэр зэрэпсэущтыгъэхэу тыпсэущт зыIощтыгъэхэри ахэтыгъэх. Ау ахэр къэгущыIэным ычIыпIэкIэ, ядыгагъи зыщагъэгъупшэжьэу, къызэрэхэкууIыщтхэм пылъыгъэх.

Бекович Черкасскэр къызэгущыIэм, Къэбэртэе ЦIыкIум илIыкIомэ ягухэлъ зэIукIэ пашъхьэм къызфырихьагъэр зэхэугуфыкIыгъэу къыухыжьыгъ:

– Тинепэрэ зэIукIэ хэлэжьагъэмэ анахьыбэмэ яIо сэри сиIо: тэ, къэбэртаехэм, егъашIэм Урысые хэгъэгум тыготыгъ, тыготыщт. Лъытэныгъэ къытфэзышIэу, тадэжь шъукъэзгъэкIогъэ типачъыхьэшхо шъхьэгъашIо зэрэфытиIэр тизэIукIэ ыцIэкIэ тфешъуIожь.

А кIэухымкIэ зэIукIэр зэфэшIыжьыгъэмэ хъущтыгъэ къыригъэкIэу Хъан-Джэрые нэплъэгъу шъэф Вревскэм фидзыгъагъ шъхьакIэ, зыIэ къэзыIэтыщтыгъэ Астэмыр Хьаджэ Къудабэрд лIэкъолъэшым, къагъэгущыIэнэу загъэхьазырыгъэр бэшIагъэти, гущыIэр ратыгъ.

– СыкъэгущыIэным ыпэкIэ, зимафэ мэфишъэ хъун полковник, упчIэ къыпфысиI,– Астэмыр лIэкъолъэшым къызеIом, Хъан-Джэрые зыфихьыщтыр ымышIэу, лIыр зыухьазырыгъэ Черкасскэ майорым фыреплъэкIыгъ, ау зэфэсыр къызэIигъэхьажьыщтми сшIэрэп ыIоу, зэримыгуапэр къызхигъэщыгъэп,– Вельяминов генералым шъуалъэныкъокIэ щыригъэзыгъэ тилъэпкъэгъу адыгэмэ сыд якъэбар?

– Къэбэртае тыкъемыжьэзэ, а лъэныкъом тыщыIагъ, лъытэныгъэ зыфысиIэ нахьыжъ, тыкъызфежьэгъэ хэгъэгу Iофым ыпкъ къикIыгъэ, типачъыхьэ иунашъокIэ укъызкIэупчIэгъэ лъэпкъэгъу адыгэхэмрэ Вельяминов генералым идзэхэмрэ азфагу мамыр дэтлъхьанэу ары,– Хъан-Джэрые къыIуагъэм ицыхьэ зэрэтемылъым ышъхьэ къэдаIорэмэ апашъхьэ къыщырихышъугъэп.

– Армэ хъун, ари къэбар гушIуагъу! – Астэмырэ Хьаджэ Къудабэрдэ уасэ зыфешIыжьыми, ымакъэ зыкъышIуипхъотагъ: – Ащ фэдэ цIыфыгъэрэ гукIэгъурэ типачъыхьэ зэрэхэлъым сицыхьэ телъэу сэри ащ фысиIэ гущыIэр, зэIукIэ маф, шъуапашъхьэ къыщысIон. ТипачъыхьэшхоIо сытеплъэн слъэкIынэу насып сиIагъэмэ, сижъышъхьэ семыплъэу анахь къэлэ чыжьэми зязгъэщэни, ау джы талъэныкъо къэкIонэу ынэшIу къытщыфагъэмэ, лъэсэу сыфэкIонэу сыхьазыр!..

Хъан-Джэрые зэрифэрэ Iофыр Къэбэртае къыщикIыгъэу ылъытэщтыгъэми, мэфэ заулэ къызетыжь уж инджылыз «щэн-щэфакIомэ» апэшIуекIощт фэIо-фашIэхэр зезыхьащт Вревскэмрэ Тыгъанэмрэ охътэ кIэкIыкIэ къы-

гъанэхи, абдзэхэ гъогу щынагъом иадыгэ гъусэхэр къытырищэжьыгъэх.

Гумэкl-гупшысэмэ ахэтэу, зыдимышlэжьэу Хъан-Джэрые шъхьаукъагъэ. Ардэдэм зыгорэ къедысыгъэм фэдэу къэлъэтагъ, гур гуlэу, ыгъэжьэу къытеоштыгъ, зыфихьын ымышlэрэ щынэгъо шъэф чъыlэм зэрэщытэу зэлъиштагъ. Къэбэртае къыщинагъэхэм гукlэ афызэплъэкlыгъ, етlанэ адыгэ шъолъырымкlэ, шапсыгъэ къушъхьэхэмкlэ зыкъидзыгъ, нэужым инэнэжъ зытетыщтыгъэ лъэгуцыр зэгъокlэу къыщыхъугъ... Каретэм имызэгъэжьэу Хъан-Джэрые шыу зишlыгъ, ау онэгуми игупсэфагъэп. Джыдэдэм, такъикъ закъокlэ ячылэ нэсыжьынкlэ, яунэ ифэжьынкlэ ышlагъэмэ, зыпэ къымыштэн щыlагъэп...

### III

Гукlэ зэпэблэгъэ нэбгыритlумэ азыфагу шъэф къыдэмынэу унэм зыщызэдэгущыlэхэ уж, Шъэуае гугъу хэфагъ: зы лъэныкъомкlэ, зыфагъэзэгъэ инджылызмэ якъэухъумэн, адырэмкlэ, зэпыщыт бгъуитlумэ ялъэпсэнчъэ мамыр, ахэмэ Пантелей игунахьи, Анфискэ ишlулъэгъуи, Бамбэткlэ къыпыщылъ чlыфэри, Хъан-Джэрые ипачъыхьэ lофи къахэхьажьыгъ. Зы унэгъо кlоцl къызэдитэджэгъэ нэбгыритlур зыщызэфычlэилъырэ нэпкъитlумэ атемытыгъэхэмэ, ащ фэдэ зэфыщытыкlэ азыфагу дэмылъыныгъэкlи мэхъу.

Хэти ынатlэ итхагъэм елъытыгъэу идунэе гъогу екlу. Ар зы нэбгырэ фэгъэхьыгъэмэ ары. Ау лъэпкъ псаур щызгъаlэрэр е зыгъэунэхъурэр зы нэбгыр е нэбгырэ заул. Ары шъхьакlэ, Пшъадэ зыщызгъэпскlыщтыгъэ Джеймс ытхыцlэ пытэ еплъызэ, Шъэуае гукlэ ыlуагъ, тигъэунэщтми теунэхъулlэщтми адыгэ лъэпкъ гупшысэр зэзыхьылlэн цlыф, пщэуи мыпщэуи орэхъу, джырэкlэ тиlэп. Зэдемыlэрэ цу пшlыкlутlу зыкlэшlэгъэ кужъым адыгэ хэгъэгур фэд. Цу пэпчъ икъонцэ lахь ылъэшъузэ, шъэфэуи нафэуи кlырэу, зырегъанэ. Урысыери Тыркуери зыфэлъэшэхэр мы илъэс заулэм къызгурыlуагъ: яхэгъэгухэр пачъыхьэмэ агъэlорышlэ. Тыгъужъыкъо Къызбэч зэриlоу, былым lэхъогъуми lахъо иl. Тэ, адыгэхэмкlэ, тишхомлакlэ тlупщыгъэу, тишыпэ зыдачъэрэр титlэсхъапlэу, тызэзыубытылlэнэу къытфежьэрэр типыеу тыхэт, тыгухэр жьыбгъэ шъхьафитых, къызщилъхэрэр япlалъ, lэжэныр ямакl.

Чыжъые зэпыкl макъэ ыкlыбкlэ къыщыlугъэ фэдэу Шъэуае игупшысэмэ къахэлъэтыжьыгъ. Къэмэпшъэ теlэкlэ зызэплъэкlым, гуцафэ зыфишlын ынэ къыпэшlофагъэп, ау джа пхъэ зэпыкl макъэр непэ зэрэщыпэзэхэмыхым ригъэгупшысагъ, нэпкъым тет Тазэри къэупчlагъ:

— Сы, Шъэуай, уаим щыlа?

— Ори зыгорэ зэхэпхыгъа?

— Джа зэхэпхыгъэ макъэр, нахьыжъ, сыхэмыукъомэ, ныпчэдыжьи, щэджэгъуапэми, джыдэди къысэlугъэ фэд. Зыгорэм непэрэзымафэм тыкъегъэкlуатэмэ сшlэрэп.— Тlэкlу тыригъашlи, къыпигъэхъожьыгъ: — Вельяминовым, Мыгурыкъом якъэзэкъ плъакlохэр арынхэкlи мэхъу. Мыгурыкъомдыхэр зэблэнхэ щыlэп.

Зымафэ инджылызышъхьэмэ афэгъэхьыгъэ уасэу щыlэр Хъан-Джэрые къызэрэфыхигъэпсыгъагъэр, риlожьыгъагъэр Шъэуае ыгу къэкlыжьи къыlуагъ:

— Тихьакlэмэ алъыуаси агъэуцугъахэу къэбар къырахьакlы. Ау ар къэзэкъмэ анамыгъэсынджэ енэгуягъо.

— Хьа, лlыгъэнчъэхэу уяплъа, нахьыжъ?

— Шъыд пай къэзэкъмэ ямыхьакъ атеслъхьан. Лъыуасэм енэцlхэрэр талъэныкъо нахь щэхьэрзэуарзэх аlуагъэшъ ары.

— Къэдгъэгъунэрэ инджылызмэ ашъхьэ уасэ фэзыгъэуцугъэм ущыгъуаза, нахьыжъ? — Къызфеупчlыгъэм ыцlэ къыримыlуагъэми, lофым хэшlыкl зэрэфыриlэр Тазэм ыушъэфыгъэп, ау зэмыжэгъэ джэуапыр зэхихыгъ:

— Инджылызмэ ашъхьэ ыуасэм икlэщакlор къыоclон — Хъан-Джэрый ары,— Шъэуае ащ ежэщтыгъэ пlонэу джэуапыр къыпиупкlыгъ, нэ чанкlи къеплъыгъ,— о нэмыкl ошlэмэ, къаlо.

— Зыцlэ къепlуагъэм нэмыкl игугъу ашlэу зэхэсхыгъэп, нахьыжъ.

— Шъыд адэ укъызфэупчlагъэр? Сыууплъэкlун уихьисапа?..— Шъэуае къэупчlи, зыфэгъумытlымыжьызэ, Тазэм зэхыригъэхэу къыlуагъ: — Сэ къысэмыпlэскlурэ, зыгу хэсымыгъэкlырэ дунаим тетыжьа?! — Етlанэ нахь гумэхэгъэ шъабэкlэ къыухыжьыгъ: — Пантелей тхьамыкlэри къысэкlодылlагъ... Бэджэкъо Умари, Бабуни ащджэ къысэунэхъулlэжьыгъэх.

— Угу къысэмыгъабгъ, Шъэуай, зытетыр къыоcloн,— Тэзэ Адыгэ хьылъэу хэщэтыкlыгъ,— Пантелей тхьамыкlэр

сымышIэщтыгъэмэ... Хъугъэр зызэхэсэхым, сэ сизакъоп, зэрэчылэу агу къеуагъ. Умарырэ Бабунэрэ язекIуакIэ джы къызнэсыгъэми цIыфмэ амыгъэшIэгъон алъэкIырэп, къызэрэбгурыIощтыри сшIэрэп, аныбэкоцI къимыкIыгъэу хымэ лъэпкъ къыхэкIыгъэм мазэм къыкъоцI кIэлъыкIожьыгъэх. Къызгурэlo, Шъэуай, узгъэмысэрэп. Ау етIани...

– Шъыд етIани!..– Шъэуае иошIэ-дэмышIэ макъэ псым зыщызгъэпскIыщтыгъэхэ Белли, Лонгворти, Агоий ашъхьэ къаригъэпхъуатэу нэпкъым телъэти, къушъхьэ-мэз блыгучIэм чIэкIодэжьыгъ.

Тазэм фадзыгъэр зыфихьын ымышIэу гые шъырыткIэ къыIуагъ:

– Уидыс гущыIэ, нахьыжъ, къызгурыIорэп.

– Къысфэгъэгъу, нахьыкI,– Шъэуаий псынкIэу зыкъишIэжьыгъ,– уапашъхьэ щэIагъэ къызэрэщысхэмыфагъэмджэ... Сэр-сэрэу сиуIагъэ щыгъу тестэкъожьыгъэти, сыкъыхигъэкуукIыгъ...

– Сыд сэIo шъуитIo къышъохъулIагъэр? – Агой Пщымафи псым къыхэджыкIыгъ.– Шъукъыхахьи, зыжъугъэучъыIат.

– КIo, Адыг, сыгу къыуабгъэрэп, къысфэгъэгъу, псым ухахьэ пшIoигъомэ,– Шъэуае зыфэгубжыгъэм еIэсэкIыжьыгъ,– сызэрэбдэзекIуагъэмкIэ, къушъхьэпсыр сшIoмычъыIагъэмэ, Пщымафэ ыгу къызэрэстыригъэпщэхагъэу, зычIэзгъэоныр къыстефэтгъэми... Ау хэт къысэлъэIугъэджи, сыгу зэмыIурэр фэсштэнэп. «Ау етIани» зыфэпIуагъэм, кIэзылъэшъужьырэмэ уащыщэпышъ, сыраукIытми сыкъедэIут, къыпыдзэжь.

– Ащ фэдэ шэн, нахьыжъ, титIo зэрэтхэмылъыр сигуапэ. АрынкIи къэнэнэп тыгухэр зэфэзыщэри. Нахьыжъмэ тпшъэ къырядгъэлъхьэгъэ инджылыз ухъумэн Iофым сыгу зэремыIурэр къыуасIo сшIoигъуагъ. ХьакIэмэ уряхэгъырэиныр, яфэIo-фашIэхэр зепфэнхэр дэгъу, ахэр тиадыгэ шэнмэ ащыщых, ау тихьакIэщыпчъэхэр зыфыIухыгъэмэ митIур афэдэп. КъэошIэжьыба Абэтэ зэшмэ къяхъулIэгъагъэр? КъыпфэсымыIотэжьми, сиадыгэ дунэееплъыкIэ ущыгъуаз, сыфаеп тщымыщ тичIыгу къыращэныр. Тиабдзэхэ куп щыкIыгъэми ар къыташIагъ – Хьадж-Мыхьамэт наиб горэ Дагъыстан къыращыгъэшъ, пегъэмбар папкIэу ащэхъу. Тэ, адыгэмэ, тщымыщыр къызыхэтщэным, лъэгукIэтын зыфэтшIыным тыфэерыш...



– Яшъуэрэ яшырэ къярэмынэцIхи... Арба къапIo пшIoигъор?

– Ари къыхэхьэ, нахьыжъ. Ау нахь чыжьаIoу узгъаплъэ сшIoигъу. ТичIыгу! – Тазэм ымакъэ зыкъышIуипхъотагъ, етIанэ нахь упчIэ шъэбэ гыекIэ къыухыжьыгъ: – Лонгворт инджылызым ытхырэ купым фыряхьисапымкIэ уеупчIыгъа?

– Шъыд пае, тхьэуегъэпсэум ычIыпIэджэ, адыгэ тхьамыкIагъор игъэзэт зэрэфитхырэр сшIэзэ, сеупчIын?

– Шъэуай, джыри угу къысэбгъэщт, ау Iофыр ехьыжьэгъахэзы, зэкIэсхьажьынэп. Икъунба тихэгъэгу фэгъэхьыгъэу атхи, Урысые пачъыхьэм ыпашъхьэ ралъхьагъэр?

– Шъыд ащджэ къапIo пшIoигъу?

– Тщыщи тщымыщи цыхьэ афэтэшIыщэ.

«Мыдэ мыщ къысфидзыгъэр...» – Шъэуае къыхихыгъ, ау зэгуцэфагъэр ыушъэфыгъэп:

– Тщыщыр Хъан-Джэрыемэ, сшынахьыкIэмэ, кIэмылъэшъужь, улIымэ, ыцIэ къеIу.

– Уипый ыцIэ къепIoн нахьи, къэмэ ихыгъэкIэ узэпэуцуныр нахь къэсэштэ. Ау пшынахьыкIэу зыфапIорэм ыцIэ къепIогъахэзы, Алахьыр сишыхьат, ори ар угу илъмэ...

– Сэ сыгу илъым земыгъэгъап!..– Шъэуае мыжъом зыкъытырипхъотыгъ.

Ардэдэм зэкIэлъыпытэу шхонч о мэкъитIу псыхъо нэпкъ мэзым къыхэIукIыгъ. Беллрэ Лонгвортрэ зыхэс псы шъхьашъом щэхэр зэрэтеджэгукIыгъэхэм Шъэуае пымылъэу ишхонч хьазыр къыпхъуати, о макъэхэр къызхэIукIыгъэ мэзым хэуагъ, Адыги джа дэдэр ышIагъ.

– Е зиунагъо бэгъон, тихьакIэхэр къаукIыгъэхэми сшIэрэп!..– Агой Пщымаф ныIэп нэбгырищымэ язэу псышхьашъом текуукIызэ, нэпкъым къесылIэщтыгъэр.

Шъэуаедхэм къызщырачъыхьакIырэ нэпкъым пэмычыжьэу псым апэ къыщычIэужьыгъэр Белл, ащ ыкIахэкIэ, мыжъо хъураишхом дэжь Лонгворти псау-таоу къыхэужьыгъ.

– Шъупсаумэ Iофэп, хьэйнапэ тышъохъулIэ пэтыгъ...– Шъэуае ыIуагъ.– Елбэт, зышъуфэпэжь. Умыбэлэрэгъ, Адыг, уишхонч хьазырэу зыплъахь!

Пчыхьэ факIoу Яндар чылэм Шъэуаедыхэр къэсыжьыфэхэкIэ, гъогум къыщяхъулIагъэм Iофы зырагъэшIэу тегущыIагъэхэп. Мафэ къэс ащ фэдэм хэмыкIхэу, есэжьыгъэх пIонэу гущыIэ зэфэдз, къэбар зэфэIуатэкIэ хьакIэщ

пчыхьэшъхьашхэм щызэдыпэсыгъэх. Гъолъыжьыгъор къэси, шъхьадж иунэ екIужьыфэ зыми къызхигъэщыгъэп.

Шъэуаерэ Пщымафэрэ унэм къызызэденэжьхэм, имэфэ гупшысэ хэт Агоир мэзахэм къыхэупчIыкIыгъ:

– Сыд, Шъэуай, мышъэфмэ, Адыгэрэ орырэ непэ шъукъызфилъыщтыгъэр?

– Орджэ, Пщымаф, шъыд шъэф сиIэн,– Шъэуае игупшысэмэ къазэрэхащыгъэр имыгопагъэми, къыриIуагъэр фэшъхьаф,– пшIэрэба Тазэр зыфэдэр, зымыгъэпэн фаемэ бащэрэ зарегъэгъапэ... Фэмыухырэр Бамбэт...

– Сыд о бблэкIэу ащ зэрэнэсыгъэр?

– Адэ арба сэри сымыдэрэр... Бамбэтджэ уинэузыр зытепхыжьыгъэп еIо.

– Къыптэмыфэрэ къыуиIуагъэп.

– Олахьэ шъугъэшIэгъоным...– Шъэуае щхыпцIыгъэ.– Бамбэт шъыд джы уедыргъыжьыджэ.

– Арэу оIуа джы? – Пщымафэ зэхихыгъэр шIохьалэмэтыгъ.

– Бзылъфыгъэ макъэ хъужьыгъэ унэгъончъэм ухэпыджэжьыджэ шъыд ишIуагъ, сэ есшIэтэр Алахьэм рипэсыгъах. Икъэбар щыгъуазэр дэхьащхэу, щымыгъуазэр кIэупчIэмэ, зэхихырэр шIомыскъарэу терэт дунаим.

Шъэуае зытегущыIэщтыгъэр арэп, зыгъэгумэкIыщтыгъэ гупшысэр фэшъхьафыгъ, Тэзэ Адыгэрэ ежьырырэ псыхъо нэпкъым тетхэзэ, азфагу къыдэтэджэгъэ гущыIэр ары ащ ылъэпсагъэр, зыфэгъэхьыгъагъэр непэрэ адыгэ Iоф гумэкIыгъуагъэми, гупшысэ зэфэшъхьафкIэ зэхэпщыни пIапэ епщэкIыни плъэкIыщт. Ахэр инджылыз эмиссархэм, Хъан-Джэрыедхэм, Вельяминов генералым, тырку тхьагъэпцIхэм, дагъыстан лIыкIохэм, бгъу зырыз зыIыгъ-зымыIыгъ адыгэхэм яэзэкъуагъэп. Апэрэ мафэм щыублагъэу Хъан-Джэрые изекIуакIэ Шъэуае ымыдэщтыгъэми, адыгэ мэшIо лыгъэр а закъор ары пIонэу къызэрыкIыгъэр, гущыIэ мышIукIэ къызэрэфадзыгъэр ыгу къеуагъ. Ащ инджылызхэри, къяуагъэхэри, цыхьэмышI горэхэри къыхэхьажьыгъэх. Ар имыкъоу ежь ыпкъ къикIыкIэ Бамбэт иIоф мыухи къэтэджыжьыгъ.

«Тэзэ Адыгэ кIэлэ Iуш шIагъохэу къытхэуцорэмэ ащыщ сIоти сыгушIощтыгъ, Шъэуае чъые щыIэми ымышIэжьэу гукIэ ыIуагъ, Пщымафэ зыдэщылъ къогъупэмкIэ плъагъэ, дэIуагъэ, ар иIоф зыхэмылъмэ бащэрэ ахэгущыIэкIэ сэгугъэ. Адыгэ Iофыр зэбгъэфэнэу уежьэмэ, фалэ уеджагъэкIи, къыбгурыIонэп. Адыгэ бзэгу зэрэхьыжь-зэрэшхыжьэп тэ непэ тищыкIагъэр. ЗэбгырытэкъурэгупшысэмычIыпIэкIэ тызэзыщхын, тызэзыугъоилIэн гупшыс тимыIэр. Ар къызыпкъырыкIын фаер зы лIы Iуш е лIы IушитIу, лIищи, плIи, тфи орэхъу. Щыри бэ, анахь Iушыр, лъэшыр апэрэщтыр яэзэрэмыгъашIэу, тIур зэкъолъадэмэ, ящэнэрэм ылъапсэ етIэхэу рагъэжьэщт. Джа дэдэр зыгъэ хъымыщые пщымэ Хъан-Джэрые рашIэгъагъ, ау янэ лIэу къылъфыгъ, къафызэкIэкIуагъэп, итэмэтелъ нахь ин ымышIыгъэмэ, Урысые пачъыхьэшхоу дунаир зыгъэтIыгурыгурэм гомыуцуагъэмэ, къырарыгъэIыхыгъэп. Ары пакIошъ, къэмапэр зыщызэпакIэу, лыгъэр зыщаушэтэу, цIыфыгъэр зыщауплъэкIурэ адыгэ шъолъырым урыс забытмэ апашъхьэ зыщыращэу, генералмэ шъхьэгъэщ зыщыфаригъэшIэу, шыу куп ухъумакIор къешIэкIыгъэу къэкIуагъ. Тынасыпынчъ нахь, Хъан-Джэрые фэдэ лIы Iуш тапэ итыгъэмэ, адыгэхэм Iоф тыхэмыфэныекIи мэхъу. Тыркуери, Къырым хъанри, Урысыери, къэзэкъхэр зэригъусэжьхэу, къызэтымыгъэцэлэшхэнхэкIи къэнэныеп. Сыдэу пшIын, махъушэм тесми хьэр ецакъэ зэраIорэр шъыпкъэ, ащ фэдэ къыддзэгъэхъун насып тынатIэ илъэп, тызэрэубыжьэуи шIу къыддэхъущтэп. Зэхэпхыгъэба Тазэм нахь мыхъурэм Хъан-Джэрые лIышхом, ныбжьыр арэп зэлъытыгъэр, риIолIагъэр? Сыд Урысые пачъыхьэм ыпашъхьэ рилъхьагъэр? Тэ къитыдзагъэпти, уасэ фэтшIыгъэпти, лъытэныгъэ къыфэзышIыщтым ыпашъхьэ рилъхьагъ».

– Хъан-Джэрые зыуж ит Iофыр къыдэхъун пшIошIа, Агоир? – Шъэуае игупшысэ гопэгъухэр зыдыригъэгощхэ шIоигъоу шъэогъум еджагъ, тIэкIу тыригъашIи, еупчIыжьыгъ: – Адэ зи къапIорэпи, Пщымаф?

Джары Агоим ицIыфгъэпсыкIэ, гукIэ Шъэуае гъумтIымыгъэ, зы Iоф тегъапэ тIозэ, ежь зыфаер къыIуи, иегъэшIэрэ гугъуемылIыгъэ зыIуригъэлъэшъужьыгъ. КъызгурэIо мэфэ хьылъэ, гъогу хьылъэ зэрэтпэкIэкIыгъэр... КIо, Хъан-Джэрые иIофмэ Пщымафэ амыгъапэу сэшIы, ау а дэдэр есIолIэныри къезгъэкIурэп, Тазэм ижэмыIаныгъэ сыдыкIэ ищыкIэгъэн... Ау непэ къытхэогъагъэхэм татыригъэгущыIэгъагъэмэ сыд щышIыни... Ашъхьэ шъхьантэм зэрэнэсэу хэчъыежьых. Сэры зэкIэми агъапэрэр, афэмыухырэр. Тазэм ар епIолIэнкIэ гонахь, ау етIани Iизын бащэ

ептымэ гъэшIэгъон къыуиIон ылъэкIыщт. Инджылызхэмк Iи цыхьанчъэ, Хъан-Джэрыек Iи… Чъыежь, Шъэуай, чъыежь, имыщык Iагъэхэр пшъхьэ къимыгъахьэх. Сыдэущтэу Хъан-Джэрые сыуджэгъужьын слъэкIын… Заомэ гъэшIэгъона?.. УпчIэ къиным иджэуап ежь зэрэфаеу фызэмыгъафэмэ, тырилъхьэмэ-тырихыжьызэ, ошIэ-дэмышIэу хэчъыягъ.

ЦIыфым зэриIо закIэу дунаир хъущтыгъэмэ… Шъэуае ипчэдыжьыпэ гомыIуищ къыфихьыгъ: зыр, къемыупчIыжьэу, ащ нахьрэ къымыгъэзэжьынэу нэфшъэгъо кIэтаджэкIэ Тэзэ Адыгэ Абдзахэ зэрэкIожьыгъэр арыти, къэбарыр зызэхехым, ыгу къеуагъэми, къызхигъэщыгъэп. ЯтIонэрэр Вельяминовым имамыр зэзэгъыныгъэ лъэныкъогъазэкIэ зэриукъуагъэм икъэбар. Лъэустэнхьаблэ къырахыгъэ нэмыкI къэбар гумэкIым елбэт гъогум тырищагъ.

– Нэплъэгъу закъу нэмыIэми тянэжъ псаоу сытеплъэжьыгъагъэмэ…– Уизакъоу узгъэкIожьыщтэп зыIуи, ыуж зыкъизыдзэгъэгъэ Агой Пщымафэ Шъэуае риIуагъ: – Хъан-Джэрые Къэбэртае зэрэщыI шъуIуа?.. Ставрополь чыжьэп, Адыл-Джэрыий къыращыжьын, ау Тифлис дэс Сахьид-Джэрые зэрэфаIопщытэр сшIэрэп…

– НахьышIум егупшыс, Шъэуай. Къызэрэпщыхъу дэдэу Къэнтати щытэпщтын. Моу Фэбэпэ мэзымкIэ тычIэгъэкIи, щэджагъо мыхъузэ, Лъэустэнхьаблэ тынэсыщт. Адэ аущтэу оIомэ угу гъэпытэ, Ставрополь чыжьэп, Хъан-Джэрыий джы нэс Къэбэртае къитынэп.

ШыуитIур зэуж-зэрэфэу мэз лъэгъо бгъузэм рычъэхэзэ, шхонч омэкъэ благъэм зырарыгъэтIагъ. ЦIыф куощэIу макъи къэIугъ, онэш шъхьарытIупщ щтагъэр зыуж ит шыу гори мэзым икуупIэ хэлъэдэжьыгъ.

– Мо шыум ыгу шIу илъэп,– Шъэуае иш кIэкIэу омакъэр къыздиIукIыгъэмкIэ ригъэгъэзагъ,– ишхончыпэ тхьамыкIагъо къыпызыгъэкIэ енэгуягъо… Къэгъаз, Пщымаф, шыур Iофэп!

Лъыр къызэрычъырэ бгъэгур IитIукIэ зыIыгъэу чъыг лъапсэм кIэрыс лIыр Шъэуаедхэм алъэгъугъ, псынкIэуи къашIэжьыгъ.

– Си Алахь зизакъо шъукъысфихьыгъ…– Мэкъэ псыгъокIэ щэIущтыгъэ Бамбэт къыIуагъ.– ШъуишIуагъэ къысэжъугъэкI. Ора сэIо, Шъэуай!..– КъызешIэжьым, къыхэкуукIыгъ,– сыдым укъысфихьыгъ!.. Е-о-ой, Шъэуай…– Ерагъэу Бамбэт къыIуагъ, етIанэ IушъэшъэцыкIукIэ, къыухыжьыгъ,– усипсэхэх сIозэ, сызэмыжэгъэ Пэшъукъ сеунэхъулIэжьыгъ… ПкIэнтIэпсырэ лъыпсырэкIэ сыугъоигъэ тIэкIури рихьыжьэжьыгъ…

– Быяу зэ, бащэ къэмыIу…– Агой Пщымафи къыфэгубжыгъэмэ, къеушъыигъэмэ умышIэнэу къыриIуагъ.

– СиуIагъэ къепшIэрэм фэдэ… гукIэгъу, Шъэуай, зэгорэм уиуIагъэ къесшIэгъагъэмэ… мыщ фэдэ лIакIэкIэ… Дунаим семыхыжьыныекIи мэхъу… Къысфэгъэгъу…

– Мыщ фэдэ чIыпIэм сыуидэогъоп,– Шъэуае къыпиупкIыгъ,– уимыхъо-мышIагъэхэмджэ Алахьэр къыпфэсэгъазэ.

– Я си Алахь…– Бамбэт ышъхьэ къышIозыгъ.

ЛIагъэм ынапIэхэр Шъэуае ыгъэплIэжьхи, къэтэджыжьыгъ.

– Сыд етпэсыщт? – Пщымафэ къэупчIагъ.

– ДгъэIылъыт,– Шъэуае къэмапэкIэ чIыр къыгъэтхъыхьагъ, лъэгонджэмышъхьэкIэ щысэу етIэн ригъэжьагъ,– модырэ къуапэмкIэ, Пщымаф, о къетI… Хьэ шъэфырыт-хъоу дунаим тетыгъэми, зыпэтшIынэп, ихьадэ хьэкIэ-къуакIэмэ зэрядгъэдзэжьынэп…

## IV

МэзитIум Хъан-Джэрые ынэгу бэ кIэкIыгъэр, адыгэ шъолъырым зыщагурыIуагъи зыщызэхамышIыкIыгъэ хэсэ пчъагъэхэми ащыхэтыгъ, чэщ мычъыяби хьакIэщ зэфэшъхьафмэ ащырихыгъ, цIыфышIухэми цIыф бзаджэхэми игъогу зэпачыгъ. Хэт сыд риIуагъэми къыриIуагъэми, адыгэ-урыс IофымкIэ гущыIэ гъэнэфагъэ нахьыбэмэ акIэрихыгъэп.

Мафэ е мэфэ зытIущ зыхьыщтыгъэ хасэхэр, зым щаIорэр адырэм щыраутыжьызэ, мымакIэу зэхахьэщтыгъэх, зэхэчъыжьыщтыгъэх. Чэщ кIэхэ хьакIэщ зэхэсыгъохэри хэсэ зэдемыгъаштэмэ, адыгэ гупшысэ шъхьарытIупщ зэпео-зэшIужьмэ яхьщырыгъэх.

Шапсыгъэ Анапэ щегъэжьагъэу Къэбэртэе Налщыч щыкIэкIыжьэу, Хъан-Джэрые адыгэ шъолъырыр зэпичыгъэшъ, зэрифэрэ Iофым джэуап фэхъун ригъотагъэп.

Къэбэртае щилъэгъугъэмэ, щызэхихыгъэмэ агъэразэ фэдагъэми, цыхьэмышI шъэф горэ цIыфмэ зэрахэлъыр зэхишIэщтыгъ. Бэслъыные лъэныкъоми, Инджыджышхорэ ИнджыджыцIыкIурэ, Уарпыпшъэрэ Пшызапшъэрэ янэпкъхэм джа дэдэр къащехъулIагъ. Ежь зыгъэпэрэ хэгъэгу Iофым адыгэ, абэдзэ-нэгъой-къэрэщай зэфэшIу-зэфэмышIу лъэпкъ даохэр къахэхьажьыти, апшъэ хъущтыр язэрэмыгъашIэу, лъэпкъ пэрытыным фэбанэрэмэ зэрадэгущыIэщт шIыкIэм фэсакъэу Iоф щахэтыгъ, ау сыдрэ шъхьэгъэузгумэкIи къызфагъэкIогъэ гухэлъыр ахилъхьаныр ащ пае къыгъэнагъэп.

«Джары умыхэгъэгумэ къыохъулIэщтыр...— Зыдэлъэдэрэ кIэй бгъузэр Хъан-Джэрые ынэмэ къапэIумыхьэу гукIэ ыIуагъ.— Ар адыгэ лъэпкъ зэтеутыгъэмэ къагурыIорэпышъ ары тхьамыкIагъор... Пщыхэр зиIэ лъэпкъымэ хэушъхьафыкIыгъэ хъунхэм тичылэпщ, тилIэкъопщ, талъэныкъопщ аIо нахь, хэгъэгум ыгъэпэхэрэп. Абдзахэмэ, шапсыгъэмэ япщынчъэ-зэфэдэныгъэ зэрэрыкъэихэрэм нэмыкI зэхыуагъэхырэп. Къэбэртэе адыгэхэр хэгъэгу пыгъэзыкIыгъэкIэ Кавказ гупчэм щэпсэух сIозэ, ахэри Къэбэртэешхо-Къэбэртэе ЦIыкIукIэ зэтеутыгъэх, гухэкI нахь мышIэми, анахьышъхьэр язэрэгъашIэрэп, тетыгъор щызэтырахы... СIонэп сIуагъэ шъхьакIэ, тысыд цIыфа? Сыда зэтетхырэр? Тфэмыгощырэр сыд илIэужыгъуа? ЛIыгъа? Ары шъхьакIэ, ар агощырэп. Къэрэбгъагъа? Ар зыми — лIыгъэ зыхэлъи зыхэмылъи! — Зэрипэсыжьырэп... Сыда ащыгъум? Шъугъон-хъопсэн-нэкъокъоныри адыгэхэр арэпщтын къызщежьагъэр...

ГущыIэ мышIухэр илъэпкъ ыгу къызэрэфэкIыгъэр шIоемыкIоу Хъан-Джэрые игупшысэмэ къахэужьыгъ, къыгос Пэдысым фыреплъэкIыгъ, еупчIыгъ:

— Бэслъыныемэ, Мэмэтчэрый, шъыдэу уахэплъагъ?

— ЦIыф дэйхэп,— упчIэм дэмыгузэжъуапэу Пэдыс ротмистрэм джэуап къытыжьыгъ,— адыгагъэмкIи хьакIэнымкIи зи япIолIэнэп, ау тиIофкIэ агу къытфызэIухыгъэу сахэплъагъэп.

— Ащыгъум сызэгупшысэтгъэм къытебгъэфагъ. ТызылIэужыгъор ашIэрэпышъ, агу къытфызэIуахыгъэп,— тIэкIу тешIагъэу Хъан-Джэрые къыпигъэхъожьыгъ.

— АмышIэ хъуна, зиусхьан, зэнэгуенхэ ятIуагъэп. КъызкIэупчIагъэхэ пэпчъ джэуап тафэхъугъ, ау тызфаер шъхьаихыгъэу къядгъэIон тлъэкIыгъэп. Орырэ сэрырэ тызщыщ пщы-оркъмэ ягъэпсыкI, зиусхьан, сэ къызгурымыIорэр. ХьакIэщмэ зы ащаIо, фэкъол хасэмэ защаушъэфы е гущыIэр къябэкIэу, къикIырэр пкIэнчъэу утыгум екIыжьых.

— Пщы-оркъымэ атемыфэрэ япIолIагъэп, къыбдесэгъаштэ,— Хъан-Джэрые щхыпцIыгъэ,— унэ къыкIаплъэхэмэ къыпIугушIохэзэ, укъызэрагъэпцIэтым щэч хэлъэп. КъэпшIэжьырэба, мазэ нахьи тешIагъэп, шапсыгъэ хасэм тыкъызекIыжьым, бжъэдыгъу пщы-оркъмэ тыкъыжъугоуцот, мэфипшI горэмджэ макъэ къышъодгъэIужьыт аIуи, зэрэкIалъэшъужьыгъагъэр?

— КъэсэшIэжьы, зиусхьан! ЛIыгъэнчъэр щыгъупшэжьыгъошIоп. Мыщ ыпэкIэ илъэс заулэкIэ узэкIэIэбэжьмэ, ахэмэ къыуашIэгъагъэр?

— Ащ фэдэ шъхьакIуи хъымыщыепщымэ къысахыгъагъ, ау сыгу ябгъэгъагъэп. А лъэхъаным нахь сыкIэлагъ, сыделагъ. Шъыд аIорэр, угуIэ хъумэ, машIоми упэIэбэт.

— Ари шъыпкъэ, шъхьакIо зышхырэр шъхьэ шхыгъо ефэжьы, аIо.

— АIо шъхьае, зиусхьан, джыри шъхьэ шкыгъо сырагъэфэжьыгъэп. Ащ пае тыгу ядгъэбгъэнэп. Шъыпкъэр пIотмэ, Мэмэтчэрый, бжъэдыгъумэ сицахь ателъ, ахэмэ мамыр лъэпкъыджэ яджэх, мыхъу зыщыхъурэм къыдгоуцотых, гъэрэзэгъуаехэр тыздэкIорэ абдзахэхэр ары. Дагъыстан къафикIыгъэ наибэм зырагъэгъэделэ... Ащыгъум, зиусхьан, зэхэубытагъэу сыкъыоупчIы сшIоигъу. Адыгэ лъэпкъыр зэрэпсаоу пштэмэ, шъыдэу уеплъыра?

«Сыд упчI мыщ къысфигъэуцурэр, сыдэущтэу ащ джэуап пэбгъохыщт? — Зэхихыгъэр зыфихьын Пэдысым ышIагъэп.— Зэ Бэслъыныехэр, зэ абдзахэхэр еIо. Къэбэртае тыкIо зэхъуми, ахэр ыжэ дэкIыщтыгъэп. Мэздэгу адыгэ чыристанхэри зэригъэлъэгъухэ шIоигъуагъ. Ахэмэ танэсыгъэп, ящыIэкIэ-псэукIэ, ядин зехьакIэ кIэупчIэзэ, Къэбэртае тыкъикIыжьыгъ. Урысые пачъыхьэм иIофи зэрефэ, адыгэ зэхэхьэ-зэхэтыкIэри, джэгухэри, хьэдагъэхэри, ахэлъ къэбархэри, тхыдэхэри, пшысэхэми, гущыIэжъхэми ащыкIэкIыжьэу, загъори къызфырагъэжьэгъэ Iофыри щыгъупшэжьэу, адыгэмэ ядунэе тетыкIэ фэгъэхьыгъэр зэкIэ — дэгъуи дэий шIоIоф. Джы адыгэ лъэпкъ зырызхэм къазэрэкIэупчIэрэр фимыкъоу зэрэпсаоу уасэ къыфэшI

еIо. Адыгэхэр адырэ цIыф лъэпкъымэ ялъытыгъэмэ, жэм къыхьырэр зэкIэ япIолIэн плъэкIыщт, анахь гъэшIэгъоныжьыр – сыд япIолIагъэми, атезэгъэщт. Ау зыфыщыIэхэр Iофыгъуищэу къысщэхъу: лIыгъэр, шъхьафитныгъэр, апэ урамыгъэшъыныр... Тара мыхэмэ ащыщэу къыуасIомэ пшIоигъор? Аужырэ гущыIэм нэмыкI щыкIагъэхэри къыпызгъэхъожьын слъэкIыщт, пIапэ епщэкIынышъ, хэт ышIэра уиадыгэ-нэгъой тхьагъэпцIыгъэ зыдынэсыщтыр, зыдэпшIэжьырэба пцIэрэ плъэкъуацIэрэ зэхэзыхыщтыгъэ бэслъыные нэгъойхэр къызэрэппэгъокIыгъэхэр, анэгушъхьэмэ гушIопсыр къазэрэтепсыщтыгъэр, слъэпкъ дышъэ пае зыгорэ къысIэкIэбгъэIонышъ, сырыбгъэмысэжьыщтыми сшIэрэп...»

– УпчIэ IэшIэхэп, зиусхьан, къысэптыгъэр,– Пэдыс Мэмэтчэрые зэгупшысагъэр къыIуагъ.– Сэ къэзгъэшIэгъэ илъэс тIокIитIум къехъурэр сшхыжьынэп, сыгу илъыр къыосIон. Адыг пIомэ, бэ къеубыты. Къыздебгъэштэщтмэ, лIыгъэмрэ шъхьафитымрэ нэмыкI тамыгъэ иIэу сымышIэ.

– ЩыкIагъэ зимыIэ цIыфи лъэпкъи щыIэпщтын сIозэ къыбдесэгъаштэ, ротмистр. Адыгэхэр зэрэмылIыгъэнчъэхэр, зэрэшъхьафит фаблэхэр зыпэуцужьыгъэ Урысыемджи Тыркуемджи къагъэлъэгъуагъ. Ау адыгэхэмджэ сиупчIэ тэрэзэу къызэрэсымыгъэуцугъэр къысфэгъэгъу, джы къызгурыIожьыгъ. Сэ адыгэ шэн зэхэтыкIэм нахьи адыгэмэ яхэгъэгунчъэ нахь сегъэгумэкIы, джары ямышIэныгъэрэ ятхьамыкIагъорэ къызхэкIырэр... КIэсаIоми, ащ езгъэгупшысэнхэр сихьисапыгъ. КъызгурэIо, талъэныкъо, урысые лъэныкъор, зыфаер къызэрэфамышIэрэм пае Iэшэ пэгъохыжьджэ зеудэгу шъхьаджэ, зызэрэзэхябгъэхын шIыкIэ Iаджи щыI. Мамыр гущаIэр, рэзэгъэ-мырэзэгъэ лъапсэ зыщыIэ чIыпIэм къыщытэджми, хэтырэ цIыф лъэпкъи ыбзэ зэрэхэлъыр, анахь чIыпIэ хьылъэ ифагъэми, зыщерэмыгъэгъупш. Французхэри лъэгонджэмышъхьэджэ агъэтIысыгъагъэх, къэтэджыжьыгъэх нахь. Шъыд чыжьэу тызкIэкIожьытэр. ЗыIэ къыдэзыдзыегъэгъэ Тыркуеми ышъхьэ къеIэтыжьы, рахыгъэ шъхьакIом иуз хэмыжъукIыжьызэ, адыгэхэр къегъэблых, инджылызхэри къахещэ, зэфычIегъэплъыхых. Ар зэкIэ лъэпкъ зэдемыгъаштэмрэ хэгъэгунчъагъэмрэ къызхэкIырэр. Ащи изакъоп, зиусхьан! – Хъан-Джэрые игукIэ макъэ зыкъыригъэпхъотагъ,– лъэпкъыбэ зэрыс чIыпIэм хэгъэгу зэрэщышIыгъуаери къызгурэIо. Ары шъхьаджэ, тикъэIуакIэхэр тIэкIу зэтекIхэми, тызылъэпкъ. Шъыда зэтетхырэр, тфызэмыгъафэрэр? Сегупшысэшъ, къызэрэсщыхъурэмджэ, пэрытымрэ шъхьафитымрэ тфэмыгощырэр, хэгъэгу зэхэщэным тыкIэрызычырэр.

– Сыдэущтэу, зиусхьан, ар къыбгурыIощт?

– ТызIукIэгъэ пщы-оркъмэ янахьыбэм шъыд къытаIорэр? Талъэныкъоджэ, Урысыемджэ зыкъагъэзэнымджэ хьау яIэп, ау зышъхьащытхэ фэкъолIхэм закъызэрэфашIытым егъапэх, сянэжъ зэриIоу, нахьыбэм бэщыр зиIэтыджэ, ижьыутысэ шым утесми, къыплъыIэсыт.

– КъапIорэм купкI хэлъ, зиусхьан. Ау шапсыгъэхэри абдзахэхэри пщынчъэх, фэкъолI хэгъэгух.

– Ары, ары. Джы сызгъэгумэкIырэ гупшысэ шъхьаIэм, Мэмэтчэрый, укъекIолIагъ. Зигугъу къэпшIыгъэ шапсыгъэхэр, абдзахэхэр анахь лъэпкъышхох. Бжъэдыгъухэри, кIэмгуехэри, мэхъошхэри, бэслъыныехэри, ахэмэ хьатикъуаехэри, адэмыехэри, еджэркъуаехэри ахэтыжьэу зыпштэхэджэ, япчъагъэджэ шапсыгъэмэ е абдзахэмэ азыныкъуи хъухэрэп.

– ЕтIани ахэр япщынчъагъэрэ яшъхьафитыныгъэрэ къогушхукIых.– Пэдыс Мэмэтчэрые къыIуагъэм тIэкIу тыригъашIи, къыпигъэхъожьыгъ: – Уишыпэ зыдигъазэрэр шъхьафитыныгъэкIэ плъытэщтмэ, сшIэрэп ащыгъум...

– Шъыпкъэ, ротмистр. Шым тес пстэури шъхьафитэп. Пщы-оркъхэр онэгум исхэми, аIорэр къырагъэкIырэп ыджары зыкIэсIуагъэр. Ащджэ хэгъэгу зэрэтищыкIагъэр, тапэджэ, тызэфычIэплъыжьыным ычIыпIэджэ, ар зэрэтиIэн фэягъэр къасIо сшIоигъу. Шъыд фэдэ хэгъэгута ар? Пщыоркъ хэгъэгутыми фэкъолI хэгъэгутыми сэрджэ зы. Непэ адыгэхэм къытэхъулIэрэр къытэмыхъулIэныеджи мэхъу.

«Типацэ ыгу къэкIодыкIэ енэгуягъо...– Гухьэ-гужьыгъэ хэмылъэу, ау тIэкIу къыкIащтэзэ, Пэдысым ежь-ежьырэу зэриIожьыгъ.– Мы кIалэр сэщ нахьи бэкIэ нахьыкIэми, нэм ылъэгъурэр шъхьэм ыуас зэраIоу, ылъэгъугъэр, зэутэкIыгъэр макIэп, иурыс-адыгэ еплъыкIэхэр зэрэзэблихъухэрэр емыкIу фэплъэгъунэу щытэп. ЦыхьэшIэгъукIэ къысэмыплъыщтыгъэмэ, мыхэр къысиIоныехэп. Гъогу зэщыгъо тегъэкI IофкIэ ыгу жьы дигъэкIырэпщтын... ТыздакIорэм, тыздэгущыIэрэм пэпчъ щытлъэгъурэр, щызэхэтхырэр мыщ фэдэхэр къэозгъэIон закI. Шъыпкъэ,

Хъан-Джэрые демыгъэштэн плъэкIыщтэп. Урысыдзэр адыгэ шъолъырым къихьаным ып тпшъэ къыралъхьагъэр агу къызыкIын фэягъэр. Лъыр зыбгъэчъахэкIэ, лъымэм узэщефы нахь, уазыфагу шIугъэ къыдигъэтэджэжьырэп. АщкIэ шапсыгъэхэмрэ абдзахэхэмрэ аIорэм шъыпкъэ хэлъ. Дзэр хымэ чIыгум ищэгъошIу, ау къищыжьыгъуай… Сэщ нахьи мы Iофым флигель-адъютантым хишIыкIэу къычIэкIын, ар зышIагъэмэ нахь апэгъунэгъугъ. Ау, гъэшIэгъоныр, адыгэ тхьамыкIагъор къызпкъырыкIыгъэ урыс пачъыхьэм игугъу IаекIэ къыхигъэпсыгъэу зыкIи зэхэсхыгъэп. Хъан-Джэрые сыд рaIуалIэми, цыхьэ фамышIми, лIыгъэрэ гукIэгъурэ, Iушыгъэрэшъыпкъагъэрэзыхэлъ адыгэ лIы шъыпкъэу сыхэплъэ. Шъыпкъэ, адыгацIэ зыхьырэ пстэури адыгэп. Ащ къикIырэп уахэсынри, уахэмысынри. Ярэби, Хъан-Джэрые иадыгэ гумэкIхэмкIэ Мыгурыкъом дэгощэгъэна шъуIуа? Сыдигъу? Тыд? Сыгугъэрэп. Апэрэ мафэм гъусэкIэ сызигъэлъэгъуагъэм щегъэжьагъэу бэрэ гущыIэгъу тызэфэмыхъущтыгъэми, гукIэ къызэрэспэблагъэр загъорэ зэхысигъэшIыкIыщтыгъ. Ау етIани сшIэрэп мы тIорэмэ къарыкIыжьыщтыр…»

Хъан-Джэрые ышъхьэ илъыр, зыгъэгумэкIырэр Пэдыс ротмистрэр зэгупшысэщтыгъэр арми, адыгэ Iофмэ ямызакъоу ежь ышъхьэ нахь епхыгъагъ. Зытетыр пIон хъумэ, ыпшъэ къыралъхьэгъэ Iофыр зэрэкIэмыкIырэм, мэзитIум къыкъоцI ынитIукIэ ылъэгъугъэм, ышъхьэкIэ зыхэлэжьагъэмэ захэгупшысыхьажьырэм, ащ зи къызэримыкIыщтым, къазэрэдэмыхъущтым зэредзэ. «Мыхъу зыщыхъурэм сэ сыIофэп,– Хъан-Джэрые гукIэ еIо,– сэщ фэдэ Iаджи ямурад къадэмыхъоу дунаим ехыжьыгъ, сыпсаумэ, синамыс, адыгэ намысэуи урыс забыт намысэуи орэхъу, къэбзэщтмэ, Iусынчъэу сыкъэнэнэп. Iофыр къызэрэддэмыхъущтыр ашIэзэ, шъорышIыгъэ-тхьагъэпцIыгъэкIэ гъогу тыкъытырагъэхьэгъэнкIи пшIэнэп… Сыд джы щэ игъэкIыгъахэм укIэлъытхъожьыкIэ, зыфатIупщыгъэм тефагъэх, лъыр агъэчъэгъах. АрынкIи мэхъу Вельяминовым есIогъэ гущыIэмэ, тхыгъэу есхьылIагъэмэ гугъу зыкIафемылIыщтыгъэр. Чернышев графымрэ Бенкендорф графымрэ ахэмэ ащымыгъуазэхэуи? Урысые пачъыхьэшхор? СигъашIэкIэ сызфэшъыпкъэм ар къысишIэнэп! Сыд сIорэр, имыщыкIагъэхэр сшъхьэ къисэгъахьэх. Цыхьэ къысфимышIыщтыгъэмэ, гъогу сыкъытыригъахьэщтыгъа? Хэта зао, лъы зыгъачъэ, ицIыфхэр язгъэукIы зышIоигъор? Ащ адыгэхэри фаехэп. Хэт ащыгъум апэрэ зэо лъэбэкъур зыдзыгъэр? Адыгэхэр апэ къызэрэтэуагъэм бгъэшIэгъон хэлъэп, ячIыгу тихьагъэти, адагъэп. Джы сыд ятIуагъэми, шъори, шъукъэзIофтагъэхэри шъуукIытэрэба къытаIошъ, тынэ къыкIэIабэх. Ары, ары, гъогупэ пыупкIыгъахэм, шъуэщеуалIэрэр шъуипIалъэ аIозэ, тыкъытыратIупщхьагъ…»

– Пщы-оркъ хэгъэгуми фэкъолI хэгъэгуми, Хъан-Джэрый, оркIэ зэфэдэу зэрэпIуагъэм сегупшысэжьыгъэшъ, фэкъолI хэгъэгумкIэ къыбдезгъаштэрэп,– Пэдыс ротмистрэр зыгъэгумэкIыщтыгъэм къытыригъэзэжьыгъ, – сэ сыоркъ, о упщ, шъхьарытыгъэр фэкъолIмэ зафэптIупщыкIэ, тэр-тэрэу тлъапсэ кIэтэутыжьы, зиусхьан.

– Умыадыгэжьмэ, кIэуутыжьыт…– Ежьыри игъуси афэгъэхьыгъэу Хъан-Джэрые ыпэкIэ чIэгъ чIэгъумтIымыхьагъ, етIанэ нахь зэхэпхэу къыпидзэжьыгъ: – Пщы, оркъ, фэкъолI тIозэ, зытэгъэунэхъужьы. Пщымэ апэ хъущтыр язэрэгъашIэрэп, фэкъолIымэ ялIыгъэ нафэрэ шъэфырэ зырагъэухыжьы. Шапсыгъэмэ пщы яIэп тэIо шъхьаджэ, Мэмэтчэрый, нэтыхъуаехэр, укъызхэкIыгъэхэр шапсыгъэ лъэпкъыхэба?

– Шапсыгъэмэ тахэкIыжьэу нэтыхъуаехэри, жанэхэри тэ тыкIожьын.

– Занэкъо Сэфэрбый пщыр нэтыхъуаехэба къызхэкIыгъэр?

– Аферым, нэтыхъуаех. Игухэлъ кIамыгъахьэу лIы хъарзынэр Тыркуем щаIыгъ. Ыджар шапсыгъэ пэщэ тефэрабгъо хъущтыгъэ.

– Тыгъужъыкъо Къызбэчыдыхэр?

– Тыгъужъыкъо Къызбэчи, Щырыхъукъо Тыгъужъи, ХъорэлIыкъо Мэрчани, Абэтэ Бэслъыный сатегущыIэрэп. Къызбэчырэ Тыгъужъырэ, къытэпыих нахь мышIэми, лIы закIэх. Мэрчани Бэслъыный лIыгъэнчъагъэхэп, Iушыгъэх, зыдагъэзэжьыгъэм шIу щешIых. Адыгэ шIыкIэу аужырэ нэбгыритIур Тыркуем зэкIохэм, сыгу емыIунэу къахэфэгъагъэр адыгэ пачъыхьэ хъущтыр язэрэгъэшIэгъагъэп. Тинасып аущтэу зэрэхъугъагъэри… ТыркуемкIэ талъэшъуащтыгъэ.

– Тэ тызгоуцуагъэхэр, ротмистр, мыщ къизыщагъэхэр тэщ фэдэхэба?

– Адыгэмэ сафэгуIэ сIозэ, Хъан-Джэрый, сыкъэуубытыгъ... Ау Занэкъо Сэфэрбый сшIэщтыгъ, зы урысыдзи тызэдыхэтыгъ, Руздевич полковникым икъаигъагъэ, лые къытихыгъ, тхигъэкIыжьыгъагъ нахь, зыпшъэ узымыгъэкIон лIы шъыпкъ, Iуш.

– Зымафэ тибысымыгъэ абдзэхэ лIэкъолъэшмэ, фэкъолIышIумэ тадэзгъэгущыIэгъэ ШIуцIэжъыкъо Цэий лIыгъэнчъэп. Ари лIы Iуш, Абдзэхапшъэ осэшхо щыфашIы, ишыIупIэ аIыгъэу агъэшэсы, рагъэпсыхы. Мэфэ пчъагъэм тигъэхьэкIагъ, тигъэшIуагъ, тилъытагъ, къытэдэIугъ, ау тIуагъэм щыщ хэхьагъэп. ЫкIэм къызэгубжым, лIыкIо шъукъэзышIыгъэмэ, тичIыгу къицохъуагъэм, джа о «Тыркуеджэ талъэшъущтыгъэ» зэрэпIуагъэм фэдэу, «сIэпищ зэрыдзагъэ ясэгъэлъэгъу» къытиIуагъ. СшIэрэп, къызгурыIорэп, къытэхъулIэрэр... Абдзэхэ кIахэджэ тызфэкIорэ Тэзэ Адыгэдыхэм зыкъызэрэтфашIытэри къэшIэгъуай...

– А зигугъу пшIырэ Тазэр зыми фэягъэп аIо. ФэкъолIмэ ыгу нахь афэгъэзагъэу тегущыIэх.

– Ащ икъэбари сыщыгъуаз,– зэпыугъо тIэкIукIэ Хъан-Джэрые къыIуагъ,– Шъэуае егъэныбджэгъу ар. Абдзэхэ кIэхэ фэкъолIхэр Тазэм фэгъэдэIошъущтмэ, ащ нахь хэгърэй дэгъу тищыкIагъэп. Зыгорэджэ Шъэуае тыфае хъумэ, къядгъэщэн. Къайхьаблэ тыкъикIыжьы хъумэ, кIэмгуемэ адэжьджэ тыкъырекIокIыжьын.

Гъэмэфэ пчыхьэ зэхэогъу кIэсагъ Хъан-Джэрыедыхэр Къайхьаблэ зыдахьэхэм. Бэ темышIэу хьакIэхэр Тэзэ Адыгэ ихьакIэщ къэлапчъэ Iуащагъэх, рагъэблэгъагъэх, бысым къыхэхыкIэм, хьэкIэ пэгъокIыкIэм епэсыгъэ гущыIэ зэпэгъохыхэмкIэ зэкIэупчIагъэх. ЗаригъэтхьакIыгъ, апэрэ пчыхьэшъхьэшхэ псынкIэри хьакIэщым къафычIахьагъ.

– Шъуалъэныкъо шъыд щыкъэбар, Адыг? – ЗытIозыщэ Хъан-Джэрые гъомылэм зыхэIэ уж, бысымым ищысыкIэ гъэчъыгъэ зыфихьын ымышIэу еупчIыгъ.

– Адыгэ гумэкIыр тыди щызэфэд, хьакIэ,– Тазэм джэуап къытыжьи, янэжъ зэрэщымыIэжьым мыр щыгъуазэп, сыфэтхьаусыхэным сызэрэдэмыгузэжъуагъэр дэгъу, сыдэущтэу гурызгъэIощт, ащ фэIэзагъэр сигъунэгъугъэ Умар тхьамыкI, ау щытми, Алахьым къыстрилъхьагъ, къэбар гомыIум фэзгъэхьазырын, ыIуагъ,– Бжъэдыгъу хэгъэгу джыри шъуихьажьыгъэкIэ сыгугъэрэп, Хъан-Джэрый?



– Къэбэртае тыкъикIыжьызэ, Бэслъыные тыкъыдырекIуи, Абдзэхапшъэ тыкъитыгъ, ыджы уадэжь тыкъыдэхьагъ, Адыг. Мыщ фэкъолIмэ тащыIубгъакIэмэ, КIэмгуий тыдырекIон тимурад.– ОшIэ-дэмышIэу Хъан-Джэрые ыгу къыдэоягъ, къэупчIагъ: – Шъыда Бжъэдыгъуджэ укъызфэупчIагъэр? Къэбар горэ илъа?

– Хьау...– Тазэр зыгъэгумэкIыщтыгъэр къызхигъэщыгъэп, щыгъуазэми щымыгъуазэми пымылъэу нэмыкI къэбаркIэ зэблихъугъ: – Вельямин инэралыр игущыIэ ыгъэшъыпкъэжьыгъэп, адыгэмэ заор къаришIылIэжьыгъ.

– Шъыдыгъу ар зыхъугъэр? – Хъан-Джэрые дихьыегъэ Iулъхьэр къырихьыхыжьыгъ, Пэдыс ротмистрэм, ыгъэмысэ фэдэу, фыреплъэкIыгъ.

– Мэфэ тIокI горэ темышIагъэмэ, тхьэмэфитIу хъугъэн.

– Мыхэмэ ашIагъэр... ТызэрагъэпцIагъэр...– Хъан-Джэрые игухэкI шъхьэр дигъэсысзэ, хэхьапщыкIыгъ.

ТIэкIу тешIагъэу Тазэм къыIуагъ:

– Уянэжъ Къэнтатэ зэрэсымэджэ хьылъэм икъэбар ущыгъуазэкIи сыгугъэрэп, Хъан-Джэрый...

– Къэбэртэе гъогум тызтехьэм, нанэ гъойщэягъ...– ЕтIани ыгу къыхэузыкIэу Хъан-Джэрые къыхэкуукIыгъ: – Шъыдигъу къэбарыр зызэхэпхыгъэр?!

– Тыгъуаса... Сымыгъуащэмэ, тыгъоснахьып...

– Ащ фэдэ къэбар щыIэмэ, нычэпэ сынэмысыжьы хъутэп!..– Хъан-Джэрые Iанэм къыпэтэджыкIыгъ, Къэнтатэ зэрэлIагъэм щымыгъуазэхэми зыкъаIэтыгъ, хьэдагъэм адыхэтыгъэ Тазэми ихьакIэмэ адэшэсынэу, тхьамыкIагъор зиер чылэм нэсыжьыфэ гъогум нахь щигъэхьазырынэу задиIэтыгъ...

## V

– А сикIал, а Хъан-Джэрый, тэ ущыIа? – ЛъэгуцымкъытеIукIыгъэ макъэр янэжъ Къэнтатэ иджэмакъэ къыщыхъоу Хъан-Джэрые ышъхьэ къашъхьэм тырипхъотыкIыгъ, ардэдэми зыкъишIэжьыгъ, ау Дзэпщ шъэожъыер къызэрэготыр щыгъупшэжьыгъэу игупшысэ хьылъэхэр къышъхьарыожьыгъэх.

– Тхьэ къысауи, джыри нэфмышъэу гощэшхом икъэ шъхьащыуцожьыгъа? – Бычэ унэ кIыбымкIэ ыгъэплъэгъэ Сисурэ еупчIыгъ.– Гощэшхо тхьамыкIэм зэриIощтыгъэу,

кушъэ зыфашIыгъэу бэн зыфамытIыжьын щыIэп. Ащ фэдизэу щымыIэжьыр, гощэшхом зыдигъэзэжьыгъэ Алахьэм ыпашъхьэ шIу щешI, угу егбгъэкIу хъуна, Хъан-Джэрые зыгорэ къемыхъулIагъот... Модэ, Сисур, паIо зыщыгъ горэм къэм къытырегъэщыжь...– Ыкъо къызыкIожьыгъэ мэфищым кIэхэкIырэм ыухэу, Iэзэгъу зэрэфэхъущтым зэридзэу, къыпыщылъ бзылъфыгъэ-хъулъфыгъэ Iофхэр зыфэдэщтхэр Бычэ къыгурыIон ригъажьэу, унэм ихьажьыгъ.

Къэнтат гощэшхом ипчъэ Бычэ зынэсым, ышъхьэ фимытыжьэу къызэтеуцо фежьагъ, ау кIуачIэ зыфигъотыжьи, хэлъэкIоныкIыгъ. Иунэ зыщетIысэхыми, гупсэфыгъо ыгъотыгъэп – Хъан-Джэрые шъхьэм икIыщтыгъэп, къызэплъэкIыжьызэ, Ставрополь кIожьыгъэ Адыл-Джэрыий ынэгу кIэтыгъ, къэбар зэрагъэIугъэ Сахьид-Джэрыий икъэмыкIуакIэ ыгъапэщтыгъ.

Адыл-Джэрые нахьыкIэр хьэдагъэм зэрэхэтыгъэу, лIакъом икъин ыпшъэ зэрэдэкIыгъэу Хъан-Джэрые къытхэтыгъэмэ, Бычэ ыIуагъ, мыщ фэдизэу къемыхьылъэкIыныгъэкIи къэнэнэп. ЦIыфыбэмэ уигукъао къыбдащэчмэ, уихьылъэ птырахы, нахьы псынкIэ пфагъэхъу зыфаIорэр шъыпкъэ. Хъан-Джэрые ащ фэдэ чIыпIэ ифагъэп. Тэ КъэбэртаекIэ, етIанэ БэслъыныекIэ тIопщыгъагъэ шъхьакIэ, чыжьэу щыIагъэп. Къаплъэ гущэмэ, ичылэ ылъэгъоу, ятэ ищагужъ дэхъухьагъэм щымыгъуазэу, хэгъэгу Iофхэр зэригъафэу Абдзахэ итыгъ... Ащи, Шапсыгъи, Нэтыхъуаий, КIэмгуий, Екатеринодар, Пашкэ, Васюринскэ къэзэкъмэ ащыкIэкIыжьэу, тхьаусхакIохэр къарыкIыгъагъэх. Гощэшхом ыкIыб, Алахьэм къытфигъэгъун, загъорэ тыщыгъумтIымыщтыгъэми, иIушыгъэ Бжъэдыгъу имызакъоу, цIыфыбэмэ анэсыщтыгъэ, уасэ къыфашIыщтыгъэ, Мыхьамэт-Джэрые ыуж пщынчъэу тищагу къызэнэми ижьау къытшъхьащытыгъ. Ар сэIо шъхьакIэ, джы адыгэ дунаир мэсты, сшIэрэп къытэхъулIэщтыр... модыкIи мыдыкIи тыщымыщэу пчэгум тыкъинэмэ? Мыхъу зыщыхъурэм Шъэое закъу тигугъапIэр. Ары шъхьакIэ, ащи ыгу зэшIодзагъэ – тэри, Сисурэ тхьамыкIэми ткIэхихрэр макIэп. Тэ тыIофэп, Хъан-Джэрыерэ Шъэуаерэ азыфагу мыхъун къыдэрэмыхъухьи... СшIэрэп ащыгъум... Зыми сеплъынэп...



КъотэгъУ зэриIэр зыдэзымышIэжьыщтыгъэ, гугъу емылIыщтыгъэ бзылъфыгъэр, нысэр, ныр ары Iоу умышIэжьынэу къыжэхэтэкъогъэ гопэгъумэ Бычэ къызщаIэтыкIи, шъхьаныгъупчъэм ращалIагъ,– ыкъо Хъан-Джэрыерэ Дзэпщ шъэожъыемрэ джыри къэм шъхьащытых. Хъан-Джэрые ынэмэ акIэлъэкIыхьажьэу зелъэгъум, зимышIэжьэу шъхьаныгъупчъэр Iуиубгъук Iыгъ, ау зыфэсакъыжьызэ джагъэ:

– А Хъан-Джэрый, а сикIал, моу къакIолъ зэ...– ПсынкIэу шъхьаныгъупчъэр Бычэ фишIыжьыгъ, сыд мы кIэлэ бетэмалым есшIэн, ыIуагъ. Янэжъ щызгъэгъупшэнэу ыуж сихьанэп, ау сынэ къаплъэу гугъум езгъэшхынэп, ыкъо иунэкIыб къырекIокI мэфэ псау тешIагъ пIонэу, пчъэмкIэ плъагъэ: – КъакIо, сикIал, къакIо, моу сапашъхьэ къитIысхь. А Дзэпщ, уянэ пчэдыжьышкэр мыщ къытфихьынэу еIу.

– Сэри сыкъыжъудэшкэт,– ышъхьэ щыригъэгъэзые зэрэшIоигъор къыгурыIуагъэу, Дзэпщи къызIуипхъотыгъ.

– Укъыддашкэми хъун, сикIал. Ау Хъан-Джэрые изакъоу, угу къемыотмэ, згъашкэ сшIоигъу.

– Шъыд пае сыгу къеон, Быч,– лIы фэдэу, гуцафэкIи зыхимыгъаплъэу Дзэпщ къыIуагъ, пчъэкъопсым зыщеIэщтым къыпигъэхъожьыгъ: – Сисури тятэ зыгорэ риIон хъумэ, ыджар къысеIо, ау нанэ сыришъэфэгъугъ сэ...

– А Дзэпщ, а нынэ,– шъэожъыем риIуагъэр Хъан-Джэрые зэримыгуапэр ынэгу од чъэкIыгъэ Бычэ зыхелъагъом, къэгузэжъуагъ,– угу къысэмыгъабгъ, сыолъэIу, къэгъэзэжь, щыми тызэдэшкэн.

– Шъыд пае, Быч, сыгу къыобгъэн, укъысэлъэIун,– джыри нахь гущыIэ гъэтIылъыгъэкIэ Дзэпщ джэуап къытыжьыгъ,– къэпIуагъэм мыхъун хэлъэп. Сисурэрэ сэрырэ пчыхьэрэ унэм тыкъызызэдинэжьджэ, Iаджми тарэгущыIэ. Сэ моу, Хьадж-Къэсэй дэжьджэ, кIыщым сырекIокIыт, щыдыбжьым сыфеот.

– Адыл-Джэрые ицIыкIугъо, СултIанмэ мыр къамылъфыгъэмэ, шъыдэу сыгу къыгъэкIыжьырэ! – Пчъэ кIыб Дзэпщ зэрэхъоу, шъэожъыем зэрэдзэкIуагъэр хигъэкIокIэжь фэдэу Бычэ къыIуагъ: – Ятэ, Шъэуае елъытыгъэмэ, зэхэпхыгъэба къытиIожьыгъэр, игулъытэ зынэсыгъэр, шъхьэкIоштэ цIыкIоу къэтэджы. Дзэпщ есIокIыгъэр угу римыхьыгъэмэ сшIэрэп, сикIал?

– ЦIыкIу, ины фэIуагъэп, тян,– гугъэпэ зэпыугъом ыуж Хъан-Джэрые къыIуагъ,– цIыфым санэIу икI зепIоджэ, дэгъоп. Ащ фэдэ нанэ тигъашIэтгъэп, зышIагъэ къытхэкIми, къытфидэтгъэп.

«Щымыlэжьым игугъу шIукIэ ашIы нахь, IаекIэ тегущыIэхэрэп,– Бычэ къехьылъэкIыщтыгъэр къызхимыгъэщэу гукIэ щхыпцIыгъэ,– сызщымыгъозэ Iаджи мы унэ кIоцIым щызэрахьагъ, аущтэу оIомэ, сигукъао хэт ыгъэпэн, къысхэрэнэжь, игугъу къэсшIынэп, ау зыгорэкIэ къысIэкIэIуакъомэ, сэри сыцIыф, шъугу къысэшъумыгъабгъ... Гощэ лъэшым иIушыгъэ-шъхьэлъэшыгъэ къыритэу, сэри бэрэ сырихьылIагъ, шъори, уяти, ори, пшынахьыкIэхэми къышъушъхьащытыгъ, СисурэкIи, ШъэуаекIи, адырэ щагудэт фэкъолIхэмкIи ебгагъ, ау унэгъо джэхэшъуапшъэр къызэрэсэнимыгъэсыщтыгъэм пае имыхьакъ теслъхьанэп, шъыпкъэ-Iушыгъэр къебэкIэу ыпсэ хэкIыфэ псэугъэ. Бзылъфыгъэ шъэбэгъэ-гукIэгъубэ зэрэхэлъыгъэм фэдэу хъулъфыгъэ шэн пытаби къыхафэщтыгъэ. Хьау, хьау, Бамбэтыжъым зэрэдэзекIогъагъэр сыгу къэзгъэкIыжьэу арэп. Ащ ыужи, Шъэуае зызэриупцIэпIыщтыр зэримыпэсыжьэу, тинасыпти, Пэшъукъ къыкъокIыгъагъ, бащэрэ ар дунаим тетыжьыгъ. Сэ сызэрымыразэр нэмыкI, МыхьамэтДжэрыий къысэдэIущтыгъэп нахь, тизакъоу тыкъызызэфэнэжькIэ, ар есIощтыгъ. Сыд джы Пшызэ иджабгъу нэпкъ къытфихьытыр, тапэкIи сыд джыри къытфихьынэу къэтыр? Сыгу илъ джэнджэшым ышъхьэ Хъан-Джэрые фисхынэп, джы нэс зытетыгъэ гъогум къытэхъулIэщтыр къытэрэхъулI, щыхэзгъэукъонэп. Адырэ сисабыитIу, урыс забытитIу хъугъэми, сыд яспэсын?.. ЗэкIэми анахьышIур зыми уиIоф хэмылъхьэу, улэжьырэр пшхыжьэу, къыбдэхъурэ тIэкIур бгъэбагъоу, уиунэ икIырэр къихьажьмэ угушIоу, шыкур пIозэ, упсэуныр ары. Ау слъапсэ зыхэтIэгъэ лIакъом ащ фэдэ шэн зэрямыIэм сэ сизакъоп, хэти щыгъуаз, ар ямаф, ямыгъу. Ахэмэ, скъохэмкIэ унэчIэжъ сызфэхъугъэмэ, сахэкIыжьэу, сижъышъхьэм сыздэкIожьын щыIэп...»

– Ары, сикIал, ары,– Бычэ игупшысэмэ къахэужьыгъ,– уянэжъ гощэшхор Iушыгъ, зэкIэми типIугъ, тилэжьыгъ, Сисури, Шъэуаий алъакъо тыригъэуцуагъ. Сабыймэ акIэгушIоу, Дзэпщ ыкуашъо тесэу тхьамыкIэм дунаир ыхьожьыгъ...– Бычэ ымакъэ къыщытхъагъ, ынэмэ платыкужъыемкIэ акIэIэбэжьыгъ, псынкIэу зыкъиушIэжьызэ, мэкъэ гупсэфкIэ къыухыжьыгъ: – Сэ укъэслъфыгъ нахь мышIэми, сикIал, уянэжъ нахьышIу зэрэплъэгъурэр, зэрэпщымыгъупшэрэр сигуапэ, ау мылIэжьын къэхъурэп, уяти уятэжъхэри щыIэжьхэп, шъо шъуцIэджэ ахэри дунаим тешъогъэтых, шIуджэ агу шъукъэкIы, шъори шъущыгъупшэхэрэп. Гощэшхомджэ, сикIал, угу гъэпытэ, тэри ар къытэмыхыылъэкIэу щытэп, зымыухыжь.

– Нанэджэ тхьэуегъэпсэу, тян,– Хъан-Джэрые хэщэтыкIыгъ,– къыпфэразэу идунай зэрихъожьыгъэм сыщыгъуаз. Сыушъэфырэп, нанэ нахь сызэхишIыкIэу, сэри ыджащ фэдэу зэхэсшIыкIыжьэу, сигупшысэ гумэкIхэр зесхьылIэджэ, джэуап-гопэгъу къысфэхъоу нэмыкI сырихьылIагъэп. Ар сэрджэ ныгъэ, тыгъэ, нэнэжъыгъ, тэтэжъыгъ. Сигупшысэ-гумэкIмэ уахэмытыгъэджэ арэп: о нахь чыжьэу ущыIагъ, тян, къысфэгъэгъу. Угуи ппси къызэрэсхэлъыр нанэ ыпашъхьэ къыщымыIошъоу илъэс пчъагъэм укъызэрэздэпсэугъэр зэхэсымышIыкIэу щытэп – сэрджэ нанэ, джыри къэсэIожьы, зэкIэми апшъагъ! Неп-неущ сIозэ, нанэ сыIумыплъэжьэу, иджэмакъэ зэхэсымыхыжьэу дунаим зэрехыжьыгъэр зыфэзгъэгъун слъэкIырэп.

– Ары, сикIал,– ыкъо ыгу зэрегъурэр Бычэ къызхимыгъэщэу къыIуагъ,– уянэжъ гощэшхом иаужырэ гущыIэ оры зыфэгъэхьыгъагъэр. ЛIагъэр ары нахь, къанэрэр щыIэт, псэут зэраIорэр шъыпкъэ. Гощэшхор тыгу илъэу, тиIофхэр зетхьылIэджэ, къытиIожьытгъэмэ ядгъапшэзэ, СултIан лIакъор зэрэдгъэпсэутым тегъэгупшыс. Гощэшхом сыфэмыдэтми, уихэгъэгу гупшысэхэмджэ, ыджа зыуж шъуитымджэ, ахэсшIыкIырэ шIагъо щымыIэми, ны кIэгъэкъон сыкъыпфэхъун. ТIэкIурэ тадэжь ущыIэта, сикIал? УиIофхэр шъыдэу хъухэра? Пэдыс Мэмэтчэрые гъогу техьажьыным ыпэджэ шъуиIофхэм язытет сIуи фыхэзгъэпсыгъэти, щхыпцIыгъэ нахь, зи къысиIуагъэп. Мыгузажъотыгъэхэмэ, тIэкIу къыбдыщысыгъэхэмэ, уинэшхъэигъэ птырагъэуни... Угу гъэпытэ, сикIал, узгъэгумэкIырэ щыIэмэ къысаIу, хэгъэгу Iофхэр зеофэх, пщы унэм сызэрис пэтзэ зыгу къыпфэшIу-къыпфэмышIумэ якъэбархэри къысэнэсых, IэпыIэгъу сыкъыпфэмыхъушъутми, угу жьы дэбгъэкIын. КъэошIэжьа гощэ ябгэмрэ нысэмрэ афэгъэхьыгъэу гощэшхом къыIуатэтгъэ къэбарыр?

– Къэсэшlэжьы,– джыри Хъан-Джэрые хэщэтыкlыгъ.

– Ыджары уигукlae бгъэм дэмыгъэлъ зыкlaclорэр...

Пчэдыжьышхэ lанэр Сисурэ унэм къырихьагъ, къалмыкъщай lужъумрэ хьалыжъо лагъэмрэ атехъогъэ хъэдэн къэбзэ фыжьыр Сисурэ къазытырехым, пахъэр къашъхьащихыгъ. Хэшъэе lэгубжъэхэр апашъхьэ ригъэуцуагъэх, джэмышхыхэмрэ lупэлъэкlхэмрэ агуилъхьагъ.

– Тэ щыl Дзэпщ? – Шъэожъыем ишхэн Бычэкlэ ухыгъагъэми, къэупчlагъ.– Иlахь lанэм теслъагъорэп.

– Шъыдыджэ шъуищыкlагъ, гуащэ, а шlыкlэежъыр,– зэхихыгъэр игопагъэми, къалъфыгъэмэ ащытхъуныр адыгэ нымэ зэрямышэныр къыхэщэу, Сисурэ къыlуагъ,– щаим зытlо-зыщэ хэхъупlи, хьалыжъо lэдакъэу кlыщым чъагъэ.

– Хьалыжъо фэбэ заулэ гъукlэм фебгъэхьы хъутыгъэба? – Хьадж-Къэсэй фэкъолlым ыцlэ къырилоныр зэримыпэсыжь фэдэу, ау гые тlэкlу кlэлъэу Бычэ къэупчlагъ.

– Хьалыжъо Хьадж-Къэсэй фесымыгъэхьмэ, укъызкlэупчlэгъэ шъхьэпаем къыпфидэта? – Гъукlэм ыцlэ къызэрэкlигъэтхъырэм гу лъыптэнэу Сисурэ къыlуагъ, ыкъо цlыкlу къыубыщтыгъэми, игуапэу къыпигъэхъожьыгъ: – Лагъэм фислъхьагъэр шlомакlэу гъумытlымызэ ыхьыгъ.

– Шъыда, синынэгущ, гъукlэм нэмыкl пщы щагум цlыф дэтыжьба? – Бычэ къызlуипхъотыгъ, ау псынкlэу зыкъишlэжьи, Хъан-Джэрые фычlэплъызэ, кlилъэшъужьыгъ: – Ары, ары, ятэ ихьалэлыгъи ишэн пытагъи къэмыхъу рапшlэзэ къыхафэ... Ащ шъыд епшlагъэджи,– ежьырми, мыдырэхэр арми зыфэгъэхьыгъэр умышlэнэу нахь мэкъэ шъабэкlэ къыlуагъ,– хэпшlахьыжьын щыlэпщтын... Ау ятэ фэдэу зыlэкlэдгъэкlынэп... Адырэ шыкоо-козынытхъур бгъэшкагъа?

– Къаймэта? – Зыцlэ къырамыlуагъэм Сисурэ джыри кlэупчlагъ.– Шъо шъумышкахэу ар згъэшкэна? – Хьарамыгъэ зыхэмылъэу къыlуи, «илъэс пчъагъэм зыхиушъафэщтыгъэхэр арэу къычlэкlын, гощэшхор зыщымыlэжь мазэм, пщы джэхэшъогум теуцогъу имыфэзэ, хэтымылъагъощтыгъэхэр къызхигъафэу сыдэу тесыеу зигъэпсэу хъугъа», Сисурэ ыгъэшlагъозэ, унэм икlыжьыгъ.

– Гъомылэр умыгъэучъыlыжь, сикlал, шкэ,– lэгубжъэр Бычэ lуигъэкlотызэ, джы нэс зи къэзымыlоу, зэхихырэр шlогъэшlэгъонэу щысыгъэ Хъан-Джэрые риlуагъ.



– Оры, тян, ушкэтба? – Джау сыдми Хъан-Джэрые янэ еупчlыгъ, ау къырилlожьыгъэм мышlугъэ горэ къызхэтэджыкlырэ гур къыгъэушъэбыгъ:

– Узызгъэшкэтыгъэр сщыгъупшэжьыгъэшъ, сикlал, сапашъхьэ узыщысышкэджэ, сэри шкагъэ сэхъу.

«Къапlо пшlоигъом ышъхьэ къыпфихрэп шъхьакlэ, тян, къызгурэlо – янэжъ зэрымысыжь унэм гуащэу къитэджэнэу зэрэригъэжьагъэм Хъан-Джэрые ыгъэгумэкlызэ, иадыгэ lоф зэхэмыфхэм ар къызэрахэхъожьырэр шlоемыкlоу гукlэ ыlуагъ,– тхьамыкlагъор изакъоу къакlорэп зыфаlорэр шъыпкъэ. Зыкlэхъопсыщтыгъэм илэшlугъэ къызэрэlэкlэхьагъэм тянэ ыгъэутэшъуагъэмэ сшlэрэп, тищагу жъы дэхъухьэгъэ фэкъолlхэм ацlэ къырилlожьырэп. Шъэуаий щытхъу фэдэзэ, зыфаер реlуалlэ, ишъэожъыий дегъакlо, джырэкlэ зынэмысыгъэгор Сисур... Тянэ сызэрэхаплъэрэмкlэ, мыхъун тиунэгъо кlоцl къихъухьащтмэ, типщы щагу къыдэхъухьащтмэ, къызэрыкlыщтыр Сисурэкlэ енэгуягъо. Ар Шъэуаий, фэкъолlхэми, нэмыкlхэми адэнэп, зымыдэхэщтыри сэры! Къызгурэlо, къызгурэlо, тян, нанэ зышъхьащымытыжь лlакъом ихьылъэрэ ихьынырэ къыптегъэкlагъэ зэрэхъугъэр. Ау нанэ къытхилъхьэгъэ хэбзэ гъэуцугъэмэ затепlэтыкlынэу узежьэкlэ уиапэрэ лъэбэкъу тиунагъо зэригъэлъэпэощтыр зыщымыгъэгъупш. Пкуашъо сытесэу ппсэ къысlуплъхьэзэ сымыпlугъэми, сикъэплъфыгъ, дунай нэфым ишlуи сыхэбгъэплъагъ, ау имышlуи, ащкlэ умысэп, джащ фэдэу зэхэсэбгъэшlагъ. «Гощэшхом сыфэмыдэтми, ны кlэгъэкъон сыкъыпфэхъун» зэрэпlуагъэр сигуапэ шъхьакlэ, силъэтlэныпсхэр зыщызэкъолъэдэрэ лъэхъаным нанэ фэдэ тэ къисхыжьын!..»

– А Хъан-Джэрый, а сикlал, сыкъызэрэоупчlыгъэм зи къепlолlагъэп, Сисурэ илэнэ lэшlэхджэ къыттебани... Тlэкlурэ удэсыта? Уилофхэр шъыдэу хъухэра? – Бычэ иупчlэхэр къыкlилотыкlыжьыгъэх.

– Сигъусэхэр Къэбэртае къекlыжьыфэхэ мэфэ заулэрэ сыдэсыт. Сыкъызэрэкlожьыгъэр зэхэзыхыгъэхэр тхьаусхакlо къысфыкъокlых. Ау неущ Екатеринодар сынэмысы хъутэп.

– lоф уилэмэ, укlон адэ. Завадовскэ атаманыр тхьаусхакlо къызытфакlом, уикъэбармэ бэрэ къакlэупчlагъ. Ащ ыгъапэтгъэхэр Вельямин инэралым тхьаусхакlо къыгъэкlогъэ Мыгурыкъом игъусэгъэ урыс забытищыр ары.

– Шъыд адыгэ мамырыр зыукъогъэ нэпэнчъэмэ ягопэгъур?! – Хъан-Джэрые янэкӀэ зиӀажэщтыгъэми, Вельяминовым ыцӀэ зызэхехым, къызбгырыугъ.
– А Хъан-Джэрый, зэ мы шапсыгъэ-абдзэхэ мыдэӀожъмэ ауж шъуикӀыжь, къэбэртэе-бэслъыныехэри тиӀоф къыхэшъумылъашъох, якъогъупэ рэхьатэу къожъугъэсых.
– Тян! – Хъан-Джэрые нэгу чъэкӀыгъэр къыпхъотагъ.
– Шъыд, Хъан-Джэрый, ы, сикӀал? – Лыузыгъэ горэ ымакъи инэплъэгъуи къыхэмыщэу Бычэ ыкъо Ӏуплъагъ.– Нэгу чъэкӀыгъэджэ укъызыкӀысэплъырэр? Мыхъун сӀуагъэу оӀошъ ара? Хьау, сикӀал, ащ фэдашъуи къыстемышт, джыри сызэкӀокӀыгъэп сэ, ау тызэрэзэрагъэкӀокӀытэр тапэ къэтджэ енэгуягъо. Шъыд тэ, бжъэдыгъухэр, къэзэкъмэ тызяшӀугъэджэ, шапсыгъэ-нэтыхъуаемэ афэмыгъотырэр, зыфэутэшъуагъэхэр! Ахэмэ ашъхьэ зыряжъугъэуфэхыджэ, адырэ адыгэ цӀыкӀухэр къеуцолӀэтых.
– Зыгорэм угу хигъэкӀыгъа, тян? – Хъан-Джэрые шъабэу, ау пытагъэ хэлъэу янэ еупчӀыгъ.
– Хьау. Шъыд укъызыфысэупчӀырэр?
– Нанэ ащ фэдэхэр ыӀотыгъэпышъ ары…– Хъан-Джэрые къызщымылъэтэу, Ӏэдэбныгъэ-лъытэныгъэ зыфишӀыжьэу, яни рипэсэу къэтэджыгъ.
– Шъыда, сикӀал,– Бычэ джы зыкъиушӀэжьызэ, нахь мэкъэ шъабэкӀэ къэупчӀагъ,– уянэжъ гощэшхом гущыӀэ Ӏаеджэ сытегущыӀэу къыпшӀошыгъа?
– Хьау, тян. Сэ тиуни, зэрэадыгэ шъолъырэуи мамыр изгъэлъынэу сыфэягъ. Къысфэгъэгъу, сынэгу жьы тӀэкӀу кӀэзгъэу сшӀоигъу.
Бычэ изакъоу унэм къызенэм, къызщылъэтыгъ. Унэ кӀыб шъхьаныгъупчъэм зеплъым, ныпчэдыжь зышъхьащытыгъэ къэ чъэпхъыгъакӀэм джыри Хъан-Джэрые Ӏуилъэгъуагъ, нахьыпэм зызэришӀыгъагъэм фэмыдэу зиӀажэзэ, гъумытӀымыгъэ: «КъэплъфыгъэрумыпӀугъэмэ, дахэ рыуамыгъэӀуагъэмэ джары къызэрэбдэзекӀожьыщтыр… ЕгъашӀэм лъфыгъэ зыхэмыкӀыгъэм, иӀэшӀугъэ зымышӀэгъэ ныожъэу зидэкъацэ сыдэлъыгъэм сыфигъадэрэп. Хэт джы титӀо язэу лӀагъэр, псаур?..»

КъыкӀэлъыкӀогъэ мафэм, Хъан-Джэрые зэриӀогъагъэу, Екатеринодар заригъэщагъ. Зы цӀыф горэм, инэӀуасэми имынэӀуасэми, ӀукӀэнэу, дэгущыӀэнэу фэягъэп. Петербург къызщыдэкӀыгъэ сыхьатым щегъэжьагъэу джыдэдэм къэлэ почтэм зыщычӀэт такъикъым щыкӀэкӀыжьэу, ыгу имыкӀыщтыгъэ Татьянэ итхыгъэхэу къыратыжьыгъэхэм яз Ӏэпэ псыгъо кӀэзэзхэмкӀэ зэтыричыщтыгъэ…

## VI

ЩыӀэх, ашӀоигъор къадэмыхъумэ, шъэфыгукӀэ зызыстыжьырэ цӀыфхэр. Ежьмэ зыдашӀэ-зыдамышӀэжьэу къапэблагъэмэ, ямынэӀуасэмэ ягухьэгужь атыракъутэ, етӀанэ афэмышӀагъэмкӀэ заухыижьмэ агу жьы дагъэкӀызэ, ушъхьагъу лъыхъо ежьэжьых. Раутырэм зигъэбэнэкӀырэп зэраӀоу, чӀасэрэм зыкъыхечыжьы, чӀагорэм гуаокӀэ зыкъеӀэтыжьы. Ау щыӀэх ракӀыри зыкӀэмыӀэжьэу, запщэхэри къэмынэхъэжьхэу. Уеубзагъэми гугъуемылӀыхэри, уекууагъэми дэгусакъызхэри щыӀэх. Цӏыфым иапэрэ къэхъу куо макъэрэ иаужырэ дунэе ехыжь щэӀурэ ащыкӀэкӀыжьэу, игъогу гушӀуагъуи къини къыщехъулӀэрэр макӀэп.
Хъан-Джэрые шыихъэп,– къызхэхъухьэгъэ дунаим, лъэхъаным игукӀэгъуи ижъалымагъи, инэфыни ишӀункӀи, ихыягъи имысагъи, иплъырыгъи ичъыӀагъи, изэхэшӀыкӀи игурыӀончъагъи зыхилъхьэгъэ цӀыф. Сыд епшӀагъэкӀи, нэмыкӀыбзэ ӀуплъхьагъэкӀи, фэшъхьаф гупшысэкӀэ хэпщагъэкӀи, ахэмэ арыщыӀэ-арыпсэуми, къызхэкӀыгъэ лъэпкъым ымэкъэ шъэфрэ ылъэпсэ цыпэрэ щыбгъэгъупшэн плъэкӀыщтэп. Ежьыр шъыпкъэм зыхитӀыкӀыжьынэу фежьагъэкӀи ыпсэ пэтыфэ, исабыигъо гукъэкӀыжьхэр иаужырэ жьы къэщэгъу хэтыфэхэ фэукӀочӀыщтэп.
Адыгэмэ чӀыгукӀи, гупшысэкӀи, гухэлъкӀи, гугъапӀэкӀи апэчыжьэ зыхъущтыгъэ аужырэ илъэс заулэмэ афэмыдэу, илъэныкъо къызыкӀогъэ мэзищ уахътэм Хъан-Джэрые зыкъишӀэжьэу, шъхьэм къыфимыхьэщтыгъэм, дунаим щыхихыгъэ чӀыпӀэр зыфэдэм нахь ягупшысэ, зэгыижьы, зиумысыжьы хъугъэ. Дзэхэмрэ генералхэмрэ, анахьэу Вельяминовым, зэрахьэрэ тхьамыкӀагъохэр зыфэшъыпкъэ пачъыхьэм гукӀэ реӀуатэ, къэблэгъэрэ бжыхьэм мысэм фэшъошэ пшъэдэкӀыжь ригъэхьынэу щэгугъы.
Татьянэ къыфигъэхьыгъэ тхыгъэхэу зым нахьи адырэр нахь гугъэтакъоу, къызэрэфэзэщырэр зыщыфэмыушъэфырэ шӀулъэгъу гущыӀэхэр зэрытхэм Хъан-Джэрые

гупсэ-гугъэрэ гупсэфырэ къыхалъхьагъ. Янэжъ зэрэщымыІэжьым тІэкІу-тІэкІузэ езэгъэу ригъэжьэгъагъэми, ишІулъэгъу шъэфмэ афэшъхьафэу, игумэкІхэр гущыІэгъукІи гупшысэкІи зэрихьылІэн, джэуап зыфигъэхъун зэримыІэжьыр мафэ къэс зэхешІэ, къехьылъэкІы, ащкІэ Татьянэ нахь къыпэблагъэ къыфэмынэжьыгъэу къышІошІы. «Пхъэцур зэпыкІымэ кІашъор къеохы» нанэ зыфиІощтыгъэм сшъхьэкІэ сырихьылІагъ, Хъан-Джэрые игукъао къыфыригъашІэу хэщэтыкІыгъ: «МылІэжьын щыІэп» оры, нан, зыІощтыгъэр, ау къэбэртае сикъикІыжьыфэкІэ укъысэжэжьыгъэп. Урысые пачъыхьэшхори мазэ горэмкІэ апэрэу къытхэхьащт, Къэбэртаемэ, Бэслъыныемэ афэшъхьаф, ахэми сицыхьэшхо ателъэп, талъэныкъокІэ сыздэгущыІагъэмэ гугъапІэ къысатыгъэп. Лажьэ улъыхъунэу узежьэкІэ, бэмэ уяутэкІы, ау зэкІэ зэолІэжьырэр Вельяминовым ишашитыгъ. Ежь зэрихьэрэ хьилагъэр адыгэмэ атырилъхьажьыгъ. Адыгэхэми якъонцэ Іахь алъэшъу, «шъуидзэ Пшызэ зэпырышъуащыжьыр» ажэ дэнагъэшъ, зыщищыкІагъи зыщимыщыкІагъи къыщадзы. КъызгурэІо, адыгэмэ къяхъулІагъэм агу зэгуетхъы, тхьамыкІагъом хэфагъэх шъхьакІэ, Вельяминовым иІэшэ гъэтІылъыгъэ къымыпхъотэжьмэ мыхъунэу сыд зыгъэгузажъорэр? Пачъыхьэр къакІомэ, «гъэхъагъэкІэ» пэгъокІын зэримылъэкІыщтыр арэу къычІэкІын... «Мыбжыхьэ типачъыхьэшхо Кавказым къызщыкІорэм ехъулІэу адыгэ шъолъырым заор щаухыщт» аІозэ, Петербург щызэрэхьэрэ къэбарыр ори, Таня, пшІошъ умыгъэхъу. Заом икъегъэжьэн, ер къызэрыкІырэр кІэнкІэ зан зэраІоу, зыуи арэп, иухыжьын нэпсыбэ текІуадэ... ЕтІани, Таня, къысфэгъэгъу, мазэ горэмкІэ къэзгъэзэжьыщт сІогъагъэ шъхьакІэ, сэ къызэрэсщыхъуштыгъэу мыщ Іофхэр щыщытыхэп. Ау, укъыкІэупчІэшъ, сянэжъ игущыІэжъ Іуш горэмкІэ — ар зэрэсимыІэжьым о джыри ущыгъуазэп,— узгъэрэхьатын: «джэгум кІорэ пстэури къагъашъорэп, заом Іут пстэури къаукІырэп». Тхьэуегъэпсэу, Танюша, сызэрэпщымыгъупшэрэмкІэ. Талъэныкъо язаохэрэмкІи къязэожьхэрэмкІи Іофхэр щыхьатэхэп. Сэ спшъэ къыралъхьагъэр уианахь пый фагъэшъошагъэми, уфэмыгушІу.

Хъан-Джэрые янэжъ зэрэщымыІэжьыр Тане фимытхы шІоигъуагъ шъхьакІэ, ытхыгъэм джыри зеджэжьым, анахь гущыІэшІухэр ыгъэфедагъэхэми инэшхъэигъэ къызэрэхэщыгъэр къыгурыІуагъ, зэІитхъыжьынэу къызештэм, шІу ылъэгъурэ бзылъфыгъэм риІощтыгъэ гущыІэмэ ыІапэ къастэу, ыбгъэгу къыдэІукІыщтыгъэ мэкъэ шъабэри къегыеу ыгъэтІылъыжьыгъ. Ау псынкІэу къэлэмыр къышти, зыкІэтхэжьыгъэм ычІэгъкІэ пигъэхъожьыгъ: «Таня! Къысфэгъэгъу, джы зэрэхъурэмкІэ, чыжьэу ущыІ нахь мышІэми, ощ нэмыкІ сыкъызэхишІыкІынэу дунаим цІыф щысиІэжькІэ сыгугъэрэп, сигухэкІышхо пшІосыушъэфын слъэкІыщтэп: сянэжъ щыІэжьэп... Дунаим зехыжьыгъэр мазэм къехъугъ. ЛІэ зэхъум сызэрэшъхьащымытыгъэр зэкІэми анахь сшІогухэкІ. Сянэжъ сэркІэ зыфэдагъэр ошІэ, бэрэ игугъу къыпфэсшІыщтыгъ. Сиошъо кІэгъэкъонхэр, Танюша, къызэхэуагъэх... Непэ укъызготынэу сшІагъэмэ... Ау, сянэжъ тхьамыкІэм зэриІощтыгъэу, лІагъэр агъае, къанэрэр щэІэ, тхьэр тикъотэгъоу тэри тыщыІэщт, тиІофхэр зэкІэми апшъэщт. ХъяркІэ».

— Усымыгъэохъутмэ, Хъан-Джэрый сыоупчІын симорад,— тхыгъэм пигъэхъожьыгъэм еджэжьыгъо изымыгъэфэжьыгъэ Дзэпщ пчъаблэм къыдэджыкІыгъ.

— Шъыд джыри, Дзэпщ? — ШІомыигъо дэдэу Хъан-Джэрые къэупчІагъ.

— Джыгэтхэр хэт щыщых?

— Ахэри адыгэ-убых лъэпкъых.

— Ары Іолъ...

— Шъыда?

— Ахэри уинэІосэ Вильямин цІэплъым ыгъэпцІагъэх.

— Шъыдэу хъумэ?

— Сэ ар шъыд фэсшІэн, Хьадж-Къэсэй ары щыгъуазэр. Къэсщэта? — Дзэпщ лІышъо зытыригъаоу, ынэ шІуцІэ тхьагъэпцІ цІыкІухэр къилыдыкІыгъэх.

— Хьау. Сэ тІэкІу шІэмэ кІыщымджэ сыкъэкІот.

Татьянэ фигъэхьыщт тхыгъэм джыри зэ Хъан-Джэрые зеджэжьым, фыриІотыкІыгъэмэ ыгу жьы зэрэдагъэкІыгъэр арыщтын, мэфэ заулэм зыхимыгъотэжьыщтыгъэ гупсэфыгъор зэхишІагъ. Ащ нэмыкІ зыми емыгупшысэнэу фэягъ шъхьакІэ, къыпыщылъ Іофхэр зэхэфыгъуаехэу гупшысэ зэкІагъэх. Хъан-Джэрые къызфагъэкІуагъэр, апэрэ мафэм щегъэжьагъэу, зэрэхьылъэщтыр ымышІэу арыгъэп, ау ышъхьэкІэ зеуалІэм, зэпэуцугъэхэр мэкъэ зэфэшъхьафкІэ зэтекуожьхэу, зэраІорэр зыщызэхамыхыжьырэм, сыд уиІушыгъэкІи, анахь гухэлъышІур къыздеохьакІыкІи, гъэ-

цэкӀэгъуае зэрэхъущтыр къыгурыӀуагъ. Ахэмэ Вельяминовым изэо игъэкӀотыгъэхэр къахэхьажьыгъэх. Убых хы нэпкъым урыс къухьэхэр Ӏутэкъуагъэх, абдзэхэ лъэныкъори агъэрэхьатырэп.

«Сыда къэхъугъэр?..— Джэнджэш зэфэшъхьафхэр Хъан-Джэрые игупшысэмэ джыри къахэтэджыкӀыгъэх.— Пачъыхьэр къызыкӀощт мазэм, мамырым ычӀыпӀэкӀэ, заом зыкӀыдэгузажъорэр? Тэ мыдыкӀэ тызынэмыс къэтымыгъанэу адыгэ шъолъырыр къитэчъыхьакӀы, зэхаукӀыхьэ пэтхэзэ шъусамбыр, щэӀагъэ зыхэжъугъэлъ ятэӀо, тягыи, тяушъыи… ТымышӀэ горэ Ӏофым хэхъухьэкӀэ енэгуягъо… Сэ къысаӀорэмрэ Вельяминовым раӀорэмрэ зэтекӀхэмэ шӀэ? Адыгэхэр ячӀыгу зэрэщыбгъэпсэущт шӀыкӀэу Вельяминовыми, Чернышевыми, пачъыхьэ шъыпкъэми афэстхыгъэм сыда джы къызнэсыгъэм джэуап къызфырамытыжьырэр? Вельяминовым ыгу зэрэримыхьыгъэм сыщыгъуаз. Ау арэп ныӀа хэгъэгу Ӏофхэр зезгъэкӀохэрэр… Ащи Чернышев дзэ министрэм ашъхьагъ пачъыхьэр итыжь, сыкъызэхишӀыкӀэу, адыгэхэр зыхэфэгъэ тхьамыкӀагъом хэкӀыпӀэ фигъотынэу сыщэгугъы».

Хъан-Джэрые зэгупшысэщтыгъэ тхыгъэр къыштагъ, гущыӀэпэ кӀэкӀырэ гупшысэ уцугъо шъэныкъорэ плӀырэ зэрыт тхьапэхэр зэпыригъэзагъэх, хэо-хапкӀэу, ау уцугъо зырызмэ ахэгупшысыхьажьзэ яджэжьыгъ, гукӀэ зэупчӀыжьыгъ: «Сыда мыхэмэ мыхъунэу ахэлъыр? Адыгэхэр къызэдгъэшӀухэ, къыддыщыӀэхэ, тадыщыӀэ тшӀоигъомэ, гум илъымрэ ӀупшӀэм телъымрэ зэтефэу тадэгущыӀэн фай. УзэпэуцугъэзыхъукӀэ, Ӏо хэлъэп, бгъуитӀумэ яз зыгорэ чӀинэнкӀи мэхъу. КъэсымыӀонэу сыфэягъ шъхьакӀэ, Вельяминовым сыжэ къыдещы, егъэзыгъэ ӀофкӀэ адыгэмэ ягъэшӀэрэ шъхьафит чӀятэгъэгъанэ… Хэтырэ цӀыф лъэпкъи, нэмыкӀмэ агу рерэмыхь фаеми, ежь хихыгъэ хэбзэ-шэн зэхэтыкӀэ иӀ, рэпсэу, рэлажьэ. Урысыем, е Тыркуем, е нэмыкӀ хэгъэгухэм япачъыхьэмэ афэмыдэми, адыгэхэр къытатыгъ, тштагъэ оӀокӀэ ялъэпкъ щыӀакӀэ пыубзыкӀыныр, ащыбгъэгъупшэныр емыкӀу, ежьмэ ащыщи пащэ афэпшӀыным зи хэлъэп. Ащ фэдэ цӀыфыр Урысыем къытпэчыжьэ хъущтэп. Тэ тызэрэзэхишӀыкӀэу зыщыщхэр зэхишӀыкӀыхэмэ, лъэпкъитӀумэ азфагу мыхъун къыдэхьащтэп. ЕтӀани ар шъхьафит дэдэнэу сӀорэп — Петербург емыпхыгъапэми, Кавказым ипачъыхьэныкъо сыд фэдэрэ адыгэ ӀофкӀи шъхьащэрэт. Ау зэфагъэ зэрымылъ хэгъэгум зэгурыӀоныгъэр щыгъотыгъоещт. Урысыем, ащ ипачъыхьэшхо фэшъыпкъэ адыгэхэм уалъыхъужьынэу щытэп…»

— А Дзэпщ, шъхьаныгъупчъэм къыӀукӀ, Хъан-Джэрые гъэрэхьат,— лъэгуцым тет шъэожъыем Сисурэ къызеджэм, Хъан-Джэрые игупшысэмэ къахэужьыгъ, зынатӀэ апчым Ӏулъми риӀуагъ:

— Сщыгъупшэжьыгъи… Мары, джыдэд.

Лъэгуцым къыщежэрэ шъэожъыер къеупчӀыгъ:

— Шъыд ащ фэдизэу узэгупшысэтгъэр? Сисурэ къысэджэфэ сыкъэпшӀагъэп.

— Узэгупшысэн макӀа? — Хъан-Джэрые щхыпцӀыгъэ.

— Хьадж-Къэсэй ащ фэдизрэ гупшысэтгъэмэ,— Дзэпщ гъумытӀымыгъэ,— игъучӀ плъыгъэ учъыӀыжьыни…— ЕтӀанэ сэмэгубгъумкӀэ гоуцозэ ыӀуагъ: — ПсынкӀэу, жьы кӀэтэу умышӀэрэ Ӏофым нэнэжъ риӀуалӀэщтыгъэр ошӀа? Ӏэшӏу кӀэлъыжьэп.

— Ара? — Янэжъ игугъу зэришӀырэр игуапэу Хъан-Джэрые къэупчӀагъ.— Нэнэжъ ыӀощтыгъэр зыфэгъэхьыгъэр сэрмэ, бащэрэ укъызэзгъэжагъ, симысагъэ зыдэсэшӀэжьы. О зи къызтебгъэнагъэп.

— Хьадж-Къэсэй зэриӀуагъэу, къэбарыр хъатэпышъ, тегъэзгумэкӀы,— зыгъэапэрэр зэрэшӀоӀофыр лӀы ӀуакӀэ зыригъэшӀэу, гые тӀэкӀуи диӀыгъэу Дзэпщы къыхигъэщыгъ,— къэзэкъмэ ямыхъо-мышӀагъэ о апэ умышӀэтмэ, шъыд ащыгъум урыс пэчъахьым укъызыкӀытфигъэкӀуагъэр? ХьакӀуцу джыгэтмэ якъэбар Хъан-Джэрые къыфэӀуат, Хьадж-Къэсэй.

— Шъыдэу непэ уябг, Дзэпщ?! — Хьадж-Къэсэй щхыпцӀыгъэ.

— Сабыим иунашъо пачъыхьэм иунашъо нахь лъэш зыкӀаӀуагъэр шъыд пшӀошырэ, Хьадж-Къэсэй? — Хъан-Джэрыий Дзэпщы дыригъэштагъ.

— Олахьэ арым, зиусхьан,— Хьадж-Къэсэий гущыӀэжъкӀэ зыкӀырагъэзыгъэр къыушыхьатыжьыгъ,— сабый зыдэщытым тхыдэ щымыӀуат зыфаӀуагъэр шъыпкъэм. Ау шъыдыджэ Дзэпщ сабыймэ ахихьэра, илэгъумэ ялъытыгъэмэ, лӀы хъугъэ,— псынкӀэу зыкъигъэтэрэзыжьыгъ.— Зымафэ Къырым-Джэрые янэш Джамболэт дгъэӀылъынэу

Дышъабэ тызэкIом, шъыпкъэми сшIэрэп, мы къэбарыр щызэхэсхыгъ. Iашэджэ чылагъо горэ зырагъэуцуалIэм, шъукъызэрэтэшIурэмджэ тхьэлъанэ шъуIытхыт къаралуи, КъурIаныр замыгъотым, джаур тхылъ горэм зэрэтырагъэIэбагъэхэр ары Дзэпщ зыгъапэу къысигъэIожьрэр[1]. Адыгашъхьэхэр Бытырбыф зарагъахьыджэ, къэсIотагъэр гъэшIэгъоныжьэп...– Хьадж-Къэсэй хэгурымыкI хьылъэкIэ икъэбар кIэкI къыухыжьыгъ.

– Зэхэпхыгъа, Хъан-Джэрый? – Зэригъэмысэрэр ымэкъэ чан къыхэщэу Дзэпщ къэупчIагъ.

– Дзэпщ! – Хьадж-Къэсэй ыдагъэп.– Удэ кIори, джэгу.

– Адэ джары...– Нахь гупсэфыгъэу, ыгу зыгорэм зэрэтыригъэпщэхагъэри игуапэу Дзэпщы къыIуагъ, лIитIур зэмыжэгъэ гущыIэ дыджыкIи къыухыжьыгъ: – Сыджэгун, къэзэкъышъхьэ шIохыгъэхэри къышъуфэсхьын.

– Дзэпщ, къэгъаз! – Хъан-Джэрые шъэожъыем лъыджагъ.– Ащ фэдэхэр умыIо, джэгум паго къекIыжьы зэраIорэр зыщымыгъэгъупш!

– Арэу оIомэ, Хъан-Джэрый, непэджэ сыкъыодэIунышъ, Адыл-Джэрые игъучI хъурджаныгъэр къезгъэчъэкIын.

– Мощ нахь мыхъурэм ыIохэрэр...– Хъан-Джэрые джыри шъэожъыем кIэлъыплъэжьыгъ.

[1] «...ТицIыф хъугъэхэм Iуагъэ ягъэшIыгъэн фэягъ,– етхы Г. И. Филипсон.— Мыщ дэжьым къиныгъошхо къыкъокIыгъ: джыгэт мыслъымэнхэм Iуагъэ тырашIыкIынэу зы КъурIани щыIагъэп. Забыт горэм Крыловым ибаснэхэр зыдэт тхылъ иIэу къычIэкIыгъ, зэрэушIоигъэмкIи иинагъэкIи а тхылъыр молэмэ ренэу къыздырахьыкIырэ IэпэрытхКъурIаным фэдагъ. Крыловым ибаснэхэр лъэхъстэн уцышъо зиIэ илъхьапIэм илъыгъэх, ащ фэдашъо зиIэ къопсымкIэ бэщ IонтIагъэм пылъэгъагъ. Джыгэтхэр зырызэу а КъурIан нэпцIым къекIуалIэхэти, Iуагъэ ашIыщтыгъэ. ЗэкIэ зезгъакIощтыгъэр бэщыр зиIэдэкъэ лIыжъ лъэкурагъ. Iуагъэ зышIырэм ар зигъэразэкIэ, «хъун, хъун» риIощтыгъ.

КъызэрэтфэIорышIэхэрэмкIэ аужырэ IэубытыпIагъэп ахэмэ алъэкъуацIэхэр зэхэгъэуцуагъэхэу, шIухьафтынхэри гъэхьазырыгъэхэу зэрэсиIагъэхэр. ШIухьафтынхэр зэратыгъэхэр нэбгыришъэм ехъутыгъэх. Плъэгъун фэягъ а цIыф Iэлхэр дышъэм, тыжьыным, данэм, лъахъстэным нэмыкI хьап-щыпхэм нэе-псыехэу зэряплъыщтыгъэхэр. Тэ тызэхаупкIэтэнышъ, мылъкур аIэ рагъэхьаным ахэмэ ащыщэу зы нэбгырэп егупшысэщтыгъэр. ШIухьафтынхэр зэттын фаехэм алъэкъуацIэ сэ лъэшэу къасIощтыгъ. Ары пэпчъ, а цIыф мыгъасэхэм ацIэ горэ къасIо къэс, егъашIэм сымылъэгъугъэхэу зэкIэри зэрэсшIэрэр ахэмэ лъэшэу агъэшIагъощтыгъэ...»



– Адыл-Джэрыедыхэр пщы щагум дэмытыжьыхэ зэхъум, зиусхьан, мыщ теIудымыдымэ дгъашIозэ, шъхьэпэящэ тшIыгъэджэ сенэгуе.

– Адыл-Джэрыий ицIыкIугъом мыщ нахьышIугъэп, Пшызэ Iушъо къэзэкъмэ адэжь зэуакIо сэкIо ыIомэ тянэжъ ыгъэцIацIэзэ, джы дзэ къулыкъуджэ ахэт... Тисабыигъо щегъэжьагъэу дунаир бэджэ зэхъокIыгъэ хъугъэми Пшызэ ичъэ къэуцурэп. Адыгэ дунаири зы чIыпIэ итэп шъхьаджэ, сэ къызщысшIэжьырэм ихьылъэ нахь псынк1э хъугъэп. КъэпIотагъэр шъыпкъэмэ, шъыд пае Дзэпщ дгъэшIэгъожьын, щхэны джи, гъэны джи. ЯзышIагъэхэм язакъоп, зэрашIагъэхэри мысэх. ЗыщимыщыкIагъэм тыбгъэ къитэгъэпшы, зыщищыкIагъэм зятэгъэгъэделэ. ТичIыгу телIылIэзэ, лIыгъэм зытетэгъэкIуадэ, шъхьафит гъунэнчъэу тлъэхэн зифэшъуашэм зетэгъэунэхъулIэжьы.

– Зэрэхъурэмджэ, къысфэгъэгъу, зиусхьан,– Хьадж-Къэсэй къэмыупчIэн ылъэкIыгъэп,– уичIыгу, уичылэ, уиунагъо, уиегъэшIэрэ шъхьафит къэуухъумэныр, къызэтебгъэнэжьыныр, къытэкIурэм пэпчъ инэплъэгъу пашъхьэ зыщебдзыхыныр къеогъэкIу, лIыгъэджэ олъытэ, ара?

– Ар дэдэ сIорэп...– Хъан-Джэрые ымакъэ къышIуефэхыгъ, ау зыкъиушIэжьыгъ: – Уилъэпкъ къызэрэзэтебгъэнэжьын гупшысаби шIыкIаби щыI. Персхэри тыркухэри хэгъэгу цIыкIухэп, цIыфхэджи Iашэджи кIочIаджэхэп, Урысые пашъхьэм къыщеуцолIагъэх нахь.

– Атырахыгъагъэр къаратыжьыгъагъэти, шIэхэу гущаIэ зэфагъотыгъэ.

– Шъыд пIуи, шъыд пIуи? – Губжыгъэ гори хэмылъэу Хъан-Джэрые къэупчIагъ.

– ЕмыкIу-губгъэн къысфэмылъэгъумэ, зиусхьан, мы Iофымджэ сыгу илъыр къыосIон. Мы тичIыгу къихьагъэхэмрэ тэрырэ дин зэфэшъхьаф титышъы, тызэзэгъытэп, тызэкIутэп. Зэхэпхырэба къэзэкъмэ къытфадзырэр? Басурманджэ къытаджэх, джаурджэ тэри тяджэжьы. Ыджа дин Iофымджэ тызэрэзэдэмыхъутэр Тыркуе мэхъаджэм ышIэзэ, тыкъаритыгъэу сенэгуе... КъэсIуагъэр уищыпэ зэхэхэпщтын, зиусхьан.

– Ухэукъуагъэп, Хьадж-Къэсэй... Шъэуай нахьыжъыр сIомэ, Дзэпщ шъэожъыер згъэшIэгъожьызэ, мыр апэ тифэкъолI къыпкъырыкIэу пщы щагум щызэхэсахы.

– Угу хэзгъэкIыгъэмэ, къысфэгъэгъу, зиусхьан... Сэ сизакъоп, зэрэ Бжъэдыгъу, къафэIошъурэп шъхьаджэ джар агу илъ.

– УзгъэгумэкIырэр къысэпIуагъэджэ шъыд пае емыкIу пфэслъэгъун. Теплъын хъурэм, лIэныгъэм нэмыкI хэкIыпIэ зимыIэ щыIэп,– Хъан-Джэрые ыIапэхэр зэхэзыуцIэпIэгъэ шIомыкI такъырыр машIом пидзэжьи, кIыщым къычIэкIыжьыгъ.

Зэрэгугъэщтыгъэу Хъан-Джэрые иIоф къызфимыкIырэр Вельяминовым тырилъхьэщтыгъэми, ащ нахь лъэпсэ чыжьэ зэриIэри, Петербург къызэрикIыри, шIу ыгу зыфилъ адыгэхэми якъонцэ шъхьаф зэралъэшъури мафэ къэс IэкIэкIырэ уахътэм къыгуригъаIоу регъажьэ.

ЗэкIэми анахь гъэшIэгъоныр, Хъан-Джэрые хы нэпкъым рекIокIызэ ыIуагъ, зэпэщыт лъэныкъуитIуми пыупкIыгъэ хьау яIэп, ау ятопыю макъэрэ ясэшхо зэхаорэ аIупэмэ ателъ мамыр гущыIэр зэхыуагъэхырэп. Сыда ар, шъорышIыгъа хьауми жъалымагъа? ТIури, шIум е зэрэхэлъэу, нанэ ыIо зыхъукIэ сшIошъ хъущтыгъэп шъхьакIэ, зэголъы. Зэрэхъурэмкlэ, щыIакIэм икъобэ-бжъэбэ шъэфхэр зэхэпшIэным ыпэкIэ зэп-тIоп узылъэпэон, ппэ къызпагон, ппсэ узхагъэIэжьын фаер... Сэ сыд? Заомэ сазэрэIутыгъэу, сыкъызэрэщауIагъэмэ афэшъхьафэу... СицIыкIугъом щыублагъэу сагъашIоу, сызыфаер къысфашIэу, Бенкендорф графым, Александр Христофоровичым, ынаIэ къыстыридзи, Урысые пачъыхьэшхом ыпашъхьэ сырещэфэ, цыхьэ къысфырегъэшIыфэ, сызщыщмэ адэжь сыкъаIофтэфэкIэ, сищыIэныгъэ лъагъо зэнкIагъэ... Джы сыд къысэхъулIагъэр? Зэ, зэ, ащыгъум мыщ сыкъэзгъэкIуагъэмэ ашIэзэ, сэри джы ар зыдэсшIэжьызэ, сызщыщ адыгэмэ сатекIодэжьыкIэ енэгуягъо... Хэтырэ цIыфи, зыфаIорэр шъыпкъэ, зыщыщ лъэпкъым елъытыгъэп, зыфаер къыздигъэхъунымкIэ ихьилагъэрэ ижъалымагъэрэ гъунэ яIэп. ПфызэшIокIыщтмэ, упэлъэшыщтмэ, мо хыормэ мыжъуакIэр зэрэзэрадзэжьэу, узтекIорэм угу тегъэпщах, уилъэгукIэтынэу зэхэгъэтакъу, зэбгырытэкъу.

Бжыхьэпэ тыгъэ плъыжьышхор Геленджик хытIолэ гъунэм зышъхьащытIысхьащтым зыгорэ къеджагъэ къыщыхъоу Хъан-Джэрые игупшысэмэ къахэужьыгъ. Ардэдэм янэжъырэ ежьырырэ пчыхьэшъхьэ тыгъэ къохьажьым якъэлапчъэ дэжь зэрэщеплъыщтыгъэхэр ынэгу къыкIэуцуагъ, «адыгэ тыгъэр адыгэ къушъхьэмэ акъотIысхьажьы» Къэнтат нанэм къызэрэриIощтыгъэр ыгу къэкIыжьэу бгъэм къыщыпиIонтIыкIыгъ.

А лъэныкъом щыIэр Тыркуер ары нахь, адыгэ къушъхьэхэр щыIэжьхэп...– Хъан-Джэрые игупшысэ хьылъэмэ джыри зы гумэкI ахигъэхъожьызэ, ихы нэпкъ рекIокI пидзэжьыгъ.– Хьау, хьау, ар сшъхьэ къизгъэхьанэп, сэ Вельяминовыр згъэпыикIэ, лые хэсымыхыщтмэ, сыфырикъунэп. Сыд пае имыщыкIагъэу, етIани сыурыс забытэу, адыгэ фэгъэкIуатэкIэ къызээзгъэплъын, армырми типачъыхьэшхо сызэрицIыф пэтызэ, ицыхьэ къыстелъэп. Мэфищым тиIофмэ къакIэупчIагъэп. Сэри, Вревскэри, Пэдысри, Тыгъанэри, Мыгурыкъом фэшъхьаф, тыризабытэу къыщэхъу. Зэ закъу ныIэп, Iоф зыримыгъэшIышъоу, «шъуиIофмэ сащыгъуаз» къызысиIогъагъэр. Мамыр зэзэгъыныгъэр зэриукъуагъэр фэсыдзынэу къыщэхъумэ, рэхьатэу щэрэс, ар шъхьаихыгъэкIэ зыпашъхьэ ислъхьащт пачъыхьэшхор Геленджик къэсыфэкIэ игугъу фэсшIы пакIо, фыхэзгъэпсынэп...

– Зиусхьан, чыжьащэу уIокIы.

Къылъыджагъэм Хъан-Джэрые зэригъэплъэкIыгъ:

– Шъыда, Мыгурыкъор, сызщыщмэ сякIужьынджэ огугъа?

– Тызщыщ зыфэпIуагъэхэр, зиусхьан, зэблэнхэ щыIэп.

– Орырэ сэрырэ, ротмистр, зыгъэрэхьат, ахэмэ шIуджи еджи тырящыкIэгъэжьэп...

Пчыхьэшъхьэ шхэгъу ужым Вельяминовым Хъан-Джэрые аригъэщагъ.

– Укъызфезгъэблэгъагъэр ары, полковник,– зыримыгъэукIыхьэу генералым къыIуагъ.

– Флигель-адъютант,– къызэреджагъэм нэмыкI цIэ лъагэ зэриIэм зэрэщикIухьагъэр гуригъэIожьэу, Хъан-Джэрые псынкIэу пигъэхъожьыгъ.

– Ары, ары, Урысые пачъыхьэшхом ифлигель-адъютант, хьарамыгъэкIэ къэзгъэнагъэп,– гукIэ щхыпцIызэ,

Вельяминовыми зыкъигъэтэрэзыжьыгъ, къыкIэлъыкIощт гущыIэр нахь къыфыкIигъэтхъыгъ: – Укъызфязгъэщагъэр ары, адыгэ пащэмэ джыри зэ заIумыгъакIэ хъущтэп.

– Сыд фэдэ IофкIэ, Ваше превосходительство?

– Урысые пачъыхьэшхор къызыщытхэхьащт мазэм Геленджик хы Iушъо хьанэ-гъунэм, мэфэ заул нэмыIэми, мамыр щытищыкIагъ. ТялъэIущтэп, афэдгъэпытэщт, тыкъешIу аIоу ялIыкIохэр пачъыхьэм къыпагъэгъокIхэмэ, типчъэ афыIухыгъэщт. Ау къыземызэгъыхэкIэ, мыщ къыIуатэкъогъэ дзэр зыфэдизыр унитIукIэ плъэгъугъэ, ежьыхэри щыгъуазэх, ятщэлIэнышъ, яцIыкIуи яини, зы нэбгырэ къэмынэу, тедгъэстыкIыщт. Пачъыхьэм ыдзырэ лъэбэкъу пэпчъ къэтыухъумэщт, верст щэкIыкIэ тиIэгъоблагъо къызэримыхьашъуъщтхэр зэхарэшIыкI. Джа мэз хъураим хэт чъыг пэпчъ, зы бэдзэ цэкъали бламыгъэбыбыкIынэу, тидзэкIолIхэр ащыплъырыщтых. Ар зы Iофэу пшъэ къисэлъхьэ. Джы къыоcIощтыр фэшъхьаф. Адыгэ мамырыр сыукъуагъэу пIоу зэхэсхыжьыгъэшъ, заом хыемысэр зэримыкIасэр сэ зэрэсшIэрэм фэдэу ори зэрэпшIэрэр, зыплъыхьэкIо-гъэпсэфакIо мыщ тыкъызэрэмыкIуагъэри угу къэсэгъэкIыжьы. Арышъ, хые-мысэм ащ нахьрэ тытегущыIэжьрэп.

– Тхьэуегъэпсэу, Алексей Александрович,– ыгукIэ зэрэщхыпцIырэр Хъан-Джэрые къызхимыгъэщэу Вельяминовым ыцIэ къыриIуагъ,– спэкIэкIыгъэ зэуищыр сыгу къызэрэбгъэкIыжьыгъэр... Хыери мысэри зыщызэхэтфыщтыр тапэкIэ къэт... НепэкIэ тырыгущыIэжьынэп. МыдырэмкIэ, пачъыхьэм икъэкIон, иухъумэн зыфэпIуагъэхэр, тэ тизакъоп, адыгэхэмкIи Iофышху, тязаоми, ягугъапIэхэр джа мафэм рахьылIэх, цIыфыгъэ къызэрэзыхагъэфэщтым сицыхьэ телъ. Адыгэ шъолъырым сыкъызфагъэкIогъэ Iофыгъом спшъэ къиплъхьагъэр хахьэрэп. Уизабыт нахьыкIэ горэм ар егбгъэшIэн плъэкIыщтыгъэми, зэ мамырым кIэдэугъэр ятIонэрэм кIэдэужьыныр, етIани зыукъуагъэмэ уащыщы зыхъукIэ, зэрэемыкIур къызгурыIозэ, укъысщэгугъышъ, сипачъыхьэшхо ихьатыркIэ пфэзгъэцэкIэн. Сыдигъу типачъыхьэшхо къызытхэхьащтыр?

– Ар Тхьэм фэшъхьаф ышIэрэп...– Пачъыхьэр къызысыщт мафэр, сыхьатым нэсыжьэу, Вельяминовым ышIэзэ, ыушъэфыгъ, етIанэ, цыхьэ къыфишIыжьыгъэ фэдэу, къыпигъэхъожьыгъ: – Мы мазэм блэкIынэп сэIо.



## VII

Урысые пачъыхьэшхор къызщысыщт мафэм нэбгырэ зытIущ нахь щымыгъозагъэми, хымрэ адыгэхэмрэ афэшъхьаф, зэкIэри фэхьазырыгъ.

Пачъыхьэр Геленджик къынэсынкIэ мафэ иIэжьэу, сентябрэм и 21-м 1837-рэ илъэсым ищэджэгъоуж дунаир фэбагъэми, шы илъыгъо заулэкIэ хым пэчыжьэ темыркъокIыпIэ къушъхьэ шыгум борэн жьыбгъэ лъэшым ошIэ-дэмышIэу зыкъыридзыхыгъ: мэхьапщэ, мэщэIу, къыпэкIафэрэр реуты, зэхегъэтакъо, зышъхьащылъэдэгъэ хытIуалэр зэIешIэ, къырегъэжъукIы, хыормэ арэджэгу, дедзыех, къыредзыхыжьых, ишъуи макъэ къуладжэр къегъаджэ, зышъхьапэхэр зэфищэрэ чъыгмэ ашъхьащыбыукIызэ, джыри нахь кIочIэ лъэшкIэ къушъхьэ тхыцIэмэ затыредзэжьы.

Пчыхьэ ехъулIэу борэн жьыбгъэр ошIэ-дэмышIэу къызэрежьагъэу уцужьы ихэбзагъэми, дунаир зэлъигъэкъутэжьэу кIэлъэшыкIы, быяужьын нэшанэ гори къызхигъафэрэп. Геленджик тIокIэ бгъузэм дунаир щэкъутэжьми, дзэкIолIхэм, забытхэм якъулыкъу агъэцакIэ, зызымышIэжьырэ жьыбгъэм пэIутых: чэтэн пщыпIэхэр зыIыгъ кIапсэхэр агъэпытэх, гъомылэпхъэ, Iэшэ чIыунэхэр къаухъумэх, къэзэкъ пэпчъ яшхэр зэращэлIэжьыгъэхэу шхоIукIэ аIыгъых, щынэгъо чIыпIэ ифагъэхэми, гукIодыгъо зыхэмылъ забыт макъэмэ дзэкIолIхэр агъэIорышIэх, а жьыбгъэ къилъыгъомэ зэпатхъырэ яхъонэ-зэрэгъэщх къутафэхэри жьым зэрехьэх.

Унэм зэрифэжьэу дзэ шъуашэр зыщызыдзыжьы зихэбзэгъэ Вельяминов генералыр зэрэфэпагъэу, икIэрахъуи, икъами, исэшхуи голъхэу ипэIо тIурыси щыгъэпытыхьагъэу хытIуалэмкIэ гъэзэгъэ шъхьаныгъупчъэм кIэрыт. Сыхьат зытIу блэкIыгъэм зэпымыу унашъо зыфишIыгъэ забытмэ джы агъэгумэкIыжьырэп. Джыдэдэм дзэм къехъулIэрэми къехъулIэщтми пылъыжьэп, ахэр чIым хэгъэпытыхьагъэх, хыоебдзэжьым хым тыриубытэгъэ Урысые пачъыхьэшхор ары игугъур.

«Тинасып непэ пачъыхьэм икъухьэ къызэрэмысыгъэр, унэшIу къытщыфагъ, тыкъызэхэпшIыкIыгъ,– чылыс кIоным, динзехьаным ащ фэдэу Вельяминовыр фэмыкIэщыгъуагъэми, тхьэ елъэIугъ, къащ къыхьыгъ, ичыристан дыухьэ

къыхьы пэтзэ, адыгэмэ Ябыслъымэныгъэ етІани ыгу къимыхьан ылъэкІыгъэп: – Ябасурман Алахьи япегъэмбархэри къытэбгъыхэу къычІэкІын… Пачъыхьэр къызысыщт мафэр флигель-адъютантым зэресымыІуагъэм пае игунахь къыстефагъэмэ шІэ? – Пэшхо пакІэм ІапэкІэ еожьзэ, генералыр щхыпцІыгъэ.– Узымыгъэпэщтмэ зябгъэгъэпэн нахьи, уилъэпкъэгъу Іэлхэр бгъэІэсагъэхэмэ нахьышІугъ. КъохьапІэмкІи, къокІыпІэмкІи, темырымкІи, къыблэмкІи тиІашэрэ тилІыгъэрэ зэдгъэлъэгъугъэ хэгъэгу пэпчъ къедгъэуцолІагъэ пэтызэ, хабзэ зимыІэмэ гущыІэ акІэрытхын тлъэкІырэп. Мы флигель-адъютант тэмэтелъ гъэпщыгъэр ары къыздикІыгъэр сымышІэрэр… ЗышІодэеп, зышІоцІыкІоп, тыкъегъэсэжьы. Зыщыщмэ яжъалымагъэ ахимылъэгъожьэу тэ тыдзырэ лъэбэкъу пэпчъ шІожъалымэу къелъытэ. Фай тэ ышъхьагъ титэу ежь пачъыхьэ зафишІыным… ЕтІанэ?… Сенэгуе зыфаер фапшІэмэ плъэкІапІэ кІиутыжьынкІэ. Пшысэ-тхыдэхэр ыугъоинхэ нахьи, пачъыхьэм къыфишІыгъэ пшъэрылъыр ерэгъэцакІ… Жьыбгъэр мэуцужьы фэд… Ары, ары, ишъуи макъэрэ ихьэпщэ-гырзырэ къакІечы. Неущ, пачъыхьэр хытІуалэм зыдэтлъэгъощт мафэм, си Тхьэ лъапІ, тыкъызэхэшІыкІи, уидунай бжыхьэ шъабэ шІукІэ тыхэгъаплъ, тихьакІи мафэ къытфэшІ…» – Вельяминовым зэпимыгъэоу щэ едзыгъо къащ джыри къыхьыгъ.

КъыкІэлъыкІогъэ мафэм, сентябрэм и 22-м, жьыбгъэр мыуцужьыгъэ дэдагъэми, тыгъосэрэм елъытыгъэмэ, уезэгъынэу щытыгъ. Борэн жьыбгъэм тыгъуасэ Геленджик тІуакІэ дишІыхьагъэр дзэм ыкІуачІэ къызэрихьэу диукъэбзыкІыгъ. Дунай бэдзэжьым къыкІэзыжьыгъэ дзэкІолІи, забыти, пачъыхьэр къызэрэкІощтыр непэкІэ шъхьаих зыфашІыгъэмэ янэплъэгъу хытІолІэ мыгупсэфыгъапэм тырахыщтыгъэп. Ау пачъыхьэм икъухьэ пчэдыжьми щэджагъоми къэлъэгъуагъэп. Щэджэгъоужмэ адэжь гумэкІ мыухыжьым хэзгъэтыщтыгъэхэ жьыбгъэм джыри нахь къыкІэлъэшыкІэу зыщиублэщтым, Урысые пачъыхьэшхом икъухьитІу чыжьэкІэ къэлъэгъуагъ[1]. Хъан-Джэрые игъусэ быслъымэнхэм анэмыкІэу чыристан пстэуми агу жьы рыдагъэкІэу къащ къахьыгъ, ошІэ-дэмышІэу «ура» макъэу зыкъэзыпхъотагъэм тыгъосэрэ борэн жьыбгъэм нахь мымакІэу, Геленджик тІуакІэр заулэрэ зэтыригъэджэжьыгъ. Ар зэхэзыхыгъэ къухьэхэу жьыбгъэм ыгъэгузажъохэзэ хытІуалэм къыдахьэхэрэм ябыу макъи къапэджэжьыгъ.

[1] «…Щэджэгъоужым, сентябрэм и 22-м,— къетхыжьы Г. И. Филипсон,– Николай Павлович пачъыхьэмрэ игъусэхэмрэ зэрысхэ къухьитІур тлъэгъугъэ.

КъинмыгъуаекІэ Геленджик ихы нэпкъ пачъыхьэр къытехьагъ. Ащ игъусагъэх кІэнзехьэ фэхъущт ыкъоу, пщышхоу Александр, Орлов графыр, Меньшиков пщыр, нэмыкІыбэхэри… Пачъыхьэр зэрыс унэмрэ гынылъэ чІыунэмрэ апэблагъэу машІом зыкъыщиштагъэти, чэщ гупсэф рахыгъэкІэ сыгугъэрэп, такъикъ пэпчъ гыныр къэоным ищынагъо щыІагъ. Пачъыхьэр агъэдаІуи, ежь къызэрэщыхъущтыгъэм нахь пасэу пытапІэм дэкІын лагерым кІон фаеу хъугъэ.

Забытхэри, дзэкІолІхэри зэрищыкІагъэу Іэшэ-шъуашэкІэ тырагъэпсыхьанэу Вельяминовым афигъэпытагъ… Хы ШІуцІэ къэзэкъхэм ялъэс дзиплІ ухъумакІохэу агъэуцугъ. Жьыбгъэм анэІухэр фэгъэзагъэхэу дзэхэр зы сатыр занкІэу зэхагъэуцогъагъэх. Пачъыхьэр къызыІохьэм, нахьыбэ дэдэмэ япаІохэр жьыбгъэм ыхьыгъэх. «Ура» аІозэ, зэкІэри куощтыгъэ, ажэ зэкІэхыгъэмэ пшахъор, сапэр, мыжъокІэ жъгъэихэр жьыбгъэм адилъасэщтыгъэ.

Шыоу дзэр зэпэкІигъэкІын зэримылъэкІыщтыр пачъыхьэм къыгурыІуи епсыхыгъ, тэри джа дэдэр тшІагъэ. Дзэм зыкъигъэлъэгъонэу хъугъэп. Ахэр зыдэхьажьыгъэ лагерым дэтыгъэ щыбылыкъхэр къалмэкъ унэ цІыкІуитІурэ Вельяминовым ищыбылыкъырэ афэшъхьафрэ, жьыбгъэм ыцунтхъэгъагъэх. Пачъыхьэр щыбылыкъым чІахьи, щай зешъом, дзэкІолІхэр къаугъоинхэу унашъо афишІыгъ. Апэрэу ипачъыхьэ зылъэгъурэ дзэм гущыІэ дахэ риІо шІоигъуагъ. Бгъу пстэуми къарыкІыхэти, агъэнэфэгъэ чІыпІэм дзэкІолІхэр ечъалІэщтыгъэх: зым дзэ шъуашэ щыгъыгъ, адырэм – шинелыр, адырэри мыдырэри зыщымыгъхэри ахэтыгъэх. Пачъыхьэмрэ икІэнзехьэрэ зэрыт пчэгум дзэкІолІхэр къеуцокІыгъэх, пчэгу кІоцІым забыт заули итыгъ. Пачъыхьэм лъэбэкъуитІукІэ сэ сыкІэрытыгъ. Линген генерал-майорыр къызготыгъ… Тэ дгъэхьазырыгъэ тхылъым пачъыхьэр яджэгъагъэн фае, Линген къеупчІыгъ: «Іэщэуц, Лъэкъофыжь темэнхэр тыдыкІэ щыІэха?» Линген лІыжъым ахэр зэхихыгъагъэхэп. Сэ сыгуІэзэ, темэнхэр темыр къушьхьэ лъапэмкІэ зэрэщыІэхэр есІуагъ, цІыфхэм къахахъощтыгъэ, ау жьыбгъэ лъэшым уигъэгущыІэщтгъэп. Чъыг чІэгъым чІэтэу пачъыхьэр къэупчІагъ: «Тэ щыІа шъуи Забугэ Конон?» Ар Къэбэртэе полкым изабыты нахьыкІагъ, бэмышІэу лІыгъэ зэрихьагъэти, хэдгъэунэфыкІыгъагъ. Пачъыхьэм иупчІэ иджэуапэу, ышъхьагъ мэкъэ лъэш къыщыІугъ: «Мыщ сыщыІ, Ваше Императорское Величество». Пачъыхьэм ащ унашъо чъыгым къехынэу фишІыгъ, къызепкІэхым, пачъыхьэр ащ ышъхьэ ебэуи, риІуагъ: «Щытхъу хэлъэу къулыкъур зэрахьырэм пай джар уиныбджэгъумэ сфятыжь». Забугэ зыридзыхи, пачъыхьэм ылъакъо ебэугъ…

Гъунэгъу къушъхьэмэ адыгэхэр атетыгъэх, ащ фэдэ джы нэс зэрамылъэгъугъэр агъэшІагъоу къаплъэщтыгъэх. Тилагерь щынагъоу ахэмэ къащыхъун фэягъ. Ау тефэрэ зэфагъэри афэпІон фай: ащ фэдиз уахътэм, пачъыхьэр щэІэфэ, тагъэгумэкІыгъэп. ЗэдэгущыІэгъухэм къатын шІагъо щымыІагъэми, шІухьафтын баихэр яІэхэу лІыкІомэ зэрагъэзэжьыщтыр ашІэми, лъэпкъымэ япащэхэм сыд фэдэ лІыкІуи къагъэкІуагъэп…

Пчыхьэм жьыбгъэр Іэсэжьы фежьагъ. Пачъыхьэм чэщыр къухьэм щырихыгъ, пчэдыжьым, Поти дырикІуи, Тифлис кІуагъэ…»

Елбэтк1э пачъыхьэмрэ игъусэхэмрэ къызэрагъэт1ысхьэгъэ къуашъохэмрэ гъомылапхъэхэр зэрылъыхэмрэ хы нэпкъым къызэк1ухэм, къухьит1ур псынк1эу хыгумк1э 1усык1ыжьыгъ.

– Тэщ фэдэу адыгэч1ыр шъори къышъуфэш1уба, генерал? Шъо адыгэмэ шъуязаомэ, тэ сыд тилажь? – Гужъ хэмылъэу, сэмэркъэу ч1эгъ-ч1элъ т1эк1у хэдзагъэу пачъыхьэр щхыпц1ыгъэ, Вельяминовым къеупч1ыгъ, ифлигельадъютант къыпэгъок1ыгъэмэ ахэтэу зелъэгъум, ыгу фэмышlу дэдагъэми, къызхигъэщыгъэп: – Ора, Хъан-Джэрый? – Ыблыпкъ ыубыти, пачъыхьэм исэмэгубгъук1э гот Вельяминовым гущтэ т1эк1у хыригъэхэу зыдырищэжьагъ,– сигуапэ уиадыгэч1 тызэрэщызэ1ук1агъэр. Ащ нахьи нахь тигопэщт адыгэ пащэхэр, 1ашэр зыщагъэгъупшэу, къытэш1ухэмэ, тихэгъэгу ц1ыф зыкъаш1ымэ. Тэ адыгэ къушъхьэч1эсмэ абзи, ядини, яхэбзэ-шэни атетхыщтэп, ядунэе гъэсэныгъэ-къэбзэныгъэ, ыпэк1э лъык1отэгъэ тэщ фэдэ ц1ыф лъэпкъмэ ящысэ тырядгъэхыщт... Моу шъуеплъэлъ адыгэ дунэе 1элыр зэрэдахэм, къушъхьэк1э, мэзк1э, хык1э зэрэдахэм! Тэ ет1ани Ницца, Швейцария, Альп, Италия т1озэ, танэ1у к1этыр тымылъэгъужьэу зыгорэм техъуапсэ... Тэрэзба, Алексей Александрович?

– Ары, Урысые хэгъэгушхом ипачъыхьэшху! – Вельяминовыми къыдыригъэштагъ.– Джа уигупшысэ 1ушмэ, зафэмэ тэри мыщ тыщагъэ1э. Мо къушъхьэ шыгуфмэ ак1ыбык1э верст мин пчъагъэк1э зэпэ1ук1отэу, ч1ыгу гъэбэжъухэр щы1эх.

– Зыплъыхь, угу иубыт, сик1энлъы1эс,– ыкъо цесаревичым ри1озэ, пачъыхьэм игущы1э педзэжьы,– мыхэр тэ Тхьэм къытитыгъэх, къытфигъэшъошагъэх, сифлигельадъютант Хъан-Джэрыий ащк1э сишыхьат. Тэ мыщ зэок1о-техак1о тыкъэк1уагъэп, къытэш1урэр тиш1у, къытэмыш1урэр типыи. Егъаш1эм Урысые хэгъэгур зыщы1эм щегъэжьагъэу къытпыщыт Тыркуем тыпэуцужьыным пае мы хыри, мы къушъхьэхэри тищык1агъэх, арынчъэу типый басурманхэр т1эжэн тлъэк1ыщтхэп. Тэ щы1эха уиадыгэхэр, Хъан-Джэрый, мо тхышъхьэмэ ащызэпэ1утхэр ара?

– Хьау, Урысые хэгъэгум ипачъыхьэшху,– Хъан-Джэрые ыч1ып1эк1э Вельяминовым джэуап къытыжьыгъ,– ахэр уич1ыгу гъунапкъэхэр къэзгъэгъунэрэ къэзэкъых.



– Мощ фэдиз ч1ыгури хы гъогури къызыфызэпысчыгъэ адыгэхэр тэ щы1эх? – Пачъыхьэм ымакъэ нахь къыхэпытык1ызэ, джыри къызэтеуцуагъ.

– Къэзэкъмэ ак1ыбк1э, Урысые хэгъэгум ипачъыхьэшху,– Вельяминовыр Хъан-Джэрые фыреплъэк1ыгъ,– мо тхышъхьэ зандэм тет ц1ыфхэр, пэ1о пырацэхэр арых.

– Сыдигъо адыгэ л1ык1омэ са1ужъугъэк1эщт?

– Нычэпэ к1эмыгъожьхэмэ, неущ сыхьатыр пш1ык1ут1ум ш1омык1эу къэсынхэу тызэзэгъыгъ,– джыри Вельяминовым къы1уагъ.

– П1эльэ дэгъу афэжъугъэуцугъ, ащ нэс дзэми зы1узгъэк1эн, сидзэк1о л1ыхъужъмэ ш1уфэс ясхын,– пачъыхьэм къы1уи, к1эгупшысыхьажь упч1э къытыжьыгъ: – Адыгэмэ ягущы1э агъэшъыпкъэжьрэба?

– Ащ фэдэ шэн джы нэс къахэфагъэп, Урысые хэгъэгум ипачъыхьэшху,– джы Хъан-Джэрые къэгузэжъуагъ, ет1анэ зэпыугъо мак1эк1э къыпигъэхъожьыгъ: – Алексей Александрович дзэпащэм адыгэмэ зэдемыгъэштэныгъэ загъорэ зэрахилъагъорэр арыщтын зыфи1орэр...

– Адыгэмэ зэдемыгъаштэ ахэлъмэ,– зэригуапэр къыхэщэу пачъыхьэр щхыпц1ыгъэ,– тэрк1э дэгъу нахь, дэеп. Ащ фэдэ дагъо я1эмэ Бенкендорф графым, Александр Христофоровичым, зэри1оу, нахьыбэрэ ак1эк1эшъудз, зэрэжъугъэшхыжьхэ къэси, ти1оф къик1ыщт. Къэк1ощтых, к1эгъожьыщтхэп, ахэмэ хым тетмэ псы зэрящык1агъэу сэ сырящык1агъ. Къак1охэмэ, ц1ыфыгъэ ятхын, тадэгущы1эн. Къэмык1охэмэ, къафэтщэгъэ пачъыхьэ ш1ухьафтын лъап1эхэр зыфэтщэин Кавказым идгъотэн, тыдэк1э зыбгъэзагъэми, узэлъэпэон зак1... Жьыбгъэр пчыхьэм уцужьын т1огъагъэ шъхьак1э, нычэпэ нахь зимыгъэлъэшыгъот. Чэщ рэхьат шъогъот, зиусхьанхэр. Тэ, Алексей Александрович дзэ пащэмрэ сэрырэ, тизакъоу тызэдэгущы1энэу сыфай. Джыри неущ мэфэ псау къытпыщылъ.

Хъан-Джэрые пачъыхьэм гущы1эгъук1э зыфыримыгъэблэгъагъэр ыгу къеоми, аущтэу зык1эхъурэм егуцафэзэ, къызхимыгъэщэу зыхэтмэ къахэк1ыжьи, гупшысэ зэфэшъхьафмэ зэрадзэу унэм къэк1ожьыгъ. «Цыхьэ къысфаш1ыжьырэп... Сырящык1эгъэжьэп... Сыд фэдэрэ мафэра, ч1ып1эра сызхэукъуагъэр? Сэра ежьыхэр ара?...» – Зэупч1ыжьмэ зэгупшысэжьызэ, мэфэ хьылъэм хэпшъыхьэгъэ гур рэхьатыжьыгъо римыгъафэу, чэщыбг блэк1ыгъэм ерагъэу хэчъыягъ.

Нэфшъэгъо пасэм пчъэ тео мэкъэшхом Хъан-Джэрые къызщигъэлъэтыгъ. КIэрэхъо къихыгъэр ыIэдакъэу шъхьаныгъупчъэм зыIолъадэм, пачъыхьэр зэрылъ унэм пэмычыжьэ Iэшэ гъэтIылъыпIэм дэжь мэшIошхом ибзыйхэр жьыбгъэм зэрихьэхэу ылъэгъугъ. МэшIогъэкIуасэмэ, щэ-гынзехьэмэ Хъан-Джэрые захэлъадэм, шъхьэм къыфечъэгъэгъэ гуцафэр, адыгэ Iоф машIом зэрэхэмылъыр къыгурыIуагъэу, пачъыхьэр ошIэ-дэмышIэу тхьамыкIагъом зэрэпэIуищыщтым ыуж ихьагъ.

МашIор агъэкIуасэ зэхъуми, дзэм зызыIуигъэкIэгъэ сыхьатми, дзэкIолI купмэ шъхьафэу заIокIэми, Хъан-Джэрые фэшъошэ IэнатIэмкIэ пачъыхьэм зыпигъэчыжьэщтыгъэп шъхьакIэ, зэдэгущыIэнхэ хэгъэкIи, янэплъэгъу зэтефэщтыгъэп. Тыгъуасэ нахьи непэ пачъыхьэм ичъыIагъэ къызхэкIырэр сымышIэу щытэп, Хъан-Джэрые еIо. ИIоф къикIынэу ышIэмэ Вельяминовыр къыоплъыщтэп. Тыгъоспчыхьэ дэгъоу пачъыхьэ пашъхьэм ыгу къыщытыригъэпщэхагъэу къычIэкIын. Ары шъхьакIэ, мыщ сыкъызфигъэкIогъэ Iофым пачъыхьэр къыкIэупчIэн фаеба? Сэ сизакъоп, Вревскэми ар зыфихьын ышIэрэп. Чэщыр кIыхьэ, ащ къыдэгущыIэгъэнкIи мэхъу. Ащ фэдэ щыIагъэмэ, Пэдыс Мэмэтчэрые сшIуиушъэфыщтэп, зытырымыгъэплъэхъукIынэу Къудайнэтми фэзгъэпытэгъагъ. ЕтIани адыгэ лIыкIохэр къэсынхэкIэ сыхьат нахь къэнэжьыгъэп, зызэрафишIыщт, зыкъызэрэфашIыщтым фэгъахьыгъэу тызэдигъэгущыIэмэ хъущтба. Ахэр къытэшIухэрэп шъхьакIэ, уасэ зыфэзышIыжьырэ лъэпкъым илIыкIощтых. Зымафэ къызэрэтэдэогъагъэхэу, къэмыкIохэмэ? Ар ашIэнэп!.. АшIэмэ, хэукъоных. Мэрчанэ зэриIощтыгъэу, анахь уипыими ынэ укIаплъэмэ, гъунджэшъ, ори зиплъэгъощт, ежьыри узэхишIэщт.

Николай пачъыхьэр джыбэ сыхьатым еплъыгъ:

– ЗэIукIэгъу пIалъэр такъикъитфыкIэ блэкIыгъ,– хэшэнычъыкIэу сыхьатыр зэтыригъэпкIэжьыгъ,– туземцэмэ сэри, сихэгъэгуи уасэ къытфашIыгъэп. Такъикъитфэп, сыхьатитф пэшIорыгъэшъкIэ ахэр сипчъэIупэ Iутынхэ фэягъэх! – ЕтIанэ ыпашъхьэ исмэ ашIолIыкIы пIонэу, зыкъишIэжьэу щхыпцIыгъэ, Хъан-Джэрые риIуагъ: – ЗэрэхъурэмкIэ, сифлигель-адъютант, ахэмэ ори, сэри тырящыкIагъэкIэ сыгугъэрэп. Ежьхэр кIэмыгъожьхэмэ, тэ тыкIэгъожьынэп, полковник.



– Джары, Урысые хэгъэгум ипачъыхьэшху,– зажэщтыгъэр зэхэзыхыгъэ Вельяминовым къыIуагъ,– мы лъэныкъом щыIэ шапсыгъэ, абдзэхэ, убых адыгэмэ цыхьэ закIыфэсымышIырэр. Тыркухэмрэ инджылызхэмрэ зыгъашIохэрэм пцIашIорэ кIуачIэрэ фэшъхьаф агурыIорэп.

– Ар тэIо шъхьакIэ, Ваше высокоблагородие,– Хъан-Джэрые фэмыщыIагъэр Вельяминовым риIоу, пачъыхьэм зэхыригъэхэу къыIуагъ,– зэо пцэшIощэ-топыщэ макъэм есагъэмэ нэмыкI макъэ зэрэзэхамыхыжьышъури зыщыдгъэгъупшэмэ, лъэныкъуитIури зэфэдэу зэпыщытыщт.

– Сифлигель-адъютант къыIорэм шъыпкъэ хэмылъэу щытэп, муары Вревскэ полковникми шъхьэгъэсыскIэ къыдырегъаштэ,– Урысые пачъыхьэм къыIуи, нахь шъэбэгъэтхьагъэпцIышъокIэ къыпигъэхъожьыгъ: – Ау «зэо» гущыIэм фэшъушIырэ мэхьанэм, зиусхьанхэр, шъутеIункIащэу къысщэхъу. Адыгэмэ къагурымыIорэр тэ мыщ зэо гухэлъкIэ тыкъызэрэмыкIуагъэр ары. Ныпчэдыжь тицIыфмэ ащыщ горэм шъэфкIэ макъэ къызэрэтигъэIугъэмкIэ,– пачъыхьэр Вельяминовым зэрэфырепл ъэкIыгъэмкIэ, ащ къызэрэпкъырыкIыгъэр нэфагъэ,– ежьмэ апэ заIусимыгъакIэу сидзэ лIыхъужъ сыкъызэрекIолIагъэр, сишIуфэс зэресхыгъэр агу рихьыгъэп. Сэри сыгу римыхьырэ Iаджи тиурыс хыIушъо къыщэхъу. Ау ащ къикIырэп мыщ щымымамырынэу. Ащ пай Хъан-Джэрые зипэщэ мамыр лIыкIохэри мыщ зыфитхэр, сэри мощ фэдиз зичыжьэгъэ чIыгури къызыфэскIугъэр. Ар адыгэмэ къызгурарэгъаIу, тэ зи къызтедгъанэрэп. Сэ, шъуинэрылъэгъу, шъусишыхьат, сяжагъ, сапэплъагъ, къэбарыр зэхэзыхыжьыщт дунайми ыгъэмысэнэп, Урысые императорым, ылъэкI къыгъэнагъэп. Шъо, симамыр лIыкIохэр, Владикавказ, Ставрополь зэIукIэгъуитIур мыщ фэмыдэу, нахь шъуегугъунэу къысщэхъу. Урысые хэгъэгум Кавказым щыриIэ мамыр еплъыкIэр зэкIэми апшъ, хэтырэ цIыф лъэпкъи сыд фэдэу зыкъышъуфишIыгъэми, ар зыщышъумыгъэгъупш. ЗыгорэкIэ тызэжагъэхэр кIэгупшысысыхьажьхэу, тыкъэгузэжъуагъ аIоу къыкъокIыкъохэмэ, шъуямыпэбжъау, модэ сикъухьэ къешъущалIэх, ежьхэм задэтэшъумыгъэшI. ХъяркIэ, зиусхьанхэр,– пачъыхьэм игумышIуныгъэ бгъэм диушъафэзэ, шIуфэс къарихыжьыгъ,– Тифлис тыкъикIыжьы хъумэ, джыри зэ Владикавказми Ставропольми, тхьэм ыIомэ, тыщызэIукIэн. О, Хъан-Джэрый, уилъэпкъэгъумэ угу

ямыгъабгъ, ахэмэ афэхъу-афэмыхъуми, зэгорэм зыкъядгъэшIэжьын.

«Сэщ фэдэхэу зигугъу пшIырэ адыгэхэр къызщымыгъэхъу...» — Хъан-Джэрые дунаим зыфэежь щымыIэу, къехъулIэрэмкIэ ышъхьэрэ ыгурэ зэбгъэжьэу къухьэм ращэлIэжьырэ пачъыхьэм кIэлъыплъэмэ, зыгъэкIотэжьырэ Вельяминовыми нэмыплъ фыриIэу зиумысыжьыгъ.

Пчэдыжьым гъогу зытехьажьхэм, илъэс тIокIырэ плIырэкIэ пачъыхьацIэр иIэу адыгэ шъолъырым къэкIощт Александр цесаревичым ятэ, Урысые пачъыхьэшхом, риIуагъ:

— Къызхэбгъэщырэп шъхьакIэ, Урысые хэгъэгум ипачъыхьэшху, угу шIоп.

— Сыгу шIоп, сикIэнзехь, къэпшIагъ,— Николай пачъыхьэм ынэ шхъонтIитIу хым тегъэдыкъагъэу къыIуагъ,— плъэгъугъэ черкес Iэлхэр къызэрэздэзекIуагъэхэр... Хэт ышIэра, аущтэу зэрашIыгъэм ежьхэмкIэ зэфагъэ хэлъынкIи мэхъу. Тыркухэр къытэтхьагъэпцIэкIыхь, инджылызхэм типыйхэр зыкъуащэх, ежьхэм язекIуакIэ зыдамышIэжьэу, тыдунэе зепхъуакIоу тарагъэлъэгъу. Тызэмыжагъэ горэ Кавказым, анахьэу IэшIэх къытфэхъунэу тызщыгугъыщтыгъэ Темыр Кавказым, къыщытэхъулIэ. Тыркуе, перс зэо IэшIэххэм тагъэшэхъугъэкIэ сенэгуе. ИлъэсипшIым къыкIоцI цIыфыби мылъкуби мыщ хьаулыеу изгъэкIодэгъэ Ермоловыр къызисэщэжьым, бэмэ агу къысэбгъэгъагъ шъхьакIэ, олъэгъу къытэхъулIэрэр. Илъэс зытIущ горэкIэ заор зыухынэу сызщыгугъыгъэ Паскевич графым илъэс пчъагъэ зыригъэкъудыигъ. Польшэ заор къыхэмыхьэгъагъэмэ...

— Ары шъхьакIэ,— кIэнзехьэр ятэ ыгъэашIощтыгъэ Паскевичым гоуцуагъэп,— Польшэр къызэшIугъэм илъэситф тешIагъ.

— Илъэситф заом ухэтынри макIэп... Тигенералмэ янахьыбэр жъы, Вельяминовым фэдэхэу онтэгъух, зыкIэмыIэжьых. Ашъхьэрэ ятэмэтелъхэмрэ зэрагъэлъэгэщтым нэмыкI къэрар яIэп. Мысагъэ зытелъ дзэкIолIмэ, анахьэу забытмэ, декабристмэ атесхыжьыщтышъ, алъэкъуацIэхэр къэгъэхьазырых зесэIом, зызэриудэгущтыгъэр угу къэгъэкIыжь. ЕтIани ащ сифлигель-адъютант адыгэ Iэлмэ пачъыхьэ зафишIын ихьисап еIошъ, къысфеубы... Ащ фэдэ гупшысэ къытэзаорэ черкесмэ ахаплъхьэ зэрэмыхъущтыр къызгурэIо,— кIэнзехьэм нэплъэгъу упчIэ къызэрэфидзыгъэм иджэуап псынкIэу пачъыхьэм къытыжьыгъ,— сифлигель-адъютант мыщ къызфэзгъэкIогъагъэр зэгорэм къыосIогъагъ, джыри къыосIон. Ар симамыр напэу черкесмэ къафэтыугупшысыгъ ныIэп. Черкес пачъыхьэ зышъуфэсшIыщт арерэмыIуи, ащкIэ ежьхэри дгъэбэлэрэгъхэмэ, дунаим ыжи рыткудэзэ, тиIоф зыпкъ идгъэуцофэ, мазэ нахьи терэмышI, илъэсныкъуи ерэкъудый, тадыщыIэщт.

Николай пачъыхьэм ыкъо икъухьэ Къырым лъэныкъомкIэ ригъэзгъази, ежь Поти фиузэнкIыгъ. Тифлис зэращэщтхэ каретэхэр, шыонэзэтелъхэр, зыухъумэщтхэр ащ къыщяжэщтыгъэхэми, ыгу зэрэмышIугъ, гушIогъуаби пыщылъыгъэп...[1]

Урысые хэгъэгум ипачъыхьэшхо Тифлис бэрэ дэсыгъэп, дэсынэуи ыгу къыриIощтыгъэп.

Октябрэм и 13-м, пчыхьэ кIасэ хъужьыгъэу, гъогу хьылъэм тепшъыхьажьыгъэу, Николай пачъыхьэр Владикавказ къэкIуагъ. КъыкIэлъыкIогъэ мафэм чэзыу-чэзыоу къумыкъу, чэчэн, бэлъкъар, къэбэртэе, осетин пщымэ, оркъмэ ялIыкIохэр ригъэблэгъагъэх.

Ежьхэм федэ зыхагъотэщт мамыр гущыIэр, зэрэгъэуIушыжьыгъэх пIонэу, апэ рагъэшъызэ, ашIоигъохэри къыдалъытэзэ, лъэпкъ лъэIу къаумэ пачъыхьэм ыпашъхьэ ралъхьагъ. ИмыемкIэ, къымылэжьыгъэмкIэ, ыкIуачIэ зытыримыгъэкIодагъэмкIэ сыда пачъыхьэр зыфэмыхьалэлыщтыр. «СIорэр жъугъэцакIи, фэкъолIхэр къежъугъэшIух, жъугъэдаIохи, шъукъызкIэлъэIугъэ пэпчъ сшIэгъахэкIэ шъулъытэ»,— ариIуагъ.

ЛъэныкъуитIумэ яли мыстэу яцаци мылыцIэу гущыIэ зэфагъотыгъ.

[1] «...Кавказ кIыб лъэныкъом зэрэщыIагъэм пачъыхьэр ыгъэрэзагъэп, гомыIу зэхашIи ыгу къыринагъ,— етхы Г. И. Филипсон,— Гъурдждзэр зыдэщыIэ Горийскэ хэкур зэпичызэ, апэ цIыф Iэлмэ ащыщкIэ ылъытэгъэ дзакIор мэзым хилъэгъуагъ. ДзэкIо цыерэ паIорэ угу къагъэкIэу, ащ щыгъыныжъхэр щыгъыгъ. Пачъыхьэр зеупчIым, илъэсищ хъугъэу дзэм ипащэ икъохэр зэригъэхъурэр, ащ ыпэкIэ илъэситфэ шIомыкI зыгъэхьазырхэрэм зэрахэтыгъэр дзакIом къыриIожьыгъ. Ащ лъэш дэдэу пачъыхьэр ыгъэгубжыгъ. Ащ ыпэкIэ къыраIогъэгъэн фай дзэм пэщэныгъэ дызэрехьэфэ полковникым, Дадьяныпщым мыхъомышIабэхэр къызэрэхафэрэр. Тифлис зынэсым, флигель-адъютант тэмэтелъхэр Дадьяны тырахынхэшъ иIоф судым ратынэу пачъыхьэм унашъо афишIыгъ... Мыхъун пстэумэ яшъхьэIулIэжьэу, Тифлис къыдэкIыжьи, къушъхьэм къехыжь зэхъум, пачъыхьэмрэ Орлов графымрэ зэрысыгъэхэ ку псынкIэр шымэ рахьыжьагъ, къэгъэзэпIэ кIэкIым щызэпыригъази, къушъхьэ цэкIэ еохыпIэм ыгъунэ дэжь пачъыхьэр тефагъ, ау къыщышIыгъэ щыIэп...»

Владикавказ пачъыхьэ-пщы-оркъ зэзэгъыныгъэм мэфищ нахь темышlагъэу ащ фэдэ зэlукlэгъу джыри Хъан-Джэрые октябрэм и 18-м Ставрополь щишlыгъ – бэслъыные, нэгъой, абэдзэ, къэрэщай, кlэмгуе пщы-оркъмэ ялlыкlохэр урыс пачъыхьэм lуигъэкlагъэх. Осетием щыlэгъэ зэlукlэгъум ари фэдагъ шъхьакlэ, къэгущыlэрэ пэпчъ, анахьэу адыгэмэ, дэуабэ яlагъ. Пачъыхьэм ыцlэ къырамыlуапэми, ичlыпlэ lофышlэхэр, дзэпащэхэр зэрэжъалымхэр, зэрэмысэхэр, цlыфмэ зыкъаlэтын фае зыкlэхъурэм ялажьэ зэрэхэлъыр къыфыхагъэпсыгъ, ежьхэр зыфаехэр абзэкlэ рахьылlэмэ зэхишlыкlынэу ащыщ гъэсагъэ горэ зэрашъхьащагъэуцон фаери шъхьаихыгъэу къыраlуагъ.

«Ахэр сищыпэзэхэхыхэп... Хъан-Джэрые, сифлигель-адъютант, Санкт-Петербург щыдгъэсагъэм, игупшысэх...– Урысые хэгъэгум ипачъыхьэшхо гукlэ еlоми, зеlажэ, зэхихырэр зэпегъэуцу, зэпещэчы,– мыхэр къитыдзэхэрэп, цlыфыкlэ тлъытэхэрэп шъхьакlэ, къаlорэмэ шъыпкъэ ахэлъ, тызфагъэпыин мыхъо-мышlабэ къыддашlэ, егъашlэм яягъэр тэтый тlозэ, тажэхэт. Етlанэ къытфаехэп тэlо... Зэ, зэ, сыд имыщыкlагъэ гукlэгъуа сшъхьэ къизгъахьэрэр?! Пачъыхьэ тахътэр жьалымыгъэрэ гукlэгъурэкlэ зэхэлъы хэта зыlуагъэр? Сятэ, Апэрэ Павлэм, рашlэгъагъэр... Джы къызнэсыгъэм, лlэшlэгъу плlанэм къехъу зытешlагъэр, афызэхэфыжьырэп. Урысые хэгъэгур пачъыхьагъушхон фае! Къытфэмыемэ, къытэмышlухэрэмэ гукlэгъу афэпшlын ищыкlагъэп, пачъыхьагъур агъэпытэ нахь, зэхатхъырэп. Шъхьащэгъашlо зыкъытфэзышlхэрэми ар зыщарэмыгъэгъупш, гупшысэр ахэзыдзагъэми зыдерэшlэжь!..»

Хы Мыутlэ lушъом Урысые пачъыхьэшхор lуащэжьы къухьэм зыщитlысхьажьыщтым, зэкlэми зэхаригъэхэу, Хъан-Джэрые къыриlуагъ:

– Уимамыр черкес lофмэ афэшъхьаф, флигель-адъютант, пшъхьэ имыгъэлъ. Ошlэ сэ зыфасlорэр...



## ЯПШIЭНЭРЭШЪХЬ

### I

Щымыlэжь цlыфым игугъу шlукlэ ашlы нахь, дэйкlэ тегущыlэхэрэп.

Дунаим ехыжьыгъэ Вельяминовым дэгъукlи, дэйкlи тегущыlэнэу Хъан-Джэрые фэягъэп. Зэмынэlуасэхэу, ау тхылъхэмкlэ зызэрэшlэщтыгъэхэм щегъэжьагъэу нахь благъэ зызэфэхъугъэхэм щыкlэкlыжьэу ежьыри, адыгэхэри къин хэзыгъэтыгъэ, пачъыхьэ пшъэрылъыр къыдэзымыгъэхъугъэ Вельяминовэу зыпсэ непэ-неущэу хэкlыщтым утегущыlэжьыныр ищыкlэгъэжьыгъэп. Ары шъхьакlэ, уигупшысэмэ уизакъоу уакъызыхэнэжьыкlэ, сыд пшlэн? Ахэмэ амыухыгъэрэ е амыгъэбыбыгъэрэ цlыф къэхъугъэп.

Урысые пачъыхьэм Петербург зегъэзэжьми, ащ ыуж къихьэгъэ илъэсым икlымафи Кавказым щиlыгъ дзэмэ япэщабэ зэблихъугъ, бгъэхэлъ лъапlэ зэритыгъэри макlэп. Розен бароныри, дзэ штабым иlэшъхьэтет Вадковскэри, гренадер дзэпащэ Фроловри, ащ игодзэ Фон-дер-Ховони, нэмыкlхэри lэнэтlэ зэфэшъхьафхэр къафигъотхи, Кавказым рищыжьыгъэх, полковник тэмэтелъхэр пачъыхьэм иунашъокlэ зытырахыгъэ Дадьяни дзэкlо къызэрыкlом нэс агъэцlыкlугъ. Вельяминов генерал-лейтенантри мысымэджэ хьылъагъэмэ, зэблихъункlи къэнэщтыгъэп. Кlымэфэ кlоцlым Кавказ дзэ шъхьафымрэ Гъурджым щыlэ дзэмрэ япэщэнэу Головин генерал-лейтенантыр, Темыр Кавказ щыlэ дзэм иштаб Троскин полковникыр иlэшъхьэтетэу афашlыгъэх, ахэмэ ауж кlэкlэу Раевскэ генерал-майорыр хы Шlуцlэ lушъом и 1-рэ дзэпащэу фагъэкlуагъ, Чэчэн, Дагъыстан лъэныкъомкlэ дзэ зэфэшъхьаф пащэхэр щызэблахъугъэх. Урысые пачъыхьэр Кавказ къызэкlо уж адыгэхэмкlэ заом имашlо джыри нахь лъэшэу зэрэзэкlэблагъэр зэкlэми анахь тхьамыкlэгъуагъ.

Цlыфым ищыlэныгъэ зэфэшъхьафэу зэхэлъы, ащыщэу зыкъыпфэзгъэзэщтыр къэшlэгъуае. Вельяминовыр иlэнатlэ lуащыщт, агъэтlысыжьыщт аlозэ, пачъыхьэм ынэшlу къыщыфи, налмэс-налкъутэкlэ гъэпкlэгъэ Александр Невскэ бгъэхэлъыр къыритыгъ, джэуап къыфэхъунэу врач цlэрыlоу Шеринг къыфигъэкlуагъ.

«Цlыфыр къин хэтмэ, сымаджэмэ, уишlуагъэ ебгъэкlыныр дэгъу,– Хъан-Джэрые сымэджаплъэ Вельяминовым дэжь зэрэкlогъагъэр инэплъэгъу къиуцожьыгъ.– Гушlуакlоп, узым зэришхырэм, бгъэхэлъ лъапlэр къызэрэратыгъэм паеп, сыд фэдэу тызэфыщтытыми, хэти ежь иакъыл къызэрихьэу зы lоф тызэдыпылъыгъ, зы lанэ тызэдыпэсыгъ. Адыгэ тхьамыкlагъор хэмылъыгъэмэ, бгъэхэлъымкlэ сыфэгушlони... Зэ, зэ!.. Нэмыкl цlыф лъэпкъмэ апае къыратыгъагъэмэ уфэгушlощтыгъ, ара? Сыдэу пшlыщт, сэ къысатыгъэхэми, зэо чlыпlэ хьылъабзэр гум къагъэкlыжьхэу, сарэгушхо... Сифлигель-адъютантыгъи, ситэмэтелъхэри, сщыгъ шъуашэри сыд къызхэкlыгъэхэр?.. Нанэрэ Мэрчанэрэ зэраlощтыгъэу, ежь ыпэ къыпамыкъагъэмэ, ащ фэдэкlэ нэмыкlмэ ягупшысэныр ыгу къэкlыныеп. Нэмыкlмэ шъхьакlо афэплъэгъуным ыпэкlэ о пшlэгъэ мыхъунымкlэ шъхьакlо зыфэлъэгъужьи, хэт иери зыфэдэр къыбгурыlощт...»

Гъэтхэ гужъуагъэм ижьыбгъэ кlэпщ Ставрополь тlуакlэр, къэлэ урам бгъузэхэр зэпечъыхьакlы, орзэшъхьэкъамылышъхьэ унэхэр зэlешlэжьых, псынэ къуаохэр егъэпцlэух, апышlэгъэ бэщхэр, пшъэхъухэр зэредзэх, ощхыцэ жъгъэйхэу къыхьырэмэ шъхьаныгъупчъэ апчым зыкъытырапхъэ, Хъан-Джэрые игумышlугъэ къыхэчъыхэрэм фэдэу, заlонтlэ-щантlэзэ, апчым ечъэхых.

«Осынчъэ кlымафэр щыlагъэми тымышlэу псынкlэу текlыгъ,– Хъан-Джэрые игупшысэхэр къышъхьарыожьыгъэх,– Вельяминовым ипсэхэх джыри мазэ горэмкlэ зырыгъэуклыхьэгъагъэмэ, адыгэхэмкlэ нахьышlугъ. Зигъэтхъэжьэу, зигъэшlожьэу Раевскэ генералыри Керчь е Феодосие яз дэсыщтыгъэ, шъхьащытхъужьыным дзэ министрэ Чернышевым ригъэунэхъулlэгъэ Троскиным джы къызнэсыгъэм ыжэ Ставрополь щызэтырилъхьэрэп, Куракин пщы лъэрыхьым имылъфыпхъу зэришъузыр, ащ идэхагъэ зыфэдэр, забытмэ ащегъэжьагъэу дзакlомэ, шыкуаомэ, гыкlэкlо-лъэкlэкlо бзылъфыгъэмэ ащыкlэкlыжьэу, зыфимыlотагъэ къалэм дэсыжьэпщтын... Дэгъу, нахьыбэрэ орэlорыжъоры, гъэтхэ цlынэми зерэукlыхь, адыгэ тхьамыкlэмэ ящыlэныгъэ зикъудыин, къызэтенэн... Гъэтхапэм лlэгъэ Вельяминовыри нахьыбэрэ джыхьнэмым щыгузэжъон...»



Шъхьэм къыфечъэгъэ гущыlэ мышlумэ Хъан-Джэрые гукlэ зыфагъэгубжыгъ. Жьыбгъэр къэушъэбыгъэми, ощх чъыlэм регъэхъу. Шъхьаныгъупчъэ кlыбрыгъэсэ епхыгъэри ишъхьафитынчъэ гъаекlэ кlэпцlэукlы.

Генералым игъашlэ зыщиухыщтым мэфэ заулэ иlэжьэу ыдэжь Хъан-Джэрые зэрэкlогъагъэр джыри ыгу къэкlыжьыгъ. Лlэныгъэ дахэ щыlэп, ау ащ фэдэ дунай ехыжьыкlэ умылъэгъумэ нахьышlу. Генералыр арымырми зыфэмыхьыжьэу пщэрыгъэ, ыlэпкъ-лъэпкъхэр зэфэдэкlэ псым ыгъэпщыгъагъ. Нэгу пщыгъэм ни, пи, lупшlи хэплъэгъожьыщтыгъэп. Псы бащэр пкъым загъорэ зыхэукlэ, нахь зыкъиштэжьыщтыгъэ. Джащ фэдэ мафэти сызтефэгъагъэр, шlуми еми умышlэнэу сигъэтlысызэ къызэрэсlущхыпцlэгъагъэр, мэзитlу тешlэжьыгъэми, синэплъэгъу хэт. «Жюль-блаз» тхылъым сыфеджэнэу, узыр шъхьащызгъэунэу къызысэлъэlум, тхьэпэ заулэ сыфеджагъэу, одыкlи-мыдыкlи щымыщэу, «адыгэхэмкlэ ори, сэри лажьэ тиlэп, силъапl...» Къызэрэсиlогъагъэр? Лlэным ыпэкlэ «гунахьышlагъэ уиlэмэ къыфигъэгъунэу попыр къыпфязгъэщэна» Ольшевскэ забытым зеlом, «сигунахьышlагъэхэмкlэ тхьэм селъэlужьыгъах, попым есшlэн щыlэп» къызэрэриlожьыгъагъэр? Игунахь къэсхьынэу сыфаеп, ау генералыр жъалымыгъ, дунаими хьэзабкlэ ехыжьыгъ. Ахэмэ афэдэ сыхъунэу сыфаеп, «Вельяминовыр зыдэкlожьыгъэм шlу щыш» етlани сфэlонэп. Ар сыгу исыубытагъ шъхьакlэ, генерал тэмэтелъ телъэу Вельяминов закъор ара адыгэ шъолъырым, Кавказым къихьагъэр, итыр? Ахэр зэкlэ зы чэткъуртэ тэмэ чlэгъ къыщыращыгъэх, зы набгъо, сэри сызэрахэтыжьэу, къикlыгъэх. Къариlуагъэм ышъхьэ тыригъэпытыхьажьыгъахэу, «уимамыр черкес lофмэ анэмыкl пшъхьэ имыгъэлъ» ыlуи, гъэрекlо бжыхьэ къухьэм етщэлlэжьыгъагъэм къысфидзыгъагъэр? Хьилагъэ адыгэ шъолъырым щызэряшъумыгъахьэщтыгъэмэ, бэшlагъэу мыщ мамыр илъынкlи хъущтыгъэ. Ащ фэдэ фыщтыкlэп, шъыпкъэныгъ, спсэ пфэзгъэтlылъын фыщтыкl сэ пфысиlагъэр!..

Хъан-Джэрые игупшысэ упчlэ-джэуапмэ къыкlагъэщтэжьэу шъхьэр къыпхъотагъ. Гур зэрэмэзахэу, пчыхьэ мэзахэри унэм къиуцуагъ, жьыбгъэр зэрэбыяугъэри, ощх къызэремыщхыжьыри, шъхьаныгъупчъэ кlыбрыгъэсэ шlодзагъэм «цlыргъ-щыргъ» зэримыlожьри зэхишlэрэп,

остыгъэри хигъэнэнэу фаеп. Чыристан чылыс одыджыныр къызэрэтеори, зэрэзэпэжъынчыжьыри зэхихыщтыгъэп. «Цыхьэ зыфэсымышӀыщтыгъэ Вревскэ барон закъор ары джырэкӀэ цӀыфэу къысфычӀэкӀыжьыгъэр,— Хъан-Джэрые игупшысэмэ апидзэжьыгъ,— Пэдысми, Тыгъанэми, ШэрэлӀыкъоми сыгу ябгъэрэп. Мыгурыкъо Пщыкъуий сыд епӀолӀэжьын, ари сэщ фэдэ гор, ыпэ къыпакъэфэ дунаим зыфытетыр къыгурыӀощтэп. Ӏофыр зэлъытыгъэр ежь цӀыфым ышъхьэ закъоп. Ар сэ къысфэгъэхьыгъэмэ, тхьаегъэпсэу, Павел Александрович Вревскэм сыкъызэхишӀыкӀыгъ. Адыгэхэр къызэрезгъэшӀущтхэм пае сӀорэмэ, сшӀэрэмэ уасэ къафамышӀыжьэу, Петербург афэстхырэмэ яфэшъошэ джэуап къырамытыжьэу къызыгурэӀом, къыскъоуцуагъ, мызэу-мытӀоу Чернышевым фэтхагъ, пачъыхьэми шӀомылӀыкӀэу ишӀошӀ риӀолӀагъ. Бенкендорф граф закъор ары зыфэмытхагъэр. Сэры мыхъугъэмэ, ащи фатхэщтыгъэ, сэ сыфэтхагъ, сетхьаусхылӀагъ, а зыр ары сыкъызэхэзышӀыкӀыщтыр, къыздеӀэщтыр сӀомэ сыгу илъ шъыпкъэр фисымыхызэ, къысэхъулӀэрэр гъэшӀэгъоны. Зэ моу Петербург згъэзэжьынэу фит сыкъызашӀыкӀэ, Александр Христофоровичыр ары ныӀэп сигукӀаехэр зэсхьылӀэнэу къэнэжьыгъэр. Тане, хэт Татьянэ фэшъхьаф гукӀи, псэкӀи нахь къыспэблагъэу Петербург щысиӀ? Сыд шъуӀуа ащ икъэбар? Неущ тхьэмэфитф хъущт итхыгъэ къызысӀэкӀэмыхьагъэр. Мыщ сыкъагъэкӀоным ыпэкӀэ, мазэ-мэзитӀу горэмкӀэ къэзгъэзэжьыщт зесэӀом, шӀэхэу илъэс хъущтышъ мыщ сызыщыӀэр, къысиӀогъагъэмэ Ӏэджыри сялъэпэожьэу къыхэкӀыгъ. Ары шъхьакӀэ, а зэманым сшъхьэ сыфитыгъэп, пшъэрылъ къысфашӀыгъэр сшӀодаушэу, хэшӀыкӀ зыфысимыӀэгъэ хьилэ гъогум сыкъытелъэдэгъагъ, джы сигъусагъэхэр зэкӀащэжьыгъэхэу, зызгъэзэжьыщтым сыфимытэу Ставрополь къэлэ шӀоижъ цӀыкӀум сыкъыдэнагъ...»

Пчъэ макъэм Хъан-Джэрые къыгъэлъэтагъ.

– Очъыя, зиусхьан? – Мэзахэм къыхэмыщырэ макъэр сакъэу къэупчӀагъ.

– Хьау, Исмахьил, моу тӀэкӀу пхъэнтӀэкӀум сыщышъхьаукъагъ ныӀэп. Уахътэр шъыдым нэсыгъ?

– Пчыхьэшъхьэ нэмаз шӀыгъо дэд, зиусхьан,– Къуданэт Исмахьилэ остыгъэр хигъэнагъ,– уиамдэз лэджэныпси уипчыхьэшъхьашхи хьазыр.

– О нэмаз пшӀыгъаха, Исмахьил? – Хъан-Джэрые ыгу шъабэ кӀэхъукӀэу упчӀагъэ.

– Сэ джыри игъо сифагъэп, зиусхьан.

– Ащыгъум амдэз тэгъаштэ,— шъхьэм къыфечъагъэр Хъан-Джэрые игуапэу къыӀуагъ,— тызэгогъэуцуи, нэмаз зэдэтэгъэшӀ.

– Аущтэу оӀомэ, зиусхьан,— Исмахьили зэхихыгъэм ыгу зыкъырыгъэӀэтыгъ,— сэ силэджэныпси хьазыр, джыдэд.

Нахьыжъыгъэ-нахьыкӀагъэр зыдаӀыгъэу Хъан-Джэрыерэ Исмахьилэрэ Алахьэм ыпашъхьэ иуцуагъэх. Хъан-Джэрые илъэӀу Исмахьилэ ием зэрэтекӀыщтыгъэр зы закъу: къыфадзыжьыщт емыкӀур, мысагъэр херэмыхи, дунаим зыфэежь тетэп!..

Нэмаз ужым Хъан-Джэрые Къуданэтыр Ӏанэм къыригъэблэгъагъ.

– Сэ Ӏэнэ Ӏаджми, зиусхьан, мы илъэсым сакъыбдыпэсыгъ, уишъэфи, уинафи сшӀоуушъэфыгъэп, сэ сыпщышъ, о уфэкъолӀышъ умыӀоу, тиадыгагъэ къызэрихьэу укъыздэзекӀуагъ, тхьэуегъэпсэу. Ау титэмэтелъхэр ттелъыфэхэ, къыбдызесхьэрэ дзэ къулыкъу хабзэм ар къыӀорэпышъ, ащкӀэ сыхэмыгъэукъу,— Къуданэтыр къэтӀысыгъэп.

– Пэдысымрэ Тыгъанэмрэ дэгъоу шъуагъэсагъ,— Хъан-Джэрые щхыпцӀыгъэ.

– Ахэри, ори, сэри, зиусхьан, дзэ къулыкъум тигъэсагъ.

– Адыгэ Ӏанэмэ такӀэрысы зэхъум, титэмэтелъхэр ттелъыгъэхэба?

– Урыс тэмэтелъ ттелъэу адыгэмэ тахэхьагъэу къэсшӀэжьырэп.

– ЕтӀани полуэскадроныр къытажэу оӀо о...

– Мы илъэсым адыгэ шъолъырым ислъэгъуагъэм, Шапсыгъэрэ Нэтыхъуаерэ щашӀагъэм ыуж, олахьэ сэри ащ сыфэмыкӀэщыгъожь... Сыд тшӀэн, тхьэлъанэ тшӀыгъахэ, тепцӀыжьына... Сыдигъу, зиусхьан, Бытырбыф зыдгъэзэжьыщтыр?

– Тшъхьэ тыфита?.. Ар дзэ министрэм, пачъыхьэм къызэраӀу.

– Бенкендорф иӀоф къытхэлъыжьба?

– Уфэзэщыгъа?

– Сыд ясэбгъэшӀэн, о къызэрэпӀоу сыпсэущт.

– Уитэмэтелъ зытехыжь сӀоми ара?

– Ар уитэмэтелъ елъытыгъэщт, зиусхьан,– Къуданэтым къыIуи, къеупчIыжьыгъ: – Мы къэзэкъ къэлэ шIоим джыри баIорэ тыдэсыщта?

– Тэ тишIэн тшIэгъахэ... Шъыд афэстхыгъэми, чIыпIэ дзэпащэмэ яупчIыжь, ашIоигъор шIэ аIозэ, джэуап тэрэз къысатыжьырэп. Ахэр, нахьыпэм фэдэу, пачъыхьэм е Чернышевым дэжь къекIыхэмэ Iофыгъа, зыщыщ сымышIэрэ къулыкъушIэ мылъэрыхьмэ ацIэкIэ къысфакIох. Вельяминовым ычIыпIэ рагъэхьэгъэ Грабберэ сэрырэ адыгэ Iофым фэгъэхьыгъэу зымафэ бэрэ тызэдэгущыIагъ, ыпашъхьэ фислъхьэгъэ тхыгъэмэ захаплъэм, нахь нэIуасэ зафэсшIыным фэшIыкIэ, Петербург бгъэзэжьынэу игъо хъугъэмэ сыфэтхэн, сишIошIи есхьылIэн, теплъын иунэшъоштым къысиIогъагъ. Ащ ыкъудыищт уахътэр зыфэдизыр хэт ышIэра? Мамыр Iофджэ нахьыбэрэ адыгэмэ тадагъэгущыIэ ашIоигъоштын. Николай Павлович Граббе пшъэрылъыкIэхэр,– Хъан-Джэрые щхыпцIыгъэ,– къысфигъэуцугъэх, абдзахэмэ апэIус мэхъошхэм, кIэмгуехэм, бэслъыныехэм тахэхьащт.

– Абадзэхэр?

– Абадзэхэри, нэгъойхэри, къэрэщаехэри тэ тхьыжьыных,– тхьагъэпцIыгъэ нэгукIэ Исмахьилэ фыреплъэкIыгъ,– уиадыгэ шъуашэмэ ахэупхъуахь, уиурыс тэмэтелъхэр нахь чыжьэIоу гъэтIылъых.

Унэм изакъоу Хъан-Джэрые къызенэжьым, ыIуагъэм хэгупшысыхьажьэу заулэрэ щысыгъ. Узэщы хъумэ, садэжькIэ къыкъокI Вельяминовым иадъютантыгъэ Филипсон къырииIогъагъ шъхьакIэ, зыми мыкIонэу рихъухьагъ.

«Сыда мохэмэ уахахьэкIэ,– Хъан-Джэрые ыIуагъ,– угу зыгъэузын нэмыкI зэхэпхыщтэп. Загъорэ сызэрэадыгэр зыщагъэгъупшэжьэу къытаIуалIэрэр макIэп. ЗымыдэкIэ, къызыхамыгъэщы фэдэми, гуцафэ къыпфашIы. Григорий Ивановичри Iоф хэфагъ, Кавказ дзэ корпус шъхьафымрэ хы ШIуцIэ Iушъо дзэмрэ япэщэ Граббе къызэрэфыщытыщтымрэ зыIэмычIэ илъ Раевскэм зэрэдэхъущтымрэ агъапэ. Ахэмэ сахигъэдэIон, сшъхьэ аригъэгъэбэгын имурадыгъ. СищыкIагъэхэп! Зэ моу Петербург сагъэкIожьыгъагъэмэ, мыщ щыслъэгъухэрэр сынэгу кIэмытыжьхэу, адыгэ тхьамыкIагъом тIэкIу нахь пэчыжьэ сыхъуни... Сыдэущтэу? Уадыгэу, арашIэрэм ущыгъуазэу уиадыгэгу сыдэущтэу мыузына! Хъулъфыгъэгум нахьи бзылъфыгъэгум нахь зэхашIэ иI. Уинасып, нан, зыдэбгъэзэжьыгъэм Алахьэм шIу ущешI, сынэхэмкIэ, сигукIаехэмкIэ адыгэ тхьамыкIагъом узэрэхэмыплъэжьырэр... ЗэхэшъошIа, тят, тятэжъ, тэ тызэрэгугъэщтыгъэу тиIофхэр, шъузгъапэщтыгъэ адыгэ Iофхэр къызэрэчIэмыкIыжьыгъэхэр?.. Шъхьэ закъор, ныбэр арэп Iофыр зэлъытыгъэр, лъэпкъым игупшысэу шъхьэм илъым дунаим утетыфэ уигъэгупсэфыщтэп... Къысфэжъугъэгъу, тинахьыжъхэр...– Хъан-Джэрые къызщылъэти, илъэснықъо пыкIыгъэм пыщагъэ зыфэхъугъэ ромым ешъуагъ, ау зэрэхэукъуагъэр зыдешIэжьым, бэшэрэбыр ыпашъхьэ ригъэкIотызэ, унэм чIэджыкIыгъ:

– Мыдэ, Исмахьил! ЧIэхыжь мыр, сиджацы нэмазджэ сыхигъэукъуагъ, блэстIупщын фаеу хъугъэ.

– Уемышъу, зиусхьан... Мыхэмэ къашIырэр хъущтэп!

Ром бэшэрэб уныкъугъэр Iэ тыку дысыкIэ Хъан-Джэрые IуигъэкIотыгъагъ шъхьакIэ, IэшIупсыр ыIэпкъ-лъэпкъымэ ахэткIухьагъ, ыгуи къыгъэушъэбыгъ, нахь гугъапIэ зыфыриIэ шIулъэгъу гупшысэ чыжьэм хыригъэлъэсагъ.

«КъысапIощтыгъэмэ, Таня, сяолIэжьыгъ,– инэплъэгъумэ къахэтэджыкIыгъэ бзылъфыгъэ нэгушIом Хъан-Джэрые ыгу къыгъэушкъоигъ,– сызщялъэпэуагъэхэри къыхэкIыгъэх. Мазэ-мэзитIу горэм нахьыбэ мыщ сыщамыIыгъыжьынэу сэгугъэ... СшIэрэп ныIа къысфыряхьисапыри. КъэошIэжьа, гъогу сыкъытехьан зэхъум, джащ фэдиз пIалъэкIэ къэзгъэзэжьынэу къыосIогъагъ. Сэ сагъэпцIагъ, ау о уибзылъфыгъэгу афэгъэпцIагъэп... УкъэмыкIу сIозэ, зэ-тIо узэрэсIэжагъэмкIэ угу къысэмыгъабгъ, шIу усымылъэгъукIэ, узэзгъэлъэгъу сшIомыигъокIэ арэп, дзэм сыхэмытыгъэмэ, сшъхьэ сыфитыгъэмэ, бэшIагъэ уадэжь сыкъызысыжьыщтыгъэр... Талъэныкъо къыщызгурыIуагъэхэри къыщызгурымыIуагъэхэри къыпфэстхын слъэкIыгъэмэ... ГушIуагъорэ гугъапIэрэ зэрымылъыжь талъэныкъо укъакIокIэ, сыд иплъэгъоштыр... ЕтIани икIэрыкIэу угу бгъэбырсырыжьэу. Непэ фэдэ Кавказыр арэп, Таня, сэ озгъэлъэгъу сшIоигъуагъэр. Ары шъхьакIэ, зэо машIор щымыIагъэмэ, тызэримыхьылIэныекIи мэхъу... Сыд сIорэр, сызэкIокIыгъа сэIо...» – Хъан-Джэрые щымысышъоу къызщылъэтыгъ, гужьыдэгъэкI ром бэшэрэбри Iанэм тетыжьыгъэп...

Гъэтхэ-гъэмэфэ зэблэкIыгъор Мэхъош щыдах.

Абдзэхэ къушъхьэ шыгуфхэр къыблэ-къохьэпIэ ошъогум къычIанэзэ, кIэмгуе тхышъхьэ мэз зэикIхэр Лэбэ Iушъокlэ IокIотых. АдыкIэ, Инджыдж ЦIыкIу, Инджыджышхо псыхъуашъхьэхэмкIэ Бэслъыные къыщежьэшъ, ибгышъхьэ мэз гъэхъунэхэмкIэ, тыгъэпс зэмышъогъухэмкIэ къангъэбылъ зэдешIэмэ, абэдзэ чылэхэр зыхатакъозэ, Мамрыкъо кIэй Мэхъош гъунапкъэм къеуалIэх.

ТхьэмэфитIум къехъу Хъан-Джэрыедыхэр къызэрытыгъэ КIэмгуе елъытыгъэмэ, яшыпэ зынамыгъэсыгъэрэ ежьхэр зыщемыпсыхыгъэ чылэрэ къызэрамынэгъэ Мэхъошыр гуIэтыпIэ-гупсэф. ХьэкIэ дэкIуатэхэр гъогу къэгъэзэгъум къохьажьхи бжъэпэ хъураим зыкъокIодэжьхэм, Бэслъыные кIорэ шыуитIумэ яшылъэмакъэ фэшъхьаф Мамрыкъо кIэй дэIукIыжьыщтыгъэп.

— Модэ плъэлъ, зиусхьан, пщэф гъощагъэ горэ чъыг шъхьапэмэ зэIэпахы.

— Пщэф ныкъо гори аIэпыкIыжьыгъэу, муары, огум ашIудэкIоежьы,— Хъан-Джэрые хэщэтыкIыгъ,— мощ фэдэ дунай дахэ зынэгу кIэтмэ шъыдэу хъумэ пшысэ зэхамылъхьан, орэд къамыIон, тхыдэIуатэ мыхъуных.

— Тыгъоспчыхьэрэ лIыжъ хьафизэ жэкIэфым, зиусхьан, сыдэу тхыдаби ышIэра, къебгъэIуагъа, уигъэтхыгъа! ЩыкIэпщынэм деозэ орэд къызэриIощтыгъэр? Олахьэ, зиусхьан, тебгъэгъэтхъэжьыгъэм, джы къызнэсыгъэм ымэкъэ гохь стхьакIумэ ит. Ащ фэдэ лIыжъ Iуш адыгэ шъолъырым тыкъызехьи, сыIукIагъэу къэсшIэжьырэп.

— Сэ къэсэшIэжьы,— Хъан-Джэрые къыIуагъ,— шапсыгъэ лIыжъ горэ... Ичати ижабзи зэдигъабзэзэ, гъэрекIо Пшъэдэ тхышъхьэ заом щыфэхыгъ. СиаталыкъыгъэМэрчани лIыжъ Iушыгъ, адыгэ гущыIэжъхэу, IурыIупчъэхэу ащ къысфиIуатэтгъэхэр... ТхьамыкIэр щыIэжьэп... ТызэбгъукIорэ Абдзахэ щыщ лIыжъ Iуш зытIущмэ ацIэ къысаIуагъ. Псаухэзэ, Петербург тымыгъэзэжьызэ, саIукIэгъагъэмэ дэгъугъэ...— Заулэрэ кIуагъэхэу, мэкъэ къефэхыгъэкIэ Хъан-Джэрые къыIуагъэмэ къапигъэхъожьыгъ: — Мэхъошым щымамыр, щыгупсэф тэIо шъхьаджэ, мэхъошхэми, еджэрыкъуаехэми, абдзахэхэми шIэхэу заор къанэсыщт.

Къуданэтыр ыгу къэкIыгъэр щымыгъупшэжьыным пае пIонэу къэгузэжъуагъ:

— Тыгъопчыхьи, кIэмгуе хьакIэщхэми, гъэрекIо гъэмафэ бжъэдыгъурэ шапсыгъэрэ ащыптхыгъэ купми сыд афыуихьисап, зиусхьан?

— Шъыд фыуихьисап пIуи? — Хъан-Джэрые кIэупчIэжьыгъ, етIанэ къызэрэригъэжьэщтым, гукъэо цыпэм лъымыхъужьэу, ежьщтыгъэ фэдэу къыIуагъ: — КъэошIэжьа пачъыхьэм сыблыпкъ къыубыти, Геленджик къызэрэщысэIушъэшъэгъагъэр? КъэошIэжьмэ, сыгу илъымэ апэ уакъыкIэупчIагъэшъ, пшIосыушъэфынэп, адыгэмэ джы нэс ямыIэгъэ хьарыфхэр къафэмыугупшыс, еджапIэхэри къафызэIупхынэу пшъхьэ къимыгъахь. КъурIаныри афызэбдзэкIынэуи уфемыжь къысиIогъагъ... Тижъыхэр егъэзыгъэкIи уз зэфэшъхьафхэмкIи, олъэгъу, дунаим ехыжьых, ахэмэ яIушыгъэ зыгорэм къытхыжьын фаеба?..

— Тэрэз, зиусхьан, тэрэз, къыбдесэгъаштэ, тижъ Iушмэ кIэнзехьэ ямыIэ хъущтэп. ЗэрэхъурэмкIэ, тызиухъумакIом ылъэкIмэ, цуитIу ахъун уц къыгъэкIыщтэп, тэ тыбзэмыIущт, ежьмэ орэд къаIощт... Зиусхьан, емыкIу къысфэмылъэгъущтмэ, джыри зы упчI. Алахьым сыкъызыпфихьыгъэ илъэситIум сыпкIэрэплъышъ, уцIыф гъэсагъ, уIуш, хьилымышхо пIэкIэлъ, узэрэфаеу урысыбзэм, арабыбзэм, тыркубзэм уарэгущыIэ, уарэтхэ, сыд пае адыгэмэ урямыпачъыхьащт о?

— Е зиунагъо бэгъон Къуданэт Исмахьил, шъыдэу непэ сыбгъатхъэра? — Хъан-Джэрые сэмэркъэу кууакIэр къебэкIэу иш къызэтырыгъэуцуагъ.— Адыгэ пэпчъ пачъыхьэ шыгъах, ахэмэ пачъыхьэ ящыкIэгъэжьа?! Мыдэ, ащ нахьи нахьышIу тэри, тишхэми тIэкIу зятэгъэгъэутхыпкI...— Лъэхъу псынкIэм хэт зиусхьаным къызэриIокIыгъ: — Тэ, адыгэмэ, бэшIагъэ типачъыхьагъо зытIэкIэкIыгъэр... Адыгэгур къызщыбырсырыгъэм тыгу къыкIиубытэнэу, адыгэ орэдыжъ горэ, ошIэмэ, къыхадз.

— Алахьым ыIомэ, боу сыадыг, сыд зыкIэсымышIэщтыр! — Къуданэт Исмахьилэ орэдыр къыхидзагъ: — «ТIопсапэ гущэми шыблэр щэгъуагъо, Жьыубгъо гущэми лъыпсыр щагъачъэ...» — Хъан-Джэрыий ыгучIэ къиIукIэу дыригъэштагъ.

## II

Жъуагъомэ яжъыукIэхэр зэфэдэп.
Ахэр зинэплъэгъу кIэт цIыфхэри зэтекIых.

Цlыфым лъытэныгъэрэ шlошъхъуныгъэрэ фэпшlыным охътабэ ищыкlагъ. Ар къызхэкlыгъэ лъэпкъым зэрэфыщытым, нэмыкl лъэпкъыхэм ыгукlи ыпсэкlи зэрафыщытым елъытыгъ.

Ащыгъум Хъан-Джэрые ищыlэныгъэ гугъапlэкlи, игупыкl шlушlагъэкlи, игукlэгъу псэукlэкlи хьаулыеу дунаим тет пфэlонэп. Султlан лlэкъо нахьыжъхэм, ежьыри зыфэшъыпкъэгъэхэ урыс лъэныкъом адыгэ упчlэ шъхьаихыгъэхэр къыфэтэджхэ зэхъум, ышъхьэкlэ зяутэкlым, зялъэпаом, къызаулэм, изыкъэшlэжь lэзэгъу фэхъущтым лъыхъоу фежьагъ. Ау уз пэпчъ, ежь къызэузырэ цlыфым ыпкъышъолырэ ищэlагъэрэ ялъытыгъэу, хъужьыкlэ зэфэшъхьафи иl.

Хъан-Джэрые илъэныкъо къыщиштэгъэ адыгэ узыр хэмыужъыныхьапэзэ, Петербург ыгъэзэжьы шlоигъуагъ, егъашlэм зыщигъэгъупшэжьынэу арыгъэп, зыщыщмэ ятхьамыкlагъо lэзэгъу фигъотмэ, ежьыри ахэри ригъэхъужьынэу апэ Бенкендорф графыр джэнджэшэгъу зыфигъэхъунышъ, етlанэ ащ ихьатыркlэ пачъыхьэм зэрэlукlэщтым, игукlаехэр зэрэфиlотэщтым, гъэрекlо бжыхьэ мыщ къызэкlом къыриlокlыгъагъэхэр зыщигъэгъупшэу, «тэрэз-тэрэзэу гущыlэгъу сыфагъэхъугъагъэмэ, адыгэ lофмэ язытет нахь щызгъэгъозэни, гурызгъэlони» ыlозэ нахьыпэм къызэрэпэгъокlыщтыгъэу, къызэхишlыкlынэу щэгугъы.

Генералмэ уащыгугъынэу щытэп, Хъан-Джэрые гукlэ ыlуагъ, етlанэ нахь къехьылъэкlэу зэгыижьыгъ, ахэмэ язакъоп, сэри сызэрахэтыжьэу зитэмэтелъ зыгъэлъэгэнхэм кlэхъопсыхэрэр арых. Урысые пачъыхьэшхор къызэкlом, гущыlэгъу тыфамыгъэхъоу, зиlоф хэлъи хэмылъи къешlэкlыгъагъ. Владикавказ тыщыдэгущыlэн тлъэкlыщтыгъэ шъхьакlэ, къумыкъу, къэбэртэе, бэлъкъар, осетин пщымэ яlоф мыухыжь тlозэ, уахътэр тlэкlэкlыгъ, гъогуми икаретэ удимытlысхьэщтыгъэмэ, ащ фэдэ зышlэн цlыф, ишъхьагъусэ Александра Федоровнам нэмыкlэу, сырихьылlагъэпышъ, кlэрыхьэпlэ-екlолlапlэ иlагъэп. Орлов графри Меньшиков зиусхьанри зы жьыкъэщэгъу нэмыlэкlи шъхьащыкlотыщтыгъэхэп. Зэкlэми анахь сшlогъэшlэгъоныжьыр, иухъумакlомэ янахьыбэр сицlыфыгъэхэми, самышlэ фэдэу зашlыщтыгъэ, загъорэ язакъо хъумэ, нэгушlо шъэфкlэ къысфеплъэкlыщтыгъэх. Сыгу ябгъэрэп, дэгъукlэ афэсэлъэгъу, пачъыхьэр зы, тэ бэ тэхъу, ары зэрэфыщытынхэ фаер…

Ардэдэм Геленджик хытlолэ тlуакlэр Хъан-Джэрые ынэгу къыкlэуцожьыгъ. Жьыбгъэ борэныр, чэщ машlор, тхышъхьэрекlокl къэзэкъ ухъумакlохэр, ахэмэ акlыбыкlэ къушъхьэ цакlэм тетыгъэ адыгэхэр… Сфэгъэдэlуагъэхэп, адыгэмэ ялlыкlохэр пачъыхьэшхом дэжь къэкlонхэ фэягъэ… Инджылыз-тырку-французмэ зяжъугъэгъэделэн нахьи, сэ шъукъысэдэlугъэмэ нахьышlугъ. Ситэмэтелъмэ шъукъямыплъэу, сыгу илъымрэ къышъуасlорэмрэ зэхэшъушlэгъагъэмэ, нахь кlэтын-кlэгъэкъон бгъуитlумкlи тызэфэхъущтыгъэ, Вельяминовым шlоигъор фэшъушlагъ, шъуипчъэlупэ къыlухьэгъэ пачъыхьэм адыгагъэ ешъухыгъэп. Шъушlагъэр зэрэмылъэпсэнчъэри къызгурэlо, ау анахь lоф хьылъэми шlыкlэ-пэгъокlыкlэ имыlэу щытэп, иягъэ къызэрэшъокlыщтым шъуемыгупшысэу лlыгъэ-шъорышlыгъэм, нэпцlы-гъэпцlыгъэм зыдежъугъэхьыхыгъащэу къысщэхъу. Шъо шъупкъы къикlыгъэу е щымыlэжь генералым ыпкъ къикlыгъэу орэхъу, шъуипхъэтэпэмыхь шъхьакlо зыщыхъугъэм сэри а мафэм сыгу емыбгъагъэу щытэп, Ставрополи, сыуlушыгъэ адыгэпщыхэр зэрэжэхэlэгъащэхэр арэу къычlэкlын, хъатэу къыщыспылъыгъэп, къухьэ итlысхьажьыгъом къысиlогъагъэр, илъэс псау тешlэжьыгъэми, сшъхьэ икlырэп. Фэмышъуашэ рязгъэlуагъэп, къыстемыфэри къысфидзыжьыгъэп. Шъыпкъэр пlощтмэ, рязгъэlуагъэмкlи сыкlэгъожьырэп, къысфидзыжьыгъэмкlи сыгу ебгъэрэп. Ау, хэти щэрэщ, пшъхьэ имызакъоу, лъэпкъым зыщихьылъэ чlыпlэм ишlуагъэ къэкlощтмэ, lо зэдэбгъотымэ нахьышlу.

Бжыхьэм иаужырэ мэфэ шъабэ шылъэмакъэхэр къыхэlукlыгъэхэу Хъан-Джэрые къыщыхъугъ, шъхьэр къыпхъуати, мы аужырэ илъэсныкъом бэслъыныехэми, абдзахэхэми, мэхъошхэми, кlэмгуемэ ягугъу ышlыжьырэп, къэзыутlэсхъыгъэ пщы-оркъмэ ащыщхэр арымэ ыlуи, дэlуагъэ, зи зэхихыгъэпти, гушlуагъэ. Мазэкlэ узэкlэlэбэжьмэ, орэдыlо-пшысэlуатэхэу къыфэкlогъэгъэ фэкъолl шыуитlур Хъан-Джэрые ыгу къызэкlыжьым, щхыпцlыгъэ. Зыр гущыlэрыягъ, адырэр дэгугъэ. Гущыlэрыер – адыгабзэр зыупкlэпкlыщтыгъэр – абэдзагъ, дымыlур янэкlэ нэгъоеу, ятэкlэ бэслъыныягъ. Сыд ягъэпсыкlагъэми, Хъан-Джэрые тlуми афэрэзагъ – адыгабзэм иlэшlугъэ

абадзэм къыпытэкъущтыгъэ, орэдмэ яӀупкӀэгъэ-дэхагъэ, пшысэмэ яӀушыгъэ нэгъой пхъорэлъфым Ӏулъыгъ. Афэпшӏагъэр зышӀомэкӀэ пщы-оркъмэ анахьи, Хъан-Джэрые ыӀуагъ, фэкъолӀхэм афапшӀэрэм уасэ къыфашӀы, япӀорэм къедэӀух, агу зэмыӀугъэр пшӀуамыушъэфэу къыуаӀо. Пщы-оркъхэр ашъхьэ фэгущыӀэжьыгъагъэхэми, тиулэупкӀэ тэгъэгъотыжьы, къытфэпшӀагъэр макӀэ аӀозэ, а мэфэ заулэм сиунэ рагъэхъыкӀыгъагъэр, Къуданэт Исмахьилэ сишыхьат, сыгу къэсимыгъэкӀыжьмэ нахьышӀу. Ястыгъэ ахъщэр зэрыт тхылъыпӀэм ятамыгъэ зэрэтырязгъэшӀыхьэщтыгъэр ягопагъэп, ястыри къысагъэлъытэжьэу ашӀомэкӀагъ. Сэ мокӀэ, хыӀушъо лъэныкъом щыӀэхэр пачъыхьэм къыпэгъокӀыгъэхэп сэӀошъ, сягыи... Хьау, хьау, зигугъу сшӀырэмэ Тыгъужъыкъо Къызбэчи, Цэй Хьатырбаий, Щырыхъукъо Тыгъужъи, Болэтыкъо Джамболэти, Занэкъо Сэфэрбыий, Дэгумыкъо Джырандыкъуи, Очэпщ Плъыжьыри, Хьаджэмыкъопщыри афэзгъэдэнэу сыфаеп. Ау етӀани агу теӀункӀэжьхэу, лӀыгъэрэ Ӏушыгъэрэкъызхагъафэтьу, шъхьакӀо зышхырэр шъхьэ шхыгъо ефэжьы Мэрчанэ зэриӀощтыгъэу, пачъыхьэм ышӀыщт гухэлъыр рамыгъэшӀызэ зыӀуагъэкӀэгъагъэмэ къызэтенэнхэмкӀэ амал дэгъу афэхъущтыгъэ. Сэ сыд сизакъоу азыфагу сыдабдзэкӀэ... КъысэхъулӀэрэр гъэшӀэгъоны,— сишӀушӀэ симыгъо, сигъунэгъу сипыи зыфаӀорэм фэд. БгъуитӀумкӀи агу къысабгъэ, язэмышӀугъэ-зэгурымыӀонығъэ къыстырагъакӀэ... ЗэрэхъурэмкӀэ, симамыр Ӏоф къызэримыкӀыщтыр сэ зыр ары зымышӀэщтыгъэр...

Хъан-Джэрые ыбгъэ джабгъу лъэныкъо ошӀэ-дэмышӀэу къыхэузыкӀыгъ, Ӏэ джабгъури къыдыригъэдзыеу къызбгырыугъ, ыӀэхъомбапэхэри фэщым зэхиубытагъэхэу къыщыхъугъ, ынатӀэ пкӀантӀэ къызщытырикӀэщтым къытӀупщыжьыгъ. Мы узыр Хъан-Джэрые иджабгъу кӀэлъэныкъо къызыхэлъадэрэр апэрэп. Пшъадэ адыгэ хасэм щызэхимышӀэгъэ дэдагъэми, къыщеуагъэ фэдэу къыщыхъугъагъ, ау къызхигъэщыгъагъэп, Вревскэм шӀуиушъэфыгъагъ шъхьакӀэ, джа дэдэр Капустенкэ Игнат агъэтӀылъыи зэхъум, Пятигорскэ къыщехъулӀэгъагъ. Зымафи адыгэ Ӏофмэ афэгъэхьыгъэу джыри Граббе фатхэ зэхъум, Польшэм къыщтыращэгъэгъэ тыркъор ыбгъэ къыщыхэузыкӀыгъэу къышӀошӀыгъагъ. Джы пкӀантӀэр къыжэхикӀэу, кӀыфы кӀигъэхъукӀэу непэ зыкъыригъэшӀагъ, Ӏэ джабгъум къехъулӀэрэр ыуплъэкӀунэу зытес пхъэнтӀэкӀу нэзыр ыубытыгъ, ыфызыгъ, кӀырыугъ, ыгъэсысыгъ. Сыд бжыхьэ мэфэ шъабэм унэм зисшӀыхьажьыгъэу сызфисыр зыщиӀуагъэм, ышнахьыкӀэ Адыл-Джэрые пчъаблэм дилъэгъуагъ.

– КъакӀо, Адыл-Джэрый, къакӀо, моу джыдэдэм уадэжь сыкъэкӀон сихьисапыгъ,— Хъан-Джэрые нэгушӀо гуапэкӀэ ышнахьыкӀэ пэгъокӀыгъ.— Шъыдэу зыкъэбгъэкӀэсагъ, щэджагъо хъужьыгъэ.

– КъэбарышӀу къэсхьыгъ, Хъан,— джэуапым ычӀыпӀэкӀэ Адыл-Джэрые ышнахьыжъ риӀуагъ.

– Шъыд къэбар? – Ӏэ джабгъу Ӏапэхэр зэкӀихмэ-зэкӀилъхьэзэ Хъан-Джэрые къэупчӀагъ,— къэбарышӀу дунаим тетыжьа? Си Петербург гъэзэжьын Ӏофа?

– Хьау, Хъан-Джэрый,— ышнахьыжъ иӀоф Адыл-Джэрые щыгъуазэти, къэбарым зызэрэригъэукӀыхьагъэм рыкӀэгъожьэу къыӀуагъ,— си Петербург кӀон зыфасӀорэр. НэбгыриплӀымэ уи Кавказ-Къушъхьэ полуэскадронджэ тлъэкъуацӀэ къыраӀуагъ.— ЗэгуцэфагъэршӀогъэшӀэгъоным блэкӀэу къеупчӀыжьыгъ: – Ущыгъуазэба? Адэ тыкъыхэзыхыгъэр орэу сшӀошӀыгъи сэ... Пэчъахьэр къэзыухъумэрэ полуэскадроным урипэщэжьба?

– Ащ фэдэ унашъо, сшынахьыкӀ, джырэджэ къысӀэкӀэхьагъэп.

– ТхылъыпӀэм уежа?

– Сежэрэп.

– Адэ шъыд?

– Адыгэ Ӏофхэр мыщ щызэсэгъафэх,— Хъан-Джэрые гукӀэ щхыпцӀыгъэми, инэшхъэигъэ къыхэщыгъ,— дзэпащэу къытфашӀыгъакӀэм сыфатхэ, лӀы дэеп, зыӀусэгъакӀэ, Чернышевыри згъэзэщырэп, Бенкендорф графыми загъорэ сетхьаусхылӀэ, адыгэ шъолъырым ипшъэрылъ зэрэщызгъэцакӀэри. Пачъыхьэшхом щызгъэгъупшэрэп, ау мы кӀымафэм щегъэжьагъэу къэхъугъапэр сшӀэрэп, къысфэтхэжьхэрэр зыцӀэ сымышӀэрэ къулыкъушӀэ къызэрыкӀох, сӀощтымджэ, сшӀэщтымджэ сапӀу, сагъасэ... Ахэр Ӏофэп, сшынахьыкӀ, плъэкъуацӀэ къызэрэраӀуагъэр сигуапэ, зэрэхъурэмджэ, джыри тащыгъупшэжьыгъэгоп... Ау уинасып плъэкъуацӀэ къызэрэсамыхьылӀагъэр, ышнахьыкӀэ къахихыгъ ясымыгъэӀоным пае, о пчӀыпӀэ нэмыкӀ горэ изгъэуцотыгъ. Арэу зэрэхъугъэр орджи, сэрджи нахьышӀу.

– Узтещынахьыжъа хьауми укъыстещтахьа, Хъан? – Гукъэо тӀэкӀуи сэмэркъэу тӀэкӀуи къыхэщэу Адыл-Джэрые къэупчӀагъ.

– Пшынахьыжъ флигель-адъютантым,– ышнахьыкӀэ къызэрэхихыгъэр игуапэу Хъан-Джэрые ӀугушӀукӀыгъ,– полуэскадроным иполковник укъыхимыхмэ, пшъхьэ Ӏэтыгъэу къулыкъу пшӀэнба, сэри орджэ нахь сышъхьафитынба?

– ЗымыгъэцӀыкӀу, къыбдэхъугъэм рыгушху, Хъан-Джэрый. О къыбдэхъугъэр къыздэрэхъуи, зыпэ къэсымыштэн щыӀэп. Тидзэпщ Граббе генерал нахь мышӀэми, джы къызнэсыгъэм флигель-адъютантэп.

– Граббе инасыпынджи мэхъу зэрэмыфлигель-адъютантыр...– Хъан-Джэрые къыӀуи, къыпигъэхъожьыгъ: – КъыосӀокӀыгъэр къыбгурыӀуагъэп. Петербург узыдафэрэм, ащ изакъоп, тыди ары, пӀорэмджи пшӀэрэмджи, сшынахьыкӀ, зыфэсакъыжь. Сэ ащ фэдизэу укъызэрэсэхъопсэн сиӀэп. Шъыдыгъу етӀанэ гъогу шъутехьанэу заӀорэр?

– Гъубдж мафэр ары.

– Ащ фэдэу шӀэхэуи? Чылэм удэхьажьыгъагъэмэ, тибынхэр къызэбгъэлъэгъунхи. Сэ бжыхьапэм сызэрэщыӀагъ.

– Угу къысэмыгъабгъ, Хъан-Джэрый, чылэм сыдахьэ сшӀоигъоп... Тянэ, сиӀахьылмэ сафэмыеу сӀорэп, ау ситэмэтелъхэр зылъэгъурэмэ анэ сыкӀаоу, арымырми къытамыӀуалӀэрэ щыӀэп... Шъыд фэдиз афэпшӀагъэджи адыгэмэ укъызэхашӀыкӀытэп...

– Ащ фэдэ пӀоныр, Адыл-Джэрый,– зэхихыгъэм Хъан-Джэрые ыгу къыпигъэузыкӀыгъэми, зищыӀагъ,– къыптефэрэп.

– О ахэмэ узэхашӀыкӀыгъа?

– Тэ ахэр зэхэтшӀыкӀыгъэха?..– Гукъэо макъэкӀэ Хъан-Джэрые ышнахьыкӀэ еупчӀыжьыгъ, пкъы джабгъум къыхэлъэдэгъэ фэщ пыубытыкӀыр джабгъу ӀапэхэмкӀэ зэрэзэхишӀэрэр къызхимыгъэщэу риӀуагъ: – ЫӀджары Петербург гъогум узыщытехьатым пӀотымджи пшӀэтымджи зыфэсакъыжь зыкӀасӀорэр... Къызгурэӏо, къызгурэӏо, къапӀо пшӀоигъор, етӀан, етӀан... НекӀо, анахь шхэпӀэ дэгъоу къалэм дэтым щэджэгъуашхэ щытшӀын, ыджащ тиӀофхэмджэ нахь тыщызэдэгущыӀэн.



1837-рэ илъэсым игъэмафэ щыублагъэу, анахьэу къыкӀэлъыкӀогъэ илъэс псаум, Хъан-Джэрые адыгэ Ӏоф зэхэмыф-зэхэлъэшъуагъэмэ изакъоу къахани, гукъэошъхьакӀохэр ыгу ригъэкӀумэ зарherigъэгъэлӀэжьзэ зэрапылъыгъэр ары пкъы джабгъу узыкӀэ, Ӏэпэ пыутэрэбжьыкӀыкӀэ икӀыгъэ бжыхьэ мафэхэм, къихьэгъэ 1839-рэ кӀымафэ осынчъэ щтыргъукӀхэм къыфызэкӀэрыожьыгъэр. Ау Петербург зэращэжьыщт тхылъыпӀэу зажэщтыгъэр къызэрэӀэкӀэмыхьащтыгъэр къегъурэ узым нахь шӀоӀофыгъ.

КӀымафэ мэзищ хьылъэхэри икӀыгъэх, гъатхэм иапэрэ мэзэ отӀэ-псытӀэри пыкӀыгъ, адырэ мэзитӀури къыкӀэлъыкӀожьыгъ.

Гукъэбзэгъэ-шъыпкъагъэрэ зэфэгъэ-хыягъэрэ зыфыуиӀэ Ӏофым цыхьэмышӀыгъэ горэ къыхахьэ фэдэу къызыпщыхъурэм, анахь цӀыф пытэу, щэкӀэ угъэпскӀыгъэми, узэгупшысэн Ӏаджи шъхьэм зыкъыпфрадзэу рагъажьэ. Хъан-ДжэрыекӀэ ахэр щыпэ гупшысагъэхэп. ИлъэситӀум зыгъэгумэкӀын, зыхэгупшысыхьан Ӏоф макӀэп къыфыкъокӀыгъэр. Адыгэмэ янахьыбэмэ, джы уадэгущыӀэнэу, пӀорэр ахэбгъэхьанэу, укъызэхашӀыкӀынэу яӀоф темытыжьыгъэми, Хъан-Джэрые фэшӀэшъущтыр ышӀагъ, джы зыфаер зы закъу. Петербург лӀышъхьэмэ ящыкӀагъа-ямыщыкӀэгъэжьа? Сыд пае Граббе афитхыгъэм иджэуап зырагъэукӀыхьэра?

Къысфыряхьисапыр, дэгъуми дэйми, сарэгъашӀи нэмыкӀ сыфаеп, Хъан-Джэрые ыӀуагъ. Сыд зыфаӀуагъэу афэсымышӀагъэр? Адыгэмэ шъуазэрэдэзекӀорэр тэрэзэп сагъаӀо ашӀоигъомэ шӀэ? Моущтэу сяжэкӀэ шӀуагъэ иӀэп, сызэӀэзэжьын, сшъхьэ сыпылъыжьын, Пятигорскэ е Железноводскэ яз, сиӀэзакӀо къызэрэсиӀоу, сыкӀон. Урысыем сыфэмышӀушӀагъэмэ, мыхъункӀэ сыдэзекӀуагъэу, адыгэ ӀофхэмкӀэ сятхьагъэпцӀэкӀыгъэу зыдэсшӀэжьырэп. Хьау шъуӀомэ, Лъэустэнхьаблэ сымыгъэзэжьэу сыкъызщыхъугъэ Гривенскэ сыдэтӀысхьажьмэ, хэт ыд къысишӀэн... Ярэби, Адыл-Джэрые зыхэхьагъэмэ сыдэу ахэхъухьэрэ, зы тхыгъа, тхыгъитӀуа илъэснықъом къысфигъахьыгъэр. Сахьид-Джэрые сыфэраз, ар сэ нахь къысфэдэкӀэ сэгугъэ, итхыгъэ зэпигъэурэп, Тифлис къэбармэ сащигъакӀэрэп.

Гъэмафэр къихьэгъэ къодыеу Хъан-Джэрые зыми емыжэжьэу, Граббе генералым иӀизынкӀэ зиӀэти, Пятигор-

скэ псыфабэм кӀуагъэ, ау тхьэмэфитӀуи къэтышъугъэп, зыдэкӀуагъэр иуз Ӏэзэгъу къыфэмыхъоу арыгъэп — Ставрополь дэхъухьэрэ къэбармэ анахьи Петербург къыфырахыщт къэбарым ыгъэгумэкӀэу къэкӀожьыгъ.

Хъан-Джэрые ерагъэу гъэмэфэ мэзитӀурэ нықъорэ Граббе генералым щыкӀухьэу, ӀукӀэмэ иӀофмэ акӀэупчӀэнкӀэ укӀытэу Ставрополь щигъэкӀуагъ, бащэрэ зыдаримыгъэлъэгъоныр иушъхьагъуми, зэрэзэӀэзэжьын фаер зыдишӀэжьызэ, джыри Пятигорскэ псыфабэм бжыхьэ гузэгум кӀуагъэ, мэфищэ нахь къэмытыгъэу, фырагъэхьыгъэ къэбарым къыщэжьыгъ.

— Зыодгъэгъэпсэфыгъэп, полковник,— Граббе генералыр нэгушӀоу къызпэгъокӀым, къэбарышӀу зэрэщыӀэр Хъан-Джэрые къыгурыӀуагъ,— удэкӀыгъэ къодыеу Чернышев дзэ министрэм итхыгъэ къытӀэкӀэхьагъ, Урысые хэгъэгушхом ипачъыхьэшхо ифлигель-адъютант Петербург къерэгъэзэжь еӀо.

— Сэ Петербург сызыщэжьын фаер Урысые пачъыхьэшхор ары нахь, сыд мыщ Чернышевым иӀоф къызэрэхахьэрэр? — Плъырыгъэ-къилъыгъэм зыдыригъэхьыхэу, зыпашъхьэ ит дзэпщыри зыщигъэгъуупшэу Хъан-Джэрые къэупчӀагъ.

— Уигъусагъэхэр гъэрекӀопэгъэ бжыхьэ пачъыхьэм зарегъэщэжьхэм, Чернышев дзэ министрэм иунашъокӀэ мыщ укъызэригъэнэгъагъэр зыщыогъэгъупшэ, зиусхьан,— Граббе генералыр щхыпцӀыгъэ.

— Ары, Ваше высокоблагородие,— Хъан-Джэрые зыкъиушӀэжьыгъ, фэбагъэ хэлъэу къыӀуагъ: — Тхьэуегъэпсэу, Павел Христофорович. СызэхэпшӀыкӀыгъ, Ӏоф къыбдэсшӀэныр сэркӀэ гохы, псынкӀэ.

— Тхьэуегъэпсэу ащ хэлъэп, зиусхьан.— Граббе генералыр нэгу бэрэчэткӀэ ӀугушӀукӀи, нахь мэкъэ тхьагъэпцӀышъокӀэ къыухыжьыгъ: — Сэ сишӀэн сшӀагъэ, о зыдэбгъэзэжьрэм уазэрэхэзэгъэшъу. Хьау, хьау, зиусхьан, оркӀэ мыхъун къэбар горэ къысэӀугъэу арэп. Сэ Чернышевым икуп, иштаб шъое набгъо тӀэкӀу сыщыгъуазэшъ ары...

Чылэм, Лъэустэнхьаблэ, сыдэхьащтэп Адыл-Джэрые зэриӀогъагъэри нахьыжъым ыгу къеогъагъ шъхьакӀэ, ежь дэлъадэ шӀоигъуагъэми, уахътэ зэрэхимыгъуатэрэр иушъхьагъоу, ноябрэм и 1-м 1839-рэ илъэсым Хъан-Джэрые Петербург гъогум техьажьыгъ.

## III

Хым ухэсыхьаныр псынкӀэ, укъыхэсыкӀыжьыныр хьылъэ.

ИлъэситӀум Хъан-Джэрые адыгэ шъолъырым щилъэгъугъэм, щишӀагъэм, щышӀуаушъэфыгъэм, зэрэщагъэпцӀагъэм джыри зэ зыщыхэгупшысыхьажьын чэщ-мэфэ пшӀыкӀубгъу ыпэ илъыгъ. Мамыр Ӏофыр ыпшъэ илъэу иапэрэ лъэбэкъу Темыр Кавказым, анахьэу ичӀыгу, зыщыридзагъэм щегъэжьагъэу, Петербург ыгъэзэжьынэу каретэм ылъапэ зыщыридзэжьыгъэм щыкӀэкӀыжьэу ынэ къыкӀэуцожьыгъэр бэ. Ащ иджабгъу кӀэлъэныкъо мыгъатхэ къэзыутӀэсхьыгъэ узыр загъорэ ошӀэ-дэмышӀэу къызыхэлъэдэжьыкӀэ, ыӀапэхэмрэ ылъакъорэ пигъэутэбжьыкӀымэ, шъхьэм «жъыжъыжъ» макъэр къыринэжьымэ, зэгупшысэщтыгъэ гукӀаехэр ӀэкӀигъэтэкъухэзэ, пчыкӀэ хъопскӀым фэдэу хэчъыжьыщтыгъэ. Джащ фэдэ лъэхъэнэ кӀэкӀ гумэкӀым зыкъызыригъэшӀэжьыкӀэ, дунай нэфым зыми щыфэмыежьэу упчӀэ закъу ыбгъэгу къыдэтаджэщтыгъэр: «Зэ огъукӀэ скӀэлъэныкъо гуиубытыкӀымэ, хэт сырищыкӀэгъэжь?..»

Хъан-Джэрые зыдэкӀожьыщтыгъэ Петербург инэплъэгъу гъэзагъэу, игугъэпӀэ зэкъодзэгъэ шъэфэу екӀолӀапӀэ зыфимыгъотыщтыгъэхэр ащ щызэрихынхэу къыщыхъущтыгъэми, къыздикӀыжьыщтыгъэ адыгэ шъолъырым ыгу къызэрэщинэрэр икаретэ щэрэхъмэ игъогу хагъэкӀы къэси нахь къыгурыӀощтыгъэ, иӀоф лъэтӀэныпс зэкъолъэдагъэхэри ичэщ-мэфэ охътэ зэблэкӀмэ ащыпытэщтыгъэх. ИгугъапӀэ Петербург щарихьылӀэмэ, сыд фэдэу зыкъыфашӀыгъэми, къызэхэзышӀыкӀынэу щыриӀагъэр нэбгырищ. Зыр Урысые пачъыхьэр ары. Адырэр зыхэтмэ апэ дэдэ къахэзыгъэщыгъэгъэ Бенкендорф графыр... Ящэнэрэ? Хэт, гушӀурэ шъыпкъагъэрэ зыфыриӀэ Вревскэ бароныр арымырмэ, Хъан-Джэрые иящэнэрэ гугъэпӀагъэр? Ащ ыцӀэ гъэшӀуагъэ ыбгъэгу дэлъыгъ нахь, зыми ыпашъхьэ къыщырихыгъэп, къыщыриӀуагъэп. «Хэт джы уигукӀаерэ уигушӀуагъорэ епхьылӀэмэ укъызэхэзышӀыкӀынэу, гукӀэгъу къыпфэзышӀынэу дунаим тетыжьыр? — Хъан-Джэрые зэупчӀыжьыгъ: — Нанэ нэмыкӀ сырихьылӀагъэп. Сиаталыкъыгъэ

Мэрчанэ тхьамыкӀэри цӀыф дэигъэп. Нанэрэ Мэрчанэрэ зэзгъэпшэнэу сыфаеп, ау а нэбгыритӀумэ узфэе хэгъэгу зэрахьани... Анахь зысищыщыкӀагъэм а нэбгыритӀур ӀэкӀыб сфэхъугъ. Ныр, укъэзылъфыгъэр оӀо шъхьакӀэ, ны пстэури зэфэдэп. Анахь чӀыпӀэ къин сызщифэгъэгъэ уахътэм сянэ къысиӀогъагъэр?.. Зишъхьафит, зичӀыгу къэзыухъумэжьрэ шапсыгъэхэр, абдзахэхэр, убыхыхэр ыумысыгъагъэх... КъызгурэӀо сянэ къыӀо шӀоигъуагъэр, ау пшъхьэ закъо ишӀоигъуагъэ цӀыф мин пчъагъэмэ яшӀоигъуагъэ пэбгъэуцу хъущтэп. Зышъхьэ езыуфэхыгъэмэ зыфырагъэзыгъэ Ӏофым еуцолӀагъэхэкӀэ умылъытэ, тян! Ау шӀокӀыпӀэ зимыӀэ адыгэ къаигъагъэми сезгъырэп. Уилъэпкъ къэуухъумэжьыным пае лӀыгъэ закъоп ищыкӀагъэр. Урысые пачъыхьэр Геленджик къызэкӀом, Вельяминовым епыйхэу аӀуи, адыгэ лӀыкӀохэр къызэрэпэмыгъокӀыгъагъэхэри къезгъэкӀурэп, лӀыгъэкӀи сштэрэп. СызилӀыкӀо пачъыхьэм ыгу а чӀыпӀэм апэрэу къызэрэсэбгъагъэм паеп сэзгъаӀорэр. Сыд адыгэ гупшысэм ыӀорэр? «Къыпщыгугъыхэрэр къыпкъонэжьыщтымэ, укъаукӀыщтми, къыоджагъэм дэжь кӀо». Джа дэдэр арынкӀи мэхъу тилӀакъокӀэ Урысыем ылъэныкъо тызыкъудыигъэр, джа джэмакъэр арынкӀи мэхъу Петербург сыкъизыщи, адыгэ шъолъырым сыкъэзгъэкӀогъагъэр... Зи къыздэмыхъугъэми, синамыс сыфэхыеу, сицӀыфыгъэ сыфэшъыпкъэу сыкъэзыӀофтэгъагъэмэ апашъхьэ сехьажьы... Хъурэм теплъын...»

— Щэджэгъоуужмэ адэжь Петербург тынэсыжьынэу сэгугъэ,— зизэщыгъо зыуджэгъугъэ Къуданэт Исмахьилэ къыӀуагъ.

— Щэджэгъоужмэ адэжь тынэсыжьытмэ шъыд озгъашӀэрэр?

— Шымэ ячъакӀ, зиусхьан,— зэ укъэзгъэгущыӀэжьыгъэмэ ары ыӀозэ, Исмахьилэ джэуап къытыжьыгъ,— мыхэр бытырбыфышых, зиусхьан, унэфэкӀожь хъумэ, шыхэр ежь-ежьырэу елъэкӀоных. ДаӀуи зэ, кӀуаджэ нахь мышӀэми, шыкуаоми орэд кӀеӀукӀы.

— Арджэ сэгугъэ,— Хъан-Джэрые даӀозэ, шъхьаныгъупчъэм иплъыгъ,— ощхыри тауджджэ къэнагъ, тызхахьэри пщагъо, шӀэхэу Верхнэ Рогаткэри къэлъэгъот... Сызэрэпхаплъэрэмджэ, Исмахьил, ори Бытырбыф уфэзэщыгъ?

— Олахьэ, зиусхьан, ардэдэри сфэмыӀощт... Хэт Бытырбыф къыщысэжэн... Типолуэскадрон хэт сишъэогъумэ уафэзэщыгъа пӀомэ, сафэзэщыгъ... Ау...— Къуданэт Исмахьилэ ышъо къызэокӀэу хэщэтыкӀи, къыӀон ихьисапыгъэр зэпигъэуужьыгъ.

Хъан-Джэрые къэупчӀагъ:

— Шъыд къыпфэмыӀошъурэр, Исмахьил?

— Хьарамыгъэ сыгу илъэп, зиусхьан,— тӀэкӀу тыригъашӀи, Къуданэтым къыӀуагъ,— ау мы тыздэкӀожьырэм сыгу щыӀэп.

Зэхихыгъэм Хъан-Джэрые къыкӀигъэпкӀыгъ. «ЗэрэхъурэмкӀэ, сэ сыгу илъыри мыщ ыгу илъ. ТызэупчӀыжьыгъэп, тызэушъыижьыгъэп, сыд ар къызыхэкӀырэр?.. Ары, ары, зэрэхъурэмкӀэ, сэ сизакъоп ащ фэдэ зыгу илъыр, Пэдысми зэгорэм, Петербург зыщигъэзэжьыщт мафэ горэм, джа дэдэр къысиӀокӀыгъ, зэхэсымых фэдэу зызэрэсшӀыгъагъэр ыгу къеогъагъ, ау ащ фэдэ ӀофкӀэ, хэт ышӀэра анахь къыппэблагъэми ыгу къыпфилъыщтыр, гущыӀэгъу сызэрэфэмыхъущтыр гурызгъэӀогъагъ. Тэрэзэу е пхэнджэу сшӀэгъэнкӀи мэхъу... Адэ ащ фэдэ ӀофкӀэ Мыгурыкъор зэ закъокӀи гущыӀэгъу къысфэхъугъагъэпи?.. Ащ Вельяминовым илӀакӀэ нахь гугъу щыхъугъагъ нахь, зыщыщ адыгэмэ ятхьамыкӀагъо ыгъапэщтыгъэп. Джы Завадовскэ къэзэкъ атаманым къыдыречъыхьакӀы, Граббе пэблагъэ зишъынышъ, полковник зэрэхъущтым нахьрэ шъхьауз иӀэжьэп... Зэхэпхыгъэ, зэгъапшэ джы Къуданэт Исмахьилэ къыӀуагъэр. ЫнитӀукӀэ адыгэмэ къяхъулӀэрэр зэрилъэгъугъэр, ятхьамыкӀагъо зэрэзэхишӀагъэр арыщтын... Адыгэ тхьамыкӀагъом ияжьэ лъапэкӀэ зыгъэутысэрэмэ Мыгурыкъор ащыщба?!. Бекович-Черкасскэр?.. Сыд фэдэу сызэгупшысэжьми, сэри ахэмэ саблэкӀэу чыжьэ сыкӀуагъэп!..» — Хъан-Джэрые гукӀэ хэкуукӀэу зыкъишӀэжьыгъ, шъхьэр къыпхъуати къеупчӀыгъ:

— БэшӀагъа ащ фэдэгу уиӀэ узыхъугъэр, Исмахьил?

— Урысыдзэр адыгэ чӀыгум къызщихьагъэм щегъэжьагъ.

— Шъыдэу хъумэ ащыгъум полуэскадроным укъыхэхьанэу хъугъэ?

— Ари къыоснӀон, зиусхьан. Тятэ, Алахьым зыдигъэзэжьыгъэм шӀу щешӀ, ыушъэфыми нафэ шӀуашӀыми Лэбэ псырыкӀ къэзэкъ пыщэгъу горэ «къонакъкӀэ» къеджэу щыриӀагъ. Ащ дэжь загъорэ тятэ онаплӀэкӀэ сицӀыкӀугъом сыздихьыщтыгъ. Къэзэкъ гущыӀэ заули зэпызгъэфэн слъэкӀэу, сӀорэр агурызгъаӀоу сыхъугъагъ. Ащ ыуж сшъхьэ къызысэӀэтым, тятэ дунаим зехыжьыгъэ уж ары, тичылэ-

лІмэ, урысыбзэкІэ сыІазэ къащыхъоу, къэзэкъ бэдзэрмэ сыздащэу, сагъэтэлмащэу аублагъ. Ащ фэдэ зыхъурэм, зиусхьан, сифедэ тІэкІуи къыхэмыкІыщтыгъэу сІорэп.— Къуданэт Исмахьилэ нэгу ІужъумкІэ хьарамыгъэнчъэу ІугушІукІыгъ, икъэбар къызэриІуатэрэр зэригуапэр къыхэщэу, ыгу жьы дегъэкІба уигъаІоу, игущыІэ къыпидзэжьыгъ: — Джау мылъку тІэкІуи къэзгъахъэу, тяни згъэгушІоу, бын-унагъо сигъашІэмэ зэрэшІоигъор сишъэогъумэ къысаригъэІокІэу дунаим сытетыгъ, ау мыхъун зыхъукІэ, махъушэм тесми хьэр ецакъэ зэраІоу, къыщычъаий, дунаим ехыжьыгъ, сэри сышъхьэзакъоу, Іахьыл шІагъуи симыІэу сыкъэнагъ. Сыд сшІэщт?

— Шъуичылэджэ къэзэкъ теохэр шъуиІагъэхэба? — Къуданэтым иупчІэ ипэгъокІэу Хъан-Джэрые упчІагъэ.

— Къэзэкъ теохэр тимыІэхэ мэхъуа, ахэр арба сыщызымыгъэІэжьыщтыгъэхэр! ТІо фэдизэ сыздащагъ, ау ящанэрэм сафэкІожьыгъэп.

— Шъыд пай?

— Хъырцыжъыгъэм цІыфыгъэ хэлъэп. Уимыер къатепхыныр, къэптыгъуныр, ащ псэгъэгъу къызыхэхьажьыкІэ, лІыгъэп ар!.. Эскадрон Іофыр тичылэмэ къазыхахьэм, урысыбзэ тІэкІуи зэрэсшІэри сикъэзэкъ еплъыкІи къыдалъытагъэщтын, апэ зыцІэ къыраІуагъэр сэры, шъыпкъэр пІощтмэ, сыфэмыеуи щытыгъэп.

— Джы уздэкІожьырэм угу щымыІэу етІани оІо.

— СэІо, Хъан-Джэрый, мы тыздэщыІагъэм илъэситІум хъун къыщыслъэгъугъэпышъ!..— Къуданэт Исмахьилэ зыгъэгумэкІыщтыгъэр къызышІудэлъэтым, зыкъиушІэжьыгъ.— Мыхъун къэсІуагъэмэ, зиусхьан, угу къысэмыгъабгъ. Къезгъэжьэгъахэшъ, пшІосыушъэфынэп, илъэситІум сиІоф къыпхэсымылъхьэу сыкъыпкІырыплъыгъэшъ, адыгэ шъолъырым укъэзІофтагъэхэми узфаІофтагъэхэми яцыхьэ къыптелъэп.

Хъан-Джэрые зэхихыгъэр ыгу къыхэуІагъ, пачъыхьэм къыритыгъэгъэ Іэлъыныр зыпылъ Іэхъуамбэр къыпыузыкІыгъэу къыщыхъугъ, ыкІышъо телъ тыркъохэми зыщагъэгъупшагъэп.

— Ар сэзгъаІорэр, Хъан-Джэрый,— зиусхьаным ышъо къызэрэпычъыгъэм гу лъимытагъэ фэдэу Исмахьилэ игущыІэ зэпигъэугъэп,— уцІыф дэйкІэ, Іоф пфэмышІэшъукІэ арэп...



— Хъугъэ, къызгурэІо, ащ тытемыгъэгущаІ,— Хъан-Джэрые Къуданэтыр зэпигъэугъ, Іэ утэбжьагъэмкІэ иуз къыхэлъэтыкІи зыкъыригъэшІагъ,— модэ типолуэскадрон тызэрэхэхьажьытым кІэгушІу, къэлэ хьэнэ-гъунэм тыкъихьажьыгъ.

— Олахьэ арым,— къыраІуагъэм ыгу еІугъэми-емыІугъэми Къуданэтым къызхигъэщыгъэп,— щэджэгъоужмэ адэжь Бытырбыфы тыкъызэрэсыжьыщтым тезгъэфагъ, тыгъэри къэлъагъо, пщагъори зэкъоужьы...— Зиусхьаным есІуагъэр ыгу рихьыгъэп, цыхьэ зыфимышІырэ горэ щыс фэдэу, къыхихыгъ. О пІощтыри пшІэщтыри уиІофы, сэ мыхъун къыосІуагъэп. Угу илъым ышъхьэ къысфипхырэп шъхьакІэ, о узэмынэгуерэм ущызгъэгъозагъэу къызщымыгъэхъу. Адыгэхэр зытекІуадэхэрэми ащыщ джа цыхьэзэфэмышІыжьыр.

«Сыгу илъыр зэкІэ, зы къогъани къызфэсымыгъэнэжьэу, къыосІон сыфитыгъэмэ!..— Хъан-Джэрые иІофышІэ зэрэІумыплъэщтым пае каретэ шъхьаныгъупчъэм иплъызэ, гукІэ хэкуукІыгъ, етІанэ пынджырым шъхьэр къыІуихыжьи, нэпІэ зэтелъкІэ тІысыпІэ шъабэм зыригъэкІагъ.— Сшъхьэ зэщызыфырэр къыздапшІэ пэтызэ, сыд пае уимыщыкІагъэмэ зябгъэгъапэра, сэ сыгуи бгъэбырсырыра?.. СызгъэкІуагъэхэми сызфэкІуагъэхэми сызэрямыщыкІагъэр джыры пшІошІа зысшІагъэр, Тхьэм къыстырилъхьагъэу сихьылъэ къырысигъэхьакІэу къычІэкІын. Сэ Петербург сызэрэнэсыжьэу сигукІае зэсхьылІэнэу нэбгырищ щысиІэр... ТІумэ ацІэ къепІожьынэу ищыкІагъэп, ахэмэ саукІэным ыпэ Татьянэ зыІузгъэкІэщт. Бзылъфыгъэгум нахь укъызэхишІыкІынэу зи шыІэпщтын! Сыд ащыгъум тянэ сыкІызэхимышІыкІыгъэр? Ар сэІо шъхьакІэ, сыгу нанэ зэрезгъэгупсэфылІэщтыгъэм фэдэу езгъэгупсэфылІэу сыдэгущыІагъа? Аущтэу сшІын сІуагъэми, апэрэ мафэм шапсыгъэхэмрэ абдзахэхэмрэ къыспиІэтынэу ригъажьи, сыкъызэпиутыгъагъ, щагум дэт фэкъолІмэ ацІи зыщигъэгъупшэжьыщтыгъ... Петербург бгъэзэжьыфэкІэ къэмыщэ хъущтэп ыІоу сыримыгъэзыгъагъэмэ, тянэрэ сэрырэ тызэдэхъуныекІи къэнэщтыгъэп. Хэта мы дунэе Іаем шъузыщэ ежьэрэр? Зэ зыуж тит Іофым кІэух фэтэжъугъэшІыба! Сыдигъу ар зыхъущтыр? Мафэ къэс адыгэ шъолъырым заом зыщеушъомбгъу, урысыдзэу итхэми ахэкІырэм нахьыбэ къахэхъожьы. Ары, ары, Тане дэжь занкІэу

сыкӀощт, сигукӀае изакъоп, илъэситӀум фэзгъэзэщыгъэ шӀулъэгъури фесхьылӀэжьыщт, хэти ыӀощтыр ерэӀу фаеми... Ау зэ закъо Лъэустэнхьаблэ, Сисурэ ыпашъхьэ мыхъун щысшӀагъ. «Петербург пшъэшъэ хэхыгъэ горэ щыуиӀэщтын» къызысеӀом, Татьянэ зэрэсиӀэр шӀосыушъэфын фэягъэп... Сыд фэдиз пӀуагъэми, Сисурэ сшыпхъу нахьыжъым фэд, ар згъэпцӀэныри сэ зызгъэпцӀэжьыныри зэфэдэ. ТатьянэкӀи сшӀэрэр тэрэзэп, гъэшӀэгъона лӀы иӀагъэмэ, цӀыф есымыгъашӀэу егъашӀэм сыхэтыщта? Мары Къаз-Джэрые щыгъуаз, ау гужьыдэгъэкӀ фэдэу къызэрэщызгъэхъурэр цӀыфыгъэп. Арэп зэрэщытыр!»

– Бытырбыфы тыкъэсыжьыгъ, зиусхьан,– Къудайнэтым къыӀуагъ.

– Арэу шӀэхэуи? – Хъан-Джэрые каретэ шъхьаныгъупчъэм зыӀуидзагъ.– Шъыдэу джы нэс къысэмыӀуагъ?

– Къэлэ мыжъо гъогу убагъэм тытелъадэмэ, къэпшӀэн сӀуи, узгъэгумэкӀынэу сыфэягъэп.

Хъан-Джэрые Петербург зэрэдаплъэу апэ ыгу къэкӀыгъэр пачъыхьэр арэп, Бенкендорфэп, игукӀэябэхэр щызгъэгъупшэжьэу ынэгу къыкӀэтэджагъэр Татьян!..

Кавказ-Къушъхьэ полуэскадроным ищагу Хъан-Джэрые дэфэжьи, иунэ ихьажьыгъэ къодыеу, зэкӀэми апэу къыфилъэдагъэри ӀаплӀ къезыщэкӀыгъэри Къаз-Джэрый ары.

– Фэсыжьапщи, Хъан-Джэрый, къэт ябгъэӀуагъ.

– Тшъхьэ тыфитыгъэмэ, Къаз-Джэрый...– Къызэрагъэтыгъэр зэримыгуапэр къыхэщэу Хъан-Джэрые гъумтӀымыгъэ, псынкӀэуи еупчӀыгъ: – Шъо шъыд шъуищыӀакӀ? Полуэскадроныр шъыдэу хъурэ?

– УикъэмыкӀожьыкӀ тызгъэгумэкӀыщтыгъэр нахь, зэкӀэри дэгъу. Сыд талъэныкъо щыкъэбар?

– УкъызкӀэупчӀэрэр шъыдэу къыбгурызгъэӀот,– Хъан-Джэрые къыӀощтымкӀэ зыфэсакъыжьэу щхыпцӀыгъэ,– шъуибынмэ уакъыкӀэупчӀэмэ, зытӀо-зыщэ сахэхьагъ, псаух, узынчъэх, къыпкӀэупчӀагъэх, къыпфэзэщых. Шъуичыли лӀэгъэ, къэхъугъэ, аукӀыгъэмэ анэмыкӀ къэбар дэлъэп, ау адыгэ шъолъырым къыщыхъурэмэ агъапэхэрэп пӀон плъэкӀынэп. Уятэш нахьыжъи, зыкъыхимыгъэщыпэу Ӏушэу пачъыхьэм къыдэгущыӀэгъэ пщымэ ащыщ. Уасэ пачъыхьэми фишӀэу, ежьыри зыфишӀыжьэу, лъэшэу сигъэрэзагъ. Адыджэ шъыд къыосӀон, сигъусагъэмэ къышъуаӀожьыгъэщтын, шапсыгъэхэмрэ абдзахэхэмрэ зэкӀакӀо яӀэп,



убыхыхэри хьакӀуцухэри хы Ӏушъомджэ урыс къухьэмэ щапэӀутых... Шъыдэу Пэдысымрэ Тыгъанэмрэ яз къэмылъагъора? – Ушъхьагъу гъотыпӀэкӀэ Хъан-Джэрые шӀомыигъо гущыӀэмэ атекӀыгъ.– Нэгъумэри ары, щагури зэгъокӀ.

– Зэ, зэ, полковник, умыгузажъу,– Къаз-Джэрые ишъэф къышӀухэщэу ӀугушӀукӀыгъ,– ахэр джыдэдэм къэзэрэугъоищтых. ТалъэныкъокӀэ, къызэрэпӀоу, шъуиӀофшӀагъэкӀэ пачъыхьэр къышъуфэразэу ары тэ мыкӀэ щызэхэтхыгъэр. Пэдыс ротмистрэми, Тыгъэнэ Аслъанбэчи, ягъусэгъэ ӀофышӀэхэми ахъщэ шӀухьафтынхэр къаратыгъэх. Вревскэ ротмистрэри полковник тэмэтелъкӀэ дзэ министрэм хигъэунэфыкӀыгъ. Вревскэ полковникыр ары мы мазэм къызэрэбгъэзэжьыщтымкӀэ апэ макъэ къытэзгъэӀугъэр. Ори шӀухьафтын гъэшӀэгъонхэр Чернышевымрэ Бенкендорфырэ къыуагъажэхэу къэбар щыӀ.

«ШӀухьафтын къысагъэжэн нахьи,– Хъан-Джэрые зэхихыгъэр шӀощхэнэу гукӀэ ыӀуагъ,– адыгэ ӀофхэмкӀэ къафэстхыщтыгъэмэ телъхьэ-тегъакӀэкӀэ нэмыкӀыхэр къысамытӀупщхэу джэуап тэрэзхэр къаратыжьыщтыгъэмэ нахьышӀугъ... Сыдэу Къаз-Джэрые Татьянэ игугъу къымышӀыра? СерэупчӀа? Хьау, ищыкӀагъэп! Моу пчыхьэ зэрэхъоу сыфыкъокӀыщт...»

Унэм Пэдыс ротмистрэр къипкӀагъ, Кавказ-Къушъхьэ полуэскадроным ипащэ ыпашъхьэ зыщыриӀэу урысыбзэкӀэ къыриӀуагъ:

– ШӀукӀэ фэсыжьапщи, полковник. Зэрэ Кавказ-Къушъхьэ полуэскадронэу, Ваше высокоблагородие, уисэлам япхынэу гъэсэпӀэ пчэгум къыщыуажэ! – Зыпашъхьэ итым Пэдыс ротмистрэм зыжэхидзи, ӀаплӀ рищэкӀызэ, адыгабзэкӀэ риӀуагъ: – Фэсыжьапщи, Хъан-Джэрый, тызфэбгъэлӀэжьыгъ!..

Хъан-Джэрые зыхэхьажьыгъэхэр тӀэкӀу зэбыяужьхэм, нэмыкӀ гушӀокӀо факӀомэ заримыгъэубытэу Къуданэт Исмахьилэ зэкӀыригъэшӀэгъэ каретэмкӀэ пчыхьэ зэхэогъум Татьянэ дэжь, Литейнэ урамым, елбэтэу зыригъэщагъ. Сыхьатыр пшӀыкӀутӀум нықъокӀэ кӀуагъэу къылъыкӀонышъ къежэнэу унашъо къыфишӀи, къытӀупщыжьыгъ.

Унэ пчъэшхор Хъан-Джэрые къыфызэӀузыхыгъэ инэӀосэ лӀыжъыр ылъэгъурэм къызэкӀигъэщтагъ, имыхабзэу ихьагъур, ышъхьагърэ унэм исмэ зэхахэу, къызэлъигъэджагъ:

– Ора ар, Хъан-Джэрый?! Тэ мыбжыхьи тыуаж-тыуажи укъэмыкIожьынэу тыгугъэзэ, зыдгъэгупсэфыжьыгъагъ... Татьяна Константиновна, а синэф, хьакIэшхо тиI, Хъан-Джэрые къэкIожьыгъ.

ЛIыжъыр къызэрэIугушIорэр игуапэми ыIорэмэ апымылъэу, гъунджэм зэриплъэщтым тыригъэкIодэщт уахътэри шIуабэу алырэгъу дахэкIэ гъэпкIэгъэ дэкIояпIэмэ адэчъаезэ, ошIэ-дэмышIэу зыгорэ къеджагъ пIонэу, Хъан-Джэрые къызэтеуцуагъ. Зэплъэм, ыбг псыгъуабзэ къэзышIырэ алтэс хэлат фыжьыбзэ щыгъэу, шъхьац блэгъитIумэ языр ыбгъэ тедзагъэу ышъхьагъырэ дэкIояпIэм Татьянэ тет.

– Уипчыхьэ шIу, Татьяна! – Хъан-Джэрые ыгу къыдэлъэтэу, къыIугушIоным ычIыпIэкIэ зынэгу чъэкIыгъэ Татьянэ Iуплъагъ.

– Уипчыхьэ шIу, Хъан-Джэрый.

– СыкъызэрэкIожьыгъэмкIэ угушIорэба, Танюша? – ИшIулъэгъу дэжь нэсынкIэ зы теуцуапIэ иIэжьэу, ыгу къиучъыIыкIэу Хъан-Джэрые къызэтеуцуагъ.

– СэгушIо, Хъан-Джэрый.

– ОгушIомэ, Танюша, мары, сыкъэкIожьыгъ.

– УкъэкIожьыгъэмэ, Хъан-Джэрый, уздэщыIагъэм ащ нахьрэ узгъэкIожьыщтэп! – Татьянэ къыщиути, Хъан-Джэрые зыкъыжэхидзагъ, ынэкIушъхьэмэ, ытамэмэ ябэузэ, мэгъы, къыреIо: – ИлъэситIум скIэхэкIыгъэр... Нэпсэу езгъэхыгъэр... Икъущт сэркIэ Кавказыр!.. КъыбгурэIуа, Хъан-Джэрый, ащ нахь Кавказым узгъэкIожьыщтэп!..

– КъызгурэIо, Танюша, къызгурэIо... Сэри а зыфапIорэмэ сырящыкIэгъэжькIэ сыгугъэрэп...– Хъан-Джэрые зыфэзэщыгъэ бзылъфыгъэм ынэмэ акIэплъэ, зэрэмысэр зыдимышIэжьэу ышъхьэ реуфэхы...

КъыкIэлъыкIогъэ мафэм дэгъоу чэщым чъыягъэу, гукIи псэкIи зигъэпсэфыгъэу, Хъан-Джэрые къэтэджыжьыгъ. Зиупсыгъ, зыпылъэкIыхьажьыгъ. Пчэдыжьышхэри ыгу рихьыгъ.

Чернышевым иIофшIапIэ кIонэу зигъэхьазырызэ, гъунджэм кIэрыуцуагъ. Ышъхьац хэжьыхьан зыщиIощтым ыIэ фэбж къеуагъэу ыгъэтIыгурыгуи, мажьэр IэкIигъэзызэ, ылъэкъо джабгъу пиубытыкIыгъ, ыко зэхэтырэ ылъэпшъэ зэрэIыгъырэ Iэ ащифэмэ ыгъэушъэбызэ, бэрэ щысыгъ. Фэщым лъакъор къымытIупщы зэхъум, сыдигъуи



зэришэнэу, гукIодыгъор къызытыримыгъакIоу, тхылъыпIэмрэ къэлэмымрэ къыштагъ[1], IэзакIоми лъигъэкIуагъэх...

## IV

«ЛIэныгъэм уежэныр улIэным нахь тхьамыкIагъу».

ХъорэлIыкъо Мэрчанэ иаужырэ гущыIэхэр Хъан-Джэрые зэсымэджэ мэфэ заулэм мызэу-мытIоу ыгу къэкIыжьыгъэх. Аталыкъ лIыжъ гъэретынчъэм Вревскэмрэ ежьырырэ зэрэшъхьащытыгъэхэр, бгыкъум кIэшIэгъэ шхомлакIэм Мэрчанэ ыIэ гъугъэ пытэхэр идзагъэу, пIэм къызэрэхэтIысхьэгъагъэр иуз егупшысэжьы къэси ынэгу къыкIэуцожьы. Загъорэ игужъыягъэ къызэрэтекIорэр емыкIу зыфелъэгъужьы.

«Мэрчанэ къыгъэшIагъэр сэ къэзгъэшIагъа лIэныгъэм сегупшысэнэу! – Хъан-Джэрые икаретэ къызыфыIухьащт пIалъэм ежэу, лъэкъо джабгъу утабжьэрэм егыирэм фэдэу теIункIэмэ, пкъым ихьылъэ нахь тыригъакIэзэ, джэхэшъогур рекIукIы.– Сэ джыри Iофыбэ къыспыщылъ. ГъэшIэгъона пачъыхьэм гущыIэ дыс къысфидзыгъэмэ, ари зыгорэм ымыгъапэщтыгъэмэ, аущтэу къысиIощтыгъэп. Зы закъу... А зыр ымышIэгъагъэмэ... Iэшэ ихыгъэкIэ дзэр адыгэмэ апимыгъэуцугъагъэмэ... Адыгэхэми тызэкIэкIэуIэжьмэ, тызэфычIэтIыхьажьмэ, зыдгъэблыжьызэ, нанэ зэриIощтыгъэу, «зыкъытэзгъэшIэжьын, тшъхьэ тыкIэзгъэгупшысыхьажьын, тлъэпкъымэ зыкIыныгъэзэгурыIожьыныгъэ къытхэзылъхьан пащэ къытхэкIыгъэп». Адыгэмэ пачъыхьэм Ставрополь къыщыраIогъагъэр джырэп, бэшIагъэ агу къызыкIын фэягъэр. УапэкIэ къыппыщылъыр умылъэгъуми, уемылъэпаозэ, уегупшысэмэ нахьышIу... Хьау, хьау, нэпкъым тетыр къошъофыкIэ Iаз зэраIоу, адыгэмэ IаекIэ сатегущыIэныри зысыубыжьыныри зэфэдэ. ЗэрэхъурэмкIэ, тилIэкъо СултIан нахьыжъмэ гъогу хахыгъагъэп, аужыкIэ къэхъущтым емыгупшысэхэу лъэныкъогъазэ зашIыгъагъ, джы ар сэ сэпщыныжьы. Ары, уятэжъмэ хахыгъэ гъогум ппэ къыщыпагуагъэшъ, щэм ыстыгъэр псым зэрепщэу, Iазэ ухъугъ!..» – Хъан-Джэрые

[1] Ноябрэм и 20-м Хъан-Джэрые Чернышевым фитхыгъагъ: «Мы ноябрэм и 19-м С.-Петербург сыкъызэсым, сыд фэдизэу сшIоигъуагъэми, сызэрэсымаджэм пае, унэпэ нэф ыпашъхьэ сшъхьэкIэ мэфэ заулэкIэ сыкъихьан слъэкIыщтэп: Iо хэмылъэу, сшIагъэхэр бэ тесымыгъашIэу етIанэ къыосхьылIэщтых». (ЦГВИА, ф. 2, оп. 4, д. 176, л. 127).

зыфэгубжыжьыгъ, каретэ щэрэхъ макъэхэри къылъыlэсыгъэх.

Хъан-Джэрые зажэщтыгъэ каретэр арэп къэлапчъэм къыlухьагъэр, Вревскэр ары.

– Павел Александрович, ора ар! – Зэфэгушlохэзэ зэпэгъочъыгъэ нэбгыритlумэ зызэрадзыгъ.– Сэ непэ ошlэдэмышlэу зыкъыпlузгъэкlэн сихьисапыгъ. Хэт къыозыlуагъэр сыкъызэрэкlожьыгъэр?

– Санкт-Петербург къэлэшху шъхьакlэ, къэбарыр псынкlэу щэзечъэ.– Вревскэр къесэмэркъэужьыгъ, къыриlуагъ: – Утщыгъупшэжьыгъ пшlошlэу угу къытабгъэмэ, ухэукъо, зиусхьан. Усымэджагъэми, ащ фэдашъо уиlэп, Хъан-Джэрый, сыпфэгушlо. Хьау, зиусхьан, хьау, узэрэсымэджагъэр къэбаркlэ зэхэсхыгъэп. Дзэ министрэм, Александр Ивановичым къыфэптхыгъэм ит. Ащ сымэджаплъэ сыкъыпфигъэкlуагъ.

«Фэзгъэхьыгъэр бэджэ тхьагъэпцlыжъым ышlошъ хъугъэпщтын...»– Гукlэ Хъан-Джэрые щхыпцlыгъэ, къыраlуагъэм ифэшъошэ джэуап пигъохыжьыгъ:

– Тхьэегъэпсэу Александр Ивановичыр, къызэрэскlэупчlэрэр сигуапэ. Есхьылlэжьыщт тхыгъэхэри зэзгъэфэжьыгъэх, непэ-неущэу сиштэщтмэ, зыlузгъэкlэн симурад.

– Уитхыгъэмэ уадэмыгузажъу, Хъан-Джэрый, псауныгъэр зэкlэми анахь lоф.

– Барон, Павел Александрович, орыба сымэджашъо птетэп къысэзыlуагъэр?! – Тхьагъэпцlыгъэнчъэу, зэригъэшlагъорэр ымакъи ищхыкlи къыхэщэу Хъан-Джэрые къыхэкуукlыгъ: – Дзэ министрэм изакъоп, хэти ыпашъхьэ сиуцон, сыдэгущыlэн слъэкlыщт. Ар lофэп, сянэжъ зэриlощтыгъэу, ори талъэныкъо узыщэlэм ренэу зэрэпlощтыгъэу, зэкlэми задэпшlын плъэкlыщтэп. О уиlофхэр сыдэу щытых? Ары, ары, сыоплъышъ, сыпфэгушlо, уитэмэтелъхэри нахь иныкlэ зэблэпхъугъэх, нахь шъуашlуи ухъугъ, угукlи учэф, ахэр сшъхьэкlэ къыздэхъугъэм фэдэу сигуапэ.

– Тхьэуегъэпсэу, Хъан-Джэрый, угу имылъ къызэрэсэмыlорэр сшlошъ мэхъу, ау,– Вревскэм ышъо къызэокlыгъ,– сыгу дэхъыкlырэр пшlосыушъэфынэп, ощ нэмыкlи ар ыпашъхьэ щысlуагъэп, зыгорэм итхьамыкlагъокlэ къыбдэхъугъэм узэримыгъэтхъэщтыр тыздэщыlэгъэ Темыр Кавказым, анахьэу адыгэ шъолъырым, къыщызгурыlуагъэу, сызэгупшысэмэ сызфэгубжыжьэ, сигушlуагъуи сигукъауи къыздесэхьакlы. Сыд япlуагъэкlи, убгъэгу афызэгопхэу дэбгъэплгъагъэхэкlи, укъызэхэзымышlыкlын закl дзэ lофшlапlэм чlэсхэр!..

– Павел... Павел Александрович...

– Зэ, Хъан-Джэрый, сыкъызэпымыут,– Вревскэм ылэ Хъан-Джэрые пигъодзыгъ,– къасlо сшlоигъор къэсэгъэух. Сэ мыхэмэ, мы сигукъаомэ, илъэситlум сягупшысагъ, зязгъэухыгъ. Хьау, сыдекабристэп, сыпачъыхьэ чlэтlаклоп, хэгъэгу хэбзэ зэблэхъуми сащыщэп, сыд зэхэпхыгъэкlи укъысщымыщын, тэ затlорэр тазфагу зэрэдэмыкlыщтми сицыхьэ телъ, ар адыгэ шъолъырыми къыщызгурыlуагъ, уитхыгъэ зэпымыухэу дзэ lофшlапlэм къэбгъэхьыщтыгъэхэр, анахьэу дзэ министрэм къеуалlэщтыгъэхэр сэры зыlэкlэкlыщтыгъэхэр, ари ахэслъэгъуагъ. Урысыемрэ ипачъыхьэрэ уазэрэфэшъыпкъэм, ищыкlагъэ хъумэ, уищыlэныгъэ зэрафэптыщтым укlэупчlэжьынэу щытэп. Ау узфэшъыпкъэ пачъыхьэмрэ игенералхэмрэ мыхъункlэ уатегущыlэныр емыкlу, Темыр Кавказыр, адыгэ шъолъырыри зэрэхэтыжьэу, къызэрэзыlэкlагъэхьэрэ шlыкlэр сшlотэрэзэп. Сынитlукlэ сымылъэгъугъэмэ, lашэкlэ сыхэмылэжьагъэмэ, лажьэ зимыlэ цlыфмэ ятхьамыкlагъо сыримышыхьатыгъэмэ, ар сlощтыгъэп.

Хъан-Джэрые къэтэджи, пчъэ зэпагъор рищэлlэжьыгъ, ежь зыфидзыжьымэ, рыукlытэжьызэ, къыlуагъ:

– Сэ етlани, апэрэ мафэм щегъэжьагъэу, цыхьэ къыпфэсшlыщтыгъэп.

– Ащ сегуцафэщтыгъ... Ау сэры?...– Вревскэри щхыпцlыгъэ, къыриlуагъ: – Цыхьэ къызэрэсфэмышlыщтыгъэм апэ сызыщебгъэгупшысагъэр къыосlон.

– Дзэ министрэм фэптхырэм фэдэ къызфэгъанэзэ шы къызэрэосlогъагъэр арыщтын?

– Хьау,– тхьагъэпцlышъо нэгукlэ Павел Хъан-Джэрые lуплъагъ,– нахьыпаlу.

– Санкт-Петербург бгъэхьырэ тхыгъэмэ, слъэкъуацlэ зыкlэти зыкlэмыти сафэгъэнэlуас зэрэосlогъагъэр армэ шlэ?

– Хьау, нахьыпаlу,– Павел джыри щхыгъэ,– а къысапlощтыгъэхэми гуцафэ ахэсымылъагъощтыгъэу арэп, ау мамыр лlыкlомэ узыряпащэкlэ уишlэ хэмылъэу сызэрэмызекlон фаери къызгурымыlоу щытыгъэп. Ау етlани сыд

сыушъэфыжьыкlэ, хъущтыр хъугъахэ. Уишlэ хэмылъэу Екатеринодар щистхыкlи, дзэ министрэм тхылъыпlитlу фэзгъэхьыгъагъ. Гъогум тытетыфэ мыхъун зэрэпхэсымылъэгъуагъэм, Урысыемкlэ, пачъыхьэмкlэ угу зэрэкъабзэм фэшъхьаф апэрэ тхыгъэм итыгъэп, ятlонэрэр Завадовскэ къэзэкъ атаманыр къызэрэтпэгъокlыгъэм фэгъэхьыгъагъ.

– Ащ ыуж? – Хъан-Джэрые щхы фэдэ зишlыгъ.

– Укъызыкlэупчlагъэр шъуалъэныкъо къипщыгъэ адыгэ санэр хэмытэу зэхэтфын тлъэкlыщтэп,– ыгу къыдеlэу Вревскэр къесэмэркъэужьыгъ.

– Исмахьил! – Хъан-Джэрые унэм чlэджыкlыгъ, пчъэм къыдэкlыгъэм риlуагъ: – Пхъэчай цlыкlумрэ lэгубжъитlурэ lанэм къытегъэуцу, тихьакlэ, адыгэ санэм фэзэщыгъэу еlо. Къахь, къахь, ащ фэдэу укъысэмыплъ,– адыгабзэкlэ фидзыгъ,– зы гъуаткlуи зыlузгъэфэщтэп, уишыку зэкlэшlагъи зэкlэмытlупщыжь.

– Сыд Исмахьилэ ыгу римыхьырэр? – Вревскэм адыгабзэкlэ зэхихыгъэм джэнджэш ыгу къыригъэхьагъ.

– Сиузыкlэ къысфэсакъы,– Хъан-Джэрые щхызэ, джэуап къытыжьыгъ,– хьаулыеу сиlофзехьа?

– Зэрэхъурэмкlэ, уззрэсымэджагъэр сшlэзэ, санэмкlэ уезгъэзыгъэу мэхъу.– Павел къыlуи, псынкlэу къыпигъэхъожьыгъ: – Сэ бэрэ сыщысыщтэп, джыри lофшlапlэм згъэзэжьын фае.

– Сэмэркъэукlэ къэпlуагъэм егъэзыгъэ lоф хэлъа! – Зэхихыгъэр Хъан-Джэрые ыдагъэп: – Петербург тызэрэщызэlукlэжьыгъэм пае сэнабжъэ горэ зэдэтымыlэтэу сиунэ уизгъэкlыжьынэп. Къэlэт lэгубжъэр, Павел, тигукlаехэр бэми, тыпсаоу гушlуагъокlэ тызэрэзэlукlэжьыгъэм пай, тизэныбджэгъуныгъэ пытэнэу, тицlыфыгъэ щыкlэгъэнчъэу, лъыдгъэкlотэ зэпытынэу, Урысыемрэ пачъыхьэмрэ апае,– Хъан-Джэрые къэтэджыгъ,– мы сэнабжъэр тэгъэlэты!

«Сыдэу мыр цlыф гъэшlэгъона,– бжъэм зешъуахэхэм, Вревскэм гукlэ ыlуагъ,– афэшъыпкъэу, ыпсэ аlуилъхьэу зыфэгуlэрэ адыгэмэ тхьамыкlэгъо гъунэнчъэр афэзыхьыгъэ пачъыхьэмрэ Урысыемрэ, зэрэсымаджэм пымылъэу, ешъо зэрэмыхъущтыр къыраlо пэтызэ, щытэу бжъэр къафеlэты. Сыдэущтэу къыбгурыlощт ар? Сэрыгъэмэ, слъэпкъ зыгъэунэхъурэмэ ащ фэдэ шъхьэкlафэрэ лъытэныгъэрэ афэсшlыщтыгъэп. Джыдэд ныlэп, къогъанэ фэсымышlэу, сыгу илъыр зэкlэ зыфисхыгъэр. Зыгорэкlэ цыхьэ къысфимышlыкъомэ шlэ?.. Ащ фэдэ хъун ылъэкlыщтэп! Непэп сэ мыр зысшlэрэр, Темыр Кавказым, Адыгэ шъолъырым къин макlэп щызэдэтлъэгъугъэр, чlыпlэ хьылъэ lэджми тащызэдифагъ. Игупшысэ нафи шъэфи зэголъы сlонти, гунахь къэсхьын. Султlан лlакъом ящыгъу-пlастэ зэрэсшхыгъэм фэшъхьафэу, яныо Къэнтати, ящагудэт фэкъолlыми бэрэ гущыlэгъу сафэхъугъ. Гъэрекlо Кавказ-Къушъхьэ полуэскадроным къыхэхьэгъэ Адыл-Джэрыий, Тифлис къулыкъу щызыхьырэ Сахьид-Джэрыий синэlуасэх. Зэшмэ анахьыжъ Къырым-Джэрыеу перс заом щыфэхыгъэр? Хъан-Джэрые а лъэхъаным дэгъу дэдэу сымышlэщтыгъэми, ышнахьыжъ хымэ чlыгум щыдэзгъэтlылъыжьыгъэмэ сахэтыгъ... Дзэ министрэм зэриlоу, Бенкендорф графым ипыщэгъумэ цыхьэ афэшlыгъуай, ажэ псы дэгъэхъогъэ зэпытэу егъасэх».

Заулэ тешlагъэу, Петербург къэбархэр зызэрагъафэм, Вревскэр къэупчlагъ:

– Адэ, Хъан-Джэрый, уицыхьэ къызэрэстемылъым апэ сызщебгъэгупшысагъэр къэпшlагъэпи?

– Къэошlэжьмэ,– сыдэу къыспыпкlэгъап мыр ыlозэ, Хъан-Джэрые гукlэ щхыпцlыгъэ,– гъэрекlопэгъэ гъатхэ пачъыхьэ къуаджэм тызырагъэблагъэр ары. Нахь шъыпкъэу къэпlон хъумэ, Урысые пачъыхьэшхом иунэ ихьапlэ дэжь. Нахь благъэу укъекlолlэн хъумэ, Чернышевымрэ орырэ зы каретэ шъуззэдисэу шъузыlокlыжьыр ары. Къытезгъэфагъа? – Шъорышlыгъэ хэмылъэу Хъан-Джэрые щхыгъэ.

– Дзэ министрэм уриадъютант зыхъукlэ, зы каретэ уззэдисэуи къыхэкlыщт, ау пачъыхьэм ипчъэ дэжь зэрэпlуагъэмкlэ ухэукъуагъэп. Бенкендорфырэ Чернышевымрэ ауж уитэу пачъыхьэм дэжь учlащи, сэ пчъэlупэм сыкъызlуанэм, джэнэтым рамыгъэхьагъэм ыгу къызэреонэу сыгу къеогъагъ. Ахэр блэкlыгъэ lофых, Хъан-Джэрый, къегъэжьэгъахэти, тыгу къэдгъэкlыжьыгъ нахь, сыд ащ къикlыжьрэ? Сиежьэжьыгъо къэсы, Александр Ивановичым къыслъигъэхъущтых.

– Садэжь укъызэрэкlуагъэр ешlэ пlуагъэба?

– Ешlэ, ешlэ. Шlуфэси къыпфысигъэхьыгъ сlуагъи... Зипаlо лъагэхэр тынэ къыкlаохэу, загъорэ танэмысышъуми, тадэбэнаеу тесагъэшъ имыщыкlагъэхэр тэlо нахь, Алек-

сандр Ивановичыр цIыф дэеп, къешIэкIыгъэ генерал купмэ зэщамыфыщтыгъэмэ… Мыдэ, ситэджыжьыгъом сыщытэу хъохъу горэ бжъэм къесIуалIэ сшIоигъу. Темыр Кавказым заом зыщимыукIыхьанэу, адыгэмэ яIоф мамыркIэ ухыгъэнэу, о уиIофхэри лъыкIотэнхэу мы бжъэр къэсэIэты.

— Ар тэрэп зэлъытыгъэр, барон. Тэщ нахь инхэри ташъхьагъ итых.

— Къытшъхьащытых, ау тхьэ телъэIун, тызэфехъохъужьын тыфитба, Хъан-Джэрый?

— Тыфит, ау, Тхьэм къынэуж, ар ттезыхын щыIэп.

— Джащ нахь шъыпкъэ пIожьынэп. Ау къыосIуагъэхэр тазфагу къыдэнэжьынэу сыпщэгугъы, Хъан-Джэрый.

Хъан-Джэрые щхыпцIыгъэ, ежьэжьыгъэ хьакIэм еупчIыгъ:

— Уицыхьэ къыстелъба, Павел?

— Къыптемылъмэ, цыхьэшIэгъу усшIыщтыгъа?

— Ари тэрэз. Ау, къысфэгъэгъу, сыкъыомыупчIын слъэкIыщтэп, Павел Александрович,— пчъаблэм дэжь Хъан-Джэрые къыщигъэуцугъ,— тызызэрэшIэрэ илъэсмэ ялыягъэу сыда адыгэхэмкIэ угу илъыр непэ къызыкIысфипIотыкIыгъэр, сызэрэадыгэр ара?

— Хъан-Джэрый, зиусхьан!..— Вревскэм зэхихыгъэр ыгу къызэреорэр ынэгу чъэкIыгъэ къыIуатэу, пчъэкъопсым къыстыгъэм фэдэу ыIэ къыкIэрипхъотыжьыгъ: — Ащ фэдэу укъысэплъыщт Iоу сшIагъэмэ, сыгу къыпфызэIусхыныеп!..

КъехъулIэрэм иошIэ-дэмышIагъэ зыдишIэжьэу Хъан-Джэрые ыIэджабгъу, Вревскэм инэрылъэгъоу, ау къикIырэр къыгурымыIоу, къэкIэзэзыгъ, ыкошъо-лъэкIэпIэ лыпцыхэри ыкъудыигъэх. Аущтэу зэрэщытзэ, иуз къыхэлъадэ щыгъупшэжьыгъэу, Хъан-Джэрые кIыбыкIэ пчъэм Iууцуагъ, ихьакIэ риIуагъ:

— Къысфэгъэгъу, Павел, угу хэзгъэкIынэу сыфэягъэп. Шъуауж, адыгэ шъолъырым сыкъызенэм, Головин, Раевскэ, Троскин урыс генералхэмрэ Болэтыкъо, Щырыхъукъо, Дэгумыкъо, Цэй пщы-оркъы-лIэкъолъэшхэмрэ азыфагу цыхьэмышI-шъхьакIоштапхэ сыдэхъухьагъ. Синасыпти, модыкIэ Граббе генералыр, мыщкIэ дзэ IофшIапIэм, джы къызэрэзгурыIуагъэмкIэ, о укъыщыскъотыгъ. Тазфагу зэмышIуныгъэ дэлъэу сиунэ уизгъэкIыжьыщтэп, пIапэ къаштэ, сикъош.



— Узэхэсэшlыкlы, Хъан-Джэрый, узэхэсэшIыкIы,— Вревскэми игуапэу ыIэ къыщэигъ,— мыхъун тазыфагу къыдэзгъэхьанэу сэри уадэжь сыкъэкIуагъэп. Къыпфэсыдзыгъэ гущыIэхэри къысфэгъэгъу. Узэрэадыгэ шъыпкъэри узэрэурыс забыт шъыпкъэри сэ узэрэсшIэу нэмыкIми уязгъэшIэнэу сыфай. КъызгурэIо мэшIуитIумэ азыфагу узэрэдэтыри. СишIуагъэ къызэрэозгъэкIыщтыр сымышIэми, ар лыгъэкIэ пфэсэлъэгъушъ, гукIэ нахь пэблагъэ сыкъыпфэхъугъ. Уиадыгэ шъхьафит кIэхъопсымэ зэраIоу, уигукъао сигукъао, уигушIуагъо сигушIуагъо. ХъяркIэ, Хъан-Джэрый. Неущ дзэ IофшIапIэм, Чернышевым дэжь, сыкъыщыожэ. Уипсауныгъэ фэсакъ, плъэпкъыкIэ пшIэн фаеу джыри бэ къыппыщылъ, ар зэкIэми анахь Iоф.

Вревскэм икаретэ урам къэгъэзэгъум къолъэдэжьыгъэми, шъхьаныгъупчъэм Хъан-Джэрые къыкIэрыкIыжьыщтыгъэп. Къуданэт Исмахьилэ Iанэр Iуихыжьыгъ, унэм къихьагъ, икIыжьыгъ. Ящэнэрэ къихьагъум зыгу мышIу зиусхьаным фэсакъыпэзэ, еупчIыгъ:

— ШыкузэкIэтыр, зиусхьан, зэкIэстIыкIыжьыщта?

— Хьау, джыдэдэм унэм сыкъикIыт,— зигупшысэмэ къахэужьыгъэ Хъан-Джэрые къызэриIокIи, ятэ итыжьын сыхьат ибгъэджыбэ къырихи, зэтыригъэпкIыгъ, орэд шъэбэ гохьыр къыздэIукIыщтыгъэм щэджагъо зэрэхъурэр къыгъэлъэгъуагъ. Бенкендорф графым къыфигъэуцугъэ пIалъэм джыри сыхьат псау иIагъэми, гузажъозэ, шъхьаныгъупчъэм къыкIэрыкIыжьыгъ, гъунджэм иплъагъ, ытамэмэ атеутхыпкIыхьажьыгъ, идышъэ тэмэтелъхэр ыгъэтэрэзэжьыгъэх, ифлигель-адъютант аксельбанти бгъэм занкIэу къехмэ еплъыгъ, ицые Iупэхэми ыIэпэ псыгъохэмкIэ ядэхэшIагъ, лажьэ зимыIэ бгырыпхыри пкъы псыгъом щызэрищагъ, икъами, икIэрахъуи, исэшхуи зыгуигъэпытыхьагъэх.

«Сыд къысаIоми къыстефэ,— Хъан-Джэрые, ишъошэ гъэкIэрэкIагъэ гъунджэмкIэ зэпиплъыхьажьызэ, зыфэгубжыжьыгъ.— Зыгорэм уежьагъэмэ, уиIоф къэсэгъанэмэ сшIэрэп» Павел къызысеIом, «хьау, моу полуэскадрон дзакIомэ сахэхьан сихьисапыгъ» сIуи, згъэпцIагъэ… Хъуна ар? ЦыхьэмышIыным шъэф мыухыжьыр дэсIыгъ зэпыт. Вельяминовыми Раевскэми зэ къысфадзыгъагъ. Тыгъужъыкъо Къызбэчи «угу илъ шъыпкъэр къытапIорэп, сыдэущтэу цыхьэ къыпфэтшIыщта» ыIоти, тизакъоми, куп тыхэсми

къысэгыищтыгъ... Теплъыни, сэ сызхэтымэ шъуахэтыгъэмэ, Бенкендорф графым ыпашъхьэ шъуитыгъэмэ, шъуигъэсагъэмэ, зызэрэжъугъэпсыщтыгъэм...»

Хъан-Джэрые гъунджэм ежь зыримылъэгъожьыгъэу, къедэlуашэрэ горэм lуплъагъэм фэдэу, ыгурэ ышъхьэрэ зэбгъэжьэу къыlукlыжьыгъ.

«Зыфэсакъыжь, Хъан-Джэрый, уиlэжэгъэ-щэlагъэ уфимытыжь зыхъурэм цlыфмэ апашъхьэ емыкlу къыщыпхьын, уиузи къызтебгъэкlон, шъхьэзэкъо-къурэу, къыуапщэрэм уигъэсысэу утыгум укъинэн...»— Хъан-Джэрые ыlомэ, зэгыижьмэ-зэушъыижьзэ, икаретэ итlысхьагъ, Бенкендорф графым дэжь нэсыфэ а гупшысэр шъхьэм икlыгъэп.

Илъэситlум ылъапэ зэримыдзэгъэ унэ зэтетышхом, Пэшъукъыдыхэм якlэнхэм апае зэраlощтыгъэу, зэхъокlыныгъэ фэхъугъэп, итенэчышъхьэ зэбламыхъугъэмэ, идэкlоепlэ мыжъофхэр нахь мыхъокlыгъэхэмэ, зэкlэ зэрэщыт. Урысые жандармерием ипащэ ипчъэихьагъу lус полковник ныбжьыкlэр ежь илэгъун. Пачъыхьэм исурэти, остыгъэхэри, пчъэшхори зытетыгъэм зэрэтетых. Флигель-адъютантыр унэм зэрихьагъэм лъыпытэу полковникыр къыфэтэджыгъ, сыхьатым еплъи, фагъэуцугъэ пlалъэм ехъулlэу къызэрэсыгъэр игуапэу къыриlуагъ:

— Александр Христофоровичыр къыожэ.

Хъан-Джэрые зэрыхьэгъэ унэми зэхъокlыныгъэ рилъэгъуагъэп, хьау зыпэгъокlырэ Александр Христофоровичым ышъхьац нахь тхъуагъэ, ынэгукlи нахь псыгъу, ыбгъэ хэлъ тын лъапlэхэр нахьыбэ хъугъэх, икlуакlи къыхэlагъэу къыщыхъугъ, ау ыпэрэмэ афэдэу инэгушlуагъэ къыпигъохыгъ:

— Къакlо, къакlо, Хъан-Джэрый, сигуапэ укъызэрэкlожьыгъэр. Сыоплъыышъ, зиусхьан, лlыпкъым уиуцуагъ сымыlощтымэ, зэхъокlыныгъэ пхэслъагъорэп, хьау, уидэбжъыкъухэр тlэкlу къэуфыжьыгъэх. Укъысlогушlо шъхьакlэ, ары, ары, Хъан-Джэрый, унэмэ нэшъхъэигъэ акlэсэлъагъо. Къызгурэlо, уиlофмэ сащыгъуаз, шъуалъэныкъо къин къыщыплъэгъугъ, ащ бгъэшlэгъон хэлъэп — зао, ары, ары, джы шъэф хэлъыжьэп, зао щэкlо, адырабгъукlи мыдырабгъукlи лъыр щагъачъэ. Ау тыпфэраз, шъуалъэныкъо lоф щыпшlагъэп тlон тлъэкlыщтэп.

— Тхьэуегъэпсэу, генерал,— Хъан-Джэрые ыlитlу егъэчъэхыгъэу графым ыпашъхьэ зыщыритlагъ,— сшlагъэр сшlомакl нахь, сшlуабэп. Сыздэщыlэгъэ лъэныкъом, Александр Христофорович, бгъуитlумэ азыфагу зэгурыlоныгъэ дэслъхьан слъэкlыгъэп.

— Тара бгъуитlумэ яззу нахь узфэмыразэр, полковник? — Ыблыпкъ ыlыгъэу, нахьыпэ зэришlыщтыгъэм фэдэу, джэхэшъогум Хъан-Джэрые къыщыриdщэкlызэ, шъэбэшъабэу къеупчlыгъ.

— Сыгу илъыр къэсlон, сыушъэфынэп, Александр Христофорович, тlуми сафэразэп.

— Узщыщмэ нахь афэбгъэкlуатэу, уафэгумэкlэу ары тэ къэбарэу къытэlущтыгъэр.— Бенкендорф джау сыдми къыlуи, къызэтеуцуагъ, ынэ шхъуантlэмэ Хъан-Джэрые ынэхэр пхыраубырыукlыгъэх, етlанэ псынкlэу нэгушlопсыкlэ къызэблихъужьыгъэх: — Ау сшlошъ хъущтыгъэп, уиджэгъогъумэ зэрэпфагъэlущтыгъэм шъыпкъэ хэлъыгъ. Умыгъэшlагъо, Хъан-Джэрый, нэмыкl пшъхьэ къимыгъахь. Ары, ары, джа пчэдыжь уадэжь щыlэгъэ Вревскэр арэп. Ащ ишlуагъэ къыуимыгъэкlыгъэмэ, иягъэ къыуигъэкlыгъэп. Чернышев графым ицlыфти, сэри ащ фэдизэу сицыхьэ телъыгъэп. Вревскэ бароныр оркlэ зафэу къычlэкlыгъ, сэри сыфэраз. Сыдигъу дзэ министрэм, Александр Ивановичым, узыlукlэщтыр? — Нахь мэкъэ гъэшъхъыгъэкlэ къеупчlыгъ.

— О апэ сыпlумыкlэу, генерал, ащ зыlузгъэкlэныр къезгъэкlугъэп.

— Усэшlэжьы, Хъан-Джэрый, усэшlэжьы,— къызхимыгъэщышъоу графыр lугушlуклыгъ, кlэкlэуи къыухыжьыгъ,— уlукlэнэуи ищыкlагъэп. Къыуитыгъэ ахъщэр зыпэlубгъэхьэгъэ тхылъыпlэхэр уиlэхэба, бгъэхьазырыгъэхэба?

— Ахэри зэзгъэфэжьыгъэх, къелыжьыгъэ сомэ шъибгъури гослъхьажьыгъ.

Ахъщэ гугъу графым зызэхехым, зэремынэцlыгъэр зэригуапэр къыригъэкlэу ынэпцэ фыжь пlуакlэмэ ынэхэр къачlэгушlукlыгъэх. Зэпыугъо тlэкlукlэ, сэмэркъэу хэлъми умышlэу, къыlуагъ:

— Ахъщэ зыфимыкъурэ дзэ министрэ тхьаусхалэр сомэ шъибгъукlэ бгъэбаижьыгъэ. Иахъщэ зезгъэкlорэ иlофышlэу lэпэкlадзэкlэ къыозытыгъагъэм lэпэкlадзэкlэ етыжь.— Кlэкlэу джыри Бенкендорф графыр къызэтеуцуагъ: — Къыпфашlыгъэ пшъэрылъыр бгъэцэкlагъэми умыгъэцэкlагъэми зэпхьылlэжьыщтыр фэшъхьаф: Урысыем

ипачъыхьэшху ары. Ащ ынэшIу къызэрэпщыф, уиIофшIагъэ уасэ къызэрэфишI узэрэпсэущтыр.

– Ары шъхьакIэ, Александр Христофорович,– Хъан-Джэрые зэмыжэгъэ Iофым къыкIигъэщтагъ,– сыздэщыIагъэм мамыр илъэп...

– Земыгъэух, мамыр гущыIэм бэ къибгъэкIын плъэкIыщт. О пфэшIэщтым нахьыбэ пшIагъэ,– зэпыугъо зыригъэшIи, къыпигъэхъожьыгъ,– мамыр зымышIэрэмэ мамыр зэрахэлъхьэгъуаер къызэрэбгурыIуагъэр Урысые пачъыхьэшхом ыдэжь узыригъэблагъэкIэ умыушъэф.

– Урысые пачъыхьэшхом сыдигъо сыригъэблэгъэщт? – Хъан-Джэрые нахь гу къызIэпишIыхьажьыгъэу, уасэ зыфишIыжьэу къэупчIагъ.

– Неп-неущ сIорэп, ар пачъыхьэшхом къызэриIу. Ау Петербург укъызысыжьыщтым къыкIэупчIэгъагъ. КъызэрэоупчIынэу къыпщыхъурэмэ ягупшыс, зыфэгъэхьазыр. Сэ хэшIыкI зыфысиIэ IофыгъуитIу горэми, гуфэбэныгъэу къыпфысиIэм ихьатыркIэ, уащызгъэгъозэн. КъыуасIорэр орырэ сэрырэ нэмыкI ышIэ хъущтэп. Зыр, адыгэ хыIушъом, Геленджик къызэкIом адыгэ лIыкIохэр къызэрэпэмыгъэгъокIыгъэхэр ары. ЯтIонэрэр, адыгэпщымэ Ставрополь къыщыраIуагъэм пкIэ имыIэу ылъытагъ. Арышъ, адыгэмэ Iашэр амыгъэтIылъэу, къытэмышIухэу адыгэ пэщэ Iофыр фыхэбгъэпсыкъон. Заор а лъэныкъом щытыухымэ, мамыр щыIакIэм тыхэхьажьымэ, ащ къытетымыгъэзэжьынэу арэп. ПшIэхэнэп, о пцIэ къыраIонкIи мэхъу...

– Тхьэуегъэпсэу, Александр Христофорович, сятэ сиIагъэмэ, къысфимышIэщтыгъэр къысфэошIэ, уиIушыгъэрэ уизэфагъэрэ къысхэолъхьэ,– сыгу исэубытэ, ау зигугъу къысфэпшIыгъэитIур ти император нэфышхо Темыр Кавказым къыщысиIуагъ, уаси фэсшIыгъ.

– Ара? – Графым зэхихыгъэм хэшIыкI зэрэфыримыIэр къыхимыгъэщэу, ащ игугъу пачъыхьэм къызэрэфимышIыгъэр ыгъэшIагъоу къэупчIагъ, къэбарыр къыфэзымыIопщыгъэмэ гукIэ яцIацIэу, Iофы зыримыгъэшIышъоу къыухыжьыгъ: – Ащыгъум тиIоф нахь псынкIэ къэпшIыгъ. Ау ащ къикIырэп Урысые пачъыхьэшхом ыпашъхьэ узихьэкIэ, сыдырэ IофыкIи уфэмыхьазырыныр, унэпэ закъоп кIэуухъумэрэ, тэри, узипэщэ Кавказ-Къушъхьэ полуэскадроными анап. Ахэр зэкIэ дэгъу, полковник. Джы моу къэтIыс,– дэпкъышхом хэт мыжъо хьакум IутIысхьагъэх,–



нэмыкI горэмкIэ сыоупчIыщт. Сыд уипсаунигъ? Сыд анахьэу узгъэгумэкIырэр?

– СиуIагъэхэр арыщтын, Александр Христофорович, загъорэ сиджабгъу лъэныкъо къыхэузыкIы,– ыIэрэ ылъакъорэ зэрэпыутэбжьыкIырэр Хъан-Джэрые ыушъэфыгъ.

– КъызэрэпIорэмкIэ, Хъан-Джэрый, уиуIагъэхэр къызэкIэрыожьых... Ар хъущтэп, къызыщыпIорэм, анахь Iазэхэу Петербург дэсхэр къыозгъэIэзэных. Умыушъэфы,– а гущыIэм къытеIункIагъ,– узым иIэзэгъур лIыгъэ-щэIагъэр арэп, хэшIыкI фызиIэ Iазэ нахь.

– Тхьэуегъэпсэу, Александр Христофорович, сиузыкIэ гукIодыгъо зыдэсшIэжьырэп,– джыри Хъан-Джэрые иуз ыушъэфыгъ, сэмэркъэу упчIэкIэ къыухыжьыгъ,– жъыми ныбжьыкIэми зыгорэ къызхэмыузыкIырэ цIыф джы щыIэжьа?

Зэхихыгъэм Бенкендорф графым шъхьэр ригъэсысыгъ:

– Псаунигъэм рыджэгухэрэп... Ау аущтэу оIомэ, уиполуэскадрон пшъэрылъмэ ауж ихьажь,– графыр къызщытэджыкIыгъ, етIанэ зыгорэ ыгу къызэрэкIыжьыгъэм ыгъэгуIэу, унэм икIыжьырэм лъыджагъ: – Хъан-Джэрый, хэгъэгу Iофмэ тапылъ тIозэ, уянэжъкIэ сыкъызэрэпфэтхьаусыхэн фаер сщыгъупшэжьыгъ. Ащ фэдэ Iофым кIасэ фэIуагъэп, къэбарыр къызытэIум, тыгу къеуагъ, хэгъэгу Iофхэр зепфэзэ, хьэдагъэм узэрэхэмытыгъэр гухэкI тщыхъугъ, зыдигъэзэжьыгъэм шIу щэхъу, тхьэм ынэшIу къыщэф, зэрэбзылъфыгъэ Iушыгъэр къытэнэсщтыгъ, уяти, ори, пшыхэри талъэныкъокIэ зыкъызагъазэм ТыркуемкIэ плъэщтыгъэхэм апымылъэу, пэрыохъу къызэрэшъуфэмыхъугъэмкIэ тыфэраз, ащ фэдэ шIугъэ зекIуакIэхэр Урысыем щыгъупшэхэрэп.

– Тхьэуегъэпсэу, Александр Христофорович. Сянэжъ бзылъфыгъэ Iушым къыщыуцущтыгъэп, пытагъи, гулъыти, щэIагъи хэлъыгъ. Ащ кIэхэтхыгъэ къиныр тэщ нэмыкI цIыф ышIэрэпщтын... Ау гугъэм кIэгушIузэ зыщыщынэщтыгъэ тхьамыкIагъом зэрэхэплъэжьыгъэр сыгу къео...– Гухьа-гужъыгъи чIэгъычIэлъи хэмылъэу Хъан-Джэрые къыIуи, гушхогъэ-гукъаокIэ къыухыжьыгъ: – Анахь гугъэпIэ кIэгъэкъонэу дунаим щысиIагъэр сянэжъ ары. Джы сиIофхэр къызщызэхэхьэгъэ, анахь чIыпIэ хьылъэ сызифагъэм а кIэгъэкъон закъори скIэзыжьыгъ.

«Тэры адэ?» – Бенкендорф графыр Хъан-Джэрые къеупчIы шIоигъуагъ шъхьакIэ, зыгорэ къетIыргугъэ фэдэу, къыфэIошъугъэп.

## V

Хъан-Джэрые ыушъэфыщтыгъэ узыр 1840-рэ илъэсыкIэр къызщихьащт пчыхьэшъхьапэм нахь нафэ къыфэхъугъ: чаншъхьаупсыр апэ нэкIушъхьэм щыкIэззызыгъ, тIэкIу зыхэуIэгъэ чIыпIэм къытIупщыгъэ лъым щырыригъэгъэтызэ, ылъакъо къэутэбжьагъ, пиубытыкIыгъ. Сабын тхъурбэр ынэкIушъхьэ зэрэтелъэу узым къытIупщыжьыным щыгугъэу зимыгъэхъыеу тIэкIурэ гъунджэм кIэрытыгъ – нахь дэгъуи нахь дэий хъугъэп. Зыфэсакъыжьызэ, къыIукIыжьи, пхъэнтIэкIу шъабэм тетIысхьагъ, Iэ сэмэгумкIэ ыIотыщтыгъэ джабгъуIэр къытIупщыжьыгъ, лъэкъо утэбжьагъэр пыт-пымытми зэхишIэщтыгъэп.

«СиIоф джащ щысыухыгъэкIэ енэгуягъо…– Узым ыгъэгумэкI зыхъугъэм щегъэжьагъэу къыфэмыIошъуущтыгъэ гущыIэхэр шъхьэм къыфечъагъэх, ау зыфэгубжыжьыгъ: – Сыд сэIо сыгу згъэкIодэу къысэхъулIагъэр! Сиуз апэрэу къысэгъуа? Тхьэм ыIомэ, джыри гукIодыгъо щыIэп: сыгу къытео, сиакъыл зэтет, сигупшысэ къабзэ. Александр Христофоровичым къысигъэплъыгъэ Iазэм къысиIуагъэхэр дэх имыIэу сэгъэцакIэх. СызгъэгумэкIыщтыгъэхэр Iузгъэзыкlыгъэх, шIу фэшъхьаф сыгу изгъэлърэп. СшIэрэп къысэхъулIагъэр… Петербург къызызгъэзэжьыгъэ мазэм сиIофхэр дэгъоу зэшIокIыгъэх. Дзэ IофшIапIэр сIонти, Бенкендорф графымрэ Вревскэ баронымрэ яхьатыркIэ мэфэл тырамыгъашIэу ситхылъыпIэхэр аштагъэх, мыхъун къараIолIагъэп. Александр Христофоровичыр пачъыхьэм сызэрэIуигъэкIэщтым ыуж ит… Пчыхьашъхьэ балым пачъыхьэм сыщыIукIэн слъэкIыщтыгъэ, мызгъэгум Александра Федоровнами сыкъыздигъэшъони… Синасып балым сымыкIозэ сиуз зыкъызэрэсигъэшIагъэр, моущтэу ащ сыщиубытыгъагъэмэ, Тани, нэмыкIхэми апашъхьэ хьэйнапэ сыщыхъущтыгъэ… Сыд джы сшIэщтыр?..»

– Исмахьил! – Хъан-Джэрые унэм чIэджыкIыгъ, къихьагъэм риIуагъ: – Моу къэбзэ-лъабзэу сыкъызэкIэупсахь. СIэ къехъулIагъэр сшIэрэп,– изытет джыри иIофзехьэ шIуиушъэфыгъ, ылъакъо игугъу ымышIэу, ыпкъ иуцожьыгъэ Iэм теIэбагъ,– тIэкIу пыутэбжьыкIыгъагъ.

– Цlыфымэ уазыщыхэхьащтым, зиусхьан, олахьэ ар мыхъун.– Исмахьилэ зэхихыгъэр ыгу къеозэ, Хъан-Джэрые иузкIэ полуэскадроным къыхэхьэгъэ къэбарэу ышIошъ мыхъуущтыгъэм, ар ежь ымышIэмэ хэт ышIэн, нахь егупшысагъ, тIэкIуи къегыигъ: – Къысфэгъэгъу, зиусхьан, имыщыкIагъэмэ зяогъэгъапэ… АдыгэхэмкIэ сэ илъэситIум угу дэхъыкIэу слъэгъугъэр макIэп, зи къызтебгъэнагъэп. АшIошъ мыхъумэ, къысэрэупчIыхэ, ясIон згъотыщт. Гъэшlэгъона урысыдзэм тыхэтмэ? Муары, Занэкъо Сэфэрбыий тыркудзэм хэт аIуагъ.

– Занэкъо Сэфэрбый иIоф шъхьафы, Исмахьил, ащ тытемгъэгущыI. А лIы хъазынэр Тыркуем къыраубытагъ. Тыркуеми Урысыеми ащджэ зэфагъэ ахэлъэп.

– Ара? – Исмахьилэ чаншъхьаупсыр Хъан-Джэрые ынэкIушъхьэ къытыриIэтыкIи, къеупчIыгъ, псынкIэуи зиухыижьыгъ: – Ар о нахь пшIэн, тэ сыд… Къысфэгъэгъу, зиусхьан, сэ хэгъэгу Iофмэ сапэчыжь.

– Хэгъэгу Iофмэ уапэчыжьэна, Исмахьил,– ылъэкъо пыутэбжьыкIыгъэ нахь зыкъызэришIэжьырэр Хъан-Джэрые игуапэу къесэмэркъэужьыгъ,– Урысые пачъахьышхор къэзгъэгъунэрэмэ уащыщэу?

– Адэ арыба тIощтыри тэзымыгъэаIорэр, ау о, зиусхьан, зыми земыгъэгъэзэгумэкIэу пшъхьэ фэпшIэжьыщтым ыуж ит.

– Шъыдэу сIонышъ ыуж ситыт?

– ЕмыкIу къысфэмышI, ари къыосIон,– Исмахьилэ тIэкIу къызэтенэу ышъхьэ кIэпIэстхъэжьыгъ,– сыдэущтэу ар къэсIон, ашъыу, адыгэпщхэмрэ урысыпщыхэмрэ ашъхьэ зэрэфэшIухэм фэдэу, ори пшъхьэ уфэзгъэшIужьынэу ары.

– Зэрэхъурэмджэ, Исмахьил,– Хъан-Джэрые ардэдэм ылъакъо къызэкIэкIыжьыгъ,– сыадыгэпщыжьэп, урысыпщми сафэбгъадэрэп. Хэтмэ сащыщ ащыгъум?

– Урысые лъэныкъом зыкъызэрэбгъэзагъэм пае уадыгэпщыжьэп сIоу къызщымыгъэхъу, зиусхьан. Ащыгъум къыттемыфэрэр къыосэIуалIэ. Джа Черкасскэ пщыхэу зэгорэм Урысыем гуахьэхи, аумэхъыгъэмэ афэдэу Алахьым серэмыгъэлъэгъужь. Пщыхэм, инэралхэм, ощ нахьи нахь забыт цIыкIумэ зэрашIэу, мылъку тIэкIу озгъэугъои сшIоигъу.

– КъызэрэпІорэмджэ, мылъкухьэ мыщ тыкъэкІуагъэу ары,– зэхихыгъэр зэримыгуапэр къызхимыгъэщэу Хъан-Джэрые щхыгъэ.

– Ар оркІэ сфэІонэп, зиусхьан, ау сэ гухэлъ горэ симыІагъэмэ, мыщ сыкъэкІощтыгъэп. Сэ тадэжь згъэзэжьмэ, мылъку сфэхъунэу ахъщэ тІэкІу сыугъоигъэ. Тагъашхэба, тафапэба, лэжьапкІи къытатыба... Къысфэнэжьыгъэ илъэсир джыри зыгорэу згъэкІожьын... КъызысІуитхъыгъахэкІэ, Хъан-Джэрый, джыри сигугъапІэ горэм ухэзгъэдэІожьын, ори ащкІэ уишІуагъэ къэбгъэкІонэу сыпщэгугъы.

– Сэ симылъку угъоикІэ фэшъхьаф, Исмахьил, мыхъун къэпІуагъэп, ау...– Хъан-Джэрые ыгу къыпиІонтІыкІыгъэми, къызхигъэщыгъэп: – Ау, шъыпкъэ пІотмэ, хэти имылъку къэгъэхъакІи шъхьафы. Тятэжъмэ къысфыщанэгъэ мылъкур сфимыкъуджэ арэп сэ Урысые лъэныкъомджэ зыкъызкІэзгъэзагъэр, къызгурымыІо гори, сызыщыхэукъо гори сизекІуакІэ хэлъыгъэнджи мэхъу, сызфыкІэгъожыгъэхэри къысфадзыжьыхэу къыхэкІыгъ. Тыркуемджэ зысымыгъазэу Урысыемджэ зыкъызэрэзгъэзагъэм сырыкІэгъожьырэп.

– Тызигъусэмэ къыташІэрэр къыташІэуи, зиусхьан?

– Ары, Исмахьил, ары, зэрэчылэ бгъэпыинджи, уигъунэгъу пыи умышІ, зыщыщ умышІэрэ чылэр гугъапІэ пшъныр емыкІу. Мыхъу зыщыхъужьырэм джа гъунэгъур ары зигукІэгъу апэ къыплъыІэсыщтыр, зыІапэ къыпфэзыщэищтыр. Тэ, адыгэхэр, тихэгъэгунчъагъэрэ тишъхьафит гъунэнчъэрэ татеунэхъуагъ. Ыджар дэдэм непи къэгъэзэжьынчъэу тырегъэчъэхы.

– Зиусхьан, сыдэу гущыІэ дыджых, гущыІэ гуаох зэхэсхыхэрэр?..– Къуданэт Исмахьилэ нэплъэгъу гугъэпІэнчъэкІэ Хъан-Джэрые Іуплъагъ.

– Ары, угу зыгъэузын нахь, ащ бгъэшІэгъон хэлъыжьэп. Шъыд хэпшІахьын, ар тэрджэ къежьагъэп, тэрджи ухыжьыгъэ хъутэп. Игъом зыкъэзымышІэжьыгъэ хэтрэ лъэпкъ макІи ар къыпыщылъ. КІочІэшхом къарыунчъэр риутэу хабзэ, ар непэ тэри къытэхъулІэ. Тапэджэ къэхъутэр шъыдым фэпшІэн, тинепэрэ нахьыжъмэ аІорэми демыгъэштэн плъэкІытэп, етІани адыгэхэр къеуцолІагъэхэджи къемыуцолІагъэхэджи зыхагъэзыхьэрэ хэгъэгум насыпышІо щыхъунхэу сыгу къысиІорэп... ЕгъэшІэрэ адыгэ шъхьафит осэшІхэр,– Хъан-Джэрые зэримызакъор щыгъупшэжьэу, шъхьэр ыгъэсысымэ хэщэтыкІызэ, къыІуагъ,– шъуикъушъхьэ шыгуфмэ, шъуимэз зэикІмэ, шъуижъокІупІэ икІотмэ, шъуихыор уалъэмэ шъуакъогушхукІымэ, шъуихъохъу зэфэшъуІэтымэ шъузэщытхъужьызэ, загъори бзэгу шъузэрэхьыжьмэ шъузэзэожьызэ, етІанэ бгъэ тІэтагъэм ежъугъэпшэрэ хьакІэщмэ шъуарытІысхьажьмэ лІыгъэм орэд фызэхашъулъхьэу, лІыгъэнчъэм шъукІэнакІэу шъхьарытІупщэу шъупсэун нахьи, шъукъызкъонэжьын хэгъэгур жъугъэпсыгъагъэмэ нахьышІугъ...

– Олахьэ къэпІуагъэр шъыпкъэм, Хъан-Джэрый! – Исмахьилэ къызІуипхъотыгъ.

– Шъыд къэсІуагъэр?! – Хъан-Джэрые зыкъишІэжьэу мэкъэ ІэтыгъэкІэ къэупчІагъ: – Зыпари къэсІуагъэп, зыпари зэхэпхыгъэп, Исмахьил.

– Ары, зиусхьан, ары, зи къэпІуагъэп, зи зэхэсхыгъэп,– ащ фэдэ чІыпІэ зифэкІэ шэны зэрэфэхъугъэу, Къуданэтым кІэкІэу къыпиупкІыгъ.

– КъаІо ащыгъум укъызэрэсщыгугъэу зыфэпІуагъэр.

– СызэдэІугъэмэ ауж, зиусхьан, ащ нибжьи игугъу къэсшІынэп!

– Шъэфмэ уезгъэзырэп. Ау сишІуагъэ къыокІытмэ, цахь къысфэошІмэ къаІо, тазфагу къыдэнэжьын.

– Цыхьэ къыпфэсымышІы мэхъуа, зиусхьан! О зыр ары мыщ гугъапІэу щысиІэр...– Исмахьилэ къыІуи, кІилъэшъужьыгъ: – ЗыфэпІогъэ уахътэр къэсы, зиусхьан, сишыкузэкІэти хьазыр...– Пчъэм нэсыгъэу ошІэ-дэмышІэу къызэтеуцуагъ: – Аущтэу оІомэ, къэсІон: корнетыцІэр къысябгъэтыгъагъэмэ, нибжьи сщыгъупшэжьыщтыгъэп, тичылэхэри къыпфэрэзэныгъэхи.

– Шъыд корнетым епшІэтыр, Исмахьил?

– Ащ сызыкІыфаер ары... ТалъэныкъокІэ, Лэбэ Іушъорэ Пшызэ Іушъорэ адэжь, адыгэмэ арагъэбгынэрэ чІыгухэр забытыцІэ зиІэмэ араты аІуагъ, хьаулыеу урысыдзэм сыхэта!

– Шъыд пІуагъи!..– Хъан-Джэрые зэхихыгъэм къыхигъэкуукІыгъ, ау иуз зыкъыригъэшІэжьэу джэуап ытыжьыгъ: – КорнетыцІэр спшъэ ифэн, Исмахьил, къыптемыфэу сІорэп, ау чІыгу Іофэу къыпыбгъэхъожьыгъэм сыкъырыуукІыгъ. Ащыгъум тІуагъи тызэрэадыгэри пкІэнчъ, орыба зыгорэм итхьамыкІагъо хэбаикІхэрэп зыІуагъэр?

– Сэры, зиусхьан...– Пчъэшъхьаlум Къуданэтыр щылъэубэбагъ: – Къызгурыlуагъ... «Шым утесми былымым укъыригъэпсыхыщт» тятэ зыфиlощтыгъэм непэ сырихьылlагъ... Ар сыжэ къыхьын нахьи сыбзэгу паупкlыгъэмэ нахьышlугъ...

– Къыбгурыlуагъэмэ дэгъу, Исмахьил,– Хъан-Джэрые иlофзехьэ джы ыгу егъужьэу гущыlэ шабэкlэ риlуагъ,– ау джынэкъэуж ащ фэдэ зэхэсэмыгъэхыжь. Кlо модырэ унэм, тlэкlу шlэмэ, сыкъыпфэет.

Хъан-Джэрые ылъакъо фэсакъызэ къэтэджыгъ, джэхашъом тезэкlухьэу ригъэжьагъ, «Хьау, зи илэжьэжьэп,– гушlуагъэ,– сытеуцон сэлъэкlы, слъэхъуамбэхэр зэхэсэшlэ, лъэгонджэ зэхэтыри къысэдэlу. Адэ пачъыхьэм иилъэсыкlэ бал сэрэкlуа? Сыкlомэ, пачъыхьэми силъэгъун, илъэситlум сызфэlэпэпчъэгъэ нэlосэ-ныбджэгъухэри къыщыслъэгъуных, мыщ фэдизым къысэжэгъэ Татьяни цlыфмэ ахэсщэн, илъэс псаум зэ ныlэп типачъыхьэшхо мыщ фэдэ мэфэкlым зыригъэблагъэхэрэр. Петербург ицlыф хэхыгъэхэр арых щыlэщтыхэр. Кавказым пачъыхьэр щыслъэгъугъ, илъэситlум сыстемыплъагъэр Александра Федоровнар ары... Иlэпс-лъэпсыгъэ щымыкlагъэу, нахьыпэм фэдэу джыри къашъуа шъуlо? Адыгэ lофмэ язытеткlэ къысэупчlымэ, джы сlон сэшlэ. Пачъыхьэшхом сыщыlукlэмэ, сызыригъэблэгъэщтыр къысиlонкlи мэхъу... Исмахьилэ къысиlуагъэр? Корнет зысигъэшlынышъ, адыгэмэ къатырахырэр ежь къызфаригъэшlэщт. Иакъыл къыхьырэп сlонти, кlэлэжьэп, сэщ нахьи илъэсищ ныlэп зэрэнахьыкlэр, делэп, акъылыми щикlухьагъэп, непэп, ежь-ежьырэу къыlуагъ, а гупшысэр къызфэтэджыгъэр, ау зыкъишlэжьи, уасэ зыфишlыжьыгъэшъ, фэбгъэгъущт... Зэ, зэ, сlорэр сыда, зэгорэм утегущыlэным ыпэкlэ о апэ зэплъыжь... Урысыемкlэ зызэрагъэзагъэм пае сятэжъба, сятэба Пшызэ кlыбыкlэ чlыгу десятинэ пчъагъэхэр къызыфыпачыгъагъэхэр? Ахэри зэгорэм адыгэ чlыгугъэх, щамыгъэlэжьхэ хъуи, сэмэгу нэпкъым къызэпырыкlыжьыгъагъэх... Исмахьилэ сегыи, сэгъэукlытэ шъхьакlэ, ымышlэрэ lоф рыгущыlэрэп...»

Каретэ макъэ къэlугъэ фэдэу Хъан-Джэрые къыщыхъугъ, щагур зэгъокlыгъэти, игупшысэмэ зыкъыжэхатэкъожьыгъ. «Адэ пачъыхьэм ипчыхьэзэхахьэ мэфэкl сэрэкlуа? Цlыф хьакъу-жъокъу зэрэгъэчэфмэ сахэтэу е пачъыхьэр къыздэгущыlэзэ, е Александра Федоровнар къэзгъашъозэ, е сэнабжъэр Татьянэ дэсlэтызэ, сикъыриутмэ? Хьау, хьау, зыми сыкlощтэп, сишlухэми сиджагъохэми апашъхьэ хьэйнапэ зыщысшlыжьыщтэп!» – Хъан-Джэрые псынкlэу къэлэмымрэ тхылъыпlэмрэ къыштагъ: «Таня, къыпфэстхырэм угу химыгъэкlынэу сшlэмэ, гъунэнчъэу сыпфэрэзэщт, пшlошъ гъэхъу, сызэхэшlыкl, тызэпэlэпчъэфэ сыгу уилъэу, синэплъэгъу ухэтэу нычхьапэ фэдэ мэфэкlыр къызэрэтфэсыщтым сежагъ, ау, сыдэу пшlын, Тхьэм къыздигъэхъугъэп, сыгъоищай. Нибжьи цlыф сетхьаусхылlагъэп, сызхэтхэми ашlэ, ори ущыгъуаз. Непэ сиlоф зытетымкlэ, хьау, хьау, мыхъун пшъхьэ къимыгъахь, щынагъо щыlэп, ти пачъыхьэшхо ипчыхьэзэхахьэ сыкъэкlошъущтэп. Тызызэlукlэрэм, тхьэм lомэ, къыспыпкlэгъэ ошlэ-дэмышlэ узым, сиуlагъэмэ зыкъысагъэшlэжьыкlэ енэгуягъо, икъэбар нахь ущызгъэгъозэн. Сэщ пае къэмыгъан, кlо, Алексдыхэм адакlу, анаlэ къыптырагъэтын, илъэсыкlэ мэфэкlым зыхэмыгъэн. Зыгъэдах, зыгъэчэф, зыгъэlэшlу, сэщ пай нахь, нэмыкlмэ апаеп, ти Пачъыхьэшхо къызышъуфехьохъу уж, илъэсыкlэр къызщихьащт пlалъэм сэнабжъэр зышъуlэтыкlэ, угу сыкъэгъэкl, тинэплъэгъумэ тазэдыхэтэу тызэlуплъэщт, насыпырэ гушlуагъорэ тыщымыкlэнэу илъэсыкlэм тызэфэгушlощт. Тизэlукlэгъу благъэ къэсыфэ сшlуабэ дашlэ, хъяркlэ! Шъабэу, шъабэу lаплl фабэ къыосэщэкlы, пlупшlэ дэхэ стырмэ сакъынэсы. Таня, мыр къыосымыlожьми, хъущтыгъэ, – тхыгъэм икlэух пигъэхъожьыгъ,– ащ уигулъытэ зэрэтефэщтыми сегуцэфэжьырэп. Сызэрэгъоищаер, ощ нэмыкl, зыми есымыгъашlэ сшlоигъуагъ. Къыскlэупчlэрэ щыlэмэ, сызэрэшъыгъорэр яlу».

Хъан-Джэрые зэрэзекlорэм рыкlэгъожьмэ зиухыжьызэ, тхыгъэр Къуданэт Исмахьилэ Тане фыригъэхьыгъ.

Ар ыпашъхьэ зекlым, ыгу жьы дэкlыгъэ фэдэу къыщыхъугъагъ шъхьакlэ, унэ нэкlым ыгу илъыгъэп. Моущтэу хъунэу ышlагъэмэ, Адыл-Джэрые къеупчlыгъагъ, ытlупщыныеп. Къаз-Джэрыий, Нэгъумэ Шори, Пэдыс Мэмэтчэрыий, Тыгъэнэ Аслъанбэчи бэшlагъэп ыдэжь зикlыжьыгъэхэр... «Илъэс щэкlырэ тlурэ нахь къэмыгъэшlагъэу,– Хъан-Джэрые шъхьэр дигъэсысызэ, гукlэ зэгыижьы,– ежь зыщыфаем узылъэхъэрэ узыр уапэ къикlыныр! Етlани къызыщыочъэщт чlыпlэр, уахътэр пшlэщтыгъэмэ lофыгъа...

ЦIыф къыгъэшIэн къэзгъэшIэгъагъэмэ... СиIофхэр зыщызэпыфэжьыщтхэм къысэхъулIэрэр емыкIу. Сиуз сэкъат сехъулIэн нахьи, сыIуригъэхмэ нахьышIу. Сыд къыздэхъугъэмэ яшIуагъ, унагъо зышIагъэмэ сащыщэп, сцIэ рязыгъэIон спIугъэп, сылэжьыгъэп. Хьаулыеу Тани сэгъапцIэ, сиIоф зытетыр дэхэ-дахэу сфеIошъурэп. Сикъэбармэ Александр Христофоровичыр зэращыгъуазэр сшIэзэ, къызфысэупчIыгъэр сфеIуагъэп, Вревскэми шIосыушъэфыгъ. Ахэр хэсэгъэкIыжьышъ, сшынахьыкIи ышъхьэ фисхырэп. Узым сыкъыриутмэ, а зыр ары «сянэ къылъфыгъ» зыIонэу мы къэлэшхом щысиIэр... СызэгупшысэжьышЪ, сыхэт сэ? Зыгурэ зыпсэрэ зэIухыгъэ сшынахьыкIэмэ сазэрэфэмыдэм игугъу сшIыжьырэп. Ащыгъум, сыд ятIа, тхьацуа, гъучIа сызхэшIыкIыгъэр?..»

Тыжьын сыхьатыр Хъан-Джэрые зэтыригъэпкIи, къыдэжъыукIырэ орэдыр тхьакIумэм къымыубытыжьэу, еплъыгъ — илъэсыкIэ чэщыр шхончэо бырсыр макъэкIэ пшIым пэкIоты, адырэ унэм, сыхьаткIэ узэкIэIэбэжьмэ, Тане дэжь ыIофтэгъэгъэ Къуданэт Исмахьилэ ихьакъушыкъу макъэ къычIэIукIы. «Тане фэстхыгъэр унэIут лIыжъым IэкIигъэхьажьыгъэна шъуIо? — Хъан-Джэрые ыIуагъ, унэIут лIыжъыр къыфэчэф зэпытэу къызэрэпэгъокIыщтыгъэр, Тани адыкIэ дэкIоепIэ лъагэм нэгушIо-гушIопсыкIэ къызэрэщежэщтыгъэр инэплъэгъу къыкIэтэджагъ, ыгуи къыпиIонтIыкIыгъ,— хэт шъуIуа Тане пчыхьэзэхахьэм зыдэкIогъэщтыр? Алекс ешъоным фэмыкIэщыгъуагъэмэ Iофыгъа!.. ШъхьэкIафэ зыхэлъ купмэ Тане ахэфэгъагъэмэ дэгъугъэ. Илъэсыжъыр джы зыщагъэкIотэжьырэ жъобгыпI, сэнабжъэхэр зэрагъэутэкIых, зэIогушIох, къэшъох... Тане ышъхьэ зэрилъытэжьыщтым сицыхьэ телъ, «укъэзгъэшъощт, узгъэчэфыщт» зыIоу къыкIэрылъэдэщт гусархэр ары щынагъохэр. Сэ сыкIыгъу хъумэ, сэмэркъэу мышъомыл зыми къыфидзырэп! Хьау, изакъоу згъэкIон фэягъэп. ЦIыфмэ къямыхъулIэрэ къысэхъулIэныя, гуцафэ зэрэзыфэсшIыжьэу цIыкIу-цIыкIоу такъыхэкIыжьыгъэмэ хъущтыгъэ. Ары шъхьакIэ, Тане ыпашъхьэ узым сыкъыщиубытмэ?..»

Къэлэпчъэшхомкlэ къыщыIугъэ каретэ макъэр Къаз-Джэрые, е Шорэ, Адыл-Джэрые яз къызэрыкIуагъэр ары ыIозэ, пчъэ Iуубгъукlыгъэм Тане дилъэгъуагъ. Мэ IэшIур унэм из къэзышIыгъэм ылъэгъугъэр ыгъэшIэгъуагъ:

— Хъан, сигупс, ора ар?! Адэ сэ пIэм ухэлъ сшIошIыгъи... Сыд къыохъулIагъэр?

— Таня, сыдэущтэу мыщ укъэкIонэу хъугъа? — Хъан-Джэрые ылъэгъурэм ыгу къыригъэгушIукIыгъ.— О уздэщыIэн фаер пачъыхьэм ипчыхьэзэхахьэ мэфэкI арба?..

— Усимыгъусэу, Хъан, сыдэущтэу сыкIощтыгъа? Уилажьэр сэшIэфэ сызэгоутыгъ. Усымаджа, хьауми, зыгорэм угу хигъэкIыгъа? СшIомыушъэф.

— Джыдэд, Таня, джыдэд, моу уикIыIутелъ къысэт.

— Хьау, Хъан, зыщысхыщтэп. Усымаджэми, упсауми дзэщытыпIэр ори сэри къытэпэсыгъэп, уиIофшIэгъуми агу къысарэмыгъабгъ, илъэсыкIэм мыщ ущыпэзгъэгъокIыщтэп. ТызызэрэшIэрэм щегъэжьагъэу мыщ фэдэу услъэгъугъэп. НекIо, пфэукIочIыщтми-пфэмыукIочIыщтми, нычхьапэ мы унэм уизгъэсыщтэп.

— Зыгъэрэхьат, Таня, зыми сыгу хигъэкIыгъэп. НекIу пIомэ, сыхьазыр, ау пачъыхьэ пчыхьэзэхахьэм сыкъыбдэкIошъущтэп, ар сэзымыгъашIэрэр мы чIыпIэм къыщыосIошъунэп, етIанэ сызылъэхъэрэ узым ущызгъэгъозэн.

— Ащыгъум некIо тадэжь, илъэсыкIэр къихьанкIэ зы сыхьат нахь къэнэжьыгъэп...

Хъан-Джэрые ыушъэфыщтыгъэ узым Татьянэ фэшъхьаф щимыгъэгъозэгъагъэми, Кавказ-Къушхьэ полуэскадроным щаIэкIэкIыгъэ къэбарыр илъэсыкIэм пыкIыгъэ мэзитIум ахьаджы икъугъ. Тхьэмэфищэ Хъан-Джэрые дзэ сымэджэщым зэрэчIэлъыгъэр, Петербург ианахь Iазэмэ, пачъыхьэм иери зэрахэтыжьэу, зэрауплъэкIугъэр, Кисловодскэми, Пятигорскэми, Железноводскэми кIонышъ зэрэзэIэзэжьын фаер къэбар шъхьэIулIэжьыгъ. Ар Тане зызэхехым, нахьыпэм, илъэситIукIэ узэкIэIэбэжьымэ, зызэришIыгъагъэм зэрэфэмыдэр Хъан-Джэрые игопагъ, игъогу техьани нахь псынкIэ къышIыгъ, тыригъэгушхуагъ, ау пачъыхьэм IукIэныр къэзгъэпсынкIагъэр Бенкендорф графым илъэIу тхыгъ.

Хъан-Джэрые зэрэмыгугъагъэу, зызэрэфигъэхьазырыгъэ мэфэ-мэзэ гумэкIмэ ямылъытыгъэу, адырэ дыриIэгъэ зэIукIэгъумэ анахь шъабэу, анахь дахэу Урысые пачъыхьэшхор къыпэгъокIыгъ, къыщытхъузэ, къесэмэркъэугъ:

– Сыоплъышъ, Хъан-Джэрый, ппэкIэкIыгъэ илъэс хьылъитIур къыпхэIэнкIэ къыпщэщтэ пIонэу, теплъэ дэгъу уиI, уилIыгъэ тэ зэрэтшIэу тиIазэмэ амышIэу уагъэсымаджэкIэ енэгуягъо. Сыд о узэреплъырэр, Александр Христофорович?

– Шъыпкъэр уие, Урысые пачъыхьэшху,– Бенкендорф графым кIэкIэу къыриIожьыгъ.

– Ары, ары, сифлигель-адъютант лIыгъи, пытагъи хэлъ. Уиуз хъужьыщт, полковник, сицыхьэ телъ. Ащ нахь чIыпIэ къинхэм уарыкIыгъ, узым зыкъемыгъэуфэнэу сыпщэгугъы, тэ джыри утищыкIагъ, Урысые хэгъэгушхом урищыкIагъ, фэпшIагъэмкIэ къыпфэраз, джыри нахь IофыгъошхохэмкIэ къыпщэгугъы.

– Тхьэуегъэпсэу, Урысые пачъыхьэшху,– Хъан-Джэрые пачъыхьэ пашъхьэм зыщыриищыгъ,– сищыIэныгъэкIэ сыпфэшъуыпкъ.

– Къысфыуиiэ шъыпкъэныгъэмкIэ ори тхьэуегъэпсэу, силъапI. Урысыем шIу фэзышIагъэхэр зыщигъэгъупшэрэп, уасэ афешIы, егъэлъапIэх. Непэ тадэжь укъызфедгъэблэгъагъэр, пшъэ къитлъхьэгъагъэр зэрэбгъэцэкIагъэм пае тхьэуегъэпсэу къыотIонэу ары. КъызгурэIо джыдэдэм угу дэхъыкIырэр, ори тэри уилъэпкъэгъухэр къытэмыдэIугъэхэми, тлъэкI къэдгъэнагъэп. Кавказ сызэкIом, Урысые пачъыхьэшхом зыфаер къыдэхъугъэп зыIуагъэхэр IэкIыб хэгъэгухэми, тихэгъэгуи къарыкIыгъэх, ау ахэр лъэшэу хэукъох. Тэ тишIэн тшIагъэ, заом зызэриукIыхьащтыр сшIэрэп, ау Кавказыр зэрэтиещтыр щэч хэмылъыжьэу дунаим гурыдгъэIуагъ. Мамыр лIыкIокIэ зи къыптенагъэп. УиIофшIагъэ пае мы тыжьын сэшхор нэпэеплъэу къыпфэтэгъэшъуашэ.

Сэшхор пачъыхьэм къыIихы зэхъум, Iашэр къэзэкъмэ аты зыхъукIэ осэ тIэкIу лъымытымэ зэрэмышIур Хъан-Джэрые ешIэти, Бенкендорф графым дэжькIэ плъагъэ, адырэми къыриIуагъ:

– Хабзэр умыукъо, полковник, чапыч нэмыIэми къаштэ.

Пачъыхьэм бетакъыр щхызэ Iихыгъ, къесэмэркъэужьыгъ:

– Тыжьын сэшхор бетакъ нахь лъэпIаIоми, хэгъэгу ахъщалъэр тыунэкIыгъапэп. Псы фабэм окIо аIуагъэшъ, полковник, гъогумаф, ухъужьыгъэу, гукIи, псэкIи упытэу къытфэгъэзэжь.



Хъан-Джэрые пчъэ кIыб зэрэхъоу, пачъыхьэм къыIуагъ:

– Мы ядэжь дгъэкIожьрэм зыхэхьажьхэрэмкIэ иягъэ къытэкIыкъомэ, Александр Христофорович? Ащ уегупшысагъа?

– Сегупшысагъ, Урысые пачъыхьэшху, тэркIи, зыщыщхэмкIи зишIуагъэ къэмыкIожьын цIыф полковникыр.

– Шекспир зэриIоу, маврэм ышIэщтыр ышIэгъах, тищыкIэгъэжьэп, ара?

– Хьау, Урысые пачъыхьэшху, ар дэдэри сфэIонэп,– Бенкендорф псынкIэу зыкъызэблихъугъ, зэпыугъо тIэкIукIэ пачъыхьэм къыIуагъэм дыригъэштагъ: – Ары, зиусхьан лъапI, зэдэтпIугъэ адыгэпщым гухэкI нахь мышIэми, ышIэщтыр ышIэгъах, тэ тшIэн фаеу тапэ илъыр джыри бэ. Ау ащ къикIырэп тынаIэ полковникым тетымыгъэтыныр, къытэмыкIущтыр адыгэ чIыгум щедгъэшIэныр… Граббе макъэ езгъэIугъ, Раевскэми мыщ зымафэ сыщыдэгущыIагъ.

– Тхьэуегъэпсэу, граф.– Урысые пачъыхьэм зэхихыгъэр игуапэу ынэхэр къэушъэбыгъэх, етIанэ ошIэ-дэмышIэу мэшIо шхъуантIэкIэ къызэкIэблагъэх: – Темыр Кавказым итэкъогъо мыжъуакIэм фэдиз цIыф лъэпкъ ис, джы нэс афызэхэмыщэгъэ хэгъэгу шъхьафкIэ дгъэгугъэхэ хъущтэп, верст мин щысэкIуфэ ащ фэшъхьаф гущыIэ зэхэсхыгъэп…

## VI

«Уимыхэгъэгу идышъэбг нахьи узыщапIугъэм ичIыгу IэмычI».

Хы МыутIэм икъокIыпIэ нэпкъ Хъан-Джэрые къызытехьажьым, хьакIэщ горэм Тыгъужъыкъо Къызбэч а гущыIэжъэу къыщыриIогъагъэр ыгу къэкIыжьыгъ, шыкуаом риIуагъ:

– Къэгъэуцу!

Хъан-Джэрые каретэм ыпэ итэу, гъогу лъыхъурэм фэдэу, заулэрэ кIуагъэ, етIанэ кIэкIэу иджабгъукIэ дэхи, кIымэфэ щтыргъукIым къыпызыжьыгъэ гъэтхэпэ шъофым ихьагъ. ЧыжьэкIэ къушъхьэ зэбгъу шыгуфхэр, Анэпэ кIахэкIэ къыщежьэхэшъ, ом зыхащаеу, Кавказыр тIо агощызэ, къэбэртэе лъэныкъом, Iошъхьэмафэ еоIIэжьых. Къушъхьэ сэмэгу лъапэмэ аIучъырэ мэз зэщымыщхэр, уц къэшхо шъофхэр, жъокIупIэ гъэбэжъухэр, адыгэ чылэжъ-

хэр, тӀысыгъэкӀэ къэзэкъ къутыр амыӀоу, псыхъо цӀыкӀуи ини къызэранэкӀызэ, къокӀыпӀэ ошъо чӀэгъым чӀэкӀодэжьых.

Гъэтхапэр фабэп, чъыӀэп, ау шхъонтӀэгъакӀэр, жьаупӀэмэ къакъонэгъэ ос ныкъожъужь пхъапхъэмэ адэхьащхы фэдэу, тыдэкӀи чӀым къыщыхэкӀоты. ЗэшӀэгъуаем хэт темэнылъэ къамылхэм, ягъэрекӀо шъэфырэ ямыгъэрэ гукъаорэ зэраӀотэщтыр амышӀэу, непэрэ жьыбгъэнчъэ мафэм етхьаусыхылӀэх пӀонэу, янэгъыф-джэф ӀуплъэкӀэ угу зэрагъэгъу. Загъорэ бзыумэ запхъуатэ, чӀыхъумбый Ӏошъхьэ тӀыгъакӀэхэри, жъыхэри одыкӀи-мыдыкӀи чӀым къытещых. ШӀуцӀашъо зытырихырэ пырэжъыялъэхэри бащэ тырамыгъашӀэу къэтӀэмынхэу хьазырых, кошэ зэхэгуагъэхэу нэм къыкӀэтаджэх. Ошъогум къикӀотэрэ тыгъэмкӀэ зэкӀэ ахэр зэфэдэх, къогъэнэнчъэу инэфыпс фабэ аӀуегъафэ.

Пщэф нэгъыф зырызхэр зыдесырэ къушъхьэ лъэныкъомкӀэ Хъан-Джэрые плъагъэ, ыгу къыпыузыкӀыгъ, етӀанэ чӀы Ӏэбжыбыр ыӀэмычӀэ чӀифызагъ, ифэбагъи нахь зэхишӀэу, «уимыхэгъэгу идышъэбг нахьи узщапӀугъэм ичӀыгу ӀэмычӀ» ыӀуи, гущыӀэжъыр гукӀэ къыкӀиӀотыкӀыжьыгъ, хэщэтыкӀыгъ: «Сыд Къызбэч икъэбар? Псауа шъуӀо? Ащ нахьылӀ, нахь Ӏуш шапсыгъэ пащэмэ ахэслъэгъуагъэп. Занэкъо Сафэрбый Тыркуем рамыубытэгъагъэмэ, къэбар мышъо-мылхэр фамыгъэӀугъагъэмэ, адыгэхэмкӀэ зишӀуагъэ непэ къэзгъэкӀонэу, гулъытэшхо зиӀэ лӀы гъэсагъэмэ ащыщ. Тыгъужъыкъо Къызбэч илӀыгъэ-Ӏушыгъэрэ Занэкъо Сэфэрбый ишӀэныгъэрэ шапсыгъэ щызэголъыгъэмэ, мыр къямыхъулӀэныгъэкӀи мэхъу. Занэм игъогу мыубагъэ зыдамышӀэжьэу рыкӀуагъэмэ сэри сащыщкӀэ енэгуягъо… Хьау, хьау, Занэкъо Сэфэрбый забытызэ урысыдзэм къызэрэхэкӀыжьыгъагъэм фэдэу сыкъыхэкӀыжьынэу сӀорэп, ар къысэхъулӀэнэуи сыфаеп. Ары пакӀошъ, ежьыри, ыкъо Къэрбатыри урысыдзэм къызэрэхэкӀыжьыгъэхэ шӀыкӀэр къезгъэкӀурэп. ГъэшӀэгъона яти, ыкъуи дэеу къащыдэзекӀуагъэхэмэ? Сэри Ӏаджыри сыгу хагъэкӀыгъ, ащ фэдэ сыгу къизгъэхьагъэп нахь. Ащыгъум сигухэлъ мэхьанэ сыукъоу, зысыуцӀэпӀыжьэу арыба?..»

ЧӀы Ӏэбжыбыр Хъан-Джэрые ыӀэмычӀэ джыри нахь чӀифызэзэ, къушъхьэ шыгуфхэр къызщылъагъорэмкӀэ лъэкӀуатэ.

— Уизиусхьан полковникыр тэ кӀора? — Шыкоо къэзэкъ пэкӀэ-жэкӀэ тхъоплъыр Къудэнэт Исмахьилэ къеупчӀыгъ,— а гъуй зэхэтым адыгэ хъырцыжъхэр щэхьэзэуазэх…— Исмахьилэ каретэм зепкӀым, зэхихыгъэм нэжъкӀэ зэригъэплъэкӀыгъ: — Сыд сэӀо имурадыр?.. Зыщыщмэ ахэхьажьы шӀоигъуа?..

— ИмыщыкӀагъэ умыӀо! — Исмахьилэ къэзэкъым фэгубжыгъ.

Хъан-Джэрые фадзыгъэр зэхихыгъэ фэдэу чъыг икӀыгъэм тетӀысхьагъ. «СӀори сыд?.. СыздакӀори тыд?.. Топыхэр зыщыгъуагъоу, сэшхохэр зыщыжъынчырэ къушъхьэм сычӀахьэмэ, хэт сызыгоуцощтыр? ГущыӀэжъыр сэркӀэ къэмэ бгъутӀуцэу зэголъ, зызфэзгъэзэрэ лъэныкъом сыкъеуӀэ, сыкъесты, сыкъегъэфабэ. СӀэмычӀэ чӀэлъ чӀыгу тӀэкӀур къызхэсхыгъэм сыкъихъухьагъ, апэрэ лъэбэкъур щысыдзыгъ, апэрэ адыгэ макъэр щызэхэсхыгъ, къыщысӀуагъ. Сянэжъи, сяти, сятэжъи мыщ къыщыхъугъэх, ягушӀуагъуи, ягукъауи дагощызэ, дунаим щехыжьыгъэх, тикъэхалъэмэ гупсэф ащагъотыгъ… Ары шъхьакӀэ, «уимыхэгъэгу идышъэбг…» ЗэсӀуалӀэрэ хэгъэгум къэзгъэшӀэгъэ илъэс щэкӀырэ тӀурэм инахьыбэр щызгъэкӀуагъ, сыщапӀугъ, сыщалэжьыгъ. Силъэгъумэ къадэмыхъугъэр къыщызыдэхъугъ, дунаим ианахь хэгъэгушхом ипачъыхьэ пэблагъэ сишӀыгъ, усилъэпкъэгъоп ымыӀоу итын лъапӀэхэр къысфигъэшъошагъэх, ситэмэтелъ нэмыӀэмэ, ежь къыпэблэгъэ шъыпкъэхэу зэримытыгъэхэр къысэхъуапсэх. ЦӀыфымкӀэ анахь лъапӀэр сыд? Ыпс, ищыӀэныгъ. «АщкӀэ цыхьэ къыпфэсэшӀы, сыкъэухъум, сыщыгъаӀ» къысиӀуагъ, джы къызнэсыгъэми, илъэс заулэ хъугъэшъ сызготыр, Ӏэпэ залэкӀи шӀоигъом сыблэкӀыгъэп, непэ фэшъхьаф сщыгъупшэу чӀыпӀэ къысфыхэкӀыгъэп. Ащ фэдэ пшӀэныр емыкӀу!..»

Топыю макъэ зэхихыгъэ пӀонэу Хъан-Джэрые шъхьэр къыпхъуати, чылагъохэр зыщытырагъэстыкӀыгъэ шъоф зэщиз ӀыгъэкӀым шъхьапырыплъызэ, хы лъэныкъомкӀэ плъагъэ, гъэрекӀуи гъэрекӀопагъи щилъэгъугъэ адыгэ тхьамыкӀагъомэ ыгу къыпаӀонтӀыкӀыгъ. «Узщыщмэ, плъы зыхэлъмэ ятхьамыкӀагъо, ар неущ пщыгъупшэжьыщтмэ Ӏофыгъа,— Хъан-Джэрые хэщэтыкӀыгъ,— лъэпкъ гъэкӀодым пачъыхьэр арыми е нэмыкӀми нэмыплъ фыуигъэшӀыным хэлъ щыӀэп… Адыгэмэ ар язекӀокӀагъэми, афэсыдэныеп!.. Сыд сиамал, сыд шъуфэсшӀэн, джыдэдэм зичӀыгу щып-

цIымэмэрэ адыгэхэр? Къысфэжъугъэгъу, шъорыкIэ сызэрэмызафэр зыдэсэшIэжьы!.. Сызигъусэмэ яIэшэ гъэтырмэ аIапэ зэрэтелъэу сэ сIапэ сиIэшэ гъэтыр темылъми, сэшхор сIэдакъэ чIэмылъми, къышъуашIэхэрэмкIэ, къызэрэжъудэзекIохэрэмкIэ сымыс... Джар зыдэсэшIэжьыти, шъукъызэтезгъанэ сшIоигъоти, къышъоуцолIэгъэ генералмэ зязгъэшхэу илъэситIо шъуазфагу сыдэтыгъ. Къызгурэlo, шъузгъэмысэрэп, а къэуухъумэрэ пачъыхьэм сыд ар зыкIемыIуагъэр къысэшъуIонык!и мэхъу... ШъхьэихыгъэIу сыдэмыгущыIагъэми, зэрэгурызгъэIон Iофыгъохэр ыпашъхьи, ыкIыби щызесхьагъ... Сыгу къыхимыгъэкI дэдэщтыгъэми зыми сызэрэфимытыр къызгуригъаIоу ежьыри къысэпэбжъэожьыгъ...– Хъан-Джэрые нэмыкIмэ ашIоинми, зэрэцIыкIур, зэрэамалынчъэр ежь зэхишIэу, шIошъхьакIоу, ыгу къызэхэхьагъ, ынэпс къечъагъ, ардэдэми зыкъишIэжьыгъ: – Ашъыу, сипачъыхьэшхуи зыфитыжьэу щыIэкIэ сыгугъэрэп... УпачъыхьэкIи, а генерал купмэ пшъхьэ уфырагъэтыжьынэп. Сыд нанэ ыIощтыгъэр? Мыжъошъхьалэу къечъэкIырэм удэмыбан, пIэ пичыщт. Кавказ къушъхьэмэ къаратIупщэхыгъэ зэо щэрэхъыр гъэуцужьыгъуай, ау урысые пачъыхьэмэ сыд яжъалымагъэми, ягулъытэ-гупшысэ бэмэ анэсы – яхэгъэгу зэрагъэпытэщтымрэ зызэрэрагъэушъомбгъущтымрэ нахьрэ Iоф яIэп. Сэ адыгэ пащэхэр зэсыугъоилIэнхи, яIоф тезгъэгущыIэных зысэIом, илъэситIум зэфэзгъэшэсынхэ слъэкIыгъэп...»

– Зиусхьан, уцые пIонэкI, чъыIэ къыпхэхьан,– Исмахьилэ къеджагъ,– къэзэкъ шыкуаори мэгумэкIы.

Хъан-Джэрые къызэплъэкIыгъ, къэтэджыжьызэ, къэупчIагъ:

– Топыю макъэхэба къушъхьэмкIэ къиIукIыхэрэр?

Исмахьилэ дэIуагъэ:

– Сэ зи зэхэсхырэп, зиусхьан. Шыблэр щэгъуагъомэ шIэ?

– Заом Iумытыгъэм топыю макъэмрэ шыблэ гъуагъомрэ фызэхэфыгъуай,– Хъан-Джэрые каретэм итIысхьажьызэ, шъабэу иIофзехьэ Iущхыпцlагъ, игухьагужъи къышIудэугъ.

– Ар дэдэуи укъысэмыплъ, зиусхьан,– тIэкIу тыригъашIи, Исмахьилэ къыIуагъ, хэхьапщыкIыгъ,– некIо пIомэ, ар зыщызэхэтфын чIыпIэми сыкъыбдихьан.



– Къысфэгъэгъу, Исмахьил, усыушъхьакIунэу сыфэягъэп... Гур мышIумэ, Iаджи уигъэIот, сэ зыфэсIожьыгъэу къызщыгъэхъу...

– Сыд пай, Хъан-Джэрый, уимыфэшъуашэ зытемылъхьажь. Ора зао Iумыхьагъэр?

– СыIухьагъ, Исмахьил, сыIухьагъ...– Хъан-Джэрые хьылъэу хэщэтыкIыгъ: – Шъыд ишIуагъ симыхэгъэгу идышъэбг сыфыIутыгъэджэ, къэсыухъумагъэджэ...– Хъан-Джэрые щхыгъэ: – Уимыхэгъэгу идышъэбг нахьи узыщапIугъэм ичIыгу IэмычI аIоу зэхэпхыгъа?

– Зэхэсмыхы мэхъуа, зиусхьан! – Къуданэт Исмахьилэ зыфэмыIажэу къыхэкуукIыгъ: – Тинахьыжъмэ Iаджыри хьакIэщмэ ащаIоу зэхэсхыгъэ. Ау ащ ишIуагъэ сичылэрэ сичIыгурэ сапэчыжьэ сызэхъур ары къызызгурыIуагъэр... Ащ фэдэ гупшысэмэ уагъэгумэкIы Iоу сшIагъэп.

– Ыджары, Исмахьил, ори сэри непэ къытэхъулIэрэр...

– КъызэрэпIорэмкIэ, зиусхьан,– Къуданэтыр кIэщхыкIыгъ,– бжьэ зэмыцэкъагъэм шъоум иIэшIугъэ зэримышIэрэм орырэ сэрырэ тыфэд.

– Ари адыгэ гущыIэжъ дэгъу, сыцIыкIузэ сиаталыкъыгъэ Мэрчан тхьамыкIэм къысиIотыгъ, сыгу зыкIисымыубытэгъагъэр сшIэрэп нахь...– Арыщтын сызтекIуадэрэр, Хъан-Джэрые гукIэ зэгъумытIымыжьыгъ, етIанэ зыкъигъэтэрэзыжьыгъ: – Ащ къикIырэп, Исмахьил, тызфаер тIоныр!... Урысые быракъым тычIэт, типачъыхьэшхо фэтшIыгъэ гущыIэм тыфэшъыпкъэт.

– Ащыгъум, зиусхьан,– Исмахьилэ щхыпцIыгъэми, ыгу илъ шъыпкъэр ыушъэфыгъэп,– уиIуагъэ сиIуагъэ, укъэзгъэукIытэжьынэп, ау сыпкIэгъуфэ ары, етIанэ хэт иуни чэм лъакъу, тэ тиунэ дышъэ ун зэраIоу, тадэжь згъэзэжьмэ, сшIэщтым сыфит, хъунэп къыташIэрэр... Угу къысэмыгъабгъ, Хъан-Джэрый, бжыхьэм сикъулыкъу сэухышъ, Петербург къыбдэзгъэзэжьыщтэп... Хьау, пIомэ, Тхьэм къыстырилъхьагъ, ари пфэсшIэн. ЯчIыфи стелъэп, сичIыфи ателъэп, тхьэуегъэпсэу, Iофы зебгъэшIи, пэшIорыгъэшъэу къысябгъэтыжьыгъ, сызхэхьажьыхэрэмкIэ сымыукIытэжьынэу шы дэгъурэ Iэшэ дэгъурэ къэсщэфын.

– Шъыд пае Петербург бгъэзэжьын? – Хъан-Джэрые иIофзехьэ фэразэу IугушIуагъ.

– ХыIушъом щегъэжьагъэу, сизиусхьан лъапIэхэр, сыкъышъодэIушъ,– къэзэкъ тхъоплъыр гухьагужъынчъэу,

къызэплъэкIыгъ,— шъугу къысэшъумыгъабгъ, шъубзэ къу-къукъу-щыкъукъу макъэу хэlукIрэм фэшъхьаф зэхэсхырэп.

— Мыдэ мыщ къытиIорэр, зиусхьан?! — Исмахьилэ къызIуипхъотыгъ.

— Щыхьагъу умышIы, мыхэмэ амыбзэр бзэкIэ алъытэрэп,— Хъан-Джэрые иIофзехьэ еушъыигъ, етIанэ шыкуаом есэмэркъэужьыгъ,— ар укъызэрэдэIорэ къэзэкъ тхьакIумэмэ ялъытыгъ.

— Ари шъыпкъэ,— нэгушIо тхъоплъыкIэ къэзэкъыр къызэплъэкIыгъ.— Шъубзэ зыгорэ къесIолIагъэ пае адыгэхэр сиджагъохэу къызшIошъумыгъэшI, тэ тихохолыбзэ нахь дахэ щымыIэу тIозэ, кацапмэ такIэнакIэ... Адыгэ гущыIэ заули сэшIэ сэ, тикъонакъ Ибрахьимэ сыцIыкIузэ сигъэшIэгъагъэ, Къылыщтыку темэным хэкIодагъэмэ ащыщ, зыдигъэзэжьыгъэм Тхьэм шIу щешI,— къащ къызехь уж, къыпигъэхъожьыгъ.— ШъукъедэIу ащыгъум: «ахч», «кеблаг», «гогумаф», «пшашэ», «чылэ» — тэрэзэу къэсIуагъа?

— Дэгъу дэд,— Хъан-Джэрые къэзэкъ кIалэм щытхъугъ,— адыгэбзэ шъыпкъэджэ къэпIуагъ.

— Мыдэ, мыдэ мыщ къыпчъыгъэ купыр! — Исмахьилэ къэзэкъым филъы зэрэшIоигъуагъэмкIэ кIэгъожьыгъ, еупчIыгъ: — Сыда пцIэр? Тэри Лэбэ псырыкIым къэзэкъ къонакъ щытиIагъ. Сэ сцIэр Исмахьил.

— Исмахьил Къуданэт пIуи? ЦIэ дэгъуи лъэкъоцIэ дэгъуи уиI, къэIогъошIух. Сэ сы Аким, слъэкъуацIэр Дробенко. КIэкIэу къэпIон хъумэ, Аким Дробенко пIоу Елизаветинскэм хэт ущеупчIыгъэми, сищагурэ сибгъэгъэрэ къыуигъэлъэгъущт. Полковник зиусхьан ыцIэ къымыIоми хъущт. Хэта Хъан-Джэрые зиусхьаныр, Урысые пачъыхьэшхом ифлигель-адъютант полковникыр зымышIэрэр?

— КъызэрэпIорэмкIэ, Аким,— Хъан-Джэрые зэхихыгъэр зэрэшIомыигъор къыхимыгъэщ дэдэу щхыгъэ,— зэкIэми сашIэ, сызышIэрэ пэпчъ шIоигъор къысеIуалIэ, ара?

— Шъыпкъэм уфаемэ, зиусхьан,— Дробенкэр щхызэ, къызэплъэкIыгъ,— ащ фэди къыхэкIы. Къысфэбдзыгъэ тхьакIумэм ари фэд — къэзыIорэм елъытыгъ. Адыгэмэ язакъоп, полковник, узыубырэ къэзэкъхэри щыIэх. Ахэри адыгэмэ афэдэх, зым ыIорэр адырэм реутыжьы.



— Оры? О сыд лъэныкъу пIыгъыр? — ЗыкIыб Iужъу къэгъэзэгъэ шаом Хъан-Джэрые еупчIыгъ.

— Сэ сыд, зиусхьан полковник, сыгу илъыр къышъосIуагъ, шъузэрэфаеу къызгурыжъугъаIу. Ау джыдэд пIомэ, сыд шыкуаом ипшъэрылъын, икупэгъу зыдэгъэзагъэр игъогу,— вожжэ пакIэмкIэ шымэ заригъэштагъ.— ТызэрыгущыIэрэр зэкIэ пкIэнчъ, зиусхьан полковник, цIыфхэр заом IокIуадэх... Шъуеужьыр, сишы псынкIэх, шъуеужьыр!.. Шъуфаемэ, тикъэзэкъ орэд къышъуфэсIон, Ибрахьимэ икIэсагъэр... «Запрагайтэ, хлопци, кони...» — Дробенкэм мэкъэ мыIэтыгъащэкIэ къыхидзи, сатырэ заулэ нахь къымыIуагъэу, Къылыщтыку темэныр къэблагъэу зелъэгъум, щигъэтыжьыгъ. Нэбгырищыри ягупшысэ зэфэшъхьафмэ защыхэфэщтхэм, ежь-ежьырэу шымэ зыратIагъ пIонэу, каретэр къэуцугъ, Дробенкэм къыIуагъ: «Адыгэмэ якъэлаус тхьамыкIагъо тыкъэсыгъ, дыухьанчъэу тыблэшъумыгъэкI».

АдыгитIурэ зы къэзэкъырэ Къылыщтыку темэным шъхьащыуцуагъ. Хъан-Джэрыерэ Исмахьилэрэ аIэхэр анэIумэ аIущэикIыгъэу фэхыгъэмэ дыуахь къафапчъы, яджабгъукIэ къагот Дробенкэри темэным чIырагъэхьагъэхэми чIезгъэхьагъэхэми ягунахьышIагъэ къафигъэгъунэу, къащ къыхьызэ, и Тхьэ елъэIу.

Тхьэ зелъэIухэхэм, нэбгырищми агу псынкIэ хъугъагъэми, Хъан-Джэрые игупшысэ мышIухэр щэрэхъ къечъэкIмэ афэдэу, шъхьэкуцIым къыхэтIысхьажьыгъэх. Iэзэгъу зыфимыгъотырэ узым, къыпыщылъ Iофхэр зыфэдэщтхэм, Петербург зэригъэзэжьыщт шIыкIэм, ыгъэзэжьмэ, Татьяни зэрахэтэу, къызэрэпэгъокIыщтхэм, зыхэхьащт адыгэмэ ариIощтым агъэгумэкIы. «Тане фэдагъохэт адыгэхэри...— Хъан-Джэрые игушIуагъо, къыкъот бзылъфыгъэ закъор инэплъэгъу къыкIэуцуагъ, гушъэбэ зэхашIэкIэ еIушъэшъагъ: — Зэ, зэ, сигупс, Псы фабэм ыуж, сыхъужьыгъэу уадэжь къэсэрэгъэзэжьи, бэ къызгурыIуагъэр, зыми, джа къызэрэсапIощтыгъэу, зезгъэухыжьыщтэп... Ар сэIо шъхьакIэ, Дробенкэ къэзэкъ шаом къысфидзыгъэм еплъ. Адыгэмэ ягугъу сшIыжьырэп, сагот пэтызэ, къысфэмыразэхэри къэзэкъмэ ахэтых...»

— Хъан-Джэрый...— Дробенкэр къызэджэкIи, псынкIэу зыкъигъэтэрэзыжьыгъ: — СилэжьэкIо шIыкIэкIэ сыкъызэрэбдэгущыIэрэр къысфэгъэгъу, сыхьарамыгъэнчъ,

зиусхьан полковник. Ау Къылыщтыку темэным дэжь басурман шІыкІэкІэ дыуахь къэпхьы зэхъум, згъэшІэгъуагъэ. Чиристан диным уихьагъэу ары тэ зэрэзэхэтхыгъэр...

— Буддэ идин зэрэсштагъэр къышъонэсыгъэба?

— Джа зыр ары къэнэжьыгъагъэр,— Исмахьилэ гъумтІымыгъэ.

— Хэта Буддэр? — Дробенкэ шаор къэупчІэжьыгъ.

— Азием щаІыгъ диныр ары.

— Ащ фэдэ дини щыІа? — Дробенкэм ыгъэшІэгъуагъ.— Адэ тэ тичиристан динрэ шъо шъуибасурман диныр нэмыкІ дунаим темытэу сшІошІыгъи сэ... А-а, Будди щэрэІ фаеми, иягъэ къытигъэкІырэп, сыдырэп... Тэ зиягъэ къытэкІырэр, емыкІу сфэшъумылъэгъу, сиадыгэ-къонакъхэр, тырку басурманыгъэр ары. Шъори ащ шъухегъэукъокІэ сенэгуе...— Дробенкэ къэзэкъым псынкІэу къащ къыхьыжьыгъ.

Хъан-Джэрыерэ Исмахьилэрэ зэплъыгъэх, къызэплъыжьыгъэх.

— Сыд адэ, Аким, къащ къызыфэпхьыжьыгъэр? — Хъан-Джэрые къэупчІагъ.

— Хэт ышІэра, зиусхьан, мыхъун сІуагъэмэ сэІошъ ары...— КІэгъожьыгъэ фэдэу Дробенкэм къыІуагъ, къыпигъэхъожьыгъ: — Тхьэ ІофмэІ уахэмыгущыІ сяни къысеІо, загъори седэІу, ау сыгу илъыри къэсымыІон слъэкІырэп... КІо, зи къэсымыІуагъэу, зэхэшъумыхыгъэу къызщыжъугъэхъу...

«Тэри, ощ фэдэу, тыцІыф,— шаом ыгу илъыр къызэриІорэр Хъан-Джэрые къыгурыІуагъэми, гукІэ щхыпцІыгъэ,— ар тфэшІэнэп. Сэ дунаим къыспамылъхьэрэ щымыІэми, сызэмыжэгъахэр сибыслъымэн дин зэблэхъу... Ар нибжьи сфэшІэнэп! Сыдэущтэу ащыгъум Танерэ сэрырэ тызэдэхъущт? ШІулъэгъум дин иІа — имыІа? ШІулъэгъур Тхьэм дэжь къекІымэ, цІыф зэхэдз иІэщтэп, ау хэтырэ бзылъфыгъи хъулъфыгъи азфагу Тхьэм дилъхьэгъэ шІулъэгъур зэкІэми апшъэрэ дин. Сыхэукъомэ, къысфэгъэгъу, си Алахь...»

— Бащэ къасІоу къызщышъумыгъэхъу, сиадыгэ лъапІэхэр,— Дробенкэр къызэмыплъэкІэу, ошІэ-дэмышІэкІэ къыхэкуукІыгъ,— анахь къэбар гъэшІэгъоныр къышъосІуагъэп. Лазарев, Вельяминов, Николаев, Михайлов пытапІэхэр шъуиадыгэмэ зэхагъэтэкъуагъэх, хыІушъор зэрэщытэу шъхьафит хъужьыгъэ!..



— Аким! — Хъан-Джэрые къызэрэгузэжъуагъэр ымакъэкІэ къызхигъэщыгъэп.— Ухэукъорэба, шъыпкъа?

— Шъыпкъэм нахь шъыпкъэжь, зиусхьан полковник,— Дробенкэм къыІогъэ къодыеп, игушІо къыІутэкъугъ,— Анапэрэ Геленджикрэ урысмэ къафэнэжьыгъэр! Адэ шъузигъусэмэ ашІагъэр, адыгэмэ ятшІагъэр тэрэза, полковник? Хы лъэныкъор къухьэхэмкІэ паубытыкІыгъ, мыдырэ чІы гъунапкъэмкІэ гъэблэшхо яІагъ аІо. Нэжъ-Іужъэу, сабыеу лІагъэр бэ... ТапэкІэ къэхъущтыр Тхьэм фэшъхьаф хэт ышІэн, джары, адыгэхэмкІэ гушІуагъоу, урысыдзэмкІэ гукъэошхоу непэкІэ щыІэр.

Хъан-Джэрые зи къымыІуахэ зэхъум, Исмахьилэ зыкъыригъэшІагъ:

— Тэ тшъхьэкІэ ар къэбарышІоп... Ау адыгэхэмкІэ къэбар дэгъу.

— Тэ тыадыгэжьэп, ара, Исмахьил?..

— Хьау, ау къэбарым къепІолІэщтыр сшІэрэпышъ...

— Шъыд къесІолІэн...— Хъан-Джэрые хэщэтыкІыгъ.— Адыгэмэ ятекІоныгъэ, Исмахьил, тхьамыкІэгъошхо къазэрэфихьытым шъхьэгугъу къысхелъхьэ.

— Тыдэ шъусщэщт, сизиусхьан лъапІэхэр? — Шаор къяупчІыгъ: — Екатеринодара, хьауми оркъ чылэр ара?

— Чылэм, Лъэустэнхьаблэ, тынэбгъэсыгъэмэ, лъэшэу тигопэщтыгъэ,— тІэкІу тешІагъэу Хъан-Джэрые къыІуагъ.

— Боу шъунэзгъэсын! — Дробенкэм зэхихыгъэр игуапэу шыхэр хигъэчъыкІыгъэх: — Пшызэ тызэрикІэу Лъэустэнхьаблэ тынэсыщт. Шапсыгъэхэр хыІушъом къызэрэщыттекІуагъэхэм пае бжъэдыгъу мамырхэр бгъэпыи хъущтэп. ЕтІани бжъэдыгъу чІыгухэр бэшІагъэ урыс чІыгу зыхъугъэхэр. Бжъэдыгъумэ афэдагъэхэмэ шапсыгъэхэр, абдзахэхэр, адырэ шъуилъэпкъэгъухэр... Шъуеужьыр, сишы лъэпсыкІэх, шъуеужьыр, тидзэ хэт адыгэмэ урыс ахъщэ макІэп яІэр, дэгъоу къышъотэщтых...

— Мыдэ, зиусхьан, мы къэзэкъыр къытэсэмэркъэумэ, къыткІэнакІэмэ сшІэрэп.— Исмахьилэ ышъо къызэокІыгъ.— Зэ къытщэтхъу, зэ теубы.

— Ыуж икІ,— Хъан-Джэрые мыгумэкІыхэу джыри щхыпцІыгъэ,— тфэмышъуашэ къытиІорэп. Ащ нахь гущыІэ дысхэр къытфэзыдзытхэр тапэджэ къэтых, зегъас...— «Ярэби, сыд шъуІо Шъэуае икъэбар? Агойри, Тазэри псаунха?» — Адыгэмэ хы Іушъом щашІыгъэ текІоныгъэм

къыфихьыгъэ гушIуагъом гумэкIыр нахь къытекIоу, Iахьыл-благъэхэм, инэIуасэхэм Хъан-Джэрые гукIэ зафидзыгъ…

ТхьэмэфитIум Хъан-Джэрые зэ нахь Лъэустэнхьаблэ дэкIыгъэп. Ащ Къуданэт Исмахьилэ кIэмгуе гъогум тыригъэхьажьынэу Екатеринодар тыгъоснахьыпэ римыщылIэжьыгъагъэмэ, Татьянэ фитхыгъэр почтэм Iуимыхьэгъагъэмэ, ылъапэ чылэм димыдзын ихьисапыгъ.

Бычэ шъэбэрыкIо-сакъыкIэ Хъан-Джэрые иунэ ихьагъ:

– А сикIал, къалэм укъэкIыжьыгъэмэ, зыогъэпсэфы сшIошIыгъ… Гъэтхэ мэфэ шIагъом шъыдэу унэри зэтегъэпытахьыгъэ… Сисури зыкIэмыIэжь-гулъытэнчъэ шъыпкъэ хъугъа, бзылъфыгъэ IэпкIэ-лъэпкIэ цIыкIугъэр Шъэуае жъы ехъулIагъ.

– Сисурэ зытетыгъэм тет, нан.– Хъан-Джэрые зыхэплъыхьэрэ тхылъыпIэм ышъхьэ къытыримыхэу къыIуагъ, етIанэ ным ыпашъхьэ щамыIорэ укIытагъор щыгъуупшэу къэупчIагъ: – Шъыда, тян, Шъэуае джыри дырекIокIа?

– А сикIал, шъыдэу шъхьаихыгъащэу укъысэупчIыгъ?..– Зэрэбзылъфыгъэр, зэрэныр, лIакъом зэринахьыжъыр Бычэ ыкъо ыпашъхьэ къыщимыIон ылъэкIыгъэп, ау джэуапыми лъыхъужьыгъэп: – Шъэое тхьамыкIэр адыгэгъэ-лIыгъэм делэ ехъулIагъ, шапсыгъэ заом къыIукIырэп, мыгъэтхапэ, яIоф къызэрэдэкIыгъэм игушIуафэ зэрихьэу къызэрэтфэкIожьыгъагъ. Озгъэлъэгъугъот, сикIал, ащ ынэхэр къызэрилыдыкIыщтыгъэхэр… Ежь Iофыжьа, Дзэпщ тшIуегъэкIоды…

– Ара? – Хъан-Джэрые щхыпцIыгъэ.– Ащ фэдэгу Дзэпщ иIэмэ, убытыгъуае хъун, сыдэгущэIэн. Адэ, Шъэуае джыри Анфискэджэ шъуегъэгумэкIы сшIошIыгъи сэ…

– Е-о-ой, сикIал, а Анфискэу зыфапIорэр гъэрекIо бжыхьэ щегъэжьагъэу мыгъэрэ кIымафэ нэс къытаси, Шъэуае тэ щыI, сшIошъогъэбылъы ыIозэ, тызэридзэжьыгъэп умыIо. Шъэуае дэжь зэуапIэм емыжьагъа?.. Къэзэкъмэ ар къыпфадэна, къамыщышъо рамышIахьыгъа, къамыфыжьыгъа?!

– Джыры? Джы шъыд адэ? – КъэбарышIу зэрэщымыIэр Хъан-Джэрые къыгурыIуагъэу, итхылъыпIэхэр IуигъэзыкIыгъэх.

– Шъыд щымыIэжьым утегущыIэжьыджэ… Зым, мыгъэ кIымафэ мыл гъуанэм зыридзэжьи, Пшызэ зыригъэтхьалэжьыгъ еIо, адырэм пхырызыгъ еIо… Шъыдэу хъугъэми, бзылъфыгъэ мыгъом Пантелей ишъэожъые закъо ибэу къыгъани, дунаим ехыжьыгъ. А сикIал, тэ зыдгъэпсэфыжьыгъ тIозэ, къыпфэсIотагъэр шъыдэу угу ебгъэкIугъ, пшъо пычъыгъ..

– Тэрэп, тян, зызгъэпсэфыжьыгъэр…– Хъан-Джэрые игущыIэмэ гые-мысагъэ ахэмылъэу хэщэтыкIыгъ.– Пантелей тхьамыкIэмрэ Анфискэрэ щыIэжьэп, ащ хэпшIыхьажьын щыIэп. Ау тIури Шъэуае зэрекIодылIагъэхэр сыгу къео. Шъэуаий шъыд илажь? ЗэкIэ къызэрыкIыгъэр Бамбэт…

«Ары, ары, ар шъуIомэ, шъугу зыфэмыузыщтмэ афэжъугъэузызэ,– Бычэ ыкъо ыпашъхьэ къызщыхимыгъэщэу зэхихыгъэр ыдагъэп,– Шъэуае фэдэ шъхьафит кIэхъопс адыгэмэ татекIодэжьыщт…»

– Адэ ары, сикIал, гощэшхом шъыд ыIотыгъэр? – Бычэ псынкIэу зыкъызэблихъугъ.– Зыпэ мышIум ыужи шIу щыIэп. Алахьэм зыдигъэзэжьыгъэм гощэшхор шIу щешI. Мы зепхьэрэ тхылъыпIэхэр, сыкъыоупчIын сэIошъ, сщэгъупшэжьы, шъыд илIэужыгъу, сикIал?

– Мыхэри? – Хъан-Джэрые къыриIожьыщтым егупшысэу зыригъэкъудыигъ.– Мыхэр адыгэмэ сакъызэрэхэнэжьыт тхылъыпIэхэджэ сэгугъэ, тян… Моу Псы фэбэ лъэныкъом сыкIоу, сиIофхэр зэрэщыхъурэр слъэгъумэ, Петербург бэрэ сыкъыдэмысыжьынджи мэхъу.

– Шъыд, сикIал, джыри тэ уагъэкIот?

– Тадэжь, Лъэустэнхьаблэ, сыблэкIэу дунаим сыздэкIожьын щыIэп, мы тхылъыпIэмэ сятIысылIэжьы.

– Укъэмыхъу рапшIэу уитIысыжьыгъо къэсыгъа?! – Зэхихыгъэр Бычэ ыдагъэп, щыгъэзые макъэкIэ фидзыжьыгъ: – Шъыд сэIо мы тхылъыпIэжъ купмэ япшIэтэр! Унэм зипшIахьыжьэу уимыс, къалэм, Завадовскэ атаманым дэжь кIо, цIыфмэ ахахь… КъэсэмыгъэIуапэу, илъэс щэкIым укъехъужьыгъ, анахь пшIэн фаер джыри къыппыщылъ… ЛъэрыкIо цIыкIу горэ зиджэхашъо тетым техъуапсэ… Iэ зыщыпфэрэ тхылъыпIэ гъожьмэ анахьи мы тхылъ дэхэшхор нахь къэсэштэ,– Бычэ зыфаер ыкъо зырeIoкIым, сэ сиIон сIуагъэ, о уишIэн шIэ къыригъэкIэу, нэмыкI гущыIэ техьагъ,– шъыдэуи дахэу зэдэдагъэ, кIышъуи иI.

– Мыр, тян, сидышъэ тэмэтелъхэр Урысые пачъыхьэм къызэрэстырилъхьагъэр къэзыушыхьатрэ тхылъ. Сегупшысэшъ, адыгэхэмджэ иягъэ къытэмыкIыгъэмэ,

ишӏуагъэ къэкӏуагъэп. Шъыд сызэреджагъэр пӏуи? «Адыгэ шъолъырым фэгъэхьыгъэ тхылъ». Ситэмэтелъ инмэ аголъэу мы дышъэ Ӏэлъынэ лъапӏэри ащ къыкӏэкӏуагъ.

– Пшӏагъэм урыкӏэгъожьмэ, ащыгъум шъыдэу ухъун, сикӏал? – Бычэ игуӏакӏэ иупчӏэ къыхэщыгъ.

– Шъыдэу сыхъун, адыгэхэр зэрэхъоу сыхъун...

– Шъыд яшъуӏуагъэджи, афэшъушӏагъэджи шъуфэмыгъэдэӏошъугъэ адыгэхэр зэрэхъунхэу хъугъахэх.

– Тян! Къыптемыфэхэрэр умыӏо! – Хъан-Джэрые ымакъэ къыӏэтыгъ, ардэдэм зыкъиш1эжьыгъ: – Къысфэгъэгъу, тян, угу хэзгъэкӏынэу сыфэягъэп... Плъэгъурэба адыгэхэмджэ къытэхъулӏэрэр...

– Ар о зыпӏоджэ, Хъан-Джэрый,– Бычэ къыщиутагъ,– модырэ пшынахьыкӏитӏу шъыд къяхъулӏэт?

– Угу атемыгъэкӏуад,– Хъан-Джэрые тэджи янэ готӏысхьагъ,– псаунигъэ яӏэмэ, ахэри лӏы хъугъэх. Сэ сызэкӏодылӏэрэ адыгэмэ зэгорэм зыкъашӏэжьынба?

– Сыгугъэрэп... Текӏонигъэ закъоу ашӏыгъэм рыкъэйхэрэм шъыдигъо зыкъашӏэжьыт?

Хъан-Джэрые хэщэтыкӏыгъ:

– Адыгэмэ къотэгъу дунаим щыряӏэп... Тыркуеми Инджылызми къагъапцӏэх. Урысыер хэгъэгушху, утекӏон зэрэмылъэкӏытэр агурызгъэӏон сӏуи, сызэхашӏыкӏыгъэп... Ау щытми, сыадыгэба, сыгу афэузы... Модэ, тыгъэкъохьагъум сыхэны! – Хъан-Джэрые шъэожъыем фэдэу шъхьанытъупчъэм Ӏулъэдагъ.– Дзэпщи къэлапчъэм Ӏутэу еплъы, къызэрэсэмыджагъэр!..

– А сикӏал, зэ моу къэуцу, гощэшхом уригъэсагъ шъхьаджэ... Шӏоп аӏоу зэхэсхыгъэ... Дзэпщи емыгъэплъ, къыӏущыжь...

– Тян, шъыд пӏорэр, тыгъэм зигъэпсэфынышъ, неущ адыгэмэ къафыкъокӏыжьыт нанэ ыӏощтыгъэ нахь, мыхъун хилъагъощтыгъэп. Ащ иплъыжьыгъэ шъэфрэ идэхэгъэ шъабэрэ узэмызэщын пшысабэу зэхэлъ,– Хъан-Джэрые ылъэкъо утэбжьагъэ къызхимыгъэщэу елъэкӏонзэ, унэм икӏыгъ.

## VII

«Псылъакъом зызэблехъу, псыхъор къэнэжьы...» – сыд фэдэ псыхъуи Хъан-Джэрые зытеплъэкӏэ, а гущыӏэхэр ыгу къэкӏыжьых.



Персыми, Тыркуеми, Польшэми ащызао зэхъуми, пачъыхьэм къыфишӏыгъэ мамыр пшъэрылъыр адыгэ шъолъырым щигъэцакӏэу зетыми Хъан-Джэрые псыхъо пчъагъэ зэпичыгъ, ары пэпчъ а гущыӏэхэр ышъхьэ къилъадэщтыгъэх. Ӏофы зыригъэшӏэу гупшысэ егъэчъэхыгъэм зыригъэаштэкӏэ арыгъэп, джау ошӏэ-дэмышӏэкӏэ шъхьэм къечъэти, зэрэхъугъэри ымышӏэу кӏодыжьыщтыгъэ. Лъэужынчъэуи?.. Псылъакъом зызэблехъумэ, псыхъор къэнэжьмэ – игъукӏэуи къижъукӏэуи орэхъу! – Егъэшӏэрэ зэӏуплъэ-зэнэмыс гупшысэр ащ инэпкъитӏу.

Хъан-Джэрые Нева псыхъор ащыгъум сыдым фигъэдэщт? Апэ Татьянэ зыщыӏуплъэгъэ, гукӏэгъу-шъэбагъэр ыгу къызщыфечъэгъэ псыхъо нэпкъыр гукъэкӏыжь мыухыжьыкӏэ инэплъэгъу кӏэтыщта?

«Сабыигъо-кӏэлэгъу илъэсхэр тыдэ къипхыжьыных,– кӏочӏэ гупсэфыкӏэ зызыхьырэ Пшызэ Хъан-Джэрые хаплъэзэ, хэщэтыкӏыгъ,– ахэр хэти игукъэкӏыжь нэфыпсых. Шъэожъыегъур сыдэу тхъэгъуагъа, чэфыгъа. Джы сыд?.. «Уищыӏэныгъэ уасэ фэпшӏыжьы, гъогу занкӏэми Ӏонтӏагъэми ущемыбэджы пшӏоигъомэ, загъорэ пкӏурэм уфызэплъэкӏыжьын фай» нанэ зыкӏиӏощтыгъэм натӏэкӏэ сеутэкӏыгъэкӏэ енэгуягъо. Къэзгъэшӏэгъэ илъэс щэкӏырэ тӏурэм сыдигъуа сызызэмыплъэкӏыжьыгъэр? Ситэмэтелъхэмкӏи сипачъыхьэ пэблэгъакӏэкӏи сигъогу зэнкӏэ зэпытыгъэу къызщыхъухэрэр хэукъох. Сыушъэфырэп, хэхыгъэ гъогум сыфэшъыпкъагъ, шэсы аӏомэ – сышэсыгъ, къепсых аӏомэ – сыкъепсыхыгъ. Джыры? Джы зыми сыримыщыкӏэгъэжькӏэ сенэгуе... Адыгэмэ сыгу ябгъэрэп, сыд къысаӏуалӏэми къыстефэ. Урысхэми, илъэситӏу хъугъэшъ, чыжьэуи сызкӏэратӏупщырэп, благъэуи сызэрагъэкӏолӏэжьырэп. Мы аужырэм Бенкендорф графым Петербург зыкъызэрэщысфишӏыгъэри къызгурыӏорэп: ежь къеузы пӏонэу сызэрэсымаджэр ыжэ дэкӏырэп. Сысымаджэп! Гъэрекӏо тӏэкӏу сыгъойщэягъэмэ – Чернышевым фэстхын фэягъэп, джары зэкӏэ къызэрыкӏыгъэр! – Джы сыпсау!.. Скобелев генерал Ӏагъом дзэм хэтызэ, тхылъ ытхыгъ. Кутузоври нэ лъэныкъуагъ. Тыгъужъыкъо Къызбэчи заом лъащэ хэхъухьагъэу, адыгэ напэр къыухъумэзэ, дунаим ехыжьыгъ. Сэ джыри сыкӏал, онэгум пытэу сисыным, сэшхо згъэбзэным ычӏыпӏэ пцэжьыешэ гугъэнчъэу псыӏушъом сыӏус!..»

Хъан-Джэрые игупшысэ шъхьарытIупщ зызэхехыжьым, шъхьэр къыпхъотагъ, пачъыхьэ полуэскадроным зэрэщесагъэу зиплъыхьагъ, ежь нэмыкI пцел нэпцэ нэпкъым Iуилъэгъуагъэп.

Фабэм ыгъэпкIыжьыгъэ ошъогу нэгъыфыр гугъуемылI фэмыфэу чIыгум шъхьащыт. Тыгъэм имэшIожь жьыбгъэ макIэм зэрехьэ, уцыпэхэр пелыбжьыкIых, чъыг тхьапэхэр егъэгъуанлэх, бзыумэ жьаупIэмэ зыкъуарегъадзэ. Псыхъо гузэгумкIэ загъорэ пцэжъыехэр къыхэухэми, Хъан-Джэрые ипцэкъэнтфкъэб хъыерэп.

«Псыхъо нэпкъитIури, къэзэкъ нэпкъ зандэри адыгэ нэпкъ тешъори, зэхэдз зимыIэ фабэм ыгъэулэугъ.— Хъан-Джэрые Екатеринодар шъхьарыплъэзэ ыIуагъ, щхыпцIызэ зыкъигъэтэрэзыжьыгъ: — Адыгэбгъу щыIэжьа джы? СызIус лъэныкъори, Абын шъхьапырыкIымэ, Геленджик еолIэжьэу къэзэкъыбгъу хъугъэ. Сыда ащыгъум мо нэпкъым тет къэзэкъ лъэгапIэхэр зыкIыIуамыхыжьхэрэр? Бжъэдыгъу ызыныкъуи, Хъымыщые пыгъэзыкIыгъэри, Шапсыгъэ итемыр-къохьэпIэ кIэлъэныкъуи, адыгэмэ ямыежьмэ, нэм къыкIэпыджэхэу а лъэгапIэхэр сыда джыри зыфыщытыхэр? ЗэрэхъурэмкIэ, тэ къызэрэтщыхъу дэдэуи тиIофхэр щытхэп... ГъэрекIопагъэ, апэ сызэIэзэжьынэу Бенкендорф графым мыщ сыкъызигъэкIожьыгъэгъэ кIымафэм, хыIушъо урыс пытэпIэ заулэмэ яззхэкъутэнкIэ адыгэмэ яIоф къикIыгъэмэ, джыры? Завадовскэ къэзэкъ атаманым зымафэ къызэриIуагъэмкIэ, Раевскэ генералымрэ Филипсон полковникымрэ хы ШIуцIэ Iушъом зыкъыщашIэжьыгъ, Граббе генералым гъэрекIо бжыхьэ зэтыриIэжэгъэгъэ дзэр Анапэ щегъэжьагъэу ГеленджиккIэ кIэкIыжьэу Iуитэкъожьыгъ, чIэнэгъэшхо ашIызэ, адыгэхэри зэкIэкIожьыгъэх. Гъэрэ фэмыдэу хыри Лазаревым зэпиубытыкIыгъ, къухьэ топхэмкIэ адыгэ чылэхэр тырегъэстыкIых. Тыркуер, Инджылызыр къыддэIэпыIэщт адыгэмэ аIо шъхьакIэ,— илъэс пчъагъэ мэхъу зырыгущыIэхэрэр! — Ягъэ къэмыкIомэ, яшIуагъэ къякIырэп... СэшIэ сэ адыгэмэ ашIэн фаер...» — Хъан-Джэрые хьылъэу хэщэтыкIыгъ, неущми неущмыкIэми Екатеринодар почтэм Татьянэ итхыгъэ зэрэлъыкIон фаем иIэшIугъэ зыкъырыгъэшIэжьыгъ.

«Псылъакъом зызэблехъу, псыхъор къэнэжьы...» — зэрэхъури зыкIэхъури ымышIэу Хъан-Джэрые игупшысэмэ къатыригъэзэжьыгъ, зэупчIыжьыгъ: — Псылъакъом зызэблихъумэ, псыхъор къэнэжьы, ау зэIуплъэ-зэнэмыс гупшысэ нэпкъитIумэ хэта атетхэр?.. Сыд сэIо гъэмэфэ бэдзэ ерышэу зыкъыспызгъэпкIэгъэ гупшысэм къысфырихьисапыр? Псыхъори мачъэ, щыIэныгъэр макIо, сэри мэфэныкъокIэ нахьыжъ сыхъугъ. Псыхъор зигъукIыкIэ, нэпкъ зэхэуагъэхэр къэнэжьых, сыд ятеплъэми зэIоплъэх, зэфалIэх, зэнэсхэрэп... Неущ, неущмыкIэ почтэм сыкIоныр пэсэIонба? Петербургырэ Екатеринодарырэ азыфагу мэзэ гъогу дэлъ. Дзэ Iофхэр нахь псынкIэх, ахэр чэщи мафи зэIэпахызэ зэфахьых... Петербург сырищыкIагъэ зэхъум, пачъыхьэм ием сырыгущыIэжьырэп, Чернышевымрэ Бенкендорфырэ адэжь къикIыщтыгъэхэр тхьэмэфитIу имыкъукIэ къысIукIэщтыгъэх. Александр Христофоровичым ишъэф тхыгъэхэр къысэзытыжьыщтыгъэхэм аIэхэр мыкIэзэхэу, нэмыз-IумызкIэ къысэмыплъхэу къыхэкIыщтыгъэп. Джы сыд? Флигель-адъютант тэмэтелъхэр зэрэстелъызэ, Урысые пачъыхьэшхор къэзыухъумэрэ полуэскадроным сызэрипащэ пэтызэ, зэгорэм сапашъхьэ щыкIэзэзыщтыгъэ Завадовскэ къэзэкъ атаманым сыкъыфэнэжьыгъ. Петербург дэсмэ сырящыкIэгъэжьэп... Зэ, зэ, сызэхэзымышIыкIыгъэ Iуметмэ сыгу ябгъэ шъхьакIэ, Тане сыд илажь?! Ащи мы илъэситIум, ыпсэ къызэрэсIуилъхьэзэ, кIэхэсхын къэзгъэнагъэп. «Дзэм, къыбгурыIорэп нахь, узщашхыгъэ дзэм къыхэкIыжьи, зыгъэгупсэфыжь» къысеIо... Сыда къызыкIызгурымыIорэр, Таня? Ахэр зыфаехэр дэгъоу къызгурыIуагъ, ау агу къысфихыгъэп... Сэрэп, адыгэ ысхъап ахэмэ ящыкIагъэр!..»

ЧыжьэкIэ, Екатеринодар нэпкъ лъагэмкIэ, чылыс тео макъэм зыкъыщипхъотагъ. Ащ пэуцужьырэм фэдэу ЛъэустэнхьаблэкIи азэнэджэ макъэм зыкъыщиштагъ.

«Джары, джары, зэфэмыдэ дин мэкъэгъэIуитIур Пшызэ инэпкъымэ азыфагу щызэпэуцугъ,— амдэз штэным зыфигъэхьазырызэ, Хъан-Джэрые ыIуагъ. Щэджэгъо нэмазыр зеухым, итхьалъэIу шъэбагъэ зэрэкIэтэу, псым хаплъэу заулэрэ щысыгъэу зыгъэгумэкIырэр къышIутекIуагъ: — О етIани, Таня, «дзэм къыхэкIыжь, Петербург зыдэгъэгупсаф» къысэоIо... Адэ зэгорэм сыкъыхэкIыжьын, ау Петербург сызэрэдэсыщтыр сшIэрэп нахь... Муары Азмэт-Джэрые зы мафи къыддыдэсыжьыгъэп. Ар етIани зэрэкIожьыгъэу генерал ашIыжьыгъ... ТырящыкIагъ, сыд фэдэу зыкъытфашIми, тырямыцыхьэшIэгъэушхоми, яхьадэ илъ, тырящы-

кӀагъ!.. АрынкӀи мэхъу сиӀэнатӀэ сӀамыхыжьэу илъэскӀэ джыри тадэжь сыкъызфагъэкӀожьыгъэр... Ары, ары, яцыхьэ къыстемылъыгъэмэ, дзэм сыкъыхагъэкӀыжьыщты-гъэ... «Бжыхьэм уадэжь сыкъэкӀощт, Екатеринодарми Ставропольми, уиӀахьылмэ тызыщамылъэгъущт чӀыпӀэ горэм» зыоӀом, къызэрэпфэсымыдэгъагъэмкӀэ сыкӀэгъо-жьы, угу къысэмыгъабгъ, Таня, сегупшысэгъагъэп, зэгорэм талъэныкъо узэрэщыунэхъугъагъэр угу къэзгъэкӀыжьыным сыфэягъэп... О укъыхэмыхьажьми, тыкъызщыхъугъэ чӀыгум зэрэ Темыр Кавкази тыщытхъэрэп... Петербург сэ сыд дэсшӀыхьащт? Адыгэмэ сафэмытхэщтыгъэмэ зыгорэм фэдагъ... Сыадыгэба?.. Зы лъэныкъокӀэ сишӀуагъэ язгъэкӀын сымылъэкӀыгъэми, сӀэ къуихьащтымкӀэ сишӀуагъэ язгъэкӀымэ сиягъэ зэрязгъэкӀыгъэм пэӀузгъэхьажьын... Силъэныкъо-рыгъазэ агу римыхьыгъэми, сыкъызэхамышӀыкӀыгъэми, сыадыг! Урысые хэгъэгум укъихъухьагъэми, ианахь къэлэ дахэ ущапӀугъэми, уишэнкӀи уигупшысэкӀи ие ухъужьыгъэ-ми, узэрэполяк бзылъфыгъэри, укатолик дини джы нэс, Таня, зыщыбгъэгъупшэрэп! Сыд къысфэогъэгъуми, Поль-шэм сызэрэщызэуагъэр сфэбгъэгъурэп. Ары пакӀошъ, Польшэм къыщыстыращэгъэ тыркъохэр сӀашъхьэкӀэ зытесщэжьыгъэхэу къызщыогъэхъу!.. Сэ нахьышӀум сыщыгугъызэ, къыташӀэрэр зэрэмытэрэзыр сфяӀошъу-гъэп... Ары шъхьакӀэ, сызщыщхэри мычыжьэрыплъэхэу къычӀэкӀынхэр хэта зышӀагъэр?..»

Жьаум къымыубытыжьрэ тыгъэм псы Ӏушъом уӀуи-гъэсыжьынэу щытыгъэп. Хъан-Джэрые зиугъоижьызэ, шылъэмакъэм зэригъэплъэкӀыгъ.

– Шъыда, Дзэпщ, укъысфэзэщыгъа?

– ХьакӀэхэр къыпфэкӀуагъэх,– шы кӀапцӀэм Дзэпщ къепсыхыгъ.

– Уятэ ягъуса? – Хъан-Джэрые мыгузажъоу ипцэ-къэнтф ещыхьажьы.

– ИшӀуфэс къаригъэхьыгъ.

– Шъэуае макъэ къыгъэӀугъэмэ, сшынахьыкӀ, гушӀо. КъызэрэпӀорэмджэ, уятэ зыдэщыӀэ лъэныкъомджэ къикӀы-гъэх хьакӀэхэр. СшӀэрэ ахэта? Шъыдэу непэ угущэӀэгъуай, Дзэпщ?

– Усиныбджэгъу ыӀоу Пэшъукъ къызэрэосагъэр сыгу рихьырэп, Сисури ыдэрэп... Гъэшӏэгъона шъузэцӀыкӀум кӀэн шъуззэдешӀэтгъэмэ...



– Ари тэрэз,– Хъан-Джэрые зэрэщхыпцӀыгъэр Дзэпщ ригъэлъэгъугъэп.– Ау етӀани уихьакӀэщ къихьэрэм икӀ епӀоныр адыгагъэм къыхьырэп, сшынахьыкӀ.

– Уиадыгагъэ зэгорэм утекӀодэжьыт, Хъан-Джэрый,– одыкӀи мыдыкӀи щымыщэу Дзэпщ къыӀуагъ.

– Ы-ы, Дзэпщ?! – Хъан-Джэрые зэхихыгъэм къыхи-гъэкуукӀыгъ, игуапэу кӀалэм риӀожьыгъ: – СызщамышӀэрэ къогъу сыкъокӀодэжьын нахьи, сиадыгагъэ сытекӀодэжьы-ныр къэсэштэ.

– Пэшъукъ сшӀоцӀыф хъатэпышъ ары, Хъан-Джэрый...– Дзэпщ кӀилъэшъужьыгъ, Ӏофы зыщимыгъэхъу фэдэу къыӀуагъэм текӀи, зыгъэгумэкӀырэм техьагъ: – Шы кӀапцӀ умыӀощтмэ, сиш къыосэты, сегупшысагъэп онэшыр къы-зэрэпфэсщэн фаем... Щырыхъукъо Тыгъужъ ямыгъуса-гъэмэ, Пэшъукъ Ӏофы зезгъэшӀыщтыгъэп.

– Шъыда, сшынахьыкӀ,– Хъан-Джэрые щхыпцӀыгъэ,– шы кӀапцӀэм тызэдытеӀыстэ хъутыба?

– СшӀэрэп ныӀа... Шы кӀапцӀэм утесэу чылэми, хьакӀэми уязгъэлъэгъу сшӀоигъопышъ ары. Зыгу къытфэмышӀумэ шъыд пае имыщыкӀагъэ къыуязгъэӀолӀэн.

– ТитӀу язэу хэт, сшынахьыкӀ, адыгагъэм текӀодэ-жьытэр?..– Хъан-Джэрые щхызэ, шысэкум зыхигъани, шытхы зишӀыгъ.– Къаштэ пӀапэ, пэгуаш ныӀа тыкъыз-дикӀыжьырэр!

– Хьау, хьау, уапэ сытӀысынэп, Хъан-Джэрый. Плъапэ къэщэий, сыкъыокӀэсын.

Пщы кӀыб фабэм Дзэпщ дэсэу чылэм къызщыдэхьажьы-щтхэм зыгъэгумэкӀыщтыгъэр Хъан-Джэрые риӀокӀыгъ:

– КъыпфэкӀуагъэмэ ягухэлъ Хьадж-Къэсэий Къаймэти егъапэх, Бычи мэцӀацӀэ укъызыкӀожьыгъэ мэзэ зытӀущым щэ къыплъыкӀуагъэх, шъыд зыфаехэр, узфыщамыгъаӀэрэр еӀо.

«Ахэр зыфаехэр сэ сэшӀэ, джэуапыхьэ къэкӀуагъэх...– Хъан-Джэрые зыщыгъуазэм гукӀэ джэуап ритыжьыгъ, ау зы лъэныкъокӀи емыгупшысэн ылъэкӀыгъэп: – ЛӀыкӀохэр къыфэзыӀопщыщтыгъэ Щырыхъукъо Тыгъужъэу джы ежь ышъхьэкӀэ къысфэшэсыгъэм шъыд имурад?»

Сэнэшъхьэ чӀэгъым хьакӀэхэр чӀэсых. Сэнэшъхьэ Ӏэрамхэмрэ къундысыу чъыӀэ ӀэгубжъэхэмрэзытетӀанэм ыпшъэкӀэ Тыгъужъырэ Хьаджэмрэ щысых. Игъусэмэ ащыгъ упкӀэ паӀомэ афэмыдэу шэкӀ фыжь лъапӀэм хэшӀыкӀыгъэ

пэӀо пӀокӀэ хъураер зышъхьарыс Хьаджэм иджабгъукӀэ Пэшъукъи зышӀомыдэеу шъхьащыт, Хьадж-Къэсэйрэ Къаймэтрэ загъэхэгъырэи. Шъхьаныгъупчъэ нэзмэ шъэфэу къадэплъыщтыгъэ бзылъфыгъэхэр ары умыӀощтымэ, шъхьатехъо зытехъуагъэ щагум къыщылъагъорэп.

– Фэсапщи, хьакӀэхэр,– Хъан-Джэрые Ӏэпэубыт бырсыр зыримыгъэшӀэу къыфэтэджыгъэхэми Хьаджэ лӀыжъыми шӀуфэс арихыгъ.

– Къеблэгъэжь, къеблэгъэжь,– пщым ыцӀэ Хьаджэм къыриӀуагъэп,– сыкъыпфэмытэджыгъэми хэлъ щыӀэп, узыхэтмэ пщагъэгъупшэгъакъомэ, угу къэзгъэкӀыжьын: Ӏанэм къызыпэтаджэхэкӀэ, ащыщ горэ щысын фай, Алахь лъапӀэм ирыскъ, имыхьамелэ зэкӀэ шъхьарытаджэрэп. Джы шъукъэтӀысыжь...– Хьаджэм щагудэт фэкъолӀымэ зафигъэзагъ: – Шъуипщ къэкӀожьыгъэмэ, шъуиӀофмэ ауж шъуихьажь. Ори ары, сикӀал,– Ӏэ фишӀыгъ Дзэпщ,– чаныгъэ къызхэбгъэфагъ, тшӀоигъор тфэбгъэцэкӀагъ, тэ Ӏофыгъо горэм тытэмыгущыӀэ хъущтэп...

– Хьаджэ, зимафэ мэфишъэ Алахьэм зыфишӀын,– Щырыхъукъо Тыгъужъ аужым зэхихыгъэ гущыӀэхэр ыдагъэп,– адыгэлӀмэ апашъхьэ губгъэн къыщытэмыгъахь. Тэ непэ Ӏоф къин тызыхэтыкӀэ, шъэф зэдытиӀэжьэп. Къор тым ишапхъэмэ, зы адыгэлӀэу къытхэт Шъэуае ыпашъхьэ ишъауи щытэмыгъэушъхьакӀу, уӀумыкӀ, сикӀал.

– Ӏизын къысэшъотмэ, нахьыжъ,– гуапэ щыхъоу, Хъан-Джэрые екӀотылӀэзэ, Дзэпщ къыӀуагъ,– сикъышъушъхьащытыт.

– Дэгъу, дэгъу, сикӀал,– Тыгъужъ ынэ шӀуцӀашъохэр нахь къэушъэбыгъэх,– аферым, уятэ урихьакӀ. КъаӀо, Хьаджэ, къаӀо, тинахьыжъ лъапӀ, тыкъызфэкӀуагъэм зедгъэукӀыхьанэп.

– Адыгэ Ӏанэр, Тыгъужъ, лъэкъуищ. Тэри мыр ящэ зиӀанэ тыпэс Хъан-Джэрые дэжь тыкъызэрэкӀорэр. ЗэрэадыгэмкӀэ, зэрэбыслъымэнымкӀэ, цӀыфыбэр зэлъэӀоу зыми емылъэӀужьырэ Алахьышхор ышӀошъ мэхъумэ, ошъогум къытфыригъэхыгъэ КъурӀаным теӀэбэнышъ ыгу илъ шъыпкъэр тызилӀыкӀо адыгэмэ къариӀонэу тыфай. Моу тапашъхьэ КъурӀаныр къишъулъхь.

– Ары, ары, Хьаджэ,– Пэшъукъ къыдыригъэштагъ,– адыгэмэ язакъоп, зэрэбыслъымэн дунаеу ары. Фэхыгъэмэ, лӀагъэмэ ацӀэкӀэ, тибысым СултӀанмэ фэхыгъи, лӀагъи ямыӀэу щытэп, идунай зымыхъожьыни яӀэп...

– Къэгъэзэжь! – ИщыкӀагъэп къыригъэкӀэу, Пэшъукъ ыцӀэ шъыпкъэмкӀэ Тыгъужъ къеджагъ.

– Ары, ары, Тыгъужъ, къэпӀуагъэм сыблэкӀынэп.

– КъурӀаныр сапашъхьэ къишъулъхьэкӀи къишъумылъхьэкӀи, сызэрэбыслъымэныр зыдэсэжъугъэшӀэжьынэу къышъущэхъумэ, шъухэукъо, сихьакӀэхэр. Сызэрэадыгэр, сызэрэбыслъымэныр сшӀэу сыщыӀ, къулыкъу сэхьы. Джы сыкӀэгъожьыгъэу къышъушӀошӀымэ, зышъогъэпцӀэжьы. Хэмыукъуи, мылӀэжьыни Алахьэм къыгъэхъугъэп, ау сызыщыщыр сызгохьагъэмэ апашъхьэ щысщыгъупшэу зы мафэ къыхэкӀыгъэп. Сыушъэфырэп, сызщагъэгушхуагъи сызщагъэцӀыкӀугъи къыхэкӀыгъ, ау адыгэхэр кӀодыпӀэ зифэгъэ лъэхъан...

– ЗеогъэукӀыхьэ, зиусхьан, зеогъэукӀыхьэ,– Хьаджэм шъабэу Хъан-Джэрые къызэпиутыгъ,– тэ джыри Ӏофыбэ къытпыщылъ, абдзахэмэ, кӀэмгуемэ, бэслъыныемэ тахэмыхьэ хъущтэп.

– Ау адыгэхэр кӀодыпӀэ зифэгъэ лъэхъаным,– Хъан-Джэрые игущыӀэ къыпидзэжьыгъ,– шъыд фэдэ лъэныкъоджи сыгу зихъожьынэу къысиӀорэп. Адыгэхэр зыдэшъукъудыирэ тырку лъэныкъор ары сымыштахэрэр – тхьамыкӀагъо нэмыкӀ а лъэныкъом къытфикӀытэп. Тэ тигушӀуагъуи, тигукъэо-гумэкӀи зыщызэдэтщэчын фаер,– Хъан-Джэрые ыгу къызэрэпыузыкӀыгъэр ышъо къыхэщыгъ,– тичӀыгу, тиошъо чӀэгъ, тишъхьафит псэукӀ.

– Ащ кӀэсащэу уегупшысэжьыгъ...– Щырыхъукъо Тыгъужъ щхыпцӀыгъэ, къэтэджыжьыгъ.– Сыд ащыгъум узигъусэхэр тичӀыгу къызкӀишъулъэшъуагъэхэр?

– Ыджа упчӀэ дэдэр шъори тыркухэмджэ къышъосэтыжьы,– Хъан-Джэрые ихьакӀэмэ къадэтэджыгъ. – Ау хэти ихыягъэрэ имысагъэрэ къызщынэфэрэ чӀыпӀэ тызэрэзэдитыр зыщытэшъумыгъэгъупш. Ыджыри кӀасэп, зыкъэтэжъугъэшӀэжь, тызэхэжъугъэгупшысахьыжь.

– НекӀо, Тыгъужъ, некӀо.– Хьаджэм КъурӀаныр ыбгъэгу чӀиубытэжьызэ, къыӀуагъ: – Мыр джаурмэ аушхъуахьыгъ, ышъхьэ фитыжьэп, Алахьэр зэбгыгъэ цӀыф, гущыӀэ кӀэрыпхыщтэп...

– Хьаджэ,– лъэгуцым ехыжьырэ лӀыжъым Къаймэт лъыджагъ,– ти КъурӀан къегъэгъэзэжь.

– Мыра?.. Шъуибыслъымэнығъэ мыщ къыкъонэжьынэу къышъущэхъумэ, я си Алахь, къысфэгъэгъу, ма, ма, шъосэтыжьы,– зэшэсыжьым, Хьаджэм, шъэбэ-Iасэу ыпашъхьэ исыгъэр ары Iоу умышIэжьынэу, Хъан-Джэрые къыфидзыгъ: – Теплъын, Iиман зимыI, джаур напэрэ адыгэ-нэгъой напэрэ зэдыуиIэу дунаим утырагъэтыщтмэ!..

1842-рэ гъэмэфэ мэзэ стырхэр текIхи, бжыхьэпэ шъабэр къихьэгъагъэми, Хъан-Джэрые ичэщ мычъые, имэфэ гумэкIмэ къахэмыхъощтыгъэмэ, гупсэф иIэжьыгъэп. Мафэ къэс Урыс-Кавказ заом адыгэ шъолъырым зыщеушъомбгъу. Урысыдзэм пэIут хыIушъо шапсыгъэмэ, нэтыхъуаемэ, хьакIуцумэ, убыхмэ абдзахэхэри, мэхъошхэри, кIэмгуехэри, бэслъыныехэри, абадзэхэри ушъхьагъу зэфэшъхьафыкIэ зыхакъудыех. Лабэ, Фэрзэ, Фэдз псыIушъомэ, Шъхьэгощэ нэпкъымэ яолIэжьэу, лъыгъэчъэ заохэр къаIотаджэх.

Зэо къэбар пэпчъ ежь Хъан-Джэрые ышъхьэ фихьыжьэу ыгу къыхэуIэ. Загъорэ адыгэхэмрэ къэзэкъыхэмрэ къыфадзырэ гущыIэ дысхэр ахэмэ къазыхэхъожьыкIэ, ышъхьэ зыдихьыжьыщтыр ышIэрэп.

«Сырагъэмысэнэу сэра заор Кавказым къыщезгъэжьагъэр...– Хъан-Джэрые итхэн зэпегъэушъ, къэтэджы, гумэкI зыхафэкIэ зэришэнэу, ыIитIу ыкIыбкIэ щагъэу джэхэшъогур рекIукIы.– Зым адыгэ шъуашэр зэрэсщыгъыр къысфедзы, адырэм сиурыс тэмэтелъ ынэ къыкIао... Сыд сэжъугъэшIэнэу шъузфаер?.. УимыкI, уимыс, уисэуи сыкъимыгъэхьажь, ара? Тыгъоспчыхьэ Тыгъургъой къыщысаIуагъэр... Синасып Шъэуае хьакIэщым къызэрэздисыгъэр, къысэмыпэсыгъэ лажьэ горэ сыкъэзыушъхьакIугъэ фэкъолIым есхынти, къэбар мышъо-мылыр Пшызэ нэпкъуитIумэ къаIутаджэщтыгъэ. «Урыс пачъыхьэм ыIапэ пIыгъэу къытфэпщагъ, тебгъэгъэунэхъугъ» къызысеIом, Шъэуае нэмыкI сыкъызкъонэжьын хьакIэщым къикIыгъэп. Губжыгъэ-гъэгусэ хэмылъэу хьакIэщым тыкъикIыжьыгъ сIорэп, сызщаушъхьакIугъэм ащ нахьыбэрэ сисыжь зэрэмыхъущтыгъэр Шъэуае къыгурыIогъагъ, ау тыкъэкIожь зэхъум, тытемыгущыIэжьыгъэми къысфадзыгъэр игуапэ фэдэу сегуцэфэгъагъ.



Унэ кIыб шъхьаныгъупчъэм дэжь Хъан-Джэрые къыщызэтеуцуагъ, СултIан лIэкъо къэхалъэм дэплъагъ, мыжъосын заулэмэ ашъхьапырыплъыгъ, ятэ ием гот Къэнтатэ имыжъосын къыщыуцугъ: «Джары, нан,– Хъан-Джэрые зэхишIэу ыгу къыпиузыкIыгъ, зытIо-зыщэ ыIэ джабгъуи къыхэтIыргукIыгъ,– къытэхъулIэрэр... ЛIакъом къыкIугъэ гъогур сэры мысагъэкIэ зыфалъэгъурэр. Тинахьыжъхэр зэрэпсэугъэхэм, сэ сызэрэпсэурэм сырыкIэгъожьэу арэп, ау етIани... СишIушIэ симыгъо, сигъунэгъу сипыи зыIуагъэм фэдэ сыхъугъэкIэ енэгуягъо... Сэ зыми ыIапэ сIыгъэу адыгэ шъолъырым къисщагъэп. ЗэгъунэгъуитIумэ азыфагу, джа о зэрэпIощтыгъэу, мамыр дэзгъэлъы сшIоигъуагъ, сиягъэ адыгэмэ язгъэкIынэу, сыкъыздэчъыгъэ чъыг лъапсэр исыупкIыжьынэу урысыдзэм сыхэхьэгъагъэп... Тыркуемрэ Урысыемрэ азыфагу тызэрэдэкIуадэри сымышIэу щытэп... Урысые пачъыхьэр Кавказым къэкIон зэхъум, адыгэ шъолъырым фэгъэхьыгъэу ыпашъхьэ рысагъэлъхьэгъагъэр, мыщ фэдэ тхьамыкIагъо къыпкъырыкIыжьын Iо сымышIэу, шIу фэшъхьаф сыгу имылъэу стхыгъагъэ. Ащыгъум сыкIэлагъ... Джы сшIэрэмэ, сызэутэкIырэмэ сиакъыл анэсыщтыгъэмэ, сигухэлъхэмкIэ самыгъэлъэпаощтыгъэмэ, тхьагъэпцIыгъэ-хъоршэрыгъэкIэ бгъуитIури къыздэмызекIощтыгъэмэ... Хьау, хьау, Тыркуе лъэныкъомкIэ зызгъэзэнэу, гъусэ сызфэхъугъэхэр щызгъэзыенхэу арыгъэп, хэти шIоигъор къысерэIуалI фаеми, лъэпкъ зэугъоилIэн гупшысэр адыгэ хэгъэгум лъапсэ фэсшIыщтыгъэ... Джы, сигугъэ лъапсэ зыщыкIаутыгъэ лъэхъаным, мо тхылъыпIэмэ урысыбзэкIэ атестхэгъэ адыгэ гупшысэхэр ары сыкъызфэнэжьыгъэхэр, зэгорэм силъэпкъэгъухэр къызэтенэжьыщтхэмэ, джахэмкIэ ягугъу язгъэшIын...»

Хъан-Джэрые шъхьаныгъупчъэм къыкIэрыкIыжьи, икъэлэм къыштэжьыгъ, IофшIэгъэ ухыгъэм «Адыгэмэ ядин, яхабз, ящыIэкIэ-зэхэтыкI» шъхьэ фишIыгъ, «Адыгэ хъишъэхэр» зыфиусыгъэ тхыгъэм гуилъхьагъ...

Хъан-Джэрые унэм къихьэгъэ Дзэпщ есэмэркъэугъ:

– Уятэ пчэдыжь нэс шъыдэу къэмылъагъора, джыри мэчъыя?

– Шъэуае шыуитIу игъусэу,– Дзэпщ зэхихыгъэр шIощхэныгъ,– бэшIагъэ губгъом зыдэкIыгъэр. Натрыфыр зэрэIуахыжьырэм тыкъылъыплъэт ыIуи, Хьадж-Къэсэйрэ Къаймэтрэ рищэжьагъ.

– Ара? – Хъан-Джэрые зэхихыгъэм нахьи мы илъэсныкъом Дзэпщ зызэрэричыгъэр, лIы шэнхэр къызэрэхафэрэр нахь игуапэу нэшIукIэ Iуплъагъ.

– Адэ!.. Бычэ зэриIоу, о тхылъыпIэмэ зябгъэгъэлIэжьызэ, пчэдыжь шIагъом зыхэогъэны.

– Олахьэ ащ нахь шъыпкъэ къэмыIожьын, Дзэпщ,– Хъан-Джэрые щхыпцIыгъэ,– пчэдыжь шIагъом сызэрэхэнырэмджэ къыбдесэгъаштэ, ситхылъыпIэхэмджэ ухэукъо. Ахэмэ ущагъаIэ пIуагъэмэ, сигопэни...

– СшIэрэп ащыгъум Бычэ зыкIэцIацIэрэр...– Дзэпщ гъумтIымыгъэ.

– Тянэ ыгу къысэгъушъ ары...– Бжыхьэр къэсыгъэшъ, унагъо умышIэу Петербург узгъэкIожьыщтэп къысерэмыIуи, орэцIацIэ фаеми, Хъан-Джэрые гукIэ ыIуагъ, къыпигъэхъожьыгъ: – Олахьэ тхэным сыкъызэрэпэпщыгъэр дэгъоу пшIагъэм, Екатеринодар сыкъомыкIы хъутэп.

– Ащыгъум ыджыри уикъэзэкъ шъуашэ зыщыплъэт...

– Зыщысымылъэми хъутыгъэ...– Хъан-Джэрые къыфадзыгъэм Iофы зыримыгъэшI фэдагъэми, Дзэпщ гурыIонэу риIожьыгъ: – Ау Завадовскэ къэзэкъ атаманым сыIумыкIэ хъутэпышъ, сидзэ шъуашэ сщыгъмэ нахьышIу...

Завадовскэ атаманыр Хъан-Джэрые иушъхьагъугъэми, ащ нахьи почтэм зэрэчIэхьащтым нахь дэгузажъощтыгъэ. Тыгъоснахьыпи, блэкIыгъэ тхьэмафэми щэхъурэ Iоф имыIэу къалэм кIуагъэ – мэзитIу хъугъэшъ, Татьянэ итхыгъэ щыIэп. Непи къызыфэмытхэкIэ, шъхьэм къихьэрэмэ ащыщэу зэусэщтыр ышIэрэп.

Почтэм тес лIыжъыр нэгушIоу Хъан-Джэрые къыпэгъокIыгъ:

– Тхыгъэ уиI, зиусхьан полковник, тхыгъэ уиI!

Хъан-Джэрые зэжэгъэ тхыгъэм почтэм щемыджэу, ионэш дэжь зыщызэтыречым, апэрэ сатырхэм къакIэлъыкIогъэ гущыIэмэ шъхьэр къагъэунэзагъ... «...Джы къызнэсыгъэми, мы къысэхьылъэкIырэ гущыIэхэр къызэрэстхы пэтызэ, шIу усэлъэгъу, усикIас, усилъапI, Хъан. Ау ащ нахьрэ тизэIэпэпчъагъэ сфэщэIэжьыщтэп. ТызызэрэшIэрэ илъэситфым мэзэ зыщыплI тхъагъо горэ къытфыхэкIыгъэми ары... КъызгурэIо сэ сшъхьэ сызэрэфитым фэдэу ори пшъхьэ узэрэфимытыр, ащкIэ узгъэмысэрэп, пшъхьэ къимыгъэхьэхэщтыр угъойщай зэрэпIорэр ары. Ощ фэдэ лIы пытэрэ лIы шъабэрэ зэкIэми яIэгъагъэот!.. Сыгу узэрэхэсчырэр сшIэзэ, сэгъы, сынэпсхэр кIэсэлъэкIыкIы... СызэрэнасыпышIори сызэрэнасыпынчъэри зыдэсэшIэжьы. Синасыпынчъагъэ къызщежьагъэр, къыосимыIожьми, о къыбгурэIо,– шъуалъэныкъу, насыпышIо сызышIыжьыгъагъэри джа лъэныкъом къикIыгъ – оры. АдыгэхэмкIэ узэрэнасыпынчъэм фэдэу сэри ахэмкIэ сынасыпынчъэнэу Тхьэм ыухыгъагъэу къычIэкIын... Сэ джыри сныбжьыкI, сшъхьэ сызщегупшысэжьын чIыпIэ сифагъ... ЗыгорэкIэ ори шъуалъэныкъо ущынасыпышIонэу оIомэ, унатIэ къифэрэм сехъуапсэмэ сешъугъузэ, тхьэ сышъуфелъэIун, шъуазфагу сыкъыдэуцонэп... Къысфэгъэгъу, Хъан, угу хэзгъэкIы сшIоигъуагъэп...»

Онэ къопитIур Хъан-Джэрые ыIыгъэу заулэрэ щыти, зыкъиишIэжьыгъ, Завадовскэм елбэтэу зыIуигъэкIэн фаеу зэрэхъугъэм шым ригъэлъэдэкъэуагъ. Атаманым ипчъэ, ихьагъу Iус къэзэкъмэ апымылъэу ихьагъ.

Хъан-Джэрые игуIэ-гумэкI Завадовскэ атаманым зэхишIагъэу къэтэджыгъ, ыпашъхьэ исыгъэ къэзэкъ урядникыри чIигъэкIыжьыгъ.

– КъэтIыс, зиусхьан полковник,– Завадовскэм къыIуи, зыщигъэгъупшэгъагъэри псынкIэу пигъэхъожьыгъ: – Урысые пачъыхьэшхом ифлигель-адъютант.

– Тхьэуегъэпсэу, атаман.

– Зыгорэм уегъэгумэкIы фэдэу къысщэхъу, Хъан-Джэрый.

– СызгъэгумэкIышхуи щыIэп, Николай Степанович,– Хъан-Джэрые зыкъиишIэжьызэ, ыгу теIункIэжьыгъ,– ау Петербург згъэзэжьы сшIоигъу.

– Уиилъэс гъэпсэфыгъо пIалъэ умыухыгъэуи?.. Ар пшIэмэ, ташъхьагъ итмэ сыд къытаIон?

– Сшъхьэ сыфимытыжьмэ, ори афатх, сэри сафэтхэн. Ащ нахьрэ сыкъыздагъэкIожьыгъэ лъэныкъом сисыжьын слъэкIыщтэп.

– Къушъхьэм къыщытэззорэ адыгэхэр къызэрэплъыкIохэрэм, къыуаIохэрэм тащыгъуаз, ахэр армэ, къыомыолIэжьынэу пфэтшIыных, уфаемэ, Екатеринодар удэдгъэсын.

«Сэ сшIэрэп нахь, адыгэмэ афэдэу, сыдзырэ лъэбэкъу пэпчъ къэзэкъхэри къылъэплъэх...» – Хъан-Джэрые гукIэ щхыпцIыгъэ, джэуап ритыжьыгъ:

– ШъунаӀэ къыстешъогъэтмэ, сыд пае Екатеринодар гъэбылъыпӀэ сфэхъун, сиунэ сипытапӀэу тадэжь сисын.

Зыщыщхэми зизабытхэми цыхьэ къызэрэфамышӀыжьырэр къехьылъэкӀэу, Хъан-Джэрые Лъэустэнхьаблэ къыгъэзэжьыгъ. Унэм ихьажьыгъэ къодыеу щагум къыдэтэджэгъэ бырсырым шъхьаныгъупчъэр Ӏуригъэхыгъ, иджани зэхэцунтхъагъэу, ыпи лъы къичъэу Шъэуае ыпашъхьэ ит Дзэпщ идао къылъыӀэсыгъ:

– Ащ нахьрэ Хъан-Джэрые ыкӀыб Ӏэбжьым щашӀыжьытэп! ГъэшӀэгъона, сиджанэ зэӀатхъыгъэмэ, сэри а кӀэлитӀумэ апэ лъы къисфыгъэп умыӀо!..

– А Дзэпщ, а нынэ,– Бычи Дзэпщ ышъхьэ Ӏэ щефэ,– тыкъэзыушъхьакӀугъэмэ ацӀэ къысаӀу. Хэтых? Икъунба, шъыд къэхъугъэр шъыу, адыгэхэми къэзэкъхэми Ӏэбжьым къытфашӀэу!..

– Модырэ хьаблэм щыщых... ЯпшӀэн щыӀэп...– Дзэпщ зигъэлӀэу, зэзэуагъэмэ ацӀэ къыриӀорэп.

– КӀо, модэ кӀори, зытхьакӀыжь,– Шъэуай ыкъо реӀо,– ащ нахьрэ шъузэмызэожь. Тэ тызэзэожьмэ, къытэзаорэмэ шъыдэу хъумэ тафырикъут...

Шъэуае игущыӀэмэ къаӀуӀагъэу Хъан-Джэрые шъхьаныгъупчъэм къыӀукӀыжьыгъ. «ЦӀыкӀуи ини сэры афэмыухырэр... КӀалэхэр Ӏофыжьа, гъашӀэр зыгъэшӀагъэхэми силыуз зэхашӀыкӀыгъэп... Завадовскэм дэжь сыкъызчӀэкӀыжьым, а къэзэкъ пэкъэшхом къысфидзыгъагъэр: «Титэмэтелъхэр зытеолъхьэкӀэ, адыгэгур ипхын плъэкӀына!..» Ащ нахь къыжъугурымыӀомэ, адыгэхэми къэзэкъхэми... СызфыщыӀагъи сызфэлэжьагъи бгъуитӀу язи зэхишӀыкӀыгъэп...» – Хъан-Джэрые гыезэ, тахътэм тетӀысхьан зыщиӀощтым, Ӏэпкъ-лъэпкъыр къэтӀыгурыгуи, мэшӀо стырым гур пхырижъэу къызэхэфагъ, иаужырэ гущыӀэмэ зэшӀуатхьалыкӀызэ, ерагъэу къыкӀиӀотыкӀыжьыгъ: – «БгъуитӀу язи, мохэми мыдырэхэми, сызэхишӀыкӀыгъэп...»

Щэджэгъоужмэ адэжь къэлапчъэм къыщепсыхыгъэ Агой Пщымафэрэ Тэзэ Адыгэрэ Шъэуае апэгъокӀыгъ, ятэ ыуж джэнэ къэбзэ ежьашъор щыгъэу Дзэпщ итыгъ.

Мафэр ошӀути, хьакӀэхэр пчъэӀупэ сэнэшъхьэ гъэӀагъэм чӀэтӀысхьагъэх. Бащэ темышӀэу Сисурэ ищэлэмэ-хьалыжъо жъэрыми къэугъ. Хьадж-Къэсэий Къаймэти сэламышхокӀэ хьакӀэмэ къахэтӀысхьагъэх. Пщымэ алъэныкъокӀэ щэджэгъо гъэпсэфыгъом къыхэмытэджыкӀыжьыгъэхэр Хъан-Джэрый, Быч. Адырэ фэкъолӀхэр алъакъо тетыгъэх.



– Хъан-Джэрые зегъэпсэфэу къычӀэкӀын,– Тазэм къыӀуагъ,– гъогу тытемыхьажьызэ, зэдгъэлъэгъу тшӀоигъуагъ.

– Хъан-Джэрые къалэм къикӀыжьыгъакӀ,– Шъэуае унэмкӀэ плъагъэ,– мафэрэ зигъэпсэфэу ихабзэп. Модэ, кӀалэ, унэм кӀори къаплъэ Хъан-Джэрые матхэмэ, хьакӀэхэр къызэрэтфэкӀуагъэхэр еӀу.

Ардэдэм Дзэпщ ышъо чъэкӀыгъэу къыгъэзэжьыгъ, Шъэуае гуӀэнкӀэ пэгъокӀыгъэти, къыриӀуагъ:

– Тят, Хъан-Джэрые джэхашъом телъ...

Шъэуае унэм зыридзагъ, ау бэрэ къитыгъэп, пчъэшъхьаӀум къыщыджагъ:

– Хьадж-Къэсэй, Къаймэт, моу шъукъакӀу...

Бэ темышӀэу Бычэ икуо-гъы макъэ унэр зэтыричыгъ.

Къаймэти кӀыфыбзэу лъэгуцым къытехьагъ:

– Хъан-Джэрые зиусхьаныр щыӀэжьэп...– СултӀанмэ хьэдагъэ зэряӀэм ишыхьатэу къэлэпчъэшхор ӀуиубгъукӀыгъ, къэлэпчъэжъыери ыбгъукӀэ рищэкӀыгъ...

Бжыхьэ пчэдыжь пщагъор мыхъыеу чылэм шъхьарыт. СултӀан пщы щагум дэт унэшхом ыкӀыб щызэголъ къэхэм Хъан-Джэрые икъакӀэ къахэщы, етӀэ шӀуцӀэ тэкъуагъэр Ӏошъхьэ къудыигъэ цӀыкӀу, пхъэ къэнэтӀэхэс джэфышъочӀыпцӀашъохэр цыпитӀумэ къахэщы, Шъэуаерэ ыкъорэ ашъхьэхэр еуфэхыгъэхэу къакӀэм кӀэрытых.

– Амин Ӏо, Дзэпщ,– Шъэуае ыӀэхэр къыӀэтыгъ, кӀалэми ар ышӀагъ. Мэкъэнчъэу, ыӀупшӀэхэр хъублаблэзэ, Шъэуае дыухьэ къехьы, ымакъи къыщитхъэзэ, гукӀэ тхьэм елъэӀу: «Хъан-Джэрый, сшынахьыкӀ, Тхьэм гъогу мафэ утырегъахь, джэнэтыпчъэр зыфызэӀуахыщт быслъымэнмэ ащыщ уешӀ, шӀоу пшӀагъэр пфигъэбэгъонэу, псэкӀодшӀагъэр къыпфигъэгъунэу Алахьталэм селъэӀу...» – Анэгумэ аӀэ Ӏэтыгъэхэр зарагъэчъэжькӀэ, Шъэуае ыкъо зыкъыфегъазэ:

– Джы, Дзэпщ, уянэ зэгъэлъэгъужь. АдыгэлӀхэр зэуапӀэм къыщытажэх. Ащ нэмыкӀ гъашӀэ тэ тиӀэп...

Урыс-Кавказ заор аухынкӀэ джыри илъэс 22-рэ мэзи 7-рэ мэфэ 25-рэ къэнэжьыгъагъ...

**Исхак Шумафович Машбаш**

**СОБРАНИЕ СОЧИНЕНИЙ**
в шестнадцати томах

**Том XII**

**Хан-Гирей**
*Исторический роман*

На адыгейском языке

Редакторы: **Ф. А. Сиюхова, А. А. Шагуч**
Художественный редактор **Н. Г. Федотова**
Технический редактор **М. А. Кипова**
Корректоры: **С. Б. Бжемухова, С. А. Шхафижева**
Компьютерная верстка **Т. А. Косяк**

ИБ № 41

Сдано в набор 2.10.2015. Подписано в печать 16.11.2015. Формат 84x108/32. Бумага офсетная. Гарнитура шрифта «JournalSansC». Печать офсетная. Усл. п. л. 42,42. Уч.-изд. л. 41. Тираж 500 экз. Заказ 028.

Государственное бюджетное учреждение Республики Адыгея «Адыгейское республиканское книжное издательство». 385000, г. Майкоп, ул. Гоголя, 8.
Тел.: (8772) 52-17-03, 52-12-59.

Отпечатано с готового оригинал-макета в ООО «Полиграф-Юг».
385000, РА, г. Майкоп, ул. Пионерская, 268.
Телефон для справок (88772) 52-23-92.